ДЗАСОХТЫ
МУЗАФЕР

МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ

ДЗАСОХТЫ МУЗАФЕР
МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ

Дзасохты Музафер

МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ

Дзæуджыхъæу
2022



Дзасохты Музафер

МÆЙТЫ ДÆРГЪÆН АЗТÆ

Издательство
«ВЕСТА»

Дзæуджыхъæу
2022

84(2Рос-Осе)
Дз-16

Автор зæрдиаг арфæ кæны йæ хорз æмгар
***Ходы Никъалайæн**, ацы чиныг дунейы рухс*
кæй фæрцы федта

Дзасохты М.
Дз-16 Мæйты дæргъæн азтæ [Текст] /Музафер Дзасохты. – Дзæуджыхъæу, 2022. – 647 ф.

Дзасохов М. С.
Годы, длиною в месяцы.

Философские раздумья о времени, о себе, месте человека в этом непростом мире, экскурс в прошлое, где нас ждут встречи с друзьями, дорогими сердцу, «делавшими» эпоху, где тепло и светло, хотя жизнь никогда не была легкой... образно говоря, мир сквозь призму чувств поэта, прозаика, переводчика, народного поэта Осетии, лауреата Государственной премии им. Коста Хетагурова, лауреата международной литературной премии им. Балинта Балашши (Венгрия), заслуженного работника культуры Северной Осетии и Российской Федерации Музафера Дзасохова, которому есть чем поделиться с человечеством.

Книга написана в жанре эссе.

84(2Рос-Осе)

Æз ænахуыр фыссæг дæн. Мысын мæ бон ницы у. Мæхи цæстæй цы федтон, цы бавзæрстон, цы банкъардтон, æрмæстдæр уый фыссын у мæ бон.

Субботин Василий

Цард цыбыр у, амондджын цы рæстæг вæййæм, цард æрмæстдæр уый куы хонæм, уæд. Нæ зæрдæйы дзæбæхæн цы сахæттæ арвыстам, уыдон баиу кæнгæйæ, бирæ азтæй цалдæр мæйы йеддæмæ нал рауаид.

Жан де Лабрюйер

ЦАРД

ПАВЛЕНКО Петры мотив

Лæгау лæгæн йæ хæстæ – бирæ, фæхъуыды кæны дардыл,
Йæ цæстыты цыренæй судзы адзалы бонмæ дæр цъæх арт...
Цы бонтæ аивгъуыдтой, уыдон нæй банымайæн цардыл,
Цы бонтæ бадардтай дæ зæрдыл, ис уыдонæн ысхонæн цард.

Дзасохты Музафер

Адæймагыл азтæ куы рацæуы, уæд ын фæстæмæ æнæакæсгæ нæ вæййы. Йæ цæст ахæссы йæ цардвæндагыл. Бирæ хабæрттæ æмæ цаутæ æрымысы, ноджы фылдæр хабæрттæ æмæ цаутæн та рæстæджы фæлмæй сæ фæд дæр нал разыны, цыма сæ сæрсæфæнмæ фæкалдæуыд, уыйау æнæбын тары анызъуылынц. Бонтæ æмæ мæйты кой нал кæнын, фæлæ æнæхъæн афæдзтæ дæр никæцæйуал разынынц, иу цау æрымысын дæр дзы мæ бон нал бавæййы. Мæхинымæр хъуыдыты аныгъуылын: «Цымæ ахæм азтæн цардыл банымайæн ис?» Уыцы фарст кæд дæтгæ ракæнын, уæддæр ын дзуапп раттын мæ бон нæ бавæййы.

Мæ зæрдыл Советон Цæдисы адæмон артист Саламты Къолайы ныхæстæ 'рлæууыдысты. Нæ зындгонд артист, композитор æмæ зарæггæнæг Хъуылаты Елхъаны зианы иу ран лæуд фестæм æмæ, куыд вæййы, афтæ ныхæстæ кодтам. Къолайыл уый размæ сæххæст цыппарыссæдз азы æмæ, царды кой кæнгæйæ, бафиппайдта: «Азтæн сæ нымæцмæ кæсгæ нæу. Гъер мæныл цыппарыссæдз азы рацыд, фæлæ сæ дзæбæх ныллхъив, уæд дзы цыппар дæр нал рауаид».

Раст мæм фæкастысты Къолайы ныхæстæ. Адæймаг йæ зæрдыл цы бонтæ бадардта, уыдонæй арæзт сты азтæ, иннæты дымгæ кæдæмдæр фæхæссы æмæ, цасфæнды куы фæхъуыды кæнай, уæддæр дзы дæ бон æрымысын ницыуал бауыдзæн. Цыма æппындæр нæ уыдысты, афтæ дæм фæкæсдзæн æмæ, чи зоны, хуымæтæджы нæ.

Уæвгæ та куыннæ уыдысты?! Куы нæ уыдаиккой, уæд, зæрдæйы чи баззад, уыцы хабæрттæ кæрæдзиуыл бæттæг нæ фæуыдаид æмæ адæймаг йæ ивгъуыдæй иу цау æрымысын дæр нал бафæразид.

Æвæццæгæн, нæ царды бонтæ иууылдæр нæ зæрдыл кæй нæ бадарæм, уый дæр нæ амонд у. Се 'ппæт зæрдыл дарыны аккаг куы уаиккой, уæд æй Хуыцау дæр зыдта. Рох кæнын дзы чи нæ бакуымдта, уыдон дæр не Скæнæг фагыл баныма дта фæхудынæн дæр æмæ фæкæуынæн дæр.

Цин æмæ зиан æфсымæртæ сты. Уый фыдæлтæй ардæм зындгонд у. Хур æмæ къæвда кæрæдзийы раивбаив куы нæ кæниккой, уæд зæхх кæнæ хус бауид, кæнæ фæдæлдон уаид.

Адæймаджы райгуырд циндзинад у. Йæ номыл куывдтæ, авдæнбæттæнтæ æмæ кæхцытæ дæр уымæн фæкæнынц. Куы амæлы, уæд та йемæ цæссыгтæ ахæссы. Æнæкæрон вæййы йæ бинонты, хæстæджыты, зонгæты хъыг. Фæлæ, цымæ, адæймаг мæлгæ куы нæ кæнид, уæд куыд уаид, ууыл арæх ахъуыды кæнæм? Мæнмæ гæсгæ, райгуырынæй амæлынæй уæлдай нæй.

Райгуырдтæ, бирæ фæцардтæ, дæ кæстæрты дзæбæхæй ныууагътай, афтæмæй де 'нусон фæндагыл ацыдтæ, уæд уый райгуырынæй къаддæр амонд нæу. Цы бонтæ дын рардæуыд, уыдон амондджынæй батыдтай,

ныр дæ бынат суæгъд кæн, цæмæй дзы дæ кæстæр цардæй бафсæда. Афтæ куы нæ уаид, уæд зæххыл цæрджытæ цы фæуаиккой, ууыл ахъуыды кæнын адæймаджы фæндгæ дæр нæ кæны.

Куыд загътон, афтæмæй цард цин æмæ хъыгæй арæзт у. Цы цинтæ æмæ хъыгтæ бавзæрстон, уыдонæй ма зæрдæйы цыдæртæ баззад æмæ мæ фæнды, мæ чиныгкæсæг, цæмæй ды дæр семæ базонгæ уай. Чи зоны, дæ мидбылты бахудай, кæм та дæм æнкъард хъуыдытæ дæр фæзына. Цы фыссын, уыдон кæрæдзиуыл баст не сты. Алы цау дæр хицæнæй кæсгæ у. Бонтæй иу иннæйы хуызæн куыннæ у, афтæ, цы хабæрттæ æмæ цаутыл дзурын, уыдон дæр сты алыхуызон. Цы адæмтимæ фембæлдтæн, уыдонæй бирæ зонд райстон, æмæ мæм уый ферох кæнынæн æвгъау кæсы. Мæ къухмæ мын фыссæнгарз дæр уыцы хъуыды райсын кодта.

Фæнды мæ, мæхæдæг цы бавзæрстон, цы федтон æмæ цы фехъуыстон, уыдоны иу хаимæ сымах дæр базонгæ кæнын. Иу хай уымæн зæгъын, æмæ се 'ппæтыл ахæссын мæ бон нæма баци. Кæд Хуыцауы фæнда, уæд ма ивгъуыды арфдæр къуымтæм нывналын дæр мæ бон бауыдзæн æмæ та уæд фембæлдзыстæм. Ныр та, ивгъуыдæй сымах размæ рахæссинагыл цы банымадтон, уыдонимæ базонгæ ут.

Рæгъмæ цы нæ рахæсдзыстæм, ахæм нæй. Дыууæ Ирыстоны ис, дыууæ диныл хæст стæм, дыууæ 'взагыл дзурæм. Ирыстонтæ æмæ динты кой æндæр ран æндæр уавæрты кæндзыстæм, фæлæ æз цалдæр ныхасы зæгъынмæ хъавын не 'взæгты тыххæй. О, дзурæм дыууæ 'взагыл, æмæ уый цæмæй æвзæр у? Цæуыннæ хъуамæ дзурæм дыууæ 'взагыл, кæд Хуыцауы афтæ бафæндыд, уæд? Нæ адæмы æвзаджы рагондæр хуыз цардæгас кæй у æмæ ирон æвзагимæ æмцыд кæй кæны, уый кæй бахъыгдардта?

Ирæттæй-ма исчи йæхи дыгуроны бынаты авæрæд æмæ-ма йын ирæттæй исчи афтæ зæгъæд, мах ииуыылдæр иу адæм куы стæм, уæд цæмæн хъæуы дыгурон театр, дыгурон газет æмæ афтæ дарддæр, кæддæра йæ зæрдæмæ фæцæуид? Нæ фæцæуид. Уæдæ, зæрдæмæ чи нæ цæуы, уыцы хъуыддаг кæнын дæр нæ хъæуы.

Мæнæн иу адæймагæй тынг æхсызгон у, дыгурон æвзаг æрдæгфæндагыл кæй нæ баззад æмæ æнусты сæрты махмæ кæй æрхæццæ, уый. Не 'взаджы рагондæр хуыз зындзинæдтыл кæй фæуæлахиз, уый руаджы нæ ивгъуыдæй бирæ сусæгдзинæдтæ раиртасæн ис. Уый иттæг арф æмæ уырнинагæй равдыстой ирон æвзаг æмæ истори иртасджытæ, уæлдайдæр та Миллер Всеволод æмæ Абайты Васо. Цæмæй, дыгурон æвзаг кæй ис, ууыл цин кæнæм, уый тыххæй æрхæсдзынæн иу хуымæтæг — чи зоны, хуымæтæг у, фæлæ бирæ цæуылдæрты дзуры — æвдисæндар.

Цы амоны дзырд «файнуст»? Æвæццæгæн, уыцы фарстæн дзуапп раттын чи нæ базондзæн, ахæм зынæй разындзæн. Фæлæ, цымæ, куыд равзæрд, уымæн алчи дзуапп ратдзæн? Зынæй. Афтæмæй та дзы зынæй ницы ис. Ахуыргондæн нæ, фæлæ хуымæтæг адæймагæн дæр. Дыгуронау «ностæ» цы амоны, уый куы зона, уæд.

«Ностæ» дыгуронау амоны «чындз».

Уæдæ афтæ: дыууæ 'взаджы нæм кæй ис, уымæй тæрсын нæ хъæуы. Тæрсын хъæуы, иу æвзаг дæр нын куынæуал уа, уымæй. Уымæн, æмæ уымæй æцæг тæссаг у.

Ærыгон ма куы уыдтæн, уæд мæм, мæхицæй ссæдз-дæс æмæ ссæдз азы хистæр чи уыд, уыдон зæронд лæгтæ кастысты. Уый нæ, фæлæ мæнæй дыууæ-æртæ къласы уæлдæр чи ахуыр кодта, уыдоны дæр мæхицæй кæуылты хистæр хуыдтон! Фæлæ, адæймагæн йæхиуыл азтæ куы рацæуы, раздæр æм зæронд чи каст, уыдонæй куы фæхистæр вæййы, уæд дис кæнын райдайы, æз зæронд куы нæма дæн, уæд, кæддæр, мæнæй æрыгондæр чи уыд, уыдоны зæронд цæмæн хуыдтон, зæгъгæ.

Зындгонд композитор Кокойты Тæтæрхъанимæ Теркæн йæ галиу фарс кæрæдзимæ хæстæг цардыстæм æмæ йылиу арæх амбæлдтæн. Фылдæр хæттыты-иу хидыл баиу стæм. Композиторы къухы-иу кæддæриддæр уыди чиныг. Мæхинымæр-иу афтæ ахъуыды кодтон: «Куы базæронд, уæд ма йæ рæстæг чингуытæ кæсыныл цы хардз кæны? Фæлтау йæ фæллад куы уадзид, уæд хуыздæр нæ уаид?!»

Тæтæрхъан йæ уæлæуон балц куы фæци, уæд ыл æвдай дыууæ азы йеддæмæ нæ цыди. Ныр æз Тæтæрхъанæй фæхистæр дæн, фæлæ æнæ чиныгæй цæрын иу бон дæр нæ

фæразын. Ныртæккæйæ фылдæр чингуытæ никуы кастæн, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд дæр мæ ныхæсты мæнгæй ницы уыдзæн.

Диссаджы адæймаг уыд Чехов Антон. Диссаджы фыссæг кæй уыд, уый амонын никæмæн хъæуы, уымæн æмæ, уырыссаг фысджытæй дунейы æппæты арæхдæр кæй кæсынц, уыдоны раззагдæр рæнхъыты лæууы. Фæлæ æз йæ фыссæджы курдиаты кой нæ кæнын, æз кæнын йæ адæймаджы курдиаты кой.

Сахалинмæ балцы рæстæг æй иу сызгъæриныкуыстгæнæг хъæздыг лæг йæхимæ ’рбахуыдта, мæ ус фæрынчын, ды та дохтыр дæ æмæ-ма йæ фен, зæгъгæ. Чехов ын, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ курдиат сæххæст кодта. Рынчыны федта, хостæ йын рафыста. Куы рацæйцыд, уæд ын миллионер йæ къухы æхцаты гуцъула фæсагъта. «Мæ цæсгом ссыгъд,— фыссы Чехов, — фырæфсæрмæй цы фæуыдаин, уый нал зыдтон æмæ йын æхцатæ фæстæмæ йæ дзыппы нытътъыстон. Цæмæй мæ уавæрæй фервæзон, уый тыххæй йын загътон, æз мæхæдæг тынг хъæздыг дæн, зæгъгæ. Бирæ радзур-бадзуры фæстæ мын уæддæр æвддæс сомы мæ къухы нылхъывта æмæ сæ фæстæмæ исын нал бакуымдта».

Диссаг ма цы у! Ацы хабæрттæ цы писмойы фыссы, уым чысыл раздæр йæ бинонтæй куры: «Кæд уæм æвдæлон æхцатæ ис, уæд мын дæс туманы рарвитут...»

Æхцахъуаг у æмæ, йæ мулк ракæл-ракæл кæмæн кодта, уымæй, цы дын æмбæлы, уый дæр ма райс, уый та дыккаг диссаг у. Цæмæй æхца ма бакуымдтаид, уый тыххæй йæхи, куы нæ мыл бауæнда, зæгъгæ, хуымæтæджы хъæздыг дæр нæ рахуыдта, фæлæ «тынг хъæздыг».

Чехов, æцæгæйдæр, тынг хъæздыг уыд... удыхъæдæй, зæрдæйæ, æфсармæй, æгъдауæй, цыбыр дзырдæй, адæймаг адæймаг цæмæй вæййы, уыцы миниуджытæй се ’ппæтæй дæр.

Сихорыл нæхимæ фæцæйцыдтæн. Горькийы уынджы кæрон, Терчы сæрты хидмæ фæцæйхæццæ кодтон, афтæ, мæнæй иу-ссæдз-фондз æмæ ссæдз къахдзæфы

раздæр чи цыд, уыцы дыууæ сылгоймагæй иу зæхмæ цыдæр гæххæтт æрæппæрста æмæ йын цыма афтæ ’мбæлд, уый хуызæн дарддæр йæ цыды кой кодта. Æз мæ цыд фæтагъддæр кодтон, куы йæ баййафон, уæд ын бауайдзæф кæндзынæн, зæгъгæ. Гæххæтт кæм æрхауд, уырдæм куы бахæццæ дæн, уæд кæсын, æмæ фондз туманы. Систон сæ æмæ ма мæ цыдыл ноджыдæр бафтыдтон. Сылгоймæгты куы фæцæйæййæфтон, уæд, æхца кæмæй æрхауд, уымæ дзурын: «Мæнмæ гæсгæ, адон дæуæй æрхаудысты...».

Сылгоймагæн ма йæ къухы æндæр æхцатæ дæр уыди æмæ, уыдонмæ æркæсгæйæ, къæмдзæстыгхуызæй бафиппайдта: «О, мæнæй æрхаудысты...». Цæмæдæр гæсгæ фæсырх, арфæ мын ракодта æмæ æхца айста.

Дарддæр мæ фæндагыл цæуын, æрмæст дзæвгар зæрдæрухсдæрæй: райстон дыууæ æхсызгондзинады. Иуæй, æхца хуымæтæджы гæххæтт кæй нæ разынд æмæ мæ тызмæгæй дзурын кæй нал бахъуыд, уый тыххæй. Иннæмæй та, чидæр йе ’хца сæфтыл кæй нæ банымадта æмæ чысыл хæрзгæнæг кæй разындтæн, уый тыххæй. Фæлæ ма цалдæр минуты фæстæ мæ цинык ноджыдæр бафтыд. Нæхимæ куы бацыдтæн æмæ хабар мæ бинойнагæн куы радзырдтон, уæд мыл нымæтын ехсæй ралæууыд:

– Омæ фондз туманы тыххæй фæдис цы систай?!

Æхсызгон мын уыди, мæ уæздандзинад нæ дыууæйæн дæр худæджы хос кæй фæци, уый.

Цæвæг-марæг бæрæг, дам, дзы нал уыд. Цыма дзы цæвæг-марæг бæрæг куы уыдаид, уæд уавæр хуыздæрæй разындаид, уый хуызæн.

Æвæдза, рæстæджытæ куыд тагъд ивынц! Ноджы ма хуыздæрырдæм куы ивиккой! Ссæдз-дыууиссæдз азы размæ дæр ма æнæгъдаудзинадыл нымад цы уыди, уый абон æгъдауæй агæпп ласта. Ноджы Уæрæсейы рагæй-æрæгмæ ахæм фæтк ис: ныгуылæны цæуыл нал фервæссынц, уый мах нæ роны бакæнынæй нæ бафсæрмы кæнæм. Ленин кæд æмæ кæм загъта, уый мæ ферох, фæлæ цы загъта, уый мæ зæрдыл бадардтон æмæ йæ, цы ’взагыл загъта, уыцы ’взагыл уæ размæ хæссын: «Бедная Россия!

Про нее всегда говорили, что она ходит в шляпках, выброшенных Европой». Ацы ныхæстæ куы загъдæуыд, ууыл æнусмæ 'ввахс цæуы, фæлæ цыма абон райсомæй загъд æрцыдысты, афтæ мæм кæсы.

Иу-дыууиссæдз азы размæ иу фæсарæйнаг турист нæ горæты сæйраг уынджы æрцæйцыди уæраджы сæртæм хæлафы. Мæ разæй цыд фæци, æмæ мæ, кæд не 'вдæлди, уæддæр суанг проспекты кæронмæ йæ фæдыл фæцыдтæн. Мæ цæст дардтон канд туристмæ нæ, фæлæ, йæ рæзты дыууæрдæм чи кодта, уыдонмæ дæр – растдæр зæгъгæйæ та, мæ цæст тынгдæр дардтон нæхиуæттæм. Бауырнæд уæ, иунæг дæр дзы ахæм нæ уыд, йе 'ргом æм чи нæ аздæхта æмæ йæм æррамæ кæсæгау чи нæ бакаст.

Ныр ахæм хæлæфтæ, зæгъæн ис, æмæ дарын райдыдтой канд фæсарæйнаг туристтæ нæ, фæлæ ирон чызджытæ дæр, стæй канд чызджытæ нæ.

Кæддæр дунеон уавæры тыххæй лекцитæ кæсын фæткыл нымад уыд. Мæнмæ гæсгæ, уыцы 'гъдау сног кæнын пайда йеддæмæ зиан не 'рхæссид, уымæн æмæ ахæм хъуыддаг йæ сæйраг куыст кæмæн уыд, уыдон бæстæтæ федтой, зыдтой сын сæ цардыуаг, се 'гъдæуттæ, нодж хуыздæр зыдтой, дунейы цы уавæр ис, уый.

Уыцы лекцитæн адæмы 'хсæн кад уыд, хъусынмæ сæм цыдысты зæрдиагæй. Фылдæр хæттыты-иу лекцитæ кæсынмæ ссыдысты Мæскуыйæ. Ацы хабар чи ракодта, уый дæр мæскуыйаг уыди. Йæ ныхас фылдæр уыди Францы тыххæй. Уæды рæстæджы советон адæймаджы цæстæй Гиннессы рекордты чиныгмæ бахæссыны аккаг чи уыд, ахæм хабар дæр ракодта. Францаг горæты уынгты, дам, æгъдауыл нымад у чызг æмæ лæппуйæн кæрæдзийæн пъатæ æмæ хъæбыстæ кæнын. Уыцы ныхæстæ куы загъта, уæд залы бадджытæ сæ бынæтты базмæлыдысты, адæмы цæстыты раз ахæм митæгæнæн куыд ис, зæгъгæ.

Иннæ лектор та Америчы Иугонд Штатты тыххæй каст лекци. Уый та бынтон æндæр хабар ракодта. Америчы кино цæудзæн, афтæмæй, дам, æваст рекламæ дæттынмæ фæвæййынц, æмæ та, дам, цасдæры фæстæ кино дарддæр æвдисын райдайынц. Ууыл дæр тынг дис кодтой залы бадæг адæм.

Ныр рæстæджытæ аивтой. Куы зæгъын, хуыздæрырдæм нæ. Цавæр рæстæджытæ ралæууыд, зæгъгæ, мæ исчи

куы бафæрсид, уæд ын раттин цалдæр дзуаппы: диссагыл дис кæм нал кæнынц, æнæгъдаудзинад æгъдауыл нымад кæм æрцыд, сæр æмæ фадæй уæлдай кæм нал ис, ахæм рæстæджытæ...

Цу хъæздыг лæджы фæдавдæуыд. Ахæм хъæздыг уыди, æмæ йæ дæс хатты куы фæкъахтæуыдаид, уæддæр йæ фарсыл мæгуыры хызын не 'рцауыгътаид. Цæрæнбонты давыны куыст куы кæнай, уæд дын иу æмæ дыууæ давæджы бон ницы бауыдзæн, фæлæ уæддæр нæ зонгæ хъæздыг йæхиуыл мæгуыры гакк бафтыдта:

– Мæ уæлæ цы дзаумæттæ ис, уыдон ма мæм ныууагътой, иннæтæ къæрныхты амæттаг баисты...

Уыцы ныхæстæ куыд кодта, афтæ мын мæ бинойнаг мæ хъусы 'рбадзырдта: «Йæ амонд уыд, æмæ уыцы рæстæг йæхи нæ надта!..»

Уыцы аз дæр та сфæлдыстадон хæдзармæ абалц кодтон. Мæнæ Хрущев къуымæлдзæфæй Украинæйæн цы Хъырым балæвар кодта, уырдæм.

Æвæдза, цы рæстæджытæ уыди æмæ абоны цардæй куыд тынг адард сты! Алы аз дæр, иу мæйы мыздæй къаддæр кæуыл бахардз кодтаис, уыцы путевкæ райс æмæ æхсæз æмæ ссæдз боны, кæдæм дæ фæнда, уыцы сфæлдыстадон хæдзармæ ацу æмæ дæ зæрдæйы дзæбæхæн улæфгæ дæр кæн æмæ кусгæ дæр. Ныр дæ мæйы мызд нæ, фæлæ ма йæм цалдæр улупайы куы бафтауай, уæддæр дæ бон ахæм балцы ацæуын нæ бауыдзæн. Чи зоны, исты хуызы иуæрдæм ацæуыны фаг суай, фæлæ дæм фæстæмæйы фаг фæндаггаг нал разындзæн.

О, æмæ уыцы хатт сфæлдыстадон хæдзæрттæй равзæрстон Коктебель, Феодосийæ ссæдз километры дарддæр. Уым цардис поэт Волошин Максимилиан, æмæ йæ агъуысты фарсмæ сырæзт Фысджыты сфæлдыстадон хæдзар.

Диссаджы хорз фадæттæ дзы уыди фæллад уадзынæн дæр æмæ кусынæн дæр. Сæрмагонд нау-иу балцытæ арæзта денджызмæ. Иуахæмы мæн дæр мæ зонгæ кæсагахсджытæ сцыбæл кодтой, цом æмæ, хæбырæгъæй кæсаг

куыд ахсынц, уый дæр фендзынæ, улæфгæ дæр бакæндзынæ, зæгъгæ. Сразы дæн, уæдæ цы уыдаид. Немæ бахаудысты æртæ æрыгон рæсугъд чызджы æмæ ацæргæ дыууæ нæлгоймаджы.

Нæлгоймæгты хистæр сылгоймæгтæм æмхиц кæй уыд, уый уайтæккæ дæр рабæрæг. Чызджытæ кæд йæхицæй дзæвгар кæстæр уыдысты, уæддæр сæм дзырдæппарæн кодта. Иузаман науыл стыр уылæн йæхи сцавта, æмæ чызджытæй иу фæуæлгоммæ. Йæ къах цæуылдæр бацавта, æмæ йын тынг кæй фæрыст, уый йæ цæсгомыл бæлвырдæй зынди. Дзырдæппарæн æм чи кодта, уый йын йæхи тæригъæдгæнæг скодта. Чызгæн, æвæеццæгæн, йæ къахы рыст фæсабырдæр, фæлæ та-иу æм рæстæгæй-рæстæгмæ æркаст.

Сылваз лæг æй афарста:

— Тынг ма дын риссы?

— Риссы, — дзуапп радта чызг.

Нау денджызы арфæй-арфдæр цыди. Чызгæй йæ къахы рыст, чи зоны, æмæ рох дæр фæци, фæлæ та-иу ын æй сылкъи йæ зæрдыл æрлæууын кодта, æмæ та-иу æм уый дæр æркасти. Куыд бамбæрстон, афтæмæй чызг лæгæй йæхæдæг дæр тыхсын райдыдта. Фæстаг хатт ма йын, риссы, зæгъгæ, куы загъта, уæд ын лæг афтæ:

— Æри, æз ын аба кæнон æмæ нал рисдзæн.

— Мыййаг, геморрой нæ дзæбæх кæныс? — фæцарæхст æм чызг.

Æндæр лæг, ахæм ныхæстæ фехъусгæйæ, куыд акодтаид, уый нæ зонын, фæлæ ме 'мбæлццон худæгæй бакъæцæл. Цы дзуапп ын радта, уый ма йе 'мбалæн дæр рафæзмыдта, афтæмæй йæ уый йæхæдæг дæр фехъуыста. Суанг ма чызгæй æппæлгæ дæр ракодта, тынг цыргъзондæй дæхи равдыстай, зæгъгæ.

Фæстæдæр мын куыд радзырдтой, афтæмæй уыцы сылваз кæддæр сфæлдыстадон хæдзæрттæй иуы директор уыди æмæ, дам, æй нымадтой донжуанты ловеласдæрыл. Дарддæры хабæрттæн ницуал базыдтон, фæлæ мæ зæрдыл Ключевский Василийы ныхæстæ æрлæууыдысты, нæлгоймаг, дам, сылгоймаджы раз йæ зонгуытыл æрлæууы, цæмæй йын хауынæн баххуыс кæна. Кæд уыцы сылкъи дæр чызджы æфхæрæн ныхæстæн худынæй дзуапп уый тыххæй радта...

Мæ бинойнаджы ’рхастыл æртындæс æмæ ссæдз азы куы сæххæст, уæд, табу уæ фарнæн, мæ кæстæр лæппу Ацæмæзæн йæ мады цур афтæ бакодтон:

– Ацы зæххыл æртындæс æмæ ссæдз азы фæцардтæн, æмæ...

– Куыд æртындæс æмæ ссæдз? – мæ ныхас мын фескъуыдта Ацæмæз.

– Уæдæ, дæ мады размæ кæй фæцардтæн, уыдон дæр цæрдтытæ уыдысты?..

Фатимæйы зæрдæ хурварс абадт, йæ цæсгом зæронд мæйау ныррухс...

Дыккаг бон Фатимæмæ цыдæр хъуыддаджы тыххæй тызмæгæй куы сдзырдтон, уæд мын уайдзæфгæнæгау загъта:

– Знон мæ куы ’рхастай, уæд мæ куыд тагъд ратыхстæ?!

Мæнæй зивæггæнагдæр зын ссарæн у. Бирæ цæмæдæрты зивæг кæнын, æппæты тынгдæр та – мæлынмæ...

Адæймаг куы равзæрд, уæдæй нырмæ милуангай азтæ цæуы, фæлæ цыма зондджындæр нæ фæци, афтæ мæм кæсы. Чи зоны, йæ зондыл æфты, фæлæ дзы пайда кæны галиу хъуыддæгты. Чидæр раст загъта, мыстытæй, дам, йæхи ахсынæн къæппæг ничима ’рхъуыды кодта. Адæймаг та?! Къæппæг нæ, фæлæ зæххыл цыдæриддæр къæппæджытæ ис – мыстахсæнæй райдай, æмæ пылахсæнæй фæуы – се ’ппæт иумæ рыг дæр кæй цур нæ калынц, ахæм хæцæнгæрзтæ æрхъуыды кодта. Мыстытæн дæр нæ, пылтæн дæр нæ. Йæхицæн! Атомон, водородон, термоядерон... Уыдоныл цы зонд бахардз, уымæй рæстырдæм спайда кæн, уæд абоны цард цæйбæрц хуыздæр уаид!..

Уæд партийы обкомы куыстон. Хорз адæмимæ кусгæ мын æрцыди. Функционер схонæн дзы иуæй-иутæ йеддæмæ никæй уыди. Гъе, æмæ уыцы хорз адæмæй

иу – Илас, функционер схонæн кæмæн уыди, ахæмæн афтæ зæгъы:

– Æнхъæлдæн, æмæ дæ Натæ кæцырдæмдæрты акæстытæ кæны...

– Чи дын загъта?

– Загъдæуыди мын.

– Хорз у, кæй мын æй загътай, уый. Æз æй тæккæ абон сбæлвырд кæндзынæн...

Дыккаг райсом лæг уыцы ныфсджынæй, Иласы кусæн уаты къæсæргæрон алæугæйæ, сæрыстырæй загъта:

– Сдзырд дæр мæ нæ бауагъта, уыдон, дам, гæды ныхæстæ сты...

Фатимæимæ кæмдæр уыдыстæм æмæ, нæхи цурмæ куы 'рбахæццæ стæм, уæд мын афтæ зæгъы, æз, дам ма дуканийы дзул алхæнон. Фæндаджы фаллаг фарсмæ бахызт, дуканийы къæсæргæрон фæстæмæ фæкаст æмæ мæм, цалдæр уæладзыгджын хæдзармæ чи фехъуыст, ахæм хъæлæсыуагæй дзуры:

– Цал дзулы балхæнон?

Куы ницы дзуапп мæ райста, уæд бацыд æмæ, цал хъуыд, уал балхæдта.

Фæстæмæ куы раздæхт, уæд ыл сбустæ кодтон:

– Ацал-ауал азы мæ куы никуы ницæмæй бафарстай, уæд мæ ærдæбон цы бакъуымы кодтай? Чи дæ хъуыста, уый мæ цы фæхондзæни?

– Уадз æмæ дын исты 'нхъæл уой...

Камал йæ хъæуккаг усы фæзмыдта, кæйдæр, дам, ахæм æлгъыст ракодта:

– Райсомæй сихормæ дыл хъæмп фæуарæд, уырдыгæй изæрмæ – зынг!..

Камал йæхæдæг цы 'лгъыст æрхъуыды кодта, уый ноджы карздæр у.

Тлаттаты Аня ирон æлгъыстытæ фембырд кодта æмæ сæ «Мах дуджы» цалдæр номыры рауагъта. Мыхуыргонд куы фесты, уæд Камал Аняйæн афтæ:

– Аня, иу æлгъыст ма дæ ферох.

Цавæр, зæгъгæ, йæ Аня куы бафарста, уæд ын Камал загъта:

– Тлаттаты Аняйы æлгъыстытæ дыл иумæ æрцæуæнт!..

Ацы хабар Цыбырты Людвигæй фехъуыстон. Цæвиттон, иу лæг гуылæвзаг уыд, æмæ дзы йæ сыхаг ахъазынвæнд скодта. Йæхæдæг йæ ныфс нæ хаста, фæлæ сывæллæттæй иуы сардыдта, ацу æмæ Сандройæн «р» зæгъын кæн æмæ дæ саргъы бæхыл бадын бауадздзынæн — лæг зæхгæс уыд æмæ чысыл раздæр бæхыл быдырæй æрбацыд.

Лæппуйы зæрдæ куыннæ бахъазыдаид бæхыл абадынмæ, уæлдайдæр æй кæрты æдсаргъ куы ауыдта, уæд. Æдас дæр нæ уыди, фæлæ бæхыл абадыны мондаг тасыл фæуæлахиз, æмæ гуылæвзаджы дуармæ лæджы раз алæууыд. Уый чысыл раздæр цæхæрадонæй æрбахызт æмæ фæхс бандоныл æрбадти.

Лæппу бирæ рахъуыды-бахъуыды нæ фæкодта, фæлæ йæ сыхагмæ дзуры:

— Сандро, «р»-ма зæгъ!

— Алæ, банцай!

— Зæгъ-ма, зæгъ «р»!

— Банцай дын, зæгъын, куыдзы хъæвдын!

— «Р» куы зæгъай, уæд банцайдзынæн.

Сандройы маст рафыхт, къух дард фæхаста æмæ дзы лæппуйы уæлхъус ныггæрах ласгæйæ, фæкодта:

— Уый та дын «л»!..

Лæппуйæн йæхион йæхи куы фæци — цæф нæ, фæлæ «р», — уæд, йæ рыст дæр ницæмæуал æрдардта, афтæмæй бæхы хицаумæ дугъ радта.

Цин æмæ маст æфсымæртæ сты. Хорз æмæ æвзæр, фыд æмæ кард дæр... Ацы ранымад дарддæр ахæццæгæнæн ис...

Мæ къах рысти, æмæ мæ мæ зонгæ афарста:

— Дæ къах куыд у?

— Куыд уыди, афтæ: хуыздæр нæ фæци, фыддæр дæр.

Хорз æмæ æвзæр ам дæр баиу сты, æфсымæртæ кæй сты, уый ма ноджыдæр иу хатт рабæрæг. Хорз уый у, æмæ мæ къахы рыст кæй нæ фæтынгдæр, æвзæр та — йæ рыст кæй нæ фæкъаддæр.

Нæхи Петя зæронд лæгæй амард. Цас фæцард, уый нæ зонын, фæлæ ахуыргæнæгæй бирæ азты фæ-

куыста, ахуыргæнæджы та дзурын бирæ хъæуы. Стæй хуымæтæджы дзырд нæ, фæлæ – хъæрæй. Петяйæн та фæсус хъæлæс уыд, æмæ йæ иуахæмы бафарстон:

– Петя, дæ хъуыры тыххæй дохтырмæ никуы бацыдтæ?

Уый йæ мидбылты бахудт æмæ афтæ:

– Мæн чи дзæбæх кодта, уыдонæй æз цалы баныгæдтон, уый зоныс?!

Лæг адæмы дзыхы цынæ 'фсонæй бафтдзæн, ахæм нæй. Иумæ-иу арæх чи цыди, уыдонæй-иу Бæрæгъуыны афтæ дзырдтой: «Уæртæ та Саукуыдз æмæ Бицъен дæр фæцæуынц!»

Саукуыдз æмæ бицъентæ канд мах хъæуы нæ уыди. Зæронд Бæтæхъойыхъæуы (Камал мын æй дзырдта) Анна́ 'мæ Тъерентъи уыди. Мæ бинойнаг та Сæбе æмæ Вера́йы кой фæкæны.

Афтæ мæм кæсы, цыма ахæм къæйттæ алы хъæуы дæр разындзæн.

Æнхъæлдæн, Чехов уыди... Толстойы радзырд «Холстомер» куы бакаст, уæд ын афтæ зæгъы:

– Лев Николайы фырт, бæх никуы уыдтæ?

Малиты Васойы радзырд «Нæ адæми фæгъгъæздугдæр кæнуни мадзал, кенæ Ка гъæладæр æй? Кенæ Габай уодæгасæй мæрдти бæсти куд адтæй» журнал «Ирæф»-ы куы бакастæн, уæд æз дæр Васойы афтæ бафарстон: «Нарты Сослан мæрдты бæсты уыдис æмæ дзы цы федта, уыдон, фæстæмæ 'рбаздæхгæйæ, радзырдта, фæлæ ды Тъæпæнхъæуы куы никуы уыдтæ, уæд уыцы бæстæйы хабæрттæ афтæ хорз цæмæй зоныс?»

Терчы былты фæцæйцыдтæн æмæ федтон æнахуыр ныв. Расыг лæг къудзиты рæбын ныффæлдæхт æмæ фынæй кодта. Йæ цуры уырыссаг арахъхъы афтид авг та хъен лæууыди. Арахъхъæй дзаг лæг фæлдæхтæй лæууыд, афтид авг та – уырдыг.

Æмæ, дам, афтид голлаг хъен нæ лæууы!..

Камал мын ӕй дзырдта. Иу йӕ хъӕуккаг ӕдзухдӕр йӕ цардӕй хъаст кодта. Байхъус ӕм, уӕд уымӕй гуыргъахъдӕр фӕндӕгтыл ничи ацыд. Иу хатт та, дам, мӕ сусӕны мӕй быдыры къӕвда 'рцахста ӕмӕ къахӕй сӕрмӕ ныддонласт дӕн.

Алы бон дӕр Терчы былӕй ног хабӕрттимӕ 'рбаздӕхын. Уыдонимӕ чысыл нӕ вӕййы худджытӕ дӕр.

Иу бон та цалдӕрӕй бакъорд стӕм ӕмӕ нын ныхас бацайдагъ. Сӕлимӕт, мах кӕй нӕ зыдтам, ахӕм нӕлгоймаджы кой кодта ӕмӕ, не 'мбӕлттӕй иуы къахӕй сӕрмӕ сбаргӕйӕ, загъта:

– Майрӕм тынг хӕрзконд уыди. Мӕнӕ Габоцийы хуызӕн бӕрзонд, фӕтӕнуӕхск, ӕрмӕст – рӕсугъд.

Габоцийӕн, фыццаг ныхӕстӕм хъусгӕйӕ, йӕ зӕрдӕ барухс, фӕлӕ Сӕлимӕт «ӕрмӕст»-ы фӕстӕ цы ныхас загъта, уый йын, кӕд дзургӕ ницы скодта, уӕддӕр йе уӕнг амардта.

Мах, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, иууылдӕр ныххудтыстӕм. Сӕлимӕтмӕ ӕрмӕстдӕр уӕд бахъардта, йӕ дзыхӕй ӕнӕнхъӕлӕджы цы ныхӕстӕ схауд, уыдон Габоцийы цы уавӕры сӕвӕрдтой, уый. Бӕргӕ ма йӕхи рӕстытӕ кодта, фӕлӕ мах нӕ худынӕй куы не 'нцадыстӕм, ноджы ма ныл Габоци дӕр куы бафтыд, уӕд йӕ цӕсгом фӕрухсдӕр.

Уӕдӕй фӕстӕмӕ Габоцийӕн Сӕлимӕты ныхӕстӕ йӕ зӕрдыл арӕх ӕрлӕууын кӕнӕм ӕмӕ та ӕмхуызонӕй дӕр бахъӕлдзӕг вӕййӕм.

Мамсыраты Муратмӕ йӕ туркаг ӕрвад уазӕгуаты 'рбацыд, ӕмӕ йӕ Мурат Ирыстоны къуымты ӕрзилын кодта. Иу бон та йӕ бахуыдта паркмӕ. Уым иу фӕйнӕгыл конд уыдысты расыггӕнджыты къамтӕ. Сӕ сӕрмӕ ставд дамгъӕтӕй уыд ахӕм фыст: «Адон худинаг кӕнынц нӕ горӕт!» Муратимӕ уыдис йӕ зонгӕ лӕппу. Кӕрӕдзийы хорз зыдтой, ӕмӕ дзы иу иннӕйы хъазӕн ныхасыл ахуыр уыди. Расыггӕнджыты къамты цурмӕ куы бахӕццӕ сты, уӕд Мурат йе 'рвадӕн афтӕ:

– Ам, бирӕ чи нуазы, уыдоны къамтӕ бакодтой, фӕлӕ, бирӕ чи хӕры, уыдоны къамтӕ дзы куы кӕниккой, уӕд

дзы æппæты фыццаг мæнæ Басилы къам бакæниккой, цæмæй йæ æппындæр макуыуал райсой, уый тыххæй.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ Мураты ’рвад, бахудызмул уæвгæйæ, загъта:

– Уæллæгъи, уыцы Басил цас хæры, уый нæ зонын, фæлæ ды бирæ хæрыс. Дзаг фынгыл фæбадыны фæстæ искуыцæй куы ’рбаздæхæм, уæд мыл бустæ кæнын байдайыс, хæргæ цæуыннæ кæныс, зæгъгæ.

Цуæй-иутæн сылгоймæгты фыдгой кæнын йеддæмæ мацы ратт. Мæнгард æмæ сæ æнæуууæнк хонынц канд хуымæтæг адæм нæ, фæлæ стыр адæмтæй дæр бирæтæ. Ахæм зондыл хæст чи у, уыдон хъуамæ макуы рох кæниккой, сæ алкæцыййы дæр сылгоймаг кæй ныййардта. Иннæмæй та зæрдыл дарын хъæуы, адæмы фылдæр хайæ кæмæн чызджытæ ис, кæмæн хотæ, кæмæн – хæстæджытæ æмæ хиуæттæ. Ома, сылгоймаг хæстæджытæ æмæ хиуæттæ.

Иу зондджын лæг афтæ загъта, сылгоймæгты фыдгой чи фæкæны, уымæн, дам, йæ цæстыл иу сылгоймаг фæуайы, иу сылгоймагмæ азым фæхæссы. Кæд æцæг афтæ у, уæд, нæлгоймæгтæй сылгоймаджы къуыммæ чи хæссы, уыдонæн сæ рæдыд барст æрцæуудзæн, уымæн æмæ нæлгоймæгты хуызæн сылгоймæгтæн дæр иухуызон хорз уæвæн нæй.

Лæгмартæй æртæйы базыдтой, фæлæ се сбадын кæнын дыууæйыл у.

Æнусы æрдæджы бæрц мæ цард æнæфæхицæнгæ баст у мыхуыримæ. Уыцы рæстæджы дæргъы бирæ цаутæн уыдтæн æвдисæн. Бирæ зындгонд адæмæй писмотæ истон, фыстон сæм мæхæдæг дæр, фæлæ дзы абон мæ къухмæ цы райсон, ахæмæй, зæгъæн ис, æмæ ницуал ис, афтæмæй та мын уыдон бирæ цыдæртæ радзуриккой.

Бирæ азты размæ рецензи ныффыстон Чеджемты Æхсары чиныгыл, æмæ мыхуыры рацыди газеты. Хуссары йæ Гаглойты Федыр (Гафез) бакаст æмæ дзы йæ зæрдæмæ

цы фæцыди, нæ зонын, фæлæ мæ куырдта, цæмæй йын уыцы чиныг арвитон.

Гафез мæм цы писмо ’рбарвыста, уый бахъахъхъæнын мæ сæр куы ’рцахстаид, уæд, цы фыста, уый мæхи ныхæстæй нæ дзурин, фæлæ мах стырзæрдæ стæм, цы нæм ис, уый хъахъхъæнын æмæ йын аргъ кæнын нæ зонæм æмæ æрæджиау фæсмон кæнын уымæн райдайæм.

Мæ бинойнагимæ Венгрийы нæ улæфт уагътам. Балатоны цады былгæрон уыди Журналистты сфæлдыстадон хæдзар æмæ уым. Бирæ зæрдылдаринаг фембæлдтытæ нын уыдис, уымæй размæ кæй зыдтам, уыдонимæ дæр, уым кæимæ базонгæ стæм, уыдонимæ дæр, фæлæ уыцы фембæлдтыты хуызæн мæ зæрдæйы рæсугъд мысинагæн баззад хæрзчысыл цау.

Иу ран нæ, бирæ змæлд кæм уыд, ахæм фæндаджы сæрты бахизын хъуыд æмæ, куыддæр фæндагмæ бахæццæ стæм, афтæ, æппæты разæй цы машинæ тахт, уый фæурæдта æмæ ’нхъæлмæ каст, цалынмæ фæндаджы сæрты бахызтаиккам, уæдмæ. Раззаг машинæйы шофыры бафæзмыдтой иннæтæ дæр. Мах куыддæр фæфале стæм, афтæ утæппæт машинæтæ базмæлыдысты æмæ сæ фæндагыл араст сты. Цыма дзырд бакодтам, уыйау дыууæйæ дæр шофырты уæздандзинадæй æппæлынмæ фестæм. Нæхиуæттимæ сæ куы абарстам, уæд фысымтæ нæ цæсты кадджындæрæй разындысты.

Уæвгæ, нæхиуæттæ дæр æмхуызон не сты. Бирæтæ дзы фистæджытæн аргъ кæнын зонынц. Ныр мын шофыртæй исчи фæндаг куы ратты, уæд æдзухдæр мæ зæрдыл æрлæууынц венгриаг хæдтулгæскъæрджытæ.

Мæ бинойнагæн скæсæйнаг æмбисонд æрхастон: «Ахходæн дæхæдæг бахæр, сихорæй дæ хæларæн фæхай кæн, æхсæвæр та де знагæн ратт».

Фатимæ бахудт æмæ афтæ:

– Мæнæн знæгтæ нæй!..

Людвигæй кæй фехъуыстон, уыцы худджытæй ма. Иу лæгмæ уыдис фыстæ, хъомтæ æмæ къамбец.

Хизынмæ-иу сæ аскъæрдта, къамбецы – хъомтимæ, фысты – хицæнæй, фæлæ-иу къамбец æдзухдæр фыстимæ ’рцыди.

Иу изæр лæг йæ усмæ дзуры:

– Шаркъе-ма (гуырдзиагау – кæсæн) рахæсс.

– Цы дзы кæныс?

– Нæ къамбецы йæм дзы бакæсын кæнон, кæд, мыййаг, йæхицæн фыс æнхъæл у.

Лæг куы смæсты вæййы, уæд дзырдтæн сæ карздæр агуры. Йе знагæн цæфæй амæлын æнхъæл нæ вæййы æмæ йæ рæхойыны сæр уымæн бахъæуы. Ис ахæм ныхас: «Дымгæ бон кæцырдæм фæ... зын хъæуы, уый нæма зоны, афтæмæй йæм ничи хъусы?!» Уымæн фæлмæндæрæй зæгъæн уыдис: «Дымгæ бон кæцырдæм ату кæнын хъæуы...» æмæ афтæ дарддæр, фæлæ мæстыгæрмæ уый фаг нæ кæсы. Туйæ м...цъаг тынгдæр æфхæры адæймаджы æмæ мæсты адæмæй, кæд ту дзыхы вæййы, уæддæр æй йæ дзыхæй ничи суадздзæн. Уымæн фæзæгъынц: «Адæймаг мæсты цы рæстæг вæййы, уыцы уысм æррайæ ницæмæй хицæн кæны».

Арахъхъ уадзын куы нæ уагътой, уæд уыцы нозт алы хæдзары дæр уыди. Йæ ныхмæ куы ничиуал дзуры, уæд та йын фынгыл хатгай ссарæн нал вæййы. Диссæгтыл дис кæм нал кæнынц, ахæм рæстæг цæрæм, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ загъдæуыд.

«Нарты кадджытæ» 1946 азы куы фæзындысты, уæд адæмæн стыр бæрæгбоны хуызæн уыд. Кæд æртæ сырх туманы аргъ уыдысты, уæддæр сæ ’лхæдтой. Æлхæдтой æмæ сæ кастысты. Кæсын чи нæ зыдта, уыдон та хъуыстой, кæсын чи зыдта, уыдонмæ. Адæмæн кадджытæй æххормаг уыди æмæ уæлларвон хойрагæй æфсис нал зыдтой. Нæ фыдæлты ивгъуыд сын сног, æмæ алчидæр тырныдта нæртон адæмы фæзмынмæ, тарсти сын сæ кад æмæ намыс фæныллæгдæр кæнынæй, сæрыстыр уыдис сæ ныфс æмæ сæ хъаруйæ.

Цыфæндыйæ дæр нæ фыдæлты стырдæр хæзна дунемæ афоныл фæзынди. Сæ фарн нæ туджы ахъардта, не стæг

сфидар кӕнынӕн нын ӕвдадзы хос басгуыхт. Йӕ рӕстӕджы «Нарты кадджытӕ» чи бакаст, уыдон иууылдӕр сты ӕцӕг ирӕттӕ, фыдӕлты фарн мӕрдтӕм ауадзын кӕй нӕ фӕнды, намыс йӕ тырыса кӕмӕн у, йӕ сӕр сӕрмӕ чи хӕссы, ахӕм ирӕттӕ.

Цӕмӕдӕр гӕсгӕ мӕм афтӕ кӕсы, цыма «Нарты кадджытӕ» абонмӕ куы нӕ рацыдаиккой, бӕлвырддӕр зӕгъгӕйӕ та – абон куы рацыдаиккой, уӕд зонды афтӕ нӕ ахъардтаиккой, ӕмӕ нӕ адӕм разындаиккой бирӕ мӕгуырдӕрӕй: удыхъӕдӕй дӕр, фарн ӕмӕ 'гъдауӕй дӕр. Мах рӕстӕджы ма кӕд иронау исчи кӕсы, уӕд сӕ фылдӕр хай сты, йӕ заманы «Нарты кадджытимӕ» чи базонгӕ, уыдон. Уыцы фӕлтӕры фӕстӕ чи рахъомыл, уыдон ӕмӕ хистӕрты 'хсӕн бастдзинад фехӕлд. Ӕрыгӕтты 'хсӕн хӕрзчысыл ис, ирон чиныг чи кӕсы, ахӕмтӕ.

Фынддӕс-ссӕдз азы размӕ дӕр ма нӕ чингуыты тираж уыд дыууӕ-ӕртӕ мины, абон фондзсӕдӕ экземплярӕй уӕлӕмӕ нал хизы, ӕмӕ уыдон дӕр лӕууынц чиныгуӕйгӕнӕн дуканиты тӕрхӕджытыл. Не 'лхӕнынц «Нарты кадджытӕ» дӕр, афтӕмӕй та цалдӕр хуызы рацыдысты. Иронау дӕр, уырыссагау дӕр. Иу томӕй дӕр, ӕртӕ томӕй дӕр, фондз томӕй дӕр (Гуытъиаты Хъазыбег кӕй бацӕттӕ кодта, уыдонӕй иу том рацыд хицӕн чиныгӕй, ӕртӕ томы – «Мах дуджы», фӕстаг том та йӕ рауадзӕгмӕ 'нхъӕлмӕ кӕсы), ӕхсӕз томӕй дӕр (Хӕмыцаты Тамарӕ ӕмӕ Джыккайты Шамил цы бирӕтомон бацӕттӕ кодтой, уымӕн уал боны рухс федтой йӕ цыппар чиныджы).

Субботин Василий фыссы: «Огромные, единственные в своем роде мозоли на локтях Бориса Пастернака, его оббитые о письменный стол локти...»

Ахӕм мазолтӕ ӕз федтон Хъалмыхъхъы адӕмон фыссӕг Балакаев Алексейы рахиз къухы кӕстӕр ӕнгуылдзыл. Фысгӕ-фыссын гӕххӕттыл хафгӕйӕ фӕзыны ахӕм мазоль. Уӕвгӕ, мӕхи ӕнгуылдзы дӕр уымӕ бирӕ нал хъӕуы. Астӕуккаг фӕтасӕн, иуӕй, лӕгъз сси, иннӕмӕй – сырх, афтӕмӕй дзыхъгондӕй баззад.

Мæ зæронд гæххæттытимæ разынд ахæм фыст: «Бесаты Тазейы роман «Тызмæг хæхты» (чиныгуадзæн «Ир», 1976 аз) 88-89-æм фæрстыл кæсæм: «Бурдзыхæн зындгонд уыдысты, Созоимæ а изæры хъазтæй цы лæппутæ ацыдысты, уыдон се 'ппæт дæр. Сæ иу уыд Дзугуты Дзабойы фырт Гагуыдз – хъазаг æмæ фæлмæнзæрдæ лæппу. Атауты хæрæфырт. Аминæт æфсымæрæй райгуырдис, Гагуыдз та – хойæ.

Аминæт Гагуыдзæн афтæ тынг хæстæг кæй æййæфта, уый йын Бурдзых абоны онг нæ зыдта. Абон сæ хъазты иумæ симгæ куы федта, уæд ма сæм мæстæй тъæппытæ дæр хаудта. Æрмæст ын æппынфæстаг чидæр йæ хъусы бацагъта, бамбарын ын кодта, уыцы лæппу Аминæтæн йе 'мхæрæфырт кæй у».

Ныронг-иу, хо æмæ 'фсымæрæй чи райгуырд, уыдон кæрæдзийæн хæрæфырт æмæ мады хо кæнæ мады æфсымæр æййæфтой, æмхæрæфырттæ нæ фæлæ. Æмхæрæфырттыл та-иу цæмæдæр гæсгæ дыууæ хойы цоты нымадтой.

Романы 3-æм фарсыл кæсæм: «Кæцæйдæр мæм хъуысы фыййауы уадындзы цагъд, хъæдхой йæ бырынкъæй кæмдæр тæрс бæласы фарс хойы».

Фыййауы уадындзы цагъд кæцæй хъуысы, уый бæрæг нæу, уæдæ хъæдхой дæр æбæрæг ран кæмдæр хойы йæ бырынкъæй, уæд, æнæмæнг тæрс бæлас кæй хойы, уый цæмæй сбæрæг?»

Æвæццæгæн, чиныг куы бакастæн, уый фæстæ фыст æрцыдысты ацы рæнхъытæ. Цы зæгъæн ис, абоны цæстæй сæм акæсгæйæ?

Ис ахæм æмбарынад, уырыссагау æй хонынц «авторская глухота». Уый къæппæджы бахауынц стыр фысджытæ дæр. Лермонтов фыста:

И Терек, прыгая, как львица
С косматой гривой на хребте...

Зындгонд куыд у, афтæмæй сыл домбайæн барц нæ вæййы. Барц вæййы нæл домбайæн, стæй йе рагъыл нæ, фæлæ йæ бæрзæйыл.

Мæнмæ гæсгæ, Тазе, хо æмæ 'фсымæрæй чи райгуырд, уыдон æмхæрæфырттæ кæй рахуыдта, уый дæр ахæм рæдыдыл банымаинаг у. Фæлæ кæмдæр хъæдхой

тæрс бæлас кæй хойы, уым фыссæджы хуызæн азымы бадаринаг уыд редактор дæр. Редактор ахæм аиппытæ куы нæ уына, уæд йæ сæр уыйас æхсызгон ницæмæн хъæуы.

Цæрæнбонты ме 'мсис адæмæй, зæгъæн ис, æмæ цæстуарзон ныхас никæмæй фехъуыстон. Чиныгкæсджытæй уый зæгъын мæ бон нæу. Цы сæ зæрдæмæ фæцæуы, уый æхсызгонæй фехъусын кæнынц, нæ басусæг кæнынц сæ фиппаинæгтæ дæр. Фæлæ мæ хæлæрттæ æндæр зондыл хæст сты. Æппæты хуыздæр сæм кæсы хъусæй лæууын. Уырыссаг æмбисонд: «Дзурын – æвзист, хъусæй лæууын – сызгъæрин» уыдонæй тынгдæр никæмæ хъары.

Дзидзойты Валерийы чызджы чындзæхсæвы ресторан «Владикавказ»-ы бадтыстæм. Фынгтæ бирæ уыдысты. Мах кæм бадтыстæм, уыцы фынгæн хистæр уыди «Стыр Ныхас»-ы сæрдар Гиоты Михал. Цал сидты фæкодтаид, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ иуафон, дæле чи бадт, уыдон куы афсæстысты, уæд æнæдзургæйæ фестадысты æмæ æвиппайды фæцыдæр сты. Бадты адæмæн сæ сæ фылдæр зонгæ дæр нæ бакодтой, уыдонимæ Ходы Камал дæр. Фынджы дæллаг фарс афтидæй куы ауыдта, уæд Михалы фæрсы:

– Цы адæм сыстад, уыдон сæхи искæмæй ракуырдтой?

Михал, фынгыл йæ цæст ахæсгæйæ, дзуапп радта:

– Уыдон адæм не сты, уыдон хъæздыджытæ сты!..

Уæрæсейы Федерацийы адæмон артист Сланты Къоста хъæлдзæг адæймаг уыд. «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон, уæд арæх æмбæлдыстæм. Уырымты Петя дæр уым куыста. Къоста-иу куы фæзынд, уæд-иу ыл иуылдæр бацин кодтам æмæ-иу, кæмæ 'рбацыд, уый уаты амбырд стæм. Дзæбæх æй нал хъуыды кæнын, фæлæ цыма уæд редакцийы кусджытæ иугай-дыгай мæ кусæн уатмæ æмбырд кæнын райдыдтой, афтæ мæм кæсы. Къоста Петяйы куы ауыдта, уæд ыл бацин кодта. Хæстæгдæр æм бацыд æмæ йын уыцы æнæхудгæйæ афтæ:

– Уæллæй, Петка, бынмæ дæм куы ныккæсын, уæд мæ сæр разилы…

Афтæмæй йæхæдæг Петяйæ бæрзонддæр кæнæ уыди, кæнæ – нæ.

Мæ хæлар Петя мын дзырдта. Сæ хъæуы уыдис иу уæдæгонд. Йæ ном дæр мын загъта, фæлæ мæ ферох. Иу сылгоймаг йæ зæрдæмæ цыд, фæлæ йын йæ фæнд бамбарын кæныны фадат никуы фæци. Иуахæмы йыл кæмдæр быдыры сæмбæлд, йæ бæхæй æрхызт æмæ йын йæ зæрдæйыуаг райхалынвæнд скодта. Сылгоймаг æй куы бамбæрста, уæд афтæ смæсты, æмæ йæхинымæр цæхæртæ калдта, фæлæ дзургæ ницы скодта. Уый лæджы разæнгарддзинадыл бафтыдта æмæ йæ хъуыды æргомæй загъта. Сылгоймаг уый куы фехъуыста, уæд ын йæ уадул ныггæрах ласта.

Лæг уый æнхъæл нæ уыд æмæ, цы акодтаид, уый нал зыдта. Æрмæст ма йæ бон зæгъын баци:

– Цæй, дигорæ нæбал ан?!

Зарæгæн, æвæдза, стыр тых ис. Уæлдай нæу – фæнды хъæбатыры зарæг уæд, фæнды худинаджы – мæлын нæ комы.

Æнусæй фылдæр кæуыл цæуы, ахæм зарæгæй ма мæм æрхæццæ æрмæстдæр дыууæ рæнхъы, фæлæ абон дæр сæ куыст кæнынц, худинаджы гакк æвæрынц, æгъдауы сæрты чи ахызт, ирон сылгоймаджы кадыл къæм кæй аххосæй абадт, уыцы чызг-усыл:

Балоты Додæ куывды фæцæуы йæ адæмимæ.
Дыгуылты Кало чындзы фæцæуы йæ авдæнимæ!

Кокайты Тотрадз мæ гуырæн бон цæмæй базыдта, уымæй йæ нæ бафарстон, фæлæ, уыцы бон кусгæ кæй кодтон, уый мæ машинкæйы хъæрæй бæрæг уыд, уымæн æмæ йæ уынæр тыргъмæ дæр хъуысти. Тотрадзимæ та нæ кусæн уæттæ, зæгъæн ис, æмæ ныхæй-ныхмæ сты. Иу заман Тотрадз мæ къæсæрыл алæууыд, салам мын радта æмæ гæххæтты сыф мæ разы авæрдта. Уыдис азы ахæм фыст:

Дзасохты Музаферæн

Вæййы лæгау лæг алкæд лæг,
Нæ бады иу уысм дæр æгуыстæй:
Кæны йæ гуырæн бон бæрæг
Фæллойадон æнтыстæй!

Бынæй дзы йæ къухæвæрд æмæ, цыппаррæнхъон кæд фыст æрцыд, уый: «2008 азы тъæнджы мæйы 10-æм бон».

Ацы фыст дæр мæ зæронд гæххæттытимæ разынд: «Фашистты ныхмæ тохы фæмардуæвæг алы советон адæймаджы ном дæр иу минут хъусæй лæууынæй куы ссариккам, уæд æнæдзургæйæ лæууын бахъæуид 38 азы».

Газетæй йæ рафыстон, фæлæ кæцы газетæй æмæ кæд, уый, хъыгагæн, нæ фæнысан кодтон.

Тæрхъус, дам, хъæды талынджы фæцæйцыд æмæ йæ фындзыл цыдæр æвзæр тæф ауад. Æргуыбыр кодта, тæф кæцæй калд, уый йе 'взагæй асдæрдта, æмæ бирæгъы æддæмæппарæн разынд.

– Хорз, æмæ йæ æвзагæй федтон, æндæр ыл нæ ныллæууыдаин, – йæхицæй æппæлæгау загъта тæрхъус.

«Рæстдзинад»-ы диссаджы хорз адæм куыста. Хорз адæм уыдысты не 'хсæнадон уацхæсджытæ дæр. Искуы-иутæй фæстæмæ. Искуы-иутæй фæстæмæ уымæн зæгъын, æмæ дзы уацхæссæджы ном æгадгæнджытæ дæр уыдис.

Иу нæм арæх фыста Уæлладжырырдыгæй. Иу кæнæ нæм-иу иннæ хабары тыххæй фехъусын кодта. Редакцийыиу ын йæ нымæцтæ æмæ мыггæгтæй уацхъуыд сарæзтой. Ахæм адæмы дæр не 'ххуысгæнджытыл нымадтам æмæ сæм уарзон цæстæй кастыстæм, фæлæ ацы уæлладжыроны махæн æххуыс кæныны мæт уыйас нæ уыд. Иуахæмы та, йæ уацхъуыд куы рацыд, уæд æй йæ зонгæтæй кæмæндæр аппæлыд, иу гуляшваг та акуыстон, зæгъгæ. Уыцы ныхæстæ редакцимæ куы 'рбайхъуыстысты, уæд æм иуулдæр

уазал цæстæй акастысты. Фыццаджы зæрдæ йæм нал дарæм, уый куы бамбæрста, уæд нæ йæхи дæрдты ласын райдыдта.

Искуы-иу хатт ма йыл абон дæр амбæлын æмæ йын салам дæр нæма раттын, афтæ йæ ныхæстæ мæ хъусты ныззæланг кæнынц: «Иу гуляшваг та акуыстон!»

Малиты Васо æмæ Брытъиаты Аслæмбег цæуылдæр фæбыцæу сты. Васо хъæлдзæггомау уыд æмæ йын афтæ:

– Кæимæ дзурыс, уый æмбарыс?

– Кæимæ? – бафарста Аслæнбег æмæ йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта: – Малиты Васоимæ, æндæр кæимæ?

– Æмæ æз немыцагау дзургæ кæй кæнын, итайлагау та – заргæ, уый зоныс?

Аслæнбег цы дзуапп раттаид, уый нал зыдта, æмæ ма йын йæ уавæр æз ноджы фæкарздæр кодтон:

– Васо канд дзургæ æмæ заргæ нæ кæны̆, фæлæ ма фысгæ дæр. Уый дæр дыууæ ’взагыл: иронау æмæ дыгуронау.

Дукани «Солнечный»-йы дуармæ бадти иу-æртындæсаздзыд лæппу. Йе ’фцæгыл хъæбæр гæххæттыл уыд ахæм фыст: «Цæмæй уæ бон у, уымæй баххуыс кæнут къуыттыйæн». Камал йæ рæзты фæцæйцыд. Лæппуйы риуыл цы фыст уыд, уый куы ауыдта, уæд, йæ цыд нæ бауромгæйæ, йæхицæн дзурæгау загъта: «Мæнмæ доллæртæ йеддæмæ сомтæ нæй».

Лæппу уый айхъуыста, цы! – йæ бынатæй фæгæпп ласта, Камалы фæсте асырдта æмæ йæм дзуры: «Æри доллæртæ дæр!»

Байроны «Дон Жуаны» ис ахæм рæнхъ: «Никто в стихах супружеское счастье не поет». Петрарка Лаурæйы куы ракуырдтаид, уæд, дам, сонеттæ ныффыссын йæ бон нал бауыдаид.

Уыцы ныхæстæ нæ поэттæй иу кæнæ кæсгæ нæ бакодта, кæнæ та сæ ницæмæ ’рдардта æмæ йæ усыл сонеттæ

фыссынмæ февнæлдта. Ноджы ма йын дыккаг ус дæр куы нæ уыдаид! Уыцы сонеттæ цас тыхджын æнкъарæнтæ æвдыстаиккой, уый рагацау дæр бæрæг уыд, фæлæ сæ нæ поэт уæддæр фыста æмæ фыста. Хъайтыхъты Геораей та ахæмтæ нæ ирвæзтысты æмæ йын эпиграммæйæ дзуапп радта:

Дзæнæтхан мæм арæх æруайы мæ фыны,
Фæзæгъы мын афтæ: «Дæ къух-ма мæм ратт...»
Дзæнæтхан – мæ фарсмæ, Дзæнæтхан – мæ быны,
Дзæнæтхан – мæ уæлæ, кæны мыл бæхбадт!

– Тæвд кæнын, тæвд! – хъаст кодта иу иннæмæн. – Æмæ уазал куы кæнис, уæд хуыздæр уаид?!

Дæуæн æвзæр сыхæгтæ никуы уыд, æвзæр сыхаг дæ сыхæгтæн вæййы!..

Дæу бæрзонд бынаты чи сæвæрдта, уый мæнмæ ныллæг æвæрд у.

Джемал дæр мæ хуызæн кафын нæ зоны, фæлæ йыл нæ сæтты. Йе 'нæсæттондзинад та рабæрæг вæййы, кафынмæ куы рахизы, уæд. Кафынмæ та йæ сразæнгард кæны «Ханты цагъд». Хъæлдзæгдзинады куы вæййæм, уæд йæ уарзон цагъд айхъусæд, æндæр ын кафынмæ æнæрахизгæ нæ вæййы. Уыимæ йæ кафæг æмбалы сæр никуы фæхъæуы. Йæ алыфарс чи вæййы, уыдонæй цыма никæйуал фæуыны, уый хуызæн йæ кафыны куыст фæкæны.

Иуахæмы та цыдæр хъæлдзæгдзинады бахаудыстæм. Кæд ма исты зонын, уæд, Моргуаты Барис докторы диссертаци бахъахъхъæныны тыххæй куывд куы скодта, уæд уыди. «Ханты цагъд»-ы мелоди куы райхъуыст, уæд Джемал фынгæй сыстад, кафæн фæзмæ рацыд æмæ та йæ мондæгтæ уадзынмæ бавнæлдта. Фынгмæ куы 'рбаздæхт, уæд дзы раппæлыдтæн:

– Амбылдтай. Кафын чи нæ зоны, уыдонæй се 'ппæтæй хуыздæр кафыс!

Зарыхъæуккаг Гочи фыццаг хатт Калакмæ куы ныццыди, уæд горæты стыр уынджы алы æмбæлæгæн дæр салам лæвæрдта:

– Акет икит гамарджобат! Акет икит гамарджобат! – ома иуæрдæм дæр – салам, иннæрдæм дæр – салам.

Хъусы нуазæн цы кæстæрæн авæрдтой, уый æгæр бирæ куы дзырдта, уæд ын хистæр бауайдзæф кодта:

– Æз дæм хъусы нуазæн авæрдтон, æвзаджы нуазæн нæ фæлæ!..

Абайты Васойы бинойнаг Ксения куы амард, уæд Васойы зæрдæмæ рухсы цъыртт никæцæйуал калд. Йæхимæ хъусыныл фæци, йæ хъуыры хойраг нал цыд. Мæскуыйы цæрæг ирон фæсивæд æй нæ рох кодтой. Сæ цæст æм дардтой, зылдысты йæм, фæлæ, йæ дзыхмæ хæринаг кæй нал иста, уый сæ сагъæсы æфтыдта.

Иу бон, лæппутæй радгæс чи уыд, уый йемæ Хъайтыхъты Азæмæты таурæгъты чиныг æрбахаста æмæ дзы Васойæн раппæлыд, бакастæн, дам, æй æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд. Васо, æвæццæгæн, уымæй размæ дæр зонгæ уыд Азæмæты сфæлдыстадимæ æмæ йæ уазæгмæ æрхатыд, дæ зæрдæмæ тынгдæр цы таурæгъ фæцыд, уый-ма мын бакæс, зæгъгæ. Лæппу йын кæсын райдыдта «Дзæхы фæстаг балц». Ахуыргонды таурæгъы хабæрттæ сæ фæдыл афтæ асайдтой, æмæ дзы йæ зын уавæр иуцасдæр рохгæнгæ цыд. Уацмыс кæронмæ каст куы фæци, уæд Васойы цæсгом дзæвгар фæрухсдæр. Цалдæр боны æххормаг фæуыны фæстæ хæринаг бахæрыныл сразы. Бонæй-бонмæ йæ чемы цæуын райдыдта æмæ ма цалдæр азы фæцард.

Æвзæр арахъхъæй хорз срасыг уæвæн ис, хорз арахъхъæй та æвзæр фæрасыг уæвæн.

Хуыгаты Сергей, Ходы Камал, Кокайты Тотрадз, æз æмæ ма ноджыдæр чидæртæ фынджы уæлхъус бадтыстæм. Минас кæнынæй дарддæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ныхас дæр кодтам. Иуахæмы Сергей цыдæр рацæйдзуринаг уыд æмæ райдыдта ахæм ныхæстæй:

— Уæлæ ма профцæдисты хæдзары куы куыстам...

Дарддæр цы зæгъдзæн, уымæ дæр нал банхъæлмæ кастæн æмæ йæ афарстон:

— Æмæ уым куыстат?

Уый мæм æнахуыр каст æрбакодта, куы йæ зоныс, уæд ма мæ цæмæн фæрсыс, зæгъгæ.

Рауагъдад уым кæй уыд, уый та куыннæ зыдтон, фæлæ та йæ уæддæр ногæй бафарстон:

— Æцæгæй дæ фæрсын, уæле ма куы уыдыстут, уæд уым куыстат?

— Куыстам!

— Уæдæ ам цæуыннæ кусут?..

Хуссар Ирыстонмæ фæцæйцыдыстæм. Цæмæдæр гæсгæ кæсаджы кой рауад. Æз, æрмæстдæр балер кæсаг кæм цæры, ахæм суадæтты цур схъомыл дæн æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ дæтты хуызæн æппæлыдтæн, цы кæсæгтæ дзы цæры, уыдонæй дæр. Нæ мæ ферох, кæсаджы фыд сæрымагъзы куыстæн куыд æххуыс у, уый зæгъын дæр. Уæд дын не 'мбæлттæй иу афтæ куы фæкæнид:

— Уæдæ æз, куы райгуырдтæн, уæдæй нырмæ кæсаг иу хатт дæр нæма бахордтон.

— Æмæ дыл бæрæг у, — алхыскъ æй кодтон æз, фæлæ уый йæхи састы бынаты æвæрын нæ бауагъта:

— Уагæры ма кæсаг куы хордтаин...

Мæ хъæуккаг Цомайты Барис хъазæн ныхасгæнаг у. Æрæджы Бæрæгъуыны уыдтæн, æмæ мын дзы иу хабар ахæм радзырдтой.

Цæвиттон, Барис йæ сыхагыл нымæтын ехсæй æрцæуынвæнд скодта æмæ йын иу бон афтæ:

— Уæ мыггагыл-ма мæ ныффысс...

— Æмæ дæхи мыггагыл нал æрвæссыс? — цымыдисхуызæй йæ бафарста сыхаг.

— Мæхи мыггагæй ницæмæй хъаст кæнын, фæлæ мæ сымах мæт и. Уадз æмæ уæм адæмы хуызæн лæг иу уæддæр уа...

Ирон æвзаджы тыххæй та нæм æмбырд уыди. Къамисы уæнгтæй иу сыстад æмæ дзуры:

— Уæрæсе зын раны куы бахауы, уæд чысылнымæц адæмтæм æххуысмæ фæдзуры. Афтæ уыди Фыдыбæстæйы Стыр хæсты рæстæджы: æмбырд сарæзтой Цæгат Кавказы адæмтæн æмæ сæм фæсидтысты фашистты ныхмæ тохмæ. Зын уавæрæй фервæзти, зæгъгæ, уæд сæ чысылнымæц адæм æрбайрох вæййынц, иу мæтгæнæг сыл нал вæййы. Мæнæ та ныр дæр, йæ къахыл куы слæууыд...

Фæстæдæр, мæнмæ ныхасы бар куы 'рхауд, уæд мæ разæй дзурæгимæ кæмдæрты не сразы дæн:

— Нæ зонын, Уæрæсе йæ кæцы къахыл слæууыд, уый...

— Йе сæфты къахыл, — мæ ныхас мын æрдæгыл фескъуыдта Ахуырбег.

Гæртамхортæ дæр алыхуызæттæ сты. Иутæн дзы бафсис æппындæр ницæмæй ис, иннæты æхсæн та, бæрц чи зоны, ахæмтæ дæр разыны...

Йæхи рæстдзинады сæрыл хъазуатон тохгæнæг чи хуыдта, уый стыр бынатмæ бахауыныл къаддæр тохгæнæг нæ уыд æмæ хаугæ дæр бакодта. Бæрзонд къæлæтджынмæ фæндагыл цæуын тынг зын уыд, фæлæ йæ хорздзинæдтæй пайда кæныны ницавæр зындзинадыл сæмбæлд æмæ дыууæ къухæй ссивынмæ фæци. Гæртæмттæ иста æмæ иста. Æрмæст гæртамдæтджытæй иу йæ зæрдæхудты бацыд: кæд æмæ йын гæртам æрбахаста фæндзгай тумантæ. Æнæхъæн чырынгонд йæ тæккæ дзагæй. Хицау фæтарст, кæд ам мæ бон цæрын нал у, зæгъгæ, æндæр искуыдæм йæхи рарæвдз кодта æмæ дзы хатыр курынмæ 'рбацыд. Ома, хорздзинад мын ракодтай, фæлæ дын дзуапп раттын нæ бафæрæзтон æмæ зонгæйæ фæуæд, зæгъгæ. Фæлæ чырынгонд куы байгом кодта æмæ йæм фæндзгай туманты тыхтæттæ куы разындысты, уæд йæ тасæй иуцасдæр ахауд, фæлæ йæ мастыл бафтыд:

— Мæгуыргур зылдтæ æви уыцы лыстæг æхцатæ кæм æрæмбырд кодтай? Цæугæ æмæ сæ ставддæртæй баив, стæй сын ардæм æнæрбахæсгæ нæ уыди? Куыстмæ 'рбацæуæны дæм милицæ куы баджигул кодтаикккой, уæд мæн дæр нæ сæфтай æмæ дæхи дæр?! Ацу æмæ сæ ставд æхцатæй баив, стæй сæ нæ хæдзармæ бахæсс!..

«Ахæм-ма дзы гæбæр адæймаг уыдзæн! — йæхинымæр хъуыдытæ кодта гæртамæрбахæссæг. — Лыстæг æхца дæр йæ хъуыры нал цæуы, суанг, бирæ куы уой, уæд дæр. Мæ хæдзары къултæ æрдæгамадæй ныууагътон, мæ фæстаг капеччытæ йын йæ фыццаг скодтон æмæ ма дзы хъæстагæй дæр баззадтæн! Уый æмæ дын Бимбаса. Мæ хæдзар кæм æрæвæрдтон, уыцы зæххы хай мын уый радта. Гæртам цастæ фæдæттынц, уымæй мæхицæй фендджындæры бафарстон, æмæ мын цас загъта, уыйбæрц бахастон. Бимбаса сæ куы 'рнымадта, уæд мын сæ цыппæрæм хай фæстæмæ раздæхта, æгæр бирæ, дам, сты.

Куыд ын хъуамæ ферох кæнон йæ хорздзинад, мæ хæдзары къултæ æрдæгмæ уыцы 'хцаты фæрцы куы самадтон, уæд?! Æрдæбон кæмæ уыдтæн, уый дæр гæртамисæг æмæ Бимбаса дæр. Æмæ, дам, бирæгътæ иууылдæр къуыбырхъустæ сты...»

Ацы хабар мын Бицъоты Аня дзырдта. Хæсты рæстæджы, дам, нæ хъæуы сырхæфсæддонтæ цалдæр боны фесты. Иу фæссихор, дам, нæм салдат æрбатахт æмæ ме 'фсинмæ дзуры:

— Бабуся, дайте воды напиться...

Ме 'фсин Бабуца хуынди, æмæ йæ ном куы айхъуыста, уæд мæм дзуры:

— Мæ ном та мын цæмæй зоны, фыццаг хатт мæ куы уыны, уæд?

Хуымæллæджы йæ рæстæджы тыхджын адæмон театр уыди. Йæ кой йын фыццаг хатт Галазты Юрийæ фехъуыстон. Уый кæд æмæ кæд уыди! Цыппæрдæс æмæ дыууиссæдз азы размæ. Педагогон институтмæ куы бацыдтæн, уæд, институты фæстаг курсы чи ахуыр кодта, ахæм цыппар лæппуимæ иу уаты æрцардтæн. Иууылдæр, кæй

зæгъын æй хъæуы, мæнæй хистæр уыдысты. Уыдис дзы, мæнæй бирæ хистæр чи уыди, ахæм дæр — Цæголты Али, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты архайæг. Иууылдæр — математиктæ, иууылдæр диссаджы зæрдæхæлар лæппутæ. Æртыккаг уыдис Гайттаты Амырхан, уый дæр иннæты хуызæн — уæздан, хæдæфсарм лæппу. Цыппæрæмæй уый зæгъын мæ бон нæу, уымæн æмæ схъæларæзт уыд, бæрзондæй ныллæгмæ чи фæкæсы, ахæмы мын мæ зæрдыл лæууын кодта. Раст зæгъын хъæуы, ахуырмæ тынг рæвдз уыд, каст дæр цыма сырх дипломимæ фæци, афтæ мæм кæсы. Ахуыры фæстæ рухсады министрады инспекторæй дæр акуыста, фæлæ, уый фæстæ цы фæци, уымæн ницуал базыдтон, йæ кой дæр ын никуал никæмæй фехъуыстон. Диссаг цы у, йæ ном æмæ йын йæ мыггаг нал хъуыды кæнын, афтæмæй æнæхъæн афæдз иумæ фæцардыстæм. Чи зоны, йæ ном бахъуыды кæныны аккаг кæй нæ уыд, уый тыххæй мæ ферох.

О, æмæ ныхас Хуымæллæджы адæмон театры тыххæй рацыд. Юри йын йæ хабæрттæ хорз зыдта: йæхæдæг дзы сæйраг архайджытæй иу уыд. Афтæ хорз, дам-иу хъазыдысты, æмæ-иу, зæрдæриссæн нывтæ æвдыст кæм цыд, уым адæмæй бирæтæ сæ цæссыг уромын нæ фæрæзтой.

Уыцы изæр дæр, æвæццæгæн, ахæм спектакль æвдыстой. Иу лæппуйы фарсмæ цы сылгоймæгтæ бадт, уыдонæн сæ цæссыг калд. Уый уынгæйæ сыл лæппу сбустæгæнæгау кодта: «Æз мæ ныййарæг мады мардыл дæр не скæуудзынæн!»

Уыцы ныхас куыддæртæй Хъулаты Мырзабегмæ бахæццæ, æмæ, дам, «хъæбатыр» лæппуйыл куы амбæлд, уæд ын адæмы ’хсæн, цы хъуыди, уый загъта: «Дæ хуызæн чи ныййардта, ууыл æгасæй кæуын хъæуы, мардæй нæ фæлæ!»

Иу чындзæхсæвы фынгыл Дыгургомæй цалдæр лæппуимæ бадт фæдæн æмæ цыдæр æгъдауæй Бадыхъæуы кой рауад. Мæ фыды райгуырæн хъæуы ном куы айхъуыстон, уæд ныхасгæнджытæм ме ’ргом раздæхтон, уымæн æмæ, мæхæдæг кæд Бæрæгъуыны райгуырдтæн æмæ мæ царды хуыздæр бонтæ быдираг хъæуы арвыстон, уæддæр мын хæхтæ дæр зынаргъ сты, хохы та мын Бадыхъæуæй

адджындæр нæй. Бад кæм ис, уый бирæтæ зонгæ дæр нæ кæнынц. Йæ номы æмбис кæд «хъæу» у, уæддæр дзы хъæуы хуызæнæй ницуал ис. Уæвгæ та æрæнцади, Мызурыбыны астæуты Æрыдоныдоны рахиз фарс комы цыппар километры бæрц куы суайай, уæд уым. Раздæр диссаджы картоф æмæ æндæр халсартæ æмæ хортæ кæм зад, уыцы зæххытæ сзæрæстон сты, хъæд фæхстæй дæлæмæ-дæлæмæ фæцыд æмæ ма йæ быны суанг фæндæгты дæр фæкодта. Дзасохты Артъемы зындгонд дыргъдон дæр схъæддаг. Иудзырдæй, Бад, хъæуæй хъæууатмæ цы фæндæгтæ ис, уыдонæй алкæуыл дæр ацыд...

Ныхас дардыл ацæуы, фæлæ, цæмæй райдыдтон, уымæ рахизæм. Цæвиттон, мæ ног зонгæтæ, Бадыхъæуы кой кæнгæйæ, радзырдтой, уæды онг кæй никуыма фехъуыстон, ахæм хабæрттæ. Фæтцæртæ, Хъыбызтæ, Къубалтæ æмæ, дам, Сечъынатæ æрвад-æфсымæртæ сты æмæ, дам, иууылдæр рацыдысты Бадыхъæуæй.

Нæ фысджытæй ахæмтæ ис, æмæ искæуыл исты хорздзинад куы 'рцæуы, уæд цалдæр боны йæ уæлæ урс дарæс нал скæны. Сæ тæккæ хæлæггæнагдæртæ та, чингуытæ чи фыссы, кадджын ном кæмæн раттынц, преми чи райсы, уыдоны фыдгой кæнынмæ фæлæбурынц. Исчи бæзджын чиныг рауагъта, зæгъгæ, уæд ын йæ сыфтæ æмæ рæнхъытæ нымайынмæ фæвæййынц, суанг ма йын йæ уæз дæр сбарынц. Уыцы хъуыддæгтыл афтæ зæрдиагæй фæкусынц, æмæ сын сæхи уацмыстæ фыссынмæ рæстæг нал баззайы.

Кæд мын Уæрæсейы барадон кусджыты мæ зæрдыл не 'рлæууын кæнынц. Уыдон дæр æхсæвæй-бонæй нымайыны куыст кæнынц. Нымайынц, стыр хицæуттæн гæртам сæ цал проценты исы, уый. Афтæмæй та хъуамæ адæмы рæгъмæ рахæссиккой, гæртамисджытæй тæрхонгонд цалæн æрцыд, уыдоны номхыгъд, фæлæ сын ахæм «лыстæг» хъуыддæгтæн нæ хæлæггæнаг фысджытау рæстæг нал сфаг вæййы.

Бигъаты Сослæнбеджы хъæбатырдзинады кой мах рæстæгмæ дæр æрхæццæ. Бæтæхъойыхъæуккагæй ахæм ныхас фехъуыстон: «Сослæнбегæн йе знæгтæ йæ

нымæтæй дæр тæрсгæ кодтой». Æмæ уымæн цæвиттонтæ дæр æрхаста. Мæнæ уыдонæй иу.

Хъæды уыди, цуанæттæ-иу сæхи кæм баууон кодтой, ахæм хæдзаргонд. Иу бон нæ сыхаг адæмы цуанæттæ уырдæм бафтыдысты æмæ сæ зæрды уыди уым баулæфын. Сæ кæстæры рарвыстой, исчи дзы ис æви нæй, уый базоныны тыххæй.

Лæппу уайтагъд фæстæмæ удаистæй фæзынд æмæ лæфлæфгæнгæ фехъусын кодта:

– Сослæнбег уым ис, йæ нымæт дуарыл ауыгъд...

Цуанæттæ сæ бæхтыл абадтысты æмæ сæхирдæм фæцагайдтой.

Йæ мад, дам-иу ын афтæ загъта: «Сослæнбег, знæгтæ дын бирæ ис æмæ иунæгæй ма цу».

«Нана, – загъта йын иуахæм заман Сослæнбег, – тар хъæды дæр сæ нæ тæрсын, стæй тыгъд быдыры дæр. Цыппар къулы астæу мæ ма 'рцахстæуæд, æндæр мын иу знаг дæр ницы кæндзæн!»

Адæймаг цæмæй фæтæрсы, арæх ыл уый æрцæуы. Сослæнбеджы дæр йæ фыдгултæ цыппар къулы астæу æрцахстой. Æрцахстой, зæгъгæ, – йæ хæдзармæ æнафоны фæзындысты. Йæ уаты дуар ын бахостой. Бакодта сын æй. Йæ дзаумæттæ кæнынмæ куыд фездæхт, афтæ йæ дамбацайæ фехстой. Мæлæтдзаг цæф фæци, фæлæ ма уæддæр йæ марæджы ныххурх кæнын йæ бон баци.

Тыджыты Юри-иу йæ астæуы рыстæй куы хъаст кодта, уæд мæм-иу цæмæдæр гæсгæ нæ хъардта. Суанг ма мын-иу худæджы хос дæр фæци. Цæмæй мæм йæ уавæр иучысыл уæддæр бахъара, уый тыххæй-иу арæх афтæ загъта: «Йер просто мæ синтæ афтæ тынг риссынц, æмæ исчи зæхмæ сызгъæрин сом куы 'рæппарид, уæд æз уымæ не 'ргуыбыр кæнин!»

Худгæ дæр ыл-иу, ацы ныхæстæ куы загъта, уæд кодтон. Худгæ йыл кæнын, уый куы бамбæрста, уæд сæ цыма арæхдæр дзурын райдыдта, афтæ мæм-иу каст.

Худаджы хал хауаг у, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Ныр мæхи астæу афтæ риссын райдыдта, æмæ сызгъæрин сом нæ, фæлæ сызгъæрин туманмæ дæр кæд æргуыбыр кæнин, уæддæр – зынæй.

Пальчиков Владимиримæ институты иу рæстæджы æмæ иу факультеты ахуыр кодтам. Хорз лæппу у. Кæд ма, дæс æмæ æртиссæдз азæй фылдæр кæуыл рацыд, уый лæппу рахонæн ис, уæд. Мæнæн ис, æвæццæгæн, уымæн æмæ мæ карæнтæй иу иннæмæ зæронд нæ кæсы, стæй дзы ахæм йæхи хонгæ дæр ничи кæны.

Ирон адæмы бирæ кæй уарзы, уый ма хæрзæрæджы иу хатт равдыста. Гуырдзы Хуссар Ирыстонмæ куы 'рбалæбурдтой, уыцы рæстæг мæм телефонæй сдзырдта æмæ стыр хъыгзæрдæйæ дзырдта нæ адæмы хуссайраг хайы уавæры тыххæй. Уæлдай тынгдæр мæм бахъардтой, хæстон лæджы ардбахæрдау цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Куы амæлон, уæд-иу мæ ироныл нымайут!»

Институты тынг балымæн стæм. Ныр кæд арæх нал æмбæлæм, уæддæр нæ хæлардзинад нæ фæлæмæгъдæр. Иу заман Сфæлдыстадон хæдзар «Коктебель»-ы сæмбæлдыстæм. Уым нæм фæзынд чиныг рауадзыны хъуыды дæр.

Пальчиковы зæрды æрæфтыд ирон поэтты æмдзæвгæтæ уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кæнын. Хорз мæм фæкаст йæ хъуыды æмæ, куы ссыдтæн, уæд æй рауагъдады разамонджытæн бамбарын кодтон. Разыйы дзуапп мын куы радтой, уæд Пальчиков чиныгыл кусын райдыдта. Цыбыр рæстæгмæ «Нартское яблоко» (ахæм сæргондимæ рацыд æмбырдгонд) мыхуыры фæзынд. Бацыдысты йæм Малиты Васо, Ходы Камал, Хуыгаты Сергей, Хъодзаты Æхсар æмæ ацы рæнхъытæ фыссæджы æмдзæвгæтæ.

Куы зæгъын, Володя бирæ уарзы ирон адæмы, уарзы нын не 'взаг. Иу рæстæджы тынг тыхсти, Абайты Васойы «Историон-этимологон дзырдуат»-ы томтæ йæм се 'ппæт кæй нæ уыдысты, ууыл, æмæ йын, цы чингуытæ нæ фаг кодта, уыдон куы арвыстон, уæд мæ хуымæтæджы бузныг фæци.

Володя махæй сæрæндæр разынд. Институты балымæн йæхи хуызæн уæздан æмæ хæдæфсарм чызг Рудакова Любæимæ. Уыцы лымæндзинад уарзондзинадмæ рахызт æмæ, ахуыр ма кодтой, афтæмæй сæ цард баиу кодтой. Кусынмæ дæр иу ранмæ ацыдысты – Омскмæ.

Володя иронау дæр, – бынтон хорз нæ, – фæлæ зыдта. Мæскуыйы кусын куы райдыдта, уæд дæр дзы ирон æвзаг нæ ферох, ахуыр æй кодта дзырдуæттæм гæсгæ. Васойы

чингуытæ дæр ын уырдæм арвыстон. Любæйы та иронау ахуыр кæнын нæ хъуыди, уымæн æмæ Æрыдоны схъомыл æмæ æвзаг чысылæй фæстæмæ зыдта.

Фæстæдæр мын Володя дзырдта, Сыбыры, дам-иу нæм Любæимæ исты сусæг ныхасаг куы уыди, уæд, дам-иу иронау дзырдтам. Уыцы ныхæстæ хъусын мын æхсызгон куыннæ уыди, фæлæ мæм сагъæссаг хъуыдытæ дæр сæвзæрын кодтой. Тæрсын, тагъд нæ горæт дæр сыбираг горæты хуызæн куы суа æмæ дзы, сусæгæй дзурын кæй æмбæлы, уыцы ныхæстæ, уæддæр сæ ничи бамбардзæн, зæгъгæ, хъæрæй дзурæн куы уа.

Лæг фæрынчын æмæ цалдæр мæйы фæхуыссыд. Фæстинонæй йæ бинойнагимæ дохтырмæ фæцæйцыдысты, æмæ сæ размæ сæ дыууæ сыхаджы фесты. Кæрæдзийæн салам радтой, æмæ дзы алчи йæ фæндагыл ацыди. «Темырболатæн дæр йæ пловы тæф цæуы!» — иу лæг иннæмæн уыцы ныхæстæ куы дзырдта, уæд æнхъæл уыд, лæг æмæ йæ ус нæ фехъусдзысты, зæгъгæ, фæлæ йæ фехъуыстой.

Рацæй-рабон, æмæ, пловы тæф йæ фындзыл æгæр раджы кæмæн ауад, уый æваст æрбарынчын æмæ Темырболаты разæй йе 'нусон фæндагыл ацыд.

Ацы хабар мын мæ зæрдыл æндæр цау æрлæууын кодта.

Зианæй чи рацæйцыд, уыдоныл амбæлдысты уырдæм цæуджытæ.

— Зианы ахастой, кæдæм ма цæут?

— Æмæ плов дæр ахастой? — фæрæвдз и байрæджыгæнджыты къæйныхдæр.

Фæстæдæр мæ хъусыл æрцыд, пловы кой чи скодта, уый, дам, зианмæ фæндагыл машинæйы бынмæ бахауд æмæ æртыккаг бон плов кæнын йæхицæн дæр бахъуыд.

Уымæн фæзæгъынц: «Стыр ныхас хъæдбыны дæр нæ фидауы!»

Игоры проспекты нозтджынæй фендæуыд æмæ йæ рæзты цæуджытæй иу афтæ фæкодта:

— Поэттæ иууылдæр расыггæнджытæ сты!..

Игорь æй айхъуыста æмæ йын æнæахъуыдыгæнгæйæ дзуапп авæрдта:

– Фæлæ расыггæнджытæ ияуылдæр поэттæ не сты!..

Газеты куы куыстон, уæд мын иуцасдæр рæстæг, йæхицæй къуымыхдæр скæнæн нæ уыд, ахæмимæ иу уаты бадгæ 'рцыд. Йæ ус дæр æм æвваxс куыста æмæ-иу æм арæх æрбауад. Лæг æмæ ус фæрæты хъæдæй барст сты, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Æнаддæр дыууæ адæймаджы баиу уæвгæ нæ уыд.

Хæдзары цыхуызæн вæййынц, зæгъгæ, уый мæ цæстытыл куы ауад, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд Крыловы æмбисонды сæргонд: «Свинья под дубом».

Цыбырты Людвигимæ институты ахуыр кодтой, тынг хæларæй чи цард, ахæм дыууæ чызджы. Бадгæ дæр иумæ кодтой. Сæ мыггæгтæ дæр æнгæс уыдысты: Курочка æмæ Куроедова.

Иу лекцийы Курочка ахуыргæнæгмæ хъусыны бæсты æндæр цыдæртæ архайдта, æмæ йын профессор бауайдзæф кодта. Фæлæ уый ахуыргæнæджы ныхæстæ ницæмæ 'рдардта. Куы нæ уисæн кодта, уæд ын ахуыргæнæг афтæ:

– Курочка, дæ фарсмæ Куроедова кæй бады, уый дæ зæрдыл дар, конспект фыссын райдай, кæннод дыл æй сардаудзынæн, æмæ дæ хъуыддаг хорз нæ уыдзæн.

Уидыгæй хæргæ уæлибæх.

Ис ахæм уæлибæх дæр. Тынг цыхтджын чи вæййы, ахæм уæлибæхæй фæзæгъынц уидыгæй хæргæ.

Мæ бинойнаджы мадæй йæ фехъуыстон.

Радиойы фонотекæйы музыкалон бакастытæ дзæвгар ис. Рæстæгæй-рæстæгмæ сын фехъусæн вæййы. Бацæттæ сæ кодтой зындгонд журналисттæ æмæ музыкæиртасджытæ. Иуæй дзы ссардтой Имре Кальманы ном æмæ хуыйны «Волшебник из Шиофока».

Шиофокы горæт ис Венгрийы Балатоны цады тæккæ былгæрон. Æз Венгрийы уыдтæн æмæ федтон, зындгонд композитор кæм райгуырд, уыцы дзæнæты хуызæн рæсугъд бынæттæ. Фæлæ ныхас радиобакаст расайдта. Чидæр фæрæдыд æмæ Шиофокы бæсты ныффыста Шиофон. Цалдæр хатты йæ радиойы программæты газетты ныммыхуыр кодтой «Волшебник из Шиофона». Алы хатт дæр-иу радиомæ бадзырдтон æмæ сæ куырдтон, цæмæй сæ рæдыд сраст кæной. Зæрдæ мын-иу бавæрдтой, фæлæ сæ ныхас никуы сæххæст кодтой. Фæстаг хатт ма йæ рæдыдимæ куы рауагъ-той, уæд радиойы кусæгмæ бадзырдтон – ацы хатт сæ хи-цæуттæй иумæ – æмæ йын мæ хъаст ракодтон.

Хицаугонд мын бузныг зæгъыны бæсты уайдзæфтæ кæнынмæ фæци. Хъыг ын уыд, йæ рæдыд ын кæй бафиппайдтон, уый. Ноджы хъыгдæр та йын уыди, уыцы горæты кæй уыдтæн, уый фехъусын æмæ йæ ныхас фæци ахæм ныхæстæй:

– Ды дæр кæм нæ уыдтæ, ахæм дын нал баззад!..

Ацу, æмæ ахæм адæмимæ дзур!

Хæлæрттæ мын бирæ ис, фæлæ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр чи у, цыфæнды зын раны дæр мæ фарсмæ ’ рбалæуудзæн, зæгъгæ, ныфсджын кæмæй дæн, уыдон афтæ бирæ не сты. Гъе æмæ уыцы æмбæлттæй иуæн йæ куыстмæ бауадтæн. Кæрæдзиуыл, кæй зæгъын æй хъæуы, бацин кодтам. Зæрдиаг ныхæстæй фæсте бирæ нал ныууагъ-там, афтæ цæуынмæ рахъавыдтæн. Фысым къæсæрмæ мæ фæдыл рацыд æмæ хатыркурæджы хъæлæсæй сдзырдта:

– Фынджы уæлхъус дæр абадтаикказм, фæлæ ды, иуæй, нуазгæ нæ кæныс, иннæмæй та мæм нозт нæй...

Нæ дыууæйыл дæр худæг бахæцыд...

Плиты Хадойы уæд йеддæмæ мæстыйæ никуы федтон. Уыд фæззыгон райдзаст бон. Октябры æмбисы иуæй-иу хатт мит дæр рауары, фæлæ уæд, Къостайы гуырæн бон, арвыл иу мигъы цъупп дæр нæ уыд. Проспекты фæцæйцыдтæн æмæ Хадойы универмаджы цур лæугæ ауыдтон. Йæ цурмæ бацыдтæн, салам ын радтон.

– Цæрæнбонты рувæстимæ фæцардтæн!.. – загъта, мæн ауынгæйæ.

Цы кæныс, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд йæ мæстытæ радзырдта. Уæлдæр куы загътон, Къостайы гуырæн бон уыди, зæгъгæ. Хъуамæ уыцы райсом фысджытæ къордæй ацыдаиккой Нармæ, уыдонимæ Хадо дæр. Кæдæм загътой, уырдæм афоныл æрбацыд, фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй Хадойы ныууагътой, æмæ куыннæ хъуамæ смæсты уыдаид!

– Цæрæнбонты рувæстимæ фæцардтæн! – ногæй та схæлбурцъ кодта Хадойы маст, æмæ ма йæ ныхæстæм бафтыдта: «Абонæй фæстæмæ сæм хæстæг нал бацæудзынæн!..»

Дзæвгар азтæ зыдтон Хадойы, фæлæ, куы зæгъын, уæд йеддæмæ йæ мæстыйæ никуы федтон.

Фысджытæ дæр алыхуызæттæ сты. Заманхъуйлаг мын ахæм хабар радзырдта. Иу фыссæджы, дам, фæрсынц: «Цæй тыххæй фыссыс?» Ныхасгæнджытæ уынджы лæууыдысты, æмæ уыцы рæстæг сæ рæзты æрбацæйтахт, йæ фарсыл «Дзул» фыст кæмæн уыд, ахæм машинæ, æмæ, дам, фыссæг,къухæй машинæмæ ацамонгæйæ, афтæ фæкодта: «Уæртæ уый тыххæй!»

Фыссæг йæ дзыхæй ахæм ныхæстæ суадздзæн, уый æнхъæл никуы уыдтæн. Уæвгæ, къæбæры тыххæй чи фыссы, уымæй цæй фыссæг и?!

Партийы обкомы куы куыстон, уæд иу уаты бадтæн Ганночка Верæимæ. Йемæ зонгæ куы нæма уыдтæн, уæд мын дзы ахæм хабар дзырдæуыд. Куысты фæдыл газет «Молодой коммунист»-ы редактормæ цæйдæр тыххæй ныдздзырдта æмæ йын йæхи бацамыдта, Ганночкæ дзуры, зæгъгæ. Редактормæ, Галочкæ, зæгъгæ, фехъуыст æмæ, æвæццæгæн, йæ чызг-зонгæтæй исчи афтæ хуынди æмæ йыл, Верæ куыд æнхъæл нæ уыд, ахæм цин куы бакодта, уæд та йын дыккаг хатт йæ мыггаг загъта, стæй, кæцæй дзуры, уый дæр æмæ æппынфæстаг кæрæдзийы бамбæрстой.

О, æмæ уыцы Ганночкайæн йæ чызгон мыггаг уыди Копейкина. Йæ фыд куыста партийы Стъараполы крайкомы, Суслов Михаил дзы фыццаг секретарь куы уыди,

уыцы рæстæг. Æхцаимæ баст мыггæгтæ ма дзы уыди наджыдæр дыууæ – Рублев æмæ Миллионщиков. Иу хатт, дам, иу æмбырды Суслов афтæ зæгъы, тагъд, дам, нын нæ крайком монетный двор хонын райдайдзысты.

Нæхимæ, Ирыстоны, та ахæм хабар фехъуыстон. Партийы обкомы дыккаг секретарæй куыста Черный Василий. Йæхи йын нæ зыдтон, фæлæ йæ чызг Лерæимæ институты иу рæстæджы ахуыр кодтам. Æрмæст уый мæнæй иу курс дæлдæр уыд. Ракуырдта йæ Битарты Руслан. Хæрзæгъдау чызг уыди. Мæскуыйы куы ахуыр кодтон, уæд сæхимæ дæр сæмбæлдтæн. Руслан кандидаты диссертаци куы бахъахъхъæдта, уæд нæ ’рбахуыдтой. Фæлæ ныхас йæ фыды тыххæй рауад.

Тынг дзы æппæлыдысты, чи йæ зыдта, уыдон. Ирон адæм йæ зæрдæмæ хæстæг кæй уыдысты, уый равдыста, ам куы нал куыста, уæд дæр. Тамбовы-иу æм – уым, æнхъæлдæн, облæххæсткомы сæрдарæй куыста – ирыстойнæгтæй исчи æххуысмæ куы бацыд, уæд æм уазал цæстæй никуы ракаст.

Ирыстоны йæ обкомы дыккаг секретарæй куы равзæрстой, уæд йæ бæрны уыдысты хъæууон хæдзарады хъуыддæгтæ, æмæ колхозтæ æмæ совхозты куыстимæ зонгæ кодта. Ацыди Мæздæджы районмæ дæр. Кæцы колхоз уыди, уый бæлвырддзинæдтæ нæ зонын, фæлæ, дам, йæ сæрдаримæ куы зонгæ кодта, уæд ын, йæ къух исгæйæ, йæхи мыггаг загъта:

– Черный!

Сæрдар дæр ын йæхи бацамыдта:

– Белый!

Куыд рабæрæг, афтæмæй колхозы сæрдарæн йæ мыггаг æцæгдæр Белый уыд.

«Мæрдты, дам, ницы ис! – дзырдта мын уæлмæрдты кусæг. – Ау, мæхи къухæй кæй баныгæдтон, уыдон дæр дзы не сты?!»

Дыууæ ’фсымæрæй хистæр алы зианмæ дæр цыд, кæстæр та – нæ. Хистæр ын бауайдзæф кодта:

– Зианмæ цу, кæннод дын дæхи мардмæ дæр ничи ’рцæудзæн.

– Уый дæ мардмæ ничи ’рцæудзæн, – дзуапп ын радта кæстæр, – фæлæ, æз куы амæлон, уæд мæм дæу æфсæрмæй æрцæудзысты, ды куы амæлай, уæд дæм мæн тыххæй ничи ’рцæудзæн.

Мæ зæрдыл æндæр æмбисонд æрлæууыд. Ældарæн йæ хæрæг амард, æмæ хъæуы адæм базмæлыдысты. Бирæ адæм æрцыд æндæр хъæутæй дæр, фæлæ æлдар йæхæдæг куы амард, уæд æм ничиуал æрцыд.

Адæймаджы сæрымагъз диссаджы конд у. Къорд хаттæй фылдæр цы хабæрттæ фехъусы, уыдонæн сæ фылдæр ферох вæййынц, фæлæ æнæнхъæлæджы цы айхъусы, уый хаттæй-хатт цæрæнбонты йæ зæрдыл бадары.

Дæсгай азты размæ Мæскуыйы радиойæ бакаст уыди диссаджы лирикон поэт Уткин Иосифы тыххæй. Уый канд хорз поэт нæ уыди, фæлæ æнæкæрон бирæ уарзта йæ райгуырæн бæстæ, хъæбатырæй хæцыд немыцаг фашистты ныхмæ. Тохы быдыры ахаудысты йæ рахиз къухы æнгуылдзтæ, фæлæ та афтæмæй дæр хæсты цæхæры смидæг. Фæмард авиацион фыдбылызы.

О, æмæ уыцы радиобакасты дзырдта, операци йын цы дохтыр кодта, уый. Йæ ныхæстæй йын мæ зæрдыл бадардтон æрмæстдæр иу хъуыдыйад: «Я его режу, а он мне стихи читает...»

Мæхæмæтты Ахуырбегимæ арæх не ’мбæлæм, фæлæ чындзæхсæв кæнæ æндæр циндзинады куы баиу вæййæм, уæд мын йæ галстук æнæбалæваргæнгæ нæ фæвæййы. Алы фынгтыл бадгæ нын куы рауайы, уæддæр мын йæ лæвар атухы æмæ мæм æй фæхæццæ кæны. Уыимæ ивуылдæр вæййынц ног æмæ рæсугъд.

Фæстаг хатт ма мын галстук куы балæвар кодта, уæд нæ цуры бирæ зонгæтæ лæууыд, æмæ йын арфæ ракæныны бæсты уыдоны цур загътон:

– Рæсугъд галстуктæ æлхæнын алчидæр зоны, фæлæ рæсугъд галстуктæ лæвар кæнынмæ Ахуырбегæй дæсныдæр исчи разына, уый æнхъæл нæ дæн.

Иу тызмæг чырыстонхъæуккаг хæстмæ куы цыди, уæд йæ ус афтæ:

– Мæгуыры бон бакодта уыцы Гитлерыл, нæ лæг йæ гæрзтæ кæмæ рабаста!..

Мæ куыдз йæ фаджысмæ басмудгæйæ дæр зæрдæхъæрмттæ кæмæн кодта, уый дæр ныр бæрзондæй ныллæгмæ кæсын райдыдта.

Чъынды лæг-иу Бынатæхсæв (Хæйрæджыты ’хсæв) гал æргæвста, цæмæй дзы, нæфæтчиаг у, зæгъгæ, макæмæн ратта.

– Абон райсомæй куы райхъал дæн, – загъта мын Камал, Терчы был тезгъо кæнгæйæ, – уæд уæлгоммæ хуысгæйæ мæ зæрдыл æрлæууыдысты Дзæрæхы ныхæстæ: «Æз иронау ныффыстон дыууадæс чиныджы», æмæ æрхъуыды кодтон ахæм цыппаррæнхъон:

Хъæдласæн рагъыл хохаг æркодта дыууадæс цæды
Иу цæды хуызæн.
Ирон æвзагæн Дзæрæх ныккодта дыууадæс цæфы
Иу цæфы хуызæн.

Уыцы рæнхъытæ куы радзырдта, уæд ын загътон:

– Уæллæй, Камал, ды уæлгоммæ хуысгæйæ дæр дæлгоммæ ныхæстæ кæнын нæ зоныс.

Цыбырты Людвиг, йæ чызджы лæппу æмæ йæ фырты чызг уæлдæр скъолатæм кæй бахаудысты, уый тыххæй æртæ чъирийы куы скодта, уæд фынджы уæлхъус Людвиджы æмбæлттæ цалдæрæй бадтыстæм æмæ хъазгæ ’мæ худгæйæ рæстæг æрвыстам. Иу заман Къаболаты Солтан Дзидзойты Валеримæ цыдæр хъазæн ныхас баппæрста. Æз ын йæ зæрдыл æрлæууын кодтон, Валери канд профессор æмæ наукæты доктор кæй нæу, фæлæ ма спорты мастер дæр кæй у.

– Кæцы хуызæй? – худæнбылæй мæ афарста Солтан.
– Уæгъдибар хъæбысхæстæй.
– Æз та дугъы уайынæй дæн спорты мастер æмæ дзы куыд хъуамæ фæтæрсон? Мæ къæхты руаджы æз цыфæнды богалæй дæр мæхи бахъахъхъæнын базондзынæн...

Туырдзы 2008 азы 8-æм августы æмбисæхсæв Хуссар Ирыстонмæ куы балæбурдтой, уæд сæ инæлæрттæй иу афтæ загъта:
– Ирæтты цы хъуыди, уый райстой!
Фæлæ сыл уырыссæгтæ ирæттимæ куы ахæцыдысты, уæд мысты хуынкъ туманæй агуырдтой. Лыгъдысты, сæ сæр, сæ фат нал æмбæрста, афтæмæй. Цы хæцæнгæрзтимæ 'рбацыдысты, уыдонæй бирæтæй иу гæрах дæр нæ фæкодтой, афтæмæй сæ уагътой уынгтæ æмæ фæндæгтыл.
Цыбыр ныхасæй, гуырдзиæгтæ, цы нæ сæ хъуыди, уый райстой.

Хæрзиуæг, кæмæн æмбæлы, уымæн куы раттынц, уæд дзы, раттын æй кæмæн нæ фембæлы, уыдоны бафхæрынц.

Халон йæ базыртæ сæрибарæй никуы айтындзы. Цæргæс – о! Сырддонцъиу – нæ! Зæрватыкк – о!
Чи зоны, рæдийын, фæлæ мæнмæ афтæ кæсы.

Дыууæ адæмыхатты минæвары фæбыцæу сты: иу дæр афтæ зæгъы, махмæ телефон раздæр фæзынд, иннæ дæр. Фыццаг загъта: «Нæ археологтæ цалдæр мæйы зæхх фæкъахтой æмæ, дыууæ километры æрфæнмæ куы ныххæццæ сты, уæд дзы ссардтой, йæ дæргъ цалдæр метры кæмæн уыд, ахæм тел. Уый цæуыл дзурæг у? Уый дзуры, нæ дард фыдæлтæм телты фæрцы бастдзинад кæй уыд».
Дыккаг дæр дзыхъхъылæуд нæ разынд: «Нæ археологтæ зæхх уымæй бирæ фылдæр рæстæг фæкъахтой. Дæс километры æрфæнмæ ныххæццæ сты, фæлæ дзы телæн йæ

кой дæр нæ разынд. Уый цæуыл дзурæг у? Уый дзуры ууыл, æмæ нæ рагфыдæлтæ пайда кодтой, тел кæм нæ хъуыд, ахæм бастдзинадæй!»

Фыццаджы нæ фæндыд састы бынаты баззайын æмæ фыссынадмæ рахызт: «Уый хыгъд махмæ фыссынад бирæ раздæр фæзынд...» Æмæ æрхаста бæлвырд æвдисæндартæ. Дыккаг-иу ын йæ ныхмæ æрæвæрдта, уыдоны фыссынад рагондæр кæй у, ахæм уырнинаг хабæрттæ. Уыцы быцæуы ирон куы архайдтаид, уæд сын сæ нымæцтæ æмæ æнустæ Сырдоны фæрцы фæбынæй кодтаид...

Сырдон мæгуыр лæг уыди æмæ бирæ кæмæйдæрты хæстæ райста. Мæгуыр Сырдон йеддæмæ бирæ чидæртæ уыди, фæлæ уый хуызæн хæстæ бирæ нæ истой, стæй-иу куы райстой, уæд-иу сæ фидгæ дæр бакодтой. Сырдон та хæстæ иста, фæлæ сæ фидгæ нæ кодта, уымæн æмæ йæ зæрдæ дардта йæ хиндзинадыл. Хæстæ кæмæй дардта, уыдон æм радыгай цæуын райдыдтой æмæ дзы домдтой, цæмæй йæ хæстæ бафида. Æгæр-æгæр куы кодтой, уæд Сырдон йæ дуарыл ныффыста: «Хæстæ фиддзынæн райсом».

Куы-иу æм æрцыдысты, уæд-иу сын дуары фыстмæ ацамыдта.

«Уыдон дæр-иу бацин кодтой, æгайтма нын не 'хца райсом дæтты, зæгъгæ. Афтæмæй йæм нал дзырдтой, фæлæ-иу æм æрцыдысты се 'хцамæ æмæ-иу дуарыл фыст куы федтой, уæд та-иу фæстæмæ аздæхтысты... Райсом-райсомæн кæрон куы нал уыди, хъæздгуытæ куы бафæлладысты Сырдонмæ цæуынæй, уæд ын хæстæ дæр ныууагътой».

Æмæ афтæ куы фæзæгъынц, фыссынад нæм XVIII æнусы кæрон, кæнæ XII æнусы, фæзынд, зæгъгæ, уæд-иу, Сырдоны дуарыл цы фыст уыди, ууыл ахъуыды кæнæнт. Стæй – уæлдæр цы быцæугæнджыты кой кодтам, уыдонæй дæр-иу, фыссынадыл дзургæйæ, Сырдон рох ма уæд, уымæн æмæ, Нарты фыдбылыз куы царди, уæд иннæ адæмтæ дзырд «фыссынад» хъусгæ дæр никуы фæкодтой.

Хæбæлоты Билар йæ мысинæгты Плиты Иссæйы тыххæй ахæм хабар радзырдта. Фæлæ уал уымæй размæ цалдæр ныхасы.

60-æм азты райдайæны Карибы кризис куы сæвзæрд, уæд Советон хицауады уынаффæмæ гæсгæ уырдæм æрвыст æрцыд нæ номдзыд æмзæххон. Хистæр фæлтæр хорз хъуыды кæны, адæмы сæфтмæ чи 'ркодтаид, ахæм хæст райдайынæй куыд тæссаг уыд, уый. Кубæйы уæвгæйæ, ядерон цæппæр уыдис Иссæйы къухы, фæлæ фæуæлахиз Советон Цæдис æмæ Америчы Иугонд Штатты уæззау зондылхæст разамонджыты иумæйаг хъуыды.

Иссæ Кубæйæ куы 'рбаздæхт, уæд Биларимæ фембæлд ССР Цæдисы Сæйраг Советы сессийы – дыууæйæ дæр депутаттæ уыдысты. «Иу æмбырдмæ, – дзуры Билар, – Иссæ не 'рбацыд. Сахаты бæрц рацыдаид, афтæ фæзынд. Цæмæн байрæджы кодтай, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд йæ дзыппæй систа, цыдæртæ тыхт кæм уыд, ахæм къухмæрзæн æмæ мæм æй радта. Райхæлдтон æй æмæ дзы – Ленины дыууæ ордены. «Кæм дын уыдысты?» – бафарстон æй æз. Уый, йæ мидбылты бахудгæйæ, загъта: «Дыууæ ордены дæр мын ныртæккæ радта Микоян. Иу – 60 азы мыл кæй сæххæст, уый тыххæй, иннæ та – Советон хицауады сæрмагонд хæс æнтыстджынæй кæй сæххæст кодтон, уый тыххæй».

Ацы хабæрттæ газеты мыхуыргонд куы 'рцыдысты, уый дыккаг бон райсомæй Терчы был сæмбæлдтæн, иумæ кæимæ фæтезгъо кæнын, уыдонимæ: Хуытиты Таймураз, Цыбырты Людвиг æмæ Ходы Камалимæ.

Хуытиты Таймураз сарæзта бирæ хорз хъуыддæгтæ, хъæды хæдзарады министр куы уыди, æрмæст уæд нæ, фæлæ уый размæ æмæ уый фæстæ дæр. Зæгъынæн æгъгъæд у, Ленины ордентæ йæм дыууæ кæй ис, уый дæр. Уæдæ Цыбырты Людвиг æмæ Ходы Камал дæр зындгонд лæгтæ сты, Ирыстонæн бирæ хорздзинæдты кæй бацыдысты, уымæй. Нæ дзуринæгты сæр уыцы бон, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдысты Билары мысинæгтæ. Æхсызгон нын куыд нæ уыдаид, раджы чи 'рцыд, фæлæ мах æрæджиау кæй базыдтам, уыцы хабар фехъусын. Уымæй размæ ма иу бон Ленины ордентæ дыууæ исчи райстаид, уый, æвæццæгæн, зын зæгъæн у, æмæ мæ сæры февзæрд æнахуыр хъуыды æмæ йæ ме 'мбæлттæн дæр загътон: «Плиты Иссæ Ленины ордентæ дыууæ иу бон райста, Хуытиты Таймураз – цалдæр азмæ, æз, Людвиг æмæ Камал та йæ æппындæр никуыуал райсдзыстæм».

Хъайтыхъты Геор искæмæн циндзинад æрхæссын, ахудын æй кæнын, йæ зындзинæдтæ рæстæгмæ кæй фæрцы ферох уой, ахæм ныхас зæгъын йæ уд-йæ дзæцц хуыдта. Æмæ æдзухдæр уымæ тырныдта. Кæуылфæнды ма амбæлдаид – суанг æнæзонгæйыл дæр – æнæмæнг-иу æй бахудын кодта.

Иуахæмы та мыл амбæлд, æмæ нæм цæмæдæр гæсгæ хæсты кой рауад. Геор та хæсты архайæг уыд. Уырдыгæй хæрзиуджытимæ ссыд. О, æмæ мын, хæсты хабæрттæ дзургæйæ, афтæ куы бакæнид: «Афонмæ дæр ма хæст цæуид, æз дзы куы нæ архайдтаин, уæд».

Журналистты фæрстытæн бирæ хæттыты дзуæппытæ лæвæрдтон, фæлæ мæ дзы афтæ никуы ничи бафарста, дæхæдæг дæхимæ цавæр фарст раттис, зæгъгæ. Ныронг уыцы хъуыды мæхи зæрды дæр никуы 'рæфтыд, фæлæ æрæгæй фæстæмæ мæ сæрæй нал хицæн кæны. Цалдæр мæйы размæ иу анекдот фехъуыстон æмæ мæ цæмæндæр гæсгæ бафæндыд, исчи мæ афтæ куы бафæрсид, дæ тæккæ уарзондæр анекдот цавæр у, зæгъгæ, уæд ын æй тынг зæрдиагæй радзурин. Фæлæ тæрсын, ахæм фарст раттæг мæм куы нæ фæуа, уымæй æмæ йæ мæхæдæг мæхимæ дæттын.

Уæдæ афтæ: ныронг цы анекдоттæ фехъуыстон, уыдонæй мæм æппæты хуыздæр иу фæкаст æмæ йæ сымахæн дæр дзурын.

Цæвиттон, ацы хъуыддагыл бирæ азтæ рацыд. Советон Цæдисы Коммунистон партийы Центрон Комитеты (СЦКП-йы ЦК-йы барæй нæ ныффыстон, ныры фæлтæры чиныгкæсджытæ вазыгджын цыбыргонд дзырд райхалын куы нæ базоной, уымæй тæрсын) Генералон секретарь Хрущев Никитæ куы уыд, уæд чидæр фæйнæгæй конд быруйыл ныффыста: «Хрущев – дурак!» Йæ ныффыссæджы куы базыдтой, уæд ын стæрхон кодтой иуæндæс азы. Афæдз, дам, ын радтой, паддзахадон исбонмæ кæй фæныхылдта, уый тыххæй, дæс азы та – паддзахадон сусæгдзинад кæй раргом кодта, уый тыххæй.

Адæймаг цы нæ диссаг фехъусдзæн, ахæм нæй. Уый раджы уыди, цы æмбырды кой ракæнынмæ хъавын, уымæй зæгъын. Раджы куы нæ уыдаид, уæд дзы

мæхæдæг дæр архайдтаин æмæ хабар искæмæй не 'рыхъуыстаин.

Цæвиттон, фысджытæ сæхицæн æвзæрстой сæрдар. Хъуамæ цалдæрæй иуы хал схаудаид. Раздæр сæрдар чи уыд, уый дæр, сусæгæй кæуыл хъæлæс кодтаиккой, уыдоны номхыгъды уыд, æмæ йæ зæрдæ дардта, ног та йæ кæй равзардзысты, ууыл. Фæлæ уыдис æндæрхуызон хъуыдыгæнджытæ дæр. Уыдонæй уыди, раздæры сæрдарæй ручкæ чи ракуырдта, уыцы фыссæг дæр. Æмæ дзы æрмæст ручкæ куы ракуырдтаид, фæлæ, дам, мæм дæ фæсонтæ дæр æрбадар, æмæ, кæй ныхмæ дæн, уый ныххахх кæнон. Сæххæст ын кодта йæ фæндон, уымæн æмæ йæ зæрдæ дардта, уый нæ, фæлæ æндæр искæй кæй хахх кæндзæн, ууыл. Фæлæ фæрæдыди: фыссæг ын йæхи ручкæйæ йæхи фæсонтыл йæхи ахахх кодта...

Æмæ, дам, мæсыг йæхи дурæй нæ хæлы!..

Не 'взагыл бирæ сæдæгай азтæ цæуы, фæлæ сæдæгай æвзæгты хал нæ ахордта. Æрдæгфæндагыл нæ баззад. Нæ фæтарст дзыхъхъытæ 'мæ къуыппытæй, ницæмæ 'рдардта донивылдтæ æмæ æвирхъау хæстытæ. Ахызт æппæт цæлхдурты сæрты дæр æмæ æрхæццæ мах онг.

Фыссынад нæм нæ уыд. Уæвгæ, нарты кадджытæ кæсгæйæ, уый зæгъæн нæй. Уыдис фыссынад нартæм. Сырдон, хæстæ кæмæй дардта, уыдоныл, йæ дуарыл цы ныхæстæ ныффыста, хæстæ фиддзынæн райсом, зæгъгæ, уый руаджы куы фæуæлахиз. Фæлæ уый Сырдоны рæстæг уыд. Сырдон, нарт куыд фесæфтысты, афтæ фесæфт, фесæфт сæ фыссынад дæр. Нæ фесæфтысты æрмæст сæ кад æмæ намыс, се 'гъдæуттæ æмæ фарн, æппæты фыццаг та сæ диссаджы æвзаг. Æмæ, куы зæгъын, æрхæццæ мах онг, фыссынад нæм куы фæзынд, чингуытæ, газеттæ æмæ журналтæ нæхи 'взагыл куы мыхуыр кæнæм, уыцы рæстæджы онг, фæлæ не 'взаджы уавæр фыддæр йеддæмæ хуыздæр нæ фæци. Дзургæ йыл куы кодтой, уæд нæ фесæфт, фыссынад нæм куы фæзынд, уæд та йын сæфынæй тæрсæм.

Мæхинымæр хъуыдыты куы ацæуын, уæд мæм хатгай дзурынад фыссынадæй хуыздæр кæсын райдайы. Фыссынады дуджы не 'взаг фесæфыны бæсты фæлтау фыссынад

фесæфæд, не ’взаг та æгасæй баззайæд. Æппæтæй хуыздæр та – не ’взаг фыссынады дуджы тыхджынæй-тыхджындæр кæнæд!

Дарвины теоримæ гæсгæ адæймаджы фыдæлтæ маймулитæ уыдысты. Æз быцæу никæимæ кæнын, фæлæ мын ацы «сæрибар» дуджы мæ хъуыды зæгъыны бар ма уа, уый никæй бауырндзæн æмæ йæ зæгъын: не ’ууæндын, мæ фыдæлтæ маймулитæ уыдаиккой, ууыл. Раст зæгъын хъæуы, хатгай дызæрдыджы ахæсты дæр бахауын. Цыма нæ миниуджытæй кæцыдæрты иудзинад ис, афтæ мæм фæкæсы. Зæгъæм, цымыдисдзинад. Иуæй-иу адæймæгтæй фæзæгъынц: маймулийæ цымыдисдæр у. Уæвгæ, къамбецы рæуæдæй тæргайгæнагдæр у, зæгъгæ, дæр кæмæйдæрты фæзæгъынц, фæлæ æрмæст уыцы иу миниуæгмæ гæсгæ адæймаджы къамбецæй равзæргæ рахонын цас раст уаид?..

Ныхас цымыдисдзинад ракъахта æмæ йæ дарддæр ахæццæ кæнæм. Вæййы, кæй зæгъын æй хъæуы, цымыдис адæймæгтæ. Ахæмтæ, æмæ цыфæнды маймулийæн дæр йæ фындз амæрздзысты...

Партийы райкомтæй иуы æфснайæг тынг цымыдис сылгоймаг уыди. Уыимæ йæ цымыдисдзинад цы ран нæ равдыстаид, ахæм ын нæ уыд. Райкомы хъуыддæгтæй йæ алкæцыйы дæр архайын фæндыд, фæлæ йын ахæм фадæттæ кæй нæ уыд, уымæ гæсгæ тырныдта, хабæрттæй, цас гæнæн ис, уыйбæрц фылдæр фехъусынмæ æмæ йын уыцы хъуыддаджы æнтысгæ дæр чысыл нæ кодта.

Иуахæмы та райкомы уæнгтæ æрæмбырд сты, бирæ организацион фарстытæ кæм лыг кодтой, ахæм пленуммæ. Сылгоймаджы хъустыл дын ахæм хабар æрцæуа! Йе ’фснаинæгтæ барæй ныддæргъвæтин кодта, хъуамæ базыдтаид, йæ куыстæй кæй систой – кæйты хъуамæ систаиккой, уый дæр кæйдæр ныхæстæм гæсгæ зыдта, фæлæ йæ фæндыди сæ бæлвырддзинад сбæрæг кæнын, – стæй сын сæ бæсты кæй сæвæрдтой æмæ афтæ дарддæр.

Рæстæг цыди, фæлæ пленум фæуынвæнд нæма кодта. Æхсæвæр афонæй дзæвгар фæивгъуыдта, уæддæр боны фæткы фарстытæн се ’рдæгмæ дæр каст нæма ’рцыд. Сылгоймаг сагъæсы бацыд. Ныхæстæ цæуыл ахицæн

уыдзысты, уый базонын дæр æй фæндыд, йæ хъуццытæ æнæдыгъд кæй сты, уый дæр æй тыхсын кодта, бинонты æхсæвæры сагъæс дæр æй уыд æмæ уыцы нæвæндонæй сæхимæ араст.

Дыккаг райсом сæумæцъæхæй куысты балæууыд. Дуармæ фыццаг секретары шофыр машинæйы бадт, æмæ йæ сонт фарст акодта:

– Цæй, дысон цы баисты?

– Æз æмæ ды нæ бынæтты баззадыстæм! – дзуапп ын радта шофыр.

Людвигимæ зымæгон райсом Терчы былты фæцæуæм. Уæдмæ Хуытиты Таймураз, гимнастикæ кæм фæкæнæм, уырдыгæй раздæхт. Людвиг дæр йемæ фæцæуæг. Æз дарддæр ацыдтæн. Бон цъæхтæ кæнын райдыдта, æмæ мæм сисрæбынæй дыууæ гæххæтты разынд. Систон сæ. Иу дзы уыди туман, иннæ дæр мæм ахæмы хуызæн фæкаст æмæ сæ мæ дзыппы нывæрдтон. Куы 'рбарухс, уæд ма сæм иу хатт æркастæн, æмæ иннæ гæххæтт туман нæ, фæлæ дæс туманы разынд.

Дыккаг бон спортивон асинтыл бæрзонд схызтæн æмæ бынмæ ме 'мбæлттæм дзурын:

– Ацы æртæ боны æхца куы нæ ссарон, уæд æз Терчы былмæ нал рацæудзынæн!..

Æртыккаг бон нæ къабæзтæивазæн бынатмæ не 'ппæтæй раздæр фæзынд Камал. Йæ цуры æрлæууыдтæн, салам ын радтон æмæ, гимнастикæ кæнын райдайынмæ куы хъавыдтæн, уæд кæсын, æмæ Камалæй чысыл æддæдæр – æхцайы гуцъула.

– Терчы былмæ мæ цæуын нæ ныууадздзынæн, – дзурын Камалмæ æмæ зæхмæ æхцатæм ацамыдтон.

– Дæхæдæг сæ æрæппæрстай, – æхцаты 'рдæм фæзилгæйæ, загъта Камал.

Æхцатæ фелвæстон. Фæззыгон æхсæвы халасæй æрдæгхуылыдз уыдысты æмæ сæ Камалмæ æвдисгæйæ дзурын:

– Се 'ртæх куы нæма басур, куыд сæ 'рæппæрстон мæхæдæг?!

Кæддæр Югославийы балцы уыдтæн. Цынæ хъылма дзы мыхуыр кодтой, – уæлдайдæр журналты, – ахæм нæ уыд. Бæгънæг сылгоймæгтæ алы хуызты...

Кæй зæгъын æй хъæуы, Советон Цæдисмæ ласын сæ нæ уагътой. Кæмæ-иу сæ ссардтой, уымæн-иу сæ арæныл байстой. Ныр раздæры Югославийы зæххыл цы паддзахæдтæ фæзынд, уым уавæр куыд у, уый нæ зонын, фæлæ тæрсын, уырдыгæй ардæм нæ, фæлæ ардыгæй уырдæм «халæн» æрмæг ласын куынæуал уадзой, уымæй.

Кæмалы æфсымæр Беслæн Дард Скæсæны денджызон флоты службæ кодта æмæ йæ иу писмойы фыста: «Лæг куы ату кæны, уæд зæхмæ салдæй æрхауы. Знон нæм уыйбæрц мит æруарыд, æмæ йыл сырддонцъиу уæлгоммæ куы схуыссид, уæд йæ къæхтæ арвыл ныдзæвиккой».

Диссаджы дыууæ фæлгонцы. Цæстытыл нывгондау уайынц.

Ахæм фысджытæ ис, æмæ йе 'ппæт сфæлдыстады иу ахæм фæлгонц не ссардзынæ.

Институтмæ чи цыди, иу ахæм лæппуйы ныййарджытæ ректормæ – хæстæг сын æййæфта – хатæг бацыдысты, нæ кæстæры нын институтмæ райс, зæгъгæ. Уый сын загъта:

– Райсыны тыххæй уын ницы зæрдæ 'вæрын, фæлæ йын стипенди раттын кæндзынæн.

Бæгæныуæйгæнæг денджызмæ фыццаг хатт ацыд. Æвзæр рæстæг скодта. Бæрзонд уылæнтæ былгæронмæ лæбурдтой æмæ лæбурдтой. Уæйгæнæг ахæм ныв уый размæ никуы федта æмæ йæхицæн дзурæгау загъта:

– Уыйбæрц фынчытæ дзæгъæлы сæфæнт!..

Фынчытæн нæ зонын, фæлæ æз мæ царды дзæгъæлы цæйбæрц бонтæ фесæфтон, ууыл куы ахъуыды кæнын, уæд мæ фæсмонæн кæрон нал вæййы.

Зæнджиаты Дæгка рауагъдады директорæй куыста. Мæ къухфыст сæм бахастон æмæ, цы баци, зæгъгæ, цасдæр рæстæджы фæстæ рауагъдады разамонæгмæ бацыдтæн. Загъта мын æй, кæмæ бахауд, уый. Æмæ цавæр лæг у, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ:

– Кæд дæ хъуыддаг фехалын фæнды, уæд æй Хъырымсолтаны бар бакæн...

Дæгка кæддæриддæр рæстытæ дзырдта. Раст та рауадысты ацы хатт дæр йæ ныхæстæ: мæ къухфыст боны рухс нæ федта. Цæуыннæ, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ, чи зоны, мыхуыры кæй нæ фæзынд, уый хуыздæр уыд. Газетты цы 'рмæджытæ фæмыхуыр кодтон, уыдон хицæн чиныджы аккаг уыдысты, нæ, уый абон дæр бæлвырд нæ зонын.

Скульптор Тауаситы Сосланбеджы æрмадз бабæрæг кодтон. Мæскуыйы командировкæйы уыдтæн, афтæмæй. Диссаджы куыстытыл дзы сæмбæлдтæн. Цал æмæ цал бæхыл сбадын кодта Салават Юлаевы! Алкæцыдæр мæм дзы хицæн уацмысы хуызæн фæкаст. Кæцыфæнды дæр дзы бæззыд цыртдзæвæнæн сæвæрынæн. Фæлæ хуыздæрты æхсæн дæр хуыздæр вæййы, æмæ дзы Уфайы Белая доны былгæрон сæвæрдтой ахæм.

Бирæ фæныхæстæ кодтам. Мæ зæрдыл дзы æппæты тынгдæр цы бадардтон, уый: йæ тох кадмæбæлджытимæ. Йæ куыст куы сцæттæ, уæд ыл цытуарзджытæ халæттау æмбырд кæнын райдыдтой. Алкæй дæр дзы фæндыди йæ кадæй фæпайда кæнын. Уæлдайдæр зыдтой, Паддзахадон премимæ йæ куы бавдыстæуа, уæд ын æй æнæмæнг кæй ратдзысты. Намысджын æмæ уыцы-иу рæстæг ныфсджынæй равдыста йæхи не 'мбæстаг æмæ дзы иуы дæр хæстæг не 'рбауагъта, кæд ын йæ размæ бирæ цæлхдуртæ æвæрдзысты, уый зыдта, уæддæр.

Ницы йын сæ бон баци. Фæуæлахиз се 'ппæтыл дæр, иунæгæй. Паддзахадон преми дæр иунæгæй райста.

Тауытты Дзамбег Амырыкмæ революцийы размæ афтыд. Дæс æмæ дыууиссæдз азы фæстæ бабæрæг кодта йæ райгуырæн бæстæ. Йе 'взаг нæ ферох кодта.

Дзырдта сыгъдæг дыгуронау. Æрмæст-иу йæ ныхасы хаттæй-хатт англисагау «ноу», зæгъгæ, фæкодта. Йæ ныхæстæй ма мæ зæрдыл цы бадардтон. Ирæттæ, дам, кæрæдзийы нæ рох кæнынц.

Кæд алы горæтты цардысты, уæддæр-иу рæстæгæй-рæстæгмæ фембæлдысты. Уæлдайдæр зианы заман. Мæгуырдæр чи уыди, уымæн-иу иумæйаг фæрæзтæй баххуыс кодтой. Амырычы, дам, ингæны фаг зæхх зынаргъ у, æмæ-иу арæхдæр ууыл батыхстысты.

Кæрæдзийæн æххуыс кæнын суанг Амырычы дæр хорз фæтк у, ноджы хуыздæр та у, дæ цард, зæгъæн ис, æмæ æнæхъæнæй дæр æцæгæлон зæххыл арвитгæйæ, дæ мадæлон æвзагыл нæ сыстырзæрдæ уæвын.

Ельцины рæстæджы мыхуыры министр уыд Полторанин Михаил. Министрадмæ бацыдтæн æмæ йæ разамонæгмæ æнцонæй бахаудтæн. Йæ секретарæн куы загътон, Ирыстонæй дæн, зæгъгæ, уæд хицаумæ фæмидæг. Уайтагъд фæстæмæ фездæхт æмæ мын загъта, æнхъæлмæ дæм кæсы, зæгъгæ.

Базонгæ йæ кодтон нæ хабæрттимæ, радзырдтон ын, цæмæй тыхсæм, уыдæттæ. Мæ сæйрагдæр фарстытæй иу уыди, журнал «Ногдзау» дыууæ мæйы иу хатт йеддæмæ кæй нæ цæуы, хæсты размæ та алы мæй дæр кæй цыди, уый.

Министр мæм лæмбынæг фæхъуыста. Фæстагмæ мын загъта... куыд загъта, уый мæ, куыд æй загъта, афтæ уырыссагау, зæгъын фæнды: «Грош нам цена, если мы не решим все эти вопросы».

Йæхицæн цы аргъ скодта, уыимæ æз дæр сразы дæн, уымæн æмæ, цæуыл дзырдтам, уыдонæй иу хъуыддаг дæр йæ бынатæй нæ фезмæлыд.

Дзибайы митæн æдзух бамбарæн нæ уыд. Хорзы-иу ын чи бацыди, ууыл дæр-иу хаттæй-хатт бустæ кодта.

Иу хатт æй, «Кæсæнты дукани» кæй хонынц, уым баййæфтон. Хъуымæцтæ йеддæмæ дзы ницы уæй кодтой, фæлæ сæ Дзиба нафталин агуырдта. Уый нафталин нæ загъта, фæлæ «афталин». Цы сылгоймаджы фарста, уый

йын бамбарын кодта, нафталин нæ фарсмæ афтеччы вæййы, зæгъгæ.

Дзиба разылди æмæ дуары ’рдæм ныхæстæгæнгæ араст:

– Л...хтæ! Цæмæн фесæфа дыууæ мины йаргъ худ, сымахæн уе смаг кæлы фæлæ!..

Бынтон раст мæм нæ фæкаст ацы ран Дзиба.

Хъалæгаты Ирбег дзидзайы комбинаты директорæй куыста. Иу хатт мыл амбæлд æмæ мын афтæ:

– Куы дæ фенын, уæд дæ æфсæрмы фæкæнын...

Мæхинымæр хъуыдытыл фæдæн, не ’хсæн, æфсæрмы мæ цæмæй кæна, ахæмæй цы ’рцыд, зæгъгæ, æмæ йæ бафарстон:

– Цæмæн?

– Кæд дæ, мыййаг, мæнæй исты фæхъæуы æмæ йæ зæгъын нæ бауæндыс. Ацы куыстмæ мæ куы ’рбаивтой, уæд мæм мæ зонгæтæй чи нал æрбацыд, ахæм бирæ нал баззад, фæлæ дæ уыдоны ’хсæн никуыма федтон.

Диссаг мæм фæкастысты йæ ныхæстæ. Æцæгæйдæр æм никуы ницæмæ бацыдтæн, уыцы фембæлды размæ дæр, уый фæстæ дæр, фæлæ мæм, цæмæдæр гæсгæ, афтæ кæсы, цыма мын мæ къух бирæ хæттыты сарæзта, æмæ йыл куы амбæлын, уæд кæд мæхæдæг æфсæрмы нæ фæкæнын, куы ницы хорздзинад мæ зоныс, уæд мæ дæхи хæсджыныл цæмæн нымадтай, зæгъгæ.

Мæ чингуытæй кæцыдæры Æрыдоны хорзы кой ракодтон. Хъуыстгонд адæм дзы бирæ рацыд, зæгъгæ, загътон. Уыдис дзы ахæм хъуыды дæр: æхсæнадон фыццаг автоинспектор дæр æрыдойнаг уыд, фыццаг мæгуыргур дæр... Уыдон ма йæм, кæй зæгъын æй хъæуы, ахудыны тыххæй бафтыдтон.

Ирон чиныг ма йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн у, мæ фыст мын мæ ахæм зонгæтæй иу куы бакаст, уæд загъта:

– Æрыдон кæсын куы зониккой, уæд дæ мастæй дæ къубалмæ скæниккой.

Куыд дæ, зæгъгæ, мæ куы бафæрсынц, уæд фæзæгъын:

— Хуыздæрхъуаг, фæлæ йæ хъæрæй нæ фæдзурын, уымæн æмæ мæ хæлæрттæн хъыг уыдзæн, мæ фыдгултæн — æхсызгон. Дæ хæлæрттæн зын цы уыдзæн, дæ фыдгултæн — æхсызгон, уый хъæрæй нæ, фæлæ æппындæр дзурын нæ хъæуы.

Хицаумæ йæ чындз уайсадгæ кодта. Иуцасдæр рæстæджы фæстæ зæронд лæджы бафæндыд йæ чындзы йæхимæ сдзурын кæнын. Куыд æмбæлы, афтæ фынгтæ сцæттæ кодтой. Чындз нуазæнимæ хицауы цурмæ бацыд æмæ йæм агуывзæ радта. Лæг нуазæн нæма банызта, афтæ чындз æфсин æмæ ходыгъдæй хъаст кæнынмæ фæци. Лæг ын йæ нуазæн фæстæмæ радта æмæ йын афтæ:

— Айс дæ нуазæн æмæ мæм ногæй уайсадын райдай!..

Уæд ма Басаты Барис хъæууонхæдзарадон институты ректорæй куыста. Институты мæ цыдæр хъуыддаджы тыххæй кæимæдæр фембæлын хъуыдис, æмæ йæм бацæуæны æнхъæлмæ кастæн. Уалынмæ Барис кæцæйдæр фæзынд. Мæ къух мын райста æмæ мæ фæрсы:

— Ам цæмæн лæууыс?

— Иу чидæр мæ хъæуы æмæ уымæ ’нхъæлмæ кæсын.

— Цом-ма мемæ. Ам мæнæй хицаудæр ничи ис, кæмæ ма дзы ’нхъæлмæ кæсыс?

Бацыдыстæм йæ кусæн уатмæ. Радзырдтон ын мæ бацыды сæр. Телефонæй, кæдæм хъуыди, уырдæм адзырдта. Хъуыддаг кондыл нымад æрцыд æмæ рацæйцыдтæн. Барис мæ тыргъмæ рафæндараст кодта. Йæ уæздандзинады тыххæй йын куы раарфæ кодтон, уæд мын афтæ:

— Цæй, мыггагмæ ам куы нæ кусдзынæн!..

Мæ мидбылты бахудтæн æмæ йын дзуапп радтон:

— Афтæ дæхæдæг кæй загътай, уый цы хорз у! Уыцы ныхæстæ мæнæй куы фехъуыстаис, кæй зæгъын æй хъæуы, ды сæ цы хъæлæсыуагæй загътай, ахæмæй нæ, фæлæ мæстыхуызæй: «Цæй, цæрæнбонты ам кусдзынæ!», уæд æвзæрдæр уыдаид...

Камалимæ фæцæйцыдыстæм æмæ, кæйдæр тыххæй дзургæйæ, хъазгæйæ афтæ куы бакæнин:

– Мæ хуызæн зонджынтæ ма ис.

– Фæлæ мæ хуызæн зонджынтæ нæй, – хъазæн ныхас фæарфдæр кодта Камал.

Бæрæгъуыны мæ райгуырæн хæдзары не 'рвадæлтæ цæрынц. Нæ хъæуы куы 'рцардысты, уæд дзы агуыридурæй амад хæдзæрттæ нымадæй уыди цалдæр. Уыдонимæ мах хæдзар дæр. Дардмæ дæр йæ сырх агуыридур æрттывдтытæ калдта. Йæ ног хицау бавдæлд, æмæ йæ штукатуркæ скодта. Афтæмæй йæ куы федтон, уæд мын цыма мæ зæрдæ судзинæй фæрæхуыстæуыд, уыйау фæдæн. Йæхи хуызæнæй йæм ницуал баззад: фæныллæгдæр, фæхалагъудхуыз, цæсты нал ахады. Цыма, цæмæйдæр мæ зæрдæхудты бацыд, афтæ мæм фæкаст.

Нæ хæдзар, куыд уыдис, фæстæмæ йæ ахæмæй феныны тыххæй мæ фæстаг капекк дæр нæ бавгъау кæнин…

«Стыр ныхас»-ы æмбырд уыди. Бирæ адæмы йæм æрбахуыдтой. Æрбацыдысты газеттæ, радио æмæ телеуынынады минæвæрттæ дæр.

Ис ахæм адæм, æмæ сæхи йеддæмæ сæ зæрдæмæ ничи цæуы, искæй рафауынæй та æхсызгондзинад исынц. Уыимæ фауынц алкæй дæр æмæ алцыдæр. Ахæм зондыл хæст адæммæ афтæ фæкæсы, цыма хъæбатыр сты, уыдоны хуызæн ныфсджын ничи у, æхсæнады хъæнтæ уыдоны хуызæн ничи æргом кæны. Иу ахæм журналист æмæ фыссæг æмбырдмæ 'рбацыд радиойы номæй. Цыдæр æнахъинон фæрстытæ дæттыныл сбæндæн. Цæуыл дзырдта, уый бамбарынкæнынхъом дæр нæ уыди. Сæрдариуæггæнæг Гиоты Михал æм дзуры:

– Дæхи нын бацамон. Чи дæ?

Æз, йæхимæ хъуыстгонд фыссæг чи каст æмæ мæн, алчидæр зоны, зæгъгæ, чи 'нхъæлдта, уыцы хъæлдыммæ мæхинымæр мæсты кодтон, фæлæ Михалы фарст куы айхъуыстон, уæд æхсызгонæн сулæфыдтæн, уымæн æмæ йæ уыцы ныхæстæй амардта, зонгæ дæ куы ничи кæны, уæд дæ кæйдæр дæлджинæг кæнынмæ цы хæйрæг фæцаразта, зæгъгæ.

Хъæнтæ хурмæхæссæг – фыссæг йæхимæ ахæм кæсы – цы уавæры бахауд, растдæр зæгъгæйæ та – йæхи цы уавæры сæвæрдта, уый æмбаргæ дæр нæ бакодта æмæ, кæцæй æрбацыд, уый амоныныл схæцыд.

Радиойæ дæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд æм иууылдæр се 'ргом аздæхтой, радиойы ахæм къуымыхты куыд дарынц, зæгъгæ.

Кæддæр, «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон, уæд мæм æрбацыд ацæргæ ныллæггомау бæзæрхыг урсрихи лæг æмæ мын йæхи бацамыдта – Рябов. Хъыгагæн ын йæ ном нæ бахъуыды кодтон. Йæ хабæрттæ мын фæкодта. Æртын æвдæм азы йæ ахастой, æмæ дзæвгар азты фæцис Колымайы. Фыста æмдзæвгæтæ. Чиныг дæр ын рацыд. Демьян Бедныйимæ зонгæ уыд, æмæ йын Демьян йæ чиныг балæвар кодта. Ахæм цыппаррæнхъон, дам, ыл ныффыста:

Колыма ты, Колыма, –
Чудная планета,
Не убьет твоя зима
В Рябове поэта!

Цалдæр азы размæ Дзæуджыхъæумæ уазæгуаты ссыд зындгонд артист Жженов Георгий. Тынг ыл бацин кодтой ирыстойнæгтæ. Горæты хицауад æй скодта Дзæуджыхъæуы кадджын гражданин. Уыцы фембæлды Рябовы хабæрттæ куы дзырдтон, уæд мæм Жженов хъуыста зæрдиагæй, уымæн æмæ йæхæдæг дæр ахæм фæндæгтыл ауад. Демьян Бедный цы цыппаррæнхъон ныффыста, уымæн ма фехъуыстон æндæр вариант дæр æмæ уый кой дæр скодтон:

Колыма ты, Колыма, –
Чудная планета,
Двенадцать месяцев зима,
Остальное – лето.

Уый дæр Жженовæн, кæй зæгъын æй хъæуы, зындгонд уыд. Жженов мын йæ чиныг «Прожитое» балæвар кодта æмæ йыл ныффыста ахæм ныхæстæ: «Уважаемому Музаферу от всего сердца. 2003 г.».

Æз та йын Омар Хайямы цыппаррæнхъонты чиныг ирон æвзагмæ мæхи тæлмацæй балæвар кодтон.

Мæ хæрæфырт Саламаты Джамботт йæ хо Тамарæйæ (Гусалты ус) афтæ загъта:

— Арвы цыппар къулы иу кæны.

Туырдзыбеты Ирæ мæм телефонæй æрбадзырдта, республикон библиотекæйы æрыгон фысджытимæ фембæлд аразæм æмæ, иронау чи фыссы, уыдонæй кæй æрбахонæм, зæгъгæ. Хъодзаты Æхсармæ, дам, дзырдтон æмæ мын иу мыггаг зæгъын дæр йæ бон нæ баци.

Стыр хъыгагæн, Ирæйæн баххуыс кæнын мæ бон дæр не сси, уымæн æмæ, махмæ æрыгæттыл нымад чи у, уыдон Бальзакæй хистæр сты. Бальзакыл та иуæндæс æмæ дыууиссæдз азы йеддæмæ нæ цыди, афтæмæй йæ «зæронд Бальзак» хуыдтой.

Кæдæмдæр цыдыстæм æмæ мæ, мæ пъалто кæнгæйæ, зæхмæ цыдæр æрхауд. Йæ уынæр айхъусгæйæ, Фатимæйы фæрсын:

— Уый дæуæй æрхауд æви мæнæй?

— Кæд æхца у, уæд — мæнæй…

Зары хъæуы Цыбыртæй иу лæг — Гитал — постхæссæгæй куыста. Йæхи бæхыл Цхинвалæй газеттæ ’мæ писмотæ ласта. Йе ’фсымæр горæты царди æмæ Гиталы лæппуйæн бафæдзæхста, хъæуы хабæрттæ-иу мæм фысс, зæгъгæ. Фыста йæм лæппу дæр писмотæ.

Фыды ’фсымæр бузныг уыди йæ кæстæрæй, фæлæ йын иу хатт цы хабар фехъусын кодта, уымæй бынтон бузныгæй нæ баззад. Лæппу йæм фыста: «Нæ бæх фесæфт. Хорз уыд, æмæ йыл Гитал нæ бадт, æндæр уый дæр фесæфтаид».

Бæгъиаты Хъазыбегимæ 1954 азы базонгæ дæн. Уæд уый пединституты фæстаг курсы ахуыр кодта, æмæ

сæ нæ хъæумæ иу мæйы æмгъуыдмæ кусынмæ рарвыстой. Уæдæй фæстæмæ хæларæй цардыстæм. Тынг сыгъдæгзæрдæ, æнæхин æмæ цæстуарзон адæймаг уыд. Куы-иу ыл амбæлдтæн, уæд-иу мыл хионау бацин кодта. Иу хатт та мын мæ дзыппы æхцатæ нытътъыста.

Æмдзæвгæтæ дæр фыста. Скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд-иу сæ «Мах дуджы» кастæн, фæлæ цæмæндæр гæсгæ уыцы фæндагыл нæ ацыд. Æз зыдтон, йæ фыссын кæй нæ ныууагъта, уый. «Рæстдзинад»-ы куы куыстон, уæд дæр, «Ногдзау»-мæ куы рацыдтæн, уæд дæр-иу дзы куырдтон, цæмæй æмдзæвгæтæ 'рбахæсса æмæ сæ мыхуыры рауадзæм. Зæрдæ-иу мын бавæрдта, фæлæ хæсгæ никуы ницы 'рбакодта.

Иу-ссæдз азæй йыл фылдæр цæуы, афтæ йыл Леоновы уынджы амбæлдтæн. Уæд ма «Ногдзау»-ы редакци уым уыдис. Мидæмæ йæ бахуыдтон æмæ йын загътон: «Цалынмæ де 'мдзæвгæтæй исты ныууадзай, уæдмæ ардыгæй нæ ацæудзынæ!» Гæнæн ын куынæуал уыди, уæд сбадт æмæ мæ, æвæццæгæн, цæмæй тагъддæр фервæза, уый тыххæй, йе 'мдзæвгæтæй цыбырдæр кæцы уыд, уый ныффыста, æмæ йæ мах «Ногдзау»-ы радон номыры рауагътам. Мæнæ уыцы æмдзæвгæ:

Зæронд лæг

Лǽдзæгæй йæ развæндаг æвзаргæ,
Дыргъдонмæ æрбацыди куырм лæг.
Фалдæр хъазынц сабитæ уым заргæ,
Лæг сæм, мæгуыр, бакæны хæлæг.

Иу гыццыл чызг бауади йæ цурмæ,
Уыд йæ къухы дидинджыты баст.
– Фен-ма сæ, куыд рæсугъд ысты, – дзуры, –
Æмæ лæгмæ мидбылхудгæ скаст.

– О мæ хур, фæцæрай мын рæстудæй,
Дидинджытæн се 'нгæсæн дæ ды,
Æмæ сæ цæмæй уынай рæсугъдæй,
Уый тыххæй æз бакуырм дæн хæсты.

Югославийы уæвгæйæ нæ нæ фысымтæ ахуыдтой Иосип Броз Титойы райгуырæн хæдзар Крумовецы хъæумæ. Ирон хъæууон хæдзары хуызæн мæм фæкаст. Сæ пец дæр – ирон, агуыридурæй амад пецы хуызæн. Суанг-ма, фæздæг кæуылты цыд, уый фæд дæр зынди. Тито мæрдтæй куы рацæуид, уæд æй, куыддæриддæрæй ныууагъта, афтæмæй баййафид.

Мах та Къостайы райгуырæн хæдзарæн цытæ бакодтам? Къоста ма, йæ хæдзар цы хохыл и, уый базонид, æндæр дзы, райгуырæн цæмæй хуынд, ахæмæй йæ цæст ницæуылуал æрхæцид.

Тынг рæдыд мæм кæсы, куыд уыди, афтæмæй йæ кæй нæ ныууагътам, уый...

Басаты Барисæй ахæм ныхас фехъуыстон: «Иу боцкъа æдзух сæн нæ ласы, æнтыд дзы кæд ныккæнынц, ахæм замантæ дæр ралæууы».

Камалæн ахуыргæнджытимæ фембæлд уыд æмæ сын афтæ:

– Утæппæт ахуыргæнджыты цур дзурын се 'нцонтæй нæу. Уæвгæ, мæнæн бирæ ахуыргæнджытæ уыди, уымæн æмæ ахуыр кодтон цыппар скъолайы. Райдыдтон Зæронд Бæтæхъойыхъæуæй, раивтон Ногмæ, уый фæстæ цыдтæн Беслæны нартхоры комбинатмæ, афæдз та – Зилгæмæ. Ныр ахъуыды кæнут: зæрдылдарæн фæйнæджытæ гом кæнынмæ куы бавналой, уæд сæ цал раны æвæрын бахъæудзæн, ууыл.

Терчы былты тезгъогæнгæйæ, нæ ныхас коммунистон цардарæзтмæ рахызт. Не 'мбæлттæй иу цæхгæр йæ хъуыды загъта, коммунизмæн, дам, уæвæн нæй. Нæ ныхас быцæумæ кæй хизы æмæ дыууæрдыгæй дæр мæсты кæнын кæй райдыдтам, уый куы бамбæрстон, уæд æрымысыдтæн англисаг æхсæнадон архайæг æмæ фыссæг Филип Честерфилды ныхæстæ: «Дæ ныхмæлæууæг мæсты кæнын райдыдта, уый куы банкъарай, уæд уæ быцæу исты хъазæн ныхасæй фæу».

Мæнæн мæ зæрдыл æрбалæууыдысты Хъайтыхъты Геоыры рæнхъытæ. Афтæ мæм фæкаст, цыма сæ куы зæгъон, уæд нæ бынцæу загъдмæ нæ рахиздзæн æмæ сæ загътон:

Æркæс, æркæс, æмбал, дæ низмæ,
Дæуæн уый кады хъуыддаг нæу,
Æмæ йæ фесаф, коммунизммæ,
Кæннод нæ бауадздзыстæм дæу.

Нæ бынцæу æцæгæйдæр худынмæ рахызт.

Потсдамы бабæрæг кодтам, æртæ паддзахады минæвæртты конференци кæм цыд, уыцы бæстыхай галуан-паркты ансамбль Сан-Сусийы Сесилиан-Хофы галуан. Стъолы фарсмæ, Советон Цæдис, АИШ æмæ Великобританийы разамонджытæ Сталин, Трумен æмæ Черчилль кæм бадтысты, уыцы къæлæтджынтæ. Иу къулæй иннæмæ рæсугъд хъуымацæй быд бæндæн мидæмæ цæуын никæй уагъта, фæлæ мæнæн нæ къордмæ (æз туристон къорды разамонæг уыдтæн) фидаргонд фæндагамонæг Фриц Рид мæ къухыл фæхæцыд æмæ мæ бæндæны бынты йæ фæдыл, Сталин цы къæлæтджыныл бадт, уырдæм бадавта æмæ мæ дзы абадын кодта.

Къæлæтджыны сæрак бадæнмæ цы зæгæлтæй хуыд уыд, уыдонæй иу фæхъуыд. Фæстæдæр мын Фриц куыд радзырдта, афтæмæй йæ туристтæй чидæр сусæгæй сæфтыдта æмæ йæ йæхицæн стыр хæзнайæн ахаста.

Зæнджиатæй куы ’ппæлыдтæн, уæд мæм Фатимæ æнæуæнк каст æрбакодта. Уыцы ныхас цæимæдæр баст кæй у, уый æмбæрста, фæлæ цæимæ, уый базонын æй фæндыди æмæ ’нхъæлмæ каст, дарддæр цы уыдзæн, уымæ. Фæлæ, æз куы ницуал дзырдтон, уæд мæ бафарста:

– Ныронг ахæм ныхæстæ куы никуы кодтай, уæд дыл абон цы зæд атахт?

– Ныронг дæр мæ каистæн арфæтæ кодтон, æрмæст мæхинымæр, абон та сын хъæрæй арфæтæ кæнын.

– Омæ уæддæр цæй тыххæй?

– Куыд цæй тыххæй? Сæ чызджыты хуыздæры мын кæй радтой, уый тыххæй.

Фатимæ ныххудти æмæ афтæ:

– Дарддæр мауал дзур, кæннод уæлгоммæ хауын æмæ исты ныццæвдзынæн...

Ацы ныхæстæ Камалæн дæр дзырдтон, æмæ, Фатимæйыл куы амбæлд, уæд æй фæрсы:

– Ахæм юморист дæ мад уыд æви дæ фыд?

– Иу дæр нæ, – дзуапп ын радта Фатимæ. – Æз самородок дæн.

Адæймаг чъынды кæй у, уый бынтон æнцонæй дæр раиртасæн вæййы...

Горæты сæйраг уынджы, хорз рæстæг куы вæййы, уæд алы бон дæр фæбады иу мæгуыр лæппу. Ирон нæу, уый бæлвырд у. Мæ хъустыл æрцыд, цыма Астæуккаг Азийæ 'рбафтыд. Мæгуыр æй рахуыдтон, фæлæ алцæмæй мæгуыр нæу. Фæндырæй цæгъдын чи зоны, уымæн мæгуыр рахонæн нæй. Уый удæй хъæздыг у, уымæн æмæ йæ аивадæй адæмæн хæссы æхсызгондзинад.

Куы зæгъын, къæвда ма уарæд, æндæр рагуалдзæгæй æрæгвæззæгмæ йæ фæндырдзагъдæй буц кæны адæмы зæрдæтæ. Бирæтæ йæ цуры сæ цыд фæсабырдæр кæнынц, лæугæ дзы чи 'ркæны, ахæмтæ дæр вæййы. Байхъусынц ирон фæндырдзагъдмæ – лæппу æрмæстдæр ирон цæгъдтытæ фæкæны – стæй йын арфæ ракæнынц, чи уæздан ныхасæй, чи – æхцайæ. Йæ разы вæййы хъæбæр гæххæттæй къопп, æмæ йæ афтидæй никуыма федтон. Чи йын дзы лыстæг æхца ныппары, чи та – ставд æхца дæр. Йæ аивадæн аргъгæнджытæй алкæмæндæр фесты (фæндырæй цы дуканийы дуармæ фæцæгъды, уыдон ын къæлæтджын бандон радтой). Фесты, иу хатт ын æхца чи ратты, уыдонæн се 'ппæтæн дæр, уымæн æмæ дзы алкæйы цæсгом дæр бахъуыды кæны. Афтæ кæй у, уый мæхиуыл дæр бавзæрстон.

Фыццаг хатт æй куы федтон – ууыл та цалдæр азы цæуы, – уæд мæм чъылдымырдæм бадт фæцис, æмæ йæ фæндырдзагъдмæ дзæвгар фæхъуыстон. Йæ аивадæй мæ зæрдæмæ хуры тынтæ ныккаст. Æхца дæр ын фыццаг хатт уæд радтон. Цас, уый ма чи зоны, фæлæ бæлвырд зонын, цасфæнды йын кæд радтон, уæддæр уымæй нæ фæмæгуырдæр дæн.

Уæдæй фæстæмæ мæ бахъуыды кодта æмæ мын салам ратты, стæй хуымæтæджы салам нæ, фæлæ мын æнæмæнг йæ бынатæй сысты. Стæй канд мæнæн нæ: йæ фæндырдзагъдæн ын аргъ чи скодта, уыдонæн се ’ппæтæн дæр. Уыдоны ’хсæн вæййы, мæн хуызæн йæ рæзты алы бон дæр æппынкъаддæр дыууæ, иуæй-иу хатт та цыппар хатты чи цæуы, уыцы ахуыргонд, профессор, наукæты доктор. Цæргæ дæр фæрсæй-фæрстæм кæнæм, нæ куыстытæ дæр кæрæдзимæ хæстæг сты – æрмæст зонгæ не стæм, – æмæ йæ уыцы хъахъхъæд кæнын: фæндырдзæгъдæгмæ иу каст дæр никуыма бакодта. Алы хатт дæр, цыма йæ уынгæ дæр нæ кæны, афтæ йæ рæзты ахизы. Иу капекк йæ дзыппæй сисыны адæргæй.

Нæ мæ уырны, уымæн æцæг æмбал ис, уый. Нæ мæ уырны, йæ къæбæрæй бирæтæ сахуыстой, уый дæр. Нæ мæ уырны, уый йæ дзыппæй искуы æхца систа æмæ дзы æгъдау радта, уый дæр.

Цæмæй, æхсынцъы туаг у, уый базонай, уый тыххæй дзы къæртайы дзаг хæрын нæ хъæуы. Уымæн иу гага дæр фаг у.

Чалдæрæй фынджы уæлхъус бадæм: Хуыгаты Сергей, Малиты Васо, Ходы Камал æмæ æз. Камал æмæ Васо кæрæдзийæ... Мæнæ куыд фæцæйрæдыдтæн: кæрæдзийæ нæ, фæлæ сæхицæй æппæлыныл нал ауæрдынц. Кæд сæм бирæ фæхъуыстон, уæддæр дзы йæхицæй æппæлынмæ чи тынгдæр арæхст, уый нæ раиртæстон æмæ Камалмæ дзурын:

– Дæуæй Васойæ йæхицæй тынгдæр чи ’ппæлы?

– Шамил!.. – æнæахъуыды кæнгæйæ дзуапп радта Камал.

Дæс æмæ мыл æртиссæдз азы куы сæххæст, уæд театрмæ хуынд адæмимæ уыд мæ зонгæ, ме ’мсис. Федта мæ æмбырды размæ дæр, æмбырды фæстæ дæр, фæлæ дзы иу арфæйы ныхас нæ фехъуыстон.

Ууыл бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ мæ кæстæр лæппу – уæ фарн бирæ уæд! – Ацæмæзæн хъуыддаг кодтам æмæ, арфæ ракæнын йæ цæст кæмæн нæ бауарзта, уый

чындзæхсæвмæ не ’рбахуыдтон. Чындзæхсæвы фæстæ йыл куы амбæлдтæн, уæд мын арфæтæ фæкодта.

Ацу æмæ, хонын хуыздæр у æви нæ хонын, уый бамбар!..

Радиойы куыстон, афтæмæй мын партион æгъдауæй, карздæр нæй, ахæм æфхæрд бакодтой. Цæй тыххæй – комкоммæ дзургæйæ ницæйы тыххæй – уый бирæтæ зонынц, фæлæ ма йæ цыбырæй радзурон.

Ногбоны хæдразмæ æрцыд хабар. Алы азы хуызæн та уæд дæр фылдæр бакастытæ баст уыдысты, цы бæрæгбон æрбацæйхæццæ кодта, уыимæ. Фæцис дзы, ивгъуыд Ног азы цы бакаст райхъуыст, уый дæр. Йæ ном дæр Ног азимæ баст уыд: «Æгас цу, Ног аз!» Иууылдæр уыд æмдзæвгæтæ æмæ музыкæйæ фæлгонцгонд. Бакаст цы Ног азы номыл уыд, уый хæдразмæ завод «Электроцинк»-æн радтой СЦКП-йы ЦК-йы, Министрты Советы æмæ профцæдисты цæугæ Сырх тырыса. Уыцы уынаффæ заводы кусджыты æмбырды бакаст партийы Цæгат Ирыстоны обкомы уæды фыццаг секретарь Хъæбæлоты Билар. Æдæппæт æрцахста минут чысыл хъуаг. Æмæ уыцы «фыдраконддзинады» ныхмæ сæ джебогътæ рафистæг кодтой зæвæттæсдæрджытæ æмæ бынатылмард адæм. Ау, уый та куыд? Стыр рæдыдтæ чи ’руагъта æмæ уый тыххæй йæ куыстæй кæй систой, Хъæбæлоты уыцы Билары хъæлæс радиойæ куыд райхъуыст? Стæй кæд? Æвзарæн-партион конференцийы хæдразмæ!

Сæ сæйраг мæт уыд Одинцовыл. Адæм æм æнæуи дæр мæсты уыдысты, æмæ йæ обкомы фыццаг секретарæй куынал равзарой, – цыма уый адæмæй аразгæ уыд! – уæд хæрзбын куы кæнæм! Сæ быны дон бацыд функционертæн, æмæ бæстæ сæ сæрыл систой. Цыбыр ныхасæй, мæнæн цы нæ хъуыд, уый бакодтой: радтой мын, партион чиныгмæ кæй фæхæссынц, ахæм карз æфхæрд.

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ рацыд, фæлæ та мын кæддæры хабæрттæ хæрзæрæджы сног сты...

Мæ хæлар мæм æрбадзырдта, хистæр фæлтæры минæвæрттæн фембæлд уыдзæн æмæ сæ фæнды, ды дæр семæ куы уаис, уый. Æргомдæр дзургæйæ та, уыцы хистæрты æмбырдгæнæг уыди ме ’рвад æмæ, куыд бамбæрстон,

афтæмæй ме 'рдхорд дæр уый номæй дзырдта. Æнхъæл уыдтæн, æртæ-цыппарæй фылдæр нæ уыдзысты, зæгъгæ, фæлæ дæсæй фылдæр разындысты. Уый куы зыдтаин, уæд, чи зоны, цæугæ дæр нæ бакодтаин, фæлæ, фæстæдæр куыд бамбæрстон, афтæмæй мæ сины саст фæрæстмæ.

Цæвиттон, фембæлдмæ хуынд адæмимæ уыд Хъæбæлоты Билар дæр. Кæрæдзийы хорз чи зыдта æмæ бирæ азты иумæ чи фæкуыста, уыдонæн, цы 'рымысыдаиккой, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдис æмæ мысыдысты ивгъуыд бонты цаутæ.

Иу заман сæрмагондæй ссардтой бадты хистæр Билары ном. Ахæм рæстæг, куыд вæййы, афтæ йын дзырдтой йæ хорздзинæдты тыххæй. Ссæдз азæй фылдæр республикæйы сæргъы чи лæууыд, уый тыххæй цы загътаиккой, уый куыннæ уыдаид! Æмæ алчидæр архайдта хистæры номыл рæсугъддæр дзырдтæ ссарыныл.

Ныхасы бар мæнмæ куы 'рхауд, уæд æз ахæцыдтæн бынтон æндæрырдæм:

– Ам Билары тыххæй бирæ ныхæстæ загъд æрцыд. Æхсызгон мын у, арфæ йын кæй кæнут, Ирыстонæн дæр, сымахæй алкæмæн дæр цы хорздзинæдтæ сарæзта, уый уæ зæрдыл кæй дарут. Æз та зæгъынмæ хъавын, Билары тыххæй мæ куыд бафхæрдтой, уый тыххæй.

Фынджы уæлхъус бадджытæ мæм иууылдæр се 'ргом раздæхтой æмæ цымыдисæй æнхъæлмæ кастысты, дарддæр цы зæгъдзынæн, уымæ.

Радзырдтон сын, уæлдæр цы хабар ракодтон, уый.

– Уыцы бюройы архайджытæй ам ничи ис? – бафарста мæ мæ фарсмæ бадæг, æнæниздзинад хъахъхъæнынады раздæры министр.

– Мæ бакомкоммæ бады, уыцы бюройæн разамынд чи лæвæрдта, уый, – æмæ иууылдæр бакастысты партийы уæды дыккаг секретарьмæ.

Нæ зонын, уыцы рæстæг секретарь йæхи куыд æнкъардта, уый, фæлæ дзургæ ницы скодта. Æрмæст, фынгæй куы сыстадыстæм, уæд мын рестораны дуармæ афтæ:

– Уыцы бюро идеологон фарстатыл дзуапдæттæг секретарь цæттæ кодта...

– Æз, цы уыди, уый йеддæмæ куы ницы загътон, – цæмæй, цы зæгъинæгтæ мæм уыди, уыдон ма скалдтаин, ууыл бацархайдтон æмæ ныхас ахицæн.

Кæронбæттæны ма иу зонджын лæджы ныхæстæ æрымысын мæ зæрды ис. Бæлвырд сæ нал хъуыды кæнын, фæлæ сæ хъуыды ахæм уыди: дæ цуры дæ хæлары фыдгой куы кæной, æмæ, йæ ныхмæ чи дзуры, уымæн куы нæ бауайдзæф кæнай, уæд тæппуд дæ.

Мæнæн карз æфхæрд кæм лæвæрдтой, уыцы бюройы архайджытæй бирæтæ дæсгай æмæ ноджы фылдæр азтæ фæкуыстой Биларимæ, фæлæ дзы йæ фарс ничи радзырдта, Хъæбæлойы-фырты хъæлæс радиойæ кæй райхъуыст, уым фыдраконддзинадæй куы ницы ис, уæд æй цæмæн сдзырддаг кодтат, радиойы кусæджы дæр, куы ницы аххос æм ис, уæд æй цæмæн æфхæрут, зæгъгæ, дзы ничи загъта. Æмæ ма ноджыдæр иу ахæм фæбæлвырдгæнинаг. Фарст бюромæ чи цæттæ кодта, уый Хъæбæлоты Биларæн уыдис йе 'ххуысгæнæг, хуымæтæгдæрæй та – йæ цумайы лæппу.

Ахæм хабæрттæ!..

Педагогон институты нæм уыдис драмкъорд. Разамынд ын лæвæрдта Цæгат Ирыстоны адæмон артист Мæхъиты Владимир. Бирæ йæ чи уарзта, уарзгæ та йæ кодтой Ирыстоны театрдзаутæ иууылдæр, уыдон æй буцдæрæн Лавер хуыдтой, æмæ йæ æз дæр афтæ хондзынæн.

Махæй цæй артисттæ уыд, фæлæ, лæджы куы бафæнда, стæй йын ахæм разамонæг куы уа, уæд дзы артист куы нæ рауайа, уæддæр дзы артистæнгæс ма рауайа, уымæн уæвæн нæй. Æмæ Лавер дæр архайдта, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ. Мах дæр йæ коммæ кæсыныл нæхи хъардтам, кæд æдзух нæ къухы не 'фтыд, уæддæр.

Абоны хуызæн ма мæ цæстыл уайы, Саулохты Мухтары «Усгур Гаци»-йыл куыд куыстам, уый. Гацийы роль сæйрагдæр уыди, æмæ йæ Лавер бабар кодта, мæнæй иу курс дæлдæр чи уыд, уыцы бæрзонд, иучысыл гуыбыргомау, саулагъз Моисейæн.

Куы зæгъын, Лавер тынг лæмбынæг куыста немæ. Иу фезмæлд раст акæныныл-иу уыйбæрц рæстæг æмæ тыхтæ бахардз кодта, æмæ-иу ын кæд тæригъæд нæ фæкодтон. Уæлдай фылдæр кусын æй бахъуыд Гацийы ролыл. Тынгиу бафæллад, фæлæ уæддæр архайдта, роль зæрдæмæдзæугæдæр цæмæй рауадаид, ууыл.

Спектакль сръвдз. Фæстаг репетицитæ кодтам, нæлгоймæгтыл цухъхъатæ уыд, афтæмæй. Сылгоймæгтæ дæр уыдысты, сценæмæ кæм рацыдаиккой, ахæм дарæсы. Гаци-Моисей дæр йæ бæрæгбоны дарæс скодта, афтæмæй Лаверы раз æрлæууыд. Лавер уымæй размæ немæ дзæвгар фæкуыста æмæ, иуæй, фæллайгæ бакодта, иннæмæй, цæуылдæр мæсты дæр сси æмæ, Гацийæн йæ хъама галиуæрдæм ауыгъдæй куы ауыдта, уæд йæ маст срæмыгъта:

— Моисей, хъама кæцырдыгæй вæййы?

Моисей йæхимæ ’ркæстытæ кодта æмæ, дызæрдыггæнгæйæ, йæ хъама цы фарсыл ауыгъд уыд, уыцырдæм ацамыдта.

— Мæ-нæ ацырдыгæй… — багуым-гуым кодта йæ фындзы бын.

Лавер, йæ цуры чызджытæ кæй уыд, ууыл дæр нал ахъуыды кодта, махмæ мæсты каст æрбакодта, стæй чысыл фæгуыбыр, афтæмæй, йæ армытъæпæнæй Моисейы хъамамæ амонгæйæ, сдзырдта:

— Гъер ай лæхтъиртт нæу, лæхтъиртт!..

Иннæ спектаклы хъуамæ студент-артист Хъызылбег æрбатахтаид æмæ фехъусын кодтаид, хæст райдыдта, зæгъгæ, фæлæ йын, куыд æмбæлд, афтæ нæ рауад. Хъуамæ йæ, сæрыхъуын арц кæмæй абадтаид, ахæм хъæлæсыуагæй загътаид, уымæн та йæ иу мыры дæр æнкъарæны хъæстæ нæ уыд.

Лаверы зæрдæмæ куыд хъуамæ фæцыдаид ахæм ныв, æмæ йын ссардта, йæ рæдыд цæмæй бамбара æмæ йæм хæст райдайыны æвирхъаудзинад цæмæй бахъара, ахæм ныхæстæ:

— Хъызылбег, де ’рбацыд адæймагмæ цавæр æнкъарæнтæ æвзæрын кæны, уый зоныс?

Хъызылбег ныхъхъус.

— Уæдæ дын æй æз зæгъдзынæн. Ды ахæм зæрдæйыуагимæ æрбатахтæ æмæ, хæст кæй райдыдта, уый ахæм хъæлæсыуагæй загътай, æмæ дын мах хъуамæ нымдзæгъд кодтаиккам, ура, хæст райдыдта, цин кæнут, зæгъгæ.

Камалæй йæ фехъуыстон. Уымæн та йæ йæ фыды ’фсымæр Дзаххотт дзырдта.

Цыдæр æмбырды ныхас кодта Фæрнион Къоста. Дзагуырты Гуыбадымæ йæ ныхас дæргъвæтин фæкаст, цы! Æмæ йæм бахъæр кодта:

– Цæйбæрц дзурыс, Горький дæ?

– Кæмæн – горький, кæмæн та – сладкий, – дзуапп ын радта Фæрнион.

Политы Хадойы райгуырды сæдæ азы бон ирон литературæйы музейы бæрæг кодтой. Фысджытæй дзы никæуыл мæ цæст æрхæцыд. Уыдысты ма дзы Хозиты Барис æмæ Хадойы чызг Жаннæ. Жаннæ ахæм хабар радзырдта.

Хъайтыхъты Геор æмæ Хадойæн чиныгкæсджытимæ уыдис фембæлд æмæ иуцасдæр байрæджы кодтой. Геор, кæй байрæджы кодтой, уый тыххæй адæмæй хатыр ракуырдта. Цæмæн байрæджы кодтой, уый тыххæй та сын афтæ загъта:

– Хадо йæ сæрвасæн нал ардта.

Адæм, кæй зæгъын æй хъæуы, худæгæй бакъæцæл сты, уымæн æмæ уыдтой, Хадойы сæрыл иу хъуын дæр кæй нал баззад, уый.

Мæ хæларæн йæ масты дзæкъул куы систой, уæд йæ бинойнагæн афтæ зæгъы:

– Дæ бон стыр хæснаг скæнын у, дæ лæгæй æнæмастдæр фысджыты æхсæн кæй нæй, уый тыххæй, æмæ нæ фембылд уыдзынæ.

Хуссар Ирыстоны фысджыты Цæдисы сæрдар Хъазиты Мелитон ам уыдис, æмæ нæ бафæндыд йемæ æрдзы хъæбысы абадын. Ацыдыстæм, уæдæ цы уыдаид. Бадæм, гаджидæуттæ уадзæм. Ныр хур ныгуылæнырдæм дзæвгар акъул, æмæ фысымтæй чидæртæ мæты бацыдысты, цалынмæ рухс у, уæдмæ Мелитон фæсæфцæг куы фæуаид, зæгъгæ. Гуырдзы Хуссар Ирмæ куы 'рбалæбурдтой, уый хæдфæстæ нæм æрбацыд Мелитон æмæ йыл тыхсгæ тынгдæр уый тыххæй кодтой. Æппæты тынгдæр ыл чи мæт кодта, уымæн Мелитон афтæ:

— Омæ нæхимæ æмбисбон куы бахæццæ уон, уæд мæ, дæхиуыл ничи амбæлд, фæлæ дæхæдæг дæр никæуыл амбæлдтæ, зæгъгæ, куы бафарстæуа, уæд та?!

Хатгай адæймагæй цыдæртæ ферох вæййы, фæлæ дзы кæцыдæр цаутæ, цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр нæ рох кæнынц.

Бирæ, тынг бирæ азты размæ Малиты Васоимæ «Рæстдзинад»-ы куы куыстам, уæд нæ иумæйаг хæлæрттæй иумæ Мæскуымæ писмо фыста. Æмæ йæ кæд фыста хъæрæй дзургæйæ. Уыцы рæстæг нæ зонгæтæй иу нæ уатмæ ’рбахызт. Васо йæ куы ауыдта, уæд дарддæр йæ писмо, хъæрæй дзургæйæ, фыссы: «Мæнæ ныртæккæ нæ къæсæрæй цавæрдæр лæппу æрбахызт, æмæ дын уый дæр зæрдиаг салæмттæ æрвиты...»

Уыцы ныв мæ цæстыл куы ауайы, уæд мæ мидбылты æнæбахудгæ нæ фæвæййын.

Терчы был мæ зонгæимæ тезгъо кæнæм.

— Ам ма ме ’рвадæлтæй иу вæййы, — загъта Бындзи. — Ды йæ нæ зондзынæ, искуы-иу хатт йеддæмæ нæ фæзыны.

— Зонын æй, Тотырбегæй, зæгъыс, ныллæг, бæзæрхыгтæ.

— О, о, Тотырбег, зоныс æй уæдæ. Æрмæст ныллæг нæу. Мæнæ мæныйас уыдзæн.

Диссаг мæм фæкастысты Бындзийы ныхæстæ. Терчы был нæ, фæлæ æнæхъæн горæты дæр йæхицæй ныллæгдæр адæймагыл арæх нæ сæмбæлдзынæ, æмæ, дам, ныллæг нæ дæн.

Æвæццæгæн, адæймагмæ йæ алы хъуыддаг дæр, цæйас у, уымæй стырдæр кæсы.

Хуыгаты Сергейы зонгæ амард æмæ хъыгзæрдæйæ дзырдта:

— Ахæм цæрдæг уыд, ахæм сæрæн цыд кодта, æмæ йæ къахдзæфыл цæст нæ хæцыд. Амæлын æнхъæл ын ницы хуызы уыдтæн...

Мæ зæрдыл Тотырбеджы ныхæстæ æрлæууыдысты. Дзантемырæн йæ дыккаг ус куы амард, уæд ын, уæлмæрдтæй æрбацæйздæхгæйæ, Тотырбег афтæ загъта: «Дзантемыр, æппындæр мацæуыл тыхс, уæлæ-ма мæ усы ракур, æмæ дын уый никуы амæлдзæн...» Фæлæ, куыд рабæрæг, афтæмæй, Тотырбег йæ зæрдæ афтæ фидарæй кæуыл дардта, йæ уыцы ус дæр æнусон нæ разынд.

Æз дæр Сергейæн уымæн загътон:

– Ау, Тотырбеджы ус дæр ма куы амард, уæд ын куыннæ уыдтæ амæлын æнхъæл?!

Чидæр загъта, маст исын, дам, æвзæр миниуæг у. Ома куыдз дыл куы фæхæца, уæд ыл ды дæр хъуамæ дæндагæй хæцынмæ ма хъавай.

Уый, чи зоны, раст у, фæлæ дыл куыдз хæцынмæ куы хъава, уæд ыл ды дæндагæй хæцынмæ ма хъав, фæлæ йæ къахæй хъуамæ уæддæр ма ныццæвай?!

Мæскуыйы, Манежы фæзы, уыди Советон Цæдисы нывгæнджыты равдыст. Уыцы заман Мæскуыйы фæдæн æмæ, кæд цыфæнды æнæвдæлон уыдтæн, уæддæр уырдæм бацæуынæн рæстæг ссардтон. Равдыст парахат уыди, уымæн æмæ дзы æвдыст цыдысты нæ бæстæйы хуыздæр нывгæнджыты куыстытæ. Кæд кæсгæ се ’ппæтмæ дæр зæрдиагæй кодтон, уæддæр мæ кæмдæр ныфс уыди, нæхи нывгæнджытæй дзы искæйты уацмыстыл дæр кæй фембæлдзынæн, уымæй æмæ цыппар цæстæй кæсæгау кастæн, фæлæ дзы ирон мыггагыл не ’мбæлдтæн.

Рацæуынмæ мæ бирæ нал хъуыд, афтæ мæ бæллиц сæххæст. Челæхсаты Магрезы нывмæ цæст ацахста. Хуымæтæджы æхсызгон мын уыди! Утæппæт куыстыты ’хсæн разынд ме ’мбæстаджы нывдæр. Нæхимæ куы ссыдтæн, уæд Магрезæн раппæлыдтæн, дæ ныв дын æппæтцæдисон равдысты федтон, зæгъгæ. Уый дын мæм йæ къух æрбадаргæйæ афтæ куы бакæнид:

– Арфæ дын кæнын!..

Иу мæ рагон зонгæ бинонты хъуыддаг нæ кæны. Æмæ йын æй искуы-иу хатт йæ цæстмæ бадарын. Исчи банхъæлдзæн, мæхæдæг адæмы разæй фæдæн, зæгъгæ. Нæ фæдæн. Чидæр куыд загъта, уыцы «рæдыд» раджы уа-æрæджы алчидæр фæкæндзæн. Уыцы «рæдыд» мыл куы 'рцыди, уæд мæ азтæ æхсæрдæс æмæ ссæдзæй фæфылдæр сты, ме 'рдхордыл та, ус дæ ракурын хъæуы, зæгъгæ, йын куы загътон, уæд дæс æмæ дыууиссæдз азмæ 'ввахс цыди. Бинонты хъуыддаг бакæн, зæгъгæ, йын цалдæр хатты куы бакой кодтон, уæд мыл сбустæ кодта: «Цы мæ байардтай, æндæр куыст дын ницы и?!»

Хорз ма ракæн, æмæ фыд ма ссарай. Уæвгæ, цас хорз ракодтон, стæй цас фыд ссардтон! Æцæгдæр æй цы бакъуымы кодтон? Алкæмæн дæр й' амонд конд у. Кæд кура, уæд ракурдзæн, куы нæ ракура, уæд дæр цæрдзæн. Фыццаг ахæм уый нæ уыдзæн, стæй фæстаг дæр.

Уый фæстæ мæ дзыхæй ныхас дæр никуыуал ссыд. Иуцасдæр рæстæг рацыд, æмæ та мын ме 'рдхорд уайдзæфтæ кæнынмæ фæци, хъуыддаг бакæныны тыххæй, дам, мын куы ницыуал дзурыс, æви, дам, мæ хъысмæтмæ куыдфæндыйы цæстæй кæсын райдыдтай…

Зын бамбарæн у адæймаг.

Алы бон дæр мæ куыстмæ цы уынгты фæцæуын, уым фылдæр хæттыты иу хæрæндоны размæ арæх мæрзгæ куы иу, куы иннæ сылгоймаджы баййафын. Абон, æфснайыны рад кæмæ 'рхаудта, уый кæд бырæттæ марзта мидæджырдæм!

Мæ мадæй афтæ фехъуыстон, бырæттæ, дам, къæсæрæй мидæджырдæм мæрзын нæ фæтчы. Æфснайæгæн æй зæгъинаг уыдтæн, фæлæ фæзивæг кодтон. Фæзивæг кодтон, зæгъгæ – фæтарстæн, мæ ныхæстæ йæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуой, уымæй.

Ацы хатт ма сылгоймæгтæй искæй мидæмæ мæрзгæ куы фенон, уæд æм, æвæццæгæн, æнæсдзургæ нæ фæуыдзынæн…

Хетæгкаты Сергей республикæйы Министрты Советы сæрдарæй куы куыста, уæд æм æххуысмæ бацыдтæн,

редакцийы машинæ цалцæггæнинаг у æмæ мæм æхцайæ фæкæс, зæгъгæ.

– Дзæбæхдæр машинæ дын ратдзыстæм. Цалцæг кæнын, ды куыд æнхъæлыс, афтæ ’нцон нæу, – загъта Сергей æмæ телефонæй автоуправленийы хицауадмæ фæдзырдта.

Цы дзуапп ын рардæуыд, уый мæнмæ нæ хъуыст, фæлæ мын Сергей загъта, уырдæм æмæ уымæ ныццу æмæ дын, ног куы нæ уа, уæддæр дзæбæх машинæ ратдзæн.

Ныццыдтæн, кæдæм мын загъта, уырдæм, фæлæ мæ зæрдæ ницæмæй барухс. Мæхæдæг дæм сдзурдзынæн, зæгъгæ, мын загъта автоуправленийы разамонæг. Ахæм ныхæстыл ахуыр уыдтæн. Иугæр дын хицау, мæхæдæг дæм дзурдзынæн, зæгъгæ, загъта, уæд ымай: дæ хъуыддагæй ницы рауайдзæн.

Дзæвгар рæстæг фенхъæлмæ кастæн, æмæ мæ телефон куы ницы хъусын кодта, уæд та Хетæджы-фыртмæ ссыдтæн æмæ йын загътон, кæмæ мæ арвыстай, уымæн йæ фадат нæу мæнæн баххуыс кæнын, зæгъгæ.

– Цытæ дзурыс?! Нæ дын радта машинæ? – Цæхæртæ акалдта Сергей. – Дæ цуры куы баныхас кодтам, уæд ма дзы фадаты кой цæмæн хъæуы?!

Телефонмæ бауад, мæсты зылдтытæ йæ ’ркодта æмæ автоуправленийы хицауимæ тызмæгæй дзурын райдыдта:

– Айфыццаг куыд баныхас кодтам?.. Мæн уыцы ныхæстæ ницæмæн хъæуынц, фæлæ айфыццаг куыд баныхас кодтам, уый-ма зæгъ? Мæнæ мæ цуры Дзасохы-фырт бады, æмæ дзы æз æфсæрмы кæнын. Ды мæнæй не ’фсæрмы кæныс?..

Мæ цалцæджы хабарæй та ницы рауад, фæлæ, хуыздæр машинæ кæй райсдзынæн, уый мæ айфыццагæй ноджы тынгдæр бауырныдта. Æмæ хуымæтæджы нæ. Мæ куыстмæ куы ’рбаздæхтæн, ууыл бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ мæ телефоны дзæнгæрæг райхъуыст, æмæ мæм автоуправленийы хицау æцæгдæр йæхæдæг куы сдзурид.

О, хæдæгай, Сергей кæмæ дзырдта, уыцы лæппуимæ, студенттæ ма уыдыстæм, уæдæй нырмæ зонгæ уыдтæн. Уый хæххон-металлургон институты ахуыр кодта, фæлæ йе ’рвадимæ æмдзæрæны иу уаты цардыстæм, æмæ йемæ уый фæрцы базонгæ дæн. Хорз лæппуйæ йæ зыдтон,

фæлæ, цард куыд равдыста, афтæмæй хорз æмæ ’взæр, хицауы бынатмæ куы бахауынц, уæд рабæрæг вæййы.

Гъе æмæ мæм уыцы зонгæ куы сдзурид æмæ, цыма йæ цуры исты аххосджын уыдтæн, уый хуызæн мын бустæхуызæй куы зæгъид:

– Цæмæ мыл бахъаст кодтай Сергеймæ? Æнæ уымæй хъуыддаг нæ сарæзтаикккам? Кæд дын рæстæг ис, уæд-ма ардæм рацу.

Ныццыдтæн æм. Районты автотранспорты къанторты хицæутты йæм æмбырдæй ныййæфтон. Æмбырд фæци, æмæ къанторты хицæуттæй иуы фæурæдта æмæ йын, мæнмæ амонгæйæ, афтæ:

– Ацы лæджы зоныс?

– Зонын, – дзуапп радта уый.

Æз дæр æй зыдтон, фæлæ та ме уæнджы мигъ бадт, мæ зонгæ кæй разынд, уымæй.

– Гъемæ тынг хорз у! Йæ хæдтулгæ базæронд æмæ йын дæ машинæтæй иу ратт æмæ, фыццагдæр цы ног «Волгæ» райсæм, уый дын дæ фыццаг скæндзынæн.

Мæ зонгæ йæхи нынцъылдтæ кодта, цыдæр дæлдæр-уæлдæр ныхæстыл схæцыд. Иу дзырдæй, кæй йæ нæ фæнды, уый бамбарын кодта.

О, хæдæгай, автоуправленийы хицау дæр, стæй къанторы хицау дæр канд мæ зонгæтæ нæ уыдысты, фæлæ ма уыдыстæм иу районæй дæр.

– Ацу уæдæ, – загъта йын управленийы разамонæг æмæ фæдзурын кодта Дыгуры районы автотранспортон къанторы хицау Хъæрджыны-фыртмæ. Дуарæй æрбахызт бакастджын, саулагъз, саурихи лæппу. Хабар куы бамбæрста, уæд афтæ:

– Фараст машинæйы мæм ис, ныццу æмæ дзы кæцы равзарай, уый – дæу. Кæд дæ мæ машинæ хъæуы, уæд дæр – табуафси – бынæй лæууы æмæ дын уый дæр дæттын.

Нæ шофыримæ иумæ уыдыстæм, бынæй цы машинæ уыд, уый федта, йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ дзы нæ куыстмæ ссыдыстæм. Йæ хицау нын загъта, æз, кæимæ ацæуон, уый мын ис, мæныл, дам, ма тыхсут.

Адæм алыхуызæттæ сты. Семæ ахæм рæтты куы нæ фембæлай, уæд дзы, чи цы у, уый нæ равзардзынæ.

Кæсын æмæ фыссын, скъолайы чи ахуыр кодта, уыдонæй алчидæр зоны, фæлæ сæ фылдæр кæсгæ дæр нæ кæнынц æмæ фысгæ дæр. Фысгæ кæй нæ кæнынц, уый, иуæй, хорз у, уымæн æмæ дзы фыссынмæ чи фæвæййы, уый уромæг уромын нал фæфæразы.

Кæд фыссыс, уæд – писмотæ. Уæлдайдæр, дард ран куы уай æмæ дæм дæ ныййарджытæ, дæ хæстæджытæ ’мæ зонгæтæ ’нхъæлмæ куы кæсой, уæд. Фæлæ иуæй-иутæ уый дæр нæ кæнынц.

Кæсын зон, афтæмæй ма кæс, уый бамбарын та мæ бон нæу. Цæстытæ дыл куы уа æмæ сæ уынгæ куы нæ кæнай, хъустæ дыл куы уа, æмæ сæ хъусгæ куы нæ кæнай, уый хуызæн мæм кæсы.

Ахæм дуг ралæууын æнхъæл никуы уыдтæн, уымæн æмæ раздæр, кæсын чи зыдта, уыдон æнахуыргонд адæмæн бирæ хæрзты бацыдысты. Æз мæхæдæг дæр уыдонæй уыдтæн. Кæсын-иу мæ кодтой нæ сыхы хистæртæ. Уæлдайдæр, «Нарты кадджытæ» куы фæзындысты, уæд.

Æрæджы мæм æрбахауд Гæдиаты Цомахъхъы уацмысты æмбырдгонд, латинаг дамгъæтæй фыст. Йæ тираж уыд 5100 экземпляры. 1938 азы уагъд. Уыцы рæстæг адæмæй бирæтæ кæсын æмæ фыссын нæма зыдтой. Ныр, кæсын æмæ фыссын чи нæ зоны, ахæм адæймаг зын ссарæн куы сси, уæд ирон чиныджы тираж æрхауд 500 экземплярмæ. Уыдон дæр æлхæнæг нæй. Дæсгай азты лæууынц чингуыты тæрхæджытыл.

Къостайы загъдау: «Цы уыдзæн нæ фидæн, нæ фæстаг?!»

Германы Демократон Республикæйы туристон балцы уæвгæйæ нын тæлмацгæнæг уыд диссаджы хæларзæрдæ æрыгон чызг Хайди Эрбс. Ахуыр кодта Берлины университеты уырыссаг филологийы факультеты. Трептов парчы асинтыл музеймæ куы сцæйхызтыстæм, уæд йæ цæссыгтæ гæр-гæр кодтой. Ахæм лæмæгъ зæрдæ йын ис, уый мæ ницы хуызы бауырныдтаид, чысыл раздæр вагзалы æндæр ныв куы нæ федтаин, уæд.

Поездæй рахызтыстæм æмæ вагзалмæ фæцæйцыдыстæм. Куыд бамбæрстон, афтæмæй йæм иу лæппу æнаив

æвнæлд фæкодта, æмæ йын чызг йæ уалхъусæн ахæм гæрах фæласта æмæ, æвæццæгæн, йæ цæстытæ цæхæртæ акалдтой. Лæппу кæуылты фæтар, уый уынгæ дæр нал акодтам. Йæхион йæхирдыгæй куы фæци, уæд ма цы фæстиат кодтаид!

Хайди, сæрыстырдзинад равдисын кæм хъуыд, уым йæ кад ныфсджынæй бахъахъхъæдта, советон æфсæддонты хъæбатырдзинадыл дзурæг цырты цур та йæ цæссыгтæ нæ баурæдта…

Бынтон æндæрхуызонæй йæхи равдыста нæ фæндагамонæг – гид Фриц Рид. Берлины, стæй-иу нæ иннæ рæтты дæр горæты къуымты фæралас-балас кодта. Куыд бамбæрстам, афтæмæй, æппæты асламдæр хæринаг кæм кодтой, ахæм ресторан-иу агуырдта.

Дрезденмæ куы бацыдыстæм, уæд мæстджынæй дзырдта америкæгты ныхмæ, хæст цæуыл фæуыдзæн, уый, дам, бæрæг уыди, уæддæр, дам, ма горæтыл бомбæтæ 'ппæрстой æмæ, дам, цалдæр сæдæ мин адæймаджы фæмард сты.

Уыцы ныхæстæ куы кодта, уæд, йе 'мбæстæгтæ советон адæмæй, æппындæр сæм ницы аххос уыди, афтæмæй 27 милуаны бæрц кæй ныццагътой, уый йæ зæрды кæрон дæр нæ уыди.

Чидæр загъта, сылгоймаг, дам, йæ уарзон нæлгоймаджы уæз нæ фенкъары.

Мæнмæ гæсгæ, уыцы хъуыды Хъаныхъуаты Бола йæ усы тыххæй уæздандæр æмæ бæлвырддæрæй загъта:

– Мыст мæкъуылы бын нæ мæлы.

Абайты Васо йæ «Ирон æвзаджы историон-этимологон дзырдуат»-ы спайда кодта дыууæсæдæ æртын аст æвзагæй. Лекцитæ каст фæсарæйнаг æвзæгтыл. Фæндыди мæ, цал æвзаджы зоны, уымæй йæ бафæрсын. Æмæ йæм нæ иу фембæлды уыцы фарст куы радтон, уæд мын загъта:

– Куыд æмбæлы, афтæ иу дæр нæ.

Ирон æвзаг, куыд æмбæлы, афтæ кæй нæ зоны, уымæн æрхаста æрмæстдæр иу æвдисæн. «Уырыхсны» цы дзырд

у, ома цы амоны, уый нæ зыдтон æмæ, дам, дзы, ирон æвзаг хуыздæр чи зоны, ахæмы бафарстон.

Куыд бамбарæн ис, афтæмæй Васо иу дзырдæй фæстæмæ, не 'взаджы иннæ дзырдтæ иууылдæр зыдта, фæлæ уæддæр йæ дзуапп уыди бæлвырд: «Куыд æмбæлы, афтæ иу æвзаг дæр нæ зонын...»

Уыимæ дын иннæ ахуыргонд. Мангойлаг æвзаг дæр зоныс, зæгъгæ, йæ куы бафарстой, уæд, былысчъилхудт бакæнгæйæ, уæле дæлæмæ 'рдзырдта:

– Уæдæ цæмæйты базæронд стæм!..

Чи зоны, уый Васойы хуызæн дзуапп фæдæтты, чи нæ зоны, уый та мангойлаг æвзаджы «дæсныйы» хуызæн.

Къæрныхтыл цы зарæг уыд, уымæй мæм ахæм ныхæстæ 'рхæццæ:

Хъомгæсы лæдзæгæй фысгæсы ныццавтой,
Æнаккаг къæрныхтæй æстдæсы ныццагътой.
Хъæдрæбыны сæрвæттæй сæнæрттæ фæластой,
Къæрныхтæ Джызæлæй сæ мæрдтæ фæластой.

Уæлдæр партион скъола фæуд кæнынмæ хъавыдтæн, афтæ уырдæм ахуыр кæнынмæ бацæуынмæ йæхи рæвдз кодта ирыстойнаг журналист. Скъоламæ 'рбацыд æмæ бирæтиражон газет «Коммунист»-ы ныммыхуыр кодта æрмæг Хъалæгаты фондз æфсымæры тыххæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, Хъæдгæроны койæн дзы ӕнæскæнгæ нæ уыд, уымæн æмæ хъæбатыр хæстонтæ дунейы рухс ацы хъæуы федтой, тохы быдырмæ дæр сæ ардыгæй афæндараст кодтой. Гъе æмæ ацы хъæуы кой кæм кæны, уым бакастæн ахæм дзырдбаст – «высокогорное селение Кадгарон».

Æрмæджы авторыл куы фембæлдтæн, уæд ын уайдзæфы хуызы бафиппайдтон:

– Хъæдгæрон кæдæй нырмæ сси хохаг хъæу?

Уый, йæ цæст дæр не 'рныкъуылдта, афтæмæй дзуапп радта:

– Æмæ йæ ам чи зоны?..

Дисы мæ бафтыдтой йæ ныхæстæ.

Уый фæстæ Ирыстоны газетты дзæвгар рæстæг æнæхъæн фæрстæ фæмыхуыр кодта йæ интервьютæ зындгонд æф-

сæддон разамонджытимæ, фæлæ дзы æз иу æрмæг дæр нæ бакастæн. Цæуыннæ, уый, мæнмæ гæсгæ, бамбæрстат.

Нæ радио къуырисæры рекламæ кæй нал фæдæтты, уый тыххæй бон цалдæр хатты фехъусын кæны. Афтæ мæм кæсы, æмæ уый дæр рекламæ у...

Кæддæр югославаг журналист шахмæттæй дунейы чемпион Роберт Фишермæ æрхатыд, интервью мын ратт, зæгъгæ. Уый йыл сбустæ кодта:

– Æз æнæ 'хца интервью нæ фæдæттын!..

– Бузныг, интервью дæ райстон, – арфæ йын ракодта журналист.

Трамвайы æрцæйцыдтæн. Дыууæбынатон бандоныл рудзынгмæ хæстæгдæр бадти иу сылгоймаг. Цыдаид ыл дæс æмæ дыууиссæдз азæй уæлæмæ. Йæ уæлхъус лæууын, уый куы фæхъуыды кодта, уæд мæм дзуры:

– Бадут?

Мæнæн бадын мæ зæрды нæ уыд, фæлæ уыцы «бадут» куы фехъуыстон, уæд йæ фарсмæ мæхи æруагътон. Иучысыл куы ауадыстæм, уæд æм дзурын:

– «Бадут», зæгъгæ, цæмæн загътай?

– Уæдæ?

– «Бадыс».

– Иууон нымæцы куыддæр аив нæу...

– Иронау иу адæймагмæ бирæон нымæцы нæ фæдзурынц. Суанг Хуыцаумæ дæр. Искуы афтæ фехъуыстай: «Табу уæхицæн, Хуыцау!»?

Сылгоймаг ницыуал сдзырдта. Трамвай ма дыууæ хатты æрлæууыд. Мæ ног зонгæ йæ бынаты базмæлыд. Рæбынæй бадт æмæ, хизынвæнд кæй кæны, уый бамбæрстон, фæлæ дзургæ ницы кодта, æмæ æнцад бадтæн. Трамвайы цыд фæсабырдæр. Ацы хатт сылгоймаг сыстад æмæ мæм дзуры:

– Мах ам хизæм...

Æрдæбонсарæй цытæ фæдзырдтон, уыдон дзæгъæлы кæй уыдысты, уый ма мын цы бамбарын хъуыд?!.

Йæхимæ дæр бирæон нымæцы дзурын ахуыр чи у, уый ахуыр кæнынæн, æвæццæгæн, фылдæр рæстæг хъæуы.

– Нæ къухфыст цы фæци? – бафарста Сафары Нафирæт.

– Типографимæ йæ арвыстой.

– Омæ ма йæ уырдæм та цы ’рвыстой?

Цас мыл фылдæр азтæ цæуы, уыйбæрц мæм мæ сабидуг хæстæгдæр кæны, адджындæрæн æй мысын, арæхæй йæм арæхдæр афтын мæ сæнтты. Хъæуы æвддæс азы йеддæмæ нæ фæцардтæн, фæлæ уыцы азтæ мæ царды райдайæн кæй сты, уымæн ис бындурон ахадындзинад, зæрдæмæ хæстæг сты, дунейы хорздзинæдтæй сæ иуыл дæр нæ баивин. Йæ рагбонтæ кæмæй ферох вæййынц, кæнæ сæм сæрбæрзондæй кæсын чи райдайы, уый мæм æххæст адæймаг нæ кæсы.

Æппæтæй æххæст ничи у, хорздзинадмæ тырнындзинадæн та кæрон нæй. Ис æмæ бонмæ тырныны дæр æвзæрæй ницы ис. Дунейы мулк дæ рæбынæй ракæл-ракæл куы кæна, уæддæр Райгуырæн бæстæмæ уарзондзинад дæ зæрдæйы арфдæр къуымы куы нæ тæлфа, йæ сæрвæлтау тох кæныны монц дæ куы нæ судза, уæд мæгуырæй гæвзыкдæр дæ, дæ галуантæ æмæ иннæ хъæздыгдзинæдтæ цæсты нæ сахаддзысты.

Мæ фыстытæн сæ фылдæр хъæуимæ баст сты, уæлдайдæр мæ радзырдтæ æмæ повесттæн. Мæ прозаикон уацмыстæ кæд хицæн чингуытæй цæуынц, стæй сæ жанртæ дæр иухуызон не сты, уæддæр мæм афтæ кæсы, цыма се ’ппæт иу чиныгæй фылдæр не сты. Уый нæ, фæлæ ма амæй фæстæмæ цы ныффыссон, уыдон дæр уыцы иумæйаг чиныджы хæйттæ уыдзысты.

Мæ райгуырæн бæстæ, йæ адæм сты мæ чингуыты архайджытæ. Уый бæрæг у сæ сæргæндтæй дæр: «Урсдоны былыл – Бæрæгъуын…», «Бехъаны мугæ», «Иры дзыхъхъ», «Гости из Барагуна», «Осетинский долг», «Осетия, родная сторона», «Цæрадзонты хъуытаз», «Дæллаг Ир»…

Ирон адæммæ ахæм æмбисонд ис: хорз лæг адæмæй хæс дары. Æз мæхи хæрзты нымæцмæ нæ хæссын, фæлæ, адæмæй хæс кæй дарын, уый бæлвырд у. Хæс дарын мæ сыхæгтæй, мæ хъæуккæгтæй, Иры æппæт дзыллæтæй, мæ сабийы бонтæй фæстæмæ мын фидар ныфс, æнæцудгæ æнцой чи уыд. Мæгуыр уæвгæйæ мæ мæгуыр уæвын чи

нæ бауагъта, рæдыд фæндагæй мæ фæстæмæ чи здæхта, мæлдзыджы губаккæй мæ хохы цъупмæ хонынæй чи никуы бафæллад. Æз мæхи хæсджын хонын, æххуысхъуаг чи у æмæ ме 'ххуыс кæмæ нæма бахæццæ, йæ уаргъ фæрогдæр кæнынхъуаг кæмæн у, дунейы æппæт уыцы адæмæй. Бæллын ацы зæххы æнæраст хъуыддæгтæ фæкъаддæр кæнынмæ, йæ фарныл ын бафтауынмæ. Мах рæстæджы дæр кæцыфæнды заманы хуызæн дзыллæйы сагъæстæй риссын фаг нæу. Æнæмæнг тох кæнын хъæуы уыцы рыстхæсджыты ныхмæ.

Фыссæджы ном хæссын кæд каджын иу хатт у, уæд йæ бæрнондзинад та дæс ахæмы у. Цæмæй адæмы хъысмæт дæхи хонай, уымæн хъæуы, ныфс æмæ курдиат хъæуы. Къоста адæмы раз йæ хæс бафидынмæ тæхуды кæм кодта, уым хуымæтæджы адæймаг цы уавæры ис, уый зын бамбарæн нæу. Гыццыл хæс дæр адæймагæй бæрнондзинад домы. Адæмы раз ыл цы хæс и, уымæн та æнæхъæн цард дæр фаг нæ разыны, фæлæ йæм æцæг адæймаг тырнынæй нæ бафæллайы, йæ сæрвæлтау тох æй дызæрдыджы нæ бафтауы.

Азты нымæцыл куыд æфтгæ цæуы, афтæ мæ мæ райгуырæн зæхх йæхимæ тынгдæр æлвасы, йæ кæрдæджы алы хал, йæ суадæтты алы æртах дæр мын зынаргъдæр уымæн кæны. Мæ зæрдæйы рисыл мын бафтыдта, гыццылæй нæ рæуæдтæ цы цъæх кæрдæгыл хызтон, уыцы лæгъз быдыр хæмпæлы бын кæй фæци, бырондон дзы кæй сарæзтой, уый. Сагъæсы мæ бафтыдта æрдзы диссаджы рæсугъд бынат – Бехъаны – махмæ йæ Къобосты хъæд хонынц – уавæр. Донхорыггæнджытæ йæ сфæлдæхтой. Диссаджы хъæдбын къохтæ къалиу æмæ уидæгты рæдзæгъдтæ фестадысты. Фондзыссæдзгай метры дæргъæн арф къанæуттæ скъахтой, бетон хидтæ æмæ былгæрæттæ æрдæгарæзтæй баззадысты æмæ афтæмæй лæууынц. Цæмæн хъуыдысты, уымæн дзуапп ничи ратдзæн, дæсгай мин сомтæ доны чи бакалдта, уыдоны бафæрсæг нæй. Æппæты сæйрагдæр та – æрдзмæ сындзкъухæй бавнæлдтой, йе 'нусон фæтк ын фехæлдтой, йæ рæсугъддзинад ын цæсты бафтыдтой, æфсон сын нæ уыд, афтæмæй йæ зæрдæхудты бацыдысты.

Райгуырæн бæстæ, фыдыуæзæг – уыдон зынаргъ сты алы адæймагæн дæр. Зынаргъ у мæнæн дæр Ирыстоны

зæхх. Йæ хъæздыг мæры цæрæццаг мыггæгтæ ныппарынмæ тырндзынæн, цалынмæ мæ цæст æрттива, уæдмæ.

Мæ куысты рæстæг фæци æмæ нæхимæ рацæйцыдтæн. Асинты онг куы рахæццæ дæн, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд, мемæ хæссынмæ цы чиныг хъавыдтæн, уый стъолыл кæй ферох кодтон. Раздæхтæн æмæ йæ рахастон. Фыццаг уæладзыгмæ куы 'рхызтæн, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыд, мæ кæсæнцæстытæ дæр ма кæй ферох сты. Æртыккаг хатт раздæхтæн, мæ дуар сæхгæдтон æви нæ, уый базоныны тыххæй.

Ирон æмбисонд мæ зæрдыл æрбалæууыд: æдылы хъæддзау хъæдмæ дыууæ цыды кæны: куы дзы фæрæт ферох вæййы, куы — бæндæн. Æдылы хъæддзауæн нæ зонын, фæлæ æдылы сæйраг редактор æдылы хъæддзауæй æдылыдæр кæй у, уый бæлвырдæй зонын, уымæн æмæ, йæ куыстæй цæугæйæ, фæстæмæ æртæ хатты здæхы.

«Хæмыц ус куыд ракуырдта», зæгъгæ, уыцы кадæджы кæсæм: «...мах стæм кæрзмаст, цыбырхъуыр, лыстæг мыггаг — нæ бæрзæнд у дыууæ уыдисны, нæ уæрх та — уымæй къаддæр. Тых æмæ нæ лæджыхъæдæй æвзарын нæ хъæуы. Ис мын иу хо, æмæ дын æй (Хæмыцæн. — *Дз. М.*) бæргæ раттиккам, фæлæ сымах стут фидисгæнаг; мах та фидисæй рынчын кæнæм, уайдзæфæй — мæлгæ. Тæрсын, йæ бавæрын дæ бон куы нæ бауа».

«Нарты кадджытæ» фыццаг хатт куы бакастæн, уæдæй нырмæ «фидис»-æй «уайдзæф»-æй чи карздæр у, ууыл хъуыды кæнын. Мæнмæ гæсгæ, фидис уайдзæфæй тыхджындæр хæцæнгарз у. Уæд дзы, цымæ, Быцентæ рынчын нæ, фæлæ мæлгæ цæуыннæ кодтой? Æви нæ фыдæлтæм уайдзæф фидисæй тыхджындæрыл нымад уыд? Кæд нæ, уæд, чи зоны, æмæ, кадджытæ мыхуырмæ чи цæттæ кодта, уыдон фæрæдыдысты? Иннæ ахæм «иннæ абонæй иннæ абонмæ». Кæд, мыййаг, «иу абонæй иннæ абонмæ»?

Фыдæлты дуджы сылгоймæгтæ æппæт дзуæртты сæ нæмттæй нæ хуыдтой. Алчидæр зоны, Уастырджийы Лæгты дзуар кæй хуыдтой, фæлæ, æвæццæгæн, алчи

нæ зоны, Рекоммæ дæр сылгоймæгтæ йæ номæй кæй нæ дзырдтой: хуыдтой йæ Галты дзуар. Уæдæ Хетæджы дзуары ном дæр нымдаг уыд æмæ йæ хуыдтой Тымбылхъæды дзуар...

Иуцалдæр азы размæ Венгрийы уыдтæн æмæ уым ахæм хабар фехъуыстон. Фехъуыстон, зæгъгæ, ацы цауæн мæхæдæг æвдисæн уыдтæн. Мæ фысым Гезе Сабоимæ Мæскуыйы иумæ ахуыр кодтам æмæ тынг балымæн стæм. О, æмæ уымæ уазæгуаты уæвгæйæ, базыдтон, венгриагæн фыццаг лæппу куы райгуыры, уæд ыл æнæмæнг йæ фыды ном кæй сæвæры. Уымæн дæр йæ фыццаг лæппу куы райгуырд, уæд ыл йæхи ном уымæн сæвæрдта.

Мæ зæрдыл нæхи ирон цардæй ахæм æгъдау æрлæууыд. Фыццаг лæппу-иу кæмæн райгуырд, уымæ-иу мад йæ номæй нæ дзырдта: сæвæрдта-иу ыл йæхи ном. Ам дæр та, мæхæдæг æвдисæн цæмæн уыдтæн, ахæм хъуыддæгтæ радзурын ис мæ зæрды.

Мæ мад-иу зæронд мæрдтæн фынджы дзаг куы скодта, уæд-иу æнæмæнг йе 'дзард хъæбулты æрымысыд æмæ-иу сæ нымайын куы райдыдта, уæд-иу загъта: «Гæбул дæр, Зауырбег дæр, Хъазыбег дæр...» Гæбул дзы кæцыйы хуыдта, уый бæлвырд нæ зонын, фæлæ, æвæццæгæн, Солтанбеджы, уымæн æмæ-иу цыма ранымады йæ кой нæ уыд, афтæ мæм кæсы. «Кæсы», зæгъгæ, уымæн зæгъын, æмæ уæдæй нырмæ æнусы æмбисæй фылдæр рацыд, æмæ йæ дзæбæх нал хъуыды кæнын, бæлвырддзинæдтæ мын чи радзура, ахæм хистæр та мын уæвгæ нал и.

Уæдæ мæ мады мад Лези дæр – мах æй дзыцца хуыдтам, – йæ хистæр лæппу Хæчъассæмæ йæ номæй нæ дзырдта. Хуыдта йæ Гаги. Афтæ йæм дзырдтой йæ сывæллæттæ дæр. Иннæ ахæм мæ мады хо Евдинкæ. Йæ фыццаг зæнæгæн «Хаджумар» ном радтой, фæлæ йæм нæ лæппу йеддæмæ æндæр номæй никуы сдзырдта.

Ныртæккæ нымд цы у, уый бирæтæ нал зонынц, чи йæ зоны, уыдоны иу хаймæ та нымады нал у, æндæр нæ радиойæ хатгай сылгоймæгтæ, Уастырджи, зæгъгæ, куы радзурынц, уæд мæ хъустæ ссудзынц, цыма йæ зæгъæджы кусартгæнгæ баййафын, афтæ зын мын вæййы.

Æнхъæл дæн, æмæ Къоста йе 'мдзæвгæ «Ракæс!..» куы фыста, уæд цыма, сылгоймагæн Уастырджийы ном дзурæн

кæй нæй, уый йæ зæрдыл дардта. Куыд зонут, афтæмæй уым ис ахæм рæнхъытæ:

Гъе Уастырджи, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

Ам Уастырджийæн æнцонæй баивæн ис Лæгты дзуарæй. Æнцонæй уымæн зæгъын, æмæ рæнхъы азæлд кæсгæйæ дæр æмæ заргæйæ дæр нæ хæлы:

Гъе Лæгты дзуар, ракæс, цæмæй
Нæ фæуæм бынтондæр фыдвæндаг!..

Мæ фыд райгуырд хохы – Бадыхъæуы, мæхæдæг – быдыры, Бæрæгъуыны.

Дыууæ хъæуæй мын кæцы зынаргъдæр у? Кæй зæгъын æй хъæуы – Бæрæгъуын, уымæн æмæ уый мæ райгуырæн бæстæ у, мæ фыдыбæстæ нæ фæлæ. Уыдон æхсæн та мæнæн бирæ хъауджыдзинæдтæ ис. Чи зоны, канд мæнæн нæ, фæлæ алкæмæн дæр. Фыд æмæ фырт иу ран куы райгуырынц, уæд уый æндæр хъуыддаг у. Æвæццæгæн, уæд ахæм фарст уæвгæ дæр нæ сæвзæры, уымæн æмæ уæд Райгуырæн бæстæ æмæ Фыдыбæстæ баиу вæййынц æмæ дыууæ дæр æмхуызон ад фæкæнынц.

Мæ фыдыбæстæйыл бирæ-бирæ азтæ куы цыди, уæд мæ райгуырæн бæстæйæн йæ кой дæр нæма уыди, фæлæ мын уый тыххæй къаддæр зынаргъ нæу. Ныййарджытæй уæлдай нæй. Фæнды ацæргæ уæнт, фæнды – æрыгон: æмхуызон цæстæй сæм кæсынц сæ хъæбултæ. Æмхуызон æнувыд стæм мах дæр Бæрæгъуынимæ кæрæдзиуыл. Уæвгæ ам алчидæр йæхи тыххæй дæтты дзуапп. Мæ хъæу мыл кæд æнувыд æппындæр нæу, уæддæр уымæй мæнæн Бæрæгъуынмæ мæ уарзондзинад къаддæр нæ кæны. Æз æй уарзын, Райгуырæн бæстæ æппæты тынгдæр чи уарзы, уымæй дæр фылдæр, кæд мæ уарзондзинад кæимæ æмæ цæимæ абарон, уый нæй, уæддæр.

Мæ мады 'фсымæр Хæчъассæ-иу афтæ загъта: «Дæ чиныг «Урсдоны былыл – Бæрæгъуын...» æнæ цæссыгкалгæйæ кæсын мæ бон нæу...»

Мæгуыр рæстæджытæ та ныл куыннæ скодта! Хуымæтæджы сапон дæр зын ссарæн уыд. Иуæй-иу хатт-иу, къухтæхсæн кæй хонынц, уыцы сапонæй æхсгæ нæ, фæлæ-иу æм смудгæ куы бакодтам, уæддæр-иу æй нæхицæн стыр æхсызгондзинадыл банымадтам, уымæн æмæ ахæм хорз тæф кодта, æмæ йæм адæймаг смудынæй не 'фсæст. Цæмæдæр гæсгæ йæ мах духи-сапон хуыдтам. Æвæццæгæн, йæ тæф духийы тæфы хуызæн кæй уыд, уый тыххæй.

Куы зæгъын, хуымæтæджы сапонæй дæр нæхи зæрдæйы фæндиаг никуы ныхсадтам. Нæ мæгуыр мадæлтæ æмæ хотæ дзаумæттæ æхсадтой фæныкдоны, сæ сæртæ та – хуырхæй.

Æмбырды бадтыстæм, æмæ ныхасгæнджытæй иу тынг хъæддыхæй дзырдта нозты ныхмæ:

– Æгæр чи нуазы, уыдонæн карз уайдзæф кæнын æмбæлы!..

Мæ фарсмæ чи бадт, уыцы лæг ын йæ ныхæстæ бæлвырдыл нæ банымадта æмæ мын мæ хъусы æрбадзырдта: «Æгæр бирæ чи нуазы, уыдонæн уайдзæф кæнын домы æви, æгæр гыццыл чи нуазы, уыдонæн?»

Рæстæджытæ ивынц, фæлæ адæмы пайдайæн нæ. Раздæр арæх, суанг мæгуыр лæгæн дæр, йæ бон, цы йæ хъуыд, уый балхæнын уыд, фæлæ нæ уыд, кæм æй балхæдтаид, уый. Æппæты зынаргъдæр дзаумæттæ дæр сæхи аргъæй балхæнын бирæты бон нæ уыд, уымæн æмæ сæ чъылдымæрдыгæй, фылдæр кæмæ уыди æмæ уæлдæр бынæтты чи бадти, уыдон хастой. Машинæ балхæныны рад-иу кæмæ 'рхауд, уый-иу йæ худ уæларвмæ 'ппæрста, мæхæдæг ыл куы нæ сбадон, уæддæр æй зынаргъдæрыл ауæй кæндзынæн, зæгъгæ. Хæдзары дзаумæттæ, гауызтæ æмæ æндæрты кой нал кæнын. Уыдон дæр сæхи аргъæй балхæнын бирæтæм нæ хауд.

Ныр бынтон æндæр рæстæг ралæууыд. Алцыдæр балхæнæн ис, фæлæ, уыцы алцытæ бирæтæ цæмæй балхæной, уый нæй.

Мæ ныхас, рæстæджытæ ивынц, зæгъгæ, уымæй райдыдтон, афтæмæй та дзы ивддзинадæй æппындæр ницы

æрцыдис. Раздæр гуыдырæн дæгъæл нæ уыди, ныр та дæгъæлæн гуыдыр нæй.

Гуырдзы Хуссар Ирыстонмæ ’рбалæбурынмæ куы хъавыдысты, уæд кодтой алыхуызон загъдкъахæнтæ. Уый фæдыл 2007 азы 30 июны Дзæуджыхъæуы ирон театры раз уыдис стыр митинг. Алы адæмыхæттытæ мæстджынæй дзырдтой загъдкъахджыты ныхмæ. Ныхасы бар ракуырдта Гутник Михаил дæр. Уый раздæр радзырдта уырыссагау, ома йæ мадæлон æвзагыл, уый фæстæ та – сыгъдæг иронау. Адæм æм хъуыстой тынг зæрдиагæй. Ныхас куы фæци, уæд ын сарæзтой тыхджын къухæмдзæгъд. Мæ хуссайраг æмбал мæ фарсмæ лæууыдис æмæ, æмдзæгъд куы басабыр, уæд мын, мидбылхудгæйæ, афтæ:

– Гутник иронау мæнæй хуыздæр дзуры!..

Ме ’мбал дæр иронау хорз дзуры, фæлæ, уырыссаг лæппу не ’взаг афтæ хорз кæй зоны, уый йын æхсызгон уыд, æмæ афтæ йе ’нкъарæнтæ равдисыны тыххæй загъта.

Иу заман цыдæр гыццыл хъуыддаджы фæдыл, стыр бынаты чи бадт, ахæм лæгмæ бацыдтæн. Мæ курдиат ын куы бамбарын кодтон, уæд, йæ алыфарс йæ цæст ахæсгæйæ, загъта: «Бауырнæд дæ, ацы стыр кусæн уат йеддæмæ мæм ницы ис». Ныр æм бакæс, уæд йæ тæнтыл цыппар адæймаджы, кæрæдзийы къухтыл хæцгæйæ, не ’рбаххæссыдаиккой.

Ацы хабар Цыбырты Людвигæн куы радзырдтон, уæд мын уый та æндæр лæджы кой ракодта. Партийы обкомы хайады хицаумæ йæ сыхаг цыдæр хъуыддаджы фæдыл æххуысмæ бацыд æмæ йын ахæм дзуапп радта:

– Мæнæ ацы тумбочкæ уыныс? – æмæ йын йæ кусæн уаты къуыммæ ацамыдта. – Кæд ацы обкомы уымæ исчи хъусы, уæд мæнмæ дæр.

– Омæ иу кабинеты дыууæ тумбочкæйы цæмæн хъæуы? – бафарста йæ æххуысагур.

Дзанайты Руслан Къостайы нывв скодта æмæ, йе ’рмадзмæ чи ’рбацыд, уыдонæй иу афтæ:

– Йæхи хуызæн нæу.

– Æмæ ма йæ фæстаг хатт кæд федтай? – фарстæй йын дзуапп авæрдта Руслан.

Иу æлгъыст у, зæгъгæ, фæзæгъынц, фæлæ, æвæццæгæн, алы хатт нæ: «Иу – Хуыцау! Хуыцауы динæй арвмæ хауы дур».

Дыууæ – фæлдыст. Ау, дыууæ къухы, дыууæ цæсты, дыууæ базыры æмæ афтæ дарддæр – иууылдæр сæ фæлдыст рахонæн и?!

Уæдæ дыууæ Ирыстоны, дыууæ ’взаджы, дыууæ дины дæр, куыд æвзæр хонынц, афтæ ’взæр не сты.

Ис ахæм ирон аргъау. Хæрæг æмæ теуа базæронд сты. Уаргъхæссынхъом чи нæуал уыд, уыдон ма æлдары цæмæн хъуыдысты æмæ сæ сафынвæнд скодта. Йæ чапармæ фæдзырдта æмæ йын загъта, искуыдæм сæ куыд атæра æмæ сæ куыд амара. Уый сыл ахъæр кодта, хъæды арфмæ сæ батардта æмæ йæхинымæр хъуыды кæны: «Амарин сæ æмæ мæ сæ тæригъæд цæмæн хъæуы? Ардыгæй дзы фæстæмæ фæндаг иу дæр нал ссардзæн. Фæлтау сæ ныууадзон æмæ, кæд мæлой, уæд сæхæдæг амæлдзысты».

Хæрæг æмæ теуа сæрддон-сæрддæргъы сойджын кæрдæгыл сæрибарæй фæхызтысты æмæ сæ цармы дзаг баисты. Иу бон хæрæг цалдæр чъыллиппы ныккодта æмæ теуайæн афтæ:

– Зарын мæм цæуы.

– Ма ныззар, фæлтау чъыллиппытæ кæн.

– Чъыллиппытæ кæнын мæм нал цæуы, мæ зæрдæ зарын агуры.

– Уæд та фæстæдæр ныззардзынæ.

– Нæгъ, мæнмæ ныртæккæ цæуы зарын.

– Ма ныззар, кæннод æлдар ацафон йæ чыраæимæ ардæм хæстæг фæндагыл фæцæуы, дæ хъæлæсæй дæ базондзæн æмæ та ныл уæззау уæргътæ бавæрдзысты.

Нæ бакоммæ касти хæрæг æмæ йæ хъæлæсыдзаг «ныйио-ио» кодта.

Æлдар хæрæджы йæ уасынæй базыдта, йæ чапармæ фæдзырдта æмæ йын афтæ:

– Уый мæ хæрæджы уасын у. Æвæццæгæн сæ æгасæй ныууагътай, æмæ теуа дæр хъуамæ йæ цуры уа. Ныртæккæ сæ дыууæйы дæр ам куыд æрбалæууын кæнай, афтæ!

Уыцы рæстæг та хæрæджы уасын ногæй æрбайхъуыст. Чапар, уасын кæцæй фæцыд, уырдæм фæцагайдта æмæ уайтагъд теуа æмæ хæрæджы цур балæууыд. Тыххæйты ма сæ базыдта, афтæ снард сты. Йæ разæй сыл ахъæр кодта æмæ сæ æлдары размæ батардта. Уæззаудæр цы уæргътæ уыд, уыдон сыл бавæрдтой æмæ сæ чырæйы разæй ауагътой.

Цæуынц иу бон, цæуынц дыккаг бон. Æртыккаг бон сихормæ 'ввахс хæрæджы къæхтæ дыдæгътæ кæнын райдыдтой. Йæ уаргъ нæ, фæлæ йæхи хæссын дæр нал фæрæзта. Гæнæн нал уыд, æмæ йæ æд хæссинæгтæ теуайыл бавæрдтой.

Иу заман чырæдзаутæ стыр доны былмæ бахæццæ сты. Йæ сæрты уыд нарæг хид. Теуа æдуæргътæ хиды астæумæ куы бахæццæ, уæд æрлæууыд æмæ хæрæгмæ дзуры:

– Кафын мæм цæуы.

Дон ахæм уылæнтæ кодта, æмæ-иу йæ фæлхъæзæнтæ бынозæй хæрæджы цæсгоммæ дæр скалдысты.

– Фæлтау заргæ ныккæн, кафгæ ма скæн, – лæгъстиаг хъæлæсæй йæм дзуры хæрæг.

– Нæ, мæнмæ кафын цæуы, – къахсæттæгау ныллæууыд теуа.

– Уæд та фаллаг фарс скафдзынæ, – лæгъстæгæнæгау кæны хæрæг.

– Нæ, мæнмæ ам кафын цæуы! – загъта теуа, йæхи ныууыгъта, æмæ хæрæг æд уæргътæ гуылфæны смидæг...

Хæрæгмæ зарын цыд, теуамæ – кафын, мæнмæ та кæуын цæуы...

Æз дæ куы фæнæмон, уæд дæ райсом фæрсдзысты, цалæй дæ фæнадтой, зæгъгæ.

Ме 'рдхорд мын ахæм хабар радзырдта.

«Денджызы былмæ мын путевкæ радтой, фæлæ мын иу уаты æнæзæрдæмæдзæугæ адæймагимæ цæргæ æрцыд. Иуæй дзы цыдæр æвзæр тæф калди, иннæмæй та

хуыр-хуыр кодта. Æхсæв бонмæ, зæгъæн ис, æмæ мæ цæстытæ не 'рцъынд кодтон. Бон сауизæрмæ, цы бакæнон, ууыл фæхъуыды кодтон. Фæсахсæвæр æрбацыдтæн æмæ мæ сыхаджы уæлгоммæ хуысгæ баййæфтон. Агъуысты зæрдæхæццæгæнæн тæфæй бацæуæн нал уыд, фæлæ уæддæр мæ уаты даргæ дарæс скодтон æмæ æз дæр хуыссæны мæхи æруагътон. Иуцасдæр афтæ фæхуыссыдтæн, стæй мæхицæн дзурæгау бакодтон:

— Рудзгуытыл æфсæйнаг хуызæг бакæнын хъæудзæн…

— Лæбурджытæ нæм куы нæ цæуы, цæмæн дзы хъæуы æфсæйнаг хуызæг æвæрын?

— Æз цыппар хатты ахæстоны бадтæн æмæ, йæ рудзгуытыл хуызæг æвæрд кæмæн нæй, ахæм уаты æвзæр фынæй кæнын.

Лæг, уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, сагъæссаг хъуыдыты ахæсты бахауд. Иуцасдæры фæстæ, æвæццæгæн, йæ уд йе 'муд куы 'рцыд, уæд, цас фæлмæндæр уæвæн ис, ахæм хъæлæсыуагæй бафарста:

— Æмæ уал хатты цæй тыххæй бадтæ ахæстоны?

— Æртæ хатты лæгмарды тыххæй, иу хатт та кардæй рæхуысты тыххæй.

Уый фæстæ мæ ницæмæйуал бафарста. Дыккаг æхсæв, хуыссæджы хъæстæ нæ уыдтæн æмæ, куыд афынæй дæн, уый зонгæ дæр нæ бакодтон.

Æмбисæхсæв цæмæдæр гæсгæ райхъал дæн. Уаты бынтон талынг нæ уыди: кæрты цырагъ сыгъди æмæ йæ рухсæй мидæмæ дæр цыдæртæ хæццæ кодта. Мæ сыхаджы сынтæгмæ бакастæн, æмæ — афтид. Цырагъ ссыгътон, уаты къуымтыл мæ цæст ахастон — æмæ йæ дзаумæттæй дæр уым ницуал. Дисы бацыдтæн, цы фæуыдаид, зæгъгæ. Иу бон нæ фæзынд, нæ фæзынд дыккаг бон дæр. Ноджы тынгдæр дис та фæкодтон, цалынмæ уым уыдтæн, уæдмæ йыл мæ цæст æппындæр куынæуал æрхæцыд, уæд».

Цынæ хицæуттæ бавзæрстам, ахæм нал баззад. Тæнæгсæр дзы кæмæн уыд, уый дæр йæ фæстæ бæзджын фæд ныууагъта. Йæ сæртæг, уæлæнгай, æнæбындур митæ æмæ ныхæстæй. Се 'хсæн ахæм дæр разынд, Ирыстоны истори æвддæсæм азы размæ чи ныххахх кодта. Иу æмбырды йæ «арф хъуыды» æргомæй

загъта: «Ирыстоны истори райдыдта Октябры революцийæ фæстæмæ».

Ау, мæлдзыгæн дæр ма йæ истори мин нæ, фæлæ милуангай азтæй нымайгæ куы у, уæд мах истори æвддæсæм азы размæ мæйхортæ ахордтой æви йæ кæфхъуындар аныхъуырдта? Революцийæ иуæндæс азы размæ дæр ма йæ цæхæр зæрдæ кæмæн куыста, уыцы Къоста та цы 'рбаци? Ахæм фæрстытæ минтæ æмæ сæдæгай минтæ дæттæн дæр ис, фæлæ тæнæгсæрмæ иу дзуапп дæр нæ разындзæн.

Йæ иннæ зонды ныхас та ахæм уыди: «Сымах фæнда æви нæ фæнда, уæддæр уымæн адæмоны ном ратдзыстæм!» Уый иу фыссæгæй загъта, адæмоны аккагыл нымад чи нæ уыд, ахæмæй. Æмæ йын раттын кодта. Йæ фидар ныхасæн фидар хицау разынд.

Æмæ цынæ ногдзинад æрхъуыды кодта. Йæ хицауы цæстмæ ирон цыхт кæнын нал уагътой, кæд ма уагътой, уæддæр, адæмы цас хъуыд, уымæй бирæ къаддæр. Æмæ йын хуымæтæджы æфсон ссардта: сывæллæтты рæвдауæндæтты, дам, æхсыр нæ фаг кæны...

Науæд, бирæуæладзыгон бæстыхæйтты цур цы хæдзæрттæ арæзтой, уыдон та? Хæлдтой сæ, расыггæнджытæ, дам, дзы æмбырд кæнынц...

А цы æмдзæвгæ мын æрдæгфыстæй баззад:

Ныууагътай æвзǽртæ, æвзæртæн — бынтæ,
Æвзарæм æрвылбон мах уымæн зынтæ.
Ныппапылой кодтой нæ намыс — нæ ис,
Æнæниздзинадыл ыстыхджын и низ!

Сталинимæ ныхас кæнын райдайын мæ зæрды уыд...

Барис уарзта хъæлдзæг ныхæстæ кæнын. Йæ кусæн уаты къæсæрæй-иу исчи куы 'рбахызт, уæд ын-иу, йæ хорз зонгæ куы уыдаид, уæддæр афтæ фæкодта:

— Æгас цу, чидæриддæр дæ! Сбад æмæ лæугæ ма кæнай...

Терчы былмæ байрæджы кодтон. Ме 'мбæлтты сæ тæккæ уæнгтæ ивазгæйæ ныййæфтон. Æрæджиауы хосдзауы кой сын скодтаин, фæлæ мæм уыцы æмбисонд æгæр иударон фæкаст æмæ мæхи æндæрхуызон сраст кодтон:

– Зындгонд францаг новеллист Проспал Меримейæ уæм салæмттæ!

Æгæр кæй афынæй дæн, уый тыххæй байрæджы кодтон, фæлæ мæ йæ дзурыны сæр нал бахъуыд: иууылдæр мæ бамбæрстой.

Куывды кæстæртæй, нæ йын æмбæлдис, афтæмæй иу дзырды бар куы куырдта, уæд ын хистæр афтæ:

– Цы зæгъынмæ хъавыс, уый дæ цалынмæ нæ ферох, уæдмæ тæхгæ æмæ йæ уæхимæ зæгъдзынæ!

Æлгъыстытæ та куыннæ фехъуыстон!

Иу та дзы ахæм уыд: «Хъазийы хъазт фæкæн!» Æрмæст цавæр Хъази уыд, стæй цавæр хъазтæй хъазыд, уый абон дæр нæма базыдтон.

Æвæццæгæн, хъæзтытæй кæцыдæртæ сæры цæфы хуызæн хъæзтытæ сты. Уыдонæн та хъазт рахонæн нал вæййы, æлгъысты тынгдæр кæй сфидауынц, уый тыххæй.

Цыфæндыйæ дæр мах æгæр æрæджиау райгуырдыстæм. Зондджын хъуыдыйæ цыдæриддæр зæгъæн уыдис, уыдон нæ размæ загъдæуыд. Мæнæ куыд фыста Мишель де Монтень: «Фондзыссæдз азы размæ кæй нæ цардыстæм, уый тыххæй кæуын, фондзыссæдз азы фæстæ кæй нал цæрдзыстæм, уый тыххæй кæуыны хуызæн æдылыдзинад у».

Цуæй-иутæ, æрыгæттæм кæсгæйæ, афтæ фæзæгъынц:

– Тæхуды, сымах караен ма чи у!..

Нæ мæ фæнды мæ бонтæй иу дæр фæстæмæ раздахын, цы фæндæгтыл рацыдтæн, уыдонæн канд сæ амондджындæртыл

фæстæмæ ацырдæм рацæуын нæ, фæлæ дзыхъхъынногæй цæрын райдайын дæр. Цы фæцардтæн, уый мын кæд фаг нæу, уæддæр мæ нæ фæнды ногæй цæрын райдайын. Фыццаджыдæр, уымæн уæвæн кæй нæй, уый тыххæй, дыккаджы та – уый куы хъуыдаид, уæд æй Хуыцау дæр зыдта.

Мæ бинойнаг телефонæй дзырдта, афтæмæй, рарастæввонг уыдтæн, фæлæ мæ кæсæнцæстытæ нал ардтон. Фатимæ мæ бамбæрста, кæимæ ныхас кодта, уымæй хатыр ракуырдта æмæ мын мæ кæсæнцæстытæ уайтагъддæр райардта.

Мæ зæрдыл Чехов æрбалæууыд. Йæ иу писмойы йæ бинойнагмæ афтæ фыста: «Галиу къухæй рахиз къухы ныхтæ кæнынæй ме сæфт уынын. Æнæ усæй цæрын тынг зын у».

Иу фыссæджы «поэт года» схуыдтой æмæ йыл, чи зоны, цин кодта. Газет «Литературная Россия»-йы та ахæм иумæйаг сæргонд ис: «Писатель номера» (æз дзы мæхæдæг дæр бахаудтæн). Æвæццæгæн, уый «бын» чи фæвæййы, уый дæр дзы райгондæй баззайы.

Цымæ, Пушкин кæнæ Толстойы «поэт года» кæнæ «писатель номера» исчи куы рахуыдтаид, уæд æй йæхицæн кадыл банымадтаид?

Нæ дуджы «хъæбатырты» къух цæмæ нæ батасыд, ахæм нал баззад. Ныр цал азы тох кæнынц Ленины марды ныхмæ! Мавзолейæ, дам, æй рахæссын хъæуы. Уый тыххæй цынæ 'фсæнттæ 'рхъуыды кодтой! Чи зæгъы, чырыстон ныгæд æй бакæнæм, чи зæгъы, Сырх фæз уæлмæрдты бынат нæу, чи...

Адæймаг сыл худгæ дæр фæкæны. Куыд æнæбон, æдых æмæ тæнæг зонды хицæуттæ сты! Ацал-ауал азы куырыхон лæджы мард баныгæнын йæ бон кæмæн нæу, уыдон ын йæ цытджын хъуыдытæ куыд баныгæнынмæ хъавынц?

Мæ цæстыл, нарты Сослан тыхагур куы ацыд, уыцы нывтæ ауадысты. Иудзонгон уæйыгмæ æртæ 'фсымæры бауырдыг сты, нæ хæххон дзиглойы нын æри, кæннод дæ

дзæбæхæй нæ ауадздзыстæм, зæгъгæ. Иудзонгон æртæ ’фсымæрмæ фæлæбурдта, Сосланы йæ дæлæвзагæй раппæрста æмæ йæм дзуры: «Мæ агъды фарсыл иу æрду ис æмæ йæ ратон». Уæйыг сæ уымæй бабæттынмæ хъавыд.

Сослан æрдуйæн цынæ фæкодта, марадз-зæгъай, кæд ын ратонын бакуымдта. Цирхъæй алыг кæныныл дæр æй афæлвæрдта, фæлæ йæ цирхъы ком йæ цæгаты хуызæн фæци, æрдуйыл та фæд дæр нæ баззад. Иудзонгон уæйыг æртæ ’фсымæры йæ уæраджы бын нылхъывта, йе ’рду æнцонæн ратыдта, æртæ ’фсымæры сбаста, æмæ змæлгæ дæр нал скодтой.

Афтæ мæм кæсы, цыма Ленин цы паддзахад сарæзта, уый ныхмæ æрæджиау тохгæнджытæн дæр сæ фидæн хуыздæр нæ уыдзæн.

Ахæм бон ралæудзæн, æмæ змæлгæ дæр нал скæндзысты.

Йæ фыды чи баныгæдта, уый, арф ныуулæфгæйæ, загъта: «Уый дæр та мын кæй фæхицæн!..»

Институты нын зæрондславяйнаг æвзаг амыдта Румянцев Владимир. Йæ предмет иттæг хорз зыдта, фæлæ йæм иу æнахуыр миниуæг уыдис: дзуапп-иу чи лæвæрдта, уымæн-иу йæ цæсгоммæ нæ каст, фæлæ – йæ къæхтæм. Уымæй йын фæпайда кодтой, фæлварæн дæттынмæ йæ ныфс чи нæ хаста, уыдон. Сæ бæсты-иу барвыстой, æрмæг хорз чи зыдта, ахæмы.

Зæгъын ма хъæуы уый, æмæ Румянцев тынг зæронд уыди: хъусæй дæр дзæбæх нал хъуыста, æмæ йын цæстфæлдахæг студенттæ уымæй дæр пайда кодтой. Иу бон, æрмæг хорз чи зыдта, уый йе ’мбæлтты бæсты цалдæр хатты радта фæлварæн. Фæстаг хатт ма куы бацыд, уæд ын Владимир, йæ къæхтæм кæсгæйæ, афтæ:

– Ацы туфлитæ мæм абон фæндзæймаг хатт дзуапп дæттынц...

Тæнæн ын кæм вæййы, уым æппæт дæр саразы, цæмæй адæймагæн... ма баххуыс кæна.

Ахæм хъæутæ ис, чъындыйы ном кæуыл сбадт. Хъæуы æппæт адæмæн чъынды уæвæн нæй, се 'ппæтæн рæдау уæвæн куыд нæй, афтæ, фæлæ йын кад дæр иуæй-иутæ скæнынц, æгады ном дæр ыл иуæй-иуты аххосæй сбады.

Джимийæгты цы хонынц, уый алчидæр зоны, фæлæ дзы ахæм ми æрмæстдæр иу бакодта, фидисы азар та æппæт хъæуы басыгъта.

Чъындыйы ном кæуыл сбадт, уыцы хъæуккаг – æгъдауджын, йæ цæхх æмæ кæрдзын адæмимæ хæрынахуыр чи уыд, уымæн иу фынджы уæлхъус йæ хъæуы фыдгой куы ракодтой, уæд сæ бафарста, кæй дзы зонут чъындыйæ, зæгъгæ. Нымайын сæ райдыдтой, фæлæ сын фондзæй уæлдæр не схæццæ сты. Хадзырæт фынгæй сыстад æмæ буфетæй рахаста æхсæз авджы шампайнаг сæн æмæ сæ радыгай фынгыл æвæрын райдыдта:

– Ай уын Гæбæтийы тыххæй! Ай уын Дадыгайы тыххæй! Ай уын Дзæрæхмæты тыххæй! Ай уын Гæбæтджерийы тыххæй! Ай уын Дзидаханы тыххæй. Ай та уын, чъындытæй ма кæй ферох кодтат, уый тыххæй! – æмæ æхсæзæм авгæн дæр йæ тъæпп фынгыл фæцыд. – Уæддæр нæ чъындыйы кой мауал кæнут!..

Талазты Æхсар ма президент куы уыди, уæд нæ цыдæр ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл æрæмбырд кодта æмæ Малиты Васойæ æппæлыди, йæ редакцийæн, дам, ын машинæ куы радтон, уæд, дам, мын ахæм арфæтæ фæкодта æмæ дзы, зæгъæн куыд нæй, афтæ тынг фæбузныг дæн.

Мах редакци дæр машинæ хъуаг уыд, æмæ йæм мæ бынатæй дзурын: «Арфæтæ дын мах дæр бæргæ ракæниккам, машинæ нын куы раттис, уæд».

Зæгъут, æмæ нын нæ радта? Радта. Стæй йын мах Васойæ къаддæр арфæтæ нæ ракодтам.

Ирон адæмы цыфыддæр знæгтæй иу йæ паспорт ивынмæ бахаста æмæ, йæхæдæг, цы адæмыхаттæй уыд, уый бæсты «ирон» ныффыссын кодта. Уырдыгæй рацыд, æмæ, уадз æмæ ирон адæм иу къаддæр фæуой, зæгъгæ, йæхи агæрах кодта.

Рæстæг æвзæрæрдæм ивы, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ фæзæгъын. Ныр паспорты адæмыхатт нал фыссынц, æмæ та уый дæр мах пайдайæн нæу. Не знæгтæй иу дæр йæхи «ирон» нал ныффысдзæн æмæ йæхимæ йæ къух нал сисдзæн.

Рæстæг æвзæрырдæм кæй аивта, уый нæ цардыл бирæ кæцырдыгæйдæрты фæзынд. Рæстæгимæ адæймагæн дæр æнæивгæ нæй...

Кæддæр-иу фыссæгæн центрон мыхуыры æмдзæвгæ кæнæ радзырд рауадзын бынæттон мыхуыры чиныг рауадзыны хуызæн æхсызгон уыд. Ме 'мдзæвгæтæ-иу «Юность», «Огонек», «Крокодил», «Наш современник» кæнæ æндæр журналты куы фæзындысты, уæд-иу зæрдæмæ хуры тынтæ ныккасти.

Ныр, куы зæгъын, рæстæджытæ аивтой, аивтой адæм сæхæдæг дæр. Уыдонимæ æз дæр, æндæр центрон мыхуыры мæ уацмыс рауадзынмæ æцæгæлон цæстæй нæ акастаин.

Цæвиттон, журнал «Дружба народов»-ы номæй мæм мæ рагон хæлар, мæ тæлмацгæнæг Медведев Александр сдзырдта, дæлрæнхъон тæлмацтæ рарвит, кæд ис, уæд аивадонтæ дæр, æмæ сæ журнал «Дружба народов» ныммыхуыр кæндзæн, зæгъгæ. Раст зæгъын хъæуы, мæ зæрды уыдис арвитын, фæлæ хъуыддаг бонæй-бонмæ 'ргъæвтон. Зивæг кодтон, зæгъгæ, дæр нæ зæгъын, пъæззы дæр мыл нæ ныббадт. Мæ уыцы уавæрыл хъуыды кæнгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд Хъазыбег. «Рæстдзинад»-ы немæ куыста. Иу уаты кæимæ бадт, уый йын-иу исты хабæрттæ фæкодтаид. Хъазыбег-иу æм хъуыста, йæ ныхас ын-иу никуы бакъуылымпы кодта. Æрмæст-иу дзырд куы фæци, уæд ын-иу комкоммæ загъта: «Гъемæ, Бексолтан, уыдон мæн цæмæн хъæуынц?»

Уыйау æз дæр ахъуыды кодтон æмæ мæхинымæр скарстон: «Гъер æз уым ме 'мдзæвгæтæ куы ныммыхуыр кæнон, уæд уый мæн цæмæн хъæуы?» Æмæ иу дæлрæнхъон дæр нæ арвыстон, нæ арвыстон аивадон тæлмацтæ дæр. Фæлæ уæддæр мæ фыстытæ уыцы журналы рацыдысты. Куыд бамбæрстон, афтæмæй сæ, Мæскуыйы мын цы чингуытæ рацыд, уыдонæй кæцыдæрæй систой.

Æндæр заман мæм, де 'мдзæвгæтæ мæскуыйаг журналы рацæудзысты æмæ сæ рарвит, зæгъгæ, куы 'рхатыдаиккой, уæд æхсæв дæр не схуыссыдаин, стæй мæ цинæн кæрон нал уыдаид, кæмдæр мæ æрымысыдысты, фæнды сæ, цæмæй Советон Цæдисы поэзиуарзджытæ ме сфæлдыстадимæ базонгæ уой. Фæлæ æндæр рæстæджытæ адæймагмæ æндæр зондахаст æвзæрын кæнынц...

Пьер Огюстен Карон Бомарше загъта: «Что слишком глупо, чтобы быть просто сказано, то поется». Ацы ныхæстæ хауынц, ныртæккæ цы зарджытæ зарынц – æз ирон зарджытæй зæгъын, кæд уырыссаг зарджытæ дæр хуыздæр не сты, уæддæр – уыдонæн сæ фылдæрмæ. Дæнцæгтæ хæссыныл куы фæуин, уæд мæ бирæ рæстæг бахъæуид, фæлтау та æххуысмæ æхсынцъымæ фæдзурон, цæттæ 'хсынцъымæ нæ, фæлæ цъæх æхсынцъымæ. Цæмæй туаг у, уый базонай, уый тыххæй дзы голлаг хæрын ницæмæн хъæуы: æхсынцъытæй иу куы ахæрай, уæддæр, цы ад кæны, уый базондзынæ. Уæдæ нæ бирæ зарджыты текстытæ цы 'мвæзадыл сты, уымæн æвдисæн у æрмæстдæр иу рæнхъ: «Уарзын дæ, уарзын, мæ уарзон...»

Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы» ахæм ныв ис. Хансиатæн йе 'нæуынон усгур Касалы-фырт афтæ зæгъы: «Мæнæн мæ æрчъи – мæ дарæс, мæ хъама (æвдисы йæ) – мæ ныфс». Хансиат ын ахæм дзуапп радта: «Хъама къулыл ауыгъдæй рæсугъддæр фидауы. Æрчъийæ раст зæгъыс, уый æцæг у дæ дарæс...»

Уыцы хъамайау бирæ зарджыты мелодитæ æнæ текстытæй цæсты тынгдæр ахадиккой. Къоста «Булкъ æмæ мыд»-ы хуымæтæджы нæ фыста:

– Оф, оф, уазæг, æз мыдимæ, –
Загъта, – диссаг дæн, æрбалæуу... –
– Гъе смаггæнаг! – мыд фæмæсты. –
Ныр цы мæт кæныс мæ бæсты,
Æз хуыздæр куы дæн æнæ дæу!..

Æвæдза, зарджыты мелодитæ дзурын куы зониккой, уæд дзы мыдæй тынгдæр чи смæсты уаид æмæ текстытæн кардæр ныхæстæ чи зæгъид, ахæмтæ бирæ разынид.

«Дæстдзинад»-ы хъæууонхæдзарадон хайады иу уацхæссæг куыста æмæ йæм афтæ каст, цыма йæ Ирыстоны иууылдæр зонынц. Телефонæй-иу колхозтæ æмæ совхозтæм арæх дзырдта. Йæ ном æмæ-иу йæ мыггаг куы загъта, уæд ма-иу, кæимæ дзырдта, уый афарста:

– Нæ мæ зоныс?

Нæ дæ зонын, зæгъгæ-иу ын куы загъдæуыд, уæд ынму сæрыстырхуызæй загъта:

– Ау, куыннæ мæ зоныс, мæн куыдзæй, хæрæгæй чи нæ зоны, ахæм куы нæ и?..

Афтæ бирæ рæстæг фæдзырдта, цалынмæ йын аккаг дзуапп нæ рардæуыд, уæдмæ. Фæстаг хатт ма, куыдзæй, хæрæгæй мæ чи нæ зоны, ахæм куы нæ и, зæгъгæ, кæмæн загъта, уый йын радта ахæм дзуапп:

– Омæ дæ, чи зоны, уыдонмæ дзур, ардæм рæдыдæй æрбахаудтæ!

Уæдæй фæстæмæ уацхæссæг уыцы ныхæстæ дзурын ныууагъта.

Лæг æмæ ус иумæ цæргæйæ базæронд сты. Усы йæ зæрдæйы сусæгтæ раргом кæнын цæмæн бафæндыд – хæйрæг йæ зонæг, фæлæ йæ лæгæн куы рахабар кæнид:

– Æртиссæдз азы иумæ фæцардыстæм, фæлæ дæ зæрдæхудты никуы бацыдтæн... иу хатт йеддæмæ.

– Цавæр уыди уагæры?

– Иу хатт дæ аивтон...

Лæг уый фехъуыста, цы! Кæд æмбисæхсæв уыди, уæддæр æй феддæдуар кодта æмæ йæ хæдзармæ нал æрбауагъта.

Югославийæ поезды æрбацæйздæхтыстæм. Иу вагоны бадт фестæм Комийы республикæйы туристты къордимæ. Нæ лæппутæй дзы иу сæ чызджыты рæсугъддæримæ фæзонгæ, æмæ кæрæдзийæ иу минут дæр нал хицæн кодтой. Цыбыр ныхасæй, сæ уарзондзинад цыбыр рæстæгмæ дидинæгæфтауынмæ фæци. Мæнæн æхсызгон уыд, ме 'мбал чызджыты рæсугъддæры зæрдæмæ кæй фæцыд, уый, æмæ-иу мын фадат куы фæци, уæд-иу дзы раппæлыдтæн:

– Уæллæй, Гришæ, ды Комийы йаргъ лæг дæ!..

Иу зонджын лæг афтæ загъта: «Крайнее соблюдение законности может оказаться крайним беззаконием».

Ацы ныхæсты рæстдзинадыл мæ Гугкаты Эльбрус бауæндын кодта. Радиойы шофырæй куыста. Искуыдæм-иу куы фæцæйцыдыстæм, уæлдайдæр, бирæ змæлд кæм уыд, ахæм уынгты, уæд Эльбрус æдзухдæр архайдта æгъдæуттæ иууылдæр æххæст кæныныл, йæ алыфарс чи уыд, уыдон та — амал æмæ гæнæнæй сæ фехалыныл, æмæ-иу æппынфæстаг афтæ рауад, цыма æгъдау иннæтæ нæ, фæлæ Эльбрус халы.

Кæддæр Зилгæ, Зæронд Бæтæхъойыхъæу æмæ Ног Бæтæхъойыхъæуæн колхозы сæрдарæй сыхаг хъæуккаг куыста. Рувын афон уыд, æмæ адæм куыстмæ бæргæ æмгуыппæй рацыдысты, фæлæ сихормæ 'ввахс уарын ныккалдта, æмæ бæтæхъойыхъæуккæгтæ, сæ къæпитæ се 'ккой, афтæмæй хъæумæ рацæйцыдысты. Уыцы рæстæг сæрдар та йæ «Волгæ»-йы быдыртыл зылди. Йæ куыст чи ныууагъта æмæ сæхимæ чи рацæйцыд, уыдоны цурмæ куы 'рбахæццæ, уæд машинæ фæурæдта æмæ сæм дзуры:

— Гъе-уæуууæй-гъе, ахæм чысыл къæвдайæ чи фæтарст! Уагæры хæсты рæстæг куы уаид!

Сылгоймæгты къæйныхдæр ын иннæты бæсты дæр дзуапп радта:

— Хæсты рæстæг куы уаид, уæд та дзы Советон Цæдисы — уæд ма нæ бæстæ Советон Цæдис хуынди — Хъæбатыры ном Бæтæхъойыхъæуæй æртæйæ райсиккой, сымах хъæуæй та — иу дæр нæ!..

Камалæй йæ фехъуыстон. Дыууæ лæджы куы хицæн кодтой, уæд, дам, дзы, иу иннæмæн афтæ зæгъы:

— Цæй, хæрзбон рау, тæрсын, куынал фенæм, уымæй: кæнæ ды куы амæлай æмæ дæ æз куынал фенон, кæнæ куы бакуырм уай æмæ мæ ды куынал фенай!..

Нартæн сæ алы кадæг дæр адæймаджы дисы æфтауы. Цас сæ фылдæр кæсыс, уыйас дæм тынгдæр хъарынц,

хионæй дын хиондæр кæнынц. Мæ кæуын мæ былалгъмæ схæццæ вæййы, мæ цæстысыг нал бауромын, Хæмыц æмæ Быценоны царды хабæрттæ куы фæкæсын, уæд. Зындгонд куыд у, афтæмæй Быценонæн бонæй хæфсы хуыз уыд, æхсæвыгон та-иу фестад, æмбал кæмæн нæ уыд, ахæм рæсугъд сылгоймаг. Хæмыц æй афтæ тынг уарзта, æмæ, æдзухдæр йемæ куы уыдаид, уый йæ фæндыд æмæ йæ иухатт, Ныхасмæ цæугæйæ, йæ дзыппы нывæрдта.

«Ус ын лæгъстæ кæнын байдыдта:

– Ма мæ ахæсс, кæннод дын мæнæй ницыуал пайда уыдзæн.

Нæй, нæ байхъуыста Хæмыц йæ усмæ æмæ йæ йæ дзыппы цæвæрдта, афтæмæй ацыд Ныхасмæ.

Сырдон рагæй дæр нартæн фыдбылыз кæм нæ уыди! Хæмыцæн йæ ус йемæ кæй уыд, уый бамбæрста æмæ бавдæлд, æмæ фæсивæды йæхиуыл сардыдта, нæмут мæ, зæгъгæ. Фæсивæд дæр æй нæмын райдыдтой. Уæд Сырдон ныхъхъæр кодта:

– Гъæ, уæ хуыздæр амæла, Нарт! – сæ кæстæртæ сæ хистæрты нæмынц, сæ хистæртæ та сæ устыты семæ хæссынц. Кæм бадæм, Нарты зæрæдтæ – ай лæгты Ныхас у, æви устыты Ныхас? Нæ цæсгом фесæфтам, æгъдау нæм нал ис. Кæсут-ма Хæмыцмæ – кæд æрхаста Быценоны йемæ разагъды Стыр Ныхасмæ...

Сæхимæ æрцыди мæстæйдзагæй Хæмыц, æмæ йæм Быценон дзуры:

– Бæргæ дын загътон, адæммæ мæ ма хæсс, зæгъгæ, æмæ мæм нæ байхъуыстай. Ныр дæхи дæр байсæфтай æмæ мæн дæр: уыцы уайдзæфы фæстæ мæнæн демæ цæрæн нал ис, æмæ бавдæл, æмæ мæ, кæцæй æрхастай, уырдæм мæ фæстæмæ фæхæсс.

Цы гæнæн ма уыд Хæмыцæн, æмæ йæ ахаста. Быценты дуармæ куы бахæццæ сты, уæд ын ус зæгъы:

– Æртæ хорздзинады дын бакæнинаг уыдтæн, фæлæ дзы ныр иу сæххæст кæнын йеддæмæ мæ къухы нал бафтдзæн; мæ тæригъæд дæр æмæ дæ тæригъæд дæр фæхæссæд, ацы ми нын чи бакодта, уый. Ныр ды мæнмæ хъус: дæуæй мæнмæ ис нæлгоймаджы гуырдз. Мæ дзидзийæ куы схъомыл уыдаид, уæд ын дунетыл æмбал нæ разындаид... Фæлæ ма цы, гъа! Æрбадар дæ уæнтæ, æмæ дын гуырдз уырдæм ныуулæфон».

Æвæдза, æгæр диссаджы æнкъарæнтæ уыд Хæмыц æмæ Быценоны 'хсæн. Нæртон лæг зыдта, Ныхасмæ сылгоймагимæ бацæуын, чи никуыма 'рцыд, ахæм хъуыддаг кæй у, уый, фæлæ йæ бинойнаг йемæ куы уыдаид, уый йæ афтæ тынг фæндыд, æмæ фыдæлты æгъдауы сæрты ахизынæй нæ фæтарст, фыдбылызы Сырдон ын знаджы ми бакæндзæн, уый та йæ фæсонæрхæджы дæр нæ уыди. Быценоны æнкъарæнтæ дæр афтæ тыхджын уыдысты, æмæ, кæд Хæмыцы ныхасыл дыууæ зæгъыныл афæлвæрдта, уæддæр йæ ныхмæ цæхгæр æрлæууын нæ бафæрæзта.

«Ма мæ ахæсс, кæннод дын мæнæй ницыуал пайда уыдзæн», – фæдисхъæры хуызæн хъуысынц уыцы ныхæстæ, фæлæ сæ уарзондзинад йæ быны фæкодта, æмæ Хæмыцы иу хъусы батахтысты æмæ иннæмæй атахтысты. Æрцыд, сбарæн кæмæн нæй, ахæм æвирхъау бæллæх: «дæхи дæр байсæфтай æмæ мæн дæр», «мæ тæригъæд дæр æмæ дæ тæригъæд дæр фæхæссæд, ацы ми нын чи бакодта, уый».

Дыууæ уарзон уды кæрæдзийæ куы хицæн кодтой, уæд, Быценон йæ зæрдæйы арфы æмбæхстæй цы сусæгдзинæдтæ дардта, уыдон рахъæр кодта: «Æртæ хорздзинады ракæнинаг дын уыдтæн...» Иуы кой дзы скодта, фæлæ иннæ дыууæйы тыххæй ницыуал загъта.

Цымæ, цавæр хорздзинæдтæ уыдысты уыдон та? Исты хуызы сæ куы базыдтаин, цæрæнбонты уымæ бæллыдтæн, фæлæ мын, æвæццæгæн, æнусон сусæгдзинадæй баззайдзысты, уымæн æмæ Нарты кадджыты бирæтомонтæй дæр уыцы фарстæн дзуапп никæцыйы ссардтон.

Иннæ ахæм Батырадз! Кард дæр æй куы нæ карста, фат дæр дзы куы нæ хызти, уæм ма йæм йæ мад цавæр стырдæр лæгдзинæдтæм æнхъæлмæ каст? Мæхи дзидзийæ, дам, куы схъомыл уыдаид...

Йæ мад амæла мады æхсырæн, кæд дзы уымæн æмбал нæй!..

Нæ сыхæгты лæг джермецыккаг ус æрхаста. Уырыссаг уыди, фæлæ иронау ирæттæй æвзæрдæр нæ дзырдта. Уæдæ ирон æгъдæуттæм дæр тынг арæхст. Сыхы уымæй бæрзонддæр æмæ уыцы-иу рæстæг къæсхуырдæр нæ

уыди. Йæ цот та сæ фыды хуызæн рæстæмбисас æмæ бæзæрхыгтæ рацыдысты. Йæ фыртæн дæр джермецыккаг чызджы æрхастой. Уый дæр йе 'фсины хуызæн – дæргъæй-дæргъмæ æмæ – къæсхуыр. Иу райсом ног чындзы хицау сæ мæллæг стуры рæгъаумæ фæцæйыскъæрдта, æмæ йын сыхæгты лæг афтæ:

– Хуыцауы тыххæй, Дженалдыхъо, дæ хъуджы дæр Джермецыччы балхæдтай?..

– Цæмæн дæм афтæ кæсы?

– Дæ бинойнаг æмæ дæ чындзы хуызæн ыл фыды мур куы нæ и!..

Калачы уынджы ма куы цардыстæм, уæд федтон уыцы фыдфын. Цыма нæм фæсæмбисæхсæв чидæр æрбахоста. Дуар куыддæр фегом кодтон, афтæ къæсæргæрон ауыдтон цыдæр хæйрæджджыны. Уыдис сау-сауид дарæсы, йæ сау сæрыхъуынтæ йæ цæсгомыл æркалдысты. Йæ цæстытæ сырххъулон æрттывд кодтой. Йæ гом цæнгтæ хъуынæй нæ зындысты. Йæ къухыныхтæ – джебогъты хуызæн – цыргъ. Куы мæ ауыдта, уæд йæ цæнгтæ фæйнæрдæм фæцыдысты æмæ мыл сæхи атухынмæ хъавыдысты. Ме 'сæфт кæй æрцыд, уый бамбæрстон æмæ ма мæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кæнын мæ къухы бафтыд: «Верин-кæ!!!»

Æмæ фехъал дæн.

Мæ армытъæпæнæй мæ ныхы хид асæрфтон æмæ, мæ уд цытæ бавзæрста, уыдон фыны кæй уыдысты, ууыл куы бауæндыдтæн, мæ риуыдзаг сулæфын мæ бон æрмæстдæр уæд баци.

Æвæццæгæн ма мæ мæгуыр мадæн æгас æнхъæл уыдтæн, æви, хъæр мæрдтæм дæр кæй хъуысы, уый мæ фыны дæр æмбæрстон, æмæ мæ æвирхъау цыдæры дзыхы бахауынæй Веринкæ кæй фервæзын кæндзæн, уый æмбæрстон æмæ йæм уымæн сидтæн… Нæ зонын… Нæ зонын…

Некрасовы рæнхъытæ мæм уæдæй тынгдæр никуы бахъардтой:

Мы любим сестру и жену, и отца,
Но в муках мы мать вспоминаем!

Дыууиссæдз азы размæ дæр ма Берлины уынгты хæлд хæдзæрттæ дзæвгар уыди. Горæты астæу цы цалдæр хæдзары хæлды уыдис, уыдон алыфарс æрæхгæдтой хъæзæй быруйæ. Сæрмагондæй уыцы ран мæ хуыз дæр systон. Мæ ныхæстыл мын чи не 'ууæнда, уыдонæн къам равдисдзынæн, зæгъгæ.

Бранденбурджы кулдæртты цурмæ куы бацыдыстæм, уæд мæ зæрдыл æрбалæууыдысты хæсты заманы зарæджы рæнхъытæ:

Дысоны изæр дын Берлины стыр уынджы
Ирон симд æркодтам, гъей!

Мæнæн «æркодтам» зæгъын мæ бон нæ уыд, уымæн æмæ, кæимæ асимдтаин, ахæм ирон чызг нæ, фæлæ лæппу дæр нæ къорды нæ бахауд, фæлæ уæддæр иунæгæй ирон симд æркодтон...

Нæ хъæу Урсдоны рахизфарс æрæнцад. Махæй Николаевскы станицæйы 'хсæн дон йеддæмæ æндæр арæн нæй. Бæрæгъуыны бынат ма тыгъд быдыр куы уыд, уæд йæ цæгатварс хъæдæй нæ зынд. Куыд дзурынц, афтæмæй дзы фылдæр уыди гæдыбæлæстæ. Сæхи сын нал æрæййæфтон, фæлæ ма сæ бындзæфхæдтæ мæ рæстæджы дæр зындысты. Ныр уыдонæн дæр сæ фæд фесæфт. Фæлæ ма, хъæд дæр чи хъуыды кæны, нæ хъæуы цалдæр ахæм адæймаджы ис.

Диссаг цы у: кæд уыдон мæнæй аст-дæс азы хистæр йеддæмæ не сты, уæддæр цыма бирæ фылдæр федтой, æз кæй нæ зонын, ахæм цаутæн уыдысты æвдисæн, æз кæй никуы федтон, ахæм адæмимæ 'мбæлдысты, æндæр уæлдæфæй улæфыдысты, мæ къах кæм не 'рævæрдтон, ахæм фæндæгтыл фæцыдысты, афтæ мæм кæсы. Цыбыр дзырдæй, цыма дыууæ дуджы хъомыл кодтам, дыууæ алыхуызон рæстæджы цардыстæм, ахæм хъуыдытæ мæм фæзыны. Стæй мæм уыдоны заман цæмæдæр гæсгæ хъæздыгдæр æмæ мидисджындæр фæкæсы.

Мæ дыууæ сыхаджы лымæнæй цæрынц, афтæмæй сын, мæнмæ гæсгæ, иумæйагæй ницы ис. Иу дзы

у мæнгард æмæ æдзæстуарзон, чъынды æмæ кадбæллон. Исчи мын афтæ куы зæгъид, йæ хорзæх дæ уæд, зæгъгæ, уæд ын, Къоста Бибойæн куыд загъта, афтæ зæгъин: «Де 'лгъыст дæхиуыл æрцæуæд!»

Уататы Бибо æмæ Бирæгъты Къоста æрдхорд-æфсымæртæ кæй уыдысты, уый бирæтæ зонынц. Кæрæдзийæн хъазæн ныхæстæ кæнынæй æхсызгондзинад истой. Иу хатт ын Бибо афтæ зæгъы: «Хуыцау дæ мæ хуызæн лæг скæнæд!» Къоста йын дзуапп радта: «Де 'лгъыст дæхиуыл æрцæуæд». Мæ сыхагæй та афтæ хъазгæйæ нæ, фæлæ æцæгæй зæгъæн ис, уымæн æмæ адæймагæн хорз ракæнын йæ зæрды кæрон дæр никуы 'рæфтыд. Йæ хъæуккæгтæй дзы чидæр афтæ загъта: «Хур бон й' аууон макуы 'рлæуу, йæ аууонæй хуры тынтæй бамбæхстæ, уый куы базона, уæд йæхи фæтылиф кæндзæн».

О, æмæ ме 'ннæ сыхаджы кой рацæйкодтон. Уый бынтон æндæрхуызон адæймаг у. Парахатзæрдæ, æмгаруарзон, рæдау. Фæлæ, куы зæгъын, чъындыимæ лымæнæй цæрынц. Иумæ сæ арæх фенын. Иу хатт та сыл Терчы был амбæлдтæн æмæ мæнгарды фарсмæ цæуæгмæ дзурын:

— Ацы лæгимæ кæй цæуыс, уый дын дæ аиппытæй дæр æмæ дæ хорздзинæдтæй дæр фæйнæ раргом кодта.

Цавæртæ, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын загътон:

— Дæ аипп у, йемæ кæй цæуыс, уый, дæ хорздзинад та, цы дзуры, ууыл кæй не 'ууæндыс, уый.

Не 'гъдæуттæм, мах куыд джигул кæнæм, афтæ — никæцы адæм. Уыимæ нæ алчидæр йæхи иннæмæй зонджындæр хоны. Кæд ма лæгмæ фынгыл æрбадын фæцæуы. Ныронг-иу дæле уæлæмæ дзурын худинаг уыдис, ныр тæрсын райдыдтон, уæле дæлæмæ ма дзур, зæгъгæ, дзурын куы райдайой, уымæй.

Æппæт адæм иу æгъдау нæ фæкæнынц. Кæд хъæуæй хъæумæ дæр хицæн æгъдау ис, уæд комæй коммæ, Цæгатæй Хуссармæ нæй хицæн æгъдау? Ис, æмæ кæнгæ дæр хъуамæ алчи йæхи 'гъдау кæна. Аргъуан æмæ мæзджыты иу æгъдæуттæ нæй, фæлæ иу Хуыцаумæ кувынц, æмæ сæ хъуамæ иу дæр уый кæна, кæрæдзийы ныхмæ ма дзурой фæлæ.

Фыдæлтæй нæм цы 'гъдæуттæ 'рхæццæ, уыдонæн йæхи хицау мачи кæнæд. Уыдон иумæйаг хæзна сты, æмæ сыл

хъуамæ иугæйтты бон ма цæуа. Чи дзы нал бæззы, уый æвзарын дæр рæстæджы хъуыддаг у. Æгъдау йæ номы аккаг куынæуал уа, уæд фæсвæд æрлæудзæн, адæмæй ферох уыдзæн.

Уайсадын кæддæр æгъдау уыдис. Хъуыдис æви нæ, уымæй рæстæджы фæрсын хъæуы. Фæлæ рæстæг дзурын нæ зоны. Куы зонид, уæд зæгъид: «Хъуыдис!» Фыдæлты заман, бинонтæ бирæгæйттæй куы цардысты, дæсгай æмæ ссæдзгай сылгоймæгтæ кæм уыд, уым алчи хъæрæй куы дзырдтаид, уæд ма дзы цæвæг марæджы 'мбæрстаид? Стæй уайсадгæ канд сылгоймæгтæ кодтой?! Сæ дзыхæн уаг зыдтой кæстæртæ. Хистæрты цур, кæд дзырдтой, уæддæр, сæ ныхас куыд никæмæ хъуыстаид, афтæ – сабыргай, нывыл, уæзданæй.

Мах рæстæджы бинонты фыдæлтыккон бинонтимæ абарæн нæй. Сæ нымæц дзæвгар кæй фæкъаддæр, уымæ гæсгæ уайсадыны сæр нал хъæуы, йæ рæстæг фæци æмæ йæ бынат æндæр æгъдæуттæн радта æмæ раст бакодта. Йæ хæстæ сæххæст кодта, йæ сæр нал хъæуы æмæ, цы рæстæгæн лæггад кодта, уыцы рæстæгимæ баззад.

Уæлдæр ма йæ куы загътон: иу нæ иннæмæй йæхи зонджындæр хоны. Æрмæстдæр иронау кæй дзуры, уымæ гæсгæ йæхи нымайы тæрхонгæнæгыл. Иу кæнæ иннæ ныхасы нысаниуæг æмбарын кæны йæхирдыгонау.

Иу газеты фыссы, мардæй, дам, зиан дзурæн нæй. Зиан, дам, бынтон æндæр ныхас у. Фæзæгъынц, дам, æй, исты дæ куы фесæфа, уæд. Ахæм фыстытæ чи фæкæны, уый хъуамæ йæ фæндоныл, ныхасмæ рахæссыны размæ бæстондæр ахъуыды кæна, фарстмæ уæрæхдæр цæстæй акæса. Мардæй зианæй та кæцы ныхас кæм фидауы, уый æппæты ирддæрæй разындзæн, Къостайы «Уæлмæрдтæ» бакæсгæйæ:

Уыйбæрц æрцæугæ нæма федтон иу ранмæ,
Уыйбæрц æркæсгæ нæма федтон иу зианмæ
Хохæй, быдырæй...

Уæдæ рæгъ æмæ гаджидауы тыххæй дæр бирæ дзурын ницæмæн хъæуы. Афтæ чи зæгъы, рæгъытæ зианы фынгыл фæуадзынц, гаджидæуттæ та – цины, уый дæр Къостайы кадæг «Хетæджы» ацы рæнхъытæ бакæсæд:

– Адзурут Хетæгмæ! – радзырдта кæстæртæм
Зæронд Солтан хъæрæй иу рæгъы фæстæ, –
Бафсæстæн, срасыг дæн, афтæмæй лæппутæй
Ничима фæци мæ нуазæны хъæстæ...

Уæдæ Нарты кадджыты дæр иу бадты Уырызмæг, дæлæмæ – рæгъ, уæлæмæ – рæгъ, афтæмæй нызта.

Ныууадзын хъæуы не 'гъдæуттæ сæ уагыл. Хуыздæр уыдзæн, иннæ адæмты куы бафæзмæм, уæд. Уыдонæй иу дæр йе 'гъдауы фыдгой нæ кæны. Æгъдæуттæн цы кæнгæ у, уый æгъдæуттæн сæхицæй хуыздæр ничи зоны.

Кикабидзе Вахтанджы райгуырдыл дæс æмæ 'ртиссæдз азы куы сæххæст, уæд ын Уæрæсейы президенты указмæ гæсгæ лæвæрд æрцыд Хæлардзинады орден, фæлæ йæ нæ бакуымдта, Гуырдзыстон Хуссар Ирыстонмæ кæй балæбурдта, уый тыххæй. Орден ын лæвæрд æрцыд 2008 азы 19 августы, йе 'мбæстæгтæ Цхинвал æмæ йæ алыфарс хъæутæ куы ныппырх кодтой, уымæй иуæндæс боны фæстæдæр.

Иу цавæрдæр фосы мыггагæй фæзæгъынц, йæ сæр ын фынгмæ хастæуыд, уый та, дам, зæхмæ тылди.

Артист афтæ тынг смæсты, æмæ Мæскуыйы йæ гастрольтæ дæр аивта.

Мæ зæрдыл чырыстонхъæуккаг усы ныхæстæ æрбалæууыдысты, йæ лæг хæстмæ кæмæн цыди æмæ афтæ чи загъта: «Цы мæгуыр у уыцы Гитлер, нæ лæг йæ хотыхтæ кæмæ рабаста». Уыйау, цы ма фæуыдзæн Мæскуы, куыд ма цæрдзæн Уæрæсе, Кикабидзе йæ гастрольтæ куы аива, уæд?!

Вахтанг йæхи ахæм «раст» лæгæй равдыста, æмæ, хæсты тыххæй дзургæйæ, йе 'мбæстæгтæ Хуссар Ирыстоны цы фыдмитæ бакодтой, уый тыххæй иу ныхас дæр не скодта, æрмæст диссаджы ногдзинад раргом кодта, Хуссар Ирыстон, дам, Гуырдзыстоны бæрæгастæу ис. Уыцы хуызæнæй Гуырдзыстоны бæрæгастæу балæууынгæнæн ис Цæгат Ирыстоны дæр, уымæн æмæ сын Хуссаримæ иу арæн ис.

Зондджын адæмæй кæмæйдæр фехъуыстон, дæ сæрæй, дам, уæлдæфы дамгъуаты (алфавиты) æппæт дамгъæтæ дæр куы «ныффыссай», уæд, дам, уымæй хуыздæр змæлдтытæ нæй сæры тугдадзинтæ æмæ нуæрттæ скусын кæнынæн. Æмæ, æцæгæйдæр, æз дæр ахæм змæлдтытыл фæцалх дæн. «Уырыссаг» «э»-мæ куы 'рхæццæ вæййын, уæд мæ зæрдыл æрбалæууы, чидæр, аспирантурæмæ цæугæйæ, дамгъуат нымайгæйæ, куыд фæрæдыд, уыцы хабар. Чи зоны, исчи йæ æрымысыд, фæлæ йæ уæддæр радзурон.

Цæвиттон, иу лæппу сфæнд кодта ахуыргонд суæвын æмæ фæлварæнтæ куы лæвæрдта, уæд æй къахæгау дамгъуатæй бафарстой. Бафарстой нæ, фæлæ йын æй радзурын кодтой. Радзырдта йæ, æрмæст дзы «э» ферох æмæ, фæлварæнтæ чи иста, уый йæм дзуры:

– «Э» дæ ферох.

– Мæнæ цæфхады хуызæн цы дамгъæ у, уый?

Кæй зæгъын æй хъæуы, лæппуйæ аспирант нæ рауад, фæлæ йæ ном Цæфхадæй баззад.

Адæймаг цы у, уый, бæрзонд къæлæтджыны куы 'рбады, уæдæй тынгдæр никуы рабæрæг вæййы. Зондджын лæг хуымæтæджы нæ загъта: «Де 'рдхорд хицау куы суа, уæд æй æрдхордыл мауал нымай».

Иу мæ зонгæйæн ахæм дзæбæх лæппу æнхъæл уыдтæн, æмæ, стыр хицауы бынаты куы нæ 'рбадтаид, уæд ма йын абон дæр ахæм æнхъæл уаин. Фæлæ партийы обкомы секретарь куы сси – уый дæр æнæнхъæлæджы, раздæр æй хъавыдысты хайады хицауы бынатмæ равзарынмæ, фæлæ кæмæндæрты сæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ, йæхицæн æнхъæл кæм нæ уыд, ахæм бынаты балæууыд. Йæхи, æцæгæй цы уыд, ахæмæй дæр уым равдыста.

«Ногдзау»-ы кусын куы райдыдтон, уæд редакци уыдис Леоновы уынджы. Дыууæ азы бæрц дзы бакуыстаин, афтæ горæты цæгатварс Мыхуыры хæдзар срæвдз, æмæ республикон газетты редакцитæ уырдæм аивтой. Сæ бынæттæ кæй суæгъд сты, уый зыдтон æмæ сфæнд кодтон, авд æмæ ссæдз азы размæ мæ фæллойадон фæндаг кæцæй райдыдта æмæ цыппæрдæс азы бæрц цы бæстыхайы бакуыстон,

уырдæм раивын, фæлæ, партийы обкомы идеологон фарстатæ кæмæ хаудысты, уыцы секретаримæ уымæй размæ фæбыцæу дæн æмæ йыл мæ зæрдæ дардтон, кæй мæ бахъыгдардзæн, æрмæстдæр уымæй. Мæ курдиатимæ бацыдтæн дыккаг секретарьмæ, æмæ мæм дзæбæх цæстæй ракаст. Фæлæ ма Министрты Советы сæрдармæ дæр бацыдтæн. Уый дæр мæм байхъуыста æмæ мын баххуыс кæнынæй зæрдæ бавæрдта.

Обкомы дыккаг секретаримæ куы фембæлдтæн, уæд мæ бафарста: «Хъуыддæгтæ кæмæ хауынц, уыцы секретарæн дæ фæндон нæ бамбарын кодтай?»

Радзырдтон ын хабæрттæ. Йæ ныхмæ кæмдæр рæстдзинады сæрыл кæй сдзырдтон, уый тыххæй мæм тигъмæ кæй кæсы, уый дæр дзы нæ басусæг кодтон. Куыд бамбæрстон, афтæмæй мæ ныхæсты рæстдзинадыл бауæндыд æмæ йæм мæ цуры телефонæй бадзырдта. Уый цыдæр ракъуыр-бакъуыр кодта, фæлæ йæ дыккаг секретарь скæсын нæ бауагъта. Горæтимæ мæхæдæг баныхас кæндзынæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд мæ бауырныдта, хъуыддаг кæй сырæздзæн, уый.

Горæт, горæххæстком кæй уыд, уый базыдтон, йæ сæрдармæ ацу, зæгъгæ, мын куы загъта, уæд.

Уырдыгæй комкоммæ горæххæсткомы сæрдармæ ссыдтæн, уымæн æмæ мæм, куыд рабæрæг, афтæмæй æнхъæлмæ каст.

Цал кусæджы стæм, цал уаты нæ хъæуы, уыдæттæ йын радзырдтон æмæ сæ йæхимæ ныффыста. Мæ цуры телефонæй Министрты Советы сæрдармæ дæр бадзырдта, бадзырдта дыккаг секретарьмæ дæр, цы хъуыддаджы тыххæй мæм дзырдтат, уый лыггонд æрцыд, зæгъгæ.

Дыккаг бон, гæххæттытæ мæ къухы, афтæмæй 1960-æм азы кусын кæм райдыдтон, «Рæстдзинад»-ы редакцийы уыцы уæттæй иуы æрбадтæн, мæ фарсмæ та – «Ногдзау»-ы иннæ кусджытæ. Табу Хуыцауæн, ныр дыууæ 'мæ ссæдзæймаг аз ме 'мбæлттимæ кусын, мæ зæрдæйæн афтæ адджын чи у, уыцы бæстыхайы. Хорз лæппу æнхъæл кæмæн уыдтæн, уымæ та хорздзинадæй уыцы азты дæргъы ницы раиртæстон. Фыдæнхъæл дзы фесты, хицау æй куы скодтой, уæд, æхсызгон кæмæн уыд æмæ дзы йæхицæн зæрдæтæ чи 'вæрдта, уыдон, зæгъæн ис, æмæ иууылдæр.

Горæтгæрон районы администрацийы сæргълæууæг Джиоты Юрийы райгуырдыл æртиссæдз азы куы сæххæст, уæд мæм хуынды гæххæтт æрбарвыста. Фатимæ йæ куы федта, уæд афтæ:

– Æвæццæгæн, ус дын кæй ис, уый нæ зоны, æндæр мæ нæ ферох кодтаид.

– Йæ бæрæгбон ресторан «Жемчужинæ»-йы кæны, уый бакастæ? – бафарстон мæ бинойнаджы.

– Бакастæн æмæ тынгдæр ууыл æрæнкъард дæн. «Владикавказ»-ы йæ куы кодтаид, уæд уый нæ фарсмæ ис, æмæ мæ ардыгæй ардæм цæй хонæг хъуыдаид? «Жемчужинæ»-мæ та мын цæуæн нæй. Исчи мæ хæддзу фæхондзæн.

Ацы хабар Пæхъæч дзырдта: «Мæ фæллад уадзынмæ денджызы былмæ ацыдтæн. Путевкæ мæм нæ уыд, æмæ-иу куы кæм бахордтон, куы – кæм. Иу сихорафон, гом арвы бын цы хæрæндон уыд, уырдæм мæхи байстон æмæ хæрис бæласы дæлбазыр аууон ран фынджы уæлхъус æрбадтæн æмæ сихормæ ’нхъæлмæ кастæн. Æрыгон лæггадгæнæг мын мæ разы æртæ айчы, нæлхæйы карст, дзул æмæ цайы агуывзæ æрæвæрдта. Куыддæр хæрынмæ æрæвнæлдтон, афтæ мæ фынгыл, иу ныхас дæр не скодта, афтæмæй, дыууиссæдз азмæ æввахс кæуыл цыдаид, ахæм лæг абадт. Йæ дзыппæй сæны авг фелвæста, фегом æй кодта æмæ йæ æнæруадзгæйæ цæсты фæныкъуылдмæ фæдæле кодта. Æвæццæгæн æм ахуыйæны фаг æхца нал уыд æмæ дын æнæдзургæйæ æйчытæй иу куы сисид. Æз дæр æнæдзургæйæ архайын сфæнд кодтон: йæ цонджы хъулыл ын фæхæцыдтæн, мæ тых-мæ бонæй йæ нылхъывтон, æмæ айчы къæрцц тæбæгъы фæцыд.

Лæппуйы къух куы суагътон, уæд фæгæпп ласта æмæ тагъдгомау былгæрæтты уæлæмæ фæраст. Куыд бамбæрстон, афтæмæй мæ гоби фенхъæлдта æмæ, æвæццæгæн, йæхинымæр загъта, адон хъаруджынæй фыд-зонд сты, æмæ мæ гуырыконд дзæбæхæй айсон, зæгъгæ. Ноджы ма йæ фæстæ «йæ-хы-хы!», зæгъгæ, куы ахъæр кодтон, уæд йæ цыдыл ноджыдæр бафтыдта. Цалынмæ йæ цæст уыдта, уæдмæ ма цалдæр касты фæкодта, стæй, денджызы был цы адæм уыд, уыдон æхсæн æрбайсæфт».

Чыппар чызджы фæстæ йæ сыхагæн лæппу райгуырд, уый æртæ чызджы æдзæстуарзон, хæлæггæнаг мад куы фехъуыста, уæд йæ цæсгом æрбатар, йæ дыууæ æрфыджы астæу цы æлхынцъ уыд, уый фæарфдæр, йæ армытъæпæнтæ йæ рустыл авæрдта æмæ, йæ ныхæстæ даргъ айвазгæйæ, загъта:

– Мæнæ мын цы хъыг уыди!..

Æнæдзургæйæ æбæрæг кæдæмдæр нымдзаст, афтæмæй, иуцасдæр фæлæууыны фæстæ, йæ ныхæстæ сфæлхат кодта:

– Мæнæ мын цы тынг хъыг уыди!.. – æмæ йæ къухтæ æнæбон уагъд æркодта.

Куыд бафиппайдтат, афтæмæй, дыккаг хатт цы дзырдтæ загъта, уыдоныл иу бафтыд: «тынг». Раздæр, цы хабар фехъуыста, уый йын хъыг уыди, фæлæ, бæстондæр куы ахъуыды кодта, уæд бамбæрста, хуымæтæджы хъыг ын кæй нæ уыд, фæлæ йын «тынг хъыг» кæй уыди.

Хуыцау ма зæгъæд, фæлæ, Дунескæнæг бындар кæмæн балæвар кодта, ууыл исты фыд куы 'рцыдаид, уæд та раздæр, æвæццæгæн, загътаид: «Мæнæ мын цы 'хсызгон уыди», дыккаг хатт та: «Мæнæ мын цы тынг æхсызгон уыди!»

Габровогты чъындыдзинады кой æппæт дунейы дæр хъуыстгонд у. Уыцы болгайраг горæты æз дæр уыдтæн. (Мæ фыст, радиойы чи кусы, мæ уыцы зонгæтæй иу куы кæса, уæд, йæ цуры исчи куы уа, уæд – хъæрæй, – куы нæ уа, уæд та йæхинымæр – зæгъдзæн: «Ай дæр кæм нæ уыд, ахæм ын нæй!») Фæлæ сын сæ чъындыдзинадæн ницы раиртæстон, уымæн æмæ дзы цыбыр рæстæг йеддæмæ нæ фестæм. Æрмæст федтон, сæ зындгонддæр лæгтæй иуæн цыртдзæвæн кæм сæвæрдтой, уый: горæты астæуты цы дон кæлы, Янтрæ, зæгъгæ, уым иу гыццыл сакъадахгонды. Сур зæххы йын бынат радих кæнын сæ цæст нæ бауарзта.

Кæддæры хабæрттæ мын мæ зæрдыл мæ иу зонгæ æрлæууын кодта. Кæд габровогтæн фæхъæр, уæддæр дзы уый иуæй дæр дæлдæр не 'рлæудзæн, уымæн æмæ йæ чъындыдзинад хъуыстгонд у.

Ацы хъуыдытæ мæ сæры зилдух кодтой, Терчы былты тезгъо кæнгæйæ. Мæ къабæзтæ кæм фæивазын, уырдæм куы ныхæццæ дæн, уæд дзы мæ сыхаджы ныййæфтон. Зарядкæ кæм кодта, уым дысон чидæртæ, сæ судзгæ фыдтæ цæмæй ферох кæной, ууыл кæй бацархайдтой, уый сæ «фынджы» уæлдæйттыл бæрæг уыди: афтид æвгтæ, дзулы къæбæртæ, иу хатт кæмæй фæпайда кæнынц, ахæм агуывзæтæ, цывзыйыцъæрттæ, цæххы кæлдтытæ... стæй цæмæдæр гæсгæ чъылдымсæрфæн гæххæтты тыхтоны æрдæг.

Куыд рабæрæг, афтæмæй чысыл раздæр габровогтæ мæ зæрдыл дзæгъæлы не 'рлæууыдысты. Стæй сæ мæ зонгæйыл дæр дзæгъæлы нæ барстон: куыдзы кой скæн, æмæ лæдзæг райс, кæнæ кæй кой кæнай — къæсæрмæ...

Габровойаджы, йод кæм уыд, ахæм афтид чысыл авг бахъуыд, фæлæ ма дзы бынæй цалдæр æртахы баззад æмæ сæ акалын йæ цæст нæ бауарзта. Йе 'нгуылдз алыг кодта, авджы бын ма цы йод баззад, уымæй йæ байсæрста æмæ уый фæстæ афтид авгæй, кæм æй хъуыд, уым спайда кодта.

Гæххæтты тыхтон куы ауыдтон, мæ чъынды зонгæйы дæр уæд æрбаймысыдтæн. Куы йыл, зæгъын, фæхæст уыдаид, уæд æй æнæмæнг систаид, æппындæр йæ зæрды куы ницы уыдаид, уæддæр, цæмæй гæххæттæй спайда кодтаид, ууыл бацархайдтаид...

Хъуылаты Хъазыбег амард. Дыууæ азæй фылдæры размæ. Æнæнхъæлæджы йæ зæрдæ йæ кусынæй банцад. Бирæ азты Мæскуыйы цард. Ахуыры бæрзæндтæм дæр уым схызт. Стыр ныхасы тыххæй не скодтон «ахуыры бæрзæндты» кой. Философон наукæты доктор куы суай, профессоры ном куы райсай, уæд уыцы бæрзæндтæ ахуырæн йæ дæлдæр къæпхæнмæ хауынц?! Хъазыбег доктор дæр уыдис, профессор дæр. Æппæты фыццаг та — ирон, йæ райгуырæн бæстæйыл — æнувыд, кæимæ ахуыр кодта, уыдоныл — иузæрдион.

Ахуыр та нæхимæ кодта. Каст фæци педагогон институт. Фондз азы дæргъы кæимæ ахуыр кодта, уыдонæй бирæтæ систы зынгонд адæймæгтæ: профессортæ æмæ доценттæ, доктортæ æмæ кандидаттæ, фысджытæ æмæ журналисттæ, ахуыргæнджытæ æмæ æхсæнадон кусджытæ,

фæлæ уыдонæй Хъазыбеджы кой ничи скодта, афтæмæй йæхæдæг та, кæй зыдта, кæимæ ахуыр кодта, уыдонæй алкæуыл дæр æнувыд уыди. Ардæм-иу куы ссыди, уæд-иу æнæмæнг семæ фембæлынмæ тырныдта æмæ-иу æмбæлгæ дæр фæкодта.

Хъуылайы-фыртæн бастдзинæдтæ уыди Мæскуыйы рауагъдæдтæй бирæтимæ. Фыста сын рецензитæ. Уæлдай тынгдæр аудыдта ирон литературæйыл. Йæ къухмæ-иу ирыстойнаджы къухфыст куы бахауд, уæд-иу ын скодта аккаг аргъ, архайдта, цæмæй нæ фысджыты хуыздæр уацмыстæ фæхæццæ уой уырыссаг чиныгкæсæгмæ, базонгæ уой нæ ивгъуыд æмæ абонимæ.

Хъазыбеджы æз дæр хорз зыдтон. Зæгъæн ис, æмæ, институты кæимæ ахуыр кодта, уыдонæн се ’ппæтæй раздæр, уымæн æмæ иу районæй уыдыстæм. Фыста æмдзæвгæтæ. Цæмæдæр гæсгæ – уырыссагау, афтæмæй Æрыдоны хъомыл кодта. Йе ’мдзæвгæтимæ дæр ын районы газет «Ленинон»-ы фæрцы базонгæ дæн. Скъолайы ма куы ахуыр кодта, уæд фæзындысты йæ фыстытæ мыхуыры. Æрмæст уæд йæ мыггаг Дзугатæй фыста. Кæд нæ рæдийын, уæд йæ ныййарджытæ, Хъазыбег ма гыццыл лæппу куы уыд, уæд ахицæн сты, æмæ йæ мады мыггагыл йæхи кæнæ йæхæдæг ныффыста, кæнæ та мадырвадæлты афтæ бафæндыд. Куы рахъомыл, уæд, кæмæй уыд, уыдоныл йæхи ныффыста, фæлæ йæ мадырвадæлты бирæ уарзта. Мады хотæм-иу уазæгуаты арæх цыди. Æрмæст йæхæдæг нæ, фæлæ йе ’мбæлттимæ, иу къорды кæимæ ахуыр кодта, уыдонимæ дæр. Цалдæр хатты дзы æз дæр бахаудтæн. Кадджындæр уазджытæм цы цæстæй ракæсынц, ахæм цæстæй-иу нæм ракастысты, цытджын адæмау-иу нæ сбуц кодтой.

Кæннод, йæ хъæубæстæ куыд уарзта, уый та! Афтæ тынг ын уарзтой йæхи дæр. Æрыдоны горæты кадджын гражданины ном дæр ын уымæн радтой.

Хъазыбег мæнæй нæ ферох, нæ мæ ферох уыдзæн амæй фæстæмæ дæр. Кæмæй «ферох», уымæн та зæгъын: иумæ кæимæ ахуыр кодтай, бирæ азты хæларæй кæимæ цардтæ, хорз йеддæмæ дын æвзæр чи никуы фæци, цæхх æмæ кæрдзын кæимæ бахордтай, уый хъуамæ афтæ æнцонæй рох кæнын ма кома. Алчидæр хъуамæ йæ зæрдыл дара, мæлын æй кæй хъæудзæн, æцæг дунемæ кæй цæудзæн,

æмæ йæм уырдæм, йæ ном ын æрбайрох кодтой, зæгъгæ, (куыд зонут, афтæмæй, къахы уæлфадмæ цы нæ хъуысы, уый мæрдтæм хъуысы) куы байхъуыса, уæд ын зын уыдзæн...

Гагкайты Алиханы зарæг куы ныффыстон, ууыл цыппар æмæ дыууиссæдзæймаг аз цæуы. Адæмы зæрдæмæ фæцыд, Цорионты Резван ын цы музыкæ ныффыста, уый руаджы. Йæ ныхæстæй дæр кæцыдæртæ кæйдæрты зæрдæмæ фæцыдысты. Уæлдай тынгдæр та мæнæ ацы рæнхъытæ:

Къæхтысæр фæндагыл сæгуыт дæр фæллайы,—
Æрхуыссы ’мæ фесты.
Гагкайты фæйнæгфарс йæ цæфтæ нымайы,—
Нымад ын нæ фесты.

Зарджытæ чи фыссы, уыдон дзы хуымæтæджы не спайда кодтой. Сæ иуы зарæджы кæсæм:

Хъылцыхъо бадзуры: «Цард æмæ, дам, амонд
Сургæйæ не сты.
Сау хæсты цæхæры мæ цæфтæ нымадтон,—
Нымад нæ фесты».

Иннæ йын бахъырныдта:

Ой, Къозе йæ цæфтæ нымайы,
Гъей, æрмæст ын, оххай, нымад нæ фесты, ой!

Æртыккаг та мæ цыппаррæнхъоны фыццаг рæнхъмæ бахæлæг кодта æмæ йæ, йæ коймаджы ном цы зарæгæй ссардта, уым бавæрдта:

Къæхтысæр фæндагыл, сæгуыт кæм фæллайы, —
Йæ цыппæртыл кæмтты æххæлтыл хылдис.

Ацы зарджыты ныхæстæй фыццаг мыхуыргонд æрцыд дæс азы размæ, иннæ – фараст, æртыккаг та ноджы фæстæдæр. Æхсызгон мын у, Алиханы зарæгæн йæ мелодийæ уæлдай йæ ныхæстæй дæр кæцыдæртæ кæйдæрты зæрдæмæ кæй цæуынц, уый.

Чехов йæ иу писмойы йæ бинойнаг Ольгæмæ фыссы: «Постарел твой муж, и если ты заведешь какого-нибудь воздыхателя, то уж я не имею права быть в претензии».

Нæ зонын, Антон ацы ныхæстæ æцæгæй фыста æви хъазгæйæ, уый, фæлæ сæ хъазгæйæ куы фыстаид, æмæ сæ Ольгæ дæр хъазынмæ куы бамбæрстаид, уый мæ фæнды.

Чындз йе 'фсинæн æвзæр уыд. Сыхæгтæй, чындзы хорздзинад кæй фæндыд, уый йын цæстуарзонæй дзырдта: «Ма кæн афтæ. Зæрондæн балæггад кæнын удыбæстæ у. Бирæ нал фæцæрдзæн æмæ йæм хуыздæр цæстæй кæсын райдай æмæ, куы амæла, уæд дын арфæгæнджытæ фæуа».

Нæ байхъуыста чындз йæ сыхаджы ныхæстæм. Нæ аивта йæ цæстæнгас æфсинмæ.

Ууыл бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ сæ фаллаг сыхæгты зæронд ус амард, æмæ сæ дыууæ дæр уыцы зианмæ ацыдысты. Сыхæгты номæй марды уæлхъус чи дзырдта, уый арфæйы ныхас загъта йæ чындзæн. Уыцы арфæйы ныхас фехъусгæйæ, налат чындз йæ сыхаджы хъусы бадзырдта: «Уыцы дыууæ ныхасы тыххæй ме 'фсинæй мæхицæн хъуырæгънæг куыннæ саразздзынæн!..»

Хъайтыхъты Геормæ рифмæтæй дзурынæй хуыздæр ницы каст. Иу хатт уынджы фæцæйцыдыстæм, Нæ размæ фæци тынг гуыбынджын лæг. Геор, йæ фæстæ акæсгæйæ, сдзырдта:

Йæ гуыбын уæрагæй дæлдæр,
Фæхоныныц ахæмы гæлдæр!

Иннæ хатт та чындзæхсæвы фембæлдыстæм. Кафтмæ бакæсæм, зæгъгæ, хъазты кæрон æрлæууыдыстæм. Кафджытæ, раст зæгъын хъæуы, хорз кафыдысты, уæлдайдæр лæппу, фæлæ Геор цæмæдæр гæсгæ афтæ фæкодта:

Дæхи кафаг ма хон,
Амбулдзæн дæ махон!

Людвигимæ уыдыстæм зæрæдты хæдзары. Фембæлдыстæм æвæгæсæг адæмимæ. Кæрæдзийæн нæ хабæрттæ фæкодтам. Нæ фысымтæ нæ сæ аивадæй дæр бабуц кодтой. Чи дзы кафгæ кодта, чи – заргæ. Цæмæдæр гæсгæ Ярошенко Николайы ныв, «Всюду жизнь», зæгъгæ, мæ цæстытыл ауад...

Фембæлды фæстæ ма директор Закаты Ирæйы кусæн уаты иуцасдæр афæстиат стæм, æмæ нын ахæм хабæрттæ ракодта...

Иу рæстæджы æнæхъæн Ирыстоныл айхъуыст, дзæуджыхъæуккаг сылгоймаджы хæдзары, дам, Уастырджи æрбадт. Адæм уырдæм цыдысты æмæ цыдысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, семæ хастой мысайнæгтæ дæр. Рæстæг куыд цыди, афтæ адæмы цымыдисдзинад къаддæрæй-къаддæр кодта. Ахæм рæстæг ралæууыд, æмæ йæ къæсæрæй иу адæймаг дæр куынæуал хызт. Сылгоймаг, цы мысайнæгтæ йæм æрæмбырд, уыдонæй цъолопи голлаг байдзаг кодта æмæ сæ зæрæдты хæдзармæ схаста.

– Цалдæрæй сæ бон-сауизæрмæ фæнымадтам, – дзырдта Ирæ. – Цæуыл сæ схардз кæнæм, зæгъгæ, нæ ууыл бирæ хъуыды кæнын нæ бахъуыд: нæ машинæ базæронд. Шофыры Ульяновскмæ арвыстам, æмæ уырдыгæй дзыхъхъынног «Уазик» стардта. Цы 'хца ма нæм баззад, уымæй гал балхæдтам æмæ хъæугуывд скодтам. Хъæугуывд уымæн зæгъын, æмæ йæм æрхуыдтам Ирыхъæуы лæгты дæр...

Ирæйы ныхæстæм хъусгæйæ, мæхинымæр афтæ ахъуыды кодтон: «Уастырджи кæд уыцы сылгоймаджы хæдзары не 'рбадт, уæддæр йæ фарн мæгуыр адæмы зæрдæтыл кæй сæмбæлд, уый бæлвырд у».

– Уыцы хабæртты фæстæ, – дзырдта дарддæр Ирæ, – æрæййæфтой Джеоргуыбайы бонтæ. Æрбацыдысты нæм туркаг ирæттæ æмæ нын балхæдтой ссæдз фысы. Нæ уæ бауырндзæн: алы бон дæр нæм куывд уыди. Уæд дæр та нæ сыхæгты нæ ферох кодтам: нæ алы куывды дæр уыдысты Ирыхъæуы лæгтæ.

Уый та – Уастырджийы бонты Лæгты дзуар æмæ Хуыцауы уарзон адæмы дыккаг лæвар æххуысхъуаг адæмæн.

Худæджы хабарыл цасфæнды куы рацæуа, уæддæр зæронд нæ кæны. Кæцыфæнды рæстæджы дæр мидбылхудт æнæрасайгæ нæ фæвæййы...

Ацы хабарыл бирæ азтæ рацыд, афтæ бирæ, æмæ, кæимæ баст у, уый æз не 'рæййæфтон. Хъусгæ та йæ хæрзæрæджы фæкодтон.

Нæ хъæуы фаллаг сыхы, соса фæндаг йæ цурты дæлæмæ кæмæн фæзилы, уыцы хæдзары царди, ныхас кæй тыххæй райдайынмæ хъавын, уыцы лæг. Æрыгон дæр, дам, ма куы уыди, уæд Даргъ Къохы базармæ фæцæйцыд, æмæ йæм йæ гуыбынæй хабаргæнджытæ фæци. Хъæуы бынмæ нал ныххæццæ уыдзæн, уый куы бамбæрста, уæд хæстæгдæр хæдзары кæрты фæмидæг. Сæумæрайсом уыд, æмæ æнхъæлдта, ничима дзы уыдзæн, зæгъгæ. Æцæгæйдæр дзы никæй баййæфта, фæлæ, куыддæр фæтъæпæн, афтæ, бедра йæ къухы, афтæмæй тыргъы хæдзары æфсин фæзынд. Лæджы куы ауыдта, уæд ын алывыд калы. Уый йын, йæ уайдзæфтæ ницæмæ даргæйæ, йæхи куы фæаххосджын кæнид:

– Ардæм ма кæй æрхæццæ дæн, ууыл цин кæн!..

«Мах дуджы» фыццаг хатт ме 'мдзæвгæ фæзынд 1955 азы. Цæй æмдзæвгæ уыди, фæлæ мын уæддæр стыр циндзинад æрхаста, дунейы рухс кæй федта, уымæй. Афтæмæй та йын фыдызнаджы митæ бакодтой. Æмдзæвгæ уыди хъазы лæппыны тыххæй, æдæппæт дыууадæс рæнхъы, фæлæ дзы, зæгъæн ис, æмæ алы рæнхъмæ дæр фæныхылдæуыд. Æртыккаг цыппаррæнхъон мæнмæ уыди афтæ:

Адынджыр бынтондæр,
Сæййæфта нæ хъазы.
Æмæ алы бон дæр
Доны былты хъазы.

Редакцийы кусæджы зæрдæмæ нæ фæцыд, æмæ йæ «рацарæзта» афтæ:

О мæ гыццыл биби,
Тынг бирæ дæ уарзын,
Донгæрæтты хизыс,
Доны астæу уайыс.

Диссаг цы у: мæ ныхæстæй дзы иунæг йеддæмæ (дон) нал баззад, нал дзы баззад рифмæ дæр. Уымæй бирæ

къаддæр ивддзинæдтæ хаст не 'рцыд иннæ дыууæ куплетмæ дæр, фæлæ мын уæддæр æмдзæвгæйы фæзынд æхсызгон уыд. Æвæццæгæн, йæ сæрмæ мæ ном æмæ мыггаг фыст кæй уыд, стæй сæм иу ивддзинад дæр кæй нæ бахастæуыд, уый тыххæй.

Адæймаджы цъаммардзинадæн кæрон нæй...
Радиойы кусгæйæ мыл, кусын чи нæ зыдта æмæ уарзта, фæлæ куыст кæмæй домдтон, уыдон æрымысыдысты иу сылгоймаджы æмæ мæ алы хуызты архайдтой цæсты бафтауыныл. Иу чызг та мыл дзы йæхи æрымысыд. Сæ цъаммар митæй нысаныл куы никæцы æмбæлди, уæд æрхъуыды кодтой ног мадзал. Газетты редакцитæй иуы бухгалтериимæ баныхас кодтой æмæ мын, гонорар цы æрмæджы тыххæй рафыстой, уый, цы сылгоймаджы мыл æрымысыдысты, уыдоны хæдзармæ мæ номыл барвитын кодтой. Сылгоймаг æй йæхæдæг райста æмæ йæ диссаджы тыххæй бинонтæм дæр равдыста. Кæй зæгъын æй хъæуы, сæхи йыл худæгæй схастой æмæ мыл гæххæтт сæмбæлын кодтой... Абон дæр ма, уырыссагау извещени кæй хонынц, уый мæхимæ ис, йæ рафыссæг чи уыд, уый йæ къухфыстмæ гæсгæ æнцон сбæрæггæнæн уыд, стæй йын ныр дæр æрæджы нæма у, фæлæ мæ мæхи уыцы æнаккæгты æмвæзадмæ æруадзын нæ фæнды.

Уырдыгмæ хизын хæрдмæ хизынæй зындæр у. Уæлдайдæр хохæй...
Ууыл бирæ азтæ рацыд. Мæ фæллад уагътон Цъæйы. Хæхты рæсугъддзинæдтæ фыццаг хатт нæ уыдтон, фæлæ уæддæр сæ уындæй не 'фсæстæн. Иу бон сфæнд кодтон, уымæй размæ кæм нæма уыдтæн, ахæм къæдзæхмæ схизын. Цæуын æм дзæвгар хъуыд æмæ аходæны фæстæ мæ бæллиц æххæст кæнынмæ бавнæлдтон. Цалынмæ, къæдзæхмæ фæхæрдгæнæнмæ цыдтæн, уæдмæ уыйас нæ бафæлладтæн. Æмбисфæндагæй чысыл куы фæуæлдæр дæн, уæд, иуæй, фæлмæцын райдыдтон, иннæмæй мын дзæвгар зындæр хизæн фæци, фæлæ фæстæмæ раздæхын мæ сæрмæ не 'рхастон æмæ бæрзондæй-бæрзонддæр хылдтæн. Æппынфæстаг хохы цъупмæ схæццæ дæн, æхсызгонæн

сулæфыдтæн æмæ мæ алыфарс сæрыстырæй мæ цæстæнгас ахастон.

Мæ фæллад куы суагътон, уæд дæлæмæ хизын сфæнд кодтон, фæлæ бынмæ куы 'ркастæн æмæ, фыццаг къахдзæф куыд æркæндзынæн, ууыл куы ахъуыды кодтон, уæд ме уæнгты зыр-зыр ссæуынмæ бирæ нал бахъуыд. Хæрдмæ дæр зынтæй кæуылты схызтæн, уым, бынмæ хизгæйæ, мæ къахæй цæуыл æрæнцадаин, иу ахæм тигъ нал ардтон, къæдзæхы сæр та куыд хъуамæ баззадаин, æмæ мæ алы къахдзæфæн дæр мæ уд мæ къухы хастон, афтæмæй зырзыргæнгæйæ тыххæй-фыдæй хохæй æрхызтæн. Абон дæр, куыннæ рахаудтæн, ууыл дис кæнын, уымæн æмæ алы къахдзæфæн дæр мæ фæстаг къахдзæф уæвынæй тынг тæссаг уыд. Стæй хизгæ дæр ахæм хъуыдыимæ кодтон, цы уа, уый уæд, зæгъгæ.

Хæрдмæ хизын, æвæццæгæн, алы хъуыддаджы дæр æнцондæр у. Æнæкæрон зындæр у бынмæ хизын. Уый бирæ азты размæ афтæ тынг банкъардтон, æмæ мын цæргæцæрæнбонты сенæн бæззы.

Фæлладуадзæн хæдзармæ куы 'рбацыдтæн, уæд мæ хабæрттæ мæ мады мадырвад Хлойты Хатуйæн – уый дæр уым улæфыди – ракодтон, æмæ мын хæрзцыбырæй загъта: «Иунæгæй хохмæ макуы цу!..»

Заводы директор абадын уарзта. Хуыцаубоны чындзæхсæвы, иуæй, æнафонмæ фæбадти, иннæмæй, Чермены цæссыгæй йæхимæ æгæр фæкаст æмæ дыккаг бон йæ чемы нæ уыди, афтæмæй цехты разамонджытимæ ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл æмбырд снысан кодта.

Æмбырд райдыдта. Йæхæдæг цы зæгъинаг уыд, уыдон цыбырæй загъта æмæ рохтæ иннæтæм радта. Иуы ныхасмæ байхъусын ма йæ бон баци, фæлæ, дыккаг дзурын куы райдыдта, уæд æрфынæй. Цехы разамонæгмæ, æвæццæгæн, бирæ дзуринæгтæ уыд, æмæ йæ ныхас æгæр адаргъ. Иуафон, директор – йæ фыны цы уыдта, Хуыцау йæ зонæг – хъæрæй афтæ куы фæкæнид: «Бæркад зæгъ, бæркад!..»

Малиты Васо æмæ Хуыгаты Сергеимæ ресторанæй рацыдыстæм æмæ нын уынджы ныхас бацайдагъ.

Сергейы ма кӕдӕмдӕр цӕуын хъуыд ӕмӕ, ӕгӕр бирӕ кӕй лӕууыдыстӕм, уымӕй тыхсти, фӕлӕ махмӕ уыдӕттӕ нӕ хъардтой. Иу заман Васо ӕрымысыд, дыууӕйӕ дӕр иу скъоламӕ кӕй цыдыстӕм ӕмӕ сыхаг хъӕуты кӕй хъомыл кодтам, уый:

– Мах Музаферимӕ Урсдоны был райгуырдыстӕм. Уый – йӕ рахизфарс, ӕз – йӕ галиу...

– Галиу зондыл хӕст дӕр уымӕн дӕ, – загъта Сергей, – коммӕ дӕр уымӕн нӕ кӕсыс, ӕндӕр нӕ афонмӕ алчи йӕ хӕдзары уыдаид.

Мӕрзойты Сергейы афоризмтӕй иу ахӕм уыд: «Ардасенты Хадзыбатыр ахӕм хорз адӕймаг у, ӕмӕ йӕ суанг Б. Т. (уый нӕ фысджытӕй иуы фӕсномыг уыди) дӕр уарзы».

Ӕмдзӕвгӕтӕ бахъуыды кӕнын, фӕлӕ сӕ чи ныффыста, уый мӕ хатгай ферох вӕййы. Кӕйдӕрты фӕрсгӕ дӕр бакӕнын, фӕлӕ мын уыдонӕй дӕр никуыма ничи баххуыс кодта. Сӕ ныффысджыты кӕмӕн нӕ бахъуыды кодтон, уыцы рӕнхъытӕй цалдӕр:

Ӕнусон Хъазыбег сӕр систа бӕрзонд,
Цыма нӕм фыццаг хатт ӕвдисы йӕ конд.

Заремӕ, Заремӕ, цы фӕдӕ, кӕм дӕ?
Фӕхастай мын демӕ ды ме 'взонг зӕрдӕ.

Судьба – проказница, шалунья
Определила так сама:
Всем глупым счастья от безумья,
Всем умным горе от ума.

Иу лӕджы марды уӕлхъус дыууӕ ныхасы чи загътаид, уый нӕ уыд, уымӕн ӕмӕ нӕ хӕстӕгимӕ цард, нӕ – сыхагимӕ. Уӕддӕр лӕджы ӕнӕ иу ныхасӕй мӕрдтӕм куыд арвыстаиккой ӕмӕ хӕстӕгдӕр сыхагмӕ ӕрхатыдысты, адӕмы 'фсӕрмӕй дыууӕ ныхасы уӕддӕр зӕгъ,

зæгъгæ. Уый рацыд, æмæ дыууæ нæ, фæлæ æхсæз ныхасæй йæ хæс ахицæн кодта:

– Ацы лæг раджы амард! Ахæссут æй!

Дыууæ мины æстæм азы 20 августы цалдæрæй бабæрæг кодтам Хуссар Ирыстон. Федтам, гуырдзиаг тыхгæнджытæ нæ хуссайраг æфсымæртæн цы æвирхъау митæ бакодтой, уый. Уырдæм цæугæйæ, машинæйы цыппар рæнхъы æрхъуыды кодтон. Æмдзæвгæ кæронмæ фыст, æвæццæгæн, никуыуал фæуыдзæн:

Хуыцауæн уарзон зæхх – Ирыстон,
Хуыцауы уарзон адæм ир,
Нæ туг, нæ къабæзтæ кæм ысты, –
Æфтауæнт дидинæг, æфсир!

Хæуæй хъæумæ дæр хицæн æгъдау ис. Зæгъæм, Бæрæгъуыны зианы бæрзæй сæрæн æвæрынц йæ галиуфарс, цины та – йæ рахиз. Æртыккаг сидт фæкæнынц Бынатыхицауы тыххæй. Махмæ Хазби ничи зæгъдзæн, уымæн æмæ фæткыл нымад Хадзыби у. Цæрадзон йеддæмæ дзы йæ лæппумæ Цæразон ничи сдзурдзæн. Батырадзы Батыраз ничи схондзæн.

Миллер Всеволод йæ «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат» куы арæзта, уæд йе 'ххуысгæнджытæ уыдысты Ирыстоны алы кæмттæй рацæугæ зындгонддæр æмæ ахуыргонддæр адæм. Уым Хадзыби æмæ Цæрадзоны тыххæй ахæм дæнцæгтæ хастæуы: «Хъайтыхъойы-фырт Хадзби Уырысимæ куы схæцыд, уæдæй нырмæ баззад хъумбара Цъæхилтæм Хуссар Ламардоны»... «Цæрадзонтæ балцы куы цыдысты, уæд сæ тырысайыл хъуытаз уыди: никæмæй тарстысты».

Акушер-гинеколог поезды Мæскуымæ цыди æмæ йе 'мбæлццон æртæ сылгоймагæн, цы дæсныйад æм ис, уый не схъæр кодта. Æвæццæгæн, тарсти, сæ низты кой кæнын куы райдайой æмæ сæ даргъ фæндагыл куы стыхса, уымæй, æмæ йæхи бухгалтер рахуыдта.

Поезд араст. Боны æмбисæй фылдæр фæцыдаикккой, афтæ поезды фехъусын кодтой, сылгоймаг арыныл ныллæууыд

æмæ, кæд поезды дохтыр ис, уæд йе 'ххуыс хъæуы, зæгъгæ. Гинеколог тæрхæгæй уыцы иу гæпп раласта æмæ, æххуыс кæцы вагонæй агуырдæуыд, уырдæм атындзыдта. Сылгоймагæн баххуыс кодта, фыццагдæр цы станцæмæ бахæццæ сты, уырдæм телефонæй тагъд æххуысы машинæмæ фæдзырдтой æмæ йæ цалынмæ уым сæвæрдтой, уæдмæ йæ цурæй нæ рацыд.

Куы 'рбаздæхт, уæд æй йе 'мбæлццæттæй иу, кæм уыдтæ, зæгъгæ, куы бафарста, уæд ын загъта:

– Сылгоймаг сывæллон кæм ныйййардта, уыцы вагоны.

– Æмæ афтæ куы загътай, бухгалтер дæн? – бафарста та йæ 'рдæбоны сылгоймаг.

– Цымыдис дæн æмæ йæ фенынмæ ауадтæн...

Уæдæгонд лæппуйæн иу йæхи хуызæны ракуырдтой. Чындзхæсджытæ дзаг фынджы уæлхъус фæбадтысты. Афон куы ралæууыд, уæд сæ чындзы рацæйхастой. Фысымтæй иу сæ фæстæ дзуры:

– Нæ фаджысы нын фæхæссынц!

Уазджытæ дæр дзыхъхъылæуд нæ разындысты. Кæцыдæр дзы фæцарæхст æмæ йын дзуапп авæрдта:

– Мах дæр æй хъæумæ нæ ласæм, быдырмæ йæ ласæм!..

Жуковский Василий Андрейы фырт уазæгуаты уыд Иоганн Вольфганг Гётемæ. Уæдмæ Пушкин Александр Сергейы фырты кад Европæйыл дæр ахæлиу. Гёте дæр ын стыр аргъ кодта. Уымæн хорз æвдисæн уыд, Жуковскийæн ын йæ фыссæн сис лæварæн кæй арвыста, уый дæр.

Уымæй размæ уыдаид æви уый фæстæ, уый бæлвырд нæ зонын, фæлæ Гётейы Германы бабæрæг кодта Джордж Гордон Байрон.

Хæхты цъуппытæ кæрæдзимæ куыд зынынц æмæ кæрæдзийы дæр куыд уынынц, уый диссаг у!..

Болгарийы бабæрæг кодтон Казанлыкы горæт. Уардиты фæз кæй хонынц, уырдæм тынг хæстæг у. Горæты уынгты сусхъæд бæлæстæн ныккæнæн нæ уыд.

Сæ тæккæ дидинæг калгæйæ уыдысты, æмæ сæ хæрздæф фындзыхуынчъытæ хъыдзы кодта. Афтæ мæм каст, цыма уынгты æнахуыр духи ныппырхчындæуыд.

Ныр сæрды райдайæны дидинæгкалæг сусхъæд бæласы рæзты куы фæцæйцæуын, уæд цæмæдæр гæсгæ Казанлык мæ зæрдыл æрбалæууы…

Чъындыйы ном кæуыл сбадт, ахæм хъæутæ кæй ис, уый тыххæй раздæр дзырдтон. «Рæстдзинад»-ы куы куыстон, уæд мын хистæртæ цалдæрæй кодтой иу ахæм хъæуы фыдгой. Сæ чъындыдзинад тынгдæр кæм æмæ цæмæй рабæрæг, уымæй сæ куы бафарстон, уæд мын загътой, командировкæйы, дам, сæм исчи куы бахауы, уæд, дам, ын уæздан зæгъыны бæсты йæхи дзыпмæ фæкæсынц, ницы, дам, зæгъыс дæ командировкæйы æхцатæй.

Абон ивгъуыд рафауын бирæтæ лæгдзинад хонынц æмæ йæ фауынц, уæдæ цы кæной! Хъæбатырдзинад равдисын зын у, мæрдтимæ тох кæнын – æнцон. Уый та иуæй-иутæ лæгдзинадыл нымайынц æмæ сæхицæй тыхлæгтæ аразыныл нæ ауæрдынц… мæрдтимæ тох кæнгæйæ. Искуы-иу хатт сæ æнæнхъæлæджы, ивгъуыдыл дзургæйæ, иунæг раст ныхас дæр куы сирвæзы, уæд мæм афтæ фæкæсы, цыма рæстдзинады дунемæ рудзынг байтыгъдæуы æмæ мæм дзы удсыгъдæггæнæг уæлдæф æрбакæлы.

Уæрæсейы радио æнæнхъæлæджы баздыхтон, æмæ дзы Ворошилов Клементы кой куы кодтой, уæд æм хъусыныл фæдæн. Бакаст кæронмæ фæцæйхæццæ кодта æмæ, раздæр цæуыл дзырдæуыд, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ базыдтон, фæлæ дзы кæронæй иу хабар мæ зæрдыл бадардтон.

Хæсты рæстæг уыдаид, æвæццæгæн. Ворошилов йе 'мбæлттимæ кæмдæр сихор скодтой. Куы сыстадысты, уæд, дам, Клемент Ефремы фырт фынгæй кæрдзыны муртæ йæ армытъæпæны тигъæй йæ къухмæ расæрфта æмæ сæ йæ дзыхы бакалдта…

Æрмæст уыцы иунæг цау дæр мæнæн бирæ цæуылдæрты дзуры.

Зондджын адæм куыд зæгъынц, афтæмæй æнæнхъæлæджы ницы 'рцæуы...

Уильям Шекспир, Мариенгоф Анатолий æмæ Цæрукъаты Алыксандр амардысты, цы бон æмæ мæй райгуырдысты, уыцы бон æмæ мæй. Цы бон райгуырд, уыцы 'хсæв амард Шевченко Тарас. Ацы номхыгъд ма адарддæргæнæн ис, фæлæ, цымæ, уыцы бонты баиуы ницы сусæгдзинад æмбæхсы?..

Партийы обкомы раздæры секретарь æмæ хайады хицау ныхæй-ныхмæ цардысты. Фыццагæн йæ къæлæтджын бæрзонддæр ран æвæрд уыд, æмæ йæм дыргътæн сæ адджындæр æмæ рæгъæддæртæ хауди — йæ хæдзармæ йын ластой, хойрагæй йæ цы хъуыди, уыдон иууылдæр. Дыккагмæ хауди, бæласы ныллæгдæр къалиутыл чи зад, уыдон — цъæхдæртæ æмæ лыстæгдæртæ. Уый йæ бинойнагмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хардзау каст æмæ-иу йæ хъаст иуæй-иу хатт йæ лæгмæ бахаста, фæлæ уымæн ницы йæ бон уыд йæ бинойнаджы дæлджинæджы бынатæй фервæзын кæнынæн. Фæлæ цард, цирчы бирæ къоритæ хæрдмæ радыгай сæппар-сæппар чи фæкæны, уый хъазтæй уæлдай нæу: цыфæнды арæхстджын чи вæййы, уымæн дæр йæ къоритæн кæддæр кæрæдзийы æнæскъуыргæ нæ вæййы.

Скъуырдтой секретары къоритæ дæр кæрæдзийы, æмæ йæ куыстæй фæхауд. Ноджы йын йæ бæсты кæд сæвæрдтой йæ сыхаджы. Ныр хойрагласджытæ дыууæ дуары бæсты хойын райдыдтой иу дуар...

Мæ зæрдыл, «Рæстдзинад»-ы куы куыстон, уыцы рæстæг æрбалæууыд. Шахмæттæ æмæ шашкæтæй хъазынмæ ме 'мбæлттæн сæ фылдæр æмхиц уыдысты. Уыдонимæ æз дæр. Раздæр афæлвæрдтон шахмæттæй хъазыныл æмæ дыуæ хъуыддагæй мæ зæрдæмæ нæ фæцыд: æгæр бирæ рæстæг сыл хардз кæнын хъуыд, стæй арæх æмбылды кодтон, æмæ уæд шашкæтæм рахызтæн. Уым мæ хъуыддæгтæ хуыздæр цыдысты æмæ сихоры улæфты рæстæгæн йæ фылдæр хардз кодтон шашкæтæй хъазыныл. Иу хатт, нæ профком редакцийы чемпионат куы сарæзта, уæд дзы фыццаг бынат дæр бацахстон.

Фылдæр ерыс кодтон Хъырымсолтанимæ. Æргом дзургæйæ, арæхдæр-иу æмбылды дæр уый кодта. Дыуæ,

уæлдайдæр та-иу дзы иумæ æртæ шашкæйы куы рамбылдтон, уæд-иу афтæ фæкодта:

– Æрдæбон æз фæцæйæмбылдтон æртæ шашкæйы, ныр та мæ ды æмбулынмæ хъавыс...

Æртæ хъуыддаджы мæ удаист фæкæнынц. Æртæ дæр – райсомæй.

Зымæгон Терчы былмæ, талынг ма вæййы, афтæ рацæуын. Алы райсом дæр уыцы-иу адæмыл фембæлын, уымæн æмæ нæ уарзон цæугæдоныл æмхуызон æнувыд стæм. Не 'ппæт кæрæдзийы мыггагæй нæ зонæм, фæлæ, алы бон кæй уынай, уымæн салам нæ дæттын аив схонæн нæй, æмæ нæ чи кæуыл амбæлы, уымæн, цыма тынг хорз зонгæтæ сты, уый хуызæн салам ратты.

Терчы хæлæрттæй иу цæугæ никуы фæкæны: æдзухдæр – тæхгæ. Уыимæ, дæ райсом хорз, зæгъгæ, афтæ хъæрæй фæзæгъы, æмæ адæймаг хæрдмæ фæхауы, уæлдайдæр, дæ чъылдымырдыгæй куы 'рбацæйтæхы, уæд. Дæ ныхмæ куы 'рбацæйтæха, уæд дæр уæлдай нæу, фылдæр хатт æй уынгæ дæр нæ фæкæндзынæ. Цыма зæххы бынæй февзæры, уый хуызæн йæ салам æрвнæрæгау райхъуысы. Афтæ вæййы, æмæ йæ федтай, рагацау дæхи цæттæ дарыс, куыд хъæрæй дын «дæ райсом хорз!» зæгъдзæн, уымæ, фæлæ æнæмæнг хæрдмæ фесхъиуыс, афтæ æнæнхъæлæджы вæййы йæ саламы рард.

Иннæ æнæнхъæлæджы хабар дæр мыл Терчы был æрцæуы. Не 'мбæлттæй иу æдзухдæр йемæ лæдзæг рахæссы. Нæ фæндагыл дыууæ раны ис æфсæйнаг быцæутæ сагъд. Куыддæр уыдоны цурмæ бахæццæ вæййæм, афтæ сæ лæдзæгæй æнæ ныццæвгæ нæ ныууадзы. Уыимæ йæ цæф ахæм зæланг ныккæны, æмæ адæймаджы уæнгты дыздызгæнгæ ацæуы. Уыцы цæфтæм дæр мæхи цæттæ фæдарын, фæлæ та мын алы хатт дæр æнæнхъæлæджы рауайынц.

Æртыккаг хатт та хæрдмæ фæхауын, нæ кæртмæ æхсыр чи 'рбаласы, уыцы сылгоймаджы хъæрæй. Бирæуæладзыгон хæдзæрттæй, æхсыр кæй хъæуы, уыдон цæмæй æддæмæ ракæсой, уый тыххæй рудзгуыты бын ахæм цъæхснаг хъæлæсæй, «мо-ло-ко!», зæгъгæ, ныйилæлæй кæны, æмæ Советон Цæдисы Хъæбатыры Сызгъæрин Стъалы дæ риуыл куы уа, уæддæр хæрдмæ фæхаудзынæ. Камал ма,

фыццаг хатт ӕй куы фехъуыста, уӕд афтӕ дӕр загъта, хӕсты дӕр, дам, афтӕ никуы фӕтарстӕн...

Ныр рацӕй-рабон, ӕмӕ хъуыддӕгтӕ иннӕрдӕм ныззылдысты. Хъӕрӕй салам чи лӕвӕрдта, уый йӕ фатер баивта ӕмӕ Терчы былмӕ нал цӕуы. Не 'мбал цыдӕр ӕгъдауӕй бамбӕрста, йӕ лӕдзӕгӕй цӕф мын ӕхсызгон кӕй нӕ вӕййы, уый ӕмӕ йӕ лӕдзӕг нал рахӕссы. Ӕртыккаг тасӕй дӕр фервӕзтӕн: нӕ кӕртмӕ машинӕйы ӕхсыр чи ласта, уыдон дӕр, ӕвӕццӕгӕн, сӕ хъомтӕ уӕй акодтой кӕнӕ та ӕндӕр кӕртмӕ фӕцахуыр сты, ӕмӕ ныр дыккаг аз сӕ кой, сӕ хъӕр нал райхъуыст.

Мӕ тарстӕй фервӕзтӕн, зӕгъгӕ, зӕгъын, фӕлӕ мын цыма цыдӕр нал фаг кӕны, афтӕ кӕсын мӕм райдыдта. Терчы был ӕнхъӕлмӕ фӕкӕсын, хъӕрӕй салам чи лӕвӕрдта, ууыл амбӕлынмӕ. Ӕфсӕйнаг быцӕуты цур та ме 'мбалы лӕдзӕджы цӕф ӕрбаймысын. Уӕдӕ, «мо-ло-ко!» чи хъӕр кодта, уый хъӕлӕс дӕр мын нӕ фаг кӕны. Ноджы ма нӕ 'хсырмӕ ӕндӕр сыхмӕ цӕуын дӕр бахъуыди.

Мӕскуыйы куы ахуыр кодтон, уӕд нӕ иу заводмӕ экскурсийы ахуыдтой ӕмӕ нын фенын кодтой, сӕдӕгай адӕймӕгтӕ кӕм куыстой, ахӕм цех. Сӕдӕгай зырнты уынӕр хъустӕ къуырма кодта. Не 'мбӕлттӕй чидӕр цехы разамонӕджы бафарста, цӕмӕй, дам, уынӕр фӕкъаддӕр уа, уый тыххӕй цех цалдӕр дихы цӕуыннӕ фӕкӕнут.

— Фӕдихтӕ сӕ кодтам, — йӕхи растгӕнӕгау загъта куыстуаты разамонджытӕй иу, — фӕлӕ, кусджытӕ цы уынӕрыл сахуыр сты, ӕнӕ уымӕй сӕ цыдӕр хъыгдарӕг кӕй уыди, уый фӕзынди куысты ӕнтысындзинадыл дӕр, ӕмӕ та сӕ сӕхи фӕндонмӕ гӕсгӕ баиу кодтам.

Нӕ сыхӕгты ус хъазӕн ныхӕстӕ кӕнын уарзы ӕмӕ иу хатт мӕ цуры йӕ лӕгӕн афтӕ зӕгъы: «Цӕрӕнбонты дӕуимӕ тӕрсгӕ-ризгӕйӕ фӕцардтӕн...» Уыцы ныхӕстыл цалдӕр боны рацыд, афтӕ сӕм къулхуынкъгӕнӕн электрон тыхӕй кусгӕ бырау курӕг бауадтӕн. Лӕг йӕ кусӕнгарз агурынмӕ фӕци, фӕлӕ йӕ нал ӕмӕ нал ардта.

— Ацы сылгоймагимӕ бӕллӕх у, — ӕнхъӕлмӕ кӕсын мӕ кӕй бахъуыд, уый тыххӕй хатыркурӕгау загъта мӕ сыхаг. — Дзаума иу ран ывӕрын ӕмӕ йӕ иннӕ ран агурын бахъӕуы!.. Цы фӕци нӕ бырау? — сбустӕ кодта йӕ

бинойнагыл. – Цал хатты дын загътон, мæ кусæн дзаумæттæм мын ма ’внал, зæгъгæ? Кæд сæ райсыс, уæд та-иу сæ сæ бынаты сæвæр…

Ус иннæ уатæй рауад æмæ, йæ худын тыххæй уромгæйæ, лæгмæ дзуры:

– Ма мыл хъæртæ кæн, кæннод та тæрсын æмæ ризын райдайдзынæн…

Фараст сывæллоны кæмæн уыд, уый сæхимæ æнафоны, ноджы къуымæлдзæфæй, æрбацыд. Йæ бинойнаджы æнкъардæй бадгæ ’рбаййæфта. Сывæллæттæй йæ цæст никæуыл æрхæцыд, уымæн æмæ иууылдæр фынæй кодтой. Лæг усы тарстхуызæй афарста:

– Кæм сты сывæллæттæ?

– Алчи дзы йæ фыды агурæг ацыд…

Дзаг фынджы уæлхъус бадтыстæм, афтæмæй сидты бар æрхауд дыккаг хистæрмæ. Куыд фехъуыстон, афтæмæй хистæрæн йæ цæрæнбоны тыххæй нæ фæкувынц, стæй, дам, фынджы хицауы ном ссарын фæхауы, йæ рахиз кæнæ йæ галиуфарс чи фæбады, уыдонæй искæмæ. Ирбег дæр бадти хистæры рахизфарс æмæ ссардта фынджы хистæры ном:

– Кæддæр нæ хистæр мæн тыххæй афтæ загъта: «Ирбегмæ кæцыфæндырдыгæй куы бацæуай, уæддæр дзы лæджы тæф кæлы». Афтæ зæгъын æз дæр нæ хистæры тыххæй.

«Ныр, цымæ, Ирбегæн афтæ зæгъ, – бадзырдтон мæ сыхаджы хъусы, – ды хистæры тыххæй раст зæгъыс, фæлæ хистæр дæу тыххæй афтæ кæй загъта, уымæй рæдигæ кодта, зæгъгæ, уæд, цымæ, цы зæгъид?» – «Нæ хъæуы, – мæ къухыл мын фæхæцыд мæ сыхаг. – Дæ хъазæн ныхас исчи æцæгмæ бамбардзæн…»

«Самая страшная трагедия для поэта – когда им восхищаются, потому что не понимают его». Ацы ныхæстæ францаг драматург Жан Кокто загъта, фæлæ, цымæ, Ирыстоны поэттæй никæмæ хауынц?

Камалимæ хъæуы уазæгуаты уыдыстæм нæ иумæйаг зонгæтæм. Хорз нæ куы федтой, уæд ма нын немæ хуынтæ дæр сæвæрдтой. Уыдонимæ уыдысты, горæты цæрæгæн йæ зæрдæ тынгдæр цæмæй балхæнæн ис, ахæмтæ дæр: дыргъытæ æмæ халсартæ. Хæдзары æфсин ма нын, сæхи цæхæрадоны кæй ратыдта, фæйнæ ахæм кæбæчкийы дæр авæрдта нæ машинæйы. Куы рацæйцыдыстæм, уæд нæ фæстæ рахъæр кодта: «Камал, дынджырдæр кæбæчки дæуæн нывæрдтон...»

Уымæй, Камал йæ зæрдæмæ хæстæгдæр кæй у, уый равдисынмæ хъавыди, фæлæ йæ ныхæсты пайда æз мæхинымæры мæхирдæм фæкодтон, уымæн æмæ, кæбæчкитæй къаддæр чи вæййы, уымæй хæрзаддæр хæринаг скæнынц.

Чехойты Сæрæби-иу мын афтæ загъта: «Куы амæлон, уæд мæ фыстытæ бабæстон кæнын дæумæ 'нхъæлмæ кæсы. Æндæр никæуыл мæ зæрдæ дарын». Бынтон фыдæнхъæл мæ нæ фæци мæ хъæуккаг. Йе 'мдзæвгæтæ йын бацæттæ кодтон, чиныгæн бæстон разныхас ныффыстон, афтæмæй цалдæр азы размæ мыхуырæй рацыд рауагъдад «Ир»-ы. Уырдæм бахастон йе 'мдзæвгæтæй фыст роман «Цæр!»-ы æртæ хайæ иу. Йæ иннæ дыууæ хайы бонрухс нæма федтой. Романы аиппытæ ис, фæлæ мыхуыры рауадзыны аккаг у. Уый дунейы рухс куы фенид, уæд Сæрæбийы раз æрлæууин сыгъдæгцæсгомæй. Сæрыстырæй йын зæгъин: «Дæ зæрдæ мыл кæй дардтай, уымæй нæ фæрæдыдтæ!»

Сæрæбийы хуызæн мæ фыстыты мæт мæн дæр бацыд. Хаттæй-хатт мæхинымæр бахауын ахæм сагъæсты: «Мæ фыстытæй нырма бирæтæ дунейы рухс нæма федта. Йæ уацмыстæ дыгай-æртыгай хæттыты кæмæн рацыдысты, ахæмтæ дæр ис, æз та тæрсын, иу хатт рауадзын дæр сæ мæ къухы куынæуал бафта, уымæй, уымæн æмæ, цы фæцардтæн, уыцы азтыл æфтгæ цæуы, цас ма фæцæрдзынæн, уыдон та къаддæрæй-къаддæр кæнынц». Мæ мæлæтмæ куыд хæстæгдæр кæнын, афтæ мæ уыцы хъуыдытæ арæхдæр баййарынц.

Ныййарæджы мæлгæ-мæлын дæр йæ цоты сагъæс вæййы. Йæ фæстæ исты ныууадзынмæ чи хъавы, уый дæр ныййарæджы хуызæн у. Цы ныффыста, уыдон адæмы

’хсæнмæ куы нæ рацæуой, уæд сын тæссаг у дæлвæндагмæ ныххауынæй кæнæ та бынтон фесæфынæй.

Фæстаг заман рæстæгæн фылдæр аргъ кæнын райдыдтон. Æвæццæгæн, æрыгонæй ницытæ ’мæ мацытыл цы бирæ бонтæ бахардз кодтон, уыдоны зæрдæтахтæй.

Мæй мæ иу хатт мæ сæр æлвынынил цы рæстæг хардз кæнын бахъæуы, уый дæр мæм æвгъау фæкæсы. Уыцы сахаты ’рдæгмæ ’ввахс цыма исты бакæсын кæнæ ныффыссын мæ бон бауыдаид, афтæ фенхъæлын.

Кæддæр, «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон — цал æмæ цал хатты æрымысын уыцы сызгъæрин бонтæ! — уæд нæ хуызисæг уыди æмбисонды уæздан æмæ хæларзæрдæ лæг. Ахæм хæларзæрдæ лæппу ма уыди газет «Социалистическая Осетия»-йы дæр (уæвгæ, ахæм лæппутæ дыууæ газеты дæр бирæ уыди), Виктор йæ ном. Нæ редакцитæ уæд иугонд уыдысты, кусгæ дæр иу уæладзыджы кодтам. Куысты кæронмæ æввахс-иу Виктор тыргъы не ’мбæлттæй кæуыл амбæлд, уымæн-иу — мæнмæ гæсгæ, йæхи æрхъуыдыгонд рæнхъытæ — бакаст:

Время близится к шести,
Не пора ли принести,
Чем бы душу отвести?

Цы хуызисæджы кой ракодтон, уымæ та дынджыр пъартфел уыди, æмæ-иу Викторыл куы амбæлд, уæд-иу, йæ пъартфелы фарс бахойгæйæ, афтæ фæкодта: «Ам цал портвейны (Виктор æрмæстдæр адджын сæн нызта) цæуы, уый зоныс? Æмæ-иу йæхæдæг йæхицæн дзуапп радта: «Цыппæрдæс».

Уыйау æз дæр, мæ сæр æлвыныны рæстæг цыма цалдæр чысыл хорздзинады бакæнын мæ къухы бафтид, афтæ мæм фæкæсы.

Æз цы хойæ бавдæлон дæн, ахæм никæмæн уыди. Нæ фыдæлтæм, дам, æфсымæр-хотæ дæр уыдис. Мæнæн Дибæ ахæм хо уыди, мæхицæн æфсымæры ныфс кæмæй æвæрдтон. Куынæуал ис, уæд мæ зæрдæйы йæ

бынат стыраей-стырдаер каены. Йае маелаеты рынчын куы ’рци, уаед дзы иу заердаесаеттаен ныхас даер нае фехъуыстон. Йаехи куыд дардта, уый мае цаестытыл куы ауайы, уаед маелаетаей нал фаетаерсын. Некрасовы загъдау, маелын зын у, фаелае амаелын хорз у. Дибае маелаетаей аеппындаер нае тарст. Ахаем тыхджын аемае куырыхон зонды хицау каей у, уый йае рынчыны раестаег тынгдаер рабаераег. Цы диссаджы фаедзаехстытае кодта, уыдон мын, цалынмае цаерон, уаедмае мае хъарутыл аефтаудзысты, ныфс мын уыдзысты, каед мае бон бауа, уаед маехи Дибаейы хуызаен дарыныл архайдзынаен.

Æгас мардаен аеххуыс каенынхъом наеу. Мард аегасаен баххуыс каендзаен, заегъгае, хуымаетаеджы нае загъдаеуыд. Афтае маем каесы, цыма мын Дибае маердтаей даер аеххуыс каены. Стаей маем канд каесгае нае каены, фаелае мае уырнгае даер каены...

Дибаейы цыртдзаевaенаен быдур куы ’ваердтам, уаед, сабибонтаей фаестаемае иунаег хатт даер мае заердаехудты чи никуы бацыд, мае уыцы иузаердион аердхорд Лолаты Хадзыби фаесиваеды рамбырд кодта аемае аемхуызонаей февнаелдтой.

Ахаем раестаег зараеджы кой каей рацыд, уый даер маем Дибаейы фарныл дзураег каесы. Цаевиттон, лаеппутае сае фаеллад уадзынмае куы ’рбадтысты – бафаеллайаен та уыди, уымаен аемае чи заехх къахта, чи цемент змаеста, чи фаейнаеджытимае архайдта – уаед, бирае азты размае хъаеуы бынаей нае сыхмае чи слыгъди, Дзитойты уыцы Алиханы фырт Феликс аефсаермытаегаенгае мае цурмае куы ’рбацаеуид аемае дзурын куы райдаид:

– Музафер, алчи йае хъаеуыл зарджытае каены, уаед Баераегъуын каемаей дзыхъхъылаеуддаер у?

Дарддаер цы дзурдзаен, уый мын амонын нал хъуыд, фаелае йаем уаеддаер хъуыстон:

– Нае хъаеуыл наей зараег скаенаен?

Уыцы ныхаестае мае иннаердаем ахызтысты. Каед йае фарст уайдзаефы хуызаен нае уыд, уаеддаер аей аез маехицаен уайдзаефыл банымадтон. Ацал-ауал азы мае адаем чингуытае фыссаегаей зонынц, аемдзаевгаеты бирае чингуытае рауагътон, уыдонимае даесгай зарджытае, уыцы зарджытаей иу даер Баераегъуыныл каей нае уыд, уымаей Феликс

æмæ ме ’ппæт хъæубæсты раз дæр мæхи къæмдзæстыгыл банымадтон.

Раст зæгъын хъæуы, Бериты Алыбегимæ, «Райгуырæн хъæу», зæгъгæ, цы зарæг ныффыстон («Аззадтæ кæмдæр фæсвæд, Ууыл нæу уæддæр мæ мæт. Зæрдæ дæр вæййы æмбæхст, Никуы йæ фæуыны цæст. Базард: Дугъы кæм уадтæн бæгъæввадæй, Уыцы зæлдаг фæзты Ногæй фæтæхын æвæлладæй Амондæй дзаг бæстæм. У дæ фенд мæнæн зынаргъ, Нæй дæ иунæг фендæн аргъ. Сты дæ цин æмæ дæ маст, Удыл тугдадзинтау баст. Кæд, мыййаг, нæ уарзы дæу Исчи а зæххыл, мæ хъæу, Уæд нæ уарзы – нæу дзырддаг – Мæн æнæмæнгæй фыццаг»), уый дæр нæ хъæуыл скодтон, фæлæ дзы йæ номы кой кæй нæ уыди, уымæ гæсгæ йæ «Бæрæгъуыны зарæг» никуы ничи схуыдта, кæд æй радиойæ дæсгай азты зарынц, уæддæр.

Нæхимæ, ома горæтмæ нæхицæй куы ссыдтæн, уæд æртæ бонмæ зарæджы ныхæстæ ныффыстон. Нæ хъæуы администрацийы уæды сæргълæууæг Цомайты Аликмæ фæхабар кодтон, æмæ дыккаг бон мæ кусæнуаты къæсæрæй æрбахызт. Мæ фæндонмæ гæсгæ йæ Гæджынаты Русланмæ бахаста, æмæ йын уый ахæм мелоди æрхъуыды кодта, зæрдæйы уидæгтæ чи бацагайы. Зарæджы ныхæстæ кæй райгуырдысты æмæ йыл диссаджы аив мелоди кæй сфидыдта, уымæн цыма мæ мадызæнæг Дибæхан мæрдтæй æххуыс кодта, афтæ мæм фæкаст.

Бæрæгъуыныл зарæг скæныны кой йæ ингæны уæлхъус куы нæ рауадаид, уæд зарæг нæ райгуырдаид.

Мæ иузæрдион æмбал Мæхæмæтты Петя мын дзырдта:

– Цыппар æфсымæрæй дæр бинонты хъуыддаг куы бакодтам, уæд сæ чындзытимæ æрæмбырд кодтон æмæ сын загътон (куыд хистæр, афтæ сæрдариуæг мæхæдæг кодтон): «Гом партион æмбырд ıымайын гомыл (æфсымæртæ æмæ чындзытæ дыууæйæ фæстæмæ иууылдæр уыдысты коммуисттæ). Боны фæткы ис иу фарст: «Бинонты æхсæн ахастдзинæдтæ». Доклад кæндзынæн мæхæдæг. Доклады фæдыл ныхасгæнджытæ нæ уыдзæн. Мæ раныхас уыдзæн æрмæстдæр иу хъуыдыйадæй: «Не ’хсæн хæрамдзинадыл архайын кæй зæрды ’рæфта, уый уыдзæн нæ бинонтæй алкæй знаг дæр». Ууыл æмбырд нымайын æхгæдыл».

Хуытиты Таймураз Кисловодскы йæ фæллад уагъта. Куы ссыди, уæд нын йæ хабæрттæ кодта:

– Горæты астæу, нывгæнджытæ сæ куыстытæ кæм фæуæй кæнынц, уым иу ныв федтон, æмæ дзы мæ уд баззад.

Уагæры цавæр ныв уыди, зæгъгæ, йæ куы бафарстам, уæд загъта:

– Бæхы ныв! Ахæм цæстытæ йын уыди, æмæ адæймагæй атонын нæ куымдтой. Кæцырдыгæйфæнды йæм куы бакастаис, уæддæр-иу дæ йæ цæстытæ ацахстаиккой. Нывгæнæг æй дæс мины кодта, мæнмæ та авд мины йеддæмæ нал баззад. Мæ фæстаг капеччытæ дæр нæ бавгъау кодтаин, мæхæдæг фистæгæй ссыдаин, уæддæр æй балхæдтаин!

Æз æмæ йын Камал æмдзыхæй афтæ куы фæкæниккам:

– Фистæгæй цæмæн? Бæхыл сбадтаис æмæ афтæмæй ссыдаис. Исчи бæх фистæгæй цæуыны тыххæй фелхæны?!

– Уалæ Хъулаты Русланы къурткæйы фæсонтыл цы зиллакк ис, уый мысаны хуызæн у, – загъта, Терчы был тезгъо кæнгæйæ, не 'мбæлттæй иу.

– Тæхуды, уыцы къурткæ Свенидзе Николайыл скæн, – ныхас йæхимæ айста Камал, – æмæ, дунейы топпæхсджытæй æппæты рæстдзæвиндæр чи у, уыдоны йæм радыгай æхсыныл бафтау, уæд, нæ бæстæйы ивгъуыдыл æппæты тынгдæр цъыф чи калы, уыдонæй иуæй фервæзиккам.

«Æнæтæригъæд адæймаг, æвæццæгæн, зын ссарæн у, – йæ зæрдæйы сусæгдзинæдтæ æргом кæнынмæ фæци мæ хæлар. – Уæд профцæдисты куыстон. Ме 'мкусæгимæ рагæй зулдзых уыдыстæм, афтæмæй иу хъæуы, иу сыхы хъомыл кодтам. Цалдæр азы нын, ме 'намондæн, иу ран кусгæ дæр æрцыди. Адæм зыдтой, иу хъæуккæгтæ кæй стæм, уый æмæ, куыд мæ бон уыд, афтæ архайдтон, цæмæй, не 'хсæн цы изгарддзинад ис, уый æддæмæ ма разына. Мæ хъæуккаг хъæуы дæр æмæ горæты дæр зындзæрин адæймагыл нымад уыд. Нæ фидыдта суанг йæхи бинонтимæ дæр. Йæ кæстæр æфсымæр бинонты хъуыддаг куы бакодта, уæд фыццаг бонтæй фæстæмæ

кæрæдзийы нæ бамбæрстой. Чындз нæ фæцыд ме 'мкусæджы зæрдæмæ дæр. Ноджы сын иумæйаг хæдзар уыди æмæ, куы ахицæн уыдаиккой – хицæн кæй кæндзысты, уый та йæ уырныдта, стæй ууыл архайгæ дæр кодта, – уæд дзы цæмæй чындзмæ къаддæр хай æрхаудаид, уый тыххæй дам-иу æй нæмгæ дæр фæкодта. Фæкодта, зæгъгæ, йыл чындз нæ куыстмæ хъаст æрбарвыста, афтæ æмæ афтæ, сывæрджын дæн æмæ мын мæ сывæллоны мæ гуыбынмæ мары, зæгъгæ.

Цыма мын фыдæнæн ми бакодтой, уый хуызæн хъаст æвзарын мæнæн бабар кодтой, иу хъæуккæгтæ стут æмæ ды хабæрттæ бæлвырддæр зоныс æмæ дзы, раст æмæ зылын чи у, уый æнцондæрæй раиртасдзынæ, зæгъгæ. Зын уавæры бахаудтæн, уый æмбæрстон æмæ дзы куыд фервæзон, ууыл бирæ фæхъуыды кæныны фæстæ, æрæджиау куыд рабæрæг, афтæмæй æрцыдтæн æппæты æвзæрдæр уынаффæмæ. Цыфæнды раст куы равзæрстаин хъуыддаг, уæддæр мæ сыхаджы зæрдæмæ кæй нæ фæцыдаид, уый æмбæрстон æмæ йын загътон: «Ацу æмæ хъастæн дзуапп дæхæдæг ныффысс, æрмæст дæ уый курæг дæн, æмæ рæстдзинад зæгъыныл бацархай».

Йæ цæст дæр не 'рныкъуылдта, афтæмæй мæ хъуыдыйыл сразы. Дыккаг бон мæм йæ фыст æрбахаста. Æз æй кæсгæ дæр нæ бакодтон, афтæмæй дзы мæ къух бавæрдтон.

Уæд æз тæригъæдджын нæ дæн?! Уæдæй абонмæ мæхи 'фхæрын. Афтæ кæй бакодтон, уый мæхицæн никуы ныббардзынæн. Хуыцауæй хатыр курдзынæн, цæмæй мын уыцы мæгуыр сылгоймаджы тæригъæд ныббара...»

Фæци йæ ныхас мæ хæлар. Йæ уд ын цы судзгæ маст æууылдта, уый мын дзуары нывы раз дзурæгау куы радзырдта, уæд ын цыма фенцондæр, афтæ мæм фæкаст. Чи зоны, йæ зæрдæйы арфæй дæр уымæн ныуулæфыд.

Маяковский Есенины мардыл цы 'мдзæвгæ ныффыста, уым ис ахæм рæнхъытæ: «Вы бы в день писали строк по сто, Утомительно и длинно, как Доронин». Ам Маяковскиимæ зынæй сразы уæвæн ис, уымæн æмæ Есенин кæд даргъ æмдзæвгæтæ дæр фыста, уæддæр зын кæсæн, ома адæймаг кæмæй стыхса, ахæмтæ нæ уыдысты. Уыцы æмдзæвгæйы ма ис ахæм рæнхъытæ дæр: «Надо

жизнь сначала переделать, Переделав, можно воспевать». Æмæ ма ноджыдæр: «Вены резать не было причины».

Есенинæн уайдзæф кодта, афтæмæй йæхæдæг дæр амондджындæр фæндагыл нæ ацыд. Ацы хъуыдытæ мæм æнæнхъæлæджы февзæрдысты. Мæнæн, фыццаг рæнхъыты цы Доронины кой ис, уый тыххæй цалдæр ныхасы зæгъын ис мæ зæрды.

Доронин Иван бирæ фæцарди. Дзæвгар азтæ фæкуыста газет «Сельская жизнь»-ы редакциййы. Арæх-иу фæзынд йæ мыггаг газеты. Бæлвырддæр дзургæйæ, Иван мыхуырмæ цæттæ кодта, хъæутæй газетмæ цы æмдзæвгæтæ цыдис, уыдон. Радта-иу сын иумæйаг сæргонд «Родники народные». Бирæ азты уыцы сæргонд газеты фæрстæй не сцух. Æмæ цы зæгъынмæ хъавыдтæн?

Мæскуымæ хæстæг, хæстæг, зæгъгæ, фондзыссæдз километры дарддæр, уыди Фысджыты сфæлдыстадон хæдзар, æмæ-иу уырдæм арæх цыдтæн. Иу сæрд та абалц кодтон «Малеевка»-мæ – афтæ хуынди Сфæлдыстадон хæдзар. Уым иу фынджы уæлхъус бадт фæдæн, Доронинимæ чи куыста, ахæм лæгимæ. Хъыгагæн ын йæ мыггаг нал хъуыды кæнын. Стæй канд иумæ нæ куыстой, фæлæ бадтысты иу уаты. Йæ хабæрттæй мын бирæ цыдæртæ фæдзырдта. Нæ мæ ферох уыдзысты, зæгъгæ, мæхиуыл мæ зæрдæ дардтон, фæлæ дзы, ногæй та, стыр хъыгагæн, æппындæр ницуал хъуыды кæнын.

Зындгонд тæлмацгæнæг Козловский Яковимæ дæр «Малеевка»-йы базонгæ дæн. Ме ’мдзæвгæтæ ратæлмац кæнын æй бафæндыд, æмæ йын дæлрæнхъонтæ арвыстон. Цалдæр хатты. Хорз сæ ратæлмац кодта, фæлæ-иу мæм цыдæр фиппаинæгтæ дæр уыдис. Кæцыдæртæм дзы йæ хъус æрдардта, кæцыдæртæм – нæ. Уыдон бахынцынæй, дам, æмдзæвгæ ногæй ратæлмац кæнын æнцондæр у.

Æмæ уымæй раст загъта. Иуæй-иу хатт иунæг дзырд аивыны бæсты фæлтау æмдзæвгæ ногæй ратæлмац кæн.

«Цæвæджы дзаг кæм ракæрдон, уый нæй». Диссаджы ахадгæ ныхæстæ. Хъæдгæройнаг усæй сæ фехъуыстон. Цы уавæрты, кæд æмæ кæм, уый

нал хъуыды кæнын. Мæ фыссæн чиныджы сыл æнæнхъæлæджы фембæлдтæн.

Тыццылæй ме 'мбæлттæй бирæ кæмæдæрты хæлæг кодтон. Чи æппæлыди йæ хистæр æфсымæрæй, денджызон афицер, дам, у.

Иннæ-иу загъта: «Мæ фыды æфсымæр тæхæг у». Ууыл-иу цæмæдæр гæсгæ не 'ууæндыдтæн, уымæн æмæ йæ никуы федтон, фæлæ иу хатт Астæуккаг Азийæ йæ ус æмæ йæ дыууæ чызгимæ, йæ уæлæ афицеры дарæс, афтæмæй куы ссыди, уæд ма йыл æнæбауууæндгæ цы уыдис! Иннæ-иу загъта, мæ фыд цуанон у. Уый мын дзурын дæр нæ хъуыди, уымæн æмæ-иу цуаны дæр æмæ цуанæй здæхгæйæ дæр нæ рæзты цыди æмæ-иу бабызтæ, уæрццытæ кæнæ тæрхъус куы амардта, уæд-иу сæ мæхæдæг федтон. Чи-иу загъта, дысон мын мæ фыды мад дзаджджын гуыл скодта. Чи — мæ фыды фыд мын дзоныгъ балхæдта. Чи та-иу йæ мады фыдæй раппæлыд. Æз та кæмæй раппæлыдаин, æфсымæр дæр мын куы нæ уыд, фыды 'фсымæр дæр куы нæ зыдтон, мæ фыд хæстæй куы нæма ссыд, мæ фыды мад æмæ мæ фыды фыд та мæ райгуырды размæ куы амардысты, уæд?!

Мæ зæрдыл Фазиль Искандеры радзырдтæй иу æрлæууыд. Йæ чысыл хъæбатыртæ-иу ме 'мгæртты хуызæн сæ хæстæджытæй куы 'ппæлыдысты, уæд-иу уый та йæ фыды 'фсымæры радавта æмæ-иу се 'ппæтыл дæр фæуæлахиз, уымæн æмæ уый зондхъуаг уыд. Ахæм хæстæгæй раппæлын та дзы иуы бон дæр нæ уыд.

Хæсты фæстæ радиокомитеты хицауæй куыста Бесæ. Хорз ирон лæг уыди, фæлæ — æнахуыргонд. Уыцы бынаты чи сфидыдтаид, уыдон хæсты быдыры баззадысты. Чи ма дзы ссыд, уыдон та æппæтыл не 'ххæссыдысты. Бесæ дæр ахæм бæрнон бынатмæ уымæн бахауд.

Иу рæстæджы радиойы ахæм уавæр сæвзæрд, æмæ рæдыд рæдыды фæдыл уагътой. Кæм-иу нымæцтæ сæмхæццæ кодтой, кæм-иу мыггæгтæ æмæ нæмттæ сæмтъеры сты, кæм та æнаххосы аххосджыны бынаты æвæрдтой. Ахæм рæстæг уæлдай зæрдиагдæрæй фæархайынц дзырдхæсджытæ æмæ

уыцы хабæрттæ уæлдæр хицауадмæ хъусын кодтой. Бесæмæ фæдзырдтой æмæ йын алывыд калынц.

Уæ кусæндоны æгъдау нæй, зæгъгæ, йын загътой. Кæй цы фæнды, уый цæмæн фыссы æмæ дзуры, уымæй йæ фарстой. Æппæты тынгдæр та йæ базылынджын кодтой, адæмы кæй сайынц, уымæй.

Обкомы секретарь-иу тынг куы смæсты, уæд-иу фæстагмæ уырыссаг æвзагыл дзурынмæ рахызт æмæ та ам дæр йæ уыцы 'гъдау нæ фехæлдта:

– Почему дезинформируете население республики, почему вы путаете все и вся? Почему вы врете?

– Нас врут, и мы врем! – цыбыр дзуапп ын радта Бесæ.

Цард диссæгтæ æмæ ныхмæвæрддзинæдтæй арæзт у. Фашистон Германыл фæуæлахизы æртиссæдз азы бæрæгбон кадджынæй сбæрæг кæныны тыххæй хицауадон къамис куы сарæзтой, уæд дзы уæнгæй бакодтой, йæ фыд хæстæй кæмæн бамбæхст, уый фырты, йæ фыд хæсты кæмæн фæмард, уый та рохуаты баззад, афтæмæй, хæстæй бамбæхсæджы фыртæй Ирыстонæн бирæ фылдæр хæрзты бацыд, стæй йæ бынат дæр уый бынатæй дæлдæр нæ уыди.

Иуæй-иу хабæрттæ мæм æрæджиау бахъарынц. «Бахъарынц», зæгъгæ, сыл дис кæнын æрæджиау райдайын, афтæмæй та сыл дис кæнын, куы 'рцæуынц, уæд дæр фæхъæуы...

Уæд ма нæ Цæдисы аивадон литературæ парахат кæныны бюро йæ тæккæ тыхы уыди. Арæх æмбæлдыстæм чиныгкæсджытимæ. Фылдæр хæттыты мын-иу ме 'мбæлттæ фембæлдæн разамынд дæттын мæ бар бакодтой æмæ-иу дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, алкæй тыххæй дæр цæстуарзон ныхæстæ загътон.

Иу ахæм фембæлды рæстæджы хæдразмæ Мæскуыйы мыхуырæй рацыд ме 'мдзæвгæты чиныг. Ме 'мбæлццæттæй алчидæр куы раныхас кодта, уæд мæнæн дæр цы 'нæрадзургæ уыд. Æмдзæвгæтæ кæсыны онг куы 'рхæццæ дæн, уæд фембæлды архайджытæн загътон, хæрзæрæджы мæ чиныг Мæскуыйы рауагъдæдтæй иуы рацыд æмæ уын

уырдыгæй цалдæр æмдзæвгæйы бакæсдзынæн, зæгъгæ. Адæм, уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, æмхуызонæй дæр нымдзæгъд кодтой.

Æмдзæвгæтæ каст куы фæдæн, уæд мæ чиныг стъолыл æрæвæрдтон æмæ нæ фембæлдæн кæронбæттæн саразтон. Уыцы рæстæг иуцалдæр минуты ахаста, фæлæ ме 'мсис адæмæй иу дæр чиныг йæ къухмæ исгæ дæр нæ ракодта, цæсты зулæй дæр æм нæ бакаст. Уыйбæрц «фæразондзинад» сæ иумæ куы разындаид, уæд афтæ диссаг нæ уыдаид, фæлæ мæ хорздзинад сæ тъæнгтæ се 'ппæтæн дæр ацагъта...

Цыфæндыйæ дæр зонджын лæг дыууæ минæй фылдæр азы размæ раст фыста: «Иннæ поэты йæхицæй уæлдæр чи 'вæры, ахæм поэт нæма уыди».

Тотратæй мын йæхи бацамыдта, Азæ, дам, мæ ном. Телефонæй мæм æрбадзырдта, де 'мдзæвгæ дын «Рæстдзинад»-ы бакастæн æмæ, дам, мæ цæссыг нæма басур. Ноджыдæр ма загъта: «Кæд æй дæ фыды тыххæй фыссыс, уæддæр мæм афтæ фæкаст, цыма ме 'фсымæр æмæ мæ фыдмæ дзурыс.

Цопанты Солтаны (нæ хъæуы Цопантæй иу хæдзар йеддæмæ нæ цард. – Дз. М.) бинойнаг мæ хæстæг уыди æмæ уымæй, дæ мад куыд æвирхъауæй фæмард, уыцы хабæрттæ фехъуыстон. Куы-иу сæ дзырдта, уæд-иу мæ кæуын нæ урæдтон».

Азæ мæм куы 'рбадзырдта, уый 2006 азы 11-æм майы уыд. Уæлахизы бон, ома уымæй дыууæ боны раздæр, ныффыстон ацы æмдзæвгæ æмæ мыхуыры рацыд «Рæстдзинады»-ы:

* * *

Хъæр мæрдтæм дæр хъуысы...
Къоста.

Æртиссæдз æмæ иу аз рацыд,
Куы банцад тохы хъæр, уæдæй,
Фæлæ нæма фæзынд йæ балцæй
Мæ фыд, хабархæссæг дзы нæй.

Дибæйæ смæгуыр и нæ хъæстæ,
Æллæх, нæ зыныс ды уæддæр.

Кæцы ран дæ нырмæ, цы бæсты?
Дæ кой кæм бамыр и, дæ хъæр?

Æви кæд сау зæххы хъæбысы
Æнусмæ у дæ гобан мæр,
Æмæ хъæр уырдыгæй нæ хъуысы,
Æрмæстдæр уырдæм хъуысы хъæр?

«Ныр, мæ хъæуккæгтæ æфсæрмы нæ кæнынц, зæгъгæ, куы фæдзурут, уæд уæхицæй æфсæрмы нæ фæкæнут?!» – загъта иуахæмы ме 'рдхорд, афтæмæй дзы уый размæ та æндæр ныхæстæ фехъуыстон: «Бæрæгъуыны, чи нæ фефсæрмы уыдзæн, ахæм адæймаг куыд зын ссарæн у, мæ хъæуы та, чи фефсæрмы уыдзæн, ахæм...»

Иу зондджын лæг афтæ загъта: «Йæхиуыл худын йæ бон кæмæн у, уыдон тыхджын адæм сты!»

Æмæ раст загъта.

Сафирæт партийы райкомы куыста. Дзурынмæ дæсны уыд, фæлæ-иу арæх йæ ныхас æгæр дæргъвæтин рауад. Ныхас-иу куы фæци, уæд-иу æй йæхæдæг дæр бæргæ бамбæрста, фæлæ ма-иу хылы фæстæ тымбыл къухæй æвзидынæй цы пайда уыд! Йе 'мбæлттæ дæр ын-иу дзырдтой, алы ран дæр бæрц зонын хъæуы, зæгъгæ. Семæ-иу сразы, фæлæ та-иу, трибунæмæ куы рацыд, уæд-иу дзы уыцы ныхæстæ ферох сты æмæ-иу, цалынмæ йæ мондæгтæ суагъта, уæдмæ не 'рхызт. Уыцы уавæрæй куыд фервæза, уый куынæуал зыдта, уæд йе 'мбал чызджытæн бафæдзæхста, фæуын афон куы уа, уæд-иу уæ исчи схуыфæд, зæгъгæ.

Радон æмбырды та йæм ныхасы бар куы 'рхауд, уæд йе 'мбæлттæй иу схуыфыд, фæлæ Сафирæт йæ дзурынæй нæ банцад. Кæнæ йæм хъуысгæ нæ фæкодта, кæнæ та йæ ницæмæ 'рдардта. Уæд хуыфын дыккаг райдыдта. Ницы æргом та йæм аздæхта. Æртыккаг ноджы бæзджындæр хъæлæсæй схуыфыд, стæй – цыппæрæм, фæндзæм. Сæрдариуæггæнæг сæ уайдзæфты бын фæкодта, уæ хуыфын ардæм цы 'рхастат, адæймаджы дзурын бауадзут, зæгъгæ.

Сафирӕтмӕ афтӕ фӕкаст, йӕ раныхас нырӕй тынгдӕр адӕмы зӕрдӕмӕ никуыма фӕцыд, зӕгъгӕ, ӕмӕ фӕдзырдта, уымӕй размӕ йӕм ӕмбырдты ныхасы бар кӕм ӕрхаудта, уыдонӕй се 'ппӕтӕй фылдӕр.

Алчи алцы нӕ зоны. Уымӕ цыфӕнды тынг куы тырна, уӕддӕр ын нӕ бантысдзӕн. Алцыдӕр зонын, зӕгъгӕ, чи 'нхъӕлы, уымӕн та бантысдзӕн бирӕ ӕнӕзонд митӕ бакӕнын…

Партийы обкомы секретарьтӕ куыннӕ федтон, фӕлӕ дзы, алцӕмӕ дӕр йӕ ныфс чи хаста, ахӕм Биттайы хуызӕн нӕ уыд. Кӕй цы кӕнын хъӕуы, стӕй йӕ куыд кӕнын хъӕуы, уый, йӕхимӕ гӕсгӕ, алкӕмӕйдӕр хуыздӕр зыдта ӕмӕ йӕ цыбыр зондӕй, кӕуылдӕриддӕр ӕмбӕлд, уымӕн хай кодта. Фысджытӕн фыссын амыдта, нывгӕнджытӕн – ныв кӕнын, композитортӕн – мелодитӕ хъуыды кӕнын ӕмӕ афтӕ дарддӕр.

Уӕвгӕ, фысджыты фылдӕр уарзта ӕмӕ сын йӕ зондӕй дӕр стырдӕр къӕрттытӕ лӕвӕрдта. Уыдонӕн канд фыссын нӕ амыдта, фӕлӕ ма сӕ ахуыр кодта, сӕ уацмысты хъайтартӕн цавӕр нӕмттӕ дӕттын хъӕуы, ууыл дӕр. Фысджыты иу ӕмбырды уыцы ахсджиаг хъуыддагмӕ аздӕхта сӕрмагонд ӕргом. Уый тыххӕй уырдӕм ӕрбацӕуын кодта рауагъдады сӕйраг редакторы ӕмӕ йын бардзырд дӕттӕгау загъта:

– Ардыгӕй фӕстӕмӕ, фысджытӕй, йӕ уацмысы хъӕбатыртӕн, рауагъдады зӕрдӕмӕ чи нӕ цӕуы, ахӕм нӕмттӕ чи дӕтта, уыдоны къухфыстытӕ фӕстӕмӕ здахут!

Уыцы зын ныхъуырӕн, фӕлӕ ӕдылы ныхӕстӕ ӕмбырды иуы хъуыры дӕр нӕ ныссагъдысты. Сӕдзгӕ нӕ, фӕлӕ сойӕвдылдау уым дӕлӕмӕ афардӕг сты. Йӕ дзыхыл чи ныххӕцыд, уыдоны 'хсӕн уыдтӕн ӕз дӕр.

Веринкӕ куы фӕмард, уӕд мӕ фыды хо Оля йӕ рустӕ тонгӕ 'рбацыд. Йӕ чындз уымӕй тынгдӕр искӕмӕй фӕрыстаид, уый мӕ нӕ уырны. Йӕ рустӕ мӕ мадыл ныттыдта, кӕугӕ та, ӕвӕццӕгӕн, махыл кодта, уымӕн ӕмӕ цыппар фӕндаджы астӕу бынтон ӕнахъомтӕй баззадыстӕм.

Оля бирæ фæцард, мæ мад (48 азы) æмæ мæ фыд (37) иумæ цæйбæрц фæцардысты, уымæй æртæ азы фылдæр. Хорз цот схъомыл кодта. Дзæбæхæй ныууагъта йæ цоты цоты нæ, фæлæ уыдоны цоты цоты дæр. Мæ фыды фыды цоты кæстæры зæрдæ йæ кусынæй банцад Джеоргуыбайы мæйы 27-æм бон, мæ мадыл йæ рустæ куы ныттыдта, уыцы мæй æмæ уыцы бон, æрмæст 53 азы фæстæдæр.

Цавæр, уый нæ зонын, фæлæ цыма уыцы дыууæ мæлæты баиуы дæр цыдæр сусæгдзинад æмбæхсы, афтæ мæм кæсы...

Мурат мын сæ мыггаджы мæсыгæй æппæлыди, Ирыстоны, дам, уымæй бæрзонддæр гæнах нæй. Фидисы хуызæн ма мын афтæ дæр загъта: «Дзасохты фыдæлтæ уымæн йе 'мбисы йас мæсыг дæр нæ самадтой».

Афоныл ын дзуапп раттын нæ бафæрæзтон, фæлæ Муратæн æрæджиау зæгъын: «Мамсыратæн иу мæсыг ис, Дзасохтæн та – дыууæ. Иу, Бадыхъæуæн Дæлæци йæ кæцы хай хонынц, уым, иннæ та – Хуссар Ирыстоны, Тылийы. Куыд дзурынц, афтæмæй фæстаг Мамсыраты мæсыгæй бæрзонддæр у.

Ныр дæу дæр æмæ мæхи дæр бафæрсон: «Уæ мæсыджы бæрзондæй ды дæр цы зæгъынмæ хъавыдтæ æмæ дзы æз дæр цы зæгъынмæ хъавын?»

Уый раджы уыд, фæлæ æцæг уыд, æцæгдзинад та, цалфæнды азы фæстæ куы зæгъай, уæддæр æцæгдзинадæй баззайы...

Скъолайы директоры бынат суæгъд, æмæ Рухсады министрады сагъæсы бацыдысты, кæй дзы сæвæрой, ууыл. Фарста алыг кæныны тыххæй бæрнон кусджытæ æрæмбырд сты министрмæ. Цалдæры йын ранымадтой, æмæ дзы æппæты тынгдæр йæ зæрдæмæ фæцыд Хъантемыр. Куыддæр ын йæ ном сдзырдтой, афтæ министр ныхасгæнæджы дарддæр дзурын нал бауагъта:

– Хъантемырæй хуыздæр уым ничи сарæхсдзæн: зонды къуыбар, философ. Гæххæттытæ барæвдз кæнут, тагъд рæстæджы кусын райдайæд!..

Бацæттæ кодтой, кæй зæгъын æй хъæуы, гæххæттытæ, стæй кусын дæр райдыдта, фæлæ цыбыр рæстæгмæ ахуыргæнджытæ æддæг-мидæг ауадысты, цæвæг дзы марæджы

нал æмбæрста, районы адæмон ахуырады хайадмæ хъæстытæ сарæх сты. Схæццæ сты министрадмæ дæр. Хицауæн хабæрттæ куы радзырдæуыд, уæд йæ кусджыты хъæры бын фæкодта:

– Нæ уын дзырдтон, æнтъæрын æй хъæуы, зæгъгæ?..

Камал зымæгон бон Терчы былмæ рацыд æмæ, ардæм чи фæцæуы, уыдонæй йыл сæ тæккæ дзурагдæр амбæлд æмæ йæ ныхæстыл ныддардта. Басыдысты йæ къæхтæ, йæ цæсгом ныцъцъæх, уæддæр лæг дзуры, Камал хъусы. Дыккаг бон мын йæ хабæрттæ куы ракодта, уæд ын загътон:

– Нæ сарæхстæ, æндæр ын афтæ зæгъын хъуыд: «Бæтæхъойыхъæуккагæй бирæгъ куы 'фсæрмы кæны, уæд мæ ды куыннæ 'фсæрмы кæныс? Æз ардæм тезгъо кæнынмæ рацыдтæн, мæхи сийын кæнынмæ нæ фæлæ».

– Бæргæ-иу æм мæхи рарæвдз кодтон, – йæхи растгæнæгау загъта Камал, – фæлæ мæ бирæ хистæр кæй у, уый хъуыды кæнгæйæ, мæхиуыл ныххæцыдтæн, мæхиуыл нæ, фæлæ мæ зæнджы хæцъæфыл, мацы йæм сдзурон, зæгъгæ. Иу хатт мæ бынатæй фезмæлыныл дæр ацархайдтон, фæлæ мын-иу мæ цонджы хъул ацахста, мæ ныхасмæ кæронмæ байхъус, зæгъгæ.

Камал дзы уæддæр йæ маст систа: бирæдзураг кæм фæтезгъо кæны, доны уыцы былгæронæн йæ тæфты дæр никуыуал ауад.

Артаг кæм уæй кæнынц, уырдæм шофыр йæ машинæ базылдта æмæ æнхъæлмæ каст, кæд æй хъуыдыгæнæг фæуид, зæгъгæ. Æмæ йæ хъуыдыгæнæг фæци. Фæрссагæй йæм уырыссагау рахъæрчынд: «Бензина нет!» – «Вообще нет?» Нæй, зæгъгæ, йын дыккаг хатт загътой.

Шофыр дарддæр ацыд, фæлæ йæ фæстæ æндæр алæууыд. Уымæн дæр та загътой, бензин нæй, зæгъгæ. Уый дæр та сæ раст фыццаджы хуызæн бафарста: «Вообще нет?» Бензины хицау дæр та йæ дзуапп сфæлхат кодта.

Æртыккаг æмæ ма йæм цыппæрæм дæр ахæм фарст куы радтой, уæд йæ дуары сæрмæ дынджыр дамгъæтæй ныффыста: «Бензина вообще нет!»

Нæ сыхæгты чызг тынг къуылых уыд. Цудыдта йæ дыууæ къахæй дæр. Мæнæй афæдз хистæр йеддæмæ нæ уыд, фæлæ мæм цæмæдæр гæсгæ бирæ хистæр каст. Йæ мад махимæ хорз цард æмæ-иу нæм арæх æрбауад. Иу-аст-фараст азы мыл цыдаид, афтæ йæ иу хатт бафарстон, Заремæ цæмæй фæкъуылых ис, зæгъгæ, æмæ мын ахæм дзуапп радта:

– Гыццылæй йæхи дынджыр æфсæйнаг тасы надта æмæ сапондоны йæ къах фæбырыд, тасы тигъыл йæ астæуыстæг ныццавта æмæ къуылыхæй баззад.

Уыцы ныхæстæ мын куы загъта, уæдæй нырмæ æртиссæдз азæй фылдæр рацыд, фæлæ ма сыл абон дæр кæмдæр æуууæндын, афтæмæй бæлвырд зонын, чызг къуылыхæй кæй райгуырд. Чысылæй мæ цæстыты цы ныв баззад, уый ферох кæнын мæ бон нæу. Ваннæйы мæхи куы фæнайын, уæд мæ иу къахыл раст-равджы никуыма слæууыдтæн. Æнæмæнг ын йæ сапонæйдзæгтæ æрæхсын, куыннæ фæбырон, афтæ, стæй æнæмæнг мæ цæстытыл ауайы, Заремæ тасы куыд фæбырыдаид, уыцы ныв.

Æвæдза, ныхасæн стыр тых ис, кæуыл æуууæндыс, ахæмæй йæ куы фехъусай, уæлдайдæр сабийæ, уæд.

Мæ кæддæры боныгæй цалдæр скъуыддзаджы.

1978 азы 2 мартъи. Бæстыл миты цъупп нал аззад. Къæвда не 'руарыд, афтæмæй бæласæй, кæрдæджы фæлхорæй, зæххæй – иууылдæр уыцы донласт сты. Уæлдай тардæр сты, проспект æмæ мæм паркæй (уæд куыстон Политикон рухсады хæдзары, бадтæн, ныртæккæ Культурæйы министрад кæм ис, уыцы бæстыхайы) цы бæлæстæ зыны, уыдон. Цыма, зымæг кæй амард, ууыл сау дарынц, уый хуызæн.

Бæлæсты къалиутæй иу дæр не змæлы. Дымгæ кæмдæр ныффынæй. Абон райсомæй Хъулаты Болаты митмитгæнджытæ (фаронæй фæстæмæ сæ афтæ хонын, уымæн æмæ мæм уæд Болат хæрзæггурæггаг фæцис, уæлæ дам-ма бæласмæ скæс сырхгуыбын митмитгæнджытæм) фæзындысты. Ацы аз цыма фæстæдæр æртахтысты, афтæ мæм фæкаст. Уыцы æнæмæт бадт кодтой. Æвæццæгæн, сæ сагъæстæ фæсте кæй аззадысты, уымæн.

Зымæг хъуамæ мауал раздæха. Уæвгæ, рæстæгыл æууæнк нæй. Абон Беджызаты Амилбар газеты куыд фыссы, афтæмæй Цæгат Ирыстоны мартъийы уæлдæфы температурæ рæстæмбис нымадæй вæййы дыууæ градусы хъарм. Фæстаг 50 азы дæргъы æппæты хъармдæр – 28–30 градусы – уыд 1952 азы, тæккæ уазалдæр та – 1956 азы – 17–20 градусы.

Диссаджы тыххæй Амилбармæ сдзырдтон, æмæ мын афтæ зæгъы, абон, дам, нæ горæты сихорыл уæлдæфы температурæ уыд 3 градусы хъарм. Зæрдæ мын бавæрдта мит рауарынæй дæр.

Æвæццæгæн, митмитгæнджытæ æнæмæтæй дзæгъæлы бадтысты.

3 мартъи. Райсомæй мигъ бадти. Ныр дæр нæма сыстад, фæлæ дзæвгар фæрухсдæр. Хур кæмдæр арвыл кæй ис, уый бæрæг у. Сылыйы астæуæй гуымбыл куыд зына, афтæ мынæгæй йæхи æвдисы. Арв, урс хъæццул иудзæвгар æнæхсадæй куы фæлæууа, уый хуызæн счъизихуыз. Хур тарбын мигъты æхсæнæй тынгдæр разынд. Йæ тымбылæг – абазийы хуызæн. Йæ алыфарс мигътæ æвзистæй сахуырстæуыд. Хуры рухс кæдæм æххæссы, уым иууылдæр æрттивы.

Парчы бæлæстæ уыцы тарæй лæууынц. Æрмæст бæрзыты урс хуыз æнæивдæй баззад. Цавæрдæр цъиу йæ зарынæй нал æнцайы. Æвæццæгæн, уый иннæтæй цардбæллондæр у, йе та, чи зоны, дарддæрмæ уыны, кæнæ та тæккæ бæрзонддæр къалиуыл бады, æмæ йæм уалдзæг æрбазынд.

Абон фæхъармдæр. Мæ рудзынг уæрæхдæр байтыгътон, уæддæр мын уазал нæу. Знон та-иу æй иуцасдæры фæстæ æхгæнын бахъуыд. Фынддæс минуты фæстæ суыдзæн фондз сахаты. Цъиу йæ зарыны куыст кæны, цыма йе 'мбæлттæм афтæ дзуры: «Мемæ цæуыннæ зарут, уалдзæг куы ралæууыди, уæд? Æви цæстæй дæр нал уынут, хъусæй дæр нал хъусут?»

4 мартъи. Абондæргъы хур йæ кæсынæй нæ банцад. Райсомæй Аланимæ (уый нæ гыццыл лæппу у, æртæ мæйы фæстæ йыл сæххæст уыдзæн дыууæ азы) тезгъо кæнынмæ рацыдыстæм. Йæ уæрдон ласгæйæ ма мын размæ дæр бахауд. Йæ дзаумæттæ йын ныссæрфтон, æмæ мæ урс къухмæрзæн саучъиллонæй агæпп ласта. Сахат æмæ 'рдæджы

бæрц фæтезгъо кодтам. Фæстæмæ Терчы фаллаг фæрсты нæхимæ ссыдыстæм. Аланæн Терк йæ зæрдæмæ тынг цæуы. «Терк»-ма зæгъ, зæгъгæ-иу ын куы загътон, уæд-иу сдзырдта: «Детт!..»

4 апрель. Нæ кæрты цы курага бæлас уыд, уый дидинæг акалдта. Загътон, уалдзæг ралæууыд, фæлæ фæрæдыдтæн. Уæвгæ, цалдæр хурбоны скодта. Æхсынцъы бæлæстæ дæр дидинæг фестадысты. Бал бæлæсты къуыбæрттæ сæ урс цæстытæй ракастысты. Ныххудынмæ сæ бирæ нал хъуыд, афтæ дын куы ныффуттытæ кæнид. Дымгæ бæлæсты къалиутæ рæдывта, хæдзæртты мæнгæфсон сæртæм дæр баххæст. Сæ рудзгуытæ гомæй кæмæн баззадысты, уыдон сын се 'вгтæ лыстæг цæххæй æрбайййæфтой. Дымгæ куы фæсабырдæр, уæд æваст фæуазал кодта. Уæлдæфы урс гæлæбутæ фæзынд, æмæ мит уарын райдыдта. Зæхх – кæрдæгæй цъæх, бæлæстæй дæр бирæтыл чысыл сыфтæ фæзынд, афтæмæй урс мит уары...

Нæ хæрæфырт – Уырымты Мишкайы бинойнаг – Нутæйæн йæ мады фыд афтæ загъта:
– Мæнæ мæ цæуаг зæнгтæ куыд æнцад бадынц!..

Ме 'рыдойнаг зонгæ Годжиты Сосланы фыд Дзæдзейæ дам-иу афтæ дзырдтой: «Йæ кæрцы къæрид дæр кæмæ баныдзæвы, уымæн лæппу райгуыры».

Сослан мын дзырдта: «Дуканийы дзулмæ рады лæууыдтæн æмæ мын уыцы ныхæстæ, йæ чызгæн æнæ лæгæй сывæллон кæмæн райгуырд, уый мад куы рафæзмид. Æз æм нал фæлæууыдтæн æмæ йын куы бакъæрцц кæнин: «Дæ чызгыл дæр Дзæдзейы кæрцы фæдджи амбæлд?..»

Дзæдзейыл ма ахæм рæнхъытæ дæр баззад:

Дзæдзейы куырдадз – дзæбуджы зæронд,
Раласут-ма йын йæ хъуджы зæронд.

«Нарты кадджытæ» раздæр кæмæ фæзындысты, уый тыххæй дунейы стырдæр ахуыргæндтæ сæ хъуыды раджы загътой, фæлæ сæ уæддæр Цæгат Кавказы адæмтæй алчидæр йæхи бакæныныл архайы. Абайты Васо

афтæ загъта, кæсæг дзы сæхицæн цы вариант скодтой, уый кæсæджы у, адыгейæгтæ, абхазтæ æмæ иннæ адæмтæ дæр – афтæ. Даредзанты таурæгътæ та ирон адæмон сфæлдыстады ауагътой арф уидæгтæ, сты нæ культурон хæзнаты иу хай, фæлæ сæм ахæм цæстæй нæ кæсæм. Фæстаг хатт ма сæ кæд æмæ кæд рауагътам! Къорд фæлтæры, сты, не сты, уый зонгæ дæр нæ кæнынц. Нæ удæн фарн чи хæссы, уыцы хъæздыгдзинæдтæ цы цæджындзтыл æнцайынц, уыдонæн фæцудынæй нæ тæрсæм, афтæмæй, цудгæ нæ, фæлæ, куы афæлдæхой, уымæй дæр тæссаг у.

Даредзантæ нын нарты хуызæн хæстæг сты æмæ сæ нæхи хонын хъæуы. Ирон æмбисонд рохгæнгæ нæу: донæн йæ дыууæ былгæроны дæр дæхи куы нæ хонай, уæд дæ дзы иу дæр нал фæуыдзæн.

Мæ ныхæстæ кæдæм цæуынц, уый, мæнмæ гæсгæ, бамбæрстат: мыхуыры сæ рауадзын хъæуы. Ууыл чи бацархайа, уымæй бузныг уыдзысты абоны æмæ фидæны фæлтæртæ.

Хостыхъоты Зинæ йæ иу æмдзæвгæйы фыста, мæ мады мын Хъæдгæроны ме 'мсис æмбæлттæ цалдæрæй абæрæг кодтой æмæ йын йæ нæлгоймаджы куыстытæ акодтой, зæгъгæ. Куыдæй нæм рауад уыцы ныхас, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ Зинæйæн раппæлыдтæн, дæ хæлæрттæм, зæгъын, хорз æрхъуыды разынд. Цавæр хæлæрттæ æмæ цавæр æрхъуыдыйы кой кæныс, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын, журнал мæ разы уыд, æмæ йын уыцы æмдзæвгæ бакастæн.

– Уадзæбæх сæ сæртæ уæнт, уыдон мæ мадæн кæд сугтæ нæ ныссастой! – цыма аххосджын æз уыдтæн, уый хуызæн мыл сбустæ кодта Зинæ æмæ мын радзырдта, афтæ ныффыссын æй æмдзæвгæ кæй бадомдта.

Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц, фыссæг, цы ис, канд уый нæ фæфыссы, фæлæ ма фæфыссы, цы æмæ куыд хъуамæ уа, уый дæр.

Адзыртт мæ фыды фыды кæстæр æфсымæр уыд. Сæ фыд та хуынди Дауыт. Йæ хотæй иу – Къуыццел – чындзы нæ ацыд. Адзыртты фырт Тасолтан мын куыд

дзырдта, афтæмæй-иу Къуыццел, Бадыхъæуы йе 'фсымæртæ, хос кæм карстой, зæххы куыст кæм кодтой, уырдæм сын хæринаг хаста. Хæринаг та цæттæ кодта, къæвда кæнæ хуры судзгæ тынтæй хи бамбæхсæн кæм уыд, ахæм стыр къæдзæхдуры бын лæгæты. Уыцы лæгæт схуыдтой йæ номыл æмæ йæ абон дæр хонынц «Къуыццелы лæгæт».

Цалдæр азы размæ йæ Къуыццелы æфсымæры лæппуйы лæппу (æз та Къуыццелæн йе 'фсымæры лæппуйы лæппуйы лæппу дæн) дзæнæты бадинаг Эльбрусимæ бабæрæг кодтам.

Ацы хабæрттæ мын мæ хæлар дзырдта.

«Мæнæн дæр мæ фыд хæсты баззад æмæ нæ мæ дыууæ хоимæ хъомыл кодта нæ мад. Бирæ фыдæбæттæ бавзæрстам, уæлдайдæр хæстыфæстæйы тыхст æмæ уырыд азты. Мæ хотæ, кæд мæнæй кæстæр уыдысты, уæддæр сæ ныфсджын уыдтæн. Иу хатт нæ сыхæгты лæппуимæ фæхыл дæн æмæ нæ быцæу хъæбысхæстмæ расайдта. Æнæ хылгæнгæйæ-иу нæ тых куы 'взæрстам, уæд-иу æй арæхдæр æз абырстон, фæлæ ацы хатт æнæнхъæлæджы фæбынæй дæн. Уый мæ хотæй хистæр куы ауыдта, уæд мæ ныхмæлæууæджы дзыккутæм фæлæбурдта æмæ сæ, цалынмæ йæ бынæй нæ фервæзтæн, уæдмæ не суагъта.

Раст зæгъын хъæуы, хыл канд лæппутимæ нæ кодтон, фæлæ-иу мæ хотимæ дæр хаттæй-хатт нæ хъæлæба райхъуыст. Ахæм заман-иу ныл нæ мад сбустæ кодта, Кокойты куыйты хуызæн кæрæдзимæ цы фестут, зæгъгæ.

Арæхдæр-иу хотæй хистæримæ фæбыцæу дæн, уымæн æмæ йæхи фæнд тæрын уарзта, мæнæн та уый мæ зæрдæмæ нæ цыд. Тынг-иу куы смæсты дæн, уæд-иу æххуысмæ мæ мадмæ фæдзырдтон: «Фæнæмон æй?» Раздæр-иу ын, нæмыны онг мæ цæй тыххæй скодта, уый куы радзырдтон, уæд-иу мæхинымæр æнхъæл уыдтæн, иу къæрцц фæкæныны бар мын уæддæр ратдзæн, зæгъгæ, фæлæ та-иу фæрæдыдтæн. Мæ мад мын мæ хомæ мæ къух сисыны бар никуы радта. Иуахæмы та йæ, фæнæмон æй, зæгъгæ, куы бафарстон, уæд мæ мад æваст афтæ куы фæкæнид: «Фæнæм!»

Ахæм дзуапп мын ратдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн, æмæ фырдиссагæй, цы акодтаин, уый нал зыдтон. Иуæй мын æхсызгон уыд, мæ маст райсыны фадат мын иу хатт

уæддæр кæй фæуыдзæн, уый. Иннæмæй, дис кодтон, мæ мад мын мæ хойы фæнæмыны бар куыд радта, ууыл. Ӕртыккагæй та, ме уæнгтæ афтæ 'рлæмæгъ сты, æмæ мæм мæ къух сисыны фаг хъару нал уыд. Мæ мад дæр, æвæццæгæн, фæнæм æй, зæгъгæ, барæй загъта, йæхинымæр скарста, «ма кæн»-тæ дзурын æдзух пайда кæй нæу.

Мæ хомæ мæ къух сисыны хъару ме уæнгтæй фæцыдæр. Мæ хойы фæнæмыны зонд та мæм уæдæй фæстæмæ уæвгæ дæр никуал æрцыд».

Радиойæ Парсиаты Хазбийæ ахæм æмбисонд фехъуыстон: «Ӕмбисæхсæв бон нæ кæны».

Астемыр мын дзырдта: «Нæ сыхæгтæй хæрæгуæрдон ракуырдтам æмæ йæ æрбацæйластон. Сæ лæг кæцæйдæр æрбацæйыздæхт æмæ мæ сæ уæрдонимæ куы ауыдта, уæд мыл фæхъæр кодта:

– Кæдæм ласыс уæрдон?

– Госæзийæ йæ ракуырдтон…

– Ныртæккæ йæ йæ бынатмæ ласгæ!

Цы гæнæн ма мын уыди, баластон æй фæстæмæ.

Ууыл бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ нæм уыцы сыхæгтæ бæрдын курæг æрцыдысты. Сæ лæппу йæ куы рацæйхаста, уæд йæ размæ мæ фыд фæци æмæ йæ мæстыхуызæй бафарста:

– Кæдæм æй хæссыс?

– Не 'хсыр дзы ацæгъдæм.

– Ныртæккæ йæ, кæцæй рахастай, уырдæм хæсгæ, уе 'хсыр уæ хæрæджы бæрдынæй дæр ацæгъддзыстут!..

Гагуыдз йæ хицауимæ хæларæй цард æмæ кæрæдзийæн хъазæн ныхæстæ дæр барстой, суанг, иуæй-иуæн масты хос чи фæуыдаид, ахæм ныхæстæ дæр.

Иу бон Гагуыдз хъæуы командировкæйы уыд, æмæ йæ быдырон фæндаг бахуыдта, кæрогтæ бирæ кæм уыд, ахæм ранмæ. Йæ хицауæн дæр дзы иу дзæбæх баст æрбахаста, фæлæ йæ бынаты не 'рбаййæфта. Йæ секретары раз сæ æрæвæрдта æмæ йын афтæ:

— Уыцы стур куы фæзына, уæд ын-иу ацы кæрдæджытæ йæ разы ’ркал.

Чысайнаг, дыгурон æмæ, дам, ирон Барастыры раз æрлæууыдысты. Мæрдты бæстæйы хицау хъуамæ сбæрæг кодтаид, дзæнæтмæ кæй æрвитын хъæуы, уый дæр æмæ, зындоны уæвыны аккаг цардæй чи фæцард, уый дæр, æмæ сæм фæрстытæ дæттын райдыдта.

— Цас уыдзæн дыууæ хатты дыууæ? — бафарста дыгуроны.

— Цыппар.

— Раст загътай. Растæй фæцардтæ æмæ дын дзæнæтмæ фæндаг гом у.

— Æртæ хатты цыппар та цас уыдзæн? — бафарста ироны.

— Дыууадæс.

— Иттæг раст. Ды дæр дзæнæтмæ цæугæ.

— Ды-ма уæдæ зæгъ, 3467 куы ахатт кæнæм 495-ыл, уæд цас уыдзæн?

— Омæ дзы кæд бынат нал и, уæд мын æй æргом зæгъ, æндæр ма мæ цы хъизæмарæй марыс?! — тæргайхуызæй дзуапп радта чысайнаг.

Советон хицаудзинады рæстæджы, стыр бынаты чи куыста, иу ахæм зонгæ мын афтæ:

— Мæ усæй ахицæн уаин, фæлæ мыл персоналон хъуыддаг сараздзысты.

Советон хицаудзинад йæ мæнгард æмæ Хуыцауæй æлгъыст сæргълæуджытæ куы фехæлдтой, ууыл ссæдз азы бæрц рацыд, фæлæ, кæддæр бæрзонд къæлæтджыныл чи бадт, уый йæ усæй абон дæр нæма ахицæн.

Ныр дуне, ацырдæм куыд рафæлдæхт, афтæ фæстæмæ иннæрдæм дæр куы афæлдæхид æмæ нæ бæстæ йæ гаччы куы абадид, уæд та, цымæ, мæ зонгæ, капиталистты дуг мын мæ усæй ахицæн кæнынæн æгæр гыццыл рæстæг радта, зæгъгæ, зæгъид?

Дзæвгар азтæ иумæ кæимæ фæкуыстон, иу ахæм хистæр мæм хъæстмæ ’рбацыди, мæ хицау, дам, мæ хъыгдары.

Зын мын уыди, кæй зæгъын æй хъæуы, хæсты йæхи лæгæй чи равдыста æмæ цалдæр хæрзиуæгимæ чи ссыди, уый, йæ хъузгæй нырма знон чи рахылди, уыцы хъуымыздзых мастæй йæ хъуырмæ кæй скодта æмæ йын хъыцъыдæттæ кæй нуазын кæны.

— Цы нæ йын загътон, ахæм нал баззад, — дзырдта уыцы мæстджынæй Зæбег. — Йæ фыды йын хæсты рæстæджы хъæдæй хъæумæ изæрдалынгты къабайы æрцæйцæугæ федтой. Уыцы нывæн мæхи бинойнаг дæр æвдисæн уыд.

— Æмæ йын уый дæр загътай?

— Загътон ын æй бæгуыдæр! Нæ цуры исчитæ куы уыдаид æмæ йæ уыдон дæр куы фехъуыстаиккой, уæд бæргæ хуыздæр уыдаид, фæлæ ницы кæны: мæ зæгъинæгтæ йын кæронмæ загъд нæма фæдæн. О, хæдæгай, цы ма йын загътон, уый зоныс? Кæцы аз райгуырдтæ, уый фыссын дæ куы бахъæуы, уæд, зæгъын, дæхицæй æфсæрмы нæ фæкæныс? Цæмæн, дам, дзы хъуамæ æфсæрмы кæнон. Цæмæн, уый дын, зæгъын, æз зæгъдзынæн: 1943 азы мах фыдызнаджы дæрæн кодтам, дæ фыд та цот кæнынмæ февнæлдта. Уымæн æмæ хæстæй йæхи уæрмы баауон кодта.

Зæбегæй кæй ницы аирвæздзæн, уый зыдтон, фæлæ йæ хицаумæ афтæтæ бауæнддзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн.

— Æмæ дын уæд цы загъта?

— Цы мын хъуамæ зæгъа?! Йæ бынаты æрбадти. Йæ хъæлæсыуаг æрфæлмæн æмæ мæ сабыртæ кæнынмæ фæци. Дыууæ адæймаджы, дам, иу хъуыдымæ цы хъуыддаджы фæдыл не ’рцæудзысты, ахæм нæй.

Мæ куыстæй цæуинаг уыдтæн, фæлæ, цалынмæ уыцы фидиссаджы фыртæн, цы хъæуы, уый бакæнон, уæдмæ дæр, стæй уый фæстæ дæр никуыдæмуал ацæудзынæн. Æрмæст мæ ацы хъуыддаджы де ’ххуыс хъæуы...

Мæхинымæр хъуыдытыл фæдæн, цæмæй йын баххуыс кæнын мæ бон у, зæгъгæ, æмæ мæхиуыл мæ зæрдæ ницæмæй дардтон, фæлæ уæдмæ Зæбег йæ курдиат фæбæлвырддæр кодта:

— Иу-цыппар рæнхъы мын куы ныффыссис, уæд сæ мæ фельетоны спайда кæнин.

Йæ фельетоны хабæрттæ дæр мын ракодта. Кæд, дам газеты редактор нæ фæтæрса, уæд ын йæ хабæрттæ Иры дзыллæйыл ахъæр кæнынмæ хъавын.

Зæбегимæ хорз фæцардыстæм æмæ йын йæ курдиат сæххæст кæныныл бацархайдтон: иу нæ, фæлæ йын дыууæ цыппаррæнхъоны дæр ныффыстон. Фыццаг фыды дæр цавта æмæ фырты дæр:

Сызмæсти цъыфимæ цыт æмæ кад:
Бамбæхста уæрмы дæ фыды дæ мад...
Адæмы хæрзтæ куы мардысты хæсты,
Адæмы фыддæр уæд райгуырд хъæубæсты.

Дыккаг та тынгдæр фыды ныхмæ уыд:

Дæуæн нæу дзуапп зын раттæн,
Нæ дæм кæнын æфсæрмы:
Æз акъоппы куы бадтæн,
Уæд бадт дæ фыд та уæрмы.

Куы йын сæ бакастæн, уæд ын загътон:

— Дыууæйæ дæм хуыздæр кæцы кæсы, уый дæхæдæг равзардзынæ.

— Цытæ дзурыс! — йæ цæстытæ цины æрттывд кодтой, афтæмæй загъта Зæбег. — Дыууæ дæр тынг хорз сты.

Фæлæ Зæбеджы цин бирæ нæ ахаста: æртыккаг бон мæм йæ марды хабар æрбайхъуыст.

Уыцы уацхъуыд «Рæстдзинад»-ы (2009 азы январы номыртæй кæцыдæры) бакастæн æмæ мæ никуыуал ферох уыдзæн, уымæн æмæ мын мæхи царды бонтæ мæ зæрдыл æрлæууын кодта. Фæлæ уал уый размæ, уацхъуыды цы фыстæуыд, уый тыххæй цыбырæй.

Баситы Фирузæ дзуры йæ уæззау цардвæндагыл. Йæ фыд æмæ йе 'фсымæр (афон ын нæма уыд, афтæмæй æхсæрдæсаздзыдæй æрлæууыд Фыдыбæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъы) фæмард сты хæсты. Ам, нæхимæ, немыцаг бомбæйы амæттаг баци йæ мад, йæ хойæн та йæ къах ахауд. Дарддæр Фирузæ фыссы, фондз æнахъом сывæллоны куыд рахау-бахау кодтой, уыдæттæ. Фыццаг уыдысты Мамысоны сæ фыды хомæ, уый бон дæр нæ уыди уал сывæллоны хæссын, æмæ сæ сидзæрты хæдзармæ раластой, фæлæ сæ нæ райстой.

Уæлдæр загътон, уацхъуыд мын мæхи цард мæ зæрдыл æрлæууын кодта, зæгъгæ. Мах дæр афтæ баззадыстæм

æнæ мад, æнæ фыдæй. Мæ кæстæр хотæй хистæр дæс къласы каст куы фæци æмæ горæтмæ ахуыр кæнынмæ куы ссыд, уæд ма нæ кæстæр, Дибæ, скъолайы ахуыр кодта æмæ йын иунæгæй уадзæн нæ уыд. Æз рухсады министры хæдивæгмæ бацыдтæн æмæ йæ уавæримæ базонгæ кодтон, куырдтон, цæмæй мын мæ хойы горæты интернаттæй искæцымæ райсой, фæлæ мæм ницы йæ хъус æрдардта. Суанг телефонæй дæр никуыдæм адзырдта, афтæмæй мын загъта, интернаттæй, дам, бынат никæцыйы ис.

Абон дæр мæхицæн нæ барын, хъуынджынзæрдæйы дзуаппы сæрты куыннæ ахызтæн æмæ хуыздæр адæмимæ фембæлынын цæуыннæ бацархайдтон, уыцы хъуыддаг.

Баситы сывæллæттæ дæр, æвæццæгæн, рухсады министры хæдивæджы хуызæн адæмыл сæмбæлдысты, æндæр сæ фыд, се'фсымæр æмæ сæ мад хæсты цæхæры кæмæн басыгъдысты, уыдонæн кæд сывæллæтты хæдзары бынат не ссардтой, уæд ма дзы цымæ бынат та кæмæн уыдис? Афтæ зæгъæг дæн мæхи хойæ дæр. Кæд, йæ фыд хæстæй кæмæн нал ссыд, йæ мад та колхозы быдыры кæмæн фæмард, уымæн министры хæдивæг интернаты бынат ссарыныл нæ батыхст, уæд уыцы гæлдæрæн йæхицæн министрады бынат куыд хъуамæ уыдаид?!

Диссагæн дзуринаг ма цы у? Буачидзейы уынджы нын Пушкины скъолайы æрбакомкоммæ фатер куы радтой, уæд уыцы ран мах подъезды æрцард министры уыцы хæдивæг дæр. Чи зоны, бахъуыды мæ кодта, чи зоны – нæ, фæлæ йын æз салам раттын мæ сæрмæ никуы 'рхастон, дæ бон хорз зæгъын ын æвгъау кодтон, уымæн æмæ йæ уый аккагыл нæ нымадтон.

Уацхъуыды ма ис æндæр цымыдисаг бынат дæр. Баситы сывæллæтты сидзæрты хæдзармæ куы нæ райстой, уæд горæты къуымты рахау-бахау кодтой. Фæстагмæ Ленины цыртдзæвæны цур бабукъ сты. «Уырдæм нæм, – фыссы Фирузæ, – иу Хуыцауы сконд ирон лæг бацыдис, ракодта нæ сæ хæдзармæ. Схъарм нæ кодта... Уыцы хорз лæг газет «Рæстдзинад»-ы кусæг уыд. Йæ зæрдæ махимæ дзырдта, нæ хъысмæт базонын æй фæндыд æмæ 70-æм азты ныффыста «Рæстдзинад»-ы, мах кæй агуырдта, ахæм уацхъуыд мæ номыл. Æз æй адæмæй æрыхъуыстон, фæлæ газет ссарын мæ къухы нæ бафтыд æмæ æнæдзуаппæй баззад. Уыцы æгуыдзæгдзинад, куыдфæндыйы цæстæнгас æз

мæхицæн нæ барын... Фæнды мæ, уыцы сызгъæрин зæрдæйы хицау чи уыд, уый базонын».

Диссаг у, æвæдза, газетмæ ахæм курдиат æрбацæуæд æмæ йæ иувæрсты ахиз! Дыууадæс азы бæрц цы «Рæстдзинад»-ы бакуыстон, уым ахæм писмо æнæдзуаппæй ницы хуызы ныууагътаиккой. Æхсæв дæр не схуыссыдаиккой, фæлмæнзæрдæ, æнкъараг удыхицауы ном æмæ мыггаг зæххы бынæй дæр скъахтаиккой æмæ Фирузæйы нæ, фæлæ мингай газеткæсджыты зæрдæтæ дæр барухс кодтаиккой.

Уæвгæ дзы æнæхуыссæг æхсæвтæ æрвитыны сæр дæр ницæмæн хъæуы, нæ дзы хъæуы зæххы бын сгарын дæр: 70-йæм азты газеты фæрстыл дæ цæст ахæсс æмæ дзы, газеты кусæг Фирузæйы кæм агуры, уыцы уацхъуыд æнæмæнгæй разындзæн. Цыбырты Людвиг, Уæрæсейы газеттæ бирæ азты дæргъы ирон адæмы тыххæй цыдæриддæр ныффыстой, уыдон иунæгæй куы ’рæмбырд кодта æмæ сæ фондз дынджыр томæй куы рауагъта, уæд 70-йæм азты «Рæстдзинад»-ы æнæхъæн редакцийæ иу уацхъуыд ссарын сæ бон нæу, уый кæй бæуырндзæн?

Æмæ ма мæ рæстæджы «Рæстдзинад»-ы кусджыты тыххæй цалдæр ныхасы. Баситы сидзæрты зæрдæты ихтæ чи ’ртайын кодта, ахæм кусджытæ газеты, зæгъæн ис, æмæ, иуцалдæрæй фæстæмæ, иууылдæр уыдысты. Уыдонæн сæ иу цы уæздандзинад равдыста, ахæм уæздандзинад равдисын йæ бон уыд сæ фылдæрæн æмæ сын сæ фарн, абон сæ бынаты чи ис, уыдон хъуамæ мæрдтæм цæуын ма уадзой.



Цæцæны фысджытæй кæцыдæрæн йæ юбилей уыд, æмæ уыцы бæрæгбонмæ Ирыстоны фысджытæ дæр ацыдысты цалдæрæй. Семæ сылгоймаг фыссæг дæр.

Стыр кад скодтой фыссæгæн канд цæцæйнæгтæ нæ, фæлæ, Цæгат Кавказы республикæтæй цы бирæ уазджытæ ’рбацыди, уыдон дæр. Кадджын æмбырды фæстæ уазджыты сæхимæ ахуыдта фыссæджы æфсымæр. Бæркадджын фынгтыл бадтысты бирæнымæц уазджытæ, фыссæджы сфæлдыстадæн аргъгæнджытæ, хæстæджытæ æмæ хиуæттæ. Уыдоны ’хсæн йæ аив уæнгты конд, йæ цæрдæгдзинад, æгъдау æмæ ’фсармæй бæрæг дардта фыссæджы æфсымæр.

Ирыстойнаг фысджыты сылгоймаг минæвармæ ныхасы бар куы ’рхауд, уæд йæ арфæйы уыд ахæм ныхæстæ дæр:

– Æрыгонæй дæ хуызæн лæппуйыл куы фембæлдаин, – фыссæджы æфсымæрмæ дзырдта, – уæд цыфæнды зынцæуæн хæххон фæндæгтыл дæр йæ фæдыл тахтаин.

Хъайтыхъты Геор дæр уым бадт æмæ йæм йæ ныхас куы баппарид:

– Уый уæд ноджы тагъддæр атахтаид!

Хорз æмдзæвгæтæ æвзæр бакæсæн ис, фæлæ æвзæр æмдзæвгæтæ хорз нæ бакæсдзынæ.

Ацы æмдзæвгæ дæр мын æрдæгфыстæй баззад:

Кæд исты æз хорзæй мæ царды ныффыстон,
Уыди уый дæ ныфсæй, мæ уарзон Ирыстон.
Ныр мæнæ мæ цардæн йæ кæрон æрхæстæг,
Чысыл ма дзы баззад, фæвæййы мæ рæстæг...

Сæумæрайсом Терчы был фæтезгъо кæныны фæстæ нæхимæ ’рбацæйыздæхтыстæм. Нæ кæртмæ куы ’рбахæццæ стæм, уæд мæ Камал афарста:

– Цал сахаты у?

Мæ сахатмæ ’ркастæн æмæ йын загътон:

– Аст сахаты ссæдз минуты хъуаг.

Нæхимæ куы ’рбацыдтæн, уæд къулыл ауыгъд сахат амыдта аст сахаты æнæ иу минут хъуаг. Мæ цонгыл цы сахат уыд, уымæ æркастæн æмæ уый дæр амыдта ахæм рæстæг. Куыд бамбæрстон, афтæмæй кæрты, Камал мæ рæстæгæй куы бафарста, уæд, фæкомкоммæ дæн сахаты даргъдæр фатæгмæ, ома минуттæ æвдисæг фатæгмæ, æмæ мæ уый фæрæдийын кодта. Мæхицæй фефсæрмы дæн, Камалæн рæстæг раст кæй нæ загътон, уый тыххæй æмæ йæм телефонæй бадзырдтон, хатыр дзы ракурон, зæгъгæ, фæлæ сæ телефон нæ куыста.

Камалæй уыцы хабар нæ ферох æмæ дыккаг бон, Терчы был куы фембæлдыстæм, уæд мын афтæ:

— Знон, куыддæр нæхимæ бацыдтæн, афтæ дын радио куы радзурид: «Дзуры Мæскуы! Мæскуыйы рæстæгмæ гæсгæ у аст сахаты». Мæхинымæр дисы бацыдтæн, ныртæккæ дæр ма ссæдз минуты хъуаг куы уыд, зæгъгæ.

Хабæрттæ, куыд рауадысты, уый йын радзырдтон. Мæхинымæр та хъуыдыты аныгъуылдтæн. «Æвæццæгæн, цард афтæ арæзт у: иутæн цы барст æрцæуы, уый иннæтæн нæ батайы. Иутæ комæфтыд (махмæ, Бæрæгъуыны, дзырдамонд нæ дзурынц, йæ бæсты комæфтыд фæзæгъынц, ома, комы кæнæ дзыхы чи бафтыд, ахæм) сты, иннæтæ — нæ. Афтæ у цæстытæ æмæ хъусты уавæр дæр. Хъустæ хъуыддаг рæстмæ куы нæ бамбарынц, уæд фæзæгъынц: «Фыдхъус — хæдзархал!» Уæд, цымæ, цæстытæ, цы фенынц, уый зыгъуыммæ куы равдисынц, уæд уый хæдзархал ма уæд, фæлæ хæлардзинадхал дæр нæу?

Писмотæ бирæ исын, зæгъгæ, мæ бон зæгъын нæу. Стæй писмотæ дæр алыхуызæттæ сты. Иутæ зæрдыл фæлæууынц, цалынмæ сæ кæсай, уæдмæ, стæй æрбайрох вæййынц. Иннæтæ лæгæй æрæгмæдæр ферох вæййынц, фæлæ уæддæр ферох вæййынц. Æртыккæгтæ, цалынмæ æгас вæййæм, уæдмæ сæ фæдарæм нæ зæрдыл. Уыдон дæр иухуызон нæ вæййынц. Иутæ дзы лæгæн масты хос фæвæййынц, иннæтæ — цины…

Бирæ азты размæ писмо райстон, хъæуы нæ уынджы нæ, фæлæ фаллаг уынджы чи цард, уыдоны лæппуйæ. Лæппу, зæгъгæ, мæнæй дæс азы хистæр уыд. Фыста мæм Кронштадтæй. Денджызон училище каст фæци æмæ уым службæ кодта. Æз ын канд йæхи нæ, фæлæ йын йæ бинонтæй дæр ме сæфт уыдтон, уымæн æмæ сæм мæсты уыдтæн. Хæсты рæстæджы, Ставд Дуртæм куы ацыдыстæм, уæд нын нæ мулкыл чи фæхæлоф кодта, уыдонæй уыдысты йæ мад æмæ йæ фыд. Бахъавыдысты нын нæ патефонмæ, мæ фыды уæрджытыл бадгæйæ, «Цолайы зарæг»-мæ кæй фæрцы хъуыстон, уыцы патефонмæ. Куы ссыдыстæм, уæд сын æй мæ фыды хо Оля байста. Алывыд дæр ма сын акалдта.

Писмо, кæд ма исты зонын, уæд сæрвыста Фысджыты цæдисмæ, æмæ мæм æй уыдон фæхæццæ кодтой. Райхæлдтон æй æмæ… йæ райдайæнæй йæ кæронмæ дзырдта

мæ ныхмæ. Хъыгагæн мæм уыцы писмо нæ баззад, æндæр æй, куыддæриддæр уыди, афтæмæй æрхастаин. Фæлæ йын уæддæр йæ мидис цыбырæй радзурдзынæн.

Цæвиттон, уый размæ ме 'мдзæвгæты чингуытæй кæцыдæр Мæскуыйы рацыд. Уæды Советон Цæдисы центрон рауагъдæдты чингуытæ æрвыстой бæстæйы æппæт районтæм дæр. Уыимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Кронштадтмæ дæр. Мæ хъæуккаг дæр æй, æвæццæгæн, уым балхæдта æмæ дзы иу æмдзæвгæ дæр йæ зæрдæмæ нæ фæцыди, фаудта сын сæ алы рæнхъ дæр (хæрзаг ме «'рдхæрдтæй» ацы рæнхъытæ чи кæса, уый йæхинымæр зæгъдзæн: «Æмæ нæ рæдыди!»), алы æнæуаг ныхасæй æфхæрдта сæ ныффыссæджы. Хъыг мын куыннæ уыд ахæм рæнхъытæ кæсын æмæ йе 'рвад, йе 'мгар лæппуйæн мæ хъаст ракодтон. Уый мын зæрдæтæ æвæрынмæ фæцис, дзæгъæлы, дам, æм мæсты кæныс. Куыннæ йæм мæсты кæнон, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ:

— Æвæццæгæн, сæрæй кæй фæцудыдта, уый нæма фехъуыстай. Службæ дæр куынæуал кæны. Ныр цыппæрæм аз сæхицæй рынчындоны арæхдæр вæййы...

Ахæм ныхæстæ фехъусдзынæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн æмæ мæхинымæр хъуыдытыл фæдæн. Уый тыххæй ма куы фыстон. Йæ денджызон дарæсы-иу уынгты куы 'рцæйцыд, уæд-иу æм адæм кæсынтыл фесты. Æз ын уæлдай тынгдæр хæлæг кодтон йæ кортикмæ. Бæллыдтæн, къухæй йæм иу хатт уæддæр бавналынмæ, фæлæ уыцы амонд хауди æрмæст йæ кæстæр æфсымæрмæ, æппæлгæиу чи кодта, мæнæн ме 'фсымæр афицер у, зæгъгæ, уыцы æфсымæрмæ.

Низ низ у. Худын никæуыл хъæуы. Стæй хъуамæ искæмæн æвзæрдзинад дæр дæ зæрдæ ма зæгъа. Кæмæ цы 'нхъæлмæ кæсы, уый ничи зоны.

Ныббарстон мæ хъæуккагæн, цы 'фхæрæн ныхæстæ мæм ныффыста, уыдон, уымæн æмæ рынчынæн алцыдæр хатыр у, уæлдайдæр ахæм рынчынæн. Пушкины загъдау, «не дай мне Бог сойти с ума...» Фæлæ уæддæр, уырыссаг ныхасæй фæпайда кæнгæйæ, йæ плохо мæнырдæм цæмæн фæци, ууыл абон дæр дис кæнын.

Уый æз, лæгæн масты хос чи фæвæййы, ахæм писмойы кой ракодтон, мæ хъæуккаг кæй ныффыста, дур мæ дурыл кæм нал ныууагъта, фæлæ мæ чи никуыуал ферох уыдзæн,

ахæм писмойы кой. Фæлæ райсын æндæрхуызон писмотæ дæр, сæ ныффыссæджы æппындæр куы нæ фæзонын, афтæмæй мæ чингуытæй искæцы йæ зæрдæмæ кæмæн фæцæуы æмæ йæм цы ’нкъарæнтæ сæвзæрын кæны, уый фыст кæм вæййы. Ахæм писмотæ ферох кæнын дæр зын вæййы. Уыцы писмотæй иу æрхæссынмæ хъавын. Фæлæ уал уый размæ цалдæр ныхасы.

Раджы, тынг раджы, мæ тæккæ æрыгонæй ма куы уыдтæн, уæд мын иу ростоваг зонгæ чызг уыдис. Денджызы был базонгæ стæм æмæ кæрæдзимæ писмотæ фыстам. Чи зоны, ракурынмæ мæм æнхъæлмæ каст, фæлæ æз тагъд нæ кæнын, уый куы бамбæрста, уæд чындзы ацыд. Чындзы ацыд, фæлæ мæн тыххæй, чысыл ма бахъæуа йæ цард ма фехæла. Йæ лæг ын мæ писмотæй æнæнхъæлæджы иу ссардта æмæ сын стыр хъаугъатæм расайдта. Чызг мæм телефонæй сдзырдта, мæ лæг дæумæ цæуинаг у, не ’хсæн цы ахастдзинæдтæ уыд, уыдон, дам, хъуамæ сбæрæг кæнон. Лæг абон дæр нæма фæзынд, фæлæ, сылгоймаджы, мой куы скодтай, уæд ма писмо дæхимæ цæмæн дардтай, зæгъгæ, куы бафарстон, уæд мын афтæ: «Ахæм диссаджы зæрдæйылæмбæлæг ныхæстæй фыст уыд, æмæ йæ мæ цæст аскъуынын нæ бауарзта».

Уыйау æз дæр, цы писмойы кой ракодтон, уый ахæм хъарм æмæ зæрдиаг ныхæстæй фыст у, æмæ йæ, иуæй, æнæхъæнæй æрхæссынмæ хъавын, иннæмæй, цы ’взагыл фыст у, уыцы ’взагыл:

«Уважаемый Музафер Созырикоевич! Это письмо, материализовавшееся в строки «спасибо», и вот почему.

Есть книги, которые читают для развлечения, есть те, которые прочитать диктует необходимость, а есть такие, которые с первой строчки увлекают и завораживают, играя необыкновенную мелодию на тонких струнах души. «Белая малина» — это такая книга. Взятая в руки совершенно случайно, она стала самой любимой, самой нужной, самой существенной для меня. Она светится изнутри своей добротой и чистотой. События, описанные в книге, вызывают во мне ностальгию по ушедшим временам, хотя я никоим образом не могла жить в те годы. Наверное это происходит потому, что в послевоенные нелегкие годы люди относились внимательнее и сердечнее друг к другу, не ставя материальное благополучие превыше всего. А, может, это

ностальгия, отголосок того, что я в современном мире чувствую себя очень часто не вовремя родившейся. Этакая пожилая женщина в молодом теле.

Я читала и ловила себя на мысли, что всегда нахожусь рядом с главными героями. Наверное поэтому так проникновенны и трогательны события, происходящие с Казбеком, Дунетхан и Бади. Невольно хочется быть такой же матерью для своих детей, какой была Дзыцца. Эти люди стали словно родные для меня. Я грустила и радовалась вместе с ними, шла теми же дорогами, думала и поступала так же.

Мне вдвойне приятно осознавать, что «Белая малина» автобиографична, а люди, ставшие прототипами героев, были и есть, живут где-то рядом. Хочется выразить свою глубокую признательность и благодарность Вам — автору и прототипу в одном лице — за прекрасную книгу, подарившую столько прекрасных минут. Когда мне трудно, я перечитываю ее, потому что она помогает смотреть на мир добрыми глазами, что бы ни случилось.

Фулиди Оксана, конец сентября 2006 г.»

Лæппу æфсæддон училище каст цалдæр азы размæ фæци, фæлæ хъуыддаг нæма бакодта. Алы аз дæр отпусчы ссæуы. Хæстæгæй, хионæй йыл æрæмбырд вæййынц, бинонтæ 'рхæсс, зæгъгæ, дзурынæй се 'взæгтæ слыстæг вæййынц, фæлæ та, куыд иунæгæй ссæуы, афтæ иунæгæй ацæуы.

Фæстаг хатт ма куы ссыди, уæд дæр та йыл бацин кодтой: чи йын йæ къух æлхъывта, чи йын арфæ кодта, чи — хъæбыс. Сыхæгты лæджы цурмæ куы бацыд, уæд ын уый арфæтæ кæнын бæсты загъта:

— Цалынмæ дæхæдæг искæмæн ахъæбыс кæнай, уæдмæ дын æз нал ахъæбыс кæндзынæн, стæй дын дæ къух дæр нал райсдзынæн!..

Чехойты Сæрæбийæн фæлмæн зæрдæ уыдис. Иу ныхас дæр-иу кæмæ скодта, уый-иу йе 'ннæ ныхæстæм хъусын дæр бафæндыд. Базонгæ-иу сты, сæ зонгæдзинад та-иу хæлардзинадмæ рахызт. Сæрæби иунæг арæх нæ уыд. Кæм-иу фæзынд, уым-иу уайтагъд йæ алыфарс

адæм амбырд сты æмæ-иу сын хъæлдзæг ныхас бацайдагъ. Уæлдай фылдæр æй уарзтой æрыгæттæ, уымæн æмæ сæ йæхæдæг дæр бирæ уарзта. Фæсивæдæй йæ тыхтæ литературæйы чи фæлвæрдта, уыдон та йыл, дидинæгыл мыдыбындзытæ куыд æмбырд кæной, афтæ æмбырд кодтой. Æххуыс сын кодта, цы йæ бон уыд, уымæй. Чи йæ зыдта, уыдонæй цæстуарзон ныхас кæмæн нæ загъта, хистæрау кæуыл нæ баузæлыд, ахæм нæ уыд. Райдайгæ поэттæн йæ зонындзинæдтæ, йæ фæлтæрддзинад никуы бахæлæг кодта.

Иу хатт æм уæзæгуаты бацыд райдайгæ литератор. Æрбахаста йæм йе 'мдзæвгæты тетрад. Сæрæби сæ бакасти. Скодта йын фиппаинæгтæ. Йæ цæстмæ йын бадардта, йæ фыстыты инверситæ арæх кæй æмбæлы, уый. Лæппу, инверси цы у, уый нæ зыдта, æмæ йын Сæрæби загъта:

– Хъуыдыйады дзырдтæ кæрæдзийы фæдыл раст æвæрд куы нæ вæййынц, уæд уый хуыйны инверси.

Лæппуйы цæстæнгасыл бæрæг уыд, кæй та йæ нæ бамбæрста, уый.

Уæд æй Сæрæби фæрсы:

– Исчи дын гуыл куы дæтта, уæд дын куыд зæгъдзæн?

Лæппу ныхъхъус. Сæрæби йын аххуыс кодта:

– Ай дын гуыл! Раст нæ зæгъын?

О, зæгъгæ, лæппу йæ сæр бынмæ-уæлæмæ батылдта.

– Уæдæ йæ ды та «Дын ай гуыл!» фыссыс...

Евтушенко Евгений курдиатджын поэт у, йæ фыстытæй бирæтæ зæрдæмæ цæуынц, фæлæ йæ митæ мæ зæрдæмæ никуы цыдысты. Æрыгонæй дæр бирæ къленц митæ фæкодта, зæрондæй дæр сыл йæ къух нæ исы. Уымæн фæзæгъынц йе 'мбæстæгтæ: «Каков в колыбельку, таков и в земельку», ома адæймаг цæимæ райгуыры, мæрдтæм дæр уыимæ ацæуы.

Æхсæз азы размæ йыл дæс æмæ 'рттиссæдз азы куы сæххæст, уæд иу газетæн интервью радта æмæ йæ, нырыккон поэзи цы уавæры ис, уымæй куы фарстой, уæд йæ ранымады уыдысты дыууæ сылгоймаджы: Кудимова Маринæ æмæ Кабыш Иннæ. Фыццаджы тыххæй загъта: «Мæ зæрдæмæ цæуы Кудимова Маринæ, стæй йæ поэмæ «Арысь-поле». Дыккагæй та: «Фæстаг рæстæджы мæхицæн

кæй байгом кодтон æмæ мын æхсызгондзинад чи 'рхаста, уый у Кабыш Иннæ. Уый ныффыста æмбисонды æмдзæвгæ. Уым ис диссаджы рæнхъытæ: «Кто варит варенье в России, тот знает, что выхода нет...» Телеуынынад Кабыш Иннæйы литературон изæр куы саразид, уæд дыккаг райсом райхъал уаид Уæрæсейы зындгонд поэтæй».

Нæ зонын, Евгенийы ныхæстæ цас раст сты, уый, стæй нæ зонын, Иннæйæ цы рæнхъытæ æрхаста, уыдоны уадиссагæй цы ссардта, уый дæр, фæлæ æз иуцасдæр зонын, Кабыш уырыссаг æвзагмæ куыд тæлмац кæны, уый, уымæн æмæ мын ме 'мдзæвгæтæй дзæвгар раивта.

Мæ къухфыст уыди рауагъдад «Современник»-ы. Цæмæй афоныл рацыдаид, уый тыххæй æмдзæвгæтæ афоныл ратæлмац кæнын хъуыд, фæлæ сæйраг тæлмацгæнæг Кудимова Маринæ не 'ййæфта æмæ дзы иу мыхуырон сыф Иннæйæн ратæлмац кæнын кодтой, фæлæ дзы мæ цыппаррæнхъонты чиныг «Колчан»-мæ иу дæр нæ бахауд. Цæуыннæ, уымæн абон дæр ницы зонын. Æнæхъæн мыхуырон сыфæй фылдæр иу ссæдз азмæ 'ввахс Иннæйы къухфыстæй мæхимæ лæууы. Кæд ма исты зонын, уæд мæм сæ Маринæ сæрвыста, уымæн æмæ Иннæйæн йæхи уынгæ дæр никуы фæкодтон, суанг ма йын йæ хъæлæс телефонæй дæр никуы фехъуыстон. Искуы ма ме 'мдзæвгæтæ уырыссагау рацæудзысты, уый æнхъæл нæ дæн, фæлæ, цынæ вæййы, уæд дзы кæцыдæртæ мæ чиныгмæ бахæссин.

Æмæ ма Евтушенкойы интервьюйы тыххæй цалдæр ныхасы. Телеуынынадæн ахæм стыр аргъ кæй кæны, уый дæр мæм диссаг фæкаст. Телеуынынад зындгонд фысджытæ аразæг кæдæй нырмæ сси? Æви телеуынынады размæ зындгонд фысджытæ уæвгæ дæр нæ уыди? Мæнмæ гæсгæ, ацы ныхæстæ дæр йæ къленц митæн æвдисæн сты. Йæ ацы миниуæг ын Тарковский Андрей раст бафиппайдта. Зындгонд режиссерæн йæ мæлæты фæстæ цы чиныг рауагътой, «Мартиролог», зæгъгæ, уым фыссы: «Случайно прочел в «Новом мире» «Казанский университет» Евтушенко. Какая бездарь! Оторопь берет. Мещанский авангард. В свое время Северянин был в тысячу раз талантливее. А что от него осталось? «Ананасы в шампанском»? И презрительные улыбки. Жалкий какой-то Женя. Кокетка».

Ацы хабæрттæ мын Токты Райæ радзырдта. Къорд азы размæ, кæддæр Хæлардзинады хæдзар кæм уыд, уым дуаргæсæй куыста. Иу фæлладуадзæн бон мæ куыстмæ ’рбацыдтæн (нæ кусæндон уæд дæр уыцы бæстыхайы уыд), Райæимæ ныхæстыл фестæм æмæ мын радзырдта, йæ хистæртæй цы хабæрттæ фехъуыста, уыдонæй цалдæр. Иу дзы уыди ахæм.

Токтæ цардысты Хъылиаты, Тибæй чысыл фалдæр. Сæ чындзытæй иуæн райгуырд дыууæ фаззон лæппуйы. Сæ сыхæгтæн – Боцитæн – та сæ ноггуырд амард æмæ, цæмæй сылгоймаджы риутæ ма фехæлой, уый тыххæй Токтæй ракуырдтой, уæ сывæллæттæй уал нын иу нæ чындзмæ раттут, зæгъгæ. Радтой сæм æй.

Иу заман ахæм фыдаз скодта, æмæ Токтыл рын сыстад æмæ иууылдæр фæцагъд сты. Баззади ма дзы æрмæстдæр, Боцитæм цы лæппу радтой, уый. Токты фесæфты хабар Боцитæм куы байхъуыст, уæд дзы кæмæдæр сæвзæрд æвирхъау хъуыды: «Ацы лæппуйы дæр исты фæкæнæм æмæ сæ зæххытæ нæхи бауыдзысты. Уый мыггаджы хистæр куы фехъуыста, уæд фидарæй загъта: «Кæйдæр мыггаг сыскъуынын махмæ нæ кæсы. Мах нæхимæ ахæм тæригъæд нæ райсдзыстæм».

Лæппуйы схъомыл кодтой, ус ын ракуырдтой, фæлæ чындз, Хуыцауы æлгъыст кæй фæхонынц, ахæм разынд. Лæппу йæ хъаст йæ каисты хистæрмæ бахаста. Зондджын хистæр ын зæрдæ бавæрдта, мах æй нæхæдæг рахондзыстæм, зæгъгæ. Æмæ йæ æцæгдæр рахуыдтой.

Лæппу дыккаг усæн æрхаста Саухалты идæдзы æмæ йын уый бирæ цот ныккодта. Æмæ мыггаг бынысскъуыд нæ фæци.

Артемæн йæ хистæр æфсымæрæн йæ мады чи ралгъыста, уый гарнайы æппæрста. Уыцы рæстæг мад йæхæдæг сæ рæзты æрцæйцыд æмæ, хъуыддаг куы бамбæрста, уæд сæ иргъæвынмæ фæци, фæлæ лæппуйы уромæг уромын нал фæрæзта. Куы никæмæ хъуыста, уæд ын мад афтæ:

– Суадз æй, дæу цы хъуыддаг и, мæн ралгъыста!..

Мæ сыхаг мæ йе ’фсымæры чындзæхсæвмæ ахуыдта. Фынгыл дæр мæ йæ фарсмæ сбадын кодта.

Йæ бакомкоммæ цы ацæргæ лæг бадт, уыимæ куы базонгæ, уæд мæ сыхагæн афтæ зæгъы, æз, дам, дын дæ бинойнаджы хорз зонын (фæстæдæр ын куыд радзырдта, афтæмæй кæддæр сæ фатертæ фæрсæй-фæрстæм уыдысты). Мæ сыхаг ын афтæ куы фæкæнид:

— Хорз æй æз мæхæдæг куы нæ зонын, уæд æй ды афтæ хорз кæм базыдтай?!

Кæддæры æлгъыстытæн сæ тæккæ карздæртæй дыууæ уыд ахæм: «Хъыримаг дæ Хуыцау фæкæнæд!», «Гандзайы амæттаг фæу!»

Куыд дзурынц, афтæмæй Хъырымы дæр æмæ Гандзайы дæр адæмы уæй кодтой.

Тæригъæд авд фæлтæры хæссы, зæгъгæ, фæзæгъынц, фæлæ, тæригъæдджынæн йæ азар йæхи куы басудзы, ахæм хабæрттæ дæр вæййы...

Мамсыраты Мураты фыд Мухтары куы скулак кодтой æмæ йæ æд бинонтæ Сыбырмæ куы ахастой, уæд сын сæ сыхаг Догъайы-фырт батæригъæд кæныны бæсты сæ хъуг ласынмæ фæци, уæддæр, дам, дзы сымахæн ницуал пайда ис.

Мæгуыр адæмы тæригъæды кæй бацыд, уый йын Хуыцау нæ ныббарста æмæ æгады мардæй амард. Хъæу нæ, фæлæ суанг йæ сыхæгтимæ дæр нæ цард æмæ йæ чи баныгæдтаид, уый нæ уыд. Йæ фырт Мураты хистæр æфсымæрмæ хатæг æрбацыд, нæ фыд цы уыди, уый нæхæдæг дæр зонæм, фæлæ йæ нæхæдæг куыд баныгæнæм, адæммæ фæдзур æмæ нæм кæд дæу æфсæрмæй уæддæр æрцæуиккой, зæгъгæ.

Мураты æфсымæр, йæхи ’фсармыл хъуыдыгæнгæйæ, зианы бафснайынæн цы хъуыд, уый бакодта.

Æнахуыр фын федтон. Цыма дын адæм марды уæлхъус бадтысты. Уыдонимæ нæ сыхæгты ус Маня дæр. Иу заман дын уыцы зæрдæрыстæй афтæ куы бакæнид: «Кæс, æмæ та нæ мыггагæй исчи амард, кæс, æмæ та фысджытæй исчи амард».

Сæ мыггагæн нæ зонын, фæлæ уыцы рæстæг фысджытæй фæд-фæдыл амард цалдæр: Æхсар, Асæх, Зинæ, Анатолий.

Кæддæр цы чызджы уарзтон, уыимæ нæ ахастдзинæдты тыххæй цы радзырд ныффыстон, уый радиойæ куы лæвæрдтой, уæд Замирæт чызджы мадмæ бадзырдта. Уый йын афтæ:

— Æдыхст дæ Хуыцау уадзæд, дæ разæй мын æй иуцалдæрæй фехъусын кодтой...

Æз та мæ уарзондзинадæн схъæр кæнынæй нымд кодтон...

Æцæг ныхасыл дæр гæды ныхасы хуызæн смæсты уæвæн ис. Кæд афтæ фæзæгъынц, æргом ныхасы къæм нæй, зæгъгæ, уæддæр фæлывд æмæ хинæйдзаг лæгæн, цы у, уый комкоммæ куы зæгъай, уæд дзы уыйбæрц къæмтæ ссардзæн, æмæ дæ сæрыхъуынтæй фæфылдæр уыдзысты æмæ дæ масты хай бакæндзæн, афтæмæй та йын, цыдæриддæр загътай, уым мæнгæй ницы уыд.

Уæдæ гæды ныхасы тыххæй смæсты уæвæн кæй ис, уый та æнæдзургæйæ дæр æмбæрстгонд у.

Ахæм замантæ æрæййæфтон, æмæ, кино, цас хъуамæ цыдаид, уымæй йыл дыууæ хаттæй дæр фылдæр рæстæг хардз кæнын куы хъуыд.

Кино-иу æрластой нæ сыхæгтæм — Николаевскы станицæмæ. Мах хъæу Æрыдоны районмæ хауд, уыдон та — Дыгуры районмæ æмæ, цæмæй иу æхсæв дыууæ хъæуы дæр иу фильм федтаиккой, уый тыххæй-иу раздæр баныхас кодтой, æмæ-иу Николаевскы кино æвдисын райдыдтой раздæр. Иу хай-иу куы равдыстой, уæд-иу æй бæрæгъуыйнæгтæ нæхимæ — скъæфгæ. Афтæмæй-иу кино, цас хъуамæ цыдаид, уымæй дыууæйы бæрцæй фылдæр ахаста. Уый хыгъд-иу дыууæ хъæуы цæрджытæн дæр æрхъуыдыйы фæрцы кино фенын бантыст.

«Быдзыджы мойы мой». Ацы ныхæстæ цыма Æрыдоны мæ фыды хойæ фехъуыстон, афтæ мæм кæсы.

Кæрæдзийæн дард хæстæг чи æййæфта, ахæмæй, дамиу загътой афтæ.

Сталиныл цы нæ гæдыйы мард æрцауындздзысты, ахæм нæй. Чидæр цæйау загъта: йæ комдзаг, дам, йæ хъуыры кæмæн нал фæцæуы, уый дæр æй мæн аххос фæкæны. Уыйау Сталиныл алцыдæр фидауы. Стæй канд Сталиныл нæ. Марксыл дæр, Лениныл дæр. Сæ ныхмæ цыфæнды куы зæгъай, уæддæр дæ ничи бафхæрдзæн. Æфхæргæ нæ, фæлæ ма дын де уæхск дæр æрхойдзысты, мæнæ цы ныфсы хицау разындтæ, ахæм æртæ тыхджын... марды ныхмæ чи радзырдта...

Нæ демократтæ, Сталин кæй бафхæрдта, уыдоны тæккæ æфхæрддæртæй иуыл нымайынц Мандельштам Осипы, афтæмæй, дам, Сталинæй кæм æппæлы, ахæм æмдзæвгæтæ дæс æмæ ссæдзæй фылдæр ныффыста. Фæлæ сæм Сталин ницы хъус дардта. Фæстагмæ та йыл одæ ныффыста. Уый Иосиф Виссарионы фырты мастыл цæхх ныккæнæгау фæци, æмæ йæ бæстæйы сæйраг горæтæй Владивостокмæ арвыста.

Æз Сталины фарс нæ дзурын, стæй, мæнмæ гæсгæ, йæ фарс дзурын дæр нæ хъæуы, йæ ныхмæ дзурын дæр. Рæстдзинад дзур, æмæ æцæгдзинад рабæрæг уыдзæн.

Æцæгдзинад дзырдта Хренников Тихон. Уый бирæ азты дæргъы уыди Советон Цæдисы Композиторты цæдисы сæрдар æмæ, йæхæдæг куыд фыста, афтæмæй композитортæй иуы дæр не 'рцахстой, уымæн æмæ, композиторты цы хъæстытæ цыд, уыдонæй иуæн дæр фæндаг нæ радта.

Шолоховы, ахсынмæ куы хъавыдысты, уæд æм цы лæджы рарвыстой – Погорелов Иван Семены фырты – уый хуыцауысконд адæймаг разынд æмæ фыссæгæн, цы кæнынмæ йын хъавынц, уый радзырдта. Хъуамæ йæ æрцахстаиккой, Миллеровомæ йæ фæцæйластаиккой æмæ йæ, цыма лидзгæ фæцæйкодта, уый æфсон агæрах кодтаиккой. Шолохов йе 'мсиахсимæ уыцы 'хсæв Мæскуымæ

фæцагайдта. Сбадтысты товарласæн вагоны æмæ Сталинмæ балæууыдысты. Сталин Шолоховмæ байхъуыста æмæ канд йæхæдæг нæ фервæзт, фæлæ ма, æнаххосæй ахæстæтты чи бадт, уыдоны дæр рауадзын кодта æмæ сын Политбюройы уынаффæмæ гæсгæ санаторитæм путевкæтæ радтой.

Ахæм «тугмондаг» митæ кодта Сталин, æцæгдзинад-иу кæй тыххæй базыдта, уыдонæн.

Куыд дзурынц, афтæмæй Шолохов æрмæст Вешенскийы районы мæлæтæй фервæзын кодта 1300 адæймаджы. Мæнæн та мæ зæрдæмæ æппæты хæстæгдæр у Погорелов Иван Семены фырт, Шолоховæн йæхи чи фервæзын кодта æмæ йæхи удæн æппæты тæссагдæр кæмæй уыд, ахæм хъуыддаг бакæнынмæ йæ ныфс чи бахаста.

Æрмæст ном дæр бирæ цæуылдæрты дзуры...

Мæ ном мын кæцæй æрбахастæуыд, стæй мын æй чи ’рбахаста, уый тыххæй фыстон. Уæдæ, цы амоны, уый дæр нæ басусæг кодтон, фæлæ ма сæ, чи сæ нæ каст, уыдонæн цыбырæй зæгъон. Мæ фыд кусынмæ Бухармæ ацыд æмæ, цы дыууæ узбекаг лæппуимæ бахæлар, уыдонæй мыл иуы ном сæвæрдта. Тюркагау амоны «уæлахиздзау».

Ном бирæ цæуылдæрты дзуры. Фыццаджыдæр та, цы адæмы ’хсæн райгуырд, уыдонæй йæ исчи куы фехъусы, уæлдайдæр та йæ хæссæг æндæр адæмы минæвар куы вæййы, уæд ын æхсызгон вæййы. Уый æз мæхиуыл къорд хатты бавзæрстон.

Дыууæ æви æртæ азы размæ, нæ кусæндон цы бæстыхайы ис, уый капиталон цалцæг кодтой туркæгтæ. Мæ ном цы хуыйны, уый кæмæйдæр фехъуыстой æмæ-иу мыл дзы чи амбæлд, уый мын-иу мæ ном сдзургæйæ æнæмæнг салам радта.

Цыппæрæм уæладзыг цалцæг кæнынмæ куы бавнæлдтой – нæ кусæндоны агъуыстытæ уым сты – уæд рауагъдады кусджытæй кæйдæр, йæ уатæй куы райдыдтаиккой, уый фæндыд, фæлæ йын туркæгтæ не сразы сты, раздæр, дам, уал Музаферы уат цалцæг кæнæм. Æмæ, æцæгæйдæр, цалцæг кæнын мæ кусæн уатæй райдыдтой.

Мæнмæ гæсгæ, ном æрмæст фæстæмæ фæкæсынæн у, зæгъгæ, чи дзуры, уый бынтон раст нæ вæййы.

Нæ сыхагæн йæ операци фæрæстмæ. Куыд фæзæгъынц: мæрдтæй раздæхт. Нæртон куывд ын скодтой. Ӕрцыди сæм бирæ адæм. Фынгыл æрбадыны размæ цалдæрæй лæууæм æмæ чидæр афтæ зæгъы, исты æгъдау нæ бакæнын хъæуы, зæгъгæ. «Ницы æгъдау дзы хъæуы, – загъта иннæ. – Светæйы лæг æй ской кæнын дæр нæ бауагъта». Ӕртыккаг фыццаджы фарс рахæцыд: «Светæйы лæгмæ цы хъусут, махæй алчидæр йæхи тыххæй дзуапп дæтты. Ӕгъдау æгъдау у æмæ йæ кæнын хъæуы».

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ йыл нæ сыхæгты чъындыдæр уайдзæфтæй ралæууыд: «Гъер адæмы дæу хуызæттæ халынц!».

Мæ мады мадырвадæлты лæппу фыццаг къласмæ куы бацыд, уæд сæм иуцалдæр мæйы фæстæ уазæгуаты бацыдтæн æмæ йæ фæрсын:

– Куыд у, скъола дæ зæрдæмæ цæуы?

Лæппу ныфсæрмытæ, йæ сæр æруагъта æмæ æнæдзургæйæ лæууы.

– Цæуы, фæлæ йæ ныууадзынмæ хъавы, – йæ бæсты дзуапп радта йæ фыды мад.

– Цæмæн? – лæппуйы уæхск бауигъгæйæ йæ бафарстон дыккаг хатт.

– «Е», дам, зын фыссæн у, – йæ бæсты та дзуапп радта зæронд ус.

Мæ зæронд фыстыты æхсæн ахæм хъуыдыйадыл мæ цæст æрхæцыд: «Сылгоймæгтæн мæ сæ фындддæр амарæд!»

Мæ фыссæн чиныгмæ йæ цæмæн бахастон, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ дзы цыма цыдæр хъуыды æмбæхсы, афтæ мæм кæсы…

Цæмæй дæ æххæст лæг схоной, уый тыххæй, дам, бæлас ныссадзын, фырт схъомыл кæнын æмæ хæдзар саразын хъæуы.

Бæлас ныссадзын кæмæдæрты æнцон кæсы, фæлæ йæм зилгæ куы нæ кæнай, уæд ын йæ пайдатæй бирæ нæ

фендзынæ. Цæмæй дын бындар фæзына, уымæн дæр зонды къуыбар уæвын нæ хъæуы: «Но, чтоб иметь детей, кому ума не доставало?!» Сæйрагдæр у йе схъомыл кæнын. Уæдæ хæдзар саразын дæр хъуыддæгтæн се 'нцондæртæй нæу. Уый æз мæхи рагъыл бавзæрстон, цæхæрадоны дыууæ къуымы куы арæзтон, уæд.

Æвæццæгæн, кæцы куыстуаты къæсæрæй нæ бакастæн, ахæм нал баззад. Фæзынди мын дзы ног зонгæтæ. Сæ фылдæр мæ хæлæрттæ систы, уымæн æмæ мæм хорз цæстæй ракастысты. Цæстуарзонæй мын амыдтой, цы нæ зыдтон, уыдæттæ. Зонгæ та, зæгъæн ис, æмæ ницы кодтон.

Иу заман мæ мæ хъуыддæгтæ бахуыдтой æфсæн-бетон къæйты заводмæ. Базонгæ дзы дæн, уæзисæн кранæн къæйтæ исынмæ чи 'ххуыс кодта, уыцы лæгимæ. Уæздан адæймаг мæм фæкаст æмæ ныхæстæгæнгæ йæ царды хабæрттæм рахызтыстæм. Куыд радзырдта, афтæмæй куыста ахуыргæнæгæй. Бинонтæ йын, фырт, фæлæ æрцыди æвирхъау хабар...

Иу бон цæмæдæр гæсгæ йæ куыстæй раздæр æрбацыд æмæ усы æнахуыр уавæры æрбаййæфта... нæлгоймагимæ. Цуанон топп æм уыди, радавта йæ æмæ дзы усы агæрах кодта. Стæрхон ын кодтой, цалдæр азы ахæстоны фæбадт. Ныр æй сæрибарæй цæрынмæ рауагътой æмæ ам æнæбары куыст кæны...

Йæ царды хабæрттæ мæ уæззау хъуыдытыл бафтыдтой. Адæймаджы амарынæй уæззаудæр фыдраконддзинад, æвæццæгæн, зæххыл нæй. Фæлæ адæм алыхуызæттæ сты. Иуты, цыфæнды стыр маст куы бацæуы, уæддæр сæхиуыл хæцын бафæразынц æмæ æвæсмон фæвæййынц, иннæтæ сæ масты фæдыл ацæуынц æмæ сæхи фæсмонæй фæхæрынц. Фæлæ, йæ масты фæдыл чи ацæуы, уыдонæй, фæсмон чи нæ фæкæны, ахæмтæ дæр разыны.

Мæ ног зонгæйæн, йæ уавæры тыххæй цы хъуыды кæнын, уый нæ басусæг кодтон. Загътон ын: «Чи зоны, дæхиуыл дæ фæхæцын хъуыд. Зæххыл чи нæма 'рцыд, ахæм хъуыддаг зын ссарæн у, æмæ йын æнæтугкалдæй ахицæнгæнæн уыд. Уæд дæхæдæг дæр къаддæр хъизæмæрттæ бавзæрстаис, мад та цыфæндыйæ дæр мад у, æмæ дæ лæппу дæр æнæ ныййарæгæй нæ баззадаид».

Куыд бамбæрстон, афтæмæй мæ ныхæстæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты. Кæд дзургæ ницы кодта, уæддæр йæ

цæсгомыл бæрæг уыд, ахæм зондамындтытæ ма йын раздæр дæр кæй чындæуыд. Мæн уæддæр нæ уырныдта, мæ ныхæстæй йæм иу дæр нæ бахъардта, уый æмæ йæ бафарстон:

– Уыцы фыдбылызы куы бахаудтæ, ууыл азтæ рацыд, æмæ-ма æргом зæгъ: фæсмон дæм никуы ’рцыд?

Лæгæн цыма йæ риссагдæр хъæдгом хъамайы фындзæй ныррæхуыстон, уыйау, йæ бынаты фесхъиугæйæ, загъта:

– Ахæм уавæры ма йæ дыккаг хатт куы баййафин, уæддæр ыл нæ бацауæрдин!

Не ’рвадæлтæм æнæнхъæлæджы уазæгуаты бахаудтæн æмæ, сæ къæбиц цы амыдта, уымæй ницæуыл бацауæрстой. Зианы «рухсаг» зæгъынмæ нæ фæлæууыдыстæм æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, æххормаг дæр уыдыстæм æмæ уайтагъд фынгмæ февнæлдтам. Æппындæр ницы хъуаг уыдыстæм, фæлæ ма нын æфсин, фынгыл еууы кас куы ’рæвæрай, уæд йæ къæхтæ нæ фæтасдзысты, зæгъгæ, плов дæр æрæвæрдта. Æз нæхимæ дæр уыцы пловæй зæрдæцъæх уыдтæн, уымæн æмæ зыдтон, æцæг плов цы у, уый.

Нæузæххыты куы уыдтæн, уæд, цы хъæуы æрæнцадыстæм, уым бынæттон цæрджытæй иу хъæрæсейаг уыд æмæ, мах Кавказæй стæм, уый куы базыдта, уæд нæ сæхимæ ахуыдта. Уыдонмæ цы пловæй сахуыстам, уый, нæхимæ кæй скæнынц, уыимæ фæбарын, фæлæ сæм иумæйагæй пырындз йеддæмæ никуы ницы раиртæстон.

Ныр мæ, уазæгуаты уæвгæйæ, мæ чындз куы баййардта, фен-ма дзы, дæ зæрдæмæ фæцæудзæн, зæгъгæ, уæд дзы æфсæрмæй сахуыстон, фæлæ йын йæ ад куы банкъардтон, уæд мæ хъуыды зæгъынæй нал бафсæрмы кодтон:

– Плов нæхимæ дæр кæнынц æмæ дæ файнустæн афтæ фæзæгъын, ахæм плов Астæуккаг Азийы цыфæнды фæсвæд хъæуы куы скæнис, уæддæр дыл сæ хъаст районы кæнæ облæсты центрмæ бахæссиккой æмæ дын, сæ национ хæринаг цæсты кæй æфтауыс, уый тыххæй авд азæй къаддæр не стæрхон кæниккой!..

Чындз, дарддæр цы зæгъдзынæн, уый цæмæй зыдта, фæлæ тынг æнхъæлмæ кæй каст, уый бамбæрстон æмæ мæ ныхас кæронмæ ахæццæ кодтон:

– Дæу та ахæстонæй уадзгæ дæр нал ракæниккой!.. Цæрæнбонты фæбадыны тæрхон дын рахæссиккой.

Æнхъæлдтон, фæхæрам мæм уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн. Мæ ныхæстæ йæм афтæ хорз фæкастысты æмæ сыл абоны онг йæ худынæй нæма банцад. Куы йыл амбæлын, уæд сæ кой æнæракæнгæ нæ фæвæййы.

Авд азы стæрхон кæнын кæмæн домдтой, уыцы ахст прокурормæ æрхатыд:

– Æз рынчын лæг дæн æмæ уыйбæрц нал фæцæрдзынæн. Фæлтау мын фондз азы раттут æмæ уæ ныхæстæ ма фæмæнг уой, кæннод дыууæ азы къаддæр куы фæбадон, уæд уын уæ ныхæстыл ничиуал æууæнддзæн. Æмæ мæ сымах мæт и...

– Æмæ фондз азæй фылдæр куы фæцæрай, уæд та? – бафарста йæ тæрхонгæнæг.

– Фыдраконддзинад ахæстоны ракæнæн дæр ис æмæ дыууæ азы аккаг чи уа, ахæм æфхæрд ссарын мæ бон бауыдзæн, – дзуапп ссарыныл нæ батыхст ахст.

Рагон ромæгтæм ахæм ныхас уыд: «Згъорæджы ма уром, æнцад лæууæджы ма схой».

Арф хъуыды дзы ис, уый æмбарын, фæлæ афтæ арф æмбæхст у, æмæ цы амоны, уый рахатын мæ бон нæу.

Рæстæг æнæивгæ у, ивгæ адæймаг кæны, зæгъгæ, дæр фæзæгъынц, фæлæ, æвæццæгæн, рæстæг дæр ивы. Хъæбатыр рæстæг хъæбатыртæ ныййары, тæппуд рæстæг та сæ ныгæнынмæ фæвæййы. Стаханов, Гастелло, Чкалов, Матросов, Космодемьянская, Гаганова, Гагарин, челюскинонтæ, æрыгонгвардионтæ... Цал æмæ цал уыдысты, номæй номмæ кæй зыдтам, уыдон! Мингай хæттыты фылдæр уыдысты, номæй номмæ кæй нæ зыдтам, фæлæ сæ æрвылбоны хъазуатон фæллойæ Райгуырæн бæстæйы кад æмæ намысы тырыса бæрзондæй-бæрзонддæр чи иста æмæ йæ сæрыстырæй амондджындæр дугмæ хæссыныл йæ тыхтæ æмæ хъарутæ æнæвгъауæй чи лæвæрдта, уыдон.

Ныр цы рæстæг ралæууыд, уый хъæбатыртæ арынхъом нæу. Уый тынгдæр архайы, йæ размæ чи райгуырд, уыцы хъæбатырты ныгæныныл. Ныгæнын йæ бон кæй нæу, уыдоны та архайы цæсты бафтауыныл, сдзырддаг кæныныл, цы нæ уыдысты, ахæмæй равдисыныл.

Былысчъилтæ кæнынц Джордано Бруноййл. Фидар зондылхæст ахуыргонды куы арыд ахуыргонд рахонынц, куы йæ æндæр дæлджинæггæнæг ахорæнæй сахорынц. Сæ дзырдбыдтæ æмæ сканвордты дæр архайынц хъæбатырты кад æрныллæг кæныныл. Спартак цы хъæбатырдзинæдтæ равдыста, уымæй бафæрсыны бæсты домынц, чи йæ басаста, уый ном зæгъын. Иннæ ахæм Марат æмæ Гамлеты марджытæ! Уыдоны нæмттæ æрымысын дæр сын æхсызгондзинад хæссы!

Цæйбæрц ницытæ 'мæ мацытæ фæмысыдысты Чапаевыл?! Уый, Советон хицаудзинад куы нæма ралæууыд, уый размæ дæр, æмбал кæмæн нæй, ахæм хъæбатыр куы уыди, – цалдæр хатты йын Георгийы дзуар хуымæтæджы нæ радтой, – уæд дзы хъазæнхъул цы сарæзтой?! Фæнды сæ, цæмæй йæ мачи фæзма, йæ намысджын фæндæгтыл цæуджытæ ма фæзына. Æмæ уый сæ къухы æфтгæ дæр кæны. Уымæн нæй хъæбатыртæ нæ дуджы. Уæвгæ, уый бынтон раст нæу. Ис хъæбатыртæ! Æрмæст галиуæрдæм хъæбатыртæ. Дерибаскæтæ æмæ чубайстæ, ельцинтæ æмæ горбачевтæ, абрамовичтæ æмæ гайдартæ. Дарддæр сæ нал нымайын. Уыдон бирæ сты. Бирæ фæлтæрты исбон хæлæттаггæнджытæ æмæ папылойгæнджытæ, мæгуыр адæмы тугвæллойæ схъæздыгуæвджытæ, кусæг лæгмæ былысчъилæйкæсджытæ.

Уæлдæр Джордано Бруноййы кой скодтон. Уый канд стыр ахуыргонд нæ уыд, фæлæ ма уыд, йæ хъæбатырдзинадæн æмбал кæмæн нæ уыд, ахæм адæймаг дæр. Раиртæста, хур æмæ стъалытæ сæ сæмæнты алыфарс кæй зилынц, уый, фæлæ йын йæ ахуырад дины кусджытæ банымадтой стыр фыдракæндыл, сæхицæн та – æнæкæрон æфхæрдыл æмæ дзы домдтой йæ хъуыдытыл æрфæсмон кæнын, йе стыр æрхъуыдыййыл йæ къух сисын. Афтæ куы бакодтаид, уæд æй арты хай нæ бакодтаикой, æгасæй баззадаид æмæ Галилео Галилейау дарддæр йæ куыст кодтаид. Фæлæ йæ кад æмæ намысæн стырдæр аргъ кодта æмæ нæ басаст. Йæ цытыл комдзог нæ рацыд, æмæ йæ дины æгъатыр минæвæрттæ басыгътой.

Чысыл раздæр, йæ хъæбатырдзинадæн æмбал нæ уыди, зæгъгæ, загътон, фæлæ уый бынтон раст нæу. Уыди ма Брунойы хуызæн адæмтæ æмæ дзы иуы кой — чысыл бæлвырддæр.

Уый Брунойæ ссæдз æнусæй фылдæры размæ цард, фæлæ сæ хъысмæты æмхуызондзинæдтæ бирæ ис. Æз Сократы кой кæнын. Зылын æй кодтой дыууæ хъуыддагæй: паддзахадон динимæ разы кæй нæ уыд æмæ паддзахадон диныл не 'ууæндынæй фæсивæды кæй хæлдта, уымæй. Сократ адæмæн амыдта царды раст фæндæгтæ. Уыцы фæндæгтыл цæуæн нæ уыд, зонынджын лæджы рæстæг цы мæнгбындур ахуырадтæ уыдис, уыдоныл æууæндгæйæ. Æнæмæнг ахизын хъуыди сæ сæрты.

Афинæгты фылдæр хай æууæндыди Сократы ахуырадыл, фæлæ сæ бон нæ уыд, цы фæндаг сын амыдта, ууыл цæуын, уымæн æмæ сæ дуджы æгъдæуттæ нымадтой табуйагыл æмæ йыл тæрхондонмæ балæвæрдтой. Сократ, марыны тæрхон ын кæй рахæсдзысты, уый зыдта, фæлæ йæхи фервæзын кæнынæн ницы саразта. Æрмæст тæрхонæй спайда кодта, цæмæй афинæгтæн йæ зæгъинæгтæ загътаид, радзырдтаид сын, йæхи афтæ цæмæн дардта, стæй йæ æгасæй куы ныууагътаиккой, уæддæр æндæрхуызон цæуыннæ фæуыдаид, уыдæттæ.

Тæрхонгæнджытæ Сократы банымадтой аххосджыныл æмæ йын рахастой марыны тæрхон. Цæмæй йæ зылын кодтой, уый куы кастысты, уæд сæм Сократ æнцад хъуыста, стæй тæрхонгæнджыты раз ракодта ахæм ныхас.

«Адæм ныр зæгъдзысты, — райдыдта уый, — сымах афинаг граждантæ, зонынджын Сократы æнаххосæй кæй амардтат. Зонынджын мæ уымæн рахондзысты, цæмæй сымах тынгдæр бафхæрой, æндæр æз цæй зонынджын дæн?! Мæн амарынæн уын бындур нæ уыди, зæгъгæ, уымæн зæгъдзысты, æмæ иучысыл куы фæгæдзæ кодтаиккат, уæд мæхæдæг амардаин: мæ кармæ гæсгæ мæлæтмæ тынг хæстæг дæн. Мæнæн марыны тæрхон чи рахаста, уыдон сымах стут, æмæ ма уын уый зæгъынмæ хъавын: дзæгъæлы уæм афтæ кæсы, æмæ мæ, мæлæтæй фервæзыны тыххæй цы кæнын хъæуы, уый нæ зонын, зæгъгæ. Тынг хорз дæр æй зонын, фæлæ уый тыххæй барæй ницы аразын, æргомдæр дзургæйæ — мæ сæрмæ йæ нæ хæссын. Хæрзаг æхсызгон уын уаид, æз уæ разы мæ зонгуытыл

куы ’рхауин, лæгъстæмæ уын куы фæуин, мæ цæссыг куы калин. Уыдон лæджы æгадгæнæг митæ сты. Ахæм мадзæлтты фæрцы мæлæтæй фервæзын искæмæн дæр æмæ мæхицæн дæр мæ зæрдæ нæ зæгъы. Мæлæтæй фервæзын зын нæу. Зын у фыдæй фервæзын: фыд мæлæтæй цырддæр у, тагъддæр дæ ацахсдзæн. Æз æруæззау дæн, уымæн æмæ зæронд дæн æмæ мæ мæлæт æрцахста. Сымах та, мæ зылынгæнджытæ, цæрдæг æмæ уæнгрог стут, æмæ уæ æрцахста, сымахæй цæрдæгдæр æмæ уæнгрогдæр чи у, уый — фыд. Сымах мын тæрхон рахастат, æмæ мæм æнхъæлмæ кæсы мæлæт, сымахмæ та — фыд æмæ худинаг. Ахæм тæрхон уын рахæсдзæн рæстдзинад. Æз мæхи ’фхæрдимæ баззайдзынæн, сымах — уæхи. Хъуамæ уæвгæ дæр афтæ уыдаид. Афтæ кæй у, уый та хуыздæр у.

Уымæй уæлдай ма уын, мæ зылынгæнджытæ, зæгъынмæ хъавын, цы уæм æнхъæлмæ кæсы, уый. Адæймаг йæ мæлæты размæ, фидæны цы уыдзæн, уый хуыздæр фæуыны. Уæдæ хъусут, ме ’мбæстæгтæ, мæ мæлæты фæстæ сымах, мæн куыд бафхæрдтат, уымæй карздæр æфхæрд æрцæудзыстут: сæ хотыхтæ уæм рабæтдзысты, уæ ныхмæ чи уыди, уыдон. Сымах æй нæ уыдтат, фæлæ сæ æз уромыныл архайдтон. Мæн куы амарат, уæд сæ уромæг уромын нал фæраздзæн. Уыдон сымахæй æрыгондæр сты æмæ уын семæ тох кæнын мæнимæ хæцынæй зындæр уыдзæн. Галиу митæ кæй кæнут, уый тыххæй уæ дзуапп дæттынæй мæ мæлæт нæ фервæзын кæндзæн. Искæй марын аиппытæй нæ ирвæзын кæны.

Ныр та сымахмæ дзурын, тæрхондоны мæ ныхмæ чи нæ уыд, фæлæ мæ фарс чи хæцыд, уыдонмæ. Фæстаг хатт ма ныхас кæнæм æмæ уын радзурынмæ хъавын, абон мыл цы диссаг æрцыд, уый. Цыфæнды зын уавæры-иу куы бахаудтæн, уæддæр мын-иу мæ мидхъæлæс æдзухдæр дзырдта, цæмæй мæхи хъахъхъæнон, æнамонддзинад мын чи ’рхæсдзæн, ахæм митæй. Абон та, куыд уынут, афтæмæй æз бахаудтæн, стырдæр уæвæн нæй, ахæм бæллæхы, фæлæ мын уыцы хъæлæс мæхи фыдæй бахизыны тыххæй ницуал загъта, нæхицæй куы рацæйцыдтæн, уæд дæр, тæрхондоны къæсæрæй куы ’рбахызтæн, уæд дæр, ныхас куы кодтон, уæд дæр.

Уый цæуыл дзурæг у? Мæнмæ гæсгæ, уый дзуры, мæныл цы ’рцыд, уый æвзæр нæ, фæлæ хорз кæй у. Дыууæйæ

хъуамæ иу уа: мæлæтимæ алцыдæр фесæфы, кæнæ, таурæгътæ куыд дзурынц, афтæмæй адæймаджы уд бахизы иу ранæй иннæмæ. Кæд мæлæтимæ алцыдæр æрбайсæфы æмæ, иу фын дæр кæм нæ фæуынынц, ахæм фынæйы хуызæн у, уæд ма уымæй хуыздæр цы ис! Алчидæр йæхицæй зоны, адджын фынæй куы фæкæны, уæд цы хуызæн æхсызгондзинад райсы, уый. Æхсæвыгон фыдфынтæ уынгæйæ кæнæ хъалæй алыхуызон мæт æмæ сагъæстимæ цы бон арвиты, уыимæ йын абарæн ницы хуызы ис. Мæнмæ гæсгæ, адджын фынæй цы æхсæв бакæнæм, уый хъизæмайраг бонæй бирæ хуыздæр у. Кæд мæлæт ахæм фыны хуызæн у, уæд мæнæн фын мæ зæрдæмæ хæстæгдæр у.

Кæд мæлæт иу дунейæ иннæмæ бацæуыны хуызæн у, æмæ, кæдæм бацæуынц, уыцы дунейы, мах размæ чи амард, уыцы зондджын æмæ сыгъдæгудтæ сты, уæд ма уыдонимæ цæрынæй хуыздæр адæймаг цæмæ хъуамæ бабæлла! Æз иу хатт нæ, фæлæ фондзыссæдз хатты дæр амæлин уырдæм бахауыны тыххæй.

Уæдæ афтæ. Тæрхонгæнджытæ, сымахмæ дзурын, стæй канд сымахмæ нæ, фæлæ æппæт адæммæ дæр: æз куыд хъуыды кæнын, афтæмæй мæлæтæй тæрсын нæ хъæуы, æрмæст зæрдылдаринаг у иу хъуыддаг: сыгъдæгуд адæймагæн царды дæр, мæлæты дæр æвзæрæй ницы ис. Уымæ гæсгæ, мæнæн тæрхон чи рахаста, уыдон мын кæд æвзæрдзинад бакæнынмæ хъавыдысты, уæддæр сæм æз нæ мæсты кæнын.

Ныр афон у. Мæнæн – мæлынæн, сымахæн – цæрынæн. Хуыздæр нæ кæмæн у, уый Хуыцау йеддæмæ ничи зоны».

Сократ марджы къус банызта æмæ йæ ахуыргæнинæгты цур йæ уд систа.

Æрдæгфыстæй мын цы 'мдзæвгæтæ баззад, уыдоны 'хсæнæй рахауд ахæм рæнхъытæ:

Нæй мæлæтæн бирæон нымæц,
Алкæуылдæр аххæсдзæн уæддæр.

* * *

Йæ къахы бынæй никуы систа сом,
Куыннæ уа кадджын ахæм лæджы ном!

Æртæйæ фынджы уæлхъус бадæм. Фæйнæ цалдæры куы анызтам, уæд не ’мбæлттæй иу йæ сусæгдзинæдтæ дзурынмæ фæцис.

– Нæ дохтыртæй мæ иу сылгоймаг куы фæрæдийын кæна, уымæй тæрсын. Куы мæ иуæрдыгæй фæцагайы, куы – иннæрдыгæй. Кæмдæр мæхи дæлджинæггондыл дæр банымайын. Мæ нæлгоймаджы миниуджытыл дызæрдыг кæнын куы райдайа, уымæй дæр ме уæнджы мигъ бадын райдыдта. Æппæты тынгдæр мæ, йæ лæджы йын кæй базыдтон, уый уромы.

– Кæд æй базыдтай? – бафарста йæ ме ’ннæ ’мбал.

– Цалдæр боны размæ.

– Йæ ус æй дæуæй бирæ раздæрæй нырмæ куы зоны æмæ дзы уый куы нæ ’фсæрмы кæны, уæд дæу дунейы ’фсæрм цы бацыд?

Мæ рæстæджы радиойы кусджытæн сæ фылдæр сылгоймæгтæ уыдысты. Ноджыдæр ма мæ иу «фылдæр» зæгъын бахъæудзæн: сæ фылдæр, горæты чи схъомыл, ахæмтæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, иронау хорз нæ зыдтой. Фысгæ дæр уырыссагау уымæн кодтой. Фæлæ уæддæр иронау дзурыныл архайдтой. Уæлдайдæр мæ цуры. Зыдтой, æхсызгон мын кæй уыдзæн, уый.

Сæ арæхстдзинæдтæ æвдисын сæ-иу уæлдай тынгдæр бахъуыд, исты курдиатимæ-иу мæм куы цыдысты, уæд. Цæмæдæр гæсгæ сæм афтæ каст: иронау дзургæ куы ’рбацæуой æмæ, цæй тыххæй, уый нæ мадæлон æвзагыл куы бамбарын кæной, уæд æнæ дзуаппæй нæ аздæхдзысты.

Чи зоны, афтæ кæй хъуыды кодтой, уымæй нæ рæдыдысты.

Фысджыты æмбырдты мæ фыдгул фæбадæд. Зонынц æй, алкæмæн дæр дзы тæнæг зæрдæ ис, уый, афтæмæй дзы иу иннæйы ма ракъаха, уымæн стæм хатт йеддæмæ уæвæн нæ вæййы. Уый канд Ирыстоны афтæ нæу. Афтæ уыди кæмдæриддæр æмæ кæддæриддæр. Ромаг æви бердзейнаг куырыхонтæй иу афтæ загъта, иунæг ахæм поэт дæр, дам, нæма уыд, иннæйы йæхицæй тыхджындæр чи хуыдта.

Фысджытæ нæ ауæрдынц эпиграммæтæ фыссынып дæр. Иу нарон поэт поэмæ ныффыста æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Къоста йæ хъæуккаг кæй уыд, уымæй тынг сæрыстыр кæй у, уый дæр дзы равдыста. Нæ ферох кодта йæхи дæр:

Уадз хъуысæд хæларæй
Мæнæн дæр мæ ном.
Ыскадджын и Нарæй
Уæлладжыры ком.

Нарæй чысыл дарддæр чи райгуырд, уыцы поэт, дам, ацы цыппаррæнхъон адарддæр кодта:

Ыскадджын и Нарæй
Уæлладжыры ком,
Æрмæст ма йæ сафы
Темойы фыдном.

О, æмæ мæ ныхас æмбырдты тыххæй рацæйкодтон. Иу ахæм æмбырды фæрсæй-фæрстæм бадтысты, иу журналы чи куыста, дыууæ ахæм фыссæджы. Иу дзы ныхасы бар ракуырдта, иннæ, цалынмæ йæ сыхаг дзырдта, уæдмæ фестад, æмæ йæ бынаты Барис абадт. Иу заман ныхасгæнæг, йæ фарсмæ чи абадт, уымæ æнæкæсгæйæ, къухæй амонгæйæ, дзуры:

– Мæнæ ацы лæг чи у, цы у, уый бæрæг дæр кæмæн нæй...

Барисæн, уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, йæ хъуыры иу уидаг сдыууæрдæм, хæрдмæ йæм æнæмбаргæ цæстытæй скаст æмæ йæм уырыссагау дзуры:

– Как вас прикажете понимать?

Ныхасгæнæг æм куы 'ркаст, уæд куыд акодтаид, ууыл уæхæдæг ахъуыды кæнут.

Григол радиокомитеты сæрдарæй куыста. Хорз, уæздан ирон лæг пенсимæ дæр уырдыгæй ацыд. Иуцасдæры фæстæ йæ раздæры æмкусæг Алыксандрыл амбæлд. Кæрæдзиуыл куыннæ бацин кодтаиккой, кæд æмæ дзæвгар рæстæг хæларæй фæцардысты. Григол æй, кæй зæгъын æй хъæуы, радиойы цы хабæрттæ ис, уымæй дæр бафарста. Алыксандр ын загъта, дæ фæстæ дзы иунæг ивддзинад йеддæмæ нæма 'рцыдис, зæгъгæ.

– Цавæр ивддзинад у, уый дæр мын зæгъ, – æрхатыди йæм Григол.

– Хъæрæбийы сæйраг редакторæй сæвæрдтой.

Григол иуцасдæр ницуал сдзырдта, стæй æрæджиау уырыссагау загъта.

– Да, Саша, от великого до смешного один шаг!..

Мæ зæрдыл Хъесаты Дафа 'рбалæууыд. Хæблиаты Сафар æмæ Дафаимæ «Рæстдзинад»-ы иу рæстæджы куыстам. Мæн «Молодой коммунист»-ы редакторæй куы сæвæрдтой, уæд æй Сафар Дафайæн дзырдта. Уый, дам, æй куы фехъуыста, уæд æваст, цæхгæр фæзилгæйæ, афтæ фæкодта:

– Хынджылæг скъæрынц!..

Хъанцауæн йæ хицау цыдæр хъуыддаг бабар кодта, фæлæ дзы йæ сæххæст кæнын ферох. Куы йыл амбæлд, уæд ыл сбустæ кодта. Хъанцау зæрдæ бавæрдта, ныртæккæ хъуыддаг конд уыдзæн, зæгъгæ. Æвæццæгæн, зын кæнæн нæ уыд æмæ йе 'ххæст кæнынмæ атындзыдта.

Уыцы рæстæг буфетмæ сихор æрбаластой æмæ, тагъд ахæрдзынæн, зæгъгæ, æппæты разæй алæууыд, хæринаг райста æмæ хæрынмæ февнæлдта. Йе 'мкусджытæй иу йæ фарсмæ æрбадт æмæ йæ хæлофæй хæргæ куы федта, уæд ын афтæ:

– Ныхъуыргæ кæн, сынæр уæхимæ цæгъддзынæ!..

«Цыма къуыртт бахордтон, уый хуызæн мæхи æнкъарын». Ацы ныхæстыл мæ фыссæн чиныджы æрхæцыд мæ цæст.

Мæ зæрдыл мын Чеховы ныхæстæ æрлæууын кодтой. Йæ иу писмойы фыссы: «...у меня физическое отвращение к брани, направленной к кому бы то ни было, говорю – физическое, потому что после чтения (Фуко) и прочих судей человечества у меня всегда остается во рту вкус ржавчины и день мой бывает испорчен. Мне просто больно».

Чъындыйæ чъындыдæр ис, фæлæ Кæсæбийæ чъындыдæр нæй, афтæмæй йæ бирæ адæм нæма зонынц.

Ӕндæр исчи куы уыдаид, уæд йæ кой Аргуыданæй фæдæлдæр уыдаид. Хæстæг æй чи зоны, уыдонæн æй амонын нæ хъæуы, фæлæ йæ, уæлæнгай чи зоны, уыдонæн йæ чъындыдзинады тыххæй бæлвырд дæнцæгтæ æрхæссын фæхъæуы. Йæ гæбæрдзинадыл кæй бауулæндын кодтон, иу ахæм лæппу мын мæхи хæцæнгарз мæхимæ фæцаразы æмæ куы фæзæгъы, Кæсæби нæ дысон ресторанмæ бахуыдта, куы – йæ цæхæрадоны нын кусарт акодта, куы та – Бехъаны цады был нæ хъæддаг бабызы фыдæй хорз федта, зæгъгæ.

Иу райсом та мын афтæ зæгъы, Терчы был, дам, чидæриддæр фæтезгъо кæны, уыдоны ресторан «Владикавказ»-мæ хоны. Иннæ хæттыты хуызæн та йыл, кæй зæгъын æй хъæуы, нæ бауулæндыдтæн, фæлæ йын загътон:

– Цытæ дзурыс, уыдон замманай аргъæуттæ сты æмæ сæ дзурыны бæсты фысгæ ныккæн. Хицæн чиныгæй сæ куы рауадзай, уæд, Кæсæбийы чи зоны, уыдон æй иууылдæр балхæндзысты, уымæн æмæ ахæм диссæгтæ кæсгæ нæ, фæлæ хъусгæ дæр никуы фæкодтой. Куы йæ бакæсой, уæд та зæгъдзысты: «Кæнæ Кæсæби æрра сси, кæнæ адæмы фæзмын райдыдта». Цы гонорар дзы райсай, уый та цалдæр ресторанмæ бахоныны фаг дæр уыдзæн. Ӕрмæст ын-иу йæхи дæр ма ферох кæн»...

Зианы фынгыл, Фыдыбæстæйы хæсты чи фæмард, уыдоны рухсаджы тыххæй баназæм, зæгъгæ, куы фæзæгъынц, уæд мын хъыг вæййы, уымæн æмæ уыцы хæсты фæмард сты, йæ райгуырæн бæстæйыл гадзрахатæй чи рацыд, уыдонæй дæр бирæтæ. Ноджы уæрæхдæр куы авналæм, уæд хæсты фæцагъд сты не знæгтæ дæр. Уымæ гæсгæ, ахæм заман хæрнæджы бадджытæ куы сыстынц æмæ, иу минуты фæстæ куы 'рбадынц, уæд æз, мæ дæле чи фæбады, уыдонæн фæзæгъын: «Нæ райгуырæн бæстæйы сæрвæлтау Фыдыбæстæйы Стыр хæсты йæ цард нывондæн чи 'рхаста, уыдон иууылдæр рухсаг уæнт!»

Ам ма мæ зæрды ис æгъдæутты тыххæй цалдæр ныхасы зæгъын. Хæсты размæ, кæй зæгъын æй хъæуы, ахæм рæгъ хисты никуы ничи рауагъта. Уый фæзынд дунейы æппæты æвирхъаудæр тугкалды фæстæ. Ахæм рæгъ рауадзын рацыди стыр фæрнджын лæг, Фыдыбæстæйы

Стыр хæсты архайæг, хъæдгæройнаг Бокоты Додтаны дзыхæй. Афтæ мæм кæсы, æмæ уыцы рæгъ фæкæнгæйæ сæрмагондæй ссарын фæхъæуы Бокойы-фырты ном.

Баскаты Тамарæ мын ахæм хабар радзырдта: «Хæсты рæстæджы районы редакцийы куыстон. Мæхи хуызæн æрыгон чызгимæ бæхуæрдоны фæцæйцыдыстæм Хъæдгæронмæ. Фæндагыл ныл иу зæронд лæг амбæлд, фæлæ йæ нæ сæвæрдтам. Хизын нæ хъуыди цæугæдоны сæрты. Бæх, доны астæумæ куы бахæццæ, уæд ныууоцани. Цы нæ йын кодтам, уæддæр йæ бынатæй не змæлыд. Нæ кæуын нæ хъуырмæ схæццæ, афтæ нæ зæронд лæг æрбайййæфта. Доны астæуæй йæм хъæр кæнæм, нæ бæх размæ нал цæуы æмæ нын баххуыс кæн, зæгъгæ. Зæронд лæг йæхи сбæгъæввад кодта, бæхы рохтыл ахæцыд, æмæ фæфале стæм.

Мæхимæ ахæм æгад æркастæн, йæ иуфæрсты кæй ацыдыстæм, уымæй, æмæ диссаг. Абон дæр ма уыцы ныв мæ цæстыл куы ауайы, уæд фырæфсæрмæй мæ цæсгом ссудзы».

Дыууæ номы бирæ хъæутæн нæй. Мах хъæуæн ис. Красногор æмæ Бæрæгъуын. Дыууæ дæр мын зынаргъ сты, фæлæ дзы бæлвырд иуы равзæрд дæр нæ зонын.

Нæ хъæуккаг Хъуппеты Дзандар бирæ зыдта. Фæндыди йæ, йæ райгуырæн хъæуимæ цыдæриддæр баст уыд, уыцы хабæрттæ базонын дæр. Бæрæгъуынтæй мыггаг ис, уый куыннæ зыдта æмæ, кæрдзыныхъæуккаг Азæимæ куы базонгæ, уæд ын йæ мыггаг – Бæрæгъуынты тыххæй – 1951 азы ахæм хабар радзырдта: «Барагуновтæ уыдысты хъуымыхъхъæгтæ. Дагестаны цæргæйæ, кæимæдæр фæтудждзын сты æмæ сæ цыппар æфсымæрæй сæ райгуырæн бæстæ ныууадзын бахъуыд. Дыууæйæ æрбынæттон сты Кæрдзыны, иннæ дыууæ ацыдысты æмæ æрцардысты Котляревскмæ хæстæг иу кæсгон хъæуы. Кæстæр æфсымæр Джерихан бауарзта кæсгон рæсугъд чызджы, фæлæ йын æй йе 'фсымæр курын нæ уагъта. Уый йæ уарзонимæ ралыгъд æмæ æрцард Заманхъулы. Йæ мыггаг аивта, йæхи схуыдта Есерыхъуатæй. Рацыд ын цот – Алихан, Гази

æмæ Солтан. Зындгонд актрисæ Есерыхъуаты Минтæ уыди Солтаны чызг».

Уыцы хабæрттæ цымыдисаг сты, кæй зæгъын æй хъæуы, фæлæ, Бæрæгъуынты мыггаг мæ хъæуы номмæ цы бар дары, уымæн дзуапп нæ дæттынц. Се 'хсæн мацы бастдзинад уа, уый та адæймаджы нæ уырны. Дзандарæй ма фехъуыстон ахæм хабæрттæ дæр.

Нæ хъæуы зæххытæй иу дæргъæй-дæргъмæ уæлкъуыбыр хуыйны Хъæууат. Раздæр дзы, Николаевскы станицæмæ чи 'рбалыгъд, уыцы хъазахъхъæгтæ цардысты, фæлæ XIX æнусы дыккаг æмбисы уырдыгæй лидзæг фесты. Иутæ зæгъынц, рын сыл систади, иннæтæ – донмæ, дам, сæ дардмæ цæуын хъуыд, æртыккæгтæ – æдзухдæр, дам, дзы дыууæрдыгæй дымгæ кодта æмæ арæх рынчынтæ кодтой... Æнæуи та йæ зæхх хъæздыг у алы минералтæй, æмæ дзы нартхор хорз тыллæг лæвæрдта. Саумæр уæлцъары бын ис 20–30 метры бæзнæн сыгъдæг æлыг. Уый у æвæджиауы хомаг керамикон дзаумæттæ – дурынтæ, къустæ, хæтæлтæ, агуыридуртæ æмæ æмбæрзæн дуртæ кæнынæн. Хæсты размæ дзы Красногоры колхоз кодта хæрзхъæд агуыридуртæ. Хуымæтæджы гарнаты сæ сыгътой дыууæ персайнаджы. Сæ нæмттæ Аджали 'мæ Мырджали.

Хъæууаты ма Урсдоны 'рдыгæй ис змисы хъæздыг æвæрæнтæ дæр. Æлыг машинæты ластой Ирыстоны алы рæттæм. Æнæзæгъгæ нæй, Хъæууатæн йæ быны æвзалыйы æвæрæнтæ дæр кæй ис. Хæсты размæ дзы къахтой. Штольня уыди Урсдоны рахизфарс, Хуыдзых кæй хонынц, уыцы зæхмæ хæстæг. Ныр йæ фæд дæр нал ис: доны бын фæци. Инженерæй дзы куыста Хетæгкаты Тимæ.

Красногорæн йæ цæгатырдыгæй уыди бирæ куырæйттæ. Фондз дзы уыдысты мæнæуыссæнтæ, дыууæ та – нартхорыссæнтæ. Мæнæуыссæнтæ уыдысты хъæздыг хъазахъхъæгты. Коллективизацийы рæстæджы сын сæ байстой æмæ сæ колхозтыл байуæрстой. Уыцы заман Бæрæгъуын хауди Дыгуры районмæ æмæ дзы мах хъæумæ æрхауд, «Сырх куырой» кæй хуыдтой, уый. Иннæтæ байуæрстой районы хъæутыл.

Рæстæг куыд цыд, афтæ куырæйтты нымæц къаддæрæй-къаддæр кодта. Фæстагмæ ма дзы зылди æрмæстдæр, Хъæууатмæ хæстæгдæр чи уыд, уыцы мæнæуыссæн. Куыройгæсæй дзы куыста Цъебойты Борнæф, нæхи хъæукаг

Гаситы Сæлæмырзæйы сиахс. Ныртæккæ, хъыгагæн, Куыройыдоныл иу куырой дæр нал и.

«Петкæйы куырой» кæй хуыдтой, уый цур уыдис хорз дыргъдон. Хъазахъхъагæй йæ балхæдта Гаситы Аксо (йæ фырт Бора цæры Дзæуджыхъæуы). Балхæдта, зæгъгæ, баивта йæ гал æмæ дыууæ хъугыл. Хъазахъхъæгтæй ма ахæм дыргъдæттæ балхæдтой Мзокты Чеми (Аттойы ’фсымæр) æмæ Беккуызарты Тотыр (Додтайы фыд) дæр. Фыццаг – Мзокты Басилты дæле, дыккаг та – Басилы хъæды фарсмæ. Аксойы дыргъдоны фæзуат уыди дыууæ гектары, Чемийы – æртæ, Тотыры дыргъдон та – фондз гектары бæрц.

Æмæ ма ноджыдæр иу ахæм хабар ракодта Дзандар.

«Мзокты Тотырадз куыста республикæйы милицæйы. Йæ хо Фатъимæты бауарзта елхотаг хæрзконд лæппу Тотыккаты Муссæ. Зарæг чи скодта, уый нæ зонын, фæлæиу æй нæхимæ лæппутæ зарыдысты æмæ йæ хуыдтой «Фатъимæты зарæг». Иннæтæ дæр æй афтæ хуыдтой, фæлæ йæ Чеджемты Æхсар «Муссæйы зарæг» рахуыдта.

Æз Муссæйы зыдтон, кæд Тотыккатæм æндæр Муссæ нæ уыд, уæд. Мелиораци æмæ доны хæдзарады кусгæйæ, нæ горæты уыди, махæн проекттæ чи арæзта, ахæм куыстуат – «Южгипроводхоз»-ы экспедицийы Цæгат Ирыстоны хайад. Æз-иу куысты фæдыл уым арæх уыдтæн æмæ Муссæйы дæр уым федтон. Куыста дзы хæдзарады хицауæй. Иу-дыууæ метрмæ ’ввахс уыди йæ бæрзæнд. Хæрзконд, фидар уæнгты хицау, æгъдауджын ирон лæг, фæлæ мæм цæмæдæр гæсгæ æдзухдæр æнкъард каст. Уым ирæттæй чи куыста, уыдон-иу загътой: «Ай, мæнæ зарæджы цы Муссæйы кой фæкæнынц, уый у...»

Мæ бинойнагимæ трамвайы фæцæйцыдыстæм. Нæ фарсмæ цы лæппу лæууыд, уый йæ зонгæтæй кæйдæр рудзынгæй ауыдта æмæ йæм, цыма уæтæры уыди, уый хуызæн йæ хъæлæсыдзаг ныхъхъæр кодта. Фатимæ хæрдмæ фæхауд, йæ бынатæй фæцудыдта æмæ, мæныл куы нæ фæхæцыдаид, уæд ын искæуыл æнæбахаугæ нæ уыд.

Йæ уд йе ’муд куы ’рцыд, уæд мын мæ хъусы ’рбадзырдта: «Исты-ма йын зæгъ, фæтæрсын мæ кодта!» –

«Бузныг йеддæмæ йын цы хъуамæ зæгъон?! Мæ бон дæ ацал-ауал азы иу хатт фæтæрсын кæнын дæр куы никуы баци, уый та дын иунæг дзырдæй дæ уд куы ауайын кодта, уæд!»

Нæ хъæуæн бындур æрæвæрдæуыд 1922 азы. Æппæты фыццаг дзы чи райгуырд, уый нæ зонын, фæлæ дзы фыццаг цырт кæй номыл æвæрд æрцыди, уый, зæгъæн ис, æмæ бæрæгъуыйнæгтæ иууылдæр зонынц.

Мæ кæцыдæр чиныджы йæ кой ис æмæ йæ мæ хъæуккæгтæй чи бакаст, уыдонæй мын иу афтæ: «Мыстæн дзы æгæр бирæ бынат радтай. Уагæры ма мыстулæг куы уыдаид...»

Мæ мадæн, цæхæрадоны цыдæртæ куыста, афтæмæй йæ булавкæ ахауд. Цалдæр боны фæстæ йæ рувгæйæ ссардта. Куы йæ ауыдта, уæд афтæ фæкодта: «Ныхты цы нæ бафта, уымæн сæфæн нæй!»

Уæдæй фæстæмæ ахæм æмбисонд никуы никæмæйуал фехъуыстон. Мæ зæрдыл куы ’рбалæууы, уæд мæм цыма кæцырдыгæйдæр, «Рукописи не горят», зæгъгæ, æрбадзырдæуы, афтæ фæкæсы.

Мамсыраты Дæбе зæды хуызæн адæймаг уыд. Фæлмæнзæрдæ, цæстуарзон, рæдау. Стыр курдиаты хицау кæй уыд, уый тыххæй нæ дзурын, уымæн æмæ уый тыххæй дзурын нæ хъæуы. Уый тыххæй кæсын хъæуы йæ уацмыстæ, ирон литературæйы хæзнадонмæ хуыздæрæй цы бахаста, уыдон.

Малиты Васо арæх фæзæгъы, нæ хистæртæ кæй нал сты, уый, дам, мыл тынг фæзынд. Æз дæр арæх ахæм хъуыдымæ ’рцæуын. Дæбе, Геор, Асæх, Сæрæби, Грис, Тотырбег æмæ ма ноджыдæр бирæ чидæртæ кæй нал сты, уымæй мæхи дзæвгар мæгуырдæр хонын райдыдтон. Хистæр кæмæн нæй, уый мæгуыр у, зæгъгæ, дæр хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Хистæртæ нын ныр дæр ис. Буц æмæ сæ сæрыстыр стæм, фæлæ, чи нал ис, ныхас уыдоныл цæуы. Зæгъæм, æрмæст Мамсыраты Дæбе ма нын куы

уаид ӕгас, уӕддӕр цас хъӕздыгдӕр уаиккам, цӕйбӕрц ныфс нын уаид, цы хъарм, фарн ӕмӕ нӕм дзы цы рухс кӕлид!..

Цымӕ Дӕбе искуы искӕй бафхӕрдта, искӕмӕ тызмӕгӕй сдзырдта, исчи дзы йӕ зӕрдыл ӕвзӕрдзинад бадардта?! Хӕларӕй цард алкӕимӕ дӕр. Йӕ цардвӕндагыл ын куы афӕлгӕсай, уӕд дзы цыма иу цӕлхдур дӕр нӕ уыд, адӕймагмӕ афтӕ кӕсы, фӕлӕ афтӕ нӕ уыди. Уыдис ӕй хъыгдарджытӕ...

Фӕлӕ йӕхӕдӕг... Искӕмӕн ӕгъдау раттынӕй ӕхсызгондзинад иста. Уазӕгуарзондӕр йӕхицӕй зын ссарӕн уыд. Йӕ къӕбӕр цӕстуарзонӕй лӕвӕрдта йе 'мбӕлттӕн, йе 'мгуыстгӕнджытӕн – хистӕрӕй, кӕстӕрӕй. Фысджытӕй хӕстмӕ чи цыди, уыдоны, дам, сӕхимӕ 'рбахуыдта ӕмӕ сӕ уӕззау фӕндагыл цӕуыны размӕ Хуыцау ӕмӕ Уастырджийыл бафӕдзӕхста. Ӕгасӕй ма дзы чи баззад, уыдон куы сыздӕхтысты, уӕд та сын куывд скодта.

Дӕбе канд стыр курдиаты хицау нӕ уыди, фӕлӕ ма уыди парахат зӕрдӕйы хицау дӕр. Парахат зӕрдӕйы хицау уыди йӕ бинойнаг Пуцыр дӕр. Дӕбе куынӕуал уыд, уӕд ын йе сфӕлдыстадон бынтӕ бабӕстон кодта ӕмӕ дзы, мыхуыры чи нӕма уыд, уыдон рауадзыныл бацархайдта. Дзӕвгар хай дзы ныммыхуыр кодта, ӕз кӕм кусын, уыцы журнал «Ногдзау» дӕр.

Раздӕр-иу зианӕй рацӕугӕйӕ куы хицӕн кодтам ӕмӕ-иу исчи афтӕ куы загъта, ардыгӕй фӕстӕмӕ кӕрӕдзимӕ ӕдзухдӕр цинздзинӕдты фӕдыл цӕуӕм, зӕгъгӕ, уӕд-иу мӕхинымӕр ахъуыды кодтон: «Ӕдзухдӕр циндзинӕдтӕм цӕуӕн куыд ис?»

Фӕстӕдӕр ӕрцыдтӕн ӕндӕр хъуыдымӕ. Ис ӕдзухдӕр циндзинӕдтӕм цӕуӕн, уымӕн ӕмӕ алы мард мардыл нымад нӕу. Бирӕ ӕмӕ хорз чи фӕцард, уый мардыл уӕрджытӕ хойын ӕмӕ рустӕ тонын нӕ хъӕуы. Уымӕн ӕмӕ амондджын мард акодта. Мардӕй амондджын нӕй, зӕгъгӕ, чи фӕзӕгъы, уый дӕр, ӕвӕццӕгӕн, рӕдигӕ фӕкӕны.

Зӕхх алкӕй ӕмӕ алцӕйы фаг дӕр у. Ӕрмӕст, ӕгъдӕуттӕ хистӕр бӕрц кӕй у, уый зӕрдыл дарын хъӕуы. Ӕгӕр чысылӕй дӕр нӕ бӕззы ӕмӕ бирӕйӕ дӕр. Буары фаг

бынат зæххыл нæй, буары фаг бынат ис зæххы. Удты цæрæнбынат та арв у. Арвæн та кæрон нæй.

Æвæдза, адæймаг цытæ ферох кæны! Уæвгæ, растдæр уыдзæн, цытæ аныхъуыры, зæгъгæ, зæгъын...

Уæд телеуынынад æмæ радиохъусынады комитеты сæрдары хæдивæгæй куыстон. Партийы обкомæй мæм æрбадзырдта идеологон фарстаты тыххæй дзуапдæттæг секретарь æмæ мын алывыд акалдта, чингуыты рауагъдады, дам, ацы аз цы чингуытæ рацæудзæн, уый адæмæн цæмæн фехъусын кодтат. Æнæбындурдæр æмæ æдылыдæр фарст ратгæ нæ уыдзæн.

Куыд цæмæн фехъусын кодтам? Цæмæй адæм зоной, нæ фысджытæ чиныгкæсджыты зæрдæ цавæр уацмыстæй барухс кæндзысты, уый. Алы рауагъдад дæр-иу (ныр ма афтæ кæнынц, нæ, уый нæ зонын, рауагъдад «Ир» нал кæны, уый бæлвырд у), фидæны цы чингуытæ рауадздзæн, уый тематикон пъланы хуызы хицæнæй мыхуыры рауагъта æмæ-иу æй чингуытæй базаргæнджытæм фæхæццæ кодта, цæмæй, кæцы облæст, край кæнæ республикæмæ цал экземпляры, арвитой, уый зоной. Газетты дæр-иу æнæмæнг ахæм æрмæг фæзынд.

Уыцы фæтк абон дæр нæма фехæлд, фæлæ хицау хицау у. Йæ зæрдæмæ цы нæ фæцæуа, уый ныхмæ дзурæн нæй, æмæ йын æз дæр зæрдæ бавæрдтон, ардыгæй фæстæмæ радиойæ ахæм æрмæг кæй никуыуал райхъуысдзæн, уымæй. Æрмæст цæуыннæ, уый абон дæр нæ зонын. Советон бæстæйы алы ран дæр ахæм æрмæджытæ кæй хъусын æмæ мыхуыр кæнынц, уыдæттæ йын бæргæ загътон, фæлæ йæм ницы бахъардта, уымæн æмæ хицау хицау у. Цавæр хицау уыд, уый тыххæй та Цырыхаты Михал раст загъта: «Йæ дзырдæн хицау чи нæу, ахæм хицау». Стæй ма дзы афтæ дæр загъта: «Ирон литературæйы тыххæй ныхас куы рацæуы, уæд обкомы секретарæн йæ зæнгты зыр-зыр ссæуы».

Иу хатт йеддæмæ арахъхъ чи нæ банызта, уый ранылхас.

«Фыццаг хатт арахъхъ куы банызтон, уæд дæр мæхицæн фæндон нæ уыди. Цалдæр лæппуйæ Терчы был баиу

стæм æмæ хистæртæй – уæвгæ, иууылдæр мæнæй дыууææртæ азы хистæр уыдысты – иу афтæ, фæйнæ, дам, баназæм.

Кæмæ цы уыд, уый æрæвæрдта – мæн йеддæмæ дзы алкæмæ дæр æхца разынд – æмæ дуканийæ уырыссаг арахъхъ æмæ цыдæр хæринæгтæ ’рбахастой. Æз нæхимæ цæуынмæ рахъавыдтæн, фæлæ мæ нæ рауагътой. Ноджы, чидæр афтæ куы загъта, æвæццæгæн, æхца кæй нæ радта, уый тыххæй цæуы, зæгъгæ, уæд мæ сдзурын дæр нал бауагътой. Баззадтæн, уæдæ цы уыдаид. Æрмæст сын загътон, нуазгæ нæ бакæндзынæн, зæгъгæ. Никуы баныztон, стæй йæ мæ зæрдæ агургæ дæр никуы кодта. Мæ хъуыды сын бамбарын кодтон, фæлæ мæм нæ байхъуыстой. Астæуккаг скъола, дам, каст чи фæци æмæ цæттæдзинады аттестат чи райста, уый хъуамæ лæгдзинæдтæй алцæмæ дæр цæттæ уа. Нуазын, куыд бамбæрстон, афтæмæй лæгдзинады миниуджытæй иу хуыдтой.

Фы́щцаг, мæхицæн тыхмигæнæгау, баныztон. Мæ дзых ахæм æвзæр ад скодта æмæ, чысыл ма бахъæуа, мæ зæрдæ ма схæццæ уа. Чидæр мын мæ дзыхы тахынæджы карст атъыста æмæ йæ, цыма азардзыд уыдтæн, уый хуызæн æрдæгæууылдтытæй аныхъуырдтон. Иннæ дыуæ нуазæны мын тыххæй мæ хъуыры уагътой æмæ ноzтæн йæ фылдæр зæххы хай баци, фæлæ дзы ныхъуыргæ дæр иуцасдæр акодтон.

Нæхимæ кæуылдæрты къуырттытæгæнгæ куыддæртæй бахæццæ дæн. Æртыккаг уæладзыгмæ куы скастæн æмæ не ’ртæ рудзынгæй дæр рухс куы калди, уæд æваст мæ нозты æмбис фæцыдæр. Мæнмæ ’нхъæлмæ кæсиккой, æмæ æппæт рудзгуытæ цæмæн судзынц? «Æвæццæгæн нæм уазджытæ ис», – ахъуыды кодтон мæхинымæр æмæ ноджы тынгдæр катайы бахаудтæн, ацы хуызæнæй нæхимæ куыд бацæудзынæн, зæгъгæ, æмæ сфæнд кодтон, цалынмæ мæ нозт ссæуа, уæдмæ уынгты рацу-бацу кæнын.

Ныр мæ сæр æнахуыр рыст кодта, хъусты гуыр-гуыр цыд. Иуцасдæр фæдыууæрдæм кодтон, стæй, иучысыл аулæфон, зæгъгæ, нæ бакомкоммæ цы хæдзар уыд, уый асины æртæ къæпхæнæй уæллагыл æрбадтæн æмæ ’нхъæлмæ кастæн, цалынмæ нæ цырæгътæ ахуыссой, уæдмæ. Иу афон мæ цæнгтæ мæ уæрджытыл æрæвæрдтон, уыдоныл – мæ сæр æмæ ’рфынæй дæн. Мæ фыны, мæ цæстытыл цы

ауад – Хуыцау йæ зонæг, – размæ фæцудыдтон æмæ мæ ных асфальтмæ 'рхастон. Цъæррæмыхст нæ фæци, фæлæ дзæбæх акъуызыр. Уæлдай мын нал уыд. Цыфæнды æвронг куы уыдаин, уæддæр мыл мæ ныхы къуызыр комдзог цыдаид. Ноджы нæ рудзгуытæй цырагъ иуы йеддæмæ нал сыгъд æмæ нæхимæ ссæуын сфæнд кодтон.

Уымæй размæ цалдæр æфсоны æрымысыдтæн, фæлæ дзы æппæты тынгдæр мæ зæрдæ кæуыл дардтон, бауæнддзысты мыл, зæгъгæ, уый куы ницы сахадыдта, уæд бамбæрстон, цы мыл æрцыд, уый тыххæй дзурын кæй нæ хъæуы, æнæуи дæр бæрæг кæй у.

Дыккаг бон мæ мад æмæ мæ фыдмæ сæркъулæй бацыдтæн æмæ, зæххæй мæ цæстытæ нæ исгæйæ, дзырд радтон, ардыгæй фæстæмæ карз нозт мæ дзыхмæ кæй никуыуал сисдзынæн, уый тыххæй.

Фыццаг хатт нозты хъæстæ куы фæдæн, уæдæй нырмæ рацыд æртæ æмæ дыууиссæдз азы æмæ абоны онг, цы ад кæны, уый нæ зонын...»

Къухы æнгуылдзтæй алкæцыдæр йæ бынаты ис. Алкæцыдæр дзы йæхи хæстæ æххæст кæны. Асæй дзы æппæты къаддæр сты хистæр æмæ кæстæр. Удисны дæр уыдоны руаджы рауайы. Астæуккаг æнгуылдзтæ кæд даргъдæр сты, уæддæр дзы хистæримæ уыдисн аразын куы сфæнд кæнай, уæд дын кæддæриддæр цыбырдæр рауайдзæн. Уый цыма æнæнхъæлæджы нæу, афтæ мæм кæсы.

Цард дæр хистæр æмæ кæстæрыл лæууы. Æвæццæгæн, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Хистæр кæмæн нæй, уый æнамонд у, кæстæр кæмæн нæй, уый – æлгъыст». Астæуккаг æнгуылдзтæ æнамонд дæр не сты æмæ æлгъыст дæр, уымæн æмæ сын хистæр дæр ис æмæ кæстæр дæр.

«Æнæсæрызонд, искуыдæр ма уæхст йæ цыргъæрдыгæй дзыппы нывæргæ федтай? – зæгъы йын. – Иннæрдæм æй ауагътаис, æмæ дæ уæд нæ фæныхстаид». (Сечъынаты Ладемыр). «Гафезы статья бынысыгъд бакодта, фыцгæдон бакалæгау, уыцы æнæсæрымæгъзты, дзыхæй сæ ничиуал дзуры, байгомыг сты, æртхъирæнгæнæг гогызтау, ныддымстысты». (Плиты Грис). «Чи у мард? –

бафарста Бырсæг, иннæтæ та Бонмæ дисгæнгæйæ кастысты, гъома амæн йæ сæрызонд фæцыд, æви цытæ дзуры, зæгъгæ». (Малиты Васо). «Никæцы адæммæ ис ахæм адæймаг, сæрызондæй æххæст уæвгæйæ, хæлæг чи нæ бакæна истæмæ кæнæ искæмæ». (Хоранты Валодя).

Ацы дæнцæгтæ дæс хатты æмæ сæдæ хатты фæфылдæргæнæн дæр ис, фæлæ сæ цæмæн æрхастон, уый уын зæгъон. Нæ «зындгонддæр» фысджытæй иу, «сæрызонд» чи фыссы, уыдоныл былысчъилтæ кæны (зулчъы хабар, æвæццæгæн, йæ хъусыл никуы 'рцыди), сæр дзы ницæмæн хъæуы, зонд, дам, дзы куы уа, уæд.

Вазыгджын дзырд «сæрызондæн» йæ иу хай «сæр» кæй у, йæ иннæ хай та — «зонд», уый бамбарынæн канд сæр фаг нæу, фæлæ ма дзы зонд дæр хъæуы!

Баскаты Анатолий Лабæйы зындгонд лæг у. Бирæ хорз хъуыддæгтæ сарæзта æмæ аразы йæ хъæубæстæн. Фæстаг хатт ма адæмы æппæтуæрæсеон сфыст куы уыд, уæд дæр та йæхи хъæппæрисджынæй равдыста. Уый тыххæй йæ схорзæхджын кодтой майданæй. Хæрзиуджытæ сын лæвæрдтой Мæскуыйы. Уæрæсейы президент хæрзиуджытæ куы радта, уæд ма иу-дæсы бæрцæй баззадысты Путинимæ. Президент сын сæ фарстытæн дзуæппытæ куы радта, уæд алкæмæн дæр æрбахастой шампайнаг сæнæй дзаг нуазæнтæ, уыимæ Путинæн дæр. Алчидæр дзы ацахуыста æмæ йæ фæстæмæ æрæвæрдта. Анатолий йæ нуазæн банызта æмæ президентмæ дзуры:

— Махмæ, ирон адæммæ, нуазæн йæ бынæй фæнуазынц!.. Стæй нæм иу æлгъыстыл нымад у.

Ногæй та йын йæ даргъкъахджын агуывзæ байдзаг кодтой æмæ та уый дæр банызта.

Лабæйы тыххæй цы чиныг бацæттæ кодта, уый рауадзыны тыххæй дзы æххуыс агуырдта æмæ йæ Цæгат Ирыстоны хицауадмæ сардыдта, дæ курдиатимæ, дам, уыдонмæ бацу. Бацыди, фæлæ йын ницы баххуыс кодтой...

Мурат нæмттæ кæуыл сæвæрдта, уыдонæн æй хæдæттæ 'лхæнын куы бахъæуид, уæд ын Мамсыраты мыггаджы мулк дæр не сфаг уаид. Уæвгæ, йæхæдæг

дæр æнæ номæй нæ баззад. Паспорты йын цы ном ныффыстой, уый кой нæ кæнын, фæлæ йыл, цухъхъа æмæ бухархуд куыд фидауынц, афтæ чи сфидыдта, уыцы номы кой кæнын, ома «Тæрхъусы» кой. Æвæргæ та йыл æй мæхæдæг скодтон. Иу-дыууиссæдз азы мын æй мæхирдæм фездахыныл архайы, фæлæ йын дзы ницы уайы. Фадхъæды тæрс схонæн ис, фæлæ дыл ничи бауужæнддзæн.

О, æмæ йæхæдæг бирæтыл нæмттæ кæй сæвæрдта, ныхас уый тыххæй рауад. Уый æмæ сæ хъуыды та кæцæй æркæны! Хакъиа ном æз хъусгæ дæр никуы фæкодтон, фæлæ йæ кæуыл сæвæрдта, ууыл афтæ тынг сбадти æмæ йæ, хæстæг чи зоны, уыдон æм æндæр номæй нал дзурынц.

Цæрæгойты нæмттæ адæмыл куыннæ фехъуыстон. Мыстæй райдай, æмæ Рувасыл фæуы, фæлæ дзы искæмæн «Уыры» ном рардæуыд, уый нæ хъуыды кæнын. Уыцы хъуыддаг Мураты къухы бафтыд: не 'рдхæрдтæй иуы «Уыры» рахуыдта, æмæ та ууыл дæр, уæдæртт æлхуыйыл куыд сфидауа, афтæ сфидыдта. Иу бон Хакъиа Уырыйы рæзты кæдæмдæр тагъдгомау фæцæйцыд æмæ йæм фæхъæр кодта:

– Хакъиа!

– Цы кæныс, Уыры?.. – хæрдмæ фесхъиуæгау кодта йæ ног номыл басæттæг.

Хоранты Хъауырбеджы уынгæ дæр никуы фæкодтон. Никæйы йын зыдтон йæ бинонтæй дæр, фæлæ, дам, кæддæр нæ хъæуы цардысты, æмæ сын сæ кой куы фехъусын, уæд мын æхсызгон вæййы. «И дым Отечества нам сладок и приятен...»

Мæ рахиз къухы ныхтæ мæ галиуæй куы фæкæнын, уæд æнæстыхсгæ никуыма фæдæн, уæлдайдæр, æнæном æмæ кæстæр æнгуылдзтæм куы бахæццæ вæййын, уæд. Мæ хæсгард дæр йе 'нарæхстдзинад уыдонмæ 'рхæссы. Æрдæгæй фалæмæ ных лыг кæнын нал фæкомы. Иннæ аст æнгуылдзыл уыйбæрц нæ бафæстиат вæййын, уыцы дыууæйыл цас рæстæг бахардз кæнын. Ахæм заман мæ зæрдыл æдзухдæр Чехов Антоны ныхæстæ 'рба-

лæууынц. Йæ иу писмойы йæ усæн хъаст кæны: «Что за мучение обрезать ногти на правой руке».

Уу хъæуы сæдæ азы юбилей бæрæг кодтой æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, фæнымадтой сæ зындгонддæр адæмы, хуымæтæг кусæгæй райдай æмæ, стыр хъæбатырдзинæдтæ чи равдыста, бæрзонд бынæтты чи фæкуыста, уыдоныл фæу. Нæ ферох кодтой, æгас чи нал у, уыдоны нæмттæ дæр.

Бирæ азты фæлмæн къæлæтджынæй чи нæ рахызт, фæлæ иу хъæуккагæн дæр хорздзинады чи никуы бацыд, уый дæр æнхъæлмæ каст, нымады раззагдæртимæ кæй уыдзæн, уымæ, фæлæ йæ ныхасгæнæг æгæстимæ дæр нæ ранымадта æмæ мæрдтимæ дæр.

Хъуыдыты аныгъуылæн ис, фæлæ дзы фæдæлдон уæвæн нæй.

Райгуырæн хæдзар куыд адджын у, уый уызын дæр куы зоны, уæд æй адæймаг нæ зоны? Зоны йæ, стæй йæ канд зонгæ нæ кæны. Райгуырæн къуыммæ уарзондзинад ын æрдзæй рардæуыд æмæ йæ йæ зæрдæйы арфдæр къуымы хæзнайау æмбæхстæй уымæн дары.

Адæймаг боны рухс кæм федта, фыццаг улæфт цы уæлдæфæй скодта, фыццаг къахдзæф цы зæххыл акодта, уымæй йын зынаргъдæр ацы бæрзонд æмæ æнæкæрон арвы бын нæй.

Цалынмæ нæ цæст ферттивы, уæдмæ нæ тæккæ æхсызгондæр мысинæгтæ баст вæййынц нæ сабидугимæ, нæ цæстыл фæуайынц, кæимæ хъазыдыстæм, нæ уыцы æмгæрттæ, къуыбылеццытæ кæм кодтам, уыцы цъæх фæзтæ, цыппæрвадæй кæм дугъ кодтам, уыцы къахвæндæгтæ, ленк кæнынæй кæм не 'фсæстыстæм, уыцы цæугæдæттæ... Искуы-иу хатт нын уыцы бынæттæ фенины фадат куы фæвæййы, уæд нæ цин мин базырыл абады, махæй хъалдæр йæхи ничиуал фæхоны, нæ бирæ сагъæстæ æмæ мæттæ æрбайсæфынц, нæхицæй хъæздыгдæр нæм ничиуал фæкæсы...

Мæ хуыздæр æрдхорд Лолаты Хадзыби – фæсаууонмæ йæ хонын «мæ хуыздæр æрдхорд», æндæр фембæлгæйæ ахæм ныхæстæ кæрæдзийæн никуыма никæйы цур загътам – иу рæстæджы йæ цæрæн бынат аивын сфæнд кодта. Æрыдоны хорз хæдзар сарæзта, фæлæ дзы цæрын нæ бафæрæзта. Йæ хæдзар ауæй кодта æмæ фæстæмæ йæ райгуырæн хъæуы æрцард. Бæрæгъуыны ног хæдзар сарæзта, йæ райгуырæн хæдзар та йæ кæстæр æфсымæр Толикæн ныууагъта...

Бицъоты Гришæ Ставд Дурты райгуырд. Уым арвыста йæ сабийы бонтæ, фæлæ, хæст фæуынмæ куы хъавыд, уæд йæ бинонтæ ралыгъдысты Черменыхъæумæ. Бирæ азты фæцард уым, фæлæ йæ йæ уарзон хъæу рох никуы уыди æмæ æппынфæстаг йæ горæтаг фатер ныууагъта æмæ, йæ зæрдæмæ æппæты хæстæгдæр цы зæххы гæппæл у, уым æрбынæттон. Йæхи къухæй хæдзар сарæзта æмæ къорд азы дæргъы йæ бинонтимæ цæры йæ уарзон адæмы 'хсæн. Уый тыххæй Гришæ мæ цæсты кадджын у, æмæ кæд фысджытæй искæмæ хæлæг кæнын, уæд – Гришæмæ...

Алы æмбисондимæ мæ бон сразы уæвын нæу, растдæр зæгъгæйæ та: алы æмбисондæй алы ран пайдагæнæн нæй, стæй йæ æдзух комкоммæ æмбарын дæр нæ хъæуы. Фыдæлтæй баззад ахæм уадзæн: «Хорз ма ракæн, æмæ фыд ма ссарай». Ахæм æмбисондыл фембæлæн ис уырысмæ дæр: «Добро наказуемо».

Уæдæ ныр иуæй-иу æбузн, галиузондылхæст адæмы тыххæй хорз мауал кæнæм? Æвæццæгæн, афтæ чи ахъуыды кæна, уый фæрæдидзæн. Ноджы ма æндæр æмбисондæй – «Хæрзгæнæг хорз никуы ссардта» – йæхи куы схотыхджын кæна, уæд хорздзинад ракæнынæй, калм битъынайæ куыд тæрса, афтæ тæрсын райдайдзæн.

Нæ хъæуы калмы фæзмын, уымæн æмæ хорздзинад кæныны хорздзинады тыххæй бирæ фылдæр æмбисæндтæ ис. Уыдоны фæдыл фылдæр адæм цæуынц, фæзмын та фылдæр адæмы хъæуы.

Ацы бур дидинæгыл Кисловодскы фембæлдзынæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн æмæ мыл арфæгæнæджы

ныхæстæ ’рцыдысты: «Æнæнхъæлæджы хорз дыл æрцæуæд!»

Æцæгæй мыл æрцыд æнæнхъæлæджы хорз: цæсты фæныкъуылдмæ нæхимæ, Бæрæгъуыны, балæууыдтæн. Мæ цæстыты раз фестади, нæ хъæугæрон, уæлмæрдты былы дæллаг фарс Куыройыдоны сæрты хиды цурæй цы таг райдайы, уый. Рагуалдзæг-иу ацы дидинæг иннæты разæй йæ бур сæр уым сдардта. Куыннæ-иу уыди адæймагæн йæ уынд æхсызгон, фæлæ-иу ын уæлдай æхсызгондзинад æрхаста йæ диссаджы хæрздæф. Никæцы æндæр тæфимæ йын абарæн уыдис. Æртонын-иу æй цæст нæ уарзта. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма йæ куы ’ртонон æмæ йæм афтæмæй куы басмудон, уæд ын йе ’рдзон тæф æххæстæй нал банкъардзынæн. Уый тыххæй-иу мæ зонгуытыл алæууыдтæн æмæ-иу æм æргуыбыр кæнгæйæ басмыстон. Йæ хæрздæф-иу цыма æппæт уæнгты дæр ахъардта, афтæиу мæм фæкаст.

Æмæ уалдзæджы уыцы фидиуæг мæ размæ фæци Кисловодскы хъæды къохы æхсæры къутæрты бын. Мæ хъустыл мын ауайын кодта ивгъуыды базырты пæр-пæр. Базмæлыдысты мысинæгтæ æмæ мæ, куы зæгъын, нæхимæ балæууын кодтой. Æрмæст уыцы дугæй нырмæ мæхимæ цы аипп хæссын, æххæст уый кой дæр ракæнон: ацы дидинæгæн иронау йæ ном нæ базыдтон. Фæрсгæ дæр кæйдæрты кодтон, фæлæ уыцы хъуыддагмæ йæхи мæнæй дæсныдæр ничи рахуыдта. Уырыссагау ын дыууæ номы дæр ис – первоцвет æмæ баранчики, фæлæ йын иронау иу дæр ма уа, уый мæ нæ уырны. Кæд ын йæ ном нæма зонын, уæддæр ын йæ ном ссардтон ахæм дыууæ рæнхъæй:

Дæ ном дын нæ зонын, дæ тæф мын – зындгонд,
Мæ уд мын рæвдауынц дæ уынд æмæ конд.

Нæ фыдæлтæ афтæ зондджын уыдысты, æмæ сын æмбал нæ уыди. Дамгъæ, дам, нæ зыдтой. Мæнмæ гæсгæ, уыдонæн сæ сæртæ дамгъæйæ сæ тæккæ дзаг уыдысты. Афтæ куы нæ уыдаид, уæд Нарты кадджытæ куыд сфæлдыстаиккой æмæ, зондæй йæ алы рæнхъ дæр здыйæ уæззаудæр кæмæн у, уыцы таурæгътæ æнусæй-æнусмæ, фæлтæрæй-фæлтæрмæ хæссын куыд бафæрæзтаиккой? Науæд нын цы ’гъдæуттæ ныууагътой, уыдон та! Къухбакæнæнтæ

сæм чи агуры, уыдонæн дæр дзы ницы уайы, уымæн æмæ кад æмæ намысыл æнцайынц, фарн æмæ четары арф уидæгтæ ауагътой.

Чызгыл-иу дзурджытæ куы уыди, уæд-иу канд йæ ныййарджыты мыггæгтæй нæ фарстой, фæлæ уыдоны фыдæлты фыдæлты мыггæгтæй дæр. Хæстæгдзинады туг авд фæлтæрæй æввахсдæр нæ уагътой æмæ се 'хсæн курдиатджын адæм дæр уымæн бирæ уыди. Фыссынад цы адæмтæм уыди, уыдонæн фæлтæрæй-фæлтæрмæ дамгъæйы фæрцы сæ хæстæгдзинад рæстæджы фæлмы нæ сæфти. Нæ фыдæлтæм, куыд загътон, афтæмæй фыссынад нæ уыди, фæлæ, дзыхæй-дзыхмæ цы лæвæрдтой, уыдон фыстыты кад тардтой. Къоста йæ фыдæлтæй ранымадта фараст фæлтæры. Афтæ зыдта алы мыггаг дæр йæ фыдæлты.

Ныр уыцы æвæджиауы æгъдауыл дæр стырзæрдæ кæнын райдыдтам. Нал зонæм нæ фыдæлты. Зæгъæм, мæнæн мæ мады 'фсымæр афтæ куы загъта, Бæцойты Осмæны фыды мад, мæ мады фыды мад æмæ Приты Исламы фыды мад хотæ уыдысты, зæгъгæ, уæд мæхимæ фæкастæн бирæ хъæздыгдæр.

Лермонтовæн сарæзтой энциклопеди. Мæнмæ гæсгæ, ахæм энциклопеди Пушкинæн дæр нæма ис. Уым Михаил Юрийы фырты тыххæй адæймаг цы нæ базондзæн, ахæм нæй. Зæгъынæн æгъгъæд у уый дæр, æмæ дзы йæ фыдæлтæ номæй номмæ нымад цæуынц XVII æнусæй фæстæмæ.

Цымæ цæмæй æвзæр уаид, ныртæккæйы фыссыны дуджы алы хæдзарвæндаг дæр, чи кæмæй у, уый фидæны иудыууæ нæ, фæлæ дæсгай фæлтæртæм куы адæттид, уæд?..

Чи цас федта, уыйбæрц зоны. Уыцы æмбисонды рæстдзинад бафидар кæнын мæ бон у мæ сабибонтæй дæнцæг æрхæсгæйæ.

Мæ мады 'рвадæлтæ дзæвгар рæстæг Буроны цардысты. Авдазон скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд-иу сæм сæрды каникулты рæстæг цалдæргай къуыритæ фæдæн. Уым кæй базыдтон кæнæ федтон, уыдонæй фæстæдæр бирæтæ систы хъуыстгонд адæймæгтæ. Ранымайдзынæн дзы цалдæры.

Билаонты Долорес. Йæ фыд Коля æмæ мæ мады 'фсымæр Хæчъассæ хæлæрттæ уыдысты. Сæ дыууæ дæр –

бирæ бинонты хицæуттæ. Коляйæн дæр уыдис аст сывæллоны, Хæчъассæйæн дæр.

Ам фыццаг хатт федтон, фæлæ зонгæ нæ бадæн, Дзаболаты Хазбийы. Фидæны стыр поэт йæ фæллойадон фæндаг райдыдта Буроны поселочы. Ам базонгæ дæн диссаджы уæздан, хæдæфсарм æмæ æмгаруарзон лæппу Фардзинты Савелиимæ. Уый фæстæдæр куыста бирæ бæрнон бынæтты: уыди базарады министры хæдивæг, «Универмаджы» директор, карз нозтыты заводы разамонæг. Дыууæ азы иумæ ахуыр кодтам Мæскуыйы СЦКП-йы ЦК-йы цур Уæлдæр партион скъолайы... Буроны уæвгæйæ, фехъуыстон, Уататы Бибойы мад æнаххосæй æфхæрд кæй æрцыд, уыцы хабар дæр. Бибойы та базыдтон ивгъуыд æнусы 60-æм азты. Афтæ балымæн стæм, æмæ йæ хо Азæ чындзы куы цыди, – æнхъæлдæн цыма 1962 азы уыди, – уæд мæ чындзæхсæвмæ дæр ахуыдта...

Цыбыр рæстæгмæ, иу хъæуæй иннæмæ уазæгуаты бафтгæйæ, уыйбæрц хорз адæмы кæм базыдтон, уым, бирæ горæттæ æмæ бæстæтæ чи фены, уый, иуæй, бирæ куыннæ хъуамæ фена æмæ бирæйы дæр куыннæ базона?!

«Буд – дæ судзинаг, сæкæр – дæ хæринаг, д' арм – æхсад, дæ дзых – æнхъæвзт», – ацы ныхæстæ-иу загътой мард ныгæнгæйæ. Бакастæн сæ Миллер Всеволоды «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат»-ы, фæлæ сæ иу мард ныгæнгæйæ дæр никуы фехъуыстон, нæ сæ фехъуыстон, мардæн фынджыдзаг хæлар кæнгæйæ дæр.

Цыма сын ферох кæнын не 'мбæлы, афтæ мæм кæсы.

Компьютер нæ цæсты скадджын. Дис кæнæм, цытæйын æнтысы, ууыл. Фæлæ, Хуыцау цы компьютер сфæлдыста, – адæймаджы сæр, – уымæн дзы æмбал нæй, уымæн æмæ адæймаджы раттæг дæр Хуыцау у, Хуыцауы сфæлдыстæй зондджындæр уæвæн та нæй. Адæймаг цы сфæлдыста, æнæ уымæй ныронг дæр фæцæрæн уыд, стæй амæй фæстæмæ дæр фæцæрæн уыдзæн, фæлæ, Хуыцау цы сфæлдыста, æнæ уымæй адæймагæн цæрæн нæй, фыссæгæн йæ уацмысы архайæг, ома йæхæдæг кæй æрхъуыды кодта, уымæн йæхицæй зондджындæр уæвæн куыд нæй, афтæ.

Уыцы фын 2006 азы 29 апрелы бонырдæм федтон. Цыма зианæй рацыдтæн æмæ, хъæлдзæгдзинад кæм уыд, ахæм хæдзары цурмæ схæццæ дæн. Дыккаг уæладзыгмæ фæтæн асиныл схызтæн æмæ рахизæрдыгæй даргъ фынджы уæлхъус ауыдтон куывды бадæг адæмы. Галиуæрдыгæй дыккаг хистæры дæллаг фарс бадт иу мæхи кармæ æввахс лæг: урс сæрыхъуынтæ æмæ йын урс рихитæ. Иу рæстæджы йæ зарын райхъуыст. Ныхæстæн равзарæн нæ уыд, фæлæ-иу – *Дзасохты Сосыгко,* – зæгъгæ, базарды хуызæн тынг бæлвырд æмæ сыгъдæгæй райхъуысты уыцы мыггаг æмæ ном. Уыимæ адæм сæхи афтæ дардтой, цыма сын зарæг йæхæдæг дæр æмæ, кæуыл уыд, уый дæр тынг хорз зонгæ уыдысты. Кæйдæрты, зарæггæнæг чи у, зæгъгæ, афарстон, фæлæ мын дзуапп раттын ничи бафæрæзта. Уалынмæ агъуысты арфдæр бацыдтæн, æмæ дын зарæггæнæг мæ размæ куы фæуид. Фæрсын æй, Дзасохты Сосыгко чи уыд, зæгъгæ, æмæ мын афтæ: «Уый диссаджы лæг уыд. Æз ыл ныффыссынмæ хъавын. Фыст дæр ыл бирæ ис, фæлæ... Хæсты размæ нæ сæрмæ Æгкацатæм цард...»

Фыны мæм афтæ каст, цыма, цы дзуры, уыдон иууылдæр раст сты, афтæмæй та мæ фыд горæты никуы цард, Æгкацатæй йын зонгæ уыд, уый та мæ хъусыл никуы 'рцыд.

Куыддæр ын, чи дæн, уый зæгъынмæ хъавыдтæн, афтæ æваст фехъал дæн.

О, хæдæгай, цы зианæй рацыдтæн, уый та цыма Дзуццаты Бибойы зиан уыди. Бибойы уымæй фараст боны раздæр амардæуыд...

Цин æмæ зиан æфсымæртæ кæй сты, ууыл адæймаджы йæ фын дæр æууæндын кæны.

Сылгоймагæн йæ дзыкку – даргъ, йæ зонд – цыбыр. Зын зæгъæн у, мах рæстæджы йæ дзыкку – сылгоймагæй нæлгоймагæй – кæмæн даргъдæр у, уый. Уæдæ зонды тыххæй дæр быцæугæнæн ис. Æз иу адæймагæй мæ бинойнаджы зондмæ кæм нæ байхъусын, уым æнæмæнг фæрæдийын. Хъусгæ та йæм фæлварыны хуызæн нæ бакæнын, хаттæй-хатт та фыдæнæны хуызæн. Мæхи фæнд куы атæрын, уæд æнæмæнг фæсмон фæкæнын. Бахатыр

кæнут, фæлæ йæ куы куырдтон, уæд мын нæ разы кодта. Фæлæ æз мæхи фæнд атардтон, æмæ та, уый фæстæ бирæ хæттыты куыд уыди, афтæ фæсмоны хай фæдæн.

Цæмæй ма рæдийай, уый тыххæй сылгоймагмæ хъусын хъæуы…

Фыдæлтæ, дам-иу арвæрдын куы федтой, уæд æм сæ зонгуытыл куывтой.

Чсиаты Дзамболатæй йæ фехъуыстон.

Чарский Бæрæгъуынмæ куы 'рцыди, уый кæд æмæ кæд уыди! Мæнмæ гæсгæ, ууыл æртиссæдз азæй фылдæр йеддæмæ къаддæр нæ цæуы. Цæмæй мæ хъæуккæгты размæ рацæуа, уый тыххæй йæхи цас фæцæттæ кодта, уый нæ зонын, фæлæ, цы дзырдта, уый, чи йæм хъуыста, уыдонæй никуы ферох уыдзæн, уыдонимæ – мæнæй дæр.

Нæ хъæуы хабæрттæ афтæ хорз цæмæй базыдта, ууыл æрæджыйы онг никуы ахъуыды кодтон. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма сæ махмæ æрцæуыны размæ дæр зыдта. Мæнмæ гæсгæ, афтæ хъуыды кодтой канд, чи йæм хъуыста, уыдон нæ, фæлæ, кæй фыдгой кодта, уыдон дæр, уымæн æмæ, афтæ куы нæ уыдаид, уæд хабæрттæ рахъæргæнджыты агурджытæ сарæх уыдаиккой, лæбурджытæ дæр дзы фæзындаид, фæлæ, уæд дæр, уæдæй фæстæмæ дæр ахæмæй мæ хъусыл ницы 'рцыд. Лæбурын та дзы бирæты бахъуыдаид, уымæн æмæ Чарский йæхи фыст æмдзæвгæты – йæхи фыст уыдаиккой, уæдæ кæй? – хурмæ хаста, зæхгæстæй бапъерозты иу пачкæйыл тачкæ харбызтæ чи лæвæрдта, зæронды æфсон колхозы куыстмæ чи нæ цыд, фæлæ мæйы дæргъы Цæгатмæ дыргътæ уæймæ цалдæр хатты чи ласта, куысты тæккæ тæмæны йæхи пудрæйæ чи цагъта, уыдоны æмæ бирæ æндæрты хъæнтæ æмæ аиппытæ.

Цæмæн æрымысыдтæн ацы хабæрттæ? Дуне къуындæг у, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Уыцы зындгонд Чарскиимæ фæстæдæр, зæгъæн ис, æмæ æмбæлдтæн алы бон дæр. Терчы галиу фарс, æз кæм цардтæн, уырдæм, æвæццæгæн, хæстæг цард æмæ-иу ыл арæх амбæлдтæн.

Кæддæр адæмы сæрты нæ, фæлæ бæласы сæрæй кæмæ кастæн, – йæ фембæлдмæ уыйбæрц адæм æрæмбырд, æмæ, нæ хъæуы æхсæнадон кусæндæттæ кæм уыдысты, уыцы агъуысты кæрты къух бакæнæн дæр нал уыд æмæ къах бавæрæн дæр, – уыцы лæг-иу мæ размæ куы фæци, уæд-иу йæ рæзты хуымæтæджы цыд никуы акодтон. Æдзухдæр-иу, сценæйы йæ цы дарæсы федтон, мæ цæстытыл афтæмæй ауад.

«Тяжело умирать, хорошо умереть» («Зын у мæлын, нæу амæлын æвзæр») – Некрасовы ацы рæнхъытæ мæм бонæй-бонмæ тынгдæр хъарынц, тынгæйтынгдæр сын æууæндын сæ рæстдзинадыл.

Цæх донхæрисы къæбæлдзыгдзыкку рæудымгæ фасы...
Ныхас зæгъын дæр æз нал фæуæндын, чызгай, дæ разы.

Ацы æмдзæвгæ мын æрдæгфыстæй баззад 1999 азы 11 августы. Ацы цыппар рæнхъы куы ныффыстон, уæдæй нырмæ та æнусы æмбисæй фылдæр цæуы.

Æрæгвæзæджы рог дымгæ, сындæггай
Нæ буц бæлæсты сыфтæртæ нызгъæлдтай.
Уадз ивæнт хъæдтæ, быдыртæ сæ кæрц –
Кæдфæндыдæр рæсугъд у дуне, æрдз.

«Смотреть в глаза смерти, предвидеть ее приближение, не стараясь себя обмануть, оставаться верным себе до последней минуты, не ослабеть и не струсить – это дело сильного характера».

Ацы ныхæстæ цыма Писарев Дмитрий Дибæйы тыххæй загъта, афтæ мæм кæсы.

Æмæ ма ноджыдæр, Дибæмæ чи хауы, ахæм ныхæстæ. Бакастæн сæ Толстой Левы чиныг «Круг чтения»-йы: «...готовься к тому, чтобы наилучшим образом умереть, т.е. воспользоваться теми торжественными минутами смерти, во

время которых человек уже находится как бы в ином мире, и слова и поступки его получают особенную власть над остающимися».

Дыууæ рæнхъы дæр арф хъуыдытæ нывæрæн ис:

Ученых много, умных мало,
Знакомых много, нет друзей.

Дæс азæй фылдæры размæ сæ радиойæ фехъуыстон. Сæ ныффыссæджы нæ базыдтон.

Фысджытæн Хъырымы, «Коктебель», зæгъгæ, цы сфæлдыстадон хæдзар уыд, уым къорд хатты уыдтæн. Фæстаг хатт дзы ныййæфтон ирон фыссæг Б. Т.-йы йæ чызгимæ. Æхсызгон куыннæ вæййы адæймагæн Ирыстонæй дард ран йе 'мбæстаджы, уæлдайдæр та йе 'мсисы, фенын. Кæрæдзиуыл бацин кодтам, фынджы уæлхъус дæр абадтыстæм. Абадтыстæм, зæгъгæ, тынг æнафонмæ бафæстиат стæм. Кæд ма исты зонын, уæд уыцы изæр немæ уыдис зындгонд уырыссаг прозаик æмæ критик Бушин Владимир дæр.

Б. Т.-ыл кæд азтæ дзæвгар цыд, уæддæр лæппулæгау хъæддых уыд. Адæймагæн-иу фембæлгæйæ йæ къух куы нылхъывта, уæд-иу æнгуылдзты стджытæ баиу сты æмæиу йæхинымæр æнхъæлмæ каст, кæд мæ суадздзæн, зæгъгæ. Фидар уыди нозтæн дæр. Иу нуазæн дæр фæстæмæ куы нæ здæхта, уæд дæр æм мæ зæрдæ не 'хсайдта, уымæн æмæ уымæй размæ дæр нозтæй никуы фæцудыдта. Уæлдай ныхас дæр дзы никуы сирвæзт.

Сфæлдыстадон хæдзары хæрæндон денджызæн йæ тæккæ былгæрон уыд. Ходæнмæ иуцалдæр минуты раздæр æрбацыдтæн æмæ ме 'мбæстæгтæм æнхъæлмæ кастæн, фæлæ æрæгмæ куы цыдысты, уæд хæрæндонмæ ацыдтæн. Аходæны фæстæ дæр ма фынджы уæлхъус иуцасдæр абадтæн. Æппынæрæджиау Б. Т. фæзынд. Кæй байрæджы кодта, уый тыххæй йæхи раст кæнынмæ фæци:

– Дысон-бонмæ мæ къах дæр н' атылдтон, афтæ дзæбæх фæфынæй кодтон. Мæ чызг мæ куы нæ райхъал кодтаид,

уæд ма афонмæ дæр фынæй кæнин... Уый дæр ныртæккæ 'рбацæуздзæн.

Æргом дзургæйæ, æрæгмæ куы цыди, уæд ме уæнджы мигъ бадт, кæд ыл нозты фыдæй исты 'рцыд, зæгъгæ, фæлæ йын йæ ныхæстæм куы байхъуыстон, уæд мæ тарст æрцыди. Йæ цуры бадын мæм аив нæ фæкаст, хатыр дзы ракуырдтон æмæ денджызы былмæ мæхи райстон. Куыддæр хæрæндонæй рахызтæн, афтæ Б. Т.-йы чызг мæ размæ фæци æмæ мын бауайдзæф кодта, цæмæн, дам, ын баназын кодтай, дысон-бонмæ хуыссæджы цъыртт нæ федта, йæ лæппуйы æрымысыд — Б. Т.-йы лæппу дыууæ азы размæ æвиппайды амард — æмæ куыдта æмæ куыдта...

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ рацыд. Æрæджы Субботин Василийы чиныг кæсын æмæ дзы сæмбæлдтæн ахæм бынатыл: «Куыд дзурынц, афтæмæй, Сергеев-Ценский йæ мæлæты рынчын куы 'рци, уæд æй аластой рынчындонмæ. Йæ дохтыртæн афтæ зæгъы: «Мемæ æмбæхсынджыты ма хъазут. Æз зæронд дæн... Цас ма фæцæрдзынæн, уый мын æргом зæгъут. Куы бахъæуа, уæд мæ хуыссæгæй дæр атондзынæн. Мæ гæххæттытæ мæ баныввыл кæнын хъæуы, мæ повесть та — фæуын...» Загътой йын, тагъд кæнын æй кæй хъæуы. Æцæгæйдæр, æхсæв нал хуыссыди, куыста. Фæлæ нын йæ ус Христинæ Михалы чызг та афтæ загъта: «Уый адæмы цур хъæбатыр вæййы, æндæр æхсæвыгæтты кæугæ фæкæны...»

Æмбалты Цоцкойы хуызæн лæгтæ канд сæхи, сæ мыггаг æмæ хъæубæстæ не скадджын кæнынц, фæлæ æгас Ирыстон дæр. Скадджын кæнынц адæймаджы ном. Алкæмæ дæр адæймаджы ном скадджын кæныны хъару куы уаид, уæд иууылдæр цæуиккам не скæнæг Хуыцауы зæрдæмæ.

Æмбалты Цоцко, зæгъгæ, куы фехъусын, уæд цавæрдæр рухс дунейы февзæрын, хин æмæ кæлæн кæм нæй, раст æмæ цæстуарзон адæм кæм цæры, уæздандзинад, фæтк æмæ четар æлдариуæг кæм кæнынц, ахæм дунейы...

Иу-ссæдз азæй фылдæры размæ базонгæ дæн Хъуылаты Хъазыбегимæ. Æмбалты Цоцкоимæ æвваxс хæстæджытæ уыдысты, — дзырдта мын æй, куыд хæстæджытæ сты, уый дæр, фæлæ та мæ ам дæр ме стырзæрдæдзинады азар

басыгъта æмæ йæ ныффыссын мæ зæрды не 'рæфтыд, хъуыды та йæ уæвгæ нæ бакодтон, — æмæ йын йæ царды хабæрттæ хорз зыдта. Иу хабар мын дзы ахæм ракодта.

Цæвиттон, Цоцко уарзта сæхи хъæуккаг, æрыдойнаг, Хуырымты Иорамы чызг Лулуйы. Чызг фæцыд Хетæгкаты Къостайы зæрдæмæ дæр. Уыцы хабар куыддæрæй æрцыд Цоцкойы хъусыл æмæ йæ рæсугъд æнкъарæнты хурхыл бахæцыд, чызгмæ цы зæрдæйыуаг дардта, уый йæ риуы арфдæр ран баныгæнын бафæрæзта. Къоста æмæ Лулу кæрæдзийы бамбæрстой æмæ хъуамæ сарæзтаиккой чындзæхсæв, фæлæ, стыр хъыгагæн, Лулуйы царды бонтæ хъысмæт фæцыбыр кодта.

Æмæ ма Цоцкойы тыххæй, чи зоны, чи никуыма 'рцыд, ахæм хабар: Æмбалы-фырт, дам, Къостайыл сау фæдардта йæ амæлæты бонмæ. Зæххыл, чи никуыма 'рцыд, ахæм хабар, æвæццæгæн, нæма уыд, фæлæ æз уыйбæрц рацардтæн, æмæ исчи искæуыл цæрæнбонты сау фæдардта, зæгъгæ, никуыма фехъуыстон. Фæлæ, куы зæгъын, уыдаид ахæм хабæрттæ дæр.

Зындгонд фыссæг Цæголты Василий мын иу хатт афтæ: «Хабæрттæ фыссынмæ зивæг ма кæн. Цы писмотæ исыс, уыдон æфснайдæй дар. Цы номдзыд адæмимæ æмбæлыс, уыдоны ныхæстæ дæ рох кæй кæндзысты, уый дæ зæрдыл дар æмæ архай сæ фæд гæххæттыл ныууадзыныл. Азтæ куы рацæуа, уæд дæ бахъæудзысты. Цы хорз адæмимæ 'мбæлдтæ, цы зонды ныхæстæ сæ фехъуыстай, уыдон рохуаты баззайынæн æвгъау сты, фыссæджы бон та сæ у фидæны фæлтæртæм адæттын».

Цæрукъаты Алыксандр дæр йæ царды кæрон фæсмон кодта, гæххæтмæ хæссыны аккаг чи уыд, уыцы хабæрттæ кæй нæ фыста, ууыл.

Василийы цæстуарзон ныхæсты рæстдзинад мæм, стыр хъыгагæн, æрæджиау бахъардта, фæлæ мæхицæн хæсыл нымайын ме 'мсис кæстæртæн Василийы ныхæстæ дæр æмæ Цæрукъаты Алыксандры ныхæстæ дæр сæ зæрдыл æрлæууын кæнын. Цæголы-фырт йæ фæндиæгтæ æрмæст мæнæн загъта, æз та, — кæд ацы рæнхъытæ искуы дунейы рухс феной, уæд уе 'ппæтæн дæр дзурын: мæхи арæх къуыммæ цæмæй фæхæссын, уымæй уæхи бахизут: зивæг ма

кæнут, стырзæрдæ ма ут, абон цы уынут æмæ хъусут, уыдон æдзух нæ уындзыстут æмæ хъусдзыстут.

Рæстæджы бон, кæй зæгъын æй хъæуы, бирæ у. Ногæй зæронд саразы, зæрондæй – згæхæрд. Зæрдæ чи халы, уыцы масты джебогътæ фæкъуымыхдæр кæны, бирæ хæттыты сæ афтæ слæгъз кæны, æмæ рæхойын сæ бон нал вæййы. Фæлæ цæйдæрты ныхмæ тохы бацæуын йæ бон нæ бавæййы. Зæгъæм, адæймаг цы федта æмæ фехъуыста, уыдон се 'ппæт рæстæг нæ ферох кæнын кæндзæн. Зæрдæйы æнусмæ чи баззайы, ахæм хабæрттæ – цас дæ хъæуы, уыйбæрц.

Ацы хабарыл æртиссæдз азы бæрц цæуы, фæлæ цыма знон уыди, афтæ мæм кæсы, зæрдæйы нывгондæй лæууы, нæ мæ рох кæны.

Фæндзæм къласы ахуыр кодтон æви æхсæзæмы, уый дзæбæх нал хъуыды кæнын, фæлæ та иу изæр нæ сыхы лæппутæ бичетты æрæмбырд сты æмæ хæсты хабæрттæ кодтой. Уымæй размæ не 'рвадæлты лæппу, хæсты цаутæ æвдыст кæм цыд, ахæм кино федта æмæ йæ йæхи ныхæстæм гæсгæ дзырдта. Уымæ та æнæхъæн сыхы дæр уымæй хуыздæр ничи арæхст. Ноджы уый махæй кæмæй афæдз хистæр уыд, кæмæй – дыууæ, æмæ-иу æм æдзухдæр, цыма нæ ахуыргæнæг уыд, афтæ хъуыстам.

Уыцы изæр дæр та сæйраг дзурæг уый уыд, фæлæ-иу махæй дæр исчи искуы-иу хатт йæ ныхас баппæрста. Æз дæр, цыма мæ хæйрæджытæ ацардыдтой, уыйау мæхицæй хæстон лæг ацарæзтон æмæ ныхас цæуыл уыд, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ дзы дыууæ дзырды мæ зæрдыл тынг бадардтон: «штыковой бой». Уыдон куыддæр мæ дзыхæй схаудысты, афтæ дын мыл ме 'рвад былысчъил худт куы бакæнид, ахæм «бой», дам, нæ вæййы. Уыцы ныхæстæ загъд æрцыдысты бæрзондæй комкоммæ дæр æмæ дæлгоммæ æмбаргæйæ дæр. Комкоммæ уымæн, æмæ ме 'рвад мæнæй дыууæ азы хистæр уыд æмæ уымæ гæсгæ бæрзонддæр уыд, дæлгоммæ та уымæн, æмæ мæ цы 'дылы ныхас сирвæзт, уымæ æнæмæнг бæрзондæй кæсын хъуыд.

Цы 'мбæрстон, «штыковой бой» цы у, уымæн, стæй, мæнмæ гæсгæ, ме 'рвад дæр мæнæй дæснындæр нæ уыд,

фæлæ куыд хъæбæрæй дзырдта, стæй куыд æнæрвæссонхуызæй, уымæ гæсгæ банхъæлæн уыд, цы дзуры, уым дызæрдыггагæй ницы ис, зæгъгæ.

Куыд бамбæрстон, афтæмæй йыл ме 'ннæ сыхæгтæ дæр бауырнæд, Ашъ и ханæм чыдзæжыстджы бынаты банкъардтон, æмæ, куы зæгъын, абоны онг дæр мæ нæма ферох.

Ацы хабæрттæ æрымысыдтæн, газет «Советский спорт»-ы 1988 азы 23 октябры номырæй цы статья ралыг кодтон, уый мæ размæ куы фæци, уæд. Статья хуыйны афтæ: «Тот, кто брал "Черную кошку"». Уыцы ранæй æрхæсдзынæн æрмæстдæр дыууæ хъуыдыйады: «В. Ощенков занял первое место в соревнованиях по штыковому бою на первенство Московского военного округа. Диплом датирован 30 апреля 1930 года».

Куыд бамбæрстат, афтæмæй ма «штыковой бой»-йæ уæлдай уыдис ахæм хуызы спортивон ерыстæ дæр...

Ме 'рвад абон дæр у цардæгас. Кæддæры хабæрттæ йын йæ зæрдыл æрлæууын кæнин, фæлæ дзы, мæнмæ гæсгæ, уыдон раджы ферох сты, йæ зæрдыл ын сæ куы 'рлæууын кæнон, уæд та йæм, мыййаг, уайдзæфы хуызæн куы фæкæсой, уымæй ædас нæ дæн æмæ йын никуы ницы фæзæгъын. Уæвгæ йыл фæстаг æнусы æмбис кæд иу кæнæ дыууæ хатты фембæлдтæн, уæд хорз, æндæр нæ мыггаджы хъуыддæгты архайæгæй йæхи не 'вдисы, сæрмагондæй йæ бабæрæг кæнын та мæ къухы никуы бафтыд.

Сæйрагдæр у, бирæ азты фæстæ мæхи дæлджинæггонд кæй нал хонын, уый.

«Кæдæй-уæдæй ма нæ хæдзармæ афоныл здæхын. Уæвгæ мыл фæстаг рæстæг нæхимæ сахуыр сты æмæ мæм раздæрау фæскуыст æнхъæлмæ дæр нал фæкæсынц, уымæн æмæ зонынц, кæй та бафæстиат уыдзынæн. Фæлæ ма абон æгæр раджы цыд дæр фæдæн. Дзыццайы дæр уыцы зæрдæ фæсайдта, æндæр æй ахæм уавæры не 'рбаййæфтаин.

Куыддæр къæсæрæй бахызтæн, афтæ стыр уаты къуымты мæ цæстæнгас æрзылд. Иннæ хæттыты хуызæн та Дзыццайы агурыныл фæдæн. Мæ цæст ыл не 'рхæцыд æмæ фаллаг уатмæ бакастæн. Дзыцца мæм чъылдымырдæм бадт

æмæ йын йæ цæсгом нæ уыдтон, фæлæ цыма йæ чемы нæ уыд, афтæ мæм фæкаст.

— Дзыцца!

Æрбацæуынæнхъæл мын нæма уыд. Иннæмæй та, æгæр хъæрæй сдзырдтон, стæй мæ хъæлæсы катайаг мыртæ фæразуæз сты æмæ Дзыццайы хуызæн адæймагæн уыдон æгæр дæр ма уыдысты хæрдмæ фæхауынæн.

Мæнырдæм ын æнæ разилгæ нал уыд, йæ армытъæпæнæй йæ цæсгом æрсæрфта æмæ уыцы зивæггæнгæйæ раздæхт. Кæугæ кæй кодта, уый ма мын цы бамбарын хъуыд, фæлæ йæ чи бафхæрдта? Мæ бинойнаг? Уымæн уæвæн нæй. Мæ ныхæстæй йæм искæцы бустæхуыз куы фæкæсы, уæддæр мын уайдзæф куы бакæны, æдзухдæр йæ фарс куы фæвæйййы, уæд се ’хсæн цы хъуамæ ’рцыдаид? Иу ныхасæй, мæ зæрдæ кæдæмыты нæ ахсайдта, ахæм нал баззад.

— Абон цæй раджы ’рбацыдтæ? — ныр та æз фестъæлфыдтæн Дзыццайы ныхæстæй.

Йæ хъæлæсыуаг мæм æгæр аразгæ фæкаст. Йæ ныхæстæй алкæцыдæр дзырдта, маст дзы кæй бацыд, ууыл. Йæ цæстытæн дæр цыдæр уымæл хуыз уыд. Иннæ хæттытау мыл бацин кæнын сæ зæрды уыди, фæлæ тыхцинтæ кæнын ахуыр нæ уыдысты æмæ, кæд цыфæнды тынг архайдтой, уæддæр сын дзы ницы уади. Иннæ хæттыты-иу сæ, мæн ауынгæйæ, цы хъарм ракалди, уый равдисын сæ бон нæ баци. Дзыцца мæ цæмæй бафарста, уымæн мæ дзуапп раттынмæ нæма ’вдæлди, уымæн æмæ, цæуыл æнкъард уыд, уый базонын мын сæйрагдæр уыд æмæ йын йæхи фæрсынмæ дæр уымæн фæдæн:

— Цы кодтай?

Ницы дзурынмæ мын хъавыди, фæлæ йæ нæ ныуадздзынæн, уый куы бамбæрста, уæд загъта:

— Ницы... Цы кодтон?

— Уæдæ афтæ ’нкъард цæмæн дæ? Куы’рбацæуын, уæд куыд вæйййыс, уый нæ зонын?! Чидæр дæ бафхæрдта, æмæ мын æй зæгъ.

— Ничи мæ бафхæрдта. Афтæ... Цыдæр хабæрттæ ’рымысыдтæн, æмæ мæ зæрдæ суынгæг.

— Цавæр хабæрттæ?

— Зæронд хабæрттæ... Сæ койы аккаг дæр не сты. Уæртæ дзы чындзы бафæрс...

Дзыцца, йæ сæрæй кæцырдæм ацамыдта, уыцырдæм фæкастæн, æмæ фæсдуар, къуыммæ хæстæг, ауыдтон мæ бинойнаджы. Æрдæбонсарæй йæ ныхас нæ, фæлæ йе змæлын дæр никуыцæй райхъуыст. Æвæццæгæн, йæхинымæр скарста, ахæм заман мадзурайæ лæууын хуыздæр у, зæгъгæ, æмæ ныхæстæм æдзæмæй хъуыста.

Æцæгдæр мын хабæрттæ мæ бинойнаг радзырдта...

Рынчындоны дохтырæй кусы. Йæ палатæмæ нæ хъæуккаг Уырысхан бахауд. Куы йæ 'рбаластой, уæдæй нырмæ æртæ къуыририйæ фылдæр рацыд, афтæмæй, мæ бинойнаг кæй у, уый нырма абон базыдта. Диссаджы æппæлдтытæ, дам, нæ фæкодта. Фæскуыст, нæхимæ куы 'рбацыд, уæд лæджы ныхæстæ Дзыццайæн рафæзмыдта. Дзыцца дæр рагон хабæрттæ æрымысыд æмæ, кæд рагон уыдысты, уæддæр ын хъæдгом фæрæхойæгау сног сты...

Уырысхан хæсты уыди, фæлæ уайтагъд фæстæмæ ссыди. Йæ рахиз къухы кæстæр æмæ æнæном æнгуылдз фæцæф сты æмæ нал куыстой, нал куыстой, зæгъгæ, растæй баззадысты æмæ йæ, хæстон лæгæн нал бæззыс, зæгъгæ, рарвыстой. Уый хæстæй цалдæр мæйы куы рацыд, уæд уыди. Немыц Ирыстонмæ куы 'рбацæйхæццæ кодтой, уæд цалдæр лæгæй колхозы фос хохмæ атардтой. Куыд дзырдтой, афтæмæй, цалынмæ немыцы нæ асырдтой, уæдмæ хохы физонджытæ фæкодтой, стæй ма дзы цы кадавар муртæ баззад, уыдон æртардтой æмæ сæхицæй фыдæбонджындæр никæйуал хуыдтой. Бæстæ змæст уыди, æмæ сæ дзуапп бацагурæг нæ фæци. Дзуапп нæ, фæлæ ма фæстæдæр Уырысханы колхозы сæрдарæй дæр равзæрстой.

Цыппор æхсæзæм аз хус рæстæг скодта. Хуымтæ басыгъдысты. Адæм тынг зын уавæры бахаудысты. Мæ фыд хæстæй нæма ссыди, кæд уæдмæ, æгас ма кæй фыдæлтæ баззадысты, уыдон раздæхтысты, уæддæр. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй мæ фыд, æрæджиау чи ссыд, уыдонæй дæр никæимæ разынд. Мæ кæстæр æфсымæр æмæ хоимæ нæ мадимæ баззадыстæм æмæ иннæ сидзæрты хуызæн хъизæмæрттæ 'взæрстам. Мæ хо ма сыдæй рæсигæ дæр ныккодта. Уыцы тыхст рæстæг ма Дзыццайæн йæ фæллойбонтæм цыдæр нартхоры нæмгуытæ цыди æмæ Уырысханæй куырдта, цæмæй йын йæ сабиты сыдæй мæлын ма бауадза æмæ йын иу пут уæддæр раттын кæна йæ фæллойæн. Схъæртæ йыл кодта, ныртæккæ, дам, нæ дæ

сывæллæтты сагъæс йеддæмæ æндæр сагъæс нæй, зæгъгæ, йæ мæстджынæй рарвыста. Дзыццайæн йæ зæрдыл уыцы хабæрттæ ’рлæууыдысты æмæ йæхиуыл хæцын нал бафæрæзта...

Йæ маст ын цæмæй фæкъаддæр кæнон, ахæм дзуринæгтæ мæм уыдис, æмæ йын сæ нæ басусæг кодтон:

– Уыдæттыл та дæхи цæмæн хæрыс? Кæмæн цы хъæуы, уый Хуыцау зоны. Уырысханыл дæр йæ фыдмитæ æртæфстысты. Йæ дыууæ чызгæй иу дæр æгъдауыл й’ амонд не ссардта. Кæйдæрты фæдыл фæлыгъдысты æмæ, кæм сты, уый бæрæг нæй. Йæ фырт ахæстонæй æддæмæ нæ цæуы. Рынчындонмæ йæ кæцæй æрбаластой, уый зоныс? – бафарстон Дзыццайы.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Дзыцца йæ нæ зыдта, фæлæ йæ æз зыдтон. Уырысханы ус æртæ азы размæ амард. Цы фæуыдаид, уый йын нал уыд æмæ йæ се ’рвадæлтæй чидæр зæрæдты хæдзармæ сласта. Уыцы хабæрттæ æрæджы фехъуыстон, фæлæ рынчындонмæ бахауд, уый нæ зыдтон.

– Цæмæй йæ зонын? – фарстæн мын фарстæй дзуапп радта Дзыцца, цыма уымæй афтæ зæгъынмæ хъавыди, кæцæйфæнды йæ ’рбаласæнт, цæмæн мæ хъæуы, зæгъгæ.

– Зæрæдты хæдзарæй...

Фæстаг ногдзинæдтæ йын куы радзырдтон, уæд цыма йæ мастæй ахауд, афтæ мæм фæкаст».

Ацы хабæрттæ, поезды Мæскуымæ кæимæ цыдтæн, иу ахæм мæ карæн лæгæй фехъуыстон, æмæ мæм йæ царды цаутæй кæцыдæртæ мæхи царды цауты хуызæн фæкастысты...

Мæ фыды фыды æфсымæры лæппу Тасолтан хæстæй саугуырмæй ссыди. Йæ дыууæ цæсты дæр ын знаджы нæмыг ахаста. Хорз бинонтæ йын фæци, хорз цот ын рацыди æмæ, æвæццæгæн, уыдоны фæрцы бирæ фæцард. Цыппарыссæдз азы йыл цыд, афтæмæй цалдæр азы размæ амард.

Йæ фыд уымæй ноджы фылдæр фæцард æмæ, Адзырттæй цы фехъуыста, уыдон-иу цыма чиныджы каст, афтæ дзырдта. Кæд цæстæй нæ уыдта, уæддæр горæты уынгтæ хорз зыдта. Иу хатт кæцæйдæр цыдыстæм. Горæтмæ куы схæццæ стæм, уæд нæ шофыр дæр, æз дæр, кæдæм

цæуын хъуыд, уый нæ зыдтам, æмæ-иу, кæдæм схæццæ стæм, уый Тасолтанæн куы загътам, уæд, дарддæр кæуылты цæугæ у, уый нын-иу бацамыдта. Иу ран дæр нæ фæрæдыд, афтæмæй бынатыл сæмбæлдыстæм.

Бирæ цыдæр ног хабæрттæ дзы фехъуыстон, уæлдайдæр нæ хæдзарвæндаджы тыххæй. Мæ фыды фыды фыдæн, дам, цалдæр æфсымæры уыд. Сæ иу хуынди Состыкк. Æфсымæртæй, дам, уымæй магусадæр нæ уыд, афтæмæй цæргæ та се 'ппæтæй фылдæр фæкодта, зæгъгæ, мын Тасолтан куы загъта, уæд мæхинымæр бацин кодтон, уæдæ æз дæр бирæ фæцæрдзынæн, зæгъгæ.

Базраты Светæимæ дæс æмæ дыууиссæдз азæй фылдæры размæ базонгæ дæн. Пединститутмæ бацыдыстæм 1955 азы æмæ фондз азы дæргъы иу факультеты иу къорды фæцахуыр кодтам. Мæ дæргъвæтин царды цы сылгоймæгты зыдтон, уыдонæн Светæ уыди сæ тæккæ уæздандæр, æгъдауджындæр, æнæхиндæр æмæ сыгъдæгдæрзæрдæтæй иу. Институт каст куы фестæм, уæд нæ алчидæр ацыди йæхи фæндагыл æмæ арæх нал æмбæлдыстæм.

Светæ йæ амонд ссардта æмæ дзæвгар рæстæг царди Мæздæджы. Дзæуджыхъæумæ цæуынвæнд куы скодта, уæд æнæнхъæлæджы фембæлдыстæм æмæ йын куыст ссарынæн Гæздæнты Ленæйы (уæд Ленæ куыста Кировы номыл республикон библиотекæйы директорæй) фæрцы фехъуыс кодтон, фæлæ библиотекæйы бирæ нæ бафæстиат — раивта сидзæр сывæллæтты хæдзар «Хуры тын»-мæ æмæ дзы бирæ азтæ фæкуыста хъомылгæнæг æмæ ахуыры хайады сæргълæууæгæй.

Кæд иу горæты цардыстæм, уæддæр, зæгъæн ис, æмæ кæрæдзийы нæ уыдтам. Мæ бон æрхъуыды кæнын у æрмæстдæр дыууæ фембæлды. Фыццаг хатт куы фембæлдыстæм, уæд мæм Светæ æрхатыд, фæнды, дам, мæ, нæ хъомылгæнинæгтимæ куы базонгæ уаис, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгонæй сразы дæн йæ фæндоныл æмæ, цы бонмæ баныхас кодтам, уыцы бон ныццыдтæн «Хуры тын»-мæ.

Сидзæр сывæллæттæм кæсгæйæ, мæхи цардвæндаг мæ цæстытыл ауад. Мах дæр мæ дыууæ кæстæр хоимæ æнæ

фыд æмæ æнæ мадæй баззадыстæм. Мæ фыды раздæр уымæн ныффыстон, æмæ уымæй раздæр бавдæлон стæм. Хæсты æнæбæрæгæй куы фесæфт, уæд мæныл æхсæз азы йеддæмæ нæ цыди, хæстмæ куы ацыди, уæд та – цыппар, мæ кæстæр хотæй хистæрыл – афæдз, кæстæр та гуыбыны баззад. Мæ мад дæр мæ фыдæй бирæ фылдæр нæ фæцард. Æвирхъау хуызы куы фæмард, уæд æз ахуыр кодтон дæсæм къласы, мæ хотæ та æвдæм æмæ фæндзæм кълæсты.

Уыцы хабæрттæ Светæ афтæ бæлвырдæй нæ радзырдта, фæлæ загъта, Музафер дæр, дам, сидзæрæй баззад æмæ уæхæдæг уынут, цы лæг дзы рауад, уый. Светæйы ныхæстæ мæ ахæм æфсæрмы уавæры сæвæрдтой æмæ, мæхи цы фæкодтаин, уый нал зыдтон...

Фембæлд ахицæн. Фысымтæ – Светæимæ йе 'мкусджытæй бирæтæ æрбацыдысты – мын арфæтæ фæкодтой. Цæуынмæ куы рахъавыдтæн, уæд ма, Светæ цыдæр зæгъынмæ кæй хъавыд, уый бамбæрстон æмæ йын, хъусын дæм, зæгъгæ, загътон. Сылгоймаг ныфсæрмытæ, фæлæ уæддæр йæ зæгъинаг нæ басусæг кодта:

– Сидзæр сывæллæтты тыххæй зарæг куы ныффыссис, уæд дын æй никуы ферох кæниккам...

Ахæм курдиатæн бæлвырд дзуапп раттын тынг зын вæййы, фæлæ йын уæддæр ахъуыды кæнынæй зæрдæ бавæрдтон. Фембæлдыл цас рæстæг рацыд, уый зын сбæрæггæнæн у, фæлæ 2000 азы 19 мартъийы зарæгæн ныффыстон ныхæстæ:

Сидзæр

Сидзæр мæгуыр у, сидзæр – тæригъæд,
Хъуызгæ – йæ бацыд, хъуызгæ – йæ рацыд.
Сусæны мæй дæр фæкæны ихæн...
Сидзæрыл ауд, амон ын алцы,
Æрмæст ын кæуын амоныл нæ хъæуы, –
Сидзæрæн кæуын йæ былалгъ фæлæууы.

Кæд барæвдыдтай – уæд та ныхæстæй –
Сидзæры ацы дунейы, ацы,
Дæхицæн скодтай уæд удыбæстæ...
Сидзæрыл ауд, амон ын алцы,

Æрмæст ын кæуын амонын нæ хъæуы,
Сидзæрæн кæуын йæ былалгъ фæлæууы.

Адзалы бонмæ чи уыдзæн сидзæр,
Уый уд, мæгуырæг, цытæ фæразы!
Æнкъард – йæ райсом, æнкъард – йæ изæр...
Сидзæрыл ауд, амон ын алцы,
Æрмæст ын кæуын амонын нæ хъæуы,–
Сидзæрæн кæуын йæ былалгъ фæлæууы.

Сидзæрмæ амонд фæстагмæ худы,
Рæствæндаг кæны фидæнмæ балцы.
Кæндзæн æм алчи кæддæр тæхуды,
Ныр та йыл ауд, амон ын алцы,
Æрмæст ын кæуын амонын нæ хъæуы,–
Сидзæрæн кæуын йæ былалгъ фæлæууы.

Уыцы аз æй Гæздæнты Болатмæ радтон æмæ йын абонмæ музыкæ ныффыссын йæ къухы нæма бафтыд. Светæйы раз къæмдзæстыгæй нæ баззадтæн. Æмдзæвгæ йын телефонæй бакастæн. Загътон ын, композитормæ йæ кæй радтон, уый дæр...

Диссаг у, æвæдза, цард! Мæ зæрдæйæн адджын цы сылгоймаг уыд, йæ миниуджытæй мæм кæцыдæртæ мæ мады миниуджыты хуызæн кæмæн кастысты, уыцы Светæйы институт каст фæуыны фæстæ нымадæй цалдæр хатты йеддæмæ никуыуал федтон, стæй, бынтон æнæнхъæлæджы куыд базыдтон, афтæмæй йæ æппындæр никуыуал фендзынæн...

Уыцы райсом дæр та мæ куыст газеттæй райдыдтон. Иннæ хæттыты хуызæн та раздæр фæстаг фарсмæ ’ркастæн. Тæфæрфæстæ кæм вæййынц, уым цы мыггаг, ном æмæ фыдыноммæ фæкомкоммæ дæн, уыдон мын мæ зæрдæйы уидæгтæ нызмæлын кодтой. Хæстæджытæ хъусын кодтой, Базраты Саханджерийы чызг Светланæйы афæдзы бон кæд æмæ кæм бæрæг кæндзысты, уый. Хъусынгæнинаг цалдæр хатты бакастæн, фæлæ мæ йæ иу дзырдыл бауæндын дæр нæ фæндыд. Мæ зæрдæ ма дардтон, кæд ма, зæгъын, ахæм мыггаг, ном æмæ фыды номимæ æндæр адæймаг уыдис.

Ау, кæд æз цы Светæйы зыдтон, уый афæдзы размæ амард, уæд æй куыннæ фехъуыстон? Кæд, мыййаг, уыцы

рæстæг Ирыстоны нæ уыдтæн, уæд та мын æй уый фæстæ иу зæгъæг куыннæ фæци? Мæ уавæрæй фервæзыны тыххæй кæдæмдæрты куы адзырдтон, уæд бамбæрстон, ахæм уавæрæй фервæзæн кæйнæуал вæййы.

Æцæгæйдæр, Светæйы зæрдæ йæ кусынæй банцад афæдзы размæ, фæлæ мæ зæрдæ, цалынмæ цæрон, уæдмæ Светæйыл риссынæй никуы банцайдзæн...

Рухсаг загътон, кæй зæгъын æй хъæуы, Светæйæн йæ афæдзы бон сæ хæдзары, фæлæ йæм мæ зæрдæйы цы рæсугъд æнкъарæнтæ уыд, уыдонæн рухсаг никуы зæгъдзынæн, уымæн æмæ сын, цалынмæ цæрон, уæдмæ мæлæт нæй.

Гагкайты Дзибисы дзыхæй-иу ныхас нæма схауд, афтæмæй-иу адæймаг йæхи худынмæ 'рцæттæ кодта. Уыимæ-иу цыфæнды худæг куы дзырдтаид, уæддæр йæхæдæг æндæрхуызон никуы фæци, цыма, цы дзуры, уым худæгæй æппындæр ницы ис, йæхи-иу афтæ дардта. Адæм-иу худын куы райдыдтой, уæд-иу йæ ныхас фæурæдта, цыма-иу афтæ зæгъынмæ хъавыд, дзурын мæ бауадзут, худын фæстæдæр хъæудзæн, зæгъгæ, æмæ-иу æцæгæйдæр афтæ рауад.

Искуы «Рæстдзинад» æнæ Дзибисæй сфидаудзæн, уый мæ фыццаг рæстæджыты нæ уырныдта. Нæ мæ уырныдта, редакцийы ракомкоммæ бандоныл Дзибисы бадгæ никуыуал фендзынæн, уый дæр, фæлæ мæлæт адæймаджы цæуыл нæ баууæндын кæндзæн, ахæмæй, æвæццæгæн, зæххыл ницы ис.

Дзибисы хъæлдзæгдзинад мын бирæ азты фаг сси, стæй уыцы хъæлдзæгдзинад искуы баихсидзæн, искуы мын циндзинад нал хæсдзæн, уый дæр мæ нæ уырны. Цыппæрдæс азы бæрц кæм бакуыстон, уыцы бæстыхайы та фæстæмæ кусын куы райдыдтон, ууыл ныр дыууæ 'мæ ссæдз азы цæуы æмæ, цыппæрæм уæладзыгмæ куы схизын, уæд арæх мæхимидæг хъуыдыты ацæуын. Кусæн уæттыл мæ цæстæнгас ахæссын æмæ, чи кæцы уаты бадт, уыдон мысыныл фæвæййын.

Æппæты фыццаг мæ цæстытыл ауайы рахизæрдыгæй къуымы фыццаг уат. Уым бадтысты тæлмацгæнджытæ Мыстулаты Дзантемыр æмæ Гагкайты Дзибис. «Бадтысты»,

зæгъгæ, уый Дзантемырмæ тынгдæр хауы, уымæн æмæ Дзибис йæ кусæн уаты бирæ нæ фæстиат кодта. Телетайпæйиу æй цы 'рмæг хъуыди, уый-иу куы райста, уæд-иу машинисткæйы фарсмæ 'рбадт æмæ-иу, текстмæ каст, афтæмæй тæлмац кодта. Уыцы куыстæй-иу æй куыддæр февдæлд, афтæ-иу, дæргъæй-дæргъмæ тыргъы цы кусæн уæттæ уыд, уыдоныл зилгæ ацыд. Алкæцыйы дуар дæр-иу дзы фегом кодта, «Родриго, зæгъыс?», зæгъгæ-иу сдзырдта æмæ таиу иннæ дуар гом кæнынмæ фæци. Æрмæстдæр-иу, мæ дуар гомгæнгæйæ, фехæлдта уыцы фæтк. Мæнмæ та-иу афтæ 'рбадзырдта: «Опять стихи?»

Æмбал нæ уыд йæ кæрдзындæттондзинадæн. Уарзта æмбæлттимæ хъæлдзæг фынджы уæлхъус бадын. Фылдæр хæттыты-иу ахæм абадтыты амидингæнæг уыдис йæхæдæг.

Уыцы рæстæджы горæтæгтæ колхозтæн хорз æххуыс кодтой, уæлдайдæр тыллæг æфснайыны рæстæг. Иу хатт та нæ æнæхъæн редакцийæ арвыстой нартхор тонынмæ. Ахæм заман-иу нын, кæмæн æххуыс кодтам, уыдон дæр дзæбæх фынгтæ æрæвæрдтой, фæлæ-иу нæхæдæг дæр афтидкъухæй нæ ацыдыстæм. Сихорафон уыд, æмæ иууылдæр станмæ æмбырд кæнын райдыдтам. Сылгоймæгтæ фынг æрæвæрын æввонг уыдысты, афтæ нæ кусджытæй иу, кæйдæр хардзæй цæлуарзаг, хызынтæ æвæрд кæм уыдысты, уырдæм бацыд. Дзибис æй хъахъхъæнгæ кодта, цы – йæ уæлхъус алæууыд, ома мацæмæ бавнала. Æввонгхоры фæндонæй куы ницы рауад, уæд, хызынтæм амонгæйæ, Дзибисы фæрсы, ам та цы ис, ам та цы ис, зæгъгæ. Дзибис ын йæ цалдæр фарстæн æнæбары дзуæппытæ радта. Фæстаг хатт ма йæ куы бафарста, ам цы и, зæгъгæ, уæд йæ маст срæмыгъта æмæ йын афтæ:

– Уым та богъайы бырауæй тефтелитæ.

Лæг цыдæр ахæрæгау фæци æмæ дарддæр йæ фæрстытæ дæттын нал бауæндыд. Цалынмæ æнæхъолайы фæрстытæн Дзибис дзуæппытæ лæвæрдта, уæдмæ сыл нæ кусджытæ цалдæрæй амбырд сты æмæ, фæстаг дзуапп куы айхъуыстой, уæд худæгæй артæнхæлдтæ фесты. Фæрстытæдæттæг та йæхицæн фæсномыг бакуыста. Фæсаууонмæ йæ йæ номæй ничиуал хуыдта, «Тефтели» йыл афтæ хорз сбадт.

Ленинградаг поэт Марк Шехтермæ йæ иу æмдзæвгæйы ахæм рæнхъытæ бакастæн:

Узнай мое имя и даты,
И шляпу сними на ветру.
Я тоже при жизни когда-то
Не думал, что скоро умру.

Уый æцæг поэзи у!

Цыртытыл ахæм арф хъуыдытæ бакæсын, æмæ адæймаджы иннæрдæм ахизынц, афтæмæй сæ, чи ныффыста, уый бæрæг дæр нæ вæййы.

Ленинграды, – æз дзы куы уыдтæн, уæд ма Ленинград хуынди,– Александр Невскийы лавры иу цыртыл бакастæн ахæм рæнхъытæ:

Я тем был прежде, чем ты ныне,
Ты будешь тем, что я теперь.

Ахæм рæнхъытæ кæй къухы бынæй рацыдысты, уый æцæг поэт кæй у, ууыл дызæрдыг нæ кæнын.

Цыртыл ныффыссыны аккаг рæнхъытæ тынг зынæй райгуырынц. Хъуамæ алы хатт дæр зианджыны зæрдæйыуаг банкъарай, уый та æнцон хъуыддаг нæу. Иу хатт мæм Хæблиаты Сафар æрхатыд, мæ хъæуккаг æрыгон лæппу аварийы фæмард æмæ йын эпитафи ныффысс, зæгъгæ. Ныффыстон ахæм рæнхъытæ:

Уæхи мыл ма марут кæуынæй:
Хъысмæт мын бакодта хæрам.
Зæххыл нæ бафсæстæн цæуынæй,
Хуыссынæй бафсæддзынæн ам.

Æз æй нæ федтон, фæлæ мын Сафар загъта, ныффыстой, дам, ын æй йæ цыртыл.

Уымæй размæ дæр æмæ уымæй фæстæмæ дæр къордгай хæттыты ныффыстон ахæм цыппаррæнхъонтæ, фæлæ мын æрæджы иу хабар радзырдæуыд, æмæ мæ йыл бауæндын дæр нæ фæнды, æнæ бауæндгæ дæр ыл нæй, уымæн æмæ ахæм хабар зын æрымысæн у.

Ныртæккæ ахæм дуг скодта, æмæ зарын дæр æмæ кæуын дæр æхцайыл райдыдтой. Уæвгæ, ахæм адæмтæ ис, æмæ сын сæ мардыл чи ахъарæг кæны, уымæн мызд фидынц.

Махмæ дæр фæзынди, цыртыл ныффыссæггаг æхцатæ чи домы, ахæмтæ æмæ, дам, иу ахæм «æхцайыкуыстгæнæг» иу цыппаррæнхъонæй бакуыста дыууæ мызды, фæлæ йæ хъуыддаг нæ фæрæстмæ. Дыууæ марды дæр ныгæд æрцыдысты фæрсæй-фæрстæм æмæ, сæ цыртытыл фыстытæ иухуызон кæй сты, уый адæм куыннæ хъуамæ бафиппайдтаиккой?!

Хъуыддаг цæуыл ахицæн, уый нæ зонын, стæй ацы хабар æппындæр куы нæ фехъуыстаин, уæд мын æнцондæр уыдаид, уымæн æмæ нæ зыдтаин, адæймаг æхцайы фæдыл ингæны онг бахæццæ уыдзæн, уый.

Мæ зæрдæ ма дарын æрмæстдæр иу хъуыддагыл: кæд, зæгъын, цыртыл фыстыты автормæ исчи мæсты уыд æмæ йыл æй мысгæ æрчындæуыд. Вæййы ахæм хабæрттæ дæр...

«По тяготению адской силы эгоизма и глупого самообольщения о собственном достоинстве всякий ненавидит и преследует того, кто стоит выше его в умственном и нравственном развитии», — афтæ фыста Пфаф Вольдемар ирон адæмы тыххæй.

Ацы ныхæстæ, чи зоны, кæцыфæнды адæммæ дæр хауынц, уымæн æмæ адæймаг алы ран дæр адæймаг у. Адæймаг та цавæрфæнды адæмыхаттæй куы уа, уæддæр хæлæг йемæ кæнæ та, чи зоны, йæхицæй чысыл раздæр райгуыры. Стæй иуы хорздзинад иннæйы нæ фæнды, уæлдайдæр, дæумæ цы хорздзинæдтæ ис, уыдон иннæйы хорздзинæдтæй фылдæр куы уой, уæд, фæлæ сæ Пфаф уæддæр ирон адæмы тыххæй куы нæ загътаид, уый мæ фæнды. Иугæр сæ кæм загъта, уым та сыл хъуамæ алы ирон адæймаг дæр ахъуыды кæна...

Нæ адæмы хъысмæтыл дзургæйæ, афтæ зæгъæн нæй, Ирыстон ныртæккæйæ зындæр уавæры никуыма уыд, зæгъгæ. Уыди зындæр уавæрты дæр, фæлæ-иу, йæ размæ цы цæлхдуртæ сæвзæрд, уыдоны сæрты ахизын бафæрæзта, фæуæлахиз-иу ис цыфæнды зындзинæдтыл дæр. Зæгъæм, цалдæр æнусы размæ нæ адæмы нымæц ссæдз минмæ дæр нал хæццæ кодта. Скуынæг нæ кодтой низтæ æмæ фыдцæрдтытæ. Æппæты уæззаудæр цæф та

нын ныккодтой мангойлаг тыхгæнджытæ. Уыдон нæ ныццагътой дæсгай æмæ ссæдзгай минтæй, æнæхай нæ фæкодтой паддзахаддзинадæй, фæлæ сæ бон нæ баци не 'взаг фесафын, не 'гъдæуттæ æмæ кадджытæ баныгæнын, нæ фарн æмæ лæгдинадыл фæуæлахиз уæвын.

Чысыл адæмы нымæцæн цалдæр хатты фæфылдæргæнæн дæр ис. Хæлд горæттæ æмæ хъæуты бынаты сырæзы ног, чи зоны, рæсугъддæр æмæ аивдæр хъæутæ æмæ горæттæ. Æндæр у æвзаджы хъуыддаг. Æвзагыл дзурæг куынал уа, уæд ын æнæмæлгæ нæй. Марды та никуыма ничи райгас кодта. Ирæттæн се 'ппæтæй дæр æндæр æвзагыл дзурджытæ скæнæн ис, фæлæ уый фæстæ уыдонæй иуы дæр ирон ничиуал скæндзæн. Махæй та бирæтæ ирон мад æмæ фыдæй райгуырдысты, афтæмæй сæ мадæлон æвзагыл дзурын нæ зонынц.

Мæ ныхæстæ карз макæмæ фæкæсæнт, фæлæ, ирон уæвгæйæ иронау чи нæ дзуры, афтæмæй йæхи ирон чи хоны, уыдон сæхи дæр сайынц æмæ ирон адæмы дæр. Йæхи ирон чи хоны, афтæмæй иронау чи нæ зоны, ахæм ирæттæ Китайы ис 1 миллиард 339 милуан æмæ 724 минæй фылдæр (2011 азы сфыстмæ гæсгæ). Мах Хуыцауы уарзон адæм стæм, æндæр нын хъулон лæвæрттæ нæ ракодтаид: уый дын не 'взаг, иннæ ахæм — «Нарты кадджытæ», æмбал кæмæн нæй, нæ уыцы æгъдæуттæ, нæ таурæгътæ, зарджытæ, курдиат, хъæру, ныфс, лæгдзинад...

Цыдæриддæр хорздзинадæй ранымадтон, уыдон иууылдæр фидар баст сты æвзагимæ. Афтæмæй та йæм бирæтæ куыдфæндыйы цæстæй кæсынц. Ныртæккæ, йæхи ирон чи хоны, уыдон иууылдæр сæ мадæлон æвзагыл куы сдзуриккой, уæд нæ адæмы нымæц æртæ-цыппар хатты фæфылдæр уаид.

Диссаг цы у? Не 'взагæн нæхæдæг цы митæ кæнæм, уый йын æндæр исчи куы кæнид, уæд бæстæ нæ сæрыл сисиккам, фæлæ йæ мардæрцыд уый у, æмæ нæ мæсыг нæхи дурæй кæй хæлы. Нæхи нæхæдæг цы уавæрмæ æртардтам, уымæ кæсæм фидауцы цæстæй. Дон худгæйæ ласы, зæгъгæ, фæзæгъынц. Мах дæр кæфхъуындары дзыхмæ нæхи къахæй цæуæм, фæлæ йæ нæ хатæм, нæ райсом цы уыдзæн, ууыл ахъуыдыкæнынхъом не стæм.

Иу кæнæ цалдæр æнусы дæр историйæн чысыл рæстæг у. Раздæр, ома æнусы æмбисы размæ ма æппæт предметтæ

дæр фыццаг къласæй æвдæмтæм иронау куы ахуыр кодтам, уæд нæ æрыгон фысджыты сагъæс нæ уыди. Нæ нæ уыди, иронау фыссын æмæ дзурын чи зоны, ома æрыгон журналисттæ æмæ артистты сагъæс дæр. Ныр ралæууыд æндæр дуг. Æрыгон курдиæттæ скуынæг сты. Хъуыддаг уымæ æрцыди, æмæ, «Рæстдзинад»-мæ чи ныффысса, ахæм адæмы нымæц къаддæрæй-къаддæргæнгæ цæуы, радиойæ дыууæ ныхасы иронау чи зæгъа, ахæмтæ дæр агуринаг фесты.

Не 'взагмæ ныртæккæ цы цæстæй кæсæм, ахæм цæстæй йæм дарддæр дæр куы кæсæм, уæд, дыууæ-æртæ æнусы фæстæ цы уыдзæн, ууыл ахъуыды кæнын адæймаджы фæндгæ дæр нæ кæны. Иу æвзæр хъуыддаг ма цы у: чысыл хъæуты, уæлдайдæр хæххон хъæуты, цы скъоладзаутæ ис, уыдоны, дам, стыр хъæуты скъолатæм ласын райдайдзысты. Уый, мæнмæ гæсгæ, кæнын кæй нæ хъæуы, ахæм хъуыддаг у. Абоны онг ма нæ хæхбæсты цæргæйæ чи баззад, уыдон сты, райгуырæн бæстæйыл тæккæ æнувыддæр чи у, уыцы адæм, æмæ сæ цотæн саразын хъæуы æппæт фадæттæ дæр, цæмæй, кæм райгуырдысты, ахуыр дæр уым кæной, кæннод тæссаг у, уыцы хъæутæ дæр æдзæрæгæй куы баззайой, уымæй.

Францæгтæм ахæм ныхас ис: «Гении рождаются в провинции, а умирают в Париже».

Адæймаг зæххыл цæрынмæ райгуырд æмæ, зæхмæ цас хæстæгдæр уа, уыйас йæ курдиат æххæстдæрæй райхæлы, йæ бæстæ æмæ йæ адæмæн фылдæр хæрзты бацæуы. Нæ интеллигенцийы минæвæрттæ, зæгъæн ис, æмæ иууылдæр хъæуты райгуырдысты, уым арвыстой сæ сабийы бонтæ. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ æвзагыл, культурæйыл, аивадыл сагъæс кæнгæйæ, сæ фидæныл тыхсгæйæ, фылдæр æргом аздахын хъæуы хъæутæм, уымæн æмæ уырдыгæй цæуы курдиатæй хайджын адæмы фылдæр хай.

Кæд нæ Ирыстоны хорздзинад фæнды, нæ сомбоныл хъуыды кæнæм, уæд бахъахъхъæнæм не 'взаг, уымæн æмæ нын æнæ мадæлон æвзаг фидæн нæй.

Æнæусæй чи базæронд, мæ уыцы зонгæйы раныхас: «Мæхицæн дæс æмæ æртиссæдз азы батонын æнхъæл никуы уыдтæн, фæлæ сæ батыдтон. Ныр мыл

æртындæс æмæ æртиссæдзæм аз цæуы æмæ ма уыцы кары дæр мæ дзаумæттæ мæхæдæг æхсын, хæринаг дæр мæхæдæг кæнын. Цыбыр дзырдæй, иунæгæй цæрын. Мæ фарсмæ чи 'рбалæууа, ахæм æвваxс хæстæг мын нал баззад. Мæ хистæртæй раджы бавдæлон дæн, мæ карæнтæ æмæ, мæнмæ æвваxс кæуыл цыди, уыдон дæр мæ разæй фесты. Цы кæстæртæ æмæ сын кæстæрты кæстæртæ рахъомыл, уыдонæй та æз никæй хъæуын, стæй, раст куы зæгъон, уæд мæ уыдоны æххуыс хъæугæ дæр нæ кæны. Цалынмæ мæ къæхтыл цæуон, уæдмæ мæхимæ зилдзынæн, стæй та, Хуыцау цы зæгъа, уый уыдзæн...

Бинонты хъуыддаг бакæнын, студент ма куы уыдтæн, уæд сфæнд кодтон. Пединституты æртыккæгæм курсы ахуыр кодтон, афтæ мын нæ профком путевкæ радта. Цъæйы никуы уыдтæн, æппæлгæ та дзы тынг кодтой, æмæ уырдæм ацыдтæн. Иу хатт цалдæрæй цъитимæ балцы цыдысты, æмæ æз дæр семæ бамбал дæн. Фæндагыл адæм кæрæдзийы тагъддæр базонынц. Дыууæ чызгимæ дзы фæлымæн дæн. Уыдон ахуыр кодтой хъæууонхæдзарадон институты, æрмæст дыккаг курсы. Иу дзы бæрзонддæр уыд. Саулагъз, дæргъдзæсгом, нарæгастæу. Иннæ – бурдзалыг, цъæхцæст, ныллæджытæ, хæрзхуыз. Кæд бакастæй кæрæдзийы æнгæс ницæмæй уыдысты, уæд сæ нæмттæ, зæгъæн ис, æмæ иухуызон хъуыстысты: Эллæ æмæ Бэлæ.

Дыууæйы дæр, куыддæр æрцыдысты, афтæ базыдтон. Турбазæйы инструктортæй иу нæ иумæйаг зонгæ разынд æмæ нæ уый базонгæ кодта. Диссаг цы уыд, Эллæйы куыддæр ауыдтон, афтæ мæ зæрдæйы цыдæр рухс ферттывта. Цыма, мæ хъуыдыты цы чызджы сурæт сныв кодтон, уый мын хъысмæт мæ размæ рарвыста, афтæ мæм фæкаст. Ноджы, куы зонгæ кодтам, уæд мæм ахæм фырнымд, уæздан æмæ, сæйрагдæр, уарзон цæстæй æрбакаст, цыма афтæ зæгъынмæ хъавыд: «Мах рагæй зонгæ стæм, фæлæ дæм мæ къух, цæмæй ныл мачи фæгуырысхо уа, уый тыххæй дæттын». Цъитимæ куы цыдыстæм, уæд хæстæгдæр базонгæ стæм. Бэлæ, æвæццæгæн, мæ зæрдæйыуаг æмбæрста æмæ инструкторимæ йæхи ныхæстæгæнæг скодта.

Эллæимæ мын ныхас кæныны фадат фæци, æмæ æз уый фарстон, уый – мæн. Мæ царды хабæрттæй йын цыдæртæ куы радзырдтон – уым та мæгуырдзинад йеддæмæ ницы уыд, – уæд мын уый дæр йæхицæй ницæмæй раппæлыд.

Мад йеддæмæ, дам, мын ничи ис æмæ, дам, йæ цард иуылдæр мæнæн снывонд кодта. Афтæ мæм фæкаст, цыма мын уымæй ныфсытæ æвæрдта, æз дæр дæуæй хуыздæр уавæрты нæ хъомыл кодтон, стæй ныр дæр хуыздæр уавæры нæ дæн, зæгъгæ.

Не 'мгъуыд фæуыны агъоммæ æцæгæйдæр рагон зонгæты хуызæн уыдыстæм. Ноджы мын Бэлæ мæ зæрдæйыуаг æцæгæй бамбæрста, æмæ нын æппæт фадæттæ дæр арæзта, цæмæй Эллæимæ фылдæр рæстæг иумæ уыдаиккам. Эллæ-иу мæм афтæ зæрдиагæй хъуыста, æмæ мæ фæндыди, йæ зæрдæмæ тынгдæр цы фæцæуа, ахæм ныхæстæ кæнын, фæлæ, иуæй, арæхсгæ нæ кодтон, иннæмæй та, мæ цард Эллæйы аккаг хабæрттæй мæгуыр уыд. Уæддæр архайдтон йæ ирхæфсыныл. Суанг ма йын мæхицæй дæр раппæлыдтæн, фондз мæйы, – ахæм заман алы бон дæр ахсджиаг вæййы, – размæ, зæгъын, авд азы фæдымыны фæстæ мæ тамако ныууагътон. Куыд бамбæрстон, афтæмæй йын æхсызгон уыд уыцы хабар фехъусын.

Турбазæйы не 'мгъуыд кæронмæ фæцæйхæццæ кодта. Дыууæ боны ма нын куы баззад, уæд Эллæимæ кæрты бæлæсты бын бандоныл бадтыстæм æмæ ныхæстæ кодтам. Зæрдæйæ 'нкъардтон, Эллæйæн мæ сусæг хъуыды куы нæ зæгъон, уæд фæсмонæй мæхи кæй хæрдзынæн, уый. Разæнгард ма мæ цы кодта – мæ ныхæстæ йæ зæрдæмæ цыдысты. Мæ хъуыдытæй иуы ныхмæ дæр никуы радзырдта. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма йын мæ бæллицтæй кæцыфæнды куы зæгъон, уæддæр мæм нæ фæхæрам уыдзæн, æфхæрдмæ дзы никæцы бамбардзæн, нæ фестдзæн æмæ тæргайхуызæй нæ фæлидзæг уыдзæн. Æмæ мæ уыцы хъуыды фæсайдта...

Мæ ныхæстæн сæ тæккæ æнæвнæлддæртæм куы бахæццæ дæн, уæд ын тæрсгæ-ризгæйæ зæгъын бафæрæзтон:

– Эллæ, мæ зæрдæмæ цæуыс...

Уый мæм уарзон цæстæй æрбакаст æмæ мидбылхудгæйæ загъта:

– Æмæ уый цы диссаг у? Мæнæн мæ зæрдæмæ цал цæуы, уый зоныс?..

Мæ ныхас мын хъазынмæ кæй здахы, уый бамбæрстон:

– Æз æцæгæй зæгъын.

– Æз дæр...

— Уæдæ-ма дзы иуы зæгъ?

— Бэлæ...

— Ды, куыд рæсугъд, хæларзæрдæ, æгъдауджын чызг, афтæ цæуыс мæ зæрдæмæ.

— Лæппуйæн æгъдауджын чызджытæ се 'ппæт дæр йæ зæрдæмæ фæцæуынц...

— Ды тынг цæуыс мæ зæрдæмæ...

— Ахæмтæ дæр иу æмæ дыууæ нæ вæййы.

Цыбыр дзырдæй, нæ мæ ныууагъта, цалынмæ йын, «уарзын дæ», зæгъгæ, загътон, уæдмæ.

Уыцы ныхæстæ куыддæр фехъуыста, афтæ фестад æмæ турбазæйы агъуыстмæ тæхæгау акодта...

Æхсæв-бонмæ нæ бафынæй дæн. Мæхимæ хæцыдтæн, сайд мыл кæй æрцыд, уый тыххæй. Цæмæн кастæн йæ коммæ? Цæмæн ын бакуымдтон уыцы ныхæстæ зæгъын? Хуыздæр бон æмæ рæстæгмæ сæ цæуыннæ фæцауæрстон? Æмæ цы нæ хуызы æфхæрдтон мæхи?

Дыккаг бон уыди нæ фæстаг бон. Фæссихор хъуамæ автобусы горæтмæ ацыдаиккам. Мæхи цы фæкодтаин, уый нæ зыдтон, æмæ, шахмæттæй кæм хъазыдысты, уырдæм мæхи байстон. Уыцы рæстæг хъазт фæци; чи фембылд, уый фестад æмæ мæм дзуры:

— Ахъаз, мæн цæуын хъæуы...

Æрбадтæн. Мæ ныхмæлæууæг бапъерозты къопп систа æмæ мæм æй дары. Систон дзы иу, æмæ, афæдзы 'рдæгмæ 'ввахс йæ тæф кæмæн нал банкъардтон, уыцы фæздæгæй мæ дзых айдзаг. Ууыл бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ дын мын чидæр ме 'рдæгдымд тамако мæ къухæй куы аскъæфæгау кæнид. Фæкастæн, æмæ Эллæ, тамако йæ къахы бын ауучерста æмæ нæзыты æхсæнты дæлæмæ тагъд-гомау фæуайы...

Никуы мæ ферох уыдзæн уыцы ныв. Адзалы бон дæр æй æхсызгонæн мысдзынæн. Мæ къухæй мын æнæфæр-сгæйæ мæ бапъероз барджын ист куы акодта, уæд мæм афтæ фæкаст, цыма мын, уарзын дæ, зæгъгæ, загъта...

Иннæ хабæрттæ куыд рауадысты, уыдон дын нал дзу-рын, уымæн æмæ дзы хорзæй ницы ис. Уæвгæ дын сæ хæрзцыбырæй зæгъдзынæн.

Эллæ чысыл фæстæдæр æваст æрбарынчын. Йæ низ ахæм æгъатыр разынд, æмæ цалдæр мæйы фаг йеддæмæ нал сси...

Уыцы мастæй мæ зæрдæ афтæ байдзаг, æмæ дзы æндæрæн бынат нал разынд. Мæ царды кæрон цæмæ ’рцыд, уый та дæхæдæг уынис...»

Мин фараст сæдæ фæндзай æхсæзæм азы æртындæсæм майы боны æртæ сахатмæ ’ввахс Переделкинойы йæ дачæйы дамбацайæ йæхи фехста стыр советон фыссæг Фадеев Александр. Уый размæ бон Фадеев йæ мæскуыйаг фатеры дзæвгар рæстæг фæныхас кодта фысджытæ Маршак Самуил æмæ Погодин Николаимæ. Изæрæй Фадеев йæ 11-аздзыд фыртимæ ацыд Переделкиномæ йæ дачæмæ. Уыцы ран уыди йæ царды фæстаг уысмы онг. Фыссæджы секретарь Книпович куыд радзырдта, афтæмæй, Фадеев Маршакимæ куы ныхас кодта, уый фæстæ йæ бон æрсабыр уæвын нæ ўыд. Хуыссæг æй нал ахста. Цы нæ хос нызта, уæддæр ын ницы ’ххуыс кодтой. Лæггадгæнæг Латышева куыд фехъусын кодта, афтæмæй йæм Фадеев 13 майы райсомæй цæлгæнæнмæ бакаст, фæлæ аходæн хæрын нæ бакуымдта. Уыдис тынг тыхстхуыз. Боны æртæ сахатмæ ’ввахс æм йæ кусæн уатмæ йæ лæппу Мишæ бацыд æмæ йæ фыды сынтæгыл мардæй баййæфта. Йæ фарсмæ уыд дамбаца. Уым уыдис, СЦКП-йы ЦК-мæ цы писмо ныффыста, уый дæр.

Йæ цардæй цæмæн хицæн кæны, уый ныффыста цыбырæй. Комкоммæ загъта, кæмæн цы ’мбæлди, уый.

Йæ писмо фæци ахæм ныхæстæй: «Курын, æмæ мæ банывгæнут мæ мады фарсмæ».

...Тæхуды кæнын, йæ мæлæты размæ ахæм ныхæстæ ныффыссын йæ бон кæмæн у...

Ахæм ныхæстæ ныффыссын та йæ бон у, йæ мады ингæны фарсмæ бынат кæмæн ис, уымæн.

Мин фараст сæдæ нæуæдз æртыккæгæм азы дыууын фыццæгæм февралы мæ фыссæн чиныджы фыстон: «Абон иу зарæг фехъуыстон æмæ дзы ахæм рæнхъытæ бахъуыды кодтон:

Потому что – рано или поздно –
Пепел остается от костра.

Цæмæдæр гæсгæ мæ цæстытыл дæ сурæт ауад. Ды дæр, чи зоны, иу уысм ссыгъдтæ – уæвгæ, кæд уыцы уысм уæвгæ дæр нæ уыди, уæддæр цы бæрæг и! – æмæ цыбыр рæстæджы фæстæ дæ арт фæнык фестад. Уæлдæр цы рæнхъыты кой кодтон, уыдоны хъуыды мæхинымæр иронмæ тæлмац дæр ракодтон:

Ахæм зарæг фехъуыстон кæддæр:
«Уарзт фæуыдзæн, бауырнæд дæу дæр,
Уымæн æмæ – раджы уа æрæджы –
Арты фæстæ баззайы фæнык».

Стъалытæ арвыл фæзынынц, талынг куы вæййы, уæд. Ис ахæм адæм, æмæ дæ цуры февзæрдзæн дæ зын сахат. Æнæуи та дæм хæстæг не ’рбацæудзæн. Стæй та дæ фарсмæ ’рбалæудзæн, йе ’ххуыс дæ куы бахъæуа, уæд...

Бонтæ згъорынц, сæ размæцыдæн бауромæн нæй. Дунейы рухс чи федта, уымæн йæ карыл æфтауынц. Алы уысм дæр æй дарддæр кæны йæ райгуырæн бонæй. Йæ райгуырæн бонæй йæ дарддæр кæны, йæ мæлæтмæ – хæстæгдæр. Уый ахæм хуымæтæг æцæгдзинад у, æмæ йыл дзурын дæр нæ хъæуы. Иннæтæн нæ зонын, фæлæ мæныл цас фылдæр азтæ цæуы, уыйас царды равзæрд æмæ нысаныл арæхдæр хъуыды кæнын райдыдтон.

Ацы дуне сфæлдисæг чи уыди? Адæймаджы цыдæриддæр хъæуы, уыцы фадæттæ йын чи сарæзта? Бон æмæ æхсæв кæрæдзийы ивыныл куыд никуы фæстиат кæнынц? Хур уыцы иу афон куыд скæсы æмæ аныгуылы? Зæгъæм, иу бон дуне æппындæр куы нæ ныррухс кæнид, уæд адæм нæ сæрра уаиккой? Кæнæ зæхх йæхимæ куынæуал æлвасид, уæд дунейæ цы рауаид, уый сæрызонд ахсгæ дæр нæ кæны.

Сæрызонд... Уый дунейы диссæгтæн сæ диссагдæртæй иу у. Компьютер æмæ интернеттыл дис кæнæм, фæлæ уыдон иууылдæр сæрызонд æрхъуыды кодта.

Райсæм хуымæтæджы дзыппыдаргæ телефон. «Хуымæтæг» æй хуымæтæджы не схуыдтон. Кæй хъæуы, уыдонæй кæй дзыппы нæй, ахæм, иу мæ хуызæн фæстæзад йеддæмæ, нал баззад, æмæ мæм – стæй, чи зоны, канд мæнмæ нæ –

хуымætæг уымæн кæсын райдыдта, æндæр цæй хуымætæг у?!

Цалдæр нымæцы æрыздух, æмæ, адæймаг дунейы кæцыранфæнды куы уа, уæддæр дын дзуапп ратдзæн. Фæлæ уыцы диссагыл дисгæнæг нал ис, уымæн æмæ, æрвылбон цы диссагыл æмбæлай, уый фæстагмæ диссаг нал вæййы. Куы зæгъын, дунейы кæцыфæнды кæронмæ дæр адзур æмæ дæ, кæимæ фæнды, уый хъæлæс фехъусдзынæ. Гъе æмæ уыцы диссаг дæр адæймаджы зонд æрхъуыды кодта. Фæлæ, цымæ, адæймагæн йæхи дæр æмæ йæ зонд дæр чи радта? Стæй йæ, зæгъæм, куы базоникам, уæд, уымæн йæхи чи радта, уый базонынмæ нæ тырникам?..

Цæвиттон, уыцы фарстытæн нымæц куыд нæй, афтæ сын нæй дзуæппытæ дæр. Дунейы цы диссæгтæ ис, уыдонæй мæн æппæты тынгдæр дисы æфтауы адæймаджы зонд. Куыд бирæ сусæгдзинæдтæ æмбæхст ис йæ алы къуымы дæр! Куы дæ бафæнда, уæд дæ дæ цардвæндæгтæй кæцыйы нæ февзæрын кæндзæн, ахæм нæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, нывгондæй дзы чи баззад, царды уыцы фæндæгтæй. Уым æнусмæ фыстæй лæууынц бирæ цаутæ æмæ нывтæ, хъыгтæ æмæ цинтæ, дæсгай æмæ мингай адæймæгты сурæттæ æмæ фæлгонцтæ сæ æнæферохгæнгæ ныхæстæ æмæ миниуджытимæ. Зонды фæрцы адæймагæн йæ бон афæлгæсын у йæ ивгъуыд бонтыл, кæй зыдта æмæ йæ чи зыдта, уыдонимæ ногæй фембæлын...

Уататы Бибоимæ-иу куы фембæлдыстæм, уæд-иу нæ дыууæйæн дæр æхсызгон уыд. Фынджы уæлхъус бадгæ дæр нын-иу æрцыди. Цæхх æмæ кæрдзынæн та хæлар ахастдзинæдтæ райрæзын кæнынæн чысыл ахадындзинад нæй. Иуахæмы та цыдæр хъуыддаджы фæдыл йæ куыстмæ бацыдтæн. Йæ дуарыл уыдис фыст «министр». Бибо уæд уыд нæ республикæйы культурæйы министр. Ноджы, уымæй размæ уыцы къæлæтджыны чи бадти, уыдонæн се 'ппæты хуыздæртæй уыд, фæлæ дзы, стыр хъыгагæн, бирæ нæ бафæстиат. О, æмæ уыцы фыст куы бакастæн, уæд æваст мæ сæры февзæрд æнахуыр хъуыды, æмæ йæ Бибойæн дæр загътон:

– Дæ дуарыл цы фыст ис, уый мæ дызæрдыджы бафтыдта.

– Цавæр фыст?

– «Министр» фыст нæй дæ дуарыл?

– О.

– Æмæ уыцы ныхас кæцырдæм æмбаргæ у?

– Иуæрдæм, æндæр кæцырдæм?

– Æз та йæ уæдæ дыууæрдæм æмбарын. Йæ фыццаг æмбис «мини» англисагау амоны чысыл, йæ дыккаг æмбис «стр» та, иронау цы амоны, уый дын мæн амонын нæ хъæуы. Гъемæ-ма мын зæгъ, ды гыццыл дæ æви стыр?

Бибо йæ хъæлæсыдзаг ныххудт æмæ афтæ:

– Уæллæй, дæу йеддæмæ мæ афтæ никуыма ничи бафарста...

Цард дыууæ боны йеддæмæ нæу, зæгъгæ, чи загъта, уый, æвæццæгæн, нæ рæдыди. Знон райгуырдтæн, райсом мæ баныгæндзысты.

Райгуырæн бон æмæ мæлæн бон иуыл нымад сты, мæнæ, командировкæйы уæвгæйæ, уырыссагау куыд фæзæгъынц, – «день приезда, день отъезда – один день», зæгъгæ, афтæ.

Ирон фынг скъола у, зæгъгæ, дзæгъæлы нæ дзырдтой. Нæ фыдæлты хорз æгъдæуттæй бирæтыл сахуыргæнæн уыди, бадты адæмы ныхæстæм хъусгæйæ. Уым æрмæст минас нæ кодтой, фæлæ мысыдысты ивгъуыд бонты куырыхон лæгты зонды ныхæстæ æмæ таурæгътæ. Фæсивæды зонгæ кодтой, райгуырæн бæстæйы раз чи фесгуыхт æмæ йæ хъæбатырдзинадæй йæхицæн æнусмæйы кад чи скодта, уыцы сахъгуырдты тохы хабæрттимæ. Рæзгæ фæлтæры хъомыл кодтой хистæрæн æгъдау дæттыныл, алы хъуыддаджы дæр фæзминаг уæвыныл...

Ныр рæстæджытæ аивтой. Ивгæ цæуы адæмы зондахаст дæр. Хъыгагæн, хуыздæрырдæм нæ. Хъазгæйæ дæр хъуамæ дæ кæстæрæн афтæ ма зæгъай: «Баназ, æмæ дæ сæры исты бацæуа!» Ахæм зæгъджытæ та фæвæййы.

Раздæр, дæле уæлæмæ ма дзур, зæгъгæ, дзырдтой, ныр кæстæрты æхсæн ахæм ныхас дæр фæзынди: «Уæле дæлæмæ, ма дзур!» Уый нырма хъазгæмхасæнты, хистæртæ йæ куыннæ фехъусой, афтæмæй. Фæлæ, Алисолтаны загъдау,

цы ’рцæуы, уый хъазгæйæ ’рцæуы. Хуыцау нæ, хъазгæйæ цы ’рцæуы, уыдæттæ фенынæй бахизæд!

Иу-авд азы размæ мæм Хъæбæлоты Билар телефонæй æрбадзырдта.

– Музафер?

– Æз дæн, Билар Емæдзайы фырт.

– Цæмæй мæ базыдтай? – ныддис кодта Билар.

– Дæ хъæлæс æнцон базонæн у.

– Расул Гамзатовы юбилей кæд бæрæг кæнынц?

Уыцы фæззæг Дагестаны адæмон поэт Расул Гамзатовыл æххæст кодта цыппарыссæдз азы æмæ йын йе ’мдзæвгæты æмбырдгонд ирон æвзагмæ тæлмацгондæй мыхуырмæ цæттæ кодта чингуыты рауагъдад «Ир». Æз дæр дзы цалдæр æмдзæвгæйы ратæлмац кодтон, хабæрттимæ зонгæ уыдтæн æмæ Биларæн дзуапп раттыныл нæ батыхстæн:

– Махачкалайы – 8 сентябры, Мæскуыйы – 19-мы.

– Мæ зæрды йæм тел раттын ис æмæ дæм уый тыххæй дзурын.

Билар мын, Гамзатовимæ куыд хæларæй цард, уый тыххæй радзырдта цалдæр хабары. Сæ иу баст уыди, Хъæбæлойы-фыртæн лæппу куы райгуырд, уыцы цауимæ. Куы, дам, æй базыдта, уæд мæм æрбарвыста ахæм тел: «Арфæ дын кæнын, мæ чызджытæн æфсымæр кæй райгуырд, уый тыххæй!»

Расулæн чызджытæ (æртæ) йеддæмæ лæппу нæ уыд, æмæ йын Билары циндзинад æхсызгон кæй уыд, уый равдыста зæрдæмæхъаргæ ныхæстæй.

Билары коймæ мæ зæрдыл æндæр хабар æрлæууыд. Уæ фарн бирæ уæд, фæлæ мæ бинойнаджы мад Зинæ рынчындонмæ бахауд. Хуыссыд Æнæниздзинад хъахъхъæныны министрады рынчындоны. Бæрæггæнæг æм куы бацыдтæн, уæд дзы баййæфтон Билары дæр. Уый дæр уым хуыссыд. Ахæм заман куыд вæййы, афтæ йæ йе ’нæниздзинадæй куы афæрстытæ кодтон, уæд уый дæр ме ’рбацыды сæр базонын бафæндыд, æмæ йын хабæрттæ радзырдтон.

Ууыл иуцалдæр азы рацыд, афтæ Билары райгуырдыл сæххæст 90 азы æмæ мæ ресторан «Владикавказ»-мæ йæ

юбилеймæ ’рбахуыдта. Куы мæ ауыдта, уæд мæ, арфæйы ныхас зæгъын дæр нæ бауагъта, афтæмæй афарста:

— Дæ бинойнаджы мад æгас у?

Æгас у, зæгъгæ, йын куы загътон, уæд мæ йæ хъæбысы ныккодта…

Ныр дыууæйæ дæр се ’нусон фæндагыл ацыдысты æмæ, цы мæрдты сты, уыцы мæрдты хорзæх сæ уæд. Цардаудæн кæнæнт, сæ фæстæ кæй ныууагътой, уыдоныл.

Толстой æмæ Чехов æмдугонтæ уыдысты, фæлæ дзы иу иннæмæй бирæ хистæр уыд. Иу иннæмæй дыууадæс æмæ ссæдз азы фæстæдæр куы райгуыра, уæд бирæ кæстæр у, уæдæ цы у! Æрмæст уый сæ хæлардзинады ницы хъыгдардта. Дыууæйæ дæр бæрзонд хæхтæ уыдысты æмæ кæрæдзимæ хорз зындысты. Стæй канд зынгæ нæ кодтой, фæлæ зыдтой, уырыссаг литературæйы цы бынат ахсынц æмæ сæм цы фидæн æнхъæлмæ кæсы, уый дæр. Толстой стыр аргъ кодта Чеховæн, йæ зæрдæйы йын хъæрм бынат кæй уыд, уый хорз æмбæрста Антон дæр. Ноджы стырдæр аргъ кодта йæ хистæр æмсисæн Чехов.

Иу заман Толстой фæрынчын. Хабар Чеховмæ куы байхъуыст, уæд катайы бацыд. Зæгъæн ис, йæхицæн бынат нал ардта. Мæнæ куыд фыста Меньшиков Михаилмæ: «Толстой куы амæла, уымæй тынг тæрсын. Куы амæла, уæд мæ царды стыр бынат афтидæй баззайдзæн. Фыццаджыдæр, æз иу адæймаджы дæр уыйбæрц никуы уарзтон. Æз æууæндæг нæ дæн, фæлæ уый цæуыл æууæнды, уый мæ зæрдæмæ æппæты хæстæгдæр у. Дыккаджы та мæ зæрды уый зæгъын ис: литературæйы Толстой куы уа, уæд литератор уæвын æнцон у, адæймагæн æхсызгондзинад хæссы, æппындæр куы ницы саразай æмæ аразай, уæд дæр, уымæн æмæ Толстой кусы алкæй бæсты дæр».

Зæрдæбындæр ныхæстæ зæгъæн нæй. Æцæгæйдæр, Толстойы хуызæн фыссæг де ’мдугон куы уа, уæд йæ фарнæй дæхи æнæмæнг хайджын хондзынæ. Дæ фæллæйттæй дын æппæлгæ куы нæ ракæна, уæддæр дæхи амондджыныл нымайдзынæ, фæлмæн ныхас дзы куы фехъусай, уарзон цæстæй дæм куы ракæса, уæд дæр.

Ацы хъуыдытæ фысгæйæ, сагъæс кæнын ирон литературæйы уавæрыл. Нæ хистæртæй, зæгъæн ис, æмæ ничиу-

ал баззад. Цыма æмхуызонæй дæр иу бон фæтар сты, афтæ сидзæрæй аззадыстæм. Мæ фæлтæры минæвærттæ зонгæ дæр нæ бакодтой, хистæрты бынаты куыд февзæрдысты, уый. Дæс æмæ ныл æртиссæдзгай азтæй фылдæр рацыд, уæддæр ма нæхимæ æрыгæттæ кæсæм. Чи зоны, нæ фæстæ мах фæлтæры хуызæн æнгом цæуджытæ кæй нæй, уый тыххæй. Дæбе æмæ Грис кæмæн нал и, Геор æмæ Тотырбегæй чи бавдæлон, Алыксандыр æмæ Сæрæби кæй рæнхъытæй фæхъуыдысты, уый царды афтид бынæттæ куыннæ хъуамæ фæзына?! Мæлгæ иууылдæр акæндзыстæм. Æнусон æнус йæхæдæг куы нæ у, уæд, чи райгуырд, уымæн æнæмæлгæ цы хос и! Ныхас фæлтæртыл цæуы. Иу дзы иннæйы куы нæ ива, уæд сын тæссаг у фесæфынæй.

Сæфты къахыл лæуд у ирон литературæ. Ирон æвзагыл дзурджытæ къаддæрæй-къаддæр˙ кæнынц. Ноджы къаддæргæнгæ цæуы, иронау чи кæсы, уыдоны нымæц. Иронау чи нæ дзуры, иронау чи нæ кæсы æмæ иронау чи нæ фыссы, уыдон кæрæдзиуыл баст сты. Кæрæдзийы къухтыл фидар хæцгæйæ, сæрсæфæнмæ куыд цæуынц, уый уынæм æмæ йæм фидауцы цæстæй кæсæм. Дон худгæйæ куыд ласы, афтæ мах дæр «хъазгæ ’мæ худгæйæ» не сæфты фæндагыл фæцæуæм.

Æппæты диссагдæр уый у, æмæ ирæттæ иронау кæй нæ зонынц, уый сæм худинаг нæ кæсы. Афтæмæй уый худинагæй худинагдæр у. Зæгъæм, мингай ирæттæ иронау куыд нæ зонынц, кæнæ та куыд æвзæр зонынц, афтæ уырыссагау куы нæ зониккой, кæнæ та афтæ æвзæр куы зониккой, уæд сын сæ худинаг Терк нæ, фæлæ Миссисипи дæр нæ аласид, фæлæ, куы зæгъын, худинаг нæм худинаг нал кæсы, уый та кæроны райдайæн у, кæд йæ астæу нæу, уæддæр…

Америкаг ахуыргæндтæ К. Скотт Литлтон æмæ Линда А. Малкоры чиныг «От Скифии до Камелота» мыхуыры рауагъта, чиныгуадзыны хъуыддаджы йæхи хъæппæрисджынæй чи равдыста, Гуытъиаты уыцы Ауызби уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй. Йæ рауадзыныл чи бацархайдта, уыдоны раздзæуджытæй иу уыд хæххон-хъæууонхæдзарадон институты (абоны университеты) раздæры

ректор, ныр та йæ президент Басаты Барис, йе 'рвадæлтæ Вячеслав æмæ Алыксандыры фырт Барисимæ. Гъе æмæ уыцы чиныгæн Дзæуджыхъæуы уыди презентаци. Æмбырды фæстæ хъæууонхæдзарадон университеты фембæлдыстæм фынджы уæлхъус. Æрхатыдысты мæм, æмæ мæ хистæрæн бадын бахъуыд. Мæ рахизфарс бадт Хуссар Ирыстоны фыццаг президент Цыбырты Людвиг, мæ галиуфарс, æртыккаг хистæрæн та – Басаты Барис.

Иуцалдæр рæгъы куы фæкодтам, уæд хистæрмæ, куыд æмбæлы, афтæ нал хъуыстой æмæ сæм, мæ хъæлæс фæбæрзонддæргæнгæйæ, дзурын:

– Ирыстоны, æвæццæгæн, ахæм хистæр никуыма уыд, йæ рахизфарс раздæры президент кæмæн бадт, йæ галиуфарс та – ныртæккæйы президент æмæ, цы дзуры, уымæ хъуамæ хъусат.

Уыцы ныхæсты фæстæ иууылдæр фæсабыр сты, æмæ æз дæр дыккаг хистæрæн ныхасы бар радтон.

Уæрæсейы дæр, иннæ бæстæты хуызæн, бæрæг у, рæстæмбис нымадæй нæлгоймæгтæ дæр æмæ сылгоймæгтæ дæр цас цæрынц, уый. Нæлгоймæгтæ махмæ цæрынц 58 азы (1995 азы бæрæггæнæнтæ). Сылгоймæгтæн дæр уымæй бирæ фылдæр цæрæнбон нæй. Зæгъæм, Японы, Финляндийы, Швецийы æмæ æндæр бæстæты махæй дзæвгар фылдæр цæрынц, фæлæ уыцы бæрæггæнæнтæ кæрæдзиуыл барын нæ хъæуы, уымæн, æмæ уæлдæр ранымад паддзахæдты адæм мах уавæрты куы бахауиккой, уæд дзы цыма махуæтты бæрц ничи фæцæрид, афтæ мæм кæсы.

Измаил æмæ Тауызбег институты иу рæстæджы ахуыр кодтой. Иу хъæуккæгтæ уыдысты, иу æмдзæрæны цардысты æмæ-иу кæрæдзийы арæх абæрæг кодтой. Иу хатт Измаил Каспийы денджызы был улæфыд æмæ уырдыгæй хус кæсæгтæ 'рбаласта. Йе 'мбæлттыл сæ уаргæ рацыд. Тауызбегæн дæр дзы йæ хай бахаста, фæлæ йæ бынаты нæ баййæфта æмæ йын сæ стъолы лагъзы нывæрдта. Тауызбегæн йæ дыууæ æмбалы æмдзæрæнмæ раздæр æрбацыдысты æмæ кæсæгты сæ тæфæй базыдтой, цы: алы

ран джигул кæнынмæ фесты. Кæй зæгъын æй хъæуы, стъолы лагъз дæр асгæрстой, æмæ дын æххормаг студенттæн ахæм минас авæрай...

Тауызбег куы фæзынд, уæд Измаилыл тыргъы фембæлд æмæ иумæ уатмæ бацыдысты. Измаил стъолы лагъз асгæрста, фæлæ ма дзы цы хъуамæ райстаид...

— Кæсæгтæ цы фесты? — фæрсы лæппуты.

Уыдон сæхи ницызонæг скодтой.

— Ам Тауызбегæн кæсæгтæ нывæрдтон æмæ цы фесты? — дыккаг хатт сæ бафарста Измаил.

— Мах ницы федтам, — дзуапп радта лæппутæй иу.

— Цал уыдысты? — бафарста дыккаг.

— Дыууæ.

— Уæдæ, æвæццæгæн, кæрæдзийы бахордтой...

Пушкин æмæ мæм Къоста кæрæдзийы хуызæн тынг кæсынц: иу дæр дзы нæ рæдыди. Сæ хъуыдытæ, сæ фыстытæй къухбакæнæн иумæ дæр нæй...

Къоста фыста:

Нæ фыдæлты руаджы
Нæ бабын ис Ром...

Къоста кæд æмæ кæд загъта, Ром фыссын кæй хъæуы, уый. Мах та ма йæ абон дæр Рим фыссæм, афтæмæй растдæр та у, Къоста йæ куыд ныффыста, афтæ: Ром, уымæн æмæ латинагау дæр Ром у.

Зындгонд куыд у, афтæмæй таурæгъмæ гæсгæ Римы (латинагау Рома) бындурæвæрæг Ромулы (латинагау Ромулис) æфсымæр Ром уыдис.

Ахæм фысджытæ ис, æмæ никæуыл æрвæссынц. Уæвгæ, уый бынтон раст нæу: æрвæссынц æрмæстдæр... сæхиуыл. Иуæй-иу пысылмæттæй уæлдай не сты: сæхæдæг цы нæ аргæвдой, уый хæдмæл хонынц. Ома сæхæдæг цы нæ ныффыссой, уый сæм генион нæ кæсы, афтæмæй та «генитæ» мах руаджы систы: мах сын куы нæ уаиккам, уæд сæм сæ фыстытæ кæй фысты цур кæсиккой, æмбал кæмæн нæй, ахæмтæ?

Даль Владимиры чиныджы ахæм æмбисонд бакастæн: «Мах тъæпæн хъæуы дæр æлдæрттæн лæггад кæндзыстæм; уыдон цуайнæгты фыцдзысты, мах та агты бын арт æндзардзыстæм».

Æз хъæздыджытæй ам лæггад кæнынæй никæмæн зæрдæ 'вæрын. Тъæпæн' хъæуы æндæр хъуыддаг у. Уæвгæ, уым дæр ахæм ми бакæнын мæ сæрмæ не 'рхæссин. Фæлæ дзы чи 'рхæссид, ахæмтæ, æвæццæгæн, разынид.

Нæ фыдæлтæ дам-иу афтæ дæр куывтой:
– О Хуыцау, уæдæ нæ саузымæй дæр бахиз!

Æнæмит зымæг, дам-иу куы скодта, уæд-иу адæм арæхдæр рынчын кодтой, фосыл та-иу рын сыстади.

Фараст азы размæ Къостайы гуырæн бон йæ уæлмæрды уæлхъус ныхасы бар мæнæн дæр радтой. Бакастæн ме 'мдзæвгæ «Къостайы мидныхас». Уыдис дзы ахæм рæнхъытæ дæр:

Кæй хонæм нæ горæты сæр,
Уый хъæуæн нæ бæззы къæдзилæн!

Мæ фарсмæ лæууыдысты Мамсыраты Таймураз æмæ горæты сæр. Куыддæр уыцы ныхæстæ загътон, афтæ Таймураз горæты сæрмæ дзуры, уый, дам, дæ кой кæны.

Æз, раст зæгъын хъæуы, мæ ныхæстæ, мæ фарсмæ чи лæууыд, уыдонæй исчи йæхимæ бамбардзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн æмæ, æмдзæвгæ каст куы фæдæн, уæд горæты сæрæн загътон, ацы æмдзæвгæ, зæгъын, фынддæс азы размæ ныффыстон, ды горæты сæр куы сдæ, уымæй дыууадæс азы раздæр, фæлæ йæ цыма нæ бауырныдта, афтæ мæм фæкаст.

Æргом дзургæйæ, кæй йæ нæ бауырныдта, уый мын æхсызгон уыд. Зынгджын стъæлфаг раджы дæр уыди æмæ, æвæццæгæн, мах рæстæджы дæр у, стæй ма нæм фыдæлтæй æндæр æмбисонд дæр æрхæеццæ: «Къæрныхы сæрыл – зынг».

Адæмон поэты ном мын куы радтой, уæд, дам, ме «'рдхæрдтæй» иу балкъонæй (залы, дам, уыйбæрц адæм уыд, æмæ рагацау чи не 'рбацыд, уыдонæй бирæты фæстæмæ здæхын бахъуыд, кæмæ та дзы ме 'рдхорды хуызæн балкъоны йеддæмæ бынат нал æрхаудта) афтæ хъæр кодта:

– Адæм цавæр сты, адæмонтæ дæр – ахæм!

Йæ ныхæстæ куыд æмбаргæ сты, уый дзæбæх нæ рахатыдтон: кæнæ адæмы бафхæрынмæ хъавыд, кæнæ мæн скадджын кæнын уыд йæ зæрды.

Нæ иумæйаг зонгæ æнафоны не 'хсæнæй фæхъуыд, æмæ йын дыууиссæдзæм бон кодтой. Мæ зонгæйыл æнæнхъæлæджы амбæлдтæн æмæ йæ фæрсын:

– Дыууиссæдзæм бонмæ нæ цæуыс?

– Æз ныртæккæ нуазгæ нæ кæнын...

Адæймаг куы ницы хъуаг уа, уæд цыма йæхицæй нæ раппæлдзæн, афтæ мæм кæсы. Æмæ, æцæгæйдæр, алцæмæй æххæст куы уай – алцæмæй æххæст ничи у, фæлæ уæддæр – уæд дæ дæхи стауыны сæр никуы бахъæудзæн. Фæлæ дын цыдæр куы нæ фаг кæна, уæд архайыс, цæмæй йæ ныхæстæй уæддæр баххæст кæнай æмæ дзурыс, цы нæ дæ, уыдæттæ.

Кæддæр, дам, иу лæппу йæхицæй æппæлыди, æз, дам, зондджын дæн, уымæн æмæ ныхас кодтон бирæ философтимæ. Уыцы ныхæстæм Эпиктет дæр хъуыста æмæ йын афтæ: «Мæнæн бирæ хъæздыг зонгæтæ ис, фæлæ уæддæр æз хъæздыг нæ дæн».

Æмæ, дам, зондджын ныхас зæгъынæн æдылы не 'ххуыс кæны!..

Ме 'рдхæрдтæ мæ цæстыл куы ауайынц, уæд, се 'хсæн ирддæрæй чи разыны, уыдоны фыццæгтимæ вæййынц Икъаты Виктор, Реуазты Левæ æмæ Беккуызарты Габола.

Райдайæн скъолайы ахуыр кæнгæйæ, Викторимæ иу партæйыл бадтыстæм. Уыцы кары нæ æрæййæфтой хæсты фæстæйы бæгънæг æмæ æххормаг азтæ, кæрдзын

бахæрынмæ куы нæ уыд, дзаума – скæнынмæ, уыцы гæвзыкк рæстæг.

Викторæн йæ фыд Цæрай куыройгæс уыд. Стæй хуымæтæджы куыройгæс нæ, фæлæ, мæгуыры тыхст уавæр кæмæ хъардта, ахæм адæймаг.

Иннæтæн нæ зонын, фæлæ махæй куыройы мызд никуы баурæдта. Адæм сыдæй куы рæсыдысты, уыцы рæстæг ахæм уæздандзинад кæмæ уыд, уый ном, мæнмæ гæсгæ, стыр дамгъæтæй фыссыны аккаг у. Æмæ уыцы Цæрайы фырт канд ме 'мкъласон нæ уыд, фæлæ уыд ме 'рдхорд дæр. Иу хатт нæ махæй дыууæ азы хистæр дæлæсыхаг лæппу æнаххосæй бафхæрдта. Мах бавдæлдыстæм æмæ йын дыууæйæ сау над фæкодтам. Раст зæгъын хъæуы, мæнæй уый фæстæ, æз иунæг уыдтæн, афтæмæй, йæ маст райста, фæлæ йын Викторимæ цы над фæкодтам, уый фæстæ мæм йæ цæфтæ афтæ тынг нал бахъардтой...

Викторæн уыди дынджыр хъоппæг цæстытæ, фæлæ сæ уынгæ æвзæр кодта æмæ йын-иу, фæйнæгыл цы фыстытæ уыд, уыдон йæ хъусы дзурын хъуыд. Абоны хуызæн ма мæ цæстыл уайы, чернилайæ-иу йæ къухтæ куыд схъулæттæ сты, уый. Хуыздæр уавæры нæ уыдысты йæ тетрæдтæ дæр. Уыдон иууылдæр уыдысты, цæстæй хорз кæй нæ уыдта, уый аххос.

Викторимæ фæхицæн уыдаиккам, æвæццæгæн, цыппæрæм къласы. Мæнмæ гæсгæ, йæ ахуыр уæд ныууагъта, фæлæ, иумæ цы рæстæг уыдыстæм, уый мæ никуы ферох уыдзæн. Мæ цæстыл уайдзæн, йæ дзыппы-иу цы урс-урсид ссадæй конд нартхоры кæрдзыны æрдæг æрхаста, уый. Дзыппы нытътъыссын-иу ын куыд бакуымдта, уый нæ зонын, фæлæ мæ нæ рох кæны, фæстæмæ-иу ын сисын куыд нал куымдта, уый. Цалынмæ-иу æй ласта, уæдмæ-иу махæн, цалдæр лæппуйæ, нæ комыдæттæ уадысты. Фæлæ-иу кæрдзын куыддæр дзыппæй фæхицæн, афтæ-иу æмхуызонæй æхсызгон улæфт скодтам.

Уыцы кæрдзыны хæрзад абарæн ницæимæ уыд, уæлдайдæр хуыскъæл æмæ сойæйы лæмарæнтæ хæццæ хыссæйæ конд кæрдзыны фæстæ – кæд ахæмæн кæрдзын схонæн ис, уæд...

Реуазты Левæимæ та балымæн стæм авдазон скъолайы. Сыгъдæг зæрдæ кæд искæмæн уыди, уæд уыдонимæ банымайын æмбæлы Левæйы дæр. Æнæхин, цæстуарзон, уæздан,

æмгæрттыл æнувыд – ахæмæй зыдтон Левæйы. Ахæмæй йæ зыдтой иннæтæ дæр...

Беккуызарты Габолаимæ фæстæдæр балымæн дæн, фæлæ мын уый дæр Виктор æмæ Левæйы ад кодта.

Хъыгагæн, уыдонæй иу дæр абон æгас нал у. Се 'ртæ дæр не 'хсæнæй фæхъуыдысты раджы нæ, фæлæ тынг раджы. Габола, се 'ппæты хистæр уæвгæйæ, бинонты хъуыддаг дæр нæ бакодта. Æмбис кары онг дæр нæ фæцардысты Виктор æмæ Левæ.

Се 'ртæйы бæсты дæр ма мын баззад Лолаты Хадзыби. Куыд æрдхæрдтæ стæм, уый мæн æмæ Хадзыбийы зонгæтæй амонын никæмæн хъæуы, уымæн æмæ йæ алчидæр зоны.

Есенин Сергей йæ иу æмдзæвгæйы афтæ фыста: «...друзей так мало в жизни».

Æцæгæйдæр, бирæ хæлæрттæ мын ис, зæгъгæ, чи дзуры, уымæн, мæнмæ гæсгæ, бирæ хæлæрттæ нæй, уымæн æмæ дæ кæцыфæнды сусæгдзинад дæр кæуыл бауæндай, уыдон иу кæнæ дыууæ, кæнæ æртæйæ фылдæр нæ вæййынц...

Чи зоны, иу къаддæр, кæнæ иу фылдæр.

Мæ зонгæ мын йæ сыхаджы хабæрттæ радзырдта. Сæ чындз нæ фæрæстмæ, æмæ дзы хистæртæ «еудодой» кæнынц. Иу изæр, дам, нæхимæ ссыдтæн æмæ нæ дуармæ нæ сыхæгты зæронд лæджы бадгæ сæййæфтон. Йæ цурмæ куы схæццæ дæн, уæд сыстад æмæ мын афтæ: «Бауырнæд дæ, мæ хæдзармæ бацæуон, уый мæ зæрдæ нæ зæгъы. Мæ чындз ахæм бирæгъ разынд, æмæ йын цард æнæ загъд-заманайæ ад нæ кæны. Йæ цæгатмæ дæр цалдæр хатты бæргæ ацыд, фæлæ та фæстæмæ 'рбаздæхы. Тайæ, уый курæг дæ дæн æмæ дæ лæппуйæн ус ма ракур. Ницæмæн дæ хъæуы чындз. Махон сымах фаг дæр уыдзæн...».

Хъалбитта цалдæр боны æддæмæ нæ ракаст. Æнæуи уынджы къæйыл баззайы, фæлæ уыцы рæстæг куы никæцæйуал зынд, уæд сыхæгтæй иу иннæйы фæрсы, Хъалбитта кæм ис, зæгъгæ.

– Гриппæй рынчын, дам, у, – дзуапп ын радта сыхаг.

Камал сæ цуры лæууыд æмæ, уыцы ныхæстæ айхъуысгæйæ, афтæ:

– Уый гриппæй рынчын куы уаид, уæд ардæм æнæрацæугæ нæ фæуыдаид... йæ низ искæуыл бахæцын кæныны тыххæй.

Æвзæры æвзæрдзинæдтæн кæрон нæй. Цыфæнды арфæйаг хъуыддаг дæр сдзырддаг кæндзæн. Æз цы хабары кой ракæнынмæ хъавын, уым арфæйагæй ницы ис, уымæн æмæ, хуымæтæгдæр хъуыддаг нæй, ахæмтæм хауы.

Цæвиттон, мæ зонгæ сылгоймаг куыста, ме 'мкоймаг директор кæм уыд, уыцы скъолайы. Раздæр æндæр скъолайы ахуыргæнæджы куыст ссардта – ам та библиотекæйы куыста – æмæ йæ хъуыди куыстæй суæгъд кæнын. Директор æм цыдæр хъуыддаджы тыххæй зулдзых уыд æмæ йæ рауадздзæн, ууыл йæ зæрдæ нæ дардта æмæ мæнмæ æххуысагур æрбацыд, дæ коймаг у æмæ кæд дæумæ байхъусид, зæгъгæ.

Æргом дзургæйæ, ахæм курдиатимæ мæм никуыма ничи 'рбацыд. Куыстмæ райсыны тыххæй – о, фæлæ мæ мæ куыстæй сисын кæн, зæгъгæ, мæм никуыма ничи 'рхатыд, æмæ æз дæр директормæ куы ныдздзурин. Мæ зæрдæ дардтон, мæ ныхасæн мын аргъ кæй скæндзæн, ууыл. Фæлæ фæрæдыдтæн. Нæ йæ рауагъта йæ куыстæй. Цæмæй йын маст скæна, уый тыххæй. Мæ курдиат дæр ницæмæ 'рдардта æмæ йæ ахуыргæнæджы куыстæй æнæхай фæкодта.

Иу заман куы уыди, уæд æм директор фæдзырдта æмæ йын бамбарын кодта, ныр дæ куыстæй ацæуын дæ бон у, дæ бынатмæ адæймаг ссардтон, зæгъгæ. Фæлæ ныр та уый нал бафæндыд ацæуын...

Цалдæр азы фæстæ директоры йæ куыстæй систой. Мæ зонгæ уым ахуыргæнæгæй кусын райдыдта, сси ахуыры хайады сæргълæууæг, фæстæдæр та – директор...

Фатимæ йæ хъæлдзæг зæрдæйыл куы вæййы, уæд йæ цыргъзонддзинад мæныл фæфæлвары. Иу хатт та мын афтæ зæгъы:

— Ныр дын æндæр бинойнаг куы уыдаид, уæд уый дæр афтæ бирæ уарзтаис?

Ацу æмæ ахæм ныхæсты фæстæ дæ мидбылты ма бахуд. Цымæ йын чи загъта, бирæ йæ уарзын, уый? Кæд ын æй зæгъгæ ничи кодта, уæд та йæм йæ зæрдæ афтæ сдзырдта, æмæ та йæ ам дæр, цæмæн, зæгъгæ, бафæрсæн уыд, фæлæ æз, ацы фарстытæ раттыны бæсты, æнæбары мæ мидбылты бахудтæн.

Ацы къам, мæ мад, йæ хотæ æмæ йе 'фсымæртæ, æрыгон куы уыдысты, уæды ист у. Хæчъассæ æмæ Евдинкæ бадынц, сæ астæу лæууы Веринкæ, галиуæрдыгæй кæронæй — Катйаннæ, иннæ кæронæй та — Тасолтан. Катйаннæ æмæ Тасолтаны къухы — чингуытæ.

Æз дзы кæй зыдтон, уыдонæй кæсын æмæ фыссын Хæчъассæ йеддæмæ ничи зыдта. Тасолтан уыди се 'ппæты кæстæр. Уый хæстмæ куы цыд, уæд æз саби уыдтæн æмæ йæ нæ хъуыды кæнын, фæлæ уый дæр, куыд дзурынц, афтæмæй ахуыргонд уыд. Фæлæ мæ уæддæр хъуыдытыл чингуытæ бафтыдтой. Нæ фыдæлтæ ахуырадæн цы аргъ кодтой, ууыл дзурæг мæм кæсы, чиныгимæ сæ хуыз кæй истой, уый дæр. Кæсын, фыссын чи нæ зыдта, уый дæр фæзмыдта ахуыргонды æмæ тырныдта, цæмæй йæ исчи чиныгимæ фена.

Камал æмæ Сергеимæ зианæй рацыдыстæм æмæ æфсæнвæндаджы станцæйы ракомкоммæ трамваймæ æнхъæлмæ кастыстæм. Æнахуыр тæвд бон уыди, æмæ нæхи заз бæласы аууонмæ байстам. Рæстæгæй-рæстæгмæиу фæндаджы былмæ рауадтæн, трамвай кæцырдыгæй хъуамæ ссыдаид, уыцырдæм-иу акастæн, фæлæ — никуы æмæ ницы. Иудзæвгар фæлæууыны фæстæ та уынгыл дæлæмæ мæ цæст ахастон æмæ, уæнгуагъдæй æрбаздæхгæйæ, загътон:

— Трамвайæн йæ кой ис, фæлæ йæ хъæр нæй.

Уыцы ныхæстæ фехъусгæйæ, Сергей ахæм хабар ракодта.

Алыбегимæ, дам, куы цæуай, уæд дын хъуамæ рæстæгæй-рæстæгмæ дæ цонгыл фæхæца æмæ дæ æрурома, цыма дæм йæ ныхæстæ афтæмæй тынгдæр бахъардзысты,

уый хуызæн. Иуахæмы та Сергей æмæ Камалимæ кæдæмдæр фæцæйцыдысты, æмæ та сæ фæндагыл æрурома-руром кодта. Фæстаг хатт ма сæ куы 'рурæдта, уæд Камал афтæ: «Ай нæ уромæг у, фæлæ нæ дарæг нæу».

Мæскуыйы Уæлдæр партион скъолайы куы ахуыр кодтон, уæд нын ахуыргæнæг уыдис профессор, историон наукæты доктор Кретов. Хъыгагæн, ын йæ ном æмæ фыды ном нал хъуыды кæнын. Бирæ чи федта æмæ зыдта, ахæм зæронд лæг уыди нæ ахуыргæнæг. Куыд дзырдтой, афтæмæй Калинин Михаилæн æххуысгæнæгæй куыста. Кретов уарзта юмор, хъазæн ныхæстæ-иу дзы арæх схауди.

Ахуыр чи кодта, уыдон фæлварæнты размæ уæлдай тыхстдæр вæййынц. Æмæ нын нæ уавæр фæрогдæр кæныны тыххæй афтæ загъта:

— Фæлварæнтæй та цæмæй тæрсут?

Куыннæ тæрсæм, зæгъгæ-иу æй исчи куы бафарста, уæд-иу, йæ мидбылты худгæйæ, райдыдта:

— Фæлварæнты «фондз» райсынæй æнцондæр ницы ис. Фæлварæнтæ кæм дæттынц, уыцы уаты дуар байгом кодтай — «æртæ», билет систай — «цыппар», иу ныхас дæ дзыхæй схауд — «фондз».

Уыцы ныхæстæ мæ зæрдыл цæмæн æрлæўуыдысты?

Ирон æвзаг ахуыр кæныны хъуыддаг ахæм уавæрмæ 'рцыд, æмæ цæмæй «æртæ» райсай, уый тыххæй тагъд дæ ном зæгъын дæр фаг уыдзæн. «Цыппар» дын æвæрдзысты, дæ мыггаг куы зæгъай, уæд. Дæ фыды ном куы зæгъай, уæд дæ боныджы «фондз» февзæрдзæн...

Бæрæгбоны фынгыл Бæрæгъуыны кусарты бæрзæй сæрæн йæ рахизфарсæрдыгæй кæй æвæрынц, уый тыххæй ма фыстон. Фылдæр рæтты та бæрзæй галиуфарсæрдыгæй æвæрынц. Куы сæ бафæрсай, куывд куы у, уæд æй галиуæрдыгæй цæмæн æвæрут, зæгъгæ, уæд фæзæгъынц, хъус лыггæнæгæн, дам, зын уыдзæн, хъыгдаргæ, дам, æй кæндзæн.

Фаг бындур мæм нæ кæсынц уыцы ныхæстæ бæрзæй бæрæгбоны фынгæвæрды сæрæн йæ галиуфарсæрдыгæй

æвæрынæн. Ау, къæдзæхы йас гал чи афæлдæхта, уый йын йæ хъус лыг кæнын нал бафæраздзæн?!

Зæнджиаты Бæбуйы хабæрттæй иу мæ зæрдыл æрлæууыд. Урочы фæйнæгмæ рахуыдта, йæ чындзы цæуын афон кæмæн æрбахæстæг, ахæм чызджы, æмæ дзы ракуырдта, цæмæй фæйнæгыл иу рæгъыл бацæуын кодтаид ахæм хъуыдыйад: «Галы сыкъайыл абадт бындз». Чызг хæслæвæрд сæххæст кæныныл зæрдиагæй бæргæ архайдта, фæлæ йын хъуыдыйадæй цыппæрæм дзырд иу рæнхъыл нал бацыд æмæ ахуыргæнæгмæ къæмдзæстыгхуызæй дзуры:

– Бæбу, «бындз» мын дзы нал цæуы...

– Ау, гал æд сыкъатæ кæм бацыд, уым бындз куыднæуал цæуы?..

Кæцыдæр адæммæ ис ахæм æмбисонд: «Дæ гуырæн бон цал æхснырсты æркæнай, уал азы фæцæрдзынæ».

Адæм цы зæгъой, уый ныхмæ зын дзурæн у, фæлæ цыма ацы ныхæстæм къух бакæнæн ис, афтæ мæм кæсы. Ис ахæмтæ, æмæ йæ гуырæн бон иу æхснырст дæр не 'ркæны. Уæд уый, гуыргæ дæр чи нæ ракодта, уыдоны номхыгъдмæ хауы, æви йын йæ цард цард схонæн нæй?

Ныртæккæйæ фылдæр зарджытæ, æвæццæгæн, никуыма уыди. Кæй цы фæнды, уый зары. Зарæггæнджытæй бирæтæ, цы зонынц, уый зарынц, фæлæ, цы зарынц, уый нæ зонынц. Æмæ зарджыты нымæц бонæйбон фылдæр уымæн кæны. Чи ницæуыл дзуры, хъуыдыйы уæз кæуыл не 'нцайы, поэзимæ дард чи лæууы, ахæм зарджыты нымæц. Сæ фылдæры дзырдæуы уарзондзинадыл, уарзондзинад кæм нæй, ахæм уарзондзинадыл.

Æцæгæй чи уарзы, уый афтæ никуы зæгъдзæн: «Уарзын дæ, уарзын, мæ уарзон!» Куы зæгъа, уæд та, ацы ныхæстæ кæмæн зæгъа, уымæй æнæхай фæуыдзæн, уымæн æмæ æцæг æнкъарæнтæн ахæм æнæуууылд ныхæстæй равдисæн нæй. Фæлæ сæ уæддæр æхсæвæй-бонæй радио æмæ телеуынынадæй зарынц. Иу дæр æмæ дзы иннæ дæр йæ уарзоны иу нæ, фæлæ дыууæ хатты уарзы, ома: «Уарзын дæ, уарзын, мæ уарзон!»

Иннæ зарджыты та кæцыдæр уарзæттæ сæхицæй мæгуыргуртæ сарæзтой æмæ сæ зонгуытыл лæууæгау лæгъстæ кæнынц:

Ма мæ ныууадз, ма мæ ныууадз,
Курын дæ!..

Нæ поэттæй чидæр уырыссаг æвзагæй иронмæ тæлмацгæнæджы куыстæй афтæ загъта: «Кæд æй нæ бамбарат иронау, уæд æй уырыссагау кæсут!» Уыйау, уæлдæр цы рæнхъытæ æрхастам, уыдон кæд иронау дæ зæрдæмæ нæ хъарынц, уæд уын сæ иннæ зарæггæнæг уырыссагау дæр азардзæн:

Не покинь меня, не покинь меня,
Не покинь!..

Ацы зарджытæ чи зары, уыдон, æвæццæгæн, Омар Хайямы цыппаррæнхъонтимæ зонгæ не сты, æндæр сæхи ахæм уавæры не 'рæвæрдтаиккой. Уый уарзондзинадмæ æндæр цæстæй каст. Хуымæтæджы нæ фыста:

Уарзондзинад лæгъстæтæ, цæстысыгтæй нæу.
Зæды цур дæр дæ зонгуытыл макуы æрлæуу.
Дар-иу дервишау алкæм дæхи ды сæрибар,
Æмæ, чи зоны, бауарзой уый фæстæ дæу.

Уæдæ йæ усыл æмдзæвгæтæ чи фыссы, уый та Байроны сфæлдыстадимæ зонгæ нæ уыд. Байхъусæм-ма уæдæ англисаг поэтмæ, кæддæра уый та куыд хъуыды кæны:

Никто в стихах прекрасных не поет
Супружеское счастье: будь Лаура
Повенчана с Петраркой, – видит Бог,
Сонетов написать бы он не мог.

Джиоты Мысост хистæрæн цы фынгыл бадт, уый кой ма кодтон. Кæстæр чи уыд, цалдæр ахæм хъæздыджы фынгыл дæлиаугомау бадтысты. Куы ахордтой, куы анызтой, уæд æнæ фæрсгæйæ фестадысты. Камал Мысосты фæрсы: «Фынгæй чи фестад, уыцы адæм цы фесты?» – «Уыдон адæм не сты, уыдон хъæздыджытæ сты!» – дзуапп ын радта Джиойы-фырт.

Бирæ фæстæдæр райгуырдысты ацы рæнхъытæ:

Дзаджджын фынгыл бадæм,
Нæ цуры хæрд, нозт...
Хъæздыджыты адæм
Нæ хоны Мысост.

Чехойты Сæрæби мæ хъæуккаг уыди. Бæрæгъуын афтæ бирæ уарзта, æмæ йыл æрхъæцмæ нæ хъæцыди. Гуыргæ Уæлладжыры комы ракодта, Бадыхъæуæн Уæлæци йæ кæцы хай хонынц, уым. Кæд дзы фондз азы йеддæмæ нæ фæцард, уæддæр æй йæ хъæу хуыдта. Æнкъард хъæлæсыуагæй уымæн фыста:

О мæ хъæу Уæлæци, нал дæ и цæрæг,
Уый тыххæй мæ зæрдæ у куыддæр уынгæг.

Ивгъуыд æнусы дыууæ 'мæ ссæдзæм азы Сæрæбийы бинонтæ ралыгъдысты быдырмæ æмæ æрцардысты Урсдоны рахизфарс. Сæ ног цæрæнбынат схуыдтой Бæрæгъуын – Красногор. Бирæ амондджын бонтæ арвыста ам Сæрæби. Ардæм-иу куы 'рцыд, уæд ыл-иу адæм, дидинæг-калæг бæласыл мыдыбындзытæ куыд æмбырд кæной, афтæ æрæмбырд сты.

Куыд загътон, афтæмæй Бæрæгъуыны цы азтæ арвыста, уыдон дзаг уыдысты цин æмæ фарнæй. Уыйхыгъд, уырдыгæй куы рацыд, уæд йæ цардвæндаг фендæрхуызон. Райдыдта Фыдыбæстæйы Стыр хæст, æмæ йе 'ртæ 'фсымæры – Алыбег, Федыр æмæ Сергиимæ – æрлæууыд Райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты. Æфсымæртæ, Сæрæбийæ фæстæмæ, æртæйæ дæр хæсты баззадысты. Сæрæби ма раздæхт, æмæ йæ дыууæ азы фæстæ Хуыцауы дзæгъæлы Сыбыры бинаг къæй балæууын кодтой, æмæ дзы авд азы хъæды куыст фæкодта. Куы сыздæхт, уæддæр йæ царды бонтæ тухитæгæнгæ æрвыста. 1969 азы дыууадæс æмæ дыууиссæдзаздзыдæй амард.

Кæд йæ зæрдæ искуы истæмæй барухс, уæд йæ бинойнаг Ленæйæ:

Æз æмæ ды – ирон æмæ уырыссаг,
Фæлæ бинонтæй тынг дзæбæх цæрæм.

Хæлардæр бинонтæ скæнæн нæ уыд. Уарзтой канд кæрæдзийы нæ, фæлæ адæмы дæр. Уыдис сын бирæ хæлæрттæ

æмæ зонгæтæ æмæ зыдтой алкæуыл дæр баузæлын, еблуагъæ сын зæгъын.

Сæрæби хъæздыгдзинадмæ никуы бæллыд. Йе стырдæр бæллиц уыд чиныг. Йæхи-иу æххормаг дæр ныууагътаид, уæддæр-иу чиныг балхæдтаид. Афтæмæй йæм сабыргай æрæмбырд хъæздыг библиотекæ. Куынæуал уыд, уæд мын Ленæ цалдæр хатты загъта, æрбацу, æмæ дæ йæ чингуытæй кæцытæ хъæуы, уыдон ахæсс, фæлæ, Сæрæби йæ фæстаг капеччытæй цы чингуытæ фелхæдта, уыдонæй иу рахæссын дæр мæ бон никуы баци...

Гуытъиаты Хъазыбег мæ хъæуккаг нæ уыди, фæлæ уыди мæ районæй. Уый Хъæдгæроны райгуырд, æз – Бæрæгъуыны. Кæд мæнæй хистæр уыд, уæддæр хæларæй цардыстæм. Йæ номыл кæддæр æмдзæвгæ дæр ныффыстон. Фæстæдæр мыл куы амбæлд, уæд мын кæнгæ тызмæгхуызæй афтæ: «Чи дын радта мæныл æмдзæвгæ фыссыны бар?»

Йæхицæй уæздандæр æмæ хæдæфсармдæр адæймаг зын ссарæн уыд. Ирон культурæ æмæ литературæйæн бирæ хæрзты бацыд. Зæгъынæн æгъгъæд сты, нарты кадджытæй цы фондз томы сарæзта, уыдон дæр. Науæд «Ирон æмбисæндты» чиныг! Нæ фысджытæй бирæты сфæлдыстад бабæстон кодта æмæ сæ рауагъта иугай, дыгай, æртыгай томтæй. Иу кадджын ном дæр æм нæ уыд, афтæмæй, йæ фарсмæ цы кандидаттæ æмæ доктортæ уыд, уыдонæн ахуыргæнæгæн бæззыд.

Хъазыбеджы хъæуккаг Бокоты Додтан номдзыд лæг уыд. Хъæбатырæй хæцыд немыцаг фашистты ныхмæ. Ууыл дзурæг сты йæ хæрзиуджытæ. Зæрдиагæй архайдта æхсæнадон царды. Хъæздыг æрмæг ныууагъта Хъæдгæрон æмæ хъæдгæройнæгты тыххæй. Фыста хорз æмдзæвгæтæ æмæ поэмæтæ. Йæ мæлæты фæстæ йæ уацмыстæ хицæн чиныгæй дæр рацыдысты. Ныртæккæ Фысджыты цæдисмæ кæй райстам, уыдонæй иуæй дæр уæлдæр йеддæмæ дæлдæр нæ лæууынц йæ фыстытæ.

О, æмæ Додтанимæ дæр хæларæй цардтæн. Иу хатт нæм Гуытъиаты Хъазыбеджы тыххæй ныхас рауад, æмæ дзы базыдтон иу ногдзинад. Уый мын канд ногдзинад нæ уыд, фæлæ ма йыл фæкодтон дис дæр. Додтан мын куыд радзырдта, афтæмæй Хъазыбег скъолайы уыди йæ ахуыргæнæг. Фыдыбæстæйы хæсты чи архайдта, уыдонæй иу

иннæмæн ахуыргæнæг уа, уый мæм, кæй зæгъын æй хъæуы, диссаг фæкаст, фæлæ се 'хсæн фондз азы ис, уый куы базыдтон, уæд бауæндыдтæн, ахæм хъуыддагæн уæвæн кæй ис, ууыл.

Хъазыбег чысыл нæ фæцард. Цыдис ыл дæс æмæ цыппарыссæдз азмæ 'ввахс. Йæ бинойнаг Ляля дæр мæм Сæрæбийы цардæмбалы хуызæн æрхатыд, Хъазыбегмæ, дам, бирæ чингуытæ уыди æмæ, дам, дзы дæхицæн, кæцытæ дæ хъæуы, уыдон равзар. Фæлæ та мæ Хъазыбеджы чингуытæ рахæссын дæр нæ бафæндыд. Нæ бафæндыд, зæгъгæ, мæ цыдæр тых баурæдта ахæм къахдзæф акæнынæй. Чи зоны, иу хатт дæр æмæ иннæ хатт дæр раст нæ бакодтон...

Йе 'нусон фæндагыл чи ацæуы, уымæн йæ дзаумæттæ, хæстæгдæр æмбæлттæ йын чи уыд, уыдоныл байуарынц. Уый дзаумæтты тыххæй баззад ахæм æгъдау, фæлæ, цымæ, уыдонмæ чингуытæ дæр хауынц?

Дунемæ ног адæймаг куы фæзыны, уæд арфæгæнæджы фыццаг ныхæстæ вæййынц: «Цæринаг гуырд æй Хуыцау фæкæнæд!» Сæ ныхмæ ницы зæгъæг дæн, фæлæ, чи райгуырд, уыдон иууылдæр мæлинæгтæ куы хонæм, уæд, цымæ, уыцы дыууæ ныхасы кæрæдзийы нæ хъыгдарынц? Грисы фыстытæй кæцыдæры ахæм дзырдбаст дæр ис: «мæлинæгты хуыздæр». Æвæццæгæн, цæринаг æмæ мæлинаг кæрæдзиуыл баст сты, æрмæст даргъ бæндæнæй.

Дуне диссагæй йæ тæккæ дзаг у. Хуымæтæджы нæ баззад ахæм ныхас: «Лæг бонæн диссаг куы нæ хъуса, уæд йæ хъустæ хæрæджы хъусты йæстæ кæнынц». Ныртæккæйæ фылдæр æнаккаг митæ искæцы дуджы цыдаид, уый мæ нæ уырны. Чи зоны, алы фæлтæрмæ дæр афтæ фæкæсы. Нудæсæм æнусы Некрасов фыста:

Бывали хуже времена,
Но не было подлей.

Цыма сæ мах рæстæджы тыххæй загъта, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ, ныртæккæ цы цъаммардзинæдтæн

стæм æвдисæн, уыдон нудæсæм æнусы цæрджытæ сæ фыны дæр никуы федтаикккой. Халæм, рæмудзæм, стигъæм, сайæм, марæм, рæхойæм, фæлæ уыдон æвдисæг жанр – фельетонæн – йæ кой дæр нал и. Афтæмæй та хурмæ рахæссинаг хъуыддæгтæй Хъазыбеджы хохæй бæрзонддæр рагъ самайæн ис.

Советон дуджы шахидкæ æмæ рэкет, коррупци æмæ марихуанæ, лоббист æмæ зомби æмæ бирæ æндæр хъылматы тыххæй фылдæр адæм хъусгæ дæр куы никуы фæкодтой, уæд, цы амонынц æмæ семæ цы фыдбылызтæ хæссынц, уый куыд хъуамæ зыдтаикккой?! Фæлæ нæ царды уыди æндæр хъуагдзинæдтæ, æмæ сæ ныхмæ тох кодтам æнауæрдонæй. Сатирæ æмæ юморы æхххуысæй, фылдæр – фельетоны жанры. Дæ ныхмæ исчи ахæм жанры фæрцы радзырдта, уæд дæ гуырæй райгæ у. «Рæстдзинад»-ы-иу ахæм фельетонтæ уыд, æмæ-иу æрмæст йæ сæргонд дæр хъамайау рæхуыста.

Рахизфарсы районы загсы иу гуымиры сылгоймаджы кой дæрдтыл айхъуыст. Афтæ дæрдтыл, æмæ суанг Дзæуджыхъæумæ дæр схæццæ. Сыхъуыст, «Рæстдзинад»-ы кусджытæ кæм бадтысты, Сабырдзинады уыцы проспекты фондз æмæ ссæдзæм хæдзары цыппæрæм уæладзыгмæ дæр.

Кæд нæ рæдийын, уæд редактор уыцы уавæр равзарын бахæс кодта Таутиаты Умарæн. Ацыд уацхæссæг æмæ фембæлд, канд хъаст ныффыссæгимæ нæ, фæлæ, кæуыл хъастчындæуыд, уыимæ дæр. Куыд рабæрæг, афтæмæй загсы кусæг æцæгæйдæр разынд, гуымирыдæр адæймагæн скæнæн нæй, ахæм. Загсмæ фæцæуынц, йæ цард чи баиу кодта, уыдон, кæнæ та цардæй ахицæны тыххæй æвдисæндартæ райсынмæ. Гъе, æмæ-иу, загсмæ чи ’рбацыд, ууылиу сылгоймаг фæтъæлланг ласта: «Мард дыл æрцыд, чындзы цæуыс æви ус курыс?»

Умар ныффыста, загсы кусæджы цæсгом ирдæй æвдыст кæм æрцыд, ахæм фельетон. Радта йын сæргонд: «Мард дыл æрцыд, æви ус ракуырдтай?..»

Сæргонд куы фæрæстмæ уа, уæд дзы уымæн æмбал нæй. Иннæ фельетон та, мæнмæ гæсгæ, ныффыста Мамсыраты Мурат.

Хæлд адæймæгтæ дæр алыхуызæттæ вæйййынц. Иуты хъуыддæгтæ дзы адæмæн базонын кодта зындгонд журналист

Мамсыры-фырт. Редакцимæ хъаст æрбахæссæджы нал хъуыды кæнын, фæлæ, фельетоны ныхас цы цыппар адæймаджы тыххæй цыд, уыдонæй иу дæр сæйраг нæ уыд, уымæн æмæ, чи никуыма ’рцыди — уæвгæ, ацы дунейы цы не ’рцыд, ахæм хъуыддаг нæма уыд — уыцы чъизи хъуыддаджы иууылдæр æмхуызон архайджытæ уыдысты.

Цæвиттон, Ирыстоны рахъомыл дыууæ гадза æрдхорды æмæ сын уыди фæйнæ хæтаг усы. Хъуыддаг афтæ рауад, æмæ сæ кæрæдзийы устытимæ хæтын райдыдтой. Иу ус — йæ лæджы æрдхордимæ, иннæ лæг та — йе ’рдхорды усимæ, кæрæдзийы хъуыддæгтæ нæ зыдтой, афтæмæй. Кæрæдзийы хъуыддæгтæ нæ зыдтой, фæлæ сын се ’ппæты хъуыддæгтæ дæр адæмæй чидæртæ базыдта, уыцы чидæртæй — газеты кусæг, газеты кусæгæй та — адæм иууылдæр, «Дæ ус — мæ ус, мæ ус — дæ ус», зæгъгæ, сыл фельетон куы ныффыста, уæд.

Мæ сæр иу хилдасæны æлвыдтон, æмæ æлвынæггаг алы мæй дæр зынаргъдæргæнгæ цыди. Мæ зонгætæй мæ иу æндæр ранмæ сардыдта, уым, дам, иуæй, асламдæр у, иннæмæй, сæрæлвынæг дæр йæ куыстмæ хорз арæхсы.

Æз, æцæгæйдæр, уымæ цæуын райдыдтон. Мæ зæрдæмæ фæцыди йæ къухты ’внæлд. Иуцасдæр æм фæцыдтæн, æмæ та уый дæр йæ куысты аргъыл æфтауын райдыдта. Раздæр æй фæкодта дыууæ туманы зынаргъдæр, уый фæстæ ма йæм бафтыдта æртæ... Ныр мæ сæрыхъуынтæ та ивзигæ цыдысты. Мæхинымæр-иу дисы бацыдтæн, мæ сæр бонæй-бон гæмæхдæр куы кæны, уæд йе ’лвынæггагыл æфтгæ цæмæн цæуы, зæгъгæ.

Мæ сæрæлвынæггаг афæдз æмæ ’рдæгмæ дыууæ хатты фылдæр куы фæци, уæдæй фæстæмæ хилдасæны къæсæрæй нал бахызтæн, цалынмæ мæ сæр бынтон ныллæгуын уа, уæдмæ мæ бирæ ’нхъæлмæ кæсын нал хъæуы, зæгъгæ.

Дзуттæгтæм ахæм æмбисонд ис: «Чи нæ райгуырд, уымæй амондджындæр нæй, фæлæ ахæм амонд алкæмæ нæ хауы».

Ӕмӕ, ӕцӕгӕйдӕр: кӕм уыдыстӕм, ӕмӕ ацы дунемӕ кӕцӕй рацыдыстӕм, уым алцӕмӕй дӕр хуыздӕр куы уыд, маст ӕмӕ дзы хӕрам куы нӕ зыдтам, нӕ зӕрдӕйы дзӕбӕхӕн дзы фынӕй куы кодтам, низ ӕмӕ дзы цӕфӕн йӕ кой дӕр куы нӕ уыди, уӕд нӕ, йӕ ном мӕнг кӕмӕн хуыйны, уыцы дунемӕ цӕмӕн рахуындӕуыд?

Ӕвӕццӕгӕн, ардӕм кӕй зондӕй рацыдыстӕм, уырдӕм, ома тъӕпӕн хъӕумӕ дӕр, уый зондӕй ацӕудзыстӕм. Ӕрмӕст, ардӕм куыд ӕнӕниз, ӕнӕмаст ӕмӕ сыгъдӕгӕй ӕрбацыдыстӕм, афтӕмӕй нӕ, фӕлӕ – низджын, мӕстджын ӕмӕ аипджынӕй.

Фатимӕйӕн йӕхицӕй раппӕлыны фадат фӕуа ӕмӕ дзы ма спайда кӕна, уымӕн уӕвӕн нӕй.

Абон райсомӕй мӕ уатӕй куы рахызтӕн, уӕд мӕ дзаумӕттӕ итувӕрдӕй цӕттӕйӕ лӕууыдысты. Фатимӕ мӕ уыдонмӕ кӕсгӕ куы ауыдта, уӕд мӕм дзуры:

– Дӕ чындзытӕ дӕр мӕхи хуызӕн фесты, ӕндӕр дӕ лӕппутӕ федтаикккой.

Ацы ран йӕ ныхӕстӕм къухбакӕнӕн ссардтаин, афтӕ йӕ куы бафарстаин: «Дӕхи хуызӕн хорз ӕви дӕхи хуызӕн ӕвзӕр?» Фӕлӕ мӕхиуыл ныххӕцыдтӕн.

«Малеевкӕ»-йы кӕимӕ базонгӕ дӕн, уыцы фысджытӕй иу уыди Приходько Владимир. Йӕ фылдӕр уацмыстӕ сывӕллӕттӕн ныффыста. Къоста сабитӕн цы уацмыстӕ сфӕлдыста, уыдон уырыссаг ӕвзагмӕ тӕлмац кӕнынвӕнд куы скодта, уӕд ын загътон, цӕмӕй йын йӕ «Дзывылдар» «синицӕ»-йӕ мауал ратӕлмац кӕна, уымӕн ӕмӕ дзывылдар трясогузка у. Ӕмӕ йӕ фыццаг хатт афтӕ кӕй ратӕлмац кодта, уый тыххӕй ма фыстон.

Хӕларзӕрдӕ адӕймаг мӕм фӕкаст Владимир. Фыццаг хатт ӕй куы федтон, уӕд мын йӕхи раздӕр йӕ номӕй бацамыдта. Иуцасдӕр хъусӕй алӕууыны фӕстӕ загъта йӕ мыггаг дӕр – Приходько. Стӕй ма йӕм бафтыдта: каков приход, таков и Приходько.

Илурты Риммӕ бирӕ хорз зарджытӕ зары, фӕлӕ дзы иу, «Ферох мӕ кӕн», зӕгъгӕ, мӕ зӕрдӕмӕ се

’ппætæй тынгдæр цæуы. Ныхæстæ дæр ын йæхæдæг ныффыста. Музыкæ та йын æрхъуыды кодта Дзоблаты Анатоли. Æз Дзоблайы-фыртæн йе ’ннæ уацмыстимæ зонгæ нæ дæн, фæлæ ацы зарæджы мелоди ахæм хæдбындур у, æмæ йын фæивддзаггæнæн ницавæримæ ис. Иу ахæм зарæг чи ныффысса, уый ном цыма адæмæй никуы ферох уыдзæн, афтæ мæм кæсы. Цæссыгæмхæццæ, зæрдæйы бынæй цæуæг ныхæстæ мелодийыл бадынц, мелоди ныхæстыл куыд бады, афтæ.

Риммæ иунæгæй нæ зары: дыккаг хъæлæсæй йын йе ’нæвнæлд æнкъарæнтæ зæрдæйы тæгтæм æвналæгау айсы Будайчиты Сухраб. Фæстаг хатт ма йæ радиойæ куы азарыдысты, уæд райгуырдысты ацы рæнхъытæ:

Иунæг чи уыди, уымæн
Нал дæ йе стъалы, нал...
Ды куыд уарзтай, нæй уымæн
Ацы зæххыл æмбал.

Шолоховы «Тихий Дон»-ы ахæм бынат ис. Мелехов Григорийы фыды фыд Турчы хæстæй йемæ æрбахуыдта ус. Станицæйы сылгоймæгты цымыдисдзинадæн кæрон нал уыд. Йæ алы къахдзæфæн дæр ын сæхи аргъгæнджытæ скодтой. Æппæты тынгдæр та сæ дисы бафтыдта... Уæвгæ ма фыссæгæн йæхимæ байхъусæм:

«— А ишо, бабоньки, ходит-то она... в Прокофьевых шароварах.

— Ну-у?.. — ахали бабоньки испуганно и дружно.

— Сама видала — в шароварах, а только без лампасин. Должно, буднишние его подцепила. Длинная на ней рубаха, а из-под рубахи шаровары, в чулки вобратые. Я как разглядела, так и захлопнуло во мне...»

Сылгоймагæн йæ даргъ къабайы бынæй йæ даргъ хæлафы къæхтæ куы разындысты æмæ ууыл хъазахъхъаг сылгоймæгтæ фырдисæй рафæлдæх-бафæлдæх куы кодтой, ууыл иу æнус дæр æххæст нæма рацыд, афтæмæй дунемæ йæ фыццаг хуызæй бирæ нал баззад. Афтæ аивта, æмæ Шолоховы хъазахъхъаг устытæ ссæдзæм æнусы райдайæнæй иу æмæ ссæдзæм æнусы райдайæнмæ куы ракæсиккой, уæд сæ цъæхахстмæ, зæххыл цыдæриддæр халон

æмæ сынтæй ис, уыдон фыртæссæй æмпæррæст скæниккой, тæхгæ чи кæны, уыдонæн та сæ тъæпп зæххыл фæцæуид. Уæлдæфмæ чи стахт, уыццы халæтты базыртæй арвы цъæхæй иу гæбаз дæр нал разынид, хуры рухс сойын цырагъыл дон бакалæгау ахуыссид æмæ адæмæн, хъаймæт ралæууыд, зæгъгæ, сæ сæр сæ кой суаид.

Прокофийы усæн йæ хæлафы къæхтæ йæ къабайы фæдджийы бынæй разындысты, ныртæккæйы сылгоймæгтæй та хæлæфтæ йеддæмæ ницыуал зыны...

Зæххыл цы бирæ адæмтæ цæры, уыдонæй иуæн дæр йæ бæстæйы ивгъуыд мах хуызæн æнад никæмæн у, мах хуызæн ыл цъыфкалæн ничи кæны. Цы уыди, уый зæгъ, цы нæ уыди, уый та цæмæн дзурыс? Искæуыл тугтæ куы æрымысай, уæд уыцы тугæй æппæты фыццаг дæхи сахордзынæ. Сызгъæрин цъымарайы ныппарæн ис, фæлæ уæддæр сызгъæринæй баззайдзæн. Мин азы фæстæ йæ куы сисай, уæддæр йæ кад нæ фæкъаддæр уыдзæн.

Сталины цæмæй нæ зылынджын кæнынц, ахæмæй зæххыл ницыуал баззад. Чи йæ йæ фыды фырт нæ хоны, чи – йæ мады лæппу. Уырыссаг куыд фæзæгъы: «Ври, да знай меру». Сайынц, уый бæлвырд у, бæрц ын кæй нæ зонынц, уый та – зындгонд. Бæрц та йын уымæн нæ зонынц, æмæ тæрсынц, рæстдзинад йæ базыртæ куы сиса æмæ йыл, цы фаджыс фæкалдтой, уый куы ныппырх кæна æмæ цъыфкалджытæ йæ быны куы фæхуыдуг уой, уымæй.

Афтæ куы нæ уаид, уæд, æнусы æрдæгæй фылдæры размæ йæ зæрдæ йæ кусынæй кæмæн банцад, уый «рæдыдтæ» иу хатт нæ, фæлæ дæсгай хæттыты срастгæнæн дæр уыдаид, фæлæ рæдыд куы нæ уа, уæд æй куыд раст кæныс? Уæвгæ, рæдигæ чи нæ кæны, ахæм адæймаг нæма райгуырд, кæд, кæйдæр хъæнтыл чи дзуры, уыдон сæхи æнаипп хонынц, уæддæр. Дам-дум ауадзынæй æнцондæр ницы ис. Цыма йæ дымгæйы æвджид бакодтай, уыйау ыл базыртæ базайы æмæ дугъы уады разæй дæр фæвæййы.

Советон Цæдис фашистон Германыл куы фæуæлахиз, уый фæдыл кадджын æмбырды Сталин фæкодта æмбисонды сидт. Йæ ныхæстæ йын ныггалиутæ кодтой æмæ уыцы «винтиктæ», æфсургъы згъæллаггом куыд дзыгъалмыгъул кæна, уый хуызæн хъæргæнгæ цæуынц. Уымæ

хуымæтæджы щелкопертæй райдай, æмæ стыр фысджытæй фæу.

Мæнæ куыд фыста Эренбург Илья 1961 азы 3 декабры газет «Правда»-йы: «Писатель видит... и то, что происходит в сознании, в сердце отдельных людей, которых зря называют «винтиками», они ведь выносят на своих плечах историю и ее создают».

Ныр та Сталинæн йæхимæ байхъусæм: «Я подымаю тост за людей простых, обычных, скромных, за «винтики», которые держат в состоянии активности наш великий государственный механизм во всех отраслях науки, хозяйства и военного дела... Это – скромные люди, которые держат нас, как основание держит вершину. Я пью за здоровье этих людей, наших уважаемых товарищей».

Цымæ Эренбург дæр Сталины хъуыдытæ нæ рафæлхат кодта? Уæд æй цæмæн бахъуыд, адæймаг зылын цæмæй нæу, уымæй зылынджын кæнын? Уыимæ зонгæ-зонын, уынгæ-уынын? Кæсгон дæр, дам, далыс загъта æмæ ирон дæр æмæ, дам, кæрæдзимæ сæ къухтæ систой.

Мæ зонгæ сылгоймагыл цыппарыссæдз азы куы сæххæст, уæд йæ азтæ иронау нал дзырдта, уырыссагау сæ куы фæзæгъын, уæд, дам, цыма къаддæр вæййынц, афтæ мæм фæкæсы.

Адæймаг æдзæсгом куы уа, уæд ыл алцыдæр фидауы. Йæхимæ гæсгæ. Абон иу куы дзура, райсом – иннæ, уæддæр сырх нæ кæны. Ома æфсæрмы. Æфсæрмы та лæг æппæты фыццаг хъуамæ йæхицæй кæна, ома йæ ныхæстæй, йæ митæй, йæ хъуыддæгтæй...

Иу зонгæ мын уыдис, æмæ-иу мыл куы амбæлд, уæд мын-иу дзырдта, æз ме сæфт цæмæй уынын, ахæм ныхæстæ. Иуахæмы та мæ «живой классик» рахуыдта. Уыдон æнæзæрдæмæдзæугæ митæ сты, æмæ сæм æцæг адæймаг хъуамæ æргом ма здаха. Хъыг мын уый уыди, æмæ ахæм ныхæстæй кæй зæрдæ балхæнай, уыдонæй мæ кæй æнхъæлдта. Куырыхон адæмæй иу куыд загъта: «Æвзæр адæймаг раппæлыны бæсты дæ хорз адæймаг рафауæд».

Козбау ныхæстæ чи уарзы, аргъ сын чи кæны, уыдон æндæр зæххыл зайынц, æндæр у сæ хъомылад дæр. Цæстмæхъус ныхас та æцæг адæймаг хъуамæ йæхицæн æфхæрдыл нымайа.

Мæ зонгæ мын уыцы «живой классичы» фæстæ фенад. Раст зæгъын хъæуы, уымæй размæ дæр мæ риуæгънæг нæ уыд, уымæн æмæ йын йæ хабæрттæ æнæхъусгæ нæ уыдтæн. Цал раны куыста, уал ранæй йæ расырдтой, уымæн æмæ никæимæ фидыдта. Фæстагмæ газет уадзын дæр райдыдта. Мæ ныхмæ, дам, дзы æнæхъæн фарс рауагъта. Æз æй нæ кастæн, фæлæ, дам, дзы афтæ дæр ныффыста, цыма мæн газеты мæ куыстæй систой.

Мæ ныхмæ цæмæн фæци, «живой классик»-æй «мертвый классик» скæнынвæнд цæмæн скодта, ууыл фæхъуыды кодтон, фæлæ йын бæлвырд дзуапп раттын нæ бафæрæзтон. Цыфæндыйæ дæр мæ зæрдæ иу хъуыддагмæ къæпп кæны.

Мæ хорз æрдхорд ахæмтæн нæ барста. Кæддæр æм æрæвнæлдта æмæ, цы уыд, уый равдыста. Ме 'рдхорд журналистимæ та бирæ азты иумæ хæларæй фæцардыстæм æмæ фæкуыстам. Кæд мæм, зæгъын, «живой классичы» къæлæтджынмæ мæ чи сæргъæвта, уыцы «рæдау» æмæ «дардмæуынаг» уый тыххæй смæсты...

Фæстаг рæстæг арæхæй-арæхдæр мæ хъустыл уайы дыууæ дзырды: «голый оклад». Раст зæгъын хъæуы, раздæр æй дзæбæх не 'мбæрстон, уый цавæр «бæгънæг мызд у», зæгъгæ.

Куыд рабæрæг, афтæмæй ахæм дæр вæййы. «Ахæм дæр вæййы», зæгъгæ, фылдæр адæм ахæм улупайæ цæрынц. Мызд адæмы мыггаг куы уаид, уæд æй бæгънæг ничи схонид, фæлæ адæмы мыггаг кæй нæу, бæгънæг, æххормаг адæм дæр æй уымæн исынц. Уæдæ ма чубайстæ, грефтæ æмæ абрамовичтæй искæй мызд исчи бæгънæг рахонид, кæддæра йæм туджджыны зæрдæ нæ бадарид?

Батуринатæ-йедты кой нал кæнын. Йæ «голый оклад» цас у, уый нæ зонын, фæлæ зонын, йе 'рвылбоны пайда (прибыль) цас у, уый – 85 милуан сомы. Сæдæгай мин сомтæй нымайгæ сты сæ «голый окладтæ», уæлдæр цы æртæ мæгуыр лæджы мыггæгтæ ранымадтон, уыдонæн.

Мæгуыр сæ кæй рахуыдтон, уымæй рæдигæ нæ фæкодтон. Дзырд «мæгуыр» дæр дыкъæдзыгты барæй нæ сæвæрдтон, уымæн æмæ, æхца йеддæмæ кæмæ ницы ис, тæригъæд чи нæ зоны, æфсарм æмæ четар кæмæ нæй, кусæг лæджы тыхст чи не 'мбары, уый мæгуырæй мæгуырдæр у.

Козьма Прутковмæ ахæм афоризм ис: йæ хъæздыгдзинæдтæй мæгуыртæн хай чи нæ кæны, уый, дам, стыр риуджын сылгоймаг, сыдæй мæлæг сабийы уынгæйæ, йæхи дзидзи куы дæйа, уый хуызæн у.

Пединституты хæрæндон фыццаг уæладзыджы бын парахат агъуысты уыд. Хæрзад хæринаг дзы кодтой, стæй дзы алцыдæр горæты хæрæндæттæй асламдæр уыд. Кассæйы дзы иу хæларзæрдæ сылгоймаг куыста. Алкæуыл дæр-иу нæ сæмбæлди мидбылхудтимæ. Мæнылиу цыма иннæтæй тынгдæр бацин кодта, афтæ мæм каст. Сихорыл-иу арæх борщ бацагуырдтон. Уый-иу уыди дзидзаимæ дæр, æнæ дзидзайæ дæр. Арæхдæр – æнæ дзидзайæ. Фæлæ-иу дзидзаимæ куы уыди, уæд-иу менюйы ныффыстой борщ с/м, ома борщ с мясом. Кассæйы кусæг та-иу æй борщ с мягким знаком, зæгъгæ, райхæлдта. Æнæ дзидзайæ-иу уыди, уæддæр-иу, борщ с мягким знаком нæм нæй, зæгъгæ, фæкодта æмæ-иу дыууæйæ дæр бахудтыстæм.

Фæстæдæр ын йæ чызджы дæр базыдтон. Цæмæдæр гæсгæ мын йæ мады мæ зæрдыл æрлæууын кодта. Йæ бакастæй нæ, фæлæ йæ митæй, йæ уæздандзинадæй. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц, чызг дыууиссæдз азы фæстæ цы хуызæн уыдзæн, уый фенын дæ куы фæнда, уæд ын йæ мадмæ бакæс. Ацы хъуыдыйæн ис æндæрхуызон зæгъæн дæр: мад дыууиссæдз азы размæ цы хуызæн уыд, уый фенын дæ куы фæнда, уæд ын йæ чызгмæ бакæс.

«Борщ с мягким знаком» æрыгонæй тынг зæрдæмæдзæугæ кæй уыдаид, уый мæ, йæ чызджы йын куы федтон, уæд бауырныдта.

Цæмæндæр та мæ мæхицæй этимолог ацаразын æрфæндыд, мæнæ уырыссагау кишлачный кæй фæхонынц, ахæм этимолог...

Цад æмæ цæугæдон куыд равзæрдысты, ууыл хъуыдытыл фæдæн. Цæугæдонæн йæ ном йæ уæлæ ис: цæугæ чи кæны, ахæм дон. Фæлæ цад та цы амоны? Кæд, æнцад чи лæууы, ахæм дон?

Чи зоны, мæ хъуыды мæн хуызæн этимологты зæрдæмæ фæцæуа, фæлæ сæйрагдæр у, æцæг этимологтæ цы зæгъдзысты, уый.

Ирон адæймагæн фидисæн цы нæ бабæздзæн, ахæм нæй. Айфыццаг кæйдæр тыххæй ныхас рауад æмæ дзы, немæ чи лæууыд, уыдонæй иу афтæ загъта:

– Æмæ уымæн, трамвайы билет райс, зæгъгæ, дæр куы нæ дзурынц.

Фидис кæнынæй мах исчи амбула, уый мæ нæ уырны.

Ацы хабар мын Гæстæн дзырдта. Мæ иу зонгæимæ, дам, рынчындоны капельницæтæ кодтам æмæ, дам, мын бирæ фæныхæстæ кæныны фæстæ афтæ:

– Мæ цæсты афтæ кадджын дæ, æмæ дæ Уататы Бибойы фарсмæ æвæрын.

Хæрæг æмæ ефсæй чи райгуыры, уый иронау хуыйны хæргæфс, ома хæрæг æмæ ефсы къæлæу-байраг. Уырыссагау хæргæфсæн ис дыууæ номы: лошак æмæ мул. Лошак райгуыры сыл хæрæг æмæ нæл бæхæй, мул та – ефс æмæ нæл хæрæгæй. Уый, æвæццæгæн, æрдзы ныхмæ арæзт хъуыддаг у, фæлæ дзы хæргæфс цы аххосджын у? Рæдигæ йæ фыд æмæ йæ мад фæкодтой, сæ азар та хъæбулы басыгъта. Судзгæ та йæ уымæй бакодта, æмæ хæргæфсæн цот нæ вæййы. Хæрæг æмæ ефсæн хæргæфс вæййы сæ фыццаг æмæ сæ фæстаг къæлæу-байраг. Уымæн фæзæгъынц: «Тæригъæд авд фæлтæры хæссы».

Адæймаг дæр, чи не 'мбæлы, бирæ ахæм хъуыддæгтæ кæны: кæм – зонгæ-зонын, кæм – æнæрхъуыдыйæ.

Адæймаджы æндæрхуызон уавæрты равзæрын кæныныл чи архайы, уыдон дæр цыма Хуыцауы 'васт хъуыддæгтæ кæнынц, афтæ мæм кæсы æмæ сæ, æвæццæгæн, фæлварын дæр нæ хъæуы.

Уælладжы хæстæ дæхимæ куы исай, уæд дæ бафхæрдзæн. Дæхи кæнæ – дæ фæстагæтты.

– Рагæй дæ нал федтон.

– Æмæ мæ куыд фенай: æз ахæстонæй нæ цæуын, ды уырдæм не 'фтыс.

Студент ма уыдтæн, афтæмæй ме 'мдзæвгæтæ бахастон «Рæстдзинад»-мæ. Культурæйы хайады сæргълæууæг сæ бакаст æмæ дзы иу дæр мыхуыр кæныны аккагыл нæ банымадта. Æмдзæвгæтæ куыд фыссын хъæуы, уый тыххæй иудзæвгар фæдзурыны фæстæ мын бакаст йæхи фыст уацмыс, ома мæнæ афтæ фыссын хъæуы, зæгъгæ. Мæнæн иу ныхас сдзурыны бар дæр нæ радта, стæй мын куы раттаид, ўæддæр мæм ницы зæгъинаг уыд. Раздæхтæн, уæдæ цы хъуамæ кодтаин.

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ рацыд. Хæрзæрæджы мæм æрбахауд Барто Агнияйы æмдзæвгæты чиныг, æмæ дзы мæ цæст æрхæцыд, кæддæр мын редакцийы кусæг цы 'мдзæвгæ бакаст, уый халдихыл. Халдих, зæгъгæ, сæ хъуыды иу уыд, æрмæст ирон æмдзæвгæ уыд бирæ лæмæгъдæр.

Сайын, кæй зæгъын æй хъæуы, æвзæр у, дæхи куы сайай, уæд та – ноджы æвзæрдæр. Уæлдайдæр, сайгæ кæй кæныс, уый – раджы уа, æрæджы – кæй рабæрæг уыдзæн, уый куы зонай, уæд. Карк нæ, фæлæ къамбец куы адавай, уæд дæр ын бамбæхсæн ис. Аргæвд æмæ йæ сусæгæй бахæр. Дард ранмæ йæ алас æмæ йæ уым ауæй кæн. Иу дзырдæй, йæ кой-йæ хъæр дæр кæцæй нал райхъуыса, ахæм бынат ын ссар, æмæ, давæг дæ, уый ничи базондзæн.

Фæлæ искæй уацмысмæ куы фæныхилай, уæд ын басусæггæнæн нæй. Ноджы ма кæйдæр хъуыдытæй дæхимæ сæрыстыр куы кæсай, уæд уый та æдзæсгомдзинады æвзæрдæр хуызтæй иу у.

Радиойæ иу зарæг арæх фæзарынц. Уæвгæ, лæмæгъ зарджытæй та арæх кæцы нæ зарынц?! Фæлæ, красавица Фатимæ, зæгъгæ, базарды хуызæн арæх кæй

фæзæгъынц, уыцы зарæг лæмæгъ рахонæн нæй. Йæ мелоди дæр у зæрдæмæдзæугæ. Иуахæмы та йæ радиойæ куы зарыдысты, уæд мæ бинойнагмæ дзурын:

– Куыд рабæрæг, афтæмæй Фатимæтæй рæсугъдтæ дæр ис.

– Уæдæ куыд æнхъæлдтай?!

– Хорз афон æй схъæр кодтой!..

Фæстаг рæстæг ма сомихаг радиойы анекдоттыл чи бафтыди, уыдонæй иу у ахæм. Радиойы фæрсынц: «Раздæр цы уыди: карк æви айк?» Радио дзуапп радта: «Раздæр алцыдæр уыди». Уыйау, куыд растдæр уыдзæн: «Галы фых сæр æви фых галы сæр? Раздæр «гал» æви «сæр»? Чи зоны, дыууæхуызон зæгъæн дæр ис. Чи зоны, кæцыдæр дзы растдæр у. Фæлæ кæцы?

Ахæм фæрстытæ бирæ хæттыты сæвзæры, фæлæ сын алы хатт бæлвырд дзуапп раттæн нæ вæййы, бирæ хæттыты та – вæййы. Зæгъæм, нæ республикæйы сæйраг горæты ис фæсивæды библиотекæ. Йæ къулыл ис ахæм фыст: «Республикон фæсивæды библиотекæ». Растдæр та уыдаид афтæ ныффыссын: «Фæсивæды республикон библиотекæ».

Къорд азты наукон-иртасæг институты къулыл ауыгъдæй лæууыд ахæм фæйнæг: «Абайты Васойы номыл Цæгат Ирыстоны-Аланийы...» æмæ афтæ дарддæр, институт. Раст фыст нæ уыд уый дæр, уымæн æмæ афтæ уад, цыма Цæгат Ирыстон Абайты Васойы номыл у.

Айфыццаг радиомæ хъусын, æмæ диктор, кæйдæр писмо кæсгæйæ, загъта, уымæн æмæ, дам, уымæн йæ гуырæн боны фæдыл арфæ кæнынц йе 'ртæ мады хойы.

Иу мадæн æртæ лæппуйы уæвæн ис, фæлæ иу лæппуйæн æртæ мады, мæнмæ гæсгæ, нæ вæййы. Цæмæй, арфæтæ кæмæн кодтой, уый мадæлтæ æртæ хатты фæкъаддæр уой, уый тыххæй та, æвæццæгæн, афтæ зæгъын хъуыд: уымæн æмæ уымæн йæ райгуырæн боны фæдыл арфæ кæнынц йæ мады æртæ хойы.

Фыссæджы ном дæлджинæггонд кæм цæуы, фаг аргъ ын кæм нæ кæнынц, уыцы бæстæйæн фидæн нæй. Зонджын лæг афтæ загъта: поэтимæ хорз чи

цæры, уый хорз хицау у... Ис ма йын дыккаг хай дæр, фæлæ йæ нал зæгъын, уымæн æмæ фыццаг хай, æз цы зæгъынмæ хъавын, уыцы хъуыдыимæ баст у.

Зонджын хицау поэтимæ хорз цæры, уымæн, æмæ зоны, фыссæг ын цы зæгъын бауæнда, уый йын йæ алыфарс козбау адæм зæгъын никуы бауæнддзысты. Поэтæй тынгдæр йæ адæмы хъысмæтыл ничи тыхсы, хицау та æнæ адæмæй кæй хицау уыдзæн? Стæй уыдон æвзæр куы цæрой, уæд йæхи уавæр дæр сæ хæрзтæй нæ уыдзæн.

Ныртæккæ Ирыстоны фыссæджы уавæр, уæздан зæгъгæйæ, хуыздæр хъуаг у. Афтæ мæм кæсы, цыма фæстаг дæс æмæ дыууиссæдз азы ныртæккæйæ æвзæрдæр уавæры никуыма уыд. Алы фестивальтæ æмæ бæрæгбæттæ вæййы, фæлæ дзы фыссæджы цæсгом никуыцæй разыны. Хетæгкаты Къостайы 150 азы юбилей уыди. Мæскуыйы йæ кадджын уавæры сбæрæг кодтой. Дыууæфондзыссæдз адæймагæй дзы фылдæр архайдта, фæлæ дзы иу фыссæг дæр нæ уыди.

Фысджыты цæдисы уавæрæй дæр раппæлæн нæй. Уæнгты нымæц, зæгъæн ис, æмæ ныртæккæйы хуызæн бирæ никуыма уыд. Фæлæ цыма нæ Цæдис ныртæккæйæ лæмæгъдæр никуыма уыдис, афтæ мæм кæсы. Зæгъæн ис, æмæ иууылдæр сты пенсийы. Пенсийы чи ис, уымæ та стыр нæ, фæлæ хуымæтæджы сгуыхтдзинæдтæм æнхъæлмæгæсгæ дæр нæу. Цæдисмæ исын райдыдтам, иронау фыссын, уацмыстæ фыссын нæ, фæлæ хуымæтæджы хъуыдыйæдтæ фыссынмæ чи арæхсы, уыдоны дæр. Тагъд рæстæджы сæ нымæц фылдæр кæнын райдайдзæн, иронау кæсын чи зоны, уыдоны фæрцы, уымæн æмæ уыдон дæр бонæй-бонмæ къаддæргæнгæ цæуынц.

Къуылых уæрццæн, дам, уад æрсуры.
Цымæ, мæнæн та чи 'рсурдзæн, къуылых дæр куы нæ дæн æмæ уæрцц дæр?

Иу усæн амæлынæнхъæл никуы уыдтæн. Йæхи никуы ницæуыл фæриссын кодта. Маст йæхимæ хæстæг нæ уагъта. Зын уавæрты дæр-иу бахауд, йæ цотæй мæстытæ дæр æвзæрста, фæлæ дзы никуы никæуыл

фæрыст. Йæ фырттæй йын иуы ахсгæ дæр æркодтой. Йæ хабæрттæ мын дзырдта. Куыд бамбæрстон, афтæмæй ууыл дæр йæхи нæ фæриссын кодта. Цыфæнды тынг, дам, ыл куы рисса мæ зæрдæ, уæддæр ын ницы пайда у, уый зонын æмæ мæхи цы тыхсын кæнон.

Йæ мад куы амард, уый фæстæ йæ зонгæтæй дыууæйыл æндæр зианы сæмбæлдтæн, æмæ дзы иу иннæйы фæрсы: «Хъызмыдæйы мад амард, уый фехъуыстай?» Нæ фехъуыстон, зæгъгæ, йын загъта, стæй йын йæхи бафарста: «Æмæ дзы Хъызмыдæ йæхæдæг уыди?»

Уыди дзы æви нæ, уый нæ зонын, фæлæ, йе 'фсымæры зианы кæй нæ уыди, уый бæлвырд у. Дзургæ та мын æй, хорз кæй зонын, йæ уыцы æрвад кодта. Æрбадзырдта мæм, газеты тæфæрфæс раттыныл бацархай, зианмæ-иу ма 'рбацу, мæхæдæг дæр, дам, нæ цæудзынæн.

Афтæмæй йæ царды бонтæ арвыста. Цæргæ бирæ фæкодта, фæлæ, йæхицæн амæлын æнхъæл чи нæ уыди, уыцы Хъызмыдæйыл дæр мæлæт нæ бацауæрста. Афтæ тынг кæй фæхъахъхъæдта, йæ уыцы уд ын кæдæм ахаста, Хуыцау йæ зонæг.

Йæ зианы хабар ын чи фехъуыста, йæ уыцы зонгæтæн се 'ппæтæн дæр тынг æнæнхъæлæджы хабар уыди. Мæлгæ кæй кæндзæн, уый та куыннæ зыдтой, фæлæ сæм цæмæдæр гæсгæ афтæ каст, цыма ацы дунейы чи цæры, уыдон иууылдæр йæ разæй фæуыдзысты, æппæты фæстагмæ та Хъызмыдæйы рад ралæудзæн. Нæ рауад, адæм куыд æнхъæл уыдысты, афтæ. Нæ рауад, Хъызмыдæ йæхæдæг куыд хъуыды кодта, афтæ дæр. Бирæтæ йæ разæй куыд фесты, афтæ йæхæдæг дæр бирæты разæй фæци. Нæ йын бантыст æнусон фæтк фехалын: чи райгуырд, уыдонæн кæддæр æнæ амæлгæ нæ вæййы: чи – раздæр, чи – фæстæдæр.

Хъызмыдæйы марды хабар адæммæ сæвзæрын кодта иумæйаг цымыдисдзинад; æппындæр мардмæ чи нæ цыди, уымæн йæхи зианмæ цас адæм æрцæудзæн? Уыцы фарстæн дзуапп агуырдтой, чи йæ зыдта, уыдон иууылдæр æмæ диссаг фенынмæ цæуæгау цыдысты Хъызмыдæйы хæдзармæ. Уыйбæрц адæм фæстаг рæстæг иу зианы дæр нæма уыди. Зæгъæн ис, æмæ сæ фылдæр æрцыдысты, цы гыццыл адæм дзы уыдзæн, уый фенынмæ. Цы адæм дзы уыди, уыдон та гыццыл рахонæн ницы хуызы уыди.

Бирæтæ ’нхъæлдтой, утæппæт адæм Хъызмыдæйæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ ’рцыдысты, афтæмæй та се ’рцыды сæр гыццыл адæмы фенын уыди.

Гыццыл адæмы фенынмæ бирæйæ куы ’рцæуой, уæд гыццыл дæр сбирæ вæййы.

Уæддæр ацы зарджытæ сæхи рох кæнын нæ уадзынц. Цы нæ диссаджы ныхæстæ дзы райхъуысы, ахæм нæй:

Ныр ма цы кæнон,
Куыд мæ фæсайдтай?

Йæ хæдфæстæ:

Ой, уæрæйдæ!

Сайгæ кæй фæкæнынц, уый кæуын хъæлæсæй фæзары æви «ой, уæрæйдæ!» фæкæны?

Иннæ чызг та, йæхæдæг кæй афæлива, ахæм лæппуйы сагъæсæй батад:

Цæмæй дæ басайон?

Басай йæ æмæ дæ хæдзар сарæзтай!..

Уалынмæ райхъуысти æртыккаджы хъæлæс:

Рудзынгæй мæм амонд худы
Æви судзаггаг маст?

Амонд-ма худæд, фæлæ судзаггаг маст та куыд худы? Стæй кæд худы, уæд — кæуыл? Чи зары, ууыл æви йæм чи хъусы, уыдоныл? Æвæццæгæн, дыууæтыл дæр.

Бал бæлæстæ нæм бирæ уыди. Фырзадæй-иу сæ къалиутæ зæу-зæу кодтой. Цы сæ фæкодтаиккам, уый сагъæсы-иу бацыдыстæм. Уыцы сæрд нæм æндæр хъæуæй нæ хæстæджыты чызг æрцыди æмæ сæ базармæ уæй кæнынмæ аласта. Иу бон æхца æрбахаста, иннæ бон — нал. Мæ дзыппæй, дам, мын сæ фелвæстæуыд.

Уæды хабæрттæм абоны цæстæй акæсгæйæ, нæ хæстæг чызджы ныхæстыл дызæрдыг кæнын райдайын, кæд, зæгъын, мысгæ ’ркодта, адавтой мын сæ, зæгъгæ.

Чи зоны, рæдийын, уæд мын æй Уæллаг бахатыр кæнæд...

Иуæй-иу ирон дзырдтæ алы ран æмхуызон нæ дзурынц. Зæгъæм, махмæ, Бæрæгъуыны, Уæлладжыры комæй рацæуæг адæм хъæздыджы бæсты дзурынц хъæзныг, бæллæхы бæсты – бæллах (ахæм хуызы æмбæлынц Миллеры дзырдуаты дæр), хъуылыджы бæсты – хъуылæг, пъырыпъыфы бæсты – пъæрæпъопп, хъæндæл нæ, фæлæ хъæндæлы, уагъылы нæ – фæлæ уагъæлы æмæ афтæ дарддæр.

Иу мæ зонгæ та мемæ «джелбетт»-ы тыххæй сбыцæу, ахæм дзырд, дам, нæй. Куы нæ æмæ куы нæ саст, уæд ын æз дæр загътон:

– Омæ джелбетт цы хъæуы нæй, уым ахæм ныхас куыд хъуамæ уа?!

Æнусы æмбисмæ ’ввахс ыл цæудзæн, афтæ мæм газет «Молодой коммунист»-ы уацхæссæг телефонæй æрбадзырдта, цыдæр фарстытæн ын дзуæппытæ радтон, æмæ дыккаг бон газеты фæзынд мæ уацхъуыд. Бынæй дзы фыст: «М. Дзасохов, поэт».

Дыккаг бон мыл уыцы газеты кусæг Данилова Нэля амбæлд æмæ мын салам радта: «Привет, М. Дзасохов, поэт». Иу бон дыууæ хатты æфсæрмы бахаудтæн. Фыццаг хатт, мæ уацхъуыды бын цы фыст уыди, уый бакæсгæйæ, дыккаг хатт та Нэляйы æлхыскъ саламæй. Цæмæй зыдтой Нэля дæр æмæ газеткæсджытæ дæр, мæхи мæхæдæг ахæм номæй кæй нæ рахуыдтон, уый.

Æз абоны онг дæр мæхицæй, фыссæг дæр æмæ поэт дæн, зæгъгæ, дæр никуыма загътон. Уыцы дзырдты уыйбæрц æфсæрм ис, æмæ адæймаг се сдзурынæй дæр нымд кæны. Зиан кæнæ цины æгъдау дæтгæйæ мæ ном æмæ мæ мыггаг куы фæзæгъын, уæд мæм арæх, сæ фыссын фæуадзгæйæ, скæсынц, иуæй-иутæ та мæ фæрсгæ дæр бакæнынц, поэт-Музафер дæ, зæгъгæ. Ахæм заман дæр «о» зæгъын мæ цæсгом никуы бахъæцы.

Уастырджи йæ бæхыл балцы фæцæйцыд æмæ йыл дондзау чызг амбæлд. Кæд къæртаты уæзæй йе уæхсчытæ æртасыдысты, уæддæр Уастырджийы рæзты нæ ахызт: фæндаг ын радта. Уастырджи йын загъта:

– Æвзæр амонд дæ хай!

Дарддæр ацыд, æмæ йыл æндæр чызг амбæлд. Уымæн та йæ къухы дыууæ афтид къæртайы уыд. Кæд ын æрлæууын æнцондæр уыд, ома фæндаг раттын, уæддæр, йæ цыд нæ фæсабыр кæнгæйæ, Уастырджийы рæзты ахызт. Уастырджи йæм фæсте дзуры:

– Хорз амонд дæ хай!

Уастырджи дарддæр ацыд, æмæ йæ размæ хæйрæг февзæрд.

– Абон дæ не 'мбарын, – дзуры йæм хæйрæг. – Фæндаг дын чи нæ радта, уымæн арфæ кæныс, æгъдау дын чи скодта, уый та – æлгъитгæ.

– Хорзы æвзæр амонд куы фæуа, уæддæр æй схорз кæндзæн, фæлæ æвзæры хорз амонд куы нæ фæуа, уæд фесæфдзæн, – дзуапп ын радта Уастырджи.

Нæ рæстæджы нæлгоймаг æмæ сылгоймаг бирæ цæмæйдæрты хицæн кодтой. Канд æрдзы кондмæ гæсгæ нæ, фæлæ сæ дарæсæй, се 'гъдауæй, сæхи рæсугъдгæнæн дзаумæттæй. Фæлæ, рæстæг куыд цæуы, афтæ, се 'хсæн цы арæн уыд, уый сæрты дыууæрдæм хизджытæ фылдæрæй-фылдæр кæнынц. Æнхъæлдæн, Толстой Лев загъта: лæгой сылгоймагæй сылваз нæлгоймагæй уæлдай нæй. Иу дзы куыд æнад у, иннæ дæр – афтæ.

Мæнмæ гæсгæ, нырæй фылдæр лæгойтæ æмæ сылвазтæ никуыма уыди. Сылгоймæгтæ нæлгоймæгты бынатмæ бырсынц, нæлгоймæгтæ та сылгоймæгты æнгæс уæвынмæ тырнынц.

Кæддæр ме 'рдхорд йе 'нгуылдзыл къухдарæн бакодта, фæлæ йæ хистæрты цур æвдисын нæ уæндыд. Уæлдай тынгдæр тарст, йæ фыды хистæр æфсымæры ус ын æй куы фена, уымæй, фæлæ йын йæ сусæгдзинад бамбæхсын нæ бантыст. Куыддæр ын йе 'нгуылдзыл къухдарæн ауыдта, афтæ йыл йæхи андзæрста:

– М'арт бауазал! Уый та де 'нгуылдзыл цы ис?

Лæппу цыфæнды æфсон куы скодтаид, уæддæр ыл нæ баууæндыдаид æмæ ма йын æнæбасæттгæ цы хос уыд:

– Къухдарæн…

– Æмæ дæ хъусцæджытæ кæм сты?..

Сылгоймаг ацы ныхæстæй, æвæццæгæн, зæгъынмæ хъавыд, чи никуыма 'рцыд, ахæм хабар у, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыди.

Ахæм рæстæг ралæууыд, æмæ нæлгоймæгтæ иугай нæ, фæлæ цалдæргай къухдарæнтæ дæр дарынц. Дарын райдыдтой хъусцæджытæ æмæ цæнгдарæнтæ, фæрдгуытæ æмæ, лентытæ бæттын кæуыл хъæуы, ахæм сæрыхъуынтæ.

Фæсте нæ баззадысты сылгоймæгтæ дæр. Сæ къабатæ хæлæфтæй баивтой, сæ туфлитæ – цырыхъхъытæй, сæ сæрбæттæнтæ – худтæй, сæ даргъ дзыккутæ – цыбырæлвыд сæрыхъуынтæй... Иу ныхасæй, лæгтæй сылкъитæ ра-уад, сылгоймæгтæй – лæгойтæ.

Фæйнæхуызон – сæ нæмттæ, æнад – æмхуызон.

Цытуарзаг æмæ кадбæллонæй уæлдай нæй. Уарзын æмæ бæллын æндæр цыдæртæ æмæ цæмæдæрты хъæуы. Дуар байгом кæныны дæр æвзæрдзинадæй ницы ис. Æрмæст сæрæй нæ. Цыт æмæ кад, чи сæ уарзы æмæ сæм чи бæллы, уыдонмæ нæ, фæлæ сæ аккаг чи у, уыдонмæ 'рцæуынц. Йæ сæрæй дуæрттæ чи фæкæны, уыдонæй та цыт æмæ кад дардмæ лидзынц. Фæлæ нæ рæстæг, хъыгагæн, кадбæллон, цытуарзаг æмæ, йæ сæрæй дуæрттæ чи кæны, ахæмты дуг у.

Диссаджы хабар мын рачынди æрæджы.

Иу лæджы бафæндыд парламенты депутат суæвын. Йæхи хуызætты бахxуырста æмæ сæ хæдзари-хæдзар зилыныл бафтыдта. Уыдон дæр уынгты зылдысты æмæ дзы ныхæстæй диссаджы лæг арæзтой.

Æвзæрстытæ æрбацæйхæццæ кодтой, афтæ депутаты бынатмæ йæ бæттæнтæ тонæджы сыхаг амард. Йæ ныгæнæн уыд æвзæрстыты хæдразмæ бон. Лæг, чи амард, уыцы лæг, адæмимæ хорз царди. Депутаттæм кандидат зыдта, бирæ мæрддзыгой йæм кæй æрцæудзæн, уый. Сыхæгты номæй арфæгæнæг чи уыдзæн, уый куы базыдта, уæд æм æрхатыд, адæмæн исты хуызы бамбарын кæн, цæмæй, дам, мыл æвзæрстыты схъæлæс кæной.

Ралæууыд мард ныгæнæн бон. Сыхæгты номæй радзурын кæмæн бахæс кодтой, уый, куыд вæййы, афтæ раныхас кодта, фæлæ дзы кандидаты курдиат ферох. Йæ рæзты

куы рацæйцыд, уæд ын бамбарын кодта, мæ кой не скодтай, зæгъгæ. Арфæгæнæг фæстæмæ фездæхт æмæ адæммæ дзуры:

– Бахатыр кæнут, хорз адæм, иу хъуыддаг ма мæ ферох æмæ æххæст уый дæр зæгъон. Нæ уарзон сыхаг куы мард, уæд мын ныффæдзæхста, мæ зианмæ чи 'рцæуа, уыдон-иу сæ хъæлæстæ Улубийæн раттæнт, зæгъгæ. Æмæ уын йæ фæстаг фæндон хъусын кæнын...

Советон дугъыл дуртæ æхсынæй бирæты къухтæ нæ фæллайынц. Дур æхсын чи нæ зоны, уый æмбисонд сыл куы 'рцæуа, уымæй дæр нæ тæрсынц. Хъуагдзинæдтæ дзы нæ уыди, зæгъгæ, ничи зæгъы, фæлæ, цы уыди, уымæй иууылдæр аипп æмæ хъæн уыди, зæгъгæ, чи дзуры, уыдон æгæр сарæх сты. Фыццаджыдæр, æнæ аипп, æнæ хъуагдзинад æхсæнад никуыма уыд, нæй æмæ, æвæццæгæн, нæ уыдзæн. Иннæмæй та дзы цы хъуагдзинæдтæ уыд, уыдон аиуварс кæнынæн бирæ нæ хъуыд.

Ирон литературæ æцæгæлон кæмæн у, стæй канд æцæгæлон нæ, фæлæ йе сæфтмæ чи бæллы, иу ахæм не 'мбæстон афтæ загъта, ирон литературæ райгуырд Октябры революцимæ, ома Уæрæсейы Советон хицаудзинад куы 'рфидар, уæд æмæ, дам, амæлдзæн Советон хицаудзинады сæфтимæ.

Ирон литературæ, кæй зæгъын æй хъæуы, Октябры революцийæ раздæр райгуырд, фæлæ Советон хицаудзинады сæфтимæ фесæфдзæн, зæгъгæ, чи зæгъы, уый, чи зоны, рæстдзинадæй афтæ дард нæ лæууы.

Ахъуыды-ма кæнæм, советон дуджы ирон чингуытæ куыд цыдысты æмæ ныртæккæ куыд цæуынц, ууыл. Цалдæр хатты (фондз-æхсæз) фылдæр уагътам уæд чингуытæ. Фондз-æхсæз хатты фылдæр уыди сæ тираж дæр. Ныхас, ирон æвзагыл цы чингуытæ цыди, канд уыдоныл нæ цæуы. Ахæм аз нæ уыд, нæ фысджыты уацмыстæй цалдæр Мæскуыйы рауагъдæдты кæд нæ рацыд. Ахæм азтæ-иу скодта, æмæ-иу иу фыссæгæн цалдæр чиныджы кæд рацыд. Ныр ссæдз азæй фылдæры дæргъы ирон фысджыты чингуытæй иуæн дæр Мæскуыйы рауагъдæдтæ дунейы рухс нал фенын кодтой.

Æвзæр йæхи кой фæкæны æмæ мæхи тыххæй дæр дыууæ ныхасы зæгъон. Мæ чингуытæ иугай, кæм та дыгай

хæттыты рацыдысты рауагъдæдтæ «Советский писатель», «Советская Россия», «Современник», «Молодая гвардия», «Детская литература». Мæ повестты стыр чиныг æнæуагъдæй баззад «Советская Россия»-йы. Типографон æгъдауæй рауагъдæдтæ цы «Тематикон пълантæ» уагътой, уырдæм дæр хаст æрцыди. Нывгæнæг ма йе сфæлгонц кæнынил дæр бакуыста. Мæ чингуытæ рауадзынхъус уыдысты «Советский писатель», «Детская литература» æмæ «Современник»-ы. Уæдæ нæ иннæ фысджытæй дæр кæйдæрты чингуытæ æнæуагъдæй ма баззадаиккой, уый мæ нæ уырны.

Кæддæр кæйдæр цур дидинджыты кой рауад, æмæ æз афтæ бакодтон, дидинджытæ уæй кæнын мæм тæригъæд кæсы, зæгъгæ. Фæстæдæр, кæй цуры йæ загътон, уый йе 'мдзæвгæты цикл ныммыхуыр кодта æмæ дзы, мæ хъуыдыйыл арæзт чи уыд, ахæм æмдзæвгæ дæр бакастæн.

Æндæр хатт та уыцы поэты цур æндæр хъуыды загътон: махмæ мæгуыртæ уыди, фæлæ нæм мæгуыргуртæ нæ уыди. Æмæ та йæм уый фæстæ ахæм хъуыдыйы бындурыл æмдзæвгæ фæзынди. Кæмдæр мын æхсызгон дæр уыди, мæ ныхæстæ æмдзæвгæты темæтæн кæй бабæззыдысты, уый, фæлæ æмдзæвгæтæ мæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты, цыма прозæйæ фыстæй сæ хъуыды тынгдæр сæрттывтаид, афтæ мæм фæкаст.

Ахæм, кæнæ уыдонмæ 'ввахс цаутæ ма мæ царды ноджыдæр æрцыди. Кæмæндæр-иу цыдæр радзырдтон æмæиу æй, кæмæн радзырдтон, уый-иу дзы чысыл радзырд кæнæ æмдзæвгæ сарæзта. Æмæ-иу, мæхæдæг архайæг кæм уыдтæн, ахæм цауæй спайда кæнынмæ зивæг кæнын райдыдтон...

Мæ хъæуккаг Нартыхъты Аксойы æрымысыдтæн. Хъаруджын лæг уыд, кусаг. Колхозы быдырты йæ разæй никæй уагъта. Иу хатт йæ хæдзары куысты тыххæй колхозы сæрдармæ йæхи курынмæ бацыди æмæ йын афтæ:

— Абон-ма мын мæхи мæхицæн авæр...

Уыйау æз дæр мæхи хъуыдытæ курæг цæуын куы райдайон, уымæй тæрсын райдыдтон.

Камал мын Туркмæ йæ балцы хабæрттæ дзырдта. Иу ирон лæгимæ, дам, дзы базонгæ дæн. Йæ мыггаг мын загъта, фæлæ йæ дзæбæх нæ фехъуыстон æмæ йæ фæрсын: «Асетæй, загътай?» – «Асетæй нæ, фæлæ Ацæтæй». Уыцы лæджы хабæрттæ ма мын иуцасдæр куы фæкодта, уæд та йæ ногæй бафарстон: «Йæ мыггаг кæмæй уыди?» – «Ацæтæй».

Дыууæйæ дæр ныххудтыстæм. Камал, лæг кæмæй у, уый тыххæй дзæвгар куы фæдзырдтам, уæд дæ куыд ферох, зæгъгæ, ууыл. Æз дæр, æвæццæгæн, ууыл, фæлæ уыцы иу рæстæг мæ хъуыдыты балæууыдтæн Ленинграды...

Мæскуыйы, Уæлдæр партион скъолайы куы ахуыр кодтон, уæд Цæгат Пальмирæйы, æртæ къуырийы практикæйы уæвгæйæ, Товстоноговы театры федтон Шекспиры пьесæ «Генрих IV»-мæ гæсгæ арæзт спектакль, æмæ дзы уыди ахæм ныв.

Бадынц дыууæ лæджы æмæ къуымбил æвзарынц. Сæ рæстæг цæмæй тагъддæр ивгъуыдтаид, уый тыххæй сæхи ныхæстыл ирхæфстой. Иу дзы уымæй размæ, æвæццæгæн, базары уыд æмæ йын йæ балцы хабæрттæ кодта. Загъта йын, фысы аргъ дзы цыппар туманы æмæ фондз сомы кæй у, уый дæр. Æмæ дарддæр æндæр хабæрттæ кодта. Фæлæ йе 'мныхасгæнæджы фысы аргъ тынгдæр æндæвта æмæ йæ дыккаг хатт бафарста: «Æмæ дзы фысы аргъ цас уыди, загътай?» Ныхасгæнæджы дæр-иу ферох, фысы аргъ ын кæй загъта, уый æмæ та-иу ын æй ногæй загъта.

Афтæ рæстæгæй-рæстæгмæ: иу фарста, иннæ дзуапп лæвæрдта. Залы бадджытæн, фæрстытæ æмæ дзуæппытæ куыд фылдæр кодтой, афтæ сæ худын хъæрдæрæй-хъæрдæр хъуысти. Фæстаг хатт ма, фысы аргъ цас у, уый куы загъта, уæд зал къухæмдзæгъды бын фæци...

Камалы дыккаг хатт, лæджы мыггаг кæмæй у, зæгъгæ, куы бафарстон æмæ мын æй куы сфæлхат кодта, уæд худгæ тынгдæр, Товстоноговы спектакль мæ зæрдыл кæй æрбалæууыд, уый тыххæй ныккодтон.

Политикон рухсады хæдзары æртæ азæй фылдæр бакуыстон. Уыдис дзы хорз библиотекæ. Куысты дæ

цыдæриддæр бахъуыдаид, уый дзы ссардтаис. Хъæздыг уыди канд политикон литературæйæ нæ, фæлæ аивадон литературæйæ дæр. Æнæнхъæлæджы дзы мæ цæст æрхæцыд, уым æппындæр уæвын æнхъæл кæмæн нæ уыдтæн, ахæм дзырдуатыл. Йæ фыццаг том мæ къухмæ куы райстон, уæд мæ цæстытыл нæ бауæндыдтæн — Миллер Всеволоды «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат».

Агургæ æмæ æнæаргæ хæзна! Фæлæ йе 'ннæ томтæ кæм сты? Кæд сæ ничи райста, уæд хъуамæ æртæ уаиккой. Тæрхæджытыл мæ цæст ахастон æмæ æндæр ран иннæ дыууæ томы дæр разындысты. Дзырдуаты кой рагæй хъуыстон, фæлæ, мыхуыры куы фæзынд, ууыл æртиссæдз азмæ æввахс цыд, дыккаг хатт рауадзын та йæ никæй зæрды æрæфтыд.

Æртæ томы дæр мæхиуыл ныффыссын кодтон æмæ сæ, цалынмæ каст фæдæн, уæдмæ нæ ныууагътон. Ахæм хъæздыг æрмæгыл дзы сæмбæлдтæн, æмæ йæ иу хатт бакæсын фагыл нæ нымадтон. Кастæн сæ æмæ сæ кастæн. Цы диссаджы зонджын адæмы æрæмбырд кодта йæ алыфарс, Ирыстонæн бирæ хæрзты чи бацыд, ирон адæмы кад æнæхъæн дунейыл чи айхъуысын кодта, уыцы куырыхон лæг! Уыдоны фæрцы хуымæтæджы дзырдуат нæ сарæзта, фæлæ сарæзта ахæм æртæ чиныджы, ирон зонд ирдæй æвдыст кæм æрцыд, не 'мбисæндтæ парахатæй сæ къабæзтæ кæм айвæзтой, не 'гъдæуттæ ирдæй кæм разындысты.

Чингуытимæ куы зонгæ кодтон, уæд мæ иу хъуыддаг сагъæсы бафтыдта: дæсгай азты тæрхæгыл фæлæууыдысты, иу хатт дæр сæ рафæлдахæг нæ фæци, афтæмæй. Æртæ томы дæр бирæ сыфтæ типографийæ рацыдысты æмхæстæй, æмæ сæ лыг кæнын мæхи бахъуыди.

Чингуытæ дзæвгар рæстæг фæстæмæ кæй не здæхтон, уый цыдæр æгъдауæй библиотекæйы хицау бафиппайдта, æмæ уыдон йæ куыст скодта. Æртиссæдз азы дæргъы иу хатт дæр кæй нæ бацагуырдæуыд, уыдон мæ алы бон дæр агурын райдыдта. Барæй.

Уый размæ цæуылдæр фæбыцæу стæм æмæ мæм уæдæй фæстæмæ зулмæ кæсын райдыдта. Æргом дзургæйæ, æз чингуытæ фæстæмæ здахинаг нал уыдтæн. Сæ ныхмæ цыфæнды стыр аргъ дæр бафыстаин, фæлæ мæ библиотекæйы кусæг мæ хъуырмæ скодта, чингуытæ рахæсс, кæннод дыл партийы обкомы секретарьмæ бахъаст кæндзынæн,

зæгъгæ. Нæ мæ бафæндыди быцæу кæнын æмæ сæ уыцы нæвæндонæй радтон.

Ууыл къорд азы рацыд. Дуне иннæрдæм фæлдæхын райдыдта. Советон Цæдис фехæлд – чи йæ фехæлдта, уыдонæн сæ къонатæй фæздæг мауал скæла! – партийы обком нал уыд. Нал уыд Политикон рухсады хæдзар дæр. Йæ библиотекæ цы фæци, уый абон дæр нæ зонын, фæлæ мæм иу бон уыцы библиотекæйы кусæг Эммæ куы 'рдзурид. Уый зыдта, библиотекæйы хицауимæ нæ быцæуы хабар. Зыдта, Миллеры дзырдуатыл куыд æнувыд уыдтæн, уый дæр.

Ссыдтæн Эммæмæ æмæ дын Хуыцау ахæм хорз авæра: мæнæ, дам, дын Миллеры дзырдуаты æртæ чиныджы. Куыдæй йæ къухы бафтыдисты, уымæй дæр æй нал бафарстон, фæлæ йын арфæтæ кæнынмæ фæдæн…

Уæдæй нырмæ ссæдз азæй фылдæр рацыд. Миллеры арæзт дзырдуатæй стырдæр хæзна мæ хъæздыг библиотекæйы нæй. Кæцыфæнды чиныг раттынил дæр сразы уыдзынæн, æрмæст «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат» никæмæн ратдзынæн… Эммæйы хорздзинад та мæ никуы ферох уыдзæн. Цал уынды йæ кæнын, уал хатты мæ зæрдæмæ хуры тынтæ ныккæсы.

Рох мæ нæу библиотекæйы хицау дæр. Æрымысын уый дæр, æрмæст куыдæй, уый уын нæ зæгъдзынæн, уымæн æмæ æгас нал у…

Нæ фысджытæй иуæн адæмоны ном куы радтой, уыцы бон йæ фæндаг мах куыстыл ракодта. Йæ грамотæмæ йын æркастæн æмæ дзы уыди ахæм фыст: «…за вклад в развитие осетинской литературы». Мæхи грамотæмæ æркастæн æмæ, уым цы фыст уыди, уый йын бакастæн: «За большой вклад в развитие осетинской литературы».

Æз, мæ худын тыххæй уромгæйæ, фыссæгæн афтæ:

– Уæллæй, тынг дæ бафхæрдтой.

– Цæмæй?

Загътон ын, адæмоны ном ын хуымæтæджы «вклад»-ы тыххæй кæй радтой.

Уый дæр дзыхъхъы лæууд нæ разынд:

– Уыдон дзы «за выдающийся вклад» ныффыссынмæ хъавыдысты, фæлæ, «выдающийся» куыд фысгæ у, уый нæ зыдтой.

Æрвылбон радиойæ цытæ дзурынц, телеуынынадæй цытæ ’вдисынц, уыдонмæ хъусгæйæ æмæ кæсгæйæ адæймаджы сæрра уæвынмæ бирæ нал фæхъæуы: гуыпп æмæ туг, цæф æмæ тыхми, хæлд нывтæ æмæ æгъатырдзинад... Нæй сын фæуæн, нæй сæ æруромæг, æмæ бонæй-бон æвирхъаудæр хабæрттæ хъусæм æмæ уынæм. Фæсивæд хæлынц, хъомыл кæны æнæгъдау фæлтæр.

Скъолайы сæ къух систой уырыссаг литературæйы классиктæй бирæты уацмыстыл æмæ ахуыргæнæн программæты бакодтой, иу зæрдылбадаринаг фæлгонц дæр кæй уацмысты нæй, уыцы Солженицыны фыстытæ. Хуымæтæджы дзырдбыдтæ æмæ сканвордтæ дæр архайынц халыныл. Сног кодтой, æгад æмæ худинаджы гакк æвæрын кæуыл хъæуы, уыдоны нæмттæ.

Байхъусæм-ма сын сæ фæрстытæ æмæ сæ дзуæппытæм: Чи ныппырх кодта Карфаген? (Сципион), Пушкины марæг? (Дантес), Тимуры знаг? (Квакин). Мараты марæг? (Шарлоттæ Корде). Спартакыл фæуæлахизуæвæг? (Красс). Арты амæттаг ахуыргонд? (Джордано Бруно).Гамлеты марæг? (Лаэрт) æмæ афтæ дарддæр.

Хин адæймаг йæ хъуыдытæ дæлгоммæ цасфæнды куы фæфæлдаха, уæддæр сын иуахæмы сæ сæртæ æнæсдаргæ нæ вæййы. Æвæццæгæн, хингæнæгæн йæ хинтæ йæхиуыл цæуынц, зæгъгæ, дæр уымæн фæзæгъынц.

Иу мæ зонгæ хицау шофырæй райста йе ’мхæрæфырты. Уый ме ’ннæ зонгæ базыдта æмæ дын мæ куы бафæрсид:

– Æмæ уæддæр Хъырым Солтанæн куыд бавæййы?

Иннæрдæм мæ ахызти уыцы фарст. Фыццаджыдæр, йæхæдæг хорз зоны, Хъырым æмæ Солтан куыд хæстæджытæ сты, уый. Дыккагæй та, кæд æй æз нæ зонын, уæд æй хъуамæ базонон, хæстæджытæ кæй сты, уый. Æртыккагæй та, цы хæстæджытæ сты, уый мæнæй куы фехъуса, уæд зæгъдзæн, æз ын æй радзырдтон, зæгъгæ.

Йæ фарст ма мын хъыг уый тыххæй дæр уыди, æмæ мæ йæхицæй æнæмбаргæдæр кæй æнхъæлдта. Стæй уым диссагæй цы ис? Йе ’мхæрæфырты шофырæй райсын кæцы закъон нæ уадзы?!

Хуыцау хорз, æмæ уыцы рæстæг нæ рæзты фæцæйцыд Хъырым, æмæ хинæйдзагмæ дзурын:

– Уæртæ йын йæхи бафæрс, кæрæдзийæн цы бавæййынц, уымæй.

уыцы дыууæ сау цæсты,
Мæ тæригъæдæй бастъæлат!
Цæмæн бахаудтæн у' ахæсты?
Цæмæн базыдтон уарзты ад?

Чи нæ фехъуыста ацы диссаджы зарæг?! Йæ ныхæстæ йын сæрттивын кодта нæ хуыздæр композитортæй иу, афтæ раджы ингæнмæ чи ныххызт, Æлборты уыцы Феликс. Йæ хæдбындур уацмыстæй сфидауын кодта бирæ кинонывтæ, ныффыста Хуссар Ирыстоны Гимн, йæ зарджытæ йын зарынц Хуссар æмæ Цæгаты. Феликсы сфæлдыстады тыххæй бирæ хъарм æмæ зæрдиаг ныхæстæ зæгъæн ис, фæлæ æз иуцалдæр ныхасы зæгъинаг дæн, уæлдæр цы зарæджы кой скодтон, уый тыххæй. Феликс мын йæхæдæг цы радзырдта, уыимæ уæ базонгæ кæнынмæ хъавын.

Зарæджы ныхæстæ ныффыста Дзугаты Георги. Поэты мыггаджы уыдис диссаджы рæсугъд æмæ хæрзæгъдау чызг. Феликсы зæрдæмæ тынг цыди æмæ йæм цы рæсугъд æнкъарæнтæ уыд, уыдон нывæрдта Георгийы æмдзæвгæйы рæнхъыты, æмæ райгуырд, мæлæн кæмæн нæй, ахæм зарæг!

Æцæг уарзондзинадæй зарджытæ гуыры!

Адæймаг фынтæй фылдæр цы уыны! Иутæ, куыддæр фехъал уай, афтæ æрбайрох вæййынц, иннæтæ та адæймаджы зæрдæйы нывгондæй баззайынц, йæ зæрдыл сæ фæдары адзалы бонмæ.

Цы фыны кой ракæнынмæ хъавын, уый дæр раджы федтон. Раджы, зæгъгæ, мæ кæстæр лæппуйыл æртæ кæнæ цыппар азы цыдаид, афтæ. Цыма дын æртæйæ – Ацæмæз æмæ Фатимæимæ – ацыдыстæм нæ хæлары чызджы чындзæхсæвмæ. Хъазты кæрон æрлæууыдыстæм. Мæ тæккæ разæй цы бæрзонд нарæгастæу сылгоймаг лæууыд, уый иуахæм фæстæмæ фæкаст, æмæ дын цыма, рагæй кæй зыдтон, ахæм сылгоймаг куы разынид.

Фатимæимæ сæ базонгæ кодтон. Ацæмæз нын чи у, уый дæр ын загътон. Тынг ыл бацин кодта, рæсугъд цъæхдзæст лæппу йæ рахуыдта. Уæдмæ Фатимæ йæ зонгæтæй кæйдæр ауыдта æмæ Ацæмæзимæ хъазты иннæ кæронмæ ацыди. Сылгоймагимæ иунæгæй куы аззадыстæм, уæд мын мæ хъусы æрбадзырдта: «Куыддæр дæ лæппуйы ауыдтон, афтæ мæ зæнгтæ адон сты, мæ къæмисæнты дзæхст-дзæхст ссыд». Цæмæн, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ: «Мæ чызджы цæрмыстыгъд бакодта...»

Мæхинымæр хъуыдытыл фæдæн, цы хъуамæ уа иумæйагæй йæ чызг æмæ мæ лæппуйæн? Сылгоймагæн мæ дызæрдыгдзинад куы бамбарын кодтон, уæд мæм æнахуыр каст æрбакодта æмæ афтæ: «Ферох дæ, Сау денджызы был цы 'хсæв арвыстам, уый?»

Иу Сау денджыз æрымысын дæр мæ бон нæ уыди æмæ иу æхсæв дæр. Сылгоймаг ноджы тынгдæр дисы бацыд: «Ау, куыннæуал æй хъуыды кæныс, уыцы бон Ялтæйы мит куы рауарыд. Дæ хæрæфырты фатерæй дæм дæгъæл уыд æмæ уым куы фембæлдыстæм. Нæ, уыцы æхсæвæн ферохгæнæн нæй. Дæ ныхæстæ ма абон дæр мæ хъустыл уайынц: «Ахæм амонды аккаг разындзынæн, уый æнхъæл никуы уыдтæн! Йæ иунæг фендæй дæр зæрдæхъæрмттæ кæмæн кодтон, уый иууылдæр мæхи баци!» Æмæ та-иу мын батæ æмæ хъæбыстæ кæнынмæ фæдæ. Батæ мын кодтай канд мæ былтæ æмæ рустæн нæ, фæлæ мæ цæстытæн дæр».

Нæ та мæм бахъардтой уыцы ныхæстæ дæр, нæ мын баххуыс кодтой кæддæры хабæрттæ æрымысынæн. Сылгоймаджы зæрдæ мыл кæй худы, уый йæ ныхæстыл тынгæй-тынгдæр зынди: «Ау, мæ дзаумæттæ ласын куы райдыдтон, уый дæр дæ ферох?! Феххуыс кæнынмæ мын куы хъавыдтæ, уæд дын афтæ куы загътон: «Мæхи къахæй кæдæм æрбацыдтæн, уым мæ дзаумæттæ дæр мæхæдæг раласдзынæн...»

Мæ сæры алы къуымты джигул кæнынып сдæн, фæлæ, сылгоймаг цытæ дзырдта, уыдонæй ницы æрымысын мæ бон баци. Мæ мид-зæрдæйы та мæ тынг фæндыд, ахæм рæсугъд сылгоймагимæ мын исты бастдзинад куы уыдаид, уый.

Иуцасдæр куы ницыуал сдзырдтон, уæд сылгоймаг йæ ныхас фæкарздæр кодта: «Цы ныхъхъус дæ, алиментттæм дыл куы бадæттон, уымæй фæтарстæ? Æдас дæ Хуыцау уадзæд. Тæрсгæ æз кодтон, мæ лæг мæ куы базона, уымæй,

фæлæ мыл никуыма фæгуырысхо и. Ныр та мæ тас сног. Искуы, мыййаг, дæ лæппуйы æмæ мæ чызджы иу ран куы фена, уæд...»

Мæ фын мын æрдæгыл аскъуыдта телефоны дзæнгæрæг: чидæр æфсæнвæндаджы вокзалы телефон агуырдта æмæ махмæ æрбарæдыд.

Куы фехъал дæн, уæд мæ сурхид акалд. Кæцæй ауадысты мæ цæстыл ахæм æнахуыр нывтæ? Мæ уд ме 'муд куы 'рцыд, уæд бамбæрстон, фыны цы федтон, уыдонæн æцæгдзинадимæ иумæйагæй кæй ницы ис, уый æмæ æхсызгонæн сулæфыдтæн.

Улæфгæ æхсызгонæн скодтон, фæлæ мæ уыцы фын абон дæр нæ рох кæны. Чи уыд уыцы сылгоймаг, цæмæн æй бафæндыд йæ чызджы Ацæмæзы хо рахонын? Уæвгæ, фыны лæгæн йæ цæстыл ноджы диссагдæр æмæ æнæрцæугæдæр хабæрттæ дæр ауайы. Диссæгтæн æвдисæн та адæймаг йæ хъалæй дæр вæййы...

Фарон куыстмæ фæцæйцыдтæн. Мæзджыты дæле Терчы сæрты цы хид ис, уый фаллаг фарс куы фæдæн, уæд мæ комкоммæ æрбацæйцыд, иу дæс æмæ дыууиссæдз азы кæуыл цыдаид, ахæм рæстæмбис ас сылгоймаг. Кæй нæ зонын, ахæм саламдæтджытæ дæр мын вæййы, æмæ сын æз дæр бонхорз фæзæгъын. Уыцы сылгоймаджы дæр нæ зыдтон æмæ салам раттыны фæстæ йæ фæрсты ахизынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæ уый йæ хорз зонгæйау æрурæдта, мæ къух мын райста æмæ мæ дисхуызæй бафарста:

— Нал мæ базыдтай?

Ахæм заман, мæхи цæмæй сраст кæнын, уыцы ныхæстæ йын загътон:

— Мæнæн мæ сæр йæ бынаты ис, фæлæ мæ зонд йæ бынаты нал ис: цыдæртæ мæ рох кæнын райдыдта.

— Ау, куыд мæ ферох кодтай, кургæ мæ куы кодтай æмæ дын куы нæ бакуымдтон.

Кургæ нæ, фæлæ йæ кæд уынгæ дæр никуы фæкодтон, уæддæр йæ ныхмæ сдзурын ницы бафæрæзтон, стæй исты зæгъынмæ куы хъавыдаин, уæддæр мын фадат нæ уыд, уымæн æмæ сылгоймаг йæ ныхас æрдæгыл ныууадзынмæ нæ хъавыд.

— Адæймаг æрыгонæй хивæнд вæййы, æндæр дын цæуыннæ бакуымдтон? Цы лæппу мæ зæрдæмæ цыд, уымæ смой кодтон æмæ дзы цы рамбылдтон?

Никуы дæ уынгæ фæкодтон, никуыдæр зонгæ уыдыстæм зæгъынмæ йын хъавыдтæн, фæлæ афтæ зæрдиаг æмæ æнæдызæрдыгæй дзырдта, æмæ йын йæ равг фехалынмæ мæ ныфс нæ хастон.

– Иу хатт та, ме 'мбал чызгимæ киномæ цæуæм, уый базыдтай æмæ де 'мбалимæ, нæ хæдфæстæ цы рæгъ уыд, уырдæм билеттæ райстай, фæлæ мæм сдзурын нæ бауæндыдтæ. Уæвгæ, уæд зонгæ нæма уыдыстæм, фæлæ, куы базонгæ стæм, уæддæр дæ хъуыдытæ æргомæй зæгъынмæ дзæвгар рæстæг дæ ныфс нæ хастай. Мой кæмæ скодтон, уый дæуæй бирæ ныфсджындæр уыд, æмæ мæ рæдийын дæр уый фæкодта...

Кæимæдæр мæ ивддзаг кæй кæны, уый æмбæрстон, фæлæ мыл цыдæр пъæззы ныббадт. Йæ ныхмæ цалдæр хатты сдзурыныл афæлвæрдтон, фæлæ мæм мæ дзых схæлиу кæныны ныфс иу хатт дæр нæ разынд, афтæмæй йæм хъуыстон æмæ хъуыстон. Иннæрдыгæй дис дæр кодтон, уыйбæрц бæлвырддзинæдтæ мыл куыд сфидауын кодта æмæ сæ куыд æцæгхуызæй дзырдта, ууыл. Фæстагмæ йæ ныхмæ дзурыны хъуыдыйыл мæ къух систон æмæ сфæнд кодтон, цалынмæ йæ ныхæстæ фæуой, уæдмæ йæм хъусыныл. Цыма сылгоймаг мæ хъуыдытæ бамбæрста, афтæ мæм фæкаст æмæ йæ ныхас фæцыбыр кодта:

– Цæй, цы 'рцыди, уымæн раздахæн нал и. Æдылы уыдтæн æмæ æдылы митæ бакодтон...

Кæрæдзийæн хæрзбон загътам, æмæ нæ алчи йæ фæндагыл ацыд. Æз иуцасдæр ауайыны фæстæ æрлæууыдтæн æмæ кастæн, сылгоймаг кæцырдæм фæцæйцыд, уыцырдæм. Кæд мын, зæгъын, йæ цыдыхъæд истæуыл дзурæг уаид. Лæг кæй фæуарзы æмæ курынмæ кæй фæхъавы, уымæн йæ алы миниуæг дæр зонгæ æмæ зынаргъ вæййы.

Ницы мын мæ зæрдыл æрлæууын кодта йæ къахайст дæр...

Диссаг цы у, йæ мыггаг дæр мын загъта, йæ ном дæр, фæлæ дзы иу дæр æмæ иннæ дæр дзæбæх нæ фехъуыстон, дыккаг хатт бафæрсын та мæ цæсгом нæ бахъæцыд, йæ ныхæстæм гæсгæ, канд уарзгæ нæ, фæлæ кургæ кæй кодтон, уымæн йæ ном æмæ йæ мыггаг фæлхат кæнынæй йæ куыд бафхæрон, зæгъгæ.

Иннæ диссаг та ма ахæм уыди. Æз усгур лæппу куы уыдтæн, ууыл æнусы æмбисæй къаддæр нæ цæуы, растдæр

зæгъгæйæ та – бинонты хъуыддаг куы бакодтон, ууыл дыууиссæдз азмæ æввахс цæуы æмæ йыл ацал-ауал азы куыд никуы фембæлдтæн? Кæд ыл фембæлдтæн, уæд та мæ иу хатт куыд никуы æрурæдта æмæ мын, цы хабæрттæ ракодта, уыдон куыд никуы радзырдта?

Ацы хатт ма йыл куы фембæлон, уæвгæ йæ æз нал базондзынæн, фæлæ ма мæ уый куы æрурома, уæд хъуыддæгтæ æнæ фæбæлвырддæргæнгæ нал ныууадздзынæн...

Редактортæ алыхуызæттæ вæййынц. Ис хорз редактортæ, чиныг æнæрæдыдæй рацæуыныл чи бацархайы, йæ аиппытæ йын чи бафиппайы, йæ хъуыды фæбæлвырддæр кæныныл чи бакусы. Зæгъæм, æз мыхуырмæ иу къухфыст цæттæ кодтон æмæ мæ редакторæй бузныгæй баззадтæн.

Цæвиттон, æрмæджы ныхас цыд, фынддæс æмæ мын дыууиссæдз азы размæ «Мах дуджы» редакцийы кусæг ме 'мдзæвгæ йæхирдыгонау куыд рацарæзта æмæ дзы иу цыппаррæнхъоны мæ ныхæстæй иу йеддæмæ кæй нал ныууагъта, фæлæ мын уæддæр йæ рацыд æхсызгон кæй уыд, уый тыххæй. Редактор æнæнхъæлæджы афтæ фæкодта: «Дæ ном æмæ дын дæ мыггагмæ кæй нæ фæныхылдта, æвæццæгæн, уымæн». Уыцы хъуыды мæ зæрдæмæ афтæ тынг фæцыд, æмæ дзы спайда кодтон...

Фæлæ ис æндæрхуызон редактортæ дæр. Уыдон, барæй æви æнæбары, æппæт дæр саразынц, цæмæй дæ фыст чиныгкæсæг нæ, фæлæ дæхи зæрдæмæ дæр мауал цæуа, ууыл. Ахæммæ Толстойы къухфыст куы бахауа, уæддæр æй цæсты бафтауыныл нæ бацауæрддзæн, йе 'нæхъоладзинæдтæй йæ сæнад кæндзæн, мæнæ гæдыйы лæппын кусартгонд галы алыфарс куы фæразил-базил кæна æмæ дзы иу дзидзайы карст ратонын дæр куы нæ бафæраза, фæлæ йæ йæ сæтæй куы байсæрда æмæ хæрынæн куынæуал сбæзза, уый хуызæн.

Нæ разамонджытæй иуы гуырæн бон æрбацæйхæццæ кодта. Козбау митæ йæ царды бындур кæмæн сты æмæ иу къæлæтджынæй иннæмæ гæды митæ кæныны руаджы чи фæхызти, иу ахæм редактор мæм йæ кусæджы

ӕрбаминӕвар кодта – йӕхӕдӕг ахӕм митӕ йӕ сӕрмӕ нӕ хӕссы – хицауы гуырӕн боны тыххӕй, дам, дӕ хъуыдытӕ зӕгъ. Ӕз ын бамбарын кодтон, хуымӕтӕг гуырӕн боны фӕдыл адӕймагӕн, суанг стыр хицауӕн дӕр, арфӕтӕ кӕнын йе 'ввахс хӕстӕджытӕ ӕмӕ хӕлӕрттӕ йеддӕмӕ кӕй никӕмӕн фидауы. Фӕлӕ «дардмӕуынаг» редактор мӕ хъуыдыимӕ кӕй не сразы, уый базыдтон, газет куы рацыд, уӕд. Ирыстоны дзырддзӕугӕдӕр лӕгтӕй хицауы гуырӕн боны тыххӕй сӕ хъуыдытӕ зӕгъын кодта цалдӕрӕн.

Рацӕй-рабон, ӕмӕ центрон газеттӕй хицауы гуырӕн боны тыххӕй иу рӕнхъ дӕр ничи ныммыхуыр кодта. Мах редактор та, иу барӕг дӕр кӕм нӕ уыд, уыцы дугъы ӕппӕты разӕй тырыса ӕрхаста, фӕлӕ йын иу ӕмдзӕгъдгӕнӕг дӕр нӕ фӕци.

Уый фарон уыди. Ацы аз уыцы хицауӕн, йӕ азтӕ кӕд фылдӕр фесты, уӕддӕр ӕй редактор иу рӕнхъӕй дӕр нал ӕрхъуыды кодта. Цӕуыннӕ, зӕгъгӕ, мӕ исчи куы бафӕрсид, уӕд ын зӕгъин: ивгъуыд аз хицауы гуырӕн бон кӕй ӕрхъуыды кодта, уый кӕй ничи 'рхъуыды кодта ӕмӕ йӕ «фыдӕбӕттӕ» дзӕгъӕлы кӕй фесты, уый тыххӕй.

«Ирон адӕмы съезд Чъребайы уыди. Цӕгат Ирыстонӕй уырдӕм бирӕ адӕм ацыди. Се 'ппӕт, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, фысимуаты нӕ бацыдысты. Уым бынат кӕмӕ не 'рхауд, уыдон та бауазӕг кодтой горӕты цӕрджытӕ. Фӕстӕдӕр иууылдӕр сӕ фысимтӕй ӕппӕлыдысты, ӕнхъӕл куыд нӕ уыдыстӕм, ахӕм ӕгъдау ӕмӕ нын кад скодтой, зӕгъгӕ.

Ӕз съезды делегаттӕй иуимӕ фысимуаты иу уаты ӕрцардтӕн. Фӕстӕмӕ куы 'рбаздӕхтыстӕм, уыл цас рӕстӕг рацыдаид, Хуыцау йӕ зонӕг, фӕлӕ йыл ӕнӕнхъӕлӕджы амбӕлдтӕн ӕмӕ мын, съезды хабӕрттӕ ӕрымысгӕйӕ, цыма стыр хъӕбатырдзинад равдыста, уый хуызӕн сӕрыстырӕй дзырдта: «Уыцы рӕстӕг гуырдзы сӕ тӕккӕ ӕртхъирӕнтӕгӕнгӕйӕ уыдысты. Суанг ма ахӕм ныхас дӕр рацыд, фысимуаты бын, дам, бомбӕ бавӕрдтой. Бирӕтӕ ӕхсӕвиуат кӕнынӕй дӕр фӕтарстысты ӕмӕ сӕхицӕн фысимтӕ бацагуырдтой. Ахӕм уавӕрты ӕз хӕсты рӕстӕджы бирӕ хӕттыты бахаудтӕн ӕмӕ, уым чи нӕ фӕтарст,

уый куыд хъуамæ фæтарстаид?! Мæ хæстон æмбæлтты цæсгом хъуыды кæнгæйæ фидарæй скарстон: иу ранмæ дæр нæ ацæуудзынæн! Æмæ иу къахдзæф дæр никæдæм акодтон. Уый хыгъд райсомæй мæхиуыл мæ зæрдæ ницæмæй худт. Фысымуатæй чи ацыд, уыдон сæхи куыд æнкъардтой, уый зонын та мæн ницæмæн хъæуы!»

Ацы хабæрттæ мын радзырдта мæ хорз хæлар. Уыцы съезды æз дæр архайдтон. Раст зæгъын хъæуы, æз дæр, уазæгуаты чи цард, уыдонимæ нæ уыдтæн, фæлæ уым чи уыд, уыдонæй иуæй дæр бомбæйы хабар нæ фехъуыстон. Нæ дзы фехъуыстон, фысымуатæй исчи æндæр ранмæ ацыди, зæгъгæ, уый дæр. Æппæты диссагдæр та уый уыди, æмæ хиконд «хъæбатыр» йе «сгуыхтдзинæдтæ», иу уаты кæимæ цард, уымæн кæй кодта.

Иу хæсты уыди, иннæ та йын йæ хабæрттæ кодта, зæгъгæ, фехъуыстон, фæлæ дыууæйæ хæсты уыдысты, мысæггаг хабæрттæ та иннæ кодта, зæгъгæ, никуыма фехъуыстон. Стæй ма ноджыдæр, диссæгты номхыгъдмæ бахæссынмæ чи бæззы, иу ахæм хъуыддаг: цы уыди, ома «хъæбатыр» йе «сгуыхтдзинæдтæ» кæмæн дзырдта, уыимæ иу уаты кæй цард, уый дзы куы ферох, уæд, цы нæ уыди, уыцы цаутæ йæ зæрдыл куыд хорз бадардта?..

Нæ кæстæр лæппу Ацæмæз ма гыццыл куы уыди, уæд ын-иу аргъæуттæ кодтон, хистæртæй кæй фехъуыстон, стæй чингуыты кæй бакастæн, ахæм аргъæуттæ. Уыдон-иу мын куы фесты, уæд-иу аргъау мысын мæхи дæр бахъуыди. Йиуы дзы уыди тæргайгæнаг лæппу æмæ къуылых уæрццы кой. Ныффыссынмæ дæр æй хъавыдтæн, фæлæ мын абон-райсомгæнгæйæ баззад.

Ацæмæз схъомыл, хъуыддаг дæр ын бакодтам, мæ бинойнагимæ нæ Батырадзы руаджы фыды фыд æмæ фыды мад дæр рауайын кодта.

Батырадз дæр аргъæуттæм хъусынхъом фæци, æмæ та мæ зæрдыл, кæддæр йæ фыдæн цы аргъау æрымысыдтæн, уый æрлæууыд. Батырадзæн цалынмæ лæппу гуыра — Стыр Хуыцау æй йæ лæппуйы райгуырдмæ нæ, фæлæ уый лæппуйы лæппуйы райгуырдмæ фæцæрын кæнæд! — уæдмæ йæ ныууадзин, фæлæ, фыццаджыдæр, тæрсын, уыйбæрц куынæуал фæцæрон, уымæй, дыккаджы та, куы фæцæрон

æмæ дзы мæ зæрдыл куы ницыуал æрлæууа, уымæй дæр стъæлфын æмæ йæ ныртæккæ æрхъуыды кæныныл бацархайдзынæн...

Царди æмæ уыди иу лæппу. Йæ ном хуынди Габоци, фæлæ, тæргæйттæ арæх кæй кодта, уый тыххæй йæ фæсномыгæй хуыдтой Тæргайгопп. Къамбецы рæуæды тæргайгæнаг фæхонынц, фæлæ уый къамбецы рæуæдæй дæр тæргайгæнагдæр уыди. Цыфæнды хорз хъазæн-иу ын куы балхæдтой, уæддæр-иу ыл нæ барвæссыд. Машинæ-иу ын куы балхæдтой, уæд-иу афтæ фæкодта: «Нæ сыхæгты Сосланмæ цы машинæ ис, ахæм мæ хъæуы...» Жираф ын-иу куы балхæдтой, уæд-иу æй теуа хъуыди, тæрхъус-иу ын куы балхæдтой, уæд та – рувас.

Æппæты арæхдæр тæргæйттæ та кодта хæринагыл. Хъæрмхуыпп ын-иу куы 'рæвæрдтой, уæд-иу загъта: сой йыл æгæр бирæ ныккодтат.

Иу хатт та йын йæ мад дуканийæ адджын гуыл æрбахаста. Тæргайгопп дзы иу комдзаг скодта, æмæ йæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Æгæр адджын, дам, у, зæгъгæ, тыргъмæ рауад æмæ йæ уынгмæ ныддыввытт кодта. Уыцы рæстæг Уад сæ хъæзæй æмбæрзт сарайы сæр йæ фæллад уагъта æмæ федта, Тæргайгопп гуыл уынгмæ куыд фехста, уый.

Уад чысыл раздæр мæнæуы хуымы базонгæ Уæрццимæ. Уый йæ къах ныццавта æмæ йæ бон тæхын нал уыд. Дыууæ боны цы бахордтаид, уый нæ уыд æмæ æххормагæй марди. Уад ын бæргæ тæригъæд кодта, фæлæ йын йæ бон баххуыс кæнын нæ уыд. Ныр, Тæргайгопп гуыл уынгмæ куы ныддыввытт ласта, уæд Уады зæрдыл æрбалæууыд, тæргайгæнаджы хай адджын кæй у, уый. Йæ фæллад уадзын дæр дзы æрбайрох, йæ базыртæ батылдта æмæ адджын гуыл йæ разæй айста.

Къуылых Уæрцц йæ сæр йæ базыры бын бакодта, кæд мæ ме 'ххормаг иучысыл уæддæр æрбайрох уаид, зæгъгæ, фæлæ йæ хъусыл ауад Уады уынæр. Йæ сæр йæ базыры бынæй раскъæфта æмæ йæ тæккæ цур ауыдта, иу комдзаг йеддæмæ хъуыд кæмæй нæ уыд, ахæм адджын гуыл.

– Хæргæ! – йæ сæрмæ райхъуыст Уады хъæлæс. – Уый тæргайгæнаг лæппуйы хай у, тæргайгæнаджы хай та адæм адджын фæхонынц. Адæм ма ноджыдæр афтæ дæр фæзæгъынц, къуылых уæрццæн, дам, Уад æрсуры. Ды

къуылых уæрцц дæ, æз та — Уад æмæ дын адджын гуыл æрсырдтон.

Къуылых Уæрцц Уадæн арфæйы ныхæстæ зæгъынмæ хъавыд, фæлæ уый йæ базырты пæр-пæримæ уайтагъд фæцыдæр.

Уæрцц адджын гуылæй ратыдта æмæ йæ йæ дзыхы баппæрста.

— Мæнæ æцæгæйдæр цы адджын у! Цымæ уый цавæр лæппу у, ахæм гуыл йæ зæрдæмæ кæмæн нæ фæцыди?! — Æмæ та йыл йæ бырынкъæй къуырцц-къуырццæй ралæууыд.

Куы бафсæст, уæд æм цæмæдæр гæсгæ афтæ фæкаст, цыма йæ къахы рыст дæр фæсабырдæр.

Дыккаг бон хур скаст, уæддæр ма Уæрцц, йæ сæр йæ базыры бын, афтæмæй фынæй кодта. Мæнæуы зæнгты æхсæнæй йыл хуры тынтæ куы андзæвыдысты, уæд æваст фехъал æмæ адджын гуыл агурынмæ фæци. Дысон кæм уыд, уым æй куы ауыдта, уæд йæ тарст фæцыдæр, йæ дзæбæх къахыл цалдæр гæппæн адджын гуылы цур балæууыд. Ныр хæринагхъуаг бæргæ нал уыд, фæлæ йæ зæрдæ дон æрцагуырдта.

— Сыдæй нæ амардтæн, фæлæ, æвæццæгæн, дойныйæ амæлдзынæн!

Уыцы рæстæг йæ сæрты Зæрватыкк æрбацæйтахт æмæ йын йæ ныхæстæ фехъуыста. Зæрватыкк та канд адæмы уарзон маргъ нæу, фæлæ йæ бирæ уарзынц уæрццытæ дæр. Бирæ сæ уарзы йæхæдæг дæр, æмæ Уæрццы ахæм уавæры куыд хъуамæ ныууагътаид! Уадмæ хабаргæнæг фæтахт æмæ йын Уæрццы уавæр бамбарын кодта. Уад хæхтыл азилынмæ хъавыд, фæлæ йæ фæнд аивта: цæгатырдыгæй цы мигътæ уыд, уыдон йæ разæй айста æмæ сæ уæрццы сæрмæ ’рбасырдта. Мигътæ зæххыл сæх-сæхæй ралæууыдысты æмæ уайтагъд, Уæрццы фарсмæ цы дзыхъгонд уыд, уый къæвдадонæй айдзаг. Уæрцц дон нуазынмæ фæци. Йæ дойны куы суагъта, уæд йæ базыртæ рогæн батылдта.

Дыккаг бон йæ къахы рыст фæсабырдæр. Æртыккаг бон ыл лæууын райдыдта. Цыппæрæм бон ын æппындæр нал рыст. Уæлдæфмæ стахт, иу зылд æркодта æмæ фæстæмæ, адджын гуылæй ма цы гыццыл хай баззад, уый

цур æрбадт æмæ мæнæуы хуымы йæ «уæрцц-былдыхъхъ!» райхъуыст. Уæрццытæм та ахæм æгъдау ис: иугæр йæ «уæрцц-былдыхъхъ!» зарæг райхъуыст, уæд йæ цæф къах дæр нал фæриссы, йæ саст базыр дæр адзæбæх вæййы.

Уæрццæн йæ къах кæй адзæбæх, уый базыдта, куы ’рцæйбадт, уæд ын кæй нал фæрыст, уымæй.

«Тагъд мæнæу сцæттæ уыдзæн, – хъуыдытæ кодта Уæрцц, – æмæ мæ хæринаджы мæт нал уыдзæн. Иу æфсирæй дæр-иу бафсæддзынæн. Фæлæ, мæлæтæй мæ чи фервæзын кодта, уыцы Уад куы никæцæйуал зыны, уæд æй кæм агурон? Арфæ йын куы нæ ракæнон, уæд аив нæ уыдзæн».

Уалынмæ Зæрватыкк йæ цуры абадт æмæ йæм дзуры:

– Цæуыл ма тыхсыс, сыдæй дæр куы нæ амардтæ, дойныйæ дæр, дæ къах дæр куы сдзæбæх?

– Мæ хабæрттæ мын цæмæй зоныс?

– Æз алцыдæр зонын. Дойныйæ куы мардтæ, уæд дын дæ ныхæстæ дæр фехъуыстон. Уадмæ фæхабар кодтон, æмæ дын уый дæ сæрмæ мигътæ ’рбасырдта, мигътæ дыл къæвдайы дон æркалдтой, æмæ дæ дойны суагътай. Æххормагæй мæлын дæр дæ Уад нæ бауагъта, æмæ дзы хъуамæ бузныг уай.

– Бузныг та дзы куыннæ дæн, фæлæ йæ кæм агурон, уый нæ зонын æмæ ’нкъард дæр уымæн дæн.

– Уад ахæм хур бонты хæхтæм йæхи айсы æмæ йæ уым агурын хъæуы,– загъта Зæрватыкк.

– Ныртæккæ хур æрныгуылдзæн, фæлæ йæм райсом раджы агурæг ацæудзынæн.

Дыккаг бон Уæрцц балцы араст. Æртæ суадоны сæрты куы атахт, уæд йæ фæллад суадзыны тыххæй иу Обауыл абадт. Обау йæ кæрдæгæй рихитæ базмæлын кодта æмæ Уæрцмæ дзуры:

– Бафæлладтæ?

– Фæллайгæ дæр бакодтон, фæлæ, дарддæр кæцырдæм тæхон, уый нæ зонын.

– Ау, кæдæм тæхыс, уый дæ ферох?

– Уады агурæг рацыдтæн, фæлæ кæм ис, уый нæ зонын.

– Мæ сæрты хохы ’рдæм фæцæйтахт, уый федтон, фæлæ, кæм æрæнцад, уый нæ зонын. Уалæ, ардæм цы Рагъ зыны, уый дзы бафæрс.

Уæрцц дарддæр атахт æмæ, Обау ын кæдæм бацамыдта, уым Рагъы цъуппыл абадт.

Уый дæр ын Обауы хуызæн дзуапп радта:

– Мæ сæрты хохы 'рдæм фæтæхы. Уалæ, йæ цъуппыл нæзы хъæд кæмæн зайы, уыцы Хохы дзы бафæрс.

Стахти Уæрцц Хохы цъупмæ æмæ та уымæй дæр Обау æмæ Рагъы хуызæн дзуапп райста:

– Мæ сæрты фалæрдæм фæцæйтахт. Уалæ-ма дзы митæмбæрзт Хохы бафæрс, уый йæ хъуамæ зона.

Уæрцц йæ ных сарæзта митæмбæрзт Хохы цъупмæ. Уый йын загъта:

– Мæ сæрты цъитийæ 'мбæрзт Хохы 'рдæм фæтæхы.

Уæрцц тыххæй-фыдæй цъитийæ æмбæрзт Хохмæ стахт æмæ Уады уым уæлгоммæ хуысгæ сæййæфта.

– Ардæм дæ цы Хуыцау схаста? Ардæм, басийынæй тæрсгæйæ, мæргътæй куы ничи уæнды, уæд ды дæ ныфс куыд бахастай? – йæ базыртæ фæпака кæнгæйæ, бафарста Уад.

– Ды мæн цы мæлæтæй фервæзын кодтай, уымæй куыд хъуамæ фæтæрсон? Бузныг дын зæгъыны тыххæй фæтахтæн ардæм. Ды мын куы нæ уыдаис, уæд мæ афонмæ хъæддаг куыйтæ бахордтаиккой. Бузныг, Уад, къуылых уæрццытыл афтæ тынг кæй тыхсыс æмæ, сыдæй куы фæмæлынц, уæд сын дæ разæй хæринаг кæй æрсурыс, уый тыххæй!

– Уыцы хъуыддаг махæн фыдæлтæй баззад, фæлæ ды фæстæмæ тæхгæ, кæннод дыл ам исты куы 'рцæуа, уæд мын æй ме 'фсымæртæ æмæ мæ хотæ нæ ныббардзысты.

Уæрцц ма Уадæн ноджыдæр иу хатт арфæ ракодта, йæ сæрмæ æртæ хатты æрзылд æмæ мæнæуы зад хуыммæ йæ ных сарæзта.

Йæ адæмы бирæ чи уарзы, уый сын сæ циныл куыд цин кæны, афтæ риссы сæ ристæй, хъуыды сын кæны сæ абон æмæ райсомыл. Фыдыбæстæйы уарзон хъæбултæ тыхсынц се 'мдугонтæй алкæйы хъысмæтыл дæр. Се 'ргом уæлдай тынгдæр здахынц дуджы риссагдæр фарстытæм.

Салтыков-Щедрин йæ уацмысты цы диссаджы фæлгонцтæ скодта, уыдон аккаг бынат æрцахстой уырыссаг

литературæйы. Афтæ куы зæгъæм, фыссæгæн уæлдай æнæуынондæр уыдысты йæ рæстæджы хъæнтæ æмæ аипъытæ, зæгъгæ, уæд, æвæццæгæн, нæ фæрæдидзыстæм. Уымæн афтæ æнауæрдон тох кодта сæ ныхмæ. Ныфсджынæй хурмæ хаста адæймаджы æппæрццæг миниуджытæ. Худти сыл, æфтыдта сæ, лæджы кад бæрзæндты чи хаста, намыс уæлиау æвæрд кæмæ уыд, уыдоны цæсты. Адæймаг æмæ æхсæнады хъæнтæ хæссыныл йæ къух нæ систа йæ царды фæстаг бонтæм. Йæ мæлæтæй цалдæр боны раздæр фыссын райдыдта йæ ног уацмыс «Забытые слова». Йæ зæрды уыд 1880-æм азты «пестрый» адæмæй цы дзырдтæ ферох – «цæсгом», «фыдыбæстæ», «адæм» – уыдон сын сæ зæрдыл æрлæууын кæнын.

Куырыхон адæмы хъуыдытæн мæлæт нæй. Зонды хос вæййынц, цы рæстæджы загъд æрцыдысты, канд уыцы дуджы цæрджытæн нæ, фæлæ фидæны фæлтæртæн дæр.

Афтæ мæм кæсы, цыма Салтыков-Щедрины рæстæджы, рох кæнын кæй райдыдтой, уыцы дзырдты ымæц мах заман дзæвгар фылдæр фæци. Æхцайы дуг куы ралæууыд, уæд къаддæрæй-къаддæр пайда кæнын райдыдтам ахæм дзырдтæй: «кад», «намыс», «æгъдау», «фæтк», «джелбетт», «цыт», «уæздандзинад», «æфсымæр», «хæлардзинад», «ахуыр», «тæригъæд» æмæ афтæ дарддæр.

Сæ бынат сын бацахстой æндæр дзырдтæ: «сайын», «давын», «марын», «æгуыст», «сидзæр», «æнæхæдзар», «мæгуыргур» æмæ афтæ дарддæр.

Ме 'мхæрæфырт, ме 'мкъласон, мæ хъæуккаг Кобесты Азæмæт мæм æрхатыд, мæ сыхаг Васильев Петр, дам, Уастырджийы тыххæй уырыссагау æмдзæвгæтæ ныффыста æмæ, дам, уыдонмæ гæсгæ иронау дæр Уастырджийы тыххæй исчи исты куы ныффыссид.

Цыдæр гыццыл чиныггонд мæм радта – Васильевæн йæхи фыст – æмæ дзы уыди дыууæ 'мдзæвгæйы: «Святой Георгий» æмæ «Уастырджи» уырыссагау. Æмдзæвгæты хуызæн рæнхъытæй фыст уыдысты, фæлæ сын æцæг æмдзæвгæтæ схонæн нæ уыди. Æз, Азæмæтæй æфсæрмы кæнгæйæ, ныффыстон ахæм æмдзæвгæ:

Уастырджи

О Уастырджи, табу дæхицæн уæд!
Зынаргъ нын у дæ цыт æмæ дæ ном.
Ирон дзыллæйæн дæ сæ уарзон зæд,
Бæттæм дæуимæ мах нæ абон, сом.

Фыдæй фыртмæ дæуæн кæнæм лæггад,
Ирон лæгæй дæ хæрзтæ не сты рох.
Йæ кæстæры дæуыл фæдзæхсы мад,
Дæ фæрцы махæй алидзы фыдох.

Нæ хæхбæсты, нæ дæлвæзты дæуæн
Дæ кувæндæттæ алы ран дæр ис.
Дæ хорздзинæдтæн макуы уæд фæуæн,
Фыдбылызæй нæ алы ран дæр хиз.

Нæ сæрты тæхын макуы бауадз сынт,
Фæсур-иу дардмæ сагъæс æмæ фыд,
Уæлахиз цинчл макуы фæуæд зын!
Бæрзондылбадæг, фехъус нын нæ куывд.

Фыд йæ гыццыл лæппуйы сывæллæтты цæхæрадонмæ фæцæйкодта. Сывæллон æгæр сабыр цыди, æмæ йæм фыд дзуры:

— Тагъддæр цом.
— Мæн сабыр цæуын фæнды.
— Куыстмæ мын байрæджы уыдзæн.
— Омæ абон ма ацу.
— Æхца мын нæ бафиддзысты.
— Æмæ æхцайæ цы кæныс?
— Машинæ дæ нал хъæуы?
— Хъæуы, хъæуы, цом тагъддæр!

Мæ кæстæр мæ цуры, афтæмæй Фатимæйæн иу чызджы кой ракодтон, замманай куринаг, зæгъын, у. Мæ бинойнаг мæм тигъмæ 'рбакаст æмæ мæ алхыскъ кодта:

— Дæхицæн равзарын куы нæ базыдтай, уæд дæ искæмæн зондамонæг чи скодта?..

Иу лæг æртæ боны уыди командировкæйы. Æртæ боны дæргъы йæ йæ хæстæджытæ, хæлæрттæ æмæ зонгæтæ фæрахон-бахон кодтой. Йæ фæстæмæ цæуын афон куы 'рхæццæ, уæд кусгæ бон нæ уыд æмæ йæ гæххæтт йæ зонгæмæ ныууагъта, хицаумæ йæ бахæсдзынæ, цæмæй дзы, цы 'мбæлы, уыдæттæ фæнысан кæна: мыхуыр дзы æрæвæра æмæ дзы йæ къух бафысса.

Хицау командировкæйы æрцæуæджы хабæрттæ зыдта æмæ, гæххæтт чи бахаста, уымæн афтæ: «Уадз æй. Нæхæдæг æй арвитдзыстæм».

Æцæгæйдæр афтæ бакодтой: йæ гæххæтт ын арвыстой. Æрмæст йæхимæ нæ – йæ хицаумæ. Фысгæ та дзы ныккодтой афтæ: «Прибыл, выпил, убыл».

Мызд райстон æмæ Фатимæмæ дыууадæс мины радтон. Æхца куы анымадта, уæд мæм дзуры:

– Кæд «æртындæс» æнамонд нымæц хоныс, æмæ сæ æртындæс уый тыххæй нæ фæкодтай, уæд æз афтæ нæ хъуыды кæнын.

Ирон адæммæ æнæкъай нымæц амонддженыл нымад у.

Æз дæ зæрдæмæ нæ цæуын, мæ зæрдæмæ та, æз дæ зæрдæмæ кæй нæ цæуын, уый нæ цæуы...

Иуæй-иу хатт мæм афтæ фæкæсы, цыма мæ фыстытæ æппындæр никæй хъæуынц. Ахæм заман мæ зæрдæмæ рухсы цъыртт никæцæйуал фæкæлы, фæлæ, адæмы 'хсæн уæвгæйæ, мæ зонгæтæ, фылдæр хатт та, зонгæ дæр кæй нæ фæкæнын, уыдонæй мæ фыстыты кой куы фехъусын, суанг ма мын ме 'мдзæвгæтæ куы радзурынц, уæд та мæм цыдæр ныфс фæзыны, цины базыр мыл йæхи ахафы...

Иу заман уынджы цалдæрæй лæууыдыстæм, æмæ мæм иу æнæзонгæ лæг æрбацыд, йæ ном æмæ мын йæ мыггаг дæр загъта, фæлæ сæ, хъыгагæн, нæ бахъуыды кодтон, æмæ ме 'мдзæвгæ кæрæй-кæронмæ радзырдта. Мæ зæрдæмæ, дам, дзы тынгдæр мæнæ ацы рæнхъытæ цæуынц:

Бахордтой Ирыстон, анызхъуырдтой Ир,
Фаг дзыкка кæм уыди, нал баззад уым сир...
Ставдбæрзæй, тыппыррус хицауæн йæ дзыпп
Бонæй-бонмæ дары тынгæй-тынгдæр къуыпп.

Ме 'ннæ 'мдзæвгæйы кой та мын Сергейы зианы рачындæуыд. Кæддæр, институты иу рæстæджы кæимæ ахуыр кодтон, Цуциты уыцы Аркади, Ситохаты Георги æмæ ма ноджыдæр чидæртæ иумæ лæууыдыстæм, æмæ дын Аркади æнæнхъæлæджы йе 'мбæлтты куы бафæрсид:

— Базонут-ма, ацы рæнхъытæ чи ныффыста? —

Ахæм рæстæг ралæудзæни искуы:
Дзыллæ фынгтыл баддзысты мæ хисты,
Иу аипп мæм нал ардзысты адæм,
Нал уыдзæн кæрон мæ цыт, мæ кадæн...
Афтæ вæййы алы хатт дæр царды:
Скадджын кæнынц удæгæстæ марды.

Ситохаты Георги, йæ мидбылты бахудгæйæ, загъта:

— Æвæццæгæн, Музафер.

Æцæгæйдæр уый уыди ме 'мдзæвгæ «Цард æмæ мæлæт»-ы райдайæн.

Ахъуыдыгæнгæйæ, адæм кæрæдзийы арæхдæр фенынц зианты.

Хадыхъаты Муратимæ дæр институты иу рæстæджы ахуыр кодтам, æрмæст уый — физикон-математикон факультеты. Йе 'фсымæр Измаил махæй бирæ хистæр уыд, фæлæ уыимæ та иу факультеты студенттæ уыдыстæм. Мурат фæстæдæр каст фæци аспирантурæ, бахъахъхъæдта физикон-математикон наукæты кандидаты ном, фæкуыста университеты. Ныр цæры йæ райгуырæн хъæу Олгинскæйы.

Бирæ азты йæ нал федтон æмæ йыл æрæджы сæмбæлдтæн сæхи хъæуы, уый дæр та — зианы. Кæй зæгъын æй хъæуы, ивгъуыд бонтæ мысыныл фестæм æмæ мын ахæм хабар радзырдта: «1974 азы хæдтæхæджы тахтæн Мæскуымæ. Уæлдæфы нын стюардессæ ног газеттæ æмæ журналтæ райуæрста. Мæнмæ æрхаудта журнал «Огонечы» уыцы азы 31 номыр æмæ йæ кæсыныл фæдæн. Кæронмæ 'ввахс куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд мæ цæст æрхæцыд де 'мдзæвгæтыл. Иу мæ дзы абон дæр нæма ферох:

Пусть каждый пред собою будет честен:
Страх ведом всем. И разница одна:
Страх смелого лишь смелому известен,
А трусость труса всем вокруг видна.

Ме ’мдзæвгæтæ «Огонечы» къорд хатты рацыдысты. Мурат цы номыры кой кæны, уым мыхуыргонд уыдысты мæ цыппаррæнхъонтæ. Уырыссаг æвзагмæ сæ ратæлмац кодта Шерешевский Лазарь. Мурат йæ зæрдыл цы ’мдзæвгæ бадардта, уый иронау у афтæ:

Ныфсæн нæй тохы балбæласау тасæн,
Уæддæр фæтæрсы алчидæр йæхицæн:
Хъæбатыр иунæгæй æвдисæн у йæ тасæн,
Тæппудæн та – æгас дуне æвдисæн.

Зындгонд куыд у, афтæмæй æз ме ’мдзæвгæтæ хорз кæсын нæ зонын, стæй сæ мæ зæрдыл дæр нæ дарын. «Зындгонд» уымæн зæгъын, æмæ ацы хъуыды мæ иу чиныджы загътон – фæлæ дзы кæцыдæртæ мæ кæсджытæ æмæ мæ хæлæртты руаджы бахъуыды кодтон.

Ме ’рдхорд Хъуысаты Генри афтæ зæгъы, дæ фыстытæй, дам, мæ зæрдæмæ чи цæуы, уыдоны ’хсæн рахицæн кодтон ахæм цыппаррæнхъон:

Ну и нрав у наших рек!
Кто их урезонит:
Жемчуг в них на дно идет,
А навоз не тонет!

Уый дæр мæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгонд æмдзæвгæтæй у. Йæ ирон вариант та у ахæм:

Диссаг та куыннæ у Терк,
Бафхæрин æз фурдты:
Фаджыстæ дзы сисынц ленк,
Аныхъуырынц дурты.

Борыхъуаты Елæмырзæйы фæрцы та мæ зæрдыл мæ ацы цыппаррæнхъон бадардтон:

Рæдыдыстæм, нæй йыл ныхас дæр,
Нæ нæм хъардта адæмы хъæр;
Цы къухтæй æмдзæгъд кодтам раздæр,
Ныр уыдонæй хойæм нæ сæр.

Хæрзæрæджы мæ нæ рынчындæттæй иуы сæйраг дохтыр Уарзиаты Аркади базонгæ кодта æрыгон сылгоймаг Цæбиты Альбинæимæ. Уый дæр мæн хуызæн дохтыры æххуыс бахъуыд, æмæ афтæмæй фембæлдыстæм.

Уымæй размæ Аркади сылгоймаджы кæмдæр мæ зарджытæй иуы заргæ фехъуыста æмæ нæ зонгæдзинад дæр уый фæдыл рауад.

— Дæ уарзон зарæджы ныхæстæ Музафер кæй ныффыста, уый зоныс? — бафарста йæ Аркади.

Нæ зонын, зæгъгæ, Альбинæ йæ сæр батылдта, стæй, иуцъус æнæдзургæйæ алæууыны фæстæ, афтæ:

— Æз Музаферы зонын тæлмацгæнæгæй дæр, — æмæ дзурын райдыдта:

Кæддæр фыстон æмæ нæ уыдтæн раст:
«Куыд уарзтон, уымæй тынгдæр уарзæн нал и».
Тыхджындæр у мæ ныртæккæйы уарзт,
Фыццагæй ноджы тынгдæр цæхæр калы...

Уый уыд Шекспиры 115 сонеты райдайæн, мæ тæлмацгондæй.

Чингуытæ кæсæг ма кæй ис, ууыл адæймаг куы бауæнды, уæд йæ зæрдæ цæуылдæр фæлæууы, литературæ ма кæйдæрты кæй хъæуы, уый йæ бауырны, йæ къухтæ дæлæмæ уагъд нал вæййынц, фæлæ сæхиуыл схæцынц. Галиу къух гæххæттыл фæхæцы, рахиз та фыссынмæ йæхи æрцæттæ кæны...

Абон райсомæй сæлфынæг кæнын райдыдта, æмæ, кæимæ фæтезгъо кæнын, уыдонæй Терчы был ничи фæзынд. Кæм сты де 'мбæлттæ, зæгъгæ, мæ мæ зонгæ тезгъогæнджытæ куы бафарстой, уæд сын загътон: «Къæвдайы иу æртах дыууæ гуыппырсары фæтæрсын кодта».

Нæ фысджытæй иуæн цыппар дамгъæйæ фæсномыг уыди. Цы амыдта, уый базонын мæ фæндыди, фæлæ сусæгдзинад райхалынæн ницы амал ардтон. Бирæ рабар-бабары фæстæ бавдæлдтæн, æмæ йæ фæсте размæ бакастæн æмæ дзы, уырыссагау æнæфсармдæр ныхас нæй, ахæм рауад.

Æвæццæгæн, цы «сусæгдзинад» раргом кодтон, уый кæйдæрты цур дæр загътон æмæ йæ уыцы «кæйдæртæй» чидæр кæнæ чидæртæ фыссæджы хъусы бацагъта. Уæдæй фæстæмæ уый йæ фæсномыгæй нал спайда кодта. Мæнмæ та дзыхæй нал сдзырдта, афтæмæй мæрдтæм бацыд.

Мæ куыстмæ куы рацæйцыдтæн, уæд мæм Фатимæ дзуры:

– Фæлæуу мæм, æз дæр базармæ цæуын.

– Бирæ ’нхъæлмæ кæсын та дæм хъæудзæн.

– Æртæ минутмæ цæттæ уыдзынæн...

– Де ’ртыгай минуттæ мын зындгонд сты...

– Æз дæм æнæхъæн мæй куы фенхъæлмæ кастæн... Уыдон æртæ минуты аргъ дæр не сты?..

Хъуыддаг куы бакодтон, уæды хабæрттæ æрымысыди Фатимæ. Чындзæхсæв саразын сфæнд кодтам сентябры кæрон, æз та уыцы мæй Мæскуыйы ахуыр кæнын райдыдтон. Куыд бауынаффæ кодтам, афтæмæй æз хъуамæ иу къуыри мæхи ракуырдтаин, мæйы кæрон нæхимæ ссыдаин æмæ чындзæхсæв скодтаиккам. Уый размæ, куыд вæййы, афтæ загсы нæ фидыд гæххæттæй сфидар кодтам.

Цыбыр дзырдæй, Фатимæйы куырдуаты бадын бахъуыд æнæхъæн мæй. Уый фæстæ мын йæ уавæры бæлвырддзинæдтæ радзырдта. Мæ мад, дам, мæ уынгмæ ракæсын дæр нал рауагъта, куырдуаты бадæгæн, дам, уыдæттæ не ’мбæлы, зæгъгæ.

Æз дæм æнæхъæн мæй куы фенхъæлмæ кастæн, зæгъгæ, дæр уый тыххæй загъта.

Марды фæдыл фæцæуынц аразæг æмæ дохтыр.

– Ацы хæдзар æз сарæзтон, – загъта аразæг, – æртæуæладзыгон хæдзары цурмæ куы схæццæ сты, уæд.

Иуцасдæр ма ауадысты. Тигъы ауионæй сæм разынди фондзуæладзыгон бæстыхай. Аразæджы цæсгомыл цины уылæн ахъазыд:

– Уæртæ уый дæр мах сарæзтам. Фондз æмæ йыл дыууиссæдз азы цæуы, фæлæ ноджы хуызæнæй лæууы.

– Ацы хæдзар та фарон сарæзтам, – загъта аразæг, уæлмæрдты тигъмæ куы схæццæ сты, уæд. – Дыууæ

уæладзыджы йеддæмæ дзы нæй, фæлæ куыд рæсугъд у, уымæ-ма кæс.

Уæдмæ уæлмæрдты дуарæй бахызтысты, æмæ ныр та дохтырмæ æрхауд ныхасы бар.

Цыртытæн сæ бæрзонддæрмæ ацамонгæйæ, загъта:

— Ацы лæджы æз дзæбæх кодтон.

Дарддæр ацыдысты æмæ ныр та, сылгоймаджы цыртмæ амонгæйæ, загъта:

— Ацы чызг дæр мæ рынчын уыд.

Мæрдтæй авд йæ раздæры рынчынтæ куы рахуыдта, уæд ногкъахт ингæны цурмæ схæццæ сты æмæ йæ ныхас æрдæгыл аскъуыд.

— Æз цæмæй тæрсын, уый зоныс? — бафарстон иу хатт мæ бинойнаджы.

— Цæмæй? — йæхи хъусынмæ æрцæттæ кæнгæйæ, загъта Фатимæ.

— Исчи афтæ куы ахъуыды кæна, мæнæй уый дæр йæ усы хуызæн у, зæгъгæ.

— Адæм куыд загътой, уымæй растдæр ничи зæгъдзæн: «Ус æмæ лæг фæрæты хъæдæй барст сты...»

Змейкæйы скъоламæ нæ цалдæрæй литературон изæрмæ ахуыдтой. Немæ уыдис, цæрæнбонты ирон æгъдæуттæ адæмæн чи амыдта, иу ахæм дæр. Фембæлд хорз ацыд. Ахуыргæнджытæ дæр, скъоладзаутæ дæр сæхиуыл ницæмæй бацауæрстой. Иу дзырдæй, сæ арæхстдзинадæй нын нæ зæрдæтæ барухс кодтой. Сæхи равдыстой бæркадджын фысымтæй дæр. Фæстæмæ здæхтыстæм райгондæй. Горæтмæ куы схæццæ стæм, уæд фыццаг æрлæууыдыстæм ирон æгъдæутты сæрылдзурæджы хæдзары дуармæ. Æртæйæ дæр рахызтыстæм æмæ шофыры ауагътам.

Фæндагыл Камалимæ хицæнæй баныхас кодтам не 'мбалы хæдзармæ бацæуыны тыххæй. Ноджы, кæм рахызтыстæм, уырдæм хæстæг уыди дукани. Нæ зæрды уыди немæ шампайнаг æмæ къафетты къопп райсын æмæ нæ фæндон не 'мбалæн дæр бамбарын кодтам. Бамбарын кодтам, зæгъгæ, йын комкоммæ загътам:

– Сымахмæ цæуæм, ам сымахæй хæстæгдæр ничи цæры.
Уый нын афтæ:
– Иннæ хатт æрбацæудзыстут…

Ме ’мдзæвгæтæй иу «Знон» хуыйны. Ис дзы ахæм рæнхъытæ:

Зæххыл цы у дæуимæ баст –
Мæнæн сызгъæринæй зынаргъдæр...
Фæкæнæд мæ дæ сæрыл хаст
Хуыцау, дæ цард куыд фæуа даргъдæр.

Гуытъиаты Замирæт æй куы мыхуыр кодта, уæд афтæ: «Дæхи сæрыл хаст фæуæд, дæуæн ахæм ныхæстæ чи ныффыссын кодта, уый!»

Замирæтимæ цæрæнбонты иумæ фæкуыстам, стæй хæларæй фæцардыстæм æмæ йын хъыг уыди, кæмæндæр мæ цард нывондæн æрхæссынмæ цæттæ кæй уыдтæн, уый, фæлæ, æвæццæгæн, æз, кæнæ лирикон хъæбатыр, уыцы чызджы куыд тынг уарзта, ууыл нæ ахъуыды кодта. Кæд ыл ахъуыды кодта, уæддæр ын мæ цард зынаргъдæр уыд.

Æвæдза, æцæг уарзондзинад кæй зæрдæйы райгуыры, уый йæ бæллиц сæххæст кæныны сæраппонд цы нæ бакæндзæн, ахæм нæй. Йæ уарзоны сæрвæлтау цæттæ вæййы йæ цард раттынмæ дæр. Нæ зæрдыл-ма æрлæууын кæнæм Къостайы рæнхъытæ:

Цы кæндзынæн,
Куыд цæрдзынæн
Æнæ дæу, амæттаг дын уон!

Нæ растфыссынады адæймаг ахæм къуырцдзæвæнтыл сæмбæлы, æмæ диссаг! Зæгъæм, цæмæн фыссæм «дыккаг» дыууæ «к»-имæ, дыууæ «г»-йы дзы кæй хъæуы, уый æнцон сбæрæггæнæн куы у, уæд? – Дыгай. Кæнæ райсæм дзырд «рæсугъд». Цæмæн æй фыссæм иу «с»-имæ, кæд æмæ «рæссугъд» (ома дыууæ «с»-имæ) дзурæм, уæд? Иннæ ахæм –«хъæздыг». Дзургæ арæхдæр (уæлдайдæр уæлладжыргоймæгтæ) «хъæзныг» куы кæнæм, уæд?

«Фæйнæфарс» куы фыссæм, уæд «алыварс» цæмæн фыссæм? «Лæгъстæ» дæр цыма «с» нæ, фæлæ «з»-имæ фысгæ у, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ йæ бындур «лæгъз» у. Уæдæ «фыццаг» дæр «ц»-тимæ фысгæ нæу, уымæн æмæ дзырды бындур «фындз» у æмæ йæ фыссын дæр дыууæ «дз»-имæ хъæуы.

«Бæллæх»-имæ дæр бынтон разы нæ дæн. «Бæллах» дзурын æмæ фыссын мæм рæдыддæр нæ кæсы. О, хæдæгай, Миллеры «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат»-ы дыууæ хуызы дæр æмбæлы. Дыууæ хуызы ма дзы æмбæлæм дзырдтæ «хъæздыг» æмæ «хъæзныг»-ыл дæр.

Вæринкæйы ныхæстæ, адæймаджы фыдæбæттæй дзæгъæлы бирæ ис, зæгъгæ, мæ зæрдыл арæхæйарæхдæр лæууын райдыдтой.

Æртæ-цыппар кæнæ уымæй фылдæр хæттыты — цины кæнæ зианы — кæй фæдыл ацыдтæн, уыдонæй мын мæ хойы тыххæй тæфæрфæс чи нæ ракодта, ахæмтæ дæр ис. Уæдæ хорздзинæдтæ кæмæн фæдæн, уыдонæй мæм кæцыдæртæ абон дзыхæй дæр нæ дзурынц. Йæ фыдгулыл мæ чи нымайы, уыдонæй кæйдæр кæддæр кæнæ куыстмæ райстон, кæнæ йæ куыстмæ райсын кодтон. Кæмæн йæ фыццаг æмдзæвгæ, кæнæ радзырд ныммыхуыр кодтон. Кæмæн литературæмæ фæндараст загътон, кæмæн та — æппындæр æвзæрæй ницы фæдæн.

Мæ царды фæлтæрддзинадæй скодтон ахæм хатдзæг: «Стыр нæ, фæлæ гыццыл хорздзинад дæр кæмæн фæдæн, уый мын æй стыр æвзæрдзинадæй бафыста. Стæй мæ, кæд тынг нæ фæнды, уæддæр æнæрымысгæ нæй нæ зонджын фыдæлы ныхæстæ: «Хорз ма ракæн æмæ фыд ма ссарай».

Нæ зонджын фыдæлтæй иу афтæ дæр ма загъта: «Адæймагæн йæ цыфыддæр знæгтæ свæййынц йæ тæккæ хуыздæр æрдхæрдтæ»...

Костайы рæстæджы къамисыны аивад бæрзонд къæпхæнмæ схызти. Хетæджы-фыртæн цы къамтæ баззад, уыдон мæм аивады уацмысты хуызæн кæсынц, хуызисыны аивады нæ, фæлæ нывкæнынады аивады уацмысты хуызæн. Фæлæ диссаг цы у, се ’ппæтмæ дæр ахæм

иудзинад раиртæстон: иу ран дæр дзы хъæлдзæг нæу. Уыцы æнæбын арф цæстытæ дзаг сты сагъæс æмæ мæтæй. Йæ цæсгомы нуæрттæй иу дæр хъæлдзæгдзинад не 'вдисы. Цыма йæ былтæ худыны охыл иу змæлд дæр никуы бакодтой. Цæмæндæр мæм афтæ кæсы, цыма, æдзухдæр сагъæсджын кæй уыд, бирæ дæр уымæн нæ фæцард.

Кæд алы мидбылхудт дæр адæймаджы цардыл фондз минуты æфтауы, уæд дзы, æвæццæгæн, Къостайы цардыл иу уысм дæр нæ бафтыд, уымæн æмæ, йæ къамтæм кæсгæйæ, адæймаг æрцæуы ахæм хъуыдымæ: «Йæ дзыллæйы сагъæстæй йæ зæрдæ афтæ дзаг уыди, æмæ йæ худыны бон никуы фæци, хъæлдзæг уæвыны сахат ыл никуы скодта».

Ноджы ма мæм афтæ дæр фæкæсы, цыма Хуыцау уыцы зонддджын æмæ хъуыдытæйдзаг цæстытæ хъæлдзæгдзинадыл цин кæнынмæ не сфæлдыста, фæлæ адæмы хъыгтыл, дзыллæйы сагъæстыл риссынæн. Къостайæн æппæты тынгдæр рысти йæ зæрдæ, ирон адæммæ уарзондзинадæй дзаг зæрдæ, æмæ йын уыцы зæрдæ, йæ адæмы хъизæмайраг цард уынгæйæ, худыны бар дæр нæ лæвæрдта æмæ цин кæныны бар дæр.

Мæхинымæр хъуыдыты куы ацæуын, уæд мæ цæмæдæр гæсгæ нæ фæфæнды, Къоста худгæйæ ист кæм у, ахæм къам фенын. Цыма уæд йæхи хуызæн нал уаид. Мæ зæрдæйы цы Къостайы фæлгонц æрцард, ууыл комдзог куы рацæуа, уымæй фæтæрсын, æмæ, æвæццæгæн, хуымæтæджы нæ.

Къостайы нын Дунескæнæг радта нæ мастыл риссынæн, нæ сагъæстæ æвдисынæн. Æмæ, æцæгæйдæр, йæ нæртон хъарæг нынннæрыд Иры кæмттæ æмæ быдыртыл, йе 'нкъард зарæгæй нызмæлын кодта нæ бæрзонд хæхтæ æмæ ныллæг дæлвæзтæ. Æнкъард зæрдæйæ уымæн фыста:

Кæй зæрдæ нæ агуры хъарæг,
Уый зарæд йæхи фæндиаг.

Цыбырты Людвиг иу нывгæнæгæй æппæлыд, тынг кусаг, дам, у. Хуытиты Таймураз ын афтæ:

– Хæмпæлтæ цасфæнды куы ныккæрдай, уæддæр хосæн нæ бæззынц.

Уыцы ныхæстæ мын мæ зæрдыл Чехойты Сæрæбийы æрлæууын кодтой. Уый дæр-иу искæмæй исты хорз ныхас куы фехъуыста, уæд-иу æм бахæлæг кодта, тæхуды, уыцы ныхас мæнæй куы сирвæзтаид, зæгъгæ. Исчи-иу ын йе 'мдзæвгæ куы бакаст æмæ-иу дзы иу рæнхъ йæ зæрдæмæ куы фæцыдаид, уæддæр-иу æхсызгон хъæр фæкодта: «Уый мæн куы уаид!»

Уыйау æз дæр Таймуразмæ бахæлæг кодтон. Уыцы абарст æз куы загътаин, уый мæ фæндыд.

Камал кæйдæр фæфæзмы, Никарагуа æмæ, дам, ма Манагуамæ бафтауы: Майрæмадаг уа, Суадаг уа.

– Болгарийы сæйраг горæт цы хуыйны? – бафарстой фæлварæнты скъоладзауы.

– Зонын æй, фæлæ мæ 'рбайрох. Мæ дæлæвзаг рауайбауай кæны. Ныртæккæ йæ 'рхъуды кæндзынæн...

– Зоныс æй, зоныс, – разæнгард æй кæны ахуыргæнæг. – Дæ мады хоимæ æмнæмттæ сты.

– Æрхъуыды йæ кодтон: Текъле!..

Лæппу фæрæдыди. Текъле йæ мады хистæр хо уыди. Кæстæры ном зæгъын æй хъуыди. Уый София хуынди.

Олгинскæйæгтæ, Алагиры сæ хъæуккаг цы уынджы цард, уый зыдтой, фæлæ, кæцы хæдзары, уый сæ ферох æмæ, бынæттон цæрджытæй сæ размæ чи фæци, уый бафарстой. Уый сын загъта:

– Ацы уынджы цæут, цæут æмæ, акаци бæлас кæй дуармæ уа, уый уыдзæн олгинскæйаджы хæдзар.

Туыриаты Ципус Куырттаты комы номдзыддæр лæгтæй иу уыди. Бирæ æгъдау фæлæвæрдта ирон адæмæн. Йæ цот дæр йæхи хуызæн адæмимæ цæрæг кæстæртæ разындысты.

Ципус куы амард, уæд мæрддзыгойы адæмы зæхх нæ урæдта. Сыхбæсты номæй чи дзырдта, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ мæ йæ ныхæстæй иу нæ ферох: «Ципус

ахæм лæг уыд, æмæ йæм хъæргæнæг æрвитын нæ хъуыд. Зианы хабар хъусгæ фæкæнæд, æндæр-иу æнæмæнг мæрд-джыны фарсмæ æнæрбалæугæ нæ фæци».

Кæуылты тыхджын сты не 'гъдæуттæ! Хæддзуйæ чындзæхсæв, куывд кæнæ цины хъуыддаджы фæдыл цавæрфæнды æмбырдмæ дæр æрбацыдтæ, уæд дыл æнæмæнг æгады ном сбаддзæн.

Бынтон æндæр хъуыддаг у зиан. Уырдæм æнæхъæргæнæгæй æрбацæуæгæн фылдæр кад ис, æмæ Ципусы уыцы миниуæгæй йæ сыхаг дæр уымæн æппæлыди.

Нæ дын æмбæлд, афтæмæй цы преми райстай, уый дын æмбæлди исты хорз æхсæнадон хъуыддагыл бахардз кæнын.

Мæ фыны цавæрдæр лекцийы февзæрдтæн. Лекцинын касти, уымæй размæ кæй никуы федтон, ахæм нæлгоймаг. Цыдæр æнæмæнг кæнинаг хъуыддаджы фæдыл мæ дыууæ хатты сыстын бахъуыд. Дыккаг хатт куы сыстадтæн, уæд мыл ахуыргæнæг фæхъæр кодта:

– Послушай, танцор! – æмæ мын дарддæр ахæм æфхæрæн ныхæстæ загъта, æмæ фырмæстæй мæ масты дзæкъул, цы уыд, уымæй дыууæ хатты стырдæр фæци, фæлæ мæхиуыл ныххæцын бафæрæзтон.

Дыккаг сахат куы райдыдта, уæд дæр та мын цæйдæр ницæйаг хъуыддаджы тыххæй уайдзæф бакæнын йæ зæрды уыди, фæлæ, куыддæр фыццаг ныхæстæ сдзырдта, афтæ йæ хъуыры абадтæн æмæ, ме 'взаг цыдæриддæр карста, уыдон ыл ихуарæгау ныккалдтон. Мæ уайдзæфтæ куыд карздæр кодтой, афтæ мæ хъæлæс дæр тынгдæр нæрыди. Æппæты карздæр ныхæстæ мын афтæ хъæрæй рауадысты, æмæ фехъал дæн. Уый мын афтæ зын уыд, æмæ мæхи фæсмонæй хордтон, цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уыдон мын кæронмæ зæгъын нæ бантыст, зæгъгæ. Зæгъынмæ та йын хъавыдтæн афтæ: «Ды, æвæццæгæн, нæ зоныс, танцорæн къæхтæй уæлдай къухтæ дæр кæй ис. Уыцы къухтæм та ахæм миниуæг ис, æмæ, куы бахъæуы, уæд æрбатымбыл вæййынц æмæ йе 'фхæрæджы хæмхудтыл ралæууынц!»

Грис хъазæн ныхас бирæ уарзта. Ахудыны тыххæйиу истытæ йæхиуыл дæр æрымысыди. Иу хатт, дам, Ногиры уазæгуаты уыди. Кадджын уазæджы куыннæ сбуц кодтаиккой йæ хъæуккæгтæ. Ноджы йын йе 'рцыд сыхæгтæ дæр базыдтой, æмæ фынгæй бæрæгбон рауад. Бæрæгбон та зарæгæй фидауы, æмæ иу заман Грис базарыд. Æз æй никуы фехъуыстон, фæлæ куыд дзурынц, афтæмæй хорз зарыди.

Зард куы фæци, уæд, дам, ын фынгыл бадджытæй иу афтæ:

– Уæуу, дæ хæдзары мыггагыл, Плиты Грис, афтæ хорз чи зары æмæ афтæ æвзæр чи фыссы!..

Плитæм уыди æндæр Грис дæр. Номдзыд зарæггæнæг. Æмæ фынгыл бадæг афтæ фенхъæлдта, заргæ чи кæны, æмдзæвгæтæ дæр уыцы Грис фыссы.

Ацы хабæрттæ поэт Грис йæхæдæг æрымысыд.

Цалдæр азы размæ нæ цæхæрадоны ныссагътон æхсынцъы бæлас. Диссаджы хæрзад дыргътæ дæттын райдыдта. Хуымæтæджы æхсынцъы нæ уыди. Йæ дыргътæ уыдысты рæстæмбис фæткъуыйы йæстæ.

Цалдæр азы фæстæ бæласы фарсмæ æрзади рæхснæг тала. Афтæ тагъд айрæзт, æмæ, дыргъ дæттын куыд райдыдта, уый зонгæ дæр нæ бакодтон, фæлæ йæ дыргътæн дынджыр бæласимæ иумæйагæй ницы уыд. Ног талайы дыргътæ сырх нæ уыдысты, фæлæ – бур, стæй – гуырдзиаг балæй чысыл стырдæртæ. Уыцы хъуыддæгтæм дæсныдæр чи уыд, уый мын куыд радзырдта, афтæмæй стыр бæлас прививкæгонд уыди, тала та, прививкæгонд къалиуы бын цы уидаг уыд, уырдыгæй сырæзт æмæ йыл æндæрхуызон дыргътæ дæр уымæн зад.

Хъулæттæ мады гуыбыны дæр ис, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц.

Мæскуыйы куы ахуыр кодтон, уæд нæ æрбахуыдтой ахуырадон советы æмбырдмæ. Журналистикæйæ дзы кандидаты диссертаци хъахъхъæдта иу чызг. Мæ фарсмæ æрбадт Уæлдæр партион скъолайы ахуыргæнджытæй иу лæг. Дагестаны адæмыхæттытæй кæцыдæры

минæвар уыд, фæлæ кæцы, уый нал хъуыды кæнын. Нал ын хъуыды кæнын йæ мыггаг дæр – фынддæс æмæ ссæдз азмæ лæгæй цыдæртæ ферох вæййы – фæлæ, профессор æмæ наукæты доктор кæй уыд, уый мæ нæ ферох.

Мæ фарсмæ æрбадт, йæ сæрак папкæ байгом кодта, йæ гæххæттытæ дзы райста æмæ кусынмæ бавнæлдта. Уыцы рæстæг дзурын райдыдта диссертант дæр. Дзурын, зæгъгæ, уый уæздан ныхас у. Зæгъæн ис, æмæ йæ цъæхснаг хъæлæс уаты къуымтæ арыдта. Профессор иуцасдæр рæстæг цыдæртæ афыста, фæлæ, сылгоймаджы хъæлæс ныллæгдæр куы нæ кодта, уæд, йæ гæххæттытæ рамбырд кæнгæйæ, мæстыхуызæй сдзырдта: «Уыцы хъæр мæ кусын нæ бауадздзæн!» – æмæ феддæдуар.

Мæ зæрдыл, хæстæй чи ралыгъд, уый ныхæстæ ’рлæууыдысты. Ам, дам, лæджы маргæ дæр акæндзысты æмæ тохы быдыр ныууагъта.

– Ардæм хæрын æмæ нуазынмæ ничи ’рцыди.
– Тынг раст зæгъыс. Ардæм иууылдæр æрцыдысты нуазынмæ æмæ хæрынмæ.

Р. Т. фыста: «...горæты (Дзæуджыхъæуы. – **Дз.М.**) иронау чи фыссы, иу ахæм фыссæг дæр нæ фæзынд. Уымæн æмæ ам æндæр культурæ ис».

Мæнмæ гæсгæ, уый æндæр культурæимæ баст нæу. Генитæ дæр æмæ курдиæттæ дæр горæтты нæ гуырынц. Кæд дзы гуыры, уæд та – иугæйттæ. Ам та францаг уадзæн ныхасæн æнæрхæсгæ нæй: «Генитæ райгуырынц провинцийы, мæлгæ та акæнынц Парижы». Стæй ма йæ адарддæргæнæн ис ахæм ныхæстæй: генитæ нǽууыл зайынц, асфальтыл нæ фæлæ.

Горæты, иронау чи фыста, иу ахæм фыссæг дæр нæ райгуырди, зæгъгæ, зæгъын дæр бынтон раст кæй нæу, уымæн æвдисæн – Джимиты Георги.

Психиатрон рынчындоны дохтыр рынчынмæ цæуылдæр рамæсты æмæ йын афтæ:
– Кæд ахæм зондджын дæ, уæд ам цы кусыс?

– Æмæ дзы ды цы кусыс? – йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп радта рынчын.

Иннæ рынчын та сæйраг дохтырмæ алы фембæлды дæр ахæм фарст лæвæрдта:

– Кæм хуыссыдтæ?

Нæхимæ, зæгъгæ, йын-иу дохтыр алы хатт дæр дзуапп радта.

Рынчын та йын-иу афтæ загъта:

– Æз та æхсæзæм палатæйы.

Æцæгæйдæр, рынчыны палатæйы номыр уыди æхсæзæм.

Рагон Индийы зонды ныхæсты æхсæн ахæм дæр ис: «Чиныг, ус æмæ æхца искæй къухмæ куы бахауынц, уæд сæ сæфтыл ымай. Куы ма дæм æрбахауой, уæд чиныг – скъуыдтæй, ус – хæлдæй, æхцатæ – хайгай».

Мæ зæрдæмæ дыууæ хъуыддаджы хæссын æмæ сæ фервæзынмæ хъавын. Дыууæ дæр, цы чингуытæ арæзтон, уыдонимæ баст сты.

Кæддæр мын рауагъдад бахæс кодта чиныг «Поэзийы бон» бацæттæ кæнын. Бацæттæ йæ кодтон. Мæхимæ гæсгæ, æвзæр нæ рауад. Фау æм ничи ’рхаста, фæлæ дзы мæхæдæг иу аипп ссардтон. Хъыгагæн, мыхуыры куы рацыд, уымæй къорд азы фæстæдæр.

Цæвиттон, фысджыты уацмыстæ мыхуыргонд цыдысты дамгъуатмæ гæсгæ. Цæмæн, уый нæ зонын, фæлæ цыма «дз» дамгъуатмæ гæсгæ «дж»-йæ раздæр лæууы, афтæ мæм фæкаст, æмæ мæхи æмдзæвгæтæ Джиоты Хазби æмæ Джыккайты Шамилы æмдзæвгæты разæй мыхуыргонд æрцыдысты…

Пушкины райгуырдыл 200 азы куы æххæст кодта, уæд ын йæ уацмысты æмбырдгонд ирон æвзагмæ тæлмацгондæй рауадзын рауагъдад бабар кодта мæнæн æмæ та ам дæр, нæ мæ фæндыд, афтæмæй рæдыд æруагътон.

Æрхъуыдыйы фæрцы дæ мацы аирвæзæд, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ фæзæгъынц. Пушкины уацмыстæ ирон æвзагмæ бирæ фысджытæ тæлмац кодтой. Дыгай, æртыгай хæттыты кæй раивдæуыд, ахæм уацмыстæ дæр дзæвгар

сты, æмæ сфæнд кодтон æппæт тæлмацтæ дæр ныммыхуыр кæнын. Фæлæ уыдонимæ нæ бахауд Хозиты Яковы тæлмац. Уый йæ рæстæджы ратæлмац кодта Пушкины «Эпиграммæ æмдзæвгæтæ фыссæджы мæлæтыл». Цыппар рæнхъы йеддæмæ нæу, фæлæ йæ тынг дæсны тæлмац ракодта. Зыдтон уыцы тæлмац, фæлæ, чиныг аразгæйæ, мæ зæрдыл не 'рлæууыд, æмæ дзы мыхуыргонд æрцыд æрмæст мæхи тæлмац, афтæмæй Яковы тæлмац хуыздæр йеддæмæ æвзæрдæр нæу.

Æнæрхъуыдыйæ мыл æрцыдисты дыууæ рæдыды дæр. Яков æмæ Хазбийæ хатыр курын мæрдтæм, Шамилæй та — уæлæуыл.

Яковы тыххæй ма цы зæгъынмæ хъавын? Йæхи эпиграммæ йын Тохты Иваны фæрцы рохуаты баззайынæй фервæзын кодтон.

Боциты Бароныл цы эпиграммæ ныффыста, уый алчидæр зоны, фæлæ ма йыл æндæр эпиграммæ дæр кæй ныффыста, уый ничи зыдта, уымæн æмæ, мæнмæ гæсгæ, мыхуыргонд никуы уыди. Æз дæр æй, Иван мын æй куы нæ загътаид, уæд нæ зыдтаин.

Бароны роман «Саст рæхыс» алкæмæн дæр зындгонд у. Къаддæр зындгонд у йе 'мдзæвгæты чиныг «Цины бонтæ», уымæн æмæ, дунейы рухс куы федта, уæдæй нырмæ дæс æмæ æртиссæдз азæй фылдæр рацыд. Гъе æмæ уыцы дыууæ чиныджы тыххæй Яковмæ ис ахæм эпиграммæ:

«Цины бонтæ», «Саст рæхыс»-тæ
Ис Когизы тонн,
Уымæн æмæ у сæ фыссæг
Боциты Барон.

Ацы эпиграммæйы кой ма мæ чингуытæй кæцыдæры кодтон.

Æрæджы базыдтон, Яковы уацмысты æмбырдгонд рацæуынмæ кæй хъавы, уый. Базыдтон, ацы эпиграммæ дзы кæй нæ уыд, уый дæр æмæ йæ рауагъдады сæйраг редактор Кокайты Тотрадзмæ радтон.

Хуыцауы фæндæй йæ чиныджы фыццаг хатт мыхуыры фæзындзæн.

Мæ фыстыты сагъæс мæ фæстаг рæстæг арæхæйарæхдæр бацæуы. Тæрсын, сæ разæй куы фæуон, мæ фæстæ æнæмыхуыргондæй куы баззайой æмæ сæм хъусдарæг куынæуал фæуа, уымæй. Уæвгæ дзы кæд хъус æрдаринагæй дæр ницы ис, уæддæр цы бæрæг и. Фæлæ хæфсы хабар дæр рохгæнгæ нæу. Йæ лæппын æм хуры тын кæм кæсы, уым, адæймаг йæ цард цы хъуыддагæн снывонд кодта, уыцы фæллæйттæм æцæгæлон цæстæй куыд хъуамæ акæса?!

Æмæ, куы зæгъын: мæ фыстытæ боны рухс куы нæ феной, уæд цы фæуыдзысты, ууыл мæт мæ зæрдæйæ нæ цух кæны. Есенины загъдау: «...несчастье родиться поэтом и своих же стихов не любить». Суанг ма мæм ахæм рæнхъытæ дæр фæзынди:

Кæндзыстут ууыл дис
Мæ фæстагæттæ тагъд:
Мæ фыстыты æмбис
Нæма æрцыди уагъд.

Бирæ азты размæ командировкæйы уыдтæн æмæ нын фембæлд уыд уæгъдибар хъæбысхæстæй дунейы цалдæр хатты чемпион, Олимпаг хъæзтыты уæлахиздзау Иваницкий Александримæ.

Хæдæфсарм адæймагæй базыдтон Иваницкийы. Ам, нæхимæ, дæр хъæбысæй хæцыди, æмæ йемæ афтæмæй базонгæ дæн. Уыцы рæстæг «Рæстдзинад»-ы редакцийы спорты хъуыддæгтæ дæр кодтон æмæ уыимæ дæр æмæ иннæ хъуыстгонд богал Олимпаг хъæзтыты æртæ хатты чемпион Медведь Александримæ дæр уæд фембæлдтæн цалдæр хатты.

Иваницкий хъæбысæй куынæуал хæцыд, уæд центрон телеуынынады куыста спортивон программæты хицауæй, æз та – Цæгат Ирыстоны телеуынынад æмæ радиохъусынады комитеты сæрдары хæдивæгæй. Командировкæйы дæр мæ куысты фæдыл уыдтæн. Иваницкиимæ дæр уæд фембæлдыстæм. Бирæ хабæрттæ нын фæкодта, базонгæ стæм, разамынд кæмæн лæвæрдта, уыцы редакцийы куыстимæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, лæвæрдтам æм фарстытæ дæр. Фембæлды архайджытæй йæ иу афтæ бафарста:

— Роднина Иринæ ма ерысты архайдзæн?

— Ирæмæ алцæмæ дæр æнхъæлмæгæсæн ис, — йæ мидбылты бахудт Александр. — Афтæ чи загъта, æз Советон Æфсады бон, ома 23 февралы, лæппу ныййардзынæн æмæ чи ныййардта, уый куы бафæнда, уæд цы нæ бакæндзæн? — худгæйæ фарстæн фарстæй дзуапп радта Иваницкий.

Нæ хæстæджытæ бирæйæ кæм æрæмбырд вæййынц, ахæм ран хаттæй-хатт æфсæрмы уавæры бахауын. Адæм, ома къабæзтæ мыл цинтæ фæкæнынц, фæлæ дзы кæйдæрты куы нал базонын, уæд мæхи къæмдзæстыджы бынаты банкъарын. Азты кой скæнынмæ дæр фæхъавын, фæлæ мæхиуыл фæхæцын, уымæн æмæ къанауы сæрты чи гæпп кодта æмæ, йæ астæу ныххаугæйæ, афтæ чи загъта, ехх, мæ лæппуйы бонтæ, цы фестут, зæгъгæ, мæ уавæр уымæй хуыздæр схонæн нæ вæййы...

Æрыгонæй дæр хуыздæр кæй нæ уыдтæн, уымæн хорз æвдисæн ис...

«Рæстдзинад»-ы редакци бирæ азты уыди Сабырдзинады проспекты, 25-æм хæдзары цыппæрæм уæладзыджы. Дæс æмæ дзы дыууиссæдз азы размæ кусын куы райдыдтон, уæд хæдзары сæрмæ дынджыр дамгъæтæй уыдис ахæм фыст: «Намыс Советон Цæдисы Коммунистон партийæн!» Дамгъæты мидæг сыгъди электрон цырæгътæ. Æхсæв-иу сæ ссыгътой, æмæ лозунг дардмæ дæр цæхæртæ калдта. Æз-иу, ныры хуызæн уæд дæр, фæскуыст чысыл баулæфыны фæстæ редакцимæ тагъд кодтон. Уыцы лозунг та цыппæрæм уæладзыджы судзгæ уыди. Куы-иу æрбацæйцыдтæн, уæд мын-иу дуаргæс бафæдзæхста, цырæгътæ-маиу ссудз, зæгъгæ. Æз-иу ын, кæй зæгъын æй хъæуы, зæрдæ бавæрдтон, фæлæ-иу мæ, цалынмæ цыппæрæм уæладзыгмæ цыдтæн, уæдмæ ферох, æмæ-иу мæм дуаргæсы телефонæй дзурын бахъуыд, цæуыннæ сæ ссыгътай, зæгъгæ.

Хъæуы райгуырдтæн æмæ хъæуы цæргæйæ баззадтæн: мæ буар нæ — мæ зæрдæ. Æвддæс азы кæм арвыстон, уыцы цæрæн бæстæйæн йæхи цæрæн бæстæ, цалынмæ цæрон, уæдмæ уыдзæн мæ зæрдæйы. Мæ рæсугъддæр мысинæгтæ баст сты хъæуимæ. Кæд дзы цыфæнды мæ-

гуыр бонтæ æрвыстон, уæддæр сæ мæ царды хъæздыгдæр бонтæй никæцыйыл баивин. Кæимæ хъомыл кодтон, дзыхъхъыдзабойæ кæмыты хъазыдтæн, сæрдыгон фæлмæн къæвдайы фæстæ цы доны мæлтты лæгæрстон, уыдон зноны хуызæн мæ цæстытыл уайынц æмæ уайдзысты кæддæриддæр.

Царды фæндæгтæм цы бæлæсты цъуппытæй кастæн, уымæй мæ бæрзонддæр иу хох дæр никуы сисдзæн. Уырдыгæй дунейыл фæлгæсгæйæ, риуы цы бæллицтæ райгуырд, уыдоныл цин кæнынæй никуы бафсæддзынæн. Мæ рæсугъддæр мысинæгтæ баст сты, бæгъæввадæй кæм ратæх-батæх кодтон, уыцы Бæрæгъуынимæ.

Мæ цæстытæ куы бацъынд кæнын, уæдæй хуыздæр никуы фæуынын. Уæд мæ разы ирдæй сыстынц ивгъуыды нывтæ. Не 'рдæгхæлд хæдзары цур мын бирæуæладзыгон галуантæ ницы ад кæнынц. Нæ цæхæрадоны цы балтæ, фæткъуытæ, чылауитæ, чъерамитæ æмæ æхсынцъытæ зади, уыдоны дыргътæй хæрзаддæр уыйфæстæйы дыргътæй никæцыуал уыд. Бæлæстæй чи кæм зад, уый мæ цæстытыл куы ауайы, уæд мæ зæрдæ æхсызгон рæхуыст скæны, цыма мæ азты бæрзондæй радугъ кæнын æмæ уысммæ сæ ныллæджы балæууын.

Хъæу, зæгъгæ, æрмæст йæ ном дæр адæймагæн амонды хос фæвæййы. Нæ горæтæн фæстæмæ йе 'цæг ном — Дзæуджыхъæу куы радтой, уæд мæ цинæн кæрон нал уыд. Мæ цин мын дывæр кодта, Дзæуджы фарсмæ «хъæу» кæй уыдис, уый. Суанг ма зарæг дæр ныффыстон. Ис дзы ахæм рæнхъытæ:

Æз мæ райгуырæн бæстæмæ
Ног æрцыдтæн, нæу уый фын:
Хъæуы райгуырдтæн, фæстæмæ
Хъæуы райдыдтон цæрын.

Уыцы хъæу у Дзæуджыхъæу,
Хурау зæрдæмæ хæстæг.
Ирæй алкæй хуызæн дæу
Хоны йе 'мтуг æмæ стæг.

нæ дæндагæй цæрын куыд зын у, уый, дæндæгтæ кæмæн нал ис, уымæй хуыздæр ничи зоны. Базыдта

йæ мæ сыхаг Зауырбег дæр, уымæн æмæ йæ дзыхы дыуууæ дæндаджы йеддæмæ нал баззад, уыдон дæр разæй, дыууæрдыгæй дæр нæ – æрмæстдæр иуæрдыгæй.

Иуæрдыгæй фылдæр дæндæгтæ куы уа, уæддæр сæ пайда бирæ нæу, уымæн æмæ, цæуыл æрæнцой кæной, уый куы нæ уа, уæд мылытæ фаг æххуысгæнджытæ не сты.

Бавнæлдта Зауырбег йæ дæндæгты кой кæнынмæ. Раззаг дæндæгтыл сызгъæрин цъар сæвæрæггаг уыйас бирæ æхца нæ хъуыд, фæлæ иннæтæ æрмæст сæ ныссадзæггаг дæр минтæй нымайгæ уыдысты, цы дзы садзы, уый та йын уалæ Цæгатæй æрæрвыстой. Цыма пылы стæгæй сты, ахæм ныхас дæр мæ хъустыл æрцыди. Зауырбег æнæ дæндагæй афтæ сфæлмæцыди, æмæ цыфæнды хæрдзтæ кæныныл дæр сразы.

Райдыдтой йын дæндæгтæ кæнын. Дыууадæс чындзæхсæвмæ йæм хонджытæ уыди, фæлæ дзы иу йеддæмæ никæцымæ ацыди: адæм куыд минас кæнынц, уымæ кæсын, дзургæйæ куыд æнцон зыны, афтæ æнцон нæу. Цæттæ фынгмæ, дам, нарты Уырызмæг дæр нæ лæууыди. Уырызмæг уымæн нæ лæууыди, æмæ йæ дæндæгтæ æнæхъæн уыдысты, фæлæ Зауырбег æнæдæндаг уыд æмæ иннæ чындзæхсæвтæм уымæн нал ацыд.

Цалдæр мæйы фæстæ йæ дæндæгтæ срæвдз сты. Йæ рæбыны капекк нал баззад, афтæ смæгуыр. Раздæр, цæмæй хæра, уый йын нæ уыд, ныр та, цы бахæра, уый йын нæй.

Раст зæгъын хъæуы, чындзæхсæвтæм цæуын райдыдта, фæлæ бон æртæ хатты Зауырбеджы тыххæй чындзæхсæв чи кæндзæн?!

Фæстаг азты цы бирæ чингуытæ фæзынди, уыдоны дзæвгар хай литературæмæ ницы бар дары, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд нæ фæрæдидзынæн, уымæн æмæ уый æцæгæйдæр афтæ у. Фыссын ныртæккæ чи нæ зоны, ахæм зын ссарæн у, фæлæ, цы фыссы, уый чи зоны, ахæмтæ бирæ не сты. Уæддæр фыссынц, цы зæгъа, уый кæмæ ис, уыдон нæ, фæлæ, фылдæр æхца кæмæ ис, уыдон. Æмæ уадзынц иу чиныг иннæйы фæдыл, гæххæтт æмæ ахорæнтыл нæ ауæрдгæйæ. Йæхæдæг чи нæ фыссы,

уыдон та сæхиуыл фыссын кæнынц. Сæ «диссаджы» цард ы «диссаджы» хабæрттæй ахæм томтæ рауайы, æмæ адæймаг дисæй амæлы, ахæм нæртон лæджы нæртон хъуыддæгтæ Иры дзыхъхъæй иу йæ сæр куыд никуы сдардта æмæ йæхи йæ уарзон адæмæн куыд никуы базонын кодта, зæгъгæ.

Адæмы 'хсæн нæ, фæлæ йæ бинонты æхсæн дæр иу зонджын ныхас чи никуы загъта, уыдон Иры дзыллæтæн зондамонджытæ басгуыхтысты, йæ кæрты «уыссиу!» зæгъыны бар кæмæн нæй, уыдон куырыхон ирон æгъдæуттæн тæрхонгæнджытæй агæпп ластой. Стыр хъыгагæн, уыцы хæстæ йæхимæ чи исы, уыдоны 'хсæн зивæггæнджытæ бирæ нæй. Æмæ фыссынц, дзурынц, амонынц, ахуыр кæнынц радио æмæ телеуынынадæй, газеттæ æмæ мыхуыры иннæ фæрæзтæй. Рацæй-рабон вæййы, æмæ уыцы диссаджы зондамындтытæ хицæн чингуытæй гæппытæ кæнынмæ фæвæййынц.

Бархион фысджытæ – уæдæ курдиаты хъæстæ кæмæ нæй, афтæмæй чингуытæ чи уадзы, уыдон æндæр номæй куыд схуындæуа! – канд сæхи «уацмыстæ» æмæ сæхиуыл фыст чингуытæ нæ уадзынц, фæлæ ма чингуытæ уадзынц сæ хъæутыл, сæ кæмттыл, сæ мыггæгтыл.

Хъæутæ, кæмттæ æмæ мыггæгты тыххæй кæй фыссынц, уый раппæлинаг хъуыддаг у. Фæлæ ам дæр фыццаджы-фыццаг дзурын хъæуы сæ хæрзхъæддзинадыл. Иу кæнæ иннæ мыггаг куыд равзæрд, уый бæлвырд æвдисæнтыл амад куы уа, ныры æмæ фидæны фæлтæрты хъомыладæн æххуыс куы уа, уæлахизтæм сæ куы тырнын кæна, уæд ахæм æрмæг цымыдисаг уыдзæн канд иу мыггагæн нæ, фæлæ иннæ мыггæгтæн дæр. Иу ком, иу хъæуы истори раиртасынæн дæр чысыл ахадындзинад нæй. Цыфæнды цæрæнбæстæ дæр адæймаджы йæхимæ æнæаздахгæ нæ фæуыдзæн – йæ рæсугъддзинадæй, йе 'рдзы нывтæй, йе 'гъдæуттæ, кадджытæ æмæ таурæгътæй, æппæты фыццаг та – йæ адæмæй. Гъе æмæ нæм уыцы хъæздыгдзинæдтæ кæм разыной, ахæм чингуытæ куы фæзына, уæд нæ фæбузныг уыдзысты, канд нæ дуджы цæрджытæ нæ, фæлæ фидæны фæлтæртæ дæр.

Ирон адæм иу номæн цалдæр хуызы раттынмæ тынг дæсны сты. Райсæм ном Михаил.

Бæрæгъуыны иу Михаил дæр нæй. Уыйхыгъд ын ис аст хуызы: Михел (Хъуппеты, Сопойты), Миха (Хапсæты), Михал (Цомайты), Михайло (Реуазты), Мишá (Цомайты), Ми́шæ (Дзасохты, Сопойты), Мишкá (Уырымты), Мишкǽ (Цогойты).

Нæ хъæуы ма фембæлæн ис æндæрхуызон хабарыл дæр: иу ном сæвæрынц дыууæ хæрзæфсымæрыл. Зæгъæм, Дзасохты Адзыртты фырттæ хуыйнынц Ладемыр æмæ Валодя, Цомайты Хатуйы фырттæ та – мæрдты рухс дзæнæты бадæнт – хуындысты Мишá æмæ Михал.

Хуындæг партион организацийы секретарæй куыста. Йæ царды дæргъы бирæ гуыргъахъхъ фæндæгтыл ауад. Хъæбатыр хæстон уыди, фæци цалдæр уæззау цæфы. Фæсахъат йæ къах, нал ракаст йæ иу цæстæй, фæлæ уæддæр йæ кусын нæ ныууагъта. Адæм æй уарзтой, уарзтой йæ хицауад дæр æмæ йæ иу бæрнон бынатæй ивтой иннæмæ.

Парторгæй куы куыста, уæд ыл дзæвгар азтæ цыди. Сфæнд кодта йæ куыст ныууадзын æмæ бацыд партийы райкомы секретарьмæ. Йæ фæндон ын бамбарын кодта.

Райкомы секретарæн æхсызгон кæм уыдаид йæ иузæрдион æмкусæгæй ахæм ныхæстæ фехъусын. Хуындæг бирæ азты, кæмдæриддæр куыста, уым æвдыста хъæппæрис, зыдта адæмимæ дзурын, арæхсти алкæимæ дæр иумæйаг æвзаг ссарынмæ. Цыбыр дзырдæй, райкомы секретары нæ фæндыд, йæ куыстæй куы ацыдаид, уый æмæ йын загъта:

– Цалынмæ мын дæхи хуызæн секретарь ссарай, уæдмæ дын кусгæ ’рцæудзæн.

– Омæ дын ахæм кæм ссарон? Мæ хуызæн къуылых æмæ иуцæстон æрмæст нæ хъæуы нæ, фæлæ ме ’ппæт зонгæты ’хсæн дæр куы нæ ис, уæд? – дзуапп ын радта Хуындæг.

Уырыссагау куы зонай, уæд уый æвзæр нæу, фæлæ, æвзаг кæй нæ зоныс, уый æвдисыныл куы архайай, уæд уым раппæлинагæй ницы ис. Афтæмæй та нæм ахæмтæ дæр ис. Фæстаг рæстæг сæ нымæцыл æфтгæ

цæуы, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм. Сæ нымæц фæфылдæр кæнынил сын цыма хъæуы цæрджытæ тынгдæр архайынц, афтæ мæм кæсы. Уыцы хъуыддагæн æз æвдисæн рагæй дæн. Хъуыды ма кæнын, райдайæн скъолайы куы ахуыр кодтон, уæд-иу нæм хистæртæй чидæртæ нæ нæмттæй нæ дзырдтой, фæлæ нæ мыггæгтæй. Уыимæ – уырыссагау. Кæйдæр æвзагыл дыууæ ныхасы кæрæдзиуыл бабæттын чи нæ зыдта, фылдæр ахæмтæ. Нæ мыггæгтæ нын уырыссагау кæй дзырдтой, уымæй æвдисынмæ хъавыдысты, иуæй, уырыссагау дæсны кæй сты, иннæмæй, бæрзонд культурæйы хицау кæй сты.

Фæстæдæр уыцы миниуæгыл фæхæст сты сылгоймæгтæ. Уыдон та уырыссагау сæ мыггæгтæй сæ лæгтæм дзурын райдыдтой. Уыцы æгъдау – кæд ын æгъдау рахонæн ис, уæд, мæнмæ гæсгæ, ныр дæр нæма ныууагътой. Куыд рабæрæг, афтæмæй æнахуыргонд адæмы миниуджытæ, æнахуыргонд схонæн кæмæн нæй, уыдон дæр райсынц.

Дур æхсын куы нæ зонай, уæд дзы дæ къæбут кæй ныццæвдзынæ, уый фыдæлтæй ардæм хъусын, фæлæ æвзаг куы нæ зонай, уæд ноджы фыддæр уавæры бахауæн кæй ис, уымæн та æвдисæн – мæхæдæг.

Нæ хъæуы уыдис иу ахæм къуыдипп, æмæ уырыссагау нæ зыдта, афтæмæй уырыссагау дзурыныл архайдта. Иу хатт æй хъæусоветæй цыдæр гæххæтт хъуыди æмæ, сæрдары кусæн уатмæ бацæуæны цы сылгоймаг бадт, уымæ дзуры:

– Сæрдар ам ис?

– О, фæлæ йæ не ’вдæлы.

Лæг уыцы ныхæстæ ницæмæ ’рдардта, дуар базыхъхъыр кодта æмæ мидæмæ дзуры:

– Я не помешался?

Сæрдар ын дзуапп дæттынмæ фæрæвдз:

– Нет, но дело идет к этому.

Къостайы райгуырды 140 азы юбилей куы сбæрæг кодтам, уæд Тедеты Ефим, радиойæ ныхас кæнгæйæ, ахæм хъуыды загъта, Ирон театры юбилейы фæдыл кадджын æмбырдмæ, дам, æрбахуыдтой, Къоста цæрæнбонты кæй ныхмæ тох кодта, уыдоны хуызæн адæмы.

Уый дæр диссаг куыннæ у, фæлæ уымæй къаддæр диссаг не 'рцыди дæс азы фæстæ, ома поэты райгуырды 150 азы куы бæрæг кодтам, уæд. Мæнæ куыд фыста нæ газеттæй иу уыцы заман: «Благодарности и самых добрых слов достойны все участники концерта – каждый из 187 человек, приехавших в Москву».

Дыууæсæдæмæ 'ввахс уыдисты, æрмæстдæр концерты чи архайдта, уыдон, фæлæ ма дзы уымæй уæлдай дæсгай архайджытæ ма уыдаид, уый мæ нæ уырны. Утæппæт адæмы 'хсæн иу фыссæг дæр нæ уыди. Фыссæджы бæрæгбон – æнæ фыссæгæй.

Уыцы хабары тыххæй дзургæйæ, æз иу æмбырды афтæ загътон: «Гиннессы чиныджы дæр уымæй диссагдæр хабæрттæ нæ вæййы!» Загътон, фæлæ йæм иу хъусæрдарæг дæр нæ фæци.

Æмæ ма ноджыдæр иу диссаг. Уый дæр Къостайы номимæ баст у.

1999 азы Мæскуыйы рауагъдад «Менеджер» мыхуыры рауагъта Къостайы уацмысты I том. Разæй дзы фыст уыди, уацмыстæ, дам, уагъд цæуынц поэты райгуырды 140 азы кадæн. Уæдæй нырмæ дæс азæй фылдæр рацыд, Къостайы райгуырдыл 150 азы дæр сæххæст, фæлæ абоны онг иннæ том уагъд нæма 'рцыд.

Бирæ хæттыты ацы фарстыл, стырдæр уæвæн нæй, ахæм æмбырдты дзырдтон, суанг ма стыр хицæуттæй чидæртæ мæ фарс дæр рахæцыд, фæлæ хъуыддаг абоны онг йæ бынатæй нæма фенкъуыст.

Диссæгтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз сты, хорз хабæрттыл дзурæг куы уой, уæд, фæлæ, æз цы диссæгты кой скодтон, уыдоны хорзæй ницы ис.

Иу хъæздыг лæджы фатеры фæдавды хабар нæм куы 'рбайхъыст, уæд Фатимæ афтæ фæкодта:

– Уый алы бон куы давы, уæд ын йæхицæй иу хатт куы адавой, уæд цас диссаг у?!

Шалвайы Фысджыты цæдисы рæнхъытæм куы райстой, уæд Мæрзойты Сергей афтæ фæкодта:

– Кæд æй некрологæн хъæуы, æндæр ма дзы зæрондæй цы кæны?

Цуммæ цыдтæн. Трамваймæ æнхъæлмæ кæсынмæ фæзивæг кодтон æмæ фистæгæй араст дæн. Схæццæ дæн, уæддæр трамвай мæ рæзты нæма сивгъуыдта, æмæ мæхицæй фæбузныг дæн, дзæгъæлы кæй нæ фæлæууыдтæн, уымæй. Балхæдтон, цы мæ хъуыд, уый æмæ, куыддæр дуканийæ рахызтæн, афтæ трамвай мæ тæккæ размæ фæци, æмæ бацин кодтон. Цумы цурæй мæ цæуын куы бахъæуы, уæд æнæ дзæвгар фæлæугæ трамвайыл никуыма фæхæст дæн. Ныр, трамвай куы ауыдтон, уæд йæ размæ батагъд кодтон. Цалынмæ йæ цурмæ хæццæ кодтон, уæдмæ йæ раззаг дуары цур адæмæй айдзаг. Цæмæдæр гæсгæ астæуккаг æмæ фæстаг дуæрттæ æрæхгæдтой æмæ æнæ билет райсгæ мидæмæ никæй уагътой. Бафæстиат уыдзынæн, уый бамбæрстон, стæй, чи не 'мбæлы, ахæм хъуыддаг кæй кæнынц, уый тыххæй мæ маст рафыхт æмæ мæ куыстмæ фистæгæй араст дæн.

Терчы сæрты хидыл донæн йæ рахизфарсмæ бахызтæн æмæ уым дæлæмæ былгæрæтты паркыл араст дæн. Чысыл раздæры ныв мæ 'рбайрох, мæ маст дæр æрбайсæфт.

Цæуын, хъуыдытæ кæнын. Мæ зæрдыл æрбалæууыд уырыссаг æмбисонд. Цы 'рцæуы, уый, дам, хуыздæрæрдæм рауайы. Уыцы ныхæсты рæстдзинад ма мæ ноджыдæр иу хатт бауырныдта, мæ куыстмæ куы 'рхæццæ дæн, уæд. Фыццаджыдæр, Терчы былты дæс минуты бæрц сыгъдæг уæлдæфмæ фæцыдтæн. Уæвгæ, уый фыццаджы нæ уыди. Фыццаджыдæр уыди, аст сомы кæй сфæстауæрц кодтон, уый. Уый фæстæ – сыгъдæг уæлдæфы фистæгæй балц. Æртыккаджы – фæндагыл ссардтон туман æмæ, æппынфæстаг, фистæгæй кæй рацыдтæн, ууыл фæсмон нæ фæкодтон.

Æмæ, дам, цы 'рцæуы, уый хуыздæрæрдæм нæ рауайы!

Нæ хæдзарвæндагæй кæй зыдтон, уыдонæй цыма мæ фыды хо Оляйæ фылдæр ничи фæцард, афтæ мæм кæсы – аст æмæ цыппарыссæдз азы. Мæ фыды фыд æмæ мæ фыды мады не 'рæййæфтон. Цас фæцардысты, уый дæр нæ зонын, фæлæ Оляйæ фылдæр фæцардаиккой, уый мæ нæ уырны. Оляйæн иу хо æмæ 'ртæ 'фсымæры уыди, æмæ уыдон дæр æрыгæттæй амардысты. Оля, раст

зæгъын хъæуы, цæстæй фæцудыдта, фæлæ хъусæй, Къостайы загъдау, «авд дæлзæххы бын дзынгатæ» сынæр куы цагътаикκой, уæддæр сæ фехъуыстаид, æмæ æз дæр мæ зæрдæ дардтон, мæ хъустæ мыл комдзог никуы рацæудзысты, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн. Иуæй-иу хатт мæ, цы фæдзурынц, уымæй дыккаг хатт фæрсын дæр бахъæуы æмæ йæ уæд дæр куы нæ бамбарын, уæд, цыма йæ бамбæрстон, мæхи афтæ фæдарын, уымæн æмæ, хорз кæй нал хъусын, уый адæмæй сусæг кæнын. Фæлæ йæ бинонтæй, æмæ, арæх кæуыл æмбæлыс, уæлдайдæр кæимæ кусыс, уыдонæй цасфæнды куы фембæхсай, уæддæр дын нæ бантысдзæн: уайтагъддæр дын дæ сахъат раиртасдзысты. Мæнæн дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, мæ бинонтæ дæр, ме 'мкусджытæ дæр мæ хъусты хабар базыдтой æмæ мын суанг фидистæ кæнын дæр райдыдтой.

Фатимæ, мæхицæй мын цы фехъуыста, уыцы ныхæстæй бауайдзæф кæны, редакцийы сæйраг бухгалтер Серафинмæ та йæхи хæцæнгарз ис, æмæ мæм дыууæйæ дæр сæхи цæттæйæ дарынц. Фатимæйы, цы загъта, уымæй дыккаг хатт куы бафæрсын, уæд ницы фæзæгъы, фæлæ йæ æртыккаг хатт куы бафæрсын, уæд дзуапп раттыны бæсты фæкæны: «Къуырмаимæ дзурын дæр иу замана у!»

О, уыцы ныхæстæ мын Фатимæ мæхицæй фехъуыста, æз та – мæ мады мад Лезийæ. Йæ ном Лези уыди, фæлæ йæ мах Дзыцца хуыдтам. Æвæццæгæн, Веринкæмæ гæсгæ. Уый йæ мадмæ ахæм номæй дзырдта.

Не 'рвадæлты ус Налди хуынди. Мæ чингуытæй кæцыдæр фæлгонцы прототип у. Нæ мады фæстæ иунæгæй куы баззадыстæм, уæд нæм иуцасдæр Дзыцца фæци, æмæ-иу æй Налди арæх абæрæг кодта. Дыууæ дæр дæйыхъæуккæгтæ уыдысты, чызджытæй фæстæмæ кæрæдзийы зыдтой æмæ, цæуыл дзырдтаиккой, уый сын уыди, фæлæ Налдимæ тынг хъæрæй дзурын хъуыди, æмæ-иу ныхас куы нæ хъуыста, уæд ыл-иу Дзыцца, йæ къух ауигъгæйæ, сбустæ кодта: «Охх, къуырмаимæ дзурын дæр иу замана у!»

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй мын мæ сахъат мæ куысты дæр базыдтой, фæлæ, хъусæй кæй фæцудыдтон, уый мын сæ æргомæй Серафин йеддæмæ ничима загъта.

Куыд рабæрæг, афтæмæй Серафинæн йæ сæрыхицау дæр хъусæй сæ тæккæ рæвдзытæй нал у, æмæ йын иуахæмы йæ ныхæстæ куы сфæлхат кæнын кодтон, уæд мын,

дывыдон арты кæй бахауд, уый бамбарын кодта: «Мæныл мæгуыры бон ис: мæ хæдзары дæр – къуырма, мæ куысты дæр – къуырма!»

Низыхъæд раиртасын дæр ахсджиаг куыннæ у, фæлæ, сахъат адæмæн цы бæрæгбæттæ вæййы, уыдоны тыххæй сын лæвæрттæ куы нæ кæнай, уæддæр сын арфæ ракæнын кæй фембæлы, уый, куыд бамбæрстон, афтæмæй Серафинмæ нымады дæр нæу. Хъусæй дзæбæх куынæуал хъусын, ууыл афæдз дæр æххæст нæма цæуы, афтæмæй мæ нæ бæрæгбон æрæййæфта. Æнæнхъæлæджы йæм къæлиндары фæкомкоммæ дæн. Ацы аз 27 сентябры къæлиндары сыф куы рафæлдæхтон, уæд кæсын æмæ дзы сырх дамгъæтæй фыст: «Международный день глухонемых». Улæфты бон уыди. Серафинмæ сæхимæ бадзырдтон, куыд æнæуæздан дæ, бæрæгбоны тыххæй мын арфæ уæддæр цæуыннæ ракæныс, зæгъгæ. Марадз-зæгъай, кæд мын мæ ныхæстæ хъазыны ’рдæм н’ аздæхта!

Зæххы цъарыл гобитæ кæй ис, ууыл дунейы дзыллæтæ цин кæнынц, суанг ма сæ номыл бæрæгбон дæр сарæзтой, Серафинæн та йæ хæдзары дæр æмæ йæ куысты дæр, кæд немойтæ нæй, уæддæр глухойтæ ис, афтæмæй диваныл бады æмæ йæ зæрдæйы дзæбæхæн телевизормæ кæсы. Нæ бухгалтерыл мæ зæрдæ куысты никуы ницæмæй фæхудти, фæлæ ахæм бон йæхи афтæ æнæуæзданæй равдисдзæн, уый æнхъæл ын нæ уыдтæн. Уæд цавæр у, адæймаг бакъуырма, уый йын æгъгъæд нæу, фæлæ ма йын йæ бæрæгбоны иу арфæйы ныхас уæддæр ма зæгъ, уый йын, мæнмæ гæсгæ, никæй зæрдæмæ фæцæудзæн.

Уыцы маст аныхъуырын ма, чи зоны, мæ бон бауыдаид, фæлæ æртæ боны фæстæ ме ’ннæ бæрæгбон – «День пожилых людей» куы ’рхæццæ, уæд мæ бауырныдта, глухонемойтæ æмæ ацæргæ адæм Серафинмæ кадджын кæй не сты, уый, афтæмæй та, уыдонæн цы кад скодтой, ахæм кад дунейы иу сохъхъыр æмæ къуылыхæн дæр нæй. Сæрмагонд бæрæгбæттæ нæй къæзæнæгтæ æмæ æрратæн. Уыдон дæр, глухонемойты хуызæн, сахъат адæм сты, фæлæ сæ ныронг иу æрхъуыдыгæнæг нæма фæци.

Уæвгæ, бонты мыстытæ нæ ахордтой. Мæрдтæ радыгай куыд ныгæнынц, сахъат адæмæй алкæмæн дæр йæхи бæрæгбон афтæ, йæ рæстæг куы ралæууа, уæд кæй скæндзысты, ууыл зæрдæдарæн ис.

Цыбырты Мишæ кæйдæр фæзмыдта. Хистæрæн, дам, æй сбадын кодтой æмæ йæ кувын æлгъитынæй райдыдта:

– Нæ чындзæхсæвмæ кæй хуыдтам æмæ чи не 'рцыди, кæй нæ хуыдтам, æмæ чи 'рцыди, уыдоны Хуыцауы фыдæх баййафæд! Бахатыр мын кæнут уыцы ныхæсты тыххæй, фæлæ сын æнæзæгъгæ нæ уыди. Ныр уе 'ппæты дæр Стыр Хуыцауы хорзæх уæд!..

Æмæ дарддæр, куыд вæййы, афтæ иннæ сидтытæ кæнынмæ бавнæлдта.

Хъазын æмæ худын, фидис кæнын æмæ маст исын адæймагæн, æвæццæгæн, йемæ райгуырдысты...

Кæддæр мæм Камал телефонæй æрбадзырдта. Мæ ном мын, куыд хуыйнын, афтæ не схуыдта, фæлæ, йæхимæ хуыздæр куыд фæкаст, афтæ. Хæтæл систон. Хъусын, зæгъгæ, куы загътон, уæд райхъуыст Камалы хъæлæс:

– Дæ бон хорз, Музафар!

Æз бирæ нæ, фæлæ чысыл дæр нæ ахъуыды кодтон, афтæмæй йын дзуапп авæрдтон:

– Арфæгонд у, Кемал!..

– Мæлæты цæттæйæ нæ лæууыд дæ дзуапп, – хъæрæй ныххудгæйæ, загъта Камал æмæ, цæмæ 'рбадзырдта, уый æмбарын кæнынмæ рахызт.

Мæ зæрдыл æндæр хабар æрлæууыд. Васо, кæм кусын, уыцы агъуысты цыппæрæм уæладзыгмæ схызт æмæ мæ куы ауыдта, уæд тыргъы иу кæронæй иннæмæ хъæр кæны:

– Музафер Дзасохты,
Почему засох ты?

Ам дæр та мæ бирæ хъуыды кæныны сæр нæ бахъуыд æмæ йын дзуапп авæрдтон:

Мы знаем Малиева,
Но лучше б не знали его!

Нæ кусджытæй иу нæ рæзты 'рбацæйцыд æмæ мæ, хъæрæй ныххудгæйæ, афарста:

– Куыд тагъд ын райардтай дзуапп?

– Ӕмӕ йӕ агурын хъуыди? Уый Налбандян Альберт дӕсгай азты размӕ загъта. Васойы ныхӕстӕ та Хъайтыхъты Георы ӕрхъуыдыгонд сты.

Ӕмӕ ма ноджыдӕр иу хабар. Маст исын ӕй рахонин, фӕлӕ хъазӕн ныхасмӕ хӕстӕгдӕр лӕууы. Камалы фыццаг хатт кафгӕ куы федтон, уӕд дзы раппӕлыдтӕн, кафын чи нӕ зоны, уыдонӕй, зӕгъын, иуы дӕр дӕ разӕй нӕ ауадзис.

Ӕрӕджы та йын уыцы хабар йӕ зӕрдыл ӕрлӕууын кодтон, фӕлӕ ацы хатт ме 'ппӕлд йӕ зӕрдӕмӕ нӕ фӕцыд, цы – ӕнӕрвӕссон мидбылхудгӕйӕ мын афтӕ:

– Ды зарын куыд зоныс, ӕз кафынмӕ уымӕй ӕвзӕрдӕр нӕ арӕхсын.

Нӕ зонын, ӕвзӕрӕй ӕвзӕрдӕр нӕ арӕхсын цас сгуыхтдзинад у, уый, фӕлӕ, ӕз зарын кӕй нӕ зонын, уый, мӕн чи нӕ зоны, уый дӕр зоны, уымӕн ӕмӕ мӕ заргӕ никуы федта. Заргӕ кӕй нӕ фехъусай, уымӕй та, зарын зоны, кӕнӕ нӕ зоны, зӕгъгӕ, куыд зӕгъдзынӕ?

Зарын ӕз ӕцӕгӕй нӕ зонын. Фӕлваргӕ кӕддӕрты акодтон, фӕлӕ мын ӕй Камалы хуызӕттӕ, ома, зарын чи зоны, уыдон фенад кодтой. Кӕд мӕ Энрико Карузо кӕнӕ Марио Дель Монако рауадаид, уӕддӕр мӕ фӕныхкъуырд кодтой. Бафӕлвӕрдтон хъырныныл дӕр, фӕлӕ ам дӕр мӕ хъуыддӕгтӕ нӕ фӕрӕстмӕ сты ӕмӕ къуырмайӕ баззадтӕн, фӕлӕ ма мын ацы хъуыддаджы ӕмбӕлттӕ кӕй фӕзынд, уый мын чысыл цыдӕр ныфсы хос фӕци.

Цыбырты Людвигимӕ иу уавӕры кӕй бахаудыстӕм, ууыл цин нӕ кодтон, фӕлӕ цыфӕнды зын ран дӕр лӕг иунӕг куы нӕ вӕййы, уӕд йӕ уавӕрӕн ӕнцондӕрӕй фӕбыхсы.

Цӕвиттон, Людвиджы зӕрдӕ цавӕрдӕр фынджы уӕлхъус зарын ӕрцагуырдта. Йемӕ уыди йӕ кӕстӕр ӕфсымӕр Хазби дӕр, ӕмӕ йӕ Людвиг дыккаг бон фӕрсы, дысон йеддӕмӕ мӕ дзых зарыны охыл никуы байгом кодтон ӕмӕ, дам, дӕм мӕ зард куыд фӕкаст.

– Хорз зарыдтӕ, фӕлӕ дын гӕнӕн куы уа, уӕд заргӕ макуы кӕн, – дзуапп ын радта Хазби.

Къӕзӕнӕг йӕ лӕппуимӕ дуканимӕ бацыд йӕхицӕн къепкӕ 'лхӕнынмӕ. Худтӕ кӕм уыдысты, уыцы тӕрхӕгмӕ къухӕй амонгӕйӕ дзуры:

– Уæ-лæ-ма мын уы-цы... къеп-къеп-къеп-къеп...
Йæ фырт æм нал фæлæууыд æмæ йын афтæ:
– Баба, цалынмæ ды къеп-къеп кæнай, уæдмæ дуканийы къепкæ нæ, фæлæ хъусджын худ дæр нал уыдзæн.

Мæ фыды, зæгъæн ис, æмæ нæ хъуыды кæнын. Иуæйиу хатт мæм афтæ дæр фæкæсы, цыма мын уæвгæ дæр нæ уыди, стæй мын цыма æмбæлгæ дæр нæ кодта.

Цы нæ дæм уыди, уый æрымысын зын у, стæй æнцон куы уа, уæд дæр æй цæмæн мысыс? Фæлæ, æвæццæгæн, алы адæймаг дæр, арæх нæ, фæлæ хатгай фæхъуыды кæны, цы нæ уыд, фæлæ цы хъуамæ уыдаид, уыдæттыл. Мæныл дæр скæны ахæм рæстæджытæ. Зæгъæм, мæ фыд хæсты куы нæ фæмард уыдаид, уæд, цымæ, канд мæхи цард нæ, фæлæ мæ мад æмæ мæ хоты цард куыд ацыдаид? Чи зоны, хотæ æмæ ма мын æфсымæртæ дæр фæзындаид. Уыдоны цард та куыд ацыдаид? Мæ фыд мæ мады фарсмæ куы уыдаид, уæд, чи зоны, бæллæхы дæр нæ бахаудаид, æмæ аст æмæ дыууиссæдзаздзыдæй йе 'нахъом сабитæм йæ зæрдæ 'хсайгæйæ мæрдтæм нæ бацыдаид.

Чи зоны, мæ хуызæн уавæры чи баззад æмæ хъомыл кодта, уыдонæй дæр искæмæты ахæм хъуыдытæ 'рцæуы, фæлæ, цымæ, фыдимæ чи схъомыл, уый хæрзсабийæ æнæ фыдæй куы баззадаид, уæд, куыд цардаид, ууыл искуы ахъуыды кодта?

Ис ахæм скæсæйнаг æмбисонд: «Дæ ходæн дæхæдæг бахæр, сихор – де 'мбалимæ, æхсæвæр та де знагæн ратт». Раст зæгъын хъæуы, ацы хъуыдыимæ разы чи нæу, ахæмтæ дæр ис. Чи фæзæгъы, бон, дам, æртæ хатты æнæмæнг хæрын хъæуы. Афтæ чи фæдзуры, уыдон ахæм æфсон ссарынц, мæнæн, дам, знæгтæ нæй æмæ ме 'хсæвæр мæхицæн хæргæ уымæн æрцæуы. Кокайты Тотырадз та йе 'хсæвæр бахæрынæн æндæр æфсон ссардта: æхсæвæр, дам, æмбисæхсæв фæкæнын æмæ уыцы афон ме знæгты кæм агурон.

Æхсæвæр æнæмæнг хæргæ кæй у, уый тыххæй ирон адæмæй хуыздæр хъуыды никæмæ ис: «Боны æххормагæй фыд тайы, æхсæвы æххормагæй – стæг».

Засойы фырты чындзæхсæвæй цалдæрæй рацæйцыдыстæм. Цæмæндæр нæм Шамилы кой рауад. Цæмæндæр, зæгъгæ, уый размæ чидæр газеты йæ ныхмæ радзырдта, æмæ йын Шамил цы дзуапп радта, ныхас уый фæдыл рацыд. Иуцасдæр куы фæдзырдтой, уæд сæм æз дæр мæ ныхас баппæрстон:

— Шамил æмæ Мураты ныхмæ чи дзуры, уый йе 'нгуылдз калмы дзыхы тъыссы.

Иууылдæр ныххудтысты. Ныхæстæ се 'ппæты зæрдæмæ дæр фæцыдысты. Сергей ма мæ афтæ дæр бафарста:

— Уый дæхæдæг æрхъуыды кодтай?

— Мæхæдæг, уæдæ чи? Дысон бонмæ мæ цырагъ ууыл хъуыдыгæнгæйæ нæ ахуыссын кодтон...

Ацы дыууæ рæнхъы кæмæй фехъуыстон — кæд сæ кæсгæ бакодтон, уæддæр бæрæг нæй — уый нæ хъуыды кæнын, фæлæ сæ мæ зæрдыл бадардтон:

У несчастного друг умирает,
У счастливого недруги мрут.

Бынтон раст мæм нæ кæсы сæ ныффыссæг. Цасфæнды йæ куы фæцагурай, уæддæр ахæм адæймаг не ссардзынæ, знаг кæмæн нæй. Уыцы знагæн та æнæмæнг ис хæлар кæнæ хæлæрттæ. Авторы хъуыдымæ гæсгæ, цæмæй амонддзын уай, уый тыххæй хъуамæ де знаг амæла. Де знаг та кæйдæр хæлар уыди, æмæ де знаджы амардæй дæхи амонддзын кæныс, йе 'мбалы та — æнамонд. Де знаг дæ фæндиаг кæй фæци, уый иу бæллæх у, иннæ бæллæх та у, йæ хæлары йын кæй фенамонд кодтай, уый. Искæй æнамондæй амонддзын уæвын та цас амонд у?

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй адæм иууылдæр хæлæрттæ æмæ знæгтæ сты. Знаг кæмæн нæй, ахæм адæймаг куыд нæй, афтæ нæй, хæлар кæмæн нæй, ахæм адæймаг дæр, æмæ кæрæдзийы фæндиаг куы фæуаиккой, уæд зæххыл цæрæг нал баззаид.

Мæ боныджы фыстытæй: «Абон райсомæй куы райхъал дæн, уæд мæ сæры фæкуыси ахæм дыууæ рæнхъы:

Æз дæ хуызæттæй дæс дæн, –
Афтæ макуы зæгъ, Гæстæн.

Куы йыл амбæлон, уæд ын сæ æнæзæгъгæ нæй».

Хъаныхъуаты Валодяйы хуызæн редактор æз нæ зыдтон. Æнусы æмбисæй фылдæр мыхуыримæ баст дæн æмæ, Валодяйы кæимæ абарон, ахæм нæй. Газеты куыст зыдта йæ фондз æнгуылдзы хуызæн. Уыдис æм разамонæджы курдиат дæр. Зыдта æмæ уарзта литературæ. Никуы мæ ферох уыдзæн, Чехойты Сæрæбийыл куыд аудыдта, уый. Æхсызгонæй йын мыхуыр кодта канд йе 'мдзæвгæтæ нæ, фæлæ йæ роман (æмдзæвгæтæй фыст) «Цæр!»-æй дæр скъуыддзæгтæ.

Иуахæмы та «Рæстдзинад»-мæ Сæрæби йе 'мдзæвгæтæ 'рбахаста, æмæ бæлвырд аххосæгтæм гæсгæ сæ рацæуын фæстиат кодта. Æз куыстон культурæйы хайады æмæ Сæрæбийыл æнæнхъæлæджы куы амбæлдтæн, уæд мын афтæ:

– Хуыцауы тыххæй, уыцы 'мдзæвгæтимæ загс скодтат?

«Тагъд æххуыс»-ы машинæ мæ рæзты куы фæцæйтæхы, уæд дзы Дибæйы ауынынмæ фенхъæлмæ кæсын. Дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр фæбадт уыцы машинæйы. Цал æмæ цал тыхст рынчыны уæлхъус балæууыд! Цал æмæ цал адæймаджы фервæзын кодта! Зæрдæйæ сахъат рынчынты дзæбæх кодта, фæлæ, йæхæдæг æвирхъау низы ахæсты куы бахауд, уæд ын никæйуал бон баци баххуыс кæнын.

Нæ лæппутæ ма гыццылтæ куы уыдысты, уæд æй, цыма ныхас бакодтой, уый хуызæн иууылдæр Ди хуыдтой, фæлæ-иу уынджы «Тагъд æххуыс»-ы машинæ куы ауыдтой, уæд-иу цингæнгæ фæхъæр кодтой: «Уæртæ Дибæйы «Скорый» фæтæхы!»

Ди уыди мæ хойæн йæ цыппæрæм ном. Йæ куысты йæм дзырдтой йæ ном æмæ йæ фыды номæй, йæ хæлæрттæ – Дибæханæй, хæдзары – Дибæйæ, мæ кæстæртæ та ма йын йæ даргъ номæй ныууагътой æрмæстдæр дыууæ дамгъæйы æмæ йæ фырбуцæй хуыдтой Ди.

Æмæ ныр «Дибæйы «Скорый» æнæ Дибæйæ куы фæцæйтæхы, уæд мæ цæстытæ донæй айдзаг вæййынц æмæ йын йæ фыстытæ нал ауынын, йæхи йын ныр æхсæзæймаг аз куыднæуал уынын, афтæ.

Арæх мæ зæрдыл мæ иу зонгæ æрлæууы. Мæ зонгæ рахонын дæр мæ йæ нал фæнды, уымæн æмæ, йæ бон хорздзинад ракæнын уыд æмæ йæ нæ бакодта. Ахæм хъуынджынзæрдæ разындзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн, æндæр æм цæугæ дæр нæ бакодтаин. Йæ бон уыди Дибæйы санаторий «Ирыстон»-мæ кардиологæй райсын, фæлæ йæ нæ бафæндыд.

Чи зоны, уыцы куыстæй афоныл куы рацыдаид, уæд цыфыддæр низы ахæсты нæ бахаудаид.

Чи зоны, фæлæ ма ныр цы?..

Зондджын адæмæй чидæр афтæ загъта, цæмæй, дам, дæм лæг фæхæрам уа, уый дæ фæнды, уæд, цы анекдот радзырдта, уымæй афтæ зæгъ: «Уый афтæ нæ уыд!»

Кæд уыцы ныхас раст у, уæд æз хъуамæ Камалимæ бон цалдæр хылы кæнон, уымæн æмæ, йæ цуры анекдот куы радзурын – иуæй-иу хатт мæм ахæм ныфс разыны – уæд æй мæнæн дæр, æмæ мæм чи фæхъусы, уыдонæн дæр сæ фарсыл хæцын нæ бауадзы. Æнæмæнг, афтæ нæ уыди, зæгъгæ, фæзæгъы æмæ йæ йæхирдыгонау радзуры. Кæй зæгъын æй хъæуы, хуыздæр, фæлæ, уæлдæр цы зондджын лæджы кой кодтон, уый загъдау, кæцыфæнды анекдот дзурæгæн дæр ахæм ныхæстæ фехъусын æхсызгон нæ вæййы.

Иу хатт ын сусæгæй йæ анекдот магнитофоныл ныффыстон æмæ йæ фæстæдæр, йæхæдæг куыддæриддæр дзырдта, афтæ радзырдтон, æмæ та мæм уæддæр аипп ссардта. Йæхæдæг æй ногæй куы радзырдта, уæд æм ахæм ивддзинæдтæ бахаста, æмæ дзæвгар фæхуыздæр.

Йæхи анекдот дыккаг хатт йæхицæй хуыздæр чи дзуры, уымæн мæ анекдот йæ зæрдæмæ куыд хъуамæ фæцæуа?!.

Адæймагæн, зæрдиаг ныхæстæ кæимæ акæна, ахæмтæ ис, фæлæ сын бирæ рахонæн нæй. Мæ ахæм æрдхæрдтæй иуы дзæвгар азтæ зонын. Ставд нымадæй

дæс æмæ дыууиссæдз азмæ 'ввахс уыдзысты. Гъе, æмæ йæ уыцы рæстæджы дæргъы зонын усгурæй. Бинонты хъуыддаг абон дæр нæма бакодта, афтæмæй йæм аипп æрхæссæн никæцы хъуыддаджы ис.

Дзаболаты Хазбийы æмдзæвгæтæй иу, мæнмæ гæсгæ, «Сонет абадгæ чызгæн» хуыйны. Ныхас дзы цæуы, хæрзуд уæвгæйæ, йæ фыды уæларт бадгæйæ чи баззад, ахæм чызджы тыххæй. Поэт, алцæмæй дæр æххæст уæвгæйæ, йæ амонд чи нæ ссардта, уымæн ахæм зæрдæтæ æвæры, æппæты рæсугъддæр æмæ хæрзаддæр дыргъ, дам, æнæтындæй баззайы, бæрзонддæр къалиуыл кæй æрзайы æмæ йæм кæй нæ сæххæссынц, уый тыххæй.

Ме 'рдхорд абонмæ æнæ бинойнагæй цæмæн баззад, уымæн дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, æфсон ис, фæлæ йæ æз нæ зонын. Æз зонын æндæр хъуыддаг: бирæ чызджыты зæрдæмæ цыди, фæлæ дзы тæккæ хуыздæры æвзарын нæ базыдта. Афтæмæй, азтæ, кæрæдзийы сæрты гæппытæгæнгæ, абонмæ 'рхæццæ сты...

Радиокомитеты кусын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ дæс æмæ ссæдз азæй фылдæр цæуы. Уыйбæрц рæсугъд чызджытæ дзы куыста, æмæ, нæ рудзынджы бын цы бирæ дидинджытæ ныссагътам, уыдонæй фылдæр уыдысты. Ме 'рдхорд уыди уацхæссæг, нæ зæрдиагдæр æххуысгæнджытæй иу æмæ-иу нæм арæх æрбауад. Иуæй, нæ чызджытæй кæцыдæртæ йæ зæрдæмæ цыдысты, йæхæдæг та — се 'ппæты зæрдæмæ дæр, æмæ-иу, фæзынди, зæгъгæ, уæд-иу йæ алыфарс пæр-пæр сси. Æргом дзы куы никæмæн ницы дзырдта, уæд æм сæхæдæг фæныфсджындæр сты. Иу хатт æй сæ къæйныхдæр комкоммæ бафарста:

— Джери, хъуыддаг кæд кæныс, хъуыддаг?

— Æрдæгконд у, — дзуапп радта Джери.

Чызджытæй фарст иу радта, зæрдæдзæфтæ та ииуылдæр фесты, уымæн æмæ 'нхъæлмæ кастысты, сæ зæрдæ сын чи барухс кодтаид, ахæм дзуапмæ.

Иуцасдæр дзы хъыпп-сыпп никæмæйуал ссыд. Æрæджиау, фарст чи радта, уый та йæхи фæныфсджындæр кодта æмæ йæ бафарста:

— Æрдæгконд, зæгъгæ, уый куыд æмбаргæ у?

— Мæ зæрдæмæ чи фæцæуа, уыцы чызджы хæдзармæ минæвæрттæ барвитынил уал сразы дæн. Нæхимæ сын

разыйы дзуапп фыццаг хатт радтон, æмæ уый æз хъуыддагæн йе 'рдæг хонын.

Уæдæй нырмæ бирæ азтæ кæй рацыд, уый, æвæццæгæн, бамбæрстат, фæлæ Джери ныр дæр йæ амонд нæма ссардта.

Цал азы йыл цæуы, уый базонын мæ фæфæнды, зæгъгæ дæр мын сæ фæкæны, фæлæ йыл нæ бауæндын. Раст зæгъын хъæуы, мæнмæ гæсгæ йыл цас цæуы, йæ бакаст уымæй æрыгондæр хуыз у, æмæ цыма йе 'цæг кар дæр уый тыххæй æмбæхсы, афтæ мæм фæкæсы.

Иуахæмы та йæм æруырдыг дæн æмæ та йæ, цас ыл цæуы, уымæй куы бафарстон, уæд мын афтæ:

– Æмæ уый æз мæ ныййарæг мадæн дæр куы никуы схъæр кодтон, уæд æй дæуæн куыд зæгъон?!

– Уæд та мын, кæимæ ахуыр кодтай, уыдонæй искæй бацамон æмæ йæ мæхæдæг сбæрæг кæндзынæн.

– Кæй ма дын дзы бацамонон: иу дæр дзы æгас нал у. Фæстагмæ дзы кæй баныгæдтам, ууыл дæр ныр цыппæрæм аз цæуы.

Ноджыдæр ма уырыссагау дзурыны тыххæй, кæнæ уырыссагау куы нæ зонай, уæд цы уавæры бахауæн ис, уый тыххæй.

Ручъы æфцæгыл тъунел куы гом кодтой, уæд иу хицау, лент чи алыг кодтаид æмæ тъунелмæ фыццаг къахдзæф чи бакодтаид, уыцы хицауæн афтæ:

– Вы, как первопроходимец, разрежьте ленту.

Иу хæстон лæг мын сæрыстырæй дзырдта: «Хæсты уæззау фæндæгтыл мæ хил никуы адастон. Лулæ та фынæйæ йеддæмæ мæ дзыхæй нæ истон. Уæдæ салдатаг фондзыссæдз граммæй дæр «нæгъ!» никуы загътон. Фæлæ, хæст куы банцад, уæд мæ зынгхуыст æмбæлтты рухс цæсгомы раз ард бахордтон, мæ дзыхмæ карз нозт кæй нал сисдзынæн, стæй тамако дæр кæй нал бадымдзынæн. Адастон мæ боцъотæ дæр.

Уæдæй фæстæмæ тамако мæ дзыхы нал уыд, карз нозты хъæстæ нал фæдæн. Ахæм бон мыл нæма скодта, æмæ мæхи булкъдаст ма акæнон».

Тамако æмæ нозты тыххæй ницы зæгъын, фæлæ йæ боцъотæ кæй адаста, уый цыма бынтон раппæлинаг хъуыддаг нæу, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ марды ном боцъотæ дасынæй не ссарынц, фæлæ сау дарынæй. Æмбисондæн Цоцко куы баззад. Къостайыл суанг йæ амæлæты бонмæ сау фæдардта.

Уайдзæфтæ дæр алыхуызæттæ сты. Иутæ дзы уайтагъддæр æрбайрох вæййынц. Иннæтæ та рæстæгмæ ферох вæййынц, фæлæ иу кæнæ иннæ цау кæнæ ныхасимæ бастæй ногæй зæрдыл æрлæууынц.

Ферох кæнын чи нæ комы, ахæм уайдзæф мын бакодта мæ иу зонгæ. Мæ зарджытæй иуы ахæм рæнхъытæ ис: «Мæ зонд фæлидздзæн мæнæн мæ сæрæй, Мæ зæрдæйæ та нæй лидзæн уарзтæн». Йæ кой ма мæм амæйразмæты дæр уыди, фæлæ рох кæнын кæй нæ комы, уый тыххæй та мын уайдзæф йæхи мæ зæрдыл æрлæууын кодта.

О, æмæ мын уæлбæхæй дзурæгау дæлæмæ йæ ныффыссæгмæ æви, чи зоны, уæлæмæ йæ зарæггæнæгмæ дæр афтæ дзуры: «Æ, дæ ныффыссæг мацуал ныффысса, кæд ма зондæн сæр йеддæмæ æндæр искæцæй фæлидзæн ис!»

Цымæ фидисмæ чи фæраздæр вæййы, уыцы фидисгæнаг афтæ дæр никуы фехъуыста, дæ дзурæн дзых бамыр уæд, зæгъгæ. Иннæ ахæм: «Ницы йын кодтон, афтæмæй мæм дзыхæй нал дзуры». Æви та ам дæр афтæ бафидис кæнын йæ зæрды ис: «Дзурæн ма дзых йеддæмæ цавæр вæййы? Кæнæ ма нæдзурæн дзых йеддæмæ цæмæй ис?»

Хордта зæгъин, фæлæ хæргæ нæ кодта: æмпылдта, лæбурдта, æнæууылдæй ныхъуырдта, иу дзырдæй, лæвар фынгыл йæхицæн бафсæдын æнхъæл нал уыд. Сæр ахсæны нал фарста æмæ... дæ балгъитæг афтæ: лæг йæ артæнтæ калынмæ фæци.

Диссаг у, æвæдза, бæрц æгъдæутты хистæр кæй у, уый кæм ницæмæуал фæдарынц, уым ахсæн сæрæй фæзонд-джындæр вæййы æмæ йын йæ рæдыд фыдынд хуызы бамбарын кæны.

Сæрæби цардæй ницы федта. Кæйдæр дам-думты ахсæй дæс азы æмгъуыдмæ Сыбырмæ хаст кæй æрцыд, уый кой нал кæнын. Куы суæгъд, уæд дæр хуыздæр уавæры нæ уыд. Рыстзæрдæйæ фыста:

Цæрæнбонты æнамонд дæн уæ цуры,
О ме 'мбæлттæ, цы уæ хъæуы мæнæй?
Цы нæ дæн, уый мæ алы ран цы дзурут?
Цы дæн ныр, уый та иу æмбарæг нæй.

Уый, йæ алыварс чи ис, уыдонæн уайдзæф кæны. Фæлæ дзы «уæллæгтæ» дæр рох нæ уыдысты:

Мæн ма уарзæнт, бæрзонд чи бады, уыдон!
Уыдзæн рæстæг, æндæртæ баддзæн уым.

Мæгуыр, йæхицæн цæмæй зæрдæтæ 'вæрдта! Цыма, уæле чи бады, уыдоны æндæртæ куы раивой, уæд, дæле чи бады, уыдон æндæртæ нæ уыдзысты æмæ къаддæр æфхæрд æййафдзысты, уый хуызæн!..

Æхсар йæ фыды мады 'рвадæлтæй кæцыдæрæй разы нæ уыд æмæ-иу æй афтæ амыдта: «Ме стыр мадырвады чысыл æрвад».

Мæ хæларыл æртиссæдз азы куы сæххæст, уæд ын арфæтæ кæнынмæ фæдæн. Уый мын, мæ ныхас æрдæгыл фескъуынгæйæ, афтæ:

– Уыйбæрц дыууæ хæрæджы дæр куы нæ цæрынц!..

Афтæ йын æз куы загътаин, уæд æй, æвæццæгæн, йæ хъарæджы ракодтаид, фæлæ лæг йæхæдæг йæхи гæрзбыд ехсæй куы ныццæва, уæддæр æм нымæтын ехсы цæфы хуызæн кæсы.

Ис ахæм ныхас: афоныл цы нæ бакæнай, уый никуыуал бакæндзынæ.

Æрдæгфыстæй мын цы 'мдзæвгæтæ баззад, уыдоны кой мæм кæмдæрты уыдис.

Ис мæм, æрдæгтæлмацгондæй чи баззад, ахæм æмдзæвгæтæ дæр. Кæцыйы дзы кæд райдыдтон, уый нал хъуыды

кæнын. Нæ зонын, кæд сæ фæуыдзынæн, уый дæр. Гæнæн ис, æмæ дзы иу дæр кæронмæ мауал ахæццæ кæнон. Бæлвырдæй зонын иу хъуыддаг: тæлмац кæнын цы поэтты æмдзæвгæтæ райдыдтон, уыдоны сфæлдыстад мæ зæрдæмæ хæстæг у. Ратæлмац кæнынмæ дæр сæм уый тыххæй æрæвнæлдтон, фæлæ мын дзы иу дæр кæронмæ ивд нæ фæци.

Зонджын адæмæй чидæр афтæ загъта: лæг, дам, куы амæлы, уæд ма йæ фæстæ кусинæгтæ цыппар боны фаг баззайы. Æвæццæгæн, æрдæг тæлмацтæ дæр уыцы цыппар бонæй кæцыдæры бакæнинаг уыдысты.

Пушкинæй мын кæронмæ ратæлмац кæнын цы 'мдзæвгæтæ нæ бантыст, уыдонæй уал райдайон:

Мæ зæрдыл диссаджы уысм дарын:
Ды февзæрдтæ мæ разы уæд,
Цыма сыгъдæгдзинады зарæг,
Цыма рæсугъддзинады зæд.

(«Я помню чудное мгновенье...»).

Ногæй та мæ сæрмæ мигътæ
Халæттау кæнынц æмбырд,
Ногæй мыл йæ зæрдæ сивта
Знæт хъысмæт, æгъатыр гуырд.
Бабыхсон йæ митæн сонтæн,
Сисон уый бæсты мæ сæр
Æз йæ фыдæнæн бæрзонддæр,
Уа цæмæй мæ кад фылдæр.

(«Предчувствие»).

Лермонтовæй:

Æнæнхъæлæджы судзгæ ба дын
Ныккодтон, загътон дын «хæрзбон!».
Фæлæ нæу иу æртахы бон
Ызмисбын хус быдыртæ 'фсадын.

(«Я не достоин, может быть...»).

Есенинæй:

Фæцыдтæн дард
Мæ райгуырæн хæдзарæй,

Мæ уарзон фыды фыд,
Писмо та дæм фыссын.
Сымахæн афонмæ
Ныннииуы уад уæ царæй,
Уысмы бæрц дæ
Нæ бауадзы хуыссын.

Уæ тохынайы
Дымгæ сонт хъæр систа,
Сæдæ хæйрæджы дзы
Фæхыл и цыма раст.
Дæ зæрды ис
Дæ хъарм хуыссæнæй сыстын
Æмæ сыл æртыскæнæй
Ралæууын æваст.

Фыссыс, цыма дæ
Къæрныхтæ фæдавтой,
Мæн хоныс зондхъуаг,
Горæты — мæнгард,
Фæлæ, æвæццæгæн,
Зынæй уыдзæни афтæ —
Æвзæр бæх давæг
Н' аласдзæни дард.

(«Письмо деду»).

Шведовæй:

Ыстæх-ма бæрзонддæр, æвзонг цæргæс, хурæй,
Нæ фæзтæм уæлозæй æркæс.
Фæмард ысты ме 'мбæлттæ иугай мæ цуры,
Æгасæй ма баззадтæн æз.

(«Орленок»).

Ацы æрдæгтæлмацты тыххæй дзургæйæ ма мæ зæрды цалдæр ныхасы зæгъын ис. Кæд ма исты зонын, уæд нæм уазæгуаты æрбацæуынмæ хъавыдысты Кæсæг-Балхъары республикæйы фысджытæ æмæ нæ тагъд бацæттæ кæнын хъуыд сæ уацмыстæй арæзт æнæхъæн фарс. Уæд æз куыстон «Рæстдзинад»-ы культурæйы хайады хицауæй æмæ литературон фарс цæттæ кæнын махмæ каст. Рæстæг чысыл кæй уыд, уымæ гæсгæ нæ фысджытыл мæ цæст

ахастон æмæ, мæ зæрдæ тынгдæр кæуыл дардтон, æрмæг уыдоныл уарынмæ фæдæн. Кулиев Хъайсыны æмдзæвгæтæ тæлмац кæнынмæ радтон Дзаболаты Хазбимæ, æмæ мын сæ дыккаг бон иттæг хорз тæлмацæй куы 'рбахаста, уæд куыннæ бацин кодтаин. Уыдоны 'хсæн уыди Хъайсыны хуыздæр æмдзæвгæтæй иу – «Черный конь умирает на белом снегу».

Æз дæр æй тæлмац кæныныл афæлвæрдтон, фæлæ мын æрдæгивдæй баззад. Мæнæ уыцы дыууæ цыппаррæнхъоны:

Амонд фескъуыд æндахау,
Уайтагъд айсæфти худт.
Сау бæх урс митыл ахауд
Æмæ исы йæ уд.

Цух уыд фæндæгты тасæй,
Скъæфта барджыты тагъд.
Фатау дугъæтты разæй
Уый цыппæрвадæй тахт.

Ацы хабæрттæ Цоцкойы хæстæг чызг, Æмбалыфырты райгуырды 140 азы фæдыл Æрыдоны цы кадджын æмбырд уыд, уым дзырдта.

Цоцко уазæгуаты уыд Хуссар Ирыстоны Хъæдысæры хъæуы. Хорз æй федтаиккой, кæй зæгъын æй хъæуы, уымæн æмæ Хуссары уазæгыл махæй æнувыддæр сты. Уырдыгæй куы 'рбацыд, уæд, дам, афтæ загъта, æрæгæй фæстæмæ, дам, мæхимæ æнахуыр миниуæг раиртæстон: куы бафсæдын, уæд, дам, мæм хæрын нал фæцæуы.

Фæстæдæр сæ хæстæджытæй иу хъаст кодта, Цоцкойы низ, дам, мыл бахæцыд. Цавæр низ, зæгъгæ, дам æй куы фарстой, уæд сын радта ахæм дзуапп:

– Куы бафсæдын, уæд мæнмæ дæр хæрын нал фæцæуы.

Кæд нæ рæдийын, уæд «Ирон хъæлдзæг ныхæсты» чиныджы ис ахæм хабар. Барæг уынджы æрцæйцыди æмæ, дуармæ чи бадт, уыдон бæхыл дис кæнынц. Иумæ фæкаст цæрдæг, иннæмæ – рæсугъд. Сæ фарсмæ куырм лæг бадт, æмæ йæ уый та нард рахуыдта.

Цæмæй йæ базыдтай, нард у, уый, зæгъгæ, йæ куы бафарстой, уæд сын афтæ: «Цæрдæг æмæ рæсугъд бæхæн мæллæг уæвæн нæй».

Уыцы куырм лæг, дам, Цоцкойы æфсымæр Аппе уыди.

Чеховы писмотæ куы кæсай, уæд дзы, йæ фыстытæй разы кæм у, ахæм хъуыды хæснагæн дæр не ссардзынæ. Уый нæ, фæлæ æдзухдæр сæ аиппыты кой кæны.

Фыссын чи нæ зоны, уыдон та бынтон æндæр зондыл хæст сты. Иуæй-иу хатт мæм афтæ дæр фæкæсы, цыма, æвзæр чи фыссы, йæ уацмыстæ уыдонæй хуыздæр никæмæ кæсынц.

Æцæг фыссæг æмæ графоман расыг æмæ æвронджы хуызæн сты. Цалдæр сидтыл иу агуывзæ хуыпгай чи фæнуазы, уымæн ма нуазын куы фæкæнынц, уæд фылдæр хатт афтæ фæзæгъы: «Мæ бон нал у, фæрасыг дæн».

Расыг чи вæййы, уый та йæхи æвронг фæхоны. Йæ ныхæсты рæстдзинад хъуыддагæй равдисыныл дæр бацархайы. Кæм æнæцудгæйæ раст ацæуынæй фертхъиræн кæны, кæм та æндæр ахæм фæлварæн æрымысы.

Студент ма куы уыдтæн, уæд иу чызг мæ зæрдæмæ цыдис. Мæ зæрдæмæ уый размæ дæр æмæ уый фæстæ дæр бирæ чызджытæ цыди, фæлæ мын дзы мæ зæрдæ уый хуызæн ничи фæриссын кодта. Мæ фыстытæ мын æвзæр никуы схуыдта, фæлæ йын иу хатт афтæ куы загътон, иронау куы кæсис, уæд ме 'мдзæвгæты ссарис, дæхи дзы кæм базонис, ахæмтæ дæр. Уый мын афтæ куы бакæнид: «Мæн, де 'мдзæвгæты цы фыссыс, уый ницæмæн хъæуы, мæн дæхæдæг хъæуыс».

Мæ зæрдæ мын судзины бырынкъæй рæхойæгау фæкодтой уыцы ныхæстæ. Уæдæй фæстæмæ, не 'хсæн цы ахастдзинæдтæ уыд, уыдон ихдоны бын фесты æмæ дзы иу дæр скæсын нал бафæрæзта.

Генрих Гейне, æвæццæгæн, раст фыста:

Ругай меня, бей, на все я готов,
Мы брань прекратим поцелуем,
Но если моих не похвалишь стихов,
Запомни: развод неминуем!

Байроны «Дон Жуан», мæнмæ гæсгæ, уырыссаг æвзагмæ цалдæр хатты ивд æрцыд. Фæстагдæр æй чи ратæлмац кодта, уыдонæй уыди Гнедич Татьянæ. Тæлмац афтæ хорз рауад, æмæ йын никæцы æндæримæ абарæн ис. Байрон цы у, уымæй кæд разынд, уæд Татьянæйы тæлмацы.

Уацмыс та ногæй куы рацыд, уæд æй балхæдтон. Балхæдтон, зæгъгæ, уый уæздан ныхас у, уымæн æмæ уыцы рæстæг ахæм чиныг ссарын æнцон нæ уыди. Чингуытæ гыццыл уагътой, зæгъгæ, уый тыххæй нæ. Уæд нæ бæстæ, чиныг æппæты фылдæр кæм кæсынц, ахæмыл нымад уыд. Чингуытæ канд хæдзæрттæ æмæ библиотекæты нæ кастысты, фæлæ парктты æмæ уынгты, метротæ æмæ автобусты, уынгты æмæ, адæм бирæ кæм уыд, æндæр ахæм рæтты (газеттæн горæты стыр уынгты уыди авгæй æхгæд сæрмагонд фæлгæттæ). Чингуытæ, журналтæ æмæ газеттæ кастысты цæугæ-цæуын дæр. Чингуытæ дзыппыдаргæ телефонты хуызæн арæх уыдысты, ныр та чиныгимæ стæм адæймаджы фендзынæ…

О, æмæ Байроны «Дон Жуан» стыр хæзнайау мæ куыстмæ 'рбахастон. Уæд «Молодой коммунист»-ы редактор уыдтæн, æмæ-иу мæ Хъайтыхъты Геор арæх абæрæг кодта.

Иу хатт мæ цæмæндæр «Дон Жуан»-мæ æркæсын бахъуыд, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд ма йæ ардтон. Ӕдзухдæр æй мæ фыссæн стъолыл дардтон, фæлæ уым куы нæ разынд, уæд къуымтæ фæлдахынмæ фæдæн. Никуы 'мæ ницы. Дзаума кæм нæ уа, уым æй цасфæнды куы фæцагурай, уæддæр æй не ссардзынæ. Цы гæнæн ма мын уыди: сæфтыл æй банымадтон.

Ууыл цалдæр мæйы рацыд, афтæ Георыл кæимæдæр ныхасгæнгæйæ фембæлдтæн. Лæг ын афтæ куы бакæнид: «Мæ газеттæ мын рахастай». Геор ын æнæхудгæйæ дзуапп радта: «Канд дæ газеттæ куы рахастаин! Михалы «Новый мир» дæр». Уыцы ныхæстæм хъусгæйæ, мæ «Дон Жуан» мæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ Георы фæрсын:

– Уæдæ мын мæ «Дон Жуан» дæр, æвæццæгæн, ды рахастай…

– Уый Мурат раджы банызта, – цыма мæ чиныгæн æцæгæйдæр афтæ кæнын æмбæлди, уый хуызæн загъта Геор.

Газет «Пионерская правда» 1953 азы 9 январы навмыхуыр кодта Твардовский Александры статья «Заветная книга». Уым фыста: «Æз радзурынмæ хъавын, «Пионерская правда»-йы кæсджыты карæн куы уыдтæн, уæдæй нырмæ мæм цы чиныг ис, уый тыххæй. Уый уыд Некрасовы æмдзæвгæты æмбырдгонд. Уыцы чиныджы бахъуыд бирæ фæлварæнты сæрты ахизын: йæ сырх хъæбæрцъар баихсыд, йæ тигъ ма йæхиуыл тыххæй хæцыд, йæ дамгъæты сызгъæриндонытылд æрызгъæлд. Чиныг куыддæр ныддымсæгау кодта, йæ сыфтæ — сойæ дзаг, сæ кæрæттæ, зæронд хъазæн къамты кæрæттау, сысхъæлтæ сты. Фæлæ йæ сыфтæй иу дæр хъуыд нæу. Чиныгæй чи фæхицæн, уыцы сыфтæ дæр æнæхъæн сты. Æнæхъæн у титулон сыф, йæ автор цæрмын худ æмæ кæрцы ист кæм у, уыцы хуызист дæр хъыгдард нæ баййæфта; хицæн сыфыл — йæ къухæвæрд, чиныджы фæстæ — йæ сæргæндтæ.

Дзыхъхъынног ма куы уыди, æз ма йæ мæ зæрдыл афтæмæй дæр дарын. Ныртæккæйы ног чингуытæ типографийы ахорæны тæф кæнынц, уый та духийы тæф кодта. Духийы тæф кæй кодта, уый ма хорз хъуыды кæнын. Мæ фыд æй, 20-æм азты уыдаид, афтæ базарæй æрбаласта. Уырдæм та, æвæццæгæн, исты хъæздыг лæджы библиотекæйæ бахауд. Мæ фыд нæ хъæуы ахуыргонд лæгыл нымад уыд. Уарзта чингуытæ æмæ йæ картофæй баивта... Уæдæй фæстæмæ уыцы чиныг ис мемæ. Фыццаг æй хастон, дзаумæтты хызыны·чи цыд, мæ уыцы библиотекæйы иу горæтæй иннæмæ, иу фатерæй иннæмæ. Ныртæккæ дæр æфснайдæй лæууы Некрасовы иннæ чингуыты фарсмæ.

Уæлдай уарзон цæстæй йæм кæсын. Мæ зæрдыл мын æрлæууын кæны мæ райгуырæн хæдзар, раздахæн кæмæн нал и, уыцы рæстæг...»

Ахæм чиныг мæнæн та у «Хъæбатырты кадæг».

Дæбейы романимæ фыццаг хатт базонгæ дæн, авдазон скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд. Мæ зæрдæмæ тынг хæстæг уыд. Афтæ мæм каст, цыма йæ архайджытæ нæхи бинонтæ уыдысты. Бирæ нывтæ мын мæ зæрдыл лæууын кодтой мæхи царды хабæрттæ. Уый фæстæ йæ цал æмæ цал хатты бакастæн, æмæ-иу æй цыма фыццаг хатт кæсын, ахæм æнкъарæнтæ мæм æвзæрын кодта.

Хъуыды ма кӕнын, институтмӕ куы бацыдтӕн, уӕд ӕй, лекци цыди, афтӕмӕй кастӕн ӕмӕ, Ботасы хӕдзар сындзӕхгӕд куы скодтой, уыцы бынатмӕ куы бахӕццӕ дӕн, уӕд мӕ цӕссыгтӕ уромын нал бафӕрӕзтон ӕмӕ мӕ, цӕмӕй мачи базона, уый тыххӕй мӕ сӕр мӕ къухтыл ӕруагътон ӕмӕ мӕ цӕссыгтӕ аивӕй сӕрфтон. Хуыцау хорз, ӕмӕ уыцы бон ӕппӕты фӕсте бадт фӕдӕн, ӕндӕр мын мӕ лӕмӕгъдзинадӕн ӕвдисӕнтӕ фӕуыдаид.

Институт каст куы фӕдӕн ӕмӕ «Рӕстдзинад»-ы кусын куы райдыдтон, уӕд ӕнӕнхъӕлӕджы фембӕлдтӕн «Хъӕбатырты кадӕджы» фыццаг рауагъдыл. Бӕрнон секретарь ӕмӕ йӕ хӕдивӕг кӕм бадтысты, уыцы уатмӕ кӕцӕй бахауд, уый нӕ зонын, фӕлӕ кӕй у, уымӕй сӕ куы фарстон, уӕд мын дзуапп раттӕг нӕ фӕци. Мӕнӕнма йӕ раттут, зӕгъгӕ, сӕм куы 'рхатыдтӕн, уӕд мӕ фӕндыл дыууӕ зӕгъӕг нӕ фӕци, ӕмӕ йӕ цингӕнгӕ стыр хӕзнайау рахастон.

Уӕдӕй нырмӕ рацыд дӕс ӕмӕ дыууиссӕдз азӕй фылдӕр, ӕмӕ йӕ цӕсты гагуыйау хъахъхъӕнын. Кӕд иу горӕты йеддӕмӕ нӕ цардтӕн, уӕддӕр цыппар фатеры аивтон ӕмӕ йӕ иу ранӕй иннӕмӕ хӕссын. Уыимӕ йӕ нӕ хӕдзары дӕр нӕ дарын, фӕлӕ, хъалӕй фылдӕр рӕстӕг кӕм вӕййын, уым — мӕ куысты. Стӕй тӕрхӕгыл дӕр нӕ, фӕлӕ мӕм ӕнӕхъӕнӕй кӕцӕй зына, ахӕм ран — стъолыл. Кӕд, ныртӕккӕ цы чингуытӕ цӕуы, уыдоны хуызӕн аив фӕлгонцгонд нӕу, уӕддӕр мын цыфӕнды аив чиныгӕй дӕр зынаргъдӕр у. Куы йӕм бакӕсын, уӕд мӕ зӕрдӕйы ӕхсызгон ӕнкъарӕнтӕ сфӕйлауынц ӕмӕ та мын йӕ мидис сног вӕййы.

Куы йӕ фӕкӕсын, уӕд ын уынын йӕ хъуагдзинӕдтӕ дӕр. Йӕ хъуыдыйӕдты арӕзтмӕ ӕрхӕссӕн вӕййы аиппытӕ, къухбакӕнӕнтӕ дзы бафиппайын, фӕлӕ, диссаг цы у — сӕ сӕрты ахизын ӕнцонӕй, уымӕн ӕмӕ мын сӕйрагдӕр сты, фыссӕг цы цард ӕвдисы, уый, цы сурӕттӕ сарӕзта, уыдоны хъысмӕт, уыдоны бӕллицтӕ ӕмӕ тырнындзинӕдтӕ, сӕ сагъӕстӕ ӕмӕ хъизӕмӕрттӕ. «Хъӕбатырты кадӕджы» архайджыты хуызӕн мӕ цӕстыты раз никӕцы ӕндӕр ирон романы фӕлгонцтӕ слӕууынц, уыдоны хъысмӕтыл куыд тыхсын, афтӕ мӕ никӕцы ӕндӕр чиныджы архайджыты хъысмӕт ӕндавы.

Райсӕм-ма дзы ӕрмӕстдӕр иу хӕдзары бинонты. Кӕцы дзы нӕу ӕххӕст фӕлгонц?! Кӕцыйӕн дзы нӕй

йæхи цæсгом, йæхи хъысмæт, йæхи миниуджытæ æмæ бæллицтæ?!

Кæд Ботасы бирæ цæрæнбон нæ фæци романы, уæддæр йæ цардвæндаг цæстытыл уайы. Иннæ ахæм Госга! Гаппо, Сослæмбег æмæ Фырдæйы кой нал кæнын. Афтæ иннæ архайджытæ дæр сты цардæгас, чиныгкæсæджы зæрдæйы арф бынат чи ссардта, ахæмтæ.

Афтæ мæм кæсы, ныртæккæ «Хъæбатырты кадæг», хуыздæр нæй, афтæ фæлгонцгондæй куы рацæуид, уæддæр мын 1948 азы уагъд чиныджы ад не скæнид. Уæвгæ мæм кæсгæ афтæ нæ кæны, фæлæ æцæгæй дæр афтæ у. Уымæн ыл афтæ æнувыд дæн. Уымæн æй рахæсс-бахæсс кæнын цæрæнбонты мемæ иу Сфæлдыстадон хæдзарæй иннæмæ. Кæмфæнды куы вæййын, уæддæр æй æнæрафæлдахгæ нæ фæвæййын. Отпускы уæвгæйæ йæ — ахæм отпуск нæма уыд, уæвгæ, дыууæ-æртæ хатты ахæм дæр уыд, иннæты хуызæн улæфгæ нæ, фæлæ кусгæ кæд нæ фæкæнын — мемæ рахæссын æмæ мæ разæнгард кæны фыссынмæ. Иуцалдæр фарсы дзы куы бакæсын, уæддæр мæ цыдæр тых бауадзы. Ахæм отпусктæ дæр мыл скæны, кæрæйкæронмæ йæ кæд бакæсын.

Хъайтыхъты Геор мын кæддæр афтæ зæгъы, ме 'цæг ном, дам, Джеуæр хуыйны. Уый, «Рæстдзинад»-ы куы куыстон, уыцы дуджы уыди. Бафæндыди мæ, кæд йæ ном афтæ уыди, уæд ын йе 'цæг номимæ йæ уацмыстæ дæр уадзын. Йæхæдæг уыцы хъуыдыйы ныхмæ куы ницы загъта, уæд ын йе 'мдзæвгæтæ æцæгæйдæр ахæм номимæ уадзын райдыдтам.

Хъайтыхъы-фырт къорд хатты йæ ног номимæ газеты куы фæзынди, уæд мæм чидæр телефонæй æрбадзырдта, йæ ном, дам, фылдæр хæттыты куы аива, уæддæр, раздæр куыд фыста, уымæй хуыздæр фыссын нæ райдайдзæн.

Иу поэт даргъ æмдзæвгæтæ фыссын уарзта. Даргъ кæй уыдысты, сæ сæйраг аипп уый нæ уыд, йæ мардæрцыд сæ лæмæгъдзинады уыдис. Иу хатт та йæ даргъ æмдзæвгæ газетмæ бахаста, æмæ йын æй йæхи цур кæсын райдыдтой. Фыццаг æмæ фæстаг дыууæ цыппаррæнхъоны,

дам, уæлдай сты æмæ йын сæ аппæрстой. Ногæй та йæ бакастысты æмæ ма дзы астæуæй дæр æртæ цыппаррæнхъоны ахахх кодтой.

Поэты бæргæ нæ фæндыди, фæлæ, æвæццæгæн, йæхинымæр загъта, цæугæ ракæнæд, æндæр цыфæнды цыбыр дæр уæд. Æппæты фæстагмæ ма йын дзы баззад цыппар рæнхъы, æмæ уыдон ахахх кæныныл дæр куы ныллæууыдысты, уæд ууыл нал сразы...

Мæ зæрдыл мын, бирæгъты бал кæуыл æрæмбырд, уыцы лæджы хабар æрлæууын кодта. Йæхицæй æппæлыди, мæйдар æхсæв, дам, мыл авд бирæгъы амбæлд æмæ, дам, сæ лидзæг фæкодтон. Чи йæм хъуыста, уыдонæй йын иу афтæ зæгъы, бирæгъты бал, дам, фондзæй фылдæр нæ вæййы. Æртыккаг ын сæ дыууæмæ ’ртардта. Æнæхъæн бал иу бирæгъмæ куы ’рхауд, уæд, фыццаг йæ ныхмæ чи сдзырдта, уый афтæ фæкодта: «Тарст халон къудзийæ тæрсы, зæгъгæ, фæзæгъынц. Дæуæн дæр дæ фæндагыл дымгæ къудзи базмæлын кодта, бирæгъы хуызæн дæм фæкаст æмæ йыл басæтт!» — «Цыфæнды куы дзурат, уæддæр мæ бирæгъæй къудзи кæнын нæ бауадздзынæн!» — хъæддыхæй загъта «хъæбатыр» æмæ йæ ныхасгæнджыты дзургæ ныууагъта.

Ацы фыстытæ дæр цыртытыл цыма Ленинграды Невскийы лавры бакастæн, мæ зæрдæ мæм афтæ дзуры:

Уходит человек из мира,
Как гость с приятельского пира.
Он утомился кутерьмой,
Бокал свой допил, кончил ужин.
Устал — довольно! Отдых нужен,
Пора отправиться домой.

Мæ цæстыл иу лæджы хъысмæт ауад. Лæппуйæ Фæскавказмæ афтыди. Бирæ азтæ науы денджызонæй фæленк кодта, уырдыгон чызджы ракуырдта. Чызг æмæ йын лæппу дæр рацыди, фæлæ йæ бинойнагимæ нæ фидыдта æмæ ахицæн сты. Советон Цæдис куы фехæлд, уæд йæ райгуырæн бæстæмæ ссæуыны бæсты Уæрæсемæ ацыд. Уырдыгон ус ракуырдта æмæ уым кусын райдыдта.

Ныр рацæй-рабон, æмæ, дам, амарди. Йæ уæлхъус йæ хæстæджытæй, йæ зонгæтæй, йе 'мзæххонтæй ничи уыд, афтæмæй йæ 'цæгæлон адæм æцæгæлон зæххы банығæдтой. Иу ирон цæстысыг ыл не 'ркалд, афтæмæй. Уымæй ма æнамонддæр мард уыдзæн, уый мæ нæ уырны.

Уæлдæр цы эпитафи æрхастон, ацы хабæрттæ мын уый фæстаг рæнхъ — «Пора отправиться домой» — æрлæууын кодта мæ зæрдыл.

Дард бæсты амæлæг ахæм хорз лæппу уыд, æмæ дзы хæстæгæй, хионæй иууылдæр сæрыстыр уыдысты. Йæ мадыл куыд æнувыд уыд, уый æцæгæлон адæм дæр зыдтой. Отпуск-иу куы ссыд, уæд-иу уый йæ къабæзтæн бæрæгбоны хуызæн уыд. Цыфæнды дард ранæй дæр-иу цины хъуыддаджы фæдыл Ирыстоны балæууыд.

Фæстаг хатт ма йæ федтон йæ хистæр æфсымæры зианы. Уый размæ ссыди йæ хистæр хойы зианмæ дæр. Фæлæ йæхицæн «пора отправиться домой»-ы афон куы 'рхæццæ, уæд дæр йæ райгуырæн хæдзар нал бацагуырдта. Йæ цырагъ кæйдæр бæсты басыгъд, фæлæ йæ нæзы нæхи бæстæм нал схаста æмæ кæйдæр зæххыл æнæмæнузæгъæджы хуызæнæй нығæд æрцыд.

Мæ ныхас цыртыл фыстæй райдыдтон æмæ йæ эпитафийæ фæуон. Уый дæр Ленинграды иу цыртыл фыст уыд:

Прохожий, бодрыми ногами
И я ходил здесь меж гробами,
Читая надписи вокруг,
А ты мою теперь читаешь.
Намек ты этот понимаешь.
Прости же, до свиданья, друг!

Ме 'мбæстаджы цыртыл фыст кæй никуы базондзынæн, уый, æвæццæгæн, мæн аххос нæу.

Иу хатт Фатимæмæ цæуылдæр рамæсты дæн æмæ йын æртхъирæнгæнæгау загътон:

— Ахæм хъуыддæгты тыххæй Мурат цал усæй ахицæн, уый зоныс?!

Фæлæ, куыд бамбæрстон, афтæмæй йæм мæ ныхæстæ нæ бахъардтой.

Мад сывæллæтты цæхæрадонæй æрбацæйкодта йæ цыппараздзыд лæппуйы.

— Уæртæ, абон арсы къафеттæ кæм балхæдтам, уыцы дукани.

— Базыдтай йæ, Гæбул.

Дарддæр фæцæуынц.

— Уæртæ уый та, папæ кæм кусы, уыцы хæдзар.

— Уый дæр базыдтай. Уæртæ уый та? — бафарста мад, дыууæуæладзыгон кæрдæгхуызцъæх чъырæйцагъд бæстыхаймæ ацамонгæйæ.

Лæппу фырцинæй скафыд.

— Нæ йæ зоныс?

— Зонын, — æмæ хъæрæй ныххудт.

— Уæдæ-ма йæ зæгъ!

— Мæ хæдзар.

— Цавæр хæдзар?

— Кæм райгуырдтæн, уыцы хæдзар.

— Базыдтай уый дæр, — йæ лæппуйы æрбахъæбыс кæнгæйæ, загъта мад æмæ ма йæ цæстæнгас арæндоныл иу хатт æрхаста.

Мурат нын нæ люстрæ ауыгъта. Фæрдгуыты хуызæн дзы бирæ цыдæртæ уыди, æмæ дзы иуы дзинг-дзинг зæххыл ссыди. Фатимæ, кæдæм атылд, зæгъгæ, йæ цæстæнгас уаты къуымты ахаста, фæлæ дзы ницæуыл фæхæст. Мурат та, кæцæй æрхауд, уый агуырдта æмæ йæ уый дæр не ссардта. Фатимæйæн зæрдæтæ æвæры: ахъаззаг исты куы уыдаид, уæд, кæцæй рахауд, уый разынид.

Уæддæр Фатимæ йæ агурыны куыст кæны. Суанг цъылынæй мæрзынмæ дæр бавнæлдта, фæлæ, люстрæйæ цы хай рахауд, уый зæххы скъуыды ныххауæгау фæцыдæр. Фесæфт, йæ кой, йæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуыст. Мурат люстрæ ауыгъд куы фæци æмæ цырæгътæ куы ссыгъдысты, уæд дæр ма Фатимæйы сабыртæ кодта, цы 'рхауд, уый люстрæйыл никæцырдыгæй фæзынд æмæ дæхицæн дзæгъæл мæстытæ ма кæн, зæгъгæ.

Ницы йæм бахъардта. Йæ люстрæ йæм уæддæр цыдæр хъуаг каст. Кæд цырагъы рухсмæ нæ разынди, зæгъгæ, ма йæ райсомæй дæр фæцагуырдта.

Дыккаг бон зианы уыдыстæм æмæ фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд Муратæн йæ туфлийы уафс æрхауд æмæ, йæхæдæг куыд загъта, афтæмæй, дам, къуылых Гогийы хуызæн фæчепп-фæчепгæнгæ фæцыдтæн. Нæхимæ йæ Фатимæйæн куы радзырдтон, уæд уыцы цинхуызæй афтæ фæкодта:

— Мæ тæригъæдæй æрхауд йæ уафс!..

Мурат уый фехъуыста, цы — ахæм зæрдиаг худт ныккодта, æмæ банхъæлæн уыд, исты æхсызгон хабар фехъуыста, зæгъгæ. Стæй йæ уыцы ныхæстæ иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ бахъæлдзæг кодтой. Арæх-иу сæ æрымысыд æмæ-иу æнæныххудгæ никуы фæци.

Мæ фыссæн чиныгæй рахаудысты ацы дыууæ рæнхъы:

Куы фæцардаид Хъороты Агоры бæрц Къоста,
Уæд ма уыдаид абон дæр, нæ амондæн, æгас...

Йæ бынмæ та, кæд фыст æрцыд, уый æвдисæг нымæцтæ: 1996 азы 24 июль.

Ацы æмдзæвгæ дæр мын æрдæгфыстæй баззад. Цыма дзы, теуа йе 'нæзондæй куыд фесæфт, уый равдисынмæ хъавыдтæн, афтæ мæм кæсы:

Цардысты æмæ уыдысты
Бирæгъ, рувас æмæ арс.
Иумæ хордтой сæгъты, фысты,
Кодтой алкæуыл æвварс.

Уалдзæг, сæрд æмæ фæззæджы
Ницæуыл уыдысты тыхст.
Кæм æргæвстой хъуг, хæрæджы,
Кодтой къамбецы æмбырст.

Хъæды цæрджытæ сæ коймæ
Кодтой уадзыг æмæ сур...

Лæг цынæхуызон рæдыд фæкæндзæн, ахæм нæй. Иу хицауимæ куыстон æмæ мæ, куыд бамбæрстон, афтæмæй тæрсгæ кодта, фæлæ цæмæн æмæ цæмæй, уый рахатын нæ бафæрæзтон.

Иу бон дын мæм йæ кусæн уатмæ фæсидти æмæ мын цавæрдæр официалон гæххæтты мæ къух æвæрын кодта. Цы фыст дзы уыди, уый нæ зыдтон, кæд бынтон сыгъдæг уыд, уæддæр бæрæг нæ уыд æмæ, дам, дзы дæ къух æрæвæр. Равдис мæм æй, зæгъын: мæ къух цæуыл æвæрын, уый хъуамæ зонон. Кæд мын марыны тæрхоны бын мæ къух фыссын кæныс, уæд та? Уый уæлгоммæ хауæджы хуызæн йæхи акодта æмæ йæ хъæлæсыдзаг ныххудти. Мацæмæй тæрс, тагъд, дам, æй базондзынæ.

Куы нæ йын коммæ кастæн, уæд бынтон фæлмæн хъæлæсæй дзурын райдыдта. Фæстагмæ йын кæд тæригъæд нæ фæкодтон. Мæ къухæвæрд ын цыма стыр амонд æрхæсдзæн, афтæ кæсын дæр мæм райдыдта. Гæнæн нал уыд, æмæ гæххæтты уыцы нæвæндонæй мæ къух æрæвæрдтон.

Иуцалдæр боны æнхъæлмæ кастæн, цы уыдзæн, уымæ, фæлæ мæм ницы ног хабархæссæг уыди. Сабыргай мæ мæ къухæвæрды хабар рох кæнын райдыдта. Стæй дын иу бон газеты мæ хицауæн паддзахадон хæрзиуæг раттыны тыххæй указ куы бакæсин. Куыд бамбæрстон, афтæмæй орден раттыны тыххæй куыстæй дæр гæххæтт хъуыди æмæ йæ хицауы бæсты хъуамæ йæ хæдивджытæй исчи бафыстаид. Уæд мын æй, цымæ, цæмæн сусæг кодта? Къух куы нæ бафыссон, уымæй тарст æви, хабар Ирыстоныл куы айхъуысын кæнон, уымæй стъæлфыд?

Кæд æм æцæгæй ахæм хъуыдытæ уыд, уæд рæдигæ кодта.

Кæддæр нæ хъæуы равзæрды тыххæй фыстон: «Иуæй-иуты хъуыдымæ гæсгæ, «Алагир» равзæрд дыууæ дзырдæй: «уæллаг» æмæ «Ир»-æй. Кæд æцæг афтæ у, уæд нæ хъæуæн схонæн ис Дæллаг Ир, уымæн æмæ йæ цæрджытæ иууылдæр сты Уæлладжыры комæй рацæугæ. Цæргæ та æркодтой Алагирæй дæлдæр».

Ацы ныхæстæ ныффыстон 1996 азы. Мæ хъуыдытæм цыдæр рæстдзинад кæй фæхæццæ, ома кæд Уæллаг Ир ис, уæд Дæллаг Ир дæр хъуамæ уыдаид, зæгъгæ, уый фæстæдæр наукон æгъдауæй равдисыныл бацархайдта зындгонд ахуыргонд Кузнецов Владимир. 2008 азы фыста: «Высказываю гипотезу о том, что в местном бытовом обиходе раннего средневековья упомянутые горные аланы

могли фигурировать под номинацией «Уаллаг Ир», т.е. «Верхний Ир». Логика возникновения такого наименования прозрачна: эта часть страны Ирхан «Дербент-наме». Номинация «Уаллаг Ир» дошла до нашего времени в форме Алагир (город) и Алагирское ущелье, а ее историческая реальность подтверждается монетным двором XIV в., чеканившим свою монету и известным в нумизматической литературе.

Допуская гипотезу об «Уаллаг Ире» как «Верхнем Ире», мы должны допустить и антитезу о вероятном существовании историко-географического понятия «Даллаг Ир», т.е. «Нижний Ир», впоследствии стертого временем. Территориально эта часть страны Ирхан должна была соответствовать предгорной равнине Северной Осетии, Кабардино-Балкарии и части Ингушетии и Чечни, насыщенной аланскими «земляными» городищами и катакомбными могильниками I – начала II тыс. н.э.».

Æвæццæгæн, нæ фæрæдыдтæн, мæ райгуырæн хъæу Дæллаг Ир (мæ чингуытæй иуæн радтон ахæм ном) кæй схуыдтон, уымæй, уымæн æмæ Бæрæгъуын дæр «предгорная равнина Северной Осетии»-йы иу хай у.

Адæймаг йæ цъаммардзинад цы хуызы нæ равдисдзæн, ахæм ын нæй. Радиойы куы куыстон, уæд мын нæ кусджытæй иу ахæм хабар радзырдта.

Иу фыссæг куыста журналы редакторæй. Уыцы бынаты бадти бирæ азты дæргъы. Бирæ азтæ кæм бадай, уым æдзух раст хъуыддæгтæ куы нæ кæнай, уæд дæ ныхмæ дзурджытæ кæй сарæх уыдзысты, уый зын бамбарæн нæу. Сбирæ сты, редакторы куыстæй разы чи нæ уыди, уыдон дæр æмæ йæ ныхмæ ныффыссынвæнд скодтой. Цы хъаст ныффыстой, уым та къухтæ бавæрын хъуыд, æмæ уыцы хæс йæхимæ райста, мемæ радиойы чи куыста, уый æрхорд. Кæрæдзиуыл æууæндыдысты, растдæр зæгъгæйæ та, хъаст кæмæ уыди æмæ йæ къухтæ æрæвæрыны тыххæй рахæсс-бахæсс чи кодта, уый æууæндыди радиойы кусæгыл æмæ йæм гæххæтт бахаста. Уымæй размæ дзы сæ къухтæ цалдæрæй æрæвæрдтой. Радиойы кусæг хъаст бакаст, федта, йæ къух дзы чи æрæвæрдта, уыдоны мыггæгтæ дæр, фæлæ дзы хъаст æрбахæссæджы

къухæвæрдыл йæ цæст куы не 'рхæцыд, уæд æй дисхуызæй бафарста:

– Æмæ дзы дæхи къух куынæма æрæвæрдтай…

– Æууæндын дыл æмæ дын мæ сусæгдзинад рахъæр кæнон: мæхи мын æвæрынмæ хъавынц редакторæй, æмæ исчи зæгъдзæн, уыцы бынатмæ кæй тырныдта, йæ ныхмæ уымæн ныффыста, зæгъгæ.

…Редакторы йæ куыстæй систой, фæлæ йæ бынатмæ чи тырныдта, уый дæр дзы нæ сæвæрдтой. Иу дзырдæй, йæ фыдæбæттæ фæдзæгъæл сты.

Лæгæй лæг зæгъынæн дæр лæг хъæуы. Æмæ уыцы лæгдзинад уыди Гуыдиаты Гермæнмæ. Зыдта, чи цы у, уый. Зыдта, кæй тыххæй цы зæгъын хъæуы, уый дæр. Уыимæ йæ хъуыды, цыфæнды карз куы уыдаид, уæддæр æй бæмбæджы никуы батыхта. Дзырдта æргомæй, комкоммæ, йæ ныхас кæйдæр зæрдæмæ нæ фæцæуыдзæн, ууыл нæ хъуыды кæнгæйæ. Ирыстонæн кад чи кодта, йæ намысыл ын намыс чи 'фтыдта, уыдон æй уырзæй æвзарын нæ хъуыд. Кæйдæрты фæрсыны сагъæсы дæр никуы бацыд, уымæн æмæ сын хорз зыдта сæхи дæр æмæ сæ хъуыддæгтæ дæр. Фыста сыл газеттæ æмæ журналты, иста сыл кинотæ, æмæ сæ фæлгонцтæ цыртдзæвæнтау баззадысты абоны æмæ фидæны фæлтæртæн.

Гермæнимæ бирæ хæттыты фембæлдтæн. Бирæ азты размæ мын мæ радзырдтæй иуцалдæр уырыссаг æвзагмæ дæр ратæлмац кодта. Йæ зæрдæмæ куы нæ фæцыдаиккой, уæд, Гермæн ахæм адæймаг уыд, æмæ сæ тæлмац кæнынмæ нæ бавнæлдтаид: йæхицæн тыхми чи кодта, уыдонимæ йын иумæйагæй ницы уыд. Уæлдай тынгдæр йæ зæрдæмæ фæцыд радзырд «Мысты тæригъæд». Мæнæ куыд фыста йæхæдæг: «Однажды мне пришлось перевести несколько рассказов Дзасохова. Запомнился эпизод в одном из них: мышка, увидев, что но́ском сапога охотник разорил ее запасы зерна на зиму и, поняв, что теперь обречена, выцарапала себе глаза. Я был потрясен! Не наблюдательностью Музафера, не тщательной деталировкой сцены, и даже не схваткой Жизни со Смертью. Я был потрясен Состраданием, с каким писатель живет рядом со мной, с нами…»

Бирæ хабæрттæ мæ бон æрымысын у, фæлæ уыдоны 'хсæн бæрæг дары, нæ хуыздæр нывгæнджытæй иу, нырма аккаг аргъ кæмæн нæма скодтам, афтæмæй та тæккæ стырдæр аргъ кæнын кæмæн æмбæлы, Дзанайты уыцы Азанбеджы ныгæнæн бон интеллигенциййы номæй Гермæн цы ныхас ракодта, уый. Йæ алы ныхас нæ, фæлæ ныхæстæн сæ алы мыр дæр æмбæлди нысаныл, змæлын кодта зæрдæйы рæбинагдæр уидæгтæ, дзурæг уыд Дзанайты нывгæнæджы стырдзинадыл, Хуыцауæй лæвæрд йæ егъау курдиатыл, Иры номдзыддæр лæгты æхсæн цы бæрзонд æмæ æнæхæлгæ мæсыг самадта, уый намысыл.

Иры номдзыддæр лæгты тыххæй ныхас кæм цæуы, ахæм фыстытæй дæр хъæздыг у Гермæны сфæлдыстад. Уыдоны нымæцыл азæй-азмæ æфтгæ цыд æмæ сæ фæстагмæ рауад æнæхъæн чиныг. 2003 азы йын дунейы рухс фенын кодта Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдад «Ир». Гермæн мыдыбындзау фæзылд Ирыстоны хъæздыг дыргъдоны æмæ дзы, рæсугъддæр цы дидинджытæ уыд, хæрзаддæр дыргътæ цы бæлæстыл зад, уыдонæн равдыста сæ рæсугъддзинад. Йæ очерктæ кæд алы адæймæгтыл фыст сты, уæддæр сæ иу кæны сæ курдиат, нæ райгуырæн бæстæйы кад бæрзæндты кæй хастой æмæ хæссынц, уыцы арфæйаг хъуыддаг.

Ныртæккæ бирæтæм куы байхъусай, уæд сæ цæсты сындз сты премитæ æмæ кадджын нæмттæ, хорзæхтæ æмæ кады нысантæ, фæлæ афтæ дзурджытæй сæхицæй ахæм уавæры чи бахауы, уыдонæй, хæрзиуæг исгæйæ, йæ риу дæр ничима аиуфарс кодта, ном æмæ мæ премии нæ хъæуы, зæгъгæ, дæр дзы ничима загъта. Ам мæ зæрдыл иу эпиграммæ æрлæууыд. Ныффыста йæ Бернар Ле Бовьен Фонтенел.

Зындгонд куыд у, афтæмæй Францы академийы æдзухдæр вæййы дыууиссæдз уæнджы. Ахуыргæндты æхсæнæй чи фæхъæуы, уый бæсты равзарынц æндæры. Æмæ эпиграммæ дæр уыцы цауимæ баст у:

Дыууиссæдзы куы вæййæм, уæд
Фæкалут н'алкæуыл уæ сæт.
Куы вæййæм нудæс æмæ ссæдз,
Уæд не 'ппæлджытæн нæй нымæц.

Ацы эпиграммæ цæмæн æрымысыдтæн? Гермæн йæ очеркты чиныг схуыдта «Вершины», æмæ йын 2004 азы

саккаг кодтой Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон преми. Æмбæлди йын æмæ уымæн. Фæлæ, кæмæн не 'мбæлы, уыдон сæ сæртæ схъил кодтой æмæ фæскъуымты йæ ныхмæ дзырдтой. Уæвгæ, ахæм преми чи райста, стæй кадджын номы аккагыл кæй банымадтой, уыдонæй та кæй ныхмæ нæ дзырдтой?!

Гермæн уыди æндæр хæрзиуджыты аккаг дæр. Ууыл дзуры, Уæрæсейы Федерацийы Паддзахадон преми райсынмæ йæ кæй бавдыстой, уый дæр. Æрмæст ахæм хъæппæрис йе 'мзæххонтæм нæ разынд. Йе 'нæзæрдæхудт фæллойæн ын аккаг аргъ чи скодта, уыдон уыдысты нæ сыхæгтæ – Кæсæг-Балхъары минæвæрттæ.

Гермæны поэтикон сфæлдыстады кой не скодтон. Ницы загътон йæ киноаивады тыххæй дæр, афтæмæй уыдонæн снывонд кодта йæ царды фылдæр æмæ хуыздæр азтæ. Афтæ мæм кæсы, æмæ йе 'мдзæвгæтæ æмæ кинотæ поэты ном рох кæнын нæ бауадздзысты.

Йæ рæстæджы, ома хохæй быдырмæ куы ралыгъдысты, уæд Бæрæгъуыны фылдæр сыхтæй алкæцыйы дæр æрцард дæсгай хæдзæрттæ. Иуæрдыгæй дæр – фондз, иннæрдыгæй дæр. Мах сых дæр уыди ахæм. Дзасохтæ æмæ Дзустæ ралыгъдысты Бадыхъæуæй, Реуазтæ – Цъусæй, Хъантетæ та – Дæйыхъæуæй. Уыцы дæс хæдзарæй æхсæзы цардысты Дзасохтæ. Уыдонæн сæ раст æмбис æдзæрæгæй баззад. Мах хæдзары цæрынц нæхи 'рвадæлтæ, фæлæ сæхи хæдзарæн йæ фæд дæр нал и. Уыдон дæле цардысты Ладитæ, æмæ уым дæр цæрæг нал и. Йæ фырт Цæрадзон Æрыдоны æрбынæттон.

Хъысмæт æппæты æгъатырдæр разынд нæ иннæ æрвадæлтæм – Алихантæм. Уыдон – Ладитæн сæ дæллаг сыхæгтæ – уыдысты дыууæ 'фсымæры. Бибойæн цот нæ рацыд, фæлæ Алиханæн уыди æртæ фырты æмæ иу чызг. Дыууæ хистæр лæппуйы – Амырхан æмæ Агуыбе – усгур лæппутæй æрлæууыдысты райгуырæн бæстæ хъахъхъæнджыты рæнхъыты. Агуыбе йæ цард нывондæн æрхаста фыдызæххы сæраппонд. Амырхан уæззау цæфтæ фæци, афтæмæй уæлахиздзауæй сыздæхт. Грознайы каст фæци пединститут. Куыста ахуыргæнæгæй. Фæстагмæ йæ арвыстой Дагестанмæ. Сæвæрдтой йæ Хасавюрты скъолайы

директорæй. 1953 азы йын йæ мард ссардтой дыууæ хъæуы астæу. Фыдгæнджытæ абон дæр не сбæрæг сты.

Лубæ æмæ ма Алиханæн сæ зæрдæ лæууыди сæ дыууæ кæстæры – Аслæмбег æмæ Зойæйыл. Дыууæйæ дæр ахуыр кодтой нæхи педагогон институты, фæлæ йæ каст фæуын баци æрмæст Зойæйы бон. Аслæмбеджы йе 'нæниздзинадмæ гæсгæ йæ ахуыр ныууадзын бахъуыд. Мад æмæ фыд, цы сæ бон уыд, уымæй архайдтой йе сдзæбæх кæныныл, фæлæ уый уыдоны бон дæр æмæ дохтырты бон дæр нал баци. 1955 азы авд æмæ ссæдзаздзыдæй цардæй ахицæн. Алихан ма йæ фæстæ дæс азы фæцард, фæлæ мæ фыдгул йæ цæстытæ донæй дзагæй хæсгæйæ фæцæрæд. Худгæ-иу куы кодта, уæддæр-иу йæ цæстытæ доны зылдысты. Лубæ цæрынмæ хъæддыхдæр разынд – дæс æмæ йыл цыппарыссæдз азæй фылдæр цыд, фæлæ йæ царды фæстаг бонтæ, хæдзары дзаг бинонтæ йын уыд, афтæмæй иунæгæй арвыста.

Зойæ мой скодта нæ хъæуы кадджындæр мыггæгтæй иу – Беккуызартæм. Отарбегимæ схъомыл кодтой хорз цот. Сæ хистæр фырт Анатоли – зындгонд аразæг, Алан – булкъон æмæ сæ хо Светæ.

Лубæ куы 'руатон, уæд æй мæ бинонтимæ бабæрæг кодтам æмæ ма фæстаг хатт кæрæдзийæн нæ ныхæстæ фæкодтам. Фæдзырдта мын, нæ бинонтимæ куыд хæларæй цардысты, уыцы хабæрттæ. Мæ фыдимæ куыд цардысты, уый æз цæмæй зыдтон – уый хæстмæ куы ацыд, уæд мæныл цыппар азы йеддæмæ нæ цыд, – фæлæ хæстыфæстæйы хабæрттæн мæхæдæг уыдтæн æвдисæн.

Лубæмæ йæ рынчыны рæстæджы хорз цæстæй кастысты Зойæ дæр, йæ сиахс дæр, йæ хæрæфырттæ дæр. Иузаман æй сæхимæ ахоныныл дæр сразы кодтой, фæлæ сæм бирæ нæ бафæрæзта. Рынчынфæрсæг æм куы ныццыдыстæм, уæд мын йæ фын радзырдта. Йæ лæппутæй кæцыйæ загъта, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ, дам, мæм мæ фыны æрбацыд æмæ мын бауайдзæф кодта, нæ хæдзар, дам, иунæгæй цæмæн ныууагътай.

Ныр мæ фæлмæнзæрдæ 'рвадæлты хæдзарвæндагæй ничиуал ис. А сæрды йе 'нусон фæндагыл афæндараст кодтам Зойæйы дæр. Хъæуккæгтæ мæм æрхатыдысты, цæгаты номæй арфæйы ныхас зæгъ, зæгъгæ. Мæ ныфс тынг дæр нæ хастон, фæлæ уæддæр, мæ цæссыгтæ ныхъуыргæйæ, цалдæр ныхасы зæгъын мæ бон баци.

Риссы мæ зæрдæ Алихан æмæ Лубæйы æнамонд хъысмæтыл. Риссы не 'ннæ 'рвадæлты хъысмæтыл дæр.

Темболатæн дæр Хуыцау балæвар кодта æртæ лæппуйы 'мæ иу чызг. Йæ лæппутæй уымæн дæр иу Аслæмбег хуынди, йæ чызг та – Зойæ. Аслæмбегæн йæ хистæр – Æхсар, йæ кæстæр – Руслан. Сæхицæй уæздандæр – æфсымæртæй зæгъын – зын ссарæн уыди. Аслæмбегимæ институты иу курс æмæ иу къорды ахуыр кодтам. Руслан дæр techinstitut каст фæци, æрмæст махæй къорд азы фæстæдæр.

Сæ фыд хæстæй нал ссыд. Схъомыл сæ кодта сæ мад, фæлæ уыдон дæр æнамонддæр йеддæмæ амондджындæр нæ разындысты. Бинонты хъуыддаг нæ бакодтой, афтæмæй кæрæдзийы фæдыл ацыдысты Руслан æмæ Аслæмбег. Йæ амонд не ссардта, афтæмæй йæ хоимæ фыдбылызы бахауд Æхсар: сæ хæдзар ссыгъд æмæ дыууæйæ дæр уым бабын сты.

Иу мыггагæй – иухуызон æнамонд хъысмæттæ. Алихан æмæ Темболатæн æртыгай фырттæ куы райгуырд, уæд цæмæй æнхъæл уыдысты, сæ фæстæ цъиуызмæлæг дæр нал баззайдзæн, уый! Афтæмæй – ныййарæгæй, цотæй – иууылдæр адæмæн уарзон адæм уыдысты. Адæмæн уыдысты, хъысмæтæн – нæ. Хъысмæтæй та кæд лидзæн ис, уæд – æрмæстдæр мæрдтæм...

Куырыхоны зонд кæуылты æххæссы! Йæ рæстæг æмæ дуджы цæрæг адæмæн цы фæзæгъы, уый иннæ замантæ æмæ дугты цæрджытæм дæр фæхауы.

Я мог бы для примера
Напомнить лица, имена,
Но это будет смело,
А смелость в наши времена –
Рискованное дело!

Кæд æмæ кæд загъта ацы ныхæстæ Некрасов! Стæй сæ кæцы рæстæг æмæ кæмæн загъта? Кæй зæгъын æй хъæуы, йæхи рæстæг æмæ йæ рæстæджы чи цард, уыцы адæмæн. Уæдæ мæнмæ та афтæ кæсы, цыма мах рæстæгмæ тынгдæр хауынц. Æвæццæгæн, куырыхон цы хъуыдытæ фæзæгъы, уыдонæн сæ фылдæр алы рæстæджы уавæр дæр февдисынц æмæ æнæмæлæт уымæн свæййынц.

Къостайы ныхæстæй та кæцы базæронд? Йæ рæстæгимæ дзы дард кæмдæр кæцы баззад? Йæ алы рæнхъ дæр цæры. Йæ рæстæджы уæлдæфæй куыд улæфыд, афтæ улæфы мах рæстæджы уæлдæфæй дæр. Зæрдæмæ хъары, æнусæй фылдæры размæ куыд хъардта, афтæ.

Рухс кувæндæттæй хынджылæг кæнынц!

Иунæг рæнхъ йеддæмæ нæу, фæлæ азты тары фатау аныхст æмæ пиллон калгæ мах дугмæ æрхæццæ, йæ хъуыдытæ ноджы тынгдæр сæрттывтой, афтæмæй. Чи зоны, Къостайы рæстæджы кувæндæттæ кадджындæр уыдысты, фæлæ Леуаны фырт æнкъардта, уавæр фыддæрæй-фыддæр кæй кæндзæн, уый æмæ фæдисхъæр уымæн кодта. Æрыхъуысти уыцы фæдис мах æнусмæ дæр, фæлæ бирæтæм уыцы хъæр нæ хъуысы, æндæр йæхи номæй кувæндæттæ чи аразы, æмæ дзы цы мысайнæгтæ æрæмбырд вæййы, уыдон схъæздыг уæвыны фæрæз кæмæн систы, æцæг хынджылæг кувæндæттæй уыдон кæнынц. Цæмæй æхцатæ сæхирдыгæй фæкæной, уый тыххæй сæ хъаст тæрхондæттæм дæр бахæссынц æмæ тæрхонгæнджытæ сæ фарс дæр рахæцынц.

Æнаххосæй дæ æфхæрæг куы уа, уæд ма дæ зæрдæ цæуылдæр æмæ кæуылдæр фæдарæн ис. Гæнæн æмæ амал куынæуал уа, уæд дæ хъаст тæрхондонмæ бахæсдзынæ. Фæлæ тæрхондон зылыны фарс куы рахæца, уæд дын де 'нæбоныл басæттынæй хуыздæр хос нал уыдзæн. Æндæр куыд хъуамæ рахæцай, дзуары номæй æхцатæ кусыны фæндагыл чи 'рлæууыд, уый фарс?

Науæд кæд уыди, æмæ Хетæджы дзуары бынмæ, нуазын кæмæ æрцæуы, уыдон, кæд сæ бафæнда, уæд сæ хæдтулгæты абадой æмæ табуйаг хъæды балæууой? Ноджы дзы ахæм бæстыхæйттæ сарæзтой, æмæ дæ сах къæвдайæ дæр баауон кæндзысты. Цæмæн дзы бахъуыди агуыридурæй амад бæстыхæйттæ æмæ дæргъæй-дæргъмæ саратæ аразын?! Цæмæн хъуыди, йæ бынмæ бæгъгъæвадæй кæмæн цыдысты, уыцы хъæды алыфарс асфальт фæндæгтæ аразын!

Хетæджы бынмæ фæцæуынц иу бон. Уыцы иу бон вæййы афæдзы æппæты тæвддæр рæстæг – сусæны мæй. Куыд зонæм, афтæмæй сусæны мæй мит нæ фæуары. Кæд фæуары, уæд – къæвда. Уый дæр Хетæджы бонмæ дæс азы иу

хатт кæд æрæййафа, уæддæр дзы иннæрдæм никæй ахиздзæн. Уæдæ, уæлдæр куыд загътон, афтæмæй дзы фидаркъул агъуыстытæ аразыны сæр дæр ницæмæн хъуыд.

Иннæ ахæм – мысайнæгтæ. Чи куыд хъæздыгдæр у, афтæ архайы фылдæр æвæрыныл. Куыд дзурынц, афтæмæй, дам, се 'хсæн доллæртæ дæр фæзыны.

Хетæджы бынмæ æртиссæдз азæй дæр фылдæры размæ цæуын райдыдтон æмæ дзы лыстæг æхца йеддæмæ гæххæттын æхца æппаргæ никуы федтон, уый дæр – æвзист æртыгай суаритæ.

Фæстаг азты та фæзынди, æнæгъдаудæр æгъдауæн скæнæн нæй, ахæм. Бæлæстыл судзын райдыдтой сойын цырæгътæ æмæ тынг тæссаг у, куы бахуыскъ уой, уымæй. Кæцыдæртæ дзы хуыскъ кæнын дæр райдыдтой.

Мах ногæй ницы 'рхъуыды кæндзыстæм. Кæд арæхсæм, уæд, цы уыди, уыдон ферох кæнынмæ, кæнæ сæ цæсты бафтауынмæ. Уыцы хъуыддаджы нын æмбал нæй. Кæд уыди афтæ, æмæ бæлæстæн сæ сыфтæ нæ, фæлæ сæ къалиутæ дæр алыхуызон хæцъилтæй мауал зыной?! Раздæр нæ уыд, мах рæстæджы та фæткы хуызæн сси. Æмæ кувæндоны иуæй-иу бæлæстæ цигайнаг бæхтау хъулон-мулон æрттывд кæнын райдыдтой.

Уыдон иууылдæр сты Хуыцауы æваст хъуыддæгтæ. Хуыцауы æваст хъуыддæгтæ кæнын та тæригъæд у. Фыдæлтæ куыд дзырдтой, афтæмæй тæригъæд авд фæлтæры хæссы. Дæхи куы нæ 'рæййафа, уæддæр дæ фæдонтæй искæмæн фидгæ кæй æрцæудзæн, ууыл хъуыды кæнын хъæуы.

Амондджын адæмтæ та куыннæ вæййы! Алы рæтты фæцæр, алы рæтты фæкус, амонд агурæг дæсгай фæндæгтыл ауай æмæ дæхицæн æппæты рæсугъддæрæн равзар, дæ райгуырæн хъæуæй дæ цы фæндаг ахуыдта, уый.

Цомайты Иссæйы фырт Барис мæ хъæуккаг у. Кæд нæ рæдийын, уæд мын-иу Веринкæ дзырдта, дæ фыд æмæ, дам, Иссæ æрдхæрдтæ уыдысты. Иссæйы æз хорз зыдтон. Нæ хъæуы æппæты фыццаг уæзласæн машинæйы чи сбадт, уыдонæй уыд. Барис мæнæй, æвæццæгæн, иу-дыууæ азы хистæр уыдзæн. Уый дæр ацыд йæ фыды фæндагыл. Бирæ

азты шофырæй фæкуыста Казахстаны, уый фæстæ афтыд Магаданмæ. Къорд азæй фылдæр рацыд, йæ райгуырæн бæстæ куы бацагуырдта æмæ Заводы поселочы куы 'рцард, уæдæй нырмæ. Хæдзар дзы балхæдта, æнхъæлдта, ардыгæй никæдæмуал ацæудзæн, зæгъгæ, фæлæ йыл æндæр æнкъарæн фæтыхджындæр. Кæм райгуырд, кæм схъомыл, йæ рæсугъддæр бонтæ цы Бæрæгъуыны арвыста, уырдæм фæндаг æй фæстæмæ йæ уарзон адæмы 'хсæнмæ 'ркодта. Æртæ азмæ ахæм хæдзар сарæзта, æмæ дзы адæймаджы зæрдæ рухс кæны.

Барис дæр хъæугæрон райгуырд, æрмæст хъæуæн йæ дæллаг кæронмæ 'ввахс. Æгъдау куыд амоны, афтæ уым цæргæйæ баззад йæ кæстæр æфсымæр. Барис хæдзар кæм скодта, уый, æз кæм райгуырдтæн, уырдæм хæстæг у. Мах чъылдыммæ цы Куыройыдон кæлы, уый къабæзтæй иуы тæккæ былгæрон. Уыцы къабæзтæ та суадæттæй гуырынц. Цæссыджы хуызæн сыгъдæг æмæ ихы хуызæн — уазал. Балер кæсаг йеддæмæ дзы æндæр кæсаг нæ цæры — дон, куы зæгъын, ихы хуызæн у. Барис канд хæдзар нæ сарæзта, фæлæ ныссагъта дыргъдон, цадæн скъахта егъау дзыхъхъ, æмæ дзы сæ зæрдæйы дзæбæхæн цъыллинджытæ кæнынц кæсæгтæ. Уæдæ йæ цæхæрадоны цы халсартæ æрзайы, уыдон канд йæхи нæ, фæлæ, йæ кæстæртæй æндæр рæтты чи цæры, уыдоны фаг дæр вæййынц.

Тынг æхсызгон мын у, Цомайы-фырт йæ иудадзыг цæрæнбынатæн йæ райгуырæн хъæу кæй равзæрста æмæ æппынфæстаг тæккæ растдæр фæндоны фæдыл кæй ацыд, уый. Стæй мын канд æхсызгон нæу, фæлæ йæм кæнын хæлæг дæр. Уыцы хъуыддаджы хæлæг кæмæ кодтон, уыдон уыдисты Лолаты Хадзыби æмæ Бицъоты Гришæ. Ныр ма сæ нымæцыл бафтыди Цомайты Барис дæр.

Афтæ мæм кæсы, цыма æз цæрæнбонты цæмæ бæллын æмæ æхсæвыгæтты мæ фынты цы хъуыдытæ фæкæнын, уыдон Барис сæххæст кодта.

Мæ фыдæн кæронмæ арæзт чи нæ фæци, мæ царды амондджындæр æвддæс азы кæм арвыстон, уыцы хæдзар мæ зæрдæйæ æппындæр нæ хицæн кæны. Нæ рудзгуыты бын цы бал бæлас æмæ чылауи бæлæстæ зад, нæ гыццыл цæхæрадоны цъайы былгæрон — шафран фæткъуы, Хъантеты хæдзары фæскъул — бур чылауи æмæ, гыццыл кæй хуыдтам, уыцы фæткъуы, нæ хайы кæрон — бал бæлæсты

æнæхъæн рæгъ, Геортæй мах æхсæн — дæргъæццон сырхфарс фæткъуытæ, уынджы нæ цæхæрадоны ныхмæ — дæс æви дыууадæс тутайы... Уыдон æмæ бирæ æндæр, зæрдæйæн адджын нывтæ мæ цæстыл куы ауайынц, уæд мæ сабидуг мæ зæрдыл æрбалæууы æмæ мæ уырдыгæй здæхын нал фæфæнды...

Фæфæнды мæ мæ хæдзары æрцæрын. Раздæр куыддæриддæр уыди, афтæмæй йæ фенын. Мæ фыдæн дзы арæзт цы агъуыст нæ фæци, уый кæронмæ фæуын. Йæ ног цæрджытæ хæдзары æддаг къултыл цы чъырызмæст цъар сæвæрдтой, уый ракалын, цæмæй та фæстæмæ, æз æй куыдæй зыдтон, ахæм хуыз райса. Фæфæнды мæ, кæм райгуырдтæн, мæ царды фæстаг бонтæ уым арвитын æмæ, мæ афон куы 'рцæуа, уæд мын мæ мард дæр уырдыгæй куыд рахæссой æмæ мæн дæр, Дибæйау, нæ хæдзар мæм кæцæй зына, ахæм ран куы баныгæниккой, фæлæ...

Фæлæ йæ ахæм фæндтæ кæмæн сæххæст вæййынц, уыдоны нымæц иугæйттæй нымайгæ у. Уыцы иугæйттæм хауы мæ мады мады мады 'рвад Цомайты Барис æмæ, мæнæй иу бон кæстæр уæддæр куы уаид, уæд ын зæгъин, мæ уд дæ фæхъхъау, зæгъгæ, фæлæ хистæрæн афтæ кæй нæ фæдзурынц, уымæ гæсгæ йын зæгъын: «Бузныг, Барис, æз дæсгай азты дæргъы мæ зæрдæйы цы бæллицтæ хæссын, уыдон ды хъуыддагæй кæй сæххæст кодтай, уый тыххæй! Мæ зæрдæ дын зæгъы, цыдæриддæр дæм фæндтæ ис, уыдон иууылдæр дæ къухы куыд бафтой! Хуыцау дын ахæм амонд раттæд, æмæ дæ кæстæртæ дæуæй фæрнджындæр куыд уой! Мæ арфæтæ дыл куы 'рцæуой, уæд мæ зæрдæ куыд барухс уыдзæн, ахæм рухс цард мæнæн дæр Уæлладжы цæст бауарзæд!»

Мæ нывтæ мын мæ хæлар нывгæнджытæ цалдæрæй скодтой. Дыууæ мын дзы мæхицæн дæр радтой.

Дзæнæты бадинаг Биджелты Валериимæ иумæ куыстам. Уыди курдиатджын æмæ уыцы иу рæстæг фæллойуарзаг дæр. Æнæ кусгæйæ иу минут дæр нæ фæрæзта. Колхозæн-иу æххуыс кæнынмæ искæцы хъæумæ куы цыдыстæм, уæд дæр-иу йæ ахорæнтæ йемæ хаста. Æмæ йын дзæгъæл хаст никуы фесты. Улæфты рæстæг-иу адæм сæ фæллад уагътой, уый та-иу уайтагъд, ныв кæм кæна, ахæм

бынат райардта æмæ-иу, йæ куыст цалынмæ фæци, уæдмæ нæ ныууагъта. Уыимæ-иу нывыл, тагъд кæй куыста, уый никæцырдыгæй фæзынд.

Иу хатт, кæцы хъæуы быдыры уыдыстæм, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ иу гыццыл цады был цалдæр гæды бæласы йæ зæрдæмæ фæцыдысты æмæ уыдон ныв кæнынмæ февнæлдта. Куысты кæронмæ ныв сцæттæ. Тынг зæрдæмæдзæугæ рауад. Ноджы йæ фæлгæты куы бакодта, уæд йе 'цæг хуыз равдыста. Æз ма йын цыппар рæнхъæй йæ ном дæр ссардтон:

Куы ма уыдтæн саби, æз мысын уæды
Рæстæджытæ: хур бон, гæнгæлыджын, сæнк...
Дæ «Гæдытæй» иу дæр куыннæ у гæды,
Нæу афтæ дæ къухвæдтæй иунæг дæр мæнг.

Уæд ма «Ногдзау»-ы редакци Леоновы уынджы уыди. Иу хатт мæм уырдæм м' астæуккаг лæппу Алан ныццыди. Йæ зæрдæмæ цæмæй фæцыди, нæ зонын, фæлæ йæ Валери бандоныл абадын кодта æмæ йын йæ ныв кæнын райдыдта. Уый дæр цыбыр рæстæгмæ сцæттæ æмæ йын æй балæвар кодта.

Фæстæдæр та мын мæхи ныв скодта. Мæ ныв ма мын сарæзта æмæ мын æй балæвар кодта Челæхсаты Магрез дæр. Ме 'ннæ 'рдхорд Дзанайты Руслан та мæм цал цыды 'рбакæны, уал хатты мæ ныв кæнынмæ фæвæййы. Къарандасæй. Фæстаг хатт мæ афтæ 'нкъардæй æрбаййæфта, æмæ мын уазæджы æрбацыд дæр мæ равг нæ фæхуыздæр кодта. Руслан мын мæ ныв кæнын райдыдта, уый æмбæрстон, фæлæ цæуылдæр афтæ тыхст уыдтæн, æмæ мæ зæрдæйыуаг мæ цæсгомы хуызы фæрцы аивын нæ бафæрæзтон, ома мæ риуы цы равг уыд, уый мæ цæсгомыл дæр зынди.

Руслан мæ мидуавæр афтæ дæсны равдыста, æмæ нывмæ куы 'ркæсын, уæд мын уыцы боны мæстытæ сног вæййынц. Мæнæ мын ацы æмдзæвгæ æрдæгфыстæй баззад. Æвæццæгæн, уæд дæр, Руслан мын мæ ныв куы кодта, уымæй хуыздæр уавæры нæ уыдтæн:

Мæ сæр ысдон, мæ сæр ысдон,
Уæд ма куыд уон, куыд ма цæрон?
Хæстæг мæм нал цæуы хуыссæг,
Мæ бæллицтыл æрбадти сæг,
Кæмæй цы дарын уæд, кæмæй?

Мæ мыд куы байдзаг и къæмæй,
Куынæуал кæны дзыхы ад.
Ныссасти амонды цæфхад...
Бон райдыдта кæнын цъæхтæ,
Æфтауын къухтæ ’мæ къæхтæ
Мæ уавæрыл, дæн ахæм лæг...

Поэты стъалыимæ чи абарста, ахæмтæ дæр, æвæццæгæн, ис, фæлæ йæ æз стъалыимæ нæ абарин. Поэт мæм хуры хуызæн кæсы. Хур куы скæсы, уæд дуне ныррухс вæййы. Сæрттивынц кæнд хæхтæ æмæ быдыртæ нæ, фæлæ цъымаратæ æмæ фаджысы обæуттæ дæр, цæргæстæ æмæ уариты хуызæн разынынц халæттæ æмæ сынтытæ...

Пушкин куы нæ уыдаид, уæд абон чи зонид Бенкендорфы?! Къоста куы нæ уыдаид, уæд Кахановы мыггаг йæ зæрдыл чи бадардтаид?! Зындгонд уырыссаг драматург Островскийы æфсымæр уыди министр. Кæд йæ бынат стыр уыди, уæддæр ма йæ абон чи зоны?! Фæлæ йын йе ’фсымæры та чи нæ зоны?!

Куыд дзурынц, афтæмæй Хъайтмазты Аслæмырзæмæ бирæ фыстытæ уыд, фæлæ йын фесæфтысты. Махмæ дзы æрхæццæ цалдæр цыппаррæнхъоны, уыдонимæ æмдзæвгæтæ «Сидзæр» æмæ «Фæллой». Уыдоны фæрцы Аслæмырзæйы ном абон, зæгъæн ис, æмæ Иры дзыллæтæ иууылдæр зонынц, фæлæ Хъайтмазы-фырты рæстæджы цы хицæуттæ уыдис, уыдоны нæмттæ ма абон чи хъуыды кæны?

Раджы дæр æмæ ныр дæр, йæ сæрызонд кæмæн ахсы, уый фыссæгимæ хорз цæры. Æвзæр чи цæры, уымæн дæр æнæзонд схонæн нæй, уымæн æмæ ’мбары, фыссæджы фæрцы йæ ном кæй нæ ферох уыдзæн.

Поэт мах рæстæджы кадджын нæу. Нæй, цы кады аккаг у, уыцы уавæры. Ацы рæнхъытæ чи ныффыста, уый нæ зонын, фæлæ мæ зæрдæмæ цæуынц:

Будь проклят, кто, наслаждаясь песней,
Дал с голоду поэту умереть.

Ацы хабæрттæ мын Дæбейы фырт Æхсар дзырдта. «Хъæбатырты кадæг» хицæн чиныгæй рацыд æви

рацæуынхъус уыд, афтæ йæ ныхмæ дзурджытæ дæр фæци. Чи уыдысты, уыдоны нæмттæ (æртæйæ) дæр мын загъта, фæлæ дзы æгас ничиуал у 'æмæ сын сæ мыггæгтæ барæй нæ фыссын.

Цæмæй къуыммæ хастой фыссæджы? Романы, дам, революцийы уырыссаг адæм зæрдиаг архайæгæй æвдыст не 'рцыдысты. Дæбе æмбæрста, даутæ йыл кæй кæнынц, уый. Романы фылдæр æвдыст цæуы хъæууон цард. Æмæ фыссæг уырнинагæй равдыста, йæ уацмысы архайджытæ цы хъæуы цардысты, уыдоны бæллицтæ æмæ тырнындзинæдтæ.

Иу ахæм æмбырдæй, дам, мæстджынæй æрбаздæхт, йæ уатмæ бацæуыны размæ бинонтæн загъта, кусгæ кæндзынæн æмæ мæ мачи бахъыгдарæд. Уазæг куы 'рбацæуа, уæд ын-иу зæгъут, ам нæй, зæгъгæ, æмæ йæхиуыл дуар æрæхгæдта.

Æхсарыл уæд цыдаид, æвæццæгæн, 11-12 азы, фæлæ уæддæр æмбæрста, фыд йæ чемы кæй нæй, уый.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй Дæбе хъавыд йæхимæ йæ къух сисынмæ. Æхсары ныхæстæм гæсгæ, йæ фыдмæ хæсты рæстæгæй хæцæнгæрзтæ баззади. Иу къухæй дамбаца сифтындзынмæ хъавыди. Лæппу йын йæ къæппытæ хъуыста. Фыццаг хатт не схæцыд. Дыккаг хатт æй куы ифтыгъта, уæд дзæгъæл гæрах фæци. Йæ иу къухæй архайдта, æмæ хæцæнгарз стъолы къахмæ куы фæбыцæу кодта, афтæ дзæгъæл гæрах фæцыд æмæ нæмыг стъолы къахыл суад. Уыцы гæрахы фæстæ, æвæццæгæн, цæуылдæрты ахъуыды кодта. Чи зоны, йæ маст дæр фæсабырдæр æмæ дамбаца ифтындзынмæ нал бавнæлдта. Æхсар куыд зæгъы, афтæмæй уыцы стъол ныртæккæ дæр æгас у.

Нæ хуыздæр фысджыты-иу ахæм уавæрмæ дæр æркодтам.

Мæ галиу уæлкъухыл цы нос ис, уымæ мæ лæппу Аланы фондзаздзыд чызг Агуындæ куы фæкомкоммæ ис, уæд мæ афарста:

– Баба, уый та дын цы кодта?

Радзырдтон ын, хъæуы ма куы цардыстæм, уæд каудуар куыд сбыдтон, михты сæртæ æмхуызон кæнынмæ иукъухыг хырхæй куыд бавнæлдтон, йæ кæеройнаг дæндæгтæ

мæ уæлкъухмæ куыд баирвæзтысты, куыд æй фæцъæррæмыхст кодтой æмæ йæ туг куыд фемæхст, уыдæттæ.

— Æмæ уæд кæугæ нæ кодтай? — уыцы тыхстхуызæй мæ афарста Агуындæ.

— Баба кæугæ нæ фæкæны.

— Уæдæ папæйы тыххæй цæмæн фæкæуыс?

Ацы хатт ын дзуапп раттын нал бафæрæзтон: мæ хъуыр мын цыдæр ахгæдта, мæ цæстытæ донæй айдзаг сты...

Фæсмон кæнын дæр адæймаджы удхортæй иу у. Уадзæн фæсмонгонд баззади. Фæсмон фæкæн, зæгъгæ, æлгъыст дæр ис. Уæвгæ, фæсмонтæ дæр мыггаггай сты. Фæсмон цы хъуыддæгты тыххæй фæкæнынц, уыдонæй ма кæцыдæртæн срастгæнæн вæййы, кæцыдæртæн — нал. Фæсмон фæкæнæн ис царды стыр рæдыд æруадзгæйæ дæр æмæ гыццыл хъуыддаджы фæдыл дæр. Æз цы цауы кой ракæнынмæ хъавын, уый æххæст фæсмоныл банымайæн дæр нæй, уымæн æмæ йæ куы 'рымысын, уæд, фæсмоны аккаг у æви нæу, ууыл дызæрдыг кæнын дæр байдайын...

Цæвиттон, мæ райгуырæн хъæуы уыдтæн æмæ цыдæр хъуыддаджы фæдыл мæ кæддæры сыхаджы бацагуырдтон. Уый куыста совхозы сæйраг агрономæй. Директор отпусчы уыд, æмæ йын рæстæгмæ йæ хæстæ уый æххæст кодта.

Бадæм, ныхæстæ кæнæм. Уалынмæ уаты дуар æрбайгом, æмæ къæсæрыл фæзынд не 'рвадæлты лæппу. Мæнæй иу-дыууæ азы хистæр уыд, фæлæ райдайæн кълæсты иумæ ахуыр кодтам. Уымæн дæр йæ фыд хæсты баззад, æмæ йын фадæттæ кæй нæ уыд, уый тыххæй йæ ахуыр ныууагъта æмæ колхозы (нæ хъæуы хæдзарад нын совхоз фæстæдæр схуыдтой) кусын райдыдта.

Кæрæдзиуыл бацин кодтам, уымæн æмæ лымæнæй фæцардыстæм, стæй йæ рагæй нал федтон. Мæ сыхагимæ нæ ныхас æрдæгыл кæй аскъуыд, уымæй, æвæццæгæн, фефсæрмы æмæ, цы курдиатимæ 'рбацыд, уый сæйраг агрономæн загъта. Цы дзы куырдта, уый бæлвырд нал хъуыды кæнын, фæлæ йын разыйы дзуапп куы нæ радта, уæд иу уысмы бæрц æнæдзургæйæ алæууыд. Цыма мæ сыхаг йæ цæхгæр дзуаппыл кæй фæфæсмон кæндзæн, уымæ 'нхъæлмæ каст, фыццаг афтæ фенхъæлдтон, фæлæ уый

куы ницыуал загъта æмæ ме 'рвад куы ацыд, уæд та æндæрхуызон ахъуыды кодтон, кæд, зæгъын, мæнæй исты ныхас фехъусын æнхъæл уыд.

Уыцы ныв мæ цæстыл куы ауайы, уæд мæм фæсмон æрцæуы, хъусæй лæугæйæ кæй баззадтæн, уый тыххæй. Чи зоны, сæйраг агроном, ме 'рвады курдиат кæй нæ сæххæст кодта, уымæн æфсон уыди, фæлæ мæнæй кæй нæ фефсæрмы, ууыл уæдæй абон тынгдæр дис кæнын.

Ахæм гыццыл хъуыддаджы тыххæй – курдиаты та зын сæххæстгæнæнæй ницы уыди – дыууæ адæймаджы, уыимæ æрвадæлты, зæрдæхудты бацу, уый мын афтæ зын уыди, æмæ мæ цæрæнбонты дæр нæ ферох уыдзæн.

Ныртæккæйы зонд мæм куы уыдаид, уæд æнæмæнг мæ сыхагæн, цы 'мбæлд, уый загътаин, стæй йын æй ныртæккæ дæр зæгъин, ме 'рвадæй та хатыр ракурин, хъусæй лæууын кæм нæ хъуыд, уым мæ дзыхыл кæй ныххæцыдтæн, уый тыххæй. Фæлæ дыууæ хъуыддагæй иу бакæнын дæр мæ бон никуыуал бауыдзæн, уымæн æмæ мæ сыхаг дæр æмæ ме 'рвад дæр æгас нал сты...

Адæм куыд алыхуызон сты, се 'гъдæуттæ дæр – афтæ. Стæй канд се 'гъдæуттæ нæ, фæлæ сæ хæринæгтæ дæр. Францæгтæм, дам, хæфсы фыдæй конд хæринаг кадджын у. Уæдæ куыдзы фыдæй «нæгъ» чи нæ зæгъдзæн, ахæм адæмтæ дæр ис. Чи зоны, нæ фыдæлтæ бæхы фыд хордтой, фæлæ йæ ирон лæг кæд хаткæйæ бахæра, æндæр æм хæстæг нæ цæуы. Уæдæ калмы фыдæй йæ фынг чи срæсугъд кæны, ахæм адæмтæ дæр зын агурæн не сты.

Нæ зындгонд богæлттæй чидæр, Китайæ уыди æви Индийæ, лæварæн æрбаласта карз нозт, литр æмæ æрдæг кæм цæуы, ахæм авджы. Иу бадты йæ Хъуылаты Чермен, мæ сыхаг у, фынгыл æрæвæрдта. Не 'ппæ сыхæгтæ ма йæ, æвæццæгæн, уый размæ федтой æмæ сæм диссаг нæ каст, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, æнхъæлмæ кастысты, æз æй куы фенон, уæд куыд акæндзынæн, уымæ. Куы ницы æндæрхуызон кодтон, уæд мын Чермен арахъхъы авгмæ амоны, федтай йæ, зæгъгæ. Æз æм лæмбынæгдæр æркастæн æмæ мæ бынатæй фесхъиуæгау кодтон: авджы здыхтытæй уырдыг лæууыд сау калм...

Куыд мын радзырдтой, афтæмæй, дам, Индийы, калм цы нозты уа, уый кадджындæрыл нымайынц…

Хæфсытæ, куыйтæ, кæлмытæ, хъæбызатæ, скорпионтæ хæрынц, фæлæ тæрхъусы фыд нæфæтчиаг кæмæн у, ахæм бæстæтæ дæр ис. Чехов Сахалинмæ куы абалц кодта, уæд, Сыбыры фæндæгтыл цæугæйæ, дисы бацыд, бирæ тæрхъустыл куы 'мбæлд, уæд. Куыд ын радзырдтой, афтæмæй, дам, амы цæрджытæ тæрхъусы фыд нæ хæрынц.

Æппæт уыцы хабæрттæ цæмæн æрымысыдтæн?

Цалдæр азы размæ цыдæр бæрæгбоны фæдыл Мæскуыйæ Ирыстонмæ ссыдысты бирæ зындгонд артисттæ, уыдонимæ Магомаев Муслим, Бабкина Надеждæ, Лещенко Лев æмæ иннæтæ. Кадджын æхсæвæр сын сарæзтой ресторан «Владикавказ»-ы. Хуынды æз дæр фæдæн. Хуынды гæххæтты алкæмæн дæр бæрæг уыд, чи кæцы фынгыл кæимæ баддзæн, уый. Мæ фынг бацагуырдтон æмæ æрбадтæн. Уалынмæ фæзындысты уазджытæ дæр. Фынгыл мæ тæккæ фарсмæ æрбадти ССР Цæдисы адæмон артисткæ Синявская Тамарæ, йæ хъæбысы чысыл мыггаг куыдз, афтæмæй. Æнхъæлдтон, исты йæ фæкæндзæн, зæгъгæ, фæлæ дзы, куыд бамбæрстон, афтæмæй фæхицæн кæнын йæ зæрды нæ уыд. Æз фынгæй сыстадтæн æмæ æндæр ран сбадтæн. Æртæ уæлибæхы кæм уыди, уыцы ран куыдзимæ æмвынг уæвын мæхицæн хæсыл нæ банымадтон…

Алыхуызон адæммæ алы æгъдæуттæ ис.

Кæцыдæр хъæуы кæцыдæр лæгæн уыди сусæг уарзон. Хъæуы та ахæм хъуыддагæн, цыфæнды сусæг æй куы кæнай, уæддæр бамбæхсæн нæй. Уыимæ, гадзрахатæй кæуыл фæцæуынц, уыцы ус кæнæ лæгмæ хабæрттæ арæхдæр фæстагмæ бахæццæ вæййынц. Куы бахæццæ вæййынц, уæд сыл иуæй-иутæ æууæндгæ дæр нæ фæкæнынц.

Цыбыр ныхасæй, иу лæг иу хъæуы хæзгул сылгоймаг дардта. Æвæццæгæн, хорз хæзгул уыди, хорз хæзгулæн та, дам, æмбисонд куыд зæгъы, афтæмæй фиуджын гуыдынтæ æрцæттæ кæнынц. Стæй канд гуыдынтæ нæ, фæлæ лæвæрттæ дæр.

Алыхуызон лæвæрттæ кодта лæг йæ уарзон сылгоймагæн. Кæм — духи, кæм — сапон, кæм — цы. Фæлæ йæ лæвæрттæй иу нæ фæрæстмæ. Уый та уыди, дæллаггуыры

мидæгæй буарыл чи вæййы, ахæм сырх дзаума. Ахæм лæвар канд йæ уарзонæн нæ бакодта, фæлæ ма йæ усæн дæр. Гъе æмæ дыууæйæн иухуызон дзаумæттæ кæй балхæдта, уый дыууæ усы кæрæдзийы дзыккутæ тонынмæ 'ркодта. Ноджы – бирæ адæмы 'хсæн.

Цæвиттон, хъуыддаг æрцыди рувæнты. Дыууæ сылгоймаджы дæр иу ран рывтой, æмæ цыдæр æгъдауæй ус йæ лæджы хæзгулыл, йæхи уæлæ цы дзаума уыд, уый куыддæртæй федта æмæ йын йæ дзыккутæм фæлæбурдта, адæм цытæ дзурынц, уыдон раст сты, зæгъгæ.

Се 'хсæн цытæ 'рцыдаид, уый цæстытыл ауайынгæнæн ис.

Адæймаг æгадæй куы нæ тæрса, уæд йæ сæрмæ цы нæ 'рхæсдзæн, ахæм нæй. Æцæг лæгмæ – мæгуыр дæр уæд – йæхи кæрдзын кæйдæр дзулæй фæлмæндæр кæсы. Мæрддзæст, зыд æмæ кæрæф та искæй хардзæй бафсæдын лæгдзинадыл нымайы.

Иу мæ зонгæ мын йæ сыхаджы кой ракодта. Фынгыл æрбадтыстæм, зæгъгæ, уæд, дам, ын æнæфæзынгæ нæ вæййы. Иу хатт, дыууæ хатты нæ, фæлæ алы хатт дæр. Уыимæ йæхæдæг æгъдау никуы никæмæн радта.

Иуахæмы та, куыддæр сыхæгтæ 'рбадтысты, афтæ сæ уæлхъус алæуууыди. Хистæр æм сыкъа авæрдта. Æмбæлæггаг куы анызта, уæд æм дзуры:

– Алцыдæр нæм ис, æрмæст бæгæны хъуаг стæм. Ацу 'мæ дуканийæ иу-фондз авджы 'рбадав.

Æмæ ацыди, æрмæст ыл фондз боны сыхæгты цæст нал æрхæцыд.

Æз мæ мидбылты бахудтæн æмæ мæ зонгæйæн загътон:

– Ацы хатт та-иу æй фылдæр æвгтæм арвитут, æмæ дзы фылдæр рæстæг фервæздзыстут...

Ацы хабар ме 'рдхордыл раджы æрцыди, дзургæ та мын æй æрæджы ракодта, фæлæ йæ йæ рæстæджы куы фехъуыстаин, уæддæр ыл къаддæр нæ фæдис кодтаин. Уæвгæ дзы уадиссагæй дæр ницы и, уымæн æмæ арвы бын ногдзинад зын ссарæн у: диссæгтæ æмæ дзы тæмæстæ фæлхат кæнынц...

Мæ зонгæ уæд кусгæ горæты кодта, цæргæ та – горæтмæ хæстæг хъæуы. Уыцы хъæуæй горæтмæ кусынмæ цыди хæрзконд сылгоймаг. Алы райсом дæр иу фæндагыл цыдысты æмæ афтæмæй базонгæ сты. Сæ зонгæдзинад афтæ арф бахызт, æмæ сылгоймаг арæны сæрты ахизынмæ йæ ныфс бахаста. Æнæус лæппуйæн дын ахæм гæнæнтæ фæуа! Ноджы сылгоймагæн йæ лæг суткæгай куыста. Иу суткæ-иу куы бакуыста, уæд-иу дыууæ та улæфгæ кодта. Гъе æмæ-иу кусгæ куы кодта, уыцы рæстæг сусæг уарзæттæ дзæгъæлы нæ сæфтой.

Иу сæумæрайсом мæ зонгæ йæ хæзгулæй æрбацæйздæхт æмæ йыл хæрхæмбæлд фæци, йæ «сыкъатæ» дзæбæх кæмæн ракъуыпп сты, уыцы нæлгоймаг. Кæрæдзийæн салам дæр нæма радтой, афтæмæй йæм къахæгау дзуры:

– Сыгъдæгæй дæр кæйдæр хуыссæны арвыстай де 'хсæв…

Ды йын цы дзуапп радтай, зæгъгæ, мæ зонгæйы куы бафарстон, уæд ныххудт æмæ афтæ:

– Цыдæр дæлдæр-уæлдæр ныхæстæ йын акодтон. Куы дзы фæхицæн дæн, уæд цыма къæппæгæй фервæзтæн, уый хуызæн хæрдты тахтæн. Цалдæр хатты фæстæмæ дæр фæкастæн, кæд мæ ныхæстæй истæуыл фæдызæрыг æмæ мæ расуры, зæгъгæ, фæлæ уый фыццагау йæ цыды кой кодта.

Ме 'муд æрцыдтæн, тигъыл куы фæзылд æмæ хæдзары аууон куы фæци, æрмæстдæр уæд…

Сæрæби фондз азы Сыбыры хъæды куыст куы фæкодта, æрмæстдæр уæд æрæфтыд йæ зæрды, бынтон æнаххосæй йæ кæй сбадын кодтой, уый тыххæй хъаст ныффыссын. Фыссын та йæ райдыдта Фадеев Александрмæ, Советон Цæдисы Фысджыты цæдисы уæды сæрдармæ. Писмо мæм æрбахаста Сæрæбийы æфсымæр Алыбеджы лæппу Солтан.

Бæрæг у, поэт йæ ныффыссыныл бирæ кæй фæхъуыды кодта. Æвæццæгæн æй куы ныффыста, уæд æй йæ арвитын цыдæр хъыгдардта æмæ йæ æнæхъæн афæдз йæхимæ фæдардта. Уый бæрæг у йæ фыццаг хъуыдыйадæй дæр: «Вот уже пять лет нахожусь в заключении». Ацы ран дзырд «пять» ахахх кодта, æмæ йын йæ сæрмæ ныффыста «шесть». Уыцы нымæц, ома «пять» ма дарддæр дæр цал-

дæр хатты æмбæлы æмæ уыдон дæр афтæ растгонд сты. Æнæхъæн афæдз æй цæуыннæ 'рвыста, уый зын сбæрæггæнæн у, фæлæ дзы цы фыссы, уый ирдæй æвдисы, мысæггаг ныхæстæ йæ кæй бабын кодтой.

Хъаст, мæнмæ цы хуызæнæй æрбахауд, афтæмæй æрвыст не 'рцыдаид, уымæн æмæ йæм бирæ ивддзинæдтæ бахаста, стæй кæронмæ фыст дæр нæу.

Поэт бæстон дзуры, цы нæ уыд, уыдон ыл кæй баххуырстой, уыдæтты тыххæй. Уыимæ тæрхондоны раз иу æвдисæны дæр не 'рлæууын кодтой, кæд Сæрæби тæрхонгæнджытæй уый домдта, уæддæр. Чи йæ 'рцахсын кодта, уыдонæй æртæйы мыггæгтæ амонгæ дæр кæны. Фыссы, цæуыл æм мæсты уыдысты, уый дæр.

Æртæ дæр уыдысты фысджытæ, æртæйæ иу дæр хæсты нæ уыди. Дыууæ дзы Гуырдзыстонмæ фæлыгъд, иннæ та — нæхи хохмæ, афтæмæй, дам, хæст йæ тæккæ тынгæй куы уыди, уæд чингуытæ уагътой. Сæрæби фыссы, сæ лæмæгъ чингуытæ сын кæй рафаудтон мыхуыры, уый тыххæй мæм смæсты сты æмæ мыл сæхæдæг дæр, сæ хæлæрттæ дæр алы цъыфкалæн уымæн фæкодтой, зæгъгæ.

Писмо, мæнмæ гæсгæ, Фадеевмæ æрвыст æрцыд æмæ Сæрæби, куы йæ ныффыста, уымæй афæдз фæстæдæр, ома 1954 азы, æртæ азы раздæр суæгъд.

Ацы писмойы кой, йæ ныммыхуыр кæнын кæмæй аразгæ уыд, уыдонæй иуы цур кодтон æмæ йæм фыццаг йæ хъус æрдардта. Фæлæ дзы, фысджытæй кæй ныхмæ дзуры, уыдонæй иуы мыггаг куы загътон, уæд мын æргом афтæ, уый, дам, мæ хæлар уыд æмæ йæ ныхмæ æрмæг нæ рауадздзынæн…

Ну лæппу цыдæр фыдраконддзинады тыххæй ахæстонмæ бахауд. Куы рацыд, уæд æй йæ сыхаг фæрсы:

— Куыд тагъд рацыдтæ?

— Раздæр мæ суæгъд кодтой.

— Цас раздæр?

— Ахсгæ мæ сихорæй æркодтой, уадзгæ та — райсомæй.

Лæг ахæм уавæрты бахауы, æмæ йын фездыхсæн кæд нал вæййы…

Æртынæм азты адæм кæрæдзийы куыд бын кодтой, уый алчидæр зоны. Фылдæр, зæгъæн ис, æмæ бын кодтой адæмы хуыздæрты. Адæмы 'хсæн ахæм ныхас хуымæтæджы нæ ахæлиу. Иу лæппу, дам, йæхицæй бирæ хистæр чи уыди, уымæн афтæ бауайдзæф кодта: «Ды лæг куы уыдаис, уæд дæ æртын æвдæм азы æрцахстаикккой!»

Æцæгæй куы дзурæм, уæд ахæм рæстæг уыди, æмæ адæм кæрæдзиуыл куынæуал ауæрстой. Ахстой æнаххос адæмы, ахстой, æнаххос чи уыд, уыдоны ахсынгæнджыты дæр. Гъе æмæ, æнаххос фыссæгыл хахуыртæ чи фыста æмæ уый хуызæтты ныхæстæм гæсгæ æртын æвдæм азы кæй амардтой, уыцы дамтæмысæг йæхæдæг ахст не 'рцыд æмæ фæцард мах рæстæгмæ.

Иу заман ахæм уавæр сæвзæрд, æмæ нын ахсджиаг хъуыддаджы фæдыл фынджы уæлхъус цалдæр лæппуйæ хистæртимæ бадгæ æрцыдис. Уыдонимæ уыдысты, æртын æвдæм азы кæй фесæфтой, уый фырт æмæ, йæ ныхмæ хахуыртæ æргомæй чи мыхуыр кодта, уыцы фыссæг дæр. Мæнмæ гæсгæ, зынгхуыст фыссæджы фырт бахауд, уæлдæр цы фездыхсæны кой кодтон, ахæм ран...

Зондджын лæгтæй иу афтæ загъта, йæ фыд кæмæн басыгъд, уый, дам, ма артмæ йæхи тавта. Æз ма йæм афтæ дæр бафтауин: «Дон йæ фыды кæмæн аласта, уый йæ дон нуазын нæ ныууадздзæн».

Примаков Евгени Уæрæсейы нæ, фæлæ дунейы дæр хъуыстгонд лæг у. Цы стыр бынæтты куыста, уым йæхи алы ран дæр равдыста лæгæй. Уæрæсейы хицауады сæргъы куы 'рлæууыд, уæд бирæ хорз хъуыддæгтæ саразынмæ хъавыд, стæй сæ аразынмæ æвналгæ дæр бакодта, фæлæ йæ уайтагъд йæ бынатæй фелвæстой. Йæ бæстæйы адæмы уавæр йæ зæрдæмæ арф кæй иста, уый кæйдæрты зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ йын йæ фæндтæ сæххæст кæнын нæ бауагътой. Цы бирæ лæгдзинæдтæ йæм ис, уыдонæн æз мæхи аргъгæнæг нæ хонын, фæлæ дзы иуы тыххæй æнæзæгъгæ нæй.

Хицауады сæрдар куы уыди, уæд паддзахадон хъуыддæгты фæдыл фæцæйтахт Америчы Иугонд Штаттæм. Хæдтæхæджы бадт, афтæмæй базыдта, Америк Югославийыл бомбæтæ æппарын кæй райдыдта, уыцы æвирхъау хабар æмæ æрдæгфæндагæй раздæхт.

Æндæр исчи Уæрæсейы афтæ бакодтаид, стæй ныртæккæ дæр бакæнид, уый мæ нæ уырны.

Зындгонд паддзахадон архайæг æмдзæвгæтæ дæр фыссы, уый, иу рæстæджы Ирыстонмæ куы ссыд, уæд базыдтон. Йе 'мдзæвгæ фæзынди нæ газеттæй кæцыдæрты. Аст рæнхъы йеддæмæ нæу, фæлæ дзы ирдæй зыны йæ удыхъæд. Программон кæй хонынц, ахæм мæм фæкаст æмæ йæ бафæлвæрдтон ирон æвзагмæ ратæлмац кæныныл:

Ыскарстон фидарæй: кæдмæ 'рттива мæ цæст –
Хæсдзынæн æз мæ уаргъ, нæ мын кæндзæни уæз.
Цыфæнды карз куы уа, цыфæнды тугкалд хæст,
Уæддæр кæндзынæн тох, нæ фæцуддзынæн æз.

Ныфсфидарæй зæгъын: бæрзонд бынæттæ мæн
Нæ хъæуы хорзæхтау, нæ дæн æз кадыл мард.
Æрмæстдæр мæм кæсæд дзæбæх цæстæй лымæн,
Мæн макуы схонæд уый фæлывд æмæ мæнгард.

Иу зондаби, дам, йæ каркæй афтæ загъта: «Æз ын йæ сæр ныццавтон, уый та йæ къæхтæ тилы».

Институтмæ куыд бахаудтæн, уый мæ зæрдыл куы 'рлæууы, уæд мæхимидæг дисы бацæуын. Кæм ис, уый дæр нæ зыдтон: фæрсгæ-фæрсгæ йæ ссардтон. Афтæмæй фæлварæнтæ дæттын райдыдтон. Мæ зæрдæ ницæуыл дардтон. Исчи мын баххуыс кæндзæн, уый кой уæвгæ дæр нæ уыди. Суанг мæхиуыл дæр мæ зæрдæ нæ дардтон, уымæн æмæ мæм афтæ каст, цыма иннæтæн сæ кæцыфæнды дæр мæнæй бирæ цæттæдæр уыди. Фæлæ, цы уа, уый уæд, зæгъгæ, куырмæджы цæуæгау размæ цыдтæн æмæ, мæ бæллиц сæххæст, уый мæ бауырныдта, институтмæ чи бахауд, уыдоны номхыгъды мæ мыггаг куы федтон, æрмæстдæр уæд.

Ахуыр кæнын райдыдтон. Бонæй-бонмæ сæфти мæ дызæрдыгдзинад. Мæ ныфс фидардæр кодта. Иннæтæй цыма дæлдæр нæ лæууын, афтæ кæсын мæм райдыдта. Мæнæй рæвдздæртæ дæр дзы уыдис, фæлæ – иугæйттæ. Цыбыр дзырдæй, астæуккæгты астæуккæгтæй чысыл раздæр цыдтæн æмæ йæ мæхицæн æгъгъæдыл нымадтон.

Æртыккаг курсмæ куы бахызтæн, уæд мæ ме 'мбал сæ институты – мединституты ахуыр кодта – кæфтытæ кæм уыд, ахæм изæрмæ ахуыдта. Кафын нæ зонын, зæгъгæ, йын нæ куымдтон, фæлæ йæхи фæнд атардта æмæ ацыдыстæм. Уым мæ сæ чызджытимæ дæр базонгæ кодта. Иу мæм дзы афтæ рæсугъд фæкаст, æмæ, кæй рацыдтæн, ууыл фæсмон нал кодтон. Фæсмон кодтон, кафын кæй нæ сахуыр дæн, ууыл.

Лæппутæ æмæ чызджытæ кæрæдзийы раив-баив кодтой, афтæмæй кæфтытæ сарæх сты. Æз сæм дардæй кастæн, уæдæ æндæр цы мæ бон уыд! Кæсгæ кæд се 'ппæтмæ дæр кодтон, уæддæр-иу мæ цæстытæ уайтагъд, рæсугъд мæм цы чызг фæкаст, уый райардтой.

Иу рæстæджы музыкæ басабыр, æмæ кафджытæ уаты къуымтæм цæуынмæ фесты. Æз рæсугъд чызджы аивæй хъахъхъæдтон, цымæ уый та кæдæм ацæуудзæн, зæгъгæ. Æмæ: диссагæй цы кæныс! – комкоммæ мæнмæ 'рбацæйцыд. Мæ цуры æрлæууыд æмæ мæм дзуры:

– Цæуыннæ кафыс?

– Нæ зонын.

– Æмæ дзы цы зонын хъæуы? Иннæтæ куыд кæнынц, ды дæр афтæ дæ къæхтæ райс-байс кæн.

Уыцы рæстæг ногæй музыкæйы зæлтæ райхъуыстысты, чызг мын мæ цонгыл фæхæцыд æмæ мæ кафынмæ рахонынмæ хъавыд.

– Никуы ракафыдтæн, – мæ къæхтæ ныббыцæу кæнынмæ ацархайдтон.

– Чи кафы, уыдон дæр, цалынмæ ракафыдысты, уæдмæ никуы кафыдысты.

– Омæ уыдонæй алчи арæхсти, фæлæ æз нæ арæхсын…

– Цом, æз дæ сахуыр кæндзынæн, – ныллæууыд чызг. Гæнæн нал уыд, æмæ йæ фæдыл ацыдтæн. Æцæгæйдæр мæ ахуыр кæнын райдыдта. Куыд рабæрæг, афтæмæй европæйаг кæфтыты кæцыдæрты зынæй ницы уыд, æмæ хъæзтизæры кæронмæ гыццыл цыдæртæ базыдтон.

Цалдæр боны фæстæ хъæумæ ацыдтæн æмæ мæ фыды хуысгæйæ ныййæфтон. Йæ зæрдæ æнæуи дæр хъыгдард уыд, фæлæ дыккаг инфаркты фæстæ йæ къæхтыл нал слæууыд. Æртæ мæйы фæстæ йæ баныгæдтам. Мæ мады æнæниздзинад дæр сæ хъæддыхтæй нæ уыд, мæ кæстæр

хо та ма скъоладзау уыди, æмæ мæ ахуыр ныууадзынвæнд скодтон.

Уæдмæ Изольдæимæ хæстæгдæр базонгæ стæм æмæ йын мæ хабæрттæ куы радзырдтон, уæд мæ сдзурын дæр нæ бауагъта. Институт ныууадзыны кой, дам, кæнгæ дæр ма кæн. Æз мæ фыдимæ аныхас кæндзынæн, æмæ дын кæд куыст ссара, уæд, дам, фæлтау фæсауууонмæ раивдзынæ æмæ дæ бинонтæн дæр æхххуыс кæндзынæ.

Æргом дзургæйæ, уыцы хъуыды мæхи зæрдæмæ дæр фæцыд. Æрымысыдтæн, институты агъоммæ шофыры курсытæ каст кæй фæдæн æмæ фыццаг хатт ахуырмæ куы нæ бахаудтæн, уæд афæдзмæ 'ввахс кусгæ дæр кæй акодтон. Ноджы ма мын Изольдæ афтæ куы загъта, мæ фыды шофыр — йæ фыд заводы директорæй куыста — куыстæй цæуынмæ хъавы, зæгъгæ, уæд мæхинымæр бацин кодтон.

Райсын мæ кодта йæ фыдæн шофырæй. Диссаджы хæларзæрдæ адæймаг разынд Батырбег. Уарзта хъазæн ныхæстæ кæнын. Мæнæй бирæ хистæр кæй уыд, уый иу хъуыддаджы дæр не 'вдыста. Искуыдæм-иу мæ куы арвыста æмæ йын-иу йæ фæдзæхст куы сæххæст кодтон, уæд-иу мæ раппæлыд. Арæх-иу «лæг дæ!», зæгъгæ, фæкодта. Уыцы ныхæстæ фехъусын мын-иу æхсызгон куыннæ уыдаид, фæлæ мын-иу «лæппу дын райгуырæд!», зæгъгæ, куы загъта, уæдиу фырæфсæрмæй мæ цæсгом ссыгъди. Уыимæ-иу уыцы ныхæстæ кæйфæнды цур дæр загъта, суанг Изольдæйы цур дæр. Изольдæимæ та нæ ахастдзинæдтæн хуымæтæг хонæн нал уыд. Зæгъæн ис, æмæ алы бон дæр æмбæлдыстæм. Фылдæр бонты та — дыгай-æртыгай хæттытæ. Куыиу æй институтмæ ластон, куы — базармæ, куы — кæдæм. Киномæ, театрмæ дæр иумæ цæуын райдыдтам.

Нæ хъуыддæгтæй афтæ разы уыдтæн, æмæ мæхицæй амондджындæр никæйуал хуыдтон. Иу хатт ма суанг æмдзæвгæ дæр ныффыстон. Изольдæмæ йæ куы равдыстон, уæд æй нæ бауырныдта, мæхи фыст у, уый, уымæн æмæ уымæй размæ, æмдзæвгæтæ кæсгæ цы кодтон, æндæр фыссынмæ мæ гæрзтæ никуы рабастон. Нæ йæ уырныдта, ууыл фыст кæй у, уый дæр.

— Ныртæккæ дæ бауырндзæн, — загътон ын æз. — Æрмæст-ма йæ иу хатт бакæс æмæ дзы рæдыд ссар.

Изольдæ йæ сындæггай хъæрæй кæсын райдыдта:

Иу фæлмæн ныхасæй асурыс мæ зын,
Зæрдæйы дæ фæлгонц амондау хæссын.
О чызгай, мæ риуы райхъал кодтай уарзт,
Лаз дæм нæй ыссарæн, зæды нывтыл карст.
Дунейы дæ хуызæн не сфæлдыста æрдз,
Æз нырма нæ уарзтон никæйы дæу бæрц.

— Мæнмæ гæсгæ дзы рæдыд нæй, — загъта, каст æй куы фæци, уæд.

— Ис.

— Æз æй нæ арын.

— Уæдæ-ма рæнхъыты фыццаг дамгъæтæ уæле дæлæмæ бакæс.

Изольдæ къуыхцытæгæнгæ кæсын райдыдта:

— И-и-з-о-о-л-л-д... Изолдæ!.. — цыма, стыр сусæгдзинад раргом кодта, уыйау фæхъæр кодта æмæ йæ рустыл йæ армытъæпæнтæ авæрдта.

— Ныр дæр дзы нæма арыс рæдыд?

— «Изольда»-йы фæлмæн нысан хъæуы.

— Æз дæр æй бæргæ зонын, фæлæ фæлмæн нысанæй чи райдайы, ахæм дзырд нæй. Рæдыд кæй ссардтай, уый мæ бауырныдта, фæлæ, æмдзæвгæ дæуыл фыст кæй у, уый дæр дæ бауырныдта?

— Бауырныдта, фæлæ поэт кæдæй нырмæ сдæ?

— Дæу куы бауарзтон, уæдæй нырмæ, — дзуапп ын радтон æз æмæ йæ мæ хъæбысы æрбатыхтон.

Иу хатт нæ йæ мад дæларм-уæларм цæугæ дæр федта. Уый та йæ, æвæццæгæн, лæгæн радзырдта, æмæ фыд цæхæртæ акалдта. «Лæг дæ!» æмæ «лæппу дын райгуырæд!»-ты бæсты мын, гуымирыдæр нæй, ахæм ныхæстæ фæдзырдта.

Кæй зæгъын æй хъæуы, Изольдæмæ дæр дзы къаддæр не 'рхауд.

Мæ куыстæй кæй фæхаудзынæн, уый ма мын цы бамбарын хъуыд. Батырбег йæ машинæ хуымæтæджы нæ аивта. Æз куыстмæ цæуын уæндгæ дæр нал кодтон. Æнхъæлмæ кастæн, кæд мæм фæдзурдзысты æмæ мын кæд зæгъдзысты, дæ куыстæй ацæуыны тыххæй курдиат ныффысс, зæгъгæ.

Æхсæвæй-бонæй хъуыды кодтон, дарддæр мын цы гæнгæ у, ууыл. Мæ куысты мæт мæ уыйас нæ уыд, Изольдæйæ

мæ фæхицæн кæнынмæ кæй хъавынц, уый мæ куыд мардта. Ноджы чызджы институтмæ нал уагътой, цы – йæ размæ-иу бабадтæн, фæлæ йыл нæ хæст кодтон.

Æнæнхъæлæджы йыл уынджы куы фембæлдтæн, уæд мæм йæхи хуызæн нал фæкаст. Фæкъæсхуырдæр, йæ цæсгомы хуыз фæцыд, йæ худгæ цæстытæй æнкъарддзинад каст. Фæдзырдта мын, йæ мад æмæ йæ йæ фыд æхсæвæйбонæй кæй æфхæрынц. Цæуыл мæ зæрдæ дардтон, уый нæ зыдтон, фæлæ йын зæрдæтæ æвæрынмæ фæдæн, æнæмæнг исты æрхъуыды кæндзынæн, зæгъгæ...

Æмæ æцæгæйдæр æрхъуыды кодтон. Диссаджы мадзал. Изольдæйы зæрдæмæ фæцæуæд, æндæр нæ, чи зоны, нæ уавæрæй фервæзын кæна... Изольдæ йæхи æнхъæлцау рахонæд æмæ йæ исты хуызы сæхимæ бамбарын кæнæд.

Чызгæн мæ фæндтæ куы радзырдтон, уæд æваст йæ цæссыгтæ фемæхстысты, мæ худинаг, дам, канд мæ бинонтæ нæ базондзысты, фæлæ æппæт адæм дæр.

– Кæд дæ мемæ дæ цард баиу кæнын нæ фæнды, уæд уый æндæр хъуыддаг у. Дæ ныййарджытæ стырдæр худинагæй фæтæрсдзысты: сæ чызгæн æнæмоймæдзыдæй сывæллон куы райгуыра – уыдон цæмæй зонынц, нæ дын райгуырдзæн, уый – уæд. Ахæм хабар айхъуысыны бæсты дæ, чи зоны, мænæн раттой – æз та уымæ рагæй цæттæ дæн.

Дзæвгар рæстæг нæ разы кодта, фæлæ йыл фæстагмæ цыдæр зæд атахт æмæ та, куы фембæлдыстæм, уæд мын радзырдта, хабар йæ мадæн кæй бамбарын кодта.

Ныхæстæ дардыл ацæуынц, фæлæ хъуыддаг чындзæхсæвы онг æрхæццæ. Дардмæ æргъæвæн ын кæй нæй, уый зыдтой æмæ дыккаг цыдæн мæ минæвæрттæн разыйы дзуапп радтой. Баныхас кодтой, чындзæхсæв фыццаг хуыцаубон кæй уыдзæн, уый тыххæй дæр...

Скодтам чындзæхсæв, æрмæст мæ каисты сæ хæрæфырты фæзындмæ фараст мæйы нæ, фæлæ æнæхъæн дæс мæйы æнхъæлмæ кæсын бахъуыд. Сайд сыл кæй æрцыд, уый Сосланы райгуырдæй дзæвгар раздæр базыдтой, фæлæ сын сæ хæрæфырты фæзынд цы цин æрхаста, уый раз сæ маст йæхи равдисын нал бауæндыд. Æппæты диссагдæр та уый уыд, æмæ мын-иу Батырбег йæ дзæбæх зæрдæйæ цы арфæтæ кодта, лæппу дын райгуырæд, зæгъгæ, уый кæй æрцыд.

Уыцы арфæйæ къаддæр хай нæ фæци йæ чызг, йæхи æмæ йæ бинойнаджы. Æвæццæгæн, йæ ныхæстæ былалгъæй загъд нæ уыдысты æмæ сæ уæлæрвтæ уымæн фехъуыстой. Сосланыл цыппæрдæс азы кæй цæуы, уый ды мæнæй æвзæрдæр нæ зоныс, уымæн æмæ йыл ном дæхæдæг сæвæрдтай...

Æз уыын ракодтон мæ хæлары царды хабæрттæ. Мæхи тыххæй та уыын мæ бон нырма ахæмæй зæгъын ницыма у. Æхсæрдæс æмæ мыл ссæдз азы цæуы, фæлæ Мурадийы нæма бафæзмыдтон, ома бинонты хъуыддаг нæма бакодтон.

Кæйдæр зæрдæхудты куы бацæуыс, уæд
Дæхицæй лæгдæр ма кæм вæййы зæххыл!
Æвиппайды абадыс дугъон бæхыл,
Æрбайсæфы фæлмы йæ цæфхæдты фæд.

Лæг æмæ дæу æхсæн ысбыдæуыд кау,
Нæ уадзынц йæ хуынчъытæй кæсын дæр дæу.
Фæзæгъынц дæ хуызæттæй: «Нæй йын Хуыцау!
Æцæгæлон уымæн – йæ сыхаг, йæ хъæу».

Ацы æмдзæвгæ 2005 азы 25 майы кæй тыххæй фыссын райдыдтон, уый мæ ферох, дарддæр дзы цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый мæ куыд ферох, афтæ.

Уæвгæ дзы цы загътон, уый дæр æвæццæгæн, кæмæдæрты хауы, æмæ йæ йæхимæ чи бамбæрста, уыдоны ном дзы арын.

Дæуджыхъæуы наукон центры дæс азы бæрæгбонмæ бирæ уазджытæ æрбацыд канд Цæгат Кавказæй нæ, фæлæ иннæ рæттæй дæр. Ростовæй чи ссыд, уыдонæй мæ иуимæ куы зонгæ кодтой, уæд мын, йæ къух æрбадаргæйæ, йæ ном æмæ йæ мыггаг загъта, стæй ма йæ ныхасмæ бафтыдта:

– Ростов-Дон.

– Ростов сымах у, йæ Дон та – мах, – дзуапп ын радтон æз. Загътон, ирон бындур канд Донæн кæй нæй, фæлæ ма Днепр, Дунай, Днестр, Прут æмæ Европæйы къорд æндæр цæугæдæттæн дæр.

Хъыгагæн, уазæг уыцы хабæрттæ нæ зыдта, афтæмæй профессор уыд, историон наукæты доктор.

Кæцæйдæр мæм æрбахауд, 1940 азы 15 майы партийы Цæгат Ирыстоны обкомы секретарь Мазин æмæ Адæмон комиссарты советы сæрдар Хъулы-фырт Мæскуымæ цы тел арвыстой, уый. Мæнæ уымæй скъуыддзаг: «Цæгат Ирыстоны фæллойгæнджытæ бавнæлдтой донхъуаг Цæлыччы зæххыты 20 мин гектармæ къанау къахынмæ. Колхозонты хъæппæрис бафæзмыдтой республикæйы фæллойгæнджытæ: кусджытæ, инженертæ. 16 кусгæ бонмæ къахт фæцис 47 километры дæргъæн къанау. Арæзтады куыста 40 мин адæймаджы бæрц...»

«Рухсмæ æнæзивæг цомут æнгомæй!» – фыста Къоста. Æнæзивæг æнгомæй канд рухсмæ цæуын нæ хъæуы, фæлæ, адæмæн дæсгай æмæ фылдæр азты пайда чи хæсдзæн, ахæм хъуыддæгтæм дæр.

Æви мах рæстæджы, иумæ февналын кæмæ хъæуы, ахæм хъуыддæгтæ боны рухсмæ цырагъæй агуринаг фесты?!

Æнхъæлдæн, Наполеон загъта, паддзахад, дам, иу лæджы бон фехалын дæр у. Уæлдайдæр ын йæхи хуызæн æххуысгæнджытæ куы уа, уæд. Уыцы ныхæсты æцæгдзинадыл æууæндын кæнын никæй хъæуы, уымæн æмæ Советон Цæдис чи фехæлдта, уый дунейы адæмтæй, йæ зонын кæй фæнды, уыдонæй чи нæ зоны, ахæм нæй. Дунейы сабырдзинадыл тохгæнджытæй Нобелы преми ахæмтæн дæр фæдæттынц.

Уæдæ хæлар паддзахæдтæй знæгтæ саразын дæр иу лæгæн кæй бантысдзæн, уый дæр нын æнæзындгонд нæу. Хрущев нæ паддзахады сæргъы куы лæууыд, уæд не ’ввахсдæр сыхаг, мингай километртæ æмарæн кæимæ кæнæм æмæ дунейы бæстæтæй нæ зæрдæмæ хæстæгдæр чи уыд, уыцы Китайæ нæ цыфыддæр знаг рауайын кодта. Канд Советон Цæдисы разамонджытæ нæ рацыдысты гадзрахатæй нæ иузæрдион хæларыл. Уыцы æнамонд фæндагыл æрлæууыын кодтой социалистон бæстæты сæргълæуджыты дæр.

Хъуыды ма кæнын, нæ горæты фæзтæй иуæн радтой китайаг бархионты ном. Хрущев бæстæ куы сызмæста, стæй канд бæстæ нæ, фæлæ Китайы Адæмон Республикæимæ нæ ахастдзинæдтæ дæр, уæд, цыртдзæвæныл цы фыстытæ уыд, уыдон сартæй къахынмæ февнæлдтой.

Уæлдæр куыд загътон, афтæ Китаимæ сæ ахастдзинæдтæ хорз нал уыдысты адæмон демократийы бæстæтæн дæр. Уыцы заман балцы уыдтæн Болгарийы æмæ дзы иу бæстыхайы къулыл стыр дамгъæтæй ахæм фыст бакастæн: «Долу Мао и кликата!» Уырыссагау — «Долой Мао и его клики!»

Æмæ, дам, иу паддзахады сæрчикыло разамонæг бирæ хæлар паддзахæдтæй знæгтæ нæ сараздзæн!..

«Хæр мæрдтæм дæр хъуысы!» — фыста Хетæгкаты Къоста. Хъуысы, æвæццæгæн, æндæр æй Леуаны фырт нæ ныффыстаид. Мæнмæ та афтæ кæсы, æмæ хъæр æппæт мæрдтæм нæ хъуысы. Зæгъæм, æгасæй мæрдтæ кæй хонынц, уыдонмæ иуæй-иу хатт сармадзаны гæрæхтæ дæр нæ фæхъуысынц. Сармадзаны гæрæхтæ кæмæ нæ хъуысынц, уыдонмæ ма хуымæтæг лæджы хъæртæ нæ, фæлæ сабырæй загъд ныхæстæ куыд фехъуысой?!

Цалдæр азы цалдæр хъуыддагыл дзурынæй ме 'взаг цъиуы 'взагæй лыстæгдæр сси, фæлæ мæ ныхæстæ, кæмæй аразгæ сты, уыдонæй никæмæ хъуысынц.

Къостайы уацмысты дыууæтомоны тыххæй нал дзурын. Зындгонд куыд у, афтæмæй йæ фыццаг том дунейы рухс федта мæскуыйаг рауагъдад «Менеджер»-ы 1999 азы, ома поэты райгуырды 140 аз. Дыккаг том уадзынмæ хъавыдысты йæ райгуырды 150 азы юбилеймæ — цæмæй рацæуа, уый тыххæй дзырдтон цалдæр æмбырды, фæлæ абон дæр нæма рацыд. Æмæ, куы зæгъын, уый тыххæй нал дзурын. Кæд поэты 160 азы юбилеймæ уæддæр фæзынид.

Къостайы фæстаг юбилейы агъоммæ фæндон бахастон йæ радзырд «Дзæбидырдзуан»-ы бындурыл кино саразыны тыххæй. Цалдæр азы дзурын Абайты Васойы уацмысты æмбырдгонды цыппартомоны æртыккаг æмæ цыппæрæм томтæ мыхуыры рауадзыныл. Мæ ныхас цыфæнды хъæрæй куы

фæзæгъын, уæддæр ныронг никæмæ ма фехъуыст, фæлæ мæ зæрдæ дарын, æгасæй мæрдтæ æцæг мæрдты кæддæр кæй бафæзмдзысты, ууыл æмæ, Ирыстоны намыс хæхты бæрзæндмæ чи systа, нæ уыцы лæгты уацмыстæн дунейы рухс кæй фенын кæндзысты.

Ацы рæнхъытæ, фæстаг азты кæй ныффыстон, уыцы уацмысты хуызæн, фыссын Кисловодскы. Ардæм куы 'рцæуын, уæд мын кусынæн хорз фадæттæ вæййы. Хорз фадаты сæйраг рахæцæн та æппæты фыццаг баст вæййы, хицæн уат мын кæй раттынц, уыимæ. Ууыл зæрдиагæй бацархайы нæ хæрæфырт, ома ирон хæрæфырт Хуыцъистаты Юри (йæ мады мыггаг хæссы) – санатори «Кавказ»-ы сæйраг дохтыр. Хорз уавæрты та æрцардтæн ныр дæр, æрмæст мын цыма ацы хатт стырдæр кад скодтой, афтæ мæм фæкаст.

Санаторийы цы бирæ адæм вæййы, уыдон фæхæрынц, се 'ппæты фаг дæр чи вæййы, уыцы залы. Фæлæ ма дзы ис, иу-ссæдз адæймаджы кæм бацæудзæн, ахæм хæрæндон дæр.

Чи дзы фæхæры, уымæй бафæрсын мæм аив нæ фæкаст, фæлæ мæн дæр уырдæм бахуыдтой æмæ уым хæрын райдыдтон. Официанткæтæ радыгай кусынц. Дыккаг бон чи куыста, уыцы сылгоймаг мæ ам бадгæ куы ауыдта, уæд мæ дисхуызæй афарста:

– Дæу та ам чи сбадын кодта?

Мæ амондæн, фыццаг бон хæринаг чи хаста, уый йæ номæй бафарстон æмæ мæ чи бакъуымы кодта, уыцы сылгоймагæн иучысыл фæкъуыхцыйы фæстæ загътон:

– Ларисæ.

Сылгоймаг, æвæццæгæн, мæ дзуаппæй разыйæ баззад æмæ ницуал сдзырдта, фæлæ мæнæй йе 'нахъинон фарст нæ ферох.

Украинаджы загъдау, хорз хъуыды лæджы зонд фæстагмæ 'рцахсы. Æз дæр «Ларисæ»-йы бæсты хуыздæр дзуапп бæргæ ссардтон, фæлæ байрæджы. Æндæр, чи дæ сбадын кодта, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын афтæ зæгъын хъуыд: «Прокурор æмæ тæрхонгæнæг!»

Мæ райгуырæн хæдзармæ цы уарзондзинад дарын, уый ницæимæ абарæн ис. Кæд йæ иу фарс цасдæр рæстæг хъæмпæй æмбæрзт уыд – хæсты рæстæджы йæ фашисттæ ныппырх кодтой – уæддæр ын мæ зæрдæйы цы бынат ис, уым цыфæнды стыр галуан дæр бацæуудзæнис. Мæ фыны йæ куы фенын, уæд амондджынæй райхъал вæййын, фæлæ, фыны цы федтон, уый æцæгдзинад куы нæ разыны, уæд та мæ амонд æрбатар вæййы. Кæд цыфæнды мæгуыр цардыстæм, уæддæр, уыцы бонтæ мысгæйæ, мæхи æппæтæй хъæздыгдæр фæхонын.

Ис дугтæ, замантæ, рæстæджытæ. «Эра», «Время», «Новое время», «Мах дуг». Уыдон сты алыхуызон газеттæ, телеравдыстытæ æмæ журналты нæмттæ, фæлæ рæстæджытæ, замантæ æмæ дугтæй зæрдæмæ сабидугæй хæстæгдæр никæцы у:

Цы ис рæсугъддæр сабидугæй, зæгъ! –
Зымæгон дæр – нæуугæй æмбæрзт йæ зæхх.

Бæрзонддæр – дзы́лат, галуанæй йæ къæс,
Уæрæхдæр – фурдæй та йæ хъазæн фæз.

Цæстысыгау йæ суадæттæ – рæсуг...
Лæгæн зынаргъ у, адджын сабидуг!

Мæ хæдзар, мæ райгуырæн хæдзар, мæ фыццаг цъæхахстæй æвддæс азы онг кæм фæцардтæн, уыцы хæдзар кæд цыфæнды уæззау агуыридурæй амад у, уæддæр æй æз мæ зæрдæйы хæссын, бумбулийæ рогдæр чи у, ахæм уаргъау. Хæссын æмæ йæ хæсдзынæн, цалынмæ мæ цæст æрттива, уæдмæ.

Мысын мæ хæдзар, йемæ баст цыдæриддæр у, уыдон: нæ кæрт, нæ цæхæрадон, нæ бæлæстæ... Алырдæм мæ цы фæндæгтæ хуыдтой, уыдон тугдадзинтау мæ зæрдæйы дыууæрдæм згъорынæй нæ фæллайынц. Мæ цæстыты раз нывгондау февзæры Куыройыдон, Бехъан, Урсдон, Басилы хъæд, Ирддон, Хъæууат, Даргъ Хуымтæ, Сидæны бæлас, Ӕрхыбыл, Елмæрзайы суадон...

Никуы ферох кæндзынæн мæ сыхбæсты, мæ хъæубæсты адæмы, кæимæ хъомыл кодтон, уыцы æмбæлтты. Кæд иу мад æмæ фыдæй нæ райгуырдыстæм, уæддæр æфсымæртæ æмæ хотау хæларæй цардыстæм. Кодтам хъаугъа

дæр, хылтæ дæр, фæлæ æнæ уыдонæй иу бинонтæ дæр нæ фæцардысты.

Мæ карæнтæ цыма мысинæгтæм здæхагдæр сты, афтæ мæм кæсы. Зæххон хъæздыгдзинæдтæ сæ уыйас нал фендавынц, ивгъуыд бонты цин сæ тынгдæр схъæлдзæг кæны. Ивгъуыды та сын æппæты зынаргъдæр у сæ райгуырæн къуым. Уымæн афтæ арæх æрлæууы сæ зæрдыл.

Лæууыс, мæ хæдзар, ды дæр мæ зæрдыл, фæлæ цымæ æз дæр дæ зæрдыл искуы æрлæууын? Æви дæ дзæгъæл кæй ныуугъстон, уый тыххæй мæм хæрам дæ? Кæд мыл, мыййаг, дæ зæрдæ худы, уæд дæ, мæ зонгуытыл лæугæйæ, цæссыгкалгæйæ, хатыр курын.

Нæ хæстæджыты чызг гыццылæй тынг цæрдæг уыди. Æнæнтыст макуы фæу, зæгъгæ, дæр-иу, æвæццæгæн, ахæмтæй загътой. Канд цæрдæг нæ уыди, фæлæ дзырдарæхст дæр. Йæ дзыхæй цы нæ ныхас схаудаид, ахæм нæ уыд. Цæмæдæр гæсгæ йæм иу хатт, «фыдсыл», зæгъгæ, сдзырдтон, æмæ йын худæджы хос фæци.

Куы-иу сæм бацыдтæн, уæд-иу мæ размæ ратахт æмæ-иу ме 'фцæгыл ныттыхст. Æз-иу æй кæддæриддæр афарстон: «Куыд у, фыдсыл?», æмæ та-иу ыл худæг бахæцыд. «Фыдсыл» цы амоны, уый нæ зыдта, æндæр-иу худæгæй нæ бакъæцæл уыдаид. Мæнмæ гæсгæ йæ, буцдæр ныхасæн скæнæн нæй, ахæм æнхъæлдта æмæ йыл-иу уымæн бацин кодта...

Иу хатт та сæм не 'рвадæлты лæппуимæ уазæгуаты бацыдыстæм. Нæ хæрæфырты фыдсыл кæй хуыдтон, уый зыдта æмæ йæ, куы ауыдта, уæд æм уый дæр мæ хуызæн сдзырдта:

— Куыд у, фыдсыл?

Уазæгимæ кæрæдзийы фыццаг хатт уыдтой, æмæ йæ чызг уыцы дисхуызæй куы афæрсид:

— Ды та йæ цæмæй зоныс, фыдсыл дæн, уый?

Дзæвгар азты размæ Бакуйы командировкæйы уыдтæн. Бирæ цыдæртæ дзы федтон. Базонгæ дæн сæ кæцыдæр æгъдæуттимæ дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, дæ адæм бирæ æнусты дæргъы цы фæткыл хæст сты, уый

дæуæн дæр зынаргъ у, фæлтæртæ йæ кæрæдзимæ дæтгæ уымæн цæуынц.

Кæцыфæнды адæм дæр æппæты фыццаг сæрыстыр сты се 'взагæй. Уый у сæ иугæнæг, сæ ныфс, канд сæ ивгъуыд æмæ абон нæ, фæлæ – сæ фидæн дæр. Райгуырæн зæхх æмæ мадæлон æвзаг сты, адæмы маргъау базырджын чи кæны, ахæм æвидигæ тыхы дыууæ суадоны. Уыдон кæрæдзиуыл афтæ фидар баст сты, æмæ фæхицæн кæнын нæ комынц. Куы сæ фæхицæн кæнай, уæд дыууæ дæр фесæфдзысты. Райгуырæн бæстæйæ куы фæхауæггаг уай, уæд де 'взаг дæр сæфтмæ цæуы. Де 'взаг куы фесæфа, уæд дын дæ райгуырæн бæстæ æцæгæлон фестдзæн.

Уæлдæр Бакумæ мæ балц хуымæтæджы не 'рымысыдтæн. Уым телевизормæ хъуыстон Алиевы раныхасмæ. Азербайджаны Компартийы Центрон Комитеты фыццаг секретарь дзырдта азербайджайнагау. Кæд ын йæ ныхæстæн ницы 'мбæрстон, уæддæр æм лæмбынæг фæхъуыстон кæрæй-кæронмæ. Йæ раныхас сахатæй фылдæр ахаста, фæлæ дзы не сфæлмæцыдтæн. Хъуыстон æмæ кодтон сагъæссаг хъуыдытæ...

Цымæ мах та нæ сæр сæрмæ хæссын кæд райдайдзыстæм? Кæд сдзурдзыстæм нæхи 'взагыл? Есенины загъдау, «миру нужно песенное слово, петь по-свойски, даже как лягушка». Нæ мадæлон æвзаг нæхи кæд схондзыстæм? Кæд ыл сдзурдзыстæм хъæрæй канд марды уæлхъус нæ – уæвгæ, уым дæр æндæр æвзагыл арæхæй-арæхдæр дзурын райдыдтам, – фæлæ бæрзонд трибунæтæ æмæ стыр æмбырдты? Æви не 'взаджы рæсугъддæр, аивдæр æмæ ахадгæдæр дзырдтыл, куы амæла æмæ йæ ныгæнæн бон куы ралæууа, уæдмæ ауæрдæм?!

Мæхинымæр афтæ фæзæгъын: тæхуды, иу ахæм æмбырдмæ бахау, æрмæстдæр иронау кæм дзурой. Сæйраг ныхасгæнæджы фæстæ къухæмдзæгъдæн банцайæн кæм нал уа, адæмæй алкæй дæр йæ хъуыдытæ зæгъын кæм бафæнда.

Хуыцауы куы бафæнда, уæд мыл хъуамæ тагъд цыппæрдæс æмæ 'ртиссæдз азы сæххæст уа æмæ уыцы рæстæджы дæргъы, бæрзонд къæлæтджынты чи бадт, уыдонæй иронау Гапбаты Иванæй дæсныдæр дзургæ никæйма фехъуыстон. Стæй дзы, искуы-иутæй фæстæмæ иронау та кæцы дзырдта? Дæсгай азты республикæйы сæргъы фæлæуу æмæ

дæс ныхасы фæд-фæдыл иронау макуы скæн! Куыд уыдис уымæ фидауцы цæстæй кæсæн?

Уæвгæ, уавæр ныр фыддæр йеддæмæ хуыздæр нæу. Цавæрфæнды æмбырдмæ дæр ма бацу, хæрзыстæмтæй фæстæмæ иууылдæр дзурынц уырыссагау. Уырыссагау кæй зонынц, уый хорз у. Æвзæр, иронау кæй нæ зонынц, уый у. Нæ зонынц, уымæн, æмæ сæ нæ хъæуы. Уæдæ ма сын исчи афтæ зæгъид, уæдмæ æмæ уæдмæ, Ирыстоны цæргæйæ стыр бынат ахсыс æмæ иронау нæ базыдтай, уæд дæ бынат суæгъд кæн, зæгъгæ, кæддæра иууылдæр – ирон уа, æндæр адæмыхаттæй уа, уæлдай нæу – цымæ иууылдæр æвзаг нæ базониккой!..

Уырыссагау куы нæ зонай, уæд бæрнон бынатмæ никуы бахаудзынæ. Иронау чи нæ зоны – Ирыстоны! – суанг ирон куы уай, уæддæр, уыдонæн уый къуылымпыйы хос никуы у. Иронау нæ зоныс, уый, гæнæн ис, æмæ æппындæр макуы рабæрæг уа. Кæд демократон паддзахад аразджытæ хонæм нæхи, уæд хъуамæ нæ ныхæстæ æмæ хъуыддæгтæ Чъеуæрты галтау фæйнæрдæм ма хæцой.

Не 'взаг ахæм уавæры кæй ис, уым æппæты фыццаг ирон адæм сæхæдæг сты аххосджын. Фыдыусы цæстæй кæсæм, Хуыцау нын цы стыр лæвар ракодта, уымæ. Нæ куырыхон хистæр Абайты Васо нын цы фæдзæхста, бинонты æхсæн мадæлон æвзагыл дзурын хъæуы, зæгъгæ, уый иутæ хъусгæ нæ фæкодтой, чи йæ фехъуыста, уыдон та йæ æххæст нæ кæнынц.

Ацы хъуыдытæ иу æмæ дыууæ хатты нæ загътон алыхуызон æмбырдты. Сæ дзурынæй фæллайгæ дæр бакæнын, фæлæ сæ уæддæр кæддæриддæр æмæ кæмдæриддæр дзурдзынæн не 'взаджы сæрыл, уымæн æмæ, сывæллон кæугæ куы нæ кæна, уæд ын мад дзидзи нæ дæтты.

Мадæлон æвзагæн йæ бындур мад у, æмæ уæ, ирон адæм, уый курæг дæн: нæ мады тæригъæды ма цæут!.. Хуыцау уын æй нæ ныххатыр кæндзæн...

Ацæмæз кæцæйдæр гæдыйы лæппын æрбахаста. Йæ буары фылдæр хай уыд урс, фæлæ дзы ранæй-рæтты сау тæппытæ дæр æрттывта. Уыцы хъулæттæ йæ кодтой уæлдай зæрдæмæдзæугæдæр. Бинонтыл афтæ фæцахуыр,

æмæ-иу дзы алкæйы æрбацæуынмæ дæр æнхъæлмæ каст. Куыддæр-иу дуар фегом, афтæ-иу æрбацæуæджы размæ разгъордта æмæ-иу ыл йæхи, хъырнгæйæ, рахаф-бахаф кæнын систа.

Уæлдай æнувыддæр уыди йе 'рбахæссæгыл, стæй йыл Ацæмæз дæр тынг фæцахуыр. Йемæ-иу æй уынгмæ дæр ахаста, суанг-иу Терчы былмæ дæр ахæццæ сты æмæ-иу уым фæтезгъо кодтой. Йе 'мбæлттæн гæдыимæ сæ къамтæ дæр исын кодта.

Рацыд цалдæр мæйы. Гæды дзæвгар фестырдæр. Сахуыр хæдзары цæрыныл. Сыгъдæгдзинад æм бæрзонд æвæрд уыд. Цалынмæ-иу йæхимæ базылдаид, уæдмæ хæринаг не 'рцагуырдтаид. Куыддæр-иу сбон, афтæ-иу бавнæлдта йæхи рæсугъд кæнынмæ. Йæ дæрзæг æвзаг кæдæмдæриддæр æххæст, уым-иу бæстон ныффаста. Суанг ма-иу йæ къахы бынтæ дæр ныссæрфта. Хæрынмæ-иу æй равдæлд, сыгъдæгдзинадæй-иу йæхимæ йæ зæрдæ куынæуал æхсайдта, уæд.

Цин ыл кодтам æппæт бинонтæй дæр, фæлæ нæ цин бирæ нæ ахаста. Гæды йæхимæ хъусыныл фæци. Æрæнкъард. Цыдæр хъыгдарæг æй кæй уыди, уый бамбæрстам, фæлæ, цы кæны, уымæн ницы зыдтам. Ацæмæз æй дохтырмæ дæр ахаста, уый йын цыдæр хостæ рафыста, фæдардта йын сæ, фæлæ йын ницы феххуыс сты. Фæстаг æхсæв ма Ацæмæзы фарсмæ диваныл фæбадт, райсомæй йæ хинайæн уаты мардæй баййæфтам...

Не 'ппæтæн дæр зын уыди, тынгдæр та йыл Ацæмæзы зæрдæ фæрыст. Йæ цæссыгтæ згъæлдысты 'мæ згъæлдысты. Æз ын, мæ бон куыд уыд, афтæ зæрдæтæ 'вæрдтон. Суанг ма йын ирон æмбисонд дæр æрхастон, гæдыйыл кæуын нæ фæтчы, зæгъгæ, фæлæ уæддæр дзæвгар рæстæг йæ кæуын бауромын йæ бон нæ уыди...

Мæ зæрдыл та æрлæууыд Дибæ. Мах Райæимæ горæты ахуыр кæнын куы райдыдтам, уæд Дибæ хъæуы баззади иунæгæй. Бынтон иунæгæй нæ – нæ куыдз Тузикимæ. Уый уыдис йæ сæйраг ныфс бон дæр æмæ æхсæв дæр. Фæлæ уыцы ныфсæй дæр æнæхай фæци. Нæ уæлæсыхаг шофыр Хъазыбег йæ машинæйы нæ рæзты сцæйтахт. Тузик йæ размæ фæци, æмæ дæ балгъитæг афтæ – ацъæл æй кодта. Дибæ ма йæм бæргæ рауад, фæлæ Тузик змæлгæ дæр нал скодта.

Хабæрттæ мын Дибæ фæстæдæр ракодта: нæ цæхæрадоны, дам, æй баныгæдтон, цырт ын ныссагътон æмæ йыл нæхи мыггаг æмæ йæхи ном ныффыстон…

Ацæмæзæн æз дæр зæрдæ бавæрдтон, тезгъо кæнын кæм уарзтат, уыцы ран æй Терчы был баныгæндзыстæм, зæгъгæ. Доны был ын сау мæры ингæн скъахтам æмæ йæ уым баныгæдтам. Цардæй нæ бафсæст, фæлæ йын Терк æнусты дæргъы цы зарджытæ кæна, уыдонæй кæд бафсæдид… Стæй йыл ныффыстон ахæм цыппар рæнхъы:

Дæ зымæг, дæ уалдзæджы фæстæ дын сæрд
Æрхаста фыдхъизæмар, сонæй уыд дзаг.
Æрцыди дын авд уды иумæ лæвæрд,
Нæ дын систы афтæмæй авд мæйы фаг.

Цæмæдæр гæсгæ мæм цард, мæ азты сæрæй кæсгæйæ, цыбыр кæсын райдыдта. Кæддæр-иу дыууиссæдзаздзыды дæр карджыныл нымадтон, ныр мæм дæс æмæ дыууиссæдз-æртиссæдзаздзыдтæ дæр карджын нал кæсынц. Æвæццæгæн, мæхæдæг уыдонæй дзæвгар хистæр кæй фæдæн, уый тыххæй. Хистæр кæй дæн, уыимæ разы дæн, фæлæ мыл бирæ цæуы, зæгъгæ, афтæ нæ нымайын. Стæй мæ азтæ дыууæ хатты фылдæр куы фæуиккой, уæддæр сæ бирæйыл нæ банымаин. Æрыгонæй мын исчи афтæ куы загътаид, ссæдз азы йеддæмæ нал фæцæрдзынæ, зæгъгæ, уæд æм фыдызнаджы зæрдæ бадардтаин. Ныр мын исчи афтæ куы зæгъид, ссæдз азы ма фæцæрдзынæ, зæгъгæ, уæд æй арфæйыл банымаин.

Кæддæр, Максим Горький цас фæцард, уый банымадтон – 68 азы – æмæ мæхинымæр загътон: уыйбæрц куы фæцæрон, уæд мын фагæй фылдæр уыдзæн. Æрыгонæй цы азтæм фæцæрынмæ бæллыдтæн, уыцы кармæ куыд хæстæгдæр кодтон, афтæ мæ уырнын райдыдта, рæдигæ кæй кодтон, фæлæ уæддæр æнхъæлмæ кæстæн 68-аздзыды кармæ…

Ацы ран мæ зæрды ахæм хабар радзурын ис. Кæддæр, дам, иу лæппулæгæн чидæр афтæ зæгъы, уыцы аз, уыцы мæй æмæ, дам, уыцы бон уал сахатыл амæлдзынæ.

Лæппу уыцы ныхæстæ йæ зæрдыл бадардта. Бонтæ æмæ къуыритæ мæйтæ æмæ азтау ивгъуыдтой, æмæ, йæ

«мæлыны» бон куыд хæстæгдæр кодта, афтæ йæ сагъæс æмæ мæтыл æфтыди. Лæппу скъæсхуыр, хæринаг ын ад нал кодта, йæ хуыссæг фæлыгъд.

Фæстагмæ æруатон æмæ æнхъæлмæ кæсын райдыдта йæ «мæлæтмæ». Райсом «амæлдзæн», зæгъгæ, йын хуыссæджы хос бадардтой æмæ райхъал йæ «мæлæты» фæстæ. Лæппуйы тыххæйты бауузндын кодтой, йæ «мæлæн бон» фæсте кæй аззад, ууыл æмæ сындæггай-сындæггай йæ фыццаг уавæрмæ цæуын райдыдта.

Æз дæр, Горькийæ куы фæхистæр дæн, уæд мын фенцондæр. Бауырныдта мæ, Хуыцау кæй никæй коммæ кæсы æмæ, зæххон адæмæй чи цы хъуыды кæны, уыдон æм нымады кæй не сты...

Тушнова Вероникæимæ зонгæ нæ уыдтæн. Ме 'мдзæвгæтæ мын кæй ратæлмац кодта, уый тыххæй фыстон, стæй мын цыма мæ хъуыдытæ Вероникæйæ тынгдæр ничи банкъардта, афтæ мæм кæсы. Æмæ уый хуымæтæджы нæу, уымæн æмæ, мæ фыстыты цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый Вероникæйæ тынгдæр никæмæ бахъардта. Йæ тæлмацтæ афтæ хорз дæр уымæн рауадысты, уымæн фæцыдысты мæ зæрдæмæ дæр...

Цалдæр боны размæ балхæдтон Тушновайы æмдзæвгæты чиныг. Æргом дзургæйæ, йе сфæлдыстадимæ афтæ хорз зонгæ нæ уыдтæн, фæлæ йын рауагъдад «Эксмо»-йы цы чиныг рацыд, уырдæм хаст æрцыдысты йæ хуыздæр уацмыстæ иууылдæр. Чиныг каст нæма фæдæн, афтæмæй дæр мæхинымæр хъуыды кодтон, уырыссагау чи фыста æмæ фыссы, уыцы сылгоймæгтæй Вероникæйы хуызæн сылгоймаджы зæрдæмæ арф кæй никуыма ничи ныккаст, йе 'нкъарæнтæ йын афтæ æргом, рæсугъд æмæ рæстагæй кæй никуыма ничи равдыста.

Чиныджы æмдзæвгæтимæ æхсæнмæхсæнты мыхуыргонд æрцыд, Вероникæмæ йæ хæлæрттæ цы писмотæ фыстой, уыдоны иу хай. Сæ фылдæр ын арфæ кæнынц йæ фæстаг чиныджы тыххæй. Писмотæй куыд зыны, афтæмæй чиныг мыхуыры фæзынд 1965 азы. Йæ хæлæрттæ, зонгæтæ, йе 'мсис фысджытæ йын бузныг зæгъынц, диссаджы чиныг кæй ныффыста, уый тыххæй. «Ваши стихи всегда были отмечены человечностью, чистотой, добротой... Но

такой силы, как в этой книге, Вы не достигали никогда. В этой книге мир Вашей поэзии, как никогда светел, чист, могуществен и прекрасен», – фыста йæм Петровых М. «Дорогая Вероника! Мы с Инной прочитали твою книжку и не можем не написать тебе, как она нам понравилась. Вообще, все последние годы ты – с каждым годом и с каждым сборником – пишешь все лучше, но эта маленькая книжечка не просто плавно, но резко лучше других, – такая она глубокая, человечная, тонкая (в смысле тонкости души, не объема) и поэтичная. Это почувствовали и поняли все и сразу! Б. Я. Шиперович рассказал мне, что типография не додала книготоргу 5 тыс. экземпляров! – они украдены по одному, по два экземпляра, расхищены читателями, работниками типографии»,– ахæм ныхæстæ та йæм æрбарвыстой Ваншенкин Константин æмæ Гофф Иннæ. «Дорогая Вероника Михайловна. Не успела я сказать, что меня сильно интересует Ваша новая книга – как Вы уже ее прислали мне в подарок... Ведь давно знаю Ваши стихи, давно и искренне многими любуюсь, знаю Ваш голос – правдивый и чистый, но они так не трогали, не пронзали меня, как те, что собраны в Вашей новой книге... Будьте здоровы. Спасибо Вам. Ваша Л. Чуковская».

Писмотæй цы чысыл скъуыддзæгтæ ’рхастон, уыдон дæр хорз æвдисæн сты, Вероникæйæн йе ’мсис поэттæ, цыма ныхас бакодтой, уый хуызæн, йе сфæлдыстадæн стыр аргъ кæй кæнынц, уымæн. Уыимæ уæлдай тынгдæр сæ зæрдæмæ фæцыд йæ фæстаг чиныг. Писмоты ма иу кæны æндæр хъуыддаг дæр: иууылдæр фыст сты 1965 азы июны мæй.

Уымæй афæдз раздæр Вероникæ мæнмæ фыста: «С удовольствием перевела Ваши хорошие стихи – моя вина, что так задержала. Болела и серьезно».

Уыцы «болела и серьезно» куы ныффыста, уый фæстæ Вероникæ афæдзæй чысыл фылдæр йеддæмæ нал ацард. Йæ хæлæрттæ йæм цы зæрдæбын ныхæстæ ныффыстой, уыдон иууылдæр раст уыдысты, стæй, чи зоны, куы сын байрæджы уа, уымæй дæр тарстысты...

Азтæ мыл куыд фылдæр цæуы, афтæ Есенин Сергейы ныхæстæ мæ зæрдыл арæхæй-арæхдæр æрлæууынц:

Мы теперь уходим понемногу
В ту страну, где тишь и благодать.

Ærmæst цыма «понемногу»-йы бæсты «тагъд» тынгдæр сфидауид, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ ме 'мгæртты, кæнæ мæнæй хистæр, кæнæ чысыл кæстæр чи у, уыдоны нымæц æгæр тагъд къаддæрæй-къаддæргæнгæ цæуы.

Цалдæр азы размæ, бæлвырддæр зæгъгæйæ та 2001 азы мæ куысты æнæнхъæлæджы баиу сты, кæддæр «Рæстдзинад»-ы редакцийы бирæ азты иумæ кæимæ фæкуыстон, уыдонæй цалдæр: Дзугаты Барис, Хæблиаты Сафар, Тыджыты Юрий æмæ Мамсыраты Мурат. Кæрæдзийы уынд нын афтæ æхсызгон уыд, æмæ зæрдылдарынæн нæ хуыз иумæ систам. Уыцы фембæлдыл æртæ азы йеддæмæ нæма рацыд, афтæ кæрæдзийы фæдыл се 'нусон фæндагыл ацыдысты Дзугаты Барис (2001), Тыджыты Юрий (2002) æмæ Хæблиаты Сафар (2003). Æртæ боны размæ та, 79 азы йыл цыди, афтæмæй йæ кусынæй банцад Мамсыраты Мухтары фырт Мураты зæрдæ.

Æз бирæ азты зонгæ уыдтæн Муратимæ. Хуымæтæджы зонгæ нæ, фæлæ хæстæг зонгæ. Бирæ азты иумæ фæкуыстам, раздæр газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Молодой коммунист»-ы, фæстæдæр та журнал «Ногдзау»-ы редакциты.

Цы зæгъын мæ бон у мæ иузæрдион хæларæй?

Кæд искæмæ ирон æгъдæуттæ бæрзонд æвæрд уыдысты æмæ сæ сæрыстырæй æххæст кодта, уæд уыдоны номхыгъды аккаг бынат ис Муратæн дæр. Кæд исчи рæстдзинадыл ныфсджынæй тох кодта, кæд исчи тыхст лæджы фарсмæ æрбалæууыд æмæ, йæ бон цæмæй уыд, уымæй йын баххуыс кодта, уæд уыдонæй иуæй дæр Мурат фæсте нæ баззад. Кæд исчи уазæгуарзон уыд, йæ цæхх, йæ кæрдзын цæстуарзонæй адæмæн лæвæрдта æмæ уымæй æхсызгондзинад иста, уæд уый дæр уыдис Мамсыраты Мурат.

Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ кæсы, цыма Мураты риуы дыууæ зæрдæйы тæлфыд: иу – фæлмæн, иннæ – хъæбæр. Фæлмæн зæрдæйы бынат уыдис æфхæрд æмæ æххуысхъуаг адæмæн, хъæбæр зæрдæ хатыр нæ зыдта галиузондылхæст адæмæн. Мураты фæлмæн зæрдæ уыдис тæригъæдгæнаг. Æххуысхъуаг адæймаджы рæзты никуы ахызт,

йæ цардæн тæссаг кæм уыд, ахæм ран дæр тас нæ зыдта, лæгæй-лæгмæ-иу цалдæр фыдгæнæджы ныхмæ æрлæууынæй дæр нæ фæтарст. Йæ фæлмæн зæрдæйы хъармæй канд адæмы нæ тавта, фæлæ цæрæгойты дæр. Чидæр куыдзы къæбылайы æвæгæсæгæй ныууагъта, кæнæ гæдыйы лæппыны раппæрста, уæд уымæ дæр æнæрлæугæ никуы фæци. Æнæмæнг-иу хæстæгдæр дукани бацагуырдта, исты хойраг-иу балхæдта æмæ-иу дзы гæдыйы лæппын кæнæ куыдзы къæбылайы бафсæста.

Мураты хорз миниуджытæ бирæтæн зындгонд уыдысты, æмæ-иу æй рæстдзинадыл тохгæнджытæ бацагуырдтой, æмæ дзы æнæ дзуаппæй никуы никæй ныууагъта. Уымæн афтæ хъуыстгонд уыдысты йæ фельетонтæ æмæ критикон æрмæджытæ. Мураты фыссæн сисы бынмæ-иу чи бахауд, уыдонæй бирæты сæ куыстæй исын бахъуыд, кæйдæрты хъуыддæгтæ та-иу партийы обкомы бюройы æвзаринаг фесты.

Мурат уыди Ирыстоны хуыздæр журналисттæй иу. Уымæн хорз æвдисæн канд йæ критикон æрмæджытæ нæ уыдысты, фæлæ, хорз адæмыл цы очерктæ фæфыста, уыдон дæр. Иры дзыллæтæ зæрдиагæй кастысты, дыууæ хатты стыр тиражæй уагъд чи 'рцыд, йæ уыцы чиныг «Æцæгæлон бæстæ». Уым Мамсыры-фырт бæстон радзырдта Турчы ирæтты царды хабæрттæ. Мурат зæрдæмæдзæугæ уацмыстæ сфæлдыста рæзгæ фæсивæдæн дæр. Уæззау рынчын цы цыбыр рæстæг фæци, уыцы бонты дунейы рухс федта йæ радзырдты чиныг сывæллæттæн «Сар мын дæ сæр кæны»-йы дыккаг рауагъд. Стыр хъыгагæн æй йæхæдæг нал федта.

Мурат уыди æцæг ирон лæг æмæ æнауæрдон тох кодта Ирыстоны знæгтимæ. Нæ барста, нæ адæмыл алы дамдумтæ чи фыста, нæ истори нын чи зыгъуыммæ кодта, уыдонæй иуæн дæр. Фæнды мæ йæ фæстаг рецензийы тыххæй цалдæр ныхасы бæлвырддæр зæгъын. Йæ сæргонд ын схуыдта «Дилетанты и мутанты». Æрмæг фыст у уырыссагау. Рецензийы æвзæрстæуы, Троцкий Сталины тыххæй цы дыууæтомон биографи ныффыста, уый. Уым Лев Давиды фырт цъыфкалæн канд Сталиныл нæ кæны, фæлæ ирон адæмыл дæр. Мæнæ куыд фыссы Лев Троцкий (Лейба Бронштейн): «...некий Иремашвили утверждает, что осетином был отец» (Сталина – **М.М.**), «грубая неотесанная

натура, как все осетины...». Уыцы æнаккаг ныхæстæн, стæй канд уыдонæн нæ, аккаг дзуапп ссарæн уыдзæн, Мураты рецензи дунейы рухс куы фена, уæд.

Мамсыры-фырт хъæбатыр лæг уыд æмæ, хъæбатыр чи уыд, уыдон йæ цæсты афтæ кадджын уымæн уыдысты. Сæ мыггаджы ахæм лæгтæ иу æмæ дыууæ нæ уыди. Мурат дзы æппæты стырдæр аргъ кодта Джеоры фырт Хаджумарæн. Афтæ мæм кæсы, æмæ йæ иунæг фыртыл «Хаджумар» ном дæр уымæн сæвæрдта.

Мæ ныхас, цæмæй райдыдтон, уымæй фæуынмæ хъавын. Тæнæгæй-тæнæгдæр кæнынц ме 'мгæрттæ, мæ хæлæрттæ, мæ зонгæты рæнхъытæ.

Фæци Муратæн дæр йæ зæххон цард. Ардыгæй фæстæмæ цæрдзæни адæмы зæрдæйы, йæ хорз хъуыддæгты. Мæнæн та ма ме 'мбал, ме 'мкусæг, ме 'мхъуыдыгæнæгæн мæ бон у æрмæстдæр рухсаг зæгъын æмæ йын зæгъын: «Рухсаг у, Мурат. Дæ мад æмæ фыд, де 'фсымæртæ, дæ кадджын хистæртæ кæм сты, уыцы бæстæмæ фæцæуыс æмæ дæ сæ хорзæх уæд! Дæ фæстæ цы бинонтæ æмæ къабæзтæ ныууагътай, бирæ кæй уарзтай, уыцы ирон адæмыл цардаудæн кæн».

Адæймаг мастæй йæ хъуырмæ куы свæййы, уæд, цы фæдзуры, уый фæзоны, фæлæ сæ кæй цуры фæдзуры, уый дзы хатгай айрох вæййы æмæ фæсмоны ахæсты бахауы.

Одинцовы партийы Цæгат Ирыстоны обкомы фыццаг секретарæй куы сæрвыстой,– равзæрстой, зæгъгæ, барæй нæ зæгъын, уымæн æмæ, дæ цæсты кæронæй дæр кæй никуы федтай æмæ дæ зæххыл йæ къах чи никуы æрæвæрдта, уый равзарæн нæй, ууыл ис, уый фæстæ дæр ын йæ алы галиу ми дæр рахиз чи хондзæн, уыдонæн сæ къухтæ сдарæн æмæ йæ афтæмæй бæрзонд къæлæтджыны æрбадынгæнæн, – уæд æм мæсты чи нæ кодта, ахæм бирæ нæ уыд. Мæсты йæм чи нæ кодта, уыдон та адæмæн Одинцовы хуызæн æнæуынон уыдысты. Гъе æмæ Одинцовы рæстæджы мæ зæрдæйы хъæстытæ мæ хицæуттæй иуæн фæкодтон. Кæй зæгъын æй хъæуы, Владимирæй – Одинцовы ном афтæ хуынди – йын нæ раппæлыдтæн. Цыдæриддæр дзы хъуыды кодтон, уыдæттæ йын фæдзырдтон. Уый мæм

бирæ фæхъуыста, стæй, дарддæр кæй ницыуал зæгъынмæ хъавын, уый куы бамбæрста, уæд мын афтæ.

— Мæнæн сæ радзырдтай, фæлæ сæ æндæр искæй цур мауал зæгъ...

Ууыл бирæ азтæ рацыд, афтæ, мæ хъæстытæ кæмæн фæкодтон, уый йæ мысинæгтæ куы ныммыхуыр кæнид æмæ дзы куы ныффыссид, Хъæбæлоты Билары фыдгой, дам, мын-иу кодтой... æмæ уыцы номхыгъды мæн дæр фыццæгтимæ куы ранымаид.

Лæгау лæг йæ сæрмæ ахæм ми æрхæсдзæн, уый мæ никуы бауырныдтаид. Чидæр кæмдæр кæйдæр тыххæй йæ хъуыды загъта, уый йæхицæн нæ, фæлæ æндæр искæмæн дæр радзур, уый дзырдхæссæг йеддæмæ никæцы адæймаджы зæрды æрæфтдзæн.

Билары тыххæй кæд цы загътон, уый ма чи хъуыды кæны, фæлæ кæд цыфæнды загътон, уæддæр æй æнæхъæн адæмы хъусы цæгъдын цæмæн бахъуыд? Иугæр æй æппæт дзыллæтæн кæм фехъусын кодтай, уым ын æй фыццаджыфыццаг æнæмæнг йæхицæн загътаис. Стыр бынаты куынæуал куыста, уæд нæ, фæлæ, хорз кæнын дæр æмæ æвзæр кæнын дæр йæ бон куы уыди, уыцы рæстæг.

Æмæ, дам, Одинцовы тыххæй мæ цуры цытæ загътай, уый иннæтæй иуы цур зæгъын дæр мауал сфæнд кæн.

Æвæццæгæн, йæхиуыл йæ зæрдæ дардта, кæмæн цы фехъусын кæнын хъæуы, уый мæхи бар уадз, зæгъгæ.

«Мæ лæппу куыддæр райдайæн скъола каст фæци, афтæ йæ ахуырыхъæд дзæвгар фæцауддæр. Уæлдай æвзæрдæр йæ хъуыддæгтæ цыдысты математикæйæ. Йæ ахуыргæнæг мæ зонгæ уыдис, стæй хуымæтæджы зонгæ нæ, фæлæ хæларæй кæимæ цардтæн, цæххкæрдзын кæимæ хордтон, ахæм лæг. Лæппуйы боныджы «дыууæ»-ты нымæцыл куыд æфтыди, афтæ æфтыди мæ мастыл дæр. Мæхиуыл хæцын куынæуал фæрæзтон, уæд сфæнд кодтон ахуыргæнæджы бабæрæг кæнын. Æнхъæлдтон, къæмдзæстыгхуызæй мыл сæмбæлдзæн, фæлæ фæрæдыдтæн. Куы мæ ауыдта, уæд мыл хуымæтæджы цин бакодта. Цы хур, цы къæвда дæ 'рбахаста, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын загътон:

— Мæ кæстæры тыххæй дæм æрбацыдтæн.

— Ӕмæ цы кæны дæ кæстæр?
— «Дыууæ»-тæ йын æвæрыс, æмæ уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы…
— Ӕмæ «дыууæ» æвзæр бæрæггæнæн у?
— Ӕз дзы хорзæй ницы уынын.
— Рæдийыс, мæ хæлар, æз «дыууæ»-тæ кæмæн æвæрдтон, уыдонæй иу дæр цардæй нæ хъаст кæны: чи дзы партийы обкомы кусы, чи — министрты советы…»
Ацы хабæрттæ мын ракодта мæ зонгæ.

Раджы кæддæр ныффыстон чысыл радзырд. Йæ сæр хуынди «Хорз у фистæгæй цæуын…» Фæзынди периодикон мыхуыры, рацыди радзырдты иумæйаг æмбырдгонды дæр.
«Рæстдзинад»-ы иуæндæс азæй фылдæр куы бакуыстон, уæд мæ сæвæрдтой газет «Молодой коммунист»-ы редакторæй. Уыди мын сæрмагонд машинæ дæр. Арæх дзы нæ пайда кодтон, фæлæ-иу дзы бадгæ дæр акодтон. Иуахæмы районæй æрбаздæхтæн æмæ мæ куысты дуармæ ме ’мсис лæппутæй цалдæры æмбырдæй лæугæ баййæфтон. Машинæйæ куы рахызтæн, уæд мын дзы иу афтæ:
— Уæд афтæ куы фыстай, фистæгæй цæуын хорз у, зæгъгæ!..
— Хорз у, хорз, фистæгæй цæуын, машинæ куы нæ уа, уæд! — дзуапп ын радтон æз.

Кæддæр, Советон Цæдис ма куы уыди, уæд фысджытæ чиныгкæсджытимæ арæх æмбæлдысты. Ӕвæццæгæн, ахæм район, ахæм хъæу нæ уыдис, фембæлдтытæ кæм нæ арæзтой. Архайдтой дзы куыд хистæр кары, афтæ æрыгон фысджытæ дæр. Чиныгкæсджытæ зæрдиагдæрæй кæмæ ’нхъæлмæ кастысты, уый, Ирыстоны адæмон поэт Хъайтыхъты Геор уыди, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд цыма нæ фæрæдидзынæн, афтæ мæм кæсы.
Иуахæмы та фембæлд уыдис районтæй кæцыдæры. Ӕмбырд кодтой партийы обкомы дуармæ. Иууылдæр æрбацыдысты, Георæй фæстæмæ. Уалынмæ уый дæр фæзынд. Салам раттыны бæсты, йæ мидбылты худгæйæ, бафарста:

Кæцы у мæ район?
Цы ран та фæрæйон?..

Фыссын, фыссын, фæлæ тæрсын, мæ фыстытæ се 'ппæт мæ удæгасæй дунейы рухс куы нæ феной, уымæй. Цы бонтæ ма мын баззад, – уæвгæ, уыдон бонтæ сты æви азтæ, уый Хуыцау йеддæмæ ничи зоны, – уыдон мæм афтæ бирæ нал кæсынц, æмæ ме уæнджы мигъ уымæн бады. Лæджы цæст цы бон фæцъынд уыдзæн, уый бæрæг нæй.

Тæрсын мæ фыстытæн. Ме 'гасæй, зæгъæн ис, æмæ куы никæйы хъæуынц, уæд мæ фæстæ кæй хъæудзысты, зæгъгæ, катайы арæх бацæуын, фæлæ та мæхицæн зæрдæтæ авæрын: мæ хъуыдытæ æнæ фыстæй баззайыны бæсты фæлтау æнæмыхуыргондæй баззайæнт.

Æз æмæ дæуæн иумæйагæй ницы ис: ды хъаз дæ, æз – адæймаг. Дæуыл къæртайы дзаг дон куы бакалай, уæд дыл дзы иу æртах дæр нæ фæхæцдзæн, мæныл та къоппы дзаг куы бакалай, уæд къахæй сæрмæ ныххуылыдз уыдзынæн.

Дæумæ ницы хъары. Цыфæнды ныхас дæр дæ фæстæмæ схъиуы, æз та, кæд Быцентæй нæ дæн, уæддæр мæм сæ миниуджытæй иу фæхæццæ: уайдзæфæй рынчын кæнын, фидисæй – мæлгæ. Æрмæст уыдонмæ уайдзæф тынгдæр хъардта æмæ дзы мæлгæ кодтой, фидисæй та – рынчын.

Медицинон хо сæйраг дохтырмæ бацыд æмæ йын афтæ:

– Æртæ боны мæ мæ куыстæй суæгъд кæн...

Чызг ныфсæрмытæ, йæ сæр æруагъта æмæ 'нхъæлмæ каст, сæйраг дохтыр ын цы зæгъдзæн, уымæ. Хуыздæр уавæры нæ уыд сæйраг дохтыр дæр. Иуцасдæр хъуыдытыл фæци. Йе 'мкусæг йæхи æртæ боны æмгъуыдмæ кæй куры, уый бамбæрста, фæлæ йæ уыцы рæстæг цæмæн бахъуыд, уый нæ загъта. Зæгъын та йæ æнæмæнг хъуыд. Чи зоны, йæхи кæй куры, уымæй раздæр. Чызг бынтон

кæй ныфсæрмытæ, уый æддаг бакастæй дæр бæрæг уыд. Бæрæг уыд, йæ хъуыды фæбæлвырддæр кæныны зонд æм кæй нæй, уый дæр, æмæ йæ сæйраг дохтыр бафарста, уыйбæрц рæстæг æй цæмæн бахъуыд, уымæй.

Чызг ноджы тынгдæр ныфсæрмытæ, фæлæ æппынфæстаг тыххæй-фыдæй цалдæр дзырды сдзурын бафæрæзта:

– Райсом мæ скъæфгæ кæндзысты...

Мæ хорз сыхаг Царахаты Салам æмæ йæ хорз бинойнаг Аня хæларæй фæцардысты дæс æмæ дыууиссæдз азы. Уыйбæрц азтæ цы чындзæхсæвыл рацæуы, уый та сызгъæрин фæхонынц. Ахæм чындзæхсæв сарæзтой мæ сыхæгтæ дæр. Фынгæн хистæрæн мæн бацагуырдтой. Æртыккаг хистæрæн та дзы бадти мæ иннæ хорз сыхаг Атайты Тимофей, Саламы 'мсиахс.

Тимофеимæ ныхæстæ кодтам æмæ, цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый мæ æрбайрох. Арæх, ахæм уавæры бахаугæйæ, куыд фæзæгъын, афтæ Тимофейæн дæр загътон:

– Мæнæн мæ сæр йæ бынаты ис, фæлæ зонд йæ бынаты нал и: иуæй-иу хатт мæ цыдæртæ айрох вæййы.

Тимофей мын мæ зæрдæ алхæдта:

– Иу ма дзы уæддæр йæ бынаты кæй ис, уый хорз у.

Адæймаг газеттæ кæсынæй фылдæр цы кæны! Алкæцы бонæй дæр сæ фарчы хай ратонынц. Сæ фæрцы, дуне цæмæй улæфы, алы бæстæты цы хабæрттæ цæуы, уыдон базонынмæ тырнæм, нæхи Ирыстон цæмæй цæры, уый базонынмæ куыд тырнæм, афтæ. Ахъуыды кæнгæйæ, цаутæн сæ фылдæр рæстæджы фæлмы аныгъуылы, цы рæстæджы æрцыдысты, уыцы рæстæгимæ фæцыдæр вæййынц, фæлæ дзы ахæмтæ разыны, зæрдæйы фысты хуызæнæй чи баззайы, рох кæнын чи нал бакомы...

Никуыуал мæ ферох уыдзæн, «Рæстдзинад»-ы 2011 азы 30 сентябры цы æрмæг бакастæн, уымæй иу хъуыдыйад: «...йæ мад Дзасохты Мария куы мардис, уæд къуыри дзурын нал фæрæзта, фæлæ йæ фарсмæ бадæг фырт (Мамиты Герас. – **Дз. М.**) куы æрæхснырста, уæд йæ фæстаг тыхтæ æрбамбырд кодта æмæ загъта: «Цæргæ!»

Куыд бирӕтыл дзуры ацы иунӕг ныхас! Мӕлӕтмӕ комкоммӕ кӕс. Цалдӕр улӕфты ма дын баззад ӕмӕ уыдон дӕр дӕ хъӕбулӕн снывонд кӕн! Уый, ӕвӕццӕгӕн, ӕрмӕстдӕр ныййарӕджы бон у. Уыйбӕрц тых ӕмӕ уарзондзинад ис ӕрмӕстдӕр мады зӕрдӕйы!

Мӕ фыны, мӕ зӕрдӕмӕ тынг чи цыд, уыцы чызгыл амбӕлдтӕн. Иннӕ хӕттытӕй мӕм цыма хӕлардӕр ӕмӕ уарзондӕр цӕстӕй ракаст, афтӕ мӕм фӕкаст. Уымӕй размӕ мыл афтӕ ӕхсызгонӕй никуы сӕмбӕлд. Мӕхинымӕр мӕ цинӕн кӕрон нал уыд. Иумӕ атезгъо кӕнӕм, зӕгъгӕ, йын куы загътон, уӕд ӕнцонӕй сразы ӕмӕ Терчы былы 'рдӕм нӕ ных сарӕзтам. Зӕрдиаг ныхӕстӕгӕнгӕ, сӕлдӕг ӕмӕ ӕндӕр адджинӕгтӕ кӕм уӕй кодтой, уырдӕм бахӕццӕ стӕм. Хурӕй аууонгонд фынгты уӕлхъус фӕсивӕд сӕ рӕстӕг ӕрвыстой. Хъуыстысты музыкӕйы зӕлтӕ. Мӕ зонгӕ чызджы ном хуынди Тамарӕ, афтӕмӕй, мӕ зӕрдӕмӕ чи цыд, уыдонӕй Тамарӕ ничи хуынд, фӕлӕ мӕм фыны афтӕ каст, цыма рагӕй зонгӕ уыдыстӕм.

О, ӕмӕ, фӕсивӕд сӕ улӕфт кӕм уагътой, уырдӕм куы бахӕццӕ стӕм, уӕд Тамарӕмӕ дзурын: «Мах дӕр иу ауонгӕнӕны бын абадӕм». Тамарӕйӕн мӕ фӕндон йӕ зӕрдӕмӕ фӕцыд ӕмӕ иу фынгмӕ баздӕхтыстӕм. Ӕнхъӕлдтон, исчи нын лӕггад кӕнынмӕ рацӕудзӕн, зӕгъгӕ, фӕлӕ, адӕмӕй алчи фынгмӕ йӕхӕдӕг хӕринӕгтӕ куы хаста, уӕд сӕ ӕз дӕр бафӕзмыдтон.

Хъуыддаг фидынмӕ куы 'рхӕццӕ, уӕд мӕ дзыпп асгӕрстон, ӕмӕ дӕ фыдгул дӕр ахӕм уавӕры бахауӕд: мӕ чыссӕйӕн дзы йӕ кой дӕр нӕ уыд. Иу дзыппы куы нӕ разынд, уӕд иннӕтӕ сгарынмӕ фӕдӕн, фӕлӕ уыдон дӕр афтид разындысты. Адӕргӕй цы акодтаин, уый нал зыдтон. Ме 'хцадон цы фӕуыдаид, уый ӕваст мӕ зонд ацахсын нӕ бафӕрӕзта. Стӕй уысмы фӕстӕ мӕ зӕрдыл ӕрбалӕууыд, нӕхицӕй куы цыдтӕн, уӕд мӕ пиджак кӕй аивтон ӕмӕ мӕ чыссӕ уый дзыппы кӕй баззад.

Зындӕр уавӕры бахауӕн нӕ уыд. Цӕрӕнбонты цы фембӕлдмӕ бӕллыдтӕн, уый ралӕууыд ӕмӕ... Цы цӕсгомӕй хъуамӕ басастаин, мӕ дзыппы ӕхцайы капекк кӕй нӕ уыд, ууыл?

Мæ худинаджы уавæр мæхицæн ныббарын мæ бон нæ уыд, мæхи сраст кæнынæн рæстæг куыд нæ уыд, афтæ. Адæмыл мæ цæст ахастон, фæлæ дзы иу зонгæ дæр нæ разынд. Нæ зыдтон буфетгæсы дæр. Цыбыр дзырдæй, къæппæджы бахаудтæн. Худинаджы уавæрæй нал фервæздзынæн, уый мæ кæронмæ нæма бауырныдта, афтæ мæ кæцыдæр æнкъарæнæй бамбæрстон, фыны кæй дæн, уый æмæ фехъал дæн...

Куы фехъал дæн, уæд æхсызгонæн сулæфыдтæн...

Адæймаджы цард мæм мæсыджы хуызæн кæсы. Уый фæзыны, раздæр фæз йеддæмæ кæм ницы вæййы, ахæм ран, фæлæ дур дурыл æвæрын куы райдайынц, уæд хæрдмæ цæуынмæ февналы. Алы бон дæр йæ бæрзæндыл æфтгæ фæцæуы. Æппынфæстаг ралæууы ахæм бон, йæ рæзынæй куы банцайы, ома амад куы фæвæййы. Фæлæ ахæм заман дæр скæны, бынмæ рæзын куы райдайы æмæ æппынфæстаг зæххы хай кæд бавæййы.

Адæймаджы цард мæм мæсыджы хуызæн дзæгъæлы нæ кæсы. Уый дæр æппындæр никуы вæййы, афтæмæй дунемæ фæзыны. Бонæй-бонмæ æфты йæ рæзтыл. Иуафон йæ рæзынæй банцайы. Азтæ йыл куыд фылдæр цæуы, афтæ æмпылы йæ буар, къаддæр кæны йæ тых. Иуафон æрхуыссы æмæ зæххы хай бавæййы...

Фæлæ ис æндæрхуызон мæсгуытæ дæр. Уыдонæн буар дæр нæй, дурæй амад дæр не сты. Сæ самайыныл та адæймаг фæкусы, цалынмæ йæ цæст ферттивы, уæдмæ. Амайгæ та сæ фæкæны йæ хорз хъуыддæгтæй, йæ кад æмæ намысæй, йæ арф хъуыдытæ æмæ куырыхон зондæй. Ахæм мæсыг самайын кæмæн бантысы, уый цæргæйæ баззайы бирæ фæлтæрты зæрдæты. Цы арфæйаг хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон æй скæнынц æнæмæлæт.

Цытуарзаг адæм сæхи цы хуызы нæ равдисдзысты, ахæм нæй.

Иу ахуыргонд иу дзырдуатæн йæхицæй редактор ацарæзта. Редактор кæй у, уый хъуамæ иу ран йеддæмæ фыст ма уыдаид, фæлæ уымæн йæ къухы бафтыд йæ мыггаг чиныджы цыппар хатты ныффыссын кæнын.

Цавæр ивддзинæдтæ бахаста ног рауагъдмæ? Уыдон бирæ не сты, фæлæ, сауджыны загъдау, «бындурон».

Цæвиттон, цыппар хатты редактор бавдæлд, æмæ «саузым» уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта «белоснежная зима». Уымæй размæйы рауагъды та цæмæдæр гæсгæ «бесснежная зима» уыди...

Æфстау чи нæ ракурдзæн, ахæм зын ссарæн у, стæй, æвæццæгæн, кæмæй нæ ракурдзысты, ахæм дæр. Æфстау мæхæдæг дæр ракурын, стæй мын мæхицæй дæр ракурынц.

Йæ тыхст кæмæн ацаразын, уымæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон вæййы, фæлæ, кæмæн баххуыс кæнын, уымæй мæхицæн къаддæр æхсызгон нæ вæййы. Лæг дыл йæ зæрдæ дары æмæ йæ фыдæнхъæл нæ фæкодтай, уæд уыцы уавæрæн ницæимæ абарæн ис, уымæн æмæ зæххыл хорздзинад ракæнынæй æхсызгондæр æнкъарæн зын ссарæн у.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй æфстау мæхæдæг дæр ракурын, стæй мын мæхицæй дæр ракурынц, фæлæ мæ иу хатт мæ зонгæ æртæ мин доллæры куы куырдта, уæд мæ равг фехæлд. Йæ тыхст саразын ын мæ бон кæй нæ баци, уый тыххæй. Ноджы ма сылгоймаг дæр куы нæ уыдаид. Фæлæ мын иу хъуыддаг мæ уавæр фæрогдæр кодта: æхсызгон мын уыд, афтæ хъæздыг æнхъæл мæ кæй æнхъæлдта.

Уадз æмæ лæгæн, хъæздыг нæ уæвгæйæ, хъæздыг æнхъæл уой, хъæздыг уæвгæйæ йын мæгуыр æнхъæлыны бæсты.

Уырытыл мæгуыры бон акодта. Тæригъæд сын нæ кæнын, уымæн æмæ адæймагæн зиан йеддæмæ пайда ницы сты. Фæлæ уæддæр уыдонæн дæр удтæ ис æмæ, кæйдæр загъдау, уыдоны дæр цæрын фæнды. Цæрынæн та фадæттæ хъæуы, фæлæ сыл мах рæстæджы, куы зæгъын, мæгуыры бон акодта: сæ цæрæн бынæттæй сæ лидзын бахъуыд.

Нау дæлдон куы фæкæны, уæд æй æппæты фыццаг уырытæ базонынц æмæ сæхи донмæ калынмæ фæвæйййынц. Сæхи марыны тыххæй нæ, фæлæ фервæзыны тыххæй, æмæ былгæронмæ ленк кæнын байдайынц.

Ныр сын дыкъахыг уырытæ сæ уæрмыты дуканитæ гом кæнын куы байдыдтой, уæд та цымæ кæдæм фæлидзынц? Зæххы бын цæрын дæр кæй нал уадзынц, уыдонæй ма зындæр уавæры бахаугæ уа, уый мæ нæ уырны.

Раздæр промышленносты кусджытæ æмæ зæхгуыстгæнджыты æхсæн æнгомдæр бастдзинæдтæ уыд. Хъæууон хæдзарадæн хорз æххуыс кодтой канд кусджытæ нæ, фæлæ скъоладзаутæ æмæ студенттæ дæр. Уæлдай арæхдæр-иу сæ фарсмæ æрбалæууыдысты тыллæг æфснайыны æмæ холлæгтæ цæттæ кæныны рæстæг.

Иуахæм сæрд та Зæронд Бæтæхъойыхъæуы цæрджытæн промышленнон куыстуæттæ æххуыс кодтой хосгæрдæны куыстыты. Алкæмæн дæр хæйттæ радих кодтой Дзæгъæл комы. Хос кæрдынмæ-иу рацыдысты, цæрæнбонты цæвæг йæ къухмæ чи никуы райста, уыдон дæр, фæлæиу цыбыр рæстæгмæ æйтт-зæгъгæ хосдзаутæй агæпп ластой. Фысымтæ дæр-иу сæ хъæстагæй нæ баззадысты: хорз-иу сæ суазæг кодтой. Хуымæтæджы дон бануазын дæр сын никуы бауагътой: сæ дойны састой къуымæлæй. Никуы сæ ныууагътой æнæкусарт акæнгæ дæр.

Куыд дзурынц, афтæмæй Зæронд хъæуы фысвосы нымæц хæццæ кодта æвддæс минмæ. Ныртæккæ æнæхъæн республикæйы дæр уыйбæрц фос уа, уый æнхъæл нæ дæн. Уыдонæн, кæй зæгъын æй хъæуы, холлæгтæ дæр бирæ хъуыди. Хосдзауты нымæц дæр чысыл рахонæн нæ уыди. Цæвæг йæ къухмæ чи райста, уыдон-иу хæццæ кодтой фондзыссæдзмæ.

Иу сабаты уазджыты нымæц ноджыдæр фæфылдæр. Уый размæ-иу сын дыууæ фысы куы аргæвстой, уæд-иу се 'ппæты фаг дæр сси, фæлæ ныр æртыккаг кусарты сæр бахъуыд. Уавæр колхозы сæрдар Тамерланæн куы бамбарын кодтой, уæд сын уый хъазгæмхасæнты загъта: «Мæ фыстæ æргæвст куы фæуой, уæд ма мæ хос цæмæн хъæуы? Мæхæдæг æй хæрдзынæн?»

Хицауы хæстæг амард. Ахæм заман зæвæттæсдæрджытæ цъил фестынц. Базыртæ сыл базайы. Цæстмæмитæ кæныныл нал фæцауæрдынц. Афтæ уыди ацы

хатт дæр. Цалдæрæй амбырд сты æмæ зианджыны кæрты балæууыдысты. Саударæн æмбырд байгом. Сыхæгты номæй чи дзырдта, уый хицауы кой дæр скодта. Уый дæр, дам, хъуамæ ам уыдаид, фæлæ йæм стыр хицауад Мæскуымæ фæдзырдтой.

Зæвæттæсдæрджытæн æнæнхъæлæджы хабар сæ равг фехæлдта: иу дзы иннæйы хъусы хуымæтæджы нæ бадзырдта: «Дзæгъæл цыд фестæм!»

Лæппу абадт æртыккæгæм трамвайы (уыдис ахæм трамвай дæр, йæ фæндаг цыд Ирыхъæуыл) æмæ дзы йæ цæст æрхæцыд иу рæсугъд чызгыл. Чызг Ирыхъæуы æрлæууæнтæй иуы рахызт. Йæ фæдыл рахызт лæппу дæр. Цы хæдзармæ бацыд, уый куы базыдта, уæд сын чысыл фæстæдæр сæ дуар бахоста. Уазæг Хуыцауы уазæг, зæгъгæ, йæ мидæмæ бахуыдтой. Лæппу куы ницы дзырдта, уæд æй фысымты лæг уæздан фарст бакодта:

— Уазæг, æнæ хъуыддагæй не 'рбацыдаис...

Лæппу йæхимидæг кæй тыхсы, уый бæрæг уыди, фæлæ уæддæр йæ бон сдзурын баци:

— Æрдæбон, чысыл раздæр чи 'рбахызт, уый дæ чызг у?

О, зæгъгæ, йын лæг дзуапп куы радта, уæд уазæг фæныфсджындæр:

— Мæ зæрдæмæ фæцыд æмæ мын æй ратт...

Фыд æй æрфæрстытæ кодта. Куыд рабæрæг, афтæмæй йын лæппуйы фыд, стæй йæ фыды фыд дæр зонгæ разындысты. Зыдта сæ æгъдауджын, уæздан, кæрдзындæттон, адæмимæ цæрæгæй. Ноджы йæ зæрдæмæ фæцыд лæппуйы ныфсхастдзинад дæр, æмæ йын фидарæй загъта:

— Хуыцаубоны дæ минæвæрттæм æнхъæлмæ кæсын.

Цыбыр дзырдæй, хъуыддаг чындзæхсæвæй ахицæн. Сæ царды бонтæ афтæ амондджынæй æрвитынц, æмæ сæм алчидæр бахæлæг кæндзæн.

Æнпарын ницы хъæуы, зæгъгæ, кæддæр фехъуыстон æмæ мæ нал ферох. Рох дæр мæ нал фæци, стæй дзы зонд дæр райстон: раздæры хуызæн бирæ гæххæттытыл стырзæрдæ нал кæнын. Мæнæ ныр дæр мæ рагон

гæххæттытæм куы кастæн, уæд се 'хсæнæй рахауд иу квитанци.

Мæ зæрдыл мын бирæ цыдæртæ æрлæууын кодта, фæлæ уал раздæр квитанцийæн йæхи тыххæй.

Уый уыди дзæвгар азты размæ, бæлвырддæр зæгъгæйæ та — 1978 азы. Горæты сæрмæ мын зæххы хай радтой, æмæ дзы иу къуым саразынвæнд скодтон. Уæд цæхæрадоны, йæ фæзуат фондз æмæ ссæдз квадратон метры кæмæн уыд, уымæй парахатдæр хæдзæрттæ аразыны бар нæ уыди (цыма стырдæр хæдзæрттæ аразын куы уагътаикккой, уæд дзы фæпайда кодтаин, уый хуызæн). Гъе æмæ æз дæр «адæмы фæзмгæйæ» мæ дыстæ батылдтон æмæ æнæбазырæй мæргътимæ тæхыныл фæдæн. Иу заман мæ бахъуыди чъырызмæст, цемент æмæ битум. Битум æмæ цемент æрбаластон, фæлæ мæ чъырызмæст дыууæ кубометры (фидгæ та цыппарæн бакодтон) йеддæмæ нæма хъуыди. Рацыд иуцасдæр рæстæг æмæ мæ уыцы дыууæ кубометры дæр бахъуыдысты.

Ныццыдтæн, чъырызмæст кæм балхæдтон, уырдæм æмæ дзы æндæр хицауы ныййæфтон. Ног хицау нæ хъæуккаг, иу къласы кæимæ ахуыр кодтон æмæ хæларыл кæй нымадтон, ахæм лæппу куы разынид. Кæрæдзиуыл бацин кодтам, фæлæ мæнæн мæ цин бирæйы фаг не сси. Хъуыддагын куы бамбарын кодтон, уæд дзы фехъуыстон, æппындæр æнхъæлмæ кæмæ нæ кастæн, ахæм ныхæстæ, мæ размæ цы уыди, уый тыххæй, дам, æз дзуапп нæ дæттын.

Цыма мæ сæрмæ арвы тыхтæ æрбамбырд сты æмæ уыцы иу гæрах ныккодтой, уыйау фæдæн. Ахæм дзуапп мын мæ хъæуккаг, мæ хæлар, ме 'мкъласон нæ, фæлæ хъуамæ бынтон æнæзонгæ дæр ма раттаид, уымæн æмæ рæстдзинад мæнырдыгæй уыд.

Цæй чъырызмæст æмæ ма цæй цыдæр! Цæмæй йæ маугал уынон, ууыл бацархайдтон. Цалынмæ нæхимæ цыдтæн, уæдмæ дис кодтон. Дис кодтон уый фæстæ дæр, дис кæнын абон дæр, дис кæндзынæн, цалынмæ цæрон, уæдмæ дæр.

Уыцы цауыл хъуыды кæнгæйæ, зæрдыл æрлæууыдысты раздæры хабæрттæ...

Уый уыди æнусы æрдæгæй фылдæры размæ. Мæ рагбонты æрдхорд, абоны онг мæ хуыздæр хæлар чи у, уый æнæкæрон уарзтæй уарзта нæхи хъæуккаг чызджы. Чызгæн

дæр æцæгæлон нæ уыдысты лæппуйы æнкъарæнтæ, фæлæ йæ размæ лæууыди дыууæ цæлхдуры: уыдис ын хистæр хотæ, æнæмоймæдзыдтæ, æмæ йын уыдоны сæрты хъуыддæгтæ кæнын æгъдау бар нæ лæвæрдта.

Цыбыр дзырдæй, лæппу чызджы сразы кодта дыууæ хойы сæрты ахизыныл. Хъуамæ мах æртæйæ: лæппу йæхæдæг, уæлдæр кæй кой кодтон, уый æмæ æз чызджы ахастаиккам Кæсæгмæ мæ хæлары хæстæджытæм. Ныхасгонд уыдыстæм бæлвырд ран фембæлыныл, фæлæ чъырызмæсты хицау бамбæхсти: нысангонд бынатмæ нæ фæзынд... Мах æнæ уый дæр хъуыддаг кæронмæ ахæццæ кодтам.

Мæ зæрдыл ма æрлæууыд ахæм хабар дæр. Цæвиттон, скълады хицауæн йæ фыды фыдæй дæр æвзæр хабæрттæ æрыхъуыстон. Дзургæ та мын сæ кодта мæ фыды фыды æфсымæры лæппу Тасолтан. Мæ фыды фыды æфсымæры уымæй цыдæр гæххæтт бахъуыд (бæрнон бынаты кусæг, дам, уыд) æмæ йын æй нæ радта, æмбæлгæ йын кодта, афтæмæй.

Фыды фарн, дам, мæрдтæм нæ цæуы. Æвæццæгæн, мæрдтæм нæ цæуы фыды æвзæрдзинад дæр.

Проспекты фæцæйцыдтæн. «Интурист»-ы цурмæ куы схæццæ дæн, уæд мæ фæрсты иу машинæ ссыффытт ласта. Йæ дымгæ мын мæ пиджаччы фæдджитæ фæхъил кодта. Мæнæй иу-дæс метры дарддæр атахтаид, афтæ æваст фæурæдта æмæ та иу уысмы фæстæ йæ бынатæй фесхъиудта. Горькийы уынджы галиуæрдæм фæцагайдта æмæ, дыууæ милиционеры (уæд ма милицæ милицæ хуындис) кæм лæууыд, ууылты асыффытт ласта. Куыд бамбæрстон, афтæмæй милиционертæн сæ къух фæхъил кæныны фадат дæр нал фæци. Уый ауынгæйæ, мæ маст ноджы тынгдæр рафыхт. Милиционертæй иумæ бацыдтæн æмæ йæ фæрсын:

– Дæ рæзты цы машинæ аивгъуыдта, уый нæ федтай?

– Федтон.

– Æмæ æгъдау цалдæр хатты кæй фехæлдта, уый куы бафиппайдтай, уæд æй цæуыннæ баурæдтай?

– Фæнды сæ уром, фæнды ма. Уыдон хицæутты цот сты æмæ сæ, куы бауромай, уæд дын фæстæдæр дæхи фæаххосджын кæндзысты...

Мæ маст, иуæй, чысыл фæкъаддæр, иннæмæй та, лæппуйы æргом ныхасыл фæдис кодтон. Суанг ма йын тæригъæд дæр фæкодтон, афтæ æргомдзырд куы уа, уæд йæ куысты бирæ нæ фæуыдзæн, зæгъгæ.

Дыккаг бон сфæнд кодтон æрыгон милиционерæн мæ хъуыды зæгъын. Мæ хъуыды та уыди ахæм: «Сыгъдæгзæрдæ кæй дæ, уый мæ бауырныдта, фæлæ алкæимæ афтæ æргом куы дзурай, уæд дæ бынаты бирæ нæ бакусдзынæ».

Фæлæ, хъыгагæн, Б-йы фырт (уый йæ мыггаджы райдайæн дамгъæ у: куы йæ фарстон, уæд мын æй загъта, фæлæ йæ æнæхъæнæй барæй нæ фыссын, йæ фыдгултæ дзы куы спайда кæной, уымæй тæрсгæйæ) дыккаг бон нæ фæзынд, стæй йæ уый фæстæ бонты дæр уым лæугæ нал федтон.

Æвæццæгæн, дзырдхæсджытæ сæ куыст бакодтой, æмæ замманай лæппу йæ куыстæй фæхауд.

Мæнмæ гæсгæ, ныфсджын æмæ тыхджын адæм ныртæккæйæ фылдæр никуыма уыд. Тыхджынæй тыхджындæртæ кæй ис, уый, сывæллон ма куы уыдтæн, уæдæй нырмæ зонын. Æппæты фыццаг нарты Сосланы фæрцы. Нарты бæсты уымæй тыхджындæр ничиуал уыд æмæ, тыхагур куы ацыд, уæд цы диссæгтæ бавзæрста, уыдон дæнцæгæн бæззынц кæцыфæнды адæм æмæ кæцыфæнды рæстæгæн дæр.

Фæлæ мах рæстæджы цы тыхджынтæ фæзынд, уыдон, иуæй, нымæцæй сæ разæй никæй ауадздзысты, иннæмæй та – ныфсæй. Æмæ, куы зæгъын, дунейы цы тыхджынтæ уыди, уыдонæй махонтæ алкæцыйæ дæр тыхджындæр сты. Тыхджындæр æмæ ныфсджындæр.

Раздæр цы тыхджынтæ уыд, уыдон дæр лæмæгъ нæ уыдысты, фæлæ уæддæр цæмæйдæрты тарстысты. Тарстысты фæхудинаг уæвынæй, æдыхы бафхæрынæй, сæхи æнæгъдауæй равдисынæй. Ныртæккæйы тыхджынтæ та сæ хъæздыгдзинады фæрцы ницæмæй тæрсынц. Æппæты фыццаг та нæ тæрсынц адæймаджы зæрдæхудты бацæуынæй. Уæвгæ, уый æппæты фыццаг нæу. Æппæты фыццаг у, Хуыцауæй кæй нæ тæрсынц, уый. Нæ тæрсынц адæмы тæригъæды цæуынæй дæр. Ферох сæ, тæригъæд авд фæлтæры кæй хæссы, уый. Стæй ма сæ ферох, тæригъæд цыфæнды тагъд цæуæджы дæр кæй баййафы.

Ме ’мкусæг мын йæ фыдæй ахæм хабар ракодта. Сыхаг хъæумæ чындзхæссæг ацыд. Уым та æгъдауы хуызæн сси уазджытимæ хыл кæнын. Уыцы чындзæхсæвы дæр та сæ кæнон нæ ныууагътой: уазджытимæ сын хыл бацайдагъ. Ме ’мкусæджы фыд иргъæвæг фæлæууыд. Иргъæвæгыл та арæх цæфтæ дæр ауайы. Ауади ууыл дæр цæфтæ.

Сæхимæ куы ’рцыд, уæд йæхицæн йæ бинонты цур уайдзæфтæ кæнынмæ фæци: «Æндæр хъæумæ та ма цæмæн цыдтæн, миныл мæ нæхимæ ничи фæнадтаид?!»

Мины кой та уымæн скодта, æмæ, чындзхæссæг кæй фæдыл ацыд, уыдонæн лæвары бæсты мин радта.

Æвæдза, æмбисæндтæй алкæцыдæр йæхæдæг æмбисонд у. Æмбисондæн хæссинаг у канд йæ арф хъуыдыйæ нæ, фæлæ йын бирæ цæрæнбон кæй ис, уымæй дæр. Бирæ цæрæнбон ын кæй ис, уый та бæрæг у, æнусты сæрты кæй ахизы, уымæй. Уыимæ алы фæлтæры дæр схайджын кæны йæ куырыхон зондæй, æххуыс ын кæны бахъуаджы сахат, хизы йæ рæдийынæй.

Ис ахæм æмбисонд дæр: «Бын кæмæн нæ баззад, уый хъæздыг нæ кæны». Афтæ кæй у, уымæн махæй алчидæр — æвдисæн. Ныртæккæйы хъæздыджытæн ахæм бынтæ баззад æмæ, хæлоф кæнынмæ чидæриддæр арæхст, уыдонæн се ’ппæты фаг дæр систы. Уæвгæ, куыннæ хъуамæ суыдаиккой, кæд æмæ уыцы хъæздыгдзинæдтыл иу æмæ дыууæ фæлтæры фæллой хардзгонд не ’рцыд, уæд?! Байстой, цыдæриддæр байсæн уыдис, уый.

Мæгуыр адæмы дæр æнæхай нæ ныууагътой. Алкæмæн дæр дзы йæ ваучер йæ къухы фæсагътой æмæ йын загътой: «Йе амæл, йе рæз». Æмæ мах дæр радыгай мæлæм, фæлæ рæзгæ нæ кæнæм. Мах бæсты рæзынц æргътæ, рæзынц нæ хæстæ æмæ домæнтæ. Ваучертæ та, мæнæ афтæ кæмæй загътой, алкæцыдæр дзы «Волгæ»-йы аргъ уыдзæн, зæгъгæ, уыцы ваучертæ та нæ рæбыны æмбийынц, машинæйæн йæ нывы аргъ дæр не сты, афтæмæй.

Зарын хорз у, фæлæ цыма алы ран алкæцы зарæг нæ фидауы, афтæ мæм кæсы. Зæгъæм, кадджын хистæртæ сæр æмæ бæрзæйы уæлхъус кæм фæбадынц,

Хуыцау æмæ йе сконд зæдтæм кæм фæкувынц, уым «...ды та мыл куыйты сардыдтай», зæгъгæ, куы ныззарынц, уæд уый мæнмæ нæфæтчийаг ми кæсы. Цæмæн, уый, йæхи ма ирон чи хоны, йæ фыдæлты æгъдæуттæн нымдæй чи тæрсы, уыдонæй алчидæр æмбары.

Фæлæ мардæрцыд уый у, æмæ не 'гъдæуттæ бонæйбонмæ асламдæргæнгæ кæй цæуынц. Нæ сыл ауæрдæм цæсты æфтауынæй, цъыфкъахæй сыл чи балæгæрды, уыдонæн «ма кæ!» зæгъæг нал и æмæ, кæйдæриддæр фæнды, уый хæрæгæй хуым кæны, къæлæуæй похци ласы. Сылгоймагæй нæлгоймаджы 'хсæн бирæ хицæндзинæдтæ нал ис. Сылгоймæгтæ сæ дарæс нæлгоймæгты дарæсæй аивтой, тамако дымынц, нуазынц, æнæуаг дзыхæй дзурынц. Нæлгоймæгтæ дæр сæ фæсте нæ зайынц: къухдарæнтæ, хъусцæджытæ, цæнгдарæнтæ æмæ фæрдгуытæ дарын райдыдтой...

Æрæджы радиомæ хъусын, æмæ Хуымæллæгæй иу сылгоймаг кæмæндæр йæ гуырæн боны арфæтæ æрвыста æмæ йæ Уастырджийы уазæг бакодта. О, о, Уастырджийы (табу йæхицæн!) уазæг, Лæгты дзуары уазæг нæ, фæлæ. Сылгоймаджы дзыхæй уыцы ныхас куы айхъуыстон, уæд мыл цыма ихджын дон бакалдæуыд, уыйау фæдæн...

Цымæ уыцы сылгоймаг цавæр адæмы 'хсæн хъомыл кодта? Чи уыдысты æви сты йæ мад æмæ йæ фыд? Æви йæ хæдзары цы сылгоймæгтæ уыди, уыдон дæр Уастырджийы йæ номæй хуыдтой? Диссаг ма цы уыди, арфæтæ хъусджытæм чи хæццæ кодта, радиойы уыцы кусæг дæр сылгоймагæн йæ рæдыд кæй нæ бамбарын кодта, нæ йын загъта, цы зæгъын ын æмбæлди, уый. Æмæ ма радиойы куыст æмæ арфæты тыххæй цалдæр ныхасы.

Хорз у, æхсæвæй-бонæй чи кусы, уыцы радиойы дзырдарæхст амонджытæ кæй фæзынд, уый, фæлæ цыма хаттай ныхæсты фæдыл æгæр адзæгъæл вæййынц, цыдæриддæр сæ дзыхы абады, уый дзурыныл фæвæййынц. Æгæр арæх пайда кæнынц ихсыд, иударон ныхæстæй. Чи сæм фæдзуры, уыдонæн дæр æгæр уæрæх бартæ дæттынц. Эфирмæ рацæуыны бар дзы кæмæ 'рхауы, уый хъуамæ иудзæвгар рæстæг радиойы кусæгæн дæргъвæтин арфæтыл схæца. Бакастамонджытæй иу дæр афтæ никуыма загъта, уый махæн нæ куыст у æмæ нын бон-сауизæрмæ арфæтæ кæнын нæ хъæуы, зæгъгæ. Ноджы арфæтæй дæр

кæцыдæртæ адæймаджы дисы бафтауынц. Радиойы кусæг иуæй-иу хатт æрбадзурæджы бафæрсы: «Ныртæккæ кæм ис, арфæ кæмæн кæныс, уый?» – «Мæнæ мæ фарсмæ бады». Худæг у, нæ? Худæг дæр у, фæлæ бынтон худæг нæу…

Зæгъын ма мæ зæрды ис зарджытæн сæхи тыххæй. Цы зарæг радæттынмæ фæхъавынц, уый схонынц, чи йæ фæзары, уый зарæг, музыкæ æмæ йын ныхæстæ чи ныффыста, уыдон та рохуаты баззайынц.

Камалимæ проспекты фæцæйцыдыстæм. Нæ дыууæ дæр кæй зыдтам, ахæм ардыгæй дæумæ лæджы уынджы фаллаг фарс ауынгæйæ, сдзырдтон:

– Уартæ уыцы лæг у, иу цæрæг дæр кæм нал баззад, ахæм хъæуы аргъ.

– Ахæм хъæуы аргъ дæр нæу, – фæкодта Камал.

Коммунист: «Хицауад (капиталистон) вæййынц дыууæ хуызы: æвзæр æмæ тынг æвзæр. **Расыггæнаг**: «Нозтытæ вæййынц дыууæ хуызы: хæрзтæ æмæ тынг хæрзтæ». **Æрыгон лæппу**: «Сылгоймæгтæ вæййынц дыууæ хуызы: рæсугъдтæ æмæ тынг рæсугъдтæ».

Нарты кадджыты мæ иуæй-иу хабæрттæ дызæрдыджы бафтауынц. «Уырызмæг Сатанайы йæ цæгатмæ куыд æрвыста», зæгъгæ, уыцы кадæгæн æрмæст йæ сæргонд дæр адæймагмæ æнæнхъæлæджы фарст сæвзæрын кæны: «Цавæр цæгатмæ йæ æрвыста, Уырызмæг йе ’фсымæр куы уыди, уæд? Æви нарты дуджы æфсымæр цæгатыл нымад нæ уыди?»

Мæ фыстыты иу æмæ дыууæ адæймаджы кой не скæнын. Фыст дзы вæййынц сæ нæмттæ æмæ мыггæгтæ. Йе ’взæры кой дзы никуыма никæмæн ракодтон, кæд дзы, фауын кæй фæхъæуы, ахæмтæ вæййы, уæддæр. Кæд дзы искæйы галиу митæ хурмæ рахæссын, уæд – фæсномыгæй. Йæхи дзы чи ссары, уый дæр æй не

схъæр кæны. Къæрныхы сæрыл ædзух зынг нæ вæййы, æвæццæгæн.

О, æмæ уый зæгъинаг уыдтæн. Мæ фыстыты бынат кæмæн разыны, уыдон фылдæр вæййынц хистæр фæлтæрæй, ома, йе 'нусон фæндагыл чи ацыд, ахæмтæ. Уыдонæй, фæстагæттæ кæмæн нæй, ахæм зын ссарæн у. Фæлæ мæм дзы никуыма ничи 'рбацыд æмæ дзы уæздан ныхас никуыма никæмæй фехъуыстон, бузныг, мæ фыдæлты мын кæй æрымысыдтæ, уый тыххæй.

Кæддæр мæ чингуытæй кæцыдæры скодтон Хосаты Елмæрзайы суадоны кой. Ихы къæртты хуызæн уазал уыди йæ дон. Йæ байгомгæнæг уыди мæ мадырвад Елмæрза. Бæрæгъуыны суадæттæн нымæц дæр нæй, фæлæ дзы Хосайыфырт йеддæмæ йæ ном цыма никæцыйæн ничи радта, афтæ мæм мæ зæрдæ дзуры. Мæ фыст мын йæ фырт Денис куы бакаст, уæд ын цыма йæ хæрæфырт йæ кæртмæ фондзаздзыд гал баласта, ахæм арфæтæ мын фæкодта. Фæлæ мын мæ иннæ хъæуккæгтæй Денисы хуызæн арфæтæ нæ, фæлæ хуымæтæджы ныхас дæр никуыма ничи загъта.

Мæхинымæр афтæ ахъуыды кæнын. Цымæ мæ зонгætæй искæмæн йæ фыдгой нæ, фæлæ йе 'цæг аиппы кой дæр куы скæнин, уæд йе йæхæдæг, йе йæ хæстæджытæ афтæ хъусæй лæууиккой?

Дисы ма мæ æфтауы ахæм хъуыддаг дæр. Мæ чингуытæй иу хуыйны «Урсдоны былыл Бæрæгъуын…» Къорд азты йæ ахуыр кæнынц астæуккаг скъолайы иуæндæсæм къласы. Уыцы рæстæджы дæргъы нæ хъæуы ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй иу афтæ никуыма загъта, ацы чиныг чи ныффыста, уыцы адæймагимæ ме скъоладзауты базонгæ кæнон, зæгъгæ.

Афтæ мачи банхъæлæд, ахæм фембæлдмæ мæ былыцъæрттæ хæрын, зæгъгæ. Ахæм рæттæм цæуынæй ма фæллайгæ дæр бакодтон. Æргом дзургæйæ, кæй мæм никуы фæдзырдтой, уый ма мын æхсызгон дæр у, уымæн æмæ мæ хъæуккаг сывæллæтты раз мæ бон æнæ зæрдæуынгæгæй дзурын нæ бауид…

Мæлæты тас, æвæццæгæн, адæймагæн йемæ райгуыры. Уæвгæ, «мæлæты тас» цæмæн? Алкæцы тас дæр. Адæймаг тæрсгæ куы нæ кæнид, стæй æрмæст адæй-

маг цæмæн? Цыдæриддæр цæрæгойæ, хилæгойæ, маргъæй, сырдæй ис, уыдон иууылдæр тæрсгæ куы нæ кæниккой, уæд дуне сафтид уаид. Адæймаг йæхи хъахъхъæны тасы фæрцы. Тасы фæрцы алы цæрæгой дæр йæхи хъахъхъæны йе знæгтæй. Стæй канд йе знæгтæй нæ, фæлæ, йæ цардæн тæссаг цæмæйдæриддæр у, уыдонæй.

Мæнгуырнындзинад æмæ тас кæрæдзиуыл баст сты. Мæнгуырнындзинадæй райгуыры мæнг тас дæр. Бирæ адæммæ æртындæс нымад у æнамонд нымæцыл. Æмæ дзы тæрсынц. Уæвгæ та дзы тæссагæй ницы ис, тæрсын дзы цæмæн райдыдтой, уый куы базонæм, уæд.

Цæвиттон, рагон дзуттæгты фыссынады нымæц «13» æмæ дзырд «мæлæт» нысан кодтой иу дамгъæйæ. Афтæ баиу сты «æртындæс» æмæ «мæлæт». Мæлæты тас афтæ тыхджын у, æмæ нымæц «13»-æй бирæтæ се сæфт федтой æмæ, калм битъынайæ куыд тæрсы, афтæ дзы тæрсынц.

Мамсыраты Дæбе мæ уарзон фыссæг кæй у, уый, мæ чингуытæ чи кæсы, уыдонæн амонын нæ хъæуы, уымæн æмæ, йæ фыстытæм цы цæстæй кæсын, уый тыххæй мæ хъуыдытæ бæлвырдæй загътон.

Зындгонд скульптор Дзбойты Михал ирон литературæйы иузæрдион хæлар у. Кæсы канд классикты уацмыстæ нæ, фæлæ нырыккон фысджыты уацмыстæ дæр. Журналтæ æмæ газетты ногæй цы фæзыны, уыдоны иуфæрсты дæр нæ ахизы. Йæ зæрдæмæ цы уацмыс фæцæуы, уый тыххæй йæ хъуыды æнæзæгъгæ нæ фæвæйййы. Нæ басусæг кæны йæ фиппаинæгтæ дæр.

Мæ фыстытæй Дæбейы «Хъæбатырты кадæджы» хорзы кой кæм кæнын, уый йæ зæрдæмæ фæцыд æмæ мын йæ хъуыды зæгъыны фæстæ ахæм хабар ракодта. Кæддæр, дам, газетæн интервью лæвæрдтон æмæ æппæлыдтæн «Хъæбатырты кадæг»-æй. Куы йæ кастæн, уæд дам-иу мæхи Сослæмбегимæ барстон, Гаппойы та — мæ хистæр æфсымæримæ.

Уыцы ныхæстæ нæ фæцыдысты фысджытæй кæйдæрты зæрдæмæ. Цалдæрæй Михалмæ телефонæй бадзырдтой æмæ йын бауайдзæф кодтой, кæд ирон литературæйы уымæй хуыздæр уацмыс нæ зоныс, уæд, дам, литературæйæн ницы ’мбарыс.

Диссаг мæм нæ фæкастысты, Дзбойы-фыртæн уайдзæфтæ чи кодта, уыдоны ныхæстæ, уымæн æмæ фысджытæ кæрæдзимæ цы цæстæй кæсынц, уый Цицерон дыууæ мин азæй фылдæры размæ загъта.

Нæ фыдæлтæ бирæ цæмæйдæрты нымд кодтой. Нымд æфсæрмы у. Тынг æфсæрмыгæнаг чи вæййы, уымæй та фæзæгъынц «фырнымд».

Нымд кæнын хорз у, фырнымд дæр аиппыл нымад нæу. Нæ фыдæлтæм цы 'гъдæуттæ уыди, уыдонмæ джигул кæнын нæ хъæуы, уымæн æмæ дзы алкæцыдæр йæ бынаты ис. Йæ бынаты чи нал вæййы, уый та иуфарс ацæуы æмæ, цы рæстæгæн лæггад кодта, уыцы рæстæгимæ æнусты тары аныгъуылы. Уым рафауинагæй ницы ис. Рафауинаг у, хорз æгъдауы бæсты фауинаг æгъдау, растдæр зæгъгæйæ та — фыдæгъдау (æнæгъдау æгъдау) куы бацахсы, уый...

Хъæуы нæ сыхы цардысты Чехойтæ. Сæ лæг хуынди Чермен, йæ бинойнаг та — Лизавет. Сæхицæй уæздандæр адæмæн скæнæн нæ уыд. Æмæ сæ кой цæмæн ракодтон? Цæвиттон, Лизаветæн Чермен канд йæ сæрыхицау нæ хуынди, фæлæ ма йе 'фсымæр дæр. Кæй зæгъын æй хъæуы, ном кæд цыфæнды хорз уыди (Абайты Васо куыд зæгъы, афтæмæй тюркагау Чермен, Кермен амоны фидар, мæсыг, дзылат), уæддæр æй фырнымд сылгоймагæн æгъдау дзурын нал бауагъта. Йе 'фсымæры ном дзурыны сæр-иу æй кæм бахъуыд, уым-иу æй «брат»-æй амыдта. Мах йæ цуры сывæллæттæ уыдыстæм, фæлæ йын мах цур дæр йæ ном никуы срæдыд.

Ныртæккæйы адæммæ уый диссаг фæкæсдзæн, фæлæ дзы диссагæй ницы ис, уымæн æмæ æгъдау æмæ æфсармыл дзуры. Лизавет чындзы куы ацыд, уый фæстæ йе 'фсымæры къаддæр уарзын нæ райдыдта, фæлæ фыдæлтæй цы 'гъдау баззад, уый дарддæр хæццæ кодта æмæ цæмæй фæрæдыд?

Ныр мæнæн мæ кæстæртæ мæ цуры сæ кæстæртыл цинтæ кæнын куы райдайынц æмæ сын фыдæлты æгъдауы кой куы ракæнын, уæд сæм диссаг фæкæсы. Мæнмæ та, уыдонмæ диссаг цы фæкæсы, диссаг уый фæкæсы.

«Ræстдзинад»-ы иу рæстæджы куыстой сиахс æмæ каис. Сиахсæн каис йæ бинойнаджы хæрз æфсымæр нæ уыди, фæлæ – се 'рвадæлтæй.

Къорд азы фæцардысты, æртæ кæстæры дæр сын фæзынди, фæлæ сæ уыдон дæр нæ бабастой, æмæ æппынфæстаг ахицæн сты. Каисæн æхсызгон кæм уыдаид уыцы хъуыддаг фехъусын æмæ йæ маст равдыста ахæм ныхæстæй: «Мæ хо дæр ын хорз фæци: цæрæнбонты йæ пиджаччы фæдджи спичкæйы хафæны хуызæнæй фæхаста!»

Ахæм ма дзы галиу зондылхæст уыдзæн! Кæд йæ хо йæ сæрыхицауы æцæгæйдæр адæмы 'хсæнмæ афтæмæй æрвыста, уæд уымæй æппæлын хъæуы æви хойæн уайдзæф кæнын æмбæлы? Каисы ныхæстæм гæсгæ, хо цух уыди сылгоймаджы сæйрагдæр миниуджытæй иу – сыгъдæгдзинадæй. Кæд дæ сиахсы афтæмæй уыдтай, уæд æй хъуамæ дæ хойæн йæ цæстмæ бадардтаис, йæ аиппæй йын æппæлыны бæсты.

Мæ хо дæр, дам, ын хорз фæци. Чи зоны «хорз» ын кæй фæци, сæ цард æвзæр уымæн рауад. Ацы дунейы алцыдæр кæрæдзиуыл баст у. «Хорз» дыкъæдзыгты æвæрдæй куы фæуай, уæд дын æй æвзæрæй æнæдыкъæдзыгты æвæрдæй бафиддзысты.

Хъайтыхъты Геор иу поэтимæ æдзухдæр быцæу кодта. Цыбыр дзырдæй, кæрæдзийæн фаг уыдысты. Фæлæ йыл уæддæр цыма Геор уæлахиз кодта, афтæ мæм кæсы. Мæсты та йæм тынгдæр кодта, йæ фыстытæм ын кæй ныхылдта, уый тыххæй.

Уæд «Рæстдзинад»-ы культурæйы хайады хицауæй куыстон, æмæ-иу мæ Геор арæх абæрæг кодта. Иу бон та мæ кусæн уаты къæсæрæй æрбахызт æмæ мын æнкъардхуызæй афтæ:

– Абон ног æмдзæвгæ ныффыстон.

Æз æнхъæл уыдтæн, исты æвзæр хабаримæ мæм æрбацыд, зæгъгæ, фæлæ æмдзæвгæйы кой йеддæмæ куы ницыуал загъта, уæд йе 'нкъарддзинадыл фæдис кодтон. Бафæрсынмæ йæ хъавыдтæн, уæдæ цæуыл æнкъард дæ, зæгъгæ, фæлæ йæхæдæг фæраздæр:

– Æмæ йын йæ бынмæ бафыстон... – Æмæ мын загъта, йе ’мдзæвгæтæм ын чи ныхылдта, уыцы поэты ном æмæ мыггаг.

Цæмæн, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ:

– Уæддæр та йæ давгæ кæндзæн...

Тауаситы Сослæмбеджы тыххæй мын ахæм хабар радзырдæуыд. Башкирты национ хъæбатыр Салават Юлаевæн цы диссаджы цыртдзæвæн сарæзта, уый бирæтæн зындгонд у. Æз хорз зонын, Сослæмбег уыцы уацмысыл цæйбæрц фæкуыста, уый бæлвырддзинæдтæ. Йæ рæстæджы Мæскуыйы бабæрæг кодтон Тауасийы-фырты æрмадз. Уым федтон, Салаваты сурæт саразыныл цал фæлтæрæны скодта, уый. Кæцыфæнды дæр дзы сфидыдтаид пьедесталыл, фæлæ Сослæмбег хуыздæрæй-хуыздæр кодта йæ уацмыс. Æппынфæстаг æрлæууыд, йæ зæрдæ тынгдæр кæмæй барухс, уыцы бæх æмæ барæгыл.

Скульптурæмæ йæ сæвæрыны размæ кастысты коммунистон партийы Башкирты обкомы æмæ йæм ницы аипп æрхастой. Сæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты æрмæстдæр бæхы мæхстæттæ. Скульпторæй домдтой, аиуфарс, дам, сæ кæн. Сослæмбег цæхгæр ныллæууыд: «Кæд афтæ кæнут, уæд æз цыртдзæвæн æвæрыныл разы нæ дæн!».

Обкомы кусджытæн æндæр гæнæн нал уыд, æмæ бæхы цæмæйцæронтæ сæ бынаты баззадысты.

Чидæртæ не ’взагæн фесæфынæй нæ тæрсы. Нарты кадджыты æвзагæн, дам, сæфæн нæй. Ау, куыннæ йын ис сæфæн, нарт ма сæхæдæг дæр куы фесæфтысты?!

Ацы æмдзæвгæ дæр мын, æвæццæгæн, кæронмæ тæлмацгонд чи нæ фæци, уыдоны номхыгъдмæ бахаудзæн. Есенин Сергейы æмдзæвгæ «Цветы»-йæ (уæвгæ йæ йæхæдæг поэмæ хуыдта) дыууæ цыппаррæнхъоны мæ зонгæйы иронау бахъуыдысты æмæ йын сæ ратæлмац кодтон:

Хæдзарон дидинæг мæ цæсты
Цæмæндæр гæсгæ кадджын нæу,

Æцæгæлонхуызæй йæ рæзты
Кæй ацæуын, уырнæд уый дæу.

Æндæр у дидинæг нæузæххыл,
Кæй уидаг ацыд мæры арф,
Кæй сæрмæ уаритæ фæтæхы,
Кæй сæрмæ 'ртасыди цъæх арв.

Коста нын алцæмæй дæр фæзминаг у. Кæд ирон æвзаг дæр æмæ уырыссаг æвзаг дæр тынг хорз зыдта, уæддæр йæ ирон æмдзæвгæты цалдæр уырыссаг дзырды йеддæмæ нæй. Цалдæр, зæгъгæ, нымайгæ дæр сæ ракæндзынæн: салдат, кас æмæ къазарма. Уыдонæй дæр дыууæ уырыссæгтæ не сты. Салдат у немыцаг æвзагæй æрбайсгæ дзырд, къазарма та – итайлаг.

Нæ фысджытæй та ахæмтæ ис, мадæлон æвзаджы авналæнтæ къуындæг кæмæн сты. Сæ фыстытæ хъуыдытæй бæз-бæз кæныны бæсты бæз-бæз фæкæнынц æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ дзырдтæй.

Æрæджы иу фыссæджы æртæрæнхъон хъуыдыйад бакастæн, æмæ дзы разынд æндæр æвзæгтæй æрбайсгæ цыппар дзырды. Уыцы æртæрæнхъон хъуыдыйадæй райгуырд цыппаррæнхъон:

Æмæ, дам, ахæм фыстытæн ныббар,
Ыстæй сæ ныхмæ ма скæн иунæг цъист:
Æртæрæнхъон хъуыдыйады цыппар
Ныхасы сты æндæр æвзæгтæй ист.

Хæуы ма куы цардыстæм, уæд быдырмæ фæндаг нæ рæзты цыд... Нæ рæзты цыдысты къохмæ дæр. Афтæ хуыдтам, уæлмæрдты дæллаг фарс æхсæр, тырты, фæрв æмæ æндæр бæлæсты къутæртæ кæм зад æмæ, уым дæлæмæ, Куыройыдоны былгæрæтты чи ныддаргъ, уыцы уæлбыл. Уырдæм-иу цыдыстæм сугдзау. Цас сугтæ уыдысты, фæлæ-иу хаттæй-хатт мæгуыр лæджы тыхст ацарæзтой. Уырдæм ма цыдыстæм мырткæ, æхсæр æмæ тыртымæ дæр. Хатгай-иу дзы фæхæст стæм хъæндæлыййыл дæр. Уис ракæнын-иу дзы кæй къухы бафтыд, ахæмтæ дæр уыди.

Мæ ныхас дардæй уымæн райдыдтон, æмæ мын уыцы нывтæ мысын æхсызгон у, кæд мæ мæгуыр бонтæн æнусон æвдисæнтæй баззадысты, уæддæр...

Уыцы рæстæг, ома хæсты фæстæйы азты та мæгуыр чи нæ уыди!.. Уæвгæ, се 'ппæт æмхуызон уавæры нæ уыдысты. Йæ фырхъалæй хъайла чи цагъта, ахæмтæ дæр уыди. Уыдонæй иуы кой ракæнынмæ хъавын...

Куы зæгъын, адæм фырмæгуырæй сæ хъиутæ хордтой, фæлæ дзы уыдис не схъæлботт хъæуккаджы хуызæн æнæбон хъалтæ дæр. Уый сыхаг хъæуы куыста инкубаторон станцæйы директорæй. Искуы-иу хатт-иу хъæуы дæр фæзынди. Йæ тыппыр сырх русты туг ивылæнтæ кодта. Йæ гуыбын ракъуыпп æмæ йæ уый, цы уыди, уымæй нoджы цыбырдæрæй æвдыста. Мæгуыр лæгæн салам дæр йе уæхсчы сæрты лæвæрдта. Иу рæстæджы дзы ахæм хабар райхъуыст, айкæн йæ урсыл не 'рвæссы, æрмæстдæр, дам, ын йæ бур хæры. Диссаг каст уый адæмæй алкæмæ дæр, уымæн æмæ айкæн йæ урсмæ дæр йæ былыцъæрттæ чи хордта, хъæу, зæгъæн ис, æмæ иууылдæр ахæмтæй хъæу уыдис.

Æмæ хæрæд айкæн æрмæст йæ бур. Хъуыддаг æрмæст уый мидæг куы уыдаид, уæд æй, чи зоны, мæ зæрдыл нæ бадардтаин, фæлæ ма дзы æндæр хъуыддаг дæр уыди.

Цæвиттон, уæлдæр цы къохы кой кодтон, уый хуымæтæджы не 'рымысыдтæн. Уыцы къохæй-иу нæ рæзты, йе 'ккой суджы къæцæлты æргъом, афтæмæй гуыбыр-гуыбыр æрбацæйцыд сау быны зæронд ус. Хатгай-иу нæ рудзгуыты бын йæ сугты æргъом æрæвæрдта, мæ улæфт суадзон, зæгъгæ. Дзæвгар рæстæг, чи уыди, стæй кæм царди, уый нæ зыдтон, фæлæ, Джермецыччы скъоламæ цæуын куы райдыдтон, уæд мæ фæндаг сæ рæзты уыди, æмæ афтæмæй базыдтон, Теболон, – йæ чызгон мыггагæй йæ хуыдтой, – кæм цæры, уый. Куыд рабæрæг, афтæмæй уый уыди, айкæн йе 'рдæгыл чи не 'рвæссыд, уый мад...

Айкæн йе 'рдæгыл йеддæмæ чи не 'рвæссы, уымæн йæхиуыл æнæхъæнæй æмбæлы не 'рвæссын.

Кæддæры хабæрттæ фæуынмæ хъавын ахæм рæнхъытæй:

Йæ урс нæ хæры айкæн,
Æрмæстдæр, дам, йæ бур.
Æгæр хъал митæ ма кæн
Мæгуыр адæмы цур.

Æз дохтыртæй дæсныдæр дæн: мæ сæр куы фæриссы, уæд æй цыфæнды дохтырæй дæр раздæр базонын.

«Рæстдзинад» диссаджы иумæйаг сæргонд (рубрикæ) æрхъуыды кодта: «Худаджы хал ахæр!» Æрхъуыды кодта, зæгъгæ, ирон æлгъыстæй рубрикæ сарæзта æмæ дзы ацал-ауал азы йæ кæсджыты зæрдæ къахы. Иу адæймагæй йæм æз куы фæкомкоммæ вæййын, уæд мæ равг æрбайхæлы, куы нæ дыл худгæ кæнын, куы нæ – æфхæргæ, уæд мæ цæмæн æлгъитыс, зæгъгæ. Газеты кусджытæй кæмæндæрты загътон, раст кæй нæ кæнынц, уый, фæлæ мæ ныхæстæм йæ хъус ничи ’рдардта æмæ та рæстæгæйрæстæгмæ æнаххос адæмы зæрдæхудты бацæуынц.

Мæ зæрдыл Бирæгъты Къостайы ныхæстæ æрлæууыдысты. Бибо йын афтæ куы загъта: «Хуыцау дæ мæ хуызæн лæг скæнæд!» Уæд ын Къоста ахæм дзуапп радта: «Де ’лгъыст дæхиуыл æрцæуæд!» Уыйау æз дæр «Рæстдзинад»-ы фарсыл «Худаджы хал ахæр!», зæгъгæ, куы бакæсын, уæд мæхинымæр алы хатт дæр фæзæгъын: «Уе ’лгъыст уæхиуыл æрцæуæд!»

Цаболты Сергейы (Солтанбеджы) тыххæй бирæ арфæйаг ныхæстæ зæгъæн ис. Цы хорз хъуыддæгтæ сарæзта, уыдон рох никуы уыдзысты Иры дзыллæтæй. Мæн цалдæр ныхасы зæгъын фæнды йæ бинонты тыххæй, æргомдæр дзургæйæ та, йæхи бинонты æхсæн куыд дардта, уый тыххæй.

Сергейы хæлæрттæ æмæ зонгæтæн амонын нæ хъæуы, йæ бинойнаг Ирæ уырыссаг кæй у. Амонын сын нæ хъæуы, сæ цот Сергей æмæ Тамарæ, иронау куыд хорз зонынц, уый дæр. Хо æмæ ’фсымæр сæ мадæлон æвзагыл, – чи зоны, ам фыдæлон æвзагыл зæгъын растдæр уыдзæн, – кæй нæ сыстырзæрдæ сты, уый комкоммæ баст у Солтанбег æмæ йæ хотимæ. Сергей æмæ Тамарæйыл куы амбæлын, уæд мемæ фæдзурынц иронау. Ахæм заман мæ цæстыты раз Солтанбеджы фæлгонц ауайы, мæрдтæм ын арфætæ кæнынмæ фæвæййын...

Тугъанаты Ларисæ у республикæйы фæллой æмæ социалон рæзты министр. Уый, уырыссаг уæвгæйæ, иронау

бирæ ирæттæй хуыздæр дзуры. Йæ ныхас ын куы фехъусын, уæд мын цыма стыр хорздзинад ракæны, афтæ мæм фæкæсы. Иннæ ахæм Къусраты Анатоли – Дзæуджыхъæуы наукон центры разамонæг, физикон-математикон наукæты доктор. Уый наукæйы сгуыхт адæймагыл нымад у, фæлæ ма уымæй уæлдай у ирон æвзаджы дæсны дæр. Уымæн хорз æвдисæн у, нæ мадæлон æвзагмæ зын тæлмацгæнæн наукон куыстытæ кæй раивта, уый дæр.

Ацы хабæрттæ уый тыххæй кæнын, цæмæй, йæ мадæлон æвзагмæ æцæгæлон цæстæй чи кæсы, уыдон фæзмой Таболты Солтанбег æмæ йæ бинонты, Тугъанаты Ларисæ æмæ Къусраты Анатолийы.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй Сергей бирæ хорз хъуыддæгтæ сарæзта. Саразынмæ хъавыд ноджы фылдæр, стæй аразгæ дæр скодтаид, фæлæ йын нал бантыст. Таболыфырт кæмфæнды ма куыстаид, æдзухдæр уыди аразæг, ногдзинæдтæм тырнæг. Мыхуыры æмæ рауагъдæдты комитеты хицауæй йæ куы сæвæрдтой, уæд сæ кусæн агъуыст æдзæллаг уавæры уыди, фæлæ йæ Сергей цыбыр рæстæгмæ ахæм цалцæг скодта, æмæ абон дæр æрттывдтытæ калы. Хъавыд чингуыты типографийы фарсмæ стыр бæстыхай саразынмæ. Хъавыд, зæгъгæ, йæ аразын дæр райдыдта. Йæ цыппар уæладзыджы амад дæр фесты, фæлæ хъысмæтмæ æндæр уынаффæтæ уыд: Сергейыл æрцыд æвирхъау хабар, æмæ хæдзар абон дæр æрдæгарæзтæй лæууы.

Уæдæ аланты фæндæгтыл цы экспедици сарæзта, уый дæр адæмæй никуы ферох уыдзæн, фæлæ та уыцы хъуыддаг дæр дарддæр хæццæгæнæг нал фæци æмæ, Сергеймæ цы фæндтæ уыд, уыдон æрдæгкондæй баззадысты.

Сергейы хъæппæрисæй бирæ азты фæстæ уагъд æрцыдысты Миллер Всеволоды «Осетинские этюды». Зындгонд уырыссаг ахуыргонды фæллæйттæй æппæты стырдæр ахадындзинад кæмæн ис, уыдоны ’хсæн аккаг бынат ахсы йе ’ртæтомон «Ирон-уырыссаг-немыцаг дзырдуат». Уымæн дунейы рухс фенын кæнынмæ дæр хъавыди Сергей. Йæ фыццаг чиныг мыхуыры фæзынд 1927 азы, дыккаг – 1929, æртыккаг – 1934 азы. Уæдæй абонмæ цал азы рацыд, уый зын банымайæн нæу, фæлæ йæ ногæй рауадзыныл ничима батыхст. Афтæ мæм кæсы, уыцы хæс йæхимæ чи райсид, уый, иуæй, арфæйаг хъуыддаг бакæнид, иннæмæй, Сергейы бæллицтæй иу царды рауадзид.

Адæм се ’ппæт иу бон æмæ иу аз нæ райгуырынц, фæлæ кæрæдзийы зæрдæтæм фæндæгтæ кæй ссарынц, иу зондылхæст кæй вæййынц, уый сæ скæны æмгæрттæ æмæ кæд, ивгъуыд рæстæджы куыд кодтой, афтæ æдзух ард нал хæрынц, уæддæр нымад вæййынц æрдхæрдтыл. Таболты Сергейæн бирæ уыдис æмгæрттæ дæр æмæ æрдхæрдтæ дæр, уымæн æмæ йæхæдæг дæр хорз æмгар æмæ хорз æрдхорд уыд.

Сергейы риуы тæлфыди, адæммæ уарзондзинадæй дзаг чи уыд, ахæм зæрдæ. Йæ бон кæм æмæ цæмæй уыд, уым йæхи иуфарс никуы никæмæй аласта. Йе ’ххуысы хай кæмæн бакодта, æз дæр дæн уыцы адæмы номхыгъды.

1996 азы сфæнд кодтон мæхи хардзæй (мæхи хардзæй та цы мæ бон уыд, фæлæ ме ’мгæртты фæрцы) ме ’мдзæвгæты æмбырдгонд рауадзын. Чи мын баххуыс кодта, уыдонимæ уыдысты мæ хорз æрдхæрдтæ Хъулаты Æхсар æмæ Таболты Сергей дæр. Хъыгагæн, чиныджы рацæуыны агъоммæ сæ иу дæр нал фæцард. Мæ чиныг «Уыцы боны фарн» мыхуыры фæзынд мæ райгуырды æртиссæдз азы бонмæ. Уым ныффыстон ахæм ныхæстæ: «Мæрдтæм хъæр кæм хъуысы, уым сæм хъуамæ хъуыса арфæ дæр. Арфæ кæнын мæ уарзон æмгæрттæ – рухс дзæнæты бадинаг Хъулаты Æхсар æмæ Таболты Сергейæн (Солтанбегæн) – ацы чиныджы рацыдмæ йæ фæллойы хай чи бахаста».

Æмгæрттимæ куыд хæларæй цард, уымæн хорз æвдисæн уыд йæ уазæгуарзондзинад. Таболты хæдзар уазджытæй цух никуы уыд. Сæ цæхх æмæ кæрдзын рæдауæй лæвæрдтой æмæ дæттынц сæ уарзон адæмæн. Мæ зæрдыл ахæм хабар æрлæууыд. Сæрибары фæзы цавæрдæр бæрæгбоны фæдыл æмбырды Сергеимæ цалдæрæй лæууыдыстæм. Таболы-фырт æваст афтæ куы фæкæнид: «Цомут-ма нæхимæ, ногахст кæсæгтæ нæм ис...»

Цыбыр дзырдæй, цал уыдыстæм, уалæй (къордæй фылдæрæй лæууыдыстæм) Таболты кæрты балæууыдыстæм æмæ уæрæх кæрты сæнæфсиры бын дæлæмæ сидт уæлæмæ рæгъытæ фæуагътам...

Авд æмæ дыууиссæдз азы йеддæмæ нæ рантыст Таболты Сергейæн хъысмæтæй, фæлæ уыцы цыбыр рæстæджы йæ къухы уыйбæрц хорздзинæдтæ саразын бафтыд, æмæ сæ йæ райгуырæн Ирыстон никуы ферох кæндзæн, йæ ном ын мысдзысты, чи йæ зыдта, уыдон иууылдæр.

Мæ хъæуккаг Приты Дзибул мын ахæм хабар радзырдта.

Иу сæрдыгон бон Епхиты Зауырбегимæ Къобосты куыройы уæле хос ныккарстам. Йе ссивæн бон Зауырбеджы не 'вдæлд, фæлæ мæнæн загъта, ацу æмæ, дам, кæд нæ хос нæ бамбыд, уæд æй бассив. Мæнмæ уыцы бон уроктæ нæ уыд (Зауырбег Бæрæгъуыны скъолайы директорæй куыста, Дзибул та – ахуыргæнæгæй. – **Дз.М.**) æмæ, мæ сагой ме 'ккой, афтæмæй прудты рахиз былгæрæтты дæлæмæ фæцæуын. Хосгæрстмæ куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд кæсын, æмæ нын нæ хос чидæр ссивы. Куы йæм баввахс дæн, уæд уыцы чидæр нæхи хъæуккаг Цомайты Хату разынд. Йæ цуры куы 'рлæууыдтæн, уæд мын мæ цæстæнгасыл фæгуырысхо.

– Цыдæр æнæуунæнк кæстытæ мæм кæныс. Цыма цыдæр дæ зæрдæмæ нæ цæуы, афтæ мæм кæсы, – загъта Хату.

– Цы кусыс? – бафарстон æй æз.

– Мæнæ мæ хос ссивын.

Зауырбегимæ йæ мах ныккарстам, зæгъгæ, йын куы бамбарын кодтон, уæд фырнымд лæг хорзау нал фæци.

Куыд рæбæрæг, афтæмæй Хату дæр хос ныккарста, æрмæст чысыл дæлдæр. Цы рæдыд æруагъта, уый йæ 'фсæрмы баппæрста.

– Чысыл ма бахъæуа, къæрныхы ном мыл ма сбада. Афоныл фæзындтæ, æндæр уын райсом уæ хостæ аластаин æмæ мæ худинаджы хъæр айхъуыстаид.

Дзибулы ныхæстæ мын мæ зæрдыл æндæр хабар æрлæууын кодтой.

Хæсты рæстæджы нын нæ хæдзар немыц фехæлдтой, æмæ йын йæ сæр хъæзæй æмбæрзтам. Мæ мад хъæз æркарста, æмæ нын æй дæлæсыхаг Дукка адавта. Кæй уыд, уый дæр зыдта, уымæн æмæ, мæ сидзæргæс мад хъæз куы карста, уæд æз дæр йемæ уыдтæн æмæ федтон, худинагæй чи нæ тарст, уыцы Дукка саргъы бæхыл нæ рæзты куыд сцæйцыд, уый. Зæхгæсæй куыста æмæ быдыртыл зылди.

Нæ йын батадысты нæ мæгуыр фæллæйттæ. Адæм ын нæ хъæз йæхицæн сласын кодтой.

Нæ ивгъуыдыл цъыфкъахæй цæуыныл нæ ауæрдæм. Дуг нын æнад кæныныл архайынц, фæлæ сын дзы

цыма ницы рауайдзæн, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ, хурæн мигъты фæстæ бирæ 'мбæхсæн куыннæ и, афтæ советон рæстæгæн дæр фæлмы аныгъуылынæй тас нæу. Фæлæ уæддæр Фыдыбæстæйы знæгтæ сæ уды быцъынæг тонынц се 'лгъаг фæндтыл адæмы бауужæндын кæныныл. Нæ ауæрдынц канд дугыл нæ, фæлæ, уыцы дуджы чи цард, уæлдайдæр та, кад кæмæн кодтой, уыдоны цæсты æфтауыныл, цы нæ уыди, уый сыл баххуырсыныл. Нæ ауæрдынц, Уæрæсейы советон дуджы размæ хорзæй цы уыд, уыцы хъуыддæгтæй дæр кæцыдæртæ зыгъуыммæ æвдисыныл.

Ацы хъуыдытæ мæм раджы æрцыдысты, фæлæ та мын рæстæгæй-рæстæгмæ сног вæййынц. Сног та мын сты хæрзæрæджы дæр.

Цæвиттон, сканворд арæзтон (ацы радио æмæ телеуынынад мын масты хос йеддæмæ ницы сты æмæ сæм стæм хатт йеддæмæ нæ хъусын æмæ нæ кæсын. Гъе æмæ мæ уæгъд рæстæг арæх сканвордтæн снывонд кæнын, кæд уыдонæй дæр æдзух райгондæй нæ баззайын, уæддæр). О, æмæ, сканворд кæнгæйæ, сæмбæлдтæн ахæм фарстыл: «Изобретение Маркони». Æз ахæм мыггаг хъусгæ дæр куы никуы фæкодтон, уæд, цы 'рхъуыды кодта, уый куыд хъуамæ зыдтаин? Дзуæппытæм æркастæн æмæ дзы бакастæн: радио.

Куыннæ фæдис кодтаин, кæд æмæ мæ чысылæй фæстæмæ радио æрхъуыдыгæнæгæй Попов Александры зыдтон, уæд?

Бафæндыд мæ, Маркони чи уыд, уый базонын дæр. Æркастæн энциклопедион дзырдуатмæ: «Маркони Гильельмо (1874–1937) – итальянский радиотехник. С 1894 г. проводил опыты по практическому применению электромагнитных волн. В 1897 получил патент на изобретение способа беспроводного телеграфирования. Способствовал развитию радио как средства связи. Нобелевская премия (1909)».

Попов Александр приемник æрхъуыды кодта 1895 азы. Приемничы бындурыл уыцы аз сарæзта радио. Куыд уынæм, афтæмæй Поповы фæллæйттимæ дуне раздæр базонгæ, радио дæр уый æрхъуыды кодта, Нобелы преми та Марконийæн радтой.

Кæннод уымæй бирæ раздæр Ломоносов Михайлойæн цытæ кодтой? Планетæ Венерæйы атмосферæ кæй ис, уый

раргомгæнджытыл нымадтой немыцаг астроном И. И. Шретер æмæ англисаг астроном В. Гершелы, афтæмæй уыцы хъуыдымæ Ломоносов уыдонæй дæс æмæ ссæдз азы раздæр æрцыд.

Ам зындгонд худæджы хабар куыннæ хъуамæ æрымысон?!

Дыууæ бæлццоны Мæскуыйы Белорусаг вокзалы поездæй рахызтысты æмæ уынджы фæцæуынц. Гоголы цыртдзæвæнмæ куы ныххæццæ сты, уæд дзы иу иннæйы фæрсы: «Ацы цыртдзæвæн кæмæн сæвæрдтой?» – «Гоголæн», – дзуапп ын радта дыккаг. Фарстраттæг, фæхъæлдзæгдæр уæвгæйæ, сдзырдта: «А, бамбæрстон дæ. «Муму» чи ныффыста, уыцы Гоголæн». – «Муму» Тургенев ныффыста». – «Диссæгтæ, «Муму» Тургенев ныффыста, цыртдзæвæн та Гоголæн сæвæрдтой!»

Нобелы преми «Химион элементты периодикон системæ» æрхъуыдыгæнæг Менделеев Дмитрийæн дæр нæ радтой, фæлæ райсом йе 'рхъуыдыгæнæгыл итайлаг, францаг, чи зоны, раздæр-раздæр та америкаг ахуыргонды куы банымайой, уæд уым диссагæй ницы уыдзæн, Нобелы преми йын куы радтой, уым диссагæй куыд ницы уыдзæн, афтæ, уымæн æмæ мах рæстæг у, диссæгтыл дис кæм нал кæнынц, ахæм рæстæг.

Знон дæ цы кæнын хъуыд, уый абон уæддæр бакæн. Райсоммæ йæ мауал аргъæв.

Институты мын хорз ахуыргæнджытæ бирæ уыди: Багаты Никъала, Круглиевская Валентинæ, Реуазты Елизаветæ, Олейникова Аллæ æмæ бирæ æндæртæ.

Уæлдай арæхдæр мæ цæстытыл ахъазы Гуытъиаты Азæйы фæлгонц. Фæлмæн уыди йæ цæстæнгас, фæлмæн уыди йæ алы ныхас дæр. Алкæмæ дæр нæ касти ныййарæджы цæстæй. Цыма хъæрæй дзурын зонгæ дæр нæ кодта, афтæ нæм каст. Уæвгæ йæ хъæрæй дзурыны сæр хъæугæ дæр никуы бакодта. Аудиторийы-иу куы фæзынд, уæд-иу æндæр дунейы балæууыдыстæм, хъæрæй дзурæн кæм нал уыд, æгъдау йæ бартæ йæ къухмæ кæм райста, фарн

паддзахиуæг кæм кодта. Нæ цыфæнды куыст дæр-иу фæуагътам, нæ ныхæстæ-иу æрдæгыл фескъуыдысты æмæ-иу æнхъæлмæ кастыстæм, Азæйы фæлмæн, рæвдаугæ æмæ уæздан хъæлæс кæд райхъуысдзæн, уымæ. Азæйæн аив уыди йе 'ддаг бакаст, аив уыди йæ миддуне.

Æппæты стырдæр аргъ кæмæн кодтам, уыдонимæ уыди Салæгаты Зойæ дæр.

Фæстаг курсы куы уыдтæн, уæд мыхуырæй рацыд йæ чиныг «Коста Хетагуров и осетинское народное творчество». Студенттæн, кæй зæгъын æй хъæуы, æхсызгон уыд. Мах сæрыстыр уыдыстæм нæ ахуыргæнæгæй. Ахæм чингуытæ фыссын алы ахуыргæнæджы къухы не 'фтыд. Зойæйы чиныг нын хорз æххуыс уыд нæ ахуыры дæр. Афтæ мæм кæсы, цыма йæ иууылдæр балхæдтой. Балхæдтон æй æз дæр, æмæ мын ыл ныффыста ахæм ныхæстæ: «Музаферу Дзасохову — одному из лучших студентов факультета, талантливому поэту — с пожеланиями творческих успехов. 13/II—1960 г. З. Салагаева».

Ахæм ныхæсты аккаг ныртæккæ куы нæ дæн, уæд æнусы æмбисæй фылдæры размæ уыдтæн? Фæлæ мын ныфс лæвæрдтой. Цыдæр нысанмæ мæ хуыдтой, сидтысты мæм, цæмæй ахæм уон, уымæ. Адæймагыл исчи йæ зæрдæ куы дара, уæд дзы цыма хæсджын у, афтæ йæм фæкæсы, фæтырны, цы йын æнхъæл у, уый уæвынмæ.

Чи уыди, уый ма кæй зæрдыл лæууы, фæлæ иу поэт йе 'мдзæвгæйы йæ уарзон чызгмæ фыста... Æмдзæвгæ нал хъуыды кæнын, фæлæ дзы уыди ахæм хъуыды: дæу цавæр фæнды, æз ахæм нæ дæн, фæлæ мæ ды ахæмыл нымай, æмæ æз тырндзынæн, дæу цавæр фæнды, ахæм уæвынмæ.

Уыцы хъуыдыйæ райгуырд ахæм цыппаррæнхъон:

Нæ фыртыхстæй кæнæм дыдагъ бæттæн,
Гæдыйы сæр нæ фырхъалæй фæкъахæм...
Дæумæ куыд кæсы, афтæ хорз нæ дæн,
Фæлæ мæ уарз, æмæ уыдзынæн ахæм.

— Фатимæ, иууылдæр æхца куы фестин, уæд фæрсгæ дæр нæ бакæнис, йæхæдæг та цы фæци, зæгъгæ.

— Куыннæ бафæрсин? Уый фæстæ ма мын æхца кæм уыдзæн, зæгъгæ, дæр нæ ахъуыды кæнин?!

Мæ фыд цы хуызæн сæрæн æмæ æнæрцæф уыди, уый мын, чи йæ зыдта, уыдонæй бирæтæ фæдзурынц. Йæ хабæрттæй йын æртæ нæ хъæуккаг Сопойты Смелы ныхæстæй диссаджы рæсугъд æвзагæй радзырдта Ирыстоны адæмон фыссæг Хъайтыхъты Азæмæт. Æрмæг мыхуыргонд уыди «Рæстдзинад»-ы. Рацыди чиныджы дæр.

Йæ сæрæндзинады хабæрттæ мын-иу дзырдта мæ мады мад Дзыцца дæр. Йæ ном Лези хуынди, фæлæ йæм мах, йæ астæуккаг чызджы цот, Дзыццайæ дзырдтам. Дзыцца йе сиахсы йæ номæй дæр нæ хуыдта. Йæ кой-иу куы рауад, уæд-иу афтæ фæкодта: дæлæ Дзасохты хæйрæг. Мæ фыд дæр дзы цыма хъæстагæй нæ баззад, афтæ мæм кæсы. Мæ хиуæттæй куыд хъуыстон, афтæмæй йæ йæ номæй нæ хуыдта. Дзырдта йæм Глезийæ.

...Цыфæндыйæ дæр хæйрæгæй глези, ома цыллæ хъуымац, хуыздæр у.

Гакк-гукк цал азы цæры, уый зоныс? Æз дæр нæ зыдтон. Гакк-гукк цал уасты ныккæна, уал азы, дам, фæцæрдзынæ. Зын бауырнæн у уый, уымæн æмæ орнитологтæ куыд зæгъынц, афтæмæй гакк-гукк, æнæбанцайгæйæ, ныккæны 360 уасты бæрц.

Туг цас сыгъдæгдæр уа, уыйас, дам, цот курдиатджындæр вæййынц. Афтæ кæй у, ууыл тынгдæр бауæндыдтæн, уырыссаг литературæйæн цæсгом чи скодта, уыдонæй иуцалдæры биографийыл мæ цæст куы ахастон, уæд.

Райдайдзынæн Пушкинæй. Зындгонд куыд у, афтæмæй йæ мад Надеждæ Осипы чызг Ганнибал уыди Петр Фыццæгæмы арап Ганнибал А. О. лæппуйы чызг. Ганнибал йæхæдæг уыди эфиопаг.

Сыгъдæг уырыссаг нæ уыд Герцен. Райгуырди хъæздыг уырыссаг помещик Яковлев æмæ Штутгартæй æрбафтæг немыцаг æрыгон мещанкæ Луизæ Гаагæй. Иннæ ахæм Василий Андрейы фырт Жуковский. Уырыссæгтæ Бендеры фидар куы басастой, уæд уацары райстой бирæ туркæгты. Уыдонимæ уыдис фидæны цытджын поэты мад Сальха дæр. Лæппуйæн радтой йæ кæнгæ фыд Жуковский Андрейы

мыггаг. Куприн Александры мад уыди фыдæлтыккон тæтæйраг къниæзтæ Куланчаковты хæдзарвæндагæй.

Зындгонд уырыссаг поэт Фет (Шеншин) Афанасийы мад Каролинæ Шарлоттæ Фет дæр Уæрæсемæ Германæй æрбафтыд. Герцены мад æмæ фыды хуызæн Феты ныййарджытæ дæр лæг æмæ усыл нымад нæ уыдысты. Паустовский Константинæн дæр йæ фыды мад уыди туркаг…

Ацы номхыгъд ма адарддæргæнæн ис, фæлæ фаг æвдисæнтæ сты, туг цас сыгъдæгдæр уа, уыйас цот курдиатджындæр кæй вæййынц, уымæн.

Цогойты Джетæгъæзы фырт Юри йæ фыды цæрмыстъыгъд бакодта. Мæ хъæуккæгтæ сты, æмæ Джетæгъæзы дæр зыдтон, Юрийы дæр зонын. Фырты куы ауынын, уæд йæ фыд мæ цæсты раз февзæры. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ фæкæсы, цыма Юрийы хуызы мæ размæ Джетæгъæз фæвæййы. Юрийыл цал хатты æмбæлын, уал хатты йæ фыдимæ се 'мхуызондзинады кой æнæракæнгæ нæ фæвæййын. Фæстаг хатт ма куы фембæлдыстæм, уæд мын сæ бинонты хабæрттæ бæлвырддæр ракодта — Бæрæгъуынæй раджы ралыгъдысты æмæ, сæ царды цы ивддзинæдтæ 'рцыд, уыдонимæ, кæй зæгъын æй хъæуы, зонгæ нæ уыдтæн.

Юри мын куыд радзырдта, афтæмæй уыдысты æхсæз, фæлæ дзы фыды хуызæн Юри йеддæмæ ничи уыд. Юри дарддæр ныхас йæхимæ айста: «Мæ мады ныхæстæм гæсгæ æз йæ дзидзийы хъæстæ нæ фæдæн. Иннæтæ иууылдæр уымæй хайджын уыдысты».

Юри уыцы ныхæстæ куы кодта, уæд мæ зæрдыл нарты Батырадз æрбалæууыд. Мæнæ куыд зæгъы Хæмыцы бинойнаг Быценон, йæ лæгæй куы хицæн кодта, уæд: «Æртæ хорздзинады бакæнинаг дын уыдтæн, фæлæ дзы ныр иу сæххæст кæнын йеддæмæ мæ къухы нал бафтдзæн… Дæуæй мæнмæ ис нæлгоймаджы гуырдз. Мæхи дзидзийæ куы схъомыл уыдаид, уæд ын дунейыл æмбал нæ разындаид…»

Юри мын куыд радзырдта, афтæмæй йæ мадызæнæгæй æгас ничиуал у. Юрийæн уыдоны æрцыдмæ йæ къахы ных дæр ма сриссæд. У саг-сырды хуызæн. Батырадз дæр йæ

мады дзидзи нæ бададта, фæлæ йæ хъару, йе 'гъдау æмæ йæ лæгдзинадæн æмбал нæ уыди.

Юри, Батырадзæн нарты æхсæн цы кад уыди, ахæм кад дын Ирыстоны уæд!

Цъаммар лæджы, — кæд цъаммарæн лæг схонæн ис, уæд, — куыдзы мард акæнæн ис, фæлæ, æвæццæгæн, цыфæнды куыдзы дæр лæджы мард нæ акæндзынæ.

Цу фыссæг мæм фæхæрам æмæ мын дыууæ æвзæрдзинады бакодта: дзыхæй мæм нал дзуры, стæй мын мæ фыстытæ давын райдыдта.

Уæлдæр дыууæ æвзæрдзинады кой скодтон? Мысырханы загъдау, дыууæ нæ уыдысты. Иу дзы æвзæрдзинад нæу. Ме 'мдзæвгæтæ мын кæй давы, уым, кæй зæгъын æй хъæуы, хорзæй ницы ис, дзыхæй мæм кæй нал дзуры, уым æвзæрæй куыд ницы ис, афтæ.

Мæ фыстытæ давæг мæм дзыхæй кæй нал дзуры, ууыл хъуыды кæнгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд ахæм ныхас: «Хæрæг, дам, фæтæргай æмæ зад хуыммæ балыгъд». Кæд ацы æмбисонд ам бынтон тынг нæ бады, уæд ис æндæр уадзæн æрхæссæн дæр.

...Нæ фыдæлтæ ма мæгуырдæр куы цардысты, уæд бæрæгбоны дарæс алкæмæн нæ уыди. Хъазтмæ кæнæ-иу æндæр циндзинадмæ цæугæйæ, чи хæлаф куырдта, чи — хæдон, чи — цухъхъа... Иу ахæм мæгуыр лæппу чындзæхсæвмæ хуынд уыд æмæ мæм, хъазты кафыны рад куы 'рхауа, зæгъгæ, йæ сыхагæй хæлаф ракуырдта. Æцæгæйдæр, йæ хъул сах абадт: кафыны рад æм æрхауд. Стæй кæимæ? Хæлафы хицауы зæрдæмæ чи цыд, уыцы чызгимæ. Уæвгæ, æрмæст хæлафы хицауы зæрдæмæ нæ цыд, фæлæ йæхи зæрдæмæ дæр.

Куыннæ хъуамæ равдыстаид йæ арæхстдзинад чызджы цæстмæ! «Хонгæ» кафты дæр йæхиуыл нæ бацауæрста, фæлæ уæлдай диссагдæр фæци «Зилгæ»-йы. Æмæ цынæхуызон зылды æркодта! Бынтон диссаг та фæци, хæлафы хицауы цурмæ куы басирдта, уæд. Уый йæм æрдæбонсарæй дæр мæстæй тъæппытæ хауд, фæлæ йæ цуры рыг йæ

сæрыл куы systa, уæд æм нал фæлæуууыд æмæ йæм дзуры: «Ныртæккæ-ма мæ хæлаф дæ уæлæйæ ралас, стæй-иу дæуæй хъалдæр мауал уæд!»

Ацы æмбисонд цæмæн æрхастон, уый, æвæццæгæн, бамбæрстат.

Сырддонцъиуы хъуыддаг ирон æвзаджы дæр æмæ дыгурон æвзаджы дæр сæ хæрзтæй нæ рауад. Замманай маргъ æмæ йыл иу æвзаджы дæр адæмы мыггаг ном нæ сæвæрдтой.

Сырддонцъиу – иронау. Цыма сауцъиу æмæ бирæ æндæр цъиутæ сырддон не сты, уый хуызæн. Дыгур та йæ рахуыдтой тæхгæцъеу, цыма иннæ цъиутæ тæхгæ нæ кæнынц, уыйау.

Цыдæр чиныг мæ бахъуыд, фæлæ йæ нал ардтон. Мæ кусæн уаты цы къуым нæ басгæрстон, ахæм нал баззад. Хæйрæг æй йæхимæ фæхаста. Мæ фарсмæ уаты Хуыгаты Сергей бады, æмæ мæ фыртыхстæй уый дæр абæрæг кодтон. Нæ разынд уымæ дæр. Ныууагътон æй, уæдæ цы уыдаид.

Дыккаг бон мæ размæ фæци. Æппындæр ын æнхъæл кæм нæ уыдтæн, уым разынд. Ахæм æхсызгон мын уыд, æмæ мæ цин Сергейæн дæр аппæлыдтæн. Бацин ыл кодта уый дæр. Иуцасдæр рæстæг куы рацыд, уæд та Сергеймæ бауадтæн æмæ йæ бафарстон: «Сергей, мæ чиныг кæй фæзынд, уый дын иу хатт йеддæмæ нæма загътон?»

Нæ дыууæ дæр ныххудтыстæм.

«Молодой коммунист»-ы редакторæй куы куыстон, уæд-иу мæ арæх абæрæг кодта Келер Аллæ. Аллæ уыди, Къоста курынмæ кæй хъавыд, Гайттаты уыцы хотæй иу – Раисæйы чызг. Бирæ хабæрттæ мын-иу кодта, фæлæ сæ йæ рæстæджы нæ ныффыстон. Æнхъæлдтон, никуыуал мæ ферох уыдзысты, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн. Кодта-иу мын, йæ мадæй цы хабæрттæ хъуыста, уыдон дæр. Уым уыди Къостайы кой дæр, фæлæ, куы зæгъын, ферох мæ сты.

Аллæ мын архивы ссардта, мæ фыдæлты хабæрттæ фыст кæм уыдысты, уыцы гæххæттытæ. Иу гæххæтт мæм дзы фыстæй дæр баззад. Архивы уыцы æрмæгмæ гæсгæ Цæрадзонты-Дзасохты Саулохæн уыди 9 фырты. Аллæ мын цы гæххæтт радта, уым æхсæз йеддæмæ нæ уыдысты (иннæтæ, æвæццæгæн, гыццылтæй амардысты): Темырыхъ, Емза, Бæби, Байма, Мæхæмæт æмæ Увæдз.

Мæ фыд хуынди Созырыхъо (Сосыгко), уый фыд Елдзарыхъо (Гæлыкк, мæ мады 'фсымæр мæ кæстæрты Гæлыччы фырттæ хуыдта), уый фыд – Дауыт, Дауыты фыд та – Байма.

Ныры зонд мæм куы уыдаид, уæд мын Аллæ цы дзырдта, уыдон иууылдæр фæфыстаин æмæ сæ абоны фæлтæрæн радзырдтаин. Аллæйы хуызæн адæймæгтæ кæцыфæнды рæстæджы дæр ис æмæ сын аргъ кæнын хъæуы, уымæн æмæ уыдон фæлтæрты кæрæдзиуыл бæтджытæ сты.

Ис ахæм ныхас: «Æрдхорды ус сылгоймаг нæу».

Ацы хъуыды æз дарддæр афтæ ахæццæ кæнин: «Сылгоймаг æй цы нæлгоймаг хоны, уый та лæг нæу!»

Æрæджы ма базыдтон иу ног эпиграммæ. Ног мæнæн уыди, уымæн æмæ йæ уымæй размæ никуы кæсгæ бакодтон, никуы – хъусгæ. Радзырдта мын æй Самбегаты Гæвди. Куыд зæгъы, афтæмæй у Хозиты Яковы фыст. Мæнæ эпиграммæ йæхæдæг:

Тæтæри та ныффыста кадæг
Уæларвæй зæхмæйы дæргъæн,
Фæлæ Хуыцау, Бæрзондылбадæг,
Йæ бакæсынæй бахиз мæн.

Чехойты Сæрæби-иу журнал «Мах дуг»-æй афтæ загъта: «Уый «Мах дуг» нæу, фæлæ иуæй-иуты дуг у.

– «Календарь памятных дат» сымах уадзут? – фæрсын чингуыты рауагъдад «Ир»-ы сæйраг редактор Кокайты Тотырадзы.

— Мах, под моим мудрым руководством.

— Æз дæ ныронг сообразительныйæ (Тотырадз йæхи афтæ хоны) зыдтон.

— Со временем сообразительность переходит в мудрость.

Иу заман зындгонд ахуыргонд, филологон наукæты доктор, профессор Тахъазты Харум Хетæгкаты Къостайы номыл институты (уæд университет нæма уыди) парткомы секретарæй куыста. Уыцы рæстæг уым лекцитæ каст Хъайтыхъты Геор дæр. Харумы Геор цыдæр хъуыддагæн бахъуыд æмæ йæм, лекци кæм каст, уырдæм бацыд. Лекци фæци, фæлæ ма Геор цыдæртæ фыста. Харум йæ уæлхъус æрлæууыд æмæ æнхъæлмæ каст, кæд æй равдæлдзæн, уымæ. Æрæджиау Геор, йæ куыст куы фæци, уæд æм скаст.

Студенттæ афтæ банхъæлдтой, зонгæ не сты, зæгъгæ, æмæ Георæн Харумы амонынц: «Уый Тахъазты Харум у, нæ йæ зоныс?» — «Куыннæ йæ зонын!» — загъта Геор æмæ Харумы къух райста. Æрæджы йыл рестораны фембæлдтæн æмæ йын афтæ куы загътон:

Дæттын, Харум,
Дæуæн салам!
Ды уал хæр уым,
Æз нуазын ам.

Крыловы æмбисонд «Цъырцъыраг æмæ Мæлдзыг» чи нæ зоны, ахæм, æвæццæгæн, зын ссарæн у, уымæн æмæ йæ скъолайы ахуыр кæнынц. Куыд зонут, афтæмæй Цъырцъыраг йæ сæрд хъæлдзæг æмæ зæрдæрухсæй арвыста, Мæлдзыг та йæхицæн зымæгмæ æвæрæнтæ кодта.

Сæрд атахт, зымæг ралæууыд. Цъырцъыраг цы бахæра, уый йын нæй æмæ Мæлдзыгмæ курæг бацыд. Цы цæстæй йæм ракаст, уый дæр зонут. Фæлæ мæнмæ диссаг æндæр хъуыддаг кæсы. Мæлдзыг дæр æмæ Цъырцъыраг дæр зымæг фынæй куы фæкæнынц, иуы дæр æмæ иннæйы дæр хæринаг куы нæ фæхъæуы, уæд Эзоп дæр, Лафонтен дæр, Крылов дæр Цъырцъыраг æмæ Мæлдзыджы цæмæн райхъал кодтой æмæ сæ кæрæдзиуыл цы сардыдтой?

Мæ фарст кæд æдылыйы фарсты хуызæн у, уæддæр æй дæттын. Дзуапп дæр ын, æвæццæгæн, нæ райсдзынæн, уымæн æмæ зонын, æдылыйы фарстæн фондзыссæдз зонд-джыны дæр дзуапп кæй нæ ратдзысты, уый.

Уæвгæ, афтæ дæр фæзæгъынц: «Зонджын ныхас æдылыйæ дæр сирвæзы».

Агънаты Гæстæн мын æй дзырдта. Иу лæгимæ, дам, зонгæ кодтон æмæ мæм йæ къух æрбадаргъ кæнгæйæ, загъта:

– Гæстæн.

– Æз дæр ын мæхи бацамыдтон:

– Гæстæн.

Уый мын афтæ:

– Гъер зондзынæн æртæ Гæстæны: мæхи, дæу æмæ Агънаты Гæстæны.

Мæ бинойнаг телефонæй арæх фæдзуры. Иу хатт ын афтæ зæгъын: «Мæнæн дæр, дæуæн цас зонгæтæ ис, уыйбæрц зонгæтæ куы уаид, уæд нæ бинонтæй ныхасы бар никæмæ 'рхауид».

Иннæ хатт та йын æндæрхуызон загътон: «Телефонæй дзурынæй адæймаг къæсхуыр куы кæнид, уæд дæуæй царм æмæ стджытæ йеддæмæ ницыуал баззаид».

Æртæ фыссæгæй иумæ чиныг ныффыстой, йæ гонорар та йын иу райста. Фæрсынц æй:

– Иумæ куыстат?

– О.

– Æртæйæ?

– О.

– Гонорар иунæгæй райстай?

– О.

– Цæмæн?

– Æртæ дихы йæ куы акодтаиккам, уæд нæ алкæмæ дæр гыццыл фæкастаид.

Мæ куыстмæ цæугæйæ мæ алы бон дæр бахизын фæхъæуы стыр фæндаджы сæрты. Иу ран дзы сæрмагонд хæххытæй бæрæггæнæн – фистæгæй цæуджытæ кæуылты бахизой, ахæм. Иу-дыууиссæдз метры дарддæр та, фæрсыл пъæлицæйаг кæй хонынц, фæндаджы уæрхы дæргъæн ахæм къуыпп. Фистæгæй цæуджытæн дзы шофыртæй искуы-иу йеддæмæ фæндаг нæ ратдзæн, фæлæ, машинæйæн фесхъиуынæй тас кæм у, уым æнæмæнг сæ цыд æрсабыр кæнынц.

Диссаг мæм куыннæ кæса уыцы хъуыддаг: адæймаджы скъуырынæй нæ тæрсынц, фæлæ сæ машинæтæн хæрдмæ фæхауынæй стъæлфынц.

Æдылы кæй хуыдтой, уый иу хатт донивылды рæстæг иннæ фарсмæ бахизын хъуыд, фæлæ йæ йæ дзаумæттæ ласын нæ фæндыд æмæ, йæ рæзты цы дыууæ лæппуйы сцæйцыд, уыдонмæ дзуры:

– Фаллаг фарсмæ мæ чи бахæсса, уымæн туман ратдзынæн!

Лæппутæ «нæ» куы нæ загътой, уæд ма Хуыппа йæ ныхасмæ бафтыдта: мæ къæхтæ куы нæ схуылыдз уой, уæд ма сæм фондз сомы бафтаудзынæн.

Лæппутæ кæрæдзимæ сæ цæст æрныкъуылдтой, ацы æдылы, æхца цы у, уый не 'мбары æмæ дзы фæпайда кæнæм, зæгъгæ.

Бахастой йæ фаллаг фарсмæ, иу доны æртах дæр ыл нæ сæмбæлд, афтæмæй. Мызд фидыны рæстæг куы 'рхæццæ, уæд Хуыппа йæ дзыппæй систа къафетты рæсугъд цъæрттæ æмæ дзы иумæ дыууæ ахæм «æхцайы» бадаргъ кодта, иннæмæ – иу.

Лæппутыл цы сайд æрцыд, уый куы бамбæрстой, уæд дзы иу афтæ:

– Хуыппа ды нæ дæ, фæлæ мах стæм хуыппатæ...

Хуыгаты Сергеимæ нæм ныхас зæронды тыххæй рауад. Æз ын рагон ныхæстæ йæ зæрдыл æрлæууын кодтон:

– Зæрондæй кадджын сты æртæ хъуыддаджы: арахъхъ, фаджыс æмæ æрдхорд.

– Фæлæ уæддæр арахъхъ æппæтæй хуыздæр у, – ныхас йæхимæ айста Сергей.

Æз ма йæм бафтыдтон:

– Уæлдайдæр фаджысы рагъыл куы бадай æмæ йæ карзæй де 'рдхордимæ куы нуазай, уæд.

Людвиг æмæ йе 'мбал чындзæхсæвы фынгмæ байрæджы кодтой. Хистæр сæм, нуазæн дæтгæйæ, дзуры:

– Хистæр уæ чи у?

Людвиджы æрдхорд дзуапп дæттынмæ фæраздæр:

– Æхцайæ – æз, ахуырæй – Людвиг.

Иу зындгонд зарæггæнæг мæм æрхатыд, зарæджы текст, дам, ма мын ныффысс. Ныффыстон ын, цы мæ бон уыд, уый. Телефонæй йын æй бакастæн, æмæ йæ зæрдæмæ фæцыд.

Куы йæм æрбацыд, уæд мын ахæм хабæрттæ ракодта.

Нæхицæй рарастæввонг уыдтæн, афтæ, дам, мæм мæ бинойнаг дзуры, æхца дæ ма ферох уæд, зæгъгæ. Æз ын загътон, Музафер кæйдæрты хуызæн нæу, уый æхцайыл нæ фыссы. Уæддæр мын 5 мины мæ дзыппы нытътъыста, цы нæ вæййы, зæгъгæ.

Диссаг мæм куыннæ фæкастаиккой зарæггæнæджы ныхæстæ. Стæй мæ хъуыдытыл дæр бафтыдтой. Æхца нæ, фæлæ мын уæздан ныхас чи нæ фæзæгъы, ахæм цаутæ дæр мыл иу æмæ дыууæ хатты не 'рцыд...

Мæ хъæуккаг мæм курдиатимæ 'рбацыд, мæнæ ме 'рдхорд йæ хъæуыл иу поэтæн зарæг ныффыссын кодта æмæ, дам, ма йæм иу куплет бафтау.

Бакастæн текст. Ныртæккæ цы зарджытæ зарынц, уыдонæн сæ фылдæры хуызæн уыди. Куплет ма йыл цæмæн æфтауын кодта, уый нæ зонын. Нæ мæ бафæндыд кæйдæр фыстыл æмпъузæн æвæрын. Уыцы бæрцбарстыл ног текст ныффыстон. Ныффыстон æй мæ хорз хъæуккаджы æфсæрмæй. Уый фæстæ, текстæн музыкæ чи æрхъуыды кодта, уыцы композиторæн театры концерт уыд æмæ, дам, мæ ныхæстыл зарæг зарыдысты. Куыд дзырдтой, афтæмæй адæмы зæрдæмæ фæцыд. Абон дæр нæ зонын, мæ хъæуккаг мæм кæй æфсæрмæй æрхатыд, уый.

Иннæ ахæм хабар. Мæ зонгæйы зонгæйы мад амард, æмæ мæм дыууæйæ 'рбацыдысты цыртæн, дам, нын цыппар рæнхъы ныффысс. Сæххæст сын кодтон сæ курдиат. Æнхъæлдтон, зианджын мæм æрбацæудзæн æмæ текст машинкæйыл фыстæй ахæсдзæн, зæгъгæ. Къухæй фысты рæдыд аирвæзынæй тарстæн. Йæ мад кæмæн амард, уый мæм телефонæй æрбадзырдта, æмæ йын загътон, эпитафи цæттæ у, æмæ йæм æрбацу, зæгъгæ. Телефонæй, дам, мын æй зæгъ æмæ йæ ныффыссон. Исты рæдыд дзы, зæгъын, аирвæздзæн. Машинкæйыл мыхуыргонд у æмæ дзы афтæмæй рæдыд аирвæзынæй тас нæу. Не сразы мемæ. Æз, дам, мæхæдæг ахуыргæнæг дæн æмæ дзы рæдыд нæ ауадздзынæн.

Æртыккаг хабар. Мæ зонгæйы чызг æвирхъау хуызы фæмард. Кæм куыста, уырдыгæй мæм дыууæйæ æрцыдысты æмæ мæм æрхатыдысты, не 'мкусæг чызгыл, дам, æмдзæвгæ ныффысс. Æнцон хъуыддæгтæ не сты уыдон. Цæмæй цыртæн цыппар рæнхъы ныффыссай, уый тыххæй зианджыны уавæры бацæуын хъæуы, йе 'нæкæрон хъыг равдисынæн аккаг ныхæстæ ссарын та æнцон ничи рахондзæн. Æмдзæвгæ та ноджы зындæр фыссæн у.

Бирæ рахъав-бахъав фæкодтон, фæлæ æппынфæстаг номарæн æмдзæвгæ сцæттæ. Ныффыстон иу нæ, фæлæ дыууæ 'мдзæвгæйы. Йæ куыстæй мæм хатæг чи 'рцыди, уыдонæй мæм иуы телефон уыд. Сдзырдтон æм æмæ 'рцыди. Бакасти сæ. Йæ зæрдæмæ кæй фæцыдысты, уый зæгъгæ дæр кодта, стæй æнæзæгъгæйæ дæр бæрæг уыд: йæ зæрдæ суынгæг.

Ахаста æмдзæвгæтæ. Зианджыны бинонтæм сæ ма фæхæццæ кодтаид, уый мæ нæ уырны. Уæвгæ мæм гуырысхойы хъуыдытæ дæр сæвзæрд, кæд, зæгъын, мыййаг, ныййарджытыл нæ сæмбæлдысты. Кæд сæмбæлдысты, уæд та мæм телефонæй куыннæ 'рбадзырдтой?

Мамсыраты Мураты арæх æрымысын. Æппæты арæхдæр мæ зæрдыл æрбалæууы, зын уавæры куы вæййын, уæд. Чи мын баххуыс кæндзæн, зæгъгæ, мæхинымæр куы ахъуыды кæнын, уæд фыццаджы-фыццаг мæ разы февзæры Мураты сурæт. Уый мын цыфæнды къуырцдзæвæнæй дæр рацæуæн фæндаг кæй бацамонид, ууыл мæ зæрдæ фæдарын.

Мурат уыдис æцæг лæг. Хъæбатыр, зонджын, фæлмæнзæрдæ, фæлæ уыцыиу рæстæг æгъатыр. Цавæр адæймаг уыд, ууыл хъуыды кæнгæйæ, райгуырдысты ацы рæнхъытæ дæр:

Хъæбатырæн дыууæ зæрдæйы ис,
У ууыл дзурæг алкæцыдæр дугтæй.
Сæ иу у фидар, не 'мбары, циу рис,
Кæлынц йæ иннæ зæрдæйæн йæ тугтæ.

Хæст куы фæци, уый ма абоны хуызæн хъуыды кæнын. Уыдис хурбон. Кæдæм, уый ма чи хъуыды кæны, фæлæ нæ уынджы дæлæмæ фæцæйцыдтæн. Цуцаты Хадзыбечыртæй Реуазты Биботы астæу æрлæууыдтæн æмæ, адæм кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг куыд уадысты, уымæ кастæн. Алырдыгæй хъуысти хъæлдзæг ныхас æмæ худын.

Цин кодтон æз дæр. Æвæццæгæн, иннæтæм гæсгæ. Æндæр мæнæн цин кæнын уыйас не 'мбæлд, уымæн æмæ мæ фыд хæстæй нæма ссыд. Æнхъæлмæ та йæм куыннæ кастыстæм, фæлæ, кæй никуыуал ссæудзæн, уый куы зыдтаин, уæд, æвæццæгæн, афтæ тынг нæ цин кодтаин.

Ацы 'лгъыст, гыццыл лæппу куы уыдтæн, уæд фехъуыстон, фæлæ мæ абон дæр нæ рох кæны. Нæ мæ рох кæны йе 'гъатырдзинадæй...

Нæ сыхæгты лæппу куыдзыл дур фехста. Тынг ын фæрыст, æвæццæгæн, æндæр афтæ æрдиаг хуымæтæджы нæ ныккодтаид. Куыдзы хицау сæ кæрты лæууыд. Федта, куыдзы чи ныццавта, уый, фехъуыста, цыппæркъахыгæн йæ хъист-хъист куыд ссыди, уый дæр. Сылгоймаг уынгмæ рагæпп ласта. Лæппу, уый ауынгæйæ, лидзæг фæци. Сылгоймаг, лæппуйы нæ баййафдзæн, уый куы базыдта, уæд æй ралгъыста: «Дæ хисты къæбæртæ дын ахæрæд!»

Æвирхъаудæр æлгъыстæн æрхъуыдыгæнæн нæй. Куыдзыл дур фехста, уый ахæм фыдраконддзинад у? Куыдз къуылыхæй куы нæ мæлы, стæй, чи зоны, уыцы цæфæй къуылых дæр нæ фæуыдаид, уæд сывæллон лæппуйы цæмæн марыс æмæ йын йæ хисты къæбæртæй дæ куыдзæн цæмæн хæрын кæныс?

Иу лæгмæ йæ уарзон адæмимæ абадыны зонд æрцыд. Кусарт акодта, æмæ бинонтæ фынгтæ цæттæ кæнынмæ бавнæлдтой. Хонæг арвыстой æмæ 'нхъæлмæ кастысты уазджытæм. Хæстæг сыхæгтæ æмæ къабæзтæ æрбамбырд сты, фæлæ, кæмæ арвыста, уыдонæй бирæтæ нæ фæзындысты. Фысым катай кодта, мæнмæ хонæг куы вæййы, уæд мæхи дард куы никæмæй аласын, уæд мæ фарсмæ цæуынмæ æрбалæууыдысты, мæ зæрдæ кæуыл дардтон, уыцы адæм? Æрæджиау йæ сæр æрцахста хонæджы бафæрсын, фæлæ цæмæдæр гæсгæ уый йæхæдæг дæр никæцæй зынд. Йæ хæрзсыхаг уыди æмæ йæм сæхимæ суади. Диваныл уæлгоммæ хуыссыд, афтæмæй йæ телевизормæ кæсгæйæ сæййæфта. Лæг ыл сбустæ кодта:

– Адæмæн цæуынмæ фехъусын кодтай? Кæмæ арвыстон, уыдонæн се 'мбис дæр куы нæ 'рбацыд.

– Се 'ппæтæн куы фехъусын кодтаин, уæд та мæ иннæ хатт дæр арвыстаис...

Посты хайадмæ бацыдтæн æмæ сылгоймаджы бафарстон:

– «Мах дуг» уæм уæййаг нæ вæййы?

Уый мын уайдзæфгæнæгау афтæ:

– По-осетински не понимаю!

– А если бы вы не понимали по-русски, то работали бы здесь? – бафарстон æй æз.

Сылгоймаг мын ницуал дзуапп радта.

Диссаг у, æвæдза, иронау куы нæ зонай, уæд дæ размæ иу цæлхдур дæр нæ сæвзæрдзæн. Иронау зонын æнæмæнг кæм хъæуы, уым дæр дын æй дæ цæстмæ ничи бадардзæн, аипп дын æй ничи схондзæн.

Радиомæ куы фæхъусын, уæд хатгай мæ равг фехæлы. Мæнæ æхсæвæй-бонæй чи дзуры, уыцы радиомæ хъæутæй арæх фæдзурынц. Арфæтæ æрвитын æгъдауы хуызæн куы сси, уæд Ирыстон базмæлыди. Хохæй-быдырæй уалдзыгон зæрватыччытау тæхынц амæй-ай «дзадждзжындæр» арфæтæ. Радиойы радгæстæ сæм хъусынæй не 'фсæдынц, уымæн æмæ арфæтæ сæхицæй райдайынц, ома арфæты фыццаг хай æнæмæнг уыдонмæ фæхауы.

Уыдæттæ хорзыл банымайæм, фæлæ мæ равг цæмæн фендæрхуызон вæййы, уый зæгъынмæ хъавын.

Ирыстоны дард хъæуæй дзурынц радиомæ. Хуымæтæджы адæм. Уырыссаг æвзагæй ирон æвзаг хуыздæр чи зоны, ахæм адæм. Сæ хъуыдытæ æвдисынц иронау, радиойы кусæг, ирон мыггаг хæссæг сын дзуапп дæтты уырыссагау.

Куыд ис ахæм уавæрæн быхсæн? Цæмæн æм кæсæм æцæгæлон цæстæй? Кæд дæхи ирон хоныс, ирон радиойы кусыс æмæ иронау дыууæ ныхасы зæгъын дæ бон нæу, уæд уый дæ куыст нæу æмæ, уыцы хъуыддагмæ чи арæхсы, уымæн дæ бынат ратт. Диссаг уæм нæ фæкæсид, уырыссаг радиойы уырыссагау чи нæ зоны, ахæм адæймаг куы кусид, уæд? Фæкæсид, æвæццæгæн. Æвæццæгæн, нæ, фæлæ – фæкæсид. Уæдæ ирон радиойы, иронау чи нæ зоны, уый цæмæн кусы?

Посты кусæджы дæр хуымæтæджы афтæ нæ бафарстон.

Плиты Грисæн йæ «Авд цухъхъайæ» иуы аргъ дæр чи нæу, уый дæр йæ ныхмæ радзуры.

Студентæй-иу алчидæр хъæуæй йемæ исты хæринаг схаста. Иу хатт не 'мбæлттæй иу не 'ппæты дæр амбылдта: æнæхъæн хъыбыл нын физонæггондæй нæ фынгыл æрæвæрдта. Æппæт курсæй дæр нæ хорз федта.

Дыккаг бон Солти хъæуæй куы ссыд (æввахсдæр хъæутæй иуы цард æмæ институтмæ сæхицæй цыди), уæд цыдæр æнкъардхуыз уыди. Цы кæныс, зæгъгæ, йæ куы бафарстам, уæд нын афтæ:

– Хъыбыл нæхи разынди.

Терчы былты та Цыбырты Людвигимæ алы сæумæрайсомы хуызæн тезгъо кодтам. Нæ иумæйаг зонгæ ныл амбæлди æмæ йын йæ чиныг «Имена»-йæ диссаджы æппæлдтытæ фæкодта. Тынг зæрдиагæй йæ кæсын, чысыл йеддæмæ, дам, мын дзы нал аззад.

Æз мæхинымæр дисы бацыдтæн, ахæм зынаргъ чиныг балхæнын йæ цæст куыд бауарзта, зæгъгæ, фæлæ, фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй нæ зонгæ Людвиджы

чиныг кæсынмæ райста, автор æй кæмæн балæвар кодта, уымæй.

Мæ зæрдыл габроваг хъæлдзæг хабар æрлæууыд. Цæвиттон, болгайраг горæт Габровойы цæрджытæ зындгонд сты сæ чъындыдзинадæй. Сæ чъындыйы кой газетты дæр арæх ракæнынц. Уыцы хъуыддаг йæ зæрдæмæ нæ фæцыд иу габровагæн æмæ газеты редакцимæ йæ писмойы бартхъирæн кодта, нæ фыдгой кæнын куы нæ ныууадзат, уæд, дам, уын уæ газет мæ сыхагæй кæсынмæ нал исдзынæн.

Хъайтыхъты Геор Кучиты Эльбрусæн хъаст кодта (уæд Эльбрус æнæниздзинады министрæй куыста):

– Дохтырмæ бацыдтæн, мæ низæн мын исты хос скæн, зæгъгæ. Уый мæ фæуындтытæ кодта æмæ мын рецепт рафыста.

– Æмæ уый цæмæй дæ зæрдæмæ нæ фæцыд?

– Æз дзы хос агуырдтон, уый та мын рецепт радта.

Чи фæрынчын вæййы, уыдонæн зæрдæтæ æртæ хуызы авæрын. Иутæн фæзæгъын: адзæбæх уыдзынæ. Рынчынтæ дзæбæх куы нæ кæниккой, уæд зæххыл цæрæг нал уаид. Иннæтæн: тынг тæссаг дын у... куы адзæбæх уай, уымæй. Æртыккæгтæн – дæ хуыз нæу лæгъуыз.

Кæмæн сæ фæзæгъын, уыдоны зæрдæ цыма барухс вæййы, афтæ мæм кæсы.

Цъиусæр, зæгъгæ, нæм ахæм фидис дæр ис. Мæнмæ гæсгæ, цъиуы цæсты æфтауын нæ хъæуы. Цъиуы сæры цы зонд и, уый адæймаджы сæры куы уаид, уæд йæхи фесафынæн амæй-ай æвирхъаудæр хæцæнгæрзтæ хъуыды кæныны бæсты йæ цард фæхуыздæр кæныныл архаид.

Уæвгæ, цъиуы кой цы кæнын! Адæймаг мыстæй дæр æдылыдæр куы у, уæд! Зондджын лæг раст бафиппайдта, иу мыст дæр, дам, къæппæг нæма 'рхъуыды кодта, адæймаг та йæхи марынæн цынæ емынæ æрымысыди!

Мæ мады ’фсымæр Хæчъассæ-иу, мæрдтæн дыууæ кæрдзыны хæлар кæнгæйæ, афтæ зæгъаг уыд: «Уæ уæлæуон зæрдæ нæм дарут».

Иу хатт æй, афтæ цæмæн фæдзурыс, зæгъгæ, куы бафарстон, уæд мын загъта: «Мард сфыд-зæрдæ вæййы».

Мæ фыны кæимæдæр ныхас кодтон, фæлæ, цы загъта, уый нæ бамбæрстон æмæ йæ дыккаг хатт бафарстон. Нæ та йæ бамбæрстон. Æртыккаг хатт æй куы нæ бамбæрстон, уæд ыл сбустæ кодтон, хъæрдæрæй-ма дзур, зæгъгæ.

Мæ хъæр афтæ тынг рауад, æмæ æваст фехъал дæн. Мæ сæры февзæрд, зæрдæ кæмæй бамæгуыр, ахæм хъуыды: «Ай фыны дæр къуырма куы дæн!»

Слалом, зæгъгæ, ис спорты ахæм хуыз. Спортсмен митæмбæрзт къуыбырæй йæхи рауадзы зылын-мылын фæндагыл. Вæййы дзы тырысатæ сагъд. Хъуамæ уыцы фæндагыл æнæкъуылымпыйæ æрхæццæ уа кæронмæ. Фæндаджы дæргъ вæййы алыхуызон: нæлгоймæгты цæуын бахъæуы даргъдæр фæндагыл, сылгоймæгты — цыбырдæр. Зæгъæм, нæлгоймæгтæ хъуамæ адугъ кæной 500—600 метры. Тырысатæ фæндагыл вæййынц дыгæйттæ, се ’хсæн дæрддзæг та — 3-4 метры. Азгъорын фæхъæуы уыцы тырысаты астæуты. Куы фæрæдийай, уæд уæлахизыл дæ къух ауигъ.

Зæвæттæсдæрджыты ’хсæн ахæм «слаломисттæ» ис, фæндаг 600 метры нæ, фæлæ цалдæр километры куы уа, уæддæр æнæфæрæдигæйæ кæронмæ æрхæццæ уыдзысты. Ома, къæлæтджынил цавæрфæнды лæг куы ’рбада, уæддæр æм фæндаг ссардзысты.

Бæстæ гæртамисæгæй байдзаг. Чи зачеты тыххæй агуры «мызд», чи — фæлварæны тыххæй, чи — цæй тыххæй. Мæ зонгæйы бинойнаг уæлдæр ахуыргæнæндоны кусы, æмæ йын иу бон йæ лæг афтæ: «Иу дыууæ-æртæ мæйы бæрц цæй тыххæй фæбадай, ахæм гæртам-ма райс, æмæ дæ кæд уыцы цыбыр рæстæг уæддæр фервæзин».

Иуæй-иу хатт мæ мæ хæлæрттæй исчи искæимæ куы фæзонгæ кæны, уæд афтæ райдайы:

— Ацы лæджы нæ зоныс?

Уый, нæ зонын, зæгъгæ, куы фæзæгъы, уæд мæ амонын райдайы: «Дзасохты Музафер — зындгонд фыссæг...»

Ахæм заман мæнмæ та æндæрхуызон хъуыдытæ вæййы: «Ау, æцæгæйдæр кæд зындгонд дæн, уæд мæ амонын цæмæн хъæуы?»

Мæ сыхагæн, мæ кæстæр мæрдтæй кæй раздæхта, уымæн, афтæ зæгъын: «Мæ дохтыр лæппуйæн хъуыддаг кæнын мæ зæрды ис...» Уый мæ дарддæр дзурын нал бауагъта:

— Æз Аланы тыххæй фæсарæнтæй дæр æрбацæудзынæн.

Æрцæйхæццæ кодта уыцы бон. Мæ сыхагæн фехъусын кодтон, уæд æмæ дæ уæд чындзæхсæвмæ хонын, зæгъгæ. Уый мын афтæ:

— Æз уыцы рæстæг фæсарæнты уыдзынæн...

Ис ахæм æмбисонд: «зынг» зæгъынæй ком нæ судзы. Уый иронау нæ судзы «зынг» зæгъынæй ком, ома дзых. Стæй кæмттæ дæр алыхуызæттæ сты.

Ком уырыссагау — ущелье, зынг — огонь. Зæгъæм, уырыссагау æфсæддон разамонæг «Пли!» ома «Огонь!» куы зæгъа, уæд æфсæддонтæ æмгæрах фæкæндзысты, æмæ ком æгæр дæр ма ссудздзæн.

Æвæццæгæн «зынг!» зæгъынæй ком судзы, фæлæ дзых нæ судзы:

Дуне́тыл айхъуысдзæн дæ ном,
Куы уа æнæкæрон дæ тых...
«Зынг» зæгъынæй ыссудзы ком,
Фæлæ нæ судзы дзых.

Хъайтыхъты Геор мын афтæ:

— Хъæмпынхуд цæуыннæ дарын, уый зоныс?

Нæ зонын, зæгъгæ, куы загътон, уæд йæ мидбылты бахудт:

— Исчи мын, йæ зыгуым хъæмпæй бамбæрзта, зæгъгæ, куы зæгъа, уымæй тæрсын.

Рифмæйы зæрдæхудт райсынæй чи нæ тæрсы, уыдон цыма æгæр сбирæ сты, афтæ мæм кæсы. Иутæ хуымætæджы рифмæты ахæстæй фервæзынхъом не сты, иннæтæ та йын аргъ нæ кæнынц. Фыццæгтæ рифмæтæ кæнынц саст-раст, маст-хъазт æ.а.д. Дыккæгтæ та ахæм рифмæтæ æрхъуыды кодтой, æмæ сæ рифмæтæ сæхи йеддæмæ ничи схондзæн, афтæмæй та нæ фыдæлтæ рифмæйæн стыр аргъ кодтой, стæй рифмæтæ арынмæ афтæ дæсны уыдысты, æмæ сæ уыцы хъуыддаджы никæцы поэт амбулдзæн.

Мæ гыццылæй фæстæмæ мæ зæрдыл бадардтон кæцыдæр зарæджы ахæм дыууæ рæнхъы:

Елхоты соса – урс дурæй амад,
Нанайы лæппу усгурæй амард.

Ахæм рифмæтæ нырыккон поэттæй искæмæ разына, уый æнхъæл нæ дæн.

Хисты бадджытæй иу фыдызгъæл кæрдынмæ йæ хæрынкъа систа. Йæ астæу афтæ баихсыд, æмæ, кæд фæдыууæ уыдзæн, уый бæрæг нæ уыд. Йæ ныхмæ чи бадт, уыдонæй йæм иу фæкомкоммæ:

– Дæ хæрынкъа дыууæ хистæй фылдæры фаг нал у.

Иу лæг йе ’ртыккæгæмкъласон фыртæн алы «фондз»-æн дæр туман лæвæрдта. Иу бон та лæппу скъолайæ ’рбацыд, йæ боныг йæ хызынæй фелвæста æмæ йæ цингæнгæ йæ фыдмæ бадавта:

– Æркæс-ма, папæ, абон фондз «фондз»ы райстон!

Хъыгагæн, ацы хатт фыды дзыппы æхца нæ разынд.

Лæппуйы цин фæдзæгъæл æмæ йæ фыды мадæн рахъаст кодта:

– Нана, папæ мæ мæ куыстæй systa: мызд мын нал фиды!..

Ирон чингуыты тиражмæ куы фæкомкоммæ вæййын, уæд мæ зæрдæ бариссы: 300 кæнæ 500 экземпляры. Уыдон дæр дæсгай азты æнæлхæдæй лæууынц.

Мæхинымæр афтæ ахъуыды кæнын: ау, æнæхъæн Ирыстоны 300-500 ироны дæр нал ис?

Æмæ, дам, ирон æвзагæн сæфæн нæй! Кæцыфæнды æвзаг дæр фесæфдзæн, дзурæг ыл куы нæ уа, уæд. Мæнæ куыд фыста 1908 азы журнал «Вестник воспитания»: «...всеобщая грамотность будет достигнута только через 280 лет». 1914 азы æфсадмæ кæй кодтой, уыцы мин лæппуйæ кæсын æмæ фыссын зыдта æрмæстдæр 400.

Советон хицаудзинад йæ зæрдæмæ кæмæн нæ цыд, уыдонæй иу, философ Ильин Иван, фыста: «Россия рухнула прежде всего от невежества». Афтæ зæгъынæн цæсгом дæр хъæуы. Рухнувшая Россия ликвидировала неграмотность. Уæрæсе бынтондæр бабын уыдзæн, ныртæккæ цы фæндагыл æрлæууыд, ууыл дарддæр цæуынвæнд куы скæна, уæд.

Юркин Валентин, рауагъдад «Молодая гвардия»-йы генералон директор, та афтæ зæгъы: «За два рыночных десятилетия средние тиражи в России снизились в 20-30 раз. Сегодня тиражи до 500 экземпляров составляют почти половину Федерального книгоиздания».

Цалдæр ныхасы ма Одоевцева Иринæйы фыстытæй: «Только деградация общества может отодвинуть литературу на окраину жизни. Высокоразвитое общество выдвигает книгу и чтение на самое видное место».

Кæд райгуырдтæн, уæд мæлгæ цæмæн кæндзынæн? Кæд мæлгæ кæндзынæн, уæд цæмæн райгуырдтæн?

Ацы фæрстытæн мын дзуапп чи ратдзæн, уый нæ зонын. Æмбарын, бынтон зондджын фæрстытæ кæй не сты, уый дæр æмæ сын, мæхимæ растдæр чи кæсы, ахæм дзуæппытæ мæхæдæг ратдзынæн.

Гуыргæ ракодтон, цæмæй фæцæрон, уый тыххæй, мæлгæ та акæндзынæн, кæй фæцардтæн, уый тыххæй.

Математикæйæн, зæгъæн ис, æмæ æппындæр ницы ’мбæрстон, стæй йын, æргом дзургæйæ, ныр дæр ницы ’мбарын. Цыппæрæм къласы онг цы хынцинæгтæ кæнын хъуыд, уыдон иууылдæр мæхæдæг кодтон. Цæй фæрцы,

уый нæ зонын. Чи зоны, мæ ахуыргæнæг Сопойты Мухарбег кæй уыд, уый тыххæй. Чи зоны, уыцы хынцинæгтæ афтæ зын нæма уыдысты, фæлæ бæлвырдæй зæгъæн ис: мæнæй уый цыппæрæм къласæй фæстæмæ иу хынцинаг дæр йæ дзуаппы онг никуыуал ахæццæ кодта. Мæ ахуыргæнджытæ мын, æвæццæгæн, мæ «арæхстдзинæдтыл» бауæндыдысты æмæ мын барын райдыдтой. Æрмæст мыниу, цыма æмдзырд бакодтой, уый хуызæн загътой: хынцинаг дын кæйонгты уайа, уыйонгты-иу æй скæн, æмæ нæ уырндзæн, кæй йыл куыстай, уый. Æз дæр афтæ кæнын райдыдтон, æмæ мæ хæс уымæй æххæстгондыл нымад цыдис.

Куы зæгъын, мæхи нымадтон æмæ нымайын, хынцынмæ курдиат кæмæ нæй, ахæм адæймагыл. Фæлæ хæрзæрæджы уыцы хъуыдыйыл дызæрдыг кæнын райдыдтон...

Цæвиттон, ме 'дылы хъуыдыты куы ацыдтæн (ахæм уавæры та арæх бахауын), уæд мæ сæры сæвзæрд фарст æмæ йæ радтон, хуымæтæджы адæймаг нæ, фæлæ, математикæйæ профессоры ном чи хæссы, ахæм ахуыргондмæ. Фарст та уыди ахæм: «Иу нымæц иннæмæ куы бафтауай, уæд фылдæр уыдзæн æви иу нымæц иннæуыл куы ахатт кæнай, уæд?» — «Кæй зæгъын æй хъæуы, иу нымæц иннæуыл куы ахатт кæнай, уæд», — æнæахъуыдыгæнгæйæ мын дзуапп радта профессор.

«Мæнмæ гæсгæ, уый бынтон раст нæу», — загътон ын æз. Цæуыннæ, зæгъгæ, мæ куы бафарста, уæд ын дзуапп радтон: «Зæгъæм, иу иуыл куы ахатт кæнай, уæддæр уыдзæн иу, фæлæ иумæ иу куы бафтауай, уæд та уыдзæн дыууæ».

Лæг йæ мидбылты æнæбон худт бакодта æмæ, раст кæй нæ уыд, ууыл басаст.

Спорты хабæрттæй цыдæртæ мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Цыма, мæ зæрдæмæ цы цæуы æмæ цы нæ цæуы, уый искуы нымад у, уый хуызæн. Фæлæ уæддæр мæ хъуыды зæгъын мæхицæн хæсыл нымайын.

Спортсменты æлхæнгæ æмæ уæй кæй кæнынц, уый мæм хорз нæ кæсы. Фыццаджыдæр, адæймаг дзаума кæнæ æндæр исты æнæуд предмет нæу æмæ йæ хъуамæ уæйгæнæн дæр ма уа æмæ 'лхæнæн дæр. Иннæмæй та, хъуамæ

лæг йæхæдæг йæхи уæййаг æмæ æлхæнинаджы уавæры ма ’вæра, цыфæнды бирæ æхцатæ йын куы фидой, уæд дæр.

Фылдæр æхца кæмæ ис, уый командæ у тыхджындæр, фылдæр чи бакуыста кæнæ та, фылдæр бакусын йæ бон кæмæн у, уый командæ нæ фæлæ. Нæй ацы хъуыддаджы рæстдзинад. Зæгъæм, аивады кусджытæ дæр афтæ кæнын куы райдаиккой, уæд дзы цы рауаид?

Хуымæтæджы дæнцæг æрхæссæм.

Дунейы зындгонд фысджытæ куыннæ ис! Уыдоны ’хсæн ис Нобелы премийы лауреаттæ дæр. Ирыстоны ахæм хъæздыг лæг, суанг хъæздыг дæр ма уæд, фæлæ йæ ныхасмæ кæмæн байхъусой, ахæм лæг фæзынд, æмæ Ирыстонмæ æрбацæуыныл сразы кодта дунейы тæккæ хуыздæр фысджыты æмæ сæ ныллæууын кодта Ирыстоны Фысджыты цæдисы, уæд ма мах организацийæ тыхджындæр кæм уаид!

Иу хæдтæхæг баххуырс, фысджыты дзы сбадын кæн æмæ Эвересты хохмæ атæх, йæ цъуппыл æрбад æмæ уырдыгæй æппæт дунейыл ныхъхъæр кæн: «Цæгат Ирыстоны Фысджыты цæдисæй тыхджындæр дунейы нæй!»

Адæмæй ницы ирвæзы. Партийы обкомæн Пушкины уынджы ног бæстыхай куы сарæзтой, уæд ахæм ныхас райхъуыст, хорз ран, дам, æрбынат кодтой партион кусджытæ: сæ иуфарсæрдыгæй – диссаджы æрдз, сæ бакомкоммæ – стадион, уый фарсмæ – зæрæдты хæдзар, чысыл дарддæр – уæлмæрдтæ...

Иу лæг Хуыцаумæ афтæ куывта: «Ме Скæнæг, мæ Раттæг Стыр Хуыцау, ацы зæххыл дзæвгар фæцардтæн, федтон цин дæр, зын дæр æмæ Дæ иу хъуыддаг курын: æз ам сахуыр дæн æмæ мæ, дæ хорзæхæй, ам ныууадз, мæрдты бæстæйы мын кæд бынат дзæнæты уыдзæн, уæддæр мæм ам хуыздæр кæсы».

Нæ зарæггæнджытæй нын иу та ахæм зæрдæ бавæрдта: «Æз уын ме сфæлдыстадæй уæ зæрдæтæ хъарм кæндзынæн».

Чи зоны, уыцы арфæйыл чидæр бацин кæны, фæлæ мæнæн фаг æмбæрстгонд нæу. Адæм зæрдæхъæрмттæ кæмæй кæной, уыцы аивад пайда уа, уый мæ нæ уырны.

Ацы хабар Хъайтыхъты Евдокимæй фехъуыстон. Гастрольты, дам, Уралы уыдыстæм, æмæ нæ чызджытæ дыууæйæ таксийы абадтысты. Цæмæй сæ таксист ма бамбара, уый тыххæй сыгъдæг иронау дзырдтой.

Иу заман дзы иу иннæмæн афтæ:

– Нæ таксистæн цы противный мордæ ис!

Таксист уый айхъуыста, цы! – машинæ фæурæдта æмæ сæ сæ къабадздзæгтæй раппæрста, противный мордæ кæмæн нæй, ахæм таксист ссарут, зæгъгæ.

Машинæ дзæвгар куы адард, уæд чызг йе 'мбалæн афтæ:

– Æвæццæгæн, нæ таксист ирон уыди!..

Хайдон Мичурины хъæуæй Æрыдоны 'хсæн кæлы. Йæ сæрты хидыл нæ машинæ фæцæйтахт. Бынмæ ныккастæн, æмæ донвæд иууылдæр – хус.

Цыма ахæм донæн йæ ном ивинаг у, афтæ мæм фæкаст. Цавæрæй? Æвæццæгæн ыл Æнæхайдон хуыздæр сфидауид.

Людвиджы чызг Маринæ, Цхинвалы цы альманах цæуын райдыдта, «Южный Кавказ», зæгъгæ, уый редколлегийы уæнг у. Ацы аз сæ автортæй цалдæры ахуыдтой Лондонмæ. Ирыстонæй дзы уыдысты Маринæ, Хъазиты Мелитон æмæ Челæхсаты Магрез. Уыцы хабар мын куы дзырдтой, уæд сын уайдзæфгæнæгау загътон:

– Кæд йæ ном «М»-йæ кæмæн райдайы, уыдон хуыдтой, уæд мæн цæмæн фæхъулон кодтат?

Институты кæимæ ахуыр кодтон, уыдонæй иу чызг афтæ дзураг уыд (æлгъитаг зæгъын мæ цæст нæ уарзы, уымæн æмæ-иу æй æлгъитыны хуызы нæ загъта – æвæццæгæн, кæддæр кæмæйдæр цы фехъуыста, уый дзурыныл

фæцахуыр. Чи зоны, цы амоны æмæ кæцырдæм цæвы, ууылиу хъуыды дæр нæ акодта, афтæмæй): «Бабын уай!»

Нæ сыхæгтæм-иу уазæгуаты арæх æрцыди мæ карæн лæппу. Зарынмæ афтæ дæсны уыд, æмæ-иу æй хистæртæ чындзæхсæв, чызгæрвыст кæнæ куывды семæ сбадын кодтой, æмæ-иу сын зарыди. Уый та, æппындæр ын ницы 'фсон уыдаид, афтæмæй дæр-иу дæ фыдæлгъыст ракодтаид: «Кæуынмæ дæм фæцæуæнт!» Уый дæр мæстджынæй нæ. Цæмæдæр гæсгæ-иу æм афтæ каст, цыма дзы, адæймаг дæм цæмæй фæхæрам уа, ахæмæй ницы ис.

Сæ фыдæлгъыстытæ æлгъыстытыл чи нæ нымадта, уыдон сæ дыууæ дæр æгас нал сты. Чызгæн йæ мад, йæ кæстæр æфсымæр æмæ йæ сæрыхицау йæхицæй раздæр амардысты. Лæппуйы царды хабæрттæн ницы зонын, фæлæ уый дæр, чи зоны, кæй-иу æлгъыста, уыдоны разæй фæци.

Æмæ, дам, уый фæстæ афтæ ма ахъуыды кæн: «Æлгъитæгæн йе 'лгъыст йæхиуыл цæуы».

Астæуккæгтимæ цæуынæй хуыздæр, æвæццæгæн, ницы ис. Æвæццæгæн нæ, фæлæ æцæгæй дæр афтæ у. Уый уынæм не 'рвылбоны царды дæр. Дæнцæгтæ бирæ æрхæссæн ис. Зæгъæм, чызгæн арфæ куы фæкæнынц, уæд ын, тынг хорз амонд дæ хай, зæгъгæ, нæ фæзæгъынц, уымæн æмæ æнæ «тынг»-æй дæр чысыл никæмæ фæкæсдзæн. Иннæ ахæм: дæ бон хорз! Дæ бон тынг хорз, зæгъгæ, дын ничи раарфæ кæндзæн.

Къоста йе 'мдзæвгæ «Сæрд»-ы фыссы:

Цæвæгæй, мæхъитæй,
Æхсырфæй – цæттæ,
Хорз байрай, мæ бæстон,
Кæмдæриддæр дæ!

Уæдæ Калоты Хазби дæр хуымæтæджы нæ ныффыста: «Хорзæй баззай, мæ райгуырæн Ир!..»

Дæнцæгтæн кæрон нæй...

Мæ сыхаг хъæздыг у – дзыппæй, фæлæ йæ мулкимæ куыд мæгуыр у, уый куы зонид, уæд йæхицæн тæригъæд кæнид.

Æз, хуымæтæг адæймаджы цард кæнгæйæ, мæхи мæгуыр кæй нæ хонын, уый куы зонид, уæд мæм, чи зоны, хæлæг кænид.

Уырыссагау дзургæйæ, искуы-иу хатт куы фæрæдийын, уæд фырæфсæрмæй мæ цæсгомы сырх иуцасдæр нал ссæуы. Уæд, йæхи ирон чи хоны, уыдон, сæ мадæлон æвзаг кæй нæ зонынц, уымæй æфсæрмы цæуыннæ кæнынц? Рæдыды кой нал кæнын, уымæн æмæ иронау дæ алы дзырды дæр цалдæр рæдыды куы кæнай, уæддæр диссаг никæмæ фæкæсдзæн. Дис нæ, фæлæ ма цин дæр бакæндзысты, æгайтма иронау дзурынил архайы, зæгъгæ.

Цымæ ма мах хуызæн адæм искуы ис? Хуыцау дын ахæм диссаджы æвзаг раттæд æмæ йыл былысчъилтæ кæн!

Ныхæстæ кæм æвæрд уой, стæй сын цавæр сыхæгтæ уа, уымæй бирæ аразгæ у.

«Сау лæппу» куы зæгъай, уæд дæ цæстытыл ауайдзæн саджы фисынтыл амад гуырд. Фæлæ «сау лæг» куы зæгъай, уæд дæ равг фæцыдæр уыдзæн, уымæн æмæ сау лæг, сау марой кæнын кæуыл хъæуы, ахæм адæймаг у.

Сау лæг саузæрдæйæ дæр фауинагдæр у, уымæн æмæ сау лæг цыфæнды æнаккаг ми куы бакæна, уæддæр йæ цæсгом нæ фæсырх уыдзæн, уымæн æмæ сауыл сырх нæ зыны.

Мæ бинойнагæн йæ гуырæн боны фæдыл бадты йе 'мбал ахæм арфæ ракодта: «Музаферимæ бирæ азты æнæмастæй фæцæрут!»

Æз æм мæ ныхас баппæрстон:

– Бирæ азтæ Хуыцауæй ракурæн ис, фæлæ дын æнæмаст цардæй исты зæрдæ бавæра, уый æнхъæл нæ дæн.

Æртиссæдз азы мыл куы сæххæст, уæд æй бæрæг кодтой мæ райгуырæн хъæуы. Уый уыди 1997 азы 4 февралы. Уыйбæрц адæм æрцæуудзæн, уый мæ

никуы бауырныдтаид. Суанг ма республикæйы фыццаг президент Галазты Æхсар дæр нæ фæзивæг кодта.

Уыдысты дзы чингуыты рауагъдад «Ир»-ы кусджытæ, уыдонимæ аивадон редактор Дзанайты Ирæ дæр. Раст уыцы бон уыди Ирæйы гуырæн бон. Æмæ дын афтæ куы бакæнид: «Бæрæгъуын мын мæ гуырæн бон афтæ скаджын кæндзысты, уый æнхъæл нæ уыдтæн».

Мæ царды кæрон æрбахæстæг кæны. Æнусы æртæцыппæрæмхайы чи фæцард, уый ма иу уыйбæрц фæцæра, уый æнхъæл нæ дæн. Федтон зындзинæдтæ. Фагæй фылдæр. Бирæ цæссыг фæкалдтон. Мæ буары хæйттæй мæ зæрдæйæ фылдæр æмæ уæззаудæр цæфтæ никæцыйыл ауад. Иннæ цæфтæ байгас сты, ностæ йеддæмæ дзы ницыуал баззад, фæлæ зæрдæйы хъæдгæмттæ гомæй лæууынц. Кæцыфæндымæ дзы куы баныдзæвай, уæддæр йæ туг фемæхсы. Туг кæлынæй куы банцайы, уæд та йæ цæссыгтæ раивынц.

Мæ царды райдайæны цытæ бавзæрстон, уыдон фагæй фылдæр уыдысты. Фæлæ хъысмæтмæ æгъгъæд нæ фæкастысты. Ацы рæнхъытæ чи ныффыста, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ, цæмæ бæллы, уый алкæйы зæрдæмæ дæр фæцæудзæн:

Уж если жизни без печали
Не может даровать творец,
Пусть беды все придут вначале,
И все удачи – под конец.

Куы зæгъын, хъысмæт мын мæ царды фыццаг æвддæс азы цытæ бавзарын кодта, уыдон фагæй фылдæр уыдысты, фæлæ мæ цард йæ хъизæмæртты уæзæй абон дæр нæма фервæзын кодта. Уæддæр хъысмæтæй нæ хъаст кæнын, уымæн æмæ ацы дунейы мæнæй уæлдай иннæтæй дæр никæуыл бацауæрста. Кæд дзы кæйдæрты цард, иуфарсæрдыгæй кæсгæйæ, амонддæжын рахонынц, уæддæр дзы алкæмæн дæр йæхи судзгæ фыдтæ ис. Уымæ гæсгæ, Некрасовы загъдау:

...Не сменяю ни на чью
Судьбу печальную мою,
Хоть ею очень недоволен.

Хъуппеты Хъазыбегимæ иу аз, иу мæй æмæ иу бон райгуырдыстæм. Æмгæрттæ стæм, фæлæ нæ уæддæр иу хистæр у, æрмæст – чи, уый абон ничиуал сбæрæг кæндзæн.

Айфыццаг зианы сæмбæлдтæн, – хъыгагæн, арæхдæр зианты æмбæлæм, стæй канд мах нæ, – æмæ мæ кæимæдæр куы зонгæ кодта, уæд мæ йæ фаззон рахуыдта.

Æвзæр адæм дыууæ мыггаджы сты. Иутæ дзы адæймаджы хæрæгау ныууасын кæндзысты, иннæтæ – куыдзау срæйын кæндзысты.

Бесланыхъæуы зианы лæууæм. Камалмæ радыгай йæ хъæуккæгтæ цæуынц æмæ йыл цинтæ кæнынц. Сæ фылдæр уыдысты, рагæй йæ чинæуал федта, ахæмтæ. Фæстагмæ йæм чи ’рбацыд, уый йæ, æвæццæгæн, се ’ппæтæй раздæрæй нырмæ нал федта æмæ йыл уымæ гæсгæ иннæтæй тынгдæр бацин кодта:

– Æппынкъаддæр дæ æнусы æмбис уæддæр нæ федтон!..

Æз æм нал фæлæууыдтæн æмæ йын афтæ:

– Мæн æппындæр куы никуы федтай, уæд мæныл цæуыннæ цин кæныс?

Урон лæг Назраны бухархуд æлхæдта. Куы иу худ йæ сæрыл акæны, куы – иннæ æмæ та уæйгæнæджы афæрсы:

– Какой размер?

Афтæ йæ цалдæр хатты куы бафарста, уæд ыл уæйгæнæг сбустæ кодта:

– Что, голова дома забыл?

Мурат быцæу кæимæ уыд, иу ахæм лæг мæ цуры йæ фыдгой кæны. Мæ цуры, зæгъгæ, цалдæр уыдыстæм. Махæй ничи ницы дзырдта, стæй нæ исчи исты зæгъинаг куы уыдаид, уæддæр цыма, цалынмæ дзурæг йæ ныхас фæуыдаид, уæдмæ йæ дзых схæлиу кæнынá рад

никæмæ ’рхаудаид, афтæ мæм каст. Кæддæр-уæддæр йæ ныхæстæ конд фесты. Æз, цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый цæттæйæ дардтон æмæ мын куыддæр фадат фæцис, афтæ загътон:

– Мураты æз ахæмæй нæ зонын...

Лæг фæуыргъуыйау. Æвæццæгæн, æнхъæлмæ каст, махæй ма йын алчидæр йæ ныхæстыл кæй бафтаудзæн, уымæ, фæлæ, мæ фæстæ куы ничиуал ницы загъта, уæд уый дæр ницыуал сдзырдта. Мæнмæ та уæдæй фæстæмæ знаджы зæрдæ бадардта. Уымæн тæккæ хуыздæр æвдисæн: йæ амæлæты бонмæ мæм дзыхæй нал сдзырдта.

Мæ зæрдыл та кæддæры хабæрттæ æрлæууыдысты. Одинцовы рæстæджы радиойы хицауæй куы куыстон, уæд мæ æнаххосæй куы бафхæрдтой, уыцы бонтæ та мын сног сты. Иу радиобакасты Хъæбæлоты Билары хъæлæс куы райхъуыст, уæд, йемæ бирæ азты чи фæкуыста, уыдонæй иу дæр йæ сæрыл не сдзырдта. Йæ сæрыл нæ, фæлæ иууылдæр Одинцовы фарс рахæцыдысты, мæнæн та партион æгъдауæй, карздæр нæй, ахæм тæрхон рахастой: мæ партион хыгъды карточкæйы мын ныффыстой тæккæ карздæр æфхæрд.

Куы зæгъын, Хъæбæлоты Билары фыдгой сæ цуры кодтой, йе стыр рæдыдтыты тыххæй йæ куыстæй ист кæй æрцыд, уый тыххæй, дам, хъуамæ йæ хъæлæс радиойæ ма райхъуыстаид. Куыннæ хъуамæ æрымысон Дени Дидройы ныхæстæ: «Мы считаем трусом того, кто допустил, чтобы в его присутствии оскорбительно отзывались о его друге».

Сæумæрайсом, фондз сахаты дæр нæма уыд, афтæ райхъал дæн. Рудзынгæй акастæн, æмæ æдде лыстæг сæлфынæг кодта. Терчы былмæ цæуын афонмæ ма сахатæй фылдæр хъуыд, стæй, къæвда куы фæтынгдæр уа, уымæй дæр тарстæн æмæ фæстæмæ æрхуыссыдтæн. Уайтагъд афынæй дæн æмæ федтон диссаджы фын. Цыма февзæрдтæн, ныртæккæ кæм кусын æмæ дыууиссæдз азы цы бæстыхаймæ цæуын, уыцы хæдзармæ бахизæны.

Кæимæ лæууыдтæн, уый мæ ферох, фæлæ иу кæимæдæр ныхæстæ кодтон. Уалынмæ фæстæмæ фæкастæн, æмæ дын хæдзарæй Мамсыраты Дæбе куы рахизид. Æрвхуызцъæх плащ æмæ йыл ахæм хуыз цилиндр. Куы йæ ауыдтон,

уæд мæ зæрдæ цинæй айдзаг æмæ йæ мæ хъæбысы ныккодтон. Йæ фенд мын афтæ æхсызгон уыд, æмæ фырцинæй мæ цæссыгтæ фемæхстысты. Стæй мæ цин кæуынмæ рахызт. Мемæ чи уыд, уымæй дæр нæ фефсæрмы дæн, афтæмæй хъæрæй ныккуыдтон. Уыцы рæстæг кæцæйдæр фæзынд Мурат. Нæ иуфæрсты Терчы 'рдæм тагъд-тагъд фæцæйуад. Мах цыма уынгæ дæр нæ фæкодта, уый хуызæн нæ рæзты аивгъуыдта. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ фæкаст, цыма нæ уынгæ дæр фæкодта, мæ кæуын дæр мын фехъуыста, фæлæ нæм уæддæр не 'рлæууыд...

Адæймаг куы цæра, уæд фынтæй фылдæр цы уыны! Иутæ дзы лæджы мæты баппарынц, иннæтæ та йын цины хос фæвæййынц. Кæд мын мæ бирæ фынтæй искæцы æхсызгондзинад æрхаста, уæд ацы фын дæр. Фынтæ, кæй зæгъын æй хъæуы, уайтагъд æрбайрох вæййынц, фæлæ дзы иуæй-иутæ рох кæнын нал бакомынц. Афтæ мæм кæсы, цыма мæ ацы фын дæр никуыуал ферох уыдзæн.

Рухсаг уæнт, кæй фæрцы мæ нал ферох уыдзæн, уыдон дыууæйæ дæр: Дæбе дæр æмæ Мурат дæр! Мæрдты дзæнæты бадæнт. Хуыцау мæ æцæг дунейы сæ уындæй æнæхай ма фæкæнæд.

Веринкæ-иу хуыйгæ, цъында кæнгæйæ, кæнæ та æндæр исты кусгæйæ, мынæг хъæлæсæй ацы зарæг зарыд:

Æнæрай фæуай, цы сау лæппу дæ,
Ацы сагъæсты мæн чи бафтыдта.
Чи-иу мæм касти йæ худы бынты,
Æнæ мæн кафын чи нæуал куымдта...

Радиойæ йæ куы фæзарынц, уæд мæ мад мæ зæрдыл æрбалæууы æмæ мæ кæуын мæ былалгъыл абады, мæ цæстытæ донæй айдзаг вæййынц...

Сергей æмæ Савели иу ран куыстой. Хъазæн ныхæстæй кæрæдзиуыл нæ ауæрстой. Савели-иу Сергейыл куы амбæлд, уæд-иу æй афарста: «Уæ бæх ма къуылых у?» Сергей-иу уæзданæй йæ мидбылты бахудт, æмæ-иу хъуыддаг ууыл ахицæн. Афтæ иу хатт, иннæ хатт.

Сергеймæ, æвæццæгæн, хардзау кæсын райдыдта, йæ сахъат ын (къуылых уыд) йæ цæстмæ кæй бадары, уый, æмæ ма йæ фæстаг хатт куы афарста, уæ бæх ма къуылых у, зæгъгæ, уæд ын Сергей дæр йæ хъулмæ тохси бауылдта: «Къуылыхыл мын куы баззадаид, фæлæ ма мын йæ иу цæстæй дæр нал уыны (Савели сохъхъыр уыд).

Уæдæй фæстæмæ Савели бæхæн йæхи кой дæр нал скодта, йæ къуылыхы кой дæр.

Камал йæ хъæуккæгтæй кæйдæр кой фæкæны. Уазæгуаты уыди, æмæ йын карк аргæвстой. Фынгыл æй, цы ’мбæлди, уыимæ æрæвæрдтой. Хæдзары æфсин цалынмæ кæрты йæ изæры зылдтытыл уыди, уæдмæ уазæг карк фæдæле кодта. Уалынмæ сылгоймаг фæзынд. Фынгыл каркæн йæ кой дæр куынæуал уыд, уæд уазæджы фæрсы:

— Карчы стджытæ куыдзæн аппарон, цы сæ фæкодтай?

— Æмæ карчы та цæй стæг и? — йæ фарстæн ын фарстæй дзуапп радта лæг.

Мæхимæ тæригъæдджын кæсын, хорздзинад чи не ’мбары, уыдонæн цыдæр хорздзинæдтæ кæй фæдæн, уый тыххæй. Уæвгæ, цæмæй хæйрæг уыдтæн, искуы мын мæ гыццыл хорздзинæдтæ стыр æвзæрдзинæдтæй фидджытæ фæуыдзæн, уый. Мæхи аххос ма дзы цы у: сæ гæды митæ сын æцæг цæмæн æнхъæлдтон, цæмæн сын æууæндыдтæн сæ фæлитой ныхæстыл? Иу хатт мæ уæддæр дызæрдыджы цæуыннæ бафтыдтой?

Уæвгæ, адæймаг халон нæу: йе уæны нæ кæсы. Санаты Семы миниуджытæ дæр мæм нæй, æндæр сæ мæхи хуызæн не ’нхъæлдтаин.

Фатимæ мын иу хатт афтæ: «Искуыдæм дæ æнæ мæн куы хуындæуа, уæд сын-иу зæгъ: «Æз иунæгæй никуыдæм фæцæуын».

Гыццылæй-иу нæ исчи хистæртæм йæ дыууæ къухы куы бадардта, цæмæй йæм, цы йын лæвæрдтой, уы-

мæй фылдæр æрхаудаид, уый тыххæй, уæд-иу хатгай ахæм зæгъджытæ фæци: «Дæ дыууæ къухы та-иу дæ мадмæ бадар!»

Мæ дыууæ къухы нæ, фæлæ Веринкæмæ бирæ фылдæр къухтæ куы бадарин, уæддæр мын сæ афтидæй нæ раздахид, фæлæ мын ныр фæндзай аст азы ацы зæххыл куынæуал ис, уæд цы бакæнон?

Мады зæрдæйы уыйбæрц бæркад ис, æмæ, цалынмæ цæра, уæдмæ йæ йæ цотыл уардзæн, фæлæ йæ уæддæр уæрст нæ фæуыдзæн.

Кæсын мæ кусæн уатæй æмæ мæ цæст æрхæцыд цъæхсыфтæр бæласыл. Иннæ бæлæстæй чи бынтон сбæгънæг, кæуыл та ма дзы иугай бур сыфтæ аззад. Ацы бæлас та цъæх-цъæхидæй лæууы, афтæмæй фæззæг йæ кæронмæ фæхæццæ кæны…

Нывгæнæг куы уаин, уый мæ ныртæккæйы хуызæн никуы фæнды. Дыууæ дынджыр хæдзары астæу бæрзонд фæцыд æмæ цыма, уырыссаг театр æмæ, раздæр суартæ кæм уæй кодтой, уыцы хæдзарæн афтæ зæгъы: «Тæрсгæ ма кæнут, нæ горæты канд дурæй амад хæдзæрттæ нæй, фæлæ ма дзы ис, зæххимæ фидар баст чи у æмæ йæ къабæзты зæххы сой кæмæн зилдух кæны, ахæм зайæгойтæ дæр. Уыдон дурын хæдзæртты цæрæг адæмæн хæссынц цин æмæ зæрдæрухс. Стæй, кæд уынгтæ иууылдæр асфальтæй æмбæрзт сты, уæддæр æппæт саумæр бамбæхсын сæ бон нæу. Афтæ кæй у, уымæн æз æвдисæн. Уæвгæ, уый тыххæй дзурын нæ хъæуы, уæхæдæг мæ уынут!»

Мæ фыды тыххæй æрæджыйы онг ницы зыдтон. Ныр цыдæр бæлвырддзинæдтимæ базонгæ дæн. Мæ хистæр лæппу мын йе ’мкусæг Таутиаты Фатимæйы æххуысæй интернеты ссардта ахæм бæрæггæнæнтæ: «Йе ’фсæддон цин уыдис сержант, æнæбæрæгæй фесæфт 1943 азы, апрелы мæй. Райгуырд Садоны районы, Бадыхъæуы. Хæстмæ йæм фæсидтысты Æрыдоны районы æфсæддон комиссарадæй».

Интернеты цы гæххætt разынд, уый хуыйны «Информация из документов, уточняющих потери». Кæд уточняющих хуыйны, уæддæр дзы ис «неточности». Мæ фыдæн йæ мыггаг раст фыст у, фæлæ йæ ном Созрикойы бæсты фыст æрцыд Созарико. Йæ фыд хуынди Елдзарыхъо, фыст та у Ельзарикович. Раст амынд нæу йæ райгуырды аз дæр: 1904 азы бæсты йæ банымадæуыд 1918 азы гуырдыл.

Мæ фыд æнæбæрæгæй кæй фесæфт, уый чысылæй нырмæ хъусын, фæлæ ацы гæххætты фæстæ хъуыддаг иуцасдæр фæбæлвырддæр. Уæвгæ, куы фесæфт, ууыл дæсгай азтæ рацыд, кæд мын уыцы хъуыддагыл бауæндын зын у, уæддæр. Хæсты документон лентытæм куы фæкæсын, уæддæр ма йæ фенынил мæ зæрдæ фæдарын. Дзæгъæлы нæ фæзæгъынц: ныфсæн мæлæт нæй. Кæд ын ис, уæд та лæгæн йæхиимæ.

Зонддджын адæмæй чидæр афтæ загъта, цæмæй йыл тынгдæр бауæндой, уый тыххæй дзургæйæ, йæ рахиз къух йæ зæрдæйыл чи авæры, ууыл, дам, æууæнк нæй. Уыцы ныхæстæ мæм цæмæдæр гæсгæ раст кæсынц, уымæн æмæ, афтæ чи кæны, уый, æвæццæгæн, йæ ныхæстыл йæхæдæг дæр нæ феууæнды. Стæй арæх чи фæсомы кæны, уыдоныл дæр къаддæр æууæнк ис. Цыфæнды хъуыддаг дæр иударон куы скæнай, уæд канд адæмы цæсты нæ, фæлæ сомыгæнæгæн йæхи цæсты дæр нал фæахады.

Библийы дæр Хуыцауы ном æгæр арæх дзурынæй уымæн хизынц æууæндæг адæмы: «Не произноси Господа Бога твоего всуе». Уый тыххæй ирон æмбисонд дæр ис: «Фырсомы – æнæсомы».

Куырыхон адæм кæцыфæнды дуджы дæр вæййы. Зонды ныхæстæй цы нæ загътой, ахæм, æвæццæгæн, нал баззадис. Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Ацы арвы бын ногæй ницы ис». Мæнæ куыд фыссы зонды ныхæстæ æмбырдгæнæг Павлов В. П. «Есть свидетельства, что многие этические высказывания Демокрита – это афоризмы многих предшествующих авторов. То же говорили об изречениях семи мудрецов».

Йæхи, дам, искæй ныхмæ куы фæфыссы, уæд йеддæмæ никуы фæуарзы. Фысгæ та æхсæвæй-бонæй кæны. Уæдæ афтæ: йæхи кæд нæ фæуарзы, ахæм дуг ыл никуы скæны, уымæн æмæ, йæхæдæг куыд дзуры, афтæмæй йæ фыны дæр фысгæ фæкæны.

Хъайтыхъты Георы тыххæй мын Бигъуылаты Людæ ахæм хабар радзырдта. Иу хатт, дам, проспекты трамвайæ æрцæйхызтæн æмæ мæ тæккæ размæ Геор фæци. Æвиппайды афтæ куы фæкæнид:

Людæ –
Это чудо,
Упавшее оттуда...

Кучиты Эльбрусы хабæрттæй ма. «Октябры революцийы бæрæгбоны кадджын æмбырды цалдæр министрæй фæрсæй-фæрстæм бадæм. Цыдæр папкæтæ дæр нын байуæрстой. Æз Æлбегаты Харитоны æвзист цæппæртæм (запонкæтæм) фæкомкоммæ дæн. Ме 'мбæлттæй мæ иу фæрсы:

– Цæмæ кæсыс, запонкæтæ никуы федтай?

Æз ын афтæ:

– Уыдон хуымæтæджы запонкæтæ не сты.

– Уæдæ?

– Сæрмагондæй сæ бæрæгбоны кадæн рауагътой. Фыст дæр сыл ис: нымæц 50. Ома Октябры революцийы фæндзай азы. Папкæтимæ сæ лæвæрдтой.

Лæг йæ папкæ сгарынмæ фæци, фæлæ дзы куы ницæуыл фæхæст, уæд йæ хъуыр-хъуыр ссыд, уæртæ, дæтгæ сæ цы тæнæгæфсæр сылгоймаг кæны, уый сæ фелвæстаид, зæгъгæ. Фестад æмæ, папкæтæ кæм лæвæрдтой, уырдæм йæ ных сарæзта.

Фæстæдæр мын сылгоймаг куыд радзырдта, афтæмæй, дам, министр бæстæ йæ сæрыл systа, запонкæтæ сымах цыдæр фæкодтат, зæгъгæ. Æгæр-æгæр куы кодта, уæд æй фæрсынц, чи дын загъта, папкæты запонкæтæ уыдис, зæгъгæ. Сылгоймаг мæ кой куы фехъуыста, уæд ыл худæг бахæцыд.

Лæг, цы уавæры бахауд, уый бамбæрста, сылгоймагæй хатыр ракуырдта, фæлæ фæстæмæ нал æрбаздæхт».

Брытъиаты Елбыздыхъойы «Дыууæ хойы» ис ахæм ныв. Касалы-фырт Хансиатмæ æруырдыг, баком мын, зæгъгæ. Лæппу чызджы зæрдæмæ нæ цæуы æмæ йын алы хуызы æмбарын кæны, кæрæдзийы аккаг не стæм, зæгъгæ, фæлæ уый уæддæр йæхиуæттæ кæны. Куынæуал æмæ йæ куынæуал уагъта, уæд чызджы æндæр æвзагæй дзурын бахъуыд.

Мæнæ йын цытæ зæгъын кодта: «Дæ хорзæхæй, рæсугъд, æхсадæй быдырты йе хæхты цал хатты уыдтæ? Кæй зоныс æмæ дæ чи зоны? Адæмы 'хсæн цал зонджын ныхасы ракодтай?.. Дæ къахыл сæрак дзабыр, афтæмæй йæ æгъдæнцойы цал хатты атъыстай?» (Ам мæ зæрдыл æрбалæууыд æндæр хабар. Мæ зонгæ рæсугъд сылгоймагмæ йæхи баласынмæ хъавыд мæ зонгæ нæлгоймаг, фæлæ уый сылгоймагмæ æфхæрды хуызæн фæкаст. Тынг æм кæй рамæсты,· уый равдисынæн ссардта ахæм ныхæстæ: «Ацу æмæ уал дæхи ныхс!» Уыцы хабар мын сылгоймаг куы радзырдтаид, уæд мæм афтæ диссаг нæ фæкастаид, фæлæ йæ нæлгоймагæн йæхицæй фехъуыстон).

Лæджы амарынæн ацы ныхæстæй фылдæр нæ хъæуы. Уыимæ дзы кæцы карздæр у, уый зынæй раиртасдзынæ. Иуæй, æнæхсад кæй у, уый йын йæ цæстмæ бадардта, иннæмæй йæм лæгдзинад кæй нæ уыд, уый йын бафидис кодта, æртыккагæй йæ сæмпæрчъи рахуыдта. Фæлæ дзы, мæнмæ гæсгæ, æппæты карздæр уайдзæф у, зонджын ныхас дзы кæй никуы сирвæзт, уый. Уымæн æмæ сæры зонд куы нæ уа, уæд æй нæ балхæндзынæ, садзгæ зондæй та зонд кæй нæй, уый фыдæлтæ раджы загътой.

Кæй зæгъын æй хъæуы, гæнæн æмæ амал куынæуал уа, уæд дæхи ныхсдзынæ, дæхицæй тыхлæг ацараздзынæ æмæ лæгтимæ балцы дæр фæраст уыдзынæ. Уæдæ искæйтимæ базонгæ уæвæн дæр ис, искæимæ куы базонгæ уай, уæд дын дæхи дæр исчитæ зондзæн. Æппынфæстаг, дæ рæбыны мацуал ныууадз æмæ де 'рчъи сæрак дзабырæй аив, фæлæ зонд та кæцæй æрхæсдзынæ?

Зондæн сæр хъæуы, хуымæтæджы сæр нæ, фæлæ, кусынхъом магъз кæм уа, ахæм сæр. Уый та Уæллагæй аразгæ у.

Хуыцау дын æй куы нæ ратта, уæд æй дуканийы дæр нæ балхæндзынæ, армукъайы дæр. Дæхи зонджынæй равдисынил куы архайай, уæд, ууыл цас тынгдæр кусай, уыйас æдылыдæрæй разындзынæ.

Цас æмæ цас хицæуттæ бадтис уæле! Цас æмæ цас фæдзырдтой, фæлæ дзы йæ фæстæ зонджын ныхæстæ цалæй ныууагътой?! Сæ куыстæй куы ацыдысты, уæд сæ къæлæтджынтæ баззадысты, сæхæдæг тары аныгъуылдысты.

Зонджын ныхас зæгъынмæ адæмы ничи амбулдзæн. Хуымæтæг адæмы 'хсæн куы вæййын, уæд æнæмæнг исты ногдзинад базонын. Æнæмæнг мæ зондыл бафты. Фæлæ цæрæнбонты цы æмбырдты фæбадтæн, уырдыгæй исты зонды ныхас рахастон, зæгъгæ, зæгъын мæ бон нæу. Æз цы æмбырдты вæййын, уым зонджын ныхас куы зæгъай, уæд цыма дзæгъæл гæрахы хуызæн рауайдзæн, афтæ мæм кæсы.

Зындгонд ахуыргонд, нæ адæмы истори иртасæг Кузнецов Владимиры цыппарыссæдз азы бæрæг кодта Ирыстон. Йæ раныхасы ракодта Уæрæсейы Федерацийы Сæйраг Советмæ æвзæрстыты кой. Ирыстоны æвзарджытæ, дам, мæн фæсæйрагдæр кодтой, афтæмæй, дам, мемæ ирæттæ дæр уыди.

Мæ зæрдæмæ фæцыд, уыцы хъуыддаг кæй æрымысыд, уый. Æцæгæйдæр, уыцы æвзæрстыты рæстæг мæ адæм ногæй равдыстой сæ цардхъомдзинад. Не 'ркастысты, чи цавæр адæмыхаттæй у, уымæ, фæлæ равзæрстой аккагдæры, рæстдзинад æрæвæрдтой иннæ хъуыддæгтæй уæлдæр æмæ рацыдысты уæлахиздзауæй.

Æндæр ран искуы афтæ бакодтаиккой, ууыл дызæрдыг кæнын. Кæд бакодтаиккой кæнæ бакодтой, уæд та мын æхсызгон уыдзæн йæ фехъусын.

Мæ куыстæй æрбацыдтæн, мæ дзаумæттæ раивтон æмæ мæ къæхтæ 'хсын. Мæ кæстæртæй иу мæ цуры лæууыд. Æхсæвæр бахордтон, чиныджы дæр акастæн æмæ та ног мæ къæхтæ 'хсыныл балæууыдтæн. Мæ кæстæр та мæ цурмæ 'рбауад æмæ мæ дисхуызæй фæрсы:

— Папæ, дæ къæхтæ 'рдæбон куы ныхсадтай, уæд ма сæ цæмæн æхсыс?

Уыцы фарст мæ къуырцдзæвæнмæ батардта. Фæстæмæ дзы исты хуызы раирвæзын хъуыд æмæ, мæ амондæн, фæцарæхстæн:

– Æрдæбон мын хорз æхсад нæ рауадысты.

Куыд бамбæрстон, афтæмæй мыл бауæндыд, фæлæ мæхинымæр мæхиуыл фæхудтæн. Хъыг мын уыди, зæронд кæнын кæй райдыдтон, уымæн мын бæлвырд æвдисæнтæ кæй фæзынд, уый. Бæстондæр куы ахъуыды кодтон, уæд тæккæ æвзæрдæр æвдисæн нæ уыди. Фыддæр уыдаид, мæ къæхтæ 'хсын мæ рох куы фæуыдаид, уæд.

Мæ зæрдыл иу æмбисонды хабар æрбалæууыд...

Иу лæг йе 'мбалæн хъаст кодта, нозтæн, дам, бæрц нæ зонын, æгъгъæд зæгъын кæд фæхъæуы, уый нал фембарын. Йе 'рдхорд ын зонд бацамыдта. Фынджы, дам-иу тæккæ фыдынддæр сылгоймаджы комкоммæ сбад æмæ, дам, ын-иу рæстæгæй-рæстæгмæ йæ цæсгоммæ бакæс. Куыддæр, дам, дæм рæсугъд кæсын райдайа, афтæ, дам-иу иу хуыпп дæр мауал скæн.

Уыйау, æз дæр мæ карæнтæн зонд амонын: куыддæр уæ къæхтæ дыккаг хатт æхсынмæ бавналат, уæд-иу дызæрдыг мауал кæнут, зæронд кæнын кæй райдыдтат, ууыл.

Зеринкæйы ныхæстæй мæ ницы рох кæны. Арæх-иу афтæ дзырдта, адæймаджы фыдæбæттæй, дам, дзæгъæлы бирæ ис. Æрæджы дæр та уыцы ныхæстæ æрымысыдтæн. Мæ зæрдыл æрлæууыдысты, уæ фарн бирæ уæд, мæ бинонты мады зианы бон. Уый йæ цæгатæн цы бирæ лæггæдтæ фæкодта, уыдон мæнæн дæр æмæ йæ, чи зыдта, уыдонæн дæр сусæггаг не сты.

Æнхъæлдтон, йæ зианы бон йæ цæгатæй дыууæ ныхасы чи зæгъа, ахæм фæуыдзæн, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн. Уыцы стыр æмæ кадджын мыггагæй арфæйы ныхас чи загътаид, иу ахæм адæймаг нæ разынд. Куы зæгъын, уыцы стыр æмæ кадджын мыггагæй!

Цалдæрæй дзы мæ цуры лæуд фесты æмæ дзы кæцыдæрæн зæгъгæ дæр кодтон, уæ хойы тыххæй адæмы раз дыууæ ныхасы уæддæр зæгъут, зæгъгæ, фæлæ дзы ахæм ныфс никæмæ разынд.

Æмæ, дам, лæджы фыдæбæттæй дзæгъæлы ницы ис!..

Мæ кæстæры кæстæр Батырадзы фæрсын:
— Мамæйы уарзыс?

Сывæллон, æвæццæгæн, фæтарст, уый фæстæ мæхи кой куы скæнон, уымæй æмæ æваст афтæ фæкодта:

— Дæу нæ уарзын!

Ома мамæйы кæй уарзын, уый афтæ нæ амоны æмæ дæу дæр уарзын.

Хæсты фæстæйы азтæ мæ зæрдыл куы 'рлæууынц, уæд мæ бирæ цæмæйдæрты дисы бафтауынц. Æппæты фыццаг та, адæм цы судзгæ фыдтæ бавзæрстой, уыдонæн куыд фидар разындысты, уымæй.

Бæрæгъуын æрыгон хъæу у. Ацы аз ыл нæуæдз азы сæххæст. Кадджынæй йæ сбæрæг кодтон мæ хъæуккæгтимæ. Ардæм Уæлладжыры комæй куы ралыгъдысты, уæд ын хорз пълан скодтой. Уынгтæ дæргъмæ дæр æмæ цæхгæрмæ дæр æрæвæрдтой бæлвырд фæткы бындурыл. Алы сыхы дæр ис дæс хæдзары: иуæрдыгæй фарс дæр — фондз хæдзары, иннæрдыгæй дæр. Мах сыхы дæр ис дæс хæдзары. Хæстæй дзы нал ссыдысты Дзасохты Агуыбе, Аксо, Инал æмæ Сосыгко, Реуазты Къоста æмæ Дзусты Васкæ. Иннæ сыхтæй дæр кæмæй къаддæр фæхъуыд, кæмæй — фылдæр.

Уыйбæрц фыдтæ кæуыл æрцыд, уыцы хъæуы цæрджытæй хъуамæ къорд азы хъæрæй ныхас дæр мауал райхъуыстаид, фæлæ, куы зæгъын, сæхимæ хъусыныл нæ фесты, сæ сæртæ не 'руагътой. Сæ туг сæ цæстытæй калд, уæддæр мидбылхудт æмæ циныл нæ сыстырзæрдæ сты. Хъæлдзæгдзинадæн хæрзбон нæ загътой æмæ фæуæлахиз сты. Фæуæлахиз сты цæссыгтæ æмæ хъарæгыл, зындзинæдтæ æмæ фыдæбæттыл...

Ахъуыдыгæнгæйæ, адæймагæн фидар фæрстæ ис. Немыцы къæхты бын фæуы, дæ фыд, дæ хъæбул, де 'фсымæр, дæ хæстæгæй бавдæлон у, æвирхъау æххормаг аз дыл скæнæд æмæ ма дæм цæрыны ныфс разынæд, дæ зæрдæ ма фæндыры зæлтæм хъусын æрцагурæд, кафыны номыл ма хъазтмæ къахдзæф ракæн, зарыны охыл ма дæ дзых схæлиу кæн!..

Æмæ цы хуызы нæ архайдтой сæ судзгæ фыдтæ ферох кæныныл? Кодтой чындзæхсæвтæ æмæ чызгæрвыстытæ,

авдæнбæттæнтæ æмæ кæхцытæ, Сидæны æмæ Ичъынайы куывдтæ.

Æххормаг æмæ-иу æрдæгæххормаг колхозон кусгæ бон куы фæци, уæд алы сыхæй дæр хъуыст фæндыры зæлтæ æмæ балалайкæйы цагъд. Адæм архайдтой сæ зæрдæты рыст фæндырдзагъды бын фæкæныныл. Æппындæр фæндыр кæнæ балалайкæ йæ къухмæ чи никуы райста, уый дæр музыкантæй агæпп ласта. Архайдта йæ бинонты, йæ сыхæгты рыст фæкъаддæр кæныныл. Нæ сыхы дæр фæзынд музыканттæ: ме 'рвад Хадзыби æмæ ме 'нусмæ мысинаг хо Дибæхан. Дыууæйæн дæр сæ фыдæлтæ хæстæй нал ссыдысты. Балалайкæйыл цæгъдынмæ уæлдай дæсныдæр уыди Хадзыби. Афтæ мæм кæсы, цыма Дибæ дæр уымæ гæсгæ фæцахуыр.

Фæстæдæр, горæты цæрын куы райдыдтам, уæд ын мæ зæрды балалайкæ балхæнын уыди, фæлæ мын, стыр хъыгагæн, бирæ хъуыддæгты хуызæн, уый сæххæст кæнын дæр нæ бантыст, лыстæгдæр хъуыддæгтæ-иу æй сæ фæстæ фæкодтой…

Дибæйæн йæхицæй дæр ферох балалайкæйæ цæгъдын. Æз уый хуызæн куы арæхстаин, уæд ыл цыма нæ сыстырзæрдæ уыдаин, афтæ мæм кæсы. Чи зоны, афтæ дæр хъуыды кодта: балалайкæйы сæр куы хъуыди, уæд дзы цагътон, ныр йæ рæстæг фæци: кæмæн дзы цæгъдон, уый нал ис…

Афтæ сæхи канд мæ хъæуккæгтæ нæ дардтой. Нæ сыхæгтæ, Николаевскы станицæйæгтæ дæр, фæсте нæ задысты. Уæвгæ-иу уыдоны хъæлдзæгдзинад дæргъвæтиндæр ахаста. Бæрæгъуыйнæгтæ-иу фынтæ уыдтой, уæддæр маиу хъазахъхъаг зарджытæ Урсдоны сæрты Бæрæгъуынмæ тахтысты. Мах Николаевскы æрдыгæй нæ, фæлæ нæ хъæуæн йæ иннæ кæрон цардыстæм, фæлæ-иу, æмбисæхсæв кæртмæ куы рацыдаис, уæд дæм дзæбæх хъуыстаид нæ сыхæгты сылгоймæгтæ æмæ нæлгоймæгты аив зард. Афтæмæй уыдонæн дæр хæст къаддæр фыдбылызтæ не 'рхаста.

Хъæздыг адæмы кой куыннæ фехъуыстон, фæлæ мæм дзы Перельман Григорийæ хъæздыгдæр ничима фæкаст, зындгонд францаг математик Анри Пуанкарейы

хъуыдытæ дарддæр чи ахæццæ кодта æмæ уый тыххæй милуан доллæры преми райсын чи нæ бакуымдта, уыцы Перельман Григорийæ. Уырнгæ та мæ уымæн нæ кæны, æмæ дунейы ахæм хъæздыг зынæй разындзæн, милуан доллæрыл йæхи чи атигъ кæна.

Мæхи тыххæй куы дзурон, уæд афтæ зæгъдзынæн: æвдæлон (æрыдойнаг Уырысты Зауыр курын йæ сæрмæ нæ хаста, фæлæ-иу йæ мæгуырдзинад равдыста ахæм ныхæстæй: дæ сом не 'вдæлы?) милуан доллæры мæм куы фæзынид, уæд дзы фыццаг мæхи скъуыдтæ 'мпъузынмæ фæуин, цæмæй мын фидисгæнджытæ ма фæуа, дæ фæрстæ гом куы сты, уæд адæмæн лæвæрттæ кæнынæл цы схæцыдтæ, зæгъгæ. Стæй мæ хæстæджытæ, хæлæрттæ æмæ зонгæтæм раздæхин. Кæмæн дзы цас раттин, уый нæ зонын, фæлæ мæм дзы дыккаг бон иу цент дæр кæй нал баззаид, уый бæлвырд у. Цæмæй макæй зæрдæхудт райсон, уый тыххæй ма мæ, чи зоны, иу-сæдæ фæндзай доллæры уæддæр бахъæуид.

Иу райсом Хуыгаты Сергеймæ мæ хъаст бахастон:

– Цы бæллæх мыл æрцыд, уый дын радзурон. – Сергей йæхи хъусынмæ 'рцæттæ кодта. – Симæйы кусæн уаты дуар Наташæйы (ме 'мкусджытæ) уаты дæгъæлæй гом кодтон, æмæ, марадз-зæгъай, кæд байгом. Ахæм диссаг искуы федтай?..

Сергейыл худæг бахæцыд.

Мæ зæрдæ йыл фæхудти. Æз æм мæ маст фæкъаддæр кæныны тыххæй бацыдтæн, уый та мыл йæхи худæгæй схаста.

Нодждæр ма, хъуыдыйады дзырдтæ растдæр куыд æвæргæ сты, уый тыххæй. Цымæ «Хуыцау ын балæвар кодта фондз фырыхъулы хуызæн лæппуйы» бæсты растдæр нæ уаид афтæ зæгъын: «Хуыцау ын балæвар кодта фырыхъулы хуызæн фондз лæппуйы»?

Æхсæвы дзæвгар мит рауарыд. Дзæвгар, зæгъгæ, фадхъултæй фæуæлдæр. Терчы былмæ, бон нæма

срухс, афтæ фæцæйцыдтæн æмæ фæндагыл иу фæд дæр нæма уыд. Фæстæмæ куы ’рбацæйыздæхтæн, уæддæр дзы горæты ’рдæм фæд нæма уыд. Мæ зæрды æрæфтыд стыр фæндаджы онг фæд акæнын æмæ мæ къахæй дыууæрдæм фæндаг гæрдгæ ацыдтæн. Иу ус мæ афтæмæй æрбаййæфта. Уымæй размæ дæр ыл-иу амбæлдтæн, фæлæ мын салам никуы радта. Ныр мæ фæндаг гæрдгæ куы федта, уæд йæ цæсгомыл мидбылхудт фæзынд æмæ мын иннæ хæттытæй хъауджыдæр «дæ райсом хорз!» загъта.

Æхсызгон мын уыд, сæумæрайсом кæйдæр зæрдæйæн чысыл æхсызгондзинад кæй æрхастон, уый æмæ сфæнд кодтон стыр фæндагæй нæхи хæдзары онг митвæндаг акæнын. Уадз æмæ йыл чи цæуа, уыдонæй искæйы зæрдæ барухс уа. Чи зоны, исчи мын дзы йæхинымæр арфæ дæр ракæна: «Йæ цæрæнбон бирæ уæд, ацы фæндаг чи акодта, уымæн!» Æппындæр куы ничи ницы ахъуыды кæна, уæддæр мæхицæн æхсызгон уыдзæн, кæмæндæр арф миты йæ къæхтæ кæй не схуылыдз уыдзысты, уый...

Нæуæгуард фæлмæн митыл къахвæндаг акæныныл дæр цыдæр фыдæбон бакæнын куы хъæуы, уæд царды хорз фæд ныууадзыныл цæйбæрц фылдæр бакусын хъæуы?!

Цы хабар ракæнынмæ хъавын, уый раджы уыди, бæлвырддæр зæгъгæйæ та – 1963 азы 11-æм июлы. Уыцы сæрдыгон бон фæцæйцыдтæн, Сабырдзинады проспекты цы бæлæстæ ис, уыдоны астæуты Цæгат Ирыстоны чингуыты рауагъдадмæ. Уый уыди, ныртæккæ профцæдистæ кæм сты, уыцы бæстыхайы фыццæгæм уæладзыджы. Чингуыты рауагъдадмæ хуымæтæджы хъуыддаджы фæдыл нæ цыдтæн: ме ’мдзæвгæты фыццаг чиныг «Фыды фарн»-ы редактор Мыртазты Барис мыхуырмæ бацæттæ кодта æмæ мын бахæс кодта, цæмæй йын чысыл разныхас ныффыстаин. Ныффыстон æмæ йæ уыцы бон фæцæйхастон.

Хетæгкаты Къостайы фæлладуадзæн парчы ракомкоммæ куы схæццæ дæн, уæд бæлæсты бын бандоныл бадгæ сæййæфтон Джыккайты Шамилы. Кæимæдæрты бадт, фæлæ дзы æз никæйы зыдтон. Шамилимæ кæрæдзиуыл бацин кодтам. Кæдæм цæуын æмæ цæмæн, уый куы базыдта, уæд мын æхсызгонæй фехъусын кодта, мæнæн дæр

мæ чиныг цæуы æмæ, дам, Барис мæнæн дæр ахæм разныхас фыссын кæны. Бафæндыд æй, цы ныффыстон, уый бакæсын. Радтон æм æй. Цыма йæ зæрдæмæ фæцыд, афтæ мæм фæкаст.

Уыцы аз нæ дыууæйы чингуытæ дæр мыхуырæй рацыдысты. «Фыды фарн» – раздæр, «Æфсарм» (афтæ хуынд Шамилы чиныг) – чысыл фæстæдæр. Нæ чингуытæ фыццæгтæ кæй уыдысты, уымæ гæсгæ нæ чысыл разныхæсты дзырд «фыццаг»-æн уыдис сæрмагонд бынат. Мæ разныхасы æмбæлы иуæндæс, Шамилы разныхасы та – æхсæз хатты.

«Æфсарм» дунейы рухс куы федта, уæд мын æй йæ автор балæвар кодта ахæм фыстимæ: «Музаферæн, мæ иузæрдион æрдхордæн, мæ уды сагъæстæ. 5/V-64. Шамил». Рацыд æхсæз æмæ дыууиссæдз азы, æмæ та мын Шамил балæвар кодта (2010 азы) йæ ног чиныг «Намыс». Стыр хъыгагæн, уый уыдис йæ фæстаг чиныг, ома йæхæдæг кæй федта, уыцы чингуытæй.

Фысджытæн, стæй канд фысджытæн нæ, амонын нæ хъæуы, сæ чиныджы фыццаг экземпляры фенд сын куыд æхсызгон вæййы, уый. Æхсызгон æмæ уыцы-иу рæстæг – зынаргъ. Гъе æмæ, авторон экземплyартæ кæй хонынц, уыдон куы райста, уæд мæ рæзты (чингуыты рауагъдадимæ нæ редакци иу уæладзыджы ис) ахизын йæ зæрдæ нæ бакуымдта. Мæ уатмæ фæзылд æмæ мын йæ чиныг радта. Куы йæ рафæлдæхтон, уæд дзы бакастæн ахæм фыст: «Музафер! Ирон дзырды фарн хæссыс æмæ дæ йæ хорзæх уæд! Ш. Джыккайты».

Стыр хъыгагæн, Шамилы тыххæй нырыккон афоны фыссæн нал и. Мæ зæгъинæгтæ мысинæгтæй дæр уымæн райдыдтон. Джыккайы-фырты тыххæй та адæймаг цы ’рымыса æмæ цы зæгъа, уый ис...

Ирон литературæйы абоны уавæрыл куы фæхъуыды кæнын, уæд мын ивгъуыдмæ æнæаздæхгæ нæ вæййы, уымæн æмæ, абаргæйæ, алцыдæр ирддæрæй разыны. Ныртæккæ хистæрты кармæ чи бацыд, кæнæ та чи фæхæццæ кæны, уыдоны рæстæг алцæмæй дæр хуыздæр уыд. Фыццаджыдæр, мадæлон æвзаг ахуыр кæнынмæ фылдæр хъус дардæуыд. Иннæмæй, æвдæм къласы онг æппæт предметтæ дæр ахуыр кодтой ирон æвзагыл. Кадджындæр уыд ирон фыссæг йæхæдæг дæр. Ахадыдта йæ ныхас. Цы

загътаид, уымæ æнхъæлмæгæсджытæ æмæ хъусджытæ уыдис. Æппæт уыдæттæ хорз фадæттæ арæзтой курдиаты рæзтæн, стæй канд рæзтæн нæ, фæлæ йæ фæзынынæн дæр. Уымæн рахъомыл 60-æм азты, фæстæдæр нæ литературæйæн бирæ хæрзты чи бацыд æмæ ма абон дæр чи цæуы, уыцы фысджыты курдиатджын фæлтæр.

Мæ мысинæгтæ та мæ ивгъуыдмæ хуымæтæджы нæ ахастой. Шамилæн йæ фыццаг чиныг куы фæзынд, уымæй дыууæ азы раздæр, ома 1962 азы (диссаг куыннæ у, æвæдза, – уæдæй нырмæ æнусы æмбис агæпп ласта, афтæмæй цыма хæрзæрæджы уыди!) æртæ æрыгон фыссæгæн рацыди иумæйаг чиныг «Бонвæрнон». Уырдæм бацыдысты Хуыгаты Сергей, Джыккайты Шамил æмæ Ходы Камалы æмдзæвгæтæ. Се 'ппæты «зæронддæр» Сергейыл цыди 29 азы, Шамилыл – 22, Камалыл та – 21 азы. Кæд боны рухс сæ фыццаг фæлварæнтæ федтой, уæддæр ма сын сæ хæрзхъæддзинадмæ æркæсут, кæддæра куыд æнаипп сты алырдыгæй дæр.

«Бонвæрнон» бакæсгæйæ, куыннæ бацин кодтаин! Бавдæлдтæн, æмæ ныффыстон рецензи ахæм сæргондимæ «Трое под одной крышей» æмæ йæ ныммыхуыр кодтон фæсивæды газет «Молодой коммунист»-ы (ныртæккæйы «Слово»-йы. Газеты сæргонд ивын цæмæн бахъуыд, хæйрæг – йæ зонæг!). Уым, цингæнгæйæ, фыстон, нæ литературæйы, зæрдæдарæн кæуыл ис, ахæм ног нæмттæ кæй фæзынди, уый тыххæй. Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй нæ фæрæдыдтæн. Сергей дæр, Шамил дæр, Камал дæр ирон литературæйæн цы хæрзты бацыдысты, уый, аив дзырд йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн у, уыдонæн амонын нæ хъæуы.

Æхсайæм азты литературæмæ цы фæсивæд æрбакъахдзæф кодта, уыдоны тæккæ курдиатджындæртæй иу Джыккайты Шамил кæй уыд, ууыл абон дызæрдыг ничиуал кæны. Шамилы сфæлдыстад тынг бирæвæрсыг уыд. Кæд æмдзæвгæтæй райдыдта, уæддæр уыцы жанр йæхицæн фагыл нæ банымадта. Йæ ныхас загъта прозæйы дæр, драматургийы дæр, публицистикæйы дæр, тæлмацы дæр.

Джыккайы-фырт канд сфæлдыстадон кусæг нæ уыди. Уый æппæты фыццаг уыди, йæ райгуырæн бæстæ æнæкæрон бирæ чи уарзта, ахæм патриот. Кæд исчи йæ адæмы хъыгтæ æмæ сагъæстæ йæ зæрдæмæ арф иста, уæд уыдоны раззагдæр рæнхъыты цыди Шамил. Кæд исчи

йæ фыдызæххы рæсугъд фидæнмæ бæллыди æмæ уый сæрвæлтау йæ цард нывондæн хаста, уæд уыдонимæ дæр уыди æмæ уыдзæн Шамил. Кæд нæ фыдæлты хæзнатæ бахъахъхъæныныл исчи зæрдиагæй архайдта æмæ сæ цæсты гагуыйау хъахъхъæдта, уæд уыдонæй иуæй дæр фæсте никуы баззад Шамил. Кæд исчи йæ адæмы раз «барджын ныхас» ракодта æмæ йæ ныхæстæ дзыллæты зæрдæты аккаг бынат æрцахстой, уæд уыдонимæ банымайын æмбæлы Шамилы дæр. Кæд исчи æргомдзырд уыди æмæ йæ хъуыды комкоммæ зæгъынæй нæ тарст, уæд уый дæр уыди Шамил.

Шамилмæ бирæ цæмæйдæрты бахæлæггæнæн уыдис. Зæгъæн куыд нæй, уыдис ахæм куыстхъом. Куыд бирæ йын æнтыст, ууыл æнæдисгæнгæ нæй. Банхъæлæн ис, цыма фыссын йеддæмæ æндæр ницы куыста, афтæмæй дæсгай азты æнувыд фæллой фæкодта Къостайы номыл паддзахадон университеты. Йæ сæдæгай хъомылгæнинæгтæ Ирыстоны æппæт горæттæ æмæ хъæуты рухс тауынц рæзгæ фæлтæры зæрдæты. Банымаинаг у йе 'хсæнадон архайд дæр. Иу кæнæ иннæ цауы тыххæй Джыккайы-фырт цы зæгъдзæн, уымæ 'нхъæлмæ кастысты Иры дзыллæтæ. Йæ ныхас сын лæвæрдта ныфс, разæнгард сæ кодта зындзинæдты сæрты хизынмæ, размæ зæрдæрухсæй цæуынмæ.

Фысджытæ алыхуызæттæ сты. Ис ахæм сфæлдыстадон кусджытæ, йæ ныхас цины дæр æмæ зын рæстæг дæр кæмæн никуы райхъуыст. Иу кæнæ иннæ фыссæджы чиныджы тыххæй йæ хъуыды чи нæ загъта, иу радзырд кæнæ æмдзæвгæ йæ мадæлон æвзагмæ чи никуы ратæлмац кодта. Æппынфæстаг, иу чындзæхсæвы хистæрæн чи никуы сбадт, зианы уæлхъус арфæйы ныхас чи нæ загъта, хойы номыл чындзы къухыл чи нæ рахæцыд, йæ кæстæры фæдыл минæвар чи нæ ацыд.

Шамил ахæм нæ уыд. Уый стыр фæллой бакодта ирон фысджыты сфæлдыстад раиртасыныл. Бахъахъхъæдта сæ, фаг аргъ сын чи нæ кодта, уыдонæй. Йæ хъуыды загъта нырыккон фысджытæй бирæты сфæлдыстады тыххæй, нæ мадæлон æвзагмæ раивта уырыссаг æмæ дунеон классикты уацмыстæ.

Шамилы дзырд кадджын уыд æмæ уыдзæн нæ дзыллæйы астæу. Аргъ ын кодтой хистæрæй-кæстæрæй, фарстой йæ

зондæй, хъардта сæм йæ ныхас. Йæ дзырд ахадыдта цины дæр æмæ зианы дæр. Шамил-иу хистæрæн цы фынгыл бадт, уым уыд æгъдау æмæ джелбетт. Адæм цин кодтой йæ фæзындыл, уымæн æмæ зыдтой, йемæ фарн æмæ сыгъдæг зæрдæ кæй æрбахæсдзæн.

Шамил уыдис ахуыргонд фыссæг. Зыдта канд ирон æмæ уырыссаг литературæ нæ, фæлæ дунеон литературæ. Бындурон сты йæ наукон куыстытæ. Цы статьятæ ныффыста, уыдоныл зыны, бирæ кæй бакаст æмæ, цы бакаст, уыдонæй арæхстджынæй пайда кæнынмæ кæй арæхст.

Зæгъын хъæуы, ирон фольклор иртасынмæ цы фæллой бахаста, уый тыххæй дæр. Бабæстон кодта æмæ стыр чиныгæй рауагъта нæ фыдæлты таурæгътæ. Дзæнæты бадинаг Хæмыцаты Тамарæимæ, зæгъæн ис, æмæ равдыстой хъæбатырдзинад: рыджы бын чи фæци, сæ дамгъæтæ дзæбæх зынгæ дæр кæмæн нал кодтой, уыцы къухфыстытæ равзæрстой æмæ «Нарты кадджытæ» мыхуырмæ бацæттæ кодтой. Абоны онг уал дзы рацыд фондз томы. Уыцы куыст адæймагæй уыйбæрц хъарутæ домдта, æмæ йæм дæсгай азты дæргъы йæ ныфс ничи хаста. Тамарæ мын куыд дзырдта, афтæмæй, æхсæв-бон нæ зонгæйæ, æвзæрста къухфыстытæ. Куы зæгъын, къухфыстытæ афтæ зын равзарæн уыдысты, æмæ дзы кæцыдæртæн æнæ лупæйы æххуысæй бакæсæн нæ уыди, фæлæ дыууæ ахуыргондæн бантыст сæ размæвæрд хæс кадджынæй сæххæст кæнын.

Шамил уыдис йæ тæккæ тыхы. Кæд ыл æвдай азы рацыд, уæддæр йæ кар йæ куыстхъомдзинадыл нæ зынд. Фæллой кодта, æрыгонæй куыд фæллой кодта, афтæ зæрдиагæй. Фидарæй зæгъæн ис: ирон литературæ æмæ ма ирон дзыллæйæн бирæ хæрзты бацыдаид, фæлæ...

Туæцæлты Валентинæ æмæ Бигъуылаты Людмилæимæ Цыколайæ зианæй машинæйы сцæйцыдыстæм. Валяимæ институты фондз азы иу къорды фæцахуыр кодтам æмæ, кæй зæгъын æй хъæуы, цы ’рымысыдаиккам, уый нын уыди. Валя ахуыр дæр хорз кодта, æхсæнадон царды дæр зæрдиагæй æрхайдта. Афтæ куы нæ уыдаид, уæд æй фæскомцæдисы Æрæфы райкомы фыццаг секретарæй дæр нæ равзæрстаиккой.

О, æмæ нæ кæддæры бонтæ мысыныл фестæм. Иу заманы мын Валя афтæ, хъуыды ма кæныс, иу хатт мæм, немæ чи ахуыр кодта – йæ ном æмæ йын йæ мыггаг барæй нæ зæгъын (Дз.М.) – уыцы лæппуйы тыххæй куы ’рдзырдтай, кæимæдæр йæ хабæрттæ хорз нæ рауадысты æмæ йын уæ районы скъолатæй искæцыйы куыст ссар, зæгъгæ?

Ницы дзуапп раттын ын баци мæ бон, уымæн æмæ, Валя цы хабары кой кодта, уый мæ саубыны рох фæци. Мæхиуыл тынг фæдис кодтон, æххуысмæ кæмæ фæдзырдтон æмæ мын æххуыс дæр чи бакодта – Валя куыд радзырдта, афтæмæй ме ’рдхордæн Æрæфы районы скъолатæй иуы куыст ссардта æмæ дзы цалдæр азы кусгæ дæр бакодта – уый алцыдæр хъуыды кæны, йæ ныхасæн аргъ кæмæн скодта æмæ йæ тыхст æмбалы фарсмæ кæмæн æрбалæууыд, уымæй та алцыдæр ферох.

Цы лæппуйæн баххуыс кодта, уый æцæгæйдæр уыцы районы ахуыргæнæгæй бакуыста, фæлæ, уырдæм мæ курдиатмæ гæсгæ афтыд, уый мæнæй зыбыты рох фæци. Бирæ рæстæг фæхъуыды кæныны фæстæ дæр мæ бон æрымысын ницы баци, фæлæ, цæмæй горæты кусын райдайа, ууыл архайдтон, æмæ цыма уыцы хъуыддаджы сырæзты – рæзгæ та уæвгæ скодта – мæ ныхæстæ дæр сахадыдтой, афтæ мæм кæсы.

Цымæ ацы хабæрттæ лæппу дæр – ныр зæронд у, фæлæ йæ уæддæр лæппу схонæм, уымæн æмæ уæд лæппу уыди – ферох кодта? Чи зоны, уый дæр дзы, æз дзы цыдæртæ куыд ферох кодтон, афтæ цыдæртæ кæнæ та ииуылдæр ферох кодта.

Йæхицæй йын никуы ницы фехъуыстон, мæхæдæг та йæ фæрсгæ никуы бакодтон.

Цалдæр азы размæ мæ фыстытæ иу журналмæ радтон. Уый уыди газеттæ æмæ журналтæ ног азæн рафыссыны рæстæг. Ахæм заман мыхуыры оргæнтæ сæ кæсджыты фæзонгæ кæнынц, фидæны цы уацмыстæ ныммыхуыр кæндзысты, уыдоны хуыздæртимæ æмæ сæ газеты хицæн фарсæй рауадзынц. Ахæм фарс газеты рауагъта, ме ’мдзæвгæтæ кæдæм радтон, уыцы журнал дæр: банымадтой сæ уырдæм бахæссыны аккагыл, фæлæ,

фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй журналы та нæ фæзындысты.

Фыццаджыдæр, газеткæсджытæн зæрдæ бавæрдтой: ацы фарсыл цы уацмыстæ мыхуыр кæнæм, уыдон боны рухс фендзысты нæ журналы. Дыккагæй та, журналы афæдзы дæргъы газеты иу фарсæй бирæ фылдæр æрмæг мыхуыргонд æрцæуы, фæлæ дзы газетмæ кæй равзæрстой, уыдон, æнхъæлæн уыдис, нымад æрцыдысты хуыздæрыл. Цыбыр дзырдæй сæ, сæ журнал пропагандæ кæнынæн се 'ххуысгæнджытыл банымадтой. Фæлæ, куы зæгъын, цæмæндæр журналы ныммыхуыр кæныны аккаг нæ разындысты.

Мæ зæрдыл Расул Гамзатовы рæнхъытæ æрлæууыдысты:

В журнале о тебе стихов не приняли опять:
Сказал редактор, что народ не станет их читать.
Но, между прочим, тех стихов не возвратили мне:
Сказал редактор, что возьмет их почитать жене.

Сусæгдзинæдтæ алкæмæ дæр вæййы. Хуымæтæг адæймаджы сусæгдзинад куы рахъæр уа, уæддæр йæ уылæнтæ дардыл нæ анхъæвздзысты. Æндæр у куырыхон лæджы сусæгдзинад. Уый базонын цымыдисаг вæййы мингай æмæ сæдæгай мин адæймæгтæн. Чи зоны, адæмæн се 'ппæтæн дæр.

Омар Хайям йæ цыппаррæнхъонтæй æртæйы кæны йæ сусæгдзинæдты кой:

* * *

Дун-дунейы сусæгдзинæдтæ æз фыстон,
Фæлæ сын нæй хъæргæнæн, уæд бакалд мæ бон.
Ахуыргæндты æхсæн та фæрнæйдзаг нæ зонын,
Уымæн дарын мæ дзыхы цæрæнбонты дон.

* * *

Нæу мæ сусæгдзинад мæ бон иуæн зæгъын,
У мын уый тыххæй дзурын кæддæриддæр зын.
Ахæм уавæры дæн: нæй мæ сусæгдзинадæн
Иунæг ран дæр хъæргæнæн, хъæуы мæ быхсын.

* * *

Алæмæты бæстæйæ æртахтæн, куыд цæргæс,
Æнæкæрон уæлæрвтæ уыд басгарын мæ хæс,
Фæлæ мæ сусæг иуыл нæ бауæндыдтæн ам,
Кæцæй æртахтæн, уырдæм тæхын фæстæмæ æз.

(Ирон æвзагмæ мæхи тæлмац)

Цавæр сусæгдзинæдтæ уыдаиккой – Хуыцау йæ зонæг. Стæй цымæ цæмæн афтæ тынг тарст сæ рахъæр кæнынæй?

«Российская газета»-йы фыссæг Басинский Павел Распутин Валентины тыххæй йе статьяйы фыссы: «Вообще в 1937 году, который по восточному календарю был годом Огненного быка, родилось удивительно много писателей: Распутин, Маканин, Вампилов, Ахмадулина, Мориц, Битов...»

Æнæхъæн Уæрæсейæн æхсæз бирæйыл нымад кæм у, уым хъуамæ Ирыстонæн фондз чысыл ма уа. 1937 азы райгуырдысты Гуырдзыбеты Иринæ, Хостыхъоты Зинæ, Хъодзаты Æхсар, Чеджемты Æхсар æмæ ма суанг æз дæр. Малиты Васо куыд зæгъы, афтæмæй уый дæр 1937 азы гуырд у. Уæд мах дæр, Басинский Уæрæсейы фысджытæй кæй ранымадта, уыдоны бæрц стæм.

Цæхилты Елмæрза (рухсаг уæд!) мæм æрбадзырдта, абон, дам, «Рæстдзинад»-ы Уататы Бибойы тыххæй цы ’мдзæвгæ ныммыхуыр кодтай, ахæм зæрдæмæхъаргæ уацмыс æрæджыты нал бакастæн. Ме ’мдзæвгæ газеты мыхуыргонд æрцыд Бибойы гуыræн бон ацы аз 15 мартъийы.

Куыд æхсызгон вæййы адæймагæн, иронау кæсджытæ ма кæй ис, уый куы фехъусы, уæд.

Ирон адæм лæгæн йæ цæстмæ цы нæ бадардзысты, ахæм нæй, ома фидисмæ дард чи лæууы, ууыл дæр фидисы дзаумæттæ скæндзысты...

Уый хæсты хæдфæстæ уыд. Чи бафидис кодта, уый дæр нал хъуыды кæнын, кæмæн бафидисчынди, уый дæр мæ ферох, фæлæ фидис кæмæн бакодтой, уый æнæмæнг хæсты архайæг уыд. Фидис та йын афтæ бачынди «Хæсты уыдтæ, фæлæ дзы збз дæр не схастай!» Збз цы у, уымæй хистæртæй кæйдæр бафарстон, æмæ мын уый йæ хъуыды райхæлдта: майдан «За боевые заслуги».

Уæвгæ, ирон адæм канд фидис кæнынмæ дæсны не сты. Хорз арæхсынц æппæлынмæ дæр, сæ иуæй-иутæ, кæй зæгъын æй хъæуы.

Хæсты архайджытæй мын æндæрхуызон хъуыдыгæнæг зонгæ дæр уыди. Уый та йæхицæй æппæлыди, мæнмæ, дам, иунæг хæрзиуæг дæр нæй, æмæ уымæй сæрыстыр дæн. Æз, дам, хæрзиуджытæ хæссынмæ нæ ацыдтæн, фæлæ райгуырæн бæстæ хъахъхъæнынмæ.

Йæ ныхæстæ нæ цыдысты мæ зæрдæмæ, уымæн æмæ уымæй мингай хъæбатырты æфхæрдта. Йæ хъуыдымæ гæсгæ, йе сгуыхтдзинæдты тыххæй аккаг аргъ кæмæн скодтой, уыдон фыдыбæстæ хъахъхъæнынмæ нæ ацыдысты, фæлæ хæрзиуджытæ исынмæ.

Нæ кусæджы гуырæн бон рестораны бадæм. Камал – мæ фарсмæ. Уый фарсмæ та бадти Тамарæйы æрвадæлты лæг. Камал æй фæрсы:

– Цал азы дыл цæуы?

– 65.

– Ды нырма сывæллон дæ. Мæнæ Музаферыл 77 азы цæуы, уый цур ды сывæллон дæ.

Камал мын мæ азтæ барæй кæй фæфылдæр кодта, уый æз бамбæрстон, фæлæ сæ фылдæр кæй фæкодта, ноджы барæй, уый Тамарæйы æрвад дæр цæмæй бамбара, уый тыххæй Камалмæ дзурын:

– Мæ азтыл мын 20 мæйы цæмæн бафтыдтай?

– Уадз æмæ адæм дис кæной, цас дыл цæуы, уымæй фылдæр кæй фæцардтæ, ууыл.

Хæснаджы тыххæй кæнæ Гиннессы рекордты чиныгмæ бахауыны тыххæй иуæй-иутæ цы нæ бакæндзысты, ахæм нæй. Чи йæ машинæ хайгай бахæры, чи та,

радзурынмæ дæр чи нæ бæззы, ахæм ми бакæнын йæ сæрмæ æрхæссы.

Цавæр ерыстæ уыдысты, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ дзы архайæг уыдысты Америчы Иугонд Штатты спортсментæ дæр. Цыфæндыйæ дæр Олимпаг хъæзтытæ уыдаиккой. О, æмæ дзы архайдта Америчы рог атлетты иугонд командæ. Сæ тренеры мыггаг дæр мæ нæ ферох – Сопер. Гъе æмæ уыцы Сопер фидарæй загъта, мæ командæ æнæмæнг фыццаг бынат бацахсдзæн. Куы нæ бацахса, уæд, дам, æз разы дæн мæ худ бахæрыныл.

Ерыстæ райдыдтой, æмæ Соперы командæ æмбылды кодта. Абоны хуызæн ма йæ хъуыды кæнын: газет «Правда»-йы фæзынд æрмæг ахæм сæргондимæ: «Шляпа Сопера в опасности». Дарддæры хабæрттæ мæ ферох сты.

Мæ зæрдыл ма бадардтон ахæм хабар дæр. 1956 азы Ромы цыдысты Олимпаг хъæзтытæ. Уым 5000 æмæ 10000 метры дугъты фыццаг бынат бацахста Куц Владимир. Уыцы уæлахизы тыххæй газет «Правда» куы фыста, уæд дзы уыди ахæм цыппаррæнхъон дæр:

И как отрадно,
Веселья льются:
На месте Зевса
Увидеть Куца.

Ацы хабæрттæ хуымæтæджы не 'рымысыдтæн! Адæймаг цал æмæ цал газеты, журналы æмæ чиныджы бакæсы! Фылдæр цаутæ, дон хиды бынты куыд аивылы, афтæ кæдæмдæр аивылынц, сæ кой, сæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуысы. Иуæй-иутæ та дзы адæймагæй цæрæнбонты нал ферох вæййынц. Уæлдæр цы дыууæ хабары кой ракодтон, уыдон дæр, адæймаг цæрæнбонты йæ зæрдыл кæй бадары, ахæмтæм хауынц.

Телеуынынадæй мæм æрдзырдтой, скъоладзаутимæ, дам, нæ демæ фембæлын фæнды. Æрцыдысты мæм цалдæрæй сæ ахуыргæнæгимæ. Цалынмæ оператор йæхи куыстæввонг кодта, уæдмæ, скъоладзаутæй кæмæн кæм бадгæ у, уый сбæрæг, æмæ æнхъæлмæ кæсæм, оператор йæ куыст кæд райдайдзæн, уымæ. Мæ акомкоммæ цы дыууæ чызджы бадт, уыдонæй иу иннæйы ныллæг хъæлæсæй

фæрсы: «Уæртæ уый та цы у?» æмæ, ме стъолыл цы мыхуыргæнæн машинкæ уыд, уымæ амоны.

Чызджытæ мæ машинкæйыл куыд дис кодтой, æз уымæй тынгдæр дис кодтон чызджыты дисыл.

Мæ зæрдыл мæ сабибонтæ æрлæууыдысты. Куыд тынг аивта дуне иу адæймаджы царды дæргъы! Скъоламæ æрчъиты чи цыд, – мæхицæй зæгъын, – уый компьютертæ, дзыппыдаргæ телефонтæ æмæ Интернеты дуджы балæууыд. Радио æмæ телефон кæй хæдзары нæ уыд, фæтæгены цырагъы рухсмæ йæ уроктæ чи кодта, уымæн, мыхуыргæнæн машинæ цы у, уый дæр чи нæ зоны, ахæм сабитимæ цæргæ ’рцыди.

Хорз сты наукæ æмæ техникæйы æнтыстдзинæдтæ. Адæймаджы цард æнцондæр кæнынц, сæ фæрцы бирæ сагъæстæй фервæзти, фæлæ цымæ уыдон иууылдæр, иумæ райсгæйæ, уд хъæздыгдæр кæнынц, йæ зæрдæйы хорздзинæдтыл ын æфтауынц, адæмы æнгомдзинадæн æххуыс сты?

О, хæдæгай, мыхуыргæнæн машинкæйы тыххæй ма цалдæр ныхасы. Куыд дзурынц, афтæмæй дзы дунейы æппæты фыццаг пайда кæнын райдыдта зындгонд немыцаг философ Фридрих Ницше. Æппæты фæстагмæ ма дзы чи пайда кæндзæн, æз та, æвæццæгæн, уыдоны номхыгъдмæ бахаудзынæн.

Ацы аз 7-æм апрелы ныффыстон ахæм цыппаррæнхъон:

Æцæгæлонæй хæстæгдæр – хион,
Кæрцæй та – хǽдон, – загъди мæ разæй...
Йæ ус йæ разæй фæвæййы иуæн,
Фæвæййы иннæ йæ усы разæй.

Æмæ мæ зæрдыл æрбалæууыд австриаг фыссæг Стефан Цвейг. Уый, дыккаг дунеон хæст куы райдыдта, уæд æй ныууадзын бахъуыд йæ райгуырæн бæстæ. Уый фæстæ йæм йæ цард ницуал каст æмæ йæ усимæ иу къусæй марг банызтой. Иу бон сæхи амардтой Антонио æмæ Клеопатрæ дæр.

Ме ’мдзæвгæйы цы хъуыды бавæрдтон, уый мæм бынтон раст нал фæкаст, уымæн æмæ, куыд федтам, афтæмæй ус æмæ лæг цардæй иумæ дæр ахицæн вæййынц.

Мæ сæр дæр мæй иу хатт фелвынын, мызд дæр мæй иу хатт фæисын, фæлæ мæ сæр æлвыныны рæстæг афтæ тагъд æрбалæууы, æмæ мæм къуыририйæ цыбырдæр фæкæсы. Уый хыгъд мызд исыны бонмæ, цалдæргай мæйты хуызæн, æнхъæлмæ кæсын бахъæуы.

Нæ фыццаг чингуытæ цæуын куы райдыдтой, уæд, зæгъæн ис, æмæ се 'ппæтæн дæр сæ редактор уыди Мыртазты Барис. Иууылдæр уыдысты æмиæстæ, æмиас гыццылтæ: иугай мыхуырон сыфтæ. Малиты Васойы «Фат æмæ æрдын», Джыккайты Шамилы «Æфсарм», Ходы Камалы «Цæхх æмæ кæрдзын», Хъодзаты Æхсары «Æхсар», Чеджемты Æхсары «Стъалыты æхсæрдзæн», мæн «Фыды фарн».

Куы зæгъын, сæ уадзæг уыди Мыртазты Барис. Сæ гыццылы тыххæй сыл худгæ дæр Барис кодта. Уæ чингуытæ, дам, зæрдыл лæууын кæнынц «Инструкцию по уничтожению мух».

Цымæ ацы ран ирон æмбисонд æрымысын не 'мбæлы: «Куырис сыгъди, æмæ йыл бæттæн худти».

Ацы хабар мын Тахъазты Харум дзырдта. Хъайтыхъты Георыл, дам, базарæй рацæйцыд, афтæмæй амбæлдтæн. Кæм уыдтæ, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ:

Æргътæн сæ хъазарæй
Лидзын æз базарæй.

Ацы хабар дæр мын Харум ракодта. Зындгонд профессор Æлборты Барисимæ, дам, фæцæйцыдыстæм. Нæ комкоммæ нæ иумæйаг зонгæ 'рбацæйцыдис. Нæ цурмæ куы 'рбахæццæ, уæд афтæ:

— Борис Андреевич, æз та ма сымахмæ фæцæйцыдтæн.

— Æз æмæ Харуммæ?

— Нæ, сымахмæ.

— Æмæ мæм уæд бирæон нымæцы цæмæн дзурыс, стæй мæ фыды кой та цæмæн кæныс, кæм и, уым æй цæуыннæ ныуудзыс?!

Куыд бамбæрстат, афтæмæй профессор æнахуыргонд ахуыргондæн (уайдзæф кæмæн кодта, уый наукæты доктор уыд) лæугæ-лæууын цалдæр уысммæ æнæхъæн лекци бакаст.

Æмæ раст бакодта. Уымæн æмæ ирон адæммæ раджы дæр æмæ ныр дæр бираæон нымæцы, стæй ном æмæ фыды номæй никуы дзырдтой.

Мæ цуры исчи йæхицæй раппæлыны охыл, Литературон институты ахуыр кодтон, зæгъгæ, куы фæзæгъы, уæд ын йæ ныхас афтæ адарддæр кæнын:

– Æз та дзы ахуыргæнæгæй куыстон.

Æрмæст сын уый мæхицæй раппæлыны тыххæй нæ фæзæгъын, фæлæ цæмæй сæхицæй уыдон ма ’ппæлой, уый тыххæй.

Ис ахæм уырыссаг æмбисонд: «Хæстмæ цæуыны размæ дæхиуыл дзуæрттæ бафтау, денджызмæ бахизыны размæ скув дыууæ хатты, ус курын куы сфæнд кæнай, уæд та дæхиуыл дзуæрттæ æртæ хатты бафтау».

Ацы аз Ленины гуырæн бон хуыцаубонмæ æрæййæфта. Улæфты бон уыд, фæлæ уæддæр мæ куыстмæ ’рбацыдтæн. (Мæ куыст та ис Ленины цыртдзæвæны фарсмæ). Дуæрттæ æхгæд уыдысты. Цалынмæ мæм дуæргæс ракаст, уæдмæ мын æнхъæлмæгæсгæ ’рцыд. Кæсын, æмæ дыууæ рæстæмбис кары нæлгоймæгтæй иу бульвары бæлæсты бын сагъд дидинджытæ тонынмæ февнæлдта. Цы кусыс, зæгъгæ, йæм дзурын. Уый, цалдæр дидинæджы йæ къухы, афтæмæй клумбæйæ рахызт æмæ мæнырдæм ракаст.

– Дæ митæ дæм аив кæсынц? Ам дыууæрдæм чи цæуы, уыдон иууылдæр афтæ куы кæниккой, уæд ма чысыл рæстæджы фæстæ проспекты иу дидинæгыл дæр дæ цæст æрхæцид?

– Абон Ленины гуырæн бон у æмæ йын сæ йæ цыртыл сæвæрыны тыххæй æртыдтон.

– Омæ кæд Ленинæн кад кæныс, уæд – базар хæстæг, бацу, дыууæ дидинæджы балхæн æмæ йын сæ йæ цыртыл

сæвæр. Ленин дæ, афтæ бакæнгæйæ, тынгдæр фæбузныг уыдзæн...

Лæгмæ цыма мæ ныхæстæ бахъардтой, афтæ мæм фæкаст. Кæй ницыуал сдзырдта, уымæ гæсгæ афтæ ахъуыды кодтон.

Ирон фынджы уæлхъус бадгæйæ, иуæй-иу хатт æгæр арæх фест-фест кæнын байдайæм. Уый бирæты зæрдæмæ нæ цæуы, фæлæ æгъдау кæм дома, уым стгæ дæр куыннæ хъуамæ скæнай!

Цыфæндыйæ дæр хъуамæ алцыдæр бæрцыл уа, уымæн æмæ æгъдæуттæн сæ хистæр бæрц у. Æвæццæгæн, бæрцы сæрты куы ахизæм, æгæр арæх фест-фест дæр уæд байдайæм.

Шамил-иу кæйдæр фæзмыдта. Æгæр арæх цы фынгыл фест-фест кодтой, уым, дам, бадты адæмæй иу фынджы разамонæгмæ дзуры: «Дæ хорзæхæй, нæ хистæр, бахатыр кæн, фæлæ цыма æгæр арæх слæууæм, афтæ мæм кæсы. Æз хæлаф нæ сыхæгтæй ракуырдтон æмæ, куы баихсийа, уæд, иуæй, мæ худинаджы хъæр айхъуысдзæн, иннæмæй та, мæ сыхагæн цы раттон, уый нал уыдзæн».

Æз уарзын цыргъ дзывыр,
Цæрдæг бæх æдсаргъ,
Ныхасæн – йæ цыбыр,
Бæндæнæн – йæ даргъ.

Ацы æмдзæвгæ Самбегаты Гæвдийæ фехъуыстон. Балаты Тембол, дам, æй ныффыста. Мæ зæрдæмæ фæцыди. Ирон æмбисондæй афтæ арæхстджынæй спайда кодта, æмæ цæсты ахады.

Мæнмæ гæсгæ, иу хорз æмдзæвгæ чи ныффыста, уый дæр кады аккаг у, аргъ кæнын ын хъæуы, уымæн æмæ арф хъуыды кæм уа, уый æппæт адæмы исбоныл нымайнаг у. Зæгъæм, Вольтер æрмæст ацы цыппаррæнхъон йеддæмæ куы ницы ныффыстаид, уæд дæр цыма йæ ном нæ ферох уыдаид, афтæ мæм кæсы:

Фрероныл калм фæхæцыд хъæды,
Зын ран куыннæ бахауд, фыдмæты!

Ӕрмæст дзæгъæлы уыд æрхуым:
Йæхæдæг калм æрбамард уым.

(мæхи тæлмац)

Куыд дзурынц, афтæмæй Хъайтмазты Аслæмырзæмæ бирæ фыстытæ уыд, фæлæ, йæ хæдзарыл зынг куы сирвæзт, уæд, дам, басыгъдысты. Махмæ ма дзы æрхæццæ æрмæстдæр æртæ 'мдзæвгæйы: «Сидзæр», «Хосгæрдæн» æмæ «Фæллой», фæлæ йын уыдон дæр йæ ном рох кæнын нæ бауагътой. Нæ бауагътой, зæгъгæ, йæ ном цæрдзæн, цалынмæ иронау кæсæг уа, уæдмæ. Иронау кæсæг куынæуал уа, уыцы рæстæг та, Хуыцауы фæндæй, мах куыд æнхъæл стæм, афтæ тагъд кæд нæ ралæууид, æмæ, ныртæккæйы хуызæн, нæ дард фæдонтæй алкæй бон дæр, æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, райдайын уаид:

Сæныккæн хизæнæй
Фесæфт йæ мад.
Баззади сидзæрæй,
Алы бон тад.

æ.а.д. Йæ æнкъард райдайæн та-иу фæуаид цинхæссæг хъæлæсæй:

Бафсæды кæрдæгæй,
Бануазы дон,
Афтæмæй хъæлдзæгæй
Арвиты бон.

Бадæм дæргъæй-дæргъмæ фынджы уæлхъус. Ахæм ран хистæрæн дзæвгар зындæр вæййы. Ноджы ма фæйнæ дæр куы аназынц, уæд дзолгъо-молгъо æгъдауыл уæлахиз кæнын байдайы. Уыйас бирæ дæр нæма абадтыстæм, афтæмæй, дæлиау цы урс нымæтхудджын бадт, уый хистæрмæ ныхасæппарæн кæны. Адæм бафиппайдтой, йæхи дарын кæй нæ зоны, уый, фæлæ йын бауайдзæфгæнæг нæ уыд. Ӕгæр-æгæр куы кодта, уæд, нымæтхудджынæй уæлдæр, хистæрæй дæлдæр чи бадт, иу ахæм саджы фисынтыл амад рихиджын йæхиуыл хæцын нал бафæрæзта æмæ йæм дзуры:

— Ӕфсымæр, дæ нымæтхуд дæ сæрыл кæныны бæсты дæ дзыхы батъысс æмæ хистæры дзурын бауадз!..

Уый фæстæ дзы иу ныхас дæр нал райхъуыст.

Плиты Грисы трагеди «Чермен»-ы иу монолоджы ахæм ныхæстæ ис: «Мæ боны дарæс, ме ’хсæвхуыссæн – иу». Уымæй сæйраг архайæг йæ мæгуырдзинад равдисынмæ хъавыд.

Ныр рæстæджытæ аивтой. Афтæ аивтой, æмæ ахæм дарæс хъæздыгдзинады æвдисæн басгуыхт. Акæсут-ма нæ горæты уынгтæм, кæддæра сæ боны дарæс æмæ се ’хсæвхуыссæн дарæсæй исты хъауджыдæр ис! Æхсæв цы дарæсы фæхуыссынц, уым уынгты цæуын дæр райдыдтой. Сæ уæллаггуырыл дæр æмæ сæ дæллаггуырыл дæр, æхсæв цы дарæс вæййы, уым уынгты æнæфсармæй дыууæрдæм кæнынц.

Иннæ ахæм хабар. Мæгуырдзинад æвдисæг æмбисæндтæ бирæ ис. Иу дзы, Грисы трагедийæ цы ныхæстæ æрхастам, уыдоны æнгæс у: «Уыдонæн се ’хсæвхуыссæн сæ боны дарæс уыди». Ис æндæрхуызон æмбисæндтæ дæр: «Еууы кæфой йыл куы бакалай, уæд иу нæмыг дæр нал æрхаудзæн йæ бызгъуыртæй». Уыдон иууылдæр мæгуырдзинадыл дзурынц. Махмæ та, уæраджы сæртæ кæцæй зынынц, ахæм скъуыдтæ дарæс уæлахиз кæнын райдыдта. Дарынц сæ тæккæ хъалдæр чызджытæ æмæ лæппутæ.

Лæппу ма куы уыдтæн, уæд ахæм дарæсы уынгмæ чи рацыдаид, ууыл адæм былысчъилтæ æмæ пыррыччытæ кодтаиккой, уымæн æмæ уыцы рæстæджы ахæм æмбисонд уыд: «Фыдгомæй фыдæмпъызт – хуыздæр»!

Бæндæны бæсты радтон
Кæддæр дæуæн мæ синаг...
Сæрмæ нæ хæссын абон
Ысси сæрмæ хæссинаг.

Иу зондджын лæг афтæ загъта: «Дæ хъуыды куы нæ ныффыссай, уæд æй, куы ферох кæнай, уымæй тæссаг у». Уыцы æмбисонд мыл къорд хатты æрцыд. Иуы тыххæй мын дзы æнæрадзургæ нæй. Кæд искæмæн зонды хос фæуид...

Уыцы аз Кисловодскы санаторийы уыдтæн. Уыцы аз ма мыхуырмæ цæттæ кодтон мæ ног чиныг дæр. Сæргонд ын нæма уыд, æмæ мæ уыцы сагъæс, мæ улæфт уадзгæйæ дæр, уæгъд нæ уагъта. Иу заман, парчы тезгъо кæнгæйæ, мæ сæры диссаджы ном февзæрд. Ахæм цин ыл бакодтон,

æмæ мæ фидарæй уырныдта, мæ чиныгыл ахæм сæргонд кæй сфидаудзæн, уый. Кæйнæуал мæ ферох уыдзæн, ууыл мæ зæрдæ дардтон æмæ йæ нæ ныффыстон.

Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ æндæр хъуыдытыл фæдæн æмæ диссаджы сæргонд, йæ цинæй кæмæн сыръзæгау кодтон, уыцы сæргонд мæ сæрæй атахт. Æвæццæгæн, ахæм ранмæ, раздæхæн кæцæй нал и. Цы нæ фæкодтон, йæ хæдфæстæ дæр, уый фæстæ бирæ рæстæджыты дæр, марадз-зæгъай, кæд ма йæхи æрымысын бауагъта.

Диссаг ма цы у: уæдæй нырмæ дзæвгар азтæ рацыд. Мæ чиныгæн цы ном æрхъуыды кодтон, уый æрхъуыды кæнын мæ бон нал баци, фæлæ йæ кæй ферох кодтон, уый ферох кæнын мæ бон, æвæццæгæн, æмæ никуы бауыдзæн.

Тамако дымын æвдæм къласы райдыдтон. Мæ алыфарс чи дымдта, уыдон фæзмгæйæ. Уыцы кары алкæй дæр йæхицæй хистæр уæвын фæфæнды. Цæмæй хистæртæм фæхæстæгдæр уа, уымæн та тæккæ галиудæр фæндæгтæй иу у уыдоны хуызæн дæ тамакойы фæздæг суадзын. Æз дæр, чи рæдыди, уыдонæй фæсте никæмæй баззадтæн. Скъолайæ цæугæйæ-иу, нæ чъылдыммæ цы суадон уыди, ууылты мæ фæндаг акодтон æмæ-иу мæ ком æнхъæвзынмæ фæдæн, кæд мæ тамакойы тæф фесæфид, зæгъгæ. Фæлæ тамакодымæгæн, кæйдæр загъдау, йе 'фцæггот дæр тамакойы тæф фæкæны, æмæ-иу мæ Веринкæ, кæй зæгъын æй хъæуы, базыдта, фæлæ мын æй мæ цæстмæ никуы бадардта. Цæуыннæ, уый нæ зонын, фæлæ, мæнмæ гæсгæ, афтæ хъуыды кодта: «Цыфæнды йын куы дзурон, уæддæр дзы ницы рауайдзæн. Уый ахæм емынæ у, æмæ йæ ныхмæ ныхæстæй тохгæнæн нæй, чи йæ райдыдта, уымæ йæхимæ цалынмæ йæ ныууадзыны зонд æрцæуа, уæдмæ дæ сызгъæринтæ доны калыс æмæ ма йæ мæхимæ цы хæрам кæнон?!»

Фæдымдтон æй æз дæр, цалынмæ институт каст фæдæн, уæдмæ. Аст азы цы рæдыд фæндагыл фæцыдтæн, уырдыгæй фæстæмæ раздæхтæн æмæ йæ хъылма тæф мæ комæй никуыуал ракалд. Веринкæйæн æй бæргæ раппæлин, фæлæ... Уæвгæ, хъæр мæрдтæм дæр хъуысы æмæ дæм, Веринкæ, дзурын: «Тамако кæй дымдтон, уый тыххæй дæ хатыр курын. Дæ зæрдæ мæм мауал æхсайæд. Куы йæ ныууагътон, уæдæй нырмæ 52-æм аз цæуы...»

Фæсмон кæмæ не ’рцæуы, ахæм адæймаг зын ссарæн у…

Дзуццаты Зæлинæ мын, цыппæрæм уæладзыджы, кæм кусын, уыцы уаты балкъоны лæууыдыстæм, афтæмæй ахæм хабар радзырдта: «Уæд ма мæхи амондджыныл нымадтон: мæ мад ма æгас уыди. Мæ куыстмæ мæм æрбацыди. Нæхимæ куы фæцæйцыд, уæд йæ фæдыл бынмæ цæуыннæ ’рхызтæн, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ афтæ кæй бакодтон, уый мæхицæн никуы ныббардзынæн, æнусмæ мæхи азымджын хондзынæн. Йæ фæдыл нæ рацыдтæн, фæлæ балкъонмæ рауадтæн æмæ кастæн, агъуыстæй кæд рахиздзæн, уымæ. Цалдæр минуты фæстæ проспекты дæлæмæ фæцæйцыд…

Ныр ацы балкъонæй куы фæкæсын, уæд, мæ мад уынджы дæлæмæ куыд фæцæйцыд, уый æдзухдæр мæ цæстытыл ауайы æмæ та мæхи фæсмонæй хæрынмæ фæвæййын».

Ахæм фæсмойнаг хабар мæ царды дæр уыди. Уæд ма æз дæр амондджын уыдтæн…

Веринкæимæ Æрыдоны ’рдыгæй æрбацæйцыдыстæм. Къутуты цурмæ куы ’рбахæццæ стæм, уæд уæлбылæй кæсын, æмæ хъæугæрон нæ сыхы лæппутæ хъазынц. Мæ мадимæ сæ рæзты ацæуынæй цæмæн фефсæрмы кодтон, уымæн абон дæр бæлвырд дзуапп раттын мæ бон нæу, фæлæ, æвæццæгæн, æнæ йæ мад дард ранмæ цæуын нæ уæнды, зæгъгæ, афтæ куы банхъæлой, уымæй фætарстæн æмæ уæлмæрдты былты дæрдтыл уымæн азылдтæн. Цалынмæ, лæппутæ кæм хъазыдысты, уырдæм баввахс дæн, уæдмæ Веринкæ дæр нæхимæ бахæццæ, лæппутæй дæр уым ничиуал уыд…

Цæмæн афтæ бакодтон, уый тыххæй фæсмон кæндзынæн, цалынмæ цæрон, уæдмæ.

Абон мæ мадимæ, кæрон кæмæн нæй, ахæм фæндагыл цæуынæй дæр нæ бафæллаин, фæлæ…

Маршрутон таксийы амбæлдтæн Геннадийыл. Мæнæ фельдъегерон службæйы чи куыста, уыцы Геннадийыл. Сæ хицау мæ сабат æмæ хуыцаубоны мæ куыстмæ куынæуал уагъта (æз та уæд дæр æмæ ныр дæр фæлладуадзæн бонты дæр мæ куысты вæййын) æмæ мын афтæ

чи загъта, мах дæ уадзиккам, фæлæ нæм нæ хицау бартхъирæн кодта, дуар чи байгом кæна, уый æфхæрд æрцæудзæн, зæгъгæ, чи загъта, уыцы Геннадийыл. Хъыгагæн ын йæ мыггаг нал хъуыды кæнын, бафæрсын та мæм аив нæ фæкаст. Кæрæдзиуыл бацин кодтам.

Геннади мын йæ царды хабæрттæ дзурынмæ фæци. Мæ мадыл 94 азы цæуы æмæ, дам, æм ныр цалдæр азы мæхæдæг кæсын. Фæндагыл æрыскъæфтæ (ацы хабар æрцыд ацы аз фыццæгæм июны) уæййагыл фембæлд æмæ йын уыдонæй алхæдта.

Æрымысыдыстæм рагон хабæрттæ дæр. Уæ фысджыты кусæн уат куы ссыгъд, уæд, дам, тæссаг уыд, цыппаруæладзыгон хæдзар иууылдæр куы басыгъдаид, уымæй. Æз, дам, дуар басастон æмæ арт ахуыссын кодтон. Уæ сæрдар, дам, мын фыс акусарт кæнынæй зæрдæ бавæрдта æмæ ма йæ абон дæр æргæвды. Уæдæй нырмæ ссæдз азы рацыд.

Йæ фæстаг ныхæстæй мын мæ зæрдæ барухс кодта. Мæнæй дæр иу мæ зонгæ гогыз дары: хæснаг скодтам æмæ афтæмæй фæхæрд. Æртæ азæй фылдæры размæ æрцыд хабар. Ссæдз азы чи æнхъæлмæ кæсы, уый дæр ма йæ зæрдæ цæуылдæр куы дары, уæд мæ ныфс йæ базыртæ афонæй раздæр цæмæн хъуамæ æруадза?! Стæй, раст куы загъон, уæд мæхиуыл дæр иу-дыууæ ахæм цауы æрцыд. Мæ бинойнагæн кусарт акæнынæй зæрдæ бавæрдтон (цæй фæдыл, уый, мæ ныхас куы сæххæст кæнон, уæд схъæр кæндзынæн), фæлæ абоны онг йæ сæххæст кæнынæн фадат нæма ссардтон.

Мæ зæрдыл Джордж Гордон Байроны роман «Дон Жуан»-æй ахæм рæнхъытæ ’рбалæууыд:

Когда нас буря в море настигает,
Исправиться клянемся искони!
Но мертвый клятву выполнить не в силах,
А спасшийся, глядишь, – и позабыл их.

Хуыцауы фæндæй, æз мæ ныхасæн хицау разындзынæн: нæ мæ ферох уыдзæн.

Не ’взаджы уавæр фæхуыздæр кæныныл дзургæ бирæ кæнæм, аразгæ – чысыл. Уыимæ алчидæр кæмæдæр дзуры, нæхицæй аразгæ цы у, уый та, зæгъæн ис,

æмæ æдзухдæр рохуаты зайы. Æз та афтæ зæгъинаг дæн: нæ мадæлон æвзаг раууатмæ кæй æрцыд, уым сæйрагдæр аххосджыныл банымайын хъæуы адæмæн сæхи. Цæмæн? Не 'взагыл суæлæхох стæм. Кæйдæр æвзаг нæм хуыздæр кæсы. Дæхиуыл былысчъилтæ куы кæнай, уæд дæ исчи йæхицæн хъуырæгънæгæн нæ бахуыйдзæн. Кæд арæх афтæ фæзæгъæм, раздæр ирон æвзагмæ фылдæр хъусдард уыди, зæгъгæ, уæд, æвæццæгæн, уым дæр бынтон раст нæ вæййæм.

Зæгъынмæ хъавын мæхи фæлтæры тыххæй. Мах æвдæм къласы онг æппæт предметтæ дæр – уырыссаг æвзаг, литературæ æмæ фæсарæйнаг æвзæгтæй фæстæмæ – иронау ахуыр кодтам. Фæлæ, æргом дзургæйæ, æппæты æцæгæлондæр цæстæй кастыстæм черчени æмæ ирон æвзагмæ. Черчени нымад уыд, æппындæр нæ царды чи никуы бахъæудзæн, ахæм предметыл. Хуымæтæджы нæ фæзынд рифмæгонд ныхас: «Черчение – урок развлечения».

Скъоладзаутæм уымæй бирæ бæрзонддæр æвæрд нæ уыд ирон æвзаг дæр. Ничи йæ æвæрдта истори æмæ математикæйы фарсмæ. Фæлæ, кæд цыфæнды уыди, уæддæр ын ныримæ абарæн ницы хуызы ис. Æвдæм къласы онг æппæт предметтæ дæр иронау кæй ахуыр кодтам, уый фадат лæвæрдта алыхуызон курдиæттæ райрæзынæн.

Хъуыддаг, бинонты 'хсæн мадæлон æвзаг фæсдуар æвæрд кæй æрцыд, уый мидæг ис. Æз бирæ хæттыты дзырдтон ирæттæ æмæ дыгурæттæн се 'ппæты дæр æндæр æвзагыл дзурджытæ скæнæн ис, фæлæ дзы фæстæмæ иу ирон æмæ иу дыгурон дæр нал рауайын кæндзынæ. Иуæй-иу ныййарджытæ та, ныббарæн кæмæн нæй, ахæм зондыл ныххæцыдысты: цæмæй сæ цот мадæлон æвзаг æмæ литературæйы уроктæй уæгъдгонд уой, уый тыххæй сæ æндæр адæмыхаттыл ныффыссыныл дæр сразы вæййынц.

Ныртæккæ цы чингуытæ цæуы, – æз æрмæст ахуыргæнæн чингуыты кой нæ кæнын, æз кæнын аивадон литературæйы кой дæр, – уыдонæн фыццæгтимæ абарæн ницы хуызы ис. Сæ фæлгонц бынтондæр кæй аивта, ууыл та дзурын дæр нæ хъæуы. Бирæ фæмидисджындæр, фæхъæздыгдæр цæстуынгæ æрмæг, спарахат сты техникон фæрæзтæ. Фæлæ уыдонæй мадæлон æвзаг рæзын кæныны фаг пайдагонд нæ цæуы. Дæс-фынддæс азы размæ дæр ма мадæлон æвзагыл цы чингуытæ цыд, уыдоны тираж уыди

дыууæ æмæ фылдæр мин экземпляры. Ныр нæ уацмысты тираж 4-6 хатты фæкъаддæр, æмæ уыцы 500 экземпляры дæр дæсгай азты уæйгонд нæ фæвæйййынц.

Стыр хъыгагæн, нæ фысджыты уацмыстæ æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ дæр се 'ппæт нæ кæсынц. Нæ мадæлон æвзагыл сывæллæтты чи ахуыр кæны, уыдоны нымæц минмæ хæстæг у. Се 'мбис уæддæр куы 'лхæнид ирон чингуытæ, уæд се 'ппæты фаг дæр не суаиккой. Азымы бадаринаг сты скъолаты ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæ. Раздæры хуызæн фаг æргом здæхт нал цæуы къулы газеттæ æмæ къухæйфыст журналтæ уадзынмæ. Хæрзыстæм скъолаты расидтæуы сфæлдыстадон конкурстæ, литературон викторинæтæ.

Уырыссагау куы нæ зонай, уæд уым раппæлинагæй ницы ис, фæлæ, кæй нæ зоныс, уый цæмæй иннæтæ дæр базоной, ууыл куы архайай, уæд уым дæр раппæлинагæй ницы ис.

Раздæр уал, мæхæдæг æвдисæн цы цауæн нæ уыдтæн, уый кой ракæнон.

Цæвиттон, уырыссагау хорз чи нæ зыдта, иу ахæм лæг буфетмæ бацыд æмæ рады æрлæууыд. Йæ рад куы 'рхæццæ, уæд буфеты хицаумæ дзуры:

— Дайте один кофе...

Уыцы ныхæстæ куы загъта, уæд дзы буфетгæс раппæлыд:

— Абондæргъы, къофи чи иста, уыдонæй иу дæр раст нæ загъта: иууылдæр дзырдтой «одно кофе», «одно кофе». Хъæугæ та кæны, ома раст у, ды йæ куыд загътай, афтæ — «один кофе».

Уыцы ныхæстæй лæджы зæрдæ барухс æмæ дарддæр йæ ныхас кодта:

— И два булка...

Ныр та, мæхæдæг æвдисæн цы дыууæ цауæн уыдтæн, уыдоны тыххæй.

Уæд ма Мордовцевы номыл уынджы цардыстæм. Иу сихорафон мæ куыстæй сцæйцыдтæн æмæ мæ дыууæ сыхагыл амбæлдтæн. Иу сылгоймаг дзы, дзул йæ къухы, афтæмæй дуканийæ 'рбацæйцыд, иннæ та дуканимæ рараст æмæ йæм уынджы фаллаг фарсæй хъæр кæны: «Белая хлеба?»

Иннæ хабар та адæмон артистимæ баст у.

Цалдæр лæппуйæ уынджы фæцæйцыдыстæм. Проспекты кæрон ныл æрбамбæлд æмæ йе сгуыхтдзинæдты кой кæнынмæ фæци. Сгуыхтдзинæдтæ йæм, кæй зæгъын æй хъæуы, уыдис, æрмæст сæ йæхæдæг кæй дзырдта, уый нæ иуы зæрдæмæ дæр нæ фæцыд, фæлæ сæ уæддæр дзырдта. Йæ ног зарæджы кой дæр ракодта, нæ, дам, æй фехъуыстат. Иннæтæн нæ зонын, фæлæ йæ æз нæ фехъуыстон. Уæддæр ын æмхуызонæй загътам, канд хъусгæ йæ нæ фæкодтам, фæлæ ма нæ зæрдæмæ дæр фæцыди, зæгъгæ. Чидæр зарæджы ныхæстæй куы раппæлыд, уæд лæг фырцинæй хæрдмæ фæхауæгау кодта: «А знаешь, чья текста?» Æмæ ныхæстæ дæр йæхи фыст кæй сты, уый нын фехъусын кодта.

Рæдыд рæдыд у, фæлæ мæм ацы æртæ рæдыдæй фыццаг рафауинаг рæдыд нæ кæсы. Фыццаджыдæр, уымæн, æмæ, буфетмæ чи бацыд, уыцы лæг йæхи ’взагыл дзурджытимæ нæ ныхас кодта, стæй æппæт адæм кæм рæдыдысты, уым раст уыд. Фæрæдыди, иннæтæ раст кæм уыдысты, уым. Иу дзырдæй, хæрæгсаст фесты.

Æндæр у сæ уавæр фæстаг рæдыдтæн: чи фæрæдыди, уыдон дыууæйæ дæр ныхас кодтой сæхи ’мзæххонтимæ æмæ дзургæ дæр хъуамæ иронау кодтаикккой. Кæд сæм уырыссагау дзурын хуыздæр каст, уæд та хъуамæ раст дзырдтаикккой.

«Æмбырд куы фæци, уæд уазджытæй иу сыстад, хæрзæхсæв загъта æмæ ацыд. Куыддæр федде, афтæ иууылдæр йæ фыдгой кæнынмæ фесты. Цынæ мард гæдыйы йыл æрцауыгътой, ахæм нал баззад. Дыккаг куы ацыди, уæд ууыл дæр нæ бацауæрстой. Афтæ ныппырх сты уазджытæ иууылдæр. Æппæты фæстагмæ ма дзы чи баззад, уый загъта: «Ам мæ ’хсæвиуат кæнын бауадзут. Мæ размæ чи ацыд, уыдоны хал ахæрынæй тæрсын».

Ацы фыстытæ сты Толстой Левы чиныг «Круг чтения»-йы.

Мæхицæй ма йæм цы бафтауынмæ хъавын: «Æвæццæгæн, фæстаг уазæг фæтарст, къултæ, цал сты, уалæй йæ фыдгой кæнынмæ куы февналой, уымæй æмæ йæ хæдзар уымæн нал бацагуырдта.

Ævzæræн дæр хорз базонæн ис.

Астæуккаг скъолайы ма куы ахуыр кодтон, уæд-иу урокты фæстæ Николаевскы станицæйы дуканимæ (Бæрæгъуыны астæуккаг скъола нæма уыди æмæ æвдæм къласы фæстæ ахуыр кæнынмæ уырдæм цыдыстæм) арæх бауадыстæм. Исты балхæныны тыххæй нæ. Ælхæнын та нæ куыннæ фæндыди, æхца нæ уыди æндæр. Фæлæ-иу нын дзы, цы уæй кодтой, уый фенын дæр æхсызгондзинады хос фæци, мæнæ донмæ хидæй куы кæсай æмæ балер кæсаг, йæ базыртæ ныппака кæнгæйæ, уылæнты ныхмæ куы лæууа, уымæй æхсызгондзинад куы исай, уый хуызæн. Афтæ та-иу æцæг кастæн, уæлмæрдтæм фæхæрдгæнæны Куыройыдоны сæрты цы хид уыд, уырдыгæй.

О, æмæ уый дзырдтон: дуканимæ-иу арæх бауайаг уыдыстæм æмæ-иу дзы алы хатт дæр къулыл ауыгъдæй мæ цæст æрхæцыд ахæм нывыл: хæрзконд нæлгоймаг аив дарæсы тамако пъæртт кæны. Йæ бынмæ дынджыр дамгъæтæй фыст: «На сигареты я не сетую, я сам курю и вам советую».

Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй, дам, уыцы рæнхъыты автор уыди Маяковский Владимир. Æргом дзургæйæ, рæнхъыты мидис кæронмæ не 'мбæрстон, бæлвырддæр зæгъгæйæ та, иу дзырд – «сетую» – цы амыдта, уый нæ зыдтон, фæлæ тамако дымынмæ кæй сидти, уый мын бæлвырд уыди. Мæ зæрдыл Есенин Сергейы рæнхъытæ æрлæууыдысты:

Мне мил стихов российский жар.
Есть Маяковский, есть и кроме,
Но он, их главный штабс-маляр,
Поет о пробках в Моссельпроме.

Уыцы азты Маяковский базарадон рекламæимæ кæй куыста, уый Есенины зæрдæмæ нæ цыд, æмæ се 'хсæн сæвзæрд изгарддзинад. 1924 азмæ дыууæйы астæу фæзынд æндæр быцæйуаг ахастдзинæдтæ дæр. Ноджы Есенин Тифлисмæ куы 'рбацыд, уæд газет «Заря Востока»-йы Маяковский Пушкины райгуырды 125 азы юбилейы кадæн ныммыхуыр кодта æмдзæвгæ «Юбилейное». Уым Есенины тыххæй уыди, дæлджинæг æй чи кодта, ахæм рæнхъытæ:

Ну, Есенин,
мужиковствующих свора.
Смех!
Коровою
в перчатках лаечных.
Раз послушаешь...
Но это ведь из хора!
Балалаечник!

Есенин дæр, Маяковский дæр, — цавæр поэттæ **уыдысты**, зæгъгæ, ныффыссынмæ хъавыдтæн, цыма поэтæй ивгъуыд афоны «уыдис» зæгъæн ис, уый хуызæн, — цавæр поэттæ сты, уый амонын никæмæн хъæуы, фæлæ кæд Маяковский æцæгæй æхцайы тыххæй къæрмæджытæ парахат кодта æмæ тамако дымынмæ сидти, уæд уый Есенины зæрдæмæ куыд хъуамæ фæцыдаид!..

Кæмдæр ма мæм Фысджыты цæдисы кой уыди. Ахæм бирæ уæнгтæ дзы ис, æмæ сыл адæймаг цин кæна æви хъыг, уый æваст нæ рахатдзынæ. Уæвгæ, йæ рахатынæн уыйас бирæ зонд нæ хъæуы. Цæуыннæ, уый дæр зæгъдзынæн.

Нымæц кæд хæрзхъæддзинадыл дзурæг нæу, уæд — ацы ран. О, азæй-азмæ æфты фысджыты нымæцыл нæ, фæлæ уæнгты нымæцыл. Æрмæст уый тыхыл дзурæг нæу. Фыццаджыдæр, уымæн, æмæ се 'хсæн курдиæтты нымæц иу къухы æнгуылдзтæй бирæ фылдæры фаг уа, уый мæ зынæй бауырндзæн. Иннæмæй та се 'хсæн æрыгæттæ нæй. Иунæг дæр. Уæд афтæмæй сæ бирæйы нымæцыл цингæнæн и?..

Раджы, æз æмæ ма мæ фæлтæры минæвæрттæ æрыгæттæ куы уыдысты, уæд Фысджыты цæдисмæ бацæуын стыр кадыл нымад уыди. Уырдæм райсыны аккагыл-иу кæй банымадтой, уый-иу кусæрттæ кодта, куывдтæ-иу арæзта. Ныр иугæйттæ æмæ дыгæйттæй нал цæуынц: дæсгæйттæ æмæ фынддæсгæйттæй. Куы зæгъын, Фысджыты цæдисмæ бацæуын канд кадджын нæ уыдис, фæлæ ма уыдис зын дæр. Кæйдæрты-иу аккагыл дæр нæ банымадтой, уыдоны 'хсæн-иу суанг курдиат кæмæ уыди, ахæмтæ дæр бахауд.

Ныр та? Фæстаг ссæдз-фондз æмæ ссæдз азы дзы ахæм цыма нæма разынди. Иууылдæр сты стыр кады аккаг, иумæ дæр дзы ницы аипп æрхæссæн ис. Æмæ цæуынц, иуы размæ дæр дзы цæлхдур нæй, афтæмæй.

Иу хатт ма йæ зæгъын: раздæр афтæ нæ уыди. Фысджыты цæдисмæ раст-равджы зын бахауæн уыдис. Суанг йæ ном хъуыстгонд кæмæн уыди, уыдонæй дæр чидæртæ нæ зындгонд фысджыты фарсмæ æнцонæй не 'рлæууыдысты.

Хуыгаты Георы Советон Цæдисы бирæ рæтты зыдтой, канд режиссер нæ, фæлæ куыд курдиатджын драматург, афтæ дæр, фæлæ йæ ам, нæхимæ, Фысджыты цæдисмæ нæ райстой. Уымæй, кæй зæгъын æй хъæуы, фæрæдыдысты, фæлæ сын сæ рæдыд Мæскуыйы Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисы сраст кодтой, уымæн æмæ зыдтой, йæ пьесæтæ Советон Цæдисы канд дæсгай театрты нæ цыдысты, фæлæ ма фæсарæнты дæр. Фыццаг фæлтæрæнæй кæй нæ райстой, уыдонимæ уыдысты Хуыгаты Сергей, Ходы Камал... Цæй, дарддæр сæ нал ныма йын. Скæндзынæн ма мæхи кой дæр. Æвзæр йæхи кой куы нæ ракæна, уæд æй æвзæр ничиуал хондзæн.

Мæн дæр Ирыстоны нæ райстой. Михалков Сергейы (мæрдты дзæнæты фæбадæд) фæндонмæ гæсгæ мæ гæххæттытæ бынæттон организацийы сæрты Уæрæсейы Федерацийы Фысджыты цæдисмæ барвыстон æмæ къамисы 24 уæнджы, сусæг хъæлæс кæнгæйæ, иууылдæр мæ фарс рахæцыдысты. Куыннæ мын уыдаид æхсызгон уыцы хабар фехъусын!

Ныр Фысджыты цæдисы кæй дæн, уый мæ раздæрау нал æндавы. Цæмæдæр гæсгæ мæм ахæм æдылы зонд дæр фæзыны: цыма Фысджыты цæдисмæ бацæуынæй нæ бацæуын кадджындæр у.

Нарты кадджытæ нæ сыхæгты зæрдæмæ кæй цæуынц, уый мын хъыг нæу, фæлæ сæ сæхи кæй хонынц, уый мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Кæмæ раздæр фæзындысты, сæ бындур кæцы адæмы 'хсæн сæвзæрд, уый ахуыргæндтæ раджы сбæрæг кодтой, фæлæ сæ уæддæр нæ сыхæгтæй алчидæр йæхи бакæныныл архайы.

Æз адæмон сфæлдыстад иртасæг нæ дæн, фæлæ иу хъуыддаг бæлвырд зонын. Нæ адæмы стыр хæзна йæхиуыл

чи бары æмæ, кæй у, уымæн æй дæттынмæ чи нæ хъавы, уыдонмæ æрæджыйы онг мыггæгтæ дæр куы нæ уыди, сæ мыггæгтæ сæ фыды нæмттæ куы уыдысты, уæд, цымæ, уыцы хъуыддаг ницæуыл дзуры?

Куыд зонæм, афтæмæй нарты кадджыты бындур уыдысты æртæ мыггаджы: Æхсæртæггатæ, Борæтæ æмæ Алæгатæ. Архайд сæйрагдæр цæуы уыцы æртæ мыггаджы æхсæн, фæлæ ма дзы ис æндæр мыггæгтæ дæр. Мæнмæ гæсгæ, уыцы хъуыддаг дæр цæуылдæр дзурæг у, æмæ йæм æргом здæхт куы ’рцæуид, уæд, цыма, цыдæр хатдзæгтæ расаид, афтæ мæм кæсы.

Иу иннæмæн афтæ:
– Уыцы хуызæнæй дæ мады гуыбыны куыд лæууыдтæ?
– Уым дæр иннæты бæрц нæ бафæрæзтон: авд мæйы йеддæмæ дзы нæ фæдæн.

Дыууæ ноэтуарзаджы карз быцæуы бацыдысты. Иу дзы уыди къæдзæхы йас, иннæ йæ астæумæ дæр нæ хæццæ кодта, фæлæ уый сæ хъæбæрдзыхтæй уыд æмæ дынджырæн афтæ:
– Æз дæу бæрц баназдзынæн!
Дынджыр бынмæ æнæрвæссон каст æркодта æмæ йын былысчъилхуызæй загъта:
– Æз дæу йас дурын баназдзынæн, ахуыйæн та дын дæхицæй скæндзынæн!

Токаты Асæх йæ повесть «Катя» «Мах дуджы» мыхуыр кæнын райдыдта, кæронмæ йын фыст нæма фæци, афтæ. Йæ иу хай мыхуыргонд æрцыд, фæлæ журналы «уыдзæн ма», зæгъгæ, ныффыстой æмæ фыссæгмæ ’нхъæлмæ кастысты. Асæхмæ æнхъæлмæ кæсæн уыд, фæлæ журнал æнхъæлмæ нæ каст. Фæстаг хатт ма йæм редакцийы кусæг куы бацыд æмæ йын куы загъта, дæ повесть «Катя»-йы кæрон кæм ис, зæгъгæ, уæд, хæрдмæ не скæсгæйæ (ома ма мæ хъыгдарут), загъта: «Бадын ыл, бадын ыл, бадын ыл!»

Ацы аз январы цыппар æмæ ссæдзæм бон мæ, æвæццæгæн, нал ферох уыдзæн. Чингуыты рауагъдады кусæг Туаты Изетæ мæм бандероль æрбахаста. Райхæлдтон æй, æмæ дзы разынд мæ чиныг. Мæ венгриаг æнæзонгæ хæлар Матуаш Какук мын мæ радзырдтæ æмæ æмдзæвгæтæ сæхи 'взагмæ ратæлмац кодта, хицæн чиныгæй сæ рауагъта æмæ мын дзы цалдæр экземпляры æрбарвыста.

Уымæй мын чысыл фæстæдæр рауагъдад «Ир»-ы директор Кодзырты Жаннæ фехъусын кодта, де 'мдзæвгæты фыццаг том, дам, Ростовæй схæццæ æмæ йæ скъладмæ равдæлон кодтой.

Куыд ис ахæм бонæн рохгæнæн?!

Хатгай адæймаг цы нæ сдзырддаг кæндзæн, ахæм нæй. Суанг кæсæнцæстытæм куы фæкомкоммæ уа, уæд дæр сæм фау æрхæсдзæн, цæстытæ ма кæсæн йеддæмæ цавæртæ вæййы, зæгъгæ...

Æфсымæртæ Кирилл æмæ Мефодий, грекъаг дамгъуатæй пайда кæнгæйæ, кæй æрхъуыды кодтой, уыцы фыссынад стыр хæрзты бацыд милуангай адæмтæн. Славянаг адæмты историйы йæ ахадындзинадæн ницæимæ абарæн ис. Мин азæй фылдæр рацыд, уыцы фыссынад куы фæзындис, уæдæй нырмæ, æмæ абоны онг дæр Уырыс, Украинæ, Белорусси, Болгари, Польшæ, Югослави æмæ иннæ паддзахæдты адæмтæ пайда кæнынц Кирилл æмæ Мефодийы дамгъуатæй. Цæйбæрц стыр лæгтæ сты, уый бæрæг у, «сыгъдæджытæ» сæ кæй рахуыдтой, сæ нæмттæ ныртæккæ дæр цытджын кæй сты æмæ сын æппæт бæстæты дæр стыр кад кæй кæнынц, уымæй. Сæдæгай азты размæ 'фсымæртæ цы рухс ссыгъдтой, уый ныр дæр фæндагамонæг у æмæ уыдзæн абоны æмæ фидæны фæлтæртæн. Ныртæккæ компьютертæ æмæ Интернет скадджын сты, фæлæ дзы фыст дамгъæйæн æмбал нæй. Кирилл æмæ Мефодий славянаг адæмтæн дины чингуытæ дæр тæлмац кодтой, стæй тынг архайдтой, адæм сæ хæдбардзинад цæмæй банкъардтаиккой, ууыл дæр.

Кириллицæйæн ирон культурæйы дæр стыр ахадындзинад ис, уымæн æмæ нæ фыссынад уый бындурыл райрæзт.

Уавæртæ афтæ уыдысты, æмæ махæн, ирон адæмæн, иронау æмæ уырыссагау дзургæ æрцыд. Дыууæ ’взагыл дæр куы дзурæм, уæд нын уый размæ цæуынæн, маргъæн дыууæ базыры куыд сты, афтæ æххуыс у. Ныртæккæ, хъыгагæн, тыхджындæр кæнын райдыдта нæ иу базыр, æмæ нæ уый хъыгдары. Афтæмæй размæ цæуæн нæй: базыр дæ фæдыл куы ласай, уæд дардмæ нæ ацæуудзынæ. Фæлæ дыууæ ’взаджы дæр иухуызон бынат куы ахсиккой цардьг, уæд нын уый стыр æххуыс уаид. Бирæтæ иронау кæй нал дзурынц æмæ афтæмæй сæхи ирæттæ кæй хонынц, уымæй ныронг ничима ницы рамбылдта, стæй дзы фидæны исчи рамбула, уый æнхъæл дæр нæ дæн.

Æрыдоны иу зындгонд дохтыр уыди, Андрей, зæгъгæ, йæ ном. Йæ мыггаг дæр ын зонын, фæлæ йæ барæй нæ фыссын: кæмæ цы хъыг фæкæсдзæн, уый зын зæгъæн у — йæ фæстагæттæй мæ фыст исчи куы бакæса æмæ йæ зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уымæй тæрсын. Уæвгæ дзы, зæрдæмæ цы нæ фæцæуа, ахæмæй дæр ницы ис.

Цыбыр ныхасæй, Андрей йæ фыртæн ус æрхаста, æмæ йæм йæ чындз йæ ном æмæ фыды номæй куы сдзырдта, уæд æй йæ сыхæгтæн рахъаст кодта: «Мæ номæй мæм сдзырдта, фæлæ ма мæ фыды ном сдзурын дæр бауæндыд!..»

Мæ райгуырæн боныл абоны хуызæн никуыма ахъуыды кодтон. Растдæр зæгъгæйæ та йæм ныры хуызæн цæстæй никуыма акастæн. Райгуырдтæн Ног азы фæстæ (10 январы), зæронд Ног азы размæ. Уыцы зæронд ногдзинадæй зæрдæмæ цыдæр хуры тын ныккаст. Цæмæн, уымæй мæ исчи куы бафæрсид, уæд ын дзуапп нæ раттин.

Кæмæн æмбæлы, уымæн нæ раттыны бæсты, фæлтау, кæмæн не ’мбæлы, уымæн дæр ратт.

Хуыцау нæ кæрæдзийы фæндиаг куы фæкæнид, уæд æз мæ гæндзæхтæ батилин, ды та адæмы хуыздæрты фæзмын райдаис.

Уæдæ афтæ: ды Хуыцаумæ кув, цæмæй дæ мæ фæндиаг фæкæна, æз та мæ царды бонтæ æрвитдзынæн, цæмæй мæ дæ фæндиаг ма фæкæна, уымæ бæлгæйæ.

Куыддæр мæ ме знæгтæ æппæлын райдайой, афтæ мæ фыссын ныууадздзынæн. Цæмæн, уый дæр уын зæгъдзынæн: абоны онг мæ хорзæй хорз никуыма загътой.

Рацарæзты «хорздзинæдтæ» мын нымад кæд фæуыдзысты! Мæнæ ма уыдонæн æвдисæнтæ.

Рагацау рафысгæйæ цы чингуытæ истон (подписные издания), уыдон, зæгъæн ис, æмæ кæмдæр æрдæгфæндагыл баззадысты, æхца сын развæлгъау, цы 'мбæлди, уый бафыстон, афтæмæй. Æрмæст сæ ранымад дæр зæрдæ риссыны фаг у. Уæддæр сæ ранымайон.

Бетъырбухы рауагъдад «Каравелла» (йæ директор Брындина А. Г.) сфæнд кодта «Дунеон литературæ» 200 томæй рауадзын. Райстон дзы фараст томы, иннæтæ æнæуагъдæй баззадысты. Дæлдæр кæй ранымайдзынæн, уыдонæй дæр кæмæй иу том райстон, кæмæй – дыууæ, кæмæй – æртæ. Æрдæгистæй мын баззадысты Бальзак, Дюма, Моппасан, Карамзин, Белл, Пастернак, Фейхтвангер, Моэм, Абрамов, Андреев, Фалладæ, Искандер, Гофманы æвзæрст уацмыстæ. Уыдонмæ-ма бафтау «Дунеон адæмты аргъæуттæ», «Уырыссаг фантастикæ», «Раздæхт» («Возвращение»), «Фæсарæйнаг классикон детектив», Брокгауз æмæ Эвфроны дзырдуат, «Мин æмæ иу æхсæв», «Фæзминаг адæмы цард» («ЖЗЛ») æмæ æндæр бирæтомонтæ.

Мæхи фыстыты кой куы кæнон, уæд мын Мæскуыйы рауадзынæввонг уыдис цыппар чиныджы. Рауагъдад «Советская Россия», тематикон пълан кæй хуыдтой æмæ, фидæны цавæр чингуытæ рауадздзысты, уыдон кæм нымадтой, уым фыстой: «Дзасохов М. С. Течение жизни: повести: пер. с осет. – М.: «Советская Россия», 1991 (II кв.). – 20 л. – 1 р. 50 к., 50000 экз.

Сборник повестей, объединенных общими героями, композиционно связанных и сюжетно продолжающих друг друга».

Чиныгæн цæттæ уыд йæ фæлгонц дæр. Суанг ма йын гонорар дæр райстон – йæ иу тиражæн, уымæн æмæ хъуамæ рацыдаид 50 мин экземплярæй, уый та дзыллон тираж уыд æмæ йын фылдæр гонорар фыстой. Фæлæ æз æхца сæйрагыл никуы нымадтон. Æхцатæм ахæм миниуаг ис: цасфæнды бирæ куы уой, уæддæр сын иу афон æнæ фæуæвгæ нæ вæййы. Уыцы æхцатæ фесты, чиныг куы рацыдаид, уæд ма мын абон дæр æмæ сом дæр æхсызгондзинад хастаид. Фæлæ æхцаты дуг куы ралæууыд, уæд йæ быны ассæста адæймаджы кад æмæ намыс. Уд, зæрдæ æмæ зонды фæсдуар æрæвæрдта, намыс æмæ кады фæндæгтæ æрæхгæдта.

Фыны дæр кæй нæ федтам, ахæм, хорздзинæдтæхæссæг разынд, къухæмдзæгъдимæ кæуыл сæмбæлдыстæм, уыцы рацарæзт.

Мæ зæрдыл Фидараты Хъазыбеджы ныхæстæ ’рлæууыдысты. Исты фарстæн-иу æй дзуапп раттын куы нæ фæндыд, уæд-иу афтæ загъта: «Уыдон иуууылдæр Хуыцауы арæзт хъуыддæгтæ сты!» Æз та афтæ зæгъин: «Уыдон иууылдæр Хуыцауы зæрдæмæ чи нæ цæуы æмæ кæддæр дзуапп дæттын кæй тыххæй бæхъæудзæн, ахæм хъуыддæгтæ сты».

«Наши западники – это такой народ, что сегодня трубят во все трубы с чрезвычайным злорадством и торжеством о том, что у нас нет ни науки, ни здравого смысла, ни терпения, ни умения; что нам дано только ползти за Европой, ей подражать во всем рабски и, в видах европейской опеки, преступно даже и думать о собственной нашей самостоятельности...»

Ацы ныхæстæ Достоевский цыма абон загъта, афтæ уæм нæ кæсы?

Генийы хъуыдытæн мæлæн уымæн нæй, æмæ алы рæстæгæн дæр бæззынц, ницы сын у дугтæ æмæ заманты бон.

Нæлгоймаг йæ сабийы дзоныгъы фæласы. Сывæллон æм дзуры:

– Мамæ мæ аласæд.

– Цы уæлдай у, чифæнды дæ ласæд?

Сывæллон цы дзуапп радта, уый нал фехъуыстон, фæлæ мæхинымæр афтæ ахъуыды кодтон: «У, æвæццæгæн, уæлдай. Цы уæлдай у, уый та сывæллон йеддæмæ ничи зоны».

Цыфæндыйæ дæр мады къухтæ хъæбулы дæрддзæгмæ дæр тавынц. Дзоныгъы босыл куы хæца, уæддæр сын саби сæ узæлд æнкъары. Йæхи йæ мадæн уый тыххæй ласын кодта.

Мæхицæн мæхæдæг искæй знаг скодтон, зæгъгæ, нæ хъуыды кæнын. Стæй, кæй нæ зонын, уыдонæй мын иу знаг дæр нæй. Ме знæгтæ сты, кæй зонын, уыдон, мæ цыфыддæр знæгтæ та – æппæты æнгомдæр кæимæ цардтæн, мæ хуыздæр æрдхæрдтыл кæй нымадтон, уыдон. Исты хорздзинад мыл куы ’рцæуы, уæд мæ кæддæры хæлæрттæн зын вæййы. Мæ хорздзинад маст кæмæн æрхæссы, уый ме знаг у, уæдæ цы у?! Æмæ сын сæ хъæнтæ хурмæ хæссыныл архайын. Сæ гадзрахат, сæ фыдынд митыл цал æмдзæвгæйы ныффыстон, уал хорзы мæн дæр æмæ, мæн чи уарзы æмæ мæ цин æхсызгон кæмæн вæййы, уыдоны дæр уæд.

Ам дæр та скуыыста æмбисонд: «Знаг лæггæнæг у». Фыццаджыдæр, цæмæй ме знæгты фæндиаг ма фæуон, ууыл архайын, дыккаджы та, цæуыл æмæ кæуыл фыссон, уый мын ис, ома ме сфæлдыстад сæ фæрцы хъæздыгдæр кæны.

«Хуыцау куыдзы коммæ нæ кæсы», – ис ахæм æмбисонд. Йæ хъуыды комкоммæ æмбаргæ нæу. Æвæццæгæн, хæлæггæнаг, æдзæстуарзон, фыд-зæрдæ кæй рахонынц, ахæм адæймаг вæййы æмбæхст хъуыдыйы фæстæ, куыдз нæ фæлæ. Ахæм куыдзы зæрдæ та хорздзинад никæмæн зæгъы. Фæнды йæ, цæмæй йæ разæй мачи фæуа, сгуыхтдзинад йæ цæст никæмæн уарзы. Фæнды йæ, цæмæй йæ разæй амонд макæй барæвдауа, фæуæлахизуæвæджы бынат мачи бацахса.

Хуыцау куыдзы коммæ куы кæсид, уæд дуне бабын уаид. Бонæй-бонвыддæр кæнид. Зæххыл куыдзæн йæхицæй хуыздæр нал уаид. Æмбисонд дæр ахæм куыдзы хуызæн адæймаджы фарс уымæн нæ хæцы.

Скъола-интернаты нын фембæлд уыди ахуыргæнинæгтимæ. Нæ фæлтæр цы мæгуыр уавæрты хъомыл кодта, уыцы хабæрттæ куы мысыдтæн, уæд мæ кæуын мæ былалгъыл абадт, мæ хъæлæс фæкъуыхцы, мæ цæссыг бауромын ма тыххæй мæ бон баци. Мæхицæй фефсæрмы дæн...

Къостайæн дам-иу йе 'мдзæвгæтæ йæхи цур куы кастысты, уæд йæ цæссыгтæ зынæй урæдта æмæ, дам-иу иуфарс азылд.

Къостайы хуызæн хъæбатыр лæджы зæрдæ кæм уынгæг кодта, уым мæн хуызæн адæймагæн куыннæ хъуамæ ныббарой йæ лæмæгъдзинад, чи йæм хъуса, уыдон скъоладзаутæ куы уой, уæд дæр.

Телевизормæ кæсаг нæ дæн, фæлæ мын уыцы бонты æнæкæсгæ нæ уыд. Кастæн, мæ цæстытæ донæй дзаг, мæ зæрдæ – мастæй, афтæмæй. Нæ тæккæ æвирхъаудæр рæстæджытыл ма ноджыдæр иу бафтыд. XXI æнусæй бирæ нæма рацыд, афтæ нæ нæ иу сыхæгтæ Хуссары ныццагътой, нæ райгуырæн зæхх нын тугхъулон фестын кодтой, нæ иннæ сыхæгтæ та Беслæны скъолайыл арт бафтыдтой. Сæ ахуыргæнджытæ æмæ сæ ныййарджытимæ басыгътой сæдæгай æнахъом сывæллætты. Никæмæн ницы кæнæм, афтæмæй.

Нæ фыдæлтæ цы бирæ зæххытыл цардысты, денджызæй фурдмæ цы тъæпæнтæ ахстой, уыдонæй иу гæбаз дæр нæхи нæ хонæм. Уый хыгъд ма нын, цы кадавар муртæ баззад, уыдонмæ алырдыгæй лæбурынц. Сæхи чи никуы уыд (æмæ никуы уыдзæн!), уый сæхи бакæнынмæ тырнынц, архайынц хауæггаг нæ фæкæныныл. Нæ сæ уырны, сæ фæндтæй кæй ницы рауайдзæн, уый, фæлæ та уæддæр сæ ных æрбатæрынц æмæ сæ «пайдатæ» сыкъасастæй ахæссынц.

Нæй ирон лæгыл, ирон адæмыл фæуæлахиз уæвæн.

Амарæн нын ис, фæлæ ныл фæуæлахиз уæвæн нæй. Хъыгагæн, нæ фыдгулты уый нæ уырны. Нæ уырныдта Гамсахурдиайы... Фæрæдыдтæн: Саакашвили зæгъынмæ хъавыдтæн, уымæн æмæ Гуырдзыстонæн ныртæккæ Саакашвилийы дуг у.

Ацы ран мæ зæрдыл рагон хабар æрбалæууыд. Къорд азæй йыл фылдæр цæуы. Патрис Лумумбæйы куы амардтой,

уæд Советон Цæдисы алы рæтты цыдис митингтæ. Дзырдтой лæгмарджыты тугмондаг миты ныхмæ. Ахæм митинг арæзт æрцыд Дыгурыхъæуы дæр. Ныхасы бар æрхаудта партион организацитæй кæцыдæры секретарьмæ. Уый йæ ныхас райдыдта афтæ:

– Убили нашего дорогого Хаммаршельдæ…

Партийы райкомы секретарь æм дзуры: «Патрис Лумумбæйы…»

Ныхасгæнæг, иуфарс атугæнæгау кодта æмæ ноджы мæстджындæр хъæлæсыуагæй загъта:

– Йеци лæ…æ ба мæ цъухи кæцæй бахаудтæй?

Уыйау мæнæн дæр мæ дзыхы мæрдты уыцы дæлдæр ныххауинаг рæдыдæй фæци. Уæвгæ та сæ уæлдай ницы ис! Сæ иу раздæр куыд цъаммар уыд, сæ иннæ та ныртæккæ у афтæ цъаммар.

О, æмæ Саакашвилийы кой ракæнынмæ хъавыдтæн. Телевизормæ кæсгæйæ, цы диссаг федтон, уый мын мæ зæрдыл æнахуыр ныв æрлæууын кодта.

Сырхкъоппа уасæг кæрчыты астæу сæрбæрзондæй хъохъогæнгæ, уæзбын къахдзæфтæгæнгæ, куы иуæрдæм рацæйцæуы, куы – иннæрдæм. Хаттæй-хатт йæ базыр фæпака кæны, зæххыл æй ахафы æмæ, цы карчы цурмæ бахæццæ вæййы, уый алыфарс æрзилы, æмæ та йæ хъо-хъо райхъуысы. Æваст цъиусур сæ сæрмæ фæзынд, кæрчытæй йæ бирæтæ уынгæ дæр нæма акодтой, афтæ уасæг кæркдонмæ лидзæг фæци…

Саакашвили цавæрдæр фæсарæйнаг уазджытимæ уыди Гуры. Уалынмæ кæцæйдæр топпы гæрах фæцыд, æви хæдтæхæджы уынæр райхъуыст, – телевизормæ кæсгæйæ зын раиртасæн уыд, – кæд æм иу дæр æмæ иннæ дæр кæсгæ фæкодта, уæддæр бæрæг нæй. Цыдæриддæр уыди, уæддæр лæгæн – кæд ахæм дыкъахыг сырды лæг рахонæн ис, уæд – йæ уд йæ къæхты бын бамидæг æмæ йæхи ирвæзын кæнынмæ фæцагайдта. Йæ хъахъхъæнджытæ, цы ’рцыд, уый æмбаргæ дæр нæ бакодтой, фæлæ уæддæр сæ фюреры фæстæ фæцагайдтой.

Мишакъойæ цы тæнгъæд фемæхст, æвæццæгæн, ууыл фæбырыд æмæ размæ бахауд. Йæ хъахъхъæнджытæ сæрбихъуырæйттæгæнгæ йæ уæлæ бакалдысты æмæ сæ дыкъахыгты цъына рауад. Сæ хицауæй цы хъылмайы тæф скалд, уымæй фæхуыдуг уæвынæй куы фæтарстысты, уæд

æй бронежилеттæй æмбæрзыныл фесты. Дарддæр цы баисты, уый телеоператортæ нал равдыстой, стæй дзы æвдисинагæй дæр ницыуал уыд. «Хъæбатыр» Саакашвили цы у, уый афтæмæй дæр рабæрæг.

Мæгуыр æмæ тæригъæд гуырдзиаг адæм сты, сæхицæн ахæм разамонæг чи равзæрста. Уæвгæ, адæм цы аккаг сты, ахæм хицæуттæ сын вæййы, æндæр иу Гамсахурдиайы бæсты ноджы фыддæр Гамсахурдиа равзар æмæ йын йæ мыггаг... Саакашвили рахон!

Цымæ, гуырдзыйы «хуыздæр» лæджы ахæм уавæры фенгæйæ, йæ фæсарæйнаг æмдзæхдон уазджытæ цытæ ахъуыды кодтой?! Кавказ сæхирдыгæй фæкæныныл сæ зæрдæ æппæты тынгдæр кæуыл дардтой, уымæй ма сæ фыццаджы хуызæн ныфс уыдис?

Ууыл, æвæццæгæн, сæхæдæг ахъуыды кæндзысты, фæлæ, куыдзæй цыдæр уынæр куы райхъуысы æмæ, уымæй фæтæрсгæйæ, хæрдмæ куы фæхауы æмæ лидзæг куыд фæвæййы, мæнмæ Саакашвили уый хуызæн фæкаст. Ахæм хъуыдытæ мæм куы фæзынд, мæнæ ацы цыппар рæнхъы дæр уæд райгуырдысты:

Хъæлæсы дзаг худтæн,
Куы фæцыд дæ «уауу!»
Æвзæртæ сæ удтæн
Фæтæрсынц дæуау.

Адæймагæн хъысмæтæй аирвæзæн кæй нæй, уымæн бирæ æвдисæнтæ æрхæссæн ис. Дæснытæ Эсхилæн куыд загътой, афтæмæй, дам, йæ мæлæт хæдзары цары бын не 'рцæудзæн. Фыссæг уыцы хабар зыдта æмæ йæхи хъахъхъæдта. Фæлæ уæддæр хъысмæт йæ куыст бакодта.

Фæндагыл фæцæйцыд, афтæмæй йыл æрхауд, цæргæс йæ дзæмбыты цы уæртджынхæфс фæцæйхаста, уый, æмæ лæг дзыхъмард фæци.

Дохтырмæ бацыдтæн, æрбадын мæ кодта æмæ мæ æппæты фыццаг бафарста, цал азы мыл цæуы, уымæй.
— 25...— æрыгон чызг куыддæр «2» афыста, афтæ йæ фыссын фæуагъта, хæрдмæ скæсгæйæ, цыдæр сцæйдзырдта, фæлæ æз фæраздæр дæн: — ...æртæ хатты. —

Чызг йæ мидбылты бахудт, «2» ахахх кодта æмæ 75 ныффыста.

Æцæгæйдæр мыл фынддæс æмæ ’рттиссæдз азы цæуы. Хæстæгдæр рæстæджы ма мæ исчи мæ азтæй куы бафæрса, уæд ын зæгъдзынæн: «75 азы мыл цæуы æмæ, 75 азы чи фæцард, уый 25 азы нал фæцæрдзæн?»

Хуадонты Зурабæн мæ чиныг куы лæвар кодтон, уæд ыл ныффыстон: «Ирыстоны хъæздыджытæй йæ зæрдæ æппæты хъæздыгдæр кæмæн у, Хуадонты уыцы Зурабæн мæ чысыл лæвар».

Хæстæг, къабаз чи зоны, йæ туг, йе стæджы чи нымайы, аргъ сын чи кæны, йæ сæр сæ бæрзæндты чи хæссы, ахæм кадджын æмæ буц хистæр уыди мæ мадырвад Хосаты Сæхæм. Уый дæс æмæ цыппарыссæдз азæй фылдæр фæцард, фæлæ йæ фæстаг бонты онг уыди куыстхъом, хъаруйæ дæр æмæ зондæй дæр нæ фæцудыдта: бонсауизæрмæ æнцой нæ зыдта, зылди йæ цæхæрадонмæ, кодта æндæр куыстытæ. Æфсис нæ зыдта йæ хæстæджытыл цин кæнынæй дæр. Уæлдай сæрыстырдæр уыд йæ хæрæфырттæй. Уыдоны кой кæнгæйæ-иу ыл хур ракаст, йæ нæуæдз азы уæз-иу фæцыдæр, æмæ-иу йæ хæстæджытæй кæуыл фембæлд, уыдоны кары балæууыд, семæ-иу ныхас кодта æмгары хуызæн.

Йæ хæрæфыртты кой-иу æм арæх рауад. Ахæм заманиу ранымады фыццæгтимæ уыдысты Ирыстоны адæмон фыссæг Хъайтыхъты Азæмæт, республикæйы доны æмæ мелиорацийы раздæры министр Кобесты Азæмæт, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон премийы лауреат, режиссер Бекъойты Розæ, бæрнон бынаты кусæг Дзантиаты Руслан, номдзыд богал Ходы Таймураз æмæ бирæ æндæр зындгонд адæймæгтæ.

Сæхæммæ, куыд загътон, афтæмæй, æппæты хæстæгдæр уыдысты йæ хæрæфырттæ. Хæрæфыртты тыххæй цы диссаджы фæрнджын ныхæстæ загъта, уыдон зонын та æмбæлы алы иронæн дæр: «Адæймаджы буары къахы æххæлæй сæры тенкамæ цал уæнджы ис, уыйбæрц сты йæ хæстæджытæ дæр. Уыцы бирæ хионтæ æмæ къабæзтæ та,

Сафайы рæхысы цæгтау, кæрæдзиуыл баст сты. Адæймаджы уыцы уæнгтæй кæд зæрдæмæ æппæты дарддæр къахы кæстæр æнгуылдз у, уæддæр ын судзины бырынкъæй йæ уырз куы фæцагайай, уæд рисгæ кæны. Уымæн æмæ буарæй у.

Æнæ хион, æнæ хæстæг адæймаг хъæды халонау мæгуыр у. Æнæ уыдонæй «тæнæг» вæйййынц йæ цин æмæ хъыджы бонтæ дæр. Гъе æмæ нæ не Скæнæг Иунæг Хуыцау уыцы стыр карз бæллæхæй бахизæд. Хионтæ, хæстæджытæ нын цас фылдæр уа, уыйас нын æнцондæр цæуæн уыдзæн царды стыр зиллаччы, хæрдты, уырдгуыты, тæссæртты.

Нæ рухсы бадинаг фыдæлтæ хи цотæй уæлдай зæрдæмæ æппæты хæстæгдæр цæгыл нымадтой хæрæфырты. Нымадтой йæ хæдзары уæззау цар уромæг, астæуккаг цæджындзыл. Уæдæ чи уыди хæрæфырт?

Чызг чындзы куы ацæуы, саби йын куы райгуыры, уæд мадырвадæлтæ уый фæхонынц хæрæфырт. Нæ фыдæлтæ уæлдай цин кодтой лæппу-хæрæфыртыл. Кæхцгæнæны йын ластой фыр уæззау хуынтимæ. Лæппуйыл-иу афæдз куы сæххæст, уæд-иу æй мадырвадæлтæ сæхимæ хъаны ахастой, æмæ уыдонмæ хъомыл кодта цасдæр рæстæг. Æстдæс-ссæдзаздзыдæй-иу æй ног дарæсы къахæй-сæрмæ сфæлыстой, æд саргъ, æд идон бæх-иу ын балæвар кодтой, афтæмæй-иу æй йæ фыды къонайыл сæмбæлын кодтой.

Хæрæфыртæн йæ мадырвадæлтæм ахæм стыр кад, бартæ уыд, æмæ сын сæ хæдзар æд мулк, æд бинонтæ куы раккой кодтаид, уæддæр ын «ма кæ» зæгъын никæй бон уыд. Уый фæдыл уыд ахæм æмбисонд дæр: «Хæрæфырт æрбабырсыны бæсты мæм фæлтау авд бирæгъы æрбалæбурæнт».

Цыма куырыхоны таурæгъмæ хъусут, афтæ уæм нæ фæкаст? Мæнмæ фæкаст. Ахæм адæймагмæ хъусынæй лæг никуы бафсæддзæн, уымæн æмæ фыдæлты фарн æвдисæг сты йæ ныхæстæ. Нæртон кадæгау йæ дзырдтæй алкæцыдæр йæ бынаты ис, зæрдæйыл æмбæлы.

Зæрдæ гæххæтты хуызæн нæу. Гæххæтты фыстытæн сæфæн нæй. Цасфæнды рæстæг куы рацæуа, уæддæр сæ ахуырст не ссæуы. Кæдфæнды сæм куы фæкомкоммæ уай, уæддæр сын бакæсæн ис.

Зæрдæйы хъуыддаг æндæр у. Уым дæр цæстытæ æмæ хъусты руаджы бирæ цаутæ æмæ хабæрттæ, сурæттæ æмæ фæлгонцтæ, цинтæ æмæ хъыгтæ, рæстытæ æмæ хæрæмттæ, хæрзтæ æмæ фыдтæ фыст æрцæуы, фæлæ рæстæгимæ сæ фылдæр фæлмы ныгъуылынмæ фæвæййынц, цы бонтимæ райгуырынц, уыдонимæ амæлынц, гуырд уыдысты æви гуыринаг, уый бæрæг нал вæййы. Фæлæ дзы иуæй-иутæ сæхицæн æнусон бынат равзарынц, зæрдæйы рæбинаг къуымтæ бацахсынц æмæ бахъуаджы сахат ирдæй разынынц. Бирæ дæсгай азтæ дзы кæуыл рацæуы, уый дæр йæхи бынтон æрыгонæй равдисы æмæ адæймагмæ афтæ фæкæсы, цыма иу кæнæ иннæ хабар знон æрцыди.

Афтæ мæм фæкæсы, цыма ивгъуыд, лæг йæ зæрдыл цы бадары, ферох кæнын чи нæ бакомы, уыцы цаутæ æмæ нывтæй арæзт у. Уый æцæгæйдæр афтæ у, уымæн æмæ адæймагæй цы ферох вæййы, уый, хиды бынты цы дон акæлы, уый хуызæн фæстæмæ никуыуал раздæхы.

О, фæлæ зæрдæйы фыстæй цы баззайы, уыдонæн та, лæг цалынмæ æгас уа, уæдмæ мæлæт нæй. Уыдон цæрæнбонты йемæ кæндзысты æмдзу. Цы ран сæ сæр бахъæуа, уым-иу зæрдыл æрбалæудзысты, æмæ-иу сæ иутæ сæ хицауæн цины хос уыдзысты, иннæтæ та йын йæ зæрдыл лæууын кæндзысты раздæры хъыгтæ æмæ сагъæстæ.

Фæсмойнаг хъуыддæгтæ мæ царды дæр чысыл нæ уыди. Арæхдæр дзы мæ зæрдыл чи 'рлæууы, уыдонæй иуы кой ракæнын мæ зæрды ис.

1966 азы Мамсыраты Муратимæ нæ улæфт уагътам Цъæйы. Уырдæм нæм байхъуыст Дæбейы зианы хабар. Мурат, кæй зæгъын æй хъæуы, йе 'рвады зианмæ æваст фæраст, фæлæ æз, цы хъуыддæгты тыххæй ныффæстиат дæн, уый нал хъуыды кæнын. Иу дзырдæй, зианмæ рацæуын мæ къухы нæ бафтыд...

Абон дæр ма мæхи æфхæрын, мæ удмæ афтæ хæстæг кæй фыстытæ уыдысты, йæ уазæгуарзон хæдзары йæ цæхх æмæ кæрдзынæй кæмæн фæхъæстæ дæн, мæ уыцы каджын хистæры йæ фæстаг фæндагыл кæй нæ афæндараст кодтон, уый тыххæй. Мæхицæн уайдзæфтæ кæнын, мæ цыфæнды хъуыддаг дæр цæуыннæ ныууагътон æмæ Дæбейы марды уæлхъус цæуыннæ 'рбалæууыдтæн, зæгъгæ...

Тюркаг ном, ома мæхи ном, Ирыстонмæ куыд æрбафтыд, уый тыххæй ма цыбырæй. Хæсты размæ ирон адæм æхца кусынмæ канд Канадæ æмæ Америкмæ нæ цыдысты, фæлæ Скæсæнмæ дæр. Чи – Харбинмæ (Пæсæйы уарзон Æхсарбеджы хуызæн), чи та – Бухармæ (мæ фыды хуызæн). Уым базонгæ дыууæ узбекаг лæппуимæ. Бахæлæрттæ сты, йæ зæрдæмæ дзы иуы ном фæцыд – «Музафер» (иннæ та Сæлуат хуынди) æмæ йæ мæныл сæвæрдта. Афтæмæй мæ номæн йæ бындур уыди хæлардзинад.

Æрдхорды ном æвæрын нæ мыггагæн, æвæццæгæн, фæтчы хуызæн сси.

Мæ фыды фыды æфсымæры лæппу Тасолтан хуынди. Бынтон æрыгонæй йын Фыдыбæсты хæсты йæ дыууæ цæсты дæр нæмыг ахаста æмæ саугырмæй сыздæхт, фæлæ йæхи бынтон æнамонд нæ хуыдта. Бинонты хъуыддаг бакодта. Беппион ын ныййардта дыууæ лæппуйы æмæ удыгагайы хуызæн чызг. Тасолтан цалдæр азы размæ цардæй ахицæн, фæлæ йæ фæд нæ фесæфт: ныууагъта, куыд загътон, афтæ цот, уыдонæй алкæмæн дæр ис кæстæртæ. Дæлдæр цы хабар ракæндзынæн, уый дæр Тасолтанæй фехъуыстон...

Мæ фыды фыды фыд (Тасолтанæн та – йæ фыды фыд) Дауыт хуынди. Нæ хæдзары хæрæфырт (Мæрзойтæй, Тасолтан ын йæ ном нал хъуыды кодта) Минводы цыдæр, æвæццæгæн, бæрнон бынаты куыста æмæ уырдæм кусынмæ ахуыдта Дауыты. Иу заман уырдæм бафтыд зындгонд абырæг, – Тасолтаны ныхæстæм гæсгæ, зилгæйаг уыд, йæ ном – Адзыртт. Дауытимæ фæзонгæ сты. Адзыртт тынг ныфсджын лæг уыди: иунæгæй, дам-иу, рæгъау атардта. Æвæццæгæн, мæ фыды фыды фыдимæ бахæлар, æмæ йæ уый йæ райгуырæн бæстæ Бадыхъæумæ ’рбахуыдта. Дауытæн уыцы рæстæг райгуырд фырт, æмæ йыл уазæг йæхи ном сæвæрын кодта. Уыцы лæппу уыди Тасолтаны фыд.

Афтæмæй, нæ хæдзарвæндаджы цы нæлгоймæгтæ уыдис, уыдонæй дыууæйы нæмтты равзæрд баст у хæлардзинадимæ.

Аццы азы ноябрь дæр та мæ æнæфыдбылызæй нæ ныууагъта. Ахаста мын мæ хуыздæр æмбал Лолаты Хадзыбийы бинойнаг Симæйы (Беккуызароны). Скъæфæг

кæмæн уыдтæн, ме 'фсымæртæй дæ къаддæр нæ уарзын, зæгъгæ, мын чи дзырдта æмæ йæ уыцы ныхæстыл кæмæн æууæндыдтæн, уыцы Симæйы. Кæд мæнæй афæдз хистæр дæр æххæст нæ уыди, уæддæр мæм йæ кæстæры кæстæры хуызæн «мæ хур»-æй дзырдта.

Бирæ лæггад фæкодта Симæ канд Хадзыби æмæ Хадзыбийы къабæзтæн нæ, фæлæ мæнæн дæр. Йæ рæдау къух æдзухдæр уыди сойæдзаг, йæ бинонтæй цы уазæгуарзондзинад рахаста, уый фарнимæ хæццæ кодта Лолаты хæдзары, фæлæ йæ чысыл рæстæг фæсæйыны фæстæ ноябрь ахаста, мæ мад, мæ хо æмæ мын мæ фыды хойы куыд ахаста, афтæ.

…Уыцы аз Ленинграды Репин И. Е. номыл институты графикон факультеты паддзахадон къамисы раз лæууыдысты æрмæстдæр дыууæйæ. Уыдонæй иу уыд Дзанайты Азанбег. Дипломон куысты агъоммæ не 'мбæстаг ахуыры уыдис æппæты раззагдæртимæ: иста æрмæстдæр иттæг хорз бæрæггæнæнтæ. Ныр ралæууыд тæккæ ахъаззагдæр фæлварæн. Дипломон куыст хъахъхъæнын куыд зын уыдзæн, уый Азанбег æгæр дæр ма æмбæрста: æппæт бæстæйы дæр йæ ном зындгонд кæмæн у, ахæм нывгæнджытæ уыдысты къамисы уæнгтæ. Æрыгон нывгæнæджы дзуапп дæттын бахъæудзæн Верейский Г., Иогансон Б., Куприянов М. æмæ иннæты раз.

Дзанайы-фырт чысылæй фæстæмæ дæр бирæ уарзта Нарты кадджытæ. Ирон адæмы хъæбатыр фыдæлтæ йын йæ зæрдæйы æвзæрын кодтой хъæбатырдзинадмæ тырнын, знæгтæм æнæхатыр цæстæнгас дарыны хъуыды. Бирæ хæттыты-иу сфæнд кодта нарты гуыппырсарты фæлгонцтæ равдисын, фæлæ уыцы хъуыддагмæ æппæты тынгдæр сразæнгард, институт каст фæуынмæ куы хъавыд, уæд. Афæдз йеддæмæ йын рæстæг нал баззад æмæ хъуамæ уыцы цыбыр æмгъуыдмæ сæххæст кодтаид, йæ размæ цы нысантæ æрæвæрдта, уыдон. Азанбег йе 'ппæт хъарутæ дæр сарæзта сфæлдыстадон куыстмæ. Æмæ мæнæ æрхæццæ дзуапп дæттыны рæстæг. Цалдæр минуты фæстæ æрлæудзæн йæ ахуыргæнджыты раз æмæ дзуапп дæтдзæн, фондз азы дæргъы цы зонындзинæдтæ райста, уыдоны тыххæй. Фыццаг ныхасы бар лæвæрд æрцыд йæхицæн.

Уый цыбыр æй радзырдта Нарты кадджыты тыххæй, стæй сæм цы нывтæ скодта, уыдоны тыххæй. Зындгонд нывгæнджытæй Азанбег цыма рох фæци, уый хуызæн иууылдæр сæ цæстæнгас сарæзтой Дзанайы-фырты куыстытæм. Бæрæг уыдис, се 'ппæты зæрдæмæ дæр кæй фæцыдисты. Фæлæ сын ахæм стыр аргъ скæндзысты, уый æнхъæл нæ уыди.

Азанбег ныхас куы фæци, уæд дзырды бар ракуырдта Советон Цæдисы Аивæдты академийы æцæг уæнг профессор Иогансон Б. В.

— Мæнмæ афтæ кæсы, — загъта уый, — æмæ мах абон æвдисæн стæм диссаджы цауæн. Æз нæ хъуыды кæнын, фæстаг азты нæм диплом хъахъхъæнынмæ Дзанайты Азанбеджы хуызæн цæттæйæ исчи рацыд, уый. Йæ иуæйиу нывтæ афтæ дæсны арæзт сты, æмæ мын мæ зæрдыл æрлæууын кæнынц зындгонд францаг нывгæнæг Гюстав Дорейы куыстытæ.

Иогансоны ныхæстæ диссаг никæмæ фæкастысты. Уый фæстæ раныхас кодтой къамисы иннæ уæнгтæ. Уыдон дæр ахæм стыр аргъ скодтой не 'мбæстаджы нывтæн. Æрмæстдæр цалдæр ныхасы загъта зындгонд нывгæнæг Куприянов М. В.:

— Æз ныхасы бар райстон уый тыххæй, цæмæй Кукрыниксты номæй зæрдиаг арфæ ракæнон Дзанайты Азанбегæн йе стыр æнтыстдзинæдты, йæ диссаджы куыстыты тыххæй...

Ленинградæй йæ куы фæндараст кодтой, уæд профессор Иогансон Борис афтæ загъта: «Кæд Дзанайы-фырт дарддæр дæр афтæ куса, уæд уый уыдзæн стыр диссаджы цины хъуыддаг. Азанбег та тынг хæдæфсарм адæймаг у. Ахæмтæ кæддæриддæр дзургæ чысыл фæкæнынц, кусгæ — бирæ».

Тынг раст бафиппайдта номдзыд нывгæнæг. Æмæ ныр, уыцы ныхæстыл бирæ рæстæг куы рацыд, уæд нæ бон фидарæй зæгъын у: Дзанайты Азанбег æцæгдæр дзургæ чысыл кодта, кусгæ та — бирæ. Цы нывтæ сарæзта, уыдон аккаг бынат æрцахстой ирон нывгæнынады.

Азанбеджы зонгæ уыдтæн, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд цыма фаг нæ уыдзæн, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ хуымæтæджы зонгæдзинадæй нæ ахастдзинæдтæ бирæ æнгомдæр уыдысты. Арæх æмбæлдыстæм, дзырдтам кæрæдзийæн

нæ хабæрттæ, ныхас кодтам сфæлдыстадыл, Ирыстоны абон æмæ фидæныл, кæмæ нæ цы фæндтæ æмæ нысантæ уыди, уыдоныл дæр. Нæ ныхас кæрæдзиуыл куы нæ бадтаид, бирæ хъуыддæгтæм иухуызон цæстæй куы нæ кастаиккам, уæд, æвæццæгæн, нæ фембæлдтытæ афтæ арæх æмæ дæргъвæтин нæ уыдаиккой.

Дзанайы-фырт парахат зæрдæйы хицау уыд, йæ риуы тæлфыди цæстуарзон зæрдæ, стыр аргъ кодта курдиатæн, æппæты уæлдæр къæпхæны æвæрд æм уыди рæстдзинад, нæ уарзта цурон, козбау æмæ цæстмæмитæ. Нæ барста гадзрахатдзинад. Цы хъуыды кодта, уый дзырдта æргомæй. Цы у, уый зæгъынæй нæ тарст, Ирыстоны æппæты бæрзонддæр къæлæтджыны чи бадт, уыдонæн дæр. Æргомдзырд кæй уыд, сауæй урс зæгъынмæ йе ’взаг кæй нæ тасыд, уый йын йе ’нæниздзинадæй бирæ фæкайдта. Нæ йæ уагъта, цы царды аккаг уыд, ахæм цардæй цæрын. Фæлæ йæхи æндæрхуызон дарын йæ сæрмæ нæ хаста. Лæджы номы бæрзæндæй каст алцæмæ дæр, уымæн æмæ йæхæдæг дæр бæрзонд уыд: æфсарм æмæ кадæй, æгъдау æмæ уагæй.

Ирон аивадæн цы бирæ хæрзты бацыд, уыдонæн аккаг аргъ скæнын раджы æмбæлди, фæлæ уыцы рæстæг кæй ралæудзæн, уый мæнæн æппындæр дызæрдыггаг нæу, уымæн æмæ Азанбеджы сфæлдыстад Къоста æмæ Тугъанты Махарбеджы фарсмæ кадджын бынат кæй ахсы, уый, ныв кæныны аивад чи зоны, аргъ ын чи кæны, уыдонæй иуæн дæр дызæрдыггаг нæу.

Уæлдæр загътон, Азанбег парахат зæрдæйы хицау кæй уыд, уый тыххæй, фæлæ йæ царды авналæнтæ парахат схонæн ницы хуызы уыди. Дзæвгар азтæ иунæгæй кæй арвыста, канд уый тыххæй нæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, йæ кусыны фадæттæн къуындæг рахонæн нæ уыди. Дардмæ цæуын æй нæ хъуыд: йе ’рмадз æмæ йæ фатер иу ран уыдысты, фæлæ йе ’рвылбоны цардæй раппæлæн нæ уыд. Йæ цытджын куыстыты иуы аргъæй афæдзæй фылдæр фæцæрæн кæмæй уыд, уый мæйæ-мæймæ æнхъæлмæ каст йæ пенсийы капеччытæм. Ахæм уавæры кæй уыд, уый хорз зыдтой канд йæ хæстæджытæ æмæ йе ’мбæлттæ нæ, фæлæ уæлдæр хицауад дæр.

Фæлæ хицауадмæ Азанбеджы хуызæн стыр курдиаты хицау æмæ æргомдзырд адæм кадджын никуы уыдысты. Кадджын нæ, фæлæ сын сæ размæ æвæрынц алыхуызон

цæлхдуртæ, æххуысы бæсты сын кæнынц мастисæн митæ, архайынц, цæмæй сæ фæндтæ сæ къухы ма 'фтой, ууыл.

Дзанайы-фырт дæр адæмы хъысмæт лыггæнджытæн сæ сохъхъыр цæстырдыгæй бадт фæцис æмæ йын, куы зæгъын, хъыцъыдæттæ нуазын кодтой, фæлæ йæ гæрзтæ никуы æрæвæрдта, дзырдта сын, цы аккаг сты, уыцы ныхæстæ. Мæнмæ равдыста, йæ заманы партийы обкомы фыццаг секретарьмæ цы писмо ныффыста, уый. Æрмæст уыцы писмо дæр хорз æвдыста, Дзанайы-фырт æцæг лæг кæй уыд, адæймаджы номы сæрвæлтау, карздæр нæй, ахæм тохы бацæуынмæ иунæг уысм дæр кæй нæ бафæстиат уыдаид, уый.

Фæстаг азты нывгæнæджы æнæниздзинад тынг фæцудыдта: йæ хъæлæс æппындæр нал хъуыст, йæ ныхæстæ йын былты змæлдæй дæр бамбарæн нал уыд, цы дзырдта, уымæ хъусын та-иу адæймаджы тынг фæндыд, æмæ æрхъуыды кодта хуымæтæджы мадзал: цы зæгъынмæ-иу хъавыд, уый гæххæттыл фыссын райдыдта. Афтæ — алы хатт дæр. Нæ фембæлды кæронмæ-иу стъолыл гæххæтты гæбæзтæй æнæхъæн рагъ рауад.

Азанбег, цавæр нывгæнæг уыд, уый тыххæй, кæд фаг æмæ куыд æмбæлы, афтæ загъд нæма 'рцыд, уæддæр аивадиртасджытæй бирæтæ хорз аргъ скодтой йæ куыстытæн. Цы сарæзта, уыдон кад скæндзысты дунейы цавæрфæнды равдыстæн дæр.

Зонджын адæм афтæ фæзæгъынц: адæймаг курдиатджын куы уа, уæд йæ курдиат алы ран дæр рабæрæг вæййы. Афтæ зæгъæн ис Азанбегæй дæр, уымæн æмæ йæ арæхстдзинæдтæ ирдæй разындысты канд нывгæнынады нæ, фæлæ киноаивады дæр. Уый рабæрæг, иунæгæй киноныв «Ирон кадæг» исынмæ куы бавнæлдта, уæд. Сценари йын ныффыста йæхæдæг. Уæдæ йæ режиссер-æвæрæг агуырыны сæр дæр нæ бахъуыд. Иннæ ахæм оператор æмæ нывгæнæг. Цæвиттон, йæ ныфс бахаста, киноисыны аивады чи нæма 'рцыд, ахæм хъуыддагмæ. Ныфс бахæссæн бирæ цæмæдæрты ис, фæлæ сæйрагдæр у, дæ гæрзтæ цæмæ рабæттай, уыцы нысан дæ къухы бафтыд æви нæ, уый.

Азанбег йæ нысанмæ кæй фæхæццæ, уый дзурыны сæр ницæмæн хъæуы, уымæн æмæ киноныв æвæрд æрцыд. «Ирон кадæг» фæцыд сæдæмингай адæймæгты зæрдæмæ:

ӕвдыстой йӕ канд Советон Цӕдисы нӕ, фӕлӕ фӕсарӕнты дӕр. Кино исгӕйӕ, йӕ размӕ цы бирӕ цӕлхдуртӕ уыд, цы бирӕ зындзинӕдты сӕрты ахызт, уыдон мӕнӕн хорз зындгонд сты, фӕлӕ ам уыдӕттыл дзурыны фадат нӕй.

Азанбеджы тыххӕй дзургӕйӕ, ӕнӕзӕгъгӕ нӕй, чингуытӕ фӕлгонц кӕныныл куыд зӕрдиагӕй бакуыста, уый тыххӕй дӕр. Цӕстыл уайынц, Цӕгӕраты Максимы «Хъуыдинӕйы галуан», Санаты Уарийы «Партизантӕ», узбекаг адӕмон эпос «Алпамыш», Гатуты Дзахойы повесть «Зелимхан» ӕмӕ ӕндӕр чингуытӕн цы нывтӕ скодта, уыдон.

Адӕймаг хорз кӕй зона, ууыл фыссын дӕр ӕмӕ йын йӕ ныв кӕнын дӕр ӕнцондӕр у. Фӕлӕ хатгай афтӕ вӕййы, ӕмӕ сфӕлдыстадон кусӕджы нывкӕнын бахъӕуы, ӕппындӕр кӕй никуы федта, ахӕм адӕймаджы фӕлгонц.

Зындгонд куыд у, афтӕмӕй Къостайы мады къам нӕ баззад. Номдзыд поэт нӕ хъуыды кодта йӕ ныййарӕджы. Ӕрмӕст хъуыста хӕстӕджытӕ ӕмӕ зонгӕты ныхӕстӕ, дӕ мад, дам, дӕхи хуызӕн уыди. Дзанайы-фырт сфӕнд кодта цыфӕндыйӕ дӕр Къостайы мады ныв скӕнын. Ӕнцон хӕс нӕ уыди уый, фӕлӕ Азанбег кусын райдыдта йӕ уацмысыл. Ацыди Нармӕ, фембӕлди, сылгоймаджы чи зыдта, уыдонимӕ. Иууылдӕр ӕмдзыхӕй загътой, Къостаимӕ, дам, тынг ӕнгӕстӕ уыдысты. Уый фӕстӕ абалц кодта Грознамӕ, хӕсты рӕстӕг ам, Хъесатӕм, уазӕгуаты уӕвгӕйӕ, цы гыццыл чызджы федта, уымӕ. Къостайы мады хуызӕн, дам, тынг у. Ӕрмӕг ӕмбырдгонд куы фӕци, уӕд бавнӕлдта кусынмӕ. Рацыд цасдӕр рӕстӕг, ӕмӕ Азанбеджы ӕрмадзы фӕзынди Къостайы мады ныв.

Иугӕр мады кой рацыд, уӕд мӕхи мады кой дӕр ракӕнон. Ӕз ӕнӕ мадӕй раджы баззадтӕн, ноджы ӕнахъомдӕрӕй та баззадысты мӕ дыууӕ кӕстӕр хойы: Азанбегимӕ куы бахӕлар дӕн, уӕд мӕ бафӕндыд, цӕмӕй мын скодтаид мӕ мады ныв. Дзанайы-фыртӕн мӕ хъуыды куы бамбарын кодтон, уӕд йӕ зӕрдӕмӕ фӕцыд ӕмӕ мын бафӕдзӕхста, цӕмӕй йын йӕ къамтӕ ’рбахастаин.

Уыйас бирӕ дӕр нӕ уыдысты, фӕлӕ мӕ къухы ссарын цы бафтыд (хӕстӕджытӕ ӕмӕ мын зонгӕтӕ дӕр баххуыс кодтой), уыдон ӕм радтон. Рӕстӕгӕй-рӕстӕгмӕ-иу ӕй абӕрӕг кодтон ӕмӕ-иу ӕй нывыл кусгӕйӕ баййӕфтон. Арӕх цӕуын ӕм мӕ цӕсгом нал хъӕцыд, афтӕ куы бамбара, нывы тыххӕй цӕуы, зӕгъгӕ. Ӕнӕнхъӕлӕджы йыл-иу

куы амбæлдтæн, уæд мын-иу мæ зæрдæ алхæдта, кусын ыл, зæгъгæ. Æмæ йыл куыста æцæгæйдæр. Къамтæ-иу ын иууылдæр йæ размæ бандæттыл æвæрдæй баййæфтон. Цыдæр проекторы хуызæн аппаратæй-иу сæм каст. Æвæццæгæн æм цæсгомы алы хай дæр цæмæй дзæбæхдæр разындаид, уый тыххæй. Цы бонмæ мын сæмгъуыд кодта, уыцы бон бацыдтæн æмæ ныв рæсугъд фæлгæты æвæрдæй кæронмæ куыстгондæй баййæфтон.

Уымæй мын стырдæр лæвар никуыма ничи ракодта, стæй мын ракæндзæн, уый æнхъæл дæр нæ дæн. Мæ мад йæхи хуызæн афтæ тынг у, æмæ йæм куы бакæсын (мæ кусæн уаты ис), уæд мæ цыма хъызт зымæджы хуры тынтæ барæвдауынц, афтæ мæ зæрдæ срухс вæййы.

Рахастон æй цингæнгæйæ, фæлæ дыккаг бон фехъуыстон, мæ зæрдæ хъамайы рæхуыстау кæмæй фесхъиудта, ахæм æнамонд хабар: Дзанайты Азанбег, дам, амард...

Журнал «Ногдзау»-ы сæйраг редакторæй кусын райдыдтон 1985 азы. Цалдæр мæйы акуыстаин, афтæ мыхуырмæ цæттæ кодтам радон номыр. «Раджыма-раджыма», зæгъгæ, уыцы иумæйаг сæргонды бын хъуамæ дунейы рухс федтаид аргъау «Мæгуыр лæг æмæ уæйыг». Бафæндыд мæ, Азанбег æй куы сфæлгонц кодтаид, уый.

Нывгæнджытæ нæм бирæ ис, курдиатджын нывгæнджытæ, фæлæ алчи сывæллæтты журналæн баххуыс кæнынмæ йæ ныфс нæ хæссы, кæй та ахæм «лыстæг» хъуыддæгтæм не 'вдæлы. Фæлæ Азанбег нæ фæндоныл сразы æмæ нæ журнал сфидауын кодта йæ курдиатджын нывæй. Абон дæр уыцы ныв æфснайдæй дарын мæхимæ. Йæ афон куы 'рцæуа, уæд æй, кæм нæ фесæфа, ахæм ранмæ сæмбæлын кæндзынæн...

Адæмæй æнусон ничи у. Чи райгуырд, уыдон иууылдæр амæлдзысты: чи раздæр, чи — фæстæдæр. Фæлæ ис ахæмтæ, мæлæт кæмæн нæй. Æнæмæлæт сты, йæ фæстæ арф фæд чи ныууадзы, уыдон. Йæ курдиатджын сфæлдыстадæй адæмæн цин æмæ амонд чи хæссы, рухс хъуыдытыл сæ чи 'фтауы, цардмондаг сæ чи кæны, уыцы амонджын адæм. Кæд Ирыстоны, стæй канд Ирыстоны нæ, ахæм адæм ис, уæд уыдоны номхыгъдмæ æнæмæнг хауы Дзанайты Азанбег дæр.

Цы ис, уый дын куы исой, уæд зын у. Цы уыдис, уый дын куы исой, уæд цыма æнцондæр нæу, афтæ мæм кæсы... Уыдис мын райгуырæн бæстæ – Советон Цæдис, фæлæ йæ ныккъкъаппа-къуппа кодтой. Æмæ йæ ууыл дæр куы ныууагътаиккой: цъыф ыл калынц, алы хъылматæ йыл мысынц, хорзæй дзы цы уыд, уый æвзæрæй æвдисынц, рафауинагæй дзы цы уыд, уый сраст кæнын сæ зæрды кæрон дæр нæй. Нæ абоны царды æппæрццæгæй цы ис, уый кæнынц ивгъуыды аххос. Сталиныл цы нæ гæдыйы мард æрцауыгътой, ахæм нал баззад. Йæ царды алы къахдзæф дæр ын галиу рахуыдтой. Паддзахады сæргъы цы бонтæ æмæ азтæ лæууыд, уыдонæй иуыл дæр хур никуы ракаст: кæцыйыл дзы их æмæ къæвда уарыд, кæцыйыл – мит æмæ зæгъ. Советон Цæдис, дам, дæсгай азты цыди рæдыд фæндагыл. Уæлдай тынгдæр азымджын кæнынц, дунейы æхсæзæм хайæн разамынд Сталин куы лæвæрдта, уыцы дуг. Рæдыд дзы хæцыд рæдыды къухыл. Афтæмæй Бесойы фырт куы нал ис, уæдæй нырмæ æртиссæдз азæй фылдæр рацыд. Уæд цымæ уыцы рæдыдтытæн сраст кæнын афон нæма у? Æви цы сраст кæной, уый нæй?! Æвæццæгæн...

Уыдис ахæм поэт Чичибабин Борис. Йæ рæстæджы æфхæрд баййæфта: фæбадт ахæстоны, фæлæ йæ уд сыгъдæгæй баззад. Цы уыд æмæ цæмæ 'рцыдыстæм, уый æргомæй загъта: «Вот и опять мы все разрушили, в том числе и эту огромную страну, которую я хотел видеть не разрушенной, а реформированной. Страну режут по живому. Я всегда жил в Харькове, и теперь я – человек без Родины, потому что моя Родина – это все те, кто говорит и пишет по-русски. Ей я посвящал свои стихи. Я был свободным и в Гулаге. Теперь в свободном мире я лишен свободы».

Зын у ахæм хабæрттæ хъусын. Ноджы зындæр та – иу бæстæйы райгуыр æмæ иннæйы амæл...

Ацы писмо мæ гæххæттыты æхсæнмæ кæцæй æмæ куыдæй бахауд, ууыл бирæ фæхъуыды кодтон. Æппынæрæджиау мæ зæрдыл æрлæууыд...

Уæд ма радиойы куыстон. Ме 'рдхорд мæм йæ кæддæры уарзоны писмотæ 'рбахаста, мæ бинойнаг, дам, мын сæ

куы фена, уымæй тæрсын, фесафын та сæ мæ цæст нæ уарзы, æмæ, дам, уал сæ дæхимæ бафснай. Иуцалдæр азы мæм фæлæуууыдысты, стæй сæ ахаста. Ацы писмо куыд-дæртæй мæ гæххæттытимæ фæци æмæ хæрзæрæджы се 'хсæнæй рахауд. Цы у, уый цæмæй зыдтон æмæ йæ бака-стæн. Ме 'мбал уæдмæ æндæр бæстæйы æрцард æмæ йæ кæмæ раттаин, уый нал уыд. Йæ уарзон æм цы зæрдæ-мæхъаргæ ныхæстæ ныффыста, уыдон аскъуыньн та мæм æвгъау фæкаст æмæ сæ мыхуыр кæнын, чи йæ ныффыста (уый æз мæхæдæг дæр нæ зонын), стæй сæ кæмæ ныффы-ста, уый кæй ничи базондзæн, ууыл зæрдæ даргæйæ.

«Æнæхъæн къуыри рацыд, куы ацыдтæ, уæдæй ныр-мæ. Хæрзбон дæр мын нæ загътай, афтæмæй. Дæуимæ цы рæстæг зонгæ уыдтæн, уый æз нымайын мæ царды хуыз-дæр хайыл. Фидарæй дын зæгъын: ды мæн афтæ амонд-джынæй никуыуал фендзынæ. Кæсыс мæм (ды ууыл не 'ууæндыс фæлæ), талынджы рудзынгæй цы рухс кæлы, уарзон адæймаджы рудзынгæй, уый хуызæн. Тæрсын, уыцы уаты къæсæрæй куы никуы бахизон, уымæй. Нæ мæ уырны, ды цы арт ссыгътай, уым нæ басудздзынæн, уый дæр. Ныртæккæйæ хъизæмардæр уавæры никуыма уыд-тæн. Мæхи фæсмонæй хæрын, уыцы уалдзыгон бон сыл-гоймаг кæй нæ разындтæн, уый тыххæй. Ме 'дылы ныхæ-стæм цæмæн байхъуыстай? Куыд тынг мæ фæндыд, алцы-дæр куы ферох кодтаис, куы ницæуылуал ахъуыды кодта-ис, куы сæрра уыдаис...

Мæ зæрдиаг, мæ дунейы рухс, ме 'дылы къоппа!.. Мæ ницæйаг сæры хаттæй-хатт ахæм хъуыдытæ сæвзæры: цыма зымæгон уазал бон хъарм уаты дыууæйæ бадæм. Æдде мит тъыфылæй уары. Миты гæлæбутæ сæрбихъуы-рæйттæгæнгæ зæхмæ хауынц. Пецы бæрз сугтæ къæрццы-тæ кæнынц. Ды къæлæтджыны бадыс. Дæ хæдоны цæп-пæртæ æрдæгмæ уагъд. Дæ армытъæпæнтæ мын мæ дзык-кутæ лæгъз кæнынц. Дзурыс, кæй никуыма фехъуыстон, ахæм аргъау.

Мæ зынаргъ, зонын æй, уымæн уæвæн кæй нæй, уый. Зонын, мæ царды ахæмæй кæй ницы уыдзæн, уый дæр. Мæнæн хъысмæт æндæр нывтæ скарста, фæлæ мæм диссаг кæсы, ныртæккæ дæуыл цæмæн хъуыды кæнын, уый. Хорз æй куы зонын, ды цы стыр горæты дæ, уым дæ мæ мæт нæй. Ныртæккæ мын æнæ дæу тынг зын у. Фæнды,

мæ æз куынæуал уон, уæд ды дæр иучысыл рæстæг мæ уавæры куы бахауис. Æз мæхи куыд иунæг хонын, ды дæр дæхимæ афтæ иунæг куы кæсис.

Нæ зонын, цы кæнын, уый. Иуæй-иу хатт мæ фæфæнды рæстæг æрлæууын кæнын. Фæлæ ныртæккæ, ацы уысм, æз бамбæрстон: уарзын дæ. Чи зоны, ме 'дылы ныхæстыл мын худгæ дæр фæкæнай. Уæвæн ис, æмæ райсом худæг мæхимæ дæр фæкæсой. Фæлæ абон (æнусы къæсæрыл) бамбæрстон: куыдфæнды куы фæкæнон, уæддæр мæхицæй нæ алидздзынæн. Зонын æй, зон æй ды дæр: уарзын дæ... Уый кæддæр уыдтæн зындзырд æмæ 'нæсæттон, фæлæ мыл абон мæ зæрдæ фæуæлахиз, æмæ кæд Хуыцауы бафæнда, уæд...»

Колхозы сæрдар æмæ райæххæсткомы бæрнон кусæг (уполномоченный) быдыртыл зилгæ ацыдысты. Комбайнеры, мæнæу кæрдгæйæ, йæ тæккæ тыхстæй баййæфтой. Комбайн асаст, æмæ тракторист ивæн хай агурæг хъæумæ ацыд, фæлæ никæцæйма зынд. Афтæ тыхстæй йæ баййæфтой хицæуттæ. Бидаркæйæ дæр нæ рахызтысты. «Уæлбæхæй» йæм æххæсткомæй æрвыст лæг дзуры:

— Куыд у цард?

— Куыд у, куыд? Афæдзæй афæдзмæ нæ л...х фæкалæм, æмæ нын æй сымах хуызæн хицæуттæ бахæрынц!..

Скъоладзауы ахуыргæнæг фæйнæгмæ рахуыдта æмæ йæ фæрсы:

— Итали Европæйы и æви Азийы?

Лæппу хъуыдыты анығъуылд, фæлæ дзуапп раттын йæ бон нæ баци.

Ахуыргæнæг ыл фæхъæр кодта:

— Ацу, хуырым, дæ бынаты сбад, никуы дæ ницы рауайдзæн!..

Лæппу йæ бынатмæ фæцæйцыд. Æваст фæстæмæ фæзылд æмæ фæуæлахизуæвæджы хъæлæсæй загъта:

— Европæйы!

— Æмæ дæм, цалынмæ дæ номæй сдзырдтон, уæдмæ йæ цæуыннæ загътай?

Мыртазты Барис заманхъуйлаг кæй уыд, уый бæлвырд-бæрæг дардта йæ дзырдарæхстдзинадыл. Гениты тыххæй-иу ныхас куы рауад, уæд-иу афтæ фæкодта:

— Генитæ бирæ не сты: раз-два и обчелся, — æмæ-иу раздæр йæхимæ ацамыдта, уый фæстæ та, кæимæ лæууыд, уымæ.

Самбегаты Гæвдиимæ Терчы былты ныхæстæгæнгæ фæцæуæм. Иу заман æндæр æвзагæй æрбайсгæ дзырдтæй пайда кæнынмæ рахызтыстæм. Гæвдийы хъуыдымæ гæсгæ, ацы дзырдæн æндæрæй баивæн нæй æмæ, дам, дзы пайда кæнын хъæуы. Ныхас та цыд уырыссаг ныхас «уже»-йыл.

Мæ зæрдыл, радиойы ма куы куыстон, уæд Газайты Зойæ цы хабар радзырдта, уый æрлæууыд...

Уæд ма телеуынынадæй равдыстытæ комкоммæ лæвæрдтой. Иу сылгоймаджы æрбахуыдтой, æмæ йын режиссер бамбарын кодта, йæхи куыд дарын хъæуы, уый. Загъта йын, цæмæй иронау дзурыныл архайдтаид. Сылгоймаг, мæгуыр, цы йын амыдтой, уый бæргæ хъуыды кодта, фæлæ дзургæ-дзурын йæ ныхасы спайда кодта, Гæвди цы «уже»-йы кой ракодта, уымæй. Кæй фæрæдыд, уый фембæрста æмæ уыцы тыхстхуызæй афтæ куы бакæнид: «Уже» дæр мын дзы фæци...»

Кæй зæгъын æй хъæуы, адæм æм хъуыстой, афтæмæй.

Хæсты хæдфæстæ уыдис уый. Адæмæн сæ туг сæ цæстытæй каст, фæлæ фашистон Герман йæ зонгуытыл кæй лæууыд, уый зæрдæты ныфс уагъта, адæммæ пырх горæттæ æмæ хъæуты сæрты зынд хуыздæр фидæн. Уæвгæ, хæст йæ тæккæ цыренæй куы уыд, уæд дæр æууæнк нæ сæфти, цард мæлæты коммæ нæ каст, рæстæг йæхиуæттæ домдта. Афтæ кæй уыд, уымæн хорз æвдисæн — Ирыстоны куырыхондæр лæгтæ: Абайты Васо, Багаты Никъала, Дзанайты Иван, Боциты Барон æмæ Епхиты Тæтæри уæхскуæзæй куыстой ирон адæмы цытджындæр хæзна — Нарты кадджытæ æмбырд кæнын æмæ мыхуыры рауадзыныл. Сæ арфæйаг фæллой сцæттæ æмæ

боны рухс федта 1946 азы. Фæстæдæр фæзындысты 2-аг æмæ 3-аг рауагъдтæ дæр. Куы зæгъын, хæсты фæудыл афæдз йеддæмæ нæма рацыд, афтæ.

Чиныджы рацыд ирон адæмæн уыд бæрæгбоны хуызæн, алы ирон хæдзары къæсæрæй дæр чи бахызт, алы ирон зæрдæйы дуар дæр чи байгом кодта. Адæм кæрæдзимæ хæрзæггурæггаг уадысты, цин кодтой стырæй, чысылæй.

Мæныл уæд дæс азы дæр æххæст нæма цыди, фæлæ мæ цин иннæты цинæй къаддæр нæ уыд. Чиныг куы федтон, йæ фæлгонцимæ йын куы базонгæ дæн, уæд зæххыл нал хæцыдтæн. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ каст, цыма нæртон хъæбатыртæм мæхæдæг дæр цыдæр бар дардтон, стæй мын сæхæдæг дæр æцæгæлон нæ уыдысты. Уæвгæ, «цæмæдæр гæсгæ» дзæгъæлы зæгъын, уымæн æмæ нæ таурæгъон фыдæлтæ — нæртон адæм алы ирон адæймагимæ дæр тугдадзинтау баст сты, сæ цард æмæ архайды не 'гъдæуттæ ирдæй зынынц, нæ фарн æмæ дзы уæздандзинад æрттывдтытæ калы.

Цæмæй мæ цин йæ гаччы сбадтаид, уый тыххæй мæ æнхъæлмæ кæсын бахъуыд, цалынмæ мæ мад быдырæй æрбаздæхтаид, уæдмæ. Æртæ туманы — уый аргъ уыди чиныг — сидзæргæсы хæдзары æвдæлонæй кæм хъуамæ лæууыдаиккой! Æнæмæнг сæ хъуыди искæмæй æфстау ракурын. Мæ мадæн хъуыддаг куы бамбарын кодтон, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, сагъæсы бацыд. Нæ сыхæгтæ махæй бирæ хъæздыгдæр нæ уыдысты, стæй куы уыдаиккой, уæддæр курын зын у. Æнцондæр нæ уыд, цы ракуырдтаис, уый бафидын, фæлæ мæ мады бон нæ баци мæ курдиаты ныхмæ 'рлæууын.

Æхца кæм ссардта, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ, æмхæст æртæ сырх туманы мæ къухы куы бафтыдысты, уæд фæстæмæ дæр нал фæкастæн, афтæмæй дуканимæ фæцагайдтон. Сырхсырхидцъар дынджыр чиныгимæ фæстæмæ нæхимæ балæууыдтæн. Цалынмæ мæ къухтæ ныхсадтон, уæдмæ йæ рафæлдахын мæ цæст нæ бауарзта.

Раздæр ын фæцин кодтам йæ нывтыл. Сæ алкæцыдæриу адæймаджы æнахуыр дунейы балæууын кодта, сæвзæрдиу æм æнæкæрон сæрыстырдзинад.

Уыцы диссаджы уысмтæ мæ никуы ферох уыдзысты. Мæ дыууæ кæстæр хойы скъоламæ нæма цыдысты, мæ

мад та ӕнахуыргонд уыд, фӕлӕ ӕнӕхъӕн бинонтӕй дӕр ӕмбӕрстам, нӕ хӕдзары фыццагдӕр цы чиныг фӕзынд, уымӕй кӕй фӕхъӕздыгдӕр стӕм, нӕ фарнык кӕй бафтыд. Ноджы диссагдӕр та уыди, кӕсын ӕй куы райдыдтон, уӕд. Цастӕ мын ӕнтысти, фӕлӕ уӕддӕр мӕхиуыл нӕ ауӕрстон. Кастӕн, цас мӕ бон уыд, уыйбӕрц. Суанг ма-иу нӕм сыхӕгтӕ дӕр ӕрбацыдысты.

Абоны хуызӕн мӕ цӕстыл уайынц, «Нарты кадджыты» цы диссаджы нывтӕ уыди, уыдон. Сӕ алкӕцы дӕр мӕм дзы дзуары хуызӕн каст. Чи сӕ сфӕлдыста — Тугъанты Махарбег — уый дӕр зӕххон адӕймагыл нӕ нымадтон. Уӕларвон тыхӕй хайджын ӕй ӕнхъӕлдтон. Уӕвгӕ, уый ӕнӕмӕнг дӕр афтӕ уыди. Таурӕгъон хъӕбатырты уд чи бауагъта, зӕдтӕ ӕмӕ дауджыты уырнинагӕй чи равдыста, уыцы нывгӕнӕгмӕ Хуыцауы комытӕф ма фӕхӕццӕ уыдаид, уый зын бауырнӕн уыд.

Битъи колхозы бригадирӕй куыста. Адӕм дзы хъаст кодтой. Семӕ дзырдта тызмӕгӕй, иннӕ бригадирты хуызӕн нӕ уыд: хатыр никӕмӕн кодта. Йӕхи-иу дзы чи куырдта, уый-иу хъӕеры бын фӕкодта. Адӕймаг цы уавӕры ис, уый йӕм никуы бахъардта. Иуахӕмы та Лезурханимӕ сбыцӕу. Сылгоймаджы тынг смӕсты кодта, ӕмӕ йӕм уый дӕр нал фӕлӕууыд:

— Рынчын нӕ кӕныс, фӕлӕ мӕлгӕ дӕр нӕ кӕндзынӕ! Уӕддӕр дӕ нӕ фервӕздзыстӕм?!

Алан йӕ мадимӕ уыдис Цъӕйы. Уыцы рӕстӕджы уым йӕ улӕфт уагъта мӕ зонгӕ профессор йе 'мбӕлттимӕ. Лӕппу, ӕвӕццӕгӕн, фыдуаг кодта, ӕмӕ йӕм Хъайто бавзыста, фӕлӕуу, ӕз мӕнӕ Музаферы фенон ӕмӕ, ныхасмӕ кӕй нӕ хъусыс, уыдӕттӕ йын радзурон. Алан дӕр дзыхъхъы лӕуд нӕ разынд:

— Ӕз уӕхимӕ писмо ныффысдзынӕн, Хъайто Цъӕйы алы бон дӕр йе 'мбӕлттимӕ бӕгӕны нуазы, зӕгъгӕ.

Цымӕ дыууӕ дзырдхӕссӕгӕй азимагдӕр кӕцы уыди: гыццыл ӕви стыр?..

Инæлар Ермоловмæ, дам, кадджын уазджытæ сæмбæлд. Фынг сын æрæвæрдта, æмæ йын дзы раппæлыдысты. Уæлдайдæр — йæ физонæгæй.

— Уагæры ма Хъороты Агоры физонæгæй куы фæхъæстæ уыдаиккат.

— Æмæ нын уыцы Агор цæуыннæ скодта физонæг? — бафарста уазджытæй чидæр.

— Ирыстонмæ ацыди. Йæ райгуырæн бæстæ тынг мысыди, æмæ йын фæтæригъæд кодтон: ауагътон æй, — дзуапп радта инæлар.

Фыссæджы ныхас кæдæмыты хъуысы, уый диссаг у. Нудæсæм æнусæй Некрасов Николай йæ хъæлæсы дзаг ныхъхъæр кодта æмæ йæ ныхæстæ дыууын фыццæгæм æнусмæ хæхтæ æмæ быдырты сæрты азæлгæ махмæ æрхæццæ сты:

Где вы — певцы любви, свободы, мира
И доблести?.. Век «крови и меча»!
На трон земли ты посадил банкира,
Провозгласил героем палача...

Цыма йæ дзырдтæ никæмæ фехъуыстысты, уый хуызæн йæхиимæ дзурæгау дарддæр зæгъы:

Толпа гласит: «Певцы не нужны веку!»
И нет певцов... Замолкло божество...
О, кто теперь напомнит человеку
Высокое призвание его?..

Æцæгæйдæр, чи?

Иу заман та мæ сыхаг ме 'мдзæвгæйы кой ракодта. Цавæр æмдзæвгæ уыд, уый дæр зæгъон:

Рæдыдыстæм, нæй йыл ныхас дæр,
Нæ нæм хъардта адæмы хъæр:
Цы къухтæй æмдзæгъд кодтам раздæр,
Ныр уыдонæй хойæм нæ сæр.

Æз та, зæгъын, æндæрæбон ног æмдзæвгæ ныффыстон, нæ ныртæккæйы царды нывтæ мæ цæстыл уадысты, афтæмæй, æмæ сын æй радзырдтон:

Куыннæ кæнон æрдиаг,
Куыннæ кæнон фæдис?
Фыдызнæгты фæндиаг
Фыдыбæстæ фæцис.

Камал афтæ бакодта:

– Бафтауын ма йæм хъæуы иу-дыууæ куплеты уæддæр, науæд æй адæмы размæ куы рахæссай, уæд сæм æгæр цыбыр фæкæсдзæн. Блок афтæ загъта: æмдзæвгæйы дæргъ, дам, хъуамæ æртæ строфайæ къаддæр дæр ма уа æмæ фылдæр дæр, ома æппæты хуыздæр уыдзæн ахæм бæрцæй.

Æз ын йæхи æмдзæвгæ æрымысыдтæн. «Армукъайы уынæрæй скъуыддзаг» – афтæ хуыйны æмдзæвгæ. Ис дзы æрмæстдæр æртæ рæнхъы:

– Кæй ма хъæуы кæсæгтæ?!
Сæрджынты кило – сомы 'рдæг!
Æнæсæртæ та – сом!..

Уымæ, зæгъын, цæуыннæ 'фтауыс.

– Уымæ æфтауын нæ хъæуы, хъуыды дзы кæронмæ загъд æрцыд.

– Афтæ у, афтæ, мæ цыппаррæнхъонмæ ма æфтауын хъæуы, фæлæ де 'ртæрæнхъонмæ – нал.

Дæ хæлæртты быцæуы бацæуыны бæсты де знæгты быцæуы бацу, уымæн æмæ дæ хæлæрттæй иуы дæхицæн знаг скæндзынæ, де знæгтæй та – лымæн. Уый ног эрæйы агъоммæ куырыхон Биант загъта. Фæлæ мæнæ ацы зондджын ныхас чи загъта, уый нæ зонын: «Дæумæ дæр – фæткъуы, мæнмæ дæр. Куы сæ баивæм, уæд нæ иумæ дæр фæткъуы уыдзæн, не 'ннæмæ дæр, фæлæ, цы зонæм, уый кæрæдзийæн куы радзурæм, уæд дыууæйæ дæр фæзондджындæр уыдзыстæм».

Нæ поэттæй иу Хуымæллæджы дон Волгæйы хуызæн уæрæх æмæ арф рахуыдта:

Камбилеевка-река
Широка и глубока.

Уыцы дыуужæ рæнхъы сæ фæдыл расайдтой цалдæр эпиграммæ æмæ пародийы. Æз дзы ракæндзынæн иуы кой.

Куыд зонæм, афтæмæй Хуымæллæджы дон уæрæх дæр нæу, арф дæр нæу. Æмæ дыууæ рæнхъы авторæн æндæр поэт йæ цæстмæ бадардта: «Хуымæллæджы дон кæд арф нæу, уæддæр дæ хъуыдытæй арфдæр у».

Иннæ эпиграммæты ноджы карздæр ныхæстæ ис æмæ уыдоны кой нæ кæнын.

Æнад, ома æнæ ад æмæ адджын, зæххыл цыдæриддæр ис, уыдон кæнынц дыууæ дихы: хæрзтæ æмæ æвзæртыл. Стæй, æвæццæгæн, дуне «æнæ» æмæ «джын»-æй арæзт у. Цы джын дæ, зæгъгæ, дæр, чи зоны, уымæн фæзæгъынц.

Фылдæр адæм хæрзхотæ æмæ хæрзæфсымæртæ вæййынц. Фæлæ ма вæййы æндæрхуызон хотæ æмæ æфсымæртæ дæр: мадæй – иу, фыдæй – хицæн, мадæй – хицæн, фыдæй – иу. Цымæ дзы кæрæдзимæ кæцытæ хæстæгдæр сты? Зын фарст дæттын мæхимæ, ахæм хæстæджыты бафæрсынмæ та мæ ныфс нæ хæссын. Кæмæ куыд фæкæсдзæн, чи мæ куыд бамбардзæн – Хуыцау йæ зонæг.

Мæхинымæр та æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: æвæццæгæн, мадæй – иу хотæ æмæ æфсымæртæ хæстæгдæр сты. Чи зоны, фыдæй – иу.

Мæгъа...

Рихитæ йыл ис, суанг ма боцъотæ дæр, фæлæ адæм, йæ митæм куы бакæсынц, уæд фæзæгъынц:

– Ауыл рихи нæй. Амæн йæ рихи даст у!..

Фырхъалæй скъуыдты цæуыны бæсты фырмæгуырæй æмпъызтыты цу.

Иуахæмы радиойæн интервью лæвæрдтон, æмæ мæ уацхæссæг бафарста, Шекспиры, дам, ирон æвзагмæ цæмæн тæлмац кæныс. Æмæ йæ фарст фæбæлвырддæргæнгæйæ дарддæр йæ хъуыды райхæлдта: «Кæй фæнда, уый йæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгондæй нæ бакæсдзæн? Ноджы фылдæр адæм…»

Цыдæртæ загътон уацхæссæгæн. Бæлвырд сæ нал хъуыды кæнын, фæлæ сæ мидис уыди ахæм: уæдæ ныр нæ иронау фыстытæ дæр уырыссагмæ раивæм, цæмæй сæ фылдæр ирæттæ кæсой, уый тыххæй?

Æнхъæлдæн, Марк Твен загъта, Шекспиры англисæггæ дæр нæ кæсынц, зæгъгæ. Кæй зæгъын æй хъæуы, уым, адæймаг цæуыл бацин кæна, ахæмæй ницы ис, фæлæ уæддæр ныффыстон ахæм цыппаррæнхъон:

Нæ зонын æз, кæдæм цæуы мæ Ир,
Тæрсын, куынæуал разына йæ фæд…
Куы нæ хъæуы йæхи ’взагыл Шекспир,
Кæй бахъæудзæн ирон æвзагыл уæд?

Азты дугъæн бауромæн нæй, адæймаджы цардæн иу хатт йеддæмæ æрлæууæн куыд нæй, афтæ. Цæуынц бонтæ, къуыритæ, мæйтæ. Иу рæстæджы азты нымæц ахæм бæрзæндмæ схизы, æмæ сæ цъуппæй фæстæмæ ракæсын кæд фæхъæуы. Бирæ адæм уыцы цъуппæй ракæсынц æмæ дисы бацæуынц: уыцы гакъон-макъон фæндæггтыл æз фæцыдтæн, уыцы хæрдтæ æмæ уырдгуыты фæсте фæуадзын мæнæн бантыст, уыцы къуыппытæ æмæ дзыхъхъыты сæрты æз ахызтæн? Кæд æцæгæйдæр афтæ уыди, уæд ахæм уæлиаумæ куыд тагъд схæццæ дæн? Мæ зæрды ма дарддæр цæуын куы ис, фæлæ мæ хъарутæ куынæуал амонынц.

О, цардæн райдайæн куыд ис, афтæ йын ис кæрон дæр. Цасфæнды бирæ куы фæцæрай, уæддæр дæм афтæ фæкæсдзæн, цыма рæстæг, куыд ын æнхъæл уыдтæ, уымæй тагъддæр цыди, æмæ, куыд тагъд агæпп кодта, уый дæр уымæн нæ бамбæрстай…

Уый уыд уартæ 1963 азы, «Рæстдзинад» йæ дыууиссæдз азы куы бæрæг кодта, уæд. Нæ кусджытæ иууылдæр æрæмбырд сты æмæ нæ къам систам. Уæвгæ, иууылдæр нæ уыдысты. Алы аххосæгтæм гæсгæ дзы нæ бахаудысты… Чи

дзы нæ бахауд, уыдон дæр мын зындгонд сты. Нæ хæлардзæрдæ, «Рæстдзинад»-ы дæсгай азты дæргъы зæрдиаг фæллой чи фæкодта, уыцы Мамонтов Федор мын къам куы радта, уæд дзы чи нæ уыд, уыдоны мыггæгтæ йæ чъылдыммæ ныффыстон. Къамы чи ис, уыдон бæрæг сты, фæлæ иннæты дæр хъуамæ фæстагæттæ зоной æмæ, кæд Хуыцауы фæнда, уæд сæ иуахæмы ныммыхуыр кæндзынæн…

Уыцы къаммæ куы 'ркæсын, уæд мæ цæстытыл ауайынц, иуæндæс азæй фылдæр кæимæ фæкуыстон, уыдоны рухс цæсгæмттæ. Бирæ амондджын бонтæ арвыстон семæ æмæ, цасфæнды куы фæцæрон, уæддæр, кæддæр цы ныхæстæ загътон, уыцы азтæ æмæ уыцы азты кæимæ куыстон, уыдон мæрдты дæр мемæ уæнт, зæгъгæ, — мæ къух никуы сисдзынæн, уымæн æмæ, уæд цы базыдтон, федтон æмæ фехъуыстон, уыдон мын разындысты æнусон фæндаггаг.

Æнгомдæр адæмæн скæнæн нæ уыди. Адæмы хъæр чи не 'мбæрста, уыдон редакцийы бирæ нæ фæстиат кодтой. Йæ бон-иу чи базыдта, уый-иу йæхæдæг ацыд æмæ, дон йæхи сыгъдæггæнгæ куыд цæуа, афтæ редакци дæр сыгъдæгæй сыгъдæгдæр донвæдты лæгæрста. Афтæмæй ралæууыд йæ дыууиссæдз азы юбилей.

Уыцы бон цы къам систам, уымæ арæх æркæсын æмæ иу хаттæй иннæ хатмæ мæ равг мæгуырдæр кæны. Иуæйиумæ фæцыдысты, «Рæстдзинад»-ы тырысайыл фидар къухтæй чи хæцыд æмæ йæ бæрзæндты чи хаста, уыдон. 2008 азы 29 апрелы ма йæм куы æркастæн, уæд ма дзы фараст æмæ дыууиссæдзæй æгас уыдысты æрмæстдæр фондзæй: Гуытъиаты Замирæт, Дарчиты Нинæ, Цæрукъаты Таймураз, Мæхæмæтты Ахуырбег (куыдхистæрæй сæ ныммайын) æмæ æз. Уыцы хъуыдытæгæнгæйæ равзæрдысты ацы рæнхъытæ:

Нæ уыд нæхицæй хъалдæр…
Ныр ма нæ баззад цалдæр —
Кæнынц ныл азтæ уæз.

Замирæт æмæ Нинæ,
Таймураз æмæ Зинæ,
Ахуырбег æмæ æз.

«Рæстдзинад»-ы тырыса
Хæссæм, уадз дардмæ хъуыса
«Рæстдзинад»-æн йæ кад.

Цы дуг уыди, цы рæстæг –
Уыд зæрдæмæ куыд хæстæг,
Цæйбæрц уыди нæ цин!

Цы газет уагътам раздæр! –
Нæ уыд йæхицæй уаздæр,
Нæ куыст хуыдтам нæ дин.

Ныр атахтысты азтæ,
Нæ фылдæры нын байста
Æнæхатыр мæлæт.

Кæдмæ цæуæм нæ къæхтыл,
Лæгъз быдыртыл уа, рæгътыл –
Зындзæн зæххыл нæ фæд.

Ныр уыдонæй, ома 2008 азы ма æгас чи уыд, уыдоны æхсæнæй дæр фæхъуыдысты Дарчиты Нинæ æмæ Цæрукъаты Таймураз. Фараст æмæ дыууиссæдзæй ма фараст æмæ дыууиссæдз азмæ кæддæры бæзджын «Рæстдзинад»-æй æгас стæм æрмæстдæр цыппарæй.

Рухсаг уæнт, йе 'нусон фæндагыл чи ацыд, уыдон иууылдæр! Зинæ, Замирæт æмæ Ахуырбег та, сæ разæй чи фæци, уыдоны арфæтæй хайджын уæнт! Марды арфæ æмæ, дам, дзуары арфæйæн иухуызон тых ис.

Мурат, дзæнæты фæбад! Дæ мæлæтмæ чи 'нхъæлмæ каст, уыдонæй иуæн йæ сæр схъил кæныны фадат фæци. Комкоммæ дзургæйæ та – «схъæбатыр». Цы аккаг у, ахæм «кад» кæмæн скодтай, уымæн, дæ цæсты фæцъындмæ кæсгæйæ, йæ цæстытæ урс кæнынмæ фесты. Де 'цæг дунемæ куы ацыдтæ, уæд ыл хур скаст, фæлæ йæ рухсмæ ницуал ауыдта. Ахæм стыр хорздзинад ыл æрцыд, уый йæ нæма уырныдта. Тарсти, бынтон куы нæ амæлай, ома фæстæмæ куы райгас уай, уымæй æмæ уал æнхъæлмæ каст. Бонтæ æмæ къуыритæ цыдысты.

Мæйты нымæцыл æфтыди. Куы нæ æмæ куы нæ зындтæ, уæд æй сабыргай уырнын райдыдта, фæстæмæ кæй нал раздæхдзынæ, уый, æмæ, дæ амардыл дзæвгар рæстæг рацæуыны фæстæ, «цалдæр азы размæ» газеты «æгæр» кæй скритикæ кодтай, уый йæ хъаст редакцимæ бахаста æмæ дзы йæхицæй хатыр ракурын кодта.

Ахæм «хъæбатырдзинад» равдыста (йæ ном æмæ йын йæ мыггаг барæй нæ фыссын, газет дæу дæр дæ ном æмæ дæ мыггагæй нæ бацамыдта, рахуыдтой дæ æхсæнадон уацхæссæг), «æгæр» кæй скритикæ кодтай, уыцы лæг.

Дисы мæ бафтыдта, газет цы зондыл хæст разынд, уый дæр. Цытæ фыссы, уыдоныл лыстæг ахъуыды кæн, уæд йæ хатырты дæлдæр-уæлдæр ныхæстæн рæстмæ бамбарæн нæй. Искуы ма «æгæр» скритикæ кæныны тыххæй искæй азымы бадарæн ис? Ноджы диссагдæр та у, «æгæр» æй кæй скритикæ кодтай, уымæй хатыртæ курын. Дыккаг æмæ æртыккаг бон нæ, фæлæ «цалдæр азы размæ» мыхуыргонд чи ’рцыд, уыцы æрмæджы тыххæй.

Дæсгай азты мыхуыры кусын, æмæ, цы нæ федтон æмæ фехъуыстон, ахæм, æвæццæгæн, бирæ нал баззад, фæлæ искуы искæцы газет кæйдæр «æгæр» кæй скритикæ кодта, уый тыххæй хатыртæ куырдта, зæгъгæ, никуыма фехъуыстон. Æгæр бирæ аиппытæ æнаиппæй куы ранымайай, ома цыдæриддæр уыди, уый комкоммæ куы зæгъай, уæд æгæр никуы уыдзысты. Газет та уый тыххæй йæ уæрджытæ хойынмæ фæци æмæ, цалдæр азы размæ раст кæй критикæ кодтой, уый тыххæй йын лæгъстæ кæнынц, ныронг нæм цы диссаджы æрмæджытæ æрвыстай, ахæмтæ та нæм æрвит, зæгъгæ.

Мурат, ацы æрмæг газеты куы фæзынд, уæдæй нырмæ дзæвгар рæстæг рацыд. Дæхæдæг æгас куы уаис, уæд дæ ныхмæ ныффыссын кæй нæ бауæндыдаиккой, уый мæ уырны, стæй куы бауæндыдаиккой, уæд дзы сойтæ кæй не смарзтаиккой, ууыл дæр дызæрдыг нæ кæнын. Æнхъæлмæ кастæн, кæд дæ фарс, ома рæстдзинады фарс, исчи радзурид, зæгъгæ, фæлæ уый йæ зæрды куы никæмæн уыд, уæд уыцы хæс æз мæхимæ райстон. Дæхæдæг сын цы дзуапп раттаис, уымæ дæрддзæф лæууы, фæлæ æппыннæйы бæсты кæд бабæззид.

Æфсымæры лæппу, дам, æфсымæр нæ комы. Цæуыннæ, цымæ? Хойы лæппуйæн, ома хæрæфыртæн диссаджы бартæ куы ис, йæ мадырвадæлтæ йæ сæ кæцыфæнды бинойнагæй дæр дæлдæр куы нæ ’вæрынц, кадджыныл æй куы нымайынц, уæд æфсымæры лæппуйæн хойы лæппуйæ къаддæр кад цæмæн ис? Йæ фыды хо йыл йæ зæрдæ цæуыннæ дары?

Ис ма æндæрхуызон æмбисæндтæ дæр: «Минас кæнын дæ куы фæнда, уæд дæ мады хомæ бауай, смæстджын уæвын дæ куы фæнда, уæд та дæ фыды хомæ». «Мады хойæ мады ад цæуы».

Кæд æфсымæры лæппу дæр æфсымæр уымæн нæ комы?

Нæ хъæуккæгтæ иу номæн бирæ хуызтæ кæй раттынц, уый тыххæй ма фыстон. Уæд мæм Михаилы кой уыди. Фæнды ма мæ Владимиры тыххæй дæр зæгъын.

Ахæм ном Бæрæгъуыны кæуыл сæвæрдтой, уыдонæй иумæ дæр уыцы номæй нæ дзырдтой. Иуты дзы хуыдтой Валодя (Чехойты, Дзасохты, Хъантеты, Цогойты, Хлойты, Цомайты, Беккуызарты, Мзокты, Хуыдæлты æмæ афтæ дарддæр. «Афтæ дарддæр» уымæн зæгъын, æмæ, уæлдæр цы Валодяты кой скодтон, уыдон мæ рæстæджы цардысты, ома æз хъæуы куы цардтæн, уæд. Зыдтон дзы алкæй дæр лæгæй-лæгмæ. Ныр, кæй зæгъын æй хъæуы, сæ нымæц фæфылдæр уыдаид, уымæн æмæ хъæуы куынæуал цæрын, уæдæй нырмæ æнусы æмбисæй фылдæр рацыд), иннæйы Лади (Дзасохты, Хъуппеты), аннæтæй кæй Ладе (Кобесты) хуыдтой, кæй – Ладемыр (Беккуызарты, Дзасохты, Цогойты), кæй – Валоккæ (Беккуызарты).

Афтæмæй дзы, куы зæгъын, мæ хъæуккæгтæ, йе ’цæг ном – Владимирæй иумæ дæр нæ дзырдтой.

Алы хъуыддаджы тыххæй дæр æм ис йæхи... галиу хъуыды.

Суворин Алексей Сергейы фырт йæ рæстæджы зындгонд уыди. Зындгонд уыди, канд йæ хъæздыгдзинадæй

нæ, фæлæ йе сфæлдыстадæй дæр: фыста драмон уацмыстæ, уагъта алыхуызон чингуытæ, къæлиндартæ... Кæд Чеховæй æхсæз æмæ ссæдз азы хистæр уыд, мæлгæ та зынгонд фыссæгæй аст азы фæстæдæр акодта, уæддæр хæларæй цардысты. Цыма æмгæрттæ уыдысты, уыдис сын ахæм ахастдзинæдтæ.

Алексей уагъта газет «Новое время». Цы фæндагыл æрлæууыд, уый нæ цыди Ленины зæрдæмæ. Уайдзæф ын кодта, хъæздыджыты фарс кæй хæцыд, уый тыххæй. Разы дзы нæ уыди Салтыков-Щедрин дæр. Йæ газет та йын схуыдта «Чего изволите?» Цымæ уæды официалон газеттæй æмæ ныры рæстæджы ахæм газетты æхсæн бирæ хъауджыдæрдзинæдтæ ис? Ныртæккæйы газетты æндæр номæй куы схоникам, уæд цымæ бирæ фæрæдиикам? «Чего не изволите?» Цæмæй æвзæрдæр ном у? «Чего не изволите?» дæр къаддæр хæрзты нæ бацæуид, сæ хъысмæт кæмæй аразгæ у, уыдонæн.

Цыфæндыйæ дæр Суворинмæ мæ зæрдæ нæ хъæбæр кæны, Чеховæн бирæ лæггæдтæ кæй фæкодта, уый тыххæй. Антон йæ цыбыр царды дæргъы цы диссаджы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон дунейы рухсмæ уадзынил æнувыдæй кæй архайдта, уый тыххæй дзы бузныг уæвын хъæуы, уымæн æмæ, адæймаг хорздзинадæй цы сарæзта, аргъ ын уый тыххæй фæкæнынц.

Мæ мадырвад мын ахæм хабар радзырдта: «Мæ сыхагæй уæздандæр лæгæн скæнæн нæй. Æгъдауылхæст, уазæгуарзон, фырнымд. Æрæджыйы онг-иу æй нæ сыхбæстæ æдзухдæр хистæрæн агуырдтой æмæ-иу алы хатт дæр фынг сфидауын кодта.

Мæ хæдзары — æз ныр æндæр сыхы цæрын — циндзинад уыди, æмæ йæм мæхæдæг хонæг фæцыдтæн, Хæмыц, мæ уарзон адæмимæ æртæ чъиринйы скувынмæ хъавын æмæ дæ уырдæм хонгæ дæр кæнын æмæ дзы хистæрæн куы сбадис, уый дæр мæ фæнды, зæгъгæ. Дæ фарсмæ, дам, балæудзынæн, фæлæ мæм хистæрæй сбадыны ныфс нæй.

Æмæ мын йæ царды хабæрттæ ракодта. Цæвиттон, Хæмыцæн ис иунæг лæппу æмæ галиу фæндагыл ацыд. Ахæм фæндаг чи равзары, уымæн та йæ царды бонтæ

ӕрцыбыр вӕййынц. Мӕ сыхаджы лӕппу дӕр, куыд мын радзырдта, афтӕмӕй уырдӕм фӕхӕстӕг. Уӕддӕр ма йӕм ноджыдӕр иу хатт ӕрхатыдтӕн, адӕмы 'хсӕнмӕ куынӕуал цӕуай, дӕхимӕ хъусынысыл куы фӕуай, уӕд бирӕйы фаг не суыдзынӕ, зӕгъгӕ. Фӕлӕ, марадз-зӕгъай, кӕд мын сразы. Хистӕры бынаты, дам, куы сбадон, уӕд, дам, мын исчи афтӕ куы зӕгъа, дӕ хӕдзары уынаффӕ кӕнын куы нӕ зоныс, уӕд махӕн зонд цы амоныс.

Куыннӕ йын хъуамӕ фӕтӕригъӕд кодтаин? Хӕмыц йӕхӕдӕг – ӕцӕг ирон, ӕгъдауджын, фӕрнджын лӕг. Дӕ сӕрӕн мацы зон, дӕ иунӕг хъӕбулӕн фу-фу фӕкӕн ӕмӕ ахӕм бӕллӕхы бахау! Стӕй рӕстӕджы ныхмӕ дӕр куыннӕ дзура адӕймаг, фӕсивӕды ахӕм уавӕрты чи баппӕрста?

Галиу фӕндагыл уыйбӕрц цӕуджытӕ кӕд уыдис раздӕр? Кӕд мардис уыйбӕрц адӕм ӕрыгонӕй?

Лӕг йӕ хӕрӕджы йе 'ккой скодта ӕмӕ уынгты фӕцӕуы. Йӕ сыхаг ӕй ауыдта ӕмӕ йӕм, дисы бацӕугӕйӕ, дзуры:

– Де 'ккойы йӕ цӕмӕн хӕссыс, сбад ыл, ӕмӕ дӕ йӕхӕдӕг хӕсдзӕн.

– Ӕмӕ цӕмӕй зоны, кӕдӕм мӕ цӕуын хъӕуы, уый?

Нӕ фыдӕлты уӕлахизты кой ӕнусты сӕрты махмӕ дӕр ӕрхӕццӕ. Кӕм сӕхи сӕрибардзинадыл тох кодтой, кӕм та ӕхцайыл кӕрӕдзийы дӕр цагътой. Плиты Грис хуымӕтӕджы фыста:

Цӕй, цы ма йыл дзурӕм бирӕ,
Ахӕм диссаг рауад хӕст:
Кард бӕрзонд фӕхӕссы ирон
Ӕмӕ ирон сӕрӕн – дзӕхст!

Куы зӕгъын, нӕ рагфыдӕлты хӕстхъомдзинад ӕнӕхъӕн дунейыл айхъуыст, фӕлӕ сӕ фӕстӕ цы баззад? Нӕ зонын, уыцы фарстӕн цы дзуапп раттын ӕмбӕлы, уый, фӕлӕ мӕнӕн ӕппӕт уыцы уӕлахизтӕй мӕ зӕрдӕмӕ хӕстӕгдӕр сты, Зеленчукы цыртыл иронау фыстӕй цы цалдӕр ныхасы баззад, уыдон.

Цъайтæ, зæгъгæ, Ирыстоны иу ахæм цæрæн бынат ис. Иу хатт уырдæм иу лæг уазæгуаты бафтыд æмæ йæ донимæ æмхæццæ спъиртæй буц кодтой. Фысым йæ уазæгмæ сыхæгты дæр æрхуыдта æмæ уыдонимæ гаджидæуттæ уагътой. Иу гаджидауы фæстæ уазæг фысыммæ дзуры:

– Ам дон кадавар у, æмæ мын æй сыгъдæгæй дæттут...

Бирæ чи зоны, уый йæхинымæр дæр никуы ахъуыды кæндзæн, бирæ зонын, зæгъгæ. Бирæ чи нæ зоны, уый хъуыды дæр акæндзæн æмæ зæгъгæ дæр кæндзæн, алцы зонæгæй дæр йæхи равдисдзæн. Кæддæр Абайты Васойы бафарстон, цал æвзаджы зоны, уымæй, æмæ мын ахæм дзуапп радта: «Куыд æмбæлы, афтæ иу дæр нæ». Цæрæнбонты цы ’взаг иртасыныл фæкуыста, ома ирон æвзаг, уым æрмæстдæр иу ныхас – «уырыхсны»-йы нысаниуæг кæй нæ зыдта, уый тыххæй.

Иронау чи фыссы, уыдонæй, æвæццæгæн, бирæты бафæрсынц, иу кæнæ иннæ дзырд цы амоны, кæнæ йæ уырыссагæй иронмæ куыд ратæлмац кæнын хъæуы, уымæй.

Айфыццаг мæм Мæздæгæй Медойты Барис сдзырдта, «дракон», дам, иронау цы хуыйны. Æваст ын цы дзуапп раттаин, уый нæ зыдтон æмæ хъуыдытыл фæдæн. Кæфхъуындарæй хуыздæр мæ бон æрымысын ницы баци æмæ йын афтæ загътон. Куы зæгъын, кæд бынтон раст нæ дæн, уæддæр нæ зонын, фæлæ бæлвырддæр дзуапп раттын мæ бон нæ баци.

Уымæй чысыл фæстæдæр та мæ къуырцдзæвæнмæ мæ хорз хæлар æрыдойнаг Баскаты Сослан батардта, куысыфтæг, дам, уырыссагау цы хуыйны. Телефонæй дзургæйæ, кæд хъуыды кæнынæн бирæ фадæттæ нæ уыди, уæддæр иудзæвгар фæхъуыды кодтон, фæлæ йын ницы дзуапп радтон.

Дыккаг бон, мæ зæрдæ кæуыл дардтон, уыдонæй кæй нæ бафарстон, ахæм нал баззад, фæлæ се ’хсæн, куысыфтæджы хабæрттæ мæнæй хуыздæр чи зоны, ахæм нæ разынд. Басгæрстон дзырдуæттæ дæр. «Уырыссаг-ирон дзырдуаты» фыстой: «Куысыфтæг / особый сорт тыквы с бородавчатой коркой». Нæ фæцыд мæ зæрдæмæ. Ахæм заман мæ фæстаг ныфс вæййы Миллер Всеволоды «Ирон-уырыссаг-немыцаг

дзырдуат». Ӕркастæн уымæ дæр: «Куысыфтæг: полая тыква, употребляемая, как сосуд». Нæ мæм фæкаст уый дæр æххæст дзуапп.

Чысыл уæлдæр цы ныхæстæ загътон, ома мæ зæрдæ кæуыл дардтон, уыдон иууылдæр бафарстон, зæгъгæ, уымæй бынтон раст нæ уыдтæн, уымæн æмæ мæ ферох мæ хъæуккаг Приты Дзибул. Фæлæ уал уый размæ, ирон æвзаг, стæй бирæ цыдæртæ мæнæй хуыздæр кæй зоны, уый тыххæй.

Чи уыди, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ та мæм цалдæр азы размæ чидæр æрбадзырдта, кусарт, дам, куы акæнынц, уæд ын, йæ риуыгуыдырæй цы тымбыл æргъиу ралыг кæнынц æмæ къулыл кæй батъæпп ласынц, уый иронау цы хуыйны. Нæ йæ зыдтон æмæ йын цы дзуапп раттаин? Бирæты куы фæфæрстытæ кодтон æмæ мын куы ничи баххуыс кодта, уæд Дзибулмæ ныдздзырдтон æмæ мын æй загъта: кæразимаг...

Уыцы хабар мæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ та æххуысмæ Дзибулмæ фæдзырдтон, æмæ та мæ мæ уавæрæй фервæзын кодта: горлянкæ.

Дзибул ирон æвзагмæ, ирон кæй у, уымæй дарддæр ницы бар дары. Каст фæци Хетæгкаты Къостайы номыл паддзахадон пединституты физикон-математикон факультет. Цæрæнбонты фæкуыста ахуыргæнæг, фылдæр та ахуыргæнæг-директорæй Красногоры, Ӕрыдоны, Дзæуджыхъæуы, æмæ у, бирæ чи федта æмæ зоны, ахæм адæймаг.

Ныхæстæ иууылдæр куысыфтæг расайдта, æмæ йæ куысыфтæгæй фæуон. Миллеры дзырдуаты куысыфтæджы тыххæй ахæм хъуыдыйад æрхастæуыд: «Уымæн йæ куысыфтæджы ницы ис».

Ӕвæццæгæн, мæн цæмæйты фæфæрсынц, уымæй, Дзибулы хуызæн, йæ куысыфтæджы исты кæмæн ис, ахæмты фæрсын фæхъæуы.

Мæ гуырæн бон мæ хæлæрттимæ нæхимæ фынгыл бадæм. Иу заман нæм чидæр телефонæй æрбадзырдта, уæ телевизор, дам-ма бакæнут, уæ хæдзары хицауы тыххæй, дам, дзы равдыст цæуы. Кæстæртæй йæ чидæр сифтыгъта, æмæ дзы æцæгæйдæр — æз интервью кæм лæвæрдтон, ахæм равдыст. Уымæй размæ ма йæ кæддæр

æвдыстой æмæ йæ ныр, æвæццæгæн, мæ гуырæн бон æрымысыдысты. Программæйы дæр нæ уыди, хъусын дæр нын ницы фæкодтой, афтæмæй йæ равдыстой. Мæ уазджыты йæм бакæсын фæндыд, фæлæ марадз-зæгъай, кæд уыцы канал æвдыста. Æвдисгæ кодта, фæлæ кадртæ ратæх-батæх систой, æмæ дзы бамбарæн ницы уыд.

Камал, цардæй куыд фæсте баззадыстæм, уымæ æнæдзургæйæ кæсын бирæ нæ бафæрæзта æмæ йæ хъуыдытæ нæ басусæг кодта:

— Ахæм телевизортæ дыууиссæдз азы куынæуал уадзынц, уæд ма йæ сымах кæм ссардтат?

Сугъаты чындзæхсæвмæ бирæ адæм æрæмбырд. Уæвгæ, бирæ адæм та нæ кæцы чындзæхсæвы нæ вæййы! Фæлæ ардæм уæлдай фылдæр æрцыд. Хистæрæн дзы бадтæн æз. Æртыккаг хистæр уыдис, — куыд вæййы, афтæ — мыггаджы минæвар Израил. Андиаты Сослан чысыл айрæджы кодта. Æмбæлæггаг ын авæрдтам. Израил æй куы ауыдта, уæд ын арфæ ракодта, стæй, фынгмæ раздæхгæйæ, сдзырдта: «Кæдæй-уæдæй ма мæхиас лæг федтон!»

Израиль уыцы ныхæстæ хъазгæйæ загъта, æндæр Сослан цæй йæхиас уыди, йæ уæхсчытæм дæр æй йæхи ивазын куы хъуыд, уæд?!

Ме 'вдай фондз азы бонты уыйбæрц арфæтæ фæистон, æмæ сын кæрон нæ уыди. Дзырдтой мæм, кæй зонын æмæ кæй нæ зонын, уыдон дæр. Куы зæгъын: бирæ уыдысты, фæлæ мæ дзы иуы хъæлæс дисы бафтыдта. Дисы та мæ бафтыдта, фысджытæй мæм иуы хъæлæсы хуызæн кæй фæкаст, уымæй. Уый нæ дæ, зæгъгæ, йæ куы бафарстон, уæд мын афтæ: «Мæ хъæлæс, чи зоны, уый хъæлæсы хуызæн у, фæлæ æз Дзбойты Мишæ дæн».

Арфæтæ мын ракодта, кæй зæгъын æй хъæуы, йе 'рхъуыды бирæ уæд. Йæ уæздандзинад та кæдфæндыйы хуызæн равдыста. Фæлæ ахæм уæздандзинад, йæ цинып кæмæн фæцин кæнын, хорздзинад йеддæмæ æвзæрдзинад кæмæн никуы фæдæн, ме 'мсис уыцы адæмæй никæмæ разынд. Мæ сыхаг чи у, мемæ чи кусы, мæн тыххæй йæ

хъуыдытæ газеттæ, радио æмæ телеуынадæй чи загъта, уыцы фысджыты кой нæ кæнын.

Чысыл фæстæдæр мæ равг фæхуыздæр. Телефонæй мæм æрбадзырдта, йæ зæрдыл кæмæн не 'рлæууыдтæн, уыдонимæ нымад чи 'рцыдаид, уыдонæй иу – мæ рагон хæлар, мæ тæлмацгæнæг Дзантиаты Анатоли.

Мæ телефон ныдздзæнгæрæг кодта: Кучиты Эльбрус. Арфæ ракæныны фæстæ афтæ: «Де 'мдзæвгæ дын «Рæстдзинад»-ы бакастæн æмæ дзы иу рæнхъ адарддæр кодтон. Ды фыссыс: «Нæ акодтон æз иунæджы дæр уæй». Æз ма йæм бафтыдтон: «Кæй ауæй кæнæм, ахæмтæ нæм бæргæ ис, фæлæ сын æлхæнджытæ кæм ссарæм?» Ахæм хъуыды ма раздæр кæмæйдæрты кæд фехъуыстон, уæддæр мæм ног фæкаст, дарддæр мын цытæ радзырдта, уыдоны фарсмæ йæ куы 'рæвæрдта, уæд...

«Фæллой кæнын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæуы. Куыннæ мыл фыстаиккой хорз дæр æмæ æвзæр дæр! Æстдæс азæй фылдæр æнæниздзинад хъахъхъæныны министрæй фæкуыстон. Уæд мыл фылдæр хахуыртæ кодтой. Уырдыгæй куы рацыдтæн, уæд мыл хорзæрдæм дæр фыссын райдыдтой. Бирæ уыдысты уыдон дæр, фæлæ мыл журнал «Ногдзау»-ы куыд ныффыстой, уымæй дзы зæрдиагдæр нæма уыд».

Æцæгæйдæр, нæ журналы дыууæ азы размæ Уæлахизы 65 азы бонмæ ныммыхуыр кодтам æрмæг ахæм сæргондимæ «Æцæг адæймаг». Эльбрус канд сгуыхт дохтыр, разамонæг, æппæты фыццаг та – лæг нæу, фæлæ ма у сгуыхт хæстон дæр. Йæ хæстон сгуыхтытæ æмæ фæллойадон уæлахизты тыххæй йын лæвæрд æрцыд Фыдыбæстæйы хæсты I æмæ II къæпхæны ордентæ, Фæллойадон Сырх Тырысайы дыууæ ордены, «Адæмты хæлардзинады» æмæ «Кады Нысаны» ордентæ. Гъе æмæ уыдæтты тыххæй ныффыстам нæ журналы. Эльбрусы зæрдæмæ дæр уыцы æрмæг фæцыд.

Камал мæ фыды мадырвадæлтæй иуы фыдгой кодта. Людвигмæ уый диссагау фæкаст, æмæ, ау, Музаферæн ахæм хиуæттæ дæр ис, зæгъгæ, фæкодта.

— Уæдæ Музаферы хæстæджытæй искæй адæмы мыггаг хоныс?

— Æвæццæгæн, дæхицæй дæр зæгъыс. Сиахс мын æййафыс, уый дæ ферох? Сиахсы хæдзайраг куы фæхонынц, хорз сиахсы та — æфсымæр.

Людвиг йæ мидбылты бахудт:

— Музафер, куыд тагъд ын æй афыстай?

— Уæдæ фыды мадæрвадæлты фыдгойгæнæгмæ хъусæй бирæ лæууæн ис? — дзуапп ын радтон æз.

Газет «Советская Россия», цы уыди, ахæмæй баззад, йæ номæй зæгъын. Уæдæ йæ мидис дæр, бирæтæ куыд бакодтой, афтæ нæ аивта. Куыд уыди, афтæмæй баззади, ома рæстдзинадыл йæ зæрдæ не сивта, фæлæ, стыр хъыгагæн, йæ «советон» рæстæгмæ фесæфти. Рæстæгмæ уымæн зæгъын, æмæ мæ уырны, чубайстæ æмæ абрамовичты дугæн йæ кæрон кæй ралæудзæн æмæ та мæгуыр лæджы цард йæ гаччы кæй сбаддзæн. Уый тыххæй та райхъал уæвын хъæуы. Чи цы аккаг у, уый дзурынæй фæллайгæ дæр ма бакодтам.

Афон у хъуыддагмæ рахизынæн!

Белоруссийы Президент Лукашенко саг лæг у. Йæ ныхæстæ, уæлдайдæр та — йæ хъуыддæгтæ, адæмы зæрдæмæ цæуынц, разы сты йæ митæй, фæлæ йæ ныхæстæй иуы хъуыды мæ зæрдæмæ нæ фæцыд. Сæ фысджытæ хъаст кодтой, нæ уацмыстæ, дам, мыхуырмæ зынæй хауынц. Президент сын афтæ, мæнæ, дам... æмæ цалдæр генион фыссæджы мыггæгтæ ранымадта, ахæм уацмыстæ рахæссут, æмæ сæ уадздзыстæм.

Ахæм хъуыдыйы ныхмæ бирæ æвдисæнтæ æрхæссæн ис. Фыццаджыдæр, политикон архайджытæ дæр се 'ппæт Петр I æмæ Ленинтæ не сты, фысджытæ та Пушкинтæ æмæ Толстойтæ. Алчи дæр дзы йæхи бынаты фидауы. Хæхтæ иууылдæр Хъазыбегтæ æмæ Эльбрустæ куы уаиккой, уæд хуыздæр уаид æви, ныртæккæ куыд сты, афтæмæй фидауцджындæр сты?

Мæ къах рысти, æмæ мын мæ хæлар Габанты Солтан «золотой ус» дидинæгæй конд хос радта. Фатимæ мын дзы мæ уæраг байсæрста. Иуцасдæры фæстæ мæ мæ чындз фæрсы:

— Фенцондæр дын?

— Золотой ус мын баххуыс кодта.

Нæ ныхæстæм Фатимæ хъуыста æмæ афтæ бакодта:

— Уый йын йæ сызгъæрин ус баххуыс кодта, дидинæг æнхъæл ын ма у.

Къостайы «Ирон фæндыр» уырыссаг æвзагмæ бирæ хуыздæр тæлмацгæнинаг кæй у, ууыл рагæй дзурæм, фæлæ абоны онг ницыма сарæзтам. Цыма йæ Маршак Самуилæй хуыздæр ничи стæлмац кодтаид, афтæ мæм каст. Афтæ та мæм кæсын райдыдта, Роберт Бернсы куы стæлмац кодта, уæд.

Абайты Васо фыста: «Народы с гордостью произносят имена людей, в которых с наибольшей полнотой и блеском раскрылся их национальный гений. Англичанин говорит — Шекспир. Шотландец говорит — Бернс. Немец говорит — Гёте. Итальянец говорит — Данте. Русский говорит — Пушкин.

Мы, осетины, говорим — Коста, и душа наша наполняется гордостью и трепетной любовью».

Маршак диссаджы аив сдзурын кодта шотландиаг поэты уырыссагау. Уырныдта мæ, цыма Къостайы дæр афтæ хорз ратæлмац кодтаид æмæ иу хатт мæ хъуыды Мæрзойты Сергейæн загътон. Сергей мын афтæ: уый тыххæй, дам, нæм Маршакимæ ныхас уыди æмæ мын афтæ загъы, æгæр, дам, фæзæронд дæн æмæ уыцы бæрнон хъуыддагмæ мæ ныфс нал хæссын.

Нарты кадджыты дыууæ ахæм æнгæс хабары ис. Сослан мæрдты бæстæй фæстæмæ куы здæхт, уæд ын Бедуха афтæ: «Кæд мæрдтæм цæугæ 'рбакодтай, уæд уый — дæ хъаруйы фæрцы, æндæр Хуыцауы 'вастæй мæрдтæм фæндаг никæмæн ис, нæдæр фæстæмæ мæрдты бæстæй уæлæуыл дунемæ ис цæуæн. Ды дæр иугæр мæрдтæм æрбацыдтæ, уæд дын фæстæмæ фæндаг нал ис. Фæлæ

æз мæ цæстытæ куы ’рныкъулон, уæд дæ бæхы цæфхæдтæ фæстæрдæм сагъд фестдзысты, æмæ-иу уæд цæугæ. Мæрдты адæм дæ фæсте сурдзысты, чидæр фæлидзы æмæ мах дæр лидзæм, зæгъгæ, фæлæ фæдмæ ’ркæсдзысты, æмæ мидæмæ разындзæн; мæрдтæ раздæхдзысты фæстæмæ, алчи йæ бынатмæ».

Иннæ хабар та кадæг «Уырызмæджы æнæном лæппу»-йы ис. Уым кæсæм: «Лæппуйæн йæ буар Донбеттыртæ йæ сыджытыл сæмбæлын кодтой, йæ уд та атахт мæрдты бæстæм, æмæ уыцы ран Барастыры уæрагыл уыди йæ бадæн. Хъуыдыгæнæг æй куы нæ уыди, уæд лæппу тыхсын æмæ ’нкъард кæнын байдыдта.

Уæд æй иуахæмы Барастыр фæрсы:

— Цæмæн æнкъард дæ, лæппу?

Æмæ йын лæппу зæгъы:

— Ацал-ауал азы рацыди, мæрдты бæстæм куы ’рбацыдтæн, уæдæй ардæм. Мæ фыд Уырызмæг ма æцæгæлон адæмы кой дæр кæны, фæлæ мæ кой — нæ, марды кæнд мын нæй, иннæ мæрдтæй уæлдай дзæгъæл дæн æз ацы ран. Барастыр, курын дæ — мæрдты бæстæй мæ ауадз: æз мæхæдæг куы нæ бакæнон мæхи кой, уæд мæ фыдæй рохуаты баззадтæн. Дзырд дын дæттын: афæдзы кæндæн мæ цы хъæуы, уый куыддæр ссарон мæхи фæллойæ, афтæ фæстæмæ ам æмбæлдзынæн.

— Дæ зæрдæхудт райсын мæ нæ фæнды, фæлæ уымæн фæрæз не ’рцæудзæн, — загъта Барастыр. — Куыддæр мæрдтæ уый базоной, афтæ дзы иу дæр ам нал фæлæудзæн. (Ам æппæты ахсджиагдæр у фæстаг хъуыдыйад: «...афтæ дзы иу дæр ам нал фæлæудзæн», ома суанг, дзæнæты чи ис, уыдон дæр! — **Дз. М.**)

— Уымæн дын æз амал ссардзынæн: мæ Аласайæн йæ цæфхæдтæ фæстæмæ асадздзынæн; мæрдтæ мæ фæдыл мæрдты дуармæ куы фæуой, уæд сын-иу зæгъ: «Æркæсут, æмæ кæд мæрдтæй æддæрдæм уа фæд, уæд уæ нал уромын, фæлæ, æвæдза, фæд мидæмæ у, уæд уын дзæгъæлы змæнтын, коммæ нæ кæсын аив нæу».

Барастыр сразы ис.

Лæппу Аласайæн йæ цæфхæдтæ фæстæрдæм асагъта æмæ мæрдты бæстæй рафардæг. Йæ фæдыл иннæ мæрдтæ базмæлыдысты æмæ дуармæ сарæзтой сæ ных.

— Кæдæм? — дзуры сæм дуаргæс.

– Мах дæр нал лæууæм ацы ран, кæд æмæ искæмæн ардыгæй фæндаг ис, уæд, – загъта мæрдтæ.

– Хъуыддаг уал бамбарут, стæй равзардзыстут, цы уыл æмбæлдзæн бакæнын, уый, æркæсут уал фæдмæ.

Мæрдтæ æркастысты, æмæ фæд мидæджы ’рдæм куы уыди, уæд та сæ алчидæр æрæнцад йæ бынаты».

Ацы дыууæ хабары цæуыл дзурæг сты? Æвæццæгæн, мæрдты бæсты дзæнæты дæр уæлæуон цардæй æвзæрдæр у, ома цыфæнды æвзæр цард дæр дзæнæтæй хуыздæр у. Уымæн фæзæгъынц: «Цард цæфхадæй сæфтæджы ’хсæн дæр мæлæтæй хуыздæр у».

Зыгъуытаты Русланы карикатурæтæй иуы хъуыды ахæм уыди. Лæг фæрынчын. Иуцасдæр сынтæгæй нал сыстад. Дзæбæх кæнынмæ куы хъавыди, уæд ма йæ йæ хæлæрттæй иу абæрæг кодта. Йæ фарсмæ æрбадт æмæ ныхæстæ кæнынц. Фæстагмæ йæ йе ’мбал фæрсы:

– Цал боны фæхуыссыдтæ?

Уый рабадт æмæ сынтæджы бынæй водкæйы афтид æвгтæ исынмæ фæци. Фæстаг авг куы райста, уæд афтæ:

– Аст...

Ацы хабар хуымæтæджы не ’рымысыдтæн. Æз та куы фæрынчын вæййын, уæд, цал æмдзæвгæйы ныффыстон, уый фæнымайын.

Студентæй рынчындонмæ бахаудтæн. Фыццаг курсы уыдтæн. Кæимæ ахуыр кодтон, уыдоны дæр дзæбæх нæма зыдтон, æмæ мæ цас бæрæггæнджытæ хъуамæ уыдаид?! Стæй мæм исчи цыдаид, уый дæр мæ нæ фæндыд. Фæлæ иугæр ахæм уавæры бахаудтæ, уæд дæм, рынчынфæрсджытæ цæуа, нæ цæуа, уый дæуæй аразгæ нал у. Чи дæ бабæрæг кæна, уымæн та, цæмæн мæ бабæрæг кодтай, зæгъгæ, нæ зæгъдзынæ...

Цыбыр дзырдæй, цалдæр боны фæхуыссыдтæн, афтæ мæм æрбацыд, институты, фæстаг курсы чи ахуыр кодта, ахæм уырыссаг лæппу. Дзæбæх æй зонгæ дæр нæ кодтон. Раст зæгъын хъæуы, фембæлгæйæ-иу кæрæдзийæн салам радтам, фæлæ мæ рынчыны хабар йæ зæрдæмæ афтæ арф айсдзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Куы зæгъын, дзæбæх

æй зонгæ дæр нæ кодтон. Зыдтон ма уый дæр: тынг хорз кæй ахуыр кодта, уый тыххæй иста Сталины стипенди.

Хъыгагæн ын йæ ном æмæ йæ мыггаг дæр нал хъуыды кæнын. Уæвгæ, чи зоны, ном æмæ мыггаг сæйраг не сты. Сæйраг у, стыр дамгъæтæй фыссын кæй хъæуы, уый — Хорздзинад! Уымæн та рохгæнæн нæй.

Бырус (Эльбрус) фыдуаг лæппуйыл нымад уыди. Скъолайы-иу дзы ахуыргæнджытæ арæх хъаст кодтой. Се 'хсæн-иу, ницы дæ рауайдзæн, зæгъгæ, чи дзырдта, ахæмтæ дæр уыди. Фæлæ, йæ куыст хуыздæр чи зыдта, сывæллоны зæрдæ тынгдæр чи 'нкъардта, йæ фидæныл чи 'ууæндыди, уыдон сæрæн лæппумæ кастысты æмæ сæ уырныдта, хорз фидæн æм кæй æнхъæлмæ кæсы, уый æмæ нæ фæрæдыдысты. Эльбрус скъолайы фæстæ æнтыстджынæй каст фæци медицинон институт, рауади дзы, бирæ адæмæн чи баххуыс кодта, ахæм зындгонд дохтыр, сси рынчындоны сæйраг дохтыр дæр. Ныр, дам, цы скъолайы ахуыр кодта, уым лæпптутæй исчи фыдуаг куы фæкæны, уæд æм, Эльбрусыл чи æууæндыди, уыцы ахуыргæнджытæй иу афтæ бартхъирæн кæны: «Фыдуаг митæ ма кæн, науæд дæ сæйраг дохтыр рауайдзæн!»

Ам, æвæццæгæн Жан Жак Руссойы æрымысын дæр æмбæлы: «Вам никогда не удастся создать мудрецов, если будете убивать в детях шалунов».

Хъайтыхъты Геор нæ поэттæй иумæ Къостаимæ дæс хицæндзинады ссардта æмæ-иу сæ, йæ зонгæтæй кæуыл амбæлд, уыдонæн нымайынмæ фæци. Кæддæр сæ иууылдæр зыдтон, фæлæ дзы æртæ йеддæмæ мæ бон æрымысын нал баци…

Къоста, дам, хохæй тохмæ фæцыд, Гобол та тохæй хохмæ фæлыгъд. Къоста къахæй къуылых уыд, Гобол — сæрæй! Къостамæ иу лæмæгъ æмдзæвгæ дæр нæй, Гобол та иу хорз æмдзæвгæ дæр нæма ныффыста…

Ацы фæззæг сентябры кæрон горæты уынгты фæцæуын æмæ мæ цæст æрхæцыд, фæндаджы был цы

цалдæр фæткъуы бæласы уыд, уыдоныл. Æрæджы сагъд кæй æрцыдысты, уый бæрæг уыди сæ асæй дæр, сæ быны цы фæлмæн зæхх уыди, уымæй дæр.

Фæткъуыйы талатæ уыдысты цыппар. Кæройнаджы цурмæ куы бахæццæ дæн, уæд мæ дисæн кæрон нал уыд: дыууæ къалиуыл дзы фæзынди дидинджытæ. Уæвгæ дзы уадиссагæй дæр ницы уыд. Фæззæджы фыццаг мæй хур сæрды хуызæн тавта.

Æртæ боны фæстæ та уыцы бæлæстæ бабæрæг кодтон, фæндыди мæ, цъæхæй рæгъæд талайы дидинджытæ цы баисты, уый базонын. Æрызгъæлын æнхъæл кæмæн уыдтæн, уыдон цыппар баисты. Уæллæгтæ, ома фыццæгтæ, бынтон райхæлдысты, иннæтæ, бинаг къалиутыл чи фæзынд, уыдон та райхæлынæввонг уыдысты. Сæ цуры æрлæууыдтæн æмæ сæм кæсыныл фæдæн. Хæдзары дуармæ цы сылгоймаг лæууыд, уый мæ куы ауыдта, уæд мæм дзуры: «Мах дæр сыл фæдис кодтам, афтæмæй сæ ауалдзæг ныссагътам».

Диссаг у, æвæдза, фæлмæн цæстæнгас алкæмæ дæр куыд хъары! Стæй канд хъаргæ нæ кæны, фæлæ ма хъарм цæстæнгасы руаджы, бæласы хуызæн, дидинæг æфтауынмæ дæр фæвæййы. Уæвгæ, хъарм цæстæнгастæ кæмæн ис, уыцы адæм дæр алыхуызæттæ сты, йæ роны дзы уазал дуртæ чи дары, ахæмтæ дæр ис...

Цал боны ма рацæудзæн, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ хъарм бонты фæстæ фæззыгон уазал куы ныффуттытæ кæна, уæд бæласæн хуры рæвдыд йæ фарсæй фæуыдзæн.

Мах рæстæджы диссаг цы у: диссæгтæн дзы ныккæнæн нæй, афтæмæй дзы иуыл дæр дисгæнæг нæй.

Рæдигæ чи нæ фæкодта, ахæм нæй, стæй нæй, чи нæ фæрæдидзæн, ахæм дæр. Уыдис дыууæ стыр ахуыргонды. Сæ иу дæр æмæ иннæ дæр бирæ хæрзты бацыдысты ирон адæмæн, фæлæ ныртæккæ ныхас ууыл нæ цæуы. Ныхас цæуы, дыууæйæ дæр кæй рæдыдысты, ууыл.

Иуы тыххæй иннæйы куы фарстой, уæд дзы афтæ загъта: «Цæрæнбонты дзæгъæлы æхца фæиста!»

Исты быцæйуаг фарст-иу мæм куы сæвзæрд, уæд-иу дзы дыккаджы куы фарстон, фыццагмæ та куыд у, зæгъгæ, уæд мын-иу æваст афтæ фæкодта: «Æвзæр!»

Хуыцау хорз, æмæ дыууæйæ дæр рæдигæ кодтой. Æвзæрдæр уыдаид, сæ ныхæстæ раст куы уыдаиккой, уæд.

«Мах дуг» кæцы 'взагыл цæуы, уый чи нæ зыдта, культурæйы ахæм министртæ дæр нæм уыдис.

Зæрондбæтæхъойыхъæуккæгтæ Хаджийæн хъаст кодтой, нæ кой газеттæ, радио æмæ телеуынынадæй арæх нæ вæййы, зæгъгæ. Цы сын загътаид районы разамонæг! «Зонæм æй, сгуыхт адæм стут, сымах хуызæн гыццыл хъæуæй Советон Цæдисы Хъæбатыртæ æртæ ничи радта. Хъаст кæнут, нæ кой газеттæ æмæ радиойæ никуы вæййы, зæгъгæ, æмæ цæмæй уæ кой кæнын райдайой, уый тыххæй хæст ракъахæм? Цалынмæ тохы лæгдзинад æвдисын бахъæуа, уæдмæ та уал хуыздæр кусут æмæ уæ кой дæр уыдзæни».

Такк-гукк кæйдæр ахстонмæ кæй батахт, уый диссаг нæу, диссаг уаид, йæхицæн ахстон куы скæнид, уæд...

Бынтæ дæм кæй ис, уый диссаг нæу, диссаг уыдаид, бынтæ дæхи фæллойæ куы скодтаис, уæд.

Зонгæтæ зианæй арæхдæр кæрæдзиуыл кæм фембæлынц! Къоста хуымæтæджы нæ фыста: «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр рæтты...»

Лæуууæм зианы Малиты Хаджумаримæ. Ныхæстæ кæнæм. Рауади нæм, хæсты чи фæмард, уыдоны кой. Сæ ном сын никуы ницæмæй æрхъуыды кодтой. Сæрæгасæй чи баззад, уыдон бынтон рохуаты нæ баззадысты: алы бæрæгбон дæр сæ хорзæхтыл бафты, кæмæн машинæ раттынц, кæмæн – фатер. Кæй зæгъын æй хъæуы, се 'ппæтмæ фаг хъусдард нæй, зын уавæрты дзы чи цæры, ахæмтæ дæр ма ис, фæлæ уæддæр...

Бынтон æндæр цæстæнгас ис, Райгуырæн бæсты сæрвæлтау йæ цард нывондæн чи ’рхаста, уыдонмæ. Стæй ма уый уæлæмхасæн, сывæллонæй æнæдарæгæй, сидзæрæй чи баззад, сæ уыцы цотмæ дæр. Сæ бинойнæгтæн ма цыдæр зæрдæлхæнæнтæ акæнынц, фæлæ, куы зæгъын, фыды рæвдыд чи нæ бавзæрста, бæгънæг æмæ æххормаг дуджы фыдбонтæ чи арвыста, уыдоны уавæрмæ ацал-ауал азы хъусдарæг нæма фæци, афтæмæй бонæй-бонмæ сæ нымæц къаддæргæнгæ цæуы. Рацæудзæн ма цасдæр рæстæг, æмæ, кæй кой кæнæм, уыдонæй æххуыс кæнын никæмæнуал хъæудзæн...

Мæхи тыххæй куы дзурон, уæд мæ фыд хæсты æбæрæгæй фесæфт, уый зонын, æндæр æвдисæндар, милуангай хæдзæртты куыд нæй, афтæ нæ хæдзары дæр нæй. Ау, æппæты зынаргъдæр сæм цы уыди, — сæ цард, — уый чи нæ бавгъау кодта, уыдоны номыл иу æвдисæндар рауадзын уæддæр не ’мбæлы, сæ фæдонтæ сæрыстыр цæмæй уой, фæлтæрæй-фæлтæрмæ йæ цæмæй дæттой...

О, æмæ нæм Хаджумаримæ дæр уыдæтты тыххæй ныхас куы рауади, уæд мын ахæм хабар радзырдта.

Малийы-фырт адæмы уарзон лæг у. Бирæ бæрнон бынæтты фæкуыста æмæ алы ран дæр ныууагъта фæрнæйдзаг фæд. Аргъ ын кодтой, хуымæтæг адæймаг йæ цæсты кадджын кæй уыд, лæджы уавæр бамбарыныл кæй архайдта, йæ бон æмæ йæ фадæттæ цас амыдтой, уыйбæрц хорздзинад кæнынмæ кæй тырныдта, уый тыххæй.

Иу рæстæджы куыста завод «Электроцинчы» парткомы секретарæй. Фатерхъуаг адæм уæд дæр уыдис, фæлæ тыхст адæммæ ныртæккæйы хуызæн æцæгæлон цæстæй нæ кастысты. Алы аз дæр-иу заводы кусджытæй фатертæ лæвæрд æрцыд дæсгай бинонтæй фылдæрæн. Иуахæмы фатертæ дæттыны рæстæг номхыгъд Хаджумармæ ’рбахастой. Æркаст æм æмæ дзы иу мыггаг — хахгонд. Нæлгоймаджы мыггаг уыди Гæздæнтæй. Парткомы секретарь уый æнæбафиппайгæ нæ фæци. Сбæлвырд кодта, уыцы лæппу, Гæздæнтæй хæсты цы авд æфсымæры фæмард, уыдонæй иуы фырт кæй у. Профкомы сæрдары фæрсы: «Цæмæн æй ахахх кодтат?» — «Цалдæр мæйы йеддæмæ нæма кусы». — «Æмæ кæй лæппу у, уый зоныс?» Куы йын æй загъта, уæд хорзау нал фæци.

Ныр номхыгъды бын канд профцæдисы сæрдары къухæвæрд нæ уыди, фæлæ ма директоры къухæвæрд дæр.

Уый та далæ Сыбырæй кæцæйдæр ссыд æмæ ахæм хъуыддæгтæм хъусдарæг нæ уыд, фæлæ Хаджумар йæхи фæнд атардта. Цыбыр дзырдæй, номхыгъд ногæй мыхуыр кæнын бахъуыд. Кæй зæгъын æй хъæуы, цæмæй лæппу фатер райстаид, уый тыххæй.

Æвæдза, æдзух закъоныл хæст куы уай, уæд æнæзакъон митæ бакæнæн дæр ис. Публий Теренций дыууæ мин азæй фылдæры размæ хуымæтæджы нæ загъта: «Крайнее соблюдение законности может оказаться крайним беззаконием».

Хъулаты Хъуыбадыйы фырт Сосланæй хъæздыгдæр — зæрдæйæ —Ирыстоны, чи зоны, фондз дæр нæй. Афтæ куы нæ уаид, уæд алы аз дæр сæ мыггаджы хистæртæн санаторимæ путевкæтæ не 'лхæнид æмæ дзы, йæ фæллад чи куыд уадзы, уый бæрæггæнæг хуынтимæ нæ цæуид.

Æнæниздзинад иу у, низтæн та нымæц дæр нæй. Иуы дæр дзы хорз нæ рахондзынæ. Адæймаджы дзы йе 'нусон фæндагыл чи нæ арвитдзæн, ахæм бирæ нæй. Фæлæ дзы уæддæр иутæ карздæр сты, иннæтæ — рогдæр. Лæджы уд дзы тынгдæр чи хæры, уыдоны фыццæгтимæ æз ранымаин ностальгия — райгуырæн бæстæ мысыны низ.

Райгуырæн бæстæ алкæмæн æмæ алцæмæн дæр ис. Кæрдæджы халæй райдай æмæ адæймагыл фæу. Кæрдæджы хал уымæн зæгъын, æмæ кæрдæджытæй алкæмæн дæр райгуырæн бæстæ ис. Кæрдæг, кæм нæ зайы, ома мæры хъæд ын кæм нæ бæззы, уым æй куы байтауай, уæд бахус уыдзæн. Ирон æмбисæндтæ дæр ууыл дзурæг сты: «Йæ райгуырæн бæсты чи нæ цæры, уый царды ад нæ зоны». «Лæг хъуамæ йæхи уæззæгыл райгуыра 'мæ йæ йæ фæстаджы бон йæхи уæзæгыл бавæрой». «Нарт-иу, сæхи уæзæгыл чи нæ райгуырд, уый сæхицæй нæ хуыдтой». «Лæгæн йæ цæрæн Мысыры сыджыты ад кæны».

Чехойты Сæрæбийы æмдзæвгæтæй мæ зæрдыл бирæ рæнхъытæ бадардтон. Мæ зæрдæйæн дзы адджындæр чи у, уыдонимæ сты ацы дыууæ рæнхъы дæр:

Нæй зынаргъдæр ницы
Райгуырæн бæстæй.

Зæрдæйы æнкъарагдæр уидæгтæ базмæлын кæнынц Есенин Сергейы фыст ныхæстæ:

Если крикнет рать святая:
«Кинь ты Русь, живи в раю!»
Я скажу: «Не надо рая,
Дайте Родину мою!»

Æвæццæгæн, фыссæн сис йæ къухмæ чи райста, уыдонæй Райгуырæн бæстæйы тыххæй йæ тæккæ зæрдиагдæр ныхæстæ зæгъыныл чи нæ бацархайдта, ахæм нæ разындзæн, уымæн æмæ райгуырæн бæстæйæн кæд абарæн ис, уæд æрмæстдæр ныййарæг мадимæ. «Райгуырæн бæстæ» æмæ «мад» кæрæдзийы фарсмæ куыд фидауынц, афтæ никæцы æндæр дзырдтæ фидауынц.

Горæты æртиссæдз азмæ ’ввахс цæрын, фæлæ, мæ райгуырæн хъæуы цы æвддæс азы фæцардтæн, уыдон горæты азтæй минныл дæр нæ баивин, уымæн æмæ уыдонæй мæ зæрдæ дзаг у, ахæм бынат дзы æрцахстой, æмæ йæ никæмæн ратдзысты.

Йæ райгуырæн бæстæйæ чи фæхауæггаг вæййы, уыдон, цалынмæ сæ цæст ферттивы, уæдмæ сæхи фæсмонæй хæрынæй нæ банцайынц. Кæм схъомыл сты, уыцы бынæттæ фенынмæ, сæ былыцъæрттæ хæргæйæ, сæ царды бонтæ арвитынц.

Ахæм адæм дæр ис, йæ Райгуырæн бæстæйыл чи сыстырзæрдæ вæййы, чи йæ нæ фæмысы, фыццаг къахдзæфтæ кæм акодта, уыцы зæхх фенынмæ чи нæ фæбæллы. Уыдон кæд адæм рахуыдтон, уæддæр мæм æххæст адæймæгтæ нæ кæсынц, уымæн æмæ, æмбисонды загъдау, царды ад нæ зонынц. Цард цы ад кæны, уый чи нæ зоны, уыдон та дзæгъæлы райгуырдысты.

Тæригъæддаг сты, йæ райгуырæн бæстæ мысгæйæ, мæлæт кæй уæлхъус æрбалæууы. Æлгъыстдæр æмæ æнамонддæр адæмæн скæнæн нæй, уымæн æмæ сæм хъысмæт фыдыусы цæстæй ракæсы, царды зынаргъдæр цы ис, уымæй сæ æнæхай фæкæны.

Зындгонд уырыссаг фыссæг Куприн Александр фæсарæнты дзæвгар азтæ фæци, фæлæ æппынфæстаг йæ

бæллиц сæххæст. Бантыст ын йæ райгуырæн бæстæмæ ’рбаздæхын. Мæнæ куыд фыста, йæ бæстæйæ дард куы уыди, уыцы бонты: «...Так скучаю по России... что и сказать не могу. Хотелось бы всем сердцем опять жить на своем огороде... Никогда еще, бывая за границей, я не чувствовал такого голода по родине... Я бы отдал сейчас все остающиеся мне жить часы, дни, годы и всю мою посмертную память, черт бы ее побрал, за наслаждение хоть несколько минут послушать прежний непринужденный разговор великой язычницы Марьи, жены лесника Егора на Троицком кордоне».

Ацы ныхæстæ фыссын, æмæ мæ цæстытыл уайынц мæ райгуырæн хъæуы нывтæ, нæ сыхæгтæ, нæ хæдзар, нæ кæрт, нæ цæхæрадон, Куыройыдонмæ кæсаг ахсынмæ кæуылты тахтæн, уыцы къахвæндаг... Стæй канд уыдон нæ — бирæ æндæр, зæрдæйæн адджын æмæ удæн хион нывтæ, цаутæ, хабæрттæ...

Райгуырæн бæстæ куыд зынаргъ у, уый алчидæр зоны. Бирæтæ, куыд зынаргъ у, уый зæгъгæ дæр кодтой. Йæ риуы æнкъараг зæрдæ кæмæн ис, уыдонæй алкæмæ дæр бахъардзысты зындгонд музыкалон æмæ аивадон критик Стасов Владимиры ныхæстæ. Уымæн йæ чызджы чызг Медведева Софьяйы, пъæлицæ йæ фæдыл кæй зылди, уый ахходæй Швейцаримæ алидзын бахъуыд. Стасов æм фыста: «Все мною виденные примеры доказывали мне всегда; что нельзя безнаказанно покидать навсегда Россию. Через несколько времени всегда следовало раскаяние, горькие сожаления и напрасные, запоздалые самоугрызнения, невзирая ни на какие успехи общественные, художественные, научные, а тем более — ограниченные и эгоистические семейные. Я видел, что даже великие люди (или, по крайней мере, значительные люди), например, Герцен, А. А. Иванов, кн. Кропоткин, Гоголь, Тургенев и десятки других, никогда не были довольны (после некоторого времени) долго жить за границей и жадно стремились назад в Россию, ко всему своему и всем своим. Кому из них это не удавалось, завядали, страдали и мучились долго, неизлечимо».

Туытъиаты Хъазыбег бирæ фæцард. Йæ дæс æмæ цыппарыссæдзæм азы бацыд, афтæ йæ йæ уарзон адæм афæндараст кодтой йе ’цæг дунемæ. Бирæ фæцæрын

хорз куыд нæ у, фæлæ уымæй хуыздæр та у сыгъдæгзæрдæ æмæ адæмæн уарзонæй фæцæрын. Уæвгæ, хуыздæрæй ноджы хуыздæр фæцæрæн дæр ис. Ахæм цард та батоны, йæ уарзон дзыллæйы зæрдæйы арф фæд чи ныууадзы, йæ фыды зæхх чи скадджын кæны, уыцы адæймаг. Гъе æмæ уыцы цытджын адæмы номхыгъдмæ Гуытъиаты Хъазыбеджы куы бахæссæм, уæд нæ фæрæдидзыстæм, уымæн æмæ, Хъазыбег цы удуæлдай фыдæбон фæкодта, уый адæмæй никуы ферох уыдзæн, сæ зæрдыл æй дардзысты, æххуыс сын кæндзæн, сæ фидæнмæ фæндагыл цæугæйæ.

Хъазыбег цыт æмæ кадмæ никуы бæллыд. Ницавæр ном æмæ хæрзиуæгмæ тырныдта. Кæд истæмæ бæллыди æмæ тырныдта, уæд – ирон адæмæн исты хорзы бацæуынмæ, цæмæй хъæрзынц, уымæй сæ фервæзын кæнынмæ, сæ размæ цы цæлхдуртæ лæууы, уыдон аиуфарс кæнынмæ.

Æвæццæгæн, фыдæлты туг нæ сæфы. Хъазыбеджы хæдзарвæндаг Иры историйы бæрæг дары. Цæмæй мæ хъуыдыйыл æнцондæрæй бауæндат, уый тыххæй скæндзынæн æрмæстдæр йæ фыды фыд Мысырбийы кой. Уæвгæ, ацы ном æмæ мыггаг фехъусгæйæ, бирæтæн сæ цæстытыл ауайдзæн Хетæгкаты Къостайы хуыздæр нывтæй иу – «Гуытъиаты Мысырбийы сурæт». О, уый уыди Хъазыбеджы фыды фыд. Фæлæ дзы цымæ искуы исчи йæ кой фехъуыста?! Нæ фехъуыста, уымæн æмæ Гуытъийыфырт йæ фыдæлтæн «рухсаг» дзырдта, фæлæ йæхæдæг «бæззыди».

Бирæ фæллæйттæ ныууагъта ахуыргонд йæ фæстæ. Уыдон дунейы рухс куы фениккой – кæй фендзысты, ууыл та зæрдæ дарæн ис – уæд Хъазыбеджы цард цæсты тынгдæр сахадид, ноджы зæрдиагдæрæй бацин кæниккам, ахæм стыр лæгимæ иу дуджы кæй цардыстæм, йемæ нын ныхас кæныны фадат кæй уыдис æмæ дзы бирæ ногдзинæдтæ кæй базыдтам, ууыл.

Адæймаг бирæ куы фæцæры, уæд æй бирæ фæндæгтыл ауайын бахъæуы. Уыдонæй та иу дæр лæгъз нæ вæййы, къуыппытæ æмæ дзы дзыхъхъытæ разыны, хæрдтæ æмæ дзы уырдгуытæ вæййы, уыдоны сæрты ахизынæн та лæгдзинад равдисын фæхъæуы. Хъазыбегæн сæрыстырæй йæ бон зæгъын уыд: мæхи никуы ницæмæй фæкъæмдзæстыг кодтон, мæ размæ цы хæстæ лæууыд, уыдон æххæст кæнгæйæ, мæхиуыл никуы бацауæрстон. Йæ бон зæгъын уыд,

фæлæ йын йе 'фсарм æмæ йæ уæздандзинад уый зæгъын никуы бауагътой, æмæ йын сæ мах, йæ курдиат æмæ йæ лæгдзинадæн аргъгæнджытæ, йæ бæсты зæгъæм.

Хъазыбег йæ лæгдзинадыл комдзогæй нæ рацыд, нæ райгуырæн бæстæйыл уæззау рæстæг куы скодта æмæ йæ немыцаг тыхгæнджытæй хъахъхъæнын куы хъуыд, уыцы ныфс æмæ хъару æвдисæн рæстæг дæр. Тохы быдырæй сыздæхт хъæбатырдзинадыл дзурæг хæрзиуджытимæ. Хæрзиуджытæй къаддæр кады аккаг нæ уыд, Хетæгкаты Къостайы уацмыстæ фондз томæй мыхуыры рауадзынмæ кæй бацæттæ кодта, бирæ рæдыдтæ дзы кæй сраст кодта æмæ сын бæлвырд фиппаинæгтæ кæй ныффыста, уыцы удуæлдай фæллой дæр. Стæй канд Къостайы бынтæ бабæстон кодта! Адæммæ хуыны хуызæнæй рахаста Гæдиаты Цомахъы, Хетæгкаты Дауыты, Дзанайты Иваны, Хъамбердиаты Мысосты уацмыстæ.

Уæлдай стырдæр сгуыхтыл банымаинаг у, Нарты каджытæм цы цæстуарзон æмæ хæдзардзин цæстæй акаст, уыцы хъуыддаг. Йæ бирæ азты фæллойæ рауад фондз томы. Стыр хъыгагæн дзы дунейы рухс фыццаг том йеддæмæ никæцы федта. Уый мыхуыры рацыд къорд азы размæ. Адæм цин кодтой, цы хорздзинад сæм æнхъæлмæ кæсы, ууыл. Суанг ма йæ рагагъоммæ сæдæгай рафысджытæ дæр фæцис, фæлæ сæ цин фæдзæгъæл. Фыццаг том, зæрдæ куыд æвæрдтой, афтæ афоныл рацыд, иннæтæн сæ кой, сæ хъæр дæр никæцæйуал райхъуыст... чингуыты хуызы. Хуыцау хорз, æмæ «Мах дуг» фæцарæхст, æмæ Хъазыбеджы сразы кодта йæхи орфографиимæ иннæ томтæ журналы уæддæр рауадзыныл. Фæстаг томæй фæстæмæ, иннæтимæ, ома дыккаг, æртыккаг æмæ цыппæрæм чингуытимæ адæм базонгæ сты журналы фæрцы.

Хъазыбег бæркадкъух æфсинау фембырд кодта нæ адæмы хæзнатæ — ирон æмбисæндтæ æмæ сæ бæстонгондæй рауагъта хицæн чиныгæй. Уый бирæ хæрзты бацыд, ирон дзырд йæ зæрдæмæ хæстæг кæмæн у, сфæлдыстадон куыст чидæриддæр кæны, уыдонæн се 'ппæтæн дæр. Ирон дзырд Хъазыбегæн йæхи зæрдæмæ æнæкæрон хæстæг уыд. Бирæ хъуыддæгтæ йæ тыхсын кодтой нæ растфыссынады. Йæхи фыстытæ-иу ын чи мыхуыр кодта, уыдонмæиу æрхатыди, цæмæй йын йæ растфыссынадмæ ма 'вналой. Ам уæлдай арфæйы аккаг у «Мах дуджы» редакци.

Йæ фæндоныл дыууæ никуы загъта, тарсти йæ зæрдæхудты бацæуынæй æмæ раст кодта.

Цæмæй, Хъазыбег цы 'гъдæуттыл хæст уыд, уый цæстыл иучысыл уæддæр ауайа æмæ йæ рæстдзинад бамбæрстæуа, уый тыххæй æрхæссын æмбæлы цалдæр чысыл, фæлæ бирæ цæуылдæрты дзурæг æвдисæны. Зæгъæм, Хъазыбеджы хъуыдымæ гæсгæ, фыссын хъæуы «фыдздзаг», «фыццаг» нæ фæлæ, уымæн æмæ, дам, дзырды бындур «фындз» у. Иннæ ахæм «амæттаг». Фыссын æй кодта «амæддаг», йæ бындуры «амонд» кæй ис, уый тыххæй. Æмæ ма ноджыдæр иу æвдисæн: «дыккаг». Раст, дам, æй фыссын хъæуы афтæ: «дыггаг». Уæвгæ, Хъазыбег кæй нæ рæдыд, ууыл бауæндынæн бирæ нæ хъæуы. «Дыгай», зæгъгæ, куы зæгъай, уæд сбæрæг вæййы, дывæр цавæр дамгъæ кæны, уый.

Хъазыбег йæ уды бæрц уарзта литературæ. Нæ фысджытæ йæ иу рæстæджы сæхицæн сæрдарæй хуымæтæджы нæ равзæрстой. Стæй йæхæдæг дæр фыста, кæд сæ адæмы рæгъмæ нæ хаста, уæддæр. Йæ тыхтæ фæлвæрдта тæлмац кæныныл дæр. Уæвгæ, «фæлвæрдта» зæгъын, æвæццæгæн, раст нæ уыдзæн, уымæн æмæ йæ тæлмацтæ фæлварæнтыл банымайын тæригъæд хъуыддаг уаид, алцæмæй дæр æххæст кæй сты, уымæ гæсгæ.

Мæ рæстæджы институты чи ахуыр кодта, иу ахæм чызг бирæ азты фæкуыста техникумы. Цалдæр хатты мæ йе 'ххуыс бахъуыд — мæхи нæ, фæлæ мæ зонгæты — æмæ-иу мын алы хатт дæр мæ курдиат сæххæст кодта. Иу хатт ыл чингуыты дуканийы фембæлдтæн æмæ йын ме 'мдзæвгæты æмбырдгонд балæвар кодтон. Ууыл цасдæр рæстæг рацыд, афтæ мын мæ ныв фæлгæты æвæрдæй æндæхтæй хуыдæй æрбахаста. Куы мын æй лæвæрдта, уæд йæ цæсгом фæсырх, йæ цæстытæ æруагъта...

Бирæ цæуылдæрты ахъуыды кодтон уыцы уысм. Кæд æм мæнмæ исты æнкъарæнтæ уыд, уæд æртæ азы (уый мæнæй дыууæ курсы дæлдæр уыд) иу ран куы фæцахуыр кодтам, бон цалдæр хатты куы 'мбæлдыстæм, иу æмдзæрæны куы цардыстæм, уæд йæхиуыл комдзог иу хатт уæддæр куыд никуы рацыд?! Йæ зæрдæйы цы уыд, уыдон æмбæхсын куыд бафæрæзта?!

Ноджы ма цæуыл ахъуыды кодтон... Мæ ныв мын, мæ чиныджы цы къам уыд, уый æндæхтæй куы кодта, уæд йæ бинонтæ кæм уыдысты? Йæ цот, йæ сæрыхицау? Йæ цуры кæй нæ уыдаиккой, уый бæлвырд у, уымæн æмæ...

Цæуыннæ, уый æнæзæгъгæйæ дæр бæрæг у.

Мæ зонгæ къуылых у. Æрæгæй нырмæ нæ. Куы райгуырди, уæдæй нырмæ. Æрæджы мæ йæ ныхæстæ дисы бафтыдтой. Ныронг, дам, къуылых кæй дæн, уымæ хъус никуы 'рдардтон. Цыма иннæты хуызæн æз дæр æнæцудгæйæ цæуын, афтæ мæм каст. Ныр, мæ синтæ риссын куы байдыдтой, уæд мæм бахъардта, мæ иу къах иннæмæй бирæ цыбырдæр кæй у, уый...

Цæмæндæр гæсгæ мæм мæ зонгæ амондджын фæкаст: цыппарыссæдз азмæ æввахс къуылыхæй фæцу æмæ йæ ацал-ауал азы ма бафиппай, дæхицæн æнæсахъат æнхъæл у!

...Фысджыты иу æмбырды поэты лæмæгъ æмдзæвгæйы кой рауад. Чи йæ фаудта, уый ма йæ хъæрæй дæр бакаст, цæмæй йын йæ ныхæсты æцæгдзинадыл иннæтæ дæр бауæндой. Каст куы фæци, уæд йæ ныффыссæг фæгæпп ласта, йæ армытъæпæнтæ кæрæдзиуыл æрцæвгæйæ, фæхъæр кодта: «Тынг хорз æмдзæвгæ у! Цы фау æм æрхæсдзынæ?!»

Ахъуыдыгæнгæйæ, йæ сахъат, йæ аипп чи не 'мбары, уыдонæй алчи тæхудиаг нæу... Ис дзы, рынчын рахонæн кæмæн ис, ахæмтæ дæр!

Камалимæ алы райсом дæр Терчы был вæййæм. Хуытиты Таймураз æмæ Цыбырты Людвиг дæр. Камалæн йæ уæнгтæивазæн змæлдтытæ æрдæгконд дæр нæма вæййынц, афтæ Таймураз æмæ Людвиг уайтагъд сæхи цæуынмæ рарæвдз кæнынц. Иу райсом сæм Камал нал фæлæууыд æмæ сын уыцы хъуыддаг сæ цæстмæ бадардта:

– Сымах уæ къухтæ цалдæр тылды акæнут, уæхи турникыл ацауындзут æмæ цæуынмæ фæвæййут. Æз фефсæрмы вæййын, мæ упражненитæ æрдæгкондæй фæуадзын æмæ сымахимæ мæхи цæуæг акæнын.

Æфсармы кой айхъусгæйæ, Камал бæтæхъойыхъæуккаг кæй у, уый мæ зæрдыл æрбалæууыд æмæ йын афтæ бакодтон:

– Мæнмæ гæсгæ, бæтæхъойыхъæуккаг æмæ æфсарм, уартæ бирæгъимæ хидыл куы фембæлдысты, уæдæй нырмæ хыл сты.

Афтæ мæм кæсы, цыма, Чехойты Сæрæбийы иунæг хатт дæр чи федта, уый йæ никуыуал ферох кæндзæн. Йæ зæрдыл дардзæн, канд йæ фæлгонц нæ, фæлæ йæ ныхæстæ, йæ зæрдæхæлардзинад, йæ уæздан æмæ рухс цæстæнгас. Æцæгæйдæр, Сæрæби адæмæн уарзон адæймаг уыд, уымæн æмæ адæмы йæхæдæг дæр бирæ уарзта. Искуы искæй зæрдæхудты бацыд, уый æнхъæл нæ дæн. Кæимæ-иу базонгæ, уыдонæн-иу сæ фылдæр систы йæ хæлæрттæ, кæрæдзимæ-иу хионы цæстæй кæсын райдыдтой. Ноджы ма-иу йе сфæлдыстадимæ куы базонгæ сты, уæд та-иу се 'хсæн уæлдай хæлардæр ахастдзинæдтæ сæвзæрд.

Сæрæбийы бирæтæ зыдтой, уымæн æмæ йын æнæ адæмæй цард ад нæ кодта. Кæд истæмæй хъæздыг уыди, уæд – уарзондзинадæй: йæ райгуырæн зæхмæ, йæ уарзон дзыллæмæ, йæ кæсджытæм:

Ис амонд адæмы æхсæн,
Уый мах нæ иудзинадæй хатæм.
Æз уымæй амондджын куы дæн,
Кæй ысты амондджын нæ адæм.

Лæг цардæй хæс фæдары, хæс,
Æмæ æз бузныг дæн гъе уымæй,
Кæй цæрын адæмимæ æз,
Кæй цæрынц адæм дæр мæнимæ.

Поэт-иу цыфæнды æнæзонгæ ранмæ куы бахауд, уæддæр ын-иу уайтæккæ ныхасгæнæг æмбал фæзынд. Цыбыр рæстæгмæ-иу кæрæдзийы афтæ хорз бамбæрстой, æмæ-иу дыккаг хатт куынæуал фембæлдысты, уæддæр-иу æй йæ ног зонгæ йæ зæрдыл бадардта, Сæрæбийы сурæт-иу цæрæнбонты йæ цæстыты нывгондæй баззад. Мæ ныхæсты рæстдзинадæн æвдисæнтæ абон дæр, ома Чехойы-фырт йе

’нусон фæндагыл куы ацыд, ууыл дыууиссæдз азæй фылдæр куы рацыд, уæд дæр æнцон ссарæн у…

Æнамонд хъуыддаджы фæдыл Бæрæгъуыны мæ хуыздæр хæлар Лолаты Хадзыбийы хæдзары сæмбæлдтæн. Йæ хистæр хо Райæ дæр – мустыздæхаг Хъæдохты Ильяйы бинойнаг – уым хъуамæ куыннæ уыдаид! Нæхимæ цæуынмæ куы хъавыдтæн, уæд мæ Райæ фæурæдта. Чысыл мæм фæгæдзæ кæн, зæгъгæ, мын загъта æмæ, цалынмæ хæдзармæ цыд æмæ фæстæмæ здæхт, уæдмæ йæм кæрты банхъæлмæ кастæн.

– Мæнæ ацы фыстытæ мæ ходыгъды фæстæ баззадысты, – загъта Райæ æмæ мæм радта, рæстæг йæ бур фæд кæуыл ныууагъта, къорд ахæм сыфы. – Бæрæгъуыны ног скъолайы кой дæр дзы ис, æмæ уый дæу йеддæмæ чи хъуамæ ныффыстаид?!

Куыддæр фыццаг сыфмæ ’ркастæн, афтæ Сæрæбийы къухфыст базыдтон. Уымæй размæ йыл иу æмæ дыууæ хатты, мыййаг, нæ сæмбæлдтæн. Хорз зыдтон, канд Сæрæбийы къухвæд нæ, фæлæ, зæгъæн ис, æмæ, газетмæ арæх чи фыста, уыдонæй алкæй къухфыст дæр, уымæн æмæ «Рæстдзинад»-ы иуæндæс азæй фылдæр бакуыстон. Уæдæ уый фæстæ дæр мæ фæллойадон архайд фылдæр мыхуыры оргæнты уыд.

Сæрæбийы кой кæнгæйæ, мæ зæрдыл æндæр хабар æрбалæууыд. Цæвиттон, «Рæстдзинад»-æй æндæр куыстмæ цæуынмæ куы хъавыдтæн (1971 азы мæ снысан кодтой газет «Молодой коммунист»-ы редакторæй), уæд мæ гæххæттыты æхсæнæй рахауд иу æмдзæвгæйы къухфыст. Йæ авторы ном дзы нæ уыд, фæлæ йæ æз уайтæккæ дæр базыдтон – Дзугаты Хаджумар. Уæд Дзугайы-фырт æгас нал уыд, æмæ æмдзæвгæйæн фесæфынæй фæтарстæн. Цы йын бакæнон, зæгъгæ, бирæ рахъуыды-бахъуыды фæкодтон æмæ æппынфæстаг æрцыдтæн ахæм уынаффæмæ: йæ хистæр æфсымæр, зындгонд фыссæг Георги цæры Чъребайы, æмæ йæ уымæ арвитон.

Ныффыстон æм фыстæг, æмдзæвгæйы къухфыст дæр йемæ, афтæмæй. Бирæ рæстæг нæ рацыд, афтæ Георгийæ дзуапп райстон. Уый куыд фыста, афтæмæй æмдзæвгæ æцæгæйдæр уыди йе ’фсымæр Хаджумары фыст (Хаджумар, кæд ма исты зонын, уæд Мæздæджы районы кæцыдæр хъæуы цард, æнхъæлдæн, Винограднæйы). Раст ын

уыцы рæстæг Хуссар Ирыстоны чингуыты рауагъдад мыхуырмæ цæттæ кодта йæ чиныг, æмæ йæм Георги уыцы æмдзæвгæ дæр бахаста. Чиныг куы рацыд, уæд мын æй рарвыста ахæм фыстимæ: «Мæнæ дын уыцы мæгуыр лæппуйы чиныг».

Куы зæгъын, Ирыстоны дыууæ-æртæ хатты газет «Рæстдзинад»-мæ чи ныффыста, уыдоны къухфыстытæй мын амонын никæцыйы хъуыд, уæлдайдæр та Сæрæбийы къухфыст. Æгас ма куы уыди, уæд дæр мыл цæмæдæр гæсгæ йæ зæрдæ дардта. Мæлæты кой-иу æм куы рауад, уæд-иу æдзухдæр йæ фыстыты сагъæс кодта. Ды, дам, мын сæ куы нæ бабæстон кæнай, уæд фесæфдзысты — æнæмыхуыргонд æмдзæвгæтæ йæм дзæвгар уыди, уыдонимæ йе 'мдзæвгæтæй фыст роман «Цæр!» (хъыгагæн, уымæн абон дæр йе 'ртыццаг хай йеддæмæ поэзиуарзджытæн зындгонд нæу). Йæ уыцы ныхæстæ мæ рох никуы уыдысты æмæ йын йæ чиныг разныхасимæ мыхуырмæ бацæттæ кодтон: 1993 азы рауагъдад «Ир»-ы дунейы рухс федта…

Уайтагъд сыфтæ фæлдахынмæ фæдæн. Иууылдæр уыдысты иу къухæй фыст. Сæрæбийы почерк никæцы æндæр почеркимæ фемхæццæгæнæн ис. Æз æппындæр нæ фæдызæрдыг дæн, æмдзæвгæтæ Сæрæбийы къухæй фыст кæй сты, ууыл. Тагъд-тагъд сæ куы акастæн, уæд мæ бауырныдта, канд йæ къухæй фыст кæй не сты, фæлæ ма сæ хъуыды дæр йæхæдæг кæй æркодта. Ууыл мæ бауæндын кодта йæ хъуыдыйæдты арæзт, йæ рифмæты азæлд, йæ дæсныдзинад. Æз уыцы-иу рæстæг кодтон цин дæр æмæ дис дæр. Цин кодтон, Сæрæбиимæ ма ноджыдæр иу хатт кæй фембæлдтæн, ууыл. Дис та кодтон дыууæ хъуыддагыл: куыд бахаудысты Хъæдохты Мариямæ поэты æмдзæвгæтæ, стæй уыцы уацмыстæй иу дæр йæ чингуытæй куыд никæцыйы разынд?

Сæрæбийы æмдзæвгæты тæккæ æххæстдæр æмбырдгонд мыхуырмæ куы цæттæ кодтон, уæд, кæй зæгъын æй хъæуы, йе 'ппæт фыстытæ дæр бакастæн, фæлæ мæм Лолаты Райæ цы дæс æмдзæвгæйы радта, уыдонæй дзы иуыл дæр нæ сæмбæлдтæн. Æвæдза, адæм алыхуызæттæ сты. Ацы хабæрттæ фысгæйæ ма мæ зæрдыл ноджыдæр иу цау æрлæууыд…

Мæ хъæукказ Хъаммæрзаты Алиханы ном йæ заманы зындгонд уыди. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыр кодта газеттæ

æмæ журналты. Куыд дзурынц, афтæмæй йæ иуæй-иу уацмыстæ хаст æрцыдысты ахуыргæнæн чингуытæм дæр. Алихан куы амард – цæргæ та бирæ нæ фæкодта – уæд, дам, ын сыхæгты устытæй æви йæ хæстæджытæй чидæр йæ фыстытыл арт бандзæрста, адоны тыххæй, дам, йæ уд бахордта...

Бынтон æндæр зондыл хæст разынд Райæ. Йæ ходыгъды дзаумæттимæ æфснайдæй цы къухфыст ссардта, уый бырæттæм æппарыныл нæ фæци, фæлæ, цæмæй ма фесæфа, ууыл бацархайдта, æмæ йын адæймаг бузныг куыннæ хъуамæ зæгъа?! Райæ, ды тынг æрхъуыдыджын разындтæ. Сæфын нæ бауагътай нæ хъæуккаджы фæллæйттæ, æмæ дыл цардаудæн кæнæд! Сæрæби Ирыстонæн бирæ хорздзинæдты бацыд, ды та Сæрæбийæн балæггад кодтай, дæ фæрцы поэзиуарзджытæм фæхæццæ сты йæ хъуыдытæ, æмæ дæ ардыгæй фæстæмæ дæр æрхъуыдыйы фæрцы мацы аирвæзæд!

Сæрæби адæмимæ куыд цард, уымæн ма ноджыдæр иу æвдисæн.

Зындгонд куыд у, афтæмæй поэт йе ’ртæ ’фсымæры хуызæн (иу дæр дзы фæстæмæ нал раздæхт) хъæбатырæй хæцыди немыцаг тыхгæнджытимæ. Тохы быдырæй цæфтæ æмæ æрдæгарыдæй куы сыздæхт, уæд æй дамдумгæнджыты ардыдæй Сыбыры бинаг къæй балæууын кодтой. Авд азы æнаххосæй фæбадыны фæстæ йæ райгуырæн бæстæмæ куы ссыд, уæд иу заман царди уæды Хетæгкаты Къостайы районы Мамысоны хъæуы. Уым йæ бинойнаг Ленæ куыста астæуккаг скъолайы ахуыргæнæгæй. Уым базонгæ фидæны режиссер, Цæгат Ирыстоны аивæдты сгуыхт архайæг Гайты Михалимæ дæр.

Уæд Гайы-фырт ахуыр кодта астæуккаг скъолайы. Æмдзæвгæтæ фыссы, уый поэты хъусыл куы ’рцыд, уæд æй бацагуырдта. Базонгæ сты æмæ уæдæй йæ амæлæты бонмæ хæларæй фæцардысты. Кæд дзы Михал бирæ кæстæр уыд æмæ кæд Михалæн, йæхи загъдау, фыдæн бæззыд, уæддæр æфсымæрты хуызæн лымæнæй цардысты. Михал куыд дзырдта, афтæмæй-иу Сæрæби ног æмдзæвгæ куы ныффыста, уæд-иу фылдæр хæттыты йемæ йæ кæстæр хæлары дæр базонгæ кодта, хаттæй-хатт та-иу ын йæ къухфыст дæр лæвары хуызы радта. Иу æмдзæвгæ ма дзы Михалы архивы разынд, æмæ мæм æй æрбахаста. Æмдзæвгæйы кæрон ис

ахæм фыст: «Красногор. 31/X-54». Уый бынмæ та: «Ме 'рдхорд Мишæйæн Сæрæбийæ. 24/X-1956 аз». Ацы æмдзæвгæ дæр мыхуыры никуыма уыдис.

Лолаты Райæ мæм цы дæс æмдзæвгæйы радта, стæй, Сæрæби йæхæдæг Гайты Михалæн, «Дæ райсом хорз!», зæгъгæ, цы 'мдзæвгæйы къухфыст балæвар кодта, уыдон иууылдæр мыхуыргонд æрцыдысты «Рæстдзинад»-ы.

Къух бакæнæн кæмæ ис, ахæм æмбисæндтыл дæр адæймаг сæмбæлы. Уырыссæгтæ арæх афтæ фæзæгъынц: «Спасение утопающих дело рук самих утопающих». Дæлдон куы кæнат, уæд, дам, дæ ирвæзынгæнджытæ дæхи къухтæ сты.

Бирæ азты размæ улæфыдтæн Сау денджызы был. Уыди асæст бон. Знæт уылæнтæ лæбурдтой былгæрæттæм. Фысджыты сфæлдыстадон хæдзар тæккæ былгæрон уыд, æмæ дыккаг уæладзыгæй кастæн, урсбарц уылæнтæ кæрæдзийы фæдыл дугъы куыд уадысты, уымæ. Знон дæр ма, къах æрæвæрæн дæр кæм нæ уыд, уыцы былгæрон сидзæрæй лæууыд. Æрмæст цалдæр лæппуйæ, кæд хур нæ касти, уæддæр æрдæгбæгънæгæй бакъорд сты æмæ къамæй хъазыдысты. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу дзы иу кæнæ дыууæйæ – æвæццæгæн-иу чи фембылд, уыдон, – фестадысты, знæт уылæнтæм-иу сæхи баппæрстой, аленчытæ-иу кодтой æмæ та-иу фæстæмæ се 'мбæлтты раз æрбадтысты.

Мæхицæй бæгуылæг ацарæзтон æмæ сæ бафæзмыдтон. Бафæзмыдтон сæ иуæрдæм: уыдон-иу донмæ сæхи баппæрстой æмæ-иу фæстæмæ æрбаленк кодтой. Æз дæр мидæмæ, ома денджызмæ, бахызтæн, фæлæ мæ уылæнтæ фæстæмæ нал æмæ нал уагътой. Цыфæнды худинаг кæд уыди, уæддæр хъæр кæнын райдыдтон, фервæзын мæ кæнут, зæгъгæ. Лæппутæ дыууæйæ мæ фæйнæфарс февзæрдысты æмæ мæ уайтагъд былгæрон балæууын кодтой...

Дæлдонгæнæджы къу́хтæ фервæзын кæнынц. Æрмæст алы хатт йæхи къухтæ нæ. Мæнæн уыцы Хуыцауы сконд дыууæ арзамасаг лæппуйы къухтæ куы нæ уыдаиккой, уæд мæхиуæтты бон ницуал бауыдаид.

Уæвгæ мæ бын дæр арзамасæгтæ фæцæйкодтой: уыцы асæст бон сæ найгæ куы нæ федтаин, уæд мæхи зæрды абухгæ денджызы баленк кæнын не 'рæфтыдаид.

Зæрондæй былысчъилтæ чи кæны, уый æрыгонæй дæр æнæрвæссон кæй уыдаид, уый дызæрдыггаг никæмæ фæкæсдзæн... Лæппутæ ма куы уыдыстæм, уæд-иу иу ме 'мгары куы бафарстон, – æрыгон уыдаид, æви хистæр, – куыд фыссы, зæгъгæ: никуы никæмæй-иу раппæлыд. Æнæмæнг-иу æм исты аипп ссардта. Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй, йæхицæй стырдæр аргъ чи никæмæн кодта, уый канд зынæрвæссон нæ уыд, фæлæ ма æдзæстуарзон æмæ хæлæггæнаг дæр.

Не 'мбæлттæй чидæр ног чиныг рауагъта, æмæ йæ хæлæггæнагæн аппæлыдтæн. Уый æваст афтæ куы фæкæнид:

– Ног æмдзæвгæты чиныг?

О, зæгъгæ, йын куы загътон, уæд йæ цæсгом фæтар...

Цы бамбарын ма мын хъуыд, æхсызгон ын кæй нæ уыд.

Мæ хъæуккаг поэт Тохты Иван дыууæ 'мæ ссæдзаздзыдæй уæззау низы ахæсты бахауд æмæ сынтæгæй арæх нал хызт. Кæд æй йæ астæуæй стасæн нал уыд, йæ къæхтæ йæ коммæ хорз нал кастысты, уæддæр-иу æй хъуыддæгты фæдыл горæтмæ цæуын бахъуыд. Арæхдæр Фысджыты цæдисмæ.

Иуахæмы та горæтмæ сæфтыди. Схызтыстæм дыккаг уæладзыгмæ (уæд Фысджыты цæдис, ныртæккæ профцæдистæ кæм сты, уыцы хæдзары уыд). Фæцæуæм æртæйæ: Фысджыты цæдисы уæды сæрдар Г. (тыргъы хæрхæмбæлд фестæм), Иван æмæ æз. Иу заман Иван, Г.-мæ скæсгæйæ, афтæ куы бакæнид:

– Дæ къæхтæ 'мæ мæ мæхи сæр куы уаид...

Г. йæ кæнæ хъусгæ нæ фæкодта, кæнæ та йæ ныхас дарддæр ахæццæ кæнын нæ бафæндыд...

Мæ хистæр æмбал Хъазыбег хæларзæрдæ адæймаг уыд. Институты иу рæстæджы ахуыр кодтам. Уый фæуынмæ куы хъавыд, æз та уæд бацыдтæн ахуырмæ. Кæд афæдз йеддæмæ зонгæ нæ уыдыстæм, стæй кæд мæнæй дзæвгар хистæр уыд, уæддæр бахæлар стæм. Нæ хæлардзинад фæстæдæр ноджы фæтыхджындæр. Рухсаг уæд, цалдæр азы размæ цардæй ахицæн.

Куы йæ æрымысын, уæд, фыццаджыдæр, йæ мидбылты худт ауайы мæ цæстыл. Хъуызгæ мидбылты худт кæй фæхонынц, уый хуызæн-иу мæм каст, исты худæджы хабар-иу куы дзырдта, уæд.

Иу хатт ын не 'мбæлттæй хъазгæйæ иу афтæ: «Куы амæлон, уæд мын цы фæуыдзынæ?» — «Цы дын фæуыдзынæн? Чырыны уæлгоммæ дæ къухтæ дæ риуыл æвæрдæй хуысдзынæ, æмæ дын туман дæ армытъæпæны атъысдзынæн».

Людвиджы куы базыдтон, уæдæй нырмæ цæуы æртиссæдз азмæ æввахс. Алы бон дæр æмбæлын куы райдыдтам æмæ бынтон куы бахæлар стæм, уæдæй нырмæ дæр чысыл рæстæг нæ рацыд. Исчи мæ куы бафæрсид, йæ миниуджытæн сæ тæккæ сæйрагдæр цы у, зæгъгæ, уæд зæгъин: хæдæфсармдзинад. Хæдæфсармдзинадимæ та бирæ æндæр хорз миниуджытæ баст сты, æмæ уыдонæй се 'ппæтæй дæр Дунескæнæг дзадджын хай бакодта Цыбыры-фыртæн.

Цыппарыссæдз азы кæуыл рацæуы, уый æрыгон ничиуал фæхоны, фæлæ цыма Людвиг йæ азты уæз не 'нкъары, афтæ мæм кæсы. Æппæты фыццаг та, йæ куыстхъомдзинадыл æппындæр кæй никæцырдыгæй фæзынд, уымæн. Æрыгонæй куыд æнæзивæг уыд, афтæ æнæзивæг у абон дæр. Кусы, фæллад нæ зонгæйæ. Афтæ куы зæгъон, йæ бонтæй иу дæр æвдæлон никæцыма уыд, зæгъгæ, уæд нæ фæрæдидзынæн, уымæн æмæ уый æцæгдзинад у.

Людвиг адæмимæ цæрæг лæг у. Йæ зонгæтæ æмæ хæлæрттæн нымæц дæр нæй. Уыдон канд Ирыстоны цæрджытæ не сты. Йемæ хæларæй кæй цæрынц, уымæй сæрыстыр сты Цæгат Кавказы, — Цæгат Кавказы цæмæн? — æппæт Кавказы бирæ ахуыргæндтæ æмæ æхсæнадон кусджытæ.

Фыдæлтæй ахæм ныхас баззад: лæг адæмæй хæс дары. Уыцы зонды ныхæстæ Людвигæй рох никуы уыдысты. Рох нæ, фæлæ ахæм хæс æххæст кæнын нымайы йæ царды сæйрагдæр нысантæй иуыл. Цал æмæ цал адæймаджы бахъуыд йе 'ххуыс! Цымæ искуы искæй æнæ дзуаппæй рарвыста? Йæ бон цы уыди, уымæй йын нæ баххуыс код-

та? Ахæм адæймаг разына, уый мæ нæ уырны, уымæн æмæ зонын, искæмæ йе уæхск бадарын йæ удæн цас æхсызгондзинад æрхæссы, уый.

Людвиг мын йæ хæдæфсармдзинад æмæ фæллойуарзондзинадæй мæ зæрдыл лæууын кæны дзæнæты бадинаг Абайты Васойы. Хæларæй хуымæтæджы нæ цардысты. Афтæ мæм кæсы, цыма цытджын ахуыргондимæ дзæвгар азты зонгæ кæй уыдис, уый йыл хорзæрдæм бирæ цæмæйдæрты фæзынди.

Цыбыры-фырт хæлардзинадæн стыр аргъ кæй кæны, уый бирæ хæттыты равдыста. Кæд стыр æмæ бæрнон бынæтты куыста, уæддæр уыцы хуымæтæгæй баззад. Йæ зæрдæйыуаг никæмæ фендæрхуызон, йæ къæлæтджын цыфæнды бæрзонд куы уыди, уæд дæр. Зонджын адæмæй чидæр афтæ загъта: «Друг, достигший власти, – потерянный друг». Ацы ныхæстæ кæд цыфæнды раст сты, уæддæр Людвигмæ нæ хауынц, уымæн æмæ, стыр бынаты уæвгæйæ дæр, йæ хæлæрттæй æндæрхуызон цæстæй никуы никæмæ ракаст, йæ зæрдæйыуаг дзы никуы никæмæ аивта. Цæмæй мæ ныхæсты рæстдзинадыл бауæндат, уый тыххæй æрхæсдзынæн æрмæстдæр иу дæнцæг.

Людвигимæ педагогон институты ахуыр кодта зындгонд ирон фыссæг Боциты Бароны фырт Юри. Уыимæ хуымæтæджы æмкурсонтæ нæ уыдысты, фæлæ уыдысты æнгом хæлæрттæ. Юри йæ фыды фарн мæрдтæм цæуын нæ бауагъта: фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, повесттæ. Уагъта чингуытæ, фæлæ йæ хъысмæт зæрдæзæгъгæ нæ рауад: афоныл ын хъуыддаг кæнын нæ бантыст æмæ иунæгæй баззад. Йæ фæстаг бонтæ зæрæдты хæдзары æрвитгæ 'рцыдысты. Уыцы уавæры йæ Людвиг рохуаты никуы ныууагъта. Бæрæг æй кодта рæстæгæй-рæстæгмæ, æххуыс ын кодта, йæ бон цæмæй уыд, уымæй.

Йæ пенси чысыл кæй у, уый куы базыдта, уæд хицауадмæ писмо ныффыста, цæмæй йын æй фæфылдæр кæной, уый тыххæй. Йæ курдиат ын æнæ дзуаппæй нæ ныууагъта уæды хицауады сæрдары фыццаг хæдивæг Хацъæты Олег, æмæ йын йæ пенсийыл бафтыдтой.

2009 азы июлы мæй Боциты Юри цардæй ахицæн. Мæгуыр лæджы зианы бирæ адæм нæ вæййы, фæлæ, Юрийæн фæстаг фæндараст зæгъынмæ чи 'рцыд æмæ йын

фæндараст чи загъта, уыдонимæ уыди йæ хуыздæр хæлар, институт сырх дипломимæ каст кæимæ фæци, Цыбырты уыцы Людвиг дæр.

Афтæ мæм кæсы, цыма æндæрхуызон Людвигæй Цыбыры-фырты никуы ничи базондзæн. Стæй мæм хуымætæджы афтæ нæ кæсы.

Мæ зонгæ мын хъаст кодта, горæты хæдзар саразын мæ бон у, фæлæ йæ кæм саразон, ахæм зæхх, цас ын æмбæлы, ахæм аргъæй, кæм мæ фæнды, уым балхæнын мæ бон нæу. Раздæр та кæм сарæзтаид, уый уыди, фæлæ йæ къух нæ амыдта. Фæрсы мæ, уыцы уавæртæй, дам, хуыздæр кæцы у. Мæнмæ гæсгæ, фыццаг, уымæн æмæ, цæмæй саразай, уый куы уа, фæлæ йын бындур кæм æрæвæрай, уый куы нæ уа, уæд, цæмæй саразай, уыцы æхцайæ хæдзар балхæнæн ис.

Мæ ’мдзæвгæ «Мæт» (ис ма йын дыккаг ном дæр — «Куы мын бахизай кæйдæр къæсæрæй...») куы ныффыстон, уæдæй нырмæ дыууиссæдз азæй фылдæр цæуы, Мыстулаты Ирæ дзы зарæг куы сарæзта æмæ йæ Баллаты Валодя куы азарыд, ууыл дæр — уымæ æввахс. Уæдæй нырмæ йæ зарынц. Ахæм концерт, чындзæхсæв, чындзхаст æмæ куывд стæм вæййы, кæм нæ райхъуысы. Зарынц æй алыхуызон ансамбльтæ, профессионалон æмæ хæдахуыр артисттæ.

Куыд бамбæрстон, афтæмæй адæмы зæрдæмæ цæуы. Цæуы мæ хорз æрдхорд, зындгонд дохтыр, уыцы-иу рæстæг сæйраг дохтыр Уарзиаты Аркадийы зæрдæмæ дæр. Уый базыдтой, чи йæ фæзары, уыдоны хуызæн, чи йæм фæхъусы, уыдонæй дæр чидæртæ. Суанг ма радиойы кусджытæ дæр. Сæрмагондæй дзы Аркадийы ном куы ссарынц, ахæм бонтæ дæр, дам, скæны. Фæлæ ацы зарæг алкæмæн æдзух цины хос нæ фæвæййы.

Аркади мын ахæм хабар радзырдта. Иу хатт иу чындзæхсæвы фæйнæ рæтты бадтысты дыууæ сылгоймаджы. Сæ дыууæ дæр — йæ зонгæтæ. Аркади дæр, чындзæхсæвы кæй ис, уый федтой. Циндзинад йæ тæмæны куы бацыд æмæ оркестр куы ’рцагъта, уæд Уарзийы-фырты зонгæтæй

иу заказ скодта дохтыры уарзон зарæг. Концерт чи амыдта, уый адæмæн фехъусын кодта, ахæм æмæ ахæм зарæгæй арфæ кæны Уарзиаты Аркадийæн, зæгъгæ. Уыцы ныхæстæ фехъуысты иннæ сылгоймаг, бацыд æмæ заказгæнæджы уайдзæфты бын фæкодта: «Уыцы зарæг ма, æз æмæ Аркади кæм уæм, уым куы азарын кæнай, уæд дæ мастæй дæ дыууæ хъусмæ скæндзынæн!..»

Арæх мæ бафæрсынц, ахæм æнкъарæнтæ дæм чи райгуырын кодта, уый цавæр чызг уыди, зæгъгæ. Фыццаджыдæр, автор йæ уацмысты цы фæфыссы, — суанг йæхи номæй куы фæдзуры, уæд дæр — уый афтæ нæ амоны, æмæ, цыдæриддæр февдисы, уыдон æнæмæнг йæхи царды æрцыдысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, спайда кæны, йæхæдæг цы федта, цы фехъуыста, цы бавзæрста, ахæм цаутæ, хабæрттæ æмæ нывтæй дæр. Уый гæнæн нæй, æмæ, кæйдæр цард æвдисгæйæ, йæхи фæлтæрддзинады иуфæрсты ахиза, йæ уацмысы архайджытæн йæхи зæрдæйыуаг, бæллицтæ æмæ тырнындзинæдтæй ма фæхай кæна...

Уæдæ афтæ. Уыдис цыппæрдæс æмæ ссæдзаздзыд усгур лæппу. Уый æнæнхъæлæджы проспекты фембæлд, фыццаг бакастæй йæ уацары кæмæн бахауд, ахæм нудæсаздзыд чызгыл. Куыд бамбæрстат, афтæмæй лæппу чызгæй уыди фынддæс азы хистæр. Фæстæдæр, куы базонгæ сты, уæд уыцы фынддæс азы сæ разы æрлæууыдысты, йæ сæрты ахизын кæмæн нæ бафæрæзтой, ахæм цæлхдур. Уæвгæ, сæ дыууæйæн нæ — цæлхдур бахъыгдардта æрмæстдæр лæппуйы. Цыбыр дзырдæй, дыууæ уды кæд кæрæдзийы бамбæрстой, уæддæр хъысмæты афтæ бафæндыд, æмæ зарæджы куыд у, афтæ, лæппу цæмæй тарст, уый æрцыд: чызг... кæйдæр къæсæрæй бахызт. Æркуыывта, фыццаг лæппуйы карæн чи уыд, ахæмы хæдзармæ. Иуæн амонд цы 'рхаста, уый иннæмæн фæци сагъæс æмæ мæты хос. Фæлæ царды йæ кæнонтæн æнæ кæнгæ кæм уыди! Бинонты хъуыддаг бакодта иннæ дæр. Сæ дыууæйæн дæр фæзынди кæстæртæ, суанг ма кæстæры кæстæртæ дæр.

Куыд загътон, афтæмæй зарæджы райгуырдыл дыууиссæдз азæй фылдæр рацыд, ома, куы фæзынд, уæд, кæй фæрцы равзæрд, ууыл цас цыд, уымæй дыууæ хатты фæхистæр.

Стыр хъыгагæн, цалдæр мæйы размæ йæ зæххон фæндагыл цыд фæци, кæддæр йæ рæсугъддзинадæй йæхимæ

адæмы чи кæсын кодта, базырджын чи сси, зæрдæты рæсугъд æнкъарæнтæ чи гуырын кæны, ахæм зарæг йæ фæстæ чи ныууагъта, уыцы сылгоймаг...

Дохтыр рынчыны фервæзын кодта. Зæронд уыди, йæ къæхтыл слæууын æнхъæлмæ йæм ничиуал каст, фæлæ Хуыцау дохтырæн æххуыс кодта, дохтыр та – зæронд лæгæн, æмæ фервæзт. Йæ низæй фервæзт, уый йæ куы бауырныдта, уæд æй бафæндыд уыцы хъуыддаг сбæрæг кæнын. Йæ дохтырмæ фæдзырдта, кæй мæ фервæзын кодтай, уый тыххæй куывд кæнын æмæ дæ, кæимæ фæнды, уыдонимæ хуыцаубоны мæ хæдзармæ хонын, зæгъгæ.

Дохтыр дæрдтыл нæ авнæлдта, йæ дыууæ 'мбалимæ, кæдæм ын загътой, уырдæм æрбацыд. Сæ уынгмæ куы ныххæццæ сты, уæд сæ дуармæ адæмы æмызмæлд кæнгæ ныййæфтой. Йе 'мбæлттимæ кæртмæ бахызт. Уым та уыди ноджы фылдæр адæм. Æрбадтысты, уæдæ цы уыдаид. Кæсынц æмæ хистæры цур – уæрыччы сæр. Фынгыл, фыццаг сидты фæстæ, адæм фæйнæ комдзаджы куы скодтой, уæд фыдызгъæл фæцыдæр. Фынджы бæркадыл уый фæстæ дæр нал бафтыд. Адæм, зæгъæн ис, æмæ æххормагæй сыстадысты.

Дохтырæн йе 'мбæлттæй иу бауайдзæф кодта:

– Адон иууылдæр дæу аххостæ сты.

– Цæмæн? – бадис кодта дохтыр.

– Зæронд лæджы куы нæ фервæзын кодтаис, уæд, бирæ адæмы уæле чи бадт, уыдоны раз галы сæр уыдаид, фынгыл бадджыты цур та – фаг фыдызгъæл.

Ме 'рдхорд мæм æрбадзырдта æмæ мын афтæ:

– Цæйдæр тыххæй дæ раппæлынмæ хъавыдтæн, фæлæ мæхиуыл фæхæцыдтæн.

– Кæдæй-уæдæй кæмæдæр мæнæй раппæлыны зонд æрцыд æмæ йыл уый дæр фæфæсмон кодта.

– Цæмæн фæфæсмон кодтон, уый зоныс?

– Цæмæн?

– Райсом мæ дæ ныхмæ дзурын куы бахъæуа, уæд дæ цы цæсгомæй дæлджинæг кæндзынæн?

Дыдзæсгом адæймагæн æнцон цæрæн у. Йæ иу цæсгом цæсты куы бафтауы, уæд иннæмæй пайда кæнын райдайы. Уæздан адæмæн та иугай цæсгæмттæ йеддæмæ нæй æмæ йын счъизийæ алчидæр тæрсы…

Ацы хабар æрцыд хæсты размæ. Уæд ма быдырон куыстытæ фылдæр бæхтæй кодтой. Хæдзарадон кæрт кæй хуыдтой, уым æхсæвгæсæй куыста Куыцыкк. Хæдзарадон кæрты фарсмæ та уыди бæхдон. Изæрыгæтты-иу лæппутæ куыст куы фесты, уæд-иу сæ бæхтæ, æхсæв кæм уыдысты, уырдæм æрбатардтой æмæ-иу сын ныхас бацайдагъ. Куыцыкк дæр-иу сæм йæхи баласта æмæ-иу йæ рæстæг цыбыр кодта.

Иу изæр та лæппутæ æмбырдæй бадтысты. Куыцыкк дæр цыдæр мæстыхуызæй сæ цурмæ бацыд.

– Æз уын зæгъын, лæппутæ, – райдыдта лæг, – Гæрæмты Гæбæт колхозы фæллой бахордта.

Уыцы рæстæг кулдуарæй æрбахызт хæдзарады хицау Гæбæт. Куыцыкк æй куы ауыдта, уæд фыццагæй хъæрдæрæй загъта:

– Æмæ уын уый дзырдтон, лæппутæ: Гæрæмты Гæбæт колхозы сæрыл йæхи бахордта.

Фæсизæр хъæугæронæй æрбайхъуыст:

– Кæйдæр рæуæды бирæгъ хæры!

Æппæты разæй фæфæдис сты кæройнаг сыхы цæрджытæ. Уыдонимæ Куыцыкк æмæ йæ ус дæр. Сæ фæстæ тахти сæ сыхаг Дзыгыда. Йæ лæг сæхимæ нæ уыди æмæ фæдисы цæуын йæхи бахъуыд.

Талынджы къуырдтытæгæнгæ тæхынц. Иу рæстæджы кæйдæр ныхас æрбайхъуыст, бирæгъ, дам, Дзыгыдаты рæуæды хæры. Куыцыкк йæ тæхынæй фенцад æмæ, талынджы йæ фæстæ чи тахт, уымæ дзуры:

– Мауал тагъд кæн, нæхион, Дзыгыдаты рæуæд у.

Тымбылкъухтæ кæрæдзийы ныхмæ куы фæуой, уæд сæ дыууæйы туг дæр акæлдзæн. Кæрæдзийы куы ’рбахъæбыс кæной, уæд та дзы иу иннæйы барæвдаудзæн.

Æнгуылдзтæ армытъæпæны куы ’рбамбырд вæййынц, уæд дзы цыппарæй æмиæстæ авæййынц. Куы сæ радаргъ

кæнай, уæд та дзы дыууæ æмхуызоны нал разыны: иу дзы иннæмæй кæнæ къаддæр вæййы, кæнæ – стырдæр.

Иумæ – æмхуызæттæ, хицæнтæй – стыртæ æмæ гыццылтæ.

Сканворд арæзтон, афтæмæй бахæццæ дæн ахæм фарстмæ: «Æрхъуыды кодта Чиполлино». Хъæрæй йæ бакастæн æмæ, цыма раст дæн æви нæ, уымæй Фатимæйы фæрсын, уый хуызæн загътон: «Ротару». Фатимæ, хин каст æрбакæнгæйæ, загъта: «Родари».

Æз, цыма ницы ’мбарын, уый хуызæн дарддæр дзурын: «Æмæ дзы Ротару дæр цæуы. Дамгъæты нымæц дæр иухуызон у, сæ райдайæн дæр – афтæ». «Родгæс» дæр дзы цæуы, æмæ дзы уæд «родгæс» фыссинаг дæ?» – бауайдзæф мын кодта Фатимæ.

Бæрæгъуыны чи ’рцард, уыдон иууылдæр Уæлладжыры комæй ралыгъдысты, Ос-Бæгъатыры дыууæ фырты Цæрадзон æмæ Сидæмоны байзæддæгтæ. Цæрадзонтæ куывтой Сидæнмæ, сидæмонтæ та – Ичъынамæ. Сидæмонтæн нæ зонын, фæлæ цæрадзонтæ, кæддæр хохæй куы ралыгъдысты, уæд Сидæны кувæндоны номыл ныссагътой бæлас, фæлæ базæронд æмæ йæ бынат афтидæй баззад.

Иу-дыууæ азы размæ, горæты чи цæры, уыцы бæрæгъуыйнæгты Хъайттаты Аслæнджери нæ райгуырæн хъæуы кæрон æрæмбырд кодта. Æрбамбал нын сты Бæрæгъуыны фæсивæд дæр, фæсивæд, зæгъгæ, дзы æртиссæдз азæй къаддæр никæуыл цыди, сæ фылдæрыл та 70-80-гай азтæй уæлæмæ.

Фæбадтыстæм, фæуынаффæтæ кодтам. Бирæ цæуылдæрты баныхас кодтам. Æз дæр иу фæндон бахастон. Нæ фыдæлтæ æрвылаз куывдтæ кæмæн кодтой, сæхи кæуыл фæдзæхстой, уыцы дзуæртты номыл кувæндæттæ саразæм, зæгъгæ. Мæ хъуыды алкæй зæрдæмæ дæр фæцыд, фæлæ...

Мæ хæлармæ уазæгуаты уыдтæн æмæ мын йæ сыхагæй хъæстытæ кодта... «Бафсис ын ницæмæй ис.

Æмпъухы æмæ æмпъухы. Мæ фарсмæ цыппаруаладзыгон хæдзар сыскъæрдта, фаллаг уынджы та йын дыууæуæладзыгон дукани ис, йæ фарсмæ та йын фондзуæладзыгон хæдзарæн бындур æрæвæрдта...

Мæ сæры æрра хъуыдытæ дæр фæзыны. Тæхуды, йæ хæдзæрттæ æмæ йын йæ дуканийы бын исчи динамит куы бавæрид, æмæ, йæ давæггаг æхцатæй цы бынтæ скодта, уыдонæй æнæхай куы фæуид».

Мæ хæлар мæсты кæй у, стæй хуымæтæджы кæй нæ мæсты кæны, уый æмбарын, фæлæ йæ хъуыдытæ мæ зæрдæмæ нæ цæуынц, уымæн æмæ хæдзæрттæ ницы аххосджын сты. Уыдон, горæт фидауцджындæр цы кæнынц, æндæр ын зиан ницы хæссынц. Кæддæр, нæ проспекты цы диссаджы бæстыхæйттæ сырæзт, уыдон исчи куы фехæлдтаид, уæд абон фæсмон нæ кæниккам?! Уæдæ мæ хæлары сыхаджы хæдзæрттæ халын дæр ницæмæн хъæуы. Æрцæудзæн та ахæм рæстæг, хæрамы бындурыл чи æнцайы, уыдоны бындур хæлардзинад кæд раивдзæн æмæ, кæй хидвæллойæ арæзт сты, уыдонæн лæггад кæнын кæд райдайдзысты.

Аргентинæйаг кардиохирург Рэне Каваларойы ном айхъуыст æппæт дунейы дæр. Уый 1980 азы æрхъуыды кодта зæрдæ дзæбæх кæныны ног мадзал. Ахуыргæндтæ йæ хонынц аорто-коронарон шунтировани. Уый фæрцы мæлæтæй фервæзт сæдæмингай адæймæгтæ, канд Аргентинæйы нæ, фæлæ æппæт дунейы дæр. Рэне сарæзта йæхи сæрмагонд фонд æмæ йæ схуыдта йæхи мыггагæй – «Каваларойы фонд».

Фонды сарæзтыл ссæдз азы куы сæххæст, уæд бахауд финансон зын уавæры, æмæ йæ саразæг Рэне Каваларо (райгуырд 1923 азы) 2000 азы 30 июны йæхи амардта. Цытджын хирурджы ахуыргæнинæгтæй иу йæ мæлæты азымджын кæны Аргентинæйы æхсæнады, бæстæйы ардыгæй дæумæйы футболист Каваларойы фонды кæцыфæнды кусæгæй дæр дыууæ-æртæ хатты фылдæр æхца кæй исы, уыцы уавæрмæ фидауцы цæстæй кæй кæсы, уый тыххæй.

Ацы хабар фехъусгæйæ, мæ цæстытыл ирон фыссæджы уавæр ауад. Футболистæн иу ирон фыссæгæй нæ, фæлæ цалдæр фыссæгæй дæр фылдæр кад кæй ис, уый

ницы зæгъынæй уæлдай нæ уыдзæн, уымæн æмæ махмæ, ома Ирыстоны, иу футболист афæдзмæ райсы, нæ фысджытæ уыйбæрц рæстæгмæ гонорар цас райсынц, уымæй цалдæр хатты фылдæр.

...Хи марынæй ницы пайда ис. Стæй фысджытæ сæхи иууылдæр куы амарой, уæддæр уавæрыл искæцырдыгæй фæзына, уый æнхъæл нæ дæн. Иннæмæй та, æхца куы фæзына, уæд сæ кæй чингуытыл бахардз кæндзысты, уый нал уыдзæн, уымæн æмæ ныртæккæ чи фыссы, уыдон куынал уой, уæд сæ, чи раива, уый цыма зын агурæн фæуыдзæн, афтæ мæм кæсы. Цæмæн, уый тыххæй та мæ хъуыдытæ бирæ хæттыты загътон æмæ мæм сæ фæлхат кæнын нæ цæуы.

Омар Хайямы мыггаг куыд фысгæ у, уый чи нæ зоны, уый дæр æм тæлмац кæнынмæ йæ гæрзтæ рабæтты. Æмæ ма ноджыдæр тæлмацы тыххæй.

Кæддæр иу фыссæг ирон æвзагмæ ратæлмац кодта уырыссаг поэты гуырахстджын поэмæ. Чи йæ бакаст, уыдон æрцыдысты иумæйаг хъуыдымæ: «Лæмæгъдæр ратæлмацгæнæн нæ уыд!» Уæвгæ, уый æппæт адæмы хъуыды нæ уыд. Фысджытæ æмæ поэзиуарзджыты æхсæн ахæм разынд, æмæ адæмы хъуыдыимæ чи не сразы. «Ис уымæй лæмæгъдæр ратæлмацгæнæн», – загъта фысджытæй иу. Бавдæлд æмæ уацмыс тæлмац кæныныл йæхæдæг æрбадт.

Фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй йæ куыст нæ фæдзæгъæл: йæ къухы бафтыд уацмыс дзæвгар лæмæгъдæр ратæлмац кæнын.

Аззтæ мыл куыд фылдæр цæуы, афтæ мæ райгуырæн хæдзар, мæ райгуырæн сых, мæ райгуырæн хъæу, кæй зыдтон, чи мæ зыдта, кæимæ хъазыдтæн, рæзтæн, хъомыл кодтон, уыдон мæ зæрдыл арæхæй-арæхдæр лæууынц. Мæ ивгъуыд бонты алы мысинаг дæр мæ удмæ хæстæг у, ныфс æмæ мын тых дæтты. Ивгъуыд мæ йæ хурæй зымæгон дæр уалдзæгау тавы.

Мæ хъуыдыты æгæр арф куы ацæуын, уæд нæ хæдзарæн йæ тæккæ рæбинаг къуымы балæууын. Уырдыгæй мæ цæуын нал фæфæнды. Кæддæр йæ къæйыл картофы

чъиритæ кæмæн физонæг кодтон, уыцы пец мæ йæ цурæй цæуын нал фæуадзы. Афтæ мæм фæкæсы, цыма сдзурдзæн: «Æдде-иу уазал къæрццытæ куы кодта, уæд-иу дæ куыд тавтон, афтæ дæ ныр дæр батавдзынæн. Насы æппытæ къæйгондæй куы уарзтай. Бирæ 'нхъæлмæ кæсын дæ нæ бахъæудзæн. Кæддæры хуызæн та сæ уайтагъд акъæй кæндзынæн. Мæ фарсмæ бадгæйæ, миты гæлæбутæ ставд тъыфылтæй куыд хауынц, уымæ рудзынгæй кæсдзынæ».

Уайы мæ цæстыл нæ хæдзары, нæ кæрты, нæ цæхæрадоны алы къуым дæр. Мæ мидхъуыдыты æрзилын, цы фæндæгтыл ауадтæн, уыдоныл. Уынын нæ сыхæгтæй алкæйы цæсгом дæр, хъусын сын сæ ныхас, сæ худын, хаттæй-хатт та сæ кæуын дæр. Хаттæй-хатт цæмæн? Бирæ хæттыты. Умæн æмæ, æз кæимæ цардтæн, уыдонæй æгас чи нал у, æрмæст уыдон ранымайын дæр зæрдæ риссыны фаг у, фæлæ сæ уæддæр ранымайдзынæн.

Раздæр куыд загътон, афтæмæй Бæрæгъуыны алы сыхы дæр дæс хæдзары ис: фондз – иуæрдыгæй, фондз – иннæрдыгæй. Нæ бакомкоммæ цардысты Аксотæ, не 'рвадæлтæ. Аксойы нæ хъуыды кæнын: уый хæсты баззад. Нæ йæ зыдтон, фæлæ, уыцы хæдзары, æз кæй зыдтон æмæ дзы чи нал ис, уыдонæн сæ хистæр уыд Аксойы мад Хæмысиат (чи дзы кæмæн цы бавæййы, уый куы амонон, уæд æгæр бирæ бынат бацахсдзæн, амондзынæн æрмæст сæ мыггæгтæ æмæ нæмттæ), Чабæхан, Агуыбе, Венерæ, Хадзыби. Сæ уæле цардысты Реуазтæ. Æз кæй зыдтон, уыдонæй нал ис Маринæ, Сафонка, Бади, Венерæ, Таймураз, Жаннæ. Сæ сыхæгтæ – Дзасохты Алихантæй ничиуал ис: Лубæ, Бибо, Налди, Амырхан, Агуыбе, Аслæмбег, Зойæ; сæ уæле дыууæ хæдзары, стæй уыдон бакомкоммæ дæр не 'рвадæлтæ цардысты. Уыдонæй та нал ис Гуассæ, Лади, Уæлгæ, Цæрадзон, Ленæ, Нинæ, Хъазыбег, Баса, Сæли, Тамарæ (уыдысты дыууæ: чындз æмæ ходыгъд), Габоци, Валя, Касиан, Бутушкæ, Гагуыдз. Сæ дæле – Дзустæ: Елена, Бате, Дунашйа, Дзæнæтхан, Амырхан: дæлдæр – Дзустæ: Якæф, Елмысхан, Юрик; уыдоны дæле нæ хæрзсыхæгтæ – Хъантетæ: Хадзумар, Дзæлиго, Геуæр, Лазигка, Елетхан, Боци, Дзекка, Сослан, Зоря; Валодя, Федыр æмæ, æппынфæстаг, нæхи бинонтæй, æз кæй зыдтон, уыдонæй йе 'нусон фæндагыл ацыдысты мæ фыд Сосыгко (гыццыл цыдæртæ дзы хъуыды

кæнын æмæ йæ нæ зыдтон зæгъын мæ цæст нæ уарзы, мæ хистæр æфсымæртæ Зауырбег, Солтанбег æмæ Хъазыбег мæ райгуырды размæ амардысты), Веринкæ, Оля, Дибæхан.

Мæ рæстæджы чи цард æмæ йе 'нусон фæндагыл чи ацыд, уыдон номæй номмæ цæмæн ранымадтон? Æвæццæгæн, кæддæр нæ сых куыд бæзджын уыди æмæ сæ фарнæй æз дæр куыд хъæздыг уыдтæн, уый цæстытыл ирддæрæй ауайын кæныны тыххæй.

Ныр уыцы сых афтæ стæнæг – мæнæн, кæй зæгъын æй хъæуы – æмæ мæ бæллиццагдæр фæндтæй иу мæ царды кæрон куы сæххæст уаид æмæ фæстæмæ мæ хæдзары куы 'рцæрин, уæд цымæ уыцы æрдæгзонгæ адæмы 'хсæн мæхи æцæгæлоныл нæ банымаин? Есенины загъдау, мæхи «в своей стране я словно иностранец» нæ рахонин?..

Мæ фыстытæй иуы ахæм бынат уыд: «Дуне иннæрдæм фæлдæхын райдыдта: Советон Цæдис фехæлд. Чи йæ фехæлдта, уыдоны къонатæй фæздæг макуыуал скæла!» Мæ уацмыс журналы редакцимæ куы радтон, уæд æй йæ кусæг кæсын райдыдта. Уæлдæр цы хъуыдыйад æрхастон, уый куы бакаст, уæд ын йæ тъæнгтæ ацагъта. Куыд бамбæрстон, афтæмæй йæ зæрдæмæ нæ фæцыд, мæ райгуырæн бæстæйы фехæлд мын хъыг кæй уыд, уый æмæ къухфысты уæгъд бынаты цæхгæрмæ бафыста: «Ма 'лгъит. Æлгъыст хиуыл æрцæуын дæр зоны...»

Æз ын йе 'ннæ фиппаинæгты хуызæн йæ ацы фиппаинаг дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ницæмæ 'рдардтон, фæлæ мæ хъуыдытыл кæй бафтыдта, уымæй мын, мæхимæ гæсгæ, пайда фæци.

Цавæр хъуыдытыл мæ бафтыдта, уый дæр зæгъдзынæн: мæ зæрдыл мын æрлæууын кодта Къостайы бирæ рæнхъытæ, Иры сæрхъуызой мæстыйæ кæй фыста, йæ уыцы рæнхъытæ: «Додой фæкæнат, мæ райгуырæн хæхтæ, Сау фæныкæй уæ куы фенин фæлтау! Зæй уæ фæласа, нæ тæрхоны лæгтæ, – Иу-ма фезмæлæд искуы лæгау!..», «Фесæф, фесæф, цард, сау лæппуимæ, Тагъд дæлзæхх фæу Ме 'намондимæ!», «Удæнцой ма фена, махæн нæ цардывæнд Чи халы барынвæндæй!», «...куы бамбæхсай барæй, Уæд усы кæрдæны мыггагмæ фæхæт!..»,

«Хъуырмæ схæццæ хъарæг: «Дудгæ фæбада Зæйы бын нæ дарæг, Мах чи фæсайдта!..», «Бын бауай, иунæг, Дзыллæтæй иу лæг Кæй нæ рæвдыдта! Фæсмон фæкæна, Мæрдты дзыназа, Дæу чи ныййардта!..», «Фесæфай, фесæфай, уастæн, нæ фæсивæд, – Иу бахъахъхъæнæг дæ нæй!» æмæ бирæ æндæр рæнхъытæ. Зæрдæйы рæбинаггæр тæгтæ чи базмæлын кæны, уыдон æлгъыстытæ куы хонæм, уæд цыма фæрæдидзыстæм, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ Къоста, цы рæстæджы цард, уыцы рæстæджы æвзагæй дзырдта йæ уарзон адæмимæ. Уымæн ын афтæ арф айстой сæ зæрдæмæ йæ алы рæнхъ дæр. Куы зæгъын: Къостайы дуг æлгъыст дуг уыд æмæ цытджын поэт ахæм æвзагæй уымæн дзырдта.

Мин фараст сæдæ æртын æвдæм азы январы райгуырдтæн. Уыцы аз чи райгуырд, ахæмимæ куы базонгæ вæййын, уæд мæхинымæр ахъуыды кæнын: «Мæнæй хистæр нæ уыдзæн». Фæлæ, куы фæрæдийын, ахæм рæстæджытæ дæр мыл скæны. Зæгъæм, æрæджы базонгæ дæн Дзахоты Муратимæ. Иу азы гуырдтæ разындыстæм. Кæд райгуырдтæн, уый куы базыдта, уæд мын афтæ:

– Фæлæ мæнæй хистæр нæ уыдзынæ.

– Цæуыннæ?

– Æз январы райгуырдтæн.

– Æз дæр.

– Кæцы январы?

– Дæсæм.

– Æз та – дыккæгæм. Фæлæ мыл иу хатт сайд æрцыд. Сайд, зæгъгæ, мæхиуыл ферваессыдтæн, январы чи райгуырд, уыдонæй мæхицæй хистæрыл нæ сæмбæлдзынæн, зæгъгæ, фæлæ сæмбæлдтæн. Куы базонгæ стæм æмæ 1937 азы январы райгуырдтæн, зæгъгæ, куы загъта, уæд ныфсджынæй сдзырдтон:

– Фæлæ æз дæуæй хистæр дæн.

– Нæ дæ.

– Цæуыннæ?

– Уымæн æмæ, 1937 азы январы гуырдтæй мæнæй хистæр нæй: æз ацы мæнг дунемæ фыццæгæм январы фæзындтæн.

Ныр та мыггæгтæ ивын дæр райдыдтой. Куыд бамбæрстон, афтæмæй, мыггаджы минæвæрттæ сæхæдæг нæ — мыхуыры кусджытæ.

Мæ зæрдыл кæддæры хабар æрлæууыд. Дзырдуатаразджытæ дзырд «мыггаг» куыд фысгæ у, уый зыдтой, фæлæ, дам, йæ быныдуры æфсæрмыйаг ныхас ис æмæ йæ дыууæ «к»-имæ ныффыстой. Афтæ йæ фыссын кодтой бирæ азты дæргъы. Фæстæдæр æвзаджы дæсныты хъуыддагмæ, куыд æмбæлы, ахæм цæстæй æркастысты æмæ рæдыд сраст кодтой.

О, æмæ мыггæгты тыххæй рауад ныхас. Ис кадджын æмæ дзырддзæугæ мыггаг — Блиатæ. Фæстаг хатт ма йæ раст фыстæй федтон «Рæстдзинад»-ы 2012 азы тъæнджы мæйы 12 номыры фыццаг фарсыл. Пенсиисæг Ирæ йæ уацхъуыды бын йæ мыггаг ныффыста, куыд æмбæлы афтæ — Блиатæй, Блитæй нæ фæлæ. Редакциийы кусджытæ мын куыд загътой, афтæмæй, цæмæй Ирæйы мыггаг раст фыст æрцыдаид, уый, дам, йæхæдæг бацархайдта. Æмæ раст бакодта.

Мæнмæ гæсгæ, адæймагæн йæ мыггаг аивын йæхи йеддæмæ никæй бон у, æмæ мыхуыры иуæй-иу кусджытæ уыцы бæрнондзинад, растдæр зæгъгæйæ та — æбæрнондзинад, сæхимæ куы нæ исиккой, уæд цыма хуыздæр уаид, афтæ мæм кæсы, кæннод ирон мыггæгтæй бирæты ивынмæ дæр бавналдзысты.

«Мах дуджы» дæ «Мæйты дæргъæн азтæ» зæрдиагæй кæсын райдыдтон. Кæронмæ куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд рагацау тыхстæн, тагъд каст сæ куы фæуон, уый. Кæройнаг фарс куы рафæлдæхтон, уæд мæ зæрдæ барухс фæстаг рæнхъæй: «Уыдзæн ма».

Ацы ныхæстæ мын телефонæй загъта Дзбойты Мишæ. Кæцы «уыдзæн ма»-йæ загъта, уымæй йæ нæ бафарстон, фæлæ журналы «уыдзæн ма»-тæ дыууæ хатты уыди, уымæн æмæ уацмыс цыппар номыры мыхуыргонд æрцыд. Мæ фыстыты фыццаг хай дунейы рухс федта «Мах дуджы» 2010-æм азы 8-9-æм номырты. 2011 азы 11-æм номыры редакци фыццаг хайы дыккаг æрдæджы райдайæны фиппаинаджы фыста: «Кæрон. Райдайæн кæс журналы ацы азы 8-9-æм номырты». Æз та, æппæты райдайæны

иучысыл æндæрхуызон фыстон: «Фæнды мæ, мæхæдæг цы бавзæрстон, цы федтон æмæ цы фехъуыстон, уыдоны иу хаимæ сымах дæр базонгæ кæнын. Иу хай уымæн зæгъын, æмæ се 'ппæтыл аххæссын мæ бон нæма баци. Кæд Хуыцауы бафæнда, уæд ма ивгъуыды арфдæр къуымтæм нывналын дæр мæ бон бауыдзæн æмæ та уæд фембæлдзыстæм».

Хуыцауы æцæгæйдæр бафæндыд, æмæ та мæ ивгъуыд бонтæм раздæхтæн. Мæ зæрдæйы фыстæй цы баззад, уыцы цаутыл афæлгæсыдтæн æмæ сæ гæххæттыл бауæндыдтæн. «Мах дуг» сæ ныммыхуыр кодта 2011-æм азы 10-11 номырты. Æрмæст «кæрон»-ы бæсты фыссын бахъуыд: «Дарддæр. Райдайæн кæс журналы 2010-æм азы 8-9-æм номырты», уымæн æмæ редакцийы кусджытæ нæ зыдтой, дарддæр ма мæ фыстытыл бафтдзæн, уый. Дыккаг хайы дыккаг æрдæг куы мыхуыр кодтой, уæд «кæрон»-ы бæсты ныффыстой «дарддæр», фæстаг фарсыл «кæрон» дæр нал уыд æмæ «уыдзæн ма» дæр æмæ, мæнмæ гæсгæ, раст бакодтой.

Хуыцауæн табу: бафæндыди йæ, цæмæй мæ мысинæгтæ ууыл ма аскъуыдаиккой, æмæ ма сыл нoджыдæр бафтыд. Кæд мæ Дунескæнæджы хорзæх уа, уæд та уыдонимæ дæр кæсæг базонгæ уыдзæн.

Уæрæсейы цытæ цæуы, ууыл тыхсынц, нæ хорздзинад кæй нæ фæнды, цыфыддæр уæвын нын кæй цæст уарзы, нæ кад æмæ намыс асламдæр цæмæй кæной, ууыл чи нæ ауæрды, уыцы бæстæты цы рæстзæрдæ адæм цæры, уыдон дæр...

«Уæрæсейæгтæн, мæнмæ гæсгæ, сæ хуыцау сси искæцæй исты пайда ратонын... Телевизор куы сифтындзай, уæд дзы алыхуызон уæлæнгай, удæн ницыдæттæг хъæзтытæ æмæ призтæ рамбулыны, гейм-шоутæ йеддæмæ ницы ис. Уырыссаг кино уæ ферох, нал уæ хъæуы Пушкин, Гоголь, Лермонтов... Режиссертæ Гамлеты сбадын кодтой мотоциклыл. Офелияйæ сарæзтой лесбиянкæ, Софья (Грибоедовы «Горе от ума») сценæйы кæны, адæймагæн кæсын йæ бон цы митæм нæу, фырæфсæрмæй йæ зæххы скъуыды ныххауыныл чи разы кæны, ахæм æнæуаг митæ. Уæрæсейы телевизормæ дæс минутæй фылдæр кæсæн

нæй: ницы дзы ис, æргом йæхимæ цы аздаха, ахæмæй. Уымæй, ома телевизорæй, тынгдæр адæмы хъæлæс ничи æмыр кæны. Уæ телевизорæй адæймаджы æвзагæй ничиуал дзуры, загъд-замана, æртхъирæнтæ, æнæуаг дзых. Экранæй хъарм нæ кæлы, нæ дзы хъуысы кæрæдзийы æмбарындзинад. Уый хыгъд архайы хъуыдыйæн фæндаг нæ раттыныл, хъæры бын æй фæкæныныл... Æз Уæрæсейы уыдтæн Советон дуджы дæр. Экономикæ, кæй зæгъын æй хъæуы, йæ раззагдæртæй нæ уыди, фæлæ бирæ адæм сæ цардæй разы уыдысты. Цы диссаджы фысджытæ уæм ис! Иннæ ахæм – кино! Сымах та уæхицæн тырыса сарæзтат, хуымæтæджы америкаг былысчъилтæ кæуыл æмæ цæуыл кæны, ахæм ницытæ 'мæ мацытæй... Уæ бæстæйы бирæ ивддзинæдтæ æрцыди. Стыр хъыгагæн, цыдæриддæр уæм хорздзинадæй уыди, уыдоныл цъыфкъахæй кафут, æвзæрдзинадæй уæм цы уыди, ууыл та дыгай къухтæй фидар ныххæцыдыстут æмæ йæ тырысайау бæрзонд систат»...

Дарддæр ма нæ хъæнтæ нымайæн ис, фæлæ уыдон дæр æгъгъæд сты, цы дуджы цæрæм, нæ бæстæ цы фæндагыл æрлæууыд, уымæй фæстæмæ куы нæ раздæха, уæд, йæ мæгуыр адæммæ цы фидæн æнхъæлмæ кæсы, уый равдисынæн. Æвдисгæ та нын æй чи кæны, уый зонут? Бирæтæ ахъуыды кæндзысты, Коммунистон партийы уæнгтæй исчи уыдзæн, зæгъгæ. Йæ хъуыдытæ йын мыхуыр та ныккодта, æвæццæгæн, газет «Советская Россия»...

Нæ уыдзæн, афтæ чи ахъуыды кæна, уыдонæй иу дæр раст, уымæн æмæ, уæлдæр уæ размæ кæй хъуыдытæ рахастон, уыдоны автор у америкаг поэт Джулиан Лоуэнфельд. Уый интервью радта газеты уацхæссæг Яковлева Еленæйæн. Интервью мыхуыр та ныккодта хицауады хъуыдытæ адæммæ хæццæгæнæг «Российская газета».

Кæнæ Уæрæсейы хицауиуæггæнджытæ газеттæ нæ кæсынц, суанг сæхимæ цы фарстытæ хауы, цы аиппытæ сæм ис, уыдон хурмæ кæм фæхæссынц, се сраст кæныны мадзæлттыл цæстуарзонæй кæм дзурынц, уыцы æрмæджытæ дæр, кæнæ та сæ кæсынц, фæлæ сæ ницæмæ дарынц, «вазыгджындæр» хъуыддæгтæй сæ не 'вдæлы.

Куыд ис, ахæм интервьюйы иуфæрсты ацæуæн? Уæрæсейы фидæныл тыхсджытæ куы уаид, уæд Джулианæн арфæ кæнынмæ фæуиккой, бузныг ын зæгъиккой, Уæрæсейы

хъысмæт йæ зæрдæмæ афтæ арф кæй исы, цы къуырцдзæвæны бахауд, уымæй фервæзыны фæндæгтæ кæй амоны, уый тыххæй.

Зымæгон графикмæ куы раивтой, уæд Терчы былмæ сахат раздæр цыд фæдæн. Цафон фæцæуын, уый чи зыдта, уыдонæй-иу мыл чи амбæлд, уый-иу дис кæнынмæ фæци, афтæ раджы кæй рацыдтæн, ууыл. Цыбыр дзырдæй, Сарæйы ми мыл æрцыд. Уымæн афтæ куы загътой, уазджытæ нæм æрбацæуудзæн æмæ дæ сæр ныхс, зæгъгæ, уæд сын ахæм дзуапп радта: «Æмæ куы нæ 'рбацæуой, уæд та? Æдылыйы хуызæн æхсад сæримæ баддзынæн?»

Уыйау мæн дæр уыцы бон æдылыйы хуызæн сыгъдæг уæлдæфмæ Терчы был сахат фылдæр тезгъо кæнын бахъуыд...

Алантæ та бирæ кæнын райдыдтой. Рæхджы ахæм хæдзар бирæ нал уыдзæн, йæ бинонтæй иу кæнæ дыууæ Алан кæнæ Аланæ кæмæн нæ хуыйндзæн. Уæвгæ, уым диссагæй ницы ис. Нæ хæстæгдæр фыдæлтæ алантæ уыдысты. Ирон адæм та кæстæрыл фыдæлты нæмттæ æвæраг сты. Фыд йæ фыртыл йæ фыды ном куы сæвæры, уый нæм, – уæлдайдæр фæстаг рæстæджы – æгъдауы хуызæн сси.

Æмæ, куы зæгъын, уым диссагæй ницы ис. Диссаг, уыцы аланты æхсæн сæ фыдæлты æвзагхæсджытæ къаддæрæй-къаддæр кæй кæнынц, уый у.

Фæлтау нæм «Алан», «Аланæ», «Олланæ» нæмттæ къаддæр куы уаид, аланты æвзагыл дзурджытæ та – фылдæр.

Кæмдæр, кæнæ кæсгæ бакодтон, кæнæ та хъусгæ фæкодтон, адæймагæн, дам, йæ фындз, цалынмæ цæра, уæдмæ рæзы. Фæлæ, æвæццæгæн, уый раст нæу, уымæн æмæ Хъуылаты Чермен, «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон, уæд нæ уацхæсджытæй афтæ кæмæн загъта, æз адæймагыл фындз æрзайгæ федтон, фæлæ фындзыл адæймаг æрзайгæ

фыццаг хатт уынын, зæгъгæ, уымæн йæ фындз йæ уæрагæй фæдæлдæр уыдаид, уымæн æмæ йыл ныр цыппарыссæдз азæй фылдæр цæуы.

Ирон æмбисæндты æхсæн ахæм дæр ис: «Ирон лæгæн – дзырд, ногъайагæн – дамгъæ». Цыма ацы æмбисондмæ къух бакæнæн ис, афтæ мæм кæсы. Цæмæн куы зæгъат, уæд ыл иу хъуыддаджы фæдызæрдыг дæн...

Нæ ирон хицæуттæй кæмæдæр бацыдтæн курдиатимæ. Мæхи удæн дзы ницы агуырдтон. Æхсæнадæн пайдаимæ баст уыд мæ курдиат. Ахæм дзæбæх цæстæй мæм ракаст, æмæ зæрдæрухсæй раздæхтæн. Æнхъæлдтон, цалынмæ нæхимæ цæуон, уæдмæ хъуыддаг æрдæгконд уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн. Хицау, зæрдæ цæмæй бавæры, уый тагъд кæмæй айрох вæййы, ахæм адæймаг разынд, комкоммæ зæгъгæйæ та – йæ ныхасæн хицау чи нæу, ахæм хицау.

Цыппæрæймаг аз рацыд уæдæй нырмæ, фæлæ, хъуыддаг кæм лæууыд, уым ма бадгæ дæр æркодта. Æмæ, дам, ирон лæгæн – дзырд...

Æмбисондыл кæй фæдызæрдыг дæн, уый тыххæй та афтæ зæгъынмæ хъавын: «Кæнæ æмбисонд раст нæу, кæнæ мын зæрдæ чи бавæрдта, уый ирон нæу!»

Ахæм зæгъджытæ дæр мын вæййы: «Бæрæгбоны дæр, къаты бон дæр дæ кусæн уаты цырагъ æнафонмæ фæсудзы! Улæфгæ дæр-иу акæн!» Йæ зæрдæ дыл кæмæн риссы, уый йеддæмæ дын афтæ чи хъуамæ зæгъа?

Зонын æй, тыхсджытæ мыл кæй ис, уый. Фыстытæ баззайдзысты, ды нал уыдзынæ, зæгъгæ, мын чи фæзæгъы, уый ныхæстæ фехъусын мын æхсызгон вæййы, уымæн æмæ мæхæдæг, æппындæр куы ницы кусон, уæддæр искуы æнæмæнг нал уыдзынæн: чи райгуырд, уыдонæй уæлæуыл ничима баззад. Фæлæ мæ фыстытæ мемæ, кæнæ мæ фæстæ куы нæ амæликкой, уæд мæ, чи зоны, бынтон мардыл нæ банымаиккой, уымæн æмæ алы адæймаг дæр, цæмæй йæ фæстæ исты баззайа, уымæ тырны: кæмæн – кад, кæмæн – намыс, кæмæн – чиныг, кæмæн – зарæг, кæмæн – зонджын ныхас, кæмæн – цы, кæмæн – цы....

Нуæй-иу хатт мæ кæйдæрты нæмттæ дзурын нæ фæфæнды. Уый æнæфсонæй нæ вæййы. Цы хабар ракæнынмæ хъавын, уыдонæй дæр комкоммæ никæй ном бацамондзынæн, уымæн æмæ мæм сæйрагдæр хабар йæхæдæг кæсы...

Ме 'рдхорд бæрнон бынаты куыста. Иу хъæуы скъолайы директорыл хъаст æрбацыд, скъола цалцæг кæнынæн цы 'хцатæ радих кодтой, уыдон ныппапылой кодта, зæгъгæ. Хъаст равзарын ме 'рдхордæн бабар кодтой. Уый нæ фæзиваг кодта æмæ хъуыддагыл æрзылд. Куыд рабæрæг, афтæмæй директор, скъола цалцæг кодтой, зæгъгæ, йæ зонгæтыл æхцатæ рафыста, уыдонæн ницы загъта, афтæмæй. Ме 'рдхорд уыцы адæмыл æрзылди — иууылдæр горæты цардысты — иу мыггаг дæр дзы мæнг нæ уыди, фæлæ дзы æхцаты койæн дæр ничи ницы зыдта.

Æппынфæстаг фæдзырдта, хъаст кæуыл æрбацыд, уымæ дæр, базонгæ йæ кодта хабæрттимæ æмæ, дам, йæ къухтыл зыр-зыр бахæцыд, фыртарстæй, дам, ма йæ кæсæнцæстытæ мæ кусæн уаты рох дæр фæкодта.

Цыбыр дзырдæй, ме 'рдхорд хъуыддаг бамынæг кодта, хицауадæй, дам, мæм дзурджытæ фæцис, æмæ, мæ зæрдæмæ чи нæ цыд, ахæм хъуыддаг мын бакæнынчынди...

Зыдтон уыцы директоры æз дæр. Нымадтон æй сыгъдæгзæрдæ, æгъдауджын, кад æмæ намысыл тохгæнæгыл. Стæй, æргом куы дзурон, уæд ахæм митæ йæ сæрмæ 'рхаста, уый мæ абон дæр нæ уырны. Фæлæ, кæйдæр загъдау, «слаб человек».

Мæ зонгæ æнæхицау гæдыйы лæппыны сæхимæ æрбахаста. Иуцалдæр азы сæм фæци. Бинонтæ йыл сахуыр сты. Сахуыр сыл гæды йæхæдæг дæр. Уæлдай æнувыддæр уыди йе 'рхæссæгыл. Йæ кусынæй æрцæуын афон-иу уынгмæ йæ размæ рацыд. Лæг-иу куы фæзынд, уæд-иу æм батахт, йæхи-иу ыл рахаф-бахаф систа. Цалынмæ-иу æй йæ хъæбысмæ систа, уæдмæ-иу æй нæ ныуæгъта. Мидæмæ-иу æй бахаста æмæ-иу ын хæринаг радта. Изæрæй æмæ райсомæй æрмæстдæр уый къухæй хордта.

Рæстæг цыди. Сæ хæлардзинадыл дис кодтой бинонтæ. Иннæтæй дæр æм æвзæр цæстæй ничи каст, фæлæ йæ

уынджы къæйыл чи нæ ныууагъта, уый хорздзинад йæ зæрдыл дардта æмæ йыл уæлдай æнувыддæр уымæн уыди.

Фæлæ æрцыд æнамонд хабар. Лæг æрбарынчын æмæ цалдæр боны фæстæ йæ цардæй ахицæн. Гæды æнкъардæй йæ цуры бадт, дыууæ боны хæргæ дæр нал бакодта. Æртыккаг бон зиан кæрты куы 'рæвæрдтой, уæд уый дæр йæ фæдыл рацыди. Чырыны бын сбадт, æмæ, цалынмæ марды ахастой, уæдмæ нал ракуыимдта.

Мæ зæрдыл Есенин Сергейы радзырд «Бобыль и Дружок» æрлæууыд. Уым та куыдз йæ хицауы амардыл афтæ йæхи мардта. Раздæр йæ цурæй нал цыди, куы йæ баныгæдтой, уæд та – йæ ингæны цурæй. Хæринаг йæ дзыхмæ нал систа, афтæмæй йæ иу бон мардæй байййæфтой.

Хорз фырт, йæ фыд цыфæнды æгуыдзæг æмæ æнæрæгъыдзыд куы уа, уæддæр цыма йæ фыдгой кæнын нæ бауадздзæн, афтæ мæм кæсы. Фыдгойгæнæджы ныхмæ куы ницы сдзура, уæддæр ын хъыг кæй уыдзæн, уый мæ уырны. Фæлæ цымæ æцæг лæг, йæ сæр сæрмæ чи хæссы, адæмы 'хсæн кад кæмæн ис, уый йæ цауд фырты сæрыл рахæцдзæн? Йе 'взæр ын æвзæр хонын бауадздзæн æви, цы у, уый æргомæй зæгъдзæн?

Уæй цытæ кæнынц, уыдон æлхæнджытæй фылдæр кæй сты, уый, æвæццæгæн, хорз у, уымæн æмæ, адæймаджы цы хъæуы, уый йын фагæй фылдæр куы нæ уа, ома, цы йæ хъæуы, уый равзарын йæ бон куы нæ уа, уæд йæ цард къуындæг уавæрты æрвитдзæн.

Æндæрхуызон цæстæй кæсын хъæуы адæммæ. Уæйгæнæн æмæ балхæнæн цы адæмæн ис, уыдон, чи сæ æлхæны, уыдонæй фылдæр куы уой, уæд дуне сæфтмæ цæуы.

Таксист уынгты фæцæйтахт. Кировы уынджы проспекты кæронмæ куы 'рбахæццæ, уæд фæурæдта æмæ рудзынгæй рахъæр кодта:

– Кæдæм цæуыс, Хасанбег?.. Сбад æмæ дæ аласон.

Хасанбег йæ ном куы айхъуыста, уæд машинæмæ йе 'ргом раздæхта. Шофырмæ кæсы, фæлæ йæм йæ зонгæтæй

никæй хуызæн фæкаст. Сбадти, уæдæ цы уыдаид. Йæ зæрдæ дардта, цалынмæ мæ нæхимæ ласа, уæдмæ, чи у, уый базондзынæн, зæгъгæ.

— Кæдæм цæуыс, уый мын нæма загътай, Хасанбег, — загъта таксист, къæдзæхы йас лæгæн тыххæй-фыдæй машинæйы сбадын куы бантыст, уæд.

— Олгинскæмæ, — дзуапп радта Хасанбег.

Шофыр йæхинымæр хъуыдытыл фæци, зындгонд уæзæгтæисæг æндæр хъæуы куы цæры, уæд Олгинскæмæ цæмæн цæуы, зæгъгæ. «Æвæццæгæн, æй хъуыддæгтæ ис», — скарста йæхинымæр, æмæ машинæ йæ бынатæй фесхуыста.

Горæтæй Олгинскæмæ цас цæуын хъуыд! Цыбыр рæстæгмæ æрдæгфæндагыл уыдысты. Шофыры аныхæстæ кæнын фæндыд, фæлæ, цæмæй райдыдтаид, уый нæ зыдта, бафæрсын та йæ бирæ цæмæйдæрты фæндыд, уымæн æмæ зыдта, Хасанбег фыццаг бынæттæ кæм нæ бацахста, дунейы ахæм ерыстæ кæй нал баззад. Хъæумæ куы фæцæйхæццæ кодтой, уæдмæ йæ сæйрагдæр фарст сцæттæ, стæй йæм йæ зæгъыны ныфс дæр разынд æмæ йæм дзуры:

— Дæ фæстаг рекорд цас уыди?

— Цыппæрдæс цайцымæны иу хъæдындзимæ, — дзуапп радта бæлццон…

Хъуыддæгтæ фæстæдæр рабæрæг сты. Шофыр, машинæйæ кæмæ фæдзырдта, уымæн йæ ном æцæгæйдæр Хасанбег хуынди, æрмæст дунейы чемпион Хасанбег нæ, фæлæ уый хуызæн тынг чи уыд, ахæм Хасанбег.

Хуызæнæй хуызæнмæ кæддæр чидæр лæг куы амардта, уæд мах рæстæджы хуызæнæй хуызæнмæ горæтæй Олгинскæмæ лæг куы аластæуа, уæд цас диссаг у?!

Дæйыхъæу Уæлладжыры комы зæронддæр æмæ зындгонддæр хъæутæй иу у. Уартæ Мызурыбынмæ куы фæцæйхæццæ кæнай, уæд хидыл галиуæрдæм фæзил, хæххон фæндагыл фæхæрдмæ кæн.

Фыццаг цы хъæумæ схæццæ уай, уый уыдзæн Æрхон. Уырдыгæй дарддæр фæндагыл куы ацæуай, — уæвгæ, «куы фæхæрдмæ кæнай» зæгъын растдæр уыдзæн, уымæн æмæ фæндаг афтæ æмхæрд у, æмæ дзы хуымæтæджы машинæ зынæй ссæудзæн, — уæд дæ схондзæн Дæйыхъæумæ.

Уæлдæр ацы хъæу рагон æмæ зындгонд рахуыдтон. Рагон уымæн, æмæ комы æппæты раздæр чи ’рцард, уыдонимæ ымад у. Фæлæ зындгонд цæмæй у, уый уе ’ппæт нæ зондзыстут.

Сæ сæйрагдæртæ сты æртæ. Æгъдæнцæйттæ уыдон æрхъуыды кодтой. Раст зæгъгæйæ, раздæр æндæр мадзалæй архайдтой. Цæмæй бæхмæ схизой, уый тыххæй йын йæ фарсы къæбæлтæ къуырдтой, фæлæ сæ фæстæдæр æгъдæнцæйттæй аивтой.

Уæдæ уадгуырой саразыны хъуыды дæр фыццаг уыдонмæ фæзынди. Хохы цъуппыл, дон æвваха кæм нæ уыди, уым куырой æрдæгарæзт куы фесты, уæд сын чындз хæринаг схаста æмæ сæ кæстæры æххуысæй (йæхæдæг хистæртæм уайсадгæ кодта) бафарста, дон кæм нæй, уым куыройы фыдтæ цы разилын кæндзæн, зæгъгæ, уæд ахъуыды кодтой æмæ доныл зилгæ куыройы бæсты уадгуырой сарæзтой.

Дæйыхъæу ма зындгонд у ноджыдæр иу хъуыддагæй. Мæ хуыздæр хæлар Лолаты Хадзыби (йæ фыдæлтæ Дæйыхъæуæй рацæугæ сты) куыд зæгъы, афтæмæй парашют дæр дæйыхъæуккæгтæ æрхъуыды кодтой. Дæйыхъæуккаг фыййау, дам, йæхи мигъмæ куы нæ раппæрстаид, уæд, дам, абон дæр, парашют цы у, уый ничи зыдтаид.

Уыцы фыййауы тыххæй мæ цалдæр ныхасы бæлвырддæр зæгъын фæнды, уымæн æмæ йæ куыд æрра хонынц, бынтон ахæм æрра нæ уыди. Ирон адæм афтæ фæзæгъынц: зондджын ныхас æдылыйæ дæр схауы. Æдылыйæ зондджын ныхас дæр схауы, стæй зондджын ми дæр бакæны.

Ахъуыды-ма кæнут, цал æмæ цал фыййауы уыди Дæйыхъæуы! Бирæ нæ, фæлæ тынг бирæ. Адæм та дзы кæй зонынц? Иунæгæй фæстæмæ иуы дæр нæ! Уыцы иунæг та у, йæхи мигъмæ чи раппæрста æмæ, æррайы ном кæуыл сбадт, уыцы фыййау. Цæмæй дæ кой ма фесæфа, уый тыххæй дæ цард снывонд кæн, уым æррадзинадæй цы ис?! Йæ зæрдæйы дзæбæхæн кæм фæхуыссынмæ хъавыд, уырдæм йæхи кæй раппæрста, уый адæмæй нæ ферох, стæй искуы ферох уа, уый æнхъæл дæр нæ дæн, уымæн æмæ уыцы хъуыддагмæ йæ арфæйы хай бахаста Къоста дæр, «Æрра фыййау» кæй ныффыста, уымæй.

Ахæм адæм ис, æмæ сæ зæрдæмæ рис хæстæг нæ уадзынц. Йæ хæстæгдæр къабазæй бавдæлон уыдзæн æмæ йæ уый хæдфæстæ чындзæхсæвы заргæ фендзынæ, чындзхасты хъæлдзæгæй баддзæн, йæ хæдзарæй радиойæ хъæрæй хъуысдзæн фæндырдзагъд.

Мæхæдæг æвдисæн уыдтæн ахæм цауæн. Мæнæй чысыл хистæр чи уыд, ахæм лæппуйæн йæ мад амард, æмæ цалдæр боны фæстæ сæ радиоприемник афтæ хъæрæй сифтыгътой, æмæ йæ зарджытæ хъустæ къуырма кодтой, сыхæгтæ та – дис, сæ зиан куы нæма æруазал, уæд адæмæй æфсæрмы та куыннæ кæнынц, зæгъгæ.

Ахæм лæджы дæр зыдтон, йæ фыды амардыл хъыг нæ, фæлæ цин чи кодта. Куыд дзырдта, афтæмæй йæ фыд фæндырæй хорз цагъта. Хъæуы ахæм чызгæрвыст æмæ чындзæхсæв нæ уыд, уый-иу кæдæм нæ бацагуырдтой. Мах æртæ ’фсымæры уыдыстæм æмæ æртæйæ дæр фæндырæй цæгъдын уарзтам æмæ, нæ фыд куы амард, уæд, дам, цин кодтам, фæндыр махæн кæй баззайдзæн, ууыл.

Мæ уыцы зонгæ цыппарыссæдз азæй фылдæр фæцард, фæлæ искуы искæй хъыгыл фæрыст, уый нæ хъуыды кæнын. Уæвгæ, æрыгонæй йæ фыды зианыл чи нæ фæрыст, уый зæрондæй кæйдæр мардыл йæ уæрджытæ куыд хъуамæ хойа?! Уый тыххæй уырысмæ ис хорз æмбисонд: «Каков в колыбельку, таков и в могилку». Ома авдæны цавæр вæййы, ахæм вæййы ингæны дæр.

Туытъиаты Хъазыбеджы «Ирон æмбисæндты» чиныгмæ бахаудысты иуæй-иу адæймæгты нæмттæ æмæ мыггæгтæ. Зæгъæм, Пухонтæ бирæ уыдысты, фæлæ дзы æмбисондæн æрмæстдæр иу баззад. Калачы йæ аккаг къаба кæмæн нæ разынд, æмбисæндты чиныгмæ æрмæстдæр уый бахауд.

Фæлæ цыма Хæдарцонты æгæр бафхæрдæуыд, афтæ мæм кæсы. Æмбисонд куыд хъуысы, уый уал уын уæ зæрдыл æрлæууын кæнон: «Хæдарцонтæ – хъамаджынтæ». Се ’ппæт хъамаджынтæ уой, уымæн уæвæн нæй. Æрмæст дзы æз кæй зонын, уый дæр мын дæтты афтæ зæгъыны бар, уымæн æмæ дзы иуы фарсыл дæр хъама нæ федтон, æгъдауджын æмæ сæ уæздан сылгоймæгтæй зонын.

Уædæй нырмæ æртиссæдз азмæ æввахс цæуы. Дæс къласы каст фæуыны агъоммæ ме 'мкъласонты хуызæн æз дæр иу æмæ дыуувæ боны нæ фæхъуыды кодтон, дарддæр ахуыр кæнынмæ кæдæм бацæуон, ууыл. Æппынфæстаг скарстон: мæ гæххæттытæ ратдзынæн педтехникуммæ. Иуæй, ацы ахуыргæнæндоны хорзы кой рагæй хъуыстон, иннæмæй, каст æй чи фæци, уыдонæй цалдæр нæхи хъæуккæгтæ уыдысты æмæ сæ ном хъуыстгонд уыд Бæрæгъуыны нæ, фæлæ æндæр рæтты дæр. Уыдонæй иу уыд Тохты Иван. Хъæуы йæм уыцы номæй ничи дзырдта, иууылдæр æй хуыдтой Ванæ. Гъе æмæ Дрисы фырт дæр каст фæци уыцы хъуыстгонд техникум. Зæрдиагæй архайдта литературон къорды. Йе 'мдзæвгæтæ мыхуыры цыдысты канд газеттæ æмæ журналты нæ, фæлæ ахуыргæнæн чингуыты дæр.

Педтехникумы хуыздæр ахуыргæнинæгтæй иуыл нымад уыд ме 'мхъæуккаг иннæ поэт Чехойты Сæрæбийы хистæр æфсымæр Федыр дæр. Уый хæсты райдайæнæй цалдæр азы размæ райста ахуыргæнæджы дæсныйад æмæ фыццаг куыста ахуыргæнæгæй, уый фæстæ та сси Красногоры авдазон скъолайы директор. Фыдыбæстæйы Стыр хæст куы райдыдта, уæд йе 'ртæ 'фсымæримæ ацыд тохы быдырмæ æмæ йæ цард нывондæн æрхаста нæ сæрибардзинады сæраппонд. Нал раздæхтысты фæстæмæ сæ райгуырæн уæзæгмæ йæ дыууæ 'фсымæры Алыбег æмæ Серги дæр.

Дæсæм къласы ахуыр кодтон, афтæмæй æвирхъау хуызы аст æмæ дыууиссæдзаздзыдæй фæмард мæ мад, æмæ мах мæ дыууæ кæстæр хоимæ сидзæртæй (нæ фыд хæстæй нал сыздæхт) баззадыстæм. Техникуммæ бацæуын ма мæ ноджыдæр цæй тыххæй фæндыди: институтæй дзы къаддæр рæстæг ахуыр кæнын хъуыд, уырдæм куы бацыдаин, уæд мæ хотæм раздæр æрыздæхтаин æмæ нын иумæ æнцондæр цæрæн уыдаид.

Цæттæдзинады аттестат куы райстон, уæд горæтмæ ссыдтæн. Тыххæйты мæ мады мадырвадæлты ссардтон æмæ дыккаг бон мæ мады мады æфсымæры лæппу отставкæйы хистæр офицер Хлойты Инæрыхъоимæ педтехникуммæ мæ гæххæттытимæ бацыдыстæм, фæлæ нæ балц нæ фæрæстмæ. Куыд рабæрæг, афтæмæй ам бацæуæн фæлварæнтæ институттæй дыууæ къуырийы раздæр райдыдтой.

Цæвиттон, байрæджы кодтам. Иннæ азмæ ’нхъæлмæ кæсын мæ нæ бафæндыд æмæ мæ гæххæттытæ уыцы бон педагогон институтмæ бахастон.

Раст зæгъын хъæуы, нæ сыхбæстæ, хæстæджытæ æмæ зонгæтæй æфсæрмы дæр кодтон, æнæхъæн цыппар азы ахуыр кæнын кæм хъæуы, уырдæм дæ ныфс куыд бахастай, дæ фæндзæмкъласон æмæ æвдæмкъласон хоты иунæгæй кæмæн уадзыс, зæгъгæ, дзы исчи куы ахъуыды кæна, фæлæ мæ мæ кæстæртæй фидар ныфс уыд.

Ахуыр кæнынмæ та куыннæ бæллыдтæн, фæлæ мын хотыл сагъæс мæ уæнгтæ сбаста. Горæтмæ цæуыны фадат мын нæй, зæгъгæ, сын куы бамбарын кодтон, уæд дыууæйæ дæр æмдзыхæй сдзырдтой, махæн ницы уыдзæн, мах мæт ма кæн, дæ ахуыры кой кæн, зæгъгæ. Педтехникуммæ дæр уыцы ныфсæй цыдтæн. Æмæ мæ фæндтæй куы ницы рауад, уæд, иудзæвгар фæсагъæс кæныны фæстæ, адæм цы зæгъдзысты, уый дæр ницæмæуал æрдардтон æмæ фæлварæнтæм цæттæ кæнын райдыдтон. Æргом дзургæйæ, фæстæмæ фæкæс-фæкæсгæнгæйæ. Мæ мидзæрдæйы ма иу хъуыддагыл мæ зæрдæ дардтон — кæд уый зæрдæдарыныл нымад уыд, уæд — куы нæ бахауон, уæд мæ сагъæстæй дæр фервæздзынæн, адæмы цæсты дæр нæ бафтдзынæн, мæ дарддæры фæндагæй дæр мæхи æназым скæндзынæн. Фæлæ мæ уыцы фæндтæй иу дæр фаг «зæрдæдаргæ» нæ разынд. Хуыцау ныддæлæ-уæлæ кодта, æмæ, горæты уымæй размæ иу хатт йеддæмæ чи нæ уыд, горæты та иунæг зонгæ йеддæмæ кæмæн нæ уыд, пединститутмæ фæндаг дæр чи нæ зыдта, уыцы хъæуккаг лæппу, мæй дæр нæма рацыд, афтæ студентæй агæпп ласта...

Пединституты студент сдæн, фæлæ мæ педтехникум никуы ферох, уымæн æмæ уый уыд Ирыстоны Сорбоннæ æмæ Кембридж. Æрмæст йæ ном фехъусгæйæ дæр-иу адæймаджы зæрдæ рухсы тынтæй байдзаг. Æз мæ хъæуккæгтæй æрмæст Тохты Ванæ æмæ Чехойты Федыры кой ракодтон, фæлæ не скъолайы ахуыргæнджытæ, зæгъæн ис, æмæ иууылдæр каст фесты ирон педтехникум. Стæй канд мах хъæуы ахуыргæнджытæ нæ. Уæдæ нæ аивад æмæ литературæйæн цы хæрзты бацыд, уый та абарæн æппындæр ницæимæ ис.

Кæд педтехникумы нæ ахуыр кодтон, уæддæр ын йæ ахуыргæнджытæй бирæты зыдтон. Абоны хуызæн ма мæ

цæстытыл уайы йæ раздæры дзырддзæугæдæр директортæй иу Арцутанты Николайы фæлгонц. Лæгæй-лæгмæ йемæ зонгæ нæ уыдтæн, фæлæ мын æй куы бацамыдтой, уæдæй фæстæмæ йæм кастæн дзуары лæгмæ кæсæгау. Терчы был-иу арæх тезгъо кодта æмæ-иу хатгай, куыннæ мыл фæгуырысхо уа, афтæ йæ фæдыл фæцыдтæн. Диссаг уыд, цæйбæрц адæм æй зыдта, уый. Чи йын дардæй салам лæвæрдта, чи та-иу йемæ ныхасмæ æрлæууыд.

Хорз зыдтон ахуыры хайады сæргълæууæг Дзабайты Арсенийы. Иу хатт, Мæскуыйæ ардæм цæугæйæ, иу купейы баиу стæм, æмæ мын бирæ диссаджы хабæрттæ фæкодта. Тынг лымæнæй цардыстæм Моргуаты Уырысбиимæ. Уый йæ фæллойадон фæндаг райдыдта ахуыргæнæгæй æмæ йæ къухы цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд, уымæн хорз æвдисæн у, хæсты размæ хæрзæрыгонæй фæлтæрдджын ахуыргæнджытимæ орденхæссæг кæй ссис, уый. Кæддæр ыл æз «Рæстдзинад»-ы фысгæ дæр кодтон. Бæлвырддзинæдтæ нал хъуыды кæнын, фæлæ æрмæджы сæргонд мæ зæрдыл бадардтон – «Ахуыргæнджытыл ахуыргæнæг».

Ахуыргæнджытыл ахуыргæнæг фæстæдæр сси, фæлæ уый размæ бирæ азты уыди партион куысты. Разамынд лæвæрдта партийы Алагиры райкомæн. 1960 азы педтехникумы директор куы сси, уæд-иу арæх æмбæлдыстæм, уæлдайдæр æвзæрстыты рæстæг. Æз уæд газет «Рæстдзинад»-ы куыстон æмæ къорд азы агитатор уыдтæн. Не 'взарæн участок та-иу педтехникумы уыд. Куыд æмбæлд, афтæ-иу куыннæ хъуамæ бакуыстаиккам! Ахæм æвзæрстытæ нæ хъуыды кæнын, æмæ нын Уырысби зæрдиаг арфæтæ кæд нæ ракодта, буц ныхæстæй нæ кæд нæ барæвдыдта. Стæй канд ныхæстæй нæ. Ахæм бæркады уæлхъусиу нæ æрбадын кодта, æмæ нарты куывдæй цы кæныс!..

Фæстæдæр училищейæн разамынд лæвæрдта Уртаты Валентинæ. Уæздандæр йæхицæй сылгоймаг зын ссарæн уыд. Уый йе 'ппæт хъарутæ дæр цæстуарзонæй лæвæрдта адæмон ахуырадæн, рæзгæ фæлтæры хъомыладæн. Училищейы дыууæ азы бакусыны фæстæ æвæрд æрцыд рухсады министры хæдивæгæй æмæ ам дæр йæхи равдыста хъæппæрисджын æмæ арæхстджын разамонæгæй.

Валентинæйы тыххæй мæ бон бирæ хорз ныхæстæ зæгъын у, уымæн æмæ къорд азы иу хæдзары фæцардыстæм. Уыдис йæ хъæбултæн уарзон мад, йæ сæрыхицауæн –

иузæрдион æмбæлццон. Йæ диссаджы миниуджытæ ма ноджыдæр иу хатт рабæрæг сты, йæ цардæмбал Диамбегты Аслæнбеджы æмдзæвгæтæ мыхуырмæ куы цæттæ кодта, уæд. Аслæнбег дæр Валентинæйы хуызæн йæ цард снывонд кодта фæсивæды хъомыладæн. Йæ зæрдæмæ хæстæг уыд литературæ. Иронау æмæ уырыссагау фыста æмдзæвгæтæ. Цалынмæ æгас уыд, уæдмæ сæ адæмы рæгъмæ никуы рахаста, фæлæ йын сæ йæ амæлæты фæстæ Валентинæ æрæмбырд кодта æмæ сæ мæнмæ æрбахаста. Мах рауагъдад «Ир»-ы редактор Дзуццаты Зæлинæимæ, нæ бон цы уыд, уымæй бацархайдтам сæ рауадзыныл. Разныхас ныффыссынмæ куы 'рхæццæ стæм, уæд редакторимæ бауынаффæ кодтам, цæмæй уыцы хæс йæхимæ райса Валентинæ йæхæдæг. Раздæр йæ ныфс нæ хаста, фæлæ йæ мах сразæнгард кодтам æмæ нæ фæрæдыдыстæм. Йæ цардæмбалы миддуне раргом кæнынæн ахæм ныхæстæ ссардта, æмæ дзы алкæцыдæр зæрдæйыл æмбæлы. Кæд сæ фысгæ Аслæнбеджы тыххæй кæны, уæддæр дзурæг сты сæ авторы зæрдæйыуагыл дæр. «Уый уыд хъомылгæнæг. Хуымæтæджы ахуыргæнæг, ахуыры хайады сæргълæууæг, директор, стыр хицау, фæлæ уыдæттæ сæйраг не сты. Сæйрагдæр у, куысты куыд æцæг адæймаг уыд, царды дæр ахæм кæй уыд». Мæнмæ афтæ кæсы, цыма ацы ныхæстæ Валентинæйæн йæхимæ дæр хауынц.

Чиныг («Царды хур», Дзæуджыхъæу, «Ирыстон», 2002 аз) мыхуырæй куы рацыд, уæд йæ фыццаг фарсыл бакастæн ахæм фыст «Диамбегты Аслæнбеджы бинонтæ зæрдиаг арфæ кæнынц поэт Дзасохты Музаферæн, ацы чиныг рауадзынæн зæрдиаг æххуыс кæй бакодта, уый тыххæй». Æз ахæм æххуыстæ цæрæнбонты бирæтæн бакодтон, фæлæ мæ дзы афтæ бузныгæй никуы ничи баззад. Уый дæр Валентинæ æмæ йæ бинонты уæздандзинадыл дзурæг у...

Уæдæ Валентинæйы фæстæ чи куыста, уыдоны дæр зыдтон æмæ зонын. Иуцалдæр ныхасы мæ зæгъын фæнды Тлатты Æмзоры тыххæй. Æнусы æмбисæй фылдæры размæ базонгæ стæм. Хæрзæрыгон лæппуйæ райдыдта Дрисы фырт æхсæнадон куыст кæнын. Цыппар æмæ йыл ссæдз азы цыд, афтæ йæ сæвæрдтой Æрыдоны районы газет «Ленинон»-ы редакторæй. Уым 1954 азы фыццаг хатт мыхуыры фæзынд ме 'мдзæвгæ «Фæззæг». Чысыл фæстæдæр дунейы рухс федтой ме 'ннæ фыстытæ дæр. Уæд

райдыдта нæ хæлардзинад Æмзоримæ. Афтæ мæм кæсы, цыма уыцы хæлардзинад никуы фехæлдзæн. Зыдтон Хъыргъаты Владимиры, хæларæй цæрын Хозиты Феликс æмæ Кучиты Людмилæимæ.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй педтехникум уыд ирон аивад æмæ литературæйы авдæн. Ам ахуыр кодтой, фæстæдæр Ирыстоны кад æмæ намысы тырыса бæрзæндты чи ахаста, бирæ ахæм нывгæнджытæ æмæ фысджытæ. Нæ райгуырæн бæстæйæн бирæ хорздзинæдты чи бацыд, уыдон нымайынæн бирæ рæстæг хъæуы, фæлæ дзы цалдæры нæмттæ зæгъдзынæн. Алы рæстæджыты ирон педтехникум каст фесты Дзанайты Сергей, Бесаты Тазе, Мамсыраты Дæбе, Хъайтыхъты Геор, Плиты Грис, Мыртазты Барис, Хъайттаты Сергей, Тохты Иван, Мæрзойты Сергей, Чеджемты Геор, Кокайты Тотрадз... Уыдонæй алчидæр аккаг бавæрæн бахаста ирон дзырды хæзнадонмæ. Кæй ранымадтон, уыдонæн сæ фылдæр æгас нал сты, фæлæ мæрдтæм арфæгондæй ацыдысты сæ уарзон ахуыргæнæндонæй. Æгас дзы чи у, уыдон та æхсызгонæн мысынц, Терчы галиу былгæрон Карл Марксы уынджы 36 хæдзары цы амондджын азтæ арвыстой, уыдон...

Поэзимæ ницы бар дарыс, зæгъгæ, дын зæгъин, фæлæ, дæ хуызæтты тыххæй йæ хъуыды Белинский цал азы размæ загъта, уый дæхæдæг банымай, æз та дын, дæ хуызæн æмдзæвгæтæ фыссæгæн цы аргъ скодта, уый дæ зæрдыл æрлæууын кæндзынæн: «Признак ненастоящей поэзии – когда ум работает без участия чувства».

Де 'мдзæвгæтæ адæмы зæрдæмæ фæндаг уый тыххæй нæ арынц.

Америкаг журналист æмæ эссеист Генри Луис Менкенмæ ахæм ныхæстæ ис: «Больше всего ненавидят то, чему больше всего завидуют».

Æвæццæгæн, раст зæгъы, æндæр премитæ æмæ каджджын нæмтты ныхмæ уыйбæрц дзурджытæ нæ уаид. Сæ ныхмæ та æппæты тынгдæр дзурынц, преми кæнæ каджджын ном кæмæн нæ радтой, кæнæ кæмæн нæ ратдзысты, уыдон.

Фысджытæ кæрæдзийы кæй нæ уарзынц, уый уартæ кæд æмæ кæд загъдæуыд! Иу поэт иннæ поэты йæхицæй уæлдæр кæй никуы æрæвæрдзæн, уый æппæты фыццаг Цицероны фыссæн сисы бынæй рацыд. Махмæ дæр чиныджы фæрцы æрхæццæ. Ууыл дыууæ мин азæй фылдæр цæуы, фæлæ уæдæй нырмæ фысджыты зондахаст кæй нæ аивта, уымæн æвдисæнтæ агурын нæ хъæуы: алчи йæ йе 'рвылбоны цардæй бафидар кæндзæн.

Мæ хорздзинад кæй нæ фæнды, «нæ фæнды» нæ, фæлæ зын кæмæн вæййы, уыдон мæ фæсаууон мæ фыдгой кæныныл кæй нæ ауæрдынц, уый мæм, иуæй, диссаг нæ кæсы, иннæмæй та йыл ахуыр дæн.

Къостайы преми мын куы радтой, уæд ме 'мсис «хæлæрттæй» æппæты хъыгдæр кæмæн уыди, уый къамисы уæнгтæй иуыл куы амбæлд, уæд ын бауайдзæф кодта:

– Кæмæнты дæттут премитæ, кæмæнты, адæм уыл худгæ кæнынц, уый нæ зоныс?!

Æз къамисы уæнджы бынаты куы уыдаин, уæд ын афтæ загътаин:

– Дæуæн æй куы раттаиккам, уæд та ныл кæугæ кодтаиккой.

Футбол чи уарзы, æз дæр мæхи уыдоныл нымайын. Нæ командæйы сгуыхтдзинæдтыл цин кæнын дæсгай азты дæргъы. Куы фембылды вæййы, уæд мæ равг фехæлы æмæ цасдæр рæстæг мæ чемы нал вæййын, фæлæ йæ афтæ нæ уарзын, æмæ, мæ фæстаг къæбæрæн цы 'хца ныууагътон, уымæй стадионмæ зынаргъæй билет балхæнон æмæ, мæ гуыбыны хъуыр-хъуырмæ хъусгæйæ, футболмæ кæсон. Ноджы ма иу хаттæй иннæмæ æвзæрдæр куы хъазой æмæ турнирон таблицæйы, дæле ранымайгæйæ фыццагдæр бынæттæ куы ахсой, уæд. Махæн та нæ футболы хабæрттæ ахæм уавæрмæ хæстæг нæ, фæлæ тынг хæстæг сты. Афтæмæй йæ дарыныл та хæрдзтæ бирæ кæнæм. Уый, ныхæстæй дзургæйæ, цæстыл афтæ тынг нæ уайы. Нымæцтæ йæ бæлвырддæрæй æвдисынц. Æмæ уыдоны æвзагмæ рахизæм, уыдоны фæрцы кæрæдзийы хуыздæр бамбардзыстæм...

Фарон нæ футболистты командæ «Алан»-ыл республикæйы бюджетæй бахардзчындæуыд 472 милуан сомы.

Дæлæмæдæр-уæлæмæдæр! Хицауады минæвары хъуыдымæ гæсгæ, уыдон, йæ бюджет ссæдз миллиард сомы кæмæн у, уыцы республикæйæн зын радихгæнæн не сты. Ацы аз, дам, уыцы æхцатæ 115 милуанмæ æрæппæрстам. Дыууæ азы хæрдзтæ кæрæдзимæ куы бафтауæм, уæд миллиарды æмбисæй дзæвгар фæфылдæр уыдзысты, ома схæццæ уыдзысты 597 милуан соммæ. Уый та у Ирыстоны бюджеты дыууиссæдзæм хай. Æнæхъæн Ирыстон йæ 710 мин 300 цæрæгимæ – иуæрдыгæй, иннæрдыгæй –«Алан»-ы иуæндæс хъазæджы се 'мбæлттæ, сæ разамонджытæ æмæ се 'мкусджытимæ. Цымæ, æнæ сæдæгай милуантæ бафидгæйæ, фæстаг бынат бацахсын афтæ зын уаид?

Бæрнон кусæгмæ 472 милуан сомы бирæ нæ кæсынц æмæ йæм раст нæ кæсынц, уымæн æмæ уыдон сты тынг бирæ!..

Куыд бирæ сты, уый та ам дæр цæстытыл ауайын кæндзынæн нымæцты æххуысæй. Зæгъæм, фароны æхцатæм ма ацы азы 115 милуаны куы бафтауæм, уæд Цæгат Ирыстоны паддзахадон чингуыты рауагъдадæн суаиккой 119 азæй фылдæры фаг. Хицауад ирон чиныг уадзынæн уыцы æхцатæ куы радих кæнид, уæд сæ фылдæр хай фæстæмæ сæхимæ бахауиккой, уымæн æмæ, мадæлон æвзагыл фыст чиныгмæ ныртæккæ цы цæстæй кæсæм, афтæ куы кæсæм, уæд тæссаг у, 119 азы фæстæ, иронау кæсджытæ нæ, фæлæ рæстмæ дзурджытæ дæр куынæуал уа, уымæй.

Хъæды рагæй нал уыдтæн, фæлæ апрелы кæрон æмæ майы фыццаг бонты хур зæххыл куы атылд, уæд ме 'рыгон дуджы æнкъарæнтæ сæ базыртæ батылдтой æмæ мæ мæ рагон фæндæгтæм ахастой. Кæд-иу хъæды бонсауизæрмæ фæрацу-бацу кодтон, уæддæр мемæ хæринаг никуы ахастон, уымæн æмæ-иу мæ кæцыфæнды заман дæр æрдз йæ бæркæдтæй барæвдыдта. Уалдзæг æмæ-иу сæрд мæхи бафсæстон алыхуызон халсартæй, фæззæг æмæ зымæг та хъæды къæбицтæ дзаг вæййынц алыхуызон гагадыргътæй, æхсæр, дурвæткъуы, цым æмæ мугæйæ райдай, æмæ какон, уагъæлы æмæ мыртгæйæ фæу. Ныр цæмæдæр гæсгæ мæ зæрды мемæ, ме 'ххормаг цæмæй ферох уа, ахæм рог фæндаггаг райсын уыд, фæлæ фæстагмæ мæ фæнд аивтон...

Хъæды арфмæ куы бахæццæ дæн, уæд æхсæр къутæрты бын фæкомкоммæ дæн гæнгæлыйы «хуыммæ». Æхсызгон мын куыннæ уыд йæ фенд! Æвиппайды мæ райгуырæн хъæуы февзæрдтæн. Уайтагъд нæ цæхæрадоны чъылдым балæууыдтæн (мах хъæугæрон цардыстæм). Уым гæнгæлытæ зади. Стæй гакъуынделатæ. Рагуалдзæг-иу дзы нæ сыхы сывæллæттимæ не 'ххормаг гуыбынтæ бирæ хæттыты бафсæстам…

Схæцыдтæн фыццаг бæласыл, æмæ фæлмæн зæххæй æнцонæй фæхицæн. Астыгътон æй, æмæ зонгæ тæнгъæдæй мæ ком айдзаг. Астыгътон дыккаг, æртыккаг бæлас дæр. Цыбыр дзырдæй, ме 'ххормагæн йæ кой дæр нал уыд. Куы рацæйцыдтæн, уæд ма фæстæмæ иу каст фæкодтон æмæ гæнгæлыйы хуымæн «бузныг» загътон. Уыцы рæстæг кæцæйдæр дымгæ фæзынд, æмæ зайæгойты пыхцыл сæртæ базмæлыдысты, æрмæст сæрæй бынмæ нæ, фæлæ — рахизæрдыгæй галиуæрдæм, цыма, мах ам куы стæм, уæд демæ фæндаггаг хæссынмæ цæмæн хъавыдтæ, зæгъгæ, мын уайдзæф кодтой, уый хуызæн…

Дарддæр ацыдтæн. Иу кæрдæгæйæмбæрзт æрдузмæ бахæццæ дæн. Нарæг къахвæндагыл иуцасдæр куы бауадтæн, уæд мæ цæст æрхæцыд æрыскъæфы дидинджытыл. Цыма мæм иууылдæр сæ фондзсыфон цæстытæй ныккастысты, афтæ мæм фæкаст. Сæ цуры æрлæууыдтæн æмæ сæм кæсынтыл фæдæн. Æхсызгон мын уыд уыдоны уынд дæр. Кæддæр Куыройыдоны былгæрæтты сæ фæдыл бирæ фæразил-базил кодтон. Бирæ хæттыты дзы канд мæхæдæг нæ бафсæстæн, фæлæ ма-иу дзы мемæ дæр æрбахастон æмæ-иу изæрæй, мæ мад быдырæй кусынæй куы 'рбацыд, уæд ын-иу æрыскъæфтæ дидинджыты бастау балæвар кодтон…

Иуафон та дымгæ æрбаулæфыд æмæ æрыскъæфты бæлæстæ базмæлыдысты, æрмæст дыууæрдæм нæ, фæлæ — арфæгæнæгау — сæрæй бынмæ, цыма афтæ зæгъынмæ хъавыдысты: «Бузныг, кæй нæм æрлæууыдтæ æмæ нæ хорзæй кæй æрымысыдтæ, уый тыххæй. Мах дæр гæнгæлытæй æнæуазæгуарзондæр не стæм. Фæстæдæр нæ куы абæрæг кæнай, уæд та дын дæ сабийы бонтæ дæ зæрдыл æрлæууын кæндзыстæм…»

Æрхы былмæ бахæццæ дæн. Мæлæты цæхгæр ныххизæн æм уыд. Æхсæры къудзитæ æмæ мæ

лæдзæджы æххуысæй куыддæртæй ныххызтæн. Къада доны сæрты бахизын та мын дурты фæрцы бантыст, фæлæ мæ размæ уыд ноджы зындæр фæлварæн: фаллаг къул ныххизæнæй æмхæрддæр разынд. Чидæр йæ хæрæгæн куыд загъта, дæлæ кæнай, уæлæ кæнай, уæддæр дын ацы хæрды æнæ схизгæ нæй, зæгъгæ, уыйау мæнæн дæр фæстæмæ здæхæн нал уыд æмæ, мæ лæдзæгыл æнцой кæнгæйæ, цалдæр къахдзæфы акæнын сфæрæзтон. Фæуæле уæвынмæ мæ бирæ нал хъуыд, афтæ мæ размæ фæци бæласы ставд хус къалиу. Æнхъæлдтон, ставд у æмæ мын иу къахдзæф фæуæлдæр уæвынæн уæддæр баххуыс кæндзæн, зæгъгæ, фæлæ фæрæдыдтæн: къалиу фæсаст æмæ, мæ лæдзæг куы нæ уыдаид, уæд мын уæлгоммæ æнæахаугæ нæ уыд. Мæ къæхтыл лæугæйæ аззадтæн, къалиуы фарсмæ цы бæзджын кæрдæг зад, уымæ фæлæбурдтон æмæ мын уый фæрцы «æгас» бæласы къалиуыл фæхæцын бантыст…

«Мард» бæласы ставд къалиуæй «æгас» кæрдæджы гуцъула тыхджындæр разынд. Уымæн фæзæгъынц, сæдæ мардæй иу æгас хуыздæр у, зæгъгæ.

Хæды амæй стырдæр бæлас уа, уый æнхъæл нæ дæн, уымæн æмæ абондæргъы кæцы къуымæй нæ ракастæн, ахæм нал баззад, æмæ дзы ацы дæргъæй-дæргъмæ къабазджын бæласы сæрты чи акастаид, ахæмыл нæ сæмбæлдтæн. Фæлæ йæ, стыр хъыгагæн, йæ фарсыл хуысгæйæ баййæфтон: чидæр æй электрон тыхæй кусгæ хырхæй йæ тæккæ бындзарæй афæлдæхта. Истæмæн æй хъуыдаид, уый мæ нæ уырны, уымæн æмæ йæм æрбацæуæн никæцырдыгæй ис.

Кæддæр-иу чидæртæ бæлас гуыппы тыххæй дæр калдта, фæлæ ацы бæлас гуыпп дæр кæй нæ фæкодтаид, ууыл æнцон бауæндæн у, уымæн æмæ йæ йæ къалиутæ зæххыл æрхуыссын ныр дæр нæма бауагътой. Стæй цыфæнды тыхджын гуыпп куы фæкодтаид, уæддæр никæмæ фехъуыстаид: йæ алыфарс цъиуызмæлджытæ кæд фæзыны, уæддæр дзы адæймаг змæлæг афæдз иу хатт дæр зынæй вæййы.

Цыфæндыйæ дæр мæм йæ акалæг тæригъæдджын кæсы… Хуыцау ын тæрхонгæнæг уæд…

Адæймаджы цæст, дам, сыджыт йеддæмæ ницæмæй æфсæды. Æмбисæндтæм джигул кæнын мæхицæн хæсыл нæ нымайын, фæлæ цыма ацы ныхæстæм къух бакæнæн ис, афтæ мæм кæсы…

Ацы хъæды рагæй нал уыдтæн. Дзæвгар азты размæ йæ мæй иу кæнæ дыууæ хатты бæрæг кодтон. Бон-сауизæрмæ-иу фæзылдтæн æмæ дзы хъæддаг æрдз йеддæмæ ницæуыл æмбæлдтæн. Иу хатт та мæ размæ хъæддаг хуытæ фесты. Пыхсбынæй сæ хъох-хъох куы ссыд, уæд мæ удæй мæ мидæг ницуал аззад, фæлæ уыдон мæнæй тынгдæр кæй фæтарстысты, уый куы федтон – лидзæг фесты – уæд мæ уд фæстæмæ йæ бынат бацагуырдта.

Уый раджы уыди. Ныр хъæдмæ йæ фыццаг хуызæй бирæ нал баззад. Æрдузы гæппæл дзы кæцырандæриддæр уыд, уым, цæст цæуыл не 'рхæцдзæн, ахæм нæй: кауын æмæ æфсæн бырутæ, æфсæн-бетон быцæутæ æмæ къæйтæ, блочы сæстытæ, хæррæгъ саратæ æмæ ма ноджыдæр бирæ ницытæ 'мæ мацытæ.

Цыбыр дзырдæй, фæзы гæппæлтæ иууылдæр хæлæйфаг фесты. Æрдузтыл арм æрæвæрдæуыд, фæлæ дзы пайда иу гæбазæй дæр нæма кæнынц. Уый хыгъд зæххытæ сæхи бакодтой, фæлæ дзы цыма иуы цæст дæр нæ бафсæст, афтæ мæм кæсы.

Мæнмæ гæсгæ, адæймаджы цæст сыджытæй дæр не 'фсæды, уымæн æмæ зæхх дæр сыджытæй конд у.

Нæлгоймæгтæ диссаг сты: æппæты æгуыдзæгдæр дзы чи у, уый дæр йæхи сылгоймагæй зондджындæр хоны, афтæмæй та, амæй зондджындæр лæг ма уæд, уæддæр йæ усыл зондæй нæ фæуæлахиз уыдзæн.

Æргом дзургæйæ, æз дæр мæхи æдылытæй нæ хонын. Ахæмтæй куы уыдаин, уæд мæхицæн цардæмбал æвзарыныл æртын авд азы нæ фæхъуыды кодтаин. Зонгæ чызджытæ та мын куыннæ уыди! Уæдæ дзы мæ зæрдæмæ чи цыди, ахæмтæ дæр дзæвгар разындаид, фæлæ уæддæр агуырдон, уымæн æмæ æуууæндыдтæн, рæсугъдæй рæсугъддæртæ куыд ис, афтæ хуыздæрæй хуыздæртæ дæр кæй ис.

Цыди рæстæг, ивгъуыдтой бонтæ, мæйтæ æмæ афæдзтæ. Фылдæрæй-фылдæр кодтой мæ чызг-зонгæтæ, æфтыди, мæ зæрдæмæ чи цыди, уыдоны нымæцыл дæр.

Мæ хæстæджытæ, мæ хорздзинадмæ чи бæллыд, мæ уыцы зонгæтæй мын бирæтæ фæдзæхстой, сылгоймаг нæлгоймагæй зондджындæр у, æмæ йæм алы хъуыддаджы дæр хъусын хъæуы, зæгъгæ. Æз, кæй зæгъын æй хъæуы, уыцы ныхæстæ мæ зæрдыл даргæйæ, мæ амондыл фембæлынмæ æнхъæлмæ кастæн.

Рацæй-рабон, æмæ уыцы амондджын рæстæг ралæууыд. Мемæ институты чи ахуыр кодта, уыцы сылгоймаг мын йæ зонгæ чызджы бацамыдта. Куыддæр æй федтон, афтæ, куыд фæзæгъынц: «Мæ зæрдæйы ныххаудта». Мæхинымæр фидарæй скарстон: «Ацы чызгмæ æппындæр ницы аипп уынын æмæ йын æнæракургæ нæй!» Фæлæ хъуыддаг, æз куыд æнцон рауайын æнхъæл уыдтæн, ахæм нæ разынд. Чызгæн мæ фæндон куы бамбарын кодтон, уæд, марадз-зæгъай, кæд разы кодта. Мæнæй, мæ хæстæджытæ æмæ мæ хæлæрттæ цы фæдзæхстой, уый дæр ферох æмæ йæм нæ байхъуыстон. Цыбыр дзырдæй, сразы йæ кодтон æмæ... фæрæдыдтæн.

Уæдæй нырмæ дыууиссæдз азы рацыд, фæлæ мæхи фæнд никуыуал атардтон: мæ бинойнаг цы фæзæгъы, ууыл сразы вæййын, уымæн æмæ мæ дыккаг хатт рæдийын нал фæнды.

Цыма ирæттæ сæ райгуырæн бæстæйыл ырæй стырзæрдæдæр никуыма уыдысты, афтæ мæм кæсы. Афтæ куы нæ уаид, уæд мæ зонгæтæй арæхæйарæхдæр нæ хъусин ахæм ныхæстæ: «Мæ чызг испайнаг мой скодта», «Æндæрæбон мæ лæппуйæ Америкæй писмо райстон», «Мæ хæрæфырт Италийæ отпуск æрбацыд», «Мæ фаззон лæпputæй иу Австралийы англисаг чызджы ракуырдта» æ.а.д.

Æргом дзургæйæ, уыцы ныхæстæ хъусын мын æхсызгон нæ вæййы. Афтæ дарддæр куы ахæсса, уæд дзы цыма хорзæй ницы уыдзæн, афтæ мæм кæсы.

Дæ чызг кæнæ лæппуйы æндæр бæстæмæ цæмæн ауагътай, зæгъгæ, кæй бафæрсай, уый дын фылдæр хатт ратдзæн ахæм дзуапп: «Ам ын куыст нæ уыди...»

Ахæм дзуаппыл никуы сразы вæййын, уымæн æмæ 700 мин адæймагæй фылдæр кæм цæры, уым адæм иууылдæр æгуыст сты?! Не сты, фæлæ уæддæр, æндæр бæстæтæм

чи цæуы, уыдоны нымæц къаддæр нæ, фæлæ фылдæр кæны...

Мæхи цардæй ахæм хабар ракæнын мæ зæрды ис. Дыууæ азы ахуыр кодтон Мæскуыйы, Уæлдæр партион скъолайы. Уыцы иу рæстæг хистæр ахуыргæнæгæй куыстон А. М. Горькийы номыл Литературон институты. Ахуыр фæуынмæ куы хъавыдтæн æмæ куыстæй цæуыны кой куы скодтон, уæд мæм ректор æрхатыд, ам баззай, зæгъгæ. Фатер райсынæй мын зæрдæ æвæрдтой, уæдмæ та, дам, дæ бинонтимæ æмдзæрæны ацæрдзынæ, фæлæ æз не сразы дæн, уымæн æмæ дыууæ азы дæргъы æз мæ фыны дæр мæ райгуырæн бæстæйы уыдтæн. Хъалæй та-иу мæм афтæ каст, цыма æнæ мæн Ирыстоны бирæ диссаджы цаутæ æрцыди, æмæ дзы æз æнæхайæ баззадтæн.

Нæхимæ куы ссыдтæн, уæд мыл хур ракаст. Цæуын мæ кæй никæдæмуал хъæуы, уый-иу мæ зæрдыл куы 'рбалæууыд, уæд-иу мæ цинæн кæрон нал уыд. Мæскуыйы цæргæйæ-иу арæх поэты рæнхъытæ æрымысыдтæн:

Цæй-ма, кæмæн кæнон зарджытæ?
Чи мын æмбары мæ мæт?!
Уынджы нæ фендзынæ барджытæ,
Иу дзы нæ дары нымæт.

А фæстаг рæстæджы та мæ хъустыл арæхæй-арæхдæр азæлынц уыцы поэты ахæм ныхæстæ:

Уæ парижтæ, уæ Лондоны
Нæ баивин æз Нарыл.
Уым Хетæгæн Рæмонбоны
Къоста райгуырд сæнарыл!

Адæймаг кæм райгуырд, фыццаг къахдзæфтæ кæм акодта, уыцы хæдзар, уыцы зæххæй йын адджындæр æмæ зынаргъдæр ницы ис.

Ирыстонмæ кæй сыздæхтæн, уый æз нымайын фыццаг къахдзæфыл. Мæ дыккаг къахдзæф мæм уымæй ноджы зынаргъдæр кæсы. Уый та баст у мæ райгуырæн хъæуимæ. Тæхуды кæнын, дыккаг къахдзæф кæд акæндзынæн, уыцы бонмæ. Уый та уыдзæн, Бæрæгъуыны куы 'рцæрон æмæ мыл мæ райгуырæн хæдзары куы сбон уа, уæд...

Фондз азæй фылдæры размæ «Рæстдзинад»-ы иу æрмæг бакастæн æмæ мæ абоны онг нæ рох кæны. Цæвиттон, иу пенсиисæг, уæгъд рæстæг бирæ кæмæн ис (йæхи ныхæстæм гæсгæ), ирон æвзаджы сыгъдæгдзинад куыд хъахъхъæнæм, уый тыххæй фыссы йæ хъуыдытæ. Дыууæ хъуыддаджы мæ дзы дисы бафтыдтой.

Фыццаг. Авторæн уал йæхимæ байхъусæм: «Иуæйиутæ, цæмæй ирон æвзаг хуыздæр ахуыр кæной скъолаты, уый тыххæй хæссынц фæндон, цæмæй æппæт предметтæ дæр ахуыр кæной иронау, зæгъгæ, суанг фарæстæм къласы онг. Æз ахæмтимæ разы нæ дæн, уымæн æмæ мæхæдæг бавзæрстон ахæм «фæлварæн». Хæсты фæстæ азты авд къласы онг æппæт предметтæ дæр раивтой иронау æмæ, уый цæлхдуртæ цы æвæрдта, æндæр ахуырады мидæг ницы пайда уыди».

Тынг зын сразы уæвæн у ахæм хъуыдыимæ. Рæдыддæр зондыл ныххæцæн нæй, уымæн æмæ уыцы фæтк куы фехæлдтой, ома æппæт предметтæ дæр иронау кæй ахуыр кодтой, ууыл куы сыстырзæрдæ сты, уæд райдыдтой нæ бæллæхтæ дæр. Уæдæй фæстæмæ скадавар сты, иронау чи фыссы, уыдон. Уæдæй фæстæмæ азæй-азмæ къаддæр кодта университеты ирон æвзаг æмæ литературæйы хайадмæ цæуджыты нымæц. Уæдæй фæстæмæ дæлæмæ-дæлæмæ цыд ирон чиныгкæсджыты нымæц дæр. Ирон фысджыты хистæр æмæ астæуккаг фæлтæр æппæт предметтæ дæр ахуыр кодтой иронау, æмæ ма дзы исчи зæгъæд, кæмæн дзы фæци къуылымпыйы хос, æппæт предметтæ дæр иронау кæй цыдысты, уыцы хъуыддаг. Мæнмæ гæсгæ, иу ахæм дæр нæ разындзæн.

Дисы мæ цы хъуыддæгтæ бафтыдтой, уыдонæй дыккаг та у ахæм. Уæвгæ та уал ам дæр авторæн йæхимæ байхъусæм: «Кæй хъæуынц дарддæр ахуыры фæндагыл мæнæ ахæм дзырдтæ: «джынасу, цæнгæт, туагад, туаггуыр, сондон, æвзалытуаггуыр æмæ бирæ æндæр дзырдтæ? Фæстæдæр, техникон предметтæ ахуыр кæнгæйæ, уыдон уыдысты æрмæст къуылымпыйы хос».

Æргом дзургæйæ, ацы ран, цы зæгъон, уый мæ сæр нæ ахсы.

«Джынасу»-йæ райдыдта, æмæ æз дæр уымæй райдайон. Цæмæй нæ цæуы цымæ ацы дзырд йæ зæрдæмæ? Тæнгъæд згъæр иунæг уый куы у, уæд æй йæ номæй хонын

цæуыннæ уадзы? Æви ртуть ирон æвзаджы рæсугъддæр сфидаудзæн? Уæд иннæ згъæртæм та цы номæй бадзурæм? Сызгъæринмæ – золотойæ, æвзистмæ – серебройæ, цæнгæтмæ – чугунæй? Стæй иннæ ирон дзырдтæн та цы йæ зæрды ис? Цæуыннæ сæ уадзы æвзагмæ хæстæг?

Уæлдæр, дисы мæ дыууæ хъуыддаджы бафтыдтой, зæгъгæ, загътон, фæлæ æртыккаг хъуыддаг къаддæр диссаг нæу. Уæвгæ та ам дæр ныхасы бар авторæн раттæм: «Æз ирон æвзаг æмæ литературæмæ ницы бар дарын, дæн хуымæтæг газеткæсæг æмæ чиныгкæсæг».

Цымæ авторæн афтæ куы зæгъин, æз дохтырдзинадмæ ницы бар дарын, фæлæ операци куыд кæнын хъæуы, уый дын бацамондзынæн, зæгъгæ, уæд æм куыд фæкæсид?!

Красноярскы цæуы литературон журнал «День и ночь». Кæй зæгъын æй хъæуы, ныртæккæ газеттæ æмæ журналтæй, суанг ма чингуытæй дæр, дисы никæй бафтаудзынæ, уымæн æмæ, кæд сæ нымæц æнæгъдау бирæ у, уæддæр уый сæ мидисы хъæздыгдзинадыл нæ дзуры. Фæлæ «День и ночь», йæ мидисæй раппæлæн кæмæн нæй, уыдоны номхыгъдмæ нæ хауы. Зæгъынæн æгъгъæд у, йæ бындурæвæрджытæй иу Астафьев Виктор кæй уыди, уый дæр. Кæд зындгонд фыссæг æгас нал у, уæддæр, журнал рауадзыныл чи архайдта, уыдон ын дарддæр хæццæ кæнынц йæ хъуыдытæ. Ууыл æппæты зæрдиагдæрæй чи кусы, уыдонæй иу у йæ редактор – зындгонд красноярскаг поэт, прозаик æмæ драматург Саввиных Маринæ. Уый уазæгуаты уыд Ирыстоны, базонгæ нæ адæмы цардимæ, фембæлд канд фысджытимæ нæ, фæлæ ма æхсæнадон архайджытæ æмæ ахуыргæндтимæ дæр. Ныхас кодта мемæ дæр. Мæнæ куыд фыста 2012 азы 31 августы газет «Северная Осетия»-йы: «Была встреча с Музафером Дзасоховым... – делающим совершенно изумительный детский журнал «Ногдзау». Положите рядом с этим журналом тот же сегодняшний московский «Пионер»: разница – огромная. Один, издающийся в Москве, – откровенно пошлый, гламурный, детям точно не нужный. А другой, выходящий во Владикавказе, настолько художественно и эстетически значим и интересен, такая энергия от него идет добрая, что хочется его листать и листать...»

Маринæ, сæхимæ куы ацыд, уæд, разамынд цы журналæн дæтты, уым Ирыстонмæ йæ балцы тыххæй 2012 азы 6 номыры ныммыхуыр кодта стыр æрмæг ахæм сæргондимæ «Быть может за стеной Кавказа...» Уым бæлвырд æмæ уарзонæй радзырдта нæ бæстæ æмæ нæ адæмы тыххæй. Ныммыхуыр кодта, кæимæ фембæлд, уыдоны интервьютæ. Фæстæдæр дзы газет «Северная Осетия» рамыхуыр кодта цалдæр, уыдонимæ, мемæ цы интервью саразта, уый дæр. Уым ис ахæм бынат: «Валентин Распутин правильно сказал: «Интернет – это гибель человечества». Что творится в Интернете? Что хочешь пиши – и о ком хочешь, стравливать можно людей, государства, народы... А книга умирает, нет читателя. Тем более на таком языке, как осетинский – на языке немногочисленного народа. Вот я перевел Хайяма на осетинский язык (показывает книгу). Здесь сто рубаи, на одной странице – на осетинском языке, на другой – на русском. В 1991 году книга вышла, тираж – двадцать тысяч экземпляров. И она тогда, вся без остатка, разошлась. А сейчас мой двухтомник вышел к юбилею, и посмотрите, тираж какой... пятьсот экземпляров. И будет лежать годами. Так же, как книги других современных осетинских писателей. Да что современных – «Ирон фæндыр» Коста Хетагурова лежит в книжных магазинах невостребованным! Нартские сказания также лежат, величайший эпос, который стоит наравне со всеми выдающимися эпосами мира, ничьим не уступает... не читают».

Ныр утæппæт хабæрттæ цæмæн ракодтон, уый дæр зæгъон.

Цæвиттон ацы интервью газеты 2013 азы 1 мартъийы куы рацыд, уыцы бон мæм телефонæй æрбадзырдта завод «Электроконтактор»-ы генералон директор Таболты Геор æмæ мын афтæ:

– Кæм сты дæ чингуытæ?

Цыбыр дзырдæй, мæ дыууæтомоны дзæвгар хай заводы директор æмæ йæ кусджытæ балхæдтой.

Æвæццæгæн, афтæ куы фæзæгъæм, литературæ адæмæн æцæгæлон сси, иронау ничиуал кæсы, зæгъгæ, уæд бынтон раст нæ вæййæм. Зæгъдзынæн ма уый дæр, æмæ Геор ахæм хъæппæрис фыццаг хатт кæй нæ равдыста. Куыннæ йын зæгъа адæймаг арфæйы ныхас, кæд æмæ арфæйаг у. Стæй канд арфæйаг нæ, фæлæ бафæзминаг дæр.

Георы хуызæн ирæттæ сæхи иунæг куынæуал хоникой, бирæ æхцатæ кæмæ ис, уыдон сæ тъыссæнтæ кæныны бæсты сæ иу хай адæмы хорздзинадыл куы хардз кæникой, уæд уды сыгъдæгдзинадмæ стыр æвæрæн бахæссиккой. Фæлæ... фæлæ...

О, хæдæгай, куыд мæ фæцæйрох кодта... Къорд азы размæ иу хъæздыг лæг, уæвгæ ам æхцаджын лæг зæгъын растдæр уыдзæн, уымæн æмæ, мæнмæ гæсгæ, хъæздыг æмæ æхцаджын лæг иу не сты. Гъе æмæ уыцы лæгмæ баулæфыдтæн, мин адæймаджы бæрц кæм ис, ахæм æхцаджын адæмæн разамынд дæттыс æмæ-ма мын мæ чингуытæй балхæнут, зæгъгæ. Уый иуцасдæр хъусæй алæуууыд, стæй афтæ: «Ахъуыды кæндзынæн...» Æмæ ма абон дæр хъуыды кæны. Афтæмæй та мын мæ кæстæртæй ахæм хорздзинæдтæ зоны, цæрæнбонты рохгæнæн кæмæн нæй, æнусы бонмæ зæрдыл даринаг чи у.

Гъер уыцы æхцаджын лæг æмæ Таболты Георы кæрæдзиуыл абарут æмæ хатдзæгтæ скæнут.

Æртиссæдз азы рацыд, мæ фыццаг æмдзæвгæ мыхуыры куы фæзынд, уæдæй нырмæ. Уыйбæрц рæстæгмæ æввахс цæуы, ирон фысджытимæ зонгæ кæнын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ дæр. Хъысмæты куы бафæндыдаид, уæд «æгас» ирон фысджытæй æппæты фыццаг федтаин Мамсыраты Дæбейы...

Цæвиттон, мæ фыдыхо Оля æрыдойнаг чындз уыд. Кæцы аз уыд, уый нал хъуыды кæнын — æвæццæгæн, фæндзайæм азты тæккæ райдайæны — фæлæ сæм иу хатт уазæгуаты уыдтæн. Фæстæмæ куы 'рбацæйыздæхтæн, уæд районы библиотекæйы къулыл бакастæн хъусынгæнинаг, уыцы изæр, дам, Дæбейы роман «Хъæбатырты кадæг»-мæ гæсгæ уыдзæн чиныгкæсджыты конференци, автор дзы йæхæдæг дæр архайдзæн, афтæмæй. Æз уымæй размæ уыцы уацмысимæ хорз зонгæ уыдтæн: бакастæн æй журнал «Мах дуджы» æмæ мæ зæрдæмæ тынг фæцыд. Уæвгæ, «фæцыд», зæгъгæ, дзурын раст нæ уыдзæн, уымæн æмæ абон дæр цæуы. Кæддæр мын цы æхсызгондзинад æрхаста, уыцы æхсызгондзинад дзы райсын кæддæриддæр. Йæ кæцыфæнды фарс дæр ын куы рафæлдахын æмæ дзы цалдæр рæнхъы куы бакæсын, уæддæр мæ цæстытыл ауайынц

зонгæ нывтæ æмæ фæлгонцтæ. Цæмæдæр гæсгæ мæм афтæ фæкæсы, цыма Дæбе, Борзаты Ботасы бинонты цард æвдисгæйæ, нæхи бинонты кой фæкæны, уыдоны хъысмæтыл фæдзуры, сæ зæрдæйыуаг сын фенкъары. Уæлдай адджындæр мын у уацмысы фыццаг рауагъд. Зындгонд куыд у, афтæмæй «Хъæбатырты кадæг» хицæн чиныгæй рацыд 1948 азы. Уыцы рауагъд мæ библиотекæйы лæууы, æппæты зынаргъдæр мын чи у, уыцы чингуыты тæрхæгыл. Уый фæстæ дæр ма роман мыхуыры рацыд, уыимæ фыссæджы æхсæзтомон уацмысты æмбырдгонды дæр, фæлæ дзы цы ивддзинæдтыл (куыд бамбæрстон, афтæмæй сæ редактортæ бахастой) сæмбæлдтæн, уыдон мæ зæрдæмæ нæ фæцыдысты. Мæнмæ гæсгæ, Дæбейы куыд фæндыд æмæ йæхимæ хуыздæр куыд каст, уыцы хуызы «Хъæбатырты кадæг» мыхуырæй рацыд, æппæты фыццаг хатт дунейы рухс куы федта, уæд. Æрымысын мæ фæнды йæ бæрнон редакторы ном дæр. Уый уыди йæ рæстæджы зындгонд партион кусæг æмæ курдиатджын журналист Хъайтыхъты Михал.

Дæбейы роман æз чиныгæй 1955 азы, институтмæ ахуыр кæнынмæ куы бацыдтæн, æрмæстдæр уæд федтон. Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй йæ кæсгæ та бакодтон журнал «Мах дуджы». Гъе æмæ уыцы конференцийы тыххæй хъусынгæнинаг куы бакастæн, уæд мæ цымыдисдзинадæн кæрон нал уыд. Мæ уарзон уацмысы тыххæй ныхас кæй цæудзæн, ууыл дæр куыннæ цин кодтон, фæлæ йын йе сфæлдисæджы кæй фендзынæн, зæды хуызæн æнхъæл кæмæн уыдтæн, уымæ мын мæхи цæстытæй бакæсыны фадат кæй фæуыдзæн, уыцы хъуыды мæ Чырыстийы цъуппæй ракæсын кодта æмæ, дыууæизæрастæу кæй райдыдта, нæхимæ, Бæрæгъуынмæ та мæ фистæгæй авд километры цæуын кæй хъуыд, уый дæр ницæмæуал æрдардтон æмæ конференцимæ байхъусынвæнд скодтон.

Хъусынгæнинаджы амынд рæстæг æрхæццæ, рацыд сахаты æрдæг, сахат, уæддæр уазæг зынæг нæма уыд. Цыбыр ныхасæй, мæнæн дарддæр æнхъæлмæ кæсын мæ фадат нал амыдта æмæ изæрмилты нæхимæ зæрдæсаст æмæ фыдæнхъæлæй араст дæн...

Фæстæдæр, горæты ахуыр кæнын куы райдыдтон, уæд Дæбейы, кæй зæгъын æй хъæуы, базыдтон. Куыд æмæ цы уавæрты, уый æрымысын мæ бон нæу, фæлæ тынг бахæлар стæм, уæлдайдæр, «Рæстдзинад»-ы культурæйы хайады

сæргълæууæгæй кусын куы райдыдтон, уæд. Литературон æрмæг иууылдæр ацы хайадыл цыдис æмæ, куыд культурæ æмæ аивады кусджытæ, афтæ нын фысджытимæ дæр уыдис хорз ахастдзинæдтæ. Мах Хъуылаты Черменимæ (иу хайады куыстам) архайдтам, цы амал ис, уымæй хуыздæр æмæ фылдæр литературон уацмыстæ мыхуыр кæныныл. Редакцийы кусджытæй уыдис ахæмтæ дæр — уæлдайдæр хъæууон хæдзарады хайадæй — нæ ныхмæ чи дзырдта, радзырдтæ, повесттæ æмæ романтæй скъуыддзæгтæ, æмдзæвгæтæ æмæ критикон статьятæ æгæр арæх дæттынц, зæгъгæ, ныл редактормæ дзырдтæ чи хаста. Хатгай-иу сæ хъуыдытæ летучкæты æргомæй дæр загътой: «Литературон газет» нæу, аивадон уацмыстæ дзы æгæр арæх мыхуыр кæнæм!» Ахæмтæн-иу нæ дзуапп цæттæ уыд: «Литературон газет» нæм кæй нæй, литературон уацмыстæ афтæ бирæ дæр уымæн мыхуыр кæнæм!» Раст зæгъын хъæуы, редактор Хъаныхъуаты Валодя-иу æдзухдæр нæ фарс уыд, æмæ-иу, æрмæстдæр йæхи дзыппы мæт чи кодта (уыдоны нымæц та дыууæ-æртæ йеддæмæ нæ уыд), фылдæр гонорар бакусыныл чи архайдта, уыдон се 'ргом ныхас фæскъуымтæм ахастой.

Культурæйы хайады кусгæйæ, Дæбеимæ дзæвгар хæстæгдæр базонгæ дæн. Цалдæр хатты мæ хъæппæрисæй йæ радзырдтæ мах газеты рацыдысты.

Дæбейы кой кæнгæйæ, æнæзæгъгæ нæй, цавæр адæймаг уыд, уый тыххæй, уымæн æмæ адæймаг æмæ фыссæгæн кæрæдзийæ хицæнгæнæн нæй. Мæ хистæртæй куыд хъуыстон æмæ ма абон дæр куыд хъусын, афтæмæй Дæбе уыди тынг кæрдзындæттон æмæ уазæгуарзон адæймаг. Мæскуыйæ кæнæ, дам-иу æндæр искуыцæй фысджытæм уазæг куы ссыд, уæд-иу æй тынгдæр сбуц кæныны тыххæй Мамсыратæм хуыдтой. Æрмæст иу хъуыддаг бамбарын мæ бон нæу: алчи-иу æй сæхимæ цæуыннæ хуыдта æмæ, уазæг сбуц кæнынмæ йæхæдæг куыд арæхст, уый цæуыннæ æвдыста? Мæ размæ æмæ æнæ мæн цы уыди, уымæн мæхи дæсны схонынмæ мæ ныфс нæ хæссын, фæлæ мæхæдæг цы федтон, уый тыххæй иуцалдæр ныхасы зæгъдзынæн.

Дæбе æцæгæйдæр уыди уазæгуарзон, стæй канд йæхæдæг нæ, фæлæ йæ бинойнаг Пуцыр дæр. Иуцалдæр хатты сæ хæдзары сæмбæлдтæн, æмæ-иу мæ куыддæр ауыдта, афтæ-иу фынг æвæрынмæ фæци, æрмæст-иу Дæбеимæ

ӕрбадынмӕ мӕ ныфс никуы бахастон. Иуахӕмы та сӕм цӕйдӕр тыххӕй бацыдтӕн, ӕмӕ мӕ фынгыл ӕнӕрбадгӕ нал ныууагътой. Хӕдзары хицауимӕ фӕйнӕ сыкъайы дӕр банызтам. Цӕйбӕрц къӕйныхдзинад равдыстон, уымӕй ма абон дӕр ӕфсӕрмы кӕнын. Дӕбе канд стыр фыссӕг нӕ уыди, фӕлӕ ма мӕнӕй уыди дӕс ӕмӕ ссӕдз азы хистӕр, ӕмӕ ахӕм адӕймагимӕ ӕмвынг ӕруӕвынӕн чысыл «ныфс» нӕ хъуыди.

Диссаг цы уыди: ӕппындӕр мӕ ӕфсӕрмы бынаты уӕвын нӕ бауагъта. Цыма ме 'мгар уыди, мӕхи афтӕ 'нкъардтон. Цас фылдӕр рӕстӕг бадтыстӕм, уыйбӕрц кӕрӕдзийы тынгдӕр ӕмбӕрстам. Дзырдтам алы фарстатыл. Иу заман сфӕлдыстадмӕ дӕр рахызтыстӕм. Кӕуылдӕрты йӕ зӕрдӕ худти, фӕлӕ комкоммӕ никӕй ном загъта. Кӕй сӕм нӕ фӕхӕрам, уый йӕ фӕлмӕн цӕстӕнгас ӕмӕ хъӕлӕсыуагыл дӕр бӕрӕг уыд, фӕлӕ, куы зӕгъын, йӕхицӕн зын уыд, йӕ кой ракӕнын кӕм хъуыд, уым ӕй кӕй не 'рхъуыды кодтой, ӕрымысын ӕй кӕм ӕмбӕлд, уым номхыгъдӕй кӕй ахауд, уый. Йе 'нӕразыдзинад мын куы бамбарын кодта, уӕд иуцасдӕр хъусӕй алӕууыд, стӕй йӕ цӕстытӕ ӕнахуыр ӕрттывд фӕкодтой ӕмӕ уыцы ныфсджынӕй загъта: «А Дабе-то не зачеркнешь!..»

Ӕмӕ уый ӕцӕгӕйдӕр афтӕ у: Дӕбейы иу номхыгъды дӕр куы нӕ ранымайай, уӕддӕр ын адӕмы зӕрдӕты арӕзт номхыгъдӕй ацухгӕнӕн нӕй. Уым рӕсугъд дамгъӕтӕй фыст ӕрцыд йӕ ном дӕр ӕмӕ йӕ мыггаг дӕр...

Нӕ иннӕ фембӕлды та, чиныгкӕсджытӕй цы писмотӕ фӕиста, уыдон кӕсыныл фӕдӕн. Уыдон, ӕвӕдза, ныммыхуыр кӕн – кӕд ма ӕгас сты, уӕд – уӕд нӕ цӕстыты раз ирдӕй сыстид адӕмы уарзон фыссӕджы фӕлгонц, хӕстӕгдӕр базонгӕ уаиккам, чиныгкӕсджытӕ стыр курдиатӕн цы аргъ кодтой ӕмӕ йын цы хорздзинӕдтӕм бӕллыдысты, уыдӕттимӕ.

Писмотӕ бирӕ уыдысты, фӕлӕ дзы иуы цы фыстытӕ уыдис, уыдон мӕ зӕрдыл бадардтон, никуыуал мӕ ферох уыдзысты. Чи зоны, Дӕбе хӕрзӕрыгон лӕппуйӕ цы фыдбылызы бахауд, уый алчи нӕ фехъуыста, уӕлдайдӕр ӕрыгон фӕлтӕры минӕвӕрттӕ. Дӕс ӕви йыл дыууадӕс азы куы цыди, афтӕ йын хорӕфснайӕнты рӕстӕджы найгӕнӕн машинӕйы цалх йӕ дыс ацахста. Йӕ удӕн ницы уыди, фӕлӕ ӕнӕ цонгӕй баззад. Хуыцау хорз, ӕмӕ йӕ

рахиз цонг нæ уыд, æндæр фидæны фыссæг ноджы фылдæр хъизæмæрттæ бавзæрстаид. Цы писмойы кой ракодтон, уый ныффыссæг Дæбейæн бирæ арфæйы ныхæстæ зæгъыны фæстæ йæ бæллиц афтæ бамбарын кодта: «Тæхуды, галиу цонг дын куы фестин, уæд дын-иу фысгæйæ дæ гæххæтты сыфыл, цæмæй ма змæла, уый æххуыс уæддæр фæуин...»

Ахæм цæстæй кастысты Дæбемæ мингай чиныгкæсджытæ. Ахæм цæстæй йæм кæсынц, чи йæ зыдта, уыдон иууылдæр. Кæддæр мæм, фыссæджы райгуырды дæс æмæ цыппарыссæдз азы юбилейы агъоммæ, телеуынынады кусæг Беккуызарты Ларисæ (рухсаг уæд!) æрхатыди, Дæбейы тыххæй, дам, иу-дыууæ ныхасы зæгъ. Уыцы хъуыддаг зæрдиагæй кæй бакæндзынæн, уый куы бамбæрста, уæд мын дисхуызæй афтæ:

— Дæбейы, æвæццæгæн, иууылдæр бирæ уарзтой: кæмæдæриддæр æххуысмæ фæдзырдтон, иу дæр мын дзы «нæгъ!» нæ загъта.

«Æвæццæгæн» нæ, фæлæ йæ æцæгæй бирæ уарзтой, æмæ кæд йæ амардыл дзæвгар азтæ рацыд, уæддæр йæ хорздзинæдтæ рох не сты, адæм ын йæ ном мысынц, цы аккаг уыд, ахæм ныхæстæ зæгъын ын æвгъау нæ кæнынц. Цыбыр дзырдæй, йæ фæстæ знæгтæ нæ ныууагъта, адæмы зæрдæты цы цæрæццаг нæмгуытæ ныппæрста, уыдон суагътой æвæджиауы æвзартæ æмæ сæ цъæх фæлыст никуы сивдзæн, ныры æмæ суинаг фæлтæртæн хæсдзысты цин æмæ амонд. Куыд фыссæг, афтæ цы фæд ныууагъта, ахæм фæд ныууагъта, куыд адæймаг, афтæ дæр. Йæ хорзы кой кæнынмæ дæр уымæн ничи зивæг кæны. Ларисæ Дæбейы куы 'рæййæфтаид æмæ йæ иннæты хуызæн куы зыдтаид, уæд æм диссаг нæ кастаид, иууылдæр æм æмхуызон хорз цæстæй кæй кæсынц æмæ, йæ райгуырды бон кадджындæрæй цæмæй ацæуа, ууыл афтæ зæрдиагæй кæй архайынц.

Дæбейы ныхæстæм хъусынæй адæймаг не 'фсæсти. Лæг цæмæй хæйрæг уыд, æндæр дзы цы хъуыстай, уыдон сæ хæдцæфыл фысс æмæ сæ уый фæстæ адæмы рæгъмæ рахæсс, æмæ фыссæджы фæлгонц фæстагæтты цæстыл ахадгæдæрæй уайа, æвдисæн цæмæн уыдтæ, уыдонæй адæм хайджын уой. Фæлæ, иуæй, зивæггæнаг стæм, иннæмæй та нæм афтæ фæкæсы, цыма адæймаг æнусон у,

кæд нæм æнусон нæ фæкæсы, уæддæр ын тагъд амæлын æнхъæл нæ вæййæм, æмæ уый аххосæй нæхи дæр æмæ иннæты дæр бирæ цæмæйдæрты фæмæгуырдæр кæнæм.

Нæ фембæлдтыты рæстæг нæм-иу йæ уацмысты тыххæй ныхас куы рауади, уæд-иу Дæбе йæ радзырдтæ, повесттæ, пьесæтæ æмæ романты архайджыты тыххæй дзырдта, цыма цардæгас сты, цыма йæ дзы кæимæ бафæнда, уыимæ кæцыфæнды рæстæг дæр йæ бон фембæлын у, уый хуызæн. Фæстагмæ-иу адæймагмæ афтæ кæсын дæр райдыдта, кæд сæ 'рхъуыдыгонд сурæттæ æз рæдыдæй хонын, зæгъгæ. Афтæ хæстæг уыдысты уацмысты архайджытæ се сфæлдисæджы зæрдæмæ...

Дæбейы амарды фæстæ дæр йæ бинонтимæ нæ ахастдзинæдтæ нæ фендæрхуызон сты. Пуцыримæ фембæлд мын-иу кæддæриддæр æрхаста стыр циндзинад, æхсызгонию уыд йæхицæн дæр мæ фенд. Зæгъын хъæуы уый, æмæ Пуцыр Дæбейы сфæлдыстадон бынтæ бабæстон кæныныл зæрдиагæй кæй куыста. Йæхæдæг фæлтæрдджын машинисткæ уыди æмæ, фыссæджы фæстæ цы æнæмыхуыргонд уацмыстæ баззад, уыдон бабæстон кодта æмæ сын сæ иу хай махмæ, «Ногдзау»-ы редакцимæ, 'рбахаста. Зæгъæн ис, æмæ сæ иууылдæр мыхуыры рауагътам. Æппæты гуырахстджындæр уацмыс повесть «Æрдхорд» канд мыхуыр нæ ныккодтам, фæлæ мах фæндонмæ гæсгæ хаст æрцыд 6-æм къласы «Ирон литературæйы хрестомати»-мæ...

Мæ царды дæргъы бирæ ирон фысджытимæ базонгæ дæн. Иутимæ лымæнæй цардтæн, иннæтимæ лымæндæрæй. Иу дзы иннæйы хуызæн нæ уыд, куыд сфæлдыстадæй, афтæ удыхъæдæй дæр. Хъыгагæн дзы бирæтæ абон не 'хсæн нал и, фæлæ сæ фæстæ ныууагътой, сæ цард нывондæн цæй сæрвæлтау æрхастой, уый — сфæлдыстад. Кæй бынтæн дзы цас цæрæнбон ис, уый Хуыцау йеддæмæ ничи зоны, фæлæ сæ хуыздæр уацмыстæ се сфæлдисджытæй бирæ фылдæр кæй фæцæрдзысты, уый дызæрдыггаг нæу. Гъе æмæ мæ исчи куы бафæрсид, ирон фысджытæй чи нал ис, уыдонæй æхсызгондæрæй кæй æрымысыс, зæгъгæ, уæд æппæты фыццаг цы дыууæ адæймаджы ном зæгъин, уыдонæй иу уаид Мамсыраты Дæбе... Чи зоны, иу нæ, фæлæ — фыццаг.

Чаталов Михаилы ном историйы баззайдзæн, бирæ хорздзинæдтæ бакæнын ын кæй бантыст, уый тыххæй. Горæты хицау куы уыди, уæд зæрдиагæй архайдта Дзæуджыхъæу фæрæсугъддæр кæныныл, йæ сæйрагдæр хæсыл та нымадта адæмæн исты хорз фæуыныл. Чи-иу æм бацыд, уый æнæдзуаппæй никуы раздæхта. Хæларæй царди фысджытимæ, йæ бон цы уыди, уымæй сын æххуыс кодта. Адæм æй бирæ кæй уарзтой, йæ уыцы миниуджытæм хауди, иронау кæй дзырдта æмæ дзуры, уый дæр. Михаил хайджын у юморæй дæр…

Дыгурон театр куы гом кодтой, уæд, дам, афтæ загъта, сымахæн дыгурон театр абон байгом, фæлæ мæнæн ахæм театр мæ хæдзары алы бон дæр вæййы (йæ бинойнаг дыгурон у).

Цæмæй адæймаджы базонай, уый тыххæй, дам, йемæ цæххы пут бахæрын хъæуы. Чи зоны, фыдæл афтæ кæй загъта, уымæй нæ рæдыди. Фæлæ, цæмæй адæймаджы базонай, уымæ æндæрæрдыгæй куы бацæуай, уæд цыма æндæрхуызон хъуыдымæ дæр æрцæуæн ис, афтæ мæм кæсы. Зæгъæм, цæмæй хъæдындз судзаг у, уый базоныны тыххæй æнæхъæн хал хæрын хъæуы? Уæдæ сæкæр адджын кæй у, уый тыххæй дзы иу къæрттæй куы фæхъæстæ уай, уæд фаг нæу йæ ад бамбарынæн? Ноджыдæр ма иу фарст. Цæмæй адæймаджы фæлитой рахонай, уый тыххæй дæ хъуамæ фондзыссæдз хатты асайа?..

Иу бæрæгбон фынгыл бадтæн, бæрзонд бынæттæ чи ахсы, ахæм адæмимæ. Иууылдæр уыдысты хъæлдзæг: бæркадджын фынджы уæлхъус хъуыст арфæтæ, цæрæнбоны тыххæй сидтытæ. Ахæм заман зарæгæн дæр æнæрайхъуысгæ кæм вæййы, æмæ уымæй дæр æнæхай нæ уыди нæ фембæлд.

Бæрæгбоны архайджыты æхсæн уыд фыд Владимир дæр. Бадт кæронмæ куы 'рхæццæ, уæд сыстадыстæм æмæ, нæ хæдзæрттæм цæуынмæ куы рахъавыдыстæм, афтæ нæ фыд Владимир иу ранмæ рамбырд кодта, замманай фембæлд, дам, у æмæ йæ цæмæй уæ зæрдыл бадарат, уый тыххæй уын уæ хуыз сисон. Æрлæууыдыстæм, уæдæ цы уыдаид. Цалдæр къæппы æркæныны фæстæ нын зæрдæ бавæрдта, алкæуыл дæр нæ зæрдылдарæн къам кæй сæмбæлдзæн, уымæй….

Рацыд дзæвгар рæстæг, афтæ сæмбæлдтæн хуызисæгыл. Бафарстон æй, къамтæй нын зæрдæ куы бавæрдтай, уæд цы фесты, зæгъгæ. Кæронмæ дзурын дæр мæ тыххæй бауагъта, фидарæй мын ныфс бавæрдта, тагъд, дам, уе 'ппæтыл дæр æмбæлдзысты.

Иннæтæн нæ зонын, фæлæ æз тагъд дæр æмæ цалдæр мæйы фæстæ дæр къам нæ федтон. Уыцы хабæрттæ ма мæнæй рох дæр фесты, фæлæ та мын æй мæ зæрдыл æрлæууын кодта фыдимæ нæ ног фембæлд.

Цæвиттон, Хетæгкаты Къостайы номыл Паддзахадон университеты цыдæр æмбырд уыди, æмæ та уым баиу стæм. Æз къамты кой кæнынвæнд нал кодтон. Дисы мæ бафтыдта, адæмæн зонд чи амоны, раст уæвыныл сæ чи ахуыр кæны, мæнг ныхас дзурын тæригъæдыл чи нымайы, уый йæ дзырдæн хицау куыд нæ у, уый.

Куы зæгъын, къамтæ ма мæ рох дæр фесты, фæлæ сын уæддæр, ацы хатт та цы зæгъдзæн, зæгъгæ, сæ кой скодтон. Цыма йæм æндæр æвзагыл сдзырдтон, уыйау хъусæй мæ разæй дуарыл бахызт. Æз дæр ын, мемæ чи цыди, уыдон дæр мæ хъуыстой, афтæмæй, библийы иу хъуыдыйадæй «фæндараст!» загътон: «Единожды солгавши, кто тебе поверит?»

Æмæ, дам, цæмæй лæджы базонай, уый тыххæй йемæ цæххы пут хæрын хъæуы...

О, хæдæгай, фæцæй мæ рох кодта: чысыл фæстæдæр фыды æндæр кæдæмдæр кусынмæ аивтой...

Веринкæйы æлгъыстытæ мæ зæрдыл арæх æрлæууынц. Æлгъитгæ арæх нæ кодта, фæлæ-иу йæ маст йæ хъуырмæ куы схæццæ, уæд-иу йæхиуыл нал бацауæрста...

Иу хатт тыхстхуызæй (цæуыл тыхст уыдаид, ахæм хъуыддæгтæ йын иу æмæ дыууæ, мыййаг, куы нæ уыд) уынгмæ рахызт æмæ, нæ дуармæ цы бал бæлас уыди, уый бынты тагъд-тагъд фæцæйуад. Йæ сæрбæттæн къалиуыл фæхæцыд æмæ ауыгъдæй аззад. Веринкæ йæ маст бауромын нал бафæрæзта: «Дзæгъæл баззай!». Кауы рæбын лæууыдтæн æмæ йын йæ ныхæстæ дзæбæх фехъуыстон. Махмæ, ома мæнмæ æмæ мæ дыууæ хомæ-иу истæуыл куы смæсты, уæд та-иу йæ дзыхæй ахæм ныхæстæ схауд: «Æнæ мæнузæгъæгæй баззайут!» «Мæн мысгæйæ фæцæрут!»

Стыр хъыгагæн, уыцы æлгъыстытæ иууылдæр æрцыдысты, фæлæ, сæ азар мæ ныййарæджы тынгдæр басыгъта æви мах, уый æнцон равзарæн нæу. Æвæццæгæн, нæ дыууæты дæр æмхуызон. Уымæй ноджы стырдæр хъыгаг та у, æлгъыстытæ афтæ тагъд кæй æрцыдысты…

Мæ къух бафыстон, фæсмон мæм кæуыл æрцыд, ахæм гæххæттыл. Æхсæвæй-бонæй мæхицæн бынат нал ардтон. Мæ бинойнаджы дæр ма сагъæсы бафтыдтон. Суанг ма мын тæрсгæ дæр фæкодта, исты мыл куы 'рцæуа, уымæй. Æмæ мын цæмæй зæрдæтæ не 'вæрдта! Сабыр мæ кодта. Чи никуыма 'рцыд, ахæм хъуыддаг нæу, иннæтæ кæм лæууынц (фысгæ йæ цалдæрæй бакодтам), уым дæу æппæты 'фсæрм цы бацыди, зæгъгæ. Фæлæ мæм йæ ныхæстæй ницы хъардта. Никæцы мæ дзы æндæвта. Хъуыды кодтон, мæ къухфыст куыд ахахх кæнон, ууыл. Ноджы гæххæтт хицауадмæ æрвыст æрцыд æмæ мын афтæ куы загътаиккой, раздæр кæм уыдтæ, зæгъгæ, уымæй дæр стъæлфыдтæн. Цыбыр дзырдæй, мæхи мæт æмæ фæсмонæй хордтон…

Иу райсом раджы райхъал дæн æмæ, цы фыны ахæстæй фервæзтæн, уый мысыныл фæдæн.

Цыма, «Рæстдзинад»-ы ма куы куыстон, уæды рæстæджы кусджытæй иу амард. Цы бирæ адæм æм цыд, уыдонимæ уыдтæн æз дæр. Мах бынты фæцæйцыдыстæм, иннæтæ та – бæрзонддæр рæтты, къуыбырыл. Уæлæты чи цыд, уыдонимæ ауыдтон Цæгæраты Максим æмæ Токаты Асæхы. Уыдонæй чысыл раздæр цыди Хуыбецты Райæ. Хуыбецон иу афон фæстæмæ фæзылд. Цыма Максим æмæ Асæхæн цыдæр загъта, афтæ мæм фæкаст, уымæн æмæ дыууæйæ дæр мæнырдæм ракастысты.

Зиан та, æз кæуылты фæцæйцыдтæн, дæлбылты, уым уыдис. Йæ цурмæ куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд кæсын, æмæ мард базмæлыд. Йæ иу фарсыл æрзилынмæ куыд хъавыд, уый дæр мæн йеддæмæ ничи уыдта. Адæмы 'хсæнты алæгæрстон æмæ йæ цуры балæууыдтæн. Адæмæй куы ничи ницы уыдта, уæд, мæ бон цас уыд, уыйбæрц хъæрæй загътон:

– Æгас куы у, уæд цæуыл кæут?

Уæдмæ мард рабадт, йæ къæхтыл слæууыд æмæ, йе уæнгтæ айвазгæйæ, сдзырдта:

– Иуæндæсæмæй нырмæ ам хуыссын æмæ суазал дæн…

Уыцы ныхæсты фæстæ фехъал дæн…

Мæ фыныл куы ахъуыды кодтон, уæд ын цыма мæ уавæримæ цыдæр бастдзинад ис, афтæ мæм фæкаст. Цыма мæхи фæсмонæй дзæгъæлы хордтон. Ноджы ма мæм афтæ дæр фæкаст, цыма, цы пъæззыйы ахæсты бахаудтæн, уымæй фервæзтæн, мæ хъæдгом байгас, йæ бынаты ма æрмæстдæр нос аззад.

Чи зоны, кæмдæр цыдæр ис, уыцы цыдæр мын мæ уавæр бамбæрста æмæ мын æххуыс кæнынмæ фæци. Кæд афтæ нæу, уæддæр мæ зæрдæ фыццагау нал рыст, цыдæр ныфс дзы фæзынди.

Мæ кары адæймагæн мæлæтыл æнæхъуыдыгæнгæ нæй. Кæддæр мæ кæцыдæр æмдзæвгæйы фыстон, кæм райгуырдтæн, уыцы хъæуы уæлмæрдты-иу мæ баныгæнут, зæгъгæ. Мæ мады фарсмæ мæхицæн бынат кæй нæ ныууадзын кодтон, ууыл æдзухдæр фæсмон кæндзынæн. Æвддæсаздзыд лæппуйы сæр-иу уыдæттæ æрцахсынхъом куы уаид, уæд мæ абон ме ’нусон бынаты сагъæс нæ уаид. Кæддæр, мæ ингæныл цы ныффыссин, ахæм цыппар рæнхъы дæр æрхъуыды кодтон:

Мæхи мæ райгуырдæй фæстæмæ
Хуыдтон æз ацы зæххæй мур,
Ныр мыл куы аныгуылд мæ хур,
Уæд та йыл бафтыдтæн фæстæмæ.

Нæхи хъæуы уæвгæйæ йæ цæмæдæр гæсгæ æрымысыдтæн æмæ йæ Сопойты Алыбегæн радзырдтон. Искуы-иу хатт куы амбæлæм, уæд мын æй æнæрадзурынгæнгæ нæ фæвæййы.

Мæ мады цур бынат нал и, фæлæ мæ сæр бæрзæндты кæмæй хастон, – «хастон» цæмæн? – хæссын, мæ уыцы мадызæнæг хо Дибæханы фарсмæ мæ куы баныгæниккой, уый дæр мæ фæнды, фæлæ дзы, хъыгагæн, къуындæг бынат йеддæмæ нал и æмæ нæ зонын…

Адæймаджы буар иу у, йæ низтæн та нымæц дæр нæй. Уый хыгъд сæ фылдæрæн ис хостæ. Хуымæтæджы

нæ равзæрд æмбисонд: «Алы фыдæн (ома алы низæн) – алы хос». Фæлæ ахæм низтæ ис, хос кæмæн нæй. Уыдоны нымæцмæ, мæнмæ гæсгæ, хауы хæлæг. Хос ын куыд нæй, афтæ йын нæй мæлæт дæр. Хæлæггæнæг амæлы, хæлæг баззайы.

Хæлæг кæнынæн бирæ æфсæнттæ ис, фæлæ сæ сæйрагдæртæй иу у искæй хорздзинад уынын. Афтæ куы нæ уаид, уæд алыхуызон нæмттæ æмæ премиты ныхмæ уыйбæрц дзурджытæ нæ уаид. Уыцы хæлæггæнджытæ та вæййынц, сæ райсынмæ æппæты тынгдæр чи фæбæллы, уыдон. Фæлæ, сæ фæндтæй куы ницы рауайы, уæд сæ тыхтæ саразынц, ном дæр кæмæн радтой æмæ премийы аккагыл дæр кæй банымадтой, уыдоны цæсты æфтауынмæ. Сæ сæйрагдæр хæцæнгарз та вæййы ахæм: Пушкин, Тургенев, Толстой æмæ, дам, иннæ номдзыд фысджытæй ахæм нæмттæ никæмæн радтой, нæ, дам, сæм уыдис премитæ дæр. Мæнæ куыд фыстæуы журнал «Знание – сила»-йы: «670 азы размæ, 1341 азы 8 апрелы, Куадзæны Ромы сæйраг къуылдым Капитолийы Франческо Петраркæ нымад æрцыд ромайнаг номдзыд поэтыл, стæй антикон литературæ æмæ истори æппæты хуыздæр зонæгыл: радтой йын лавры сыфтæй быд зиллакк. Афтæ мин азы фæстæ сног рагон бердзейнаг-ромаг æгъдау. Уæд ацы бæстæйы тыхджындæр богæлттæ, аивады дæснытæ æмæ хæсты хъæбатыртæн лæвæрдтой лауреаты нæмттæ. Латинагау laureatus амоны «лаврæй хорзæхджынгонд».

Фæстæдæр уыцы ’гъдау адарддæр кодтой Нобелы, Ленины, Сталины æмæ æндæр премитæ».

Арвы бын ногæй ницы ис, зæгъгæ, чи загъта, уый, æвæццæгæн, нæ рæдыди. Рæдигæ, нæмттæ, æмæ премиты ныхмæ чи дзуры, уыдон кæнынц.

Къостайы номыл преми поэты 150 азы юбилейы хæдразмæ саккаг кодтой Къибирты Тимурæн, æппындæр ирон литературæмæ чи ницы бар дары, уымæн. Уæвгæ, уый йæхæдæг дæр загъта. Уымæй раздæр кæмæн æмбæлы, ахæмтæ кæй ис, уый кой дæр скодта. Æмæ уымæй раст загъта. Къостайы преми раттын æмбæлд Малиты Васойæн дæр æмæ Хуыгаты Сергейæн дæр, фæлæ къамисы уæнгтæ уыдоны сæрты ахызтысты æмæ йæ радтой, кæмæн не ’мбæлд, уымæн.

Мæ зæрдыл рагон хабар æрлæууыд. 1900 азы Короленко Владимиры равзæрстой кадджын академикæй. 1902 азы уый æмæ Чехов академичы номыл хъоды бакодтой, паддзахы хицауад Горькийы кадджын академикæй равзарыны ныхмæ куы радзырдта, уæд. Тимур кæд йæхи Къостайы номыл премийы аккагыл нæ нымадта, уæд йæ бон уыд, æмæ, кæмæн æмбæлы, уый разæй йæ ма райстаид.

Зындгонд куыд у, афтæмæй ацы кадджын преми фысджытæй хъуамæ лæвæрд цæуа, ирон литературæмæ стыр æвæрæн чи бахаста, уыдонæн. Тимур ирон литературæмæ цы 'вæрæн бахаста, ирон фысджытæй йæм алчидæр уыйбæрц куы бахастаид, уæд ирон литературæ уæвгæ дæр нæ уаид.

Дысон дæ мæ фыны федтон. Цыма мæм телефонæй æрбадзырдтай æмæ мын афтæ: «Демæ фембæлынмæ тагъд кодтон. Цалдæр машинæмæ мæ къух фæтылдтон, фæлæ мæм дзы иу дæр не 'рлæууыд. Æрæджы кодтон æмæ, мæ рæзты цыдæриддæр хæдтулгæтæ тахт, уыдонмæ æнæсцухæй мæ къух хъилæй дардтон. Фæстагмæ мæм иу зæронд лæг фæурæдта. Дуар байгом кодта, æмæ дæ фыдгул уырдæм куы бакастаид: фæстаг бадæны дыууæ асыччы — бызгъуыртæй дзаг. Раззаг бадæны цыма карк ныттындæуыд — бумбулийæ нæ зынд, бынæй та дзы — машинæйы цавæрдæр ивæн хæйттæ. Æнæхсад зæронд лæг мæм дзуры:

— Сбад!

Æз дзы, кæй зæгъын æй хъæуы, не сбадтæн.

Лæг дарддæр ацæуынмæ хъавыд, фæлæ йæ машинæ нал æмæ нал куыста. Æндæр машинæмæ мæ къух сдарын нал уæндыдтæн æмæ иудзæвгар мæ бынаты лæугæйæ баззадтæн. Уалынмæ кæцæйдæр цалдæр лæппуйы фæзынд, зæронды машинæйыл ахæцыдысты æмæ, мæ амондæн, скуыста.

Куы ацыд, уæд æндæр машинæ æрурæдтон æмæ, кæд бирæ рæстæг фесæфтон, уæддæр нæ фембæлдмæ нæ байрæджы кодтон. Мæ хабæрттæ дын конд куы фæдæн, уæд ма мæ ныхæстæм бафтыдтон:

— Цыма йæ чи уромæг кодта?

— Куыд «чи уромæг кодта»? — бафарстай мæ ды. — Ахæм рæсугъд чызджы къухы фæтылдмæ чи нæ баурома, уый кæнæ мард у, кæнæ — куырм.

Ноджы мын мæ зæрдыл æрлæууын кодтай иу поэты æмдзæвгæ. Уым дæр, дам, иу дæу хуызæн рæсугъд чызджы фæлгонц æвдыстæуы. Лæппуйы цурты дон æрцæйхаста æмæ йæм дзуры, дæ донæй-ма мын авæр, зæгъгæ. Лæппу, нуазын æм нæ цыд, фæлæ, цæмæй чызг æрлæууа æмæ йын æм дзæбæхдæр бакæсыны фадат фæуа, уый тыххæй банызта.

Чызг куы ацыд, уæд йæхинымæр загъта:

Ахæм сау рæсугъды къухæй
Емынæ дæр баназ.

Кæд ахуыргæнæджы дæсныйад райстон, уæддæр скъолайы иу бон дæр нæ бакуыстон, фæлæ мын уроктæ дæтгæ æрцыди — практикæйы рæстæджы. Кæд мын мæ ахуыргæнæг Хатъаты Ерыстау мæ педагогон арæхстдзинæдтæн бæрзонд аргъ кодта, уæддæр сæ мæхæдæг разы нæ уыдтæн. Скъолайы никуы бакуыстон, зæгъгæ, загътон, фæлæ уый хыгъд уæлдæр ахуыргæнæндоны бакуыстон: дыууæ азы хистæр ахуыргæнæджы ном фæхастон Мæскуыйы М. Горькийы номыл Литературон институты, фæлæ дзы лекци никуы бакастæн, уымæн æмæ практикон ахуыртæн разамынд лæвæрдтон.

Æппæт уыдæттæ цæмæн æрымысыдтæн?

Хæрзæрæджы федтон æнахуыр фын. Цыма, бирæ адæм кæм уыд, ахæм стыр залы кастæн лекци. Иууылдæр мæм хъуыстой зæрдиагæй, æмæ мæхицæй ныббузныг дæн, фæлæ иуафон сабырдзинад фехæлд. Æмæ йæ фехæлдтон кæд мæхæдæг. Цæвиттон, «Уæрæсейы Федераци» зæгъын кæм хъуыд, уым загътон «Советон Цæдис». Адæм раздæр ныххудтысты, стæй ахæм тыхджын къухæмдзæгъд сарæзтой, æмæ фехъал дæн…

Ахъуыды кæнут, фыны дæр адæмæн нæ цытджын райгуырæн бæстæ Советон Цæдисæн æрмæст йæ ном фехъусын дæр цас æхсызгон у, ууыл.

Тæхуды, адæмæн циндзинад чи хæссы, æдзухдæр ахæм хабæрттæ дзур, æмæ алы хатт дæр сæ къухæмдзæгъдмæ хъал кæн…

Сонет, кæй зæгъын æй хъæуы, хорз жанр у, фæлæ мæнæн мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Цыма адæймаджы авналæнтæ къуындæг кæны, афтæ мæм кæсы. Уæвгæ, уый æрмæст мæ хъуыды нæу. Пушкин ын йæ бæрцбарст «стесненный» кæд æмæ кæд рахуыдта! Фæлæ йæ ахадындзинад уымæй дæлдæр нæ кæны.

Петраркæ æмæ Камоэнс цы сонеттæ сфæлдыстой, æрмæст уыдон дæр фаг сты, цæмæй сонет поэзийы аккагдæр бынæттæй иу æрцахса, уымæн.

Науæд Шекспир та! Йæ 154 сонеты кой æнæхъæн дунейыл куы айхъуыст. Фæлæ, куы зæгъын, мæнæн сонет мæ зæрдæмæ нæ цæуы. Поэты цыма, фæнда дæ, ма фæнда, уæддæр 14 рæнхъы фыссын кæны, афтæ мæм кæсы. Поэзийы та бардзырдтæ æххæст кæнын зын у. Хъуамæ фыссæг йæхи сæрибар хона.

Хæдæгай, Камоэнс Шекспирæй фылдæр сонеттæ ныффыста, фæлæ уыдонæн, æвæццæгæн, Маршакы хуызæн тæлмацгæнæг нæма фæци, æндæр сын уырыссаг поэзийы ныртæккæйæ стырдæр бынат уаид.

Джызæлы зианы уыдыстæм. Ахæм заман куыд вæййы, афтæ ныхæстæ кæнæм. Кæимæ базонгæ дæн, уый мын йæ мыггаг куы загъта, уæд æй дæ зæрдæ-мæ зæрдæ куы афæрсин, хæхбæсты, зæгъын, уæ мыггаг кæцæй рацæугæ у. Уый мын уыцы мæстыхуызæй афтæ куы фæкæнид:

– Нæ мыггаг æппындæр куы никуыцæй рацыдаид, уæд бирæ хуыздæр уыдаид!

Цæмæн афтæ загъта, уый нæ бамбæрстон, фæрсын та йæ ницæмæйуал бауæндыдтæн...

Мыггаг иу адæймагæй дæр скадджын уыдзæн, иу адæймаг æй худинаг дæр фæкæндзæн. Æвæццæгæн, сæ мыггаг сын цæсты чи бафтыдта, ахæм, кæнæ ахæмтæ уыдис, æндæр æнæхъæн мыггагмæ афтæ тынг цæй тыххæй хъуамæ смæсты уыдаид?!

Луис де Камоэнсы сонеттæй иуы ахæм рæнхъ бакастæн: «Уже надежды на надежды мало» («Мæн нал и ныр ныфсæй дæр ныфс, хъыгагæн»).

Ацы рæнхъыл хъуыды кæнгæйæ, райгуырд цыппаррæнхъон:

Æрхæццæ дæн мæ фæндаджы кæронмæ,
Мæ рухс бæллицтæй бавдæлон мæ риу.
Хъуыдыты бæрны дæн æхсæвæй-бонмæ,
Мæт æмæ сагъæс зæрдæйы ысиу.

Ацы аз 4 мартъийы хъæлæс кæныны бон уыд. Æвзарæн участокмæ бацыдтæн, схъæлæс кодтон. Куы рацæйцыдтæн, уæд иу чызг мæ размæ рауад. Æвæццæгæн, мæ чи зыдта, ахæм, æмæ мæм æрхатыд:

– Æвзæрстыты тыххæй-ма исты зæгъ.

Цы сын загътаин хъуамæ æдзæттæйæ! Уæлдайдæр æвзæрстыты тыххæй. Мæ зæрдыл лæууыдысты Марк Твены ныхæстæ: «Демократия – это подсчет голосов», фæлæ мæ сæ равг халын нæ фæндыд æмæ, мæ дзыхы æваст цы ныхæстæ абадт, уыдон загътон:

– Хъæздыджытæ мæгуырты бæрц куыд суой, мæгуыртæ та хъæздыджыты бæрц, ахæм арфæ æвзæрстытыл аудæг зæдтæ ракæнæнт!

Чи мæ фехъуыста, уыдон иууылдæр ныххудтысты, æмдзæгъд дæр ма мын ныккодтой.

Мæ сабибонтæ, мæгуырдæр уæвæн нæ уыд, ахæм рæстæджытæм æрæййæфтой, фæлæ сæ уæддæр æхсызгонæн æрымысын...

Мах хъæугæрон цардыстæм. Нæ цæхæрадоны кæрон суадæттæн ныккæнæн нæ уыди. Кæцыфæндымæ-иу дзы куы бахæццæ уыдаис, уæддæр йæ цуры æнæрлæугæ нæ фæуыдаис. Йæ бынæй æрттывдтытæкалгæ цæппузыртæ уæлцъармæ кæрæдзийы фæдыл куыд згъордтой, уыдонмæ-иу кæсынтыл фæуыдаис. Хаттæй-хатт-иу семæ сленк кодтой уытъырнытæ змисы муртимæ. Ахæм нывтæн-иу æвдисæн уыдаис донгуырæны, фæлæ, суадоны уылæнтимæ фæцæуæг дæ, зæгъгæ, уæд дæ иуцасдæры фæстæ Куыройыдонмæ æнæ бахæццæ кæнгæ нæ фæуыдаиккой. Уым та уытъырныты бæсты дæ цæст æрхæцыдаид балер кæсæгтыл. Кæцыфæнды байбын дæр лæдзæгæй барæхой, æмæ-иу дзы иу кæнæ цалдæр кæсаджы æнæратæхгæ нæ фæуыдаид.

Уыцы рæстæджы æнгуыртæ æмæ хызтæ арæх нæ уыдысты, æмæ-иу нæ кæсаг ахсын бахъуыд къухæй. Байбыны сæрмæ фæдæлгоммæ у æмæ доны дæ цонг ауадз. Æгæр арф куы уа, уæд дын де 'мбæлттæй исчи дæ къæхтыл хæцдзæн, æмæ афтæмæй рæбындæр баххæссыныл архай. Уый дæр та фаг куы нæ уа, уæд сæрбынмæ аныгъуыл æмæ, кæсаг кæм бамбæхст, уырдæм баххæсдзынæ. Афтæмæй-иу æнæхъæн хæлттæ æрцахстам. Кæрдзынæй дæр йæ гуыбын чи не 'фсæста, уыдонæн балер физонæггондæй цас минасыл нымад уыдаид, ууыл дзурын дæр нæ хъæуы.

Сыхы лæппутæй, кæсаг ахсын чи нæ зыдта, ахæмтæ бирæ нæ уыди. Раст зæгъын хъæуы, æз дæр фæсте никæмæй задтæн, фæлæ мын мæ арæхстдзинæдтæ кæронмæ равдисыны фадат нæ фæци. Цæмæн, уый дæр радзурдзынæн...

Скодта диссаджы сæрдыгон бон. Нæ цæхæрадоны чъылдыммæ нæ уæрыччытæ хызтон. Сæ ривæд кæнын афон куы 'рцыд, уæд сæ, дон кæцæй хастам, уыцы суадоны дæллаг фарс акаци бæлæсты бынмæ баздæхтон, мæхæдæг Куыройыдонмæ мæ ных сарæзтон. Фыццаг байбыны куыддæр мæ къух фæцавтон, афтæ дзы æваст рацъыввытт ласта цонджы æмбисмæйы дæргъæн балер. Æнхъæлдтон, фыццагдæр цы байбынмæ схæццæ уа, уым фæмидæг уыдзæн, зæгъгæ, фæлæ уый æрлæууынмæ нæ хъавыди. Цалынмæ йæ цæст уыдта, уæдмæ йæм фæкастæн, стæй дондон араст дæн. Уымæй размæ-иу, æдзухдæр кæсаг кæцæй раластон, уыцы байбыны сæрмæ хъавгæ бацыдтæн, дæлгоммæ æрхуыссыдтæн æмæ мæ рахиз цонг доны ауагътон. Кæсаг куыннæ фæтæрса, афтæ йæ сабыргай байбыны арфæй-арфдæр тъыстон. Иуахæмы мæ армæй бамбæлдтæн кæсагыл. Иннæ хæттыты куыд кодтон, афтæ сабыргай ме 'нгуылдзтæй йæ буарыл бандзæвыдтæн. Нал ацъыввытт ласдзæн, ууыл куы бауæндыдтæн, уæд æй фидар нылхъывтон æмæ йæ уæлбылмæ сæппæрстон... Дæргъæйдæргъмæ калм кæрдæджы куы базмæлыд, уæд донмæ мæхи фехстон. Мæ уд мæ къухы хæсгæ фаллаг фарс балæууыдтæн æмæ – лидзгæ...

Уæдæй фæстæмæ мæ къух байбыны кæсаг ахсыны номыл никуыуал бакодтон.

Ныр та уын мæ цуаны хабæрттæ ракæнон...

Нæ сыхы цалдæр цуаноны уыд. Изæрæй-иу мæм уыдонмæ кæсынæй хуыздæр ницы каст. Кæмæн-иу дзы йæ

астæуыл уæрццытæй хъатара уыд, кæмæн йæ уæхсчытылхæсгæ хызынæй тæрхъусы сæр зынд, кæмæн – рувасы.

Нæ хæдфарсмæ Цæрадзонтæ цардысты. Чермен сыхы нæ, фæлæ æнæхъæн хъæуы дæр хуыздæр цуаноныл нымад уыд. Тынг мæ фæндыд, искуы мæ йемæ куы ахуыдтаид, уый. Иу хатт ын мæ фæндон куы бамбарын кодтон, уæд мын афтæ: «Раздæр уал топпæй æхсын базонын хъæуы». Æмæ мæ, æцæгæйдæр, цалдæр хатты хъæугæронмæ акодта æмæ мын амыдта, тæрхъустæ æмæ рувæстыл цуан кæнын куыд хъæуы, уый. Стæй канд уыдоныл нæ, фæлæ хъæддаг бабызтыл цуан кæнын дæр. Мæ арæхстдзинæдтæм куы бакаст, уæд йæ зæрдæ барухс æмæ мæ иу бон йемæ цуаны ахуыдта. Йæ хæцæнгарз мæм куы радта, ды йæ хæсс, зæгъгæ, уæд ма мæнæй хъалдæр кæм уыд! Куыройыдоны сæрты хидмæ куы ныххæццæ стæм, уæд ныл фалæсыхаг дыууæ лæппуйы амбæлди, æмæ сæ рæзты хуымætæджы сæрыстырæй ацыдтæн!

Къобосты хъæды цадмæ куы фæцæйхæццæ кодтам, афтæ мæм Чермен дзуры:

– Дæ хæцæнгарз цæттæ дар, ардæм хъæддаг бабызтæ тæхаг сты.

Æз топп ме рагъæй æристон æмæ, цæмæй мæ къахдзæфтæ къаддæр уынæр кодтаиккой, ууыл архайгæйæ, хъавгæ цыд кæнын райдыдтон. Цадмæ куы баввахс стæм æмæ нæм йæ уæлцъар куы разынд, уæд ахæм цыдæй цæуын райдыдта Чермен дæр. Уалынмæ кæсæм, æмæ иу бабыз Бехъаны 'рдыгæй æрбатахт æмæ цады бæрæгастæу йæ базырты пæр-пæр ссыд. Æвæццæгæн нæ нæ федта, кæнæ та нæ ницæмæ 'рдардта. Мах, хæмпæлтæй куыннæ зындаиккам, афтæ гуыбыр-гуыбыр цады былгæронмæ бахъуызыдыстæм. Уæдмæ бабыз цады астæуæй, мах кæдæм бацыдыстæм, уыцы былгæронмæ хæстæг æрбаленк кодта.

Хъæддаг бабыз хæстæгмæ никуы федтон æмæ йæм кæсынтыл фæдæн. Ахæм рæсугъд уыди, æмæ йæ хъулон-мулон базыртæ хуры тынтæм æрттывдтытæ калдтой. Чермен мын йæ сæры фæтылдæй ацамыдта, æхсгæ, зæгъгæ. Цы мæ домдта, уый бамбæрстон, фæлæ топп мæ къухы ифтыгъдæй кæй ис, уый мæ 'рбайрох: бабыз махырдæм куыд ленк кодта, уымæ кæсыныл фæдæн. Бынтон хæстæг нæм куы 'рбаввахс, уæд къардиуæй хæфс йæхи донмæ

фехста, бабыз йæ базыртæ стылдта æмæ нæ сæрты хъæдырдæм асыффытт ласта.

Чермен мыл фæтъæлланг ласта:

– Цæуыннæ йæ фехстай?

– Тынг рæсугъд уыди æмæ йын фæтæригъæд кодтон...

– Топп ардæм æри – æмæ уæхимæ цæугæ! Ацырдыгæй фыдынд бабызтæ нæй!..

Уæдæй фæстæмæ мæ къухмæ цуаны номыл хæцæнгарз никуыуал райстон...

Бирæты хуызæн æз дæр сфæлдыстадон куыст æмдзæвгæтæй райдыдтон. Искуы прозæмæ рахиздзынæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Уацхъуыдтæ, статьятæ, очерктæ æмæ ма суанг фельетонтæ дæр фыстон. Афæлвæрдтон радзырдтæ фыссыныл дæр. Мыхуыры дæр-иу фæзындысты, æрмæст повесттæ фыссынмæ мæ ныфс бахæсдзынæн, уый æнхъæл, куы зæгъын, никуы уыдтæн, фæлæ, фæстæдæр куыд рабæрæг, афтæмæй бахастон, стæй фысгæ дæр ныккодтон. Кæм кусын, уый чи зыдта, уыдонæй-иу мæ чидæртæ амбæлгæйæ афарста: «Дæ кусæн уаты цырагъ судзгæйæ цæмæн ныууадзыс? Проспекты куы вæййын, уæд фондз æмæ ссæдзæм хæдзары цыппæрæм уæладзыджы æнафоны дæ цырагъ йеддæмæ никæй цырагъ фæсудзы».

Афтæ-иу мæ чи фарста, уыдон рæдигæ кодтой, уымæн æмæ мæ цырагъ судзгæйæ никуыма ныууагътон. Алы бон дæр-иу фæскуыст, æхсæвæр бахæрыны фæстæ, ’рбаздæхтæн æмæ фыстон повесть. Уæвгæ, повесть уыдзæн, уый зонгæ дæр нæма кодтон, фæлæ зæрдæйы цы хъуыдытæ æмæ фæндтæ срæгъæд, уыдон æддæмæ фæндаг агуырдтой, æмæ сæ æз дæр архайдтон гæххæтты бар бакæныныл.

Цыдысты бонтæ. Алы изæр дæр-иу мæ фыстытыл бафтыди. Кæд фыстытыл æфтыди, уæддæр, цыма хъуыдытæ къаддæр нæ кодтой, афтæ мæм каст, æмæ æз дæр мæхиуыл нæ ауæрстон. Кæд-иу газеты куыстæй бафæлладтæн, уæддæр-иу мæ цыдæр тых размæ схуыста. Ноджы-иу, цы ныффыстон, уый куы бакастæн, уæд-иу зæрдæйы цыдæр æхсызгондзинад райгуырд. Уый мæ разæнгард кодта дарддæры цаутæ æвдисынмæ.

Цалдæр мæйы фæстæ, цы зæгъинаг уыдтæн, уымæн цыма йæ иу хай фыст фæци, афтæ мæм фæкаст æмæ уал рæстæгмæ мæ фысты кæрон, æрмæстдæр мæхимæ чи зынд, ахæм стъæлф сæвæрдтон. Ногæй йæ цалдæр хатты бакастæн æмæ-иу æм алы хатт дæр цыдæр ивддзинæдтæ бахастон. Машинкæйыл æй ныммыхуыр кæныны размæ сагъæсы бахаудтæн. Уæды рæстæджы, стæй, æвæццæгæн, ныр дæр, уацмысæн йæ фыццаг тæрхонгæнæг уыд æмæ вæййы, чи йæ мыхуыр кæна, уый. Æз дæр сагъæсы уымæн бахаудтæн: тарстæн, мыхуыргæнæджы зæрдæмæ куы нæ фæцæуа, уымæй. Уый та цæстмæхъус ныхæстæ нæ уарзта, йæ дур бæмбæджы чи тыхта, уыдонæй нæ уыди: цы хъуыды кодта, уый комкоммæ дзырдта. Гуытъиаты Замирæтæй куы аирвæзтæн – мæ фыст йæ зæрдæмæ фæцыд, – уæд мын чысыл фенцондæр, ме уæхсчытæ чысыл фæуæлдæр сты, фæлæ сын, кæм уæвын æмбæлд, уыцы бынат нæма бацахстой, æмæ уал мæ фыст стъоллагъзы сæвæрдтон.

Иуцалдæр мæйы йæм нал бавнæлдтон. Æппынфæстаг мæм хардзау æркаст. Чидæр, дам, хъомгæс цæуын йæ сæрмæ хаста, фæлæ йæ мызд исынæй æфсæрмы кодта. Æз дæр фыссынмæ мæ гæрзтæ рабастон, цы зæгъынмæ хъавыдтæн, уый гæххæтмæ рахастон, фæлæ йæ адæммæ равдисынмæ мæ ныфс нæ хастон. Бирæ рахъуыды-бахъуыдыйы фæстæ, нæ фысджытæй тынгдæр кæуыл æууæндыдтæн, уымæ йæ равдыстон. Уый та уыди Дзаттиаты Тотырбег. Кæй зæгъын æй хъæуы, ацы хатт мæ тасыл кæд нæ бафтыд, уæддæр къаддæр нæ фæци. Æнхъæлмæ кастæн, Тотырбег цы зæгъдзæн, уымæ. Цы зæгъдзæн, уый та æцæг кæй уыдаид, уый мæ уырныдта, уымæн æмæ Тотырбег – фæлтæрджын, курдиатджын фыссæг – уацмысæн аккаг аргъ кæй скодтаид, ууыл æууæндыдтæн.

Цалдæр боны фæстæ куы фембæлдыстæм, уæд мæ сагъæстæ дзæвгар фæкъаддæр сты, уымæн æмæ мæ Дзаттиайы-фырты ныхæстæ ныфс бауагътой. Тотырбег мын мæ «Уалдзыгон стъалытæй» канд æппæлгæ нæ ракодта, фæлæ ма мын уайдзæфы хуызы бафиппайдта, нырмæ йæ дæхимæ цæмæн фæдардтай, мыхуырмæ йæ цæуыннæ раттай, зæгъгæ. Тынг бузныгæй баззадтæн мæ хистæрæй, мæ повесть бакæсынмæ кæй нæ фæзивæг кодта æмæ мын йæ цæстуарзон хъуыды æргомæй кæй загъта, уый тыххæй.

Ацы хабæрттæ хуымæтæджы не 'рымысыдтæн. Адæймаг зæрдæйæ конд у. Уыцы зæрдæ ис барæвдауæн дæр æмæ фæрæхойæн дæр. Фæлмæн ныхас адæймагæн ныфс дæтты, разæнгард æй кæны, цы у, уымæй йæм хуыздæр уæвынмæ сиды.

Фæстæдæр мæ повесть «Мах дуджы» дыууæ номыры куы рацыд, уæд, чиныгкæсджытæй цы фехъуыстон, уыдон хорз æвдисæн уыдысты Тотырбеджы ныхæстæн. Уыдон мæ сразæнгард кодтой уацмыс уырыссаг æвзагмæ дæлрæнхъон тæлмац ракæнын æмæ йæ журнал «Юность»-мæ арвитынмæ дæр. Раппæлыдысты дзы редакцийы кусджытæ дæр. Ууыл дзурæг уыд, цы рецензи йыл ныффыстой, уый дæр. Раст зæгъын хъæуы, мыхуыр æй нæ ныккодтой, мах журналкæсджытæ, дам, повесты архайджытæй хистæр сты, фæлæ мын бацамыдтой, кæдæм æй раттын хъæуы, уый — рауагъдад «Детская литературæ»-мæ. Уырдæм æй куы бахастон æмæ йæ куы бакастысты, уæд ыл бацин кодтой æмæ йæ цыбыр рæстæджы фæстæ хицæн чиныгæй рауагътой. Æппæт уыцы хабæрттæ мын ныфсы хос фесты, æмæ, «Уалдзыгон стъалыты» хъæбатыртæ кæм архайынц, уыцы повесттæ дæсæй фæфылдæр сты.

Ахæм тых ис разæнгардгæнæг ныхасæн. Къаддæр нæ ахады, — æрмæст галиуæрдæм, — ныхкъуырдгæнæг ныхас дæр.

Стыр хъыгагæн, хистæр фæлтæры фысджытæ кæрæдзийы фæдыл ацыдысты се 'цæг дунемæ. Абон нæ уæллаг фарс кæй нал сты, уымæй мæ хуызæн ме 'мбæлттæй дæр чидæртæ йæхи рахоны мæгуырдæр. Хуымæтæджы нæ загътой фыдæлтæ: «Хистæр кæмæн нæй, уый мæгуыр у,. кæстæр кæмæн нæй, уый — æнамонд». Хистæртæ æнусон не сты, фæлæ нæ æнæ кæстæрæй Хуыцау бахизæд.

О, æмæ мын-иу хистæртæй, лæппу ма уыдтæн, афтæмæй, йæ чиныг чи балæвар кодта, уый-иу мæ æнæмæнг рахуыдта курдиатджын æрыгон поэт. Йæ чиныгыл-иу фысгæ дæр афтæ ныккодта.

Уыцы ныхæсты цас рæстдзинад уыд, уый, кæй зæгъын æй хъæуы, æмбæрстон, фæлæ мын-иу уæддæр æхсызгон уыдысты, уымæн æмæ æууæндыдтæн, мæ хистæры, æцæгæйдæр цæмæй ахæм уон, уый кæй фæнды. Уыцы фæндон та мæ бæрнджын кодта, хуыдта мæ размæ, тых мын лæвæрдта.

Ævæццæгæн, америкаг нывгæнæг нæ рæдыд, афтæ куы фыста, уæд: «Человеку нужна похвала, иначе он не станет тем, чем призван стать даже в собственных глазах». Уыцы нывгæнæг уыд Лагерквист Пер Фабиан.

«Нарты кадджытæ» кæсын куы райдыдтон, уæдæй нырмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæуы æмæ дзы уыцы рæстæджы дæргъы иу хъуыддагыл дызæрдыг кæнын. Бирæ рæтты дзы сæмбæлдтæн ацы ныхасыл: «иннабонæй-иннабонмæ». Æрхæсдзынæн дзы иу дæнцæг. Кадæг «Нарты симд кæнæ Батрадз ус куыд куырдта»-йы ис ахæм хъуыдыйад: «Гуыппчындзæхсæв куыннæ ныккодтаиккой Нарт – къахыл цæуынхъом чи уыд, уыдон иууылдæр æрæмбырд сты æмæ иннабонæй-иннабонмæ фæхордтой, фæнызтой, фæхъазыдысты». «Бедзенæджы фырт чысыл Арæхдзау»-ы кадæджы та ацы дзырдбаст, мæнмæ растдæр куыд кæсы, афтæмæй бакастæн: «Иу абонæй иннæ абонмæ фæминас кодтой дзыллæтæ Бедзенæг-æлдары хæдзары». Куы зæгъын, мæнмæ афтæ растдæр кæсы, фылдæр рæтты «иннабонæй-иннабонмæ» фыст цæмæн у, уый мæхæдæг дæр нæ зонын, стæй нæ зонын, кæй дзы бафæрсон, уый дæр.

Лæппу сæхимæ фæзынд фæсæмбисæхсæв. Кæд дзæбæх ноздтжын уыди (кæд ноздтжынтæй дзæбæх вæйййы, уæд), уæддæр ма йæ сæр ахста, фыд æй афтæмæй куы фена, уæд йæ хабар сæ хæрзтæй кæй нæ уыдзæн, уый. Йæ зæрдæ ма дардта, æнафон кæй уыд, ууыл. Цæмæдæр гæсгæ йæм афтæ каст, фыд куыстæй фæлладæй æрцыдаид æмæ схуыссыди, зæгъгæ.

Кулдуар арæхстгай байгом кæнынмæ хъавыд, фæлæ йын нæ рауад. Куыдз ын йæ уынæр куы айхъуыста, уæд рæйгæ йæ размæ ратахт. Чи уыд, уый базыдта, фæлæ, хæрæджы цин – дæндагæй, куыдзы цин – рæйынæй. Йе рагъ ын куы 'рсæрфтытæ кодта, уæд цыппæркъахыджы цин хъырнынмæ рахызт.

Лæппу цудтытæгæнгæ асинтыл схызт, æмæ тыргъты йæ тæккæ размæ фæци... йæ фыд. Лæппу йæ талынджы нæ базыдта æмæ йæ афарста: «Баба схуыссыди?..»

Ацæргæ сылгоймаджы азтæ куыд фылдæр кодтой, афтæ мæлæтæй тынгæй-тынгдæр тæрсын райдыдта. Къаддæр нæ тарсти, зæронды нысæнттæ йыл бæрæгæй-бæрæгдæр кæй дардтой, уымæй. Йæхицæй бирæ хистæр чи уыд, иу ахæм сылгоймаг ын бацамыдта: «Æртæ чъирийы скæн, Хуыцаумæ скув, æмæ дын дæ цард фæдаргъдæр кæна. Мæн дæр-иу, дæу сæ быны цы хъуыдытæ скæнынц, ахæм хъуыдытæ батардтой къуыммæ. Куынæуал сæ фæрæзтон, уæд Уæллагмæ скуывтон. Мæ ныхæстæ йæм фехъуыстысты. Уæдæй нырмæ дæс азæй фылдæр цæуы æмæ кæсыс, дæуæй бирæ хистæр уæвгæйæ ма абон дæр мæхимæ зилынхъом дæн».

Куыннæ байхъуыстаид йæ зонджын хистæрмæ сылгоймаг. Дзадждждындæр уæлибæхтæ нæй, ахæмтæ скодта æмæ Хуыцаумæ скуывта: «Табу дæхицæн, Бæрзондылбадæг. Кæд мыл азтæ дзæвгар рацыд, уæддæр цардæй нæма бафсæстæн. Курын дæ, æмæ мын мæ царды бонтæ фæдаргъдæр кæн!»

Куывд куы фæци, уæд йæ хъустыл ауадысты ахæм ныхæстæ: «Сыгъдæгзæрдæйæ кувыс, æмæ мæм дæ ныхæстæ фехъуыстысты. Дæ царды кой кæн, мæлæт дæм рæхджы нæ фæзындзæн...»

Сылгоймаг йæ алыфарс акæстытæ кодта, йæ цæстæнгас цары къуымты æрзылд, фæлæ дзы ныхæстæзæгъæгыл йæ цæст куы не 'рхæцыд, уæд, йæхиуыл дзуæрттæ бафтаугæйæ, сдзырдта: «Стыр Хуыцау, уый дæу йеддæмæ никæй хъæлæс уыдаид æмæ дæм сызгъæрин тæбæгъты фæкуывдæуæд. Бузныг, мæ ныхæстæ дæм кæй фехъуыстысты æмæ сын аргъ кæй скодтай, уый тыххæй...»

Уæдæй фæстæмæ сылгоймагыл базыртæ базад. Йæ цæсгомæй хуртæ æмæ мæйтæ каст. Сабыргай цæуын нал зыдта. Иунæгæй-иу куы аззад, уæд-иу зарджытæ кæнынмæ фæци.

Æмæ йæхимæ куыд зилын райдыдта, уый та!.. Йæ былтæ, сырхдæр нæй, ахæм помадæйæ ахорын райдыдта, маникюры кой ма чи кæны: педикюр кæнынмæ дæр бавнæлдта. Рустæм пудрæйæ фæкаст. Цæстыхаутæ, уæлтъыфæлттæ, æрфгуытæ: кæцымæ дзы æфтаугæ кодта, кæцыйы — ахоргæ, кæцыйы — дасгæ. Æфтаугæ канд йæ цæстыхаутæм нæ бакодта, фæлæ ма къухы ныхтæм дæр. Нал бацауæрста дзаумайы хуыздæрыл. Йæ дарæс æрттывдтытæ калдта.

Афтæмæй адæмы ’хсæнмæ арæхæй-арæхдæр цæуын райдыдта. Иу чындзæхсæв, иу чызгæрвыст цух нæ уагъта. Кæцы авдæнбæттæн æмæ йæ гуырæн бон нæ федтаид адæймаг!

Иуахæмы та номæвæрдæй æрбацæйцыд. Йæхинымæр хъуыдыты анызгъуылд, æмæ йæ машинæ скъуырдта. Шофыр ма йæ рынчындонмæ бæргæ баскъæфта, фæлæ йæ дохтыртæ куы федтой, уæд дзы сæ зæрдæ нæ барухс. Сылгоймаг йæхæдæг дæр бамбæрста, йæ царды кæрон кæй æрхæццæ, уый, фæлæ ма уæддæр Хуыцаумæ сдзырдта: «О Стыр Хуыцау, мæлæт дæм тагъд нæ фæзындзæн, зæгъгæ, мын ныфс куы бавæрдтай, æмæ мæнæ мæлæты къахыл куы ныллæууыдтæн».

Сылгоймаг иучысыл æдзæмæй куы алæууыд, уæд йæ хъустыл ауад ахæм ныхæстæ: «Мæн аххос нæ уыди: нал дæ базыдтон…»

Æппæлдтытæ алыхуызæттæ вæййынц. Иутæ феппæлынц сæ хъæздыгдзинæдтæй. Чи феппæлы йæ чындзæй, чи – йе ’фсинæй, чи – йæ лæгæй, чи – йæ усæй æ.а.д. Ис ахæмтæ, йе ’взæрдзинæдтæй æппæлын чи уарзы. Æз мæхæдæг ахæм лæппуйы зыдтон, ахæстоны цалдæр хатты кæй бадти, уымæй сæрыстыр чи уыд, йæ сины сæртыл дзы чи хæцыд. Иу кæимæдæр куы фæбыцæу, уæд æм бартхъирæн кодта, æз ахæстоны уал æмæ уал хатты куы бадтæн, уæд мæм куыд уæндыс, зæгъгæ.

Мæ иннæ зонгæ та йæхицæй æппæлыд, æвронггæнæнмæ канд нæхи горæты нæ, фæлæ ма Мæскуыйы, Ленинграды æмæ Ростовы дæр кæй бахауд, уымæй.

Æз æм бирæ фехъуыстон æмæ, лæг йæхицæй æппæлынæй тагъд нæ банцайдзæн, уый куы бамбæрстон, уæд æй, йæ ныхас ын æрдæгыл фескъуынгæйæ, бафарстон: «Уыдæттæ иууылдæр æппæлыны аккаг сты, фæлæ-ма зæгъ, ды цы æвронггæнæнты уыдтæ, уыдонæй уавæртæ хуыздæр кæцыйы уыдысты?»

Алы бон дæр Терчы былæй ног хабаримæ ’рбаздæхын, фæлæ мын абон дыууæ баисты. Уæлæрдæм

цæугæйæ мыл амбæлд мæ рагон зонгæ Сергей. Æдзухдæр куыд вæййы, афтæ та мыл ныр дæр мидбылхудтимæ сæмбæлд. Кæрæдзийæн салам раттыны фæстæ мæ афарста:

— Бæрæгбон æрбахæццæ кæны, уый зоныс?

Куыннæма йæ зыдтон, сылгоймæгты бæрæгбонмæ къуыри дæр куынæуал баззад, уæд, æмæ йын дзуапп радтон:

— Зонын. Сылгоймæгты бæрæгбон.

— Æмæ цæимæ у, уый зоныс?

Нæ зонын, зæгъгæ йын куы загътон, уæд мын, йæ мидбылты бахудгæйæ, афтæ:

— «Со слезами на глазах».

Æз дæр, кæй зæгъын æй хъæуы, бахудтæн æмæ кæрæдзийæн «хæрзрайсом» загътам.

Цугын хиды цурæй фæстæмæ раздæхтæн. Мæзджыты цурмæ куы фæцæйхæццæ кодтон, уæд мæ комкоммæ сцæйцæугæ ауыдтон мæ иннæ рагон зонгæ æмæ хæлар Иваны. Мæхинымæр ахъуыды кодтон, исты худæджы хабар та мын æнæрадзургæ нæ фæуыдзæн, зæгъгæ, æмæ нæ фæрæдыдтæн.

Иван мын салам дæр нæма ратта, афтæ мæ, йæ худын тыххæй уромгæйæ, бафарста:

— Зæронд усы хабар дын нæма радзырдтон?

— Цавæр зæронд усы?

— Мæнæ базары джитъритæ чи уæй кодта, уыцы зæронд усы?

— Базары иу æмæ дыууæ зæронд усы уæй кодтой джитъритæ?

— Нæ, нæ, ахæм зæронд ус дзы нæма уыдис.

Æмæ мын хабар дзурынмæ фæци.

Цæвиттон, иу зæронд ус базары джитъритæ уæй кодта. Йæ базайрæгты сæрмæ лозунджы хуызæн ныффыста ахæм ныхæстæ: «Чернобылæй ласт джитъритæ».

Фыстмæ фыццагдæр чи фæкомкоммæ, уыцы нæлгоймаг зæронд усмæ баздæхт æмæ йын афтæ:

— Уыцы фыст райс, дæ джитъритæ дын ничи балхæндзæни.

Зæронд ус ын дзуапп радта:

— Æлхæнынц сæ, æлхæнынц, дæ фæхъхъау фæуон! Чи — йæ усы мадæн, чи — йæ сиахсæн...

Зымæджы-иу хъарм бонтæ куы скодта, уæд-иу мæ мад афтæ зæгъаг уыди: «Мæгуырты зымæг у!»

Сывæллонæй уыцы ныхæсты мидис кæцæй æмбæрстон, фæлæ мыл азтæ куы рацыд, уæд ма сæ мæхæдæг дæр пайда кæнын райдыдтон.

Зондаби:

– Стыр фындзмæ дæр иу хорздзинад ис.

Æрраби:

– Цавæр?

– Кæсæнцæстытæ дæлæмæ хауын нæ уадзы.

Æрраби:

– Æз та сæрмæ зонын иу хорздзинад.

Зондаби:

– Цавæр?

– Уый та æфцæггот хæрдмæ хауын нæ уадзы.

Бирæ зонынæн дзы æмбал нæй. Æз та бирæ нæ, фæлæ зонын, цас æмбæлы, уымæй дзæвгар къаддæр. Уый та мæ хæрзæрæджы ноджы тынгдæр бауырныдта.

Цæвиттон, цæргæ-цæрæнбонты редакторы куыст фæкодтон. Редакци кодтон «Рæстдзинад»-ы дæр, «Молодой коммунист»-ы дæр, радиойы дæр, «Ногдзау»-ы дæр. Редакци кæнын афтæ сахуыр дæн, æмæ газет, журнал кæнæ чиныг кæсон, æнæредакци кæнгæ мæ къух нæ лæууы. Рæдыд бафиппайдтон, уæд æй, цалынмæ сраст кæнон, уæдмæ йæ иуфæрсты ахизын мæ бон нæу. Фæзонын, уынгæ дæр æй кæй ничи фæкæндзæн, уый, уæддæр мæ ручкæ фелвасын æмæ йæ сраст кæнын.

Редакци канд фыстытæ нæ фæкæнын. Дзурæджы раст кæнынмæ дæр фæвæййын. Кæм æргомæй, фылдæр хатт та – мæхинымæр. Зæгъæм, ахæм дзырдбæстытыл куы сæмбæлын: «удæгас цæрæгой», «хъæддаг сырд», «дзæгъæл дзæнгæда», «æппæты фыццаг», «тæккæ тыхджындæр», «тынг бирæ», «чысыл сывæллон», «æрыгон фæсивæд», «йæ байзæддаг кæстæртæ» æ.а.д., уæд сæ раст кæнын мæ зæрды вæййы. Афтæ мæм фæкæсы, цыма фыццаг дзырдтæ уæлдай вæййынц. Ахæм зондыл хæст уыдтæн хæрзæрæджыйы онг, фæлæ иу æмбарынадимæ куы базонгæ дæн,

уæд мæ хъуыды иуцасдæр аивтон. Уыцы æмбарынад та хуыйны «плеоназм». Дзырдуæттæ йæ амонынц афтæ: у, дам, бердзейнаг дзырд, амоны: (pleonasmos) — излишество, речевое излишество, вкрапление слов, ненужных с чисто смысловой точки зрения: «самый лучший», «толпа людей», «сжатый кулак»; часто используется как стилистический прием, напр.: «За льдиной льдина вслед плывет» (Тютчев).

Иннæ дзырдуат дæр ахæм зондыл хæст у: «Термин стилистики, означающий сочетание слов, близких друг к другу по значению, из которых одно или несколько являются логически лишними (например: «черная сажа», «видеть своими собственными глазами», «воротиться назад» и др. Крайним выражением плеоназма является тавтология — повторение однородных по звуковому строению и значению слов («старый старик»). Зачастую П. употребляется как средство усиления выразительности речи (например, знать не знаю, «ведать не ведаю», «темным-темно» и др.)».

Тыццыл ма куы уыдтæн, уæд-иу нæм нæ сыхæгтæй чи 'рбауад, уыдонæй-иу арæх ахæм ныхæстæ фехъуыстон:

— Мæнæ йын цы цъæх цæстытæ и! Курæггаг цæхдоны хуызæн!

Иуахæмы та мын афтæ куы загъдæуыд, уæд нæ иннæ сыхаг мæ фарс рахæцыд æмæ мын мæ зæрдæ алхæдта:

— Æгонгæй, ма йæм хъус: цъæх цæстытæ уынагдæр сты!

Уыцы ныхæстæ, чи зоны, нал æрымысыдаин, фæлæ дыууиссæдзаздзыдæй кæсæнцæстытæ дарын куы райдыдтон æмæ, сау цæстытæ кæмæн уыд, мæ уыцы æмгæрттæй бирæтæ уынгты æнæ кæсæнцæстытæй куы цыдысты, уæд та сæ ногæй æрымысыдтæн. Кæй зæгъын æй хъæуы, нæ сыхæгты усы ныхæстæ кæй фæмæнг сты, уый мын хъыг уыди. Суанг ма мæ сæры ахæм цыппаррæнхъон дæр райгуырди:

Куы-иу лæууыдтæн фынгæн дзагдар —
Хæрзиуæгау-иу мæм уый каст...
Цъæх цæстытæ хуыдтой уынагдæр,
Фæлæ нæ дзырдтой уымæй раст.

«Нарты кадджыты» иу хабармæ мæ зæрдæ фехсайдта.

«Хицæн кадджытæ», зæгъгæ, уыцы иумæйаг сæргонды фыццаг кадæг у «Нарты рувасдзарм». Нарты æртæ гуыппырсары: Уырызмæг, Хæмыц æмæ Сослан сæ хæрæфырт Ацæимæ цуаны ацыдысты æмæ рувас амардтой. Æртæ 'фсымæры йæ æмæхст фæкодтой, æмæ дзы алчидæр афтæ 'нхъæлдта, æз æй амардтон, зæгъгæ. Цыбыр дзырдæй, сæ амæттаг хъаугъайаг фæци. Уæд сын сæ хæрæфырт Ацæ бауынаффæ кодта: «Æмбисæндтæ уæ алчидæр йæ цардæй æрхæссæд æмæ, кæй æмбисонд хуыздæр уа, рувасдзарм уый фæуæд». Æмбисæндтæм куы байхъуыстой, уæд хуыздæрыл нымад æрцыд Уырызмæджы æмбисонд. Кадæг фæвæййы афтæ: «Диссаг куыннæ у Хæмыцы таурæгъ дæр æмæ Сосланы таурæгъ дæр, фæлæ уыдонæй æмбисонддæр сты Уырызмæджы хъуыддæгтæ. Хæрæгæй, куыдзæй, бæхæй чи фæцарди. Ацы рувасдзарм æмбæлы Уырызмæгæн. Уырызмæг рувасдзармæй йæхицæн кæрц бахуыййын кодта».

Мæ зæрдæ ацы фæстаг хъуыдыйадмæ фехсайдта: ау Уырызмæг ахæм къаннæг уыди, ныр дæр ма йæ кой кæмæн кæнынц, уыцы кæрц рувасдзармæй куыд бахуыййын кодта, æви нарты заман рувæстæ ахæм стыртæ уыдысты?..

Хъайтыхъты Геормæ иу æмдзæвгæ ис. Дзырдæй-дзырдмæ йæ нал хъуыды кæнын, фæлæ йын йæ хъуыды мæхи фыст дыууæ рæнхъæй афтæ зæгъин:

Геор йæ заманы фыста:
Хъуыддæгтæ аразынц фыстæ.

Цæвиттон, Мæскуыйæ ссыдысты ревизортæ æмæ бæрæг кодтой иу стыр куыстуаты финансон уавæр. Уазджыты, «куыд æмбæлы», афтæ сбуц кодтой. Хæхты хъæбысы сын фыс акусарт кодтой, афтæмæй хъуыддæгтæ арæзтой. Æмдзæвгæ тæлмацгонд æрцыд уырыссаг æвзагмæ дæр. Мæ зæрдыл дзы бадардтон æрмæстдæр иу рæнхъ: «Бараны делают дела!»

Мæнмæ гæсгæ, ныры дуджы галтæ æмæ къамбецтæ куы нæ уа, уæд фыстæ æмæ рæуæдты бон ницуал бауыдзæн.

Алы бæстæтæ æмæ алы адæмтæм алы ’гъдæуттæ ис. Куыд дзурынц, афтæмæй Китайы сау дарынц урс дарæсы. Финляндийы, зæгъæн ис, æмæ нуазæнтæ къуырцц нæ кæнынц. Диссаг уæм фæкæсдзæн, уый зонын, фæлæ финнæгтæ сæ агуывзæтæ бакъуырцц кæнынц, хисты бадгæйæ.

Чъребамæ фæцæйцыдыстæм. Цæгат æмæ Хуссар Ирыстоны фысджытæй иу Цæдис саразыны фæдыл съездмæ. Арæнхъахъхъæнджыты пункты цур куы ’рлæууыдыстæм, уæд рабæрæг, мæ паспорт рахæссын мæ кæй ферох. Цы нæ фæкодтам, кæдæмдæрты сæхæдæг дæр, ома арæнхъахъхъæнджытæ, адзырдтой, фæлæ дзы ницы рауад: арæныл ахизын мæ нæ бауагътой. Фæстæмæ здæхын мæ бахъуыд.

Арæнхъахъхъæнджытæ бынтон дурзæрдæйæ сæхи нæ равдыстой: ацырдæм чи цыд, иу ахæм машинæйы хицаумæ æрхатыдысты, цæмæй мæ горæтмæ аластаид. Мæ ног æмбæлццæттæ диссаджы хæларзæрдæ адæм разындысты. Цъæхилты Коля æмæ мæм Инал сæ рагон зонгæйы цæстæй ракастысты. Ноджы ма нын иумæйаг зонгæтæ дæр куы разынд, уæд мæ уавæр иуцасдæр фæрогдæр. Суанг мæ нæ хæдзары дуармæ æрбаластой. Фысым бакæнут, зæгъгæ, сæм æрхатыдтæн, фæлæ не сразы сты, нæ, дам, нæ ’вдæлы. Цыбыр дзырдæй, хæлæрттæй фæхицæн стæм.

Нæхимæ та мыл мæ балцы хабæрттæ æртæфстысты. Мæ зæрдыл æрбалæууыд, фалæрдæм цæугæйæ ныл цы фысты дзуг амбæлд, уый. Арæнхъахъхъæнджытæ дзы иу фысæй дæр паспорт нæ бацагуырдтой, афтæмæй сæ дæсгæйттæй ацырдæм арæныл уагътой, фæлæ, фалæмæ цæугæйæ, дыууиссæдз фысæй æрмæстдæр иу фысмæ нæ уыди паспорт æмæ йæ фæстæмæ раздæхтой...

Ацы ран мæ мæ ныхас чысыл фæбæлвырддæр кæнын бахъæудзæн...

Агънаты Гæстæн иуæй-иу ныхæстæ тагъд куы сдзуры, уæд ын дзы бынтон æндæр ныхас рауайы. Кæддæр ыл йæ зонгæтæй чидæр амбæлд æмæ йæ, кæдæм цæуыс, зæгъгæ, куы бафарста, уæд ын афтæ: «Фысджыты цæдисмæ»,

фæлæ уыцы ныхæстæ афтæ тагъд загъта æмæ йын дзы «фысты цæдис» рауад.

Мæнæн дæр уыцы хабар æрлæууыд мæ зæрдыл…

Не 'рвадæлты лæппу таксистæй куыста. Иу заман Мызурæй Алагирмæ иу бæлццоны ласта. Æвæццæгæн, æгæр тагъд цыд, æмæ бæлццон йæ уд йæ къухы хæсгæ Ныхасы Уастырджийы онг фæбадт, фæлæ кувæндоны цурмæ куы 'рхæццæ, уæд машинæ фæуромын кодта. Ме 'рвад æнхъæлдта, лæг кувæндоны йæ мысайнаг æвæрыны тыххæй хизы, фæлæ фæрæдыди. Бæлццон машинæйæ рагæпп кодта æмæ шофырмæ цæугæ-цæуын дзуры: «Знон чи ацыд, уыдон дæр баййаф, æз дæ машинæйы нал сбаддзынæн».

Цы нæ йын фæкодта, сбад, сабырдæр скъæрдзынæн, зæгъгæ, фæлæ, марадз-зæгъай, кæд бакоммæ каст.

Байца немыцаг фашистты ныхмæ хъæбатырæй хæцыд. Иу карз хæсты йе 'мбæлттæй бирæтæ фæмард сты. Æгас ма дзы чи баззад, уыдонæй Байца фæхицæн. Йæ уды быцъынæг тыдта, искæуыл ма дзы куы сæмбæлин, зæгъгæ. Иуахæмы бахæццæ соса фæндагмæ. Фанеры цыппæрдигъон гæбазыл хъилыл сагъдæй ауыдта ахæм тохмæсидæг фыст:

Долг бойца
Бить врага!

Байца йæ куы ауыдта, уæд уыцы мæстыйæ фæхъæр кодта: «Омæ йын Байца дæр иунæгæй цы бакæндзæн?!»

Ирон прозæйы бындурæвæрæгыл чидæртæ нымайы Гæдиаты Секъайы, драматургийы бындурæвæрæгыл та – Брытъиаты Елбыздыхъойы. Чи зоны, Мамсыраты Темырболаты та исчи схондзæн ирон поэзийы бындурæвæрæг, уымæн æмæ нæм уымæй раздæр æмдзæвгæтæ фыссæг нæ уыд. Ахæм зæгъæг куы фæуа, уæд ма дзы Къостайæн цы баззайдзæн?

Мæнмæ гæсгæ, афтæ баныхас кæнын хъæуы: ирон литературæйæн, фидардæр нæй, ахæм бындур æрæвæрдта Хетæгкаты Къоста. Уый гуырысхойаг кæй никæмæн у, ууыл æз æппындæр гуырысхо нæ кæнын. Секъа, Елбыздыхъо æмæ Темырболатæн нæ литературæйы ахæм бынæттæ ис, æмæ сын, дæлдæр абад, зæгъгæ, ничи зæгъдзæн. Дæлдæр абад зæгъæг кæмæн нæй, уый та уæлдæр бынаты æвæрын ницæмæн хъæуы, уымæн æмæ ис, цы аккаг у, ахæм бынаты.

Нæ алыфарс чи цæры, уыцы адæмтæм куы акæсæм, уæд дзы цыма хицæн жанртæн хицæн бындурæвæрджытæ нæй, афтæ мæм кæсы. Уырыссаг литературæйæн, ома йæ литературон æвзагæн, бындур æрæвæрдта Пушкин Александр Сергейы фырт. Уый та афтæ амоны, æмæ, йæ хæцæнгарз æвзаг кæмæн у, уыцы аивадæн бындур æрæвæрдта Пушкин, æмæ дзы хъуамæ æндæр ныхас мауал уа, уымæн æмæ литературæйы æппæт жанртæн дæр сæ бындур æвзаг у. Уæдæ афтæ: Хетæгкаты Къоста у ирон литературон æвзаджы бындурæвæрæг, ома литературæйы бындурæвæрæг, æмæ уыцы æцæгдзинад дзырддаг кæнынæн бындур нæй.

Абайты Васойы «Уырыссаг-ирон дзырдуат»-ы зындгонд ахуыргонд дзырд «шомпол» тæлмац кæны – «топпы фат», афтæмæй та, бирæты хъуыдымæ гæсгæ, «шомпол» у топпы хæтæл сыгъдæггæнæн. Ацы хъуыддагмæ йæ хъус æрдардта дзæнæты бадинаг Мамсыраты Мурат. Уый куыд нымадта, афтæмæй шомпол топпы фат нæу, фæлæ у йæ дзых сыгъдæггæнæн. Муратимæ æз дæр разы уыдтæн, фæлæ чысыл фæстæдæр мæ хъуыды аивтон. Мæ хъуыды та аивтон, Гуытъиаты Хъазыбеджы чиныджы ахæм æмбисонд куы бакастæн, уæд: «Сампал – къæпп, фæлæ топп не схæцыд». Куыд зонæм, афтæмæй сампалæй къæпп нæ фæкæнынц. Æвæццæгæн, ирон адæммæ сампалæн æндæр нысаниуæг уыдис, æндæр адæм дæр æмæ сæ зонджындæртæй иу – Васо дæр куыд фæрæдыдаиккой?

Стæй ма нæм фыдæлтæй ахæм ныхас дæр баззад: «Топпæн – сампал, лæгæн – дзых». Уый дæр хуымæтæджы фæзындаид, уый мæ нæ уырны. Æнæ дзыхæй адæймаг не сдзурдзæни. Цæмæй топп сдзура, уый тыххæй та йын ирон адæммæ, æвæццæгæн, сампал хъуыди.

Фатимæ алы ранмæ дæр æрæджы кæны: чындзæхсæв уа, чызгæрвыст уа, авдæнбæттæн уа, гуырæн бон уа. Мæскуыйы куы цардыстæм, уæд-иу кино æмæ суанг Стыр театрмæ дæр æппæты фæстæгтимæ бацыдыстæм.

Фæстаг хатт ма нæ сыхæгты сызгъæрин чындзæхсæвмæ æрæджы куы кодтам, уæд та йын уайдзæфтæ кæнынмæ фæдæн:

– Дæ райгуырдæй фæстæмæ кæдæм нæ байрæджы кодтай, ахæм уыдис?

– Уыдис.

– Кæдæм?

– Чындзы цæуынмæ.

Дзуапп раттынмæ, растдæр зæгъгæйæ та – йæхи сраст кæныны тыххæй йæ æфсон агурынмæ кæй ничи амбулдзæн, уый та ма мæ ноджыдæр иу хатт бауырныдта.

Бадыхъæуы картоф йæ рæстæджы Бæрæгъуыны пъæмидорæй къаддæр хъуыстгонд нæ уыди.

Иуахæмы бадон Бечмырзæ бабæрæг кодта йæ быдираг æрдхорды. Уазæгыл тынг бацин кодтой фысымтæ: йæ разы йын æрæвæрдтой алы минас. Уыдонимæ – духовкæйы æдцъар фых картæфтæ. Цыма афтæ зæгъынмæ хъавыдысты: махуæттæ дæр бадыхъæуккæгтæй ницæмæй цауддæр сты.

Адæймаг мыдæй дæр куы сфæлмæцы. Бадыхъæуы кæд цыфæнды лæхурæг æмæ хæрзад картоф зади, уæддæр, сæ сыхæгтæм куыд кадджын уыди, сæхæдæг ын ахæм стыр аргъ нæ кодтой, уымæн æмæ алы бон цы хæрай, уый, адæмы загъдау, мыд куы уа, уæддæр дзы сфæлмæцдзынæ. Æмæ уазæг картæфтæ куы ауыдта, уæд сыл сбустæ кодта:

– Ам дæр та мæ размæ куы фестут!

Мæрзойты Сергей сæ дзурагтæй нæ уыди, фæлæ-иу, цы загъта, уый нысаныл æмбæлди. Нысаныл цы ныхас æмбæла, уый та адæм сæ зæрдыл бадарынц, дзæвгар рæстæг сæ нал ферох вæйййы…

Чындзæхсæвы уыдаид æви авдæнбæттæны, уый ма абон чи сбæрæг кæндзæн, фæлæ йæ хицæуттæй кæйдæртимæ

Сергей дæр уым сæмбæлди. Кафынмæ рахуыдтой, æнæ обкомы бафæрсгæйæ къахдзæф дæр чи нæ кодта, йæ уыцы хицауы. Лæг кафæн фæзмæ куы рахызт æмæ йæ къабæзтæ куы айвæзта, уæд Сергей, йæ фарсмæ чи лæууыд, уыцы фыссæджы хъусы бадзырдта: «Танец, согласованный с обкомом!»

Иу сæрдыгон бон мæ райгуырæн хъæу Бæрæгъуынмæ абалц кодтам. Мемæ уыди ме 'мсис æмбæлттæй цалдæр.

Æвæдза, куыд æхсызгон вæййы, дæ сабидуг кæм арвыстай, уыцы уынгты æруайын, бæгъæввадæй цы къахвæндæгтыл тахтæ, уыдоныл афæлгæсын, къухæй балертæ кæм ахстай, уыцы суадæтты зарынмæ байхъусын, дзоныгъыллиу дæхи цы къуыбырæй рауагътай, уый сæрæй ракæсын! Цас æхсызгондзинад æрхæссы уыдонæй алкæцыйы уынд дæр адæймагæн!..

Мæ сабидуг æрцард
Мæ зæрдæйы рæбын.
Куыд мæ тавы йæ арт!
Куыд мын суры мæ зын!

Кæнын йæ фæзы дугъ
Мæ хъуыдыты æдзух.
Дæн базырджын, цæргæс
Йæ фæрцы алкæм æз.

Нæ Хъæууаты къуыбыр,
Йæ алыфарс — быдыр,
Куыройыдон, Бехъан —
Æнусмæ дæн уæ хъан.

Мæ сабидугæн нæй
Дзæнæтимæ дæр барæн.
Мæ хур у уый, мæ мæй,
Дыккаг ахæм нæй ссарæн.

Тæхы нæ машинæ хъæуы уынгты. Зонгæ мын дзы у сæ алкæцы хæдзар дæр. Уæвгæ, «алкæцы хæдзар» кæй зæгъын, уымæй бынтон раст нæ дæн. Кæцыдæрты бæсты дзы

сæхи бæрзонддæр систой ног бæстыхæйттæ, фæлæ мæ цæстытæ куы бацъынд кæнин, уæд, кæй бæсты фæзындысты, уыцы хæдзæрттæ мæм нывгондау разыниккой, уымæн æмæ уыдон рæстæг мæ зæрдæйы ахæм ахорæнтæй сахуырста, æмæ сын бонтæ æмæ азты бон ницы у. Уыдон дæр сабидуджы хуызæн зæронд кæнын дæр нæ комынц æмæ халын дæр...

Хъæуæй куыд ахызтыстæм, уый зонгæ дæр нæ бакодтон. Куыройыдоны галиу фæрсты фæтæхæм. Доныл куыройы ном бæргæ баззад, фæлæ йыл цы диссаджы цалдæр куыройы уыд, уыдонæн сæ фæд дæр нал и. Иууылдæр зæххы хай баисты. Петкæйы куырой дæр, Сырх куырой дæр, мæнæуыссæн куырой дæр.

Фаллаг фарсмæ бахызтыстæм æмæ фæрв бæлæсты бын сатæджы æрфистæг стæм. Хъæлдзæгæй нæ рæстæг арвыстам. Фæлæ фæстæмæ куы раздæхтыстæм, уæд мæ равг иучысыл фæцудыдта. Доны сæрты æрбахизынмæ куы хъавыдыстæм, уæд нæ размæ рацыд, фæлладуадзæн бынатмæ йæ цæст чи дардта, фæлæ æз кæй нæ зыдтон, уыцы сылгоймаг. Хъæуы æртиссæдз азы бæрц нал цæрын æмæ, мæ фæстæ чи райгуырд, уыдонæй бирæты зонгæ нæ, фæлæ уынгæ дæр никуы фæкодтон æмæ мæ бафæндыд сылгоймаджы базонын.

Мæ зонгæдзинад мæхицæй райдыдтон æмæ йæ бафарстон:

– Мæн нæ зоныс?

Нæ зонын, зæгъгæ, йæ сæр куы батылдта, уæд мын мæхи фæрсынмæ фæци:

– Уартæ уый Ходы Камал нæу? – æмæ аивæй, Камал, шофыры фарсмæ цы машинæйы бадт, уырдæм ацамыдта.

– Уый Ходы Камал у, фæлæ æз дæ хъæуккаг куы дæн, уæд мæн куыннæ зоныс? – Цыма мæ кæй нæ зоны, уым исты аххосджын у, уый хуызæн ыл сбустæгæнæгау кодтон.

Нæ ныхæстæ нын Камал куы айхъуыста, уæд ын цыма æнæнхъæлæджы милуан доллæры йæ къухы фæсагъдæуыд, уыйау машинæйæ радзырдта:

– Уыныс, дæхи хъæуы дæр мæн дæуæй хуыздæр зонынц!..

Мæ бон йæ ныхмæ сдзурын нæ баци, фæлæ уæддæр сылгоймаджы æрфæрстытæ кодтон. Куыд рабæрæг, афтæмæй

нæ хъæумæ æрæджы æрлыгъдысты æмæ, мæн нæ, фæлæ хъæуы дæр се 'ппæты нæма зоны. Фæлæ мæ уый, цы уавæры бахаудтæн, уымæй нæ фервæзын кодта. Уый хыгъд ма Камалыл иу хорздзинад æрцыд. Мæ руаджы. Сылгоймаджы базонын мæ куы нæ бафæндыдаид, уæд кæрæдзийы рафæрс-бафæрстыл не схæцыдаиккам.

Камалыл ма иу хорздзинад æрцыд, зæгъгæ, хуымæтæджы нæ загътон...

Уый къорд азы размæ уыд. Уæд дæр æрдзы хъæбысмæ фæцæйцыдыстæм. Æрмæст Æрджынарæгмæ. Нæ фæндаг Бесланыхъæуыл уыди æмæ ма базармæ баздæхтыстæм. Хъуыддæгтæгæнæг кæстæртæ уыдысты. Мах æртæйæ – Камал æмæ Хъодзаты Æхсаримæ иуфарс ацыдыстæм æмæ не 'мбæлттæм æнхъæлмæ кастыстæм. Уалынмæ кæсæм, æмæ нæм комкоммæ цырдкъахдзæфтæгæнгæ æрбацæуы ныллæггомау, фыдцъылыс, бурдзалыг нæлгоймаг. Нæ астæу фæмидæг, Камалы къух райста æмæ йын арфæтæ кæнынмæ фæцис:

– Ирыстонæн бирæ хорздзинæдтæ сарæзтай, æмæ дын адæмы номæй арфæ кæнын! Æгайтма дæ къухы ахæм æнтыстдзинæдтæ æфты. Ды мæ нæ зоныс, фæлæ дæ æз тынг хорз зонын...

Æгæр бирæ куы фæдзура, уымæй фæтарстæн æмæ йæ æнæнхъæлæджы афарстон:

– Æмæ уæд мæнæ ацы лæджы нæ зоныс? – æмæ йын Æхсармæ ацамыдтон.

Куыд бамбæрстон, афтæмæй йын мæ ныхæстæ йæ тъæнгтæ ацагътой. Æвæццæгæн, ма йæм дзуринæгтæ бирæ уыд, æмæ йын йæ ныхас æрдæгыл кæй аскъуыдтон, уый тыххæй.

– Æмæ æз та кæй зонын, мæхи дæр куы нæ зонын, уæд?! – схæлбурцъ кодта йæ маст æмæ, куыд тагъд æрбауад, афтæ тагъд фæстæмæ дæр фæцæуæг.

Камалæн дын ахæм авæрай: куыддæр лæг фæaууон, афтæ фæуæлахизуæвæгау сдзырдта:

– Фехъуыстат? Лæг йæхи дæр нæ зоны, фæлæ мæн зоны!..

Чысыл раздæр Камалы хорздзинæдтыл ма мæ руаджы иу бафтыди, зæгъгæ, дæр уый тыххæй загътон.

О, хæдæгай, фæцæй мæ рох кодта. Мæ хъæуы цæрæг мæ кæй нæ зыдта, уым дæр диссагæй ницы ис. Ахæм

уавæры канд æз нæ бахаудтæн. Есенин Сергей хуымæтæджы нæ фыста: «В своей стране я словно иностранец».

Куыдз курæг, дам, куыдз у, чи нæ йын дæтты, уый та – дыууæ куыдзы. Æххуыс кæй нæ бахъæудзæн, ахæм нæй. Мæн дæр бахъуыди æмæ мæ уавæр, хъуыддаг кæмæй аразгæ уыд, уымæн бамбарын кодтон. Нæдæр мын «о» загъта, нæдæр – «нæ», фæлæ йæ куыд бамбæрстон, афтæмæй мын йæ зæрды баххуыс кæнын уыд.

Рæстæг цыди, фæлæ хицауæй ницы хабар хъуыстон. Мæ сæры æвзæрди алыхуызон хъуыдытæ. Кæнæ мын баххуыс кæнын йæ зæрды уыд, фæлæ йæ бон нæу, кæнæ йæ бон у, фæлæ йæ нæ фæнды. Цыбыр дзырдæй, хъуыддагæй ницы рауад. Цæуыннæ, уый дыккаг фарст у. Цыфæнды бындур ын куы уа, уæддæр дзы мæнæн ницы пайда ис. Цæмæй мæ зæрдæхудты ма бацыдаид, уый тыххæй йæ нæ фембæлды рæстæг комкоммæ бæлвырд дзуапп раттын хъуыд. «О»-йы хуызæн «нæ» дæр дзуапп у, кæд се 'хсæн быдыртæ æмæ хæхтæ ис, уæддæр.

Адæмы 'хсæнмæ цас арæхдæр цæуай, уыйас дæ хабæртты хызын дзагдæр кæндзæн.

Ацы хабар мын, дыууадæс азы размæ Тæмисчъы санаторийы уыдтæн, афтæмæй радзырдæуыд. Кæд нæ рæдийын, уæд æй Туатæй иу лæгæй фехъуыстон.

Цæвиттон, хойраджы комбинаты æхсæвгæс цалдæр голладжы мæнæуы ссад радавта. Йæ хæрæгуæрдоны. Уынджытæ йæ фæци. Милицæмæ кæй фæдзырдæуыд, уый йын фæндаггæттæй иу бамбарын кодта æмæ æхсæвгæс йæ уæрдон æд голджытæ фæндагыл фæуагъта æмæ сæхимæ лыгъд радта. Уалынмæ милицæйы кусджытæ хæрæджы уæлхъус алæууыдысты, фæлæ ма йын йæ хицауы уым кæцæй баййæфтаиккой! Бавдæлдысты, æмæ хæрæгыл ахъæр кодтой, кæцæй рацыд, уырдæм цæудзæн, зæгъгæ. Йæ хицауы хæдзары дуармæ куы 'рлæууыд, уæд милицæ кулдуар ныххостой. Иуцасдæры фæстæ æхсæвгæс йæ мидæггаг дарæсы йæ цæстытæ æууæрдгæ тыргъы фæзынд. Хæрæджы куы ауыдта, уæд ныддис кодта:

– Ацы хæрæг дыууæ азы размæ куы ауæй кодтон, уæд ма кæцæй фæзынд?!

Сæр, кæй зæгъын æй хъæуы, сæйрагдæр у, фæлæ цыма алы ран нæ, афтæ мæм кæсы. Зæгъæм, цæрæгойтæй кæцыфæндыйæн дæр йæ сæр куы акъуырай, уæд йæ цард фæуыдзæн. Æндæрхуызон уавæры сты фылдæр зайæгойтæ. Уыдонæн сæйрагдæр сæ сæртæ не сты, кæд сын сæ хъæдтæ, къалиутæ, сыфтæ æмæ дидинджытæ сæртæ рахонæн ис, уæд. Уыдонæн сæйрагдæр сты сæ уидæгтæ. Уæлæмæ сæ цы хæйттæ зыны, уыдон куы акъуырай, уæд суадздзысты ног талатæ, чи зоны, фыццæгтæй пæлæхсардæр æмæ цæстыахадгæдæр.

Æндæр уавæры сты цæрæгойтæ.

Ус æмæ лæг «а» æмæ «о»-йæ фæцардысты. Цардæй ницæмæй хъаст кодтаиккой, фæлæ сын цот нæ рацыд, афтæмæй, адæммæ хæлæг кæнгæйæ, сæ цард арвыстой. Дыууæ азы размæ лæг амард, æмæ зæронд ус иунæгæй баззад. Йæ зæххы гæппæл ма тыххæйты бакусы æмæ, уырдыгæй цы фæллой æрбахæссы, уымæй цæры. А уалдзæг ма фынддæс карчы цъиуы дæр балхæдта æмæ йын дзы иу дæр нæ фæхъуыд, афтæмæй скæрчытæ сты, фæлæ йын дзы фæстаг цалдæр боны æртæ фæцыдæр. Ноджы – сæ тæккæ стырдæртæ. Ус йæ хъаст сыхагæн куы ракодта, уæд ын уый афтæ:

– Уый сыгъдæгæй дæр рувас уыдзæн...

– Æз авд путы чи ласы æмæ дыууæ къахы йеддæмæ кæмæн нæй, ахæм рувас никуыма федтон.

Сыхаг усæн ма цы бамбарын хъуыд, кæрчыты хицау, йæ дæллаг фарс чи цæры, уыдоны лæгæй кæй загъта.

Дыууæ мины дæсæм азы æхсæрдæсæм декабры фыстон: «Ис мæм, æрдæгтæлмацгондæй чи баззад, ахæм æмдзæвгæтæ дæр. Кæцыйы дзы кæд райдыдтон, уый нал хъуыды кæнын. Нæ зонын, кæд сæ фæуыдзынæн, уый дæр. Уæвæн ис, æмæ дзы иу дæр кæронмæ мауал ахæццæ

кӕнон...» Зонджын адӕмӕй чидӕр афтӕ загъта, лӕг, дам, куы амӕлы, уӕд ма йӕ фӕстӕ кусинӕгтӕ цыппар боны фаг баззайы:

Цытджын лӕджы ном айхъуысы фӕстӕдӕр,
Куы раргом вӕййынц йе 'нусон фыстытӕ...
Лӕгӕн, дам, ма йӕ мӕлӕты фӕстӕ дӕр
Цыппар боны фаг баззайы куыстытӕ.

Ӕрдӕгтӕлмацӕй мын цы 'мдзӕвгӕтӕ баззад, уыдонимӕ уыд Пушкины «Я помню чудное мгновенье...» дӕр. Раивтон ын ӕрмӕстдӕр йӕ фыццаг цыппар рӕнхъы.

Иу бон мӕм республикӕйы Культурӕйы ӕмӕ дзыллон фӕрӕзты министрадӕй Керчелаты Владимир сдзырдта, Архангельскы горӕты, дам, Пушкины «Я помню...» дунейы адӕмты ӕвзӕгтӕм тӕлмацгондӕй хицӕн чиныгӕй рауадзынмӕ хъавынц ӕмӕ йӕ иронау дӕр агурынц. Интернетӕй базыдтам, ды йӕ кӕй стӕлмац кодтай, уый, ӕмӕ, дам, нын ӕй куы раттис, уӕд нӕ архангельскаг хӕлӕртты курдиат сӕххӕст кӕниккам.

Ӕз ын, кӕй зӕгъын ӕй хъӕуы, хъуыддаг бамбарын кодтон, фӕлӕ йын зӕрдӕ бавӕрдтон, кӕд мын бантыса, уӕд бацархайдзынӕн кӕронмӕ йӕ ратӕлмац кӕнынЫл. Ӕмӕ, ӕцӕгӕйдӕр, мӕ къухы бафтыд куыст кӕронмӕ ахӕццӕ кӕнын.

Ныр, куы амӕлон, уӕд ма мын кусинаг цы цыппар боны баззад, уыдон иу къаддӕр фӕуыдзысты.

Зӕххы мӕ цыфӕнды арф куы баныгӕной, уӕддӕр нӕ амӕлдзынӕн. Бынӕй мын уӕлдӕф нӕ фаг кӕндзӕн, ууыл-иу уӕ мачи бауудӕндӕд. Искуы ма сывӕллон йӕ мады гуыбыны уӕлдӕф хъуаг вӕййы?! Сабийӕн йӕ мады гуыбыны мӕлынӕй тас нӕ вӕййы. Тас ын вӕййы райгуырынӕй ӕмӕ райгуыры. Чи зоны, мӕ мӕлӕты фӕстӕ та ӕз дӕр искуы райгуырон...

Рынчын мӕгуыр у, уӕдӕ цы у! Мӕгуыр ӕмӕ тӕригъӕддаг. Тӕригъӕдгӕнджытӕй йӕ цуры исчи куы 'рбалӕууы, уӕд ын канд ӕхсызгон нӕ вӕййы, фӕлӕ цыма

йæ рыст фæкъаддæр вæййы, афтæ йæм фæкæсы. Уыдæттæ хъуыдыгæнгæйæ, рынчындоны бабæрæг кодтон, уæлæнгай зонгæ кæимæ уыдтæн, иу ахæм лæджы. Мæ бацыд ын æхсызгон кæй уыдзæн, уый зыдтон, фæлæ мыл афтæ бацин кæндзæн, уый æнхъæл нæ уыдтæн. Куыд бамбæрстон, афтæмæй йæм бацæуудзынæн, уымæ ’нхъæлмæ нæ каст, æмæ йын мæ фенд уæлдай æхсызгон уымæн уыд.

Дзæвгар фæныхæстæ кæныны фæстæ мæм æрхатыд, мæхи цæуыл аирхæфсон, ахæм чиныг, дам-ма мын искæимæ æрбарвит. Æрвитгæ нæ, фæлæ йын мæхæдæг Зощенко Михаилы чиныг бахастон. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, уым уыд, йæхи цæуыл аирхæфстаид, ахæм уацмыстæ. Уырнындта мæ, уыдоны фæрцы йæ йæ низ иуцасдæр кæй æрбайрох уыдзæн, уый…

Лæг сдзæбæх. Кусын райдыдта. Рæстæг цыд, фæлæ йæм чиныг фæстæмæ здахыны зонд нæ уыд. Иуахæмы та чингуыты тыххæй ныхас рауад, æмæ мын раппæлыд «Франццаг классикон эпиграммæ»-ты æмбырдгондæй. Радта мын æй кæсынмæ. Мæхинымæр скарстон, цалынмæ мын мæ чиныг æрбахæсса, уæдмæ йыл æй нал сæмбæлын кæндзынæн, зæгъгæ.

Эпиграммæты чиныгимæ базонгæ дæн. Мæ зæрдæмæ дзы бирæтæ фæцыд æмæ сæ тæлмац кæнын райдыдтон. Дзæвгар дзы иронау сдзурын кодтон. Мæ чингуытæм дзы сæ иу хай дæр бахастон. Мæ зæрдыл та уырыссаг æмбисонд æрлæууыд: «Все что не делается, делается к лучшему».

Зощенкойы чиныг мын афоныл куы раздæхтаид, уæд ын æз йæ чиныг не ’рбахæссын кодтаин æмæ йæ тæлмац кæнынмæ нæ бавнæлдтаин.

Мæ зонгæ мæ разæй фæцæйцыд. Иунæг уыд, афтæмæй ныхæстæ кодта. Æнхъæлдтон, дзыппыдаргæ телефонæй искæимæ дзуры, фæлæ йæм куы баввахс дæн, уæд æм ахæмæй ницы разынд æмæ ноджы тынгдæр дисы бацыдтæн. Бафйæфтон æй æмæ йæ фæрсын:

— Кæимæ ныхæстæ кæныс?

— Мæхиимæ: искуы-иу хатт зонджын адæймагимæ аныхæстæ кæнын æвзæр нæ вæййы.

Дыууæ лæджы кæдæмдæр хуынд уыдысты. Фæндагыл сыл сæ зонгæ амбæлд. Кæдæм цæуынц, уый куы базыдта, уæд семæ фæцæуæг. Иуцасдæр куы рауадысты, уæд æй хуынд лæгтæй иу фæрсы:

– Ды та кæдæм цæуыс?

– Æз дæр сымахимæ.

– Æмæ дæм хонæг уыди?

– Мæн хонæг никуы фæхъæуы. Мæнæн сæйрагдæр фехъусын у…

Даль Владимир уырыссаг литературæйæн бирæ хæрзты бацыд. Æрæмбырд кодта уырыссаг æмбисæндтæ æмæ сæ рауагъта цалдæр томæй. Фыста литературон уацмыстæ. Фæлæ уæддæр йæ тæккæ ахсджиагдæр фæллой у «Уырыссаг æвзаджы æмбарынгæнæн дзырдуат»-ы цыппартомон. Уыдон иуууылдæр, кæй зæгъын æй хъæуы, ныффыста уырыссаг æвзагыл, афтæмæй йæ мад немыцаг уыд, йæ фыд – даниаг. Даль йæ царды кæрон фыста: «Кто на каком языке думает, тот тому народу принадлежит. Я думаю по-русски».

Æвæдза, кæд æцæг афтæ у, æцæг афтæ кæй у, уый та мæм дызæрдыггаг нæ кæсы, уæд, æвæццæгæн, ныртæккæ ирон адæм кæй хонæм (сæ мыггæгтæм гæсгæ), уыдонæн, чи зоны, сæ æртæцыппæрæм хайы ирæттыл банымайæн нал ис.

Тæрсын, ирæтты нымæц къаддæрæй-къаддæргæнгæ куы цæуа, уымæй. Уæвгæ, «куы цæуа» цæмæн, куы цæуы, уæд? Стæй дарддæр дæр цæудзæн. Бæллæх æмæ мардæрцыд цы у – ууыл æрсагъæс кæныны зонд иуæй-иуты йеддæмæ кæй нæй.

Ирон чингуытæ уæйгæнæг Азæйы рæзты фæцæйцыдтæн, æмæ мын æхсызгондзинад фехъусынгæнæгау афтæ:

– Ног азы кадæн уагъд диссаджы лотерейон билеттæ! – æмæ дзы иу цъæпæра батылдта. – Дыууæ фатеры æмæ дзы машинæ дæр ис.

Æз ын, фыццагдæр мæ дзыхы цы ныхæстæ абадт, уыдон загътон:

– Афтæмæй дыууæ фатеры куы рамбулон, уæд сæ цы фæкæндзынæн?

Йæ мидбылты бахудын йеддæмæ мын ницуал дзуапп радта.

Чæрадзонты Сосланы размæ, дам, гуырдзымæ Шота ном нæ уыди. Фæзынди, Сослан Тамарæйы куы ракуырдта, уæд. Арæзт та у Сослан æмæ Тамарæйæн сæ нæмтты фыццаг уæнгтæй «со» («шо») æмæ «та»-йæ – Шота (Сота).

Ацы хабæрттæ Камалæй фехъуыстон, уымæн та сæ æндæр чидæр дзырдта. Чи йын сæ дзырдта, уый ныхæстæм гæсгæ сæ цавæрдæр чиныджы бакасти. Чиныг йæхи уыди, фæлæ йын æй чидæр ракуырдта æмæ йын æй фæстæмæ нал æрбахаста.

Диссаг та куыннæ у, æвæдза: цæргæ-цæрæнбон Уастырджи – табу йæхицæн! – стыр дамгъæйæ фыссæм, стæй канд Уастырджи нæ, фæлæ, Хуыцау цы зæдтæ сфæлдыста, уыдонæн се 'ппæты нæмттæ дæр, йæхи та йын гыццылæй фыссæм. Уымæн раст схонæн ницы хуызы ис. Ацы хъуыддаджы азым мæхицæй дæр нæ исын, уымæн æмæ æз дæр иннæты хуызæн рæдыдтæн. Ныр мæ рæдыд раст кæнын райдыдтон: Дунесфæлдисæджы ном гыццылæй никуыуал ныффыстон, стæй йæ фидæны дæр никуыуал ныффысдзынæн.

Тахъазты Харум Абайты Васойы фæзмыдта, афтæ, дам, загъта: «Цæрынæй сфæлмæцыдтæн, кусынæй – нæма».

Харум йæхи тыххæй та афтæ дзырдта: «Иу заман Къостайы номыл университеты ме 'рæджыты кой йеддæмæ æндæр кой нал уыд. Иу лекци, иу æмбырдмæ, дам, æнæбайрæджыгæнгæ никуыма 'рбацыди. Уыцы ныхæстæм хъусынæй куы сфæлмæцыдтæн, уæд иу бон бавдæлдтæн, æмæ æнæхъæн фынддæс минуты раздæр æрбацыдтæн.

Университеты дуармæ мыл ректор куы амбæлд, уæд хуымæтæджы цин бакодтон, фæлæ чысыл фæстæдæр мæ цинæй ницуал аззад: куыд рабæрæг, афтæмæй мæм уыцы бон лекцитæ нæ уыд...

Ме 'рдхæрдты ныхæстæм гæсгæ, ме стырдæр аиппытæ сты æртæ: чингуытæ кæй уадзын, премитæ кæй исын æмæ мæ кадджын нæмтты аккаг кæй скодтой.

Æмбарын сæ, тынг мыл кæй тыхсынц, æмæ уыцы «аиппытæй» цæмæй фервæзон, уый сæ кæй фæнды. Фæлæ æз æндæрхуызон хъуыды кæнын. Уадз æмæ ме стырдæр аиппытæ фылдæрæй-фылдæр кæной, цы гыццыл аиппытæ мæм ис, уыдон та – къаддæрæй-къаддæр.

Нæ мад кæмæн нæ амард, уый, дам, кæуын нæ зоны. Кæуын та куыннæ зоны, фæлæ, уымæй размæ цы цæссыгтæ æруагъта, уыдон цæстытæй калдысты, мадыл цы цæссыгтæ æрхауы, уыдон та зæрдæйæ фæкæлынц.

Георы хабæрттæ мын конд кæд фæуыдзысты! Куы дзы иу мæ зæрдыл æрбалæууы, куы – иннæ. Кæцы та адæмæй фехъусын.

Кæйфæнды цур куы ракæнай йæ кой, уæддæр дзы исты ма 'рымыса, уымæн фылдæр хатт уæвæн нæ вæййы. Хæрзæрæджы та мын ахæм хабар ракодтой. Иу æмбырды профессор ныхас кодта æмæ кæцыдæр рæстæг загъта ахæм ныхæстæ: «После долгих раздумий, я пришел к выводу, что я...» Куыддæр фæстаг ныхас сдзырдта, афтæ йæ Геор дарддæр ахæццæ кодта: «...дурак». Докладгæнæг æй фехъуыста, фæлæ дарддæр йæ ныхасы кой кодта. Дзырд куы фæци, уæд Геормæ раздæхт æмæ йын афтæ: «А шутки, Георгий Харитонович, здесь неуместны!» – «А я не шучу!» – дзуапп ын авæрдта Геор.

Сæбæтхъуаты Рамазанæн йæхи нæма зыдтон, уæддæр ын йе сфæлдыстадимæ зонгæ уыдтæн. 1968 азы мыхуыры рацыд йæ повесть «Мæ зырзыраг дидинæг».

Куы йæ бакастæн, уæд мæ зæрдæмæ фæцыд æмæ мæ бафæндыд мæ хъуыдытæ зæгъын æмæ йыл рецензи ныффыстон. Рацыди «Рæстдзинад»-ы уыцы аз 22 августы.

Бирæ азты фæстæ Рамазанимæ зонгæ дæр бадæн. Нæ иу фембæлды рæстæг ын мæ чиныг «Дæллаг Ир» балæвар кодтон. Телефонæй мын фехъусын кодта, æхсызгонæй, дам, æй бакастæн. Мæ чиныджы иу ран фыстон: «Чингуытæ, æргом дзургæйæ, зæгъæн ис, æмæ нæ иннæ сыхæгтæй дæр никæмæ уыд. Кæд уыди – уæддæр моллойы чингуытæ. Хæсты фæстæ нæ хъæуы фæзынди иу дæсны. Валодя йæ хуыдтой. Æнхъæлдæн, елхотаг уыди. Адæм æм бирæгæйттæй цыдысты. Фылдæр æй фарстой, хæстæй чи нæма ссыди, уыдоны бинонтæ. Фæлæ иннæтæн дæр фарста. Бирæты хъуыртыл фæзынди, сау сæракæй агъуд кæмæн уыд, ахæм æртæтигъон чингуытæ...»

Рамазан, чиныг куы бакаст, уæд мæм сдзырдта æмæ мын уыцы дæсныйы кой ракодта. Мах хъæумæ, Заманхъулмæ дæр, дам-иу æрбацыд æмæ адæмæн фарста. Мæ мад дæр æй бафарста. Уæд нæ фыд ногмард уыди. Мах æртæ лæппуйæ æнахъомтæй сидзæрæй баззадыстæм, æмæ мæ мады фæндыди нæ дарддæры хъысмæт базонын, æмæ нын дæсны алкæмæн дæр йæ сомбоны хабæрттæ радзырдта. Иу, дам, дзы суыдзæн стыр ахуыргонд æмæ кусдзæн дард ран. Иннæ дæр каст фæуыдзæн уæлдæр скъола. Æртыккаг ахуырмæ йæ хъус тынг нæ дардзæн, фæлæ йын адæмы ’хсæн кад уыдзæн.

Мæ зонгæтæ уыцы хабæрттæ куы фехъуыстой, уæд æртæ хъысмæтæй мæнæн бахай кодтой æртыккаг, уымæн æмæ лæмæгъ сывæллон уыдтæн. Арæх кæй рынчынтæ кодтон, уыцы бынат дæр мын уый тыххæй радтой. Цыдæриддæр уыди, уæддæр Валодяйы ныхæстæ нæ фæмæнг сты. Ме ’фсымæртæй иу каст фæци хæххонметаллургон институт, æз дæр райстон уæлдæр ахуыргонддзинад, æртыккаг æфсымæр та дæс къласы дæр каст нæ фæци. Фæлæ, молло куыд загъта, афтæ адæмы ’хсæн уыд ныма: уарзта сæ йæхæдæг, уарзтой йæ уыдон дæр...

Рамазаны ныхæстæм ма мæ зæрды бафтауын ис. Йе ’фсымæрты царды хабæрттæ нæ зонын, фæлæ йæхи тыххæй цалдæр ныхасы зæгъдзынæн.

Молло куыд загъта, афтæ сси стыр ахуыргонд æмæ кусы дард Мæскуыйы. Уæлдæр скъола, йæхи загъдау каст

фæци, фæлæ уый фæстæ йæ къухы цы сгуыхтдзинæдтæ бафтыд, уыдонæй сæрыстыр уæвын йæ бон у канд Заманхъул, Ирыстон нæ, фæлæ æгас Уæрæсейæн дæр. Рамазан сси профессор, педагогон наукæты доктор, социалон наукæты академийы æцæг уæнг. Æстæм-иуæндæсæм кълæстæн уырыссаг æвзаджы ахуыргæнæн чингуыты комплект кæй бацæттæ кодта, уый тыххæй йын лæвæрд æрцыд Уæрæсейы Федерацийы хицауады преми. Кæстæр наукон кусæгæй райдыдта æмæ сси Национ скъолаты наукон-иртасæг институты директор. Скъолатæн цы чингуытæ бацæттæ кодта, уыдон уагъд æрцыдысты æртиссæдз хаттæй фылдæр.

Аслæнбег Терчы был царди. Йæхицæй уæздандæр æмæ хæларзæрдæдæр адæймагæн скæнæн нæ уыд. Уыди уæззау зондыл хæст. Цæугæ дæр уæззау цыд кодта. Цыма йыл царды цы хæстæ æвæрд уыди, уыдон иууылдæр конд фæци æмæ уыцы æнæмæтæй уымæн цæуы, уый хуызæн. Иу хатт, дам, æй чидæр чысыл базмæлынвæнд скодта. Йæ куыстмæ фæндагыл «æнæнхъæлæджы» йæ размæ фæцис æмæ йын тарст хъæлæсæй фехъусын кодта: «Уæ хæдзар ссыгъди!» Аслæнбеджы цæсгом уæлдайхуызон дæр нæ фæци. Йæ цæуынæй дæр нæ банцад, афтæмæй фæдисонæн дзуапп радта: «Æмæ æз сыгъдхуыссынгæнæг дæн?..»

Уæлдæр, Терчы был царди, зæгъгæ, загътон. Гъе æмæ йын иу хатт, райсомæй доны был тезгъо чи фæкæны, йæ уыцы зонгæтæй иу афтæ куы бакæнид: «Терк уæ рæзты куы кæлы, уæд йæ былгæрæтты тезгъо кæнынмæ цæуынхæ фæцæуыс?» – «Уым тезгъогæнджытæй æз цалы нал уынын, уый зоныс?!» – дзуапп ын радта Аслæнбег.

Уыцы дзуапп бынтон растыл банымайæн нæй, уымæн æмæ Терчы был тезгъогæнджытæй æгас чи нал у, уыдон, цæйбæрц фæцардысты, уый дæр кæд Терчы фæрцы фæцардысты, уæддæр бæрæг нæй. Мæлгæ иууылдæр кæй акæндзыстæм, уый та ногдзинад никæмæн у.

Дохтыр рынчынæн операци скодта. Лæг сдзæбæх. Йæ бинонтæ, йæ хæстæджытæ йын куывд скодтой.

Ӕрфæндыд сæ дохтырæн дæр исты уæздандзинад ракæнын. Ӕрбацыдысты йæм æмæ йæ фæрсынц:

– Ӕхца дын раттæм æви дын æлхæнгæ исты бакæнæм?

Хирурджы хъазæн ныхас кæнынмæ ничи амбылдтаид æмæ сын афтæ:

– Кæйдæр æхцатæн уæхи уынаффæгæнæг цы скодтат?..

Хъайтыхъты Георыл-иу куы амбæлдтæн, уæд ын-иу алы хатт дæр алыхуызон салам радтон. Уæвгæ, алкæмæн дæр, цафон ыл амбæлай, уыцы афоныл дзурæджы салам хъуамæ дæттай. Райсомæй – «Дæ райсом хорз!», сихорæй – «Дæ бон хорз!», изæрæй – «Де 'зæр хорз!» Фæлæ ис, алы афонæн дæр чи бæззы æмæ алы афоныл дæр чи фидауы, ахæм арфæ дæр – «Салам!» Кæнæ – «Салам-алейкум!»

Иу хатт Георæн «Салам-алейкум!», зæгъгæ, куы раарфæ кодтон, уæд мын дзуапп авæрдта: «А ну налей, кум!»

Чехов Антон 1888 азы йæ иу писмойы фыста: «Мое пророческое чувство меня не обманывало никогда, ни в жизни, ни в моей медицинской практике». Йæ иннæ писмойы кæсæм: «Вы будете жить еще 26 лет и 7 месяцев». Уый та уыди 1891 азы. Фысгæ та кодта Суворин Алексеймæ (1834–1912).

Чи зоны, Чехов бирæ хæттыты раст уыди, ома развæлгъау-иу цы загъта, уый-иу æрцыди, фæлæ, Хуыцауæй аразгæ цы хъуыддæгтæ сты, уыдонмæ йæ ныхæстæ ницы бар дардтой æмæ фæрæдыд. Фæрæдыд иу бон æмæ иу мæй нæ, фæлæ цалдæр азы.

Къоста цыма «хъалтæн» рифмæйæн «галтæ» канд рифмæйы тыххæй нæ равзæрста, афтæ мæм кæсы. Стæй ма мæм афтæ дæр кæсы, цыма мæм афтæ кæй кæсы, уый дæр хуымæтæджы нæу.

Уырыссагау дзырд «месяц»-æн дыууæ нысаниуæджы ис: месяц – луна æмæ месяц – четыре недели. Диссаг цы у: иронау дæр афтæ у – мæй – планетæ, стъалы

æмæ мæй – цыппар къуыриййы. Ацы æмхуызондзинад хуымæтæджы уа, уый мæ нæ уырны. Хорз уаид, ахуыргæндтæ цы зæгъынц, уый базонын.

Ацы хабар æрцыди Ирыстоны хъæутæй иуы. Гæлойты усæн йæ рæуæд фесæфт. Цалдæр боны йæм фенхъæлмæ каст, кæд фæзынид, зæгъгæ, фæлæ, кæд йæ кой бынтон нæ фесæфт, уæддæр йæ хъæр никæцæйуал райхъуыст. Сæфтыл æй банымадта мæгуыр ус, уæдæ цы!

Рæуæды фесæфтыл цас рæстæг рацыд, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ уæллаг сыхы чындзæхсæв уыди, æмæ уырдæм Гæлойты ус йæ сыхагимæ фæцæйцыд. Дыууæ сылгоймаджы ныхæстæгæнгæ цыдысты. Дыккаг сыхы рахизæрдыгæй æртыккаг хæдзары цурмæ куы схæццæ сты, уæд сæ хъустыл рæуæды уасын ауад. Гæлойты ус хъæрæй ныхасгæнаг уыди, æмæ йын рæуæд йæ хъæлæс куы айхъуыста, уæд æм бауасыди. Ус йæ рæуæды хъæлæс базыдта æмæ кæйдæр кæртмæ фæцæуæг. Рæуæд хæрæгуæрдоны цалхмæ бастæй ногкарст кæрдæг хордта, фæлæ, йæ хицауы хъæлæс айхъусгæйæ, йæ хæрын фæуагъта æмæ йæм æххуысмæсидæг хъæлæсæй бауасыд.

Гæлойты ус кулдуар байгом кæнынмæ хъавыд, фæлæ йæ размæ хæдзары æфсин фæци æмæ йæ, марадз-зæгъай, мидæмæ уадза. Сылгоймæгтæн хыл бацайдагъ. Гæлойты ус фæуæлахиз. Къæрныхы афтæ асхуыста, æмæ йе 'мбудтæ размæ бахаста. Уæдмæ сæ цурмæ дæлæсыхаг Дзамболат схæццæ, Гæлойты усы цонгыл рахæцыд, æмæ тагъд-тагъд уынджы фæуæлæмæ кодтой. Къæрных ус дæр зæххыл хуыссынмæ нæ хъавыд. Уайтагъд фестад, кæрты къуымты дурагурæг æрзылди, фæлæ куы ницæуыл фæхæст, уæд цæхæрадонмæ атахт, йæ размæ цы дур фæци, уый фелвæста æмæ Гæлойты усы фæдыл адугъ кодта. Куы йæм баввахс, уæд ыл æй нывзылдта. Дур усы бæсты Дзамболаты синтыл суад...

Дзамболаты лæппу горæты цард, фæлæ йæ хистæрты рохуаты нæ уагъта. Иу улæфæн бон та сæхимæ куы ныццыди æмæ йæ фыды йæ цырыхъхъытæ кæнгæ куы ныййæфта, уæд æй уыцы дисхуызæй афарста:

– Папæ, дæ цырыхъхъытæ дæхæдæг куы кæныс, лæппутæй ам ничи ис?

Дзамболаты цалдæр азы йæ астæу æргуыбыр кæнын никуы бауагъта. Хуыцау хорз, æмæ йын фæзминаг кæстæртæ ис æмæ йæм сæ цæст дарынц, æндæр, куыдтæ æмæ цытæ кæнид, уый йæхæдæг дæр нæ зоны. Ныр æй йæ лæппу йæ къахыдарæс кæнгæ куы федта, уæд ын хъыг куыннæ уыдаид, иунæгæй йæ кæй ныууагътой, уый.

– Нал мæ хъæуы уыдоны ’ххуыс, – дзуапп радта фыд.

– Цæуылнæ? Истæмæй сыл дæ зæрдæ фæхудт?

– Нал мæ, зæгъын, хъæуы уыдоны ’ххуыс, сдзæбæх дæн.

Æмæ йын хабæрттæ радзырдта. Гæлойты усы рæуæды давæг ыл дур куыд фехста, йæ синты тæккæ риссагдæр бынатыл куыд сæмбæлд æмæ уæдæй фæстæмæ йæ низ кæй фесæфт.

Уыцы хабар æнæхъæн хъæуыл айхъуыст. Йæ синтæ кæмæн рыстысты, уыдон Дзамболаттæм æрвитын райдыдтой, уый, дам, йæ синтæ дзæбæх кæнынæн диссаджы хос ссардта æмæ йæ сымахæн дæр бацамондзæн, зæгъгæ. Цæуын æм райдыдтой суанг хæстæгдæр хъæутæй дæр. Чи-иу æм æрбацыд, уый-иу хабар куы базыдта, уæд-иу зæрдиагæй фæхудт, фæлæ-иу хъуыддаг худыныл нæ ахицæн: Дзамболат-иу йæ рынчын уазджытæн фынг æрæвæрдта æмæ-иу дæлæмæ гаджидæуттæ, уæлæмæ рæгъытæ фæуагътой. Ахæм фынгыл бадджытæй та-иу сæ низтæ дæр куыннæ хъуамæ ферох уыдаиккой!..

Арæх фехъусæн вæййы ахæм ныхас: «Фæстаг дæ нуазын нал хъуыди...» Цыма фæстаг куынæуал баныэтаид, уæд, йæ фæстæ чи баззадаид, уый фæстаг нæ уыдаид, уый хуызæн.

Æвæццæгæн, цæмæй фæстаг мауал баназай, уый тыххæй фыццаг нуазын дæр нæ фæхъæуы.

Театры директормæ актер бацыд æмæ йын йæ хъæстытæ кæны:

– Æхсæз бинойнаджы стæм æмæ дыууæуатон фатеры тыхцæрдтытæ кæнæм...

– Æмæ ды чи дæ? Мæнмæ цæмæ ’рбацыдтæ?

– Нæ мæ зоныс, ам дыууадæс азы куы кусын.

– Уæхи схъулæттæ кæнут, æмæ уæ чи кæцы у, уый хæйрæг дæр нæ равзардзæн!..

Спортивон ерысты рæстæг ахæм уавæртæ сæвзæры, æмæ, фыццаг бынаты уæвæг куы фæхæрд вæййы, уæддæр фыццаг бынаты баззайы, фæстаг бынаты уæвæг, куы рамбулы, уæддæр уыцы бынаты куыд баззайы, афтæ.

Мæнмæ гæсгæ, афтæ канд спорты нæ вæййы...

Цы нæ уыди, уый зæгъын куыд нæ у мæ бон, афтæ мæ бон нæу, цы уыди, уый нæ зæгъын дæр.

Дзанайты Ирæ мын æй дзырдта: чиныгуадзæн «Ир»-ы дæргъæй-дæргъмæ тыргъы Хъайтыхъты Геор фæцæйцыд. Директоры секретарь Туаты Изетæйы (рухсаг уæд!) æрбацæйцæугæ куы ауыдта, уæд дардæй дзурын райдыдта:

Изетæ,
Тебе три привета
От одного поэта.
Буду ждать ответа.

Гæртам исын раджы райдыдта. Раздæр-иу ын цыфæнды куы 'рбахастой, уæддæр-иу æй райста, фæлæ нозтыл куы фæцалх, уæлдайдæр коньякыл, уæд æй студенттæ уайтæккæ дæр базыдтой æмæ йын уыцы нозт хæссын райдыдтой. Коньякыл цал стъалыйы ис, ахæм бæрæггæнæн кæй æвæры, уый дæр æрæджиау рахатыдтой, æмæ йын раздæр æртæстъалыджын коньяк чи хаста, уыдон фондзыстъалыджынмæ рахызтысты. Афтæмæй фæлварæнты рæстæг нозтыл никуыуал стыхст. Фæлæ йæ нæл гæдыйы цард бирæ нæ ахаста. Иу Хуыцауы 'лгъыст бавдæлд æмæ йын фондзыстъалыджын коньячы авджы ныккодта цайы дон. Чи уыд, уый афоныл нæ базыдта, фæлæ йыл цæмæй ахæм сайд мауал æрцæуа, уый тыххæй гæртам æвгты нал иста, фæлæ, кæуыл æууæндыди, уыдонæн бамбарын кодта, цæмæй йын æвгты бæсты хæссой чектæ

(коньяк кæм уæй кодтой, уыцы дукани университеты фарсмæ уыди).

Афтæ кæй бакодта, уый фæрцы йыл сайд никуыуал æрцыд.

Хъамбердиаты Мысосты фыццаг чиныг «Цин» хуынди. Уымæ кæсгæйæ, зæрдыл æрбалæууынц, Фет Афанасий Тютчев Федоры чиныджы тыххæй цы ныхæстæ загъта, уыдон: «Вот эта книга небольшая Томов премногих тяжелей».

Мысост цы цыбыр бонтæ рацард, уыдон дзаг уыдысты сфæлдыстадон тæмæнæй. Æдæппæт фондз азы фæкодта сфæлдыстадон куыст, фæлæ, уыцы рæстæгмæ цы уацмыстæ ныффыста, уыдон сæ хæрзхъæддзинадмæ гæсгæ бирæ дæсгай азты бæркад хæсдзысты ирон советон литературæйæн. Мысост уыдис ныфсджын зæрдæйы хицау. Йæ размæ стыр хæстæ æвæрын йæ бон кæмæн уыд æмæ йæхимæ сæ сæххæст кæныны фаг хъарутæ чи æнкъардта, ахæм адæймаг. Уæззау низы ахæсты бахаугæйæ дæр уыди удфидар, йæ базыртæ дардта стæхынæввонг цæттæйæ. Йæ фыстыты не ссардзыстæм иунæг зæрдæсаст хъуыды, иунæг æнкъард мыр дæр. Уый нæ, фæлæ ма-иу ахæм хъуыдыты ахæсты чи бахауд, уыдонæй никуы никæимæ сразы, сæ фарсмæ-иу æрбалæууыд. Уайдзæфы сæр-иу куы бахъуыд, уæд-иу уымæй дæр нæ бафсæрмы кодта, уымæн æмæ йæхи нымадта æмæ æцæгæйдæр уыдис ног цардараджджыты фыццагдæр рæнхъыты. Уымæн дзырдта сæрыстырæй: «Мæ фæндаг куы 'вдисон, – У барвæндæй ист. «Кæмæй дæ?» – «Цæдисон!» – «Дæ ном?» – «Коммунист!»

Мысост, æвæццæгæн æмбæрста, йæ царды кæрон кæй æрхæстæг, уый. Алы бон дæр æм каст фæстаджы хуызæн æмæ, зæрдæйы цы сагъæстæ æрæмбырд, уыдон архайдта тагъддæр гæххæтмæ рахæссыныл. Алы бон дæр – уæхскуæзæй куыст, алы бон дæр – уæлтæмæнады уацары – ахæмæй сысты нæ разы Мысосты фæлгонц. Поэт зыдта, фæллой, удуæлдай фыдæбон курдиаты æнæфæхицæнгæнгæ хай кæй сты, уый æмæ, йæхиуыл нæ ауæрдгæйæ, архайдта йæ зарджыты аивдзинадыл, ахадгæ ныхасæй адæймаджы фæндтæ æмæ сагъæстæ, бæллицтæ æмæ хъуыдытæ раргом кæныныл.

Поэты арæзт фæлгонцтæ цæстыл уайынц. Йæ уацмыстæ схызтысты ирон поэзийы хуыздæр æмдзæвгæтæ æмæ кадджыты æмвæзадмæ. Йæ тыхтæ фæлвæрдта канд æмдзæвгæтæ фыссыныл нæ. Йæхи равдыста кадджытæ арæхстджын фыссæгæй дæр. Йæ зæрды уыди прозæмæ рахизын. Бантыст ын цалдæр радзырды ныффыссын дæр. Уый уыдис уырыссаг æвзаджы дæсны. Уымæн хорз æвдисæн сты, уырыссагау кæй ныффыста, уыцы уацмыстæ.

Стыр ныфс дзы æвæрдта йæхицæн ирон литературæ. Стыр нысантæ æвæрдта йæхæдæг дæр йæ размæ. Йæ иу æмдзæвгæйы куыд фыста, афтæмæй йæ зæрды уыд, Къостайæн цы нæ бантыст, уый дарддæр ахæццæ кæнын («Не спетое тобою, Быть может, я спою»). Уыцы егъау хæс сæххæст кæнын йæ къухы кæй бафтыдаид, уый дызæрдыггаг нæ уыд, фæлæ, цыбыр рæстæгмæ цы уацмыстæ сфæлдыста, уыдон дæр æй скодтой æнæмæлæт, æмæ ирон литературæйы æрттивдзæн ирд стъалыйау.

Мысостимæ мах сыхаг хъæуты цардыстæм! Уый — Кæрдзыны, æз — Бæрæгъуыны, æмæ мын уый тыххæй йе сфæлдыстад уæлдай зынаргъдæр у, йæ фыстытæ мæ зæрдæмæ уæлдай хæстæгдæр сты, уымæн æмæ Бæрæгъуынмæ Кæрдзыны рæгътæ армытъæпæныл æвæрдау зынынц:

Хъæу...
Йæ зæххы хайыл
Даргъ обæутты таг,
Се 'хсæнты ысуайы
Быдырмæ фæндаг.

Уыцы нывтæ бæрæгъуыйнагæн йæ цæстытыл уайын кæнын нæ хъæуы, уымæн æмæ сæ йæ хæдзары цурæй дæр уыны, быдыры куы уа, уæд та — ноджы хæстæгдæрмæ...

Къорд хатты уыдтæн Мысосты хæдзары, куы йæ гуырæн бонты, куы — сæ хъæуы уынгтæй иуæн йæ ном куы радтой, уæд. Фæстаг хатт ын йæ гуырæн боны фæдыл стыр кад куы скодтой, уæд Мæскуыйæ ссыди йæ хо Джульеттæ. Тынг ыл фæцин кодтой йе 'мзæххонтæ, фæцин сыл кодта йæхæдæг дæр. Нæхимæ цæуынмæ куы хъавыдыстæм, уæд мæ бафæндыд Мысосты мадызæнæгимæ нæ хуыз сисын æмæ æцæгæйдæр систам. Джульеттæ, Ходы Камал æмæ æз.

Куы йæм æркæсын, уæд фыццаг мæ цæстыл ауайы, къамы чи ис, уыдон нæ, фæлæ Мысосты фæлгонц.

Шофыр цæхгæрмæ фæзилæны нæ сарæхст æмæ автобус йæхи дынджыр бæласыл сцавта. Бæлццæттæй иу змæлгæ дæр нал кодта, цалдæрæй та цæф-тæ фесты. Шофыримæ загъд-замана самадтой, адæмы ба-бын кодтай, зæгъгæ. Уый сæм бирæ фæхъуыста, стæй, банцайынхъус куы нæ уыдысты, уæд, æнæзмæлгæйæ чи хуыссыд, уымæ амонгæйæ, загъта:

— Дæлæ чи амард, уый куы ницы дзуры, уæд сымах бæстæ уæ сæрыл цы систат?!

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, «мард» базмæлыд, йæ сæ-рыл схæцыд æмæ йæм дзуры:

— «Мард» куы сдзура, уæд, æнхъæлыс, æмæ дæ фарс рахæцдзæн?!

Марæгæй мæ иу хорздзинад хъæуы: æвзæрæй мæм цы ис, уыдон мын иууылдæр куы амарид, уæд æй марæг нал схонин.

Нæ хъæуы ахæм æгъдау уыди, стæй, æвæццæгæн, æп-пæт ирон адæммæ дæр. Ног азы фыццаг бон-иу би-нонтæй хæдзарæй чи ахызт, уый фæстæмæ афтидармæй нæ цыди: хоры нæмгуытæ, хъæздыгдæр чи уыд, уыдон та-иу къафеттæ кæнæ сæкæры къæрттытæ агъуысты къуымты байтыдтой, уал азы хъæлдзæг æмæ амонддждынæй цæрут, зæгъгæ, арфæтæ кæнгæйæ. Веринкæ-иу, кæй зæгъын æй хъæуы, æдзухдæр махæй раздæр сыстад æмæ-иу царæй (нæ нартхоры къорыпп цары хъæйвантыл æвæрд уыди) цалдæр æфсиры æриста, базгъæлдта-иу сæ æмæ-иу сæ къæсæрæй арфæтæгæнгæ таугæ рацыд. Афтæ алы Ног аз дæр. Фæлæ ныл иу хатт ахæм аз дæр скодта, нæ къорыппы иу æфсир дæр кæд нæ разынд. Мæ мад ахæм къуырцдзæвæнæй дæр рацæуæн фæндаг ссардта: йæ раздарæн салд лыстытæй байдзаг кодта æмæ уыдон пырхгæнгæ ’рбацыд.

Æвæццæгæн, сæйрагдæр, цæмæй арфæтæ кæныс, уый нæ уыд, фæлæ сæ нымæц.

Колхозтæ куы арæзтой, уæд унайлæгтæ сæ иумæйаг хæдзарад дæр сæ хъæуы номæй схуыдтой. Стыр фæндагыл, хъæумæ фæзилæны, хиды был быцæу ныссагътой. Ныккъкъуырдтой йыл фанеры гæбаз ахæм фыстимæ: «Колхоз «УНАЛ».

Ног цард аразын кæй нæ фæндыд, ахæм адæм алы хъæуы дæр уыди. Разынди ахæмтæ хæхбæсты дæр. Уыдон бавдæлдысты, æмæ «Колхоз «УНАЛ» фыст цы фæйнæгыл уыд, уым «УНАЛ»-æн йæ «у» фæстæмæ рахастой æмæ дзы рауад «Колхоз НАЛУ».

Цæболты Ханджери – Ирыстоны кадджындæр хистæртæй иу – цыргъзонд æмæ хъæлдзæгныхасгæнаг у. Дæсгай азты зондамонæгæй фæкуыста кæстæртæн. У æгъдауылхæст, кад æмæ намыс бæрзонд æвæрд кæмæ у, ахæм адæймаг. Къорд хатты фембæлдыстæм зианы дæр, цины дæр. Иумæ нæ минæвæрттæн дæр бацагуырдæуыд æмæ дзы алы хатт дæр бузныгæй баззайын.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй хъæлдзæг ныхас уарзы. Уымæн æвдисæнæн æрхæсдзынæн æрмæстдæр иу цау. Æрæджы та, арæхдæр куыд вæййы, афтæ иу зианы иумæ лæуд фестæм. Уалынмæ нæ цурмæ ’рбацыд, Ханджеримæ карæй хæстæг чи уыд, фæлæ йе уæхсчытæм дæр чи нæ хæццæ кодта, нæ уыцы иумæйаг зонгæ Мурат æмæ йын, салам раттыны фæстæ, ахæм арфæ ракодта:

– Мурат, цалынмæ мæныйас суай, уæдмæ фæцæр!

Машинисткæтæ алыхуызæттæ вæййынц. Иутæ сыгъдæгдæр фæмыхуыр кæнынц, иннæтæ – цауддæр. «Рæстдзинад»-ы дæсны машинисткæтæ уыд. Уыдонæй дæр иутæ æнæрæдыддæрæй мыхуыр кодтой, иннæтæ та – рæдыдтытимæ. Рæдигæ та чи нæ кæны, фæлæ дзы иутæ сæ рæдыд æмбæхсыныл архайдтой: рæдыд дамгъæ-иу айхæлдтой, фæлæ дзы иуæн уæлдай нæ уыд. Рæдыдыл-иу раст дамгъæ нытътъæпп кодта…

Æз ма абон дæр хуымæтæджы мыхуыргæнæн машинкæйæ архайын. Куы фæрæдийын, уæд рæдыд дамгъæ раст дамгъæйы бын фæкæнынмæ рахъавын, фæлæ, уæлдæр цы

машинисткæйы кой кодтон, уый мæ зæрдыл æрбалæууы æмæ та рæдыд дамгъæ лезвийæ халынмæ фæвæййын.

Æвæццæгæн, искæй рæдыдтытыл ахуыр кæнынмæ хуымæтæджы нæ фæсидынц.

Уæлдæр партион скъолайы куы ахуыр кодтон, уæд иу уаты цардыстæм Мызиков Валодяимæ. Уый дæр фæсивæды газеты редакторæй куыста, Волгограды. Тынг хорз адæймаг уыд. Хæларзæрдæ, æмгаруарзон. Ахуыр дæр хорз кодта. Скъола каст фæци сырх дипломимæ. Сырх дипломимæ каст æз дæр фæдæн, фæлæ уый мæнæй бирæ цæттæдæр уыд. О, æмæ-иу æй исчи куы фарста, цал азы дыл цæуы, зæгъгæ, уæд-иу ахæм дзуапп радта: «Стрелять пора». Афтæмæй мæнæй афæдз кæстæр уыд.

Мæ зæрдыл-иу мын нæ фыдæлтæ – скифты цардæй иу хабар æрлæууын кодта. Зæронд лæг, дам, сæм æгад уыди. Æцæг лæгтæ, дам, хæсты æрыгонæй фæмард вæййынц.

Валодяйæн, æвæццæгæн, уыцы хабæрттæ йæ хъусыл æрцыдисты, æндæр ын цæй мæлыны афон уыди! Мæскуыйы куы ахуыр кодтам, уæд ныл дæс æмæ ссæдзгай азтæй чысыл фылдæр йеддæмæ куы нæ цыд, уæд?!

Бæтæгаты Израил хистæрæн бадт æмæ иу заман фынгыл бадджытæн нуазæнтæ авæрдта. Иууылдæр, сыстадысты. Кæй зæгъын æй хъæуы, Туаты Эльбрус дæр. Асæй иннæтæй ныллæгдæр кæй уыд, уый Израил куыннæ зыдта, фæлæ адæмы бахудын кæныны тыххæй афтæ куы фæкæнид:

– Æфсымæр, дæуæн дæр нуазæн у, дæхиуыл схæц!

Кæддæр, цыппаррæнхъонтæ фыссын куы райдыдтон, уæд сын радтон иумæйаг сæргонд: «Куыристæ». Уыдис дзы ахæм сæргондимæ цыппаррæнхъон дæр:

Мæ хъуыды – фат, мæ риу та – фатдон,
Мæ зæрдæ – даргъ ивæзт æрдын...
Мæ хуымгæнд фестади бæркаддон –
Куыристæ райдыдтон кæрдын...

Уыцы рæнхъытæм, растдæр зæгъгæйæ та дзы иу рæнхъмæ, мæ критик ахæм фау æрхаста, куыристæ, дам, кæрдгæ нæ фæкæнынц. Раст зæгъгæйæ мæм кæмдæр йæ ныхæстæ бахъардтой, цыма йæ фиппаинаг æнæбындур нæу, афтæ мæм фæкаст. Фæлæ иуцасдæры фæстæ Гуытъиаты Хъазыбеджы æмбисæндты чиныджы ахæм æмбисонд куы бакастæн: «Æвзонджы хосдзау дæр ма дыууæ мæкъуылы ныккæрды», уæд мæм мæхи хъуыдыйы дызæрдыггагæй ницуал фæкаст, уымæн æмæ æндæрхуызон дæнцæгтæ дæр æрхæссæн ис. Зæгъæм, афтæ куы фæзæгъынц, хос кæрдынмæ ацыди, зæгъгæ, уæд уый афтæ нæ амоны, æмæ хос фæкæрды, уымæн æмæ кæрдгæ хос нæ фæкæнынц, фæлæ кæрдæг. Кæрдæг, карст кæрдæг, куы бахус вæййы, уæд æй бассивынц. Мæкъуылтæ дзы куы самайынц, хос хонын æй æрмæстдæр уый фæстæ райдайынц. Кæнæ афтæ куы фæзæгъынц, дыууæ къусы (хъæрмхуыпп, кæнæ бас, кæнæ мисын, кæнæ æндæр исты) бацымдта, уæд уый афтæ нæ амоны, æмæ къустæ бацымдта. Цымгæ бакæнынц, куыд зонæм, афтæмæй, къусы цы вæййы, уый. Иннæ ахæм: «Фынгыл бадтыстæм фынддæсæй». Уый дæр афтæ нæ амоны, æмæ фынджы уæлæ бадтысты. Фæамоны: бадтысты фынджы уæлхъус.

Тæдиаты Секъа тызмæг рæстæджы царди. Ноджы тызмæгдæр уыди, цы дуг æвдыста, уый. Кæй зæгъын æй хъæуы, тызмæг уавæрты чи цард, уыцы адæмæн сæ хъысмæттæ дæр тызмæг уыдысты. Йæ радзырдтæ нымæцæй бирæ не сты, фæлæ дзы йæ бон баци бирæ цардæгас, уырнинаг æмæ цæстыахадгæ фæлгонцтæ, сурæттæ сныв кæнын. Йæ сæйрагдæр радзырдтæ (уæвгæ, йæ фыстытæй та сæйраг кæцы нæу!) дæсæй фылдæр не сты, зæгъгæ, куы зæгъæм, уæд, æвæццæгæн, нæ фæрæдидзыстæм. Уыцы цыбыр, фæлæ арфхъуыдыджын радзырдты царды æцæгдзинад афтæ уырнинагæй æвдыст æрцыд, æмæ адæймаджы цæстыты раз ирдæй сыстынц, кад æмæ намысы сæраппонд тохмæ цæттæ чи у, лæгдзинадæй йæхицæн мæсыг чи амайы, йæ цæсгомæн чъизийæ чи тæрсы, цыты сæрвæлтау мæлæтмæ цæттæ чи у, ахæм хъæбатыр æмæ ныфсджын хохæгты фæлгонцтæ. Уыдон сæрибарыл тохмæ канд цæттæ не сты, фæлæ уый

сæрвæлтау мæлæтдзаг тохы бацæуынц æмæ сæ цард нывондæн æрхæссынц.

Куы зæгъын, Секъа цы дуг æвдисы, уый тугхъулæттæ уыд. Мæлæты кой дзы афтæ бирæ уымæн ис. Стæй канд йæ кой нæ. Ахæм радзырд æм зынæй ссардзынæ, йæ хъæбатыртæй иу кæнæ цалдæр кæцыйы нæ фæмард. Зæгъæм, «Садуллæ æмæ Манидзæ»-йы архайджытæй фæмард цыппар æмæ ссæдз, «Арагуийы Ерыстау æлдар»-ы – æстдæс, «Азау»-ы – æртындæс, «Саударæг ус»-ы – иуæндæс æ.а.д. Æдæппæт дæс радзырды, чи фæмард, уыдоны нымæц хæццæ кæны сæдæмæ.

Афтæ нæ зæгъын, æмæ Секъа барæй мары йæ уацмысты архайджыты. Фыссæджы тугмондаг рахонæн ницы хуызы ис. Тугмондаг, йæ рæстæг, йæ уацмысты цы дуг æвдыст цæуы, уыдон уыдысты. Уыцы æцæгдзинадæн та курдиатджын фыссæгæн æнæравдисгæ нæ уыд.

Кæд нæ рæдийын, уæд Хуссар Ирыстонмæ фыццаг хатт ацыдтæн 1967 азы. Уæд журнал «Фидиуæг» бæрæг кодта йæ дыууиссæдз азы юбилей. Уыцы бæрæгбонмæ «Рæстдзинад»-æй ацыдыстæм Гуыбаты Черменимæ. Уæд базонгæ дæн дзæнæтыбадинаг, курдиатджын поэт, Шота Руставелийы «Стайыцармдарæг» ирон æвзагмæ иттæг дæсны ратæлмацгæнæг Бестауты Гиуæргиимæ дæр. «Фидиуæг»-æн йе ’ртиссæдз азы юбилей та бæрæг кодтой 1987 азы. Уæд дæр æз, ныры хуызæн, куыстон «Ногдзау»-ы. 1986 азы 17 декабры мæм журнал «Фидиуæг»-æй æрбацыд ахæм писмо: «Зынаргъ Музафер! 1987 азы январы журнал «Фидиуæг»-ыл æххæст кæны 60 азы. Тынг æхсызгон нын уыдзæн уыцы бонмæ дæ арфæйы ныхас райсын. Арфæйы ныхæстæ мыхуыр кæндзыстæм журналæн йæ февралы номыры 1987 азы.

Кæд нæ курдиатыл сразы уай, уæд дæ арфæйы ныхас рарвит 1987 азы 15-æм январмæ.

Ног аз æрбалæууы æмæ дын йемæ æрхæссæд амонд, фидар æнæниздзинад, ног сфæлдыстадон æнтыстытæ!

Журнал «Фидиуæджы» юбилейон комитет».

Куыннæ хъуамæ раарфæ кодтаин нæ уарзон журналæн йæ кадджын бæрæгбон! Писмо цы бон райстон, уыцы бон ныффыстон æмæ арвыстон мæ арфæтæ.

Рæстæг цыди. Ног аз ралæууыд. «Фидиуæджы» февралы номыр нæ, фæлæ иннæ номыртæ дæр рацыдысты, æрмæст дзы мæ арфæтæ нæ, фæлæ иннæтæй дæр никæй арфæтыл сæмбæлдтæн. Цæуыннæ, уымæй та абоны онг никæйма бафарстон. Æрæджы, мæ гæххæттытæ æвзаргæйæ, мæ размæ фесты, 1986 азы 31 декабры журналмæ цы арфæтæ арвыстон, уыдон. Уæд сæ цы зæрдæйыуагæй фыстон, уый нæ аивта æмæ мæ фæндиæгтæ абон, бирæ азты фæстæ, æрвитын нæ уарзон журналæн: «Нæ зынаргъ, нæ иузæрдион «Фидиуæг». Фарн дæм бадзурæд дæ хъæлдзæг, амондджын æмæ цинæфсæст бæрæгбоны. Æртиссæдз азы дæргъы (æз ма йæм æфтауын авд æмæ ссæдз азы. – **Дз. М.**) цы фæндæгтыл фæцыдтæ, уыдон, тугдадзинтау, тæлфынц ирон уды, ирон зæрдæйы, ирон зонды. Дæ базыртæ куы базмæлыдысты æмæ дæ дæ бæллицтæ Ирыстоны хæхтæ æмæ быдырты сæрмæ куы систой, уæдæй нырмæ мыдыбындзау зилыс æмæ иу ранмæ æмбырд кæныс ирон дзырды тых æмæ фарн æмæ дзы амайыс нæ адæмы иумæйаг мæсыг.

Дæ намысджын нысанмæ тырнгæйæ дын мæ зæрдæ зæгъы ноджы стырдæр æнтыстдзинæдтæ. Дæ цæрæццаг хъæлæс азæй-азмæ кæнæд зæрдæисгæдæр, Иры дзыллæтæн цин æмæ амонд куыд хæсса. Ныронг дыл цы æртиссæдз азы рацыд (ам дæр ма сыл авд æмæ ссæдз азы æфтауын. – **Дз. М.**), уыдоны цал боны ис, уал азы нæ хæхтæ æмæ быдырты фарны фидиуæгæй фæкус, стæй дын уый фæстæ дзæвгар æнцондæр уыдзæн.

Ноджыдæр ма дын иу хатт зæрдиаг арфæтæ нæ бирæнымæц æвзонг журналкæсджыты номæй! Цæр æмæ нын цæр! Дзасохты Музафер, 1986 азы 31 декабрь».

Саби йæ зæрдыл дараг у. Хатгай адæймагæй, райсомæй цы бахордта, уый сихормæ ферох вæййы, фæлæ гыццылæй цы федта, йæ цæстыты раз ныввгондау цы хабæрттæ æмæ цаутæ баззадысты, уыдон адзалы бонмæ дæр йæ зæрдыл фæдары, фæуыны сæ йæ фыны, уазæгуаты сæм æрбацæуы йæ хъуыдытæ æмæ йæ сæнтты.

Сабидуг у царды райсом, йæ цъæхдзыкку уалдзæг, йæ зæлдагтынвæлыст хурыскаст. Афтæ куы нæ уаид, уæд нæ зæрдæйы рæбинагдæр къуымы нæ цæрид, нæ мысинæгты

адджындæр æй нæ хониккам, йе ’ргъæу дуар-иу ын афтæ арæх нæ бахоиккам æмæ-иу ныл базыртæ нæ базаид...

Ахæм фæндаг нæй, кæдæмдæр чи нæ хоны.

Тыццылæй цы фехъусай, уый дæ зæрдыл куы бадарай, уæд æй никуыуал ферох кæндзынæ, дæ зæрдыл æй дардзынæ адзалы бонмæ дæр. Мæнæ ацы рæнхъытæ дæр хæрзсабийæ нырмæ хъуыды кæнын. Чи сæ æрымысыд, уый нæ, фæлæ сæ кæмæй фехъуыстон, уый дæр нал хъуыды кæнын, æрмæст цыппар рæнхъы мæ зæрдæйы фыстæй баззадысты:

Иу райсом раджы
Горæты парчы
Мæ тыхы руаджы
Амардтон карчы.

Нæ мæ ферох сты, мæ сабибонты кæй фехъуыстон, уыцы æндæр æртæ рæнхъы дæр. Уыдонæн дæр сæ хабæрттæ горæты æрцыдысты:

Горæты мæ уарзон фæцæйцыди,
Хæрæг ын йæ къахыл фæлæууыди,
Хæрæг нæ уыди, къæлæу уыди...

Ацы рæнхъытæ зарæджы ныхæстæ кæй уыдаиккой, уый мæ уырны. Афтæ уымæн зæгъын, æмæ сæ хуымæтæджы ничи дзырдта: заргæ-иу сæ кодтой. Стæй йæ мелодийæн хуымæтæджы рахонæн нæ уыди: аив, зæрдæмæдзæугæ.

Диссаг цы у: хæрзæрæджы уыцы мелодийыл чидæр дæлдæр-уæлдæр ныхæстæ афыста, æмæ сæ зарæггæнæг афтæ зæрдиагæй фæзары, æмæ йын адæймаг кæд тæригъæды нæ бацæуы, ахæм хорз мелоди ахæм хорз хъæлæсæй ахæм æнæзæрдæмæдзæугæ ныхæстимæ зарын дæ сæрмæ куыд хæссыс, зæгъгæ.

Уæлдæр цы рæнхъытæ æрхастон, уыдонæн ма сæ разæй дæр æмæ сæ фæстæ дæр ныхæстæ ма уыдаид, уый мæ нæ уырны. Стæй мæм афтæ дæр кæсы, цыма сæ ныффыссæг æнæкурдиат нæ уыди. Ууыл мæ æууæндын кæны æрмæст йæ рифмæ дæр: фæлæууыди — къæлæу уыди.

Æрæджы кæй ацъапчындæуыд, уыцы зарæджы ныхæстæ та адæмы æхсæнмæ рахæссынмæ нæ, фæлæ хъæдбыны азарынмæ дæр нæ бæззынц.

Нæ хæдзары фыццагдæр цы чингуытæ фæзынд, уыдонæй иу уыди Мыртазты Барисы æмдзæвгæты æмбырдгонд «Уад». Уыцы рæстæг, дуканийы исты куы æлхæдтаис, уæд дын хъуамæ чиныг дæр райсын кодтаиккой. Æмæ иу бон Веринкæ цæхх, сапон æмæ спичкæтимæ схаста, уæлдæр цы чиныджы кой скодтон, уый æмæ Хъайтыхъты Георы «Æмдзæвгæтæ æмæ кадджытæ». Æхсызгон нын уыд, кæй зæгъын æй хъæуы, «Нарты кадджыты» фæстæ ма нæ чингуыты нымæцыл дыууæ кæй бафтыди, уый. Ныр нæ «библиотекæ» иу къахыл нал лæууыд, фæлæ дзы фынджы хуызæн æртæкъахыг рауади. Кастыстæм сæ мæ кæстæр хо Райæимæ, Дибæ уæд скъоламæ нæма цыди. Райæ Барисы чиныгæй, ничи йын загъта, афтæмæй цалдæр æмдзæвгæйы æнæ чиныгмæ кæсгæйæ дзурын дæр базыдта. Абоны хуызæн ма мæ хъустыл азæлы Барисы æмдзæвгæйы иу рæнхъ «Макуы дæ баййафæд сонт нæмыг, макуы...» Æз та мæ зæрдыл бадардтон Хъайтыхъты Георы хæстон æмдзæвгæтæй къордæй фылдæры рæнхъытæ. Уæлдай тынгдæр мæ зæрдæмæ цыд, йæ мады кой кæм кæны, уыцы æмдзæвгæ. Кæд нæ рæдийын, уæд дзы уыд ахæм рæнхъытæ:

Ацы бонты кадимæ
Бад, тæхуды, мадимæ,
Фæлæ нæй гæнæн.
Мады бæсты ме ’мбæлттæ,
Ме ’фсымæртæ, ме ’мгæрттæ
Барæвдауынц мæн.

Æппæт уыцы хæбæрттæ мын мæ зæрдыл æрлæууын кодтой, цы дыууæ ’мдзæвгæйы тыххæй радзурынмæ хъавын, уыдон. Уæлдæр кодтон Мыртазты Барисы хæстон æмдзæвгæты кой. Уыдонæй иу хуынди «Цырыхъхъытæ»:

Мæ салдатаг цырыхъхъытæ,
Куы ссыгъд ыстыр хæст, уæд
Цы къуыппытыл, цы дзыхъхъытыл
Нæ баззади уæ фæд!

Æхситт уыл кодта сау нæмыг, —
Уæддæр фыстат уæ хæс.
Ныр уын уæ дард æфсæддон рыг
Бæстон ныссæрфтон æз.

Сымах мæ цæст нæ фæсдуар
Куы ацахсы, уæд та
Æрбаймысын нæ хæдзары
Нæ рухс тохы фæндаг!

Ахæм хъуыдытæ æвдыст цæуы туркменаг поэт Томма Нурбердыевы æмдзæвгæ «Путь моих сапог»-ы дæр. Æрхæсдзынæн дзы æртæ цыппаррæнхъоны:

Стоит только на подметки мне взглянуть,
Я припомню каждый шаг и каждый день.
Сапоги мои прошли немалый путь
Через сотни городов и деревень.

На Кавказе добрый мастер вас подбил —
Вы до Киева дошли через Донбасс.
Вас ни холод, ни мороз не устрашил,
Ни ненастья, ни дожди не брали вас...

Возвратился я с победой в дом родной,
Пыль походную стряхнул с моих сапог,
Сняв, почистил их заботливой рукой
И поставил осторожно в уголок.

Бæлвырд у, дыууæ поэты дæр тугкалæн хæсты иухуызон зын фæндæгтыл кæй фæцыдысты, уый. Сæ хъуыдытæ дæр æввахс кæй рауадысты, уый дæр хуымæтæджы нæу. Зондджын адæмæй чидæр афтæ загъта: «Мысли великих сходятся». Абайты Васо та ацы хъуыды иуцасдæр æндæрхуызон фæзмыдта: «Мысли великих встречаются». Куыд федтам, афтæмæй фембæлынц поэтты хъуыдытæ дæр.

Стæй иу хатт æмæ дыууæ хатты нæ, фæлæ дзæвгар арæхдæр. Мæ хъуыды бафидар кæныны тыххæй æрхæсдзынæн цалдæр æвдисæны.

Пушкин Александрмæ йæ трагеди «Моцарт и Сальери»-йы ис ахæм рæнхъытæ:

Коль мысли черные к тебе придут,
Откупори шампанского бутылку
Иль перечти «Женитьбу Фигаро».

Фæстæдæр Минаев Дмитри фыста:

– Цыдæр кæныс, дæ хуыз мæ зæрдæмæ нæ цæуы.
– Æмгæрон мæм хуыссæг æхсæвыгон нæ цæуы.
– Мæнмæ дæ низæн ис дыууæ хосы, хæлар:
*Кæнæ дын морфи грамм, кæнæ журнал «Маляр!»**

(Мæхи тæлмац).

Плиты Грис дæр сæ фæсте нæ баззад:

*Федыр**, хуыссæгыл ма кæн сагъæс, –*
Мыййаг, æнæхуыссæг куы уай,
*Уæд-иу Темболы*** стихтæ бакæс*
Æмæ хуыррытт фынæй кæнай!

Мæнмæ та ис ахæм цыппаррæнхъон:

Æрæлхъива дæ кæд уæззау хæс
Æмæ кæнай кæд уый тыххæй æнкъард,
Уæд-иу Мураты Мамсыраты бакæс,
Æмæ дæ сагъæс алидздзæни дард.

Эпиграфæн ын æрхастон Пушкины рæнхъ: «Коль мысли черные к тебе придут...»

Нарты Сырдон загъта: «Мæрдтæ æгæстæй фылдæр сты, уымæн æмæ, сæрд нымæт кæмæн нæй, зымæг – кæрц, уыдон дæр мæрдтыл нымад сты».

Нæ амонд уыд, æмæ мах нарты заман не 'рæййæфта, æндæр, зæгъæн ис, æмæ не 'ппæт дæр мæрдтыл нымад æрцыдаиккам.

---

* Цыди Бетъырбухы 1871–1878 азты.

** Гаглойты Федыр (Гафез) – фыссæг.

*** Балаты Тембол – фыссæг.

Æнусы æмбисы размæ Ирыстон бæрæг кодта йæ автономийы дыууиссæдз азы юбилей. Нæ бæрæгбонмæ ссыд Хрущев дæр. Уæд ма газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Социалистическая Осетия»-йæн иу редакци уыд. Уый дæр, Хрущев цы æнæсæрфат митæ бакодта, уыдонæй иу уыди. О, æмæ юбилейы кой кодтон. Бæрæгбоны номырмæ ныффыстон статья «Æвддæс æфсымæры». Ныхас дзы цыди Дзебойты Хъасболат æмæ Хъалæгаты Тæтæрийы фæндзгай фырттæ æмæ Гæздæнты Асæхмæты авд хъæбатыр фырты сгуыхтдзинæдтыл. Уыдон иууылдæр сæ цард нывондæн æрхастой Фыдыбæсты сæраппонд. Æрмæг мыхуыргонд æрцыд дыууæ газеты дæр. «Социалистическая Осетия»-йæн æй уырыссаг æвзагмæ ратæлмац кодта Дзампаты Мæирбег.

Бæрæгбон ахицæн. Куыддæр Хрущев аздæхт, афтæ йæ цыбыр рæстæджы фæстæ йæ куыстæй систой æмæ йæ æппындæр нæ фæндыди, афтæмæй æгады пенсийы арвыстой. Ууыл дæр бирæ рæстæг нæма рацыд, афтæ мæм республикæйы Сæйраг Советы Президиумы уæды сæрдар Хетæгкаты Тамарæ фæдзырдта æмæ мæ бæлвырд фæрстытæ фæкодта, кæй тыххæй фыстон, уыдоны бинонты царды хабæрттæй. Кæй зæгъын æй хъæуы, цы зыдтон, уыдон ын фæдзырдтон. Загътон ма йын, хъахъхъæдуйраг Дыгуры Дадзойы фондз фырты дæр немыцаг фашисттимæ тохы хъæбатырæй кæй фæмард сты, уый дæр.

...Фæстæдæр куыд базыдтон, афтæмæй мæм хуымæтæджы нæ фæдзырдта: се 'ппæты бинонтæн дæр снысан кодтой сæрмагонд пенситæ.

Кокайты Тотрадзы, машинæ скъæргæйæ, кæмдæр милицæ фæурæдта. Милицæ дæ куы баурома, уæд фылдæр хæттыты хуымæтæджы нæ вæййы. Æвæццæгæн, Тотрадзмæ дæр исты къухбакæнæн ссардтой æмæ йын, цæмæй ныххатыр кæной, уый тыххæй афтæ:

– Ирыстоны иунæг ведущий поэт ис, æмæ йын ахæм гыццыл рæдыд ныббарæн нæй?

Автоинспектор, уый айхъусгæйæ, фæхъæр кодта:

– Æмæ Дзасохты Музафер нымад нал у?

– Уый ведущий нæу, машинæ не скъæры, æз та скъæрын...

Милиционер йæ мидбылты бахудт æмæ Кокайы-фырты йæ фæндагыл ауагъта.

Раздæр æрыгæттæ сæ уарзондзинад æмбæхстæй дардтой, се 'нкъарæнтæн нымд кодтой. Тарстысты адæмы дзыхы бахауынæй. Уый ирдæй зыны адæмон зарджытæй бирæты. Байхъусут-ма дзы иумæ:

Сусхъæдæй бандон сарæзтон,
Æмæ мын уый дæр басыгътой.
Сусæгæй уарзон равзæрстон,
Æмæ мын уый дæр базыдтой.

Ныр рæстæджытæ аивтой: чызгæй-лæппуйæ се 'нкъарæнтæ æмбæхсыны бæсты сæ зæрдæты дуæрттæ байгом кодтой æмæ, фаззæттæ фаззæтты куыд уарзынц, ууыл æргомæй дзурын æмæ зарын райдыдтой.

Дзæхаты Темырхъаны йæ рæстæджы бирæтæ зыдтой. Райгуырди Тменыхъæуы. Фæстæдæр йæ бинонтæ ралыгъдысты Джызæлмæ. 1926–1930 азты ахуыр кодта педтехникумы. Уыцы рæстæджы уым ахуыр кодтой Мамсыраты Дæбе, Бесаты Тазе æмæ Хъайтыхъты Геор дæр. Темырхъан техникум каст куы фæци, уæд ахуыргæнæгæй куыста Джызæлы, Фарныхъæуы, Санибайы. Хорз æй зыдта, «Рæстдзинад»-æн бирæ азты дæргъы арæхстджын разамынд чи фæлæвæрдта, Хъаныхъуаты уыцы Валодя – йæ ахуыргæнæг уыди.

Темырхъан фыста æмдзæвгæтæ, радзырдтæ, зарджытæ. Мыхуыр сæ кодта республикон газетты. Йæ фыд Гадзæгойы хуызæн дæсны уыд зарынмæ. Мамсыраты Дæбе мын куыд дзырдта, афтæмæй Темырхъаны хуызæн аив хъæлæс ирон адæмæй никæмæн уыдис. Фæндырæй цагъта, афтæмæй зарыдис йæхиконд зарджытæ. Адæмы зæрдæмæ æппæты тынгдæр фæцыдысты «Муссæйы хъарджытæ». Ныхæстæ æмæ йын музыкæ ныффыста йæхæдæг.

Хъыгагæн, Темырхъанæн хъысмæт бирæ цæрæнбон нæ радта: 1943 азы фæмард Фыдыбæстæйы Стыр хæсты. Йæ фыстытæ йын бабиноныггæнæг нæ фæци æмæ, кæм сты, уый бæрæг нæй.

Фарон зындгонд актрисæ Доронина Татьянæйæн уыдис йæ юбилей. «Российская газета» уыцы бæрæгбонæн радих кодта дæлæмæдæр-уæлæмæдæр 102 рæнхъы. Мæнæ уыцы рæнхъытæй цалдæр: «За всю жизнь она снялась лишь в 12 фильмах. 5 раз была замужем...» «Первая свадьба актрисы (всего у нее их было 5) была совсем скромной...» «Первого мужа – Олега Басилашвили – поразила даже не красота Дорониной, а что-то другое, более глубокое...» «Могла ли Доронина в пылу семейного скандала чем-то в вас бросить?» – спросили 3-го мужа актера Бориса Химичева».

Дæ бæрæгбоны дын ахæм хабæрттæ дæ зæрдыл æрлæууын кæнæнт! Хуымæтæджы нæ фæзæгъынц: «Кæй нæ уарзай, уымæн йæ хæрын – цъæм-цъæм, йæ цæуын – сæпп-сæпп!»

Хæсты фæстæ цæйбæрц уæнгхъуæгтæ уыдта адæймаг! Кæмæн къах нæ уыд, кæмæн – къух. Мæ хъустыл-иу ахæм ныхас арæх æрцыд: «Мæ хъæбул ма æнæкъах, æнæкъухæй дæр куы раздæхтаид!..» Куыд дзырдтой, афтæмæй, тохы быдырæй уæнгцухæй чи ссыд, уæлдайдæр йæ къах кæмæн ахауд, уыдон, дам, уыдысты нæ хъæуы кафагдæр лæппутæ.

Зын у æрыгонæй фæстæмæ царды бонтæ æнæкъах, æнæкъухæй æрвитын, фæлæ мæ хъæуккæгтæй, сахъатæй чи баззад, уыдонæй зæрдæсæттæн ныхас никуы ничи фехъуыста, хъысмæтæй дзы иу дæр никуы рахъаст кодта, уымæн æмæ зыдтой, тохы быдыры цы бирæ 'мбæлттæй бавдæлон сты, уыдон сæ цард æнæхъæнæй дæр кæй ныууагътой.

Йæ цард Фыдыбæсты сæраппонд чи ратты, уыдон та вæййынц тæккæ стырдæр хъæбатырдзинад равдисджытæ.

Зондджын адæм куыд зæгъынц, афтæмæй алы мидбылхудт дæр адæймаджы цардмæ бафтауы фондз минуты. Уыцы хъуыды тынг раджы фехъуыстон æмæ мæ зæрдæмæ фæцыд. Ноджы ма афтæ дæр фехъуыстон, æви кæмдæр кæсгæ бакодтон, уæддæр нæ зонын,

Америчы, дам, ахæм дуканитæ ис, æмæ дзы уæйгæнæджы æнæхудгæйæ куы фенай, уæд дын цалдæр доллæры преми ратдзысты. Цыбыр дзырдæй, худын у, удыхос кæй фæхонынц, ахæм æнкъарæн. Фæлæ, цымæ, æдзух афтæ у? Мæнмæ гæсгæ, нæу. Афтæ куы уаид, уæд ирон адæммæ, дон худгæйæ ласы, зæгъгæ, æмбисонд нæ фæзындаид. Ис æндæр æмбисæндтæ дæр: «Цы 'рцæуы, уый дæр хъазгæ 'мæ худгæйæ 'рцæуы». «Хъазгæйæ-худгæйæ ис фыдбылызы бахауæн дæр».

Нæ бæстæ нын пырх кæнын куы райдыдтой, уæд дæр сæм фидауцы цæстæй кастыстæм, горбачевтæ æмæ ельцинтæ маргарет тетчертæ æмæ буштимæ фембæлдтытæ куы арæзтой, уæд нæм худæгау каст, фæлæ цæмæй ахицæн, уый федтам.

Бакæсут-ма телевизормæ, байхъусут-ма радиомæ, хихитæ æмæ дзы ха-хатæ нырæй фылдæр искуы уыди? Кæуыл æмæ цæуыл худæм? Нæхиуыл? Æвæццæгæн. Стæй хуымæтæджы худт нæ, фæлæ, цæссыгтæ фырзæрдæрыстæй кæлынц, афтæмæй.

Æмæ ма раджы кæддæр цы кастæн, ахæм хабары тыххæй. Америкаг скъоладзаутæн, дам, сæ фылдæры бон, картæйы сæ бæстæ кæм ис, уый бацамонын нæу. Раст зæгъын хъæуы, уыцы ныхæстыл уæд нæ баууæндыдтæн. Ныр ыл дызæрдыг нал кæнын, уымæн æмæ ахæм уавæры бахаудтой нæхи скъоладзаутæ дæр. Нæхæдæг дæр ыл сæттын райдыдтам. Æрмæст æй дзурæм хъазгæ æмæ худгæйæ.

Дæс æмæ дыл æртиссæдз азы цæуæд æмæ дын иу æрдхорд ма уæд! Дæ сусæгдзинад кæмæн зæгъай, зæрдæйæ-зæрдæмæ кæимæ аныхас кæнай, дæ сагъæстæ кæмæн радзурай, ахæм æрдхорд. Афтæмæй хъæуы дæр куыста, районы дæр куыста. Ноджы стырдæр бынæтты та горæты фæкуыста, фæлæ дзы йæ удмæ хæстæгæн никæй равзæрста; ничи йын рахуыдта йæхи дæр йæ иузæрдион хæлар.

Аслам хъазæн ныхæстæгæнгæйæ æрвиты йæ цард. Уайдзæф ныхас æм нæ хъары. Цыдæриддæр ын зæгъай — аныхъуырдзæн æй. Худынмæ йæ аздахдзæн. Иу хатт æй чидæр афтæ бафарста: «Дæ хæдзары къæсæрæй искуы уазæг

бакаст?» – «Алы бон дæр! – дзуапп ын радта, йæ мидбылты бахудгæйæ, лæг. – Мæхæдæг. Нæлгоймаг хæдзары уазæг у, зæгъгæ, никуы фехъуыстай?!»

Ахæм хъазæн ныхæстæй дзуапп ратты алы уайдзæфæн дæр. Афтæмæй йæ царды кæронмæ фæхæццæ кæны. Кæд ахæм цард «цард» схонæн ис, уæд.

Мах цæрæм, диссæгтыл дис кæм нæуал кæнынц, ахæм бæстæйы, уымæн æмæ лæг алы бон кæй уыны, уый йæм диссаг нал фæкæсы…

Мæн дæр æмæ Цыбырты Людвиджы дæр хорз чи зоны, стæй нæхæдæг дæр хорз кæй зонæм, нæ иу ахæм зонгæ нæ йæ кусæн уатмæ бахуыдта æмæ нæ диссаджы æппæлдтытæ фæкодта. Мах, зæгъгæ, кæмæй загъта, уымæй йæ нæ бафарстам, фæлæ, дам, мах, уæ дыууæйы сгуыхтдзинæдтæ нымайгæйæ, сфæнд кодтам, ныртæккæ Уæрæсейы каджын чи у, уыцы орденæй схорзæхджын кæнын æмæ нæм равдыста дынджыр фолиант, уыцы орденæй кæй ном ссардтой, уыдоны къамтæ æмæ сгуыхтдзинæдтимæ. Æмæ дзы чи нæ уыди! Паддзахады разамонджытæй райдай, æмæ ахуыргæндтæ, фысджытæ æмæ аивады кусджытæй фæу.

Нæ зонгæ орден æмæ йæ райсджыты хорздзинæдтæ нымад куы фæци, уæд æрхæццæ «фæлæ»-мæ. Фæлæ, дам, дзы иу хъуыддаг ис: «Ордены тыххæй бафидын хъæуы иуæндæс мины æмæ æрдæг…»

Дыууæйæ дæр сагъдауæй аззадыстæм. Æз ахæм диссаг фехъусын æнхъæлмæ нæ кастæн. Ахæм диссаг фехъусын æнхъæл Людвиг дæр кæй нæ уыд, уый мæ бауырныдта, уый дæр орден райсыныл куы не сразы, уæд.

Кæй зæгъын æй хъæуы, орденты аккагыл нæ чи банымадта, уымæй мах бузныг уыдыстæм, иннæты астæу нæ хуыздæрæн кæй равзæрста, уый тыххæй, фæлæ нæ цыма уый бынтон разыйæ нæ баззад, афтæ мæм фæкаст…

Цалынмæ нæхимæ цыдтæн, уæдмæ райгуырдысты ацы рæнхъытæ:

Мæ хъыгæн нал уыди æнцайæн,
Зæрдæйы мастæй рауад цад:
Æлхæдтой мын мæхи æхцайæ
Мæхи, мæ намыс æмæ кад!

Цæгæраты Максим уæд, ома 1964 азы, Фысджыты цæдисы сæрдар уыд. Иу бон мæм фæдзырдта, хъæуыс мæ, зæгъгæ. Кæд дæ æвдæлы, уæд, дам, куы фембæликкам, уый мæ фæнды. Фембæлдыстæм.

Уыцы фæззæг Ирыстон бæрæг кодта йæ автономийы дыууиссæдз азы юбилей. Бæрæгбон æрбацæйхæццæ кодта. Максим мын куыд радзырдта, афтæмæй Ирыстонмæ ссæуинаг у газет «Литературная Россия»-йы уацхæссæг Либединская Лидия («Нарты кадджытæ» уырыссаг æвзагмæ тæлмацгæнæг Либединский Юрийы бинойнаг). Цæдисмæ телефонæй сдзырдта, фысджыты къам, дам, нæ бахъæудзæн, æмæ уæ хуыз сисут. Æз Максимы кусæн уаты нæ фысджыты хуыздæрты куы ауыдтон, уæд хорзау нал фæдæн, се 'хсæн куыд сфидаудзынæн, зæгъгæ.

Цыбыр дзырдæй, машинæты бабадтыстæм æмæ нæ хуызисæг Мозгов Евгени Арвы коммæ аласта. Цалдæр раны машинæйæ рахызт, алырдæмыты-иу акæстытæ кодта, фæлæ-иу йæ зæрдæмæ нæ фæцыд æмæ та-иу машинæйы сбадт. Æппынфæстаг æрфистæг стæм, йæ зæрдæ кæмæй барухс, ахæм ран. Фысджытæ уыдысты (хистæрæй райдайон): Токаты Асæх, Дзаттиаты Тотырбег, Мамсыраты Дæбе, Ардасенты Хадзыбатыр, Хъайтыхъты Геор, Цæгæраты Максим æмæ Цырыхаты Михал.

Мозгов нæ иу дзæбæх ранмæ бахуыдта, хæхтæ хуыздæр кæцæй зындысты, уым нæ кæрдæгыл æрбадын кодта. Лæугæйæ ма баззад æрмæстдæр Геор. Нæ къам исынæввонг уыдыстæм, афтæ нæм Мозгов дзуры:

— Иууылдæр Геормæ кæсут.

Уыцы ныхæстæ айхъусгæйæ, Грис афтæ фæкодта:

— Дæумæ гæсгæ, уый æнцон у?

Иууылдæр ныххудтыстæм.

Æцæгæйдæр, къамы, Геормæ нæ, фæлæ иннæрдæм кæсгæйæ рауадыстæм.

Цæрæнбонты къамтæ куыннæ фæистон! Иутæ мын дзы зынаргъ сты, иннæтæ — ноджы зынаргъдæр. Сæ тæккæ зынаргъдæрыл кæй нымайын, уыдонимæ ис ацы къам дæр.

Куы йæм æркæсын, уæд, нæ литературæйæн кад æмæ ном чи скодта, уыдоны фæлгонцтæ цардæгасау мæ цæстыл ауайынц. Æхсызгон мын вæййы сæ алкæйы уынд дæр, уымæн æмæ дзы ныхкъуырд ныхас никуы никæмæй фехъуыстон, хæрам ми мын дзы никуы ничи бакодта,

ӕдзӕстуарзонӕй дзы никуы никӕуыл фӕгуырысхо дӕн. Мӕ зӕрдӕ сриссы, абон не 'хсӕн кӕй нал сты, ӕрмӕстдӕр ууыл.

Уый фарон уыди. Мӕ кусӕн уатӕй рауадтӕн. Мӕ сыхӕгтӕм бирӕ нӕ афӕстиат дӕн. Фӕстӕмӕ куы 'рбаздӕхтӕн, уӕд мӕ дуарыл гӕххӕтт ныхӕстӕй ӕрбаййӕфтон. Ӕристон ӕй ӕмӕ дзы разынд ахӕм фыст:

Дӕ гуырӕн боны хорзӕх дӕ уӕд,
Зӕрдӕрухсӕй дыл алкӕддӕр цӕуӕд!
Дӕ уды хъарм ӕрдзон уазал куыд сиса,
Ӕмӕ куыд сура зӕрдӕтӕн сӕ риссаг!
Сӕдӕ азы зӕрдӕхъӕлдзӕгӕй цӕр,
Кӕнӕ фӕцӕр Агорӕй дӕр фылдӕр!..

Чи уыдаид, зӕгъгӕ, ууыл куы ахъуыды кодтон, уӕд мӕ зӕрдыл ӕрбалӕууыд иу хабар. Кӕмдӕр ӕй цыма кӕцыдӕр журналы бакастӕн, фысгӕ та йӕ цыма Мамсыраты Дӕбе ныккодта, афтӕ мӕм кӕсы.

Цӕвиттон, скъоладзау сӕхимӕ хъуыдджынӕй ӕрбацыд. Йӕ мад ӕй фӕрсы, цы кӕныс, зӕгъгӕ. Литературӕйӕ, дам, мын ахуыргӕнӕг «дыууӕ» сӕвӕрдта, «Евгений Онегин» чи ныффыста, уый кӕй нӕ загътон, уый тыххӕй.

Мад скъоламӕ ныццыд, ӕмӕ йын ахуыргӕнӕг дӕр йӕ лӕппуйы ныхӕстӕ рафӕзмыдта, «Евгений Онегин» чи ныффыста, уымӕй йӕ фарстон ӕмӕ мын ӕй нӕ загъта, зӕгъгӕ. Мад йӕ фырты раст кӕныныл схӕцыд: «Дзӕгъӕлы фӕриссын кодтай лӕппуйы зӕрдӕ, кӕд цыфӕнды фыдуаг у, уӕддӕр ахӕм митӕ нӕ кӕны...»

Уыйау ӕз дӕр хъуыдыты аныгъуылдтӕн, ахӕм ми чи хъуамӕ бакодтаид, зӕгъгӕ, ӕмӕ ӕрцыдтӕн ахӕм хъуыдымӕ: уый Кокайты Тотрадз йеддӕмӕ ничи уыдаид. Йӕ кусӕн уаты дуарӕй бакастӕн. Куы мӕ ауыдта, уӕд йӕ мидбылты бахудт, ӕмӕ ма уый фӕстӕ арфӕтӕ ныффыссӕджы цы базонын хъуыд?! Мӕ куыстмӕ, дам, машинӕйы куы сцӕйцыдтӕн, уӕд радиойӕ фехъуыстон, дӕ гуырӕн боны фӕдыл дын куыд арфӕтӕ кодтой, уый ӕмӕ ӕз дӕр, фӕсте ма баззайон, зӕгъгӕ, ацы рӕнхъытӕ тагъд-тагъд афыстон.

Уæлдæр куыд загътон, афтæмæй уый фарон уыд. Ацы аз дæр мæ 'нæрхъуыдыйæ нæ ныууагъта. Арфæтæ та мын ракодта æмдзæвгæйы рæнхъытæй:

77 – Музаферæн

Фыссæг цæмæй вæййы фыссæг? –
Куы йæм вæййы гæххæтт, къырандас,
Куынал æй ф'ахсы 'хсæв хуыссæг,
Куы вæййы рухсзæрдæйæ цардуарз,
Олимпы бæрзондæй ныззары,
Йæ цинтæ хорз адæмыл уары.
Музафер, кад æмæ дын рад!
Сæдæйæ ахизæд дæ цард!
Цæр нын, цæр нын, цæр нын æрвылаз!
Зæгъы дын уый нæхи Тотыраз.

Æмдзæвгæимæ æрбахаста хуын дæр: гæххæтты цъæпæра æмæ ручкæ.

Теор мын йæ зонгæтæй кæйдæр кой кодта. Хицау куы сси, уæд, дам, мын салам нал лæвæрдта. Йæ куыстæй йæ куы систой, уæд та, дам, ын æз нал лæвæрдтон салам.

Институты иу рæстæджы ахуыр кодтам. Кæд æмгæрттæ уыдыстæм, уæддæр уый мæнæй иу курс дæлдæр уыди, уымæн æмæ фыццаг аз нæ бахауд. Цыппар азы дæр æфсымæртау цардыстæм. Кæрæдзийæ ницы сусæг кодтам. Сæ къорды чызджытæй иуы кæй бауарзта, уый зæгъын дæр мæн йеддæмæ никæуыл бауæндыд. Фæлæ йæм чызг йе 'ргом не здæхта. Лæппу йæ уый тыххæй къаддæр нæ уарзта. Къаддæр нæ, фæлæ йæ уарзондзинады арт тынгæй-тынгдæр æндæвта. Ме 'рдхорды ныхæстæм гæсгæ, чызджы та нæ тавта. Æз ын-иу зæрдæтæ æвæрынмæ фæдæн, тыхсгæ ма кæн, ахæм бон æрцæудзæн, йе 'ргом дæм кæд раздахдзæн, зæгъгæ. Æмæ мæ ныхæстæн бындур уыди. Чызг зыдта, мах хæлæрттæ кæй стæм, уый æмæ мæм иннæ чызджытæй уæлдай хъармдæр

цæстæй каст, куы-иу мыл амбæлд, уæд-иу мыл иннæтæй тынгдæр баузæлыд. Институт каст куы фæдæн, уæд дæр мæ хæларимæ нæ ахастдзинæдтæ нæ фендæрхуызон сты, уымæн æмæ æз горæты кусгæйæ баззадтæн.

Рацыд ма афæдз. Мæнæй дæлдæр цы курс уыд, уыдон дæр институт каст фæуынæввонг уыдысты. Æз ме 'мбалы дæр нæ бафарстон, афтæмæй чызгимæ фембæлдтæн, æмæ йæ комкоммæ куы бафарстон, лæппуйы сыгъдæгзæрдæ æнкъарæнтæн дзуапп цæуылнæ дæттыс, зæгъгæ, уæд мын, ныфсæрмытæ ис, афтæмæй загъта: «Йæхæдæг куы ницы дзуры, уæд...»

Æцæгæйдæр, ме 'рдхордимæ куы фембæлдтæн, уæд æм раздæры ныфсæй ницуал рахатыдтон. Бирæ фæныхæстæ кæныны фæстæ мын басаст, чызджы раздæры хуызæн кæй уарзы, фæлæ йæм ус курыны ныфс кæй нæй. Тæрсын, дам, бирæ цæмæйдæрты, æппæты фыццаг та — мæ сæрибардзинадæн.

Цыбыр ныхасæй, куы йæм байхъуыстон, уæд фидарæй бауæндыдтæн, Печоринтæ нæ рæстæджы дæр кæй ис, ууыл.

Рæстæгæй-рæстæгмæ мæ зæронд гæххæттытæ кæсыныл фæвæййын. Кæцыдæрты дзы, нал мæ хъæуы, зæгъгæ, аппарын, фæлæ мæм дзы кæцыдæртæн ахæм хъысмæт равзарын мæ цæст нæ бауарзы æмæ та сæ фæсвæд æрæвæрын. Фæтæрсын, куы сæ аппарон, уæд фæсмон куы фæкæнон, уымæй. Ахæм хабæрттæ та мыл иу æмæ дыууæ хатты не 'рцыд. Мæнæ ацы фыстытæ дæр мæ зæронд гæххæттытимæ разындысты. Бакастæн сæ æмæ, мæ кæддæры хъуыдытыл мæ зæрдæ кæй нæ сивтон, уымæ гæсгæ æрцыдтæн ахæм хатдзæгмæ: кæйдæр загъдау, æппарын ницы хъæуы. Кæддæр сæкæры килæ кæнæ картофы голлаг цасæй балхæдтай, ууыл дзурæг гæххæтты гæбаз дæр цыдæр хабæрттæ зæрдыл æрлæууын кæны, рæстæджытæ кæрæдзиуыл абарынæн фадат ратты, ивгъуыд æмæ абон кæрæдзиуыл бабæтты. Иугæр гæххæтты гæбазмæ ахæм тых ис, уæд, æвæццæгæн, хъуыдытæн дæр къаддæр ахадындзинад нæй, æмæ уæ размæ хæссын, кæцы аз уыд, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ мæм, уæлдæр хицауады

митæй разы куы нæ уыдтæн, уæд, мæ мæстытæ цы гæххæттæн фæдзырдтон, уыцы фыстытæ.

«Ныр та нын, чи стæм, уый фыссыны бар дæр нал ис. Уæд уый арвы гæрах нæу! Цæфæй нæ мæлæм, уый уынынц æмæ нæ рæхойыныл нал ауæрдынц. Уый æмæ ма рæхуыст рæхуысты хуызæн куы уаид: иуæй иннæ риссагдæр, иуæй иннæ судзагдæр. Дудынц нæ хъæдгæмттæ, араунынц сæ тæппæлттæ. Нæ фæздæг нæ сæрмæ сбадт, фæлæ уый никæй хуыдуг кæны. Хуыдуг загътон? Куыннæ стæй! Улæфынц æй, сыгъдæг хæххон уæлдæфау, нуазынц æй æвдадзы хосау.

Цымæ кæй бахъуыд, паспорты, чи кæцы адæмыхаттæй у, уый ивыны сæр? Кæй зæрды æрæфтыд уыцы «диссаджы» хъуыды? Стæй хъыгдаргæ та кæй кодта, йæ аивын нæ размæцыды цæлхдуртæй сæрсæфæны амæттаг кæцыйы бакодта?

Хъыгдардта, æвæццæгæн, æндæр æм фæстæты нæ бахъуыызыдаиккой, сусæгæй йæ нæ фæтар кодтаиккой. Фæлæ цыфæнды сусæгдзинадæн дæр æнæраргомгæнгæ нæ вæййы, мæсыг амайгæйæ йын иуафон æнæсзынгæ куыд нæ вæййы, афтæ.

Раргом ацы сусæгдзинад дæр, æмæ адæм æддæг-мидæг ауадысты. Дзыллæйы хуыздæр минæвæрттæ йæ сæхицæн æфхæрдыл банымадтой. Галиу мийы ныхмæ сыстадысты, адæмы сæргъы чи лæууы, дзыллæйы бæрны чи бацыд, уыдоны лæгдæртæ. Номæй номмæ сæ нæ фæнымайдзынæн — бирæ сты, фæлæ дзы уæддæр æртæ мыггаджы зæгъдзынæн: Коков Валерий, Шаймиев Минтимир, Абдулатипов Рамазан. Кæд фыццаг кæсгон у, дыккаг — тæтæйраг, æртыккаг — авайраг, уæддæр сæ хъуыды иу у. Уыцы хъуыды та дзурæг у, цæмæй алы адæмыхæттытæй арæзт стыр паддзахады алы æвзæгтыл дзурæг адæмæн сæ бон уа, кæцон сты, уый зæгъын æмæ фыссыны бар».

Гъе ахæм фыстытæ разынд мæ зæронд гæххæттыты ’хсæн. Йæ рæстæджы йæ кæй нæ аппæрстон, уымæй нæ фæрæдыдтæн. Куы йæ аппæрстаин, уæд цыма абон фæсмон кæнин, афтæ мæм кæсы.

Адæймаг мæсты дæр куыннæ кæна, æрвылбон зæрдæриссынгæнæн хабæрттæ куы хъуса, уæд?! Хицауы бынатмæ чи баирвæзы, уыдонæй ахæмтæ ис, æмæ йæ фæстæ

ныууадзы, Геростраты митæн æрвадиуæг чи кæны, ахæм хабæрттæ. Чи дзы йе 'мкусджыты фæсарæйнаг машинæты бадын нал фæуадзы, чи – йæ руль рахизæрдыгæй кæмæн ис, уыцы машинæтæ æлхæныны ныхмæ сысты, чи – паддзахадон автоинспекцийæн дыууæ хатты даргъдæр ном æрхъуыды кæны, чи – милицæйæ пъæлицæ саразы æ.а.д. Стæй ма иу ахæм хъуыддаг: стырдæр нæй, ахæм бынæтты фæбадынц, иу хорз хъуыддаг нæ саразынц, сæ къæлæтджынтæй фæхауынц, стæй уæд зонд амонынмæ фæвæййынц алыхуызон чубайстæ, немцовтæ, ясинтæ, кудринтæ æмæ бирæ æндæртæ.

Цалдæр азы размæ уыд ацы хабар, фæлæ мæ абон дæр нæ рох кæны. Уæд Къостайы номыл Паддзахадон премимæ бавдыстой Къибирты Тимуры. Æргом дзургæйæ дзы æз кæддæр иу æви дыууæ 'мдзæвгæйы йеддæмæ никуы ницы бакастæн, фæлæ йæ Уæрæсейы нымайынц, курдиатджын поэт æй хонынц. Уый ныхмæ ницы зæгъинаг дæн. Æз уыдтæн, Къостайы номыл преми йын раттой, уый ныхмæ, уымæн æмæ ацы преми уымæй размæ лæвæрдтой, ирон аивад æмæ литературæмæ стыр æвæрæн чи бахаста, уыдонæн. Ахæмыл банымайæн та Къибиры-фыртæн ницавæр бæрæггæнæнтæм гæсгæ ис. Уымæ гæсгæ, æз куыд премитæ дæттæг къамисы уæнг, афтæ схъæлæс кодтон йæ ныхмæ. Иунæгæй, иннæтæ иууылдæр, Джыккайты Шамилæй фæстæмæ (Шамил иуæрдæм дæр нæ хъæлæс кодта) йæ фарс рахæцыдысты.

Мæнмæ уыцы иумæйаг уынаффæ раст нæ фæкаст, уымæн æмæ Тимур ирон литературæмæ цы 'вæрæн бахаста, уымæй размæ премитæ чи райста, уыдон дæр æм æндæр æвæрæн куы нæ бахастаиккой, уæд ахæм æмбарынад, куыд ирон литературæ, уæвгæ дæр нæ уаид.

Йæ фарс чи радзырдта, уыдон ын æппæлыдысты йе сфæлдыстадæй, курдиатджын поэт, дам, у. Æмæ курдиатджын поэттæ иу æмæ дыууæ ис?! Уæрæсейы нæ, фæлæ æнæхъæн дунейы дæр. Чи зоны, Тимурæй курдиатджындæртæ. Уыдонæн се 'ппæтæн Къостайы премитæ куы дæттæм, уæд нæ раны куы стæм.

Мæ зæрды ма ис, къамисы уынаффæ мыхуыргонд куы 'рцыд, уæд не сфæлдыстадон интеллигенцийы хуыздæр

минæвæрттæй дыууæ Джыккайты Шамил æмæ Плиты Мæдинæ цы загътой, уый æрымысын.

Джыккайты Шамил: «Это просто катастрофа. Нет слов, которыми можно было охарактеризовать все произошедшее. На мой взгляд, Васо Малиев больше заслуживает Госпремию им. К. Хетагурова, чем Тимур Кибиров, который не имеет отношения к осетинской литературе... Мы все удручены случившимся».

Плиты Мæдинæ: «Что касается... претендентов на премию имени Коста Васо Малиева и Сергея Хугаева, то полагаю, что и тот, и другой были ее достойны. Ведь премия дается за вклад в развитие национальной литературы. А они оба — ее плоть и кровь на протяжении многих лет.

В. Малиев и С. Хугаев — очень разные. Первый — трибун, многогранный литератор, интересный и яркий. Второй — великий труженик, чье творчество глубоко связано с корнями народа, его традициями... Мне очень жаль, что эти люди, преданные нашей литературе, остались за бортом премии. Лучше было бы не выдвигать вообще никого на премию в номинации «Литература», чем подвергать писателей несправедливому унижению».

Ацы фарстайы фæдыл йæ хъуыды загъта Цгъойты Хазби дæр: «...уырыссаг поэт Кибировы та, Мæскуыйы иу телеравдысты куы бафарстой йæ чысыл райгуырæн бæстæйы тыххæй, уæд срæцыгъта: «У меня нет малой родины». Мах та йæ Къостайы номыл премийæ схорзæхджын кодтам! Хъæугæ дæр æй нæ кодта, стæй йын æй цæй тыххæй радтой, ууыл йæхæдæг дæр дис кодта».

Цард дыууæ боны йеддæмæ нæу, зæгъгæ, цæмæн фæзæгъынц, уымæн бæлвырд дзуапп раттын мæ бон нæу, фæлæ мæм цæмæдæр гæсгæ афтæ кæсы, цыма уыцы дыууæ бонæй иу у, цы бон райгуыры, уыцы бон, иннæ та — йæ мæлæты бон. Куы райгуыры, уæд йæ номыл зарджытæ фæкæнынц, куы амæлы, уæд та — хъарджытæ. Цард та у, зарæгæй хъарæджы æхсæн цы рæстæг рацæуы, уый.

Алы хъæуы дæр ис, зарын чи зоны æмæ хъарæг кæнын йæ бон кæмæн у, ахæм адæм. Уыдоны ’хсæн та рабæрæг

вæййынц дæсныдæртæ. Хъыгагæн, æз нæ хъæуы, зарынмæ дæсныдæр чи уыд – ныртæккæйы циндзинæдты та ма, адæм кæрæдзийы хъæр кæй фæрцы нал фембарынц, уыдоны йеддæмæ заргæ кæй фехъусдзынæ! – уый æрымысын мæ бон нæу. Хъарæггæнджытæ дæр дзы куыннæ уыди, фæлæ уыдонæй дæр никæй ном мæ зæрдыл бадардтон.

Мах ахæм ран цардыстæм, æмæ хъæуæн йæ уæллаг æмбис сæ мæрдтæ уæлмæрдтæм нæ рæзты хастой. Иу хатт иу усæй хъарæггæнгæйæ ахæм ныхæстæ фехъуыстон, æмæ мæ цæрæнбонты дæр нал ферох уыдзысты. Æрмæст сæ кæм æмæ цы уавæрты фехъуыстон, уый нал хъуыды кæнын, мæ зæрдыл та мын сæ æрлæууын кодта Рождественский Роберты æмдзæвгæйы иу рæнхъ. Зындгонд нывгæнæг Красаускас Стасис куы амарди, уæд ын йæ ном цы æмдзæвгæйæ ссардта, уым уыдис ахæм рæнхъ: «Стасик, не умирай…»

Гъе æмæ мын уыцы æртæ дзырды æрлæууын кодтой мæ зæрдыл бæрæгъуыйнаг хъарæггæнæг усы зæрдæскъуыйæг ныхæстæ: «Ма амæл, ма амæл…» Цæмæндæр мæм афтæ фæкаст, цыма уырыссаг поэт æмæ æнахуыргонд ирон хъарæггæнæг усы ныхæсты хъуыды кæй баиу, уый хуымætæджы нæу.

Хъалмыхъхъы адæмон фыссæг, Городовиков Окайы номыл Паддзахадон премийы лауреат Балакаев Алексеимæ тынг кæй бахæлар стæм, уый тыххæй ма фыстон. Стыр хъыгагæн, фынддæс азы размæ, дæс æмæ йыл æртиссæдз азы цыд, афтæмæй цардæй ахицæн. Нæ фембæлдтыты тыххæй ныффыстон мæ мысинæгтæ, чиныджы дæр рацыдысты, фæлæ уырыссаг æвзагмæ тæлмацгонд нæма уыдысты. Дзуццаты Зæлинæйæ бузныг: ратæлмац сæ кодта. Алексейы хæдзары телефон мæм уыдис, фæлæ, цы нæ фæкодтон: дзуапдæттæг мын нæ фæци. Кæд сæ адрис дæр аивтой, зæгъгæ, писмо ныффыстон æмæ йæ мæ мысинæгтимæ Хъалмыхъхъы Фысджыты цæдисмæ арвыстон. Куырдтон, цæмæй йæ сæмбæлын кæной Балакаев Алексейы бинонтыл. Рацыд цалдæр боны, æмæ мæ писмо фæстæмæ раздæхт, æппындæр ын ницы æфсон счындæуыд, афтæмæй. Ацы рæнхъытæ кæм фыссын, уым, Кисловодскы,

санатори «Кавказ»-ы, базонгæ дæн хъалмыхъхъаг фыссæг Ганджгаева Розæимæ. Алексеимæ нын цы ахастдзинæдтæ уыд, уыдон ын радзырдтон, мæ писмойы кой дæр скодтон. Уыцы хабæрттæ кæнгæйæ, Розæйы цæсгом æваст фæрухсдæр æмæ дзы фехъуыстон, фехъусын æнхъæл кæй нæ уыдтæн, фæлæ мын тынг æхсызгон чи уыд, ахæм ныхæстæ:

— Æз Алексейы бинойнаг Цагансаримæ хорз зонгæ дæн.

Цалдæр боны рацыд, афтæ, сихор хæргæйæ, мæ фынджы уæлхъус алæууыд Розæ æмæ, стъолыл чиныг æмæ писмо æрæвæргæйæ, загъта:

— Элистайы уыдтæн. Ацы писмо æмæ дын чиныг Цагансар æрæрвыста.

Куыннæ раарфæ кодтаин Розæйæн, ахæм хорзы мын чи бацыд æмæ мæн тыххæй дард балцы ацæуынæй чи нæ фæтарст. Писмо куы бакастæн, уæд бирæ ног хабæрттимæ базонгæ дæн. Фæнды мæ, сымах дæр сæ куы базониккат, уый. Цагансар фыста:

«27/I-2014 г.

Дорогой Музафер, здравствуй!

Я была тронута тем, что ты вспомнил обо мне и еще послал весточку о себе.

Мне было очень радостно, что хороший друг Алексея, ты, Музафер, по-прежнему в активной творческой среде, занимаешь должность, которая тебе по душе, как много лет назад, это значит, ты, Музафер, еще не расслабил вожжи своего Пегаса. Так держать!

Уже идет шестнадцатый год без Алеши, живу в Элисте одна, дочь и сын по воле обстоятельств очутились за границей еще в 90-е годы. Дочь давно имеет там гражданство, она человек самостоятельный (ты ее видел у вас).

А я получила там (это Голландия) «вид на жительство», дали до апреля 2016 года, что дает мне право ездить туда без приглашения и визы в удобное для меня время, но есть одно условие: я должна находиться в России не более 6 месяцев, что я старюсь выдерживать.

В 2013 году Алеше исполнилось бы 85 лет (он родился 10/II-1928 г.), дата в республике широко отмечалась, как каждые 5 лет, Калмгосдрамтеатр провел «Фестиваль драматургии по пьесам А. Балакаева». Это впервые у нас

произошло. Прошел фестиваль удачно, зрители хорошо посещали и одобрили мероприятие. В одном районе присвоили имя Алексея райбиблиотеке.

Так что республика чтит его память. До этого, сразу после его кончины, его имя было присвоено лучшей в городе, единственной в республике типовой библиотеке, одной из центральных улиц в Элисте.

За это время издано 4 книги, 2 из них Алеша сам подготовил, одну даже сдал в типографию, а 2 мы с дочерью переиздали. Да, я забываю. Кроме них, к его 80-летию был издан на госсредства еще не изданный при жизни роман «Дикие собаки» на родном языке. Сейчас с каждым годом, месяцем все труднее становится издание книг. А издавать, переиздавать есть еще много.

Вот так и живем, стараясь хранить память о нем. Он ведь очень много работал и много оставил. Жалко, что не можем издавать.

Посылаю с Розой (спасибо ей) книгу «Моя жизнь, моя правда». Мне она сказала, что написал об Алеше, это очень дорогая для меня весть. Надеюсь, что ты, Музафер, написанное напечатал у себя, пришлешь мне.

Так же поступили и другие друзья: Магомед-Расул и Николай Егоров (ты, наверное, его знаешь, он из Ростова, переводчик первого романа А. «Бессмертие», который в начале 60-х годов запрещен цензурой. Он одновременно на 2-х языках был заслан в типографию. Это было к Неделе калм. литературы в Москве. Верстки 2-х книг были рассыпаны).

Так Н. Егоров издал трехтомник под названием «Мастера», в одном из них наряду с А. Твардовским поместил очерк «А. Балакаев».

А Магомед-Расул написал об Алеше очерк «Человек добра и солнечного света» и поместил в своей книге «Нечистая сила», которая издана в Махачкале в 2001 году.

Музафер! Извини, пожалуйста, за очень длинное письмо, да еще от руки.

Я же всю жизнь печатала на электромашинке. Когда появился компьютер, она вышла из обихода, а сейчас компьютер не работает, а налаживать нет смысла, надо новый покупать.

Музафер! Жду письма или телефонного звонка от тебя.

Пусть наступивший Новый год будет для тебя и всей твоей семьи благоприятным во всех отношениях. Здоровья, благополучия, успехов в творчестве и во всех начинаниях!

С глубоким уважением – Цагансар».

Стыр зæрдиагæй бакастæн Алексейы чиныг «Моя жизнь, моя правда». Алексей стыр фыссæг уыд. Бирæ хъизæмæрттæ бавзæрста йæхæдæг дæр, йе сфæлдыстад дæр. Æппæт уыдætты тыххæй фыссы, йæ мæлæты хæдразмæ стъæлф кæй кæрон сæвæрдта, йæ уыцы фæстаг чиныджы. Чи йæ бакæса, уый канд фыссæджы цард æмæ сфæлдыстадимæ нæ базонгæ уыдзæн, фæлæ ма базонгæ уыдзæн, хъалмыхъхъаг адæм цы гуыргъахъ, къуыппытæ æмæ дзыхъхъытæ фæндæгтыл фæцыдысты, уыдонимæ дæр. Дæс æмæ ссæдз мыхуырон сыфы кæм ис, уыцы чиныджы, кæй зæгъын æй хъæуы, фадæттæ уыдис, дæ адæм æмæ дæ бæстæйы тыххæй цы радзурынмæ хъавыдтæ, уыдонæн. Æмæ уыцы фадæттæй Алексей спайда кодта, зæгъæн куыд нæй, афтæ арæхстджынæй.

Чиныджы тыххæй дзурын зын у, бакæсын æй хъæуы. Мæн дзы фæнды æрмæстдæр иу цауы тыххæй радзурын.

Хæрзсаби ма уыдтæн, афтæмæй фехъуыстон, хъуг дыууæ рæуæды иумæ куы ныззайы, уæд, дам, уый æнамонды нысан у. Фыццаг хатт æй хъусгæ та фæкодтон, хъæуы ма куы цардыстæм, æмæ нæ фаллаг сыхæгтæй кæйдæр хъуг дыууæ рæуæды куы ныззад, уæд. Кæд сыл уый фæстæ æппындæр ницы фыдбылыз æрцыд, уый куыд нæ зонын, афтæ нæ зонын, цы фыдбылыз сыл æрцыд, уый дæр, фæлæ, Алексей йæ чиныджы куыд фыссы, уыимæ уæ базонгæ кæндзынæн. Уый размæ та зæгъдзынæн, хъалмыхъхъаг адæммæ дæр хъуг иу задæн дыууæ рæуæды куы ныккæны, уæд уый æнамондзинады нысан кæй у. Алексеймæ ма байхъусæм: «У нас была рябая молочная корова. Мать не могла нарадоваться изобилию ее молока, а соседки с завистью смотрели на нашу чудесную корову. Но однажды случилась беда – наша корова принесла двух телят, а двойня от скота – плохая примета у калмыков. Боясь

беды, люди стали обходить наш дом. Отец не выдержал, угнал молочную корову и взамен пригнал верблюда, чем удивил односельчан.

Мать сильно переживала потерю коровы, а я радовался вовсю: с чем можно сравнить скачки на верблюде по вольной и просторной степи? И тут случилось непредвиденное.

Однажды из улусного центра Калмыцкий Базар приехал милиционер. Долго допрашивал отца и мать и после этого увел нашего верблюда.

Оказывается, отец гнал корову в село Бергин и по пути увидел в степи одинокую кибитку. Ее хозяин пригласил отца на чай. Узнав, что вынудило отца отправиться в путь, тот предложил пасшегося в степи верблюда в обмен на корову. Отец обрадовался удаче: шутка ли – получить за грешную корову породистого, по словам хозяина, верблюда!

Верблюд, как рассказал милиционер, был ворованным. Вора поймали, посадили, а мы остались без коровы и без верблюда».

Ацы хабæрттæ бакæсыны фæстæ мын сног сты, кæддæр цы фехъуыстон, уыцы ныхæстæ. Куы зæгъын, мæ сыхæгтæн, сæ хъуг дыууæ куы ныззад, уый фæстæ, цы баисты, уымæн ницуал базыдтон, фæлæ Алексейы чиныг бакæсыны фæстæ, æвыдæй баззадаиккой, уый мæ нал уырны.

Хорз зарджытæ бирæ ис, фæлæ сæ нымæц цыма къаддæрæй-къаддæргæнгæ цæуы, афтæ мæм кæсы, уымæн æмæ сæ радиойæ дæр, телеуынынадæй дæр æгæр арæх зарынц æмæ сæ уымæй æнад кæнынц. Æнад чи свæййы, уымæй та зæрдæ цъæх кæны. Цъæх дæндаг дæр кæны, фæлæ дæндаджы цъæх æмæ зæрдæйы цъæх иу не сты. Фыццагæн хос и – цæхх дæ дæндæгты æхсæн ацъæлтæ кæн, æмæ дын кæд цыбыр рæстæг цыфæнды зын уыдзæн, уæддæр бабыхс æмæ дæ дæндæгтæ сæ цъæхæй фервæздзысты, дæхæдæг та – æнæзæрдæмæдзæугæ æнкъарæнæй. Фæлæ дæ зæрдæ куы фæцъæх уа, уæд æй ницæмæйуал сцæуын кæндзынæ.

Адæм алыхуызæттæ сты: чи цы нæ уарзы, чи — цы. Зæгъæм, нæ хъæуы иу афтæ дзураг уыд, зæххыл, дам, мын Хъомайты Агуыбечыр æмæ зымæгæй æнаддæр нæй. Венгриаг поэт Шандор Петефийæн та йе 'нæуынон уыдысты хрен æхсырысæртимæ æмæ критиктæ. Зæххыл, дам, хрен æхсырысæртимæ куы нæ уаид, уæд, дам, мын æппæты æнæуынондæр уаиккой критиктæ.

Фыдыбæстæ! Фыдыбæстæ кæмæн нæй, уый адæймаг нæу. Уый цæрæгой дæр нæу æмæ зайæгой дæр. Фыдыбæстæ канд адæймагæн зынаргъ нæу. Уый зынаргъ у алы цæрæгой æмæ алы зайæгойæн дæр. Уалæ цæгаты цы урс æрсытæ цæры, их æмæ дон йеддæмæ кæм ницы уынынц, уыдон сæ райгуырæн бæстæ нæ баивиккой Африкæ, Хуссар Америк æмæ Австралийы хурæфсæст быдыртыл дæр, уымæн æмæ Цæгат Ихджын океан у сæ райгуырæн бæстæ. Уым райгуырдысты сæ фыдæлты бирæ фæлтæртæ æмæ сын уымæй зынаргъдæр зæххыл иунæг къуым дæр нæу.

Дуры хуылфы йæ уидæгтæ чи ауагъта æмæ айнæг къæдзæхы фахсыл арвы цъæхмæ чи сфардæг, уыцы заз бæлас цыфæнды фæлмæн æмæ бæзнаг мæрмæ дæр нæ бабæлдзæн. Уымæн дурæй зынаргъдæр ницы ис, уымæн æмæ йын цард уый радта, уый фæрцы æнæивдæй лæууы сæрдæй-зымæгæй йæ цъæх фæлыст.

Зынаргъ у алы кæрдæджы халæн дæр йæ райгуырæн бæстæ. Афтæ куы нæ уаид, уæд алы кæрдæджы мыггаг, алы дидинæг, алы къудзи алы мæры дæр заид, фæлæ дзы алкæмæн дæр ис фыдыбæстæ, райгуырæн зæхх æмæ йыл æнувыд у, æндæр зæхмæ никуы атæхдзæн, йæ мыггæгтæ цыфæнды базырджын куы уой, уæддæр.

Райгуырæн къуымæн аргъ кæй нæй, уый ма уызын дæр куы зоны. Йæ хæлæрттæй кæмæдæр уазæгуаты хъаны цард кæнынæн дæр куы нæ бафæрæзта æмæ цалдæр боны фæстæ цæуыныл куы ныллæууыди. Фысымты ма фæндыди, куы ма сæм афæстиат уыдаид, уый, фæлæ сæм нæ байхъуыста, цæуыны къахыл ныллæууыд. Рафæндараст æй кодтой, уæдæ цы уыдаид. Фысымтæ дисы бацыдысты, алы минас ын йæ разы куы 'вæрдтам, сыгъдæг æмæ йын

фæлмæн хуыссæнты куы уат кодтам, уæд йæ хæдзар куыд тагъд æрымысыди, стæй афтæ тагъд кæй æрымысыди, уый цавæр хæдзар у, зæгъгæ, йæ фæдыл хъуызгæ цыдысты. Сæ зæрды уыд йæ цæрæнуат ын фенын.

Уызын кæд цыбыр къахдзæфтæй цыд, уæддæр нарæг фæндагыл уайтæккæдæр йæ хæдзармæ бахæццæ. Йæ хæдзар та уыд сындз къутæры бын. Куыддæр æй ауыдта, афтæ йæ риуы дзаг æхсызгонæн сулæфыд æмæ сдзырдта: «Уæддæр дзы хи хæдзарæн æмбал нæй!» Сындз къутæры бынмæ батахт æмæ йæхи уæлгоммæ аппæрста...

Райгуырæн бæстæ кæмæн нæй, уый адæймаг нæу. Уый нæу цæрæгой дæр, зайæгой дæр...

Æмдзæвгæты дуг кæд уыди, уæд уыди. Ныр æм мыхуыры оргæнтæ сæ хъус нал дарынц. Цыма йæ хъодыгондыл банымадтой, афтæ мæм кæсы. Стæй канд æмдзæвгæтæ нæ. Газеттæ фыдыусы цæстæй акастысты литературон æрмæгмæ. Романтæ æмæ повесттæй скъуыддзæгтыл нал дзурын, фæлæ ма фæстаг ссæдз азæй фылдæры дæргъы газетты уæ цæст радзырдыл кæд æрхæцыд? Фельетоны кой та кæнгæ дæр нал кæнын, уымæн æмæ, мæ мады мад Дзыццайы загъдау, сауджыны бæхы сæфт фæкодта. Уæвгæ, фельетон, хъæндзинæдтæ хурмæ чи калы, ахæм жанр у. Мах рæстæджы та уыдонæн нæ царды, фельетонæн йæхийау сæ кой дæр нæй?

Фæлæ литературон æрмæгмæ æппæт редакцитæ æмхуызон цæстæй нæ кæсынц. Чи нæ йыл сыстырзæрдæ, уыдоны нымæцмæ æппæты фыццаг бахæссин газет «Советская Россия»-йы. Уым, зæгъæн ис, æмæ алы номыры дæр фембæлæн вæййы литературон æрмæгыл, уæлдай арæхдæр та – æмдзæвгæтыл. Ацы азы æртыккæм номыры мыхуыргонд æрцыд Елизаров А. æмдзæвгæ «Зæронд Ног аз». Мæ зæрдæмæ фæцыд. Уæлдай тынгдæр та мæнæ ацы рæнхъытæ:

На нас дивится целый свет:
Им не понять нас никогда –
Для усиленья слова «нет»
Сначала ставим слово «да»!

Ахæм æнахуыр хабæрттыл ирон-дыгурон æвзаджы дæр фембæлæн ис. Зæгъæм, «тынг фæлмæн»-ы бæсты дыгурæттæ фæзæгъынц «хъæбæр фæлмæн». «**Нет**» æмæ уæм «**да**»-йы хуызæн нæ кæсынц? Мæнмæ кæсынц. Суанг ма мын ахæм цыппаррæнхъон дæр ныффыссын кодтой:

Хойрагау цæххæн
Нæй æмбæлттæ æрдзы...
«Тынг фæлмæн» зæгъæн
Ис, «хъæбæр», дæ фæрцы.

Грибоедовы Фамусовы хуызæн хицæуттæ, æвæццæгæн, алы рæстæджы дæр вæййы. Мах заманы дæр дзы дуг нæ фæхъулон кодта. Фамусовимæ сын иумæйагæй цы ис, уый дæр зæгъдзынæн: кæм кусынц, уым хъармдæр æмæ пайдаджындæр бынæттæ байуарынц хæстæджытыл. Фамусов куыд загъта, уый ма хъуыды кæнут? «При мне служáщие чужие очень редки...» Гъе æмæ иу ахæм хицау дæр Грибоедовы хъæбатыры фæдыл цæуын сфæнд кодта æмæ æрхъавыди йæ хæдивæгæй йæ хæрæфырты сæвæрын. Адæмы, ома йе 'мкусджыты нæ фæндыди, умæй размæ кæм куыста, уым йæхи хорзæй чи ницæмæй равдыста, уыимæ кусын. Уыцы хабæрттæ хицаумæ куы байхъуыстысты, уæд йæ дæлдæртæм радыгай дзурын райдыдта æмæ сæм лæвæрдта иу фарст: «Цæуыннæ дæ фæнды, мæ хæдивæг Сæпсыхъо уа, уый?» Фыццаг кæмæ фæсидт, уый йын загъта: «Мæнæн та цы уæлдай у, кæйфæнды дзы сæвæрæнт».

Ахæм кæнæ уымæ хæстæг дзуæппытæ йын фæлæвæрдтой иннæтæ дæр.

Фæстагмæ ныууагъта, тынгдæр кæй дзуапп фехъусынæй тарст, уый — хайады хицауы. Ды та цы цæстæй кæсыс, мæ хæдивæг Сæпсыхъо куы суаид, уымæ, зæгъгæ, йæ куы бафарста, уæд уый иннæты нæ бафæзмыдта, фæлæ йын комкоммæ загъта, цы хъуыды кодта, уый: «Адæмæй худинаг у, анекдоттæ дыл мысынц». — «Цавæр анекдоттæ?» — «Йæ хæрæфырт, дам, хæдивæджы бынаты куы сбада, уæд, дам, йæ дыккаг хæдивæджы сисынмæ хъавы æмæ дзы йæ кæстæр æфсымæры æвæры». — «Уый чи загъта?» — цæхæртæ акалдта хицау. — «Сергей!» Кæй Сергей,

уымæй дæр æй нал бафарста, афтæмæй сæ ныхас ууыл ахицæн.

Кусгæ бон фæуынмæ хъавыд, афтæ хицау, фæстагмæ кæимæ ныхас кодта, уымæ телефонæй æрбадзырдта æмæ йæ бафарста: «Уæдæ, зæгъыс, уыцы анекдот Сергейы дзыхæй рацыд?» — «О», — дзуапп ын радта хайады хицау. «Кæй Сергейы?» Хайады хицауы зæрдæ фæкъæпп кодта, æцæгæй йын чи загъта, уый кусæн уатæй дзуры, зæгъгæ, æмæ йын сæ иумæйаг æндæр зонгæ Сергейы мыггаг загъта. Уыцы Сергей та цалдæр мæйы æмгъуыдмæ Мæскуымæ ацыд æмæ, æнхъæлдта, цалынмæ фæстæмæ здæха, уæдмæ дам-думтæ бамынæг уыдзысты, зæгъгæ...

Мæ зонгæ мын ацы хабæрттæ куы дзырдта, уыцы рæстæг мæм дардæй фæзынди æхсызгон уазджытæ, æмæ нæ ныхас æрдæгыл аскъуыд. Дарддæры хабæрттæ цы баисты, уый нал базыдтон, фæлæ хицау йæ хæрæфырты йæ хæдивæгæй куынæуал сæвæрын кодта, уæд мæ бауырнытда, дам-думтæй дæр иуæй-иутæ кæй фæрæстмæ вæййынц.

Гоголь Николай йæ роман «Мертвые души» рахуыдта поэмæ, Лермонтов Михаил та йæ поэмæ «Демон» — повесть:

Мæ хæлары ныхæстæй иуыл дæр дис
Нæ фæкодтон, афтæ куы загъта:
«Поэмæйæн повесть ысхонæн куыд ис,
Романæн поэмæ ысхонæн ис афтæ».

Дамгъæимæ, зæгъæн ис, æмæ æрæджиау базонгæ дæн. Цæмæн? Цæвиттон, мæ рæстæджы, ома хæсты хæдфæстæ, скъоламæ истой астаздзыдæй. Æз та зымæгæн йæ астæу райгуырдтæн: тъæнджы мæйы дæсæм бон — Ног аз æмæ зæронд Ног азы ’хсæн, æмæ мын фыццаг къласмæ цæугæ ’рцыд, мæ азтæ фарастмæ куы фæхæстæгдæр сты, уæд. Фæлæ мыхуыргонд дамгъæимæ куы базонгæ дæн, уæд мæ дис æмæ цинæн кæрон нал уыд. Дис кодтон, уд кæмæн нæй, ахæм нысанты фæрцы дзурæн куыд ис, ууыл, цин та — дамгъæты фæрцы æз дæр ныхас кæнын кæй базыдтон, ууыл.

Иу къласæй иннæмæ хизгæ куыд цыдтæн, афтæ мæ дис æмæ мæ цин къаддæр нæ, фæлæ кодтой фылдæр, уымæн æмæ дамгъæйы фæрцы æфтыд мæ зонындзинæдтыл, уæрæхдæр кодта мæ дунембарынад.

Мæ мыггаг мыхуыргондæй æппæты фыццаг цавæр чиныджы федтон, уый ма кæй зæрдыл лæууы, фæлæ, цы дзырдтимæ баст уыд, уый мæ никуы ферох уыдзæн: «Издание Гиго Дзасохова...» Куыд хъуыды кæнын, афтæмæй уыцы чиныджы, æвæццæгæн, ныхас цыд Хетæгкаты Къостайы уацмыстыл. Уыдон ме 'рвад Гиго фембырд кодта, разныхас сын ныффыста æмæ сæ йæ писмотæ æмæ йæ чи зыдта, уыдоны мысинæгтимæ 1909 азы Ростовы рауагъта.

Ацы хабæрттæ ракодтон, мæ мыггаг мыхуыргонд дамгъæтæй фыццаг хатт куы федтон, уæд дзы цы æхсызгондзинад райстон, уый равдисыны тыххæй. Уымæй мын къаддæр æхсызгондзинад не 'рхаста, фыццаг хатт мыхуыргондæй мæ мыггаг æмæ мæ ном фæрсæй-фæрстæм куы федтон, уыцы цау дæр. Уый уыдис æртиссæдз азæй фылдæры размæ. Уæд мæ уацхъуыд нæ хъæуы абанайы æвзæр куысты тыххæй мыхуыргонд æрцыд Æрыдоны районы газет «Ленинон»-ы.

Куы зæгъын, уæдæй нырмæ æртиссæдз азы рацыд, фæлæ мыхуыргонд дамгъæ афтæ кадджын у мæ цæсты ныр дæр. Уæвгæ, ноджы кадджындæр фæци, зæгъгæ, куы зæгъон, уæд растдæр уыдзæн, уымæн æмæ мæ фæллойадон фæндаг йæ райдайæнæй абонмæ баст у мыхуыримæ.

Газеттæ «Рæстдзинад» æмæ «Молодой коммунист», радиохъусынад æмæ телеуынынад, журнал «Ногдзау»-ы кусгæйæ, æрвылбон дæр архайын дамгъæимæ.

Дамгъæтæй цы дзырдтæ арæзт цæуы, уыдон æвзæгтæй алкæцыйы дæр хъæуынц, фæлæ дзы мæнæн æппæты зынаргъдæр сты ирон дзырдтæ. Уыдон сты, нæ адæмы бирæ фæлтæртæ бирæ æнусты сæрты абонмæ кæй æрхастой, уыцы æвзаджы бындуртæ æмæ сæ, аргъ кæмæн нæй, ахæм хæзнайау хъахъхъæнын хъæуы. Ирон æвзаг у нæ адæмы иугæнæг, сæ фарн, сæ кад, сæ намыс. Æвзаг куы амæла, уæд ын райгасгæнæн нал ис, фæлæ йыл аудæг куы уа, цæсты гагуыйау æй куы хъахъхъæдæуа, йæ фæхъæздыгдæр кæныныл кусджытæ куы уа, уæд ын мæлæт нæй, æнустæ æмæ сæдæгай æнустæ цæрдзæн. Цæрдзысты, цы адæм ыл дзурынц, канд уыдон нæ, фæлæ се 'гъдæуттæ,

сæ кадджытæ, сæ зарджытæ, сæ таурæгътæ. Цыбыр дзырдæй, цард цард цæй фæрцы у, уыдон иуыылдæр йе 'мдзу кæндзысты æмæ фидæнмæ сæ арфæйаг балцы никуы бафæллайдзысты.

Хæст йæ тæккæ тынгыл куы вæййы, уæддæр фæсчъылдым цард йæ куыст фæкæны. Кæй зæгъын æй хъæуы, ивддзинæдтæ йæм хаст æрцæуы, афтæмæй. Бирæты иумæйаг хъыг æмæ фыд фæхæстæгдæр кæнынц. Суанг, уый размæ кæрæдзимæ зул цæстæй чи фæкæсы, уыдон дæр бафидауынц. Фæлæ, æнгомæй цæрджытæ куы фæзулдзых вæййынц, ахæм хабæрттæ дæр æрцæуы. Афтæ рауад сæ хъуыддаг дыуузæ сыхаг усæн. Цæуылдæр нæ бафидыдтой, æмæ дзы иу иннæмæн йæ дзыхы фыдгой ракодта, нæ, дам, дын бæззы, бирæ кæйдæрты, дам, банымыгътай, хæст куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ. Кæимæ хыл кодта, уый ахæм ныхæстæ куыд хъуамæ аныхъуырдтаид æмæ йæхи раст кæнынмæ фæци:

– Æз нымудзæг куы уаин, уæд далæ Дадиты Дагыдойы уæрмы Къадаты Мырзабег Дагыдойы лæгимæ бадынц æмæ уыдон банымудзин!..

Дыууæ лæджы дæр, дам, дыккаг бон æрцахстой æмæ сæ Сыбыры балæууын кодтой.

Къостайæн йæхи загъдау, «лæгдзарм тæнæг у», фæлæ афтæ тæнæг нæу, æмæ фыдлæг æлдары ныхмæ ма стох кæна. Стох кодта Хетæджы нæртон фырт иу æлдар нæ, фæлæ йын йæ мæгуыр æмæ уарзон адæмы чидæриддæр хъыгдардта, уыдонæн се 'ппæтимæ дæр. Иуæй дæр дзы нæ фæтарст, йæ лæгдзинад, йæ фыссæн сисы рæстдзинад æмæ æнæкæрон ныфс уыдысты йæ хотыхтæ, йæ иузæрдион хæцæнгæрзтæ. Кæд ын «царды хицæуттæ» галиу æмæ хæрам миты фæрцы цыфæнды хъизæмæрттæ 'взарын кодтой, уæддæр йæ ныфс никуы асаст, цы фæндагыл æрлæууыд, уымæй, фæстæмæ здæхгæ нæ, фæлæ иуæрдæм дæр никуы фæзылд, цыдис ыл ныфсджын æмæ æнæфæцудгæйæ. Уыцы фæндагыл цæугæйæ, бирæ хъыцъыдæттæ банызта, йæ размæ лæууыди бирæ цæлхдуртæ, фæлæ йæ ныфс никуы асаст, йæ риуæмбæрц цыди размæ, хъæбатырæй тох

кодта ӕнӕрастдзинадимӕ, фидар ӕнцой уыд ӕфхӕрд адӕмӕн. Къоста нын цы литературон бынтӕ ныууагъта, уыдонӕй йӕ бон сӕрыстыр уӕвын у дунейы кӕцыфӕнды адӕмӕн дӕр. Хетӕджы-фырт нын канд литературон бынтӕ нӕ ныууагъта, фӕлӕ нын ныууагъта бирӕ хӕлӕрттӕ, ӕмӕ кӕд ӕгас нал сты, уӕддӕр, цы адӕмты минӕвӕрттӕ уыдысты, уыдонимӕ хӕлардзинад мӕрдтӕм нӕ ацыд.

Зындгонд куыд у, афтӕмӕй Къостайы хуыздӕр ӕрдхӕрдтӕй иу уыд хъӕрӕсейаг аивад ӕмӕ культурӕйы зындгонд архайӕг Крымшамхалов Ислам. Уыдонӕн ӕмхуызон канд сӕ зӕрдӕйыуаг нӕ уыд, фӕлӕ бирӕ цӕмӕйдӕрты ӕмхуызон уыд сӕ хъысмӕт дӕр. Мӕнӕ сын цы иухуызондзинӕдтӕ ссардта сӕ царды Исламы ӕмзӕххон Хъӕрӕсе-Черкесты культурӕйы сгуыхт кусӕг Алиев К. М.: «...Дыууӕйӕ дӕр нӕ зыдтой мады рӕвдыд, дыууӕйӕ дӕр ахуыр кодтой Стъараполы гимназы, дыууӕйӕ дӕр цардысты Хъӕрӕсейы, дыууӕйӕ дӕр уыдысты сӕ адӕмты фыццаг профессион поэттӕ ӕмӕ нывгӕнджытӕ, дыууӕйӕ дӕр хӕларӕй цардысты цытджын уырыссаг нывгӕнджытӕ ӕмӕ ӕхсӕнадон архайджытимӕ, дыууӕйӕ дӕр ахуыр кодтой Бетъырбухы, дыууӕйӕ дӕр рынчын уыдысты туберкулезӕй, дыууӕйӕ дӕр амардысты кӕйдӕр бӕстӕйы, дыууӕйы дӕр баныгӕдтой дыгай хӕттытӕ».

Мӕ азты сӕрӕй куы ракӕсын, уӕд мӕм дзы бирӕ кӕйдӕрты фӕлгонцтӕ разыны. Уыдонӕн сӕ дзӕвгар хай ацыд йе 'нусон фӕндагыл, Есенины загъдау, «на перекличке дружбы многих нет». Иннӕтӕ сты сӕрӕгас, ӕмӕ ма дзӕвгар азты сӕхи зӕрдӕйы фӕндиаг цард куыд фӕкӕной, ахӕм амонд сын Хуыцау саккаг кӕнӕд. О, ӕмӕ мӕ дӕргъвӕтин царды рӕстӕджы – йӕ азтӕ цыппарыссӕдзмӕ бахӕстӕг уӕвынмӕ кӕмӕн фӕтырнынц, уый цард цыбыр рахонынӕн цӕсгом дӕр хъӕуы – кӕуыл сӕмбӕлдтӕн, уыдоны 'хсӕн Бериты Алыбеджы нымайын сӕ тӕккӕ сыгъдӕгдӕрзӕрдӕ ӕмӕ цӕстуарзондӕртӕй иуыл. Цӕстуарзон ӕмӕ сыгъдӕгзӕрдӕмӕ ма курдиат куы уа, уӕд ноджы кадджындӕр ӕмӕ цӕстыахадгӕдӕр вӕййы. Бериты Алыбеджы уыцы ӕртӕ миниуӕгӕй дӕр дзадджын хай фӕци Дунесфӕлдисӕгӕй. Ӕз мӕхи амондджыныл нымайын, стыр адӕймаг ӕмӕ стыр курдиаты хицау

Бериты Алыбегимæ зонгæ кæй уыдтæн, канд уый тыххæй нæ, фæлæ ма хæларæй кæй цардыстæм, уымæй дæр. Куы зæгъын, Алыбег æцæг адæймаг æмæ æцæг сфæлдыстадон кусæг уыд. Фæлæ йæ хъысмæт ахæм уавæрты баппæрста, æмæ, йæ сæрæн куы ницыуал хос зыдта, уæд йæхимæ йæ къух систа. Зын у, Хуыцау дын цы радта, уымæн дæхи хицау скæнын, фæлæ...

Алыбеджы-иу ахæм уавæрты федтон, æмæ уый фæстæ мæ бон зæгъын нæу, цæмæн афтæ бакодтай, зæгъгæ. Уæззау низимæ цæрыны бæсты йæхицæн тæрхон рахаста. Ахæм ми ма йæхицæн бакодта Есенин Сергей дæр. Йæ хуыздæр æрдхæрдтæй иу – Орешин Петр ыл цы 'мдзæвгæ ныффыста, уым ис ахæм рæнхъытæ:

Есть ужас: бездорожье,
И там – конец коню.
И я тебя, Сережа,
Ни капли не виню.

Алыбеджы арæх æрымысын. Фæстаг хатт ма мын йæ фæлгонц мæ цæстыл ауайын кодта, кæддæр иумæ цы зарæг ныффыссынмæ хъавыдыстæм, уый ныхæстæ мæ зæронд гæххæттытимæ куы разындысты, уæд. Зæгъын хъæуы уый, æмæ, цы зарджытæ ныффыстон, – уыдон та дæс æмæ ссæдзы бæрц сты, – уыдонæн сæрæвæрæн уыди «Майы зарæг» (1967 аз). Музыкæ йын ныффыста Берийы-фырт. Уæдæй фæстæмæ райдыдта не сфæлдыстадон хæлардзинад. Бантыст нын къорд зарæджы ныффыссын. Хъавыдыстæм ма ноджыдæр ныффыссынмæ. Алыбег мæм æрхатыд, Фыдыбæстæйы Стыр хæсты чи фесгуыхт, уыдоны тыххæй, дам, мæм мелоди ис æмæ йын ныхæстæ куы ныффыссис, уый мæ фæнды.

Раст зæгъын хъæуы, цæттæ музыкæйæн ныхæстæ фыссын зындæр вæййы, уымæн æмæ поэт мелодийы дæлбар вæййы, фæлæ уæддæр бафæлвæрдтон, мæ райгуырæн хъæу Бæрæгъуынæй Фыдыбæсты сæраппонд йæ цард нывондæн чи 'рхаста, уыдон ном ссарын. Райдыдта ахæм рæнхъытæй:

Дымгæйы фыдниуын æрбайхъуыст Æрджынарæгæй,
Нызмæлыди бæстæ.
Бæрæгъуыны фæсивæд амæй ай æвзыгъддæр барæгæй
Ысрæвдз ысты хæстмæ.

Цыбыр дзырдæй, текст кæронмæ фыст куы фæдæн, уый дыккаг бон, стыр хъыгагæн, Алыбег йæ цардæй ахицæн æмæ мелоди æмæ ныхæстæ иугæнæг нал фæци...

Адæймаджы цард куыд цыбыр у, ууыл æппæты арæхдæр ахъуыды кæнæм, карæй нæм хæстæгдæр чи вæййы, уый не 'хсæнæй куы фæхъæуы, уæд. Уæлдай тынгдæр нæм уæд бахъары, нæ рад кæд ралæудзæн, уыцы рæстæг дæр афтæ дард кæй нал у. Уæд ахъуыды кæнæм, кæнинаг ма нын цы хъуыддæгтæ баззад, уыдонæн æмгъуыдтæ кæнын кæй нал хъæуы, фæлæ сæ сæ æххæст кæнынмæ бавналын афон кæй у. Æрмæст, ахæм хъуыдыты ахæсты куы вæййæм, уыцы рæстæг бирæ нæ ахæссы æмæ та нæ раздæры уавæрæн быхсын байдайæм, ома цы кæнынмæ фæхъавæм, ууыл зивæг фæуæлахиз вæййы.

Къорд азы размæ мæм «Рæстдзинад»-ы кусæг Æлборты Хетæг æрхатыд, цалдæр фарстæн мын дзуæппытæ куы раттис, уæд сæ газеткæсджыты размæ рахæссиккам, зæгъгæ. Радта мæм йæ фæрстытæ, бакастæн сæ. Зæрдæ йын бавæрдтон, рæстæг мын куы фæуа, уæд ын йæ курдиат сæххæст кæнынæй.

Рæстæг цыди, фæлæ мæ, иуæй, æвдæлгæ нæ кодта, стæй зивæг дæр æнцад нæ бадт, æмæ фæрстытæн дзуапп дæттын бонæй-бонмæ æргъæвгæ цыдтæн. Мæн æрбадын æмæ фыссынмæ не 'вдæлд, Хетæджы ма, стыр хъыгагæн, мæлынмæ дæр равдæлд. Рынчын дæр бирæ нæ фæци, афтæмæй йе 'нусон фæндагыл ацæуыныл батагъд кодта.

Цалдæр ныхасы зæгъын мæ фæнды Æлборы-фырты тыххæй. Хорз адæймаг кæд искæмæй зæгъын æмбæлы, уæд æнæдызæрдыгæй уыдоны номхыгъдмæ хауди Хетæг дæр. Цыфæнды джигул æм куы фæкодтаис, уæддæр æм аипп не ссардтаис. Афтæ мæм кæсы, ацы ныхæстæ йын искуы йæхи цур куы загътаин, уæд цыма мемæ не сразы уыдаид. Загътаид: «Ау, къуылых кæй цæуын, уый дæр мæ хорздзинæдтæм хауы?» Афтæ куы загътаид, уæд ын зæрдæтæ æвæрынмæ фæуыдаин: «Сæрæй къуылых чи у, уыдон куы нæ тыхсынц, уæд къахæй къуылых кæй дæ, уый дæ зæрдæмæ афтæ тынг цæмæн хæссыс?»

Цыргъзонд уыди Хетæг. Уарзта хъазæн ныхас, стæй йæ хъазæн ныхæстæ канд худæг нæ уыдысты, фæлæ –

хъуыдыджын, цы ран фидыдтой, уым-иу сæ бынаты абадтысты. Куы 'ррынчын, уæддæр йæ хъæлдзæг ныхæстыл йæ къух нæ systa. Уымæй размæ «Рæстдзинад»-ы кусджытæй иуæн йæ мад амард. Цалдæр боны фæстæ лæппу Хетæгмæ рынчынфæрсæг куы бацыд, уæд ын афтæ: «Фалæмæ сфæнд кодтон æмæ, кæд дæ мадмæ исты фæдзæхсыс, уæд мын æй зæгъ, æз æм æй фæхæццæ кæндзынæн»...

Афтæ зæгъдзæн ныфсджын адæймаг. Мæлæтмæ кæсгæйæ дæр ма хъазæн ныхæстæ кæнын кæй бон у, уый æндæрхуызон номæй схонын мæ бон нæу. Зындгонд уырыссаг поэт, Михаил С-вы (йæ мыггаг дæр ын ныффыссин, фæлæ куы фæрæдион, уымæй тæрсын, уымæн æмæ йæ ныхæстæ мæ цуры нæ загъта) æрымысыдтæн. Ракæй рынчын уыди, æмæ йæм йе 'мбæлттæ куы бацыдысты, уæд, дам, сын худгæйæ афтæ зæгъы: «Рак есть, пива – нет».

Куы зæгъын, цыргъныхасгæнаг уыди Хетæг. Искуы-иу хатт-иу æм телефонæй куы сдзырдтон æмæ-иу æй куы бафарстон, Хетæг дæ, зæгъгæ, уæд мын-иу афтæ фæкодта: «О, о, йæ хорзæх дæ уæд!»

Раджы базонгæ стæм Хетæгимæ. Бæлвырд кæд уыди, уый нал хъуыды кæнын, фæлæ йыл æппынкъаддæр цæудзæн æнусы æмбисмæ 'ввахс. Уæд ма Горæтгæрон районы газеты куыста. Йæ редактор уыди, раздæр «Рæстдзинад»-ы кæимæ куыстам, Букуылты уыцы Майрæм. Йæхицæй æнæхиндæр, уæздандæр æмæ растдæр адæймаг зын ссарæн уыд, фæлæ уый дæр, хъыгагæн, æгæр раджы ацыд æцæг дунемæ. Гъе æмæ иуахæмы Горæтгæрон районы газеты редакцимæ хъуыддаджы фæдыл бафтыдтæн. Бацин мыл кодтой иууылдæр, уæлдайдæр та, хуыздæр кæй зыдтон æмæ иумæ цæхх æмæ кæрдзын кæимæ хордтон, цалдæр азы кæимæ фæкуыстон, уыцы Майрæм. Мæ хъуыддæгтæ кондыл куы банымадтон, уæд нæхимæ рацæуынмæ хъавыдтæн, фæлæ фысымтæ ныллæууыдысты, искуы æрдзы хъæбысы абадæм, аныхæстæ кæнæм, ноджы сихорафон у, æмæ фæйнæ сыкъайæ Хуыцауы ном дæр ссарæм, зæгъгæ. Хетæгимæ дæр уыцы бон фынджы уæлхъус базонгæ дæн. Уый фæстæ мын-иу афтæ дзураг уыди, дæу йеддæмæ, дам, мæ никуы ничи фæрасыг кодта. Уый йæхиуыл

мысгæ кодта. Æндæр цæй расыг уыди. Уыцы рæстæг нæ бæстæмæ ластой польшæйаг бæгæны. Йæ ном ын нал хъуыды кæнын, фæлæ йæ авджы фарсыл уыди чызг æмæ лæппуйы ныв. Кафгæйæ. Æмæ йын уыцы бæгæныйæ цалдæр агуывзæйы баназын кодтон, уымæн æмæ карздæр нозтмæ не 'внæлдта.

Ууыл цас рæстæг рацыд, Хуыцау йæ зонæг, фæлæ Хетæг кусын райдыдта «Рæстдзинад»-ы. Мæнмæ гæсгæ – секретариаты æмæ уырдыгæй йæ амæлæты бонмæ никуыдæмуал ацыд. Бирæ кусын иу бынаты хорз у, ноджы хуыздæр та у, иу бынаты бирæ хорз куы фæкусай, уæд. Кæд иу бынаты бирæ азты исчи хорз фæкуыста, уæд уыдонæй уыди Æлборты Хетæг дæр. Газет фидауцджынæй æвдисынмæ тынг кæй арæхст, уый рабæрæг уайтæккæ дæр. Районы газеты фæлтæрддзинадыл æнцой кæнгæйæ, агуырдта ног мадзæлттæ, фæрæзтæ æмæ гæнæнтæ «Рæстдзинад» аивдæр фæкæнынæн. Æмæ йын æнтысгæ дæр кодта. Æрмæджытæй чи кæм хуыздæр сбаддзæн, уый йын амонын нæ хъуыд. Йæхæдæг хъуыды кодта, газеты мидисыл хорзырдæм чи зынд, ахæм иумæйаг сæргæндтæ. Хъыгагæн, Æлборыфырты хъæппæристæ дарддæр хæццæгæнæг нæ фæци. Дарддæр нæ, фæлæ ма сæ рох дæр фæкодтой. Хетæджы ацыды фæстæ газет цæмæйдæрты фæмæгуырдæр. Уый дæр адæймаг хъыгаг хъуыддагыл куыннæ хъуамæ банымайа! Фæлæ æппæты хъыгагдæр та у, диссаджы хъæздыг уды хицау, цыргъзонд, хъазæн ныхæсты æвидигæ суадон, хæларзæрдæ æмæ цæстуарзон æмгар Æлборты Хетæг йæ ацыдæй нæ рæнхъытæ кæй фæмæгуырдæр кодта, уый.

Мæ ныхас, Хетæг мæм цы курдиатимæ æрбаулæфыд, уымæй райдыдтон. Загътон, йæ фæрстытæн ын дзуапп раттынæй зæрдæ кæй бавæрдтон, уый дæр. Æгæр æрæгмæ хъусæй куы лæууыдтæн, уæд та мæм иуахæмы æрдзырдта æмæ мын афтæ: «Кæд дæ мæнимæ интервью кæнын нæ фæнды, уæддæр фæрстытæн дзуапп ратт, æмæ цыма æндæр искæимæ ныхас кодтай, афтæ йæ скæндзыстæм».

Хъыг мын уыд уыцы ныхæстæ фехъусын, фæлæ мын сæ кæй загъта, уым мæхи æнæазым нæ хуыдтон æмæ йын загътон, æцæг цы уыд, уый: «Хетæг, афтæ ахъуыды кæнынæн æппындæр бындур нæй, æрæгмæ кæй кæнын, уый тыххæй та – хатыр».

Афтæмæй-афтæмæй мæ хæлары удæгасæй, зæрдæ йын цæмæй бавæрдтон, уый сæххæст кæнын мæ къухы нал бафтыд, фæлæ, Къостайы загъдау, «хъæр мæрдтæм дæр хъуысы». Хъæр сæм кæм хъуысы, уым сæм, æвæццæгæн, фæсмонгонды ныхæстæ дæр фехъуысдзысты, хъæрæй сæ куы зæгъа, уæд. Ам ма мæ зæрдыл иу æмбисонд æрлæуууыд: саг, дам, æмгъуыд-æмгъуыд æнæкъæдзилæй баззад. Нæ мæ фæнды, Хетæг, саджы уавæры бахауын, æмæ дын мæнг дунейæ æцæг дунемæ бацархайдзынæн дæ фæрстытæн дзуæппытæ раттыныл. Дæ фыццаг фарст уыди ахæм:

– Куыд дæм кæсы ирон æвзаджы абоны уавæр? Æгæр æй скъолайы бар нæ бакодтам? Æвзаг хъуамæ цæугæдонау бинонты 'хсæн, æхсæнады абуха. Уым куы сты йæ гуырæнтæ.

– Ирон æвзаджы абоны уавæрыл куы дзурæм, уæд иу дæс æмæ ссæдз-дыууиссæдз азы размæ цы уавæры уыди, уымæй фыддæр йеддæмæ хуыздæр нæ фæци. Уый аххосæгтæй иу у, скъолаты ирон æвзаг фæсарæйнаг æвзаджы хуызæн кæй сси, уый. Мæхицæй æрхæсдзынæн ахæм дæнцæг: скъолайы ахуыр кодтон немыцаг æвзаг, институты та – англисаг, фæлæ дзы иу дæр нæ базыдтон. Уæвгæ, уымæй бынтон раст нæ дæн, уымæн æмæ немыцагау, «аллес ист гут» цы амоны, уый мæ зæрдыл бадардтон, англисагау та – «еври дей»...

Цы загътон æмæ цы зæгъдзынæн, уыдон æз бирæ хæттыты загътон, стæй, æз куыд хъуыды кæнын, афтæ ме 'мбæлттæй бирæтæ хъуыды кæны, фæлæ, цы дзырдтон, уыдон фæлхат кæнынæй нæ тæрсын, уымæн æмæ, рæстдзинад мин хатты куы зæгъай, уæддæр рæстдзинадæй баззайдзæн. Рæстдзинад та у, нæ мадæлон æвзагмæ фыдыусы цæстæй кæй кæсæм. Уыцы цæстæнгасыл хъоды куы нæ бакæнæм, уæд ныл æвзаг йæхæдæг бахъоды кæндзæн æмæ адæмты 'хсæн уый дæр æмæ нæхæдæг дæр æнæ мæн у зæгъæгæй баззайдзыстæм. Уый та Хуыцауы æваст хъуыддаг уаид. Хуыцауы æваст хъуыддæгтæ чи кæны, уыдон та хъысмæты азар басудзы.

Æз æмæ мæ фæлтæры минæвæрттæ æвдæм къласы онг (æвдæм кълас дæр нымайгæйæ) æппæт предметтæ дæр, уырыссаг æвзаг æмæ литературæ æмæ фæсарæйнаг æвзагæй фæстæмæ, ахуыр кодтам ирон æвзагыл. Æвдæм къласæй

фæстæмæ æз урокты иу ныхас дæр иронау нал фехъуыстон, уымæн æмæ нæ хъæуы авдазон скъола йеддæмæ нæ уыд, æмæ мæ ахуыр ахæццæ кодтон Николаевскы станицæйы уырыссаг астæуккаг скъолайы. Уый та ууыл дзурæг у, æмæ, нæ хæдзары ирон ныхас кæй хъуыстон, стæй скъолайы æппæт предметтæ дæр ирон æвзагыл кæй ахуыр кодтам, уыцы дыууæ хъуыддаджы фæрцы мæ мадæлон æвзагыл дзурæгæй баззадтæн. Цыфæнды куы кæнай, уæддæр уыцы дыууæ хъуыддагæй бирæ фылдæр ахадындзинад ис дыккагæн, уымæн æмæ сæйрагдæр сты бинонтæ. Дзурын куы базыдтай, уæдæй фæстæмæ дæ бинонтимæ иронау, растдæр зæгъгæйæ та — дæ бинонтæ демæ иронау куы нæ дзурой, уæд дæ цыфæнды скъола дæр нал сирон кæндзæн.

Хетæг, дæ фарстæн, дæхæдæг, мæнмæ гæсгæ, цыбыр дзуапп радтай. Сæйрагдæр сты бинонтæ, уымæн æмæ, куыд зонæм, афтæмæй Ирыстоны скъолатæ куы фæзынди, уæдæй нырмæ дыууæ æнусы дæр нæма цæуы, ирон æвзаг куы фæзынди, ууыл та, æвæццæгæн, цæуы дæсгай æмæ сæдæгай æнустæй бирæ фылдæр. Уæдæ афтæ: ирон æвзаг куы фесæфа, уæд æй скъолайы аххос дæр ма кæнæм, хицауады дæр дзы мачи азымджын кæнæд, уымæн æмæ йæ бынгæнджытæ нæхæдæг уыдзыстæм, йæ сывæллæттæм иронау чи нæ дзуры, алы ахæм мад æмæ фыд дæр.

— Ирон адæм се 'взаджы раз сæ хæстæ скъолайыл сæвæрдтой, фæлæ уым дæр нæ фаг кæнынц зæрдæзæгъгæ ахуыргæнджытæ, уроктæ, ахуыргæнæн чингуытæ. Иуæйиу ахуыргæнæн чингуытæн цауд у сæ хæрзхъæддзинад. Зæгъ-ма дæ хъуыдытæ уый тыххæй.

— Скъолайы тыххæй мæ хъуыдытæ загътон. Скъолайы хæс сабиты æвзагыл дзурын ахуыр кæнын нæу. Ныхас цæуы ирон æвзагыл. Мæ хъуыдымæ гæсгæ, скъолайы хæс у, æвзаг чи зоны, уыдонæн зонындзинæдтæ раттын ирон æвзагæй дæр æмæ ирон литературæйæ дæр. Бинонты хæс та у, ахуыргæнджытæн, иронау дзурын чи зоны, ахæм сывæллæттæ скъоламæ бацæттæ кæнын.

Зæрдæзæгъгæ ахуыргæнджыты кой куы кæнæм, уæд ахæм ахуыргæнджытæ хъуаг кæцыфæнды рæстæг дæр уыди. Уый æрмæст ахуыргæнджытæм нæ хауы. Царды алы къабазы дæр, йæ куыст хорз чи зоны, уыдон кæд фылдæр вæййынц, уæддæр се 'ппæт нæ. Ис ахæм зондамонджытæ,

цардимæ æмдзу чи кæны, æрвылбон сабиты куыд ахуыр кæны, афтæ йæхæдæг дæр чи ахуыр кæны, ногæй цы фæзыны, уымæй йæхи чи схотыхджын кæны. Фæлæ ис ахæмтæ дæр, æмæ йе скъоладзаутимæ фембæлдмæ æрбахонынмæ, цалдæр азы размæ чи амард, уымæ чи фæцæйцыд. Йæ зонгæ йыл куы амбæлд æмæ, кæдæм цæуы, уый куы базыдта, уæд ыл йæхи сцагъта, макæмæнуал æй зæгъ, фæхудинаг уыдзынæ, уый, дам, цалдæр азы размæ амард.

Гъе, ахæм ахуыргæнджытæн сæ уроктæ раппæлинаг уой, уый зын бауырнæн у. Фæлæ ис ахæм ахуыргæнджытæ, æмæ сын адæймаг бахæлæг кæны сæ зонындзинæдтæм дæр, сæ арæхстдзинæдтæм дæр. Нымайгæ дæр сæ ракæнин, фæлæ бирæ бынат бацахсдзысты. Искæйы дзы фæхъулон кæнон, уый та мæ нæ фæнды.

Мæ зæрды ма зæгъын ис ирон фысджыты чингуыты тыххæй. Кæсæг сæ нал ис. Хуымæтæг адæмы кой нал кæнын. Ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæй дæр бирæтæ æцæгæлон цæстæй кæсын райдыдтой, иронау цы чингуытæ фæзыны, уыдонмæ. Йæ тираж фондзфондзыссæдз экземплярæй къаддæр йеддæмæ фылдæр кæмæн нæу, уыдон дæсгай азты, «чингуыты тæрхæгыл» зæгъынмæ хъавыдтæн, фæлæ тæрхæджытыл лæууыны бæсты лæууынц уынджы къæйыл.

О, æмæ нæ чингуыты тиражты кой скодтон. Фондзфондзыссæдз экземплярæй цы чингуытæ ныммыхуыр кæнынц, уыдон æрмæст ирон æвзаг æмæ литературæйы ахуыргæнджытæн се 'мбис куы 'лхæнид, уæддæр-иу уæйгонд фæуаиккой, уымæн æмæ зондамонджыты нымæц чингуыты тиражæй дыууæ хатты фылдæр у.

Цæвиттон кæд ма йæ хъуыды кæныс, Сабырдзинады проспекты паддзахадон рауагъдадæн уыди дукани. Йæ ном хуынди «Ирон чиныг» (æппæлыны тыххæй йæ нæ зæгъын, фæлæ йын ном дæр мæ фæндонмæ гæсгæ радтой), фæлæ йæ чидæр йæхицæн бакъаддæртæ кодта æмæ ирон чиныг уæзæджы къæйыл баззад. Уыцы хъуыддаг бирæты зæрдæмæ нæ фæцыд, бирæ фæдзырдтой, бирæ фæфыстой – дон хиды бынты. Ныхæстæ дымгæ ахаста, фыстытæ гæххæттыл баззадысты, ирон чиныг та – арвы бын миты рагъыл.

Ахуыргæнæн чингуыты тыххæй. Уыдон дæр зондамонджыты хуызæн сты: иутæ – хорз, иннæтæ – хуыздæрхъуаг.

Бирæ цыд уыдоны тыххæй ныхас. Ахæм автортæ ис, æмæ йын цы зæгъой, уый ныхмæ ныхас дæр не скæндзæн. Ирон æвзаджы чиныг ныффысдзæн, мыхуыры рацæуынæввонг æй бацæттæ кæндзæн, афтæмæй дзы ирон æвзаджы кой нæ уыдзæн, уымæн æмæ йæм «иронæй» «аллон» хуыздæр кæсы. Ахæм къухфыст мæнмæ дæр радтой, æркæс æмæ, дам, дæ хъуыды зæгъ. Æркастæн æмæ мæ хъуыды фидарæй загътон: ахæм митæ кæныны бар никæмæн ис. Уый у нæ Конституцийы ныхмæ. Загътон æндæр фиппаинæгтæ дæр. Хуыцауæн табу, аллоны ныхмæ кæй загътон, уымæ хъусджытæ фæци, фæлæ ме 'ннæ фиппаинæгты иуфæрсты ахызтысты, æмæ чингуытæ рæдыдтимæ рацыдысты. Æргом дзургæйæ, чингуыты автортæ профессортæ æмæ наукæты доктортæ сты, фæлæ дзы иуæй-иутæ чиныг аразынмæ хæстæг уадзгæ не сты, кæнæ та сын хъæуы, сæхицæй бирæ фылдæр чи зоны, ахæм редактортæ.

— Цæмæй не 'взаг æхсæнады, скъолайы йæ гаччы сбада, уымæн цы бакæнын хъæуы нæ республикæйы разамынды, нæ ахуыргæндты, нæ фысджыты? — Ахæм уыди де 'ртыккаг фарст, Хетæг.

Афтæ мæм кæсы, цыма йын уæлдæр иуцасдæр дзуапп радтон.

Æмæ æппынфæстаг дæ фæстаг фарст:

— Ирон адæм цæмæй сæхи æрæмбарой, сæ фыдæлтæй сæм æнусты сæрты цы зæлланггæнаг æмæ фæрæзджын æвзаг, æгъдæуттæ æмæ фæтк æрхæццæ, уыдон цæмæй ног фæлтæртæм адæттын базоной, уый тыххæй сæ цы бакæнын хъæуы?

— Дæ фæрстытæй иуæн дæр æнцон дзуапп дæттæн нæ уыди. Ацы фарст цыма се 'ппæтæй зындæр у, афтæ мæм кæсы. Цæмæй адæм кæрæдзийы æмбарой, уый тыххæй хъуамæ иу æвзагыл дзурой, стæй, иу цы дзуры, уый хъуамæ иннæмæ хъуыса. Ис ахæм адæймæгтæ, æмæ дæм кæсы, фæлæ дæ нæ уыны, хъусы дæм, фæлæ йæм дæ ныхас нæ хæццæ кæны, кæнæ та архайы, цæмæй йæм ма фæхæццæ уа, ууыл. Уартæ кæддæр Вавилоны мæсыгамайджыты Хуыцау куы ралгъыста, уæд сæм æртхъирæнтæ нæ кодта, фæлæ сæ фæйнæ 'взагыл сдзурын кодта, кæрæдзийы нал æмбæрстой, æмæ сæ мæсыг æрдæгамадæй баззад. Цæмæй адæм кæрæдзийы бамбарой, уый тыххæй абоныл хъуыды кæнын фаг нæу, сæйрагдæр у, райсом, иннæбон æмæ уыйиннæбон цы уыдзæн, ууыл хъуыды кæнын. Уымæй ноджы

сæйрагдæр та – уыдон кæрæдзиуыл бæттын. Фидæн кæмæн нæй, уый рæстæгмæ цæрæг у. Мах иууылдæр рæстæгмæ цæрджытæ стæм, фæлæ рæстæгмæ цæрæг адæмтæ дæр уыдис, ис, стæй, æвæццæгæн, уыдзæн. Цæмæй уыдоны нымæцмæ ма бахауæм, ууыл абон куы нæ ахъуыды кæнæм, ноджы растдæр та уыдзæн афтæ зæгъын: куы нæ ныхъхъуыды кæнæм, уæд иннæбон нæ, фæлæ райсом дæр байрæджы уыдзæн, уымæн æмæ истори йæ рæстæг æнустæй нымайы. Уыдон та афтæ тагъд азгъордзысты, æмæ сæм фидæнæй куы ракастæуа, уæд абонмæ куыд бирæ кæсынц, фидæнмæ афтæ нал фæкæсдзысты.

Адæмы хъахъхъæнджытæ адæм сæхæдæг сты. Фæлдисгæ сæ Хуыцау скодта, хъахъхъæнгæ та сæхæдæг хъуамæ кæной сæхи.

Цымæ мах нæхи хъахъхъæнæм? Нæхицæй?

Нæ мæ уырны. Йæхи чи фæхъахъхъæны, уыдон се 'взагыл мах хуызæн суæлæхох вæййынц? Махæн Хуыцау цы 'гъдæуттæ радта, уыдонæн æрхауынæй тæрсæм? Нæхи куыд фæнды, афтæ сæ æндæрхуызæттæ нæ кæнæм? Фыдæлтæй нæм цы нарты кадджытæ æрхæццæ, уыдонæй нæхи хъæздыг хонæм? Ацы хъуыды ма кæддæр загътон: цæуыннæ саразæм нарты кадджыты бындурыл ахуыргæнæн чиныг æмæ йæ цæуыннæ базонын кæнæм скъолаты æппæт ахуыргæнинæгтæн дæр?

Мах сæрыстыр уæвын хъæуы, Хуыцау нын ахæм диссаджы æвзаг кæй радта, уымæй. Дунесфæлдисæгæй хъуамæ арфæгонд уаиккам, ахæм æгъдæуттæ нын нæ бæрны кæй бакодта, уымæй дæр. Къоста хуымæтæджы нæ фыста: «Мах хуызæн мардмæ нæ цæуынц æндæр рæтты». Мардæн кад кæнын дæр æгъдау у. Æгас адæймаджы тыххæй нæм цы 'гъдæуттæ ис, уыдон дæр иннæ адæмты æгъдæуттæй уæлдæр йеддæмæ дæлдæр никæцы адæмты æгъдæуттæй лæууынц, фæлæ сæм цы цæстæй кæсæм? Хуыздæр сæ кæнæм æви сæм, цы ивддзинæдтæ хæссæм, уыдон сын сæ кад дæлæмæ тæрынц? Хъуамæ уыцы фæрстытæ йæхимæ дæттa алчидæр æмæ сын архайа, рæстæг куыд домы, ахæм дзуæппытæ дæттыныл.

Æз бирæ кæмдæрты дзырдтон, не 'гъдæуттæм джигул кæнын ныууадзын хъæуы, зæгъгæ. Уыцы аипп ис, Хетæг, ды æмæ æз кæм куыстам, уыцы газетмæ дæр. «Дæр» нæ, фæлæ «Рæстдзинад»-ы арæх цæуы ныхас не 'гъдæуттыл.

Чи сæм цы аипп хæссы, чи – цы. Цыма мах йеддæмæ æгъдæуттæ никæмæ ис, стæй дзы, фау æрхæссæн кæмæ ис, ахæм фæзилæнтæ ничи ссарид. Кæй зæгъын æй хъæуы, æгъдæуттæ алы адæммæ дæр ис, кæцыдæртæм дзы ис аиппытæ æрхæссæн дæр, фæлæ сæ цымæ мах йеддæмæ исчи афтæ сдзырддаг кодта? Мæнмæ гæсгæ, уыцы хъуыддагыл къух сисын хъæуы. Алцыдæр рæстæджы бар бакæнын хъæуы. Цы бæззы, уый йæ хæстæ æххæст кæндзæн, цы нал бæззы, уый йæхи иуфарс айсдзæни æмæ ферох уыдзæн, ирæд, уайсадын, туг исын, ускурыны рæстæг дыууæрдæм лæвæрттæ кæнын æмæ бирæ æндæр æгъдæуттæ куыд нал кæнæм æмæ куыд ферох сты, афтæ.

Гъе ахæм дзуæппытæ раттинаг дын уыдтæн, Хетæг. Кæй байрæджы кодтон, уый тыххæй та ма дæ иу хатт хатыр курын. Æгас ма куы уаис, уæд мын, чи зоны, бузныг загътаис, æз та дын зæгъын: «Рухсаг! Цы бæсты дæ, уыцы бæсты хорзæх дæ уæд!» Дзæнæты кæй уыдзынæ, ууыл та мæ зæрдæ дарын, уымæн æмæ дзы дæу хуызæттæ куы нæ уа, уæд афтид уыдзæн.

Кæронбæттæны ма мæ зæрды ис фыдæлты ныхæстæй иу æрымысын: «Цалынмæ мардæн «рухсаг» зæгъæг уа, уæдмæ мæрдтыл нымад нæу». Афтæ мæм кæсы, цыма мæрдтыл нымад бирæ рæстæджы нæ уыдзынæ, уымæн æмæ дæ, чи зыдта, кæимæ цардтæ æмæ куыстай, уыдон никуы ферох кæндзысты, мысдзысты дæ, дæ ном дын ардзысты.

Æвæдза, ахъуыды кæнгæйæ, Советон хицаудзинады къухы хæрзцыбыр рæстæгмæ дæр цы æнтыстдзинæдтæ бафтыд, уыдоныл дис нæ кæнæм, афтæмæй дис кæныны аккаг сты. Ног цардарæзтыл фондз азы дæр æххæст нæма рацыд, афтæмæй, хæхбæсты цъассыты æнусты дæргъы хъизæмар чи кодта, уыдонæн фадат фæци зæххæфсæст уæрæх быдырты æрцæрынæн. Ивгъуыд æнусы дыууын дыккæгæм азы цы цалдæр ног хъæуы фæзынд, уыдонимæ уыди мæ хъæу Бæрæгъуын дæр. Уæлладжыры комæй йæм ралыгъдысты фынддæс хъæуæй. Ног хæдзар аразæгæй, дам, калм йæ хуынкъмæ лидзы, бæндæны ’фсон мæ куы фелваса, зæгъгæ. Урсдоны рахиз фарс та, Бæрæгъуын кæм æрбынат кодта, уым калм æмæ къогъойæ фылдæр ницы уыд æмæ сæ лидзын бахъуыд Бехъан æмæ Къобосты хъæдмæ.

Адæм бавнæлдтой цæрæнбынæттæ аразынмæ. Сæ хуыздæр, асламдæр æмæ æнцондæр аразæн æрмæг уыди самандур, фæлæ агуыридурæй чи архайдта, ахæмтæ дæр уыди. Ахæм дурæй хæдзæрттæ чи самадта, уыдоны ранымайынæн иу къухы æнгуылдзтæ æгæр дæр ма уыдысты: Цомайты Гадæцци, Хуыдæлты Цæппо æмæ Дзасохты Сосыгко – мæ фыд. Уыдон, æвæццæгæн, кулактæ куынæуал кодтой, уæд сарæзтой хæдзæрттæ, фæлæ Хъуппеты Темырцыйы рæстæджы азар басыгъта: йæ самандур хæдзары уынджырдыгæй фарсы æддаг цъар агуыридурæй бамбæрзта æмæ йæ кулакты номхыгъдмæ бахастой. Куыройыдоныл нартхорыссæн гыццыл куырой дæр ма сарæзта æмæ уыцы дыууæ «фыдраконддзинады» тыххæй æфхæрд баййæфта.

Афтæ кодтой ног цардаразджыты знæгтæ. Хъуамæ хицаудзинад мæгуыр фæллойгæнджытæн цы хорздзинæдты бацыд, уый йын фенад кодтаиккой, æндæр, фондз азы йеддæмæ кæуыл нæма цыд, уыцы хъæуы «тугцъиртæ» кæд зæххы бынæй февзæрдаиккой, æндæр хъуамæ кæцæй æрцыдаиккой?!

Тютчев Федоры ныхæстæ мæ зæрдыл арæх æрлæууынц:

Поэт, я знаю, суеверен,
Но редко служит он властям.

Хицауады дзыхмæ чи кæсы, уымæн йæхи дзыхæй цы схауа, уымæ ничи кæсдзæн, стæй, цы ныффысса, уый адæмы зæрдæйы уазал бынат дæр не ссардзæн.

Уазæгуарзон æмæ, уазджытæ чи нæ уарзы, уыдон дыууæйæ дæр æфсæнттæгæнаг сты. Фыццаг æфсон ссары, цæмæй сæхимæ искæй бахона, уымæн, дыккаг та – цæмæй ма бахона, уымæн.

Сомихаг радиойы фæрсынц: «Раздæр карк уыди æви айк?» – «Раздæр алцыдæр уыди», – дзуапп радта радио. Ацы æмбисонды «раздæр»-ы кой ис æмæ йæ уый

тыххæй æрымысыдтæн. Æз дæр, цы зæгъинаг дæн, уый раздæримæ абарынмæ хъавын…

Алы паддзахадæн дæр ис йæхи нысантæ, уырыссагау (ацы ныхас уырыссаг нæу, фæлæ уæддæр афтæ зæгъæм) символтæ кæй хонынц, уыдон. Ахæмтæ сты тырыса, герб æмæ гимн. Тырыса æмæ герб æнцондæр бахъуыдыгæнæн сты, уымæн æмæ сæ, зæгъæн ис, æмæ алы бон дæр уынæм. Æндæрхуызон уавæры ис гимн. Уый арæзт у дыууæ хайæ: музыкæ æмæ ныхæстæй. Нæ паддзахады гимнæн йæ мелоди дæсгай азты дæргъы баззад æнæивдæй, фæлæ йæ ныхæстæ фендæрхуызон сты цалдæр хатты. Ивддзинæдтæиу сæм хаст куы 'рцыд, уæд-иу сæ ныммыхуыр кодтой газетты, журналты, чингуыты, уыимæ ахуыргæнæн чингуыты дæр. Скъоладзаутæ йæ ахуыр кодтой, зыдтой йæ æнæ чиныгмæ кæсгæйæ, дзурын дæр, кæм-иу бахъуыд, уым та – зарын дæр.

Уый – раздæр. Ныр, ногæй гимн фидаргонд куы 'рцыд, уæд æй ахуыргæнæн чингуытæм нал бахастой æмæ, фæстаг дæсгай азты цы фæлтæртæ рахъомыл, уыдонæй, зæгъæн ис, æмæ, цы бæстæйы цæрынц, уымæн йæ сæйраг-дæр зарæджы ныхæстæ ничи зоны. Раст мæм нæ кæсы уыцы хъуыддаг. Цымæ ахуырады кусджытæ та куыд хъуыды кæнынц? Стæй æрмæст ахуырады кусджытæ цæмæн? Паддзахады сæргълæуджытæ дæр?

Лиивадæн дзы æмбал нæй. Хуымæтæджы нæ загъдæуыд: ныхас джебогъæй тынгдæр рæхойы, зонд хъаруйæ тыхджындæр у. Топпы цæфæн байгас уæвæн ис, ныхасы цæф хъæдгомæй баззайы. Зондджын хицау зондмæ кард никуы сласдзæн, фæлæ йæ йæхимæ 'рбахæстæг кæндзæн, гæрах æмæ рæхойгæ чи нæ кæны, туг нæ рауадзгæйæ туг чи бауромы, уымæ æххуысмæ фæдзуры, хуыздæр уынаффæ рахæссыны тыххæй йæ уынаффæйæ бафæрсы. Æрратæ, уæлдай арæхдæр та йæм бæттинаг æрратæ æхсаргард сласынц æмæ ахæм рæдыд æруадзынц, срастгæнæн кæмæн нал вæййы.

Чарли Чаплин киноныв «Великий диктатор»-ы Гитлеры ролы куы ахъазыд, уæд Гитлеры æррадзинадыл дæс ахæмы бафтыд æмæ, æдзухдæр хъилæй цы къухтæ дардта, уыдон сæхи уæхсчытæй атонынæввонг уыдысты, афтæмæй

фæхъæр кодта: «Æз Чарли Чаплины сауындздзынæн дунейы тæккæ бæрзонддæр бæласыл!»

Ахæм тых ис æцæг аивадмæ. Дуне басæттынмæ чи хъавыд æмæ, йæ сæрзилæджджын фæндтæ йæ къухы куы бафтыдаиккой, уæд бæттинаг æрра фыццагдæр цы бакодтаид, уыдонæй иу уыд, аивады фæрæзтæй йын йе 'цæг цæсгом чи равдыста, йæ цъаммар миддуне йын дунейы адæмтæн чи фенын кодта, уый æрцауындзын. Йæ сæры æрра хæйрæджытæ иумæйаг ахстон кæмæн скодтой, уымæн йæ зæрды кæрон дæр нæ уыди, йæхи æртхутæг куы нæ фестын кодтаид, уæд æй хæдмæл куыдзау, зæххыл цы ингæнтæ уыди, уыдонæй сæ тæккæ арфдæры кæй ныппæрстаиккой, уый.

Дыккаг сывæллоны райгуырды тыххæй æхца фидын кæй райдыдтой, уый фæрцы, дам, Уæрæсейы адæмы нымæцыл æфтын райдыдта. Уый, кæй зæгъын æй хъæуы, фæзындзæн Ирыстоны адæмы нымæцыл дæр.

Ирон адæмы нымæц фæфылдæр кæнынæн æз зонын уымæй асламдæр æмæ ахадгæдæр мадзал. «Асламдæр» кæй загътон, уымæй фæрæдыдтæн, уымæн æмæ мæ мадзалæн иу капекк дæр фидын нæ хъæуы...

Иронау ма чи зоны æмæ абон мадæлтæ æмæ фыдæлтæ чи у, стæй райсом æмæ иннæбон чи суыдзæн, уыдонæй алчидæр йæ сабимæ иронау куы сдзурид, уæд паспорт исыны агъоммæ, ома æхсæрдæс азмæ, ирон адæмы нымæц фæуаид æртæцыппар хатты фылдæр. Иу хатт ма йæ зæгъын: иунæг капекк дæр ын фидын нæ бахъæуид, афтæмæй, уымæн æмæ, йæхи ирон чи хоны, фæлæ иронау чи нæ зоны, уый ироныл нымайын тæригъæд хъуыддаг уаид. Ахæм ирæттæ ирæттæй сæхи дæр сайынц, адæмы дæр, паддзахады дæр.

Мæ ныхасы кæрон ма зæгъдзынæн, арæх кæй фæдзурын, уыцы хъуыды: «Ирон мыггаг чи хæссы, афтæмæй иронау чи нæ зоны, ахæм ирæттæ Китайы ис 1 миллиард 339 милуан 724 мины.

Хæст цы аз банцад, уыцы аз чи райгуырд, уыдон ныр зæрæдтыл нымад сты, фæлæ, хæст цы бирæ фыдбылызтæ æрхаста, уыдон зæронд кæнын нæ комынц. Уыдон

дудынц æмæ тагъд рæстæджы сæ дудынæй нæ банцайдзысты. Æнæ дарæгæй чи баззад, æххормаг æмæ бæгънæгæй чи схъомыл, уыдон сæ царды хабæрттæ сæ цотæн куыд дзырдтой æмæ дзурынц, афтæ сæ уыдон та дзурдзысты сæ кæстæртæн. Афтæ мæм кæсы, цыма уыцы фæтк рæстæджы фæлмы нæ аныгъуылдзæн: цæудзæни фæлтæрæй-фæлтæрмæ, æнусæй-æнусмæ.

Цал æнусы рацыд, Мамай адæмты цæгъдгæ скæсæнæй ныгуылæнмæ куы рацыд, уæдæй нырмæ?! Фæлæ ма йын абон дæр йæ номæй сывæллætты тæрсын кæнынц: «Уæртæ мамма 'рбацæуы!» Цæмæй зоны чысыл саби, «мамма» цы у, уый, фæлæ дзы тæрсы.

Хæст адæмæн цы æвирхъау бæллæхтæ 'рхаста, уымæн æвдисæн Ирыстоны цы хъæу нæу, ахæм иу дæр нæй. Уæвгæ, хъæу æгæр стыр æвдисæн у. Хъæуы бæсты сых, суанг алы хæдзар куы райсæм, уæддæр, стыр хъыгагæн, уыцы хъуыддагæн æвдисæнæн бæззы, уымæн æмæ ахæм сых æмæ ахæм хæдзар нæй, фыдбылыз йе 'гъатыр къухæй кæмæ нæ бахоста...

Хæст куы фæци, уæд ма, нæ хъæуккæгтæй æгасæй чи баззад, уыдон радыгай здæхтысты, фæлæ, кæд цыфæнды тынг æнхъæлмæ кастыстæм, уæддæр фæстæмæ здæхынмæ мæ фыдмæ рад нал æрхаудта, уымæн æмæ рады æгæстæ фæлæууынц, мæ фыд та 1943 азы кæй фæмард, уый цыдæр гæххæттытæй базыдтон, фæлæ цы уавæрты æмæ кæм, уый, æвæццæгæн, никуыуал сбæрæг уыдзæн, кæд, фалæмæ куы ацæуон æмæ мын хабæрттæ йæхæдæг радзура, æндæр.

Куыд цин-иу кодтам, æгасæй чи сыздæхт, уыдоныл! Куыд тынг-иу æнхъæлмæ кастысты, йæ фыд кæнæ йæ фырт кæмæн нæма фæзынд, уыдон, сæ хæстонты тыххæй сын исты хабар фехъусын кæндзысты, зæгъгæ. Фæлæ-иу сын сæ бон куы ницы ногдзинад зæгъын уыд, уæд-иу фæстæмæ æнкъардæй куыд здæхтысты.

Бæрæгъуыны хуызæн чысыл хъæуæй хæсты баззад 140 адæймаджы. Уыимæ – иууылдæр æрыгæттæ. Сæ иу хай – усгуртæ, иннæ хай – æрыгон фыдæлтæ. Фæлæ уæддæр, æгасæй чи раздæхт, уыдон хъæуæн ныфс уыдысты, цардмæ сæ разæнгард кодтой. Зæгъæм, æз хорзæхтимæ фыццагдæр кæй федтон, уый уыди Хапсæты Мишæ. Уыйгтыиу куы фæцæйцыд, уæд ын йæ цæсгоммæ афтæ нæ кастæн,

йæ риумæ йын куыд кастæн. Уым та æрттывдтытæ калдта Сырх Стъалыйы орден. Уый ныртæккæ сбирæ сты хæрзиуджытæ, фæлæ уæд дзæвгар къаддæр уыдысты.

Диссаг цы у: ныртæккæ бæрæгбоны рæстæджы, стæй æнæуи дæр, хæрзиуджытæй йæ тæккæ дзаг чи вæййы, уыцы риумæ кæсыныл куы фæвæййын, уæд сын цæмæдæр гæсгæ се 'хсæн æппæты фыццаг Сырх Стъалыйы орден фæцагурын æмæ йæ куы ауынын, уæд мæ ноджы тынгдæр бауырны, йæ хицау æцæг хæстон кæй уыд, уый. Уæлдай стырдæр æхсызгондзинад та мын æрхæссы, иу риуыл ахæм ордентæ цалдæр куы вæййы, уæд.

Сабийæ фæстæмæ дæ зæрдыл цы бадарай, уый фылдæр хатт адæймагæй йæ царды кæронмæ нал ферох вæййы. Мæ мады мад Дзыццайы ныхæстæ фæстаг рæстæг тынгæй-тынгдæр мысын райдыдтон. Арæх-иу афтæ загъта: «Абон райсомæй цы бахордтон, уый мæ ферох, фæлæ, æртиссæдз азы размæ цы фехъуыстон æмæ æвдисæн цы ныв-тæн уыдтæн, уыдон мæ нæ рох кæнынц...»

Ацы хабар куы фехъуыстон, ууыл цал азы рацыд, уый ма чи хъуыды кæны, фæлæ тынг раджы кæй уыд, ууыл дызæрдыг нæ кæнын, уымæн æмæ скъоламæ дæр нæма цыдтæн; скъоламæ куы нæма цыдтæн, ууыл та дæс æмæ æртиссæдз азæй фылдæр цæуы...

Цæвиттон, нæ хъæуы цы авд æмæ дыууиссæдз мыггаджы цард, уыдонæй иуы нæлгоймаг нал баззад. Цыбыр ныхасæй, мыггаг сыскъуыд. Цæмæн сыскъуыд, уый тыххæй афтæ дзырдтой. Йæ мыггаг кæмæн сыскъуыд, уыдонæй иу лæг, аххосджын йæхæдæг уыд, афтæмæй, кæмдæр чындзæхсæвы кæимæдæр фæбыцæу æмæ йын æхсаргардæй йæ сæр акъуырдта. Сæр куы фæцæйтылд, уæд ма йæ бон йæ марæджы ралгъитын баци: «Уæ мыггаг иуæй-иумæ фæцæуæд!..»

Уæдæй нырмæ рацыд къорд фæлтæры. Мыггаг, кæд гыццыл нæ уыди, уæддæр æй æнаххос лæджы æлгъысты азар баййæфта: иуæй-иумæ фæцыд æмæ, фæстаг нæлгоймаг куы амард, уæд ингæнмæ йемæ ахаста мыггаджы ном дæр. Æвæццæгæн, нæ фыдæлтæ искæй тæригъæды бацæуынæй уымæн тарстысты. Къаддæр нæ тарстысты, исчи сæ куы ралгъита, уымæй дæр. Цы не 'мбæлы, ахæм хъуыддаг кæнгæ-иу кæй федтой, уый-иу тæрсын кодтой ахæм ныхæстæй:

«Ӕвзӕрдзинад кӕмӕн кӕныс, уый дӕ куы ралгъита, уымӕй цӕуыннӕ стъӕлфыс?!»

Ӕппӕт уыцы хабӕрттӕ мын хӕрзӕрӕджы мӕ зӕрдыл ӕрлӕууын кодта Уырызмӕг. Чындзӕхсӕвы базонгӕ стӕм. Бадгӕ дӕр фӕрсӕй-фӕрстӕм кодтам. Уый хистӕр, ӕз — ӕртыккаг хистӕр. Хъуыддаг зонгӕйы онг куы 'рхӕццӕ, уӕд мӕ дисы бафтыдта йӕ мыггаг. Цӕмӕдӕр гӕсгӕ мын ӕй уырыссагау загъта, Камадзаев, дам. Ӕз та йын ӕй мӕхимӕ гӕсгӕ ирон ӕвзагмӕ стӕлмац кодтон ӕмӕ йӕ бафарстон: «Хъаммӕрзатӕй, нӕ?» Нӕ, зӕгъгӕ, йӕ сӕр батылдта, Кӕмӕдзатӕй, дам.

Ӕз ын йӕ мыггаг Хъаммӕрзатӕй хуымӕтӕджы нӕ ратӕлмац кодтон, уымӕн ӕмӕ зыдтон, ахӕм мыггаг кӕй ис. Нӕ хъӕуы дӕр дзы цалдӕр хӕдзары цӕры. Зыдтон, Бӕрӕгъуынмӕ Ӕрхонӕй кӕй ралыгъдысты, уый дӕр ӕмӕ, уыдӕттӕ Уырызмӕгӕн куы загътон, уӕд мӕ йӕ мыггагимӕ бӕлвырддӕр базонгӕ кодта.

Фыццаджыдӕр, Хъаммӕрзатӕ ӕмӕ Кӕмӕдзатӕн иумӕйагӕй ницы ис. Кӕмӕдзатӕ цардысты Уӕлладжыры комы рӕбинагдӕр хъӕутӕй иу — Згъилы. Уым цардысты ӕрмӕстдӕр дыууӕ мыггаджы: Кӕмӕдзатӕ ӕмӕ Челдытӕ.

Раст зӕгъын хъӕуы, Кӕмӕдзатӕ мыггаг уымӕй размӕ никуы фехъуыстон ӕмӕ Уырызмӕджы бафарстон:

— Ӕвӕццӕгӕн, гыццыл мыггаг стут.

— Нымадӕй — цалдӕр хӕдзары, — дзуапп мын радта Уырызмӕг, — фӕлӕ уыд ахӕм рӕстӕг, нӕ мыггаг сӕфты къахыл куы ныллӕууыд...

Ӕмӕ мын ракодта ахӕм хабӕрттӕ.

Уырызмӕджы фыд Василийы бинойнаг уыди Моурауты чызг, Надя. Цардысты хӕларӕй. Сӕхимӕ ноджы амонддджындӕр фӕкастысты, кӕстӕртӕ сын куы фӕзынди, уӕд. Хъомыл кодтой дыууӕ лӕппу ӕмӕ дыууӕ чызджы. Фӕлӕ сӕ амондджын цард бирӕ нӕ ахаста. Дыууӕ лӕппуйы дӕр ӕнафоны мӕрдтӕм бацыдысты. Надя, цот ын нал уыдзӕн, уый куы базыдта, уӕд йӕ моймӕ 'рхатыди, дӕ мыггаджы дӕу йеддӕмӕ нӕлгоймаг нал ис ӕмӕ ӕвӕстаг кӕныс, фӕлтау дыккаг бинойнаг ӕрхӕсс, зӕгъгӕ.

Надя, зондджын сылгоймаг, йӕ мойӕн зӕрдӕтӕ ӕвӕрдта, ног бинойнагимӕ иумӕйаг ӕвзаг ссарын кӕй базондзӕн, уымӕй. Суанг ма йын, кӕй ракура, уый дӕр бацамыдта: Цӕргӕсты чызджы.

Васили йæ раздæр сдзырд дæр нæ уагъта. Аив æм нæ каст ис бинойнагæй хъуыддæгтæ кæнын, фæлæ Надямæ йæ фæнд æрдæгыл уадзыны зонд нæ уыд æмæ æппынфæстаг лæджы басæттын йæ къухы бафтыд. Цыбыр дзырдæй, Васили сразы минæвæрттæ барвитыныл. Минæвæрттæ бæргæ барвыстой, фæлæ Цæргæстæ цæхгæр ныллæууыдысты, мах нæ чызджы ахæм ранмæ нæ дæттæм, зæгъгæ.

Ныхæстæ дардыл кæнинаг сты, фæлæ Цæргæсты чызг скъæфгæ 'рцыди. Афтæмæй зондджын Надяйы фæрцы Кæмæдзаты мыггаг ногæй билцъ æфтауынмæ фæци. Цæргæсонæн райгуырд цыппар лæппуйы æмæ дыууæ чызджы. Хистæр лæппу нал и (рухсаг уæд!), фæлæ иннæтæ иууылдæр цæрынц бинонтæй. Хæсты размæ фесæфынæй тас кæмæн уыд, стæй сæфгæ дæр фæкодтаид, Надя куы нæ уыдаид, уæд, уыцы мыггагæй Ирыстоны ныртæккæ ис авд хæдзары æмæ Хуыцауы фæндæй сæ нымæц азæй-азмæ рæзгæ цæудзæн.

Уырызмæг мын куыд радзырдта, афтæмæй йæ мад æмæ Надя бирæ азты фæцардысты «а» æмæ «о»-йæ.

Æмæ ма кæронбæттæны иу ахæм хабар. Уый дæр мын Уырызмæг радзырдта. Иуахæмы, дам, мæм мæ зонгæтæй иу æрбацыд æмæ мын афтæ, сымах гыццыл мыггаг стут æмæ, дам, уæхи махыл ныффыссут. Уырызмæгмæ уый хъыг куыннæ фæкастаид æмæ йын радта ахæм дзуапп: «Сымах дæр Ивановты раз гыццыл стут, уыдоныл уæхи ныффыссут æмæ стыр мыггагæй агæпп ласдзыстут!..»

Лæг æнæбары йæ мидбылты бахудт æмæ, дам, афтæ: «Ахæм дзуапп мын ратдзынæ, уый æнхъæл куы уыдаин, уæд мæ дзыхæй ныхас дæр не схаудаид».

Хъæуыхицау æнафоны сæхимæ ноздджынæй æрбацæйыздæхт. Цæуын æй хъуыд, сусæгæй чи хæцы, ахæм куыдз кæм уыд, уыцы уынгты. Куыдз кæй уыди, уыдоны хæдзары цурмæ куы бахæццæ, уæд дæрддзæфгомау æрлæууыд æмæ, сусæгæйхæцæг куыдз цы кулдуары бынæй ратахтаид, уыцырдæм дзуры:

— Гибыц, кæд, ды цы кæнынмæ хъавыс, уый æз нæ зонын, уæд ма цæй хъæуыхицау дæн?!

Адæймаджы митæ зын бамбарæн сты. Зæххыл æппæты стырдæр аргъ кæмæн кæнынц, уыдонæй иу у сызгъæрин. Йæ фæдыл цæугæйæ, йе 'нусон фæндагыл цалы арвыста, уыдон зын банымайæн сты, фæлæ бирæ кæй уыдысты, ууыл дзурын дæр нæ хъæуы. Афтæмæй та, сызгъæринæн йæ кой йæ хъæр дæр куы нæ уаид, уæд дæр цардыл никæцырдыгæй фæзынид, уымæн æмæ, кæд уæззау у, уæддæр разуæзæн дæр æмæ фæстæуæзæн дæр никæцырдыгæй æххуыс у. Дæ буар дын чи бамбæрза, иу ахæм дзаума дзы не скæндзынæ, уæдæ дын дæ хæринæгтæй дæр никæцыйы баивдзæн. Дæлæ кæнай, уæлæ кæнай, адæймаг та йе рагъ æмæ йæ гуыбынæн у, уымæн æмæ бæгънæгæй адæмы 'хсæнмæ нæ рацæудзынæ, æххормагæй та бирæйы фаг не суыдзынæ.

Арф куы ныххъхъуыды кæнай, уæд, адæймаджы æнæмæнг цы хъæуы, уыдоны 'хсæн сызгъæрин æппæты фæстаг бынæттæй иу куы 'рцахса, уымæй æдас нæ дæн. Абарæн ын бирæ цæимæдæрты ис, фæлæ йæ æз абардзынæн æрмæстдæр уæлдæф æмæ донимæ. Æнæ уæлдæфæй цас фæцæрæн ис, уый амонын никæмæн хъæуы, фæлæ æнæ донæй цас фæцæрæн ис, уый йæхиуыл мачи бавзарæд, фæлæ йæ æз зæгъдзынæн: фылдæр-фылдæр — æртæ боны. Суанг æнæ хæринагæй дæр лæджы бон фæцæрын у мæй — мæй æмæ 'рдæг.

Уæдæ афтæ: кæд уæлдæф æмæ дон нæ царды бындур сты, уæд сæм кæсын дæр хъæуы сызгъæринæй бирæ уарзондæр цæстæй.

Уæдæй нырмæ дзæвгар азтæ рацыд, фæлæ мæ абон дæр нæ рох кæны. Мæ зæрдыл куы 'рлæууы, уæд мæ мидбылты æнæбахудгæ нæ фæвæйййын. Искæйты цур æй куы 'рымысын, уæд та сын æй æнæрадзургæ нæ фæвæйййын, уымæн æмæ фæзонын, уыдон дæр мæ ныхæстыл кæй бахуддзысты. Иугæр, дæуыл фембæлгæйæ, мæ зæрдыл æрлæууыд, уæд æй дæуæн дæр радзурон. Куы йæм байхъусай, уæд æй, чи зоны, фысгæ дæр ныккæнай...

Уæд ма цæргæ дæр æмæ кусгæ дæр хъæуы кодтон. Æмгæрттæ æмæ мын æмбæлттæ бирæ уыд, фæлæ уæлдай хæлардæрæй цардыстæм фондзæй. Хæларæй цардысты нæ бинонтæ дæр. Кæрæдзиуыл арæх æмбæлдыстæм. Рæстæг-иу

нын куы фæци, уæд-иу Æрæфы былмæ дæр абалц кодтам. Уæлдайдæр – сæрдыгон.

Уыцы аз дæр сæрды хорз рæстæг скодта, æмæ-иу нæхи æрдзы хъæбысмæ айстам. Фæлæ нын къорд хатты нæ бадт фенад кодта, нæхи кæмæй хъахъхъæдтам, нæ уыцы хъæуккаг. Цыма-иу æм, доны былмæ цæуæм, уый фæхабарчындæуыд, уый хуызæн-иу нæ размæ фæци æмæ-иу йæхи немæ цæуæг акодта. Æфсæрмæй-иу æй немæ ахуыдтам æмæ-иу нын зæрдиаг ныхæстæ кæныны фадат нал фæци, афтæмæй фæбадтыстæм.

Фæстаг хатт ма ныл куы амбæлд, уæд дзы, нæхи куыдæй асайæм, зæгъгæ, нæ, кæдæм цæут, уымæй куы бафарста, уæд ын не 'мбæлттæй иу афтæ фæкодта:

– Лескенмæ, мардмæ...

– Æз дæр уемæ цæуын, мæнмæ дæр кæуын цæуы!..

Ацы хабар мын радзырдта Ермак. Йæ ныффыссынæй мыл йæ зæрдæ кæй дардта, уымæй кæй нæ рæдыд, уый уæхæдæг уынут: йемæ, ома хабаримæ, сымах дæр базонгæ кодтон.

Ныртæккæ чындзæхсæвтæ хæдзары арæх нал кæнынц, уæлдайдæр горæты. Иуахæм чындзæхсæвы Камалимæ фæрсæй-фæрстæм бадт фестæм. Нæ бакомкоммæ цы лæг бадт, уый, дзурыны фыдæй цъæх арт чи уагъта, ахæм разынд. Уыимæ дзырдта уæлæмæ дæр, дæлæмæ дæр. Иуахæмы та хистæр гаджидау куы рауагъта, уæд, мæнæй дæлдæр бадт, афтæмæй дзырдмондаг кувынмæ фæраздæр. Æз Камалы мæ рæмбыныкъæдзæй басхуыстон æмæ йæ бафарстон:

– Ацы лæг мæ разæй цæмæн дзуры?

– Тыхсгæ ма кæн, уый дæ фæстæ дæр дзурдзæн...

Уыцы аз нæ ахуыргæнæг фæрынчын æмæ мæйæ фылдæр рынчындоны фæхуыссыд. Мах райдайæн скъола фæуд кодтам æмæ бæллыдыстæм, фæндзæм къласмæ нæ нæхи ахуыргæнæг куы афæндараст кодтаид, уымæ, фæлæ нæ фæндтæй ницы рауад. Нæ ахуыргæнæг сдзæбæх ахуыры азы кæрон. Цалынмæ йæхи дзæбæх кодта, уæдмæ нын уроктæ лæвæрдта, фыццаг рады (мах ахуыр кодтам

дыккаг рады) къласы ахуыргæнæг. Уый нæм нæхионы хуызæн фæлмæнзæрдæ нæ фæкаст. Йæ ныхас уыди карздæр, йæ хъæлæсыуаг – йæ ныхмæ дзурæн кæмæн нæ уыд – ахæм. Цыфæнды раст куы уыдаис, уæддæр-иу дын дæ ныхас æрдæгыл аскъуыдтаид. Йæхи хъуыды-иу æм растдæр каст æмæ-иу дæ дарддæр дзурын нал бауагътаид. Уыдис æм, нæ ахуыргæнæгæй хъауджыдæр, йæхи миниуæг дæр. Рæстæгæй-рæстæгмæ-иу нын нæ армытъæпæнтæ партæтыл дæлгоммæ æрæвæрын кодта æмæ-иу нын каст нæ къухты сыгъдæгдзинадмæ. Уæлдай тынгдæр йæ хъус дардта къухы ныхтæм. Искæмæн-иу сæ æнæкондæй куы федта, стæй ма уымæй уæлдай – чъизийæ, уæд-иу æй уайдзæфты бын фæкодта. Хатгай-иу уæлкъухтæ линейкæйæ ныццæвыныл дæр нæ бацауæрста.

Иу ахæм бон та нын нæ къухтæ равдисын кодта æмæ партæтыл зилгæ ацыд. Дæллагсыхаг чызджы цурмæ куы бахæццæ æмæ йын йæ къухы ныхтæ æнæконд æмæ чъизийæ куы федта, уæд æй уыцы мæстыхуызæй афарста:

– Кæй чызг дæ?

Уый йæ мыггаг кæнæ йæ фыды ном зæгъыны бæсты йæхи бацамыдта йæ мадæй:

– Дудуйы…

– Уæхимæ куыддæр бацæуай, афтæ Дудуйæн зæгъ æмæ дын дæ къухы ныхтæ ракæна, кæннод æй Гыхха хонын райдайдзысты, æмæ дыууæйæ дæр худинаг кæнут!..

2009 аз, тæргæйтты мæй – хуымгæнæны мæй (5–211 фæрстæ);

2010 аз, цыппурсы мæй (211–357); 2012 аз, цыппурсы мæй (357–529);

2014 аз, тъæнджы мæй (560–642).

Кисловодск

Литературно-художественное издание

Дзасохов Музафер Созырикоевич

ГОДЫ, ДЛИНОЮ В МЕСЯЦЫ

Редактор *З. У. Дзуцева*
Художник *Н. Ф. Василенко*
Корректор Э. *Дз. Баликоева*
Компьютерная верстка *Н. А. Семеновой*

Издательство «Веста»
г. Владикавказ, т. +7-918-829-78-08,
e-mail: vesta519@mail.ru

Подписано к печати 26.05.2022. Формат бумаги $60 \times 90^{1}/_{16}$.
Бум. офс. № 1. Гарн. «Kudrashov». Печать офсетная.
Усл.-п. л. 40,5. Учетно-изд. л. 32,4. Тираж 300 экз.
Отпечатано в типографии г. Ростов-на-Дону

Издательство

«ВЕСТА»